Мэщбэшlэ Исхьакъ

# Тхылъ пшlыкlух хъурэ зэхэугъоегъэ тхыгъэхэр

# МЭЩБЭШIЭ Исхьакъ

ТХЫЛЪ ПШЫКIУХ ХЪУРЭ

ЗЭХЭУГЪОЕГЪЭ ТХЫГЪЭХЭР

Мыекъуапэ
Адыгэ Республикэм
итхылъ тедзапI
2016

# МЭЩБЭШIЭ Исхьакъ

ТХЫЛЪ ПШЫКIУХ ХЪУРЭ

ЗЭХЭУГЪОЕГЪЭ ТХЫГЪЭХЭР

ЯПШЫКIУХЭНЭРЭ ТХЫЛЪ

Мыекъуапэ
Адыгэ Республикэм
итхылъ тедзапI
2016

УДК 821.352.3-31
ББК 84 (2=602.2) 6-44
М 53

**Машбаш И. Ш.**
М 53 Собрание сочинений в шестнадцати томах. Том шестнадцатый. Литература – жизнь моя. Статьи, выступления, интервью.– Майкоп: Адыг. респ. кн. изд-во, 2016.– 544 с.– Адыг.

Адыгэ, Къэбэртэе-Бэлъкъар, Къэрэщэе-Щэрджэс республикэхэм ятхэкIо гъэшIуагъэу, СССР-м, Урысыем, Адыгэ Республикэм я Къэралыгъо премиехэм, дунаим щыпсэурэ адыгэ пстэуми ялитературнэ премие ялауреатэу МэщбэшIэ Исхьакъ иусэхэр, поэмэхэр, романхэр, публицистикэр зэхэугъоягъэхэу зыдэт тхылъ пшIыкIух.

ISBN 978-5-7608-0732-8
ISBN 978-5-7608-0824-0

© Адыгэ Республикэм итхылъ тедзапI, 2016

# ЛИТЕРАТУРЭР – СИЩЫIIЭНЫГЪ

Статьяхэр, зэIукIэхэм къащиIуагъэхэр, зэдэгущыIэгъухэр

## ЦIыфхэм ящыIэкIэ-псэукIэрэ ягумэкIхэмрэ адэдгощын

БэшIагъэ мы тхылъыр къызыдэкIын фэягъэр. Мэщбэшlэ Исхьакъ творческэ икIи общественнэ Iофэу зыпылъым дакIоу, тхылъым дэхьагъэхэм ятхыни дигъэцакIэщтыгъ, ау джыры ныIэп, тхылъ шъхьаф щызэхэугъоягъэхэу, апэрэу къызыхаутырэр. Писатель-художникэу, поэт-философэу, куоу гупшысэрэ романист инэу ары Мэщбэшlэ Исхьакъ тхылъеджэхэм зэрашIэрэр, ау джащ фэдэу писатель-публицист гъэшIэгъонэуи ар зэрэщытыр мы тхылъым нафэ къытфешIы. ЦIыф жъугъэхэм ящыIэкIэ-псэукIэрэ ягумэкIхэмрэ адигощызэ щыIэ цIыф хьалэмэтэу, сэнаущыгъэшхо зыхэлъ писателышхоу ар зэрэщытыр тапашъхьэ ащ къырегъэуцо.

Тхылъым дэхьагъэх литературэм ехьылIэгъэ статьяхэр, зэлъашIэрэ тхакIохэм, общественнэ Iофышlэхэм яхьылIэгъэ очеркхэмрэ эссехэмрэ, писательхэм язэфэсхэм, народнэ депутатхэм я Адыгэ хэку, Краснодар край Советхэм ясессиехэм, общественнэ-политическэ форумхэм къащишIыгъэ псалъэхэр, темэ зэфэшъхьафхэмкIэ Iахыгъэ интервьюхэр – бэ мэхъух яжанрэкIи ямэхьанэкIи Мэщбэшlэ Исхьакъ тхылъым къыщиIэтырэ Iофыгъохэр. Ахэр блэкIыгъэ уахътэми джырэ тимафэхэми яхъишъэх, илъэс пчъэгъабэ хъугъэу творческэ икIи общественнэ Iофышхоу писателым зэшIуихырэм ишыхьатышIух.

Мэщбэшlэ Исхьакъ ищыIэныгъэ анахьэу зыфигъэлажьэрэр зыпылъ литературнэ творчествэр ары, джащ къыпкъырыкIэуи, Белинскэм зэриIогъагъэм фэдэу, «Литературэр – сищыIэныгъ» ыIоу еуцолIэжьыныр ащ икъукIэ

къылэжьыгъ. Мыщ иусэхэмрэ ипоэмэхэмрэ, итарихъ романхэр тхылъеджэхэм лъэшэу ягонэсых, игъэкӀотыгъэу зэлъашӀэх.

Зытет шъыпкъэмкӀэ, зэкӀэми апэу Мэщбэшӏэ Исхьакъ – ицӀыф лъэпкъ гъэпсыкӀэкӀэ, художественнэ амалхэмкӀэ дунаир зэрилъэгъурэ, зэрэзэхишӀэрэ шӀыкӀэмкӀэ, ежь иунэе творческэ идеалэу ылъытэрэмкӀэ лъэпкъ писатель шъыпкъ. Ащ дакӀоу писателым гражданскэ ыкӀи еплъыкӀэ-екӀолӀакӀэр гъэнэфагъэу къыхэщы, щыӀэныгъэм къыхэфэрэ зэутэкӀ-ныгъэхэр художественнэ шӀыкӀэ-амалхэмкӀэ къызэӀуихынхэ елъэкӀы, ащ ишӀуагъэкӀэ ыцӀэ лъэпкъыбэ зыхэлэжьэрэ урысые литературэм ифэшъошэ чӀыпӀэ щеубыты. Ахэр зэкӀэ къыдэлъытагъэу къэпӀон плъэкӀыщтыр, Ӏо хэмылъэу, Мэщбэшӏэ Исхьакъ зэрэ Урысыеу, ащ нахьи нахь зегъэушъомбгъугъэу – цӀыфлъэпкъым икультурэрэ идухов-нагъэрэ ялӀыкӀо-къэгъэлъэгъуакӀоу хъугъэ.

Хэтрэ писатель ӀэпэӀасэу щыӀэныгъэм куоу хэгупшы-сыхьэу, ар гум къинэжьэу, уапашъхьэ къизыгъэуцон зылъэкӀырэм фэдэу Мэщбэшӏэ Исхьакъ ежь иунэе худо-жественнэ дунаеу ыгъэпсыгъэр уемыхъырэхъышэжьэу пшӀошъ мэхъу, угукӀэ оштэ ыкӀи аукъодыеу ебгъукӀон ымылъэкӀэу хэти регъэгупшысэ. Лъэпкъэу зыщыщыми, динэу ылэжьырэми ямылъытыгъэу цӀыфым ыпсэрэ изэхэ-шӀыкӀрэ нахьышӀум ылъэныкъокӀэ зэзыхъокӀыхэрэ литера-турэу ар щыт. Писателым игупшысэ шъхьаф сыдигъокӀи гум рихьэу, шӀуагъэ пылъэу гъэпсыгъэ – гуманизмагъэр ылъапсэу народ зэфэшъхьафхэм ялъэпкъ, духовнэ, этно-культурнэ лъэныкъохэмкӀэ зэрэзэтекӀхэрэр зэпэблагъэ шӀыгъэнхэр ары. Джэгъогъуныгъэр щыгъэзыягъэу, цӀыф лъэпкъ зэфэшъхьафхэм шъхьащэ зэфашӀын, зэгурыӀонхэ, шӀу зэрэлъэгъунхэ фае.

Сыд фэдэрэ социальнэ, культурнэ революциехэми, заохэми яшӀуагъэ къакӀорэп, ахэмэ апкъ къикӀыкӀэ зы сабый нэмыӀэми ынэпс къэкӀуагъэмэ, ащи нахь дэих нэбгырэ миллион пчъагъэмэ хьадэгъу къафахьыгъэмэ. Писатель ин дэдэу Достоевскэм а игупшысэ-псалъэ тэ тимафэхэми ямэхьанэ къыкӀичыгъэп, писатель-гуманистэу МэщбашӀэми ар ыгу пэблагъ. Сыд фэдэрэ телъхьапӀи, ушъхьагъуи къы-зыфагъэфедагъэми, цӀыфхэм жъалымыгъэ адызехьэ-



гъэныр МэщбашӀэм ихудожественнэ творчествэ пхъашэу щегъэзые.

«Инарод, ащ идуховнагъэ хэхъоныгъэ ышӀыным фэгумэкӀырэ писателым зэкӀэ иӀофэу» Мэщбэшӏэ Исхьакъ сыдигъуи елъытэми, зэкӀэми апэу писателыр художник нахь, политикэп. ЕплъыкӀэ-екӀолӀакӀэу ар зэрыгъуазэрэри ащ пыдзагъэу къэтӀон: уинарод ищыӀэкӀэ-псэукӀэрэ игумэ-кӀхэмрэ дэбгощыхэзэ ущыӀэн фае. Джащ фэдэ гухэлъ лъагэхэм, гухэлъ лъапӀэхэм атегъэпсыкӀыгъэу ары обще-ственнэ ӀофшӀэным ар чанэу зыкӀыхэлажьэрэр. Ащ шӀо-шъхъуныгъэ пытэ физиӀэ писателыр иунэ къимыкӀэу щыӀэныр шӀомытэрэзэу, республикэми, хэгъэгуми, адыгэ хэхэсхэр зыщыпсэурэ хэгъэгухэми къащыхъурэ хъугъэ-шӀагъэхэм лъэшэу ынаӀэ атырегъэты. Ащ елъытыгъэу къэпӀон хъумэ, «поэтыр гражданинэу щытын фаеу» Некра-совым къызэриӀощтыгъэр икъукӀэ къегъэшъыпкъэжьы. Обществэм шӀуагъэ къыфэзыхьын зылъэкӀыщт Ӏофыгъо горэ зэшӀохыгъэн фаеу елъытэмэ, ар къызыдигъэхъуным ыкӀуачӀи, игупытэгъэ-теубытагъи рехьылӀэ. БэшӀагъэу, 1962-рэ илъэсым Мэщбэшӏэ Исхьакъ адыгэ писательхэм яорганизацие пащэ зэрэфашӀыгъагъэр (джы къызынэсы-гъэми а ӀэнатӀэр ащ егъэцакӀэ) сыдми хъугъэ Ӏофэп. А уахътэм къыщегъэжьагъэу общественнэ ӀофшӀэным игъо-гушхо ащ къыкӀугъ. А охътэ дэдэр ары писателыр публи-цистикэм фэщагъэ зыхъугъэр: ащ истатьяхэр, очеркхэр, эссехэр, псалъэхэу сессиехэм, пленумхэм къащишӀыгъэхэр, интервьюхэр гъэзетхэм къыхаутыхэу рагъэжьагъ. Джау-щтэу мы тхылъым дэхьагъэхэр зэгъэуӀугъэ хъугъэх.

Творчествэмрэ общественнэ ӀофшӀэнымрэ зэрэзэди-гъэцэкӀэшъурэмкӀэ макӀэп писателым еупчӀыхэу къы-зэрэхэхэкӀыгъэр. «Зэгопхынхэ умылъэкӀынхэу зэпхыжьы-гъэхэу згъэцэкӀэнхэ фэе Ӏофхэу ары сэ ахэр зэрэслъы-тэхэрэр,– ащ джэуап аретыжьы.– ЩыӀэныгъэм игузэгупӀэм хэтынхэр адыгэ литераторхэм япшъэрылъ лъапӀэу сэлъытэ». Ежь писатель шъыпкъэми ишэн гъэпсыкӀэ хэпхын умылъэ-кӀын нэшанэу ар хъугъэ – уахътэм къыгъэуцурэ сыд фэдэрэ Ӏофыгъохэми, республикэм ыкӀи зэрэпсэоу хэгъэгум яобщественнэ-политическэ щыӀэныгъэ защидзыерэп, инарод сыдигъокӀи игъусэ цыхьэшӀэгъу.

Тыгу къэдгъэкIыжьыных блэкIыгъэ лIэшIэгъум ия 80-рэ илъэсхэм якIэух – я 90-рэ илъэсхэм япэублэ яохътэ къибыжъутыкIэу адыгэхэм, нэмыкI цIыф лъэпкъхэу тихэгъэгу щыпсэухэрэм ялъэпкъ зэхэшIыкI нэрылъэгъоу зыкъиIэтэу зырегъажьэм, ащ дакIоу Адыгеими лъэпкъ культурэмрэ шIуагъэ къэзыхьырэ нэшанэхэмрэ зыпкъ ащырагъэуцожьхэу защаублэм, Iофхэм язытет зэрэхъугъагъэр. Демократическэ зэхъокIныгъэхэр къызэрежьагъэхэр зызэхашIэм, нэмыкI народхэм афэдэу, ахэми ятарихъ нэшанэхэмрэ лъапсэхэмрэ агу къагъэкIыжьхэу, нахь игъэкIотыгъэу атегущыIэхэу аублагъ. А зигугъу къэтшIыхэрэ нэшанэхэр къызэрыкIуагъэхэп. Пачъыхьэм пытапIэхэу егъашIэми адыгэхэм ячIыгужъхэу алъытэщтыгъэхэм щаригъэшIыгъэхэм яюбилейхэр хагъэунэфыкIыхэу, адыгэ минишъэ пчъагъэхэм алъ зыгъэчъэгъэ пачъыхьэ генералхэм саугъэтхэр афагъэуцухэу къызырагъажьэм, тэ тиреспублики Iофхэр къыщызэIыхьэгъагъэх. Ау писатель-художникыр зэкIэми апэу гуманист, кIуачIэкIэ Iофым изэшIохын ащ дырагъэштэн ылъэкIыщтэп, ащ нахьи нахь дэижь – кIуачIэкIэ а Iофыр зэшIохыгъэнэу къяджэн гухэлъи иIахэп. Пушкиным ытхыгъагъэба: «АкъылышIошхом жъалымыгъэ къыхэфэнэу щытэп». Аущтэу, я 90-рэ илъэсхэм япэублэ Iофхэр къызэIыхьэхэ зэхъум, МэщбэшIэ Исхьакъ тарихъым къыхэхыгъэ хъугъэ-шIагъэхэу щыбгъэзыен умылъэкIыщтхэр иIэубытыпIэхэу, тарихъым ишъыпкъагъэ зэрашIоигъоу зэрэдэзекIохэрэм пэшIуекIоу, а чIыпIэмкIэ ищыкIэгъэ ыкIи ифэшъошэ шъыпкъэу щыт гущыIэ пхъашэхэу, ау, зэрэписателым ыкIи зэрэгражданиным ялъытыгъэу, тынчыгъэ зыхэлъхэр къыхаригъэутыгъэх. Io хэмылъэу ащ фэдэ гущыIэм Адыгеими, зэрэпсэоу регионми яобщественнэ-политическэ Iофхэм язытет зыпкъы щигъэуцожьыгъэнымкIэ ишIогъэшхо къыгъэкIуагъ. Статьяу «БлэкIыгъэ уахътэм тэрэзэу уасэ фашIа?» зыфиIоу тхылъым къыдэхьагъэм политическэ еплъыкIэхэр дэгъоу щызэтефыгъэх.

Мэщбэшlэ Исхьакъ хэгъэгум щызэлъашIэрэ народнэ писатель, илъэс зэфэшъхьафхэм КПСС-м и Адыгэ хэку комитет ыкIи Краснодарскэ крайкомым ячленыгъ, народнэ депутатхэм яхэку, якрай Советхэм ядепутатыгъ, СССР-м и Апшъэрэ Совет хэтыгъ, Урысые Федерацием и Общественнэ палатэ хэт, толерантностымрэ шIоигъоныгъэм ишъхьафитныгъэрэ яIофыгъохэмкIэ комиссием итхьаматэ игуадзэу Iоф ышIагъ. Урысыем иписательхэм я Союз итхьаматэ гуадз, писательхэм я Союзхэм (СНГ) я Дунэе сообществэ и Исполком тхьаматэ игуадз – сыд фэдэрэ зэIукIэгъуи мэхьанэ купкIышхо иIэу ар къащэгущыIэ. Сыдигъуи зэришэнэу, къызэкIакIо ымышIэу Адыгеим икъэралыгъо гъэпсын Iоф, ащ истатус зыкъегъэIэтыгъэным МэщбэшIэ Исхьакъ хэлэжьагъ. Джы тарихъым щыщ хъужьыгъэхэ хъугъэ-шIагъэхэм агупчэ зэритыгъэм елъытыгъэу, ар Мыекъуапи, Краснодари, Москви, СССР-м и Апшъэрэ Совети къащыгущыIэзэ, обществэм, народым шIуагъэ къафэзыхьыщт Iофыгъохэм ишъыпкъэу афэбэнагъ. Писателым Iофышхоу зэшIуихырэм икIэлъэныкъо нэм къыкIэуцоу ыкIи лъэныкъуабэ къызэлъиубытэу мы ипублицистикэ тхылъ нэIуасэ зыщыфэпшIын плъэкIыщт.

Шъыпкъэгъэ-зэфагъэр къэухъумэгъэным Iофыр зыфэкIожькIэ, зэкIэ ыкIуачIэ ащ зэрэрихьылIэрэм, лIыгъэрэ принципиальнагъэрэ къызэрэзыхигъафэрэм апае урысые писательхэм МэщбэшIэ Исхьакъ лъэшэу агъэлъапIэ, лъытэныгъэшхуи къыфашIы. Урысыем иписательхэм агу къинэжьыгъагъэу зы щысэ шъугу къэзгъэкIыжьмэ сшIоигъу, ащ ехьылIагъэу Ю.В. Бондаревым мырэущтэу ытхынымкIэ ар телъхьапIэ фэхъугъагъ: «Литературнэ-общественнэ IофхэмкIэ, исэнэхьатэгъу-писательхэм якъэухъумэнкIэ МэщбэшIэ Исхьакъ лIыгъэ зыхэлъ цIыф». Аукъодыеу къэIогъэ гущыIэхэп ахэр, мэхьэнэ гъэнэфагъэ акIоцIылъэу гъэпсыгъэх нахь. Ащымыгъупшэжьыщтхэ а мафэхэу бырсыр къапагъэтэджагъэу демократическэ зэхъокIныгъэхэр рагъэкIокIыхэу аIозэ уасэ зыфашIыщтыгъэ идейнэ-нравственнэ шIуагъэхэр зэрахъокIыхэу къызырагъажьэм, хэгъэгум литературэм ыкIуачIэхэри щызэхагъэушъхьафыкIыщтыгъэх. ЯсэнэхьаткIэ зэIофшIэгъу литераторхэр пхъашэу зэпэуцужьыщтыгъэх, зэпэIапчъи хъущтыгъэх. Ащ фэгъэхьыгъэу нэужым Валентин Распутиным мырэущтэу ыIогъагъ: «ЗэкIэри зэхэгъэушъхьафыкIыгъэ хъугъэ, нэгурыхъохэр зышъхьащахыжьыгъэх…»

МэщбэшIэ Исхьакъ хэгъэгу литературэм ыкупкIэу щыт купым гохьагъ ыкIи С. Михалковым, Ю. Бондаревым,

В. Беловым, В. Распутиным, Е. Исаевым, В. Сорокиным, С. Куняевым, Р. Гамзатовым, А. КIышъэкъом, Къ. Кулиевым, М. Карим, Д. Кугультиновым, нэмыкIхэми ясатыр хэуцо.

Писателым ипублицистикэ тхылъ Iофыгъохэу къыщиIэтыхэрэр бэ. ЯмэхьанэкIи куух статьяхэу, очеркхэу, эссехэу, интервьюхэу цIыф цIэрыIохэм яхьылIагъэхэр, ахэр – партийнэ-къэралыгъо Iофышlэу Хьахъурэтэ Шыхьанчэрые, ашугэу Теуцожь Цыгъо, апэрэ адыгэ просветителышхоу СултIан Хъан-Джэрые, зэлъашIэрэ урысые шIэныгъэлэжьэу Ю.А. Ждановым, адыгэ литературэм изытет, лъэпкъ зэфыщытыкIэхэм, лэжьэкIо хьалэлхэм, нэмыкIхэм афэгъэхьыгъэх.

Урысые Федерацием исубъектыкIэу Адыгэ Республикэм икъэхъукIэ ехьылIагъэу игукъэкIыжьхэр Мэщбэшlэ Исхьакъ тхылъым къыщеIуатэх. «ШIушIэным шъутемыукIытыхь» зыфиIорэ статьям (гъэзетэу «Советская Россия», июль, 1989-рэ илъэс) ащ зэкIэми апэу ежь игражданскэ еплъыкIэ-екIолIакIэ къыщыриIотыкIыгъ: «Къэралыгъо гъэпсыкIэ яIэу джы алъытэхэрэ автоном хэкухэр административнэ-территориальнэ краевой статус зиIэ регионхэм ахахьэхэу алъытэхэ хъущтэп – ахэмэ автоном республикхэм ястатус ятыгъэным игъо хъугъэ». Ащ ыуж бэ темышIэу Адыгэ Республикэр щыIэ хъугъэ. Илъэс мин пчъагъэрэ зыкIэхъопсыщтыгъэр адыгэ народым къыдэхъугъ.

Мы тхылъым зынаIэ тезыдзэгъэ тхылъеджэр къыкIэлъыкIощт статьяхэм, псалъэхэм, зэдэгущыIэгъухэм ямыджэу блимытIупщынхэу къытшIошIы, ахэр – интервьюхэу «КъытрыкIуагъэмкIэ тызэпхыгъ», «Тызэкъотмэ – тылъэш» зыфиIохэрэм писателым теубытэгъэ пытэ зыхэлъ еплъыкIэ-екIолIакIэу къэащыхэфагъэр, псалъэхэу – «ЯшIошъхъуныгъэрэ ягугъапIэрэ ягъэгъотыжьыгъэн фае» зыфиIоу я XXIII-рэ Краснодарскэ партийнэ конференцием ыкIи «Народым шъыпкъэр еIогъэн фае» зыфиIоу СССР-м и Апшъэрэ Совет исессие къащишIыгъэхэр арых. Анахьэу хэгъэунэфыкIыгъэн фае писатель-художник цIэрыIуитIоу Юрий Кузнецовымрэ Мэщбэшlэ Исхьакърэ язэдэгущыIэгъу, ахэр ятхэкIэ-къулайкIэ бэ зэрэзэтекIхэрэр, ау художественнэ дунаим илIыкIо пшъхьапэхэу алъытэх. «Лъы зымыгъэчъэгъэ къамэр» зыфиIорэ зэдэгущыIэгъум Мэщбашlэм мырэущтэу щыхегъэунэфыкIы: «Зинарод илIыкIокIэ алъытэрэ хэтрэ писатели зэфагъэ хэлъэу ащ итарихъ къыIотэн фае».

Мы тхылъым еджэхэ зыхъукIэ, мырэущтэу зыIон къахэкIынкIи мэхъу: «БлэкIыгъэ лъэхъаным ихъугъэ-шIагъэхэр, партием иунашъохэр сыда тыгу къызыкIэдгъэкIыжьынхэ фаер? Хэта ахэр непэ зищыкIагъэхэр?» Ауми публицистикэм итхылъэу ыгъэхьазырыгъэм непэрэ мафэм блэкIыгъэ мафэри зэрэхигъэхьагъэмкIэ, Iо хэмылъэу, писателыр тэрэз шъыпкъэу зекIуагъэ. Зытет шъыпкъэмкIэ, уахътэр, ащ игукъытео макъэ, тиблэкIыгъэ уахътэ ыкIи тинепэрэ мафэ хъугъэ-шIагъэхэр зэфэмыдэхэу зэращырекIокIыщтыгъэхэр ары мы тхылъ гъэшIэгъоным имэхьанэ къэзыгъэнафэрэр.

*ЛъэпцIэрышэ Хъалид,*
*2010-рэ илъэс*

## ЦІыф къызэрыкІомэ ищыІэныгъэ япхыгъ

Джурт писатель ин дэдэу Шолом-Алейхем зэгорэм мыщ фэдэ осыет къышІыжьыгъагъ: «Тыдэ сыщылІэми, аристократхэмрэ байхэмрэ зыдэлъ къэхалъэм сыщарэмыгъэтІылъ. Джурт рабочэ къызэрыкІохэр зыдэлъ къэхалъэм сыдарэлъхь...»

Мы гущыІэхэм Шолом-Алейхем зыфэдэ цІыфыр, писателыр къагъэлъагъо. Дунаим тетыфэкІэ джа цІыф къызэрыкІохэр ары писателым ищыІэныгъэ зэпхыгъагъэр. Ащ блэкІыгъэ лІэшІэгъум иилъэс 70—80-хэм зифитныгъэхэр банэкІэ Урысыем щызыубытырэ капитализмэм лэжьакІохэр зэрипІытІыхэрэр, джурт унэгъо тхьамыкІэхэр зэрэззэрипхъорэр, ахэмэ ящыІэкІэ-псэукІэ зыфэдэр итхылъхэм къащигъэлъэгъуагъ. А лъэхъан хьылъэм писатель Іушым «Урысыем ышъхьагъ тыгъэр къызэрэщынэфыщтыр», а тыгъэм инэбзыйхэу къэблэщтхэр капитализмэм ыгъэпщылІырэ рабочэ жъугъэмэ яотэ тео макъэ мэшІобзыеу къызэрэхэлъэтыщтыр къыгурыІощтыгъэ.

А уахътэм пачъыхьэ Урысыем игуберниехэм шъхьаф-шъхьафэу джурт лъэпкъыр арыдзагъэу, хэгъэгум ипромышленнэ гупчэхэм ащыпсэунхэ фимытхэу щытыгъэх. А народым изигъонэмыс кІодыкІэ, ащ къиныгъоу, тхьамыкІагъоу пэкІэкІхэрэр Шолом-Алейхем шъыпкъэныгъэшхорэ художественнэ ІэпэІэсэныгъэ инрэ хэлъэу иновеллэхэм, рассказхэм, повестхэм, романхэм къащигъэлъэгъуагъ. Джары ар зэфэдэкІэ джурт лъэпкъым имызакъоу дунаим тет цІыф къызэрыкІомэ шІу зыкІалъэгъурэр, къызыхъугъэр илъэси 100 зыхъурэ мафэр зыкІыхагъэунэфыкІырэр.



Шолом-Алейхем гъогу хьылъэ къыкІугъ. Джурт унэгъо тхьамыкІэм къихъухьагъ. Ащ гухэлъыбэ иІагъ. Ау ахэмэ ауж зихьэкІэ, пачъыхьэ хабзэу щыІагъэм ыпкъ къикІыкІэ, игухэлъ-гупшысэ дахэхэр зэхэкъутэщтыгъэх. Писателым идунэететыкІэ автобиографическэ повестэу «С ярмарки» зыфиІорэм дэгъоу къыщиІотагъ. КІэлэегъэджэ тхьамыкІэу Шолом-Алейхем арендатор баеу Лоевым ипшъашъэу ригъаджэщтыгъэр шІу зэрилъэгъугъэр амыдэу яунэ къызэрэрагъэкІырэмкІэ повестыр писателым еухы. Ащ ыуж Шолом-Алейхем раввин ІэнатІэр къыхехышъ, синагогым Іоф щешІэ. А лъэхъаным диным джурт тхьамыкІэхэм зэрарым нэмыкІэу шІуагъэ къызэрафимыхьыщтыр писатель хъущтым дэгъоу зэхишІыкІыщтыгъэ. Синагогхэм ачІыпІэкІэ цІыфхэм апае сымэджэщхэр, еджапІэхэр ягъэшІыгъэн фаеу ыІощтыгъэ. Ау ащ фэдэ гухэлъхэр зиІэгъэ раввиным иІэнатІэ ІэкІыб ышІын фаеу мэхъу.

1883-рэ илъэсым Шолом-Алейхем Лоев баим ипшъашъэу Ольга, ятэ ымыдэ нахь мышІэми, къещэ. Мы лъэхъаныр ары ишъыпкъэу писателым тхэныр зыригъажьэрэр. Унагъо зиІэр илъэситІу нахь мыхъугъэу писатель тхьамыкІэщтыгъэр ошІэ-дэмышІэу баишхо мэхъу: ишъхьэгъусэ ятэ зэлІэм, къыкІэныгъэ мылъкур зэкІэ къыфэнагъ. Мылъкушхор къызІэкІэфэм, игухэлъхэм ащыщхэр ыгъэцэкІэнхэу ригъэжьагъ. 1888-рэ илъэсым джуртыбзэкІэ «Джурт лъэпкъ библиотек» зыфиІорэ тхылъхэр къыдигъэкІхэу ригъэжьагъ. Мыхэмэ джурт писатель ныбжьыкІэхэр къахегъэлажьэх, адрэ тхылъкъыдэгъэкІхэм афэмыдэу, ахэмэ ахъщэ дэгъухэр аретых. А лъэхъаным Шолом-Алейхем джурт писателэу Менделе-Мойхер-Сфорим ироманхэм анахь дэгъумэ ащыщэу «Заветное кольцо» зыфиІорэр къыхеуты. «Джурт лъэпкъ библиотекэм» къыхэлэжьэнхэу писателым письмабэхэр поэтхэм, писательхэм, джурт литературэм пылъхэм афетхы, ахэр къырегъэблагъэх.

Ежь Шолом-Алейхем бэ ытхырэр, романхэу «Стемпен», «Иоселе соловей» зыфиІохэрэр къыхеутых. А зэманым лэжьэкІо тхьамыкІэхэм ящыІэкІэ-псэукІэ тхагъо фэдэу къэзыгъэлъагъоштыгъэ бульварнэ тхылъхэр зытхыщтыгъэ писательхэр къежьэгъагъэх. Ахэмэ апэшІуекІоу, цІыф къызэрыкІом ищыІакІэ шъыпкъэныгъэ хэлъэу къызэрамы-

гъэлъагъорэр, ащкӀэ зэрарэу ашӀырэр зыфэдэр къыриӀотыкӀэу «Суд над Шомером» зыфиӀорэ памфлетыр Шолом-Алейхем ытхыгъагъ. Ау илъэситфым къыкӀоцӀ Шолом-Алейхем ишъхьэгъусэ ятэ къыкӀэныгъэ мылъкушхор еухышъ, чӀыфэ къызыӀихыгъэхэм зашӀуигъэбылъызэ, хэгъэгум екӀыжьы. Джащ къыщегъэжьагъэу джурт литературэм зыкъегъэӀэтыгъэнымкӀэ, ащ бгъу пстэумкӀи зегъэушъомбгъугъэнымкӀэ зишӀуагъэ къэкӀогъэ «Джурт лъэпкъ библиотекэм» икъыдэкӀын щеухы.

Шолом-Алейхем издателэу, баеу зыщэт лъэхъаным Киев дэс байхэм, щэн-щэфакӀохэм нэӀуасэ зэрафэхъугъэм лъэшэу ишӀуагъэ къекӀыгъ. Ахэмэ ящыӀэкӀэ-псэукӀэ зыфэдэр, лэжьакӀохэм япкӀэнтӀэпсыкӀэ ахэр зэрэщыӀэхэр къыщигъэлъагъоу, 1894-рэ илъэсым «Якнегоз» зыфиӀорэ памфлет-комедиер ытхыгъ. Ау Киев дэс байхэм ащыщхэм ащ зыкъыщашӀэжьи, пачъыхьэ цензурэм комедиер къыдырагъэгъэкӀыгъэп. «Менахем-Мендель» зыфиӀорэри Киев ибиржэ ехьылӀагъ. Мы тхылъым ыуж «Тевье – молочник» зыфиӀорэри етхы.

Дунаим щызэлъашӀэрэ писателыр тхьамыкӀэу псэущтыгъэ. Унэгъошхор – сабый быныр – зэриӀыгъын мылъку иӀагъэп: ытхыгъэхэр зэкӀэ тхылъ тедзапӀэхэм арищагъэти, ыпкӀэ къыратыжьыщтыгъэп. 1909-рэ илъэсым Шолом-Алейхем зытхэрэр илъэс 25-рэ зыхъугъэр зыщыхагъэунэфыкӀрэ мафэм ехъулӀэу джурт унэгъо мин пчъагъэхэм зэхалъхьэзэ, аугъоигъэ ахъщэмкӀэ писателым итхылъхэр тхылъ тедзапӀэхэм къащащэфыжьыгъ. А лъэхъаным жъэгъэузэу къеузырэр ыгъэхъужьэу Шолом-Алейхем Италием щыӀагъ.

1909-рэ илъэсым «Современные проблемы» зыфиӀорэр апэрэу урысыбзэкӀэ джурт писателым ытхыгъэхэр къыдэкӀыхэу ригъэжьагъ. Апэрэ томэу къыхаутыгъэм къыдэхьэгъэ повестэу «Мальчик Мотл» зыфиӀорэм Максим Горькэр зеджэм, ар ыгу зэрэрихьыгъэр Шолом-Алейхем фитхыгъэ письмэм щыхигъэунэфыкӀыгъ: «Уитхылъ къысӀукӀагъ, седжагъ, сигъэщхыгъ, сигъэгъыгъ – тхылъ гъэшӀэгъон!..»

Шолом-Алейхем итворчествэкӀэ жанрэу хихыгъэмэ анахь мэхьанэ зэритырэмэ ащыщыгъэр новеллэр ары. Анахь тхылъышхохэу иӀэхэр зэкӀэ новелл-монологхэмкӀэ тхыгъэх. Писателым къыгъэлъагъорэ цӀыфхэм ежь-ежьырэу ящыӀэкӀэ-псэукӀэ, ягукъаохэр, ягухэлъ-гупшысэхэр къаӀуатэх. Къин зылъэгъурэ лэжьэкӀо тхьамыкӀэм ыгу илъ гухэкӀыр зыгорэм риӀуатэмэ зэрэшӀоигъор, ащкӀэ ыгу жьы зэрэдигъэкӀырэр ащ дэгъоу къегъэлъагъо.

Джурт лэжьэкӀо тхьамыкӀэхэм ягухэлъ-гупшысэхэр «Тевье – молочник» зыфиӀорэм шъыпкъэныгъэшхо хэлъэу къыщеӀуатэ. Тевье – чъыгэе лъэпсэшху. Ар жьыбгъэшхом рикӀын фэмылъэкӀэу щыт. Народым ипытагъэ, икъэбзэныгъэ ащ регъапшэ, фегъадэ.

Капитализмэм джыри някъо-тыкъо ымышӀыгъэ сабыйхэм Шолом-Алейхем игухэлъ-гупшысэ дахэхэр ахилъагъозэ, ахэмэ афэгъэхьыгъэу «Часы», «Мафусаил», «Скрипка», «Юла», «Трапеза», нэмыкӀ рассказхэр, повестхэр, новеллэхэр етхых.

Шолом-Алейхем ытхыгъэ романхэм, повестхэм, рассказхэм, новеллэхэм ащыщхэм дунэе литературэр къагъэбаигъ. Джуртмэ ямызакъоу, дунаим щыпсэурэ цӀыф лъэпкъ зэфэшъхьафхэм Шолом-Алейхем ытхыгъэхэр зэлъашӀэх, ашӀогъэшӀэгъонэу аджых. Зишъхьафитыныгъэ фэбэнэрэ лэжьэкӀо тхьамыкӀэхэр ахэмэ ауӀэшы, шӀугъэм къыфаӀэты.

*1957-рэ илъэс*

## Зыр зыгъэгърэр, адрэр зыгъэчэфыщтыгъэр ащ зэхишӀыкӀыщтыгъэ

1824-рэ илъэсым маим и 19-м шъхьафитныгъэм фэбэнэрэ Грецием къэбар гомыӀу къышъхьащытэджагъ – шъхьафитныгъэм иорэд къыхэдзакӀоу Инджылызым ипоэтэу Джордж Гордон Байрон къалэу Миссолунгэм щылӀагъ. Поэтыр лӀэным ыпэкӀэ, Грецием пае мырэущтэу ыӀогъагъ: «Ащ сиуахътэ, сибайныгъэ, сипсауныгъэ естыгъ,– нахьыбэ сфэшӀэныя? Джы сищыӀэныгъэ ащ есэты!».

Байрон зэлІэм, Грециер зэкІэ зы мафэкІэ шъыгъуагъэ, хьадэм лъытэнығъэшхо фишІыгъ: пхъэмбаеу плащ шІуцІэ къызэхъухыгъэм тандж, сэшхо, лавровэ венок тыралъхьэгъагъ. Грек патриотхэр къызэрэкІэлъэІугъэхэу поэтым ытхьабылхэр Грецием щагъэтІылъыгъэх, хьадэр Инджылызым ащэжьыгъ.

Ау Инджылызыр зыгъэІорышІэщтыгъэ купхэр поэтым къызэрепыищтыгъэм фэдэу ихьади къепыигъэх. Ащ ицІыф цІэрыІохэр зыщагъэтІылъыщтыгъэм дунаим зэлъиушІэгъэ поэтым чІыгу залэ щыфагъэшъошагъэп. Байрон щытхъу чІыпІэ рамыгъэгъотыгъэми, ащ икІэнэкІэлъэ пхъашэ, иорэд жъынч макъэ ахэмэ атхьакІумэ нэІусхэр Іуаутыгъэх.

Джордж Гордон Байрон 1788-рэ илъэсым январым и 22-м Лондон къыщыхъугъ. Яти яни лорд унэгъо байхэм къахэкІыгъагъэх. Байрон ятэ ишъуз имылъку зешхыхэ нэуж, сабыир къызыхъугъэм бэ темышІэу, Францием щыпсэунэу кІожьыгъэ, шІэхэуи ащ щылІагъ. Янэрэ ежьырэ тхьамыкІэхэу Шотландием щыпсэущтыгъэх. Шотландиеу Бернс иусэ шІагъохэр зыщитхыгъэхэр Байрон шІу ылъэгъугъ, патриархальнэ зэфыщытыкІэу мэкъумэщышІэхэм зэфыряІагъэр поэт ныбжьыкІэм ыгу шІукІэ къинагъ, ар сыдигъокІи шъхьафитныгъэм ригъапшэщтыгъэ.

Байрон ицІыкІугъом бэ ынэгу кІэкІыгъэр; инджылыз, дунэе тарихъым изэхъокІыгъом ащ игулъытэ щыхахъощтыгъэ, француз буржуазнэ революцием игын-гъозымэ поэт ныбжьыкІэм кІэуагъ. Инджылызым щашІыгъэ промышленнэ зэхъокІныгъэр, буржуазиер, етІанэ ар бэным дэзылъхьажьыщт пролетариатым икъэхъукІэ ынитІукІэ ылъэгъугъэх. Ирландием зыкъыщызыІэтыгъэ лэжьакІохэм амакъэ Байрон-кІэлэеджакІом зэхихыгъэ, ахэр лъым зэрэрагъэтхьэлагъэр гущыІэ лые имыщыкІагъэу къыгурыІуагъ. Я XVIII-рэ лІэшІэгъум ихьадэгъу щэІу макъэрэ я XIX-рэ лІэшІэгъум иныбжьыкІэ жъынч макъэрэ зэрэзэфэмыдэр, зым ыгъаерэр, адрэр зыгъэчэфрэр ащ зэхишІыкІыгъ.

Дунаим тетыфэкІэ революционнэ хъугъэ-шІэгъэшхом икъежьапІэхэм къахэхъухьагъэу ежь Байрон ылъытэщтыгъэ. Ар ытхыгъэхэм нэрылъэгъоу къахэщыщтыгъэ.



Зеджэщтыгъэ илъэсхэм къащегъэжьагъэу общественнэ ІофышІэкІошхоу хъумэ Байрон шІоигъуагъ. Пчэгум къиуцоу ІупкІэу къызэрэгущыІэщтым ащ зыфигъасэщтыгъэ. ШІогъэшІэгъонэу я XVII-XVIII-рэ лІэшІэгъухэм парламентхэм къащашІыгъэгъэ псалъэхэр зэригъашІэщтыгъэх. Тхылъэу ыджыгъэхэм ясатырхэм апэ тарихълэжьхэм атхыгъэ ІофшІэнхэр рагъэуцощтыгъэх.

1805—1808-рэ илъэсхэм Байрон Кембридж университетым щеджэ. Ау университетым еджэныр зэрэщызэхэщагъэр ыгу рихьырэп. Ежь-ежьырэу тхылъыбэмэ яджэ.

Байрон иапэрэ тхылъэу «Часы досуга» зыфиІорэр 1807-рэ илъэсым къыдэкІыгъ. Мыщ усабэ къыдэхьагъ. Ахэм ипоэтическэ макъэ зыпкъ иуцуагъэу къахэщыщтыгъэп. Ау усэ зырызхэм поэт шъыпкъэ зэрэхъущтыр къаушыхьатыщтыгъэ. Поэт ныбжьыкІэм итхылъэу къыдэкІыгъэм либеральнэ буржуазиер пчыпыджынкІэ къыпэгъокІыгъ – «Эдинбургское обозрение» гъэзетым тхылъыр критикэ пхъашэм кІигъэкІыгъ.

Аущтэу иапэрэ тхылъ къыпэгъокІыгъэх нахь мышІэми, поэт ныбжьыкІэм ипоэтическэ Іашэ ыгъэтІылъыгъэп – Іаби, игъэтырэ къыщагъ, икъэлэмыпэ ипыйхэм атырищэягъ. 1809-рэ илъэсым «Английские барды и шотландские обозреватели» зыфиІорэ поэмэр къыхиутыгъ. Ащ сатирическэ плъырыгъэу хэлъым ипыйхэр зэхижъыхьагъэх.

Поэмэм Байрон ищытхъу зы лъэоянэкІэ зэрэдиІэтыягъэм имызакъоу, идейнэ-политическэ бэнэныгъэм ылъэныкъокІэ инджылыз литературэм мэхьанэшхо щыриІагъ. Ар инджылыз прогрессивнэ литературэм иапэрэ топыщэу къызыбгырыугъ, зы чІыпІэ итыгъэ литературэми ипсышъхьэшъо уцуагъэ зэлъигъэолъагъ.

Илитературнэ пыйхэм мафэ къэс ацэхэр Байрон къыфалъыхэ хъугъэ. Поэтым ихэгъэгу чІыпІэ щимыгъотыжьы зэхъум, ишъэогъухэр къызэрэкІэлъэІугъэхэм ипэгъокІэу, нэмыкІ къэралхэр къыплъыхьанэу гъогу техьэ.

Ар зыхъугъэр 1809-рэ илъэсыр ары.

Байрон сыдигъокІи зэфэныгъэм исэшхо ижъынч макъэ зэхихыщтыгъэ. Ежь ипоэтическэ сэшхо хьаулыеу исэшхуалъэ ригъэулъыихьэщтыгъэп. Ар зыщигъэфедэщтым лІыхъужъныгъэ хэлъэу къыщытэджыщтыгъэ. Испаниеу

Наполеон пэуцужьыгъэм Байрон ишъхьафит орэд зыкъыщеlэты. Поэтыр Испанием къекlышъ, Албанием къэкlо. Тыркуем пэшlуекlорэ албан народ лlыхъужъыр Байрон шlу ылъэгъугъ. Мыщ щытхъур Байрон къыфэзыхьыщт поэмэу «Паломничество Чайльд-Гарольда» ыгу къыщехьэ, ар 1809-рэ илъэсым иоктябрэ мазэ етхы, 1812-рэ илъэсым Инджылызым къыщыдэкlы. А илъэс дэдэм цlыфхэм ар зэкlэ псынкlэу зэращэфыгъэм пае джыри тфэ къыдэкlыжьын фаеу мэхъу.

Сыда ащ фэдэу а поэмэр цlыфхэм агу зыкlырихьыгъэр? Ащ джэуап етыжьыгъошlу. Поэмэм Байрон тарихъ хъугъэ-шlагъэхэу ылъэгъугъэхэр, ежь ышъхьэкlэ зыхэлэжьагъэхэр шъыпкъэныгъэшхорэ романтическэ плъыр-стырыгъэрэ хэлъэу къыщигъэлъэгъуагъэхэшъ ары. В. Г. Белинскэм мы поэмэшхом пае мырэущтэу ытхыгъагъ: «Байрон Европэм ехьылlагъэу Европэм фитхыжьыгъ...»

Джащ фэдэу поэмэр цlыфхэм апкъырыхьагъэ нахь мышlэми, консервативнэ журналэу «Квартальное обозрение» зыфиlорэм Байрон къемыпlэскlун фэлъэкlыгъэп. Ау къушъхьэм лъапэкlэ уеокlэ, сыд пфешlэшъуна?!

«Паломничество Чайльд-Гарольда» зыфиlорэр ежь Байрон политическэ поэмэкlэ ылъытэщтыгъэ. Ар къэозгъашlэрэр, поэмэр МеррейрэДаласрэ къыдагъэкlы зэхъум, поэтым иполитическэ гупшысэхэу къыхэщыпэхэрэр нахь хигъэкlокlэнхэу зыраlом мыщ фэдэ джэуап гущыlэхэр къафитхыжьыгъагъ: «Усэр зэрэтхыгъэм фэгъэхьыгъэмэ, шъузыфаер шъуфэсшlэщт; рифмэхэм, сатырхэм сяlэзэжьыщт, ау политикэмрэ метафизикэмрэ алъэныкъокlэ поэмэм зи сфешlэшъущтэп...»

1812–1815-рэ илъэсхэм поэмэхэу «Гяур», «Корсар», «Лара», «Абидосская невеста» Байрон ытхыгъэх. Ахэмэ Байрон дунэе щытхъур къыфахьыгъ.

Илитературнэ пыйхэм щыlакlэ къызэрэрамытырэм пае Байрон 1816-рэ илъэсым Инджылызыр къебгынапэшъ, шъхьафитыныгъэм фэбэнэрэ хэгъэгухэр псэупlэу къыхехых.

Поэмэу «Дон Жуан» зыфиlорэм илъэс заулэ Италием lоф щыдишlагъ. Апэрэ, ятlонэрэ орэдхэр 1819-рэ илъэсым, ящэнэрэ, ятфэнэрэ орэдхэр 1821-рэ илъэсым къыдэкlыгъэх. Революционнэ плъырыгъэу ахэлъым щыщыни, адрэ орэдхэр Меррей къыдигъэкlыжьыгъэхэп – ахэр Джон Гентом къыфыхиутыгъэх.

Ылпшъэкlэ зигугъу къэтшlыгъэхэм анэмыкlэу романтическэ поэмэ, трагедие пчъагъэхэр Байрон ытхыгъэх.

1823-рэ илъэсым Байрон Грецием къэкlо. А лъэхъаным грек лъэпкъым тыркуе гъэпщылlакlом пэшlуекlорэ банэ къыlэтыгъагъ. Зыкъэзыlэтыгъэ цlыфхэм ясатырхэм Байрон ахэуцо, иорэд шlагъохэр Грецием шъхьэщэтаджэх. Ащ бэ темышlэу техьагъум къыхэкlыкlэ, поэтышхом ыгу къэуцу. Ау «Зыкъэlэт, Эллада!» зыфиlорэ орэдыр джыри ылъэ итэу Грецием ичlыгу щэлъатэ!

Байрон ытхыгъэ усэхэм, поэмэхэм, трагедиехэм къащигъэлъэгъогъэ цlыфхэм шъхьафитныгъэр шlу алъэгъу, ащ кlэхъопсэу ахэр щысхэп – бэнэныгъэкlэ ар къыдахы. Ежь имыпкlэнтlэпсыкlэ мылъкушхом лъытхъорэ цlыфымрэ ежь Байронрэ машlомрэ псымрэ зэрэзэпыйхэрэм фэдэу егъашlэми зэпыигъэх. Загъорэ Байрон иромантическэ герой гъогу пхэндж техьэу къыхэкlы, ау сыдигъуи зэрихабзэу, лъыхъорэм лъакъо зытемыуцогъэ лъагъо къыхегъэщы.

Ащ фэдэ лирическэ герой лъэшыр тисоветскэ цlыфхэм къапэблагъ. Джары Байрон ытхыгъэхэр тилэжьакlохэм зыкlагъэлъапlэхэрэр. «Байрон» зыпlокlэ зышъхьэ къэзымыlэтын ахэмэ къахэкlыщтэп.

Непэ дунаим тет цlыф зафэхэм Джордж Гордон Байрон къызыхъугъэр илъэси 170-рэ зыщыхъурэ мафэр хагъэунэфыкlы.

*1958-рэ илъэс*

## Мусса Джалиль

Илъэсих фэдиз хъугъэ татар поэтэу Мусса Джалиль иусэхэр зыдэт тхылъэу «Моабитская тетрадь» зыфиlорэр къызыдэкlыгъэр. Илъэсихыр – охътэ инэп, ау а илъэсхэм къакlоцl тихэгъэгу ис цlыф лъэпкъ пстэуми поэтыр псынкlэу

зэлъашӀагъ, ащ иусэ лъэшхэр лэжьакӀомэ шӀу алъэгъугъ. ТатарыбзэкӀэ тхыгъэ усэ сатырхэр тикъэралыгъо ицыфлъэпкъ зэфэшъхьафхэм абзэкӀэ зэрадзэкӀыгъэх; ымэкъэ лъэш бзэ зэмылӀэужыгъохэмкӀэ зэлъыӀугъ.

Мусса Джалиль иусэхэр апэ къызыхаутхэм, поэтым рыкӀуагъэр икъу дэдэу тшӀэщтыгъэп, зыдэхъугъэр амышӀэу кӀодыгъэ зэолӀыкӀэ ар алъытэщтыгъэ. Фашист техакӀохэм ябэныщтыгъэу Берлин зыштэгъэ тидзэкӀолӀхэм Моабит хьапсым къыщагъотыгъэгъэ нэмыц тхылъым иаужырэ тхьапэ тетхэгъагъэм къыӀощтыгъэр лъэшэу мэкӀагъэ. Мары ащ итыгъэр: «Сэ, Татарым щызэлъашӀэрэ поэтэу Мусса Джалиль, политическэ ӀофкӀэ Моабит хьапсым сычӀадзагъ, укӀ къыстыралъхьагъ... СышъолъэӀу А. Фадеевым, П. Тычинэм, сиӀахьылхэм сисэлам сфяшъухыжьынэу».

Поэтым политическэ Ӏофэу зэрихьагъэр зыфэдэр къэшӀэгъоягъ – ар зылъэгъугъэу къэзыушыхьатырэ цӀыфхэр а лъэхъаным щыӀагъэхэп. Ау, сыдигъуи зэрэхабзэу, цӀыфым ишӀушӀагъэ кӀодырэп, цӀыфым инасып зыгъэушӀункӀырэ мэзахэм нэфынэ пэзыгъохырэм имэшӀобзый ныбжьи кӀосэщтэп, нахьыри зэкӀанэзэ, щыӀэкӀэшӀум игъогу къызгъэнэфызэ, ар егъашӀэм блэщт.

Пыим иунэ шъыпкъэ татар поэтым бэнэныгъэу щызэрихьагъэр къыушыхьатэу цӀыф къыкъокӀыгъ: бельгийскэ антифашистэу Андре Тиммерманс поэтым хьапсым дычӀэсыгъ, ащ тхылъыпӀэ зэкӀоцӀыщыхьагъэ цӀыкӀу тихэгъэзгу къыгъэхьыгъ. Ащ Мусса Джалиль аукӀыным ыпэкӀэ хьапсым щитхыгъэ усэхэр къыкӀоцӀыкӀыгъэх. Мыр зыхъугъэм бэ темышӀэу иятӀонэрэ тхылъ цӀыкӀоу нэмыкӀ усэхэр зыдэтыр фашист гъэрым къикӀыжьыгъэ горэм къыздихьыжьыгъ. Джауштэу зы лъагъор адрэ лъагъом ращалӀэзэ, е икӀэрыкӀэу къыхагъэщызэ, Мусса Джалиль иӀахьылхэм, ащ пэблэгъэ цӀыфхэм поэтым ищыӀэныгъэ рыкӀуагъэр зэфахьысыжьыгъ. ЛӀыхъужъныгъэшхо хэлъэу поэтым пыим ичӀыгу гупчэ щызэрихьэгъэ поэтическэ бэнэныгъэм тихэгъэзгу ыгъэгушхуагъ, зэрифэшъуашэм тетэу пэгъокӀыгъ, ыгъэлъэпӀагъ, осэ ин фишӀыгъ. ЛӀыгъэ инэу зэрихьагъэм пае Советскэ Союзым и ЛӀыхъужъыцӀэр фагъэшъошагъ, Ленинскэ премиер «Моабитскэ тетрадым» рапэсыгъ.



Мусса Джалиль ныбжьыкӀэ дэдэзэ бэнэныгъэм игъогу теуцо. Илъэс 13 нахь зымыныбжь кӀэлакӀэм истиххэр граждан заом лӀыхъужъныгъэ щызезыхьэзэ зэорэ цӀыфхэу совет щыӀакӀэм фэбанэхэрэм яхьылӀагъэх. Граждан заом ианахь илъэс хьылъэхэм ялъэхъан комсомолым ар хахьэ, ащ щегъэжьагъэу иполитическэ бэнэныгъэ зэпыурэп. А илъэсхэм мыхъо-мышӀагъэхэр зышӀэщтыгъэ контрреволюционнэ купхэм яэхэкъутэн ащ иӀахьышӀу хешӀыхьэ, комсомолым иинструкторэу мэлажьэ, етӀанэ ВЛКСМ-м и ЦК Ӏоф щешӀэ, ныбжьыкӀэмэ апае къыдэкӀрэ журналхэр редактировать ешӀы, лъэпкъ оперэр Казань щызэхэзыщэрэмэ ар зыкӀэ ащыщ. Татарым иписательхэм япащ – джары кӀэкӀэу къэпӀон хъумэ, Отечественнэ зэошхом ыпэкӀэ Мусса Джалиль литературнэ, щыӀэныгъэ гъогоу къыкӀугъэр.

Народым ищыӀэкӀэ-псэукӀэ, ар нахьышӀу зэрэхъурэр, ыпэкӀэ теубытэгъэ ин хэлъэу зэрэлъыкӀуатэрэр ары Мусса Джалиль иусэхэм анахь мэхьанэ купкӀэу аритырэр. Ежь къызыхэхъухьэгъэ цӀыф лъэпкъыр кӀочӀэшхо хэлъэу шъхьафитныгъэм зэрэфакӀорэр, ежь инасып къызэрэдихырэм ехьылӀагъэу поэтым усэхэр, поэмэхэр етхых. Поэмэхэу «Золотоволосая», «Письмоносец», «Директор и солнце», «Джиган», нэмыкӀхэри ащ ианахь тхыгъэ дэгъухэм ащыщых. Ахэмэ татар литературэм хэхъоныгъэ инхэр фашыгъэх. Лирическэ усэ пчъагъэу Мусса Джалиль ытхыгъэхэр Татарым цӀыфыбэмэ щызэлъашӀэх, якӀасэу яджэх.

Поэтым илитературнэ творчествэ зыхэхъорэ лъэхъаным ошӀэ-дэмышӀэу фашист техакӀохэр тихэгъэзгу къытебэнагъэх, творческэ гухэлъхэу, ытхынкӀэ ыгъашӀохэзэ къыздырихьакӀыщтыгъэхэр щигъэзыен фаеу хъугъэ – шхончыр ыӀыгъэу зэошхом иапэрэ мафэхэм пыим ар пэуцугъ. А лъэхъан къинхэм Ӏашэу ыӀыгъым фэдэкъабзэу ащ икъэлэми ыгъэӀорышӀэщтыгъэ. Фашист хъункӀакӀохэм ягухэлъхэр зыфэдэхэр сатыр ӀупкӀэхэмкӀэ зэолӀхэм ариӀуатэщтыгъэ, пыим нэмыплъэу ратырэм зыкъыригъэӀэтыщтыгъэ, текӀоныгъэр къызэрэдахыным агухэр къыфиӀэтыщтыгъэх.

Ау Мусса Джалиль тхьамыкӀагъо къехъулӀэ: Волховскэ зэуапӀэм, ыбгъэгу уӀэгъэ хьылъэ къытефэшъ, пыим гъэрэу ӀэкӀэфэ. УӀэгъэ хьылъэ зытелъ поэтыр Холмскэ лагерым дадзэ. Ащ ыуж Демблин ащэ, етӀанэ Берлин пэмычыжьэу

щыт лагерэу Вустрау дагъэтIысхьэ. 1943-рэ илъэсым игъатхэ Польшэм икъалэу Радом зыфиIорэм икIэрыкIэу къащэжьы. Поэтэу, политрукэу Мусса Джалиль гъэрыпIэм ифагъ нахь мышIэми, пыим зыритырэп, шъэфэу мэзао.

1942-рэ илъэсым ибжыхьэ Восточнэ зэуапIэм къыщыхъурэ Iофхэм фашистхэр къагъэгумэкIы зэхъум, гухэлъ шIойхэр рахъухьэхэу фежьагъэх. Гъэры хъугъэ советскэ цIыфхэр яхэгъэгу рагъэзэожьынхэ ямурадэу «легионхэр» зэхащэхэу аублагъ. Татар, башкир цIыфхэу «легионкIэ» зэхащагъэхэм шъэфкIэ Iоф адишIэу ыублагъ. Ащ Мусса Джалиль ипэщагъ. Подпольнэ организацием иIофшIагъэхэр хьаулые зэрэмыхъугъэр шIэх дэдэу къэнэфагъ; апэрэ батальонэу заом ращэжьагъэр гъогум зыкъыщиIэти, партизанхэм ахэхьажьыгъ. ЯтIонэрэ батальонэу зэрагъэуIугъэми зэрэзэощт Iашэр зыратым, яшхончыпэхэр къязытыгъэхэ фашист хъункIакIохэм афагъэзэжьыгъ. Ау къумалыгъэ зезыхьагъэ горэм ыпкъ къикIыкIэ, Мусса Джалиль зипэщэ подпольнэ организацием хэтхэр 1943-рэ илъэсым иавгуст мазэ аубытых. Джар ичIэфакIэу Моабит хьапсым Мусса Джалиль чIэфэ, укI тыралъхьэ.

ГъэрыпIэм ифэгъэ цIыфхэм азыфагу политическэ Iофэу щызэрихьэщтыгъэм къыщымыуцоу, Мусса Джалиль пыим гур фигъэблэу, хьэкIэ-къокIагъэу зэрихьэрэр къыриIотыкIэу усабэ ытхыгъ. Зишъхьафит фэбэнэжьырэ народым итекIоныгъэ къызэрэдихыщтым ишIошъхъуныгъэ IупкIэу ахэм къахэщыщтыгъэ. Советскэ народым текIоныгъэ къызэрэдихыщтыр поэтым дэгъоу ышIэщтыгъэ. Ар къэзыушыхьатырэр гъучI дзыом исызэ, укIакIом иобзэгъу шъхьарыт пэтзэ, текIоныгъэ ужым ихэгъэгушхо коммунизмэм факIоу лъэбэкъушхохэр зэридзыщтхэр къэзгъэлъэгъорэ усэхэр зэритхыщтыгъэхэр ары.

Моабит хьапсым Мусса Джалиль щитхыгъэ усэхэр Iофыгъо зэфэшъхьафхэм яхьылIагъэх, ау ахэр зэкIэ зэкIужьыхэрэр зы – сыд фэдэ хьэкIэ-къокIэгъэ зекIуакIэ тырашIыхьэми, зихэгъэгу шIу зылъэгъурэр лъэгонджэмышъхьэкIэ пыим зэрэфэмытIысыщтыр ары. Моабит хьапсым Мусса Джалиль усабэ щитхыгъ, ау ахэм ащыщэу зэкIэмкIи 89-рэ джырэкIэ поэтым къыкIэныжьыгъэу тшIэрэр. Мусса Джалиль коммунист шъыпкъэу ищыIэныгъэ къызэрихьыгъэр усэ щэрыохэу къыкIэныгъэмэ дэгъоу къаIуатэ. ЛIэныгъэм ибэн лъэкъо лъэныкъокIэ дэтыгъ нахь мышIэми, зы мафэ горэми тхьаусыхагъэп, ипоэтическэ мэшIобзый нэф иаужырэ жьыр къещэфэкIэ ыбгъэ щыблагъ, фашист укIакIом иобзэгъу поэтым ыгушхо ыгъэуцугъ. Ау ащ ыбгъэ щыблэщтыгъэ мэшIобзыир ыгъэкIосагъэп.

*1959-рэ илъэс*

## ЗэкIэми зэдытилъапI

Зыфэдэ къэмыхъугъэ урыс поэт ин дэдэу А. С. Пушкиным советскэ народыр рэгушхо, ащ итхыгъэ шIагъохэр егъэлъапIэх.

А. С. Пушкиныр щэIэфэ лэжьэкIо къызэрыкIохэр гъэпщылIыпIэм ищыжьыгъэнхэм, ахэр шъхьафитныгъэ гушIуагъом хэщэгъэнхэм ежь иIэшэ кIэлъыкIыгъэкIэ – поэзиемкIэ фэбэнагъ. Джары А. С. Пушкиныр тэ, народ зэкъошхэм, зыкIытилъапIэр, осэшхо зыкIыфэтшIырэр.

А. С. Пушкиным итворчествэ пае А. М. Горькэм мырэущтэу ыIогъагъ: «...Зидэхагъэрэ зиакъылышIуагъэрэкIэ гур дэзыхьыхырэ пшысэхэр зытхыгъэхэу, апэрэ реалистическэ романэу «Евгений Онегиным» иавторэу, историческэ драмэ анахь дэгъоу «Борис Годуновыр» зытхыгъэу, урыс народнэ поэтышхом стихым идэхагъэкIи, гухэлъ-гупшысэхэр къэгъэлъэгъогъэнхэмкIэ кIуачIэу иIэмкIи зи зыпшъэ мыкIогъэ поэтым щыIакIэм илъэныкъо гори италанткIэ къымыгъэнафэу къыгъэнагъэп. Ащ игухэлъхэм яинагъэрэ ишIэныгъэхэм ялъэгагъэрэ джы нэси зи апшъэ кIуагъэп».

Тихэгъэгушхо ицIыф лъэпкъ пстэухэм зэдырякIэсэ, зэдырялъэпIэ поэтыр историческэ хъугъэ-шIэгъэ инхэм ялъэхъан къыхэхъухьагъ. Пачъыхьагъумрэ пщылIыгъэмрэ лъэпсэ гъэкIодэу зэрэгъэкIодыгъэнхэ фаер апэрэу къэзыIогъэ Радищевым итхылъэу «Петербург сикIи, Москва сызэрэкIогъагъэр» зыфиIорэр къызыдэкIыгъэм бэ темышIэу

поэтыр дунаим къытехъуагъ. Иакъылкlэ гупшысэн зыщилъэкlыщт уахътэм щегъэжьагъэу а тхылъыр къызтегущыlэрэ зэфэнчъагъэр ынитlукlэ ылъэгъугъ, ар къызхэкlырэр, ылъапсэхэр пачъыхьэм зэрекlужьхэрэр дэгъоу къыгурыlуагъ. Декабристхэу зыкъэзыlэтыгъагъэхэм игупшысэхэр теубытагъэ хэлъэу адигощыгъ. Наполеон идзэ техакlохэм Отечественнэ зэошхокlэ урыс народыр зыч-зыпчэгъоу зэрапэуцужьыгъэм поэтым итворчествэ чlыпlэ гъэнэфагъэ щиубытыгъ.

Александр Сергеевич Пушкиныр 1799-рэ илъэсым июным и 6-м Москва къыщыхъугъ. Къызэрыхъухьагъэр унэгъо гъэсэгъагъ. 1811-рэ илъэсым поэтыр еджэнэу Царскэ Селом дэт лицеим чlэхьагъ. А. С. Пушкиным италант, ар поэтышхо зэрэхъущтыр мыщ къыщылъэгъуагъ. Лицеир къызеухым, тхэным нахь зыреты, литературэм ехьылlэгъэ зэlукlэхэм ахэлажьэ, иусэхэр журналхэм къыхаутых, литературэм иlофышlэ пэрытхэм нэlуасэ афэхъу. Поэт ныбжьыкlэм иусэхэм литературэм пылъ цlыфхэм ямызакъоу, тхылъеджэ къызэрыкlохэр атегущыlэх, ашlогъэшlэгъонэу яджэх.

Мы лъэхъаным пачъыхьагъу хэгъэгур лъэшэу зэтезыгъагъ. Ихэгъэгу ишъхьафитныгъэ Наполеон идзэ хъункlакlо къыщызыухъумэгъэ цlыфхэр къинэу ателъым, егъэзыпlэу зыхэтым езгъыжьыщтыгъэхэп. Пачъыхьэм, ащ «иlумэтхэм» афэмырэзэ цlыфхэр илъэс къэс нахьыбэ хъущтыгъэх. Ахэмэ тетыгъом пэшlуекlорэ обществэ шъэфхэр зэхащэщтыгъэх. Ащ фэдэ обществэхэр ары пачъыхьагъур тезыдзынэу, пщылlыныгъэр зыгъэкlодынэу гухэлъ зиlэгъэ декабристхэр къызыхэкlыгъэхэр. Ахэмэ ягухэлъхэр, ягупшысэхэр, ядунэееплъыкlэхэр поэт ныбжьыкlэм иусэхэм нахьыбэрэ къахафэ хъугъэ. Ар нэрылъэгъу шъыпкъэу зэрэщытым пае, пачъыхьагъум ащ гу лъетэшъ, къылъыплъэу фежьэ. Ау ащ пае къызэкlэмыкlоу ащ политическэ усэ пхъашэхэр етхых, хэгъэгур шъхьафит шlыгъэным фэбэнэнхэу цlыфхэм яджэ.

Пачъыхьагъум шъэфкlэ ебэныщтыгъэ цlыфхэм язэlукlэхэм поэтым ытхыгъэ политическэ усэхэм ащеджэщтыгъэх, ахэр тыратхыкlыхэти, езбырэу зэрагъашlэщтыгъэх. «Шъхьафитныгъ», «Къуадж», нэмыкl усэхэм пачъыхьагъум ижъалымыгъэ, изэфэнчъагъэ къащегъэлъагъо, ащ ебэныгъэным цlыфхэр фегъэблых. Джащ фэдэ усэхэр А. С. Пушкиным зэритхыгъэхэм пае мызэу-мытlоу агъэтlысы, дзэм арагъащэ. Ау поэтыр зыкlи къызэкlакlорэп, гъогоу хихыгъэм афытекlырэп. Ар мыщ фэдэ щысэкlэ къэуушыхьатын плъэкlыщт: 1825-рэ илъэсым декабрэм и 14-м декабристхэм зыкъаlэтыгъагъ шъхьае, пачъыхьэр тырадзын гухэлъэу яlэр къадэхъугъэп. Пушкиныр а уахътэм Петербург дэсыгъэп, пачъыхьэм Михайловскэм аригъэщагъэу псэущтыгъэ. Декабристхэм яlоф къыземыкl нэужым, пачъыхьэм ар ыдэжь къаригъащи, мырэущтэу еупчlыгъагъ: «Петербург удэсыгъэмэ, зыкъэзыlэтыгъэмэ уахэтыныгъа, Пушкин?». «Ащ lо хэлъэп, синыбджэгъухэр зыхэтыгъэ lофым сэри сыхэмытын слъэкlыщтыгъагъэп»,– емыгупшысэу Пушкиным пачъыхьэм джэуап ритыжьыгъагъ.

1828-рэ илъэсым А. С. Пушкиныр Кавказым къэкlогъагъ. Кавказым поэтыр зыщэlэм адыгэхэми ахэмэ анэмыкl цlыф лъэпкъхэми нэlуасэ зафишlыгъ. Ар къэзыушыхьатырэр ытхыгъэхэм адыгэ жэрыlо творчествэм щыщ темэхэри, образхэри къызэрэхигъэфагъэхэр ары. Мы лъэхъаным – 1827–1830-рэ илъэсхэм – А. С. Пушкиным усэ дэгъухэр, поэмэхэр етхых. Поэмэхэу «Братья разбойники», «Граф Нулин», усэкlэ тхыгъэ романэу «Евгений Онегин» зыфиlорэм щыщ пычыгъохэр къыхарегъэутых. Ащ ыуж къыкlэлъыкlорэ илъэсхэм рассказхэр, повестхэр етхых, ахэри къыдегъэкlых.

Поэтым исыд фэдэрэ тхыгъи народым ищыlакlэ, ащ игухэлъхэр, игупшысэхэр шъыпкъэныгъэшхо хэлъэу къыщигъэлъэгъуагъэх. Лэжьакlохэу зыкъэзыlэтыгъэхэр гъэпщылlэкlо классым зэребэныщтыгъэхэр итхылъхэм къызэращигъэлъэгъуагъэм къыушыхьатырэр А. С. Пушкиныр ыгукlэ лэжьэкlо-псэуакlомэ зэрапэблэгъагъэр ары. Поэтыр щэlэфэ урыс народыр шъхьафит хъуным, урыс литературэр, бзэр, культурэр къэlэтыгъэнхэм, ахэр ыпэкlэ лъыгъэкlотэгъэнхэм афэбэнагъ.

Иусэ лъэшхэмкlэ зэбэныщтыгъэ пачъыхьэм къыдеушъэкlыхэрэм А. С. Пушкиныр алъэгъу хъущтыгъэп, ахэр ащ шъэфэу ебэныщтыгъэх. Джахэм ащыщ къумалэу

Дантес 1837-рэ илъэсым февралым и 8-м дуэлькIэ А. С. Пушкиным къезаошъ, уIэгъэ хьылъэу къытефагъэм игъонэмысэу елIыкIы. Народым шIу дэдэ ылъэгъурэ поэтыр ипыймэ аукIымэ ар щымыIэжьыхэнэу ары ахэр зэрэгугъэщтыгъэхэр. Ау ахэр зэрэгугъагъэхэу Iофыр къычIэкIыгъэп. Тихэгъэгу щыпсэурэ цIыф лъэпкъ зэкъошхэм ар тэ зэдытилъапI, зэдытикIас. Ащ ытхыгъэ шIагъохэм урысыбзэкIи тэ тыбзэкIи тяджэ, тисабыйхэр арытэпIух. Зэманыжъым лэжьэкIо-псэуакIохэм ателъыгъэ тхьамыкIагъор зэхэугуфыкIыгъэу тынэгу къыкIигъэуцозэ, тищыIэкIэ насыпышIо зыфэдэр, ащ шIуагъэу хэлъыр къыдгурегъаIо, гъэпщылIакIомэ нэмыплъ арытегъэхы, гухэлъышIухэм такъыфеIэты, тыпфэраз тегъаIо.

*1959-рэ илъэс*

## ЯтIокIэнэрэ лIэшIэгъум и Гомер

Советскэ писательхэм я Апэрэ Всесоюзнэ съездэу 1934-рэ илъэсым Москва щыIагъэм тикъэралыгъо ицIыф лъэпкъ зэфэшъхьафхэм ялитературэхэм ялIыкIохэу хэлэжьагъэхэм апашъхьэ Алексей Максимович Горькэр къыщыгущыIэ зэхъум, президиумым хэсхэм ащыщ лезгин лIыжъ насыпышIоу мэкIэ-макIэу Iупчъапчъэзэ, усакIэ зэхэзылъхьэщтыгъэм зыфигъази, «Сулейман Стальскэр ятIокIэнэрэ лIэшIэгъум щызэлъашIэ хъугъэ Гомер» ыIуагъ. Джары дунэе литературэм щызэлъашIэрэ Горькэм Сулейман Стальскэм зэреджагъэр, зэрифэшъуашэу осэшхо зэрэфишIыгъэр. А щытхъуцIэ лъапIэр Стальскэ лIыжъым ытхыгъэ усэ шIагъохэмкIэ къыгъэшъыпкъэжьыгъ.

Сулейман Стальскэр (ылъэкъоцIэ шъыпкъэр Гасанбеков) 1869-рэ илъэсым, маим и 17-м Дагъыстан щыщ къуаджэу Ашагэ-Сталь зыфиIорэм къыщыхъугъ. Къызэрыхъухьагъэр къушъхьэчIэс мэкъумэщышIэ унэгъо тхьамыкIагъ. Илъэс 13 нахь ымыныбжьэу Сулейман ибэ хъураеу къэнагъ. А уахътэм щегъэжьагъэу кIэлэцIыкIум къиныбэ пэкIэкIыгъ, къушъхьэчIэс байхэм Iоф афишIэщтыгъэ, къалэу Дербент пэмычыжьэу щыIэ сэнэшъхьэ лэжьыпIэхэм, Среднэ Азием щагъэпсыщтыгъэ мэшIоку гъогум, бакинскэ къыкIэщыпIэхэм лэжьэкIо къызэрыкIоу ащылэжьагъ. Сыд фэдэрэ чIыпIэ ар кIуагъэми, щыIэкIэшIу щилъэгъугъэп, зэфэмыдэныгъэм ылъапсэ къыздикIырэр, урыс пачъыхьэр апэ зэритэу, гъэпщылIакIохэр зыфэдэхэр ащ дэгъоу къыгурыIуагъ.

ЩыIэкIэ къиным зэридзэу къыкIухьэ зэхъу лъэхъаным Сулейман Стальскэр нэмыкI цIыф лъэпкъхэм яусакIохэм аIокIэ, ахэмэ атхырэмэ нэIуасэ зафешIы, къаIэтырэ Iофыгъохэр, усэ зэхэлъхьакIэ шIыкIэхэр зыфэдэхэр зэрегъашIэх. Ахэр къызфигъэфедэхэзэ, лезгин Саид Кочохурскэмрэ Етим Эминрэ атхыгъэ усэхэм атекIышъ, лезгин усэм лъэпкъ гъэпсыкIэу иIэр, мэхьанэу хэлъыр нахь егъэбаи, гурыIогъошIоу егъэпсых. ЕджакIэрэ тхакIэрэ зымышIэщтыгъэм жэрыIокIэ зэхилъхьэщтыгъэ усэхэр щыгъупшэжьыщтыгъэхэп, узфэе уахътэм ахэр ыгу къэкIыжьыщтыгъэх. Сыд фэдэрэ чIыпIэ ифагъэми, ахэр лэжьакIомэ езбырэу къафиIуатэщтыгъэ. Аущтэу гурыIогъошIоу зэрэтхыгъэхэм ишIуагъэкIэ, ахэр псынкIэу цIыф къызэрыкIохэм зэхашыкIыщтыгъэ, зым адрэм фиIотэжьызэ, езбырэу зэрагъашIэщтыгъэх, гъэпщылIакIомэ рябэнынхэу ахэмкIэ зауIэшыщтыгъэ.

Социальнэ зэфэмыдэныгъэу гъэпщылIакIохэмрэ лэжьэкIо тхьамыкIэхэмрэ азыфагу илъыр усэхэу, орэдхэу «Соловей», «Старшина», «Самовар», «Судьи», «Купцы-чиновники» зыфиIохэрэмкIэ шъыпкъэныгъэшхо хэлъэу къыгъэлъэгъуагъ.

Октябрьскэ социалистическэ революциешхом Сулейман Стальскэр фэчэфэу пэгъокIы, зыкIэхъопсыщтыгъэ насыпышIо щыIакIэр ащ къызэрихьыщтыр лэжьэкIо тхьамыкIэхэм ахихьэщтыгъэ, революцием гоуцонхэу, яIашэхэр гъэпщылIакIохэм афагъэзэнэу яджэщтыгъэ. Ахэр дэгъу шъыпкъэу «Россия», «Жди, Сулейман, большевиков» зыфиIорэ усэхэм къащигъэлъэгъуагъ. Дагъыстан щыпсэурэ цIыф лъэпкъ зэфэшъхьафхэм Совет хабзэм пэшIуекIоу бырсырыгъэ къахэзылъхьэ зышIоигъо националист купхэм ямыхъо-мышIагъэ, ахэмэ язекIокIэ-гъэпсыкIэ тэрэзыджэхэр

къащыриIотыкIэу «В Кюре диковинок не счесть» зыфиIорэ усэр ытхыгъ. А лъэхъаным – 1919-рэ илъэсым – сатирическэ усэхэр, баснэм ехьщырэу гъэпсыгъэ эпилогхэр ытхыщтыгъэх. Урыс культурэм шIуагъэу хэлъыр зыфэдэр къыгурыIозэ, ар зэрагъэшIэнэу, куоу нэIуасэ зыфашIынэу зыщыщ лезгинхэм яджэ, ежьми ар къызэрэдэхъущтым иамалхэр зэрехьэх: Пушкиным, Лермонтовым, нэмыкIхэми атхыгъэхэр зыфэдэхэр къызфарегъэIуатэх, Маяковскэм иусэхэм зафегъэнэIуасэ.

Социалистическэ гъэпсынхэу Дагъыстан щыкIорэмэ Сулейман Стальскэр агъэгушIо, щыIэкIэ шIагъоу ыгъотыгъэр зыпкъ игъэуцогъэным ар зэрэхэлажьэрэр къыщигъэлъагъоу усэ IупкIэхэр етхых. Ежь ышъхьэкIэ автономнэ республикэм щызэрахьэрэ IофшIэнхэм ишъыпкъэу ахэлажьэ. Ашуг цIэрыIор Дагъыстан ЦИК-м ипрезидиум хэтыгъ, Советхэм ясъездэу Темыр Кавказым щыIагъэм илIыкIуагъ. Советскэ Конституцием ипроект зыщытегущыIэгъэ Советхэм я XI-рэ зэрэ Дагъыстанэу ясъезди хэлэжьагъ. 1934-рэ илъэсым Сулейман Стальскэм Дагъыстан инароднэ поэт щытхъуцIэ лъапIэр къыфагъэшъошагъ. Дагестанскэ советскэ литературэм хэхъоныгъэ инхэр зэрэфишIыгъэхэм пае, Советскэ правительствэм Лениным иорден ащ къыфагъэшъошагъ.

Совет хабзэм шъхьафитныгъэу, щыIэкIэ гушIуагъоу къыфихьыгъэм рыгушхозэ, мырэущтэу ащ ыIогъагъ: «Сэ къэмэ улъыигъэу чIычIэгъым чIэлъым сыфэдагъ, ау Коммунистическэ партиемрэ Советскэ правительствэмрэ сыкъычIатIыкIыжьи, сагъэлыдыжьыгъ, чанэуи сыкIалъыкIыгъ».

Сулейман Стальскэр зыщыщ лезгин лъэпкъым имызакъоу, тикъэралыгъо щыпсэурэ цIыф лъэпкъ зэфэшъхьафхэм зэлъашIэ хъугъэ. Ащ иусэхэр урысыбзэкIи, грузиныбзэкIи, украиныбзэкIи, адыгабзэкIи, нэмыкIыбзэхэмкIи зэрадзэкIыгъэх. Теуцожь Цыгъуи иныбджэгъу фэгъэхьыгъэу «Сулейман» зыфиIорэ усэр фызэхилъхьагъ.

Ащ иусэхэу «Наша власть», «Что к чему», «Старый враг не может быть другом», «Молодым поэтам», «Урожай» зыфиIохэрэр, нэмыкIхэри советскэ лъэпкъ литературэр къэзгъэбаирэмэ зыкIэ ащыщых. Джащ фэдэу «Поэма о Серго Орджоникидзе», «Думы о Родине» зыфиIохэрэ поэмэхэри ытхыгъэх, урысыбзэкIи къыхаутыгъэх.

*1959-рэ илъэс*

## Урыс мэзым иорэдыIу

Илъэс пчъагъэ хъугъэ урыс писатель цIэрыIоу Леонид Максимович Леоновыр советскэ литературэм зыщылажьэрэр. А уахътэм къыкIоцI писателышхом романихырэ повесть, пьесэ, рассказ пчъагъэхэмрэ ытхыгъэх.

Леонид Максимович Леоновыр 1899-рэ илъэсым маим и 31-м Москва къыщыхъугъ. Къызэрыхъухьагъэр унэгъо гъэсэгъагъ. Ятэ усэкIуагъ, тхылъхэр къыдигъэкIыщтыгъэх. 1910-рэ илъэсым марксистскэ брошюрэ горэ къызэрэдигъэкIыгъагъэм пае ар хьапсым чIадзи, Архангельскэ арагъэщэгъагъ. Л. М. Леоновыр Москва къыдани, ятэжъ ыпIужьыгъ, гимназиеми щеджагъ.

Октябрьскэ социалистическэ революциешхом иапэрэ илъэсхэм адэжь Л. Леоновым тхэн зыригъэжьэгъагъэр. Дзэ Плъыжьым къулыкъу щишIэу илъэс пчъагъэрэ хэтыгъ. Дивизионнэ гъэзетым Iоф щишIагъ. 1922-рэ илъэсым писатель ныбжьыкIэм ирассказхэр зыдэт апэрэ тхылъыр къыдэкIыгъ. А лъэхъаным Леоновым Москва дэт слесарнэ мастерской горэм Iоф щишIэщтыгъ, красноармейскэ гъэзетэу «Красный воин» зыфиIорэм ытхыхэрэм ащыщхэр къыхиригъэутыщтыгъэх. А илъэс дэдэм писатель ныбжьыкIэр Д. Фурмановым нэIуасэ фэхъу.

Апэрэ тхылъэу «Барсуки» зыфиIорэ романыр Л. Леоновым 1924-рэ илъэсым къыдигъэкIыгъ. А лъэхъаным щыIэгъэ щыIакIэм ар ехьылIэгъагъ. Романыр къызтегущыIэрэр зэпый лагеритIумэ ахэфэгъэ зын къылъфыгъэ зэшитIур ары. АнахыыкIэу Семен Совет хабзэм пэшIуекIоу зыкъэзыIэтыгъэ мэкъумэщышIэхэм япащ, Павел – Дзэ Плъыжьым хэт, зыкъэзыIэтыгъэхэр зэхэзыкъутэхэрэм якомандир. Зын къылъфыгъэ зэшитIур гъогу зэфэшъ-

хьафкӀэ къиныгъохэм апэшӀуекӀохэзэ, Совет хабзэм къызэрекӀугъэхэр ӀупкӀэу романым къыщигъэлъэгъуагъ.

Апэрэ илъэситф планым икъэгъэлъэгъон ехьылӀагъэу 1929-рэ илъэсым ыкӀэхэм «Соть» зыфиӀорэ романым итхын еухы. Буржуазнэ интеллигенцием ииндивидуализмэ лэжьакӀохэм яхабзэ иягъэ къызэрекӀырэр, ащ цӀыф къызэрыкӀохэр зэребэнхэрэр Леоновым дэгъоу къегъэлъагъо. Мы романым къыщиӀэтыгъэ Ӏофыгъор 1932-рэ илъэсым къыдигъэкӀыгъэ романэу «Скутаревский» зыфиӀорэм ыпэкӀэ нахь лъегъэкӀуатэ, тиобществэ интеллигенцием чӀыпӀэу щиубытырэм бгъу пстэумкӀи къытегущыӀэ. Мы тхылъыр къызхиутыгъэм илъэсищ фэдиз тешӀагъэу, джыри зы романыкӀэ етхы; лъэхъаныкӀэм хэлэжьэрэ, ащ ыпӀурэ коммунистым иобраз романэу «Дорога на океан» зыфиӀорэм къыщытегущыӀэ. Горькэм Леоновым итворчествэ ехьылӀагъэу гущыӀэ дэгъухэр къыӀуагъэх, ар писатель ныбжьыкӀэзэ, писатель ин дэдэ зэрэхъущтыр «Соть» зыфиӀорэ романым зеджэм хигъэунэфыкӀыгъагъ.

Романхэм, повестхэм, рассказхэм анэмыкӀэу пьесэхэр Л. Леоновым ытхыгъэх. Ахэмэ «Обыкновенный человек», «Половчанские», «Волк», «Нашествие», анэмыкӀхэри.

Отечественнэ зэошхом ыуж Леонид Леоновым «Русский лес» зыфиӀорэ романым Ӏоф дишӀагъ, 1953-рэ илъэсым ар къыхиутыгъ. Мы аужырэ уахътэм атхыгъэ тхылъ дэгъухэм мы романыр апшъ. Ар къэзыушыхьатырэр Ленинскэ премиер ащ зэрэфагъэшъошагъэр ары.

Советскэ писателышхоу, общественнэ ӀофышӀэу Леонид Максимович Леоновыр къызыхъугъэр илъэс 60 зэрэхъугъэр советскэ цӀыфхэм ягуапэу непэ хагъэунэфыкӀы.

*1959-рэ илъэс*

## Ахъщэ фунтипшӀым ишӀуагъэ къекӀыжьыгъ

Роберт Бернс Шотландием щагъэлъапӀэ: тыдэрэ чӀыпӀэ укӀуагъэми, ащ саугъэтэу фашӀыгъэхэм уащыӀокӀэ. ЛэжьэкӀо къызэрыкӀохэм лъэпкъ поэт ин дэдэм шӀулъэгъуныгъэу шъхьэкӀэфэныгъэу фыряӀэр дэгъу дэдэу къэзгъэлъагъорэр саугъэт лъапсэхэм мафэ къэс къэгъэгъэ Ӏэрамхэр къызэрягъэтӀылъэкӀыгъэхэр ары. Мыжъо, джэрз гъэчъыгъэм изакъоп лэжьэкӀо тхьамыкӀэхэм къахэтэджэгъэ поэтыр зыщыпсэурэр, ар шотландцэ къызэрыкӀомэ ящыӀэныгъэ щыщ шъыпкъэ джы хъугъэ, ягушӀуагъуи, къиныгъуи адегощы. ТхьамыкӀэхэм ягукъаохэр, ягухэлъхэр ӀупкӀэу къизыӀотыкӀыщтыгъэ поэтыр къызщыхъугъэ мафэу январым и 25-р лъэпкъ мэфэкӀэу алъытэ. Мы мафэм Шотландием щымэфэкӀышху. Поэтым иусэмэ ащыщ горэ езбырэу зымышӀэрэ цӀыф шотландцэмэ ахэтэп. Ащ фэдэ горэ къызыхэкӀыкӀэ, хэти емыкӀу зыфелъэгъужьы.

Лъэпкъым шӀу дэдэ ылъэгъурэ поэтым ищыӀэныгъэкӀэ къиныбэхэр пэкӀэкӀыгъэх, непэ иунагъо ышхыщтыр къыздырихыщтым егупшысэзэ ар псэугъэ. Илъэс 37-рэ нахь зымыныбжь Роберт Бернс сымэджэ хьылъэу, зылӀэщт мафэр къэсынкӀэ мэфипшӀ иӀэжьэу иӀахьылмэ ащыщ горэм мырэущтэу фитхыгъагъ: «ЗгъэлъапӀэу Джеймс, ахъщэкӀэ ӀэпыӀэгъу укъысфэхъунэу пӀогъагъэ, сэ ащ фэдэу псынкӀэ дэдэу ар сищыкӀагъэ хъунэу сшӀагъэп. Лавочник мэхъаджэу зичӀыфэ стелъым (поэтым иятӀонэрэ тхылъ къыдэзгъэкӀыгъэ Вильям Крич ары) сэлӀэ шӀошӀышъ, ичӀыфэ зэрэсӀихыжьыным пае, судым сыритыгъ. Сэ къысхэнэжьыгъэ закъоу сшъорэ скъупшъхьэхэмрэ хьапсым зэрэчӀадзэщтым сехъырэхъышэжьырэп. УишӀуагъэ ахъщэ фунтипшӀ горэмкӀэ къысэбгъэкӀын плъэкӀына?.. Джыри зэ сыолъэӀу хьапсым итхьамыкӀагъохэм сащыуухъумэнэу!..»

1796-рэ илъэсым июлым и 21-м Роберт Бернс лӀагъэ. Ахъщэ фунтипшӀэу Джеймс къаригъэхьыгъэр ятӀонэрэ мафэм поэтым ыцӀэкӀэ къэкӀуагъ, ау ар джы сыдкӀэ ищыкӀэгъэжьыныя! А мафэр ежь фэдэ тхьамыкӀэхэм Шотландием щагъэшъыгъуагъ. ШӀу алъэгъурэ поэтым ихьадэ атамэ телъэу къэм ахьыгъ. Ахэмэ ашӀэн алъэкӀыщтыр агъэцэкӀагъ. Зэхалъхьэзэ, къаугъоигъэ ахъщэмкӀэ Бернс икъашъхьэ мыжъосын тырашӀыхьагъ.

Шотландием илъэпкъ поэтышхоу Роберт Бернс 1759-рэ илъэсым, январым и 25-м къалэу Эра пэмычыжьэу къыщыхъугъ. Къызэрыхъухьагъэр мэкъумэщышӀэ унэгъо

тхьамыкӀагъ. Роберт Бернс илъэс 15 нахь ымыныбжьэу ятэ жъэгъэузым илӀыкӀыгъ. Ащ щегъэжьагъэу унэгъошхор поэт хъущт ныбжьыкӀэм къыпъэхэнэ. Ятэ псаузэ, фермэу зыщыпсэурэм дэсыгъэ кӀэлэегъаджэр иӀэпыӀэгъоу Бернс еджакӀи тхакӀи зэригъэшӀагъ. Ащ ыуж ишӀэныгъи игъэсэныгъи зэрахигъэхъощтым ежь-ежьырэу пылъыгъ. ПхъэӀэшэкӀыр ыӀыгъэу жъо пэтми, тхылъыр ыӀэдакъэ чӀэкӀыщтыгъэп. Зигъэпсэфынэу зыщетӀысэхырэм, ащ итым еджэщтыгъэ.

Поэтыр къызэрыхъухьэгъэ унагъом шотландскэ фольклорыр дэгъоу щашӀэщтыгъэ. ІофшӀэгъу уж уахътэхэм загъэпсэфынэу зытӀысыжьхэкӀэ, балладэхэр, тхыдэхэр, орэдхэр унагъом къыщаӀощтыгъэх. ШӀогъэшӀэгъонэу ахэмэ Бернс ядэӀущтыгъэ. ЗэрэзэригъэшӀагъэри ымышӀэу Іоф ышӀэ зыхъукӀэ, балладэхэм ащыщхэр Бернс езбырэу къыӀощтыгъэх. Ащ фэдэхэри ежь зэхилъхьэмэ шӀоигъощтыгъэ. Апэрэ усэр ащ илъэс 15 ыныбжьэу ытхыгъ. Ащ ыуж зы усэм адырэр къыкӀэлъыкӀозэ, ыусэу ригъэжьагъ. Ахэр анахьэу зыфэгъэхьыгъагъэхэр ІофшӀэныр, шӀулъэгъуныгъэр, природэр, ныбджэгъухэр ары. Ау ыныбжь хэкӀуатэ къэс ежь фэдэ мэкъумэщышӀэ тхьамыкӀэхэм къинэу ателъыр, ахэмэ япкӀэнтӀэпсыкӀэ байхэр диным иӀумэтхэр зэрэщыӀэхэр дэгъоу къыгурыӀоу ригъэжьагъ. Байхэмрэ мэкъумэщышӀэхэмрэ азыфагу зэфэмыдэныгъэу илъыр къызыхэкӀырэр, ащкӀэ мысэр дэгъоу къызгурэӀор ары поэт ныбжьыкӀэм гъэпщылӀакӀомэ афэгъэхьыгъэу усэ нэиутхэр ытхынэу зыригъэжьагъэр.

Къалэу Килмарнок 1786-рэ илъэсым игъэмафэ Роберт Бернс иусэхэр зыдэт тхылъыр къыщыдэкӀыгъ. Ащ ыуж бэ темышӀэу поэтыр Шотландием псынкӀэ дэдэу щызэлъашӀагъ. Поэтым итхылъ иапэрэ нэкӀубгъо «Две собаки» зыфиӀорэ поэмэмкӀэ къызэӀуихыгъ. Роберт Бернс гъэпщылӀакӀохэмрэ агъэпщылӀыхэмрэ зэфэмыдэныгъэу азыфагу илъым игугъу апэрэу мы поэмэм къыщишӀыгъ, тхьамыкӀэмэ уасэ зэрафэпшӀын фаем, ащ иакъыли, игухэлъи зэрэкъабзэм псэлъэ ӀупкӀэхэмкӀэ къатегущыӀагъ. Шотландием ипоэт зэфэшъхьафхэр зынэмысыгъэ Іофыгъохэм Бернс алъыӀэсыгъ, апэрэу ахэр шотланд поэзием цӀыфхэм щаджыгъ. ЦӀыф тхьамыкӀэхэм ягушӀуагъо, ягукъао, яфэныкъоныгъэ



бгъу пстэумкӀи дэгъоу къагъэлъагъоу мы тхылъым усэ зэмылӀэужыгъохэр къыдэхьагъэх. Ахэмэ «Полевая мышь», «Горная маргаритка», «Элегия на смерть овцы Мэйли», «Новогодний привет старого фермера его старой лошади», нэмыкӀхэри. Экземпляр шъих хъурэ тхылъыр мэфэ зытӀущыкӀэ цӀыфхэм ящыӀэныгъэ щыщ хъугъэ. А лъэхъаным щыӀэгъэ лэжьакӀо горэм мырэущтэу ыгу къэкӀыжьы: «Климарнок дэт шэкӀышӀыпӀэм щылажьэхэрэмэ ахъщэ зэхалъхьи, ерэгъэ дэдэу тхылъыр къагъоти, къызащэфым ар тхьэпэ зырызэу зэдатхъи, зэфагощыгъагъэ, тхьапэм ит усэхэр езбырэу зэрагъашӀэти, емыджагъэм ар ратыжьыщтыгъэ...»

Шотландием щызэлъашӀэрэ поэтыр къалэу Эдинбург 1786-рэ илъэсым къызэкӀом, къыфэчэфхэу ащ дэсхэр къыпэгъокӀыгъэх. Апэрэ тхылъыр къыздэкӀыгъэм зы илъэс зытешӀэм, тхылъхэр зыщэрэ тучаныр зыӀэ илъ Вильем Крич поэтым иусэхэр мы къалэм къыщыдигъэкӀыгъэх. Апэрэм фэдэу мыри цӀыфхэм зэрапхъуагъэ. Охътабэ темышӀэу ар дэдэр Лондон, Белфаст, Дублин, нэмыкӀ къалэхэми икӀэрыкӀэу къащыдагъэкӀыжьыгъ. Инджылызым Роберт Бернс щызэлъашӀэу, щагъэлъапӀэ хъугъэ.

Тхылъэу къыдигъэкӀыгъэм къыкӀэкӀогъэ ахъщэ тӀэкӀум щыщкӀэ Роберт Бернс топищ къещэфышъ, революциер къызэрытэджэгъэ Францием и Конвент ыцӀэкӀэ афырегъащэ. А лъэхъаным Францием пруссакхэмрэ австрийцэхэмрэ апэшӀуекӀорэ шъхьафитныгъэ банэ щыкӀощтыгъэ. Поэтым изекӀуакӀэ зэхэзыхыгъэ гъэпщылӀакӀомэ Роберт Бернс нэмыплъ къырахыгъ. Ащ зыщадзыеу рагъэжьагъ.

Эдинбург къыщыдэкӀыгъэ тхылъ минищым сатирическэ, сэмэркъэу пхъашэ зыхэлъ усэ пчъагъэ къыдэхьагъ. Анахь усэ дэгъу дэдэхэу Бернс иӀэмэ ащыщхэу «Джон – Ячменное Зерно», «Эрейские мосты», «Обращение к хаггису», «Смерть и доктор Харнбук» зыфиӀохэрэр, нэмыкӀхэри ащ дэтыгъэх. Поэтым шӀошъхъуныгъэу, теубытэныгъэу зыщыщ шотландцэ лэжьэкӀо тхьамыкӀэхэм афыриӀэр, ахэмэ акӀуачӀэ зэрэлъэшыр, ащ ицыхьэ зэрэтелъыр джа усэ шӀагъом Іушыгъэ хэлъэу чӀэгъэчӀэлъыбзэкӀэ Роберт Бернс къыщеӀо.

Шотландием илъэпкъ поэт ин дэдэ ытхыгъэ усэ шlагъохэр дунэе литературэм хэхьагъэх, ар къэзгъэбаигъэмэ, лъапсэ фэзышlыгъэмэ ащыщых. Роберт Бернс ымэкъэ зафэ лlэшlэгъумэ къапхырэlукlышъ, непэ тхыгъэм фэдэу къытлъэlэсы, тыгу агъэшlу, шlугъэм тыфалэжьы.

*1959-рэ илъэс*

## Сурэтмэ къаlуатэ

Бжыхьэ ошlу дахэхэми, ощх чъыlэ жъгъэйхэр къызыщыхидзырэ уахътэми къалэу Москва изы пчэгу дэхэшхохэм ащыщэу Арбаткlэ заджэхэрэм пэмычыжьэу щыт унэшхом ипчъэlупэ цlыфхэр lут зэпытых: ячэзыу къэсымэ а унэм зэрихьащтхэм ахэр ежэхэшъ, зыцыпэ умылъэгъурэ сатырэ ищыгъэхэу щытых. Мыщ зэу къыушыхьатырэр, lэкlыб къэрал цlыфхэм яэкъошныгъэ и Унэ джырэблагъэ къыщызэlуахыгъэ Дунэе сурэт выставкэр лэжьакlохэм лъэшэу зэрашlогъэшlэгъоныр, агу зэрэрихьырэр ары.

Мы къэгъэлъэгъон гъэшlэгъоным сурэт шъитфырэ шъэныкъорэ къыщагъэлъагъо. Къэрал 55-рэ Дунэе сурэт къэгъэлъэгъоным хэлажьэ. Зы дэпкъэу сурэтхэр зыпылъагъэм укlэрыкlэу адырэм узыкlэрыхьэкlэ, зы хэгъэгум уикlи, адырэ хэгъэгум уихьагъэ фэдэу зыщыоплъыхьэ, ащ щыпсэурэ цlыф зэфэшъхьафхэм ящыlэкlэ-псэукlэ, ягу-хэлъ-гупшысэхэм нэlуасэ уафэхъу, хэтырэ цlыфи, сыдырэ хэгъэгуи непэ lофэу зыпылъыр, ишlоигъоныгъэхэр унэгу кlэкlых.

Блэкlыгъэ мазэм советскэ цlыфэу, космонавтэу Герман Титовым, ныбжьи зыми емгъэпшэн умылъэкlын, къэмыхъугъэ лlыхъужъныгъэшхо зезыхьагъэм, космосым щытырихыгъэ сурэтхэу апэрэ унэм къыщагъэлъагъорэмэ лъэшэу ашlогъэшlэгъонэу цlыфхэр яплъых. Мафэмрэ чэщымрэ зэрэзэзэкlафэрэр зэрыплъэгъорэ сурэтри, Чlыгур зэрэхъураер нафэ къыпфэзышlырэри, ахэмэ анэмыкlхэри дэхэ дэдэх. Ахэмэ уяплъы зыхъукlэ, космос шъэфыр зэгъэшlэгъэнымкlэ, нэмыкl гъэхъэгъэшхохэу тихэгъэгу ышlыгъэхэм уарэгушхо, ащ узэрицlыфыр насыпыгъэу, гушlуагъоу пшъхьэ фэолъэгъужьы, пкlуачlэ къызэрихьыщтымкlэ тыдэрэ lофшlапlи гъэхъэгъэшхохэр къызэрэщыдэпхыным гур къыфеlэты.

Мы илъэсэу тызхэтым и Дунэе сурэт къэгъэлъэгъонэу Москва щызэхащагъэм узеплъыхэрэм пщымыгъупшэжьхэу нэгум кlэмыкlыхэрэр, заом, мамырныгъэм, lофшlэным, псэолъэшlыным, гушlуагъом, тхьамыкlагъом, lофшlэнынчъэм, нэмыкl lофыгъохэм яхьылlэгъэ сурэтхэр арых. Блэкlыгъэ зэошхом кlэух фэшlыгъэным фэгъэхьыгъэ lофыгъоу Советскэ правительствэм къыlэтыгъэм США-р зипэщэ капиталистическэ хэгъэгухэр lашэкlэ къызыщыпэгъокlыхэрэ лъэхъаным заом тхьамыкlагъоу къыхьын ылъэкlыщтхэр зыфэдэхэр Дунэе сурэт къэгъэлъэгъоным хэлэжьэрэ къэрал зэфэшъхьафхэм ялlыкlохэм дэгъоу зэхыуагъашlэ.

Германскэ Демократическэ Республикэм щыщ Фенселау исурэтэу «Бухенвальд зыщышъумыгъэгъупш!..» зыфиlорэм узеплъыкlэ, ятlонэрэ дунэе зэошхом ибэлахь джыри зэ угу къегъэкlыжьы. Гъучlыч панэкlэ къэшlыхьэгъэ унэм ищагу цlыфынчъэ, ащ зы нэбгырэ гори lуплъагъорэп. Ау ихьаку трубэшхохэу lугъо шlуцlабзэ къызэрыутысыкlыхэрэм къыуагъашlэрэр а унэ кlоцlым зыцlэ къепlошъун умылъэкlыщт бзэджэгъэшхор фашистхэм зэрэрашlыхьэрэр ары. Авторыр а сурэтымкlэ сакъынхэу, ныбжьи заор къырамыгъэжьэнэу цlыфхэм къяджэ. Мы сурэт дэдэм иджэрпэджэжьыба мыр пlонэу, ау нэмыкl шlыкlэкlэ гъэпсыгъэ Австрием щыщ Ф. Лихенгауэр «Шыблэгъуагъу» зыфиlорэ сурэтэу ышlыгъэр. Къэлэпчъэжьый. Ащ ыбгъуитlукlэ гъучlыч панэкlэ зэхэщыхьэгъэ чэур lокlы. Чэур чlыпlэ-чlыпlэу пхырытхъыгъ. Пкъэумэ алъапсэхэр уахътэм кlигъэшъукlыгъэх, ыгъэкъонщагъэх, цlыраужъыкlэ зэхэкlыхьажьыгъэх. Ар фашистхэм гъэры ашlыгъэ цlыф мин пчъагъэхэр зыдагъэлlыхьагъэхэр ары. Мыщ фэдэ чlыпlэхэр тичlылъэ дахэ къытерэмыхъожьых ыlорэм фэдэу ащ ышъхьагъ шыблэ гъогъошхор шъхьащыт. «Цlыфхэр, мыщ шъуеплъ!..» – еlо пlонэу пчыкlэм гъучlыч панэхэр,

къэлэпчъэжьыер, пкъэухэр, уцыжъхэр чӀыпӀэ хэпӀэжъ шӀункӀым къыхегъэунэфыкӀых...

Советскэ Союзым исурэттех цӀэрыӀоу Д. Бальтерманци заор нэмыкӀ сурэтэу «Чайковскэр. 1945-рэ илъэс. Германиер» зыфиӀорэмкӀэ къегъэлъагъо. Фашизмэм итыгъужъ гъолъыпӀэщтыгъэу Берлин Советскэ Армием идзэхэр екӀух. ТекӀоныгъэр чыжьэжьэп. Унэр къутагъэ. Чырбыщ къутафэхэр, пкъэухэр модыкӀи-мыдыкӀи итэкъухьагъэх. Тыгъэр Ӏугъо-сапэм къыхэпсышъ, инэфыпс унэм къыредзэ. МэшӀошхом къыхэкӀыгъэ дзакӀохэм автоматхэр аӀыгъых, ашӀохэлъагъэх. Псаоу къэнэгъэ пианинэм ахэр хъураеу кӀэрытых, ежьхэм ащыщ дзакӀом урыс орэдыусэу П. И. Чайковскэм иорэдмэ ащыщ горэ къызэрэригъаӀорэм едэӀух. Мы сурэтым советскэ цӀыфхэм ямызакъоу дунаир зэкӀэ зэжэрэ текӀоныгъэр зэрэмычыжьэжьыр, фашизмэу чӀылъэм тхьамыкӀагъор къыфэзыхьыгъэр зэрэзэхакъутэщтым бэ зэримыӀэжьым шыхьат уфешӀы. А сурэтым пэчӀынатӀэу пылъэгъэ сурэтэу В. Халдей тырихыгъэм Рейхстагым текӀоныгъэ быракъыр советскэ дзакӀом зэрэпилъэрэр, ащ щыкӀэдзагъэу фашизмэр зэрэщымыӀэжьыр дэгъоу къегъэлъагъо. «Илъэс пшӀыкӀутф зытешӀэгъэ уж» зыфиӀорэ М. Ганкиным исурэтэу Брест къэлэ пытапӀэм щызэогъэ лӀыхъужъхэр Москва зэрэщызэӀукӀэжьыгъэхэр, ӀаплӀ зэрэзэращэкӀырэр къэзгъэлъагъорэм угу мыузэу, унэпс къымыгъачъэу уеплъын плъэкӀырэп.

Мыщ дэжьым хэмыгъэунэфыкӀыгъэмэ мыхъущтыр, тихэгъэгу исурэтхэр сыд фэдэрэ ӀофкӀи – мамырныгъэм фэбэнэгъэнымкӀи, псэолъэшӀынымкӀи, ӀофшӀэнымкӀи, нэмыкӀ ӀофхэмкӀи – дунэе сурэтхэм явыставкэ хэпшӀыкӀэу къызэрэхэщхэрэр ары. ИсурэтхэмкӀи, къыгъэлъэгъорэ Ӏофыгъо бгъу пстэумкӀи тихэгъэгу выставкэм чӀыпӀэ ин щеубыты. Тикъэрал илӀышъхьэу Никита Сергеевич Хрущевым космонавтхэу Ю. А. Гагаринымрэ Г. С. Титовымрэ Мавзолей кӀыӀум ӀаплӀ зэращырищэкӀырэр, туркмен лӀыжъыр иунэ къыращагъэ псым зэрэщыгушӀукӀырэр, абхъаз пшъашъэм игушӀуагъо, медицинэм, гъэсэныгъэм, литературэм, искусствэм афэгъэхьыгъэу хэгъэгум щашӀэхэрэр зыфэдэхэр, промышленностым, мэкъу-мэщым яхьылӀэгъэ сурэтхэм пшӀогъэшӀэгъонэу уяплъы.



Китаим, Чехословакием, Польшэм, Албанием, Болгарием, Румынием, Венгрием, Монголием, Кореим ящыӀакӀэ, ахэмэ ялэжьакӀохэм щыӀэкӀакӀэр яхэгъэгухэм зэрэщагъэпсырэр сыдырэ ӀофшӀэни насыпрэ щытхъурэ зэрэхагъуатэрэр сурэтыбэмэ ахэолъагъо. Китайскэ Народнэ Республикэр зэрэкӀочӀэшхом, ащ илэжьакӀохэр зэрэӀофшӀакӀохэм ишыхьат сурэттехэу Жуо Суй-чу «Къушъхьэ чӀыгухэр рагъэшъокӀынэу псыхъоу Таохэ агъэфедэщт» зыфиӀорэр, нэмыкӀхэри.

Джащ фэдэу ОАР-м, Ганэ, Гвиней, нэмыкӀхэми мамырныгъэм, ящыӀэкӀэ-псэукӀэ нахьышӀу зэрашӀыщтым зэрэфэбанэхэрэм сурэтыбэхэм нэӀуасэ уафашӀы. Тихэгъэгу гъусэныгъэшӀу къызэрэдыряӀэм, Ӏофыгъо ӀаджхэмкӀи ӀэпыӀэгъу зэрзэфэхъужьыхэрэм уащагъэгъуазэ.

Кубэ исурэттеххэм къагъэхьыгъэ сурэтхэми узяплъыкӀэ, илъэситӀукӀэ узэкӀэӀэбэжьымэ, Батистэ ибжьыжъ зытезыдзыжьи, шъхьафитныгъэр къыдэзыхыгъэ Кубэм насыпышӀо щыӀакӀэр зэригъэпсырэм, сыд фэдэу колонизаторхэм зашӀыгъэми, гъогу шӀагъоу къыхихыгъэм къытырагъэкӀышъун зэрафэмылъэкӀыщтым, ащ ицӀыфхэр ӀофшӀэнымкӀи, хэгъэгур къэухъумэгъэнымкӀи зэрэлӀыхъужъхэм, пыйхэр къызтебанэхэрэм «Родинэр е лӀэныгъэр!» аӀозэ зэрапэуцужьыгъэхэм, текӀоныгъэр къызэрэдахыгъэм нэӀуасэ уафэхъу. ШъоущыгъушӀ Кубэ, ау нибжьи шъоущыгъум иӀэшӀу зымышӀагъэм, насыпыр ихъоеу зэрэхъугъэр къэозгъашӀэрэмэ Новал Либорло исурэтэу «Апэрэ лэжьыгъэ Ӏухыжьыгъу» зыфиӀорэр ащыщ. Кубинскэ революцием изэхэщакӀоу, ащ ипащэу Фидель Кастро апэрэу къыгъэкӀыгъэ шъоущыгъу зыхашӀыкӀырэ анджырэфыр реупкӀы.

Колониализмэм цӀыф жъугъэхэр зэребэнхэрэр, ащ зэрэфэмыехэр, ар тхьамыкӀагъом икъежьапӀэу зэрэщытыр Японием, Южнэ Кореим, нэмыкӀ къэралыгъохэм ясурэттеххэм къагъэхьыгъэ сурэтхэм дэгъоу къащагъэлъэгъуагъ. ЦӀыф жъугъэм ыкӀуачӀэ зы зишӀыкӀэ, ар зэрэлъэшыр, ар зыгубжыкӀэ, игухьэ-гужъ къызыптырикъутэкӀэ, Ли Чын Ман фэдэхэм ашъхьэ раригъэхьыжьэжьын зэрилъэкӀыщтым а сурэтхэм урагъэхьырэхьышэжьырэп. Ким Чжон Чюн исурэтэу «Американскэ империалистхэр, Кореим ичӀыгу шъуикӀ!» зыфиӀорэм, Японием исурэттехэу Коити Утида

исурэтэу «Мырэущтэу Хегерты пэгъокIыгъэх» зыфиIорэм, нэмыкIхэм колониализмэм ипшъэхъу ренэу чIыпIэ Iаджми къащызэрэзэпыутырэр къыуагъашIэ.

Дунэе сурэт къэгъэлъэгъоным ежь капиталистическэ хэгъэгу шъыпкъэхэм ясурэттеххэм къарагъэхьыгъэ сурэтхэу Iофшiэнынчъэм яхьылIагъэхэм чIыпIэ ин щаубыты. Джа хэгъэгухэм Iоф зымыгъотырэ цIыфыбэхэр зэращыпсэухэрэр, щыIакIэм ныкъо-тыкъо цIыфыр зэришIырэр, зэригъэцIыкIурэр къагъэлъагъо. Мы тхьамыкIагъор дэгъоу къэзгъэлъагъохэрэр Трутт Николас (Австралиер) исурэтэу «Изэкъо дэд», Салам Насер (Иран) исурэтэу «Хьылъэзехьэхэр», Монтер Робер (Бельгиер) исурэтэу «Нэфынэхэр зымылъэгъужьырэм ыгу жьы дэжъугъахь», Бодин Обри (США) исурэтэу «Хьылъэзехьэхэр», Дель Перро Серджо (Италиер) исурэтэу «Экс-чемпион», Фюренвергер Гюнтер (Австриер) исурэтэу «Iофынчъэхэр», нэмыкIхэри ащыщых.

Сурэттехыным фэIэзабэ Дунэе сурэт къэгъэлъэгъоным хэлажьэх. Ахэмэ хэтрэ цIыфи мамырныгъэ щыIакIэм зэрэфаер, заор ылъэгъу зэрэмыхъурэр, тичIылъэ дахэ насып тыригъуатэмэ зэрэшIоигъор сурэт шIагъохэмкIэ къытаIотагъ.

*1961-рэ илъэс*

## Ащ дунаир иIэмыр

БлэкIыгъэ лIэшIэгъум иилъэс щэкIхэр ары Инджылыз писателэу Чарльз Диккенс тхэн зыригъэжьагъэр. Апэрэ рассказыр зетхым, ащ илъэс тIокIырэ тIурэ ыныбжьыгъэр. А лъэхъаным ар стенограф цIэрыIоу инджылыз парламентым щашIэщтыгъ, репортер чанэуи гъэзетхэми закъыщигъэлъэгъогъагъ. Арэущтэу щытми, иапэрэ рассказ икъыхэутын къинышхо тырилъэгъуагъ. «Поплар-Уок щыIэгъэ щэджэгъуашхэр» зыфиIорэ рассказыр журналым къытыраригъэдзэнэу зехым, ащ итхылъеджэхэр къызэрэпэгъокIыщтым рытещыныхьэхэу, къыхаутыщтми къыхамыутыщтми амышIэу бэрэ пылъыгъэх. Ау къызхаутым, рыкIэгъожьыгъэхэп. Ар зэкIэми агу рихьыгъ. Ащ ыуж а рассказым ехьщырхэу, «Боз» акIэтхагъэу зы заулэ къыхаутыгъ. Джы а рассказ шIагъохэу «Боз иочеркхэр» зыфиIорэр зэкIэ дунаим щызэлъашIэх.

Чарльз Диккенс къулыкъушIэ унэгъо тхьамыкIэм къихъухьагъ. ИкIэлэцIыкIугъо Лондон ихьаблэ шъой-цыеу Iофшiэн тэрэз зымыгъотыхэрэ цIыфхэр зыхэсхэм ащыкIуагъ. Лъэшэу еджэмэ зышIоигъогъэ кIэлэцIыкIур еджапIэм чIэмыхьэу, сабый дэдэу кIуачIэкIэ Iофшiэныр регъажьэ. Къиныгъоми тхьамыкIагъоми ахэтми, ар шIэныгъэм зыфещэ, игъэсэныгъэ фэбанэ. Ащ тхэн зырегъэжьэ лъэхъаным Инджылызыр анахь къэралыгъо фэшIыгъагъ, ау илэжьэкIо къызэрыкIохэр ипщылIыпIэ хьылъэ ибжь чIэтыгъ. Ащ фэдэуи мэкъумэщышIэ, къулыкъушIэ тхьамыкIэ жъугъэми ящыIэкIэ-псэукIэ дэй дэдагъ. ЦIыфмэ ящыIакIэкIэ зэфэмыдэныгъэу хэгъэгум илъыр, кIуачIэкIэ псэурэмэ ящыIэкIэ тхьамыкIагъо къызыхэкIырэр, ар зыфэдэр, гъакъбафэу парламентым къыщыгущыIэхэрэр зыхэтхэр писателым дэгъоу ышIэщтыгъэх. Ахэр зэкIэ шъыпкъэныгъэшхо хэлъэу «ЕшъуакIом илIакI», «НэкIурыхъо шIуцI», «Нью-гетскэ хьапсым зэрэчIэхьагъэхэр» зыфиIохэрэм, нэмыкI рассказхэми къащигъэлъэгъуагъ. Парламентым стенографэу Iоф щызышIэщтыгъэ Чарльз Диккенс ымышIэ хъуныя парламентскэ хэдзынхэр зэрэкIохэрэр! Ащ тхьагъэпцIыгъэу, мыхъо-мышIагъэу, нэпэнчъагъэу щызэрахьэрэр «Пиквикскэ клубым къыкIэныжьыгъэ тхыгъэхэр» зыфиIорэ тхылъышхом къыщигъэлъэгъуагъ.

Писателым ирассказхэу, иочеркхэу 1833–1835-рэ илъэсхэм ытхыгъэхэм янахьыбэм Лондон дэс цIыф зэмылIэужыгъомэ ящыIэкIэ-псэукIэ сэмэркъэу-щхэныр нахь къябэкIэу къащегъэлъагъо. Ау зыгъэпщылIыхэрэр зилIэужыгъор джыри ащ къыгурыIорэп. Ахэр зэкIэ къыбгурыIоным пае щыIакIэу узыхэтыр куоу пшIэн зэрэфаер ащ зэхешIыкIы. Тхэным хэкIуатэ къэсми а зэфэмыдэныгъэр ынэгу къетаджэ, нахь кууIоу еIэбэхы къэсми капитализмэм цIыфхэм къафихьырэ хьазабыр къычIегъэщы.

Социальнэ щыIакIэр зэхэугуфыкIыгъэу къэзыгъэлъэгъорэ романхэм ятхын Чарльз Диккенс апэхьэ. Зэфэмы-

дэныгъэ щыIакIэр къызхэкIырэм ар егъапэ. Ащ джэуап тэрэз ритыжьыным пае щыIакIэр зэрегъашIэ, етIанэ шъыпкъэныгъэ-зэфэныгъэр иIэубытыпIэу тхылъ шIагъохэр етхых. «Оливер Твист къехъулIагъэхэр» зыфиIорэ романэу Лондон ихьэблэ шIойхэу цIыф тхьамыкIэхэр зыщыпсэухэрэр къэзыгъэлъагъорэр етхы, ащ ыуж «Никола Никльби ищыIакIэрэ къехъулIагъэхэмрэ» зыфиIорэри къыдегъэкIы. Мы тхылъым парламентым щыщ Грессбюри иобраз Iэпэ-Iэсэныгъэ ин хэлъэу бгъу пстэумкIи къыщегъэлъагъо. Джащ фэдэу кIэлэцIыкIоу Флорсисэу зятэ къычIидзыжьыгъэм итхьамыкIэгъо щыIакIэ гур ыгъэузэу къытегущыIэрэ романэу «Домбирэ икIалэрэ» зыфиIорэр етхы. Мы тхылъыр Белинскэм лъэшэу ыгу рихьыгъ, Чарльз Диккенс ытхыгъэ пстэуми анахьышIоу ар ылъытагъ. Ары Iофыри зытетыр, адырэ ытхыгъэхэм афэмыдэу буржуазнэ щыIакIэр зыфэдэр, ар кIуачIэкIэ Iоф зышIэрэ цIыф жъугъэмэ бжьы хьылъэу апшъэ зэрэдэлъыр коммерсантэу, нэпэнчъэ Домби иобразкIэ къегъэлъагъо. Ащ пэмыкIэуи мы тхылъым идэгъугъэр къыозыгъашIэрэр бзэу, IэпэIэсэныгъэу зэрэтхыгъэр ары.

«Сэ сытхэ зэхъум, сихэгъэгу сыфэлажьэ зэхъум,— зэгорэм Чарльз Диккенс ытхыгъагъ,— социальнэ зэфэмыдэныгъэу, мызэфэныгъэу щыIэр зэхэсшIэнэу ары сызыпылъыгъэр, общественнэ упчIэхэр тэрэзэу зэхэсфыныр симурадыгъ». Мыхэр арых ежь писателым итхылъхэри къызтегущыIэхэрэр. Джа упчIэ-Iофыгъоу щыIэкIэ мытхъагъом къыхэтэджыкIыщтым иджэуап тэрэз ежь изэхэшIыкI къызэрихьырэм фэшъуашэу икъэлэмкIэ банэщтыгъэ писателыр. Итхылъхэми ар дэгъу дэдэу къаушыхьаты.

1842-рэ илъэсыр къызщихьагъэм дэжь Чарльз Диккенс США-м кIонэу рихъухьагъ. Ащ ыпэкIэ зытIо-зыщэ писатель цIэрыIор Америкэм рагъэблэгъагъ, ау кIонэу афидэгъагъэп. Джы ошIэ-дэмышIэу Америкэм кIонэу ихьисап. США-м кIонэу зыкIырихъухьагъэр ежь писателымкIи нэмыкIхэмкIи нэфагъэ: «демократическэ къэралыгъокIэ» заджэщтыгъэхэ Америкэр зэригъэлъэгъумэ шIоигъуагъ. Ау «шъхьафит къэралыгъор» зыфэдэр, ащ ишъхьафитыгъи идемократие зилIэужыгъори писатель Iушым шIэхэу къыгурэIо. Ар къыозыгъашIэрэр Америкэм къыритхыкIыхэу ишъэогъухэм къафигъэхьыщтыгъэ письмэхэр арых. Ахэр дэгъу дэдэу, шъыпкъэныгъэ-зэфэгъэшхо хэлъэу къызщигъэлъэгъуагъэхэр «Американскэ заметкэхэр» зыфиIоу ихэгъэгу къызэкIожь уж къыдигъэкIыгъэхэр арых.

Америкэм ехьылIагъэу ежь дыщыIэ буржуазнэ тхакIохэм атхыщтыгъэ статьяхэу Диккенс заджэщтыгъэхэм а къэралыгъом идемократие, ишъхьафитыныгъэ фэгъэхьыгъэу къарихыщтыгъэхэу, ышIошъи хъущтыгъэхэр зэрэпцIыхэр писателым ынитIукIэ ылъэгъугъэх, защигъэгъозагъэ фэд. Диккенс Америкэм къызекIыжь нэужыми, а хэгъэгум ехьылIагъэу зэтхэ нэужыми, Америкэм ищыIакIэ фэгъэхьыгъэ романэу «Мартин Чезлвит» зыфиIорэри етхы. Буржуазием инэйпсыягъэ нэпэнчъагъэу ащ илIыкIохэм ахэлъхэм а романым къащытегущыIэ. ЗызэрагъэбаищтымфэшI ахэмэ Iоф шIоигъэхэу зэрахьэхэрэр зыфэдэхэр нэчанкIэ къычIегъэщых, IупкIэу къыщеIуатэх. Баимрэ тхьамыкIэмрэ азыфагу илъ зэфэмыдэныгъэр къыздикIырэр къегъэлъагъо.

БлэкIыгъэ лIэшIэгъум ия 50-рэ илъэсхэм Инджылызым имызакъоу Западнэ Европэм икъэрал зэфэшъхьафхэми критическэ реализмэм ибэлэрэгъыныгъэ къазщежьэ лъэхъаными Диккенс итворчествэ джа зытетым тетэу къэнэ, критическэ реализмэм ифэшъыпкъэныгъэ щыIакIэм теубытагъэ хэлъэу пхырещы, щысэтехыпIэу бэми ар афэхъу. Ежь ыпэкIи лъэкIуатэ. Шъыпкъэныгъэшхо зыхэлъ тхылъхэу «Унэ чъыI», «Лъэхъэнэ хьылъэхэр» зыфиIохэрэр къыдегъэкIых. Англием ирабочэ класс ышъхьэ къыIэтэу гъэпщылIакIохэм бэнэныгъэ зэраришIылIэрэр мы тхылъхэм къащегъэлъагъо. Анахьэу ар къызщитхырэр «Лъэхъэнэ хьылъэхэр» зыфиIорэ тхылъыр ары.

Инджылызым иписатель анахь цIэрыIоу Чарльз Диккенс егъашIэм дунэе прогрессивнэ литературэм щыщ шъыпкъэ хъугъэ. Ащ итхылъхэр джы къызнэсыгъэм ашIогъэшIэгъонэу дунаим щызэлъаджы, ахэмэ цIыфхэр нахьышIум фапIух, буржуазнэ обществэм изэфэнчъагъэ къафаIуатэ. Диккенс итхылъхэр къэралыгъо пстэумэ ащызэрадзэкIых. Ащ итворчествэ Урысыем нэIуасэ зызщыфашIыгъэр бэшIагъэ, адрэ хэгъэгумэ афэмыдэу писателыр лъэшэу мыщ щашIэщтыгъэ. «Пиквикскэ клубым къыкIэныжьыгъэ тхы-

гъэхэр» зыфиIорэ тхылъым Диккенс щытхъушхо къыфехьы, джащ щегъэжьагъэу ащ итхылъхэр Урысыем щызэрадзэкIы. Урыс критикхэу Белинскэм, Чернышевскэм, Писаревым, писательшхоу Салтыков-Щедрин Чарльз Диккенс ытхыгъэ тхылъхэм осэшхо афашIыщтыгъ, щытхъушхо фаIуагъ. Ахэмэ ягухэлъ-гупшысэхэри ежь писательшхом игупшысэхэри а зым екIужьыщтыгъэх – щыIакIэу зыхэтхэм еплъыкIэу фыряIэр зэтефэщтыгъэ, ащ хэкIыпIэ фэхъущтыми лъыхъущтыгъэх.

Анахь мэхьанэшхо зыщыратэу, Диккенс зыщалъытэу, зыщагъэлъапIэрэр социалистическэ хэгъэгухэр ары. Тэ тихэгъэгу писателым ытхыгъэр зэкIэ зэхэубытагъэу том 30 хъоу къыщыдагъэкIы. Унэгъуабэмэ ащ итхылъхэр арыолъагъо. Арэущтэу зыкIыфыщытхэр зыщыпсэугъэ лъэхъаныр шъыпкъэныгъэшхо хэлъэу къыгъэлъэгъуагъэшъ, цIыфым инасып пае тхагъэшъ, буржуазнэ обществэм утынышхо рихыгъэшъ ары. ЦIыфлъэпкъым насыпышIо-щыIэкIэ шIагъо ыгъэпсынымкIэ зэрихьэрэ бэнэныгъэр ыпэкIэ лъыгъэкIотэгъэным шIошъхъуныгъэ зэрэфыуигъэшIыщтым цIыф жъугъэхэр итхылъхэмкIэ фепIу. ЗикIуачIэкIэ мыпсэурэ байхэм бэнэныгъэ арыуигъэшIылIэным укъыфаIэты, шъыпкъэныгъэр пцIым зэрэтекIощтыр нафэ къыпфашIы.

*1962-рэ илъэс*

## МэкъакI

Тхьаркъохъо Мэджыдэ тхэн зыригъэжьагъэр бэшIагъэ, ау апэрэ тхылъыр къыздигъэкIыгъэр мы илъэсыр ары ныIэп. Ащ хэкум илэжьакIохэм шIу алъэгъугъэ орэд заулэхэми ахэлъ гущыIэхэри ытхыгъэх, джащ фэдэуи урыс, нэмыкI цIыф лъэпкъхэми яорэд анахьышIумэ ащыщхэри зэридзэкIыгъэх, къыдэкIыгъэ тхылъхэми къадигъэхьагъэх. Ар ишъыпкъэу тилитературэ хэлажьэрэмэ зыкIэ ащыщ, ежь фэукIочIырэ IахьышIур хишIыхьаныр имурад.



Мы зигугъу къэтшIырэ тхылъэу «Ленинным тырикIал» зыфиIорэр кIэлэцIыкIумэ апае тхыгъэ.

Тхылъэу Тхьаркъохъо Мэджыдэ къыдигъэкIыгъэм нэIуасэ зызфэтшIыкIэ, анахьэу узщыгъуазэрэр кIэлэцIыкIумэ апае тхэн зэрилъэкIыщтыр ары. Ар къэзыушыхьатырэ усэ заулэхэр тхылъым дэтых. ГущыIэм пае, «Октябрятмэ яорэд» зыфиIорэ орэдым щыщ сатырхэм тяплъын:

Елъэклон,  
ТэкIо тэ,  
Быракъ плъыжьыр зыдэтIыгъ.  
ЕлъэкIон,  
Октябрят,  
ОрэдыкIэр тэ къэтэIо.  
Зы, тIу!  
ТэкIо тэ.  
Зы, тIу  
Октябрят,  
Зы, тIу,  
Тэ къэтэIо  
Жъынчэу тиорэд.

Орэд мэкъамэм илъэу мы усэр тхыгъэ, джары тикIэлэцIыкIумэ яорэд кIасэ ар зыкIэхъугъэр, еджэкIо цIыкIухэми шIу зыкIалъэгъурэр. Джащ фэдэх «Пщынэ цIыкIу», «Тэ пхъэшIакIэ зэтегъашIэ», «Насып», нэмыкI усэхэри.

Тхьаркъохъо Мэджыдэ иусэхэм уихэгъэгу шIу плъэгъун зэрэфаер, Iофшlэным насып зэрэхэбгъуатэрэр, шъэогъугъэр зыфэдэр, еджэным гъэсэныгъэр зэрэхэпхырэр къыраIотыкIых. ГущыIэм пае, «Насып» зыфиIорэ усэм «насыпыр сыда, тыди къыипхыщта?..» аIуи, кIэлэегъаджэм еджакIохэр зеупчIым, мыщ фэдэ къариIожьыгъ: «Iофым уфаблэу, бланэу зыбгъасэмэ, насып уиIэщтышъ, шъо зэхэшъушыкI, щыIэкIэ дахэр, цIыфэу узхэтхэр ренэу бгъэлъапIэу, тхылъыр ныбджэгъоу гъусэ зыфэпшIымэ, насып бгъотыщт, дэгъоу о уеджэу, игъом уджэгоу, уянэр шIу дэдэ плъэгъоу, Iэдэби пхэлъмэ, насып уиIэщт». Джащ фэдэ гущыIэ щэрыохэмкIэ усэр зэгъэкIугъэу тхыгъэ, уегъэгупшысэ, гурыIогъошIоуи зэхэлъ.

КӀэлэцӀыкӀум идунэееплъыкӀэ, игъэпсыкӀэ-шӀыкӀэхэр Тхьаркъохъо Мэджыдэ ешӀэ. Джары ыпшъэкӀэ зигугъу къэтшӀыгъэ усэхэм афэдэхэр ытхын зыкӀилъэкӀырэр. Джыри зэ хэгъэунэфыкӀыгъэн фаер поэтым темэу къыӀэтхэрэр зэрэзэфэшъхьафхэр ары. Ӏофыгъуабэмэ анэсы, ягугъу къешӀы, ежь еплъыкӀэ нэмыкӀ афыриӀэу усэхэр егъэпсых.

Апэрэ тхылъыр къызыдэкӀыкӀэ, ар зытхыгъэм кӀэу, ежь иешъыпкъэу литературэм къыхихьэрэм тхылъеджэмэ анахьэу анаӀэ атырадзэмэ ашӀоигъоу еджэх. АнахьыбэмкӀэ апэрэ тхылъым тхэрэм талантэу иӀэр зыфэдэр къыщэлъагъо, ищыкӀагъэхэри къыщэнафэх. Арэу зыхъурэм Тхьаркъохъо Мэджыдэ мы тхылъым икъоу зыкъыщигъэлъэгъон ылъэкӀыгъа пӀоу узыупчӀэкӀэ, джэуапыр етыжьыгъуае къыпфэхъу. Сыда зыпӀокӀэ тхылъым дэт усэмэ ащыщэу ӀупкӀэу, ежь ымакъэкӀэ, игупшысэкӀэ, ыгу ихъуухьэхэрэр зыми хэмыкӀуакӀэу тхыгъэ хъугъэр бэпышъ ары.

Усэхэм анахьыбэхэр ныкъотхы фэдэу къыпшӀошӀых. Гущыӏэм пае, «НекӀох мэркӀохьэ» зыфиӀорэ усэр сатыр пшӀыкӀутӀу нахь хъурэп. КӀэлэцӀыкӀухэр мэркӀохьэ макӀохэшъ, ятэ-янэхэм ар къафахьы. Мырэущтэу усэр еухыжьы:

Тянэ-тятэхэм маркӀом иӀашӀур<br>Тэ рытхьэкӀэнхэу бэу къафэтхьын.<br>Непэрэ мафэми федэ дгъэхъагъэу<br>Пчыхьэ рэхьатым тыпэгъокӀын.

МэркӀохьэ зэрэщыӀагъэхэм пае «непэрэ мафэми федэ агъэхъагъэу пчыхьэ рэхьатым пэгъокӀынхэу» ары мы усэм кӀэухэуи гупшысэуи хэлъыр. ЕтӀани «федэ дгъэхъагъэ» зыфиӀорэ гущыӀэр ичӀыпӀэ итэп, кӀэлэцӀыкӀухэри ащ фэдэу мыгущыӀэнхэу къысшӀошӀы. Мы усэ дэдэм иятӀонэрэ сатыриплӀ фэдэу дахэу, образнагъэ хэлъэу адыритӀури гъэпсыгъэу, гупшысэ Ӏуш хэлъыгъэмэ, усэр нахьышӀу хъущтыгъэ. Джащ фэдэхэр арых усэхэм ныкъотхэу уязгъэплъырэр.

А зы мэхьанэр къыкӀаӀотыкӀыжьэу усэхэр дэтых. «Чъыгым тет унэр», «Пчэндэхъум орэд къеӀо», «Пчэдыжь» зыфиӀорэ усэхэр ямэхьанэкӀэ зэпэблагъэх, зэтефэх – бзыу, пчэндэхъумэ яхьылӀагъ. Мищым язэу зыр къыдагъэхьани, тӀур дахын фэягъэ.



Тхылъым дэт усэхэр зэкӀэ ежь кӀэлэцӀыкӀумэ ацӀэкӀэ, ахэмэ къаӀуатэрэм фэдэу тхыгъэх. Арэущтэу щытми, иягъэ къэкӀонэп, ау ежь авторым иӀо хэлъэу, игупшысэ къыриӀотыкӀэу, идунэееплъыкӀэ фигъасэхэу, фипӀухэу усэхэри дэтыгъэхэмэ, тхылъыр къагъэкӀэракӀэщтыгъэ. Армырмэ кӀэлэцӀыкӀумэ якъэӀотэн урегъэзэщы. ЕтӀани дэи къэзышӀырэр, а зы мэкъамэм итэу нахьыбэр зэрэтхыгъэр ары. Теплъэ-плъышъом ылъэныкъокӀэ кӀагъэу ахэлъыр макӀэ. ГурыӀогъошӀоу тхыгъэ къодыер арэп Ӏофыр зэлъытыгъэр, укъызтегущыӀэрэм екӀоу формэри къыдебгъэкӀумэ, птхырэр нахьышӀу зэрэхъущтыр нафэ.

Мы тхылъыр къыдэзгъэкӀыгъэ Адыгэ тхылъ тедзапӀэм щыкӀагъэу фэплъэгъун фаер ащ къыдахьэрэ усэхэр кӀэлэцӀыкӀумэ апае зэрэтхыгъэхэр зызэрэщигъэгъупшагъэр ары. Усэхэу дэтхэм якӀоу сурэт щэрыо цӀыкӀухэр акӀыгъуажьыгъэмэ, тхылъыр нахь ӀупкӀэ, нахь дахэ къашӀыщтыгъэ, зы теплъэ гори иӀэу хъущтыгъэ. ЕтӀани экземпляр 400 нахь мыхъурэ тхылъым усэхэр зэкӀэдзагъэхэу, тхьапэ зырызхэм атемытхэу къызэрэдагъэкӀыгъэр дэхаӀо хъугъэп.

Тхьаркъохъо Мэджыдэ итхылъэу «Лениным тырикӀал» зыфиӀорэр тикӀэлэцӀыкӀу литературэкӀэ зы тхылъыкӀ, зы мэкъакӀэу ар къыхахьэ. Арэу зыхъурэм, ащ ымакъэ ренэу чанынэу, нэмыкӀхэм ахэмыкӀокӀэнэу, ежь хищырэ лъэгъо шъхьафым тет зэпытынэу тыщэгугъы. Ар тэзгъэӀорэр мы тхылъым къыдэхьэгъэ анахь усэ дэгъухэр ары.

*1962-рэ илъэс*

## Тын лъапӀ

Мэфэ заулэ нахь мышӀэми ащ ыныбжьыр цӀыф жъугъэмэ зэлъашӀэ. Ар мыгъэрэ гъэтхэ май мазэм итын лъапӀэмэ зыкӀэ ащыщ. Москва иурам дахэхэм ащыщэу Марксрэ Энгельсрэ ацӀэкӀэ щытым тет унэшхом цӀыфыбэ дахьэу къыдэкӀыжьэу олъэгъу. Ахэр къэлэдэсхэм, мафэ къэс тикъэлэ шъхьаӀэ хьакӀэу нэмыкӀ къалэхэм, чылэхэм, къэрал

зэфэшъхьафхэм къарыкӀыхэу къакӀохэрэм ащыщых. Мыжъо фыжь дахэм хэшӀыкӀыгъэ дэкӀояпӀэмэ унэм уращэ. А унэшхор научнэ коммунизмэм лъапсэ фэзышӀыгъэхэ Карл Марксрэ Фридрих Энгельсрэ я Музей. Карл Маркс къызыхъугъэ мафэр илъэси 144-рэ зыщыхъурэ мафэу маим и 7-м ехъулӀэу ар къызэӀуахыгъ.

Апэрэ коммунист шъхьаӀэхэу Карл Марксрэ Фридрих Энгельсрэ дунаимкӀэ яапэрэ Музееу Москва къыщызэӀуахыгъэр унибгъоу зэхэт. Мы унэхэм ащыплъэгъурэр зэкӀэ агъэхьазырынэу зырагъэжьагъэр бэшӀагъэ. В. И. Лениным иунашъокӀэ Карл Марксрэ Фридрих Энгельсрэ атхыгъэ тхылъхэр, ахэмэ ящыӀэныгъэ, ящыӀэкӀэ-псэукӀэ яхьылӀагъэхэр къаугъоигъэх, архив зэфэшъхьафхэу къэралыгъуабэмэ ащыӀэхэм къахахыжьыгъэх. Джыдэдэм Марксрэ Ленинрэ я Институт иархив ахэмэ яхьылӀагъэу документ минихым къехъу чӀэлъ.

Къэрал пстэуми ащыпсэурэ коммунистхэм къаугъоигъэ ахъщэмкӀэ арагъэшӀыгъэ саугъэтэу Лондон и Хайгейтскэ къэхалъэм Карл Маркс икъэу дэлъым тырагъэуцуагъэм итеплъэ апэрэ унэм узыщихьащтым ущыӀокӀэ. Мыщ Марксрэ Энгельсрэ якӀэлэцӀыкӀугъо нэӀуасэ уащыфэхъу. Ахэмэ ясурэт зэфэшъхьафхэр щыолъэгъух. Къызэрыхъухьэгъэ ыкӀи ясабыигъо илъэсхэр зыщыкӀуагъэ унэхэу къалэхэу Трирэ Барминрэ адэтхэм ямакетхэр мы унэм итых. Ащ фэшъхьафэу еджапӀэхэм зыщеджэхэ лъэхъаныр къэзгъэлъэгъорэ витринхэми, ахэр заджэщтыгъэ тхылъхэми уащыфэнэӀуасэ.

1845-рэ илъэс. «Святое семейство» зыфиӀорэ тхылъэу Карл Марксрэ Фридрих Энгельсрэ зэдатхыгъэр мы илъэсыр ары къызыхаутыгъэр. Ащ щегъэжьагъэу егъэшӀэрэ зэкъошныгъэ-ныбджэгъуныгъэ пытэр мы нэбгыритӀум къыщызэдахыы. ГъэпщылӀакӀохэм арашӀылӀэрэ бэнэныгъэм ахэмэ яныбджэгъуныгъэ щэпытэ, щэпсыхьэ. Мы унэм экспозицие зэмылӀэужыгъуабэхэр къыщагъэлъагъо. Марксрэ Энгельсрэ коммунистхэм я Союз зэхэщэгъэнымкӀэ Ӏофыгъохэу зэрахьагъэхэм нэӀуасэ уащыфэхъу. Пшъэхъур зэпызыутырэ рабочхэм ябарельефэу гъучӀым хэшӀыкӀыгъэм узеплъыкӀэ, Карл Марксрэ Фридрих Энгельсрэ зипэщэ рабочэ классым бэнэныгъэу а лъэхъаным ышӀыщтыгъэхэр унэгу къыкӀегъэтаджэх. ЧырэкӀо цӀыфым кӀуачӀэу хэлъыр зэрэгъунэнчъэр къегъэлъагъо, шъхьафитныгъэм пае бэнэныгъэу ышӀыгъэр сыдырэ къиныгъомэ апэшӀуекӀозэ, къызэрэдихыщтым уицыхьэ тырегъэлъы, ар агъэпщылӀырэ цӀыф жъугъэу зишъхьафитныгъэ кӀэдэурэм пэщэ пытэ зэрэфэхъущтым урегъэгупшысы. Ащ пэмычыжьэу апч чӀэгъмэ ачӀэлъ тхылъыпӀэхэу лъэхъэнэ блэкӀыгъэм гъожьышэ ышӀыгъэхэм ашӀогъэшӀэгъонэу цӀыфыбэ яплъы. А тхылъыпӀэ тхьапэхэр «Коммунистическэ партием и Манифест» иапэрэ Ӏэпэрытхых. Карл Маркс ипшъашъэу Элеонора Г. В. Плехановым къыритыгъэ тхылъыри мычыжьэу щылъ. «Манифестым» щыщ тхьапэу урыс цӀыф гъэсагъэу Кибальчич иунэ къызалъыхъум къырахыгъэри къыщагъэлъагъо. Мы унэ дэдэм нэмыц, француз, венгр ыкӀи чех быракъхэр иолъагъох. «Новая Рейнская газета» зыфиӀоу Карл Маркс къыдигъэкӀыщтыгъэми иапэрэ нэкӀубгъуи чӀэлъ.

Тхылъ нэмыкӀ мы унэм иплъагъорэп. ДэпкъиплӀыри тхылъкӀэ къэгъэтӀылъыхьагъ. Мыр «Капитал» зыфаӀорэ тхылъ цӀэрыӀом иун. Тхылъыр Карл Маркс ытхынэу зыщыригъэжьагъэмрэ зыщиухыгъэмрэ къарыкӀуагъэм нэрылъэгъу уащыфэхъу. Бзэ зэфэшъхьафыбэкӀэ а тхылъхэм акӀышъохэм гущыӀэу «Капиталыр» атетхагъ. 1867-рэ илъэсым къалэу Гамбург къыщыдэкӀыгъэ «Капиталым» изы тхылъхэм ащыщ гори мыщ чӀэлъ. Ащ нэмыкӀэу зызэрадзэкӀым къыдэкӀыгъэ тхылъри мыщ чӀэолъагъо. Адырэ унэми Карл Марксрэ Фридрих Энгельсрэ атхыгъэ тхылъхэу бзэ зэфэшъхьафыбэкӀэ къыдэкӀыгъэхэми уащыӀокӀэ. Совет хабзэр тихэгъэгу зыщагъэуцугъэ уахътэм щегъэжьагъэу гъэрекӀо нэс Марксрэ Энгельсрэ ятхылъхэр экземпляр миллион 75-м ехъу къыщыдэкӀыгъ. Ащ джыри зэу къыушыхьатырэр Марксрэ Энгельсрэ яӀофышӀэгъэшхохэр тищыӀакӀэ щыщ зэрэхъугъэр ары. Коммунизмэ щыӀакӀэр дгъэпсынымкӀэ, ащкӀэ пэрыохъу къытфэхъурэ пстэуми бэнэныгъэ ятшӀылӀэнымкӀэ ахэр ӀэпыӀэгъушӀух. А ӀофшӀэгъэшхохэр зишъхьафит фэбэнэрэ цӀыфхэм Ӏэшэ пхъашэу аӀэкӀэлъых.

Музеим нэӀуасэ зыфэпшӀы къэси чырэкӀо-лэжьэкӀо пстэуми япащэхэу Карл Марксрэ Фридрих Энгельсрэ тетыгъор зыӀыгъ гъэпщылӀакӀохэм псэемыблэжь банэр

закIырашIылIагъэр нахь къыбгурэIо. Ар зэрэIоф къиным щыгъуазэ уфэхъу.

1871-рэ илъэс. Париж ипролетариат зыкъиIэтыгъ. Хабзэр рабочэхэм аштагъ. Парижскэ Коммунэм фэгъэхьыгъэ тхылъхэу Карл Марксрэ Фридрих Энгельсрэ атхыгъэхэр Музеим къыщагъэлъагъох. Мары Карл Маркс ытхыгъэ тхылъэу «Гражданская война во Франции» зыфиIорэр Э. Эпикко ытхыгъэ сурэтышхоу «Расстрел коммунаров на кладбище Пер-Лашеза» зыфиIорэм дэпкъыр зэлъеубыты. Ащ уеплъы зыхъукIэ, игъонэмысэу аукIыгъэ коммунар жъугъэр уапашъхьэ къырегъэуцо, ар зэрэтхьамыкIэгъошхуагъэм угу егъэузы, гъэпщылIэкIо купхэу джыри а коммунархэм афэдэ рабочхэм алъ изышъухэрэм пый шъыхьахьы уафешIы.

Карл Марксрэ Фридрих Энгельсрэ Урысыем фэгъэхьыгъэу атхыгъэхэм, къаIуагъэхэм Музеим чIыпIэ ин щаубыты. Марксрэ Энгельсрэ рабочэ ыкIи мэкъумэщышIэ Урысыер шIу алъэгъущтыгъэ. Ащ итарихъ, икультурэ, иэкономикэ зэрагъашIэщтыгъэ. Ащ пае тхылъ Iаджи ахэмэ аджыгъ, ауплъэкIугъ. Фридрих Энгельс урысыбзэр зэригъашIэщтыгъэ. Карл Маркс урысыбзэм мэхьанэшхо ритыщтыгъэ. Урыс тхылъхэу зэджэн фаехэр иблокнот дитхэщтыгъэх.

ЦIыф жъугъэу Музеим къычIахьэрэ пстэури научнэ коммунизмэм лъапсэ фэзышIыгъэхэ Карл Марксрэ Фридрих Энгельсрэ ящыгъынхэм, яунэгъо мылъкухэм ащыщхэм ашIогъэшIэгъонэу яплъых. Маркс иныбджэгъоу ыкIи ишъузэу Женни исурэт дэпкъым пылъагъ. «Капиталыр» ытхы зэхъум зытесыгъэ креслэри щыт. Зэрышхэщтыгъэ хьакъушыкъухэри шкафым дэтых. Щыгъынхэм ащыщхэри нэмыкI пкъыгъохэу Музеим къыщагъэлъагъохэрэм ащыщхэри Карл Маркс иIахьылхэм тихэгъэгу тын лъапIэу къыратыгъэх.

Мыхэмэ анэмыкIэу Карл Марксрэ Фридрих Энгельсрэ ясурэт зэмылIэужыгъохэу охътэ зэфэшъхьафхэм атырахыгъагъэмэ ащыщхэри Музеим чIэлъых. Ащ анахьыбэхэр цIыфхэу мыщ къычIахьэхэрэм апэрэу къарагъэлъэгъух. Дунэе рабочэ пролетариатым ипащэщтыгъэ цIыфышхуитIум гъэпщылIакIомэ бэнэныгъэу арашIылIэщтыгъэм а сурэтхэм джыри зэу уащагъэгъуазэ. ЯкIэлэцIыкIугъо зэрэкIуагъэр уапашъхьэ къырагъэуцо.

Тэ тихэгъэгу цIыф зэфэшъхьафыбэмэ зэкъошныгъэ пытэ зыщызэдыряIэр ары Карл Марксрэ Фридрих Энгельсрэ ягухэлъ-гупшысэхэр апэрэу щыIакIэм зыщыпхыращыгъэр, цIыф къызэрыкIо пстэуми ахэмэ яидее зэрарищэлIагъэр, насыпышIо щыIэкIэ дахэр къафэзыхьыщтыр, зэфэдэныгъэр азыфагу изгъэлъыщтыр къызщынэфагъэр. Тэ тихэгъэгушхоу джыдэдэм хэтрэ цIыф къызэрыкIоу шъхьафитныгъэм фэбанэрэмэ гъуазэ язытэу щытыр ары В. И. Лениныр япащэу Карл Марксрэ Фридрих Энгельсрэ ягупшысэ шIагъохэр тыдэрэ къуапи зыщыщалъэгъурэ быракъышхоу зыщаIэтыгъэр. Зишъхьафитныгъэ кIэдэурэ цIыф пстэури ащ джы чIэуцо, ар егъашIи мыуцэкужьын Iашэу зыдештэ.

*1962-рэ илъэс*

## Тапэкlэ тэкlо, ткlуачlи зеlэты

Сятэ, сятэжъ, сятэм ятэжъ фэдэу, тхакIи еджакIи ымышIэу, тхьамыкIэ дэдэу лIагъэ. Ынапэ зыфэдагъэри, икIуакIи, ищхыкIи, игущыIакIи къэсшIэжьырэп. Ащыгъум сыныбжьыгъэр илъэситIурэ нықъорэ ныIэп. Сятэ ишъэогъуштыгъэхэу тичылэ колхозыр щызэхэщэгъэнымкIэ, зыпкъ игъэуцогъэнымкIэ, зыкъегъэIэтыгъэнымкIэ зиIахьышIу хэзышIыхьагъэхэу непэ лIыжъ мафэу дэсхэм лIэ зэхъум зыгъэгумэкIыщтыгъэр къаIожьэу зэхэсхыгъэ. Ахэмэ къызэраIотэжьырэмкIэ, ар анахьэу зыфэгумэкIыщтыгъэр тэры — сабыитф ибэу къыгъанэхэрэр арыгъэ. Ибэу тыкъызынэрэм, тянэ тыфэмыпIушъунэу, ежь зэхыжьырэ дунаим тытекIодэнэу къышIошIыщтыгъэ.

Дунэежъымрэ дунэякIэмрэ зыщызэIуупIэхи, дунэякIэр зытекIуи, ащ ишыпэ мафэ зыдигъэзэщтыр тэрэз дэдэу къагурымыIоу а лъэхъаным лIагъэхэм непэ сыкъызэхахыгъэмэ дэгъугъэ! Ау непэ псаухэу, тищыIэкIэ-псэукIэ дахэ

зинэрылъэгъухэм, ар зыIэшъхьитIукIэ зыгъэпсыгъэмэ, ахэмэ ясабыйхэу къакIэтаджэрэмэ хэти щыIакIэу къыкIугъэр зыфэдэр арэшI. Ащ джыри тэ гъогоу къэткIугъэм уригъэгупшысэщт. Уасэ зыфэпшIын фаем уасэ фыуигъэшIыщт. Зидахэ ренэу пIонэу зищыкIагъэм идахэ уигъэIощт. Арэу зыхъурэм сшынахьыжъхэу зятэ зимыIэжьхэу а лъэхъаным къэтэджыгъэхэм, сэри сызэрахэтэу, ягугъу къэсшIыщт, ягъогупэ сыкъытегущыIэщт.

Тэ, зэшиплI тыхъоу, тянэ закъом щэхъу Iахьыл шIагъо тимыIэжьэу тыкъэнэгъагъэми, ибэ тхьамыкIэу дунаим тыкъытенагъэп, тытекIодагъэп. Совет хабзэр къытшъхьащыуцуагъ, зэхатшIэу шъэбэ-шъабэу тшъхьашъо Iэ къыщифагъ, ащ гъогушхо тытырищагъ, типIугъ, тилэжьыгъ. ЕджэпIэ нэфэу тичылэ къыдигъэуцуагъэм апэрэ хьарыфыр щытигъэшIагъ. Тхылъ гъэшIэгъоныбэмэ тыбзэкIэ нэIуасэ тафишIыгъ. Тэ тфэдэкъабзэу тяни апэрэу ылъэкъуацIэ кIидзэжьын ылъэкIынэу, колхоз чэмыщхэу иIофшIэгъухэм яхьылIагъэу гъэзетым къызихьэрэм къеджэшъунэу тхакIи еджакIи рагъэшIагъ. Хэти инэрылъэгъоу зыпкъ итэу хэгъэгур къэтэджыщтыгъэ. Тэри адрэ кIэлэцIыкIу пстэуми тафэдэу, ащ тыкъыдэтэджыщтыгъэ, цIыкIу-цIыкIоу зыпкъ тиуцощтыгъэ. Шъуигъогупэ къыхэшъух заIоми, ари къыхэтхыгъ. Хэти зэрэшIошIэу, ыгу зэрэлъэшэу тищыIакIэ чIыпIэ щыхихыгъ, щигъотыгъ – кIэлэегъадж, комбайнер, былымахъу, тхакIо. Джары зэгорэм тятэ зыфэгумэкIыщтыгъэ зэшиплI цIыкIумэ янасып зыфэдэр.

Совет хабзэр армырыгъэмэ, сыда тэ, писательхэу сэри сызщыщхэми, ахэр къызхэкIыгъэ адыгэ народыми ящыIэкIэщтыгъэр? Адыгэ хэкум имызакъоу хэгъэгум, хэгъэгум имызакъоу IэкIыб къэралыбэмэ КIэрэщэ Тембот ащашIэ. Ар культурэ ин зыхэлъ цIыф гъэсагъ, еджэгъэшху, художник, Къэралыгъо премием илауреат, шъхьэкIэфэныгъэрэ лъытэныгъэрэ зыфашIырэ цIыф. КъызхэкIыгъэ адыгэ цIыфхэм къакIугъэ гъогур шъыпкъэныгъэ хэлъэу тхылъыбэхэмкIэ къегъэлъагъо. Адэ Совет хабзэр армырыгъэмэ, шапсыгъэ къоджэ цIыкIум къыдэхъухьэгъэ Жэнэ Къырымызэ хэкум имызакъоу ытхыгъэ усэхэр ермэлыбзэкIэ Арменьем исэнэшъхьэшIхэм, ибгырысхэм, казахыбзэкIэ – казах шъофрысхэм, шIомыкIчIэххэм ашIэныя! Адыгэмэ ныбжьи поэт, писатель шIагъохэр, орэдыIо цIэрыIохэр, ученэхэр, артистхэр, художникхэр, журналистхэр, кIэлэегъаджэхэр, инженерхэр, врачхэр яIэныгъэхэп.

Адыгэ культурэм къыкIугъэ гъогум, илитературэрэ иискусствэрэ узягупшысэкIэ, Адэмые пшъэшъищымэ якъэбар гум къэкIы. Ар зыхъугъэр Адыгэ автономиер зыщызэхащэгъэ илъэсхэр ары. Адэмые хъугъэ-шIэгъэ гумэкIыгъо къыдэхъухьагъ: пшъэшъищ щыкIодыгъ. Ахэр, пшъэшъищыр, мэшIоку гъогум тетхэу кIохэзэ, зылъэгъугъэхэри чылэм къыдэкIыгъ. ЛIы горэ алъырагъэжьэнэу заIом, пшъэшъищым язы горэм ышынахьыжъ къарыIуагъ:

– Ауж шъуикI… Ахэр кIэлэегъаджэ хъухэмэ ашIоигъу. Къалэм ащ фэдэ курсхэр къыщызэIуахыгъэх, адыгэ пшъашъэхэри чIагъахьэх, ерэджэх.

Адэмые пшъэшъищым ягъогупэ шъуIуа, хэкум иныбжьыкIэ жъугъэмэ афэдэу, а чылэ цIыкIум икIалэ, ипшъэшъабэмэ гъэсэныгъэ IофымкIэ хахыгъэр. Джы непэ а адыгэ чылэм узеплъыкIэ, къыдэкIыгъэ гъэсагъэмэ узягупшысэкIэ, уагъэгушIо. Адэмые дэс цIыфхэр хэкум иколхоз дэгъумэ анахь дэгъужьэу «Родина» зыфиIорэм щыщых. Мы колхозым адыгэхэри, урысхэри, украинцэхэри, нэгъойхэри, ермэлхэри зы ны къылъфыгъэхэм фэдэу щызэдэпсэух, щызэдэлажьэх. Мы колхозым специалист дэгъубэхэр иIэх. Школым кIэлэегъаджэу чIэтхэр зэкIэ колхозникхэм акъох, апхъух. Джащ фэдэу врачхэри нэмыкI сэнэхьат зиIэу дэсхэри бэ. Мы адыгэ чылэ цIыкIум щыщ цIыф гъэсагъэхэу философ шIэныгъэхэмкIэ кандидатэу ЯкIэкъо Александрэ, педагогикэ шIэныгъэхэмкIэ кандидатхэу Даур Хьазрэт, Тамбый Джантыгъэ, медицинэ шIэныгъэхэмкIэ кандидатэу Гъомылэшх Тулэ, РСФСР-м изаслуженнэ кIэлэегъаджэхэу ХьатIэнэ Айщэт, ЛIышэ Алый, Набэкъо Нинэ, нэмыкIхэми хэкур арэгушхо.

Хэкум ицIыф чанмэ яIофшIакIэ осэшхо зэриIэр щысабэкIэ къэбгъэлъэгъон плъэкIыщт. КПСС-м и ЦК и Апэрэ секретарэу, СССР-м и Министрэхэм я Совет и Тхьаматэу товарищ Н. С. Хрущевым фэдз колхозэу Лениным ыцIэкIэ

щытым иІофышІэхэм щытхъоу къариІолІагъэр зэкІэми зэлъашІэ. Ар Фэдз иІофышІэхэм язакъоу афэгъэхьыгъэп. Ар колхоз тхьамэтэ цІэрыІоу СССР-м и Верховнэ Совет идепутатэу Беданыкъо Аскэрбый, натрыфлэжь дэгъухэу Хьамыкъо Мусэ, Болэкъо Рае язакъоу афэгъэхьыгъэп. Хэкум илэжьэкІо шІагъохэу Уайкъокъо Мариет, Янэкъо Исхьакъ, Кущтанэкъо Джамбэч, Валентина Тырлытам, Анна Гончаровам, нэмыкІыбэхэми афэгъэхьыгъ. Хэкум ис цІыф пстэуми – адыги, урыси, нэгъои, ермэли – зэкІэми афэгъэхьыгъ. Адыгэ хэку цІыкІоу, ау хэгъэгум джы щызэлъашІэрэм ар фэгъэхьыгъ.

Джащ фэдэу пцІэ дахэкІэ хагъэунэфыкІэу, хабзэм иапшъэрэ органхэм уицІыф лІыкІохэр ахэлажьэхэу, исыдрэ Іоф къехьыжьагъи – орэцІыкІу, орэины фаеми – уахътэу, ащи уиІахьышІу хэпшІыхьэу, щыІэкІакІэр зыгъэпсырэ лІэкъошхом ухэтыныр сыдым ымыуаса! Ащ нахь насып сыд щыІэна! Джарыба адыгэ цІыфым дунэежъым щызэхилъхьэгъэ пшысэмэ мы щыІакІэу джы тызхэтыр пкІыхьэм фэдэу дахэу зыкІахилъхьэгъагъэр. Джарыщтын, Максим Горькэм зэриІуагъэу, а пшысэхэм узяджэкІэ, адыгэ лъэпкъым ыпкъышъол зэрэузынчъэр къыозыгъашІэщтыгъэр. Зэгорэм адыгэ цІыфыр пшысэкІэ зыкІэхъопсыщтыгъэ щыІакІэу лъыІабэмэ зылъымыІэсыщтыгъэр джы хэти инэрылъэгъу.

Джахэм уягупшысэ зыхъурэм, плъэгъугъэхэр, зэхэпхыгъэхэр гум къызыбгъэкІыжьырэм, узэрэцІыфыр зызыхэпшІэжьырэм, ныбджэгъуби гъунэгъу дэгъуби зыщыуиІэм, ахэмэ яІэ фабэ пІэ къызагъэфабэрэм пфэмыщыІэу бгъэгум мыщ фэдэ псалъэр къыдэкІы: сыдэу дэгъуа тидунай ущыпсэуныр. Дунэе закъор арэп, зэкІэри зы ны къылъфыгъэм зыщыфэдэ хэгъэгушхом ущыпсэуныр, ащ ипчъэ зэфэшъхьафхэр – ІофшІэнми, гъэпсэфынми, шъхьафитныгъэми, гъэсэныгъэми – шъуадэжь узыкІожьырэм шъуипчъэ хъуаоу зэрэззэІухыгъэм фэдэу къыпфызэІухыгъэнхэр ары. ТэркІэ ар ренэу джащ фэд.

*1963-рэ илъэс*



## Щамбул

Илъэсыкlэ уахътэм узкІэдэІукІырэм хэт ылъэмакъа тилІэшІэгъу къышъхьащыІукІырэр? Ар пшысэмэ ахэлъ щыІакІэу зихъишъэ цІыфлъэпкъым къыугупшысыгъэр нафэ зыщытфэхъущтыр зыгъэпсырэ хэгъэгум илъэбэкъу. Зигъупчъэ-уатэ мазэм изыдзагъэм, зилІыгъэ тыгъэм дэзгъэшэсыгъэм, зилІыкІохэр плІэ зэкІэлъыкІоу ошъогу жъогъуабэм хэзытІупщыхьагъэм ар ылъэмакъ. ЦІыф лъэпкъ зэфэшъхьафхэр зэдэзыпІурэ, зэдэзгъэгупшысэрэ тихэгъэгушхоу зишъхьафитныгъэ фэфэхыгъэмэ алъкІэ зибыракъ иІагъэм ар иджэмакъ.

Сыда тыгъуасэ ІэкІыб тшІыгъэ илъэсым шІуагъэу, хэхъоныгъэу къытфихьыгъэр пІоу узыкІэупчІэрэм, апэ гум къихьэрэмэ ащыщ псалъэр – насып. Ар тиилъэсибли зы илъэс гъэбэжъоу тихъишъэ щыщ тшІыгъэ. Непэ тшІэрэ Іофым неущ зедгъэгупсэфылІэжьырэпти, тигъэхъагъэмэ такъыщыуцужьырэпти, ар нэшэнэ дахэ тицІыфмэ афэхъугъэти, гъэрекІуи дэгъоу Іоф тшІагъэ, тпкъышъолкІи тызэлъипсыхьагъ, тигушІуи нахь шъуашІо ышІыгъ. Тичэф макъи нахь къыгъэжъынчыгъ. НэІуаси, благъи, Іахьыл-лыщыщи бэ къытфишІыгъэр. Мамырныгъэр ичІыпІэ ригъэпытыхьагъ, зэокІэгъэстмэ пхъэцэкІэ нықъостэу гын пхъэчаим рахьылІэщтыгъэр ашІуигъэкІосагъ.

МэкъумэщышІэм ианахь илъэс гъэбэжъумэ афэдэу тикъэрал иилъэс блэкІыгъэ гъэбэжъушхуагъ. ИкъокІыпІи, икъохьапІи, итемыри, икъыбли зэфэдэу зэдэкІэракІэ, ичІыкІэ Іэтыгъэмэ лэжьыгъэ дышъэр къызздаты, икъушъхьэ тІуакІэхэр, ичІычІэгъхэр дышъэ пхъуантэшъ, дэІабэмэ зыфаер къыдахы. ИмэзтеупкІхэр нахьыри лъэкІуатэх – ахэмэ ауж псэолъакІэмэ чІым зыщаІэты, лъэмыдж лъагэхэр псыхъохэм ашъхьапырэчъых, пкъэу сатырхэр ичІы щызэблэкІых – нэфынэр чылэмэ къафэкІо, яфэтагын остыгъэхэр кІашъом къырахьыхыжьыхэшъ, гъучІыжъхэр зыугъоирэ еджэкІо цІыкІумэ араты. Жьыбгъэр агъэІасэ. ИмэшІокухэм ячъэ рагъэхъу. Итучанхэшъ, гъомлапхъэкІэ ушъагъэх, щыгъын дахэхэр непэрэ уахътэм декІухэу

атеІэкІагъэх. Тыдэ укІуагъэми, тыдэ зыщыуплъыхьагъэми, цІыфым игушІуагъо орэд тэмабгъо зэрэхъурэм ишыхьат ущыфэхъу. ЩыІэкІэшІум гур къызэриІэтырэм ущегъэгъуазэ. ІофшІэныр нахьыпэм фэдэу хьылъэжьэп. Фэдз къуаджэм итеплъэ къэлэ цІыкІушъо тео. Губгъом узыдэкІырэм лэжьакІохэр ипхъагъэх. Зитрактор къэзгъэуцуи, къехыгъэм зы пшъыгъэ-уцуагъи ынэгу кІэплъагъорэп. Ар зипэщэ механизированнэ звенэм натрыф гектар 300-м Іоф дешІэ, еулъэшъоу. Іэхъомбапэм фэдизэу къыхэкІыгъэ натрыф шхъуантІэм лІыр агъэгушІо,– иІофшІагъэ хьаулые хъугъэп. Джы мы илъэсыкІэу тызхэхьагъэм Хьамыкъо Мусэ извенэ натрыф гектар 600 къыгъэкІынэу имурад. Илъэс заулэкІэ узэкІэІэбэжьмэ, ащ фэдиз натрыф гектар пчъагъэр колхоз зытІущымэ къагъэкІыщтыгъэ ныІэп. Ар мурад дэгъу, мурад шІагъу.

Джары тицІыфмэ яІофшІакІэ. Гур зылъыІэсырэм Іэри лъэІэсы. Егъашіэм адыгэ цІыфэу пІытІыгъэ-фызыгъэу зищыІэныгъэ къэзыхьыгъэм ІофшІэным ащ фэдэ еплъыкІэ фыриІагъэп. ФызэшІокІыщт закъор пшысэти, ар къыугупшысыщтыгъэ, етІанэ унэрыхьэ-унэрыкІэу, чылэдэхьэ-чылэдэкІэу ипшысэ къыкІухьэщтыгъэ. Пчэдыжьым къызыущыжьырэм ихатэ дэлъ лэжьыгъэ тІэкІумрэ ипщ ихьэсэ жъугъэрэ пкІантІэр къызэрикІыхэу Іоф адишІэщтыгъэ. ИгухэкІ гъыбзэкІэ бгъэм къыдиІотыкІыщтыгъэ. Джы Уайкъокъо Мариет ипшъэшъэгъухэр игъусэхэу пчыхьалІыкъое чІыгухэр зэлъагъэкІэракІэх, ичылэ, ихэку ыцІэ чыжьэу агъэІу, Мариет хэгъэгум илІышъхьэ ыІапэ къеубыты, гущыІэгъу къыфэхъу. Адыгэ лІыжъэу Бэгъэдыр Джамболэт ІофшІэнми тхъагъо хегъуатэ, матхэ, иуси къыфыхауты: «Натрыфыр – лэжьыгъэшІу, лІыжъ жъугъэмэ аукъэбзи, бзыум фэдэу агъэбыби, ешІушІапэхэу Іоф дашІагъ...» Мы усэ сатырхэр зытхыгъэ лІыжъым ІофшІэным насып хигъуатэрэп пІон плъэкІына! Джарэу тиуахътэ лІыжъыгури къегъэкІэжьы. Инасыпи зырегъэІэты. ЗыцІэ игугъу шІукІэ пшы зэпытымэ узэмызэщын лэжьэкІуабэхэр тичылэхэм адэсых. Ахэр, нэмыкІ лэжьэкІо чанхэри арых хэгъэгум ихьамбархэм лэжьыгъэ хэшыпыкІыгъэ пуд миллиони 7-м ехъу рязгъэтэкъуагъэхэр, адыгэ цІыфым идахэ хэгъэгум щызэлъязгъэшІагъэр! Тибылымахъохэми тичэтахъохэми яІофшІагъэ ины, дахэ.

Илъэсыжъэу къызэтынэкІыгъэм ихъугъэ-шІагъэхэм уазыхаплъэкІэ тицІыфмэ ялІыхъужъыгъэ, ягъэхъагъэ зыфэдэр хэолъагъо. Типартие ия XXII-рэ съезд щырихъухьэгъэ Программэшхор зэшІохыгъэнымкІэ зэмыблэжьхэу лэжьакІомэ Іоф зэрашІэрэр тыдэрэ чІыпІи къыщэнафэ – тичылэхэр нахь дахэ зэрэхъущтым, тигубгъохэр зэрэдгъэбэгъощтым, хэгъэгур нахь фэшІыгъэ зэрэтшІыщтым хэтрэ цІыфи ыгу къыдеІэу а илъэсым зигъэчаныгъ. Ау тигухэлъ тыпэблагъэ, текІуалІэ зыщыхъурэ лъэхъаным капитализмэм ихэгъэгухэм залІэжьы. Зы миллиардым къехъурэ цІыфхэу социализмэм икъэралхэм ащыпсэухэрэм яІофшІагъэ анэ къыкІэо, пэрыохъу зэрафэхъущтым иамалхэр зэрахьэх. Зэо кІэгъэстхэм ашъхьэ къаІэты. ИкІыгъэ илъэсым ибжыхьэ Карибскэ хым къыщыхъугъэр дунаим щыгъупшэжьыгъэгоп, щыгъупшэжьыщтэп. Социализмэр зыгъэпсырэ Кубэ рашІылІэгъэ банэмкІэ империалистхэм зыкъагъэлъэгъуагъ. Мыщ дэжьми тихэгъэгу заом еплъыкІэу фыриІэр зыфэдэр джыри зэ нафэ къэхъугъ. Тихэгъэгу зэрихьэгъэ Іофыгъомэ яшІуагъэкІэ зэо мэхъаджэр къырагъэжьагъэп. Тикъэралыгъо зэшІуихыгъэ Іофыгъо иныр джы къызнэсыгъэми зэрэдунаеу агъэшІагъо. Ар мамырныгъэ Іофыр гъэпытэгъэнымкІэ тихэгъэгу итекІоныгъэшхомэ ащыщ.

ИлъэсыкІэу тызхэхьагъэм иапэрэ мафэ щегъэжьагъэу бгъу пстэумкІи къызэдиубытэу игъэкІотыгъэу тихэгъэгу ІофшІэным пыхьагъ. Теубытагъэ иІэу мэлъэбакъо, икІо макъэ иджэрпэджэжь илъэсыкІэ къиихьэгъум зэхехы. Мафэрэ лыдэу, чэщырэ шІэтэу, зыкІи мыущэкужьэу – гушІор ынэгоу дунэе жъуагъоу тижъогъо дышъэ хэгъэгум ышъхьагъ. Шъхьэр къэзыІэтэу, бгъэр къэзытІатэрэр ІэкІыб къэралхэм ар афэнэфы, шъхьафит псэукІэр арегъэлъэгъу. Зытх уфагъэм ыІэ фещэи, къуанчэу зекІуагъэм егыи. КъызэкІэмыкІоу ыпэ регъэхъу. Идунэежъы щамбулыр редзышъ, идунэякІэ егъэкІэракІэ.

*1963-рэ илъэс*

## Заом иапэрэ мафэхэр

Илъэс заулэкIэ узэкIэIэбэжьымэ, советскэ писатель цIэрыIоу Константин Симоновым «Псаухэмрэ лIагъэхэмрэ» зыфиIорэ романыр къыдигъэкIыгъ. А тхылъыр тхылъеджэмэ лъэшэу агу зэрэрихьыгъэр къэзыушыхьатырэр пчъагъэрэ тхылъ тедзэпIэ зэфэшъхьафмэ къызэрэдагъэкIыжьыгъэр ары. Джы а тхылъым техыгъэу кинорежиссерэу А. Столперым сценарие ытхи, кинофильмэр ыгъэуцугъ.

Отечественнэ зэошхом иапэрэ мафэхэр арых кинофильмэр къызытегущыIэрэр. Фашист техакIохэу тихэгъэгу зао къезышIылIагъэмэ апэ дэдэу апэуцужьыгъэ зэолIхэр арых серитIу хъурэ художественнэ фильмэр зэхьылIагъэр. Заом фэмыхьазыр, ащ темыгъэпсыхьэгъэ зэолIхэм анэгу къинэу кIэкIыгъэр, лIыхъужъныгъэу зэрахьагъэр, заом иапэрэ мафэхэр, мазэхэр зыфэдагъэхэр къагъэлъагъо. Апэрэ мафэм щегъэжьагъэу тидзэ къызэкIэкIон фаеу зыкIэхъугъэм, ар къызхэкIыгъэм, ащкIэ зиягъэ къэкIуагъэхэм художественнэ фильмэр зыгъэуцугъэмэ уарагъэгупшысэ, шъыпкъэныгъэшхо хэлъэу къагъэлъагъо.

Тидзэ заом зэрэфэмыхьазырыгъэр кинофильмэм иапэрэ кадрэхэм къаушыхьаты. Ар зыщыплъэгъурэр, чIылъэр имыкъоу, ошъогури ары. Нэмыцмэ ясамолет псынкIэхэм тэ тисамолет онтэгъухэр афырикъухэрэп. Зэрэфаеу жьым зыщагъэзэн алъэкIырэп. Цыфхэр зэощтых, пыим ебэныщтых шъхьакIэ, зэрэзэон Iашэ аIэкIэлъэп. Зыми тидзэхэр зэрэфэмыхьазырхэр икъызэкIэкIуакIэкIэ къэошIэ. Хэта ар зилажьэр, сыда ащ фэдэу ар зыкIэхъурэр? Ащ джэуап фильмэм икадрэ зэфэшъхьафмэ къараты, ахэмэ афэдэ мыхъуныгъэхэр къызыхэкIыхэрэр шъыпкъэныгъэшхо хэлъэу нэрылъэгъу къыпфашIы.

Къыраутэхыгъэ советскэ летчик горэ уIагъэу мэзым хэлъ. А летчикым фильмэм зы гущыIэ закъуи къыщиIорэп, ау зэолIым ыгу ихъыкIырэр зэкIэ игупшысэ-гумэкI, итхьамыкIагъо, ищылъыкIэ, икъэплъакIэ къытегъашIэ, къытеIуатэ. Хэта а летчик кIэлакIэр? Дикторым къызэриIуатэрэмкIэ, Козыревыр летчик пхъэшагъ. Ащ Испанием, Халгин-Голл самолет пчъагъэ къыщыриутэхыгъ. БэмышIэу Сталиным ишIэ хэлъэу старшэ лейтенантщтыгъэр генерал-лейтенантэу ашIы. Мы образымкIэ Сталиным икульт личность зыфэдагъэр фильмэр зыгъэуцугъэмэ къыдгурагъаIо. Старшэ лейтенант кIалэм фызэшIомыхыщт Iофхэр ыпшъэ ралъхьэ, игъэсэныгъэкIи иеджагъэкIи заом зэрэфэмыхьазырыр генерал-лейтенантэу КозыревымкIэ къагъэлъагъо. Мыщ нэмыкIэуи къэIогъэн фаер заом ыпэкIэ личностым икульт иягъэкIэ военачальник пчъагъэхэр хьапсым зэрэчIагъэтIысхьагъэхэр арых. Ахэмэ ащыщ комбригэу Серпилиныри. Личностым икульт мыхъунэу зэрихьагъэр зыфэдэр Краснэ Армием икомандиритIукIэ пшIошъ мэхъу. Козыревым темыфапхъэу генерал-лейтенант зыщашIырэ уахътэм комиссар шIагъоу Серпилиныр (артистыр – А. Папанов) агъэтIысы. Джы Серпилиныр хьапсым къычIагъэкIыжьыгъ, лIыхъужъыгъэшхо зэрихьэзэ, нэмыц техакIомэ язао. Ар зэрэцIыф зафэр къызэрэпшIэщтыр изэуакI: «...Танкхэр, танкхэр оIо зэпыты... Тэ ахэр зэхэтэкъутэх ыкIи зэхэткъутэщтых».– Серпилиныр зипэщэ полкыр къызэкIакIорэп, ащ икомиссар мырэущтэу реIо: «...Сэ зыми сыщыщынэрэп, ау сыздэхъугъэр амышIэу сыкIодын сыфитэп...»

Хэгъэгур лъэныкъо пстэухэмкIи заом икъукIэ фэмыхьазырыми, ащ изэолIмэ уицыхьэ зэратебгъэлъыщтым фэгъэхьыгъэу кинофильмэм чIыпIабэмэ уащыIокIэ. Серпилиным идзэ окружением къекIыжьы. ТхьамыкIагъом хафэхи, мэзым хэхьажьыгъэ дзакIохэр гъусэ къыфэхъух. Дзэр мэз лъагъохэмкIэ, орыжъ шъугъэ гъогужъхэмкIэ окружением къырещыжьы. Джы чIыпIэ къиным цIыф зэфэшъхьафхэр щызэIокIэх. «Цыфыр зыфэдэр пшIэным пае гъогу удытехьан, къин дэпщэчын фае» цIыфмэ аIо. Серпилиныр зипэщэ цIыфхэм ушэтыпIэ къинхэр къафыкъокIыгъэх. ДжахэмкIэ ахэр заом зэреплъыхэрэр, ащ фыщтыкIэу фыряIэр, лIыгъэу ахэлъыр зыфэдэр къэтэшIэ. Артиллерист нэбгырэ заулэмэ ятоп закъо километрэ шъипII фэдизкIэ къащэ. Пшъыгъэх, гъаблэм егъалIэх, ау агу кIодырэп. «Топыр мыщ къынэжъугъэсыфэ пыймэ шъуащыщынагъэба?» – Серпилиныр зяупчIыкIэ, къыраIожьы: «...Тыщынэныр тыуджэгъугъэ, джы тэ къытщэрэ-

щынэх!..» Мы гущыӀэ лъэшмэ тиззэолӀмэ яззэрэщыт, ахэмэ уатекӀон зэрэмылъэкӀыщтыр къаушыхьаты. Полкым ибыракъ плъыжь ехьылӀэгъэ кадрэр! Ар гум хэтӀысхьэ, рэхьатэу уеплъын плъэкӀырэп. Быракъыр къэзыухъумэгъэ зэолӀ кӀалэр зэрэгъырэм шъыпкъэныгъэшхо хэлъ. КъызэкӀакӀохэ нахь мышӀэми, танкист пхъашэу Ивановыр итанккӀэ Берлин дэхьащтэу зиӀокӀэ, пшӀошъы егъэхъу.

Серпилиным пыщытэу мы фильмэм джыри зы образ хэт. Ар полковникэу Барановым иобраз ары. Личностым икульт илъэхъанэ военнэ командир зырызхэр зыфэдагъэхэр мыщкӀэ къагъэлъагъо. Серпилинымрэ Барановымрэ зы военнэ академие щызэдеджагъэх. Серпилиныр загъэтӀысым пыубыхьагъэмэ ари ащыщыгъ. Джы тӀури заом щызэӀукӀагъэх, чӀыпӀэ къин зэдифагъэх. Серпилиным иполк окружением къырещыжьы. Барановым ышъхьэ хехьажьы. Серпилиным полкым пэщэныгъэ дызэрехьэ. Барановым идокументхэр къычӀинагъэх. Серпилиным дивизиер ыӀэ къыралъхьэ. Барановым ишофер иджэнэжъ щыгъэу зегъэбылъыжьы. ДжахэмкӀэ а нэбгыритӀумэ яцӀыфыгъэ, анапэ, ядунэееплъыкӀэ зыфэдэр зэхэтэшӀыкӀы.

Заом илъэхъан особэ отдел зыфаӀоу щыӀагъэмэ кинофильмэм чӀыпӀэ гъэнэфагъэ щаубыты. Особэ отделым иӀофшӀакӀэ дэгъоу къызыщылъагъорэр Серпилиным иполк окружением къызекӀыжьым цыхьэ фимышӀэу, Ӏашэу ыгъыр зэрэӀахыгъагъэр, нэмыц танкхэр Ӏэшэнчъэ зэолӀмэ къапэгъокӀыхи зэрэзэхаукӀагъэхэр, военнэ корреспондентэу Синцовым (артистыр К. Лавров) ипартбилет зышӀокӀодым къиныбэу рагъэлъэгъугъэр, ахэмэ анэмыкӀхэри ары.

«Псаухэмрэ лӀагъэхэмрэкӀэ» заом цӀыфыбэ зэхиутыгъэ нахь мышӀэми, кинофильмэм узеплъыкӀэ, псаухэри лӀагъэхэри зыфэдэхэр зэхэугуфыкӀыгъэу унэгу къыкӀэуцох, хэти ицӀыфыгъэ къэошӀэ. Зихэгъэгу къэзыухъумэжьызэ, лӀыгъэшхо зезыхьэзэ, фэхыгъэ зэолӀхэр ӀэкӀыб пфэшӀыхэрэп, пщыгъупшэхэрэп. Ау полковникыщтыгъэу Барановым, журналист цӀыф дэеу Люсиным, офицер кӀэлакӀэу Синцовыр особэ отделым языгъэщэнэу пылъыгъэ Крутиковым афэдэхэм нэмыплъ ямыхын плъэкӀырэп. Ахэмэ ащыщхэр псаухэми, лӀагъэхэкӀэ олъытэх.



Москва дэжь пыир щызэхэзыкъутэрэ зэолӀмэ Серпилиныри, Синцовыри, ахэмэ анэмыкӀ лӀыхъужъхэу зиобраз шӀагъохэр мы фильмэм къыщатыгъэхэри ахэтхэу тэлъэгъух. Нэмыц техакӀохэр зэкӀэкӀох, тидзи ыпэ регъэхъу. ТекӀоныгъэу тихэгъэгу къыдихыщтым ар ылъапс, икъежьапӀ.

Тхылъ зэфэшъхьафыби художественнэ фильмэ зэмылӀэужыгъуаби Отечественнэ зэошхом ехьылӀагъэу атхыгъ ыкӀи къыдагъэкӀыгъ. «Псаухэмрэ лӀагъэхэмрэ» зыфиӀорэ кинофильмэу киностудиеу «Мосфильмэм» къыдигъэкӀыгъэр ахэмэ зыкӀэ ащыщ. Ау мыр заом ехьылӀэгъэ художественнэ фильмэу тиӀэмэ анахь дэгъоу плъытэ хъущт. Ащ заом иапэрэ мафэхэр шъыпкъэныгъэ хэлъэу къегъэлъагъох. Заом иапэрэ мафэхэм охътэ къинэу тихэгъэгу пэкӀэкӀыгъэмэ, ахэр зыпкъ къикӀыгъэмэ нэмыкӀынэкӀэ тарегъэплъы. Джы нэс тымышӀэгъэ Ӏаджми тафигъэнэӀосагъ. Шъыпкъэри пцӀыри тигъэлъэгъугъэ. Заор ныбжьи къэмыхъужьынэу, зы нэбгырэ ыпкъ къикӀыкӀэ мыхьо-мышӀагъэу щыӀагъэхэри зэкӀэ дэкӀодыжьынхэу, псаухэмрэ фэхыгъэхэмрэ ацӀэкӀэ ащ нэлат рыуегъэхы.

*1964-рэ илъэс*

## ТимэфэкӀ тыдэкӀэракӀэ

Хэта, зэ шъудаӀолъ, чӀылъэм зылъэмакъэ къытеӀукӀырэр? Тихэгъэгушхоу цӀыф лъэпкъ зэфэшъхьафхэр зы ны къылъфыгъэм фэдэхэу зыщызэдэпсэухэрэм итыгъэкъокӀыпӀи, икъохьапӀи, итемыри, икъыбли зэфэдэу зэдиӀыгъэу май мэфэкӀэу ащыкӀэракӀэрэм ылъэмакъэхэр къыхэӀукӀых. Орэд чэф макъэкӀэ, цӀыф нэгушӀокӀэ мы мафэр тицӀыфмэ къахахьэ, къэгъэгъэ зэмылӀэужыгъохэмкӀэ, уц тхьэпэ шхъуантӀэхэмкӀэ чӀыгум ынапэ егъэкӀэракӀэ. ТикӀэлэ ищыгъэхэмрэ пшъэшъэ дахэхэмрэ яӀофшӀагъэ губгъохэм арыуегъэлъагъо, былымэхъо фермэхэм атырыуегъэлъагъо. Бгъу пстэури зэдиӀыгъэу май мэфэкӀым икӀэрэкӀагъэ хэгъэгум непэ шъхьащыт. Ащ ымакъэ тамэ къыгокӀэшъ

зеlэты, зинэфыпс чlылъэм къытезыкlутэрэ тыгъэр егъэгушlо пlонэу дышъэ нэбзыйкlэ егъатэ.

Мэфэкl мафэхэр къызщысхэрэ уахътэхэм яlофшlагъэхэр, ягъэхъагъэхэр, ятекlоныгъэкlэхэр зэфахьысыжьынхэр тицlыфхэм шэн дэгъу афэхъугъ. Адэ сыда мы илъэс мафэу непэ тызхэтым хэхъоныгъэу, нэхъоигъэу къытфихьыгъэр пlоу узыкlэупчlэрэм, апэрэу гум щызэтеlэкlагъэу къилъадэрэмэ ащыщ псалъэр — насып. Мы гущыlэм къикlырэр кlэкlэу къипlотыкlынэу узыфежьэрэм, бэмэ уарегъэгупшысэ. Мы илъэсыр тиилъэсибл шlагъо ияхэнэрэ илъэс. Имэзэ заулэ тэрыкlэ адрэ илъэсхэм ямэзэ блэкlыгъэхэм афэдэу насып къэкlопlагъ. Тибаиныгъэрэ тифэшlыныгъэрэ якъэкlопlагъ. Цlыфхэмкlэ ахэр гушlогъуагъэх. Тиилъэсибл иохътэ гъэбэжъумэ ахэри ащыщ шъыпкъэ тшlыгъэх, тихъишъэ игъэхъагъэхэм дышъэ хьарыфкlэ ахэттхагъэх. Непэ тшlэрэ lофым неущ зедгъэгупсэфылlэжьырэпти, ар нэшэнэ дахэ тфэхъугъэти, тыгу къыддеlэу дэгъоу lоф тшlагъэ. Гушlокlэ тыгуи зэу къыlэтыгъ, тпкъышъолыкlи тызэлъиипсыхьагъ, тимэфэкlи тигушlуи нахь шъуашlо ышlыгъ. Тичэф макъи тиорэди нахь къыгъэжъынчыгъ. Нэlуаси, благъи, lахьыл-лыщыщи нахьыбэ къытфишlыгъ.

Мэкъумэщышlэмэ яилъэс гъэбэжъу лъэпсэ пытэ зыщыфэхъурэр джырэ фэдэ гъэтхэ лъэхъаныр ары. Джар зэхашlыкlызэ, тихэку илэжьакlохэм lофышхохэр ашlагъэх, джыри зэпымыоу ашlэ. Тыдэ укlуагъэми, тыдэ зыщыуплъыхьагъэми лэжьакlомэ яlофшlагъэ гушlуагъоу къыхэкlырэр орэд тэмабгъо, насып мыгощ зэрэхъурэм шыхьат ущыфэхъу. Щылэкlэшlум гур къызэриlэтырэм ущегъэгъуазэ.

Мэфэ заулэкlэ узэкlэlэбэжьымэ, тэ — литературэмрэ искусствэмрэ яlофышlэхэр — адыгэ чылэу Фэдз тыщыlагъ. Пчыхьэзэхэхьэшхоу щылагъэм тыхэлэжьагъ. Илъэсым иадрэ уахътэмэ афэмыдэу джыдэдэм къуаджэм итеплъэ дэхэ дэд. Лэжьакlоу дэсхэм яlуплъи ащ нахьи нахь дэхэжь. Мэфэ реным Фэдз щытлъэгъугъэр тэ тщыгъупшэщтэп. Ягубгъохэми тарыхьагъ, япщыпlэхэми таlухьагъ, ятхышъхьи тыдэкlоягъ. Япсынэкlэчъ шlагъуи псы тыщешъуагъ — тыдэ тыкlуагъэми, тыдэ тыщетlысэхыгъэми тынэгу кlэмыкlыщтыгъэхэр, ренэу къыкlэтаджэщтыгъэхэр Фэдз илэжьэкlо чанхэр арых. Гектар мин пчъагъэ хъурэ колхоз губгъор унэ зэlыхыгъэм фэд. Цlыфым ымыгъэдэхагъэ чlыгу тэ тыlукlагъэп. Натрыфлэжь чанхэу Хьамыкъо Муси, Тхьабысымэ Исмахьили, Болэкъо Райи, колхоз тхьаматэу Беданэкъо Аскэрбыйи, нэмыкlыбэхэми анэгумэ чэфыр къакlехы — lофшlэным насып зэрэхагъуатэрэм ар ишыхьатышlу. Пшъэрылъэу зыфашlыжьыгъэр зэрагъэцэкlэщтым чылэр зэкlэ — яини яцlыкlуи — фэбанэ. Джары тицlыфмэ джы яlофшlакlэр, непэ ашlагъэм неущ къыщыуцухэрэп. Уайкъокъо Мариети, Веревкин Василий, lэшъынэ Якъуби колхоз губгъохэр зэлъагъэкlэракlэх, ячылэ, яхэку ыцlэ чыжьэу агъэlу. Яlофшlагъэ ежьхэри егъэдахэх. Мыхэмэ афэдэу зыцlэ дахэкlэ ягугъу пшlы зэпытымэ, узэмызэщын лэжьэкlуабэхэр тичылэхэм адэсых. Джахэр, ахэмэ анэмыкl лэжьэкlо мин пчъагъэхэр арых хэгъэгум ихьамбархэм гъэрекlо лэжьыгъэ хэшыпыкlыгъэ пуд миллион 12-м ехъу рязгъэтэкъуагъэхэр, адыгэ цlыфым идахэ, иlофшlагъэ, игъэхъагъэ хэгъэгум щызэлъязгъэшlагъэхэр. Джыри нахь лэжьыгъабэ хэгъэгум зэрэращэщтым ахэр яшъыпкъэу фэлажьэх, текlоныгъэкlэхэр къызэрэдахыщтхэм иамалхэр зэрахьэх.

Мыщ фэдэ мэфэкl мафэхэм тихэгъэгу зэкъошныгъэ дахэу цlыфмэ азыфагу дэлъыр нахь къыщэлъагъо. Демонстрацием хэтхэм ар къахэщы — зэкъошныгъэр шъошэ зэфэшъхьафхэмкlэ щагъэкlэракlэ, иорэд дахэ къыщаlо. Тирабочэ класси, тимэкъумэщышlи, тиинтеллигенции аlэ зэкlэдзагъэ, анаlэ зэтет. Зы лъэбэкъу зэдадзы, ахэмэ алъэмакъ чlылъэм къытеlукlэу, лlэшlэгъум къыхэlукlэу зэхэшъухырэр. Ахэр ары щылэкlэшlум тезыщалlэхэрэр, ахэр арых зиорэд гушlуагъо непэ дунаир зыгъаджэрэр. Зэмыблэжьхэу лэжьакlомэ lоф зэрашlэрэр тыдэрэ чlыпlи къыщэнафэ — тичылэхэр нахь дахэ зэрэхъущтхэм, тигубгъо хьасэхэр нахь зэрэдгъэбэгъощтхэм, хэгъэгур нахь фэшlыгъэ зэрэтшlыщтым тэ тишъыпкъэу тыфэгумэкlы.

Урамхэм якlэрэкlагъэ, чылэмэ ятеплъэ, цlыфмэ янэгушlуагъо тапэкlэ тызэрэлъыкlуатэрэм, тикlо зэредгъэхъурэм гъэхъэгъэшlухэр зэрэтшlырэмэ яшыхьат. Хэкум ицlыф чанмэ яlофшlакlэ осэшхо зэриlэр, ар зэрэмыкlодырэр

щысабэхэмкӀэ къэбгъэлъэгъон плъэкӀыщт. Гъэзетхэм, журналхэм тилэжьакӀомэ яхьылӀагъэу къарыхьэрэмэ ар дэгъоу къаушыхьаты. Ау ар анахь дэгъу дэдэу къэзыушыхьатырэр тилэжьэкӀо шӀагъомэ яӀофшӀагъэхэр къэралыгъо Ӏоф зэрэхъурэр ары. Тэ зэкӀэми зэдэтэшӀэ КПСС-м и ЦК и Апэрэ секретарэу, СССР-м и Министрэхэм я Совет и Тхьаматэу Н.С. Хрущевым фэдз колхозэу Лениным ыцӀэкӀэ щытым илэжьакӀохэм дахэкӀэ ацӀэ къызэрэриӀуагъэр. Ар колхозым изакъоп зыфэгъэхьыгъэр, ар зэкӀэ хэкум илэжьакӀохэм афэгъэхьыгъ. Джащ фэдэу пцӀэ дахэкӀэ хэгъэгум щыраӀоныр насыпыгъэшху. Адрэ гъатхэмэ афэдэу мы илъэсым игъатхи текӀоныгъэакӀэмэ тафещэ. Бгъу пстэумкӀи игъэкӀотыгъэу зэмыблэжьэу хэгъэгум Ӏоф ешӀэ, теубытэгъэшхо хэлъэу гъэхъэгъакӀэмэ апэгъокӀы. Мамырныгъэр гъэпытэгъэнымкӀэ, илэжьакӀохэр рэхьатэу псэунхэу, яхъяр-гушӀуагъуи тапэкӀи хэхъоным пае, ӀофыгъуакӀэхэр хэгъэгум зэрехьэх. Ахэмэ атом Ӏашэхэр зыхашӀыкӀырэ пкъыгъохэр нахь макӀэ шӀыгъэнымкӀэ тихэгъэгу щызэрахьэрэ Ӏофыгъохэр зыкӀэ ащыщ. Ащ тэ заом тызэрэфэмыер, щыӀэкӀакӀэр дгъэпсымэ зэрэтшӀоигъор джыри зэу къеушыхьаты. ТапэкӀи гугъэ дахэхэр къытетых, ӀофыгъуакӀэхэм такъыфеӀэты.

Хэгъэгум илэжьакӀохэм афэдэу хэкум илэжьакӀохэми яӀофхэр дэгъух, ягухэлъхэри дахэх. Непэрэ мэфэкӀым а гухэлъ дахэхэм ӀофшӀэгъэшӀухэр адэкӀэракӀэх. Иорэд чэфмэ адэжъынчы. Чылэм ынапэ дэкъэгъагъэх. Май мэфэкӀэу къихьагъэм сэлам дахэ етхызэ, тиӀофшӀагъэ пэтэгъохы, гъэхъэгъакӀэхэр джыри зэрэтшӀыщтым игухэлъыышӀухэр къытхелъхьэ.

*1964-рэ илъэс*

## Игупшысэ лъагэ, ижабзэ дахэ

Апэ дэдэ КӀышъэкъо Алим нэӀуасэ сызыфэхъугъагъэр зэоуж апэрэ илъэсхэр арых. А лъэхъаным къалэу Черкесскэ дэт педагогическэ училищым сыщеджэщтыгъэ. Дунаир мамыр. Хэти еджэ, зегъасэ, шӀэныгъэ къызӀэкӀигъахьэ шӀоигъу. Училищым адыгэ, урыс, абэдзэ, нэгъой, нэмыкӀ чылэхэм къарыкӀыгъэ пшъэшъаби кӀэлаби чӀэсых. Еджэгъу ужым, пчыхьашъхьэрэ общежитием тыкъызщызэрэугъоижьыкӀэ, тхылъ гъэшӀэгъонхэу тызэджагъэхэр зэфэтэӀуатэх, тызэнэкъокъу, тызэфэгубжы, тызэрэгъэщхы. Джаущтэу теджэзэ зы тхьаумафэ горэм къуаджэу ПсэукӀэ Дахэ щыщ синыбджэгъу кӀалэр унэм къелъэдэжьышъ, тхылъыр къытегъэлъэгъу, къеджэн регъажьэ:

Хыр си шакъалъэу
Къалэм хуэфащэ сиӀатэм,
Ди текӀуэныгъэ и усэр
ДыщэпскӀэ уафэм истхэнт.

СатыриплӀым къызытфеджэ нэуж къытфегъазэшъ, къытеӀо: «Джары шъутхэ шъушӀоигъомэ шъузэрэтхэн фаер». Тхылъым ыцӀэр «Шӏум и гъуэгу», зытхыгъэр КӀышъэкъо Алим.

Джащ къыщегъэжьагъэу КӀышъэкъо Алим иусэмэ нэӀуасэ сафэхъу, ахэм сшӀогъэшӀэгъонэу сяджэ, нэшӀукӀэ щыӀакӀэм сырагъэплъы. Джащ щыкӀэдзагъэу КӀышъэкъо Алим итхылъ зэфэшъхьафхэр анахь шӀу слъэгъурэ писательхэм атхыгъэхэм афэдэу, ахэмэ апэслъытэу тадэжь илъых. Джащ щыублагъэу адыгэ-къэбэртэе поэтым игъэхъагъэмэ сагъэгушӀо, илъэс къэс хэхъоныгъэхэр ышӀызэ ыпэкӀэ зэрэлъыкӀуатэрэм, иӀэпэӀэсэныгъэ зэрэхигъахъорэм, идунэееплъыкӀэ зызэриушъомбгъурэм сылъэплъэ, иӀофшӀакӀэ сыкӀырэплъы.

Адыгэ-къэбэртэе усэкӀошхоу КӀышъэкъо Алим Шэджэм районым щыщ къуаджэу Шъхьалыхъо июлым и 22-м 1914-рэ илъэсым мэкъумэщышӀэ унагъом къихъухьагъ. Бэхъсан къыщызэӀуахыгъэ мэкъумэщ школым щеджагъ, ащ ыуж къалэу Орджоникидзе педагогическэ институтыр къыщиухыгъ. Зэоуж илъэсхэм КПСС-м и ЦК Общественнэ наукэхэмкӀэ и Академие щеджагъ, историческэ наукэхэмкӀэ кандидат. Общественнэ-политическэ Ӏофыгъуабэ Къэбэртэе-Бэлъкъар республикэм щызэрихьагъ. Бзэм,

литературэм, тарихъым апылъ Къэбэртэе-Бэлъкъар научнэ институтым идиректорыщтыгъ, просвещениемкIэ министрэу Iоф ышIагъ, партием и Къэбэртэе-Бэлъкъар хэку комитет исекретарыгъ, Къэбэртэе-Бэлъкъар автономнэ республикэм иминистрэхэм я Совет итхьаматэ игодзагъ. Джыдэдэм Къэбэртэе-Бэлъкъарым иписательхэм я Союз иправление итхьамат, РСФСР-м иписательхэм я Союз исекретарэу Iоф ешIэ.

КIышъэкъо Алим тхэн зыригъэжьагъэр бэшIагъэ. Бэхъсан дэт мэкъумэщ школым чIэсзэ апэрэ усэхэр ытхыгъагъэх. 1931-рэ илъэсым къыдэкIыгъэ тхылъым иусэмэ ащыщхэр къыдэхьагъэх. Ащ ыуж литературнэ-художественнэ альманахэу къыдэкIыгъэми иусэ заулэ къыхиутыгъ.

Джащ щегъэжьагъэу КIышъэкъо Алим пстэуми зэлъашIэ. Поэтыр тхылъеджэмэ анахьэу шIу языгъэлъэгъугъэр «Насып» зыфиIорэ усэр ары. Ар зэхьылIэгъагъэр бзылъфыгъэр пшъэшъэжъыезэ дунэежъым хьазабым зэрэхигъэтыгъэр, къинэу ригъэлъэгъугъэр, хэбзакIэм адыгэ бзылъфыгъэм фитыныгъэу къыфихьыгъэр, ынэ къызэригъэплъэжьыгъэр, зэрэригъэджагъэр, зэрипIугъэр, ыбгъэ дизэу хъуаоу жьы къызэрэригъэщэжьыгъэр Iупкlэу поэтым а зы усэ цIыкIум къыщыриIотыкIыгъ.

Социализмэм игъэпсын, щыIэкIэ насыпышIоу совет хабзэм адыгэ чылэмэ къафихьырэр зыфэдэм, ар ежь-ежьырэу Iэрылъхьэ къызэрэмыхъурэм, ар бгъэпсыным пае умышъхьахэу Iоф зэрэпшIэщтым, уинасып узэрэфэбэнэщтым, къыопыирэмэ узэрябэныжьыщтым, цIыфыкIэм шэн дахэу къыхафэхэрэм, коммунистическэ нэшанэхэу тищыIакIэ мафэ къэс къыхахьэхэрэм, пэмыкIыбэмэ а лъэхъаным КIышъэкъо Алим иусэхэр яхьылIэгъагъэх. Ахэр ытхырэ пстэуми зэряфэшъуашэу бгъу пстэумкIи игъэкIотыгъэу къызэрахигъэщыщтхэм ынаIэ тыригъэтыщтыгъ, IупкIэу къызэригъэлъэгъощтым фэгумэкIыщтыгъ.

Поэтым иусэхэр зыдэт апэрэ тхылъыр къызэрэдигъэкIыщтым ишъыпкъэу зыфегъэхьазыры. Ар Iоф цIыкIушъокIоу зэрэщымытыр зэхешIыкIышъ, тхылъым дигъэхьащт усэхэм ахэплъэжьы. Ахэр зэхедзых, шъхьаф-шъхьафэу зэтыреутых, икIэрыкIэу кIешIыкIыжьых. Апэрэ тхылъыри къыдэкIы, ау къыздэкIыгъэр мэфэ заулэ нахь мыхъоу Отечественнэ зэошхор къежьэ. Ардэдэми КIышъэкъо Алим заом макIо, майорыцIэр иIэу заор заухыкIэ ядэжь къегъэзэжьы.

Отечественнэ зэошхом КIышъэкъо Алим адрэ цIыф пстэуми афэдэу къиныбэ щелъэгъу, ау икъэлэмыпэ нахь къыщэчаны, иусэхэр нахь псыхьагъэ къыщэхъу. Анахь чIыпIэ къин ифагъэми, поэтыр къызэкIэкIуагъэп. Ишхончи икъэлэми зэдиIыгъыгъэх. Зэфэдэу Iоф аригъэшIагъ. ТекIоныгъэшхор къызыдах ужым ядэжь къызегъэзэжьым 1946-рэ илъэсым «ШIум и гъуэгу» зыфиIорэ тхылъ шIагъор къыдегъэкIы. Апэрэ тхылъэу «Бгы лъапэхэм деж» зыцIэу къыдэкIыгъагъэм мы тхылъыр зебгъапшэкIэ, поэтым иIэпэIэсэныгъэ, идунэееплъыкIэ, игупшысакIэ хэпшIыкIыпэу зэрахэхъуагъэр нафэ къыпфэхъу. Тхылъым къыдэхьэгъэ усэхэм янахьыбэр зэхьылIагъэр заор ары. Исатырхэр нахь кIэкIэу, нахьышIухэу зэхэгъэуцуагъэх, ямэхьанэкIэ гупшысабэмэ анэсы. Бэ зэрилъэгъугъэм, бэ ынэ зэрэкIэкIыгъэм фэшI иусэхэр нахь Iуш хъугъэх, ижабзи зыпкъ иуцуагъ.

Мамыр щыIакIэм ишъыпкъэу поэтыр хэлажьэ. Общественнэ-политическэ Iофыгъошхохэу республикэм щызэрихьэхэрэм яшIуагъэкIэ, щыIакIэм нахь куоу хэплъэ, усэ зэфэшъхьафхэр етхых. «ШIалэгъуи шIыналъэ», «Партыр ди пашэу» зыфиIорэ тхылъхэр КIышъэкъо Алим къыдегъэкIых. Джы поэтым иусэхэр анахьэу зыфэгъэхьыгъэхэр текIоныгъэшхохэр къыдэзыхыгъэ лэжьакIохэу заом иныкъо-тыкъохэр зыгъэцэкIэжьыхэрэр, колхоз губгъом лэжьыгъэ бэгъуагъэ къыщызыгъэкIыхэрэр, адыгэ чылэм Ильич иостыгъэ нэф къыщызыгъаблэхэрэр, былымахъохэр, нэмыкIхэр арых. Ахэмэ ятекIоныгъэ, ягъэхъагъэ ищытхъу, ыгу лъэшэу къыдеIэу, поэтым къыреIотыкIы. IофшIэным насыпыр къызэрэхэкIырэр шъыпкъэныгъэ хэлъэу, игъэкIотыгъэу иусэхэм къащеIо.

Джащ фэдэу кIуатэ къэси ихудожественнэ IэпэIэсэныгъэ хигъахъозэ, КIышъэкъо Алим адыгабзэкIи урысыбзэкIи тхылъ пчъагъэ къыдигъэкIыгъ.

Усэ тхыным имызакъоу КIышъэкъо Алим поэмэ заули ытхыгъ. «Бгы лъапэхэм деж» зыфиIорэ поэмэр Октябрэшхом ыпэкIэ къэбэртэе къуаджэхэм классовэ бэнэныгъэу адэлъыгъэм, граждан заор хэкум зэрэщыкIуагъэм, Совет

хабзэр къызэрэдахыгъэм къатегущыIэ. Панскэ Польшэм ыгъэпщылIыщтыгъэ Западнэ Белоруссиер шъхьафит зэрэхъужьыгъэр, ар тихэгъэгу къызэрэхэхьажьыгъэр «Бдзэжьеяшэм и пхъу» поэтым къыщеIуатэ. «Адэ», «ШIалэгъур шIыналъэ» зыфиусыгъэ поэмэхэр Отечественнэ зэошхом ехьылIагъэх.

Мы аужырэ илъэсхэм поэтым «Хъуапсэгъуэ нур» зыфиIорэ романыр ытхыгъ. Ар къэбэртэе литературэм ианахь тхылъышIумэ зыкIэ ащыщ. Романыр Къэбэртэе-Бэлъкъар республикэм Совет хабзэр зэрэщагъэуцугъэм, классовэ банэу ащ щыIагъэм къытегущыIэ. А лъэхъаным ехьылIагъэу КIышъэкъо Алим «Лавина с гор» зыфиIорэ художественнэ фильмэми исценарие ытхыгъ.

КIышъэкъо Алим итхылъхэр Къэбэртэе-Бэлъкъар республикэм имызакъоу тихэгъэгуи щызэлъашIэх. Иусэхэр, ироманэу «Хъуапсэгъуэ нур» зыфиIорэр урысыбзэкIи нэмыкIыбзэхэмкIи зэрадзэкIыгъ, IэкIыб хэгъэгухэм къащыдэкIыгъ. Поэтым иусэ пчъагъэ Адыгэ хэкум къыщыхаутыгъ.

Къэбэртэе народнэ поэтэу КIышъэкъо Алим къызыхъугъэр илъэс 50, общественнэ-литературнэ IофыгъохэрзызэрихьэхэрэрилъэсЗ0непэмэхъу.АрКъэбэртэе-Бэлъкъар республикэм игъэкIотыгъэу зэрэщыхагъэунэфыкIырэм фэдэу Адыгэ хэкум щыриIэ тхылъеджэхэми хагъэунэфыкIы. Джыри гъэхэгъэ инхэр адыгэ-къэбэртэе литературэм щишIынхэу, тхылъыкIэхэмкIэ цIыфыбэхэр ыгъэгушIонхэу щэгугъых.

*1964-рэ илъэс*

## Ащ фэдэр ащыгъупшэрэп

Ащ фэдэр ащыгъупшэжьырэп, пщыгъупшэни плъэкIыщтэп.

Фашизмэм нэмыц хэгъэгум зыкъыщеIэты. Хабзэр щеубыты, тыди ар нэсы. Рейхстагым машIо кIедзэ. Коммунистхэр егъэмысэх. Лъыгъэчъэ банэ арешIылIэ. ЛIэныгъэр, тхьамыкIагъор Европэм икъэрал зэфэшъхьафхэм къафехьы. Дунаир гъэры ымышIымэ мыхъунэу уцугъэшъ, шъэф-шъэфэу хэгъэгу цIыкIухэм атебанэ, зырызхэу ештэх, пщылIыпIэм регъэуцох. Зышъхьэ къэзыIэтырэ цIыфым Iашэр пегъохы, шъхьэпылъапIэхэр фешIых, концлагерхэр тыди щыфегъэпсых. Фашизмэм ипэщэ Гитлер ипIурхэм ящазымэ чIэгъ Европэр зэрэпсэоу чIэкIуадэ, ар фимыкъоуи Африкэми нэсы. Тыдэрэ чIыпIи тыдэрэ къуапи зымакъэ щыIурэр фашизм.

Джары художественнэ-документальнэ фильмэу «Великая Отечественная...» зыфиIоу Ленинскэ премием илауреатхэу Р. Л. Карменрэ С. С. Смирновымрэ зэхагъэуцуагъэр къызэрэригъажьэрэр. Мы фильмэр киностудием япавильонхэм ащытырахыгъэп. БлэкIыгъэ зэошхор ары фильмэм икадрэхэр зэкIэ зыщытырахыгъэхэр. Кинооператор 236-мэ (ахэмэ ащыщ нэбгырэ 40-р фэхыгъэ) тырахыгъэмэ сыхьатитIум ехъу къэбгъэлъэгъон документальнэ фильмэр къахахыгъ, тикъэрал, IэкIыб хэгъэгухэм яархивхэм кинолентэ метрэ миллионрэ мин шъитIурэ авторхэм ащауплъэкIугъ, ящыкIагъэр агъэфедагъ.

Фашизмэм ихьэкIэ-къокIагъэ, ишъэфрытхъо зекIуакIэ къыкIэлъыкIорэ кадрэхэмкIэ фильмэм къыщаты. Зао зэрамышIылIэнэу зэзэгъыгъэ Советскэ Союзым ихэгъэгу гъунапкъэхэм уIэшыгъэ кIуачIэхэр шъэфэу къыратэкъулIэх. «Барбаросс» зыфиIорэ мурадым тетэу тихэгъэгу ошIэ-дэмышIэу зао къырашIылIэ. Чатэр зыфаIэтыгъэ апэрэ социалистическэ къэралыгъом инарод зыч-зыпчэгъоу пыим пэтэджы. Партиер хэгъэгум къеджэ. Иджэрпэджэжь цIыфхэр къеIэтых. Хэти зэрилъэкIэу фашизмэм пэуцу. ТопыщэкIэ зэхэулыIухьэгъэ, лъыкIэ шъокIыгъэ заом иапэрэ илъэс итхьамыкIагъэ рымыукIытэхэу шъыпкъэныгъэ хэлъэу фильмэр зыгъэуцугъэхэм къагъэлъагъо. Апэрэ илъэсхэм пыир афэмыIажэу язаозэ тидзэхэр къызэрэзэкIакIохэрэр, чылэхэр, къалэхэр, джыри Iухыжьыгъо зыфимыфэгъэ губгъохэр тынэгу щызэблэкIых. Ахэр ежь нэмыцхэу а лъэхъанымкIэ текIоныгъэр зиегощтыгъэхэм тырахыгъэгъэ кадрэх.

А уахътэр хьылъагъэ, тхьамыкIэгъуагъ. Къалэхэр мэстых, чылэхэм ашъхьагъ мэшIо стафэм зыщызэрехьэ. Хымэ техакIохэм тичIыгу аулъэгу. Ау текIоныгъэм игугъэ цIыфмэ IэкIыб ашIырэп. Зихэгъэгу къэзыухъумэрэ лэжьакIохэм акIуачIэ зэрэиныр, ягугъэ зэрэпытэр заом иапэрэ мафэхэм ащыолъэгъу. Хэгъэгу гъунэпкъэ къалэу Брест изэкъо шъыпкъэу зызаорэр мазэм къехъугъ, ащ къыдэнэгъэ зэолI пхъашэхэу джыдэдэм зыми ымышIэгохэу, ау заор заухыкIэ дунаим зэлъишIэщтхэм къалэр пыим ратырэп. «Спсэ хэкIы, ау зыстырэп» – ар дэпкъым тетхагъ. Джащ фэдэхэри Севастополь щыолъэгъух. Пыир зэрэзэтыраIэжэщтым хэгъэгур фэбанэ.

МыдыкIэ фашизмэр тикъэрал ыгоу Москва къебэны. Ар ыштэнышъ, и Краснэ площадь текIоныгъэм ипарад щишIынэу пыим шъхьэихыгъэ гухэлъхэр зэрехьэх. УIэшыгъэ кIочIэшхор къыретэкъулIэ. Москва блэгъэ дэд. Пыир плъэмэ, елъэгъу. Къалэм зыдахьэхэкIэ, дзэр зэрэдагощэщтым фюрери генералхэри егъэгумэкIых. Ау ащ пае къэмынэу ноябрэм и 6-м Октябрьскэ социалистическэ революциешхом ехьылIэгъэ мэфэкI зэIукIэр макIо. Ащ къекIолIагъэмэ апашъхьэ Советскэ Союзым и УIэшыгъэ КIуачIэхэм я Главнокомандующэу, тикъэралыгъо илIышъхьэу И. В. Сталиным доклад къыщешIы. ТекIоныгъэр къызэрэдахыщтымкIэ амалэу зехьэгъэн фаехэр зыфэдэхэр къеIуатэх. ПшъэрылъыкIэхэр партием ыцIэкIэ къегъэуцух.

Пыим ыубытыгъэ чIыгухэм партизан отрядхэр щызэхащэх. Алъ ашIэжьынэу лэжьакIохэр ащ ахахьэх. Тыдэми фашистхэм алъапэ зынэсырэр лагъымэу къызэбгырэу, хьадэгъур щагъоты. Разведчик лIыхъужъхэу Зорге фэдэхэм апсэ емыблэжьэу Iоф ашIэ. Пыим игухэлъхэр, имурадхэр зэрагъашIэх, ти Ставкэ щагъэгъуазэ. Кузнецов лIыбланэм фэдэхэм фашист генералхэр яунэмэ арауКIыхьэ.

Фильмэм ианахь чIыпIэ лъэшхэм ащыщ Москва дэжь фашист техакIохэр зэрэщызэхакъутагъэхэр. Москва икъэухъумэн зэрэкъэралэу зэрэпылъыгъэр фильмэм икадрэ пчъагъэмэ къагъэлъагъо. Советскэ дзэм ныбжьи мыуцэкун кIочIэшхо зэриIэр къыщынэфагъ. Зихэгъэгу, зикъэлашъхьэ, зыпсэ зыухъумэрэ советскэ цIыфхэм япытагъэ, язэфагъэ зыфэдэхэр игъэкIотыгъэу бгъу пстэумкIи къыщатыгъ.



Москва къекIурэ танкхэр зэхэзыкъутэгъэ панфиловцэхэу зыпсэ зытыгъэмэ ягушхуагъэ, Зоя Космодемьянскэм илIыхъужъныгъэ, летчикхэу Гастелло, Талалихиным ялIыблэнагъэ, цIыф лъэпкъ зэфэшъхьафыбэ зы ны къылъфыгъэм фэдэу зыщыпсэурэ къэралыгъом ипытагъэ, коммунизмэм ищылычыгъэ дунаим нафэ фэхъугъ.

Мэфэ шъибгъо хьалыгъуи, пси, гъэстыныпхъи зыфаем фэдиз ымыгъотэу пыеу къэзыухъурэигъэм зезымытыгъэ къалэм фэдэ джы нэс лIэшIэгъу тарихъмэ ашIагъэп. Ау ащ фэдэ къалэ зэрэщыIэр, ащ Ленинград зэрицIэр гъэшIэрэ шIагъоу тилIэшIэгъу итарихъ къыхэнагъ. ЛэжьакIоу дэсмэ ягугъэ зэпыугъэп. Ахэр текIоныгъэм фэлэжьагъэх. ЯщыIэныгъэ, революциер къызщыхъугъэ ыкIи зыщапIугъэ къалэр пыим щаухъумагъ, ратыгъэп. Академикэу Никольскэм «ТекIоныгъэм и Аркэхэм» яэскизхэр, композиторэу Шостакович Яблэнэрэ героическэ симфоние атхы. Мы кадрэхэм уяплъы зыхъукIэ, фашизмэм икъежьакIэ, изэрэщыт угу къэмыкIын плъэкIырэп.

Фашизмэм шъхьакIо иIэп. Москва дэжь щырашIагъэр щыгъупшэжьыгъо имыфэзэ, джыри иблашъхьэ къеIэты. Зэфэмыдэ зэдашъорэп, зэмышъогъу зэдэуджырэп. Фашист Испанием, ятIонэрэ итальянец фашист шъыпкъэу Муссолини, нэмыкIхэми Гитлер IэпыIэгъу раты. Сталинград фашизмэр кIодыпIэ зэрэщыхъущтыр Гитлер ымышIэми, ар дэгъоу зинасып зыухъумэрэ дзэкIолIмэ ашIэ. Сталинград ащ зыщыфагъэхьазыры. Утын гъушъэр фашизмэм ыкIышъо щытыращэ. ЗыкIэмыIэжь щашIы. А утын дэдэхэри Курскэ, Къырым, Ленинград адэжьхэм джыри фашизмэм щырахы.

Концлагерхэр. Гъэрхэр. Дышъэцэ Iуутыгъэхэр. Бзылъфыгъэ шъхьацхэр. Сабый цуакъэхэр. ЦIыфхэр зэрагъэстыхьэщтыгъэ хьакухэу зыIу Iугъэзэсыкlыжьыгъэхэр... Джахэр, джахэр арых фашизм зыфаIорэр. Ахэмэ ящэIу-гурым макъэ лIэшIэгъум щыгъупшэ хъущтэп. Ар къемыжьэжьыным пае, цIыфхэр, шъусакъых! Фэхыгъэмэ ацIэкIэ фашизмэм нэлат ешъух!

Ар зэхахырэм фэдэу фильмэм икадрэхэр зым нахьи зыр нахь лъэшыжьэу джыри къежьэх. Блэгъожъ уIэгъэ мэхъаджэу игъурб Iупшыхьажьырэм кIэлъыохэзэ, тидзэхэр зэрэлъыкIуатэрэм яхьылIагъэу бэ экраным къитаджэрэр.

Заом иапэрэ илъэсхэм зэрэщытыгъэхэм афэдэжьхэп джы фашист техакӀохэр. Ахэмэ ашъхьэ зыдахьыжьыщтыр ашӀэрэп. Шъхьэчъэ-псачъэу зэкӀэчъэх. Алъэгупчэ машӀор кӀэнагъ. Фашист гъэрхэр, ашъхьэ еуфэхыгъэ-епэгъогъохэу, Краснэ площадым рагъакӀох. Ахэр арых 1941-рэ илъэсым ибжыхьэ текӀоныгъэм ипарад Краснэ площадым щызгъэкӀонхэ зихьисапыгъэхэр. Шъолъэгъуха, цӀыфхэр, фашист генерал нэӀуагъэхэм джы ашъхьэ зэрэрауфэхырэр? Шъэожъыехэр, пшъэшъэжъыехэр, шъуяплъых ахэмэ, шъугу ишъуубыт ахэр! Джахэр арых тихэгъэгу ишъхьафитныгъэ, тибыракъ гъэры зышӀынхэу пылъыгъэхэр. Ахэр арых шъуиӀахьылхэу непэ щымыӀэжьхэр зыӀэкӀэкӀодагъэхэр. Ибэу щыӀэхэр непэ къэзгъэнагъэхэр. Шъуяплъ ахэмэ. Шъугу ишъуубыт. Нэлат яшъух!

Тидзэ – шъхьафитныгъэм илӀыкӀу. Фашизмэм игъэрыпӀэ итыгъэхэм, ибжь чӀэтыгъэ къэралыгъохэу Польшэр, Болгариер, Венгриер, Румыниер, Албаниер, Югославиер, Чехословакиер, Австриер нэмыкӀхэри шъхьафит ашӀыжьых. Францием гу къызӀэпырагъэшӀыхьажьы. ТекӀоныгъэм ежэхэу щысыгъэ США-м, Инджылызым ятӀонэрэ зэуапӀэр къызэӀуахы. Фашист Италиери лъэгонджэмышъхьэу къызэхэтӀысхьэ. Фашизмэр дэкъацэм даубытэ. Икъэлашъхьэ, Берлин шъыпкъэм зыкъыщырагъэты. ТыдэкӀи зэщылъылъагъоу Быракъ Плъыжь шъхьафитыр Рейхстаг щагъаӀэ. Джы ащ идэпкъхэм «Елец сыкъикӀи, сыкъэкӀуагъ», «Кавказым сыкъикӀыгъ», нэмыкӀхэри атетхагъэхэу олъэгъух.

Заор аухыгъ. Фашизмэр щыӀэжьэп. Дунаим щыпсэурэ цӀыф зэфэшъхьафхэм ягушӀуагъо гъунэ иӀэп. Ар тыдэрэ чыли тыдэрэ къали адэолъагъо. ТекӀоныгъэм и Парад ымакъэ чӀылъэм теӀукӀы. Сатырэ зэикӀэу лӀыхъужъхэр Лениным и Мавзолей ыпашъхьэ блэкӀых. Ищыгъэх. Дахэх. Пытэх. Пхъашэх. Фашизмэм ибыракъхэр СССР-м и Быракъ Плъыжь ыпашъхьэ къыӀуатакъо.

Мы фильмэр тихэгъэгу щыпсэурэ цӀыф лъэпкъхэу текӀоныгъэр дунаим ыпашъхьэ къыщыдэзыхыгъэхэм ятарихъ, янэпэеплъ. Фэхыгъэхэмрэ псаоу къэнагъэхэмрэ ар янэпэлъэгъу. Ары шъхьакӀэ, фашизмэм ишъхьакӀо кӀэкӀы. Зэошхор, цӀыфхэмкӀэ а бэлахьышхор заухыгъэр илъэс 20 нахь темышӀагъэми, реваншистхэм ашъхьэ джыри къаӀэтынэу рагъажьэ. Ахэмэ ашъхьэ рыбгъэутэбжьэнэу мы фильмэр гъэпсыгъэ. Тятэхэм, ткъошхэм, тшыпхъухэм алъкӀэ текӀоныгъэри мамырныгъэри къыдахыгъ. Ащ фэдэ ащыгъупшэжьырэп. Ар тхыдэ къин, тхыдэ маф.

*1965-рэ илъэс*

## Адыгэ литературэм ихэхъоныгъакӀэхэр

Мы аужырэ илъэс зытӀущым тилитературэ хэхъоныгъэ шӀукӀаехэр ышӀыгъэх. Непэрэ щыӀакӀэу тызыхэтым икъэгъэлъэгъон фэгъэхьыгъэ тхылъхэр къыдэкӀыгъэх. Тхэн езыгъэжьэгъэкӀэ ныбжьыкӀэмэ хэпшӀыкӀэу къахэхъуагъ. Хэгъэгум иписатель пстэумэ афэдэу адыгэ писательхэри, поэтхэри, драматургхэри непэрэ цӀыфыр пӀугъэнымкӀэ, ащ инэшэнэшӀухэр цӀыф жъугъэмэ жэбзэ къабзэкӀэ ахахьанымкӀэ алъэкӀ къамыгъанэу, яӀэпэӀэсэныгъэ къызэрихьэу Ӏоф ашӀэ. Бгъу пстэумкӀи тилитературэ зызэрэрагъэушъомбгъущтым, джыри нахь лъэпсэ пытэ зэрэфашӀыщтым фэгумэкӀых.

Сыд фэдэха зигугъу къэпшӀымэ хъунэу къыдэкӀыгъэ тхылъхэр? Апэ Къэралыгъо премием илауреатэу КӀэрэщэ Тембот итхылъкӀэ къедгъэжьэн. Илъэс заулэкӀэ узэкӀэӀэбэжьымэ, непэрэ щыӀакӀэм ехьылӀагъэу «Ны Ӏушым ыпхъу» зыфиӀорэ повестыр писателым ытхыгъагъ. Ащ ыуж къыкӀэлъыкӀогъэ илъэсхэм ытхыгъэ нахьышӀухэр зыдэт тхылъитӀум икъыдэгъэкӀын писателым Ӏоф дишӀагъ, печатым фигъэхьазырыгъ, тхылъеджэ жъугъэмэ аӀэкӀэхьагъ. КӀэрэщэ Тембот ытхыгъэхэр зэфэхьысыжьыгъэхэу зыдэт тхылъитӀур къызэрэдэкӀыгъэр ежь писателым имызакъоу адыгэ литературэмкӀэ апэрэ. Писателэу Лъэустэн Юсыф иповестэу «Гъогур Ӏухыгъ» зыфиӀорэмрэ «Къушъхьэр къэнэфы» зыфиӀорэ романымрэ адыгабзэкӀэ икӀэрыкӀэу къыдагъэкӀыжьыгъэх. А тхылъхэм адыгэ тхылъеджэ жъугъэхэр ягуапэу зэреджэщтхэм щэч хэлъэп. «Къушъхьэр къэнэфы» зыфиӀорэ романым кӀэу чӀыпӀэ гъэшӀэгъоныбэ хитхэжьыгъ,

ятӀонэрэ тхылъым ычӀыпӀэкӀэ апэрэм нахь зыригъэушъомбгъужьыгъ. Хэмытыгъэ чӀыпӀаби хигъэуцожьыгъ. Нухьэ иобрази, ащ нэмыкӀхэм яобразхэри нахь куоу къыгъэлъэгъуагъэх. Джыдэдэм Лъэустэн Юсыф ироманыкӀэу «Ожъубаныкъохэр» зыфиӀорэр урысыбзэкӀэ зэдзэкӀыгъэу Краснодар тхылъ тедзапӀэм къыдегъэкӀы. Тхылъым урысыбзэкӀэ «Все началось весной» ыцӀэщт.

«Псыхъохэр зэхэлъадэх» зыфиӀорэ романыр урысыбзэкӀэ зэдзэкӀыгъэу Кэстэнэ Дмитрие Мыекъуапэ къыщыдигъэкӀыгъ. Джы а роман дэдэр икӀэрыкӀэу тхылъ тедзапӀэу «Советский писателым» къыдегъэкӀыжьы. Ащ дакӀоу Кэстэнэ Дмитрие «ПсыгуӀан» зыфиӀорэ романыр джы етхы. Ар непэрэ щыӀакӀэм ехьылӀэгъэщт. ТицӀыфыкӀэмэ якъэгъэлъэгъон фэгъэхьыгъ. Еутых Аскэр «Тыгъэр ташъхьагъ» зыфиӀорэ тхылъым ыуж рассказхэмрэ повестхэмрэ зыдэт тхылъэу «Зы бзылъфыгъэ итхыд», пьесэхэу «Ася», «Бзылъфыгъэ цӀыкӀу» зыфиӀохэрэр ытхыгъэх. Мы илъэсхэм писателым «Хъурышъо пшӀыкӀутӀу» зыфиӀорэ романым итхын ыухыгъ, ар адыгабзэкӀэ къыдагъэкӀынэу тхылъ тедзапӀэм щагъэхьазыры. А тхылъыр урысыбзэкӀи Москва къыщыдэкӀыщт. Джы писателым ятӀонэрэ тхылъым Ӏоф дешӀэ. Ӏэшъынэ Хьазрэт «ХьаситӀу» зыфиӀорэ тхылъыр къызыдегъэкӀым, а тхылъ дэдэр урысыбзэкӀэ зэдзэкӀыгъэу тхылъ тедзапӀэу «Молодая гвардия» зыфиӀорэм «Сердечный перекресток» ыцӀэу къыщыхиутыгъ. Джы писателым адыгабзэкӀэ «Шыур псы чъэрым зэпырэкӀы» зыфиӀорэ тхылъыр къэкӀорэгъэм къыдигъэкӀынэу тхылъ тедзапӀэм ритыгъ. «Деревья на ветру» зыфиӀорэ тхылъыр «Советский писателым» къыщыдагъэкӀы.

Джащ фэдэу типоэтхэу Пэрэныкъо Мурат, Жэнэ Къырымызэ, Яхъулӏэ Сэфэр, ХьадэгъэлӀэ Аскэр, Бэрэтэрэ Хьамидэ яусэхэр зыдэт тхылъхэр адыгабзэкӀи урысыбзэкӀи къыдагъэкӀыгъэх, джыри къэкӀорэгъэм къыдагъэкӀынэу тхылъхэм Ӏоф адашӀэ. Джырэблагъэ Темыр Кавказым щыпсэурэ поэт зэфэшъхьафхэм яусэхэр зыдэт тхылъэу «Салам» зыфиӀорэр Ростов-на-Дону дэт тхылъ тедзапӀэм къыщыдэкӀыгъ. А тхылъым зэкъош литературэхэу Темыр Кавказым щыӀэхэм ялӀыкӀохэм чӀыпӀэ щагъотыгъ. Ахэмэ афэдэу адыгэ поэтхэм атхыгъэ усэхэри а тхылъым къыдагъэхьагъэх.

*1965-рэ илъэс*

## Тхылъыр кӀочӀэшху, лъэкӀышхо иӀ

Совет хабзэр загъэпсыгъэр илъэс шъэныкъо зыщыхъурэ мафэр тихэгъэгу ис цӀыф лъэпкъ зэфэшъхьафмэ зэдырямэфэкӀышху. А лӀэшӀэгъуныкъом къыкӀоцӀ щыӀакӀэм исыдрэ лъэныкъуи гъэхъагъэхэу щашӀыгъэхэр щызэфахьысыжьыщтых. Хэти ихэхъоныгъэ нэрылъэгъу къыщыхъущт. Зи зимыӀагъэм иӀэ хъугъэр, зиӀагъэм ихэхъоныгъэ зыфэдэр къыщынэфэщт.

ЦӀыфлъэпкъым гъогоу къыкӀугъэр, ащ къини гушӀуагъуи щытрилъэгъуагъэр, дэгъу шъыпкъэу бгъу пстэумкӀи ищыӀэныгъэ зыхэплъэгъон плъэкӀыщтмэ художественнэ литературэр зыкӀэ ащыщ.

Адыгэ художественнэ литературэр щыӀэ зыхъугъэр Совет хабзэр къыздах нэуж ары ныӀэп. Ащ ылъэпсэ пытэ щырегъэажьэ. Октябрьскэ социалистическэ революциешхом ыпэкӀэ адыгэмэ тхакӀи еджакӀи ашӀэщтыгъэп, абзэкӀэ тхылъи, гъэзети къыдэкӀыщтыгъэп. ЕджакӀи тхакӀи зышӀэу къуаджэмэ адэсыгъэр зырыз дэдагъ. ЛэжьакӀомэ ягупшысэ-гухэлъхэр къызыщыраӀотыкӀыщтыгъэхэр ежьымэ жэрыӀокӀэ зэхалъхьэрэ ӀорӀотэжьхэр, тхыдэхэр, пшысэхэр, орэдхэр арыгъэх. Ахэр цӀыфмэ ягупчэ куупӀэмэ къахэкӀыщтыгъэх, ямэхьанэкӀи ягъэпсыкӀэкӀи гъэшӀэгъоныгъэх. ЛӀэшӀэгъу пчъагъэм адыгэмэ къарыкӀуагъэр, ягухэлъышӀухэр жанрэ зэфэшъхьафхэмкӀэ – прозаическэ, эпическэ произведениехэу пэсэрэ уахътэм лӀыхъужъ цӀэрыӀоу щыӀэгъэ нартхэм яхьылӀагъэхэм, пшысэхэм ащегъэжьагъэу ӀофшӀэным ехьылӀэгъэ орэдхэм анэсыжьэу къариӀотыкӀыщтыгъ.

ЛӀэшӀэгъу пчъагъэм народым идеологическэ Ӏэшэ закъоу жэрыӀо творчествэр иӀагъ.

Совет хабзэм иилъэсхэм къакIоцI тхылъыбзэ адыгэмэ яIэ хъугъэ, народым ипшысэжъхэмрэ орэдхэмрэ къащегъэжьагъэу романым нэсэу ихэхъоныгъэкIэ гъогушхо къэзыкIугъэ художественнэ литературэр иIэ хъугъэ. Тхылъеджэмэ осэшхо зыфашIыгъэ прозаическэ ыкIи поэтическэ тхылъыбэ адыгэ писательмэ атхыгъэх. АщкIэ лъэшэу зишIуагъэ къэкIуагъэмэ апэрэ адыгэ гъэзетэу «Адыгэ макъ» зыфиIоу 1923-рэ илъэсым къыдэкIыгъагъэр ащыщ. Мы гъэзетым апэ дэдэ адыгэмэ абзэкIэ тхыгъэ усэхэмрэ рассказхэмрэ къыхиутхэу ригъэжьагъ.

КIэрэщэ Темботрэ Хьаткъо Ахьмэдрэ атхыгъэхэр адыгэ советскэ литературэм лъапсэ фэхъугъэх. Апэрэ мафэм къыщегъэжьагъэу ахэмэ партием иIофышхо литературэр фагъэлажьэу рагъэжьагъ, социалистическэ реализмэм игъогу тетэу, партийнэгъэ ин ахэлъэу литературакIэу къэхъурэр гъогу тэрэз тегъэуцогъэным ехьылIэгъэ Iофыгъуабэ зэшIуахыгъэ, писатель ныбжьыкIэхэм щысэ дэгъу арагъэлъэгъугъ. Адыгэ советскэ литературэр зыпкъ зыщиуцощтыгъэ лъэхъаным ар гъогу пхэндж тезыщэнэу пылъыгъэ нэбгырэ зэе-тIуаехэм пытагъэ ахэлъэу апэуцужьыщтыгъэх, хэукъоныгъэхэм тилитературэ ныбжьыкIэ ащаухъумагъ. ПисателитIуми лъэпкъым игухэлъхэр щыIакIэм щыпхырыщыгъэнхэм, шъыпкъэныгъэ хэлъэу щыIэкIакIэр къэгъэлъэгъогъэным тилитературэ тырагъэуцуагъ.

«Литературнэ-художественнэ организациехэр икIэрыкIэу гъэпсыгъэнхэм яхьылIагъ» зыфиIорэ унашъоу 1932-рэ илъэсым ВКП(б)-м и Центральнэ Комитет къыдигъэкIыгъэм мэхьанэшхо иIагъ. Ащ адыгэ литературэ ныбжьыкIэм ихэхъоныгъэ лъэпсэ пытэ фишIыгъ. А унашъом елъытыгъэу партием и Адыгэ хэку комитет адыгэ писательмэ яорганизацие иоргкомитет зэхищэгъагъ. А оргкомитетым советскэ писательхэм я Апэрэ Всесоюзнэ съезд зыфагъэхьазырыынымкIэ, адыгэ писатель ныбжьыкIэхэр зы писательскэ организацие хэщэгъэнхэмкIэ Iофышхо зэшIуихыгъ. СССР-м иписательхэм я Апэрэ съезд КIэрэщэ Темботрэ Хьаткъо Ахьмэдрэ хэлэжьагъэх. А илъэс дэдэм советскэ писательхэм я Адыгэ хэку къутамэ зэхащагъэ. Ащ ыуж адыгэ писательхэм яхэку съезд къыкIэлъыкIуагъ. 1936-рэ илъэсым



декабрэм ар щыIагъ. ПрозэмкIэ КIэрэщэ Тембот, поэзиемкIэ Хьаткъо Ахьмэд докладхэр съездым къыщашIыгъэх. Адыгэ советскэ литературэ ныбжьыкIэм ихэхъоныгъэхэр зыфэдэхэм, ащ ыпашъхьэ пшъэрылъыкIэхэу къыщытэджыхэрэм щатегущыIагъэх, хэукъоныгъэхэу писатель зырызхэм ятворчествэмэ афэхъухэрэм ягугъу къыщашIыгъ, адыгэ советскэ литературэм гъогу тэрэз къызэрэхихыгъэм ылъапсэ зэригъэпытэрэр джыри зэу къыщаушыхьатыжьыгъ.

А лъэхъаным адыгэ писательхэу, поэтхэу КIэрэщэ Тембот, Хьаткъо Ахьмэд, Цэй Ибрахьим, Пэрэныкъо Мурат, Еутых Аскэр, Лъэустэн Юсыф, Кэстэнэ Дмитрий, нэмыкIхэр яшъыпкъэу тилитературэ игъэпсын хэлажьэх. Теуцожь Цыгъо ымакъэ тыдэкIи щэIу. Народнэ поэтым ыусыгъэ орэдхэр, поэмэхэр тихэгъэгу щызэлъашIэх. Ихэгъэгу, ащ щыпсэурэ цIыф лъэпкъ зэфэшъхьафмэ язэкъошныгъэ, щыIэкIакIэм идахэ цIыф жъугъэмэ ахехьэ. Теуцожь Цыгъо гъэхъагъэу ышIыгъэм ифэшъуашэу 1939-рэ илъэсым орденэу «IофшIэным и Быракъ Плъыжь» къыратыгъ. Теуцожь Цыгъо имызакъоу мыр адыгэ литературэ ныбжьыкIэмкIэ гушIогъошхуагъ.

Адыгэ советскэ литературэ ныбжьыкIэм лъэпсэ пытэ ышIынымкIэ зишIогъэшхо къэкIуагъэмэ «Тихахъо» зыфиIорэ литературнэ-художественнэ альманахыр ащыщыгъ. Мыщ инэкIубгъохэм поэт, писатель, критик ныбжьыкIэхэм атхыгъэхэр къарыхьэщтыгъэх, художественнэ IэпэIэсэныгъэр къаIэкIагъэхьанымкIэ Iофыгъуабэхэр зэрихьагъэх.

Нэмыц-фашист техакIохэм тихэгъэгу зэошхо къызырашIылIэм, адрэ советскэ писательхэм афэдэкъабзэу, адыгэ писательхэм къэлэмым шхончыр даштэшъ, тихэгъэгу ишъхьафитныгъэ къаухъумэ. Пэрэныкъо Мурат, Лъэустэн Юсыф, Кэстэнэ Дмитрий, Еутых Аскэр, Жэнэ Къырымызэ заом иапэрэ илъэс щегъэжьагъэу текIоныгъэр къыдахыфэ нэс лIыхъужъныгъэ зэрахьэзэ, пыим езэуагъэх. Поэт ныбжьыкIэу Андырхъое Хъусен лIыхъужъныгъэу зэрихьагъэр тихэгъэгу хъишъэ щыхъугъ. Ащ нэмыкI писатель ныбжьыкIэхэу заом щыIагъэхэм ащыщхэм къамыгъэзэжьыгъэми, атхыгъэхэр цIыфмэ ащыгъупшэхэрэп. Андырхъое Хъусенэ, Уджыхъу Адылджэрые, Уджыхъу Хъалидэ, Тыгъужъ

ДышъэкI, Гощэкъо Сэфэрбый, зэо ужым уIагъэу ателъыгъэхэм арылIыкIыгъэхэ Джэнчэтэ Мурат, Шэуджэн Мыхьамод, нэмыкIхэми атхыгъэхэр зыдэтхэ тхылъэу «Ахэмэ ягущыIи яIаши чаныгъэ» зыфиIорэр блэкIыгъэ илъэсым къыдэкIыгъ.

Тиадыгэ советскэ литературэ зэо ужым бгъу пстэумкIи хэпшIыкIэу зиушъомбгъугъ, ижанрэ пстэуми ахэхъуагъ. Адыгэ советскэ прозэм лъапсэ фэзышIыгъэ КIэрэщэ Тембот ироманэу «Насыпым игъогу» зыфиIорэм Къэралыгъо премиер 1948-рэ илъэсым къыфагъэшъошагъ. Романэу «Типшъашъэхэр», повестхэу «Шапсыгъэ пшъашъ», «Хьаджрэт», «Ны Iушым ыпхъу» зыфиIохэрэр, нэмыкI новеллэу писателым ытхыгъэхэр къыдэкIых. Ахэмэ адыгэ къуаджэм социалистическэ зэхъокIыныгъэхэу къыдэхъухьэхэрэр, социалистическэ щыIакIэр гъэпсыгъэнымкIэ лэжьакIомэ гуетныгъэ инэу ахэлъыр къагъэлъагъо, коммунизмэ гъэпсыным фэгъэхьыгъэх. Джыдэдэм писателым «Куко» зыфиIорэ романыкIэм итхын ыухыгъ. Ар непэрэ цIыфыкIэм игукъэбзагъэ, инэшэнэ дахэхэм къатегущыIэ.

Лъэустэн Юсыф адыгэ литературэм лъапсэ фэзышIыгъэмэ зыкIэ ащыщ. «Гъогур Iухыгъ» зыфиIорэ тхылъым чIыпIэ гъэнэфагъэ тилитературэ щиубытыгъ. Ащ ыужкIэ писателым Отечественнэ зэошхом ехьылIагъэу, адыгэмэ лIыхъужъныгъэу зэрахьагъэр къыгъэлъагъоу «Къушъхьэр къэнэфы» зыфиIорэ романыр ытхыгъ. Илъэс заулэкIэ узэкIэIэбэжьымэ, нэмыкI романыкIэу «Ожъубаныкъохэр» зыфиIори къыдэкIыгъ, ар урысыбзэкIэ зэдзэкIыгъэу джырэблагъэ Краснодар тхылъ тедзапIэм къыхиутыгъ, непэрэ щыIакIэр къэзгъэлъэгъорэ тхылъ дэгъоу тиадыгэ советскэ литературэ мы аужырэ илъэсхэм иIэмэ мы романыр ащыщ. «ШъузышIум илъагъу» зыфиIорэ тхылъэу повестыкIэрэ рассказхэмрэ зыдэтыщтым джыдэдэм Iоф дешIэ.

Писателэу Кэстэнэ Дмитрие итхылъхэр цIыф жъугъэхэм зэлъашIэх. «Псыхъохэр зэхэлъадэх» зыфиIорэ романым ар дэгъоу къеушыхьаты. Мы тхылъыр щэгъогогъо, зэ адыгабзэкIэ, тIо урысыбзэкIэ къыдэкIыгъ. Ирассказхэр зыдэтхэ тхылъэу «ЦIыфым ишIушIагъ» зыфиIоу къыхиутыгъагъэми чIыпIэ гъэнэфагъэ тилитературэ щиубытыгъ. БэмышIэу писателым романыкIэу «ПсыгуIан» зыфиIори адыгабзэкIэ ытхыгъ, ари бэрэ пэмытэу къыдэкIыщт. Джыдэдэм Кэстэнэ Дмитрие Шэуджэн Мосэ ехьылIэгъэ романыр етхы.

Тхылъеджэмэ зэлъашIэрэ тхылъыбэ Еутых Аскэр ытхыгъ. Ахэмэ «Сшынахьыжъ», «IэнэтIэ дэгъу», «Къуаджэу Псыбэ», «Тыгъэр ташъхьагъ», «Насып», «ТищыIакI», «Зы бзылъфыгъэ итхыд» зыфиIорэ повестхэр ыкIи усэхэр зыдэтхэ тхылъ пчъагъэхэр ащыщых.

Мы аужырэ илъэсхэм Iэшъынэ Хьазрэт непэрэ щыIакIэм ехьылIэгъэ тхылъ заулэ къыдигъэкIыгъ. «ХьаситIу», «Нэфын», «КIымафэми шыблэр мао», «Зэрджаехэр» зыфиIохэрэм, нэмыкIхэм непэрэ цIыфыкIэм изэрэщыт къагъэлъагъо. «Аштрам» зыфиусыгъэ романыкIэм итхын ыухыгъ, ар мы илъэсым тхылъ тедзапIэм къыдигъэкIыщт. Мы зигугъу къэтшIыгъэхэм ащыщхэр урысыбзэкIи къыдэкIыгъэх.

Шэуджэн Аюбэ цIыф жъугъэмэ зэлъашIэрэ повестэу «Не забудьте» зыфиIорэр ытхыгъ. Ар тIогъогогъо урысыбзэкIэ къыдагъэкIыгъ. «Псекупсское подполье» зыфиIорэ тхылъыкIэу ытхыгъэр мы илъэсым Краснодар тхылъ тедзапIэм къыдигъэкIыщт.

Прозэм фэдэкъабзэу адыгэ поэзиеми гъогушхо къыкIугъ, мафэ къэс джыри нахь зеушъомбгъу, итхылъыкIэмэ къахэхъо, иныбжьыкIэ макъэхэр мэпытэх. Тиадыгэ поэзие лъапсэ фэзышIыгъэмэ ащыщэу Пэрэныкъо Мурати тихэку ис цIыфыбэмэ зэлъашIэ. «НэкIмаз», «Сакъ» зыфиIорэ поэмэхэм Пэрэныкъом щытхъушхо къыфахьыгъ. Мыхэмэ аужкIэ къыдэкIыгъэ тхылъ пчъагъэмэ, кIэлэцIыкIумэ афэгъэхьыгъэ пшысэхэм типоэзие хагъэхъуагъ, ыпэ лъагъэкIотагъ. Джащ фэдэу типоэтхэу ЯхъулIэ Сэфэр, Жэнэ Къырымызэ, ХьадэгъэлIэ Аскэр, Бэрэтэрэ Хьамидэ атхыгъэхэм цIыф жъугъэхэр ягуапэу яджэх, ятхылъхэм тиадыгэ литературэ хагъахъо, ылъапсэ агъэпытэ.

Мы аужырэ илъэсхэм тидраматургие зэрэхахъори, лъапсэ зэригъотыри хэткIи нафэ. Адыгэ советскэ писательхэм япьесэ пчъагъэхэр адыгабзэкIи урысыбзэкIи хэку драматическэ театрэм щагъэуцугъэх, ашIогъэшIэгъонэу цIыф жъугъэхэр яплъыгъэх. Писательхэу КIэрэщэ Тембот, Лъэустэн Юсыф, Еутых Аскэр, Джэгъупэ Джамболэт,

драматургхэу Мамый Ерэджыбэ, ХьакIэкIо Аслъан, Шъхьаплъэкъо Хьисэ, нэмыкIхэми япьесэхэр агъэуцугъэх.

НыбжьыкIэхэр – литературэм икъэкIуапIэх. Ащ фэдэу зыцIэ къепIон плъэкIыщт ныбжьыкIабэ тилитературэ къыхэлажьэ. Ахэмэ ащыщых Тхьаркъохъо Мэджыдэ, КъумпIыл Къадырбэч, Кощбэе Пщымафэ. Ахэмэ яапэрэ тхылъхэр къыдэкIыгъэх. Къуекъо Налбый, Теуцожь Хьабибэ, Нэхэе Руслъан, Цуамыкъо Тыркубый, ЛъэпцIэрышэ Исмахьилэ, нэмыкIхэми яусэхэр, рассказхэр альманахэу «Зэкъошныгъэм», хэку гъэзетым къыхаутых, хэку радиом къетых.

Зигугъу къэтшIыгъэ пстэуми къатхыхэрэр анахьэу зыфэгъэхьыгъэхэр тинепэрэ щыIакIэ зыгъэпсырэ цIыфмэ яIофшIагъ, яхъишъ. ЦIыфыкIэм икъэгъэлъэгъон, нэшэнакIэхэр къызэрэхагъэщынхэм, цIыфыкIэм идэхагъэ тапашъхьэ къызэрэрагъэуцоным анаIэ нахь тырагъэты. Мэхьанэ куу хэлъэу IэпэIэсэныгъэм ылъэныкъокIэ дэгъоу гъэпсыгъэу тхылъыкIэхэр атхынхэ зэрэфаер адыгэ писательхэм япшъэрылъ инэу зэрэщытыр икъукIэ къагурыIозэ, яшъыпкъэу Iоф ашIэ.

Зэрэтхэхэрэм дакIоу хэкум иписательхэм Iофыгъо зэфэшъхьафхэр зэрахьэх. Хэкум ищыIэкIэ-псэукIэ яшъыпкъэу хэлажьэх. Тхылъеджэхэм заIуагъакIэ, атхыгъэхэм къафяджэх, къыдагъэкIыгъэ тхылъхэр агу рехьыхэмэ-ремыхьыхэмэ зэрагъашIэ, атхынэу ягухэлъхэр араIуатэ, пшъэрылъыкIэхэу къэуцухэрэр цIыф жъугъэхэм алъыгъэIэсыгъэнхэмкIэ хэкум яшIогъэшхо рагъэкIы. Тхылъэу атхыгъэхэр къыдагъэкIынхэм ыпэкIэ писательхэм яIофшIапIэ игъэкIотыгъэу щытегущыIэх. ЩыкIагъэхэр зэфагъэлъэгъожьых, еплъыкIэ тэрэз фыряIэу сыдрэ Iофми дэзекIох. Тхэн езгъэжьэгъэ ныбжьыкIэхэм акIуачIэ къызэрихьэу IэпыIэгъу араты. Литературнэ кружокхэу Адыгэ педагогическэ институтым, хэкум иеджапIэмэ ачIэтхэм ахэлэжьэрэ ныбжьыкIэхэм заIуагъакIэ, тхэным икъулайныгъэ араIуатэ, атхыгъэхэр ауплъэкIух, хъунэу къахахыхэрэр «Зэкъошныгъэм» къыхырагъэутых.

РСФСР-м иписательхэм я Адыгэ хэку къутамэ илитературнэ-художественнэ альманахэу «Зэкъошныгъ» зыфиIорэр илъэсым плIэ къыдегъэкIы. Джыдэдэм альманахым нэбгырэ миниплIым ехъу кIэтхэ. Ащ къыушыхьатырэр «Зэкъошныгъэр» цIыф жъугъэмэ шIу зэралъэгъурэр, ащ инэкIубгъомэ къарыхьэрэ усэхэм, поэмэхэм, рассказхэм, повестхэм, очеркхэм ягуапэу зэряджэхэрэр ары. «Зэкъошныгъэм» анахьэу ипшъэрылъ иныр тиадыгэ литературэ ихэхъоныгъэ, игъэхъагъэхэм, щыкIагъэу фэхъухэрэр нафэ ышIынхэр, тхэн езгъэжьэгъэкIэ ныбжьыкIэхэм къатефэрэ IэпыIэгъур аритыныр, атхыхэрэмэ тхылъеджэхэр ащигъэгъозэнхэр ары.

«Зэкъошныгъэм» икъыдэгъэкIын щыкIагъэхэр фэмыхъухэу щытэп. Ащ фэхъурэ щыкIагъэхэр еджэхэрэмкIэ нафэ. Ахэр дэгъэзыжьыгъэ хъунхэмкIэ писательхэм я Адыгэ хэку къутамэ мызэу-мытIоу щытегущыIагъэх, ащ ишIуагъи къэкIуагъ.

Гъэхъэгъэ шIукIаехэр тиадыгэ литературэ иIэх нахь мышIэми, щыкIагъэхэри фэмыхъухэу щытэп. Типисательхэм, поэтхэм, драматургхэм атхыхэрэм художественнэ IэпэIэсэныгъэу ахэлъыр джыри макIэ. Анахь щыкIагъэу тфэхъухэрэм зыкIэ ащыщыр джырэ щыIакIэм, цIыфыкIэм икъэгъэлъэгъон ифэшъошэ чIыпIэ тилитературэ зэрэщимыубытырэр ары. Тилъэхъанэ ицIыфыкIэ игухэлъ-гупшысэхэр, идунэееплъыкIэ тхылъ зырызхэм къызэрэщатырэм уигъэразэрэп.

РСФСР-м иписательхэм я Адыгэ хэку къутамэ Iофыгъуабэ зэрихьанэу ипшъэрылъ. Октябрьскэ социалистическэ революциешхор зыщыIагъэр илъэс шъэныкъо зыщыхъущтыр къэблагъэ, ар игъэкIотыгъэу тихэгъэгу, шIу зыгу илъ пстэоу дунаим тетхэм хагъэунэфыкIыщт.

Адыгэ литературэмрэ искусствэмрэ ятхьэмафэ 1957-рэ илъэсым Москва, 1965-рэ илъэсым къалэу Краснодар зэращыIагъэм адыгэ цIыф лъэпкъэу зинасып Совет хабзэм ыгъэбэгъуагъэм илитературэ гъэхъагъэу ышIыгъэхэр къыщынэфагъэх. Тихэгъэгу ицIыф лъэпкъхэм азыфагу зэкъошныгъэу илъыр зэрэдахэр, зэрэпытэр ащ джыри зэу къыушыхьатыгъ.

Адыгэ лъэпкъым иписательхэм, поэтхэм, драматургхэм атхыгъэхэр ежь адыгэмэ ямызакъоу нэмыкI цIыф лъэпкъымэ абзэкIэ зэдзэкIыгъэу къыдэкIых. Тихэгъэгу къыщымыуцоу нэмыкI хэгъэгухэми къащыхаутых. Типисательхэм атхыгъэ тхылъхэм абзэкIэ урысхэр, украинцэхэр, ермэлхэр,

казаххэр, молдаванхэр, литовцэхэр, латышхэр, китайцэхэр, полякхэр, арабхэр, чеххэр, болгархэр, нэмыкІ цІыф лъэпкъхэр яджэх.

Адыгэ литературэм игъэхъагъэмэ къаушыхьатырэр тапэкІэ ащ нахь хэхъоныгъэ инхэр зэришІыщтхэр, илъэхъанэ епэсыгъэ тхылъыкІэхэр къызэритыщтхэр арых. Мэхьанэ куу ахэлъэу, художественнэ ІэпэІэсэныгъэмкІи дэгъухэу, цІыф жъугъэхэр агъэразэхэу тхылъыкІэхэр къыдэгъэкІыгъэнхэр япшъэрылъ лъапІэу зэрэщытыр къагурыІозэ, адыгэ писательхэм Іоф ашІэ, гъэхъэгъакІэхэмкІэ тхылъеджэхэр тапэкІи агъэгушІощтых.

*1967-рэ илъэс*

## Гъогу шІагъу

ШІугъэ къызтекІырэ гъогу пстэури гъогушІукІэ цІыфмэ алъытэ. Совет хэбзакІэм къыздихьыгъэ гъогу шІагъомэ ащыщ советскэ литературэм къыкІугъэри. Апэрэ мафэм къыщыублагъэу партием ащ писательхэр фипІугъэх, филэжьыгъэх. Социалистическэ реализмэр зитворчествэ лъапсэ фэхъугъэ А.М. Горькэр япащэу, В.В. Маяковскэм, А.С. Серафимович атхыгъэхэр иІэпыІэгъухэу, тхэн езгъэжьэгъэкІэ ныбжьыкІэхэу охътакІэм къыхэтэджагъэхэм ишІуагъэ аригъэкІыгъ, гъэхъэгъэ дэгъухэр ашІынхэмкІэ зыкІырыплъын щысабэ аригъэлъэгъугъ. ЦІыфыкІэм ипІун, илэжьын, ащ икъэгъэлъэгъон анаІэ тыраригъэдзагъ. Дунаижъым къыхэтэджыкІи, дунаикІэм икуупІэ хэуцогъэ цІыфым ищыІэкІэ-псэукІэ шъыпкъагъэ хэлъэу тхыгъэмэ къащыгъэлъэгъоным писатель нахьыжъхэри, тхэн езгъэжьэгъакІэхэри коммунистическэ еплъыкІэм къыфиІэтыгъэх, фиуІэшыгъэх, зылъапсэ кІодыщтыгъэ гъэпщылІэкІо классым кІодыкІэу фэхъугъэр зыфэдэр, ащ къызэримыгъэзэжьыщтым рабочэ-мэкъумэщышІэ цІыфыкІэр фытыригъэпсыхьагъ, а цІыфыкІэр пІугъэнымкІэ шІэгъэн фаер тхэрэмэ агуригъэІуагъ.



Совет хэбзэр къызыдахым, ащ ыужи литературнэ организацие зэфэшъхьафхэр мызэу-мытІоу тихэгъэгу итыгъэх. Ахэмэ писатель зэфэшъхьафхэр ахэтыгъэх. ЗишІуагъэ къакІорэри багъэ, зиягъэ къякІырэри мэкІагъэп. Партием «Литературнэ-художественнэ организациехэр нэмыкІэу гъэпсыгъэнхэр» зыфиІорэ унашъоу къыдигъэкІыгъэм теткІэ РАПП-ри пэмыкІ организацие жъгъэй зэфэшъхьафхэри зэхагъэкІыжьын фаеу хъугъэ. Ащ ыуж, августым и 17-м 1934-рэ илъэсым советскэ писательхэм я Апэрэ съезд къызэІуахыгъ. Съездым урыс писательмэ адакІоу хэгъэгум ис цІыф лъэпкъмэ яписательхэри хэлэжьагъэх. А. М. Горькэм къышІыгъэ докладым едэІугъэх, Леонид Соболевыр, Всеволод Ивановыр, Леонид Леоновыр, Сулейман Стальскэр, Валентин Катаевыр, нэмыкІхэри съездым къыщыгущыІагъэх. Джы къызнэсыгъэм Л. Соболевым къыІогъэгъэ гущыІэхэм ащыщхэу «партиемрэ правительствэмрэ советскэ писательмэ зэкІэ къаратыгъ. Дэеу тхэн закъор ахэмэ атырахыгъ» зыфиІорэ гущыІэ лъэшхэр литературэм къыхэнэжьыгъэхэу джы къызнэсыгъэм щагъэфедэх.

Адрэ цІыф лъэпкъмэ афэдэу тиадыгэ литературэ ныбжьыкІэ илІыкІохэр Апэрэ съездым хэлэжьагъэх. Ахэр КІэрэщэ Темботрэ Хьаткъо Ахьмэдрэ арыгъэх. ТІуми аныбжь багъэп, тІури адыгэ литературэ ныбжьыкІэм икІэщэкІуагъэх.

Советскэ писательхэм я Апэрэ съезд хэлэжьагъэмэ Коммунистическэ партиемрэ Советскэ правительствэмрэ зэрахьэрэ Іофыгъохэм зэрагоуцохэрэр, ахэмэ яунашъохэр щыІакІэм пхыращынэу къызэратефэрэр, зэряпшъэрылъыр, ащкІэ шІэгъэн фаехэр зыкІыныгъэ хэлъэу къызэдагъэлъэгъуагъ, СССР-м иписательхэм я Союз и Устав ащ щаштагъ.

Непэ зыныбжь илъэс 50 хъурэ СССР-м иписательхэм я Союз гъогушхо гъогу шІагъо къыкІугъ. Джа уахътэм къыкІоцІ тисоветскэ щыІакІэ къизыІотыкІырэ, мэхьанэ зиІэ тхылъ дэгъухэр къыдэкІыгъэх, ящытхъуи, тихэгъэгу имызакъоу, ІэкІыб хэгъэгубэми ащыІугъ, дунаим илитературэ инмэ ахалъытэу хъугъэ. ЗыцІэ къеппІонэу тхылъишъэ пчъагъэ тихэгъэгу къыщыдэкІыгъ.

СССР-м иписательхэм я Союз зызэхащэ нэуж хэпшыкIэу нэмыкI цIыф лъэпкъэу тихэгъэгу щыпсэурэмэ ялитературэмэ зыкъаIэтыгъ, ахэмэ советскэ зэкъошныгъэ щыIакIэр къагъэбаигъ, къагъэкIэракIагъ. Апэрэ съездым ыуж бэ темышIэу Адыгэ писательскэ организациери зэхащагъ, апэрэ тхьаматэхэу КIэращэ Темботрэ Хьаткъо Ахьмэдрэ ащ иIагъэх. Адыгэ писательскэ организациер зэрэзэхащагъэм ишIуагъэ къызэрэкIуагъэр хэткIи нэрылъэгъугъ. Адыгэ литературэ ныбжьыкIэр ленинскэ национальнэ еплъыкIэу щыIэм къыдэтэджыгъ, ыпIугъ, ылэжьыгъ.

Тилитературэ къыкIугъэ гъогум иапэрэ илъэсипшI анахьэу сыд фэдэ Iофыгъуа зытегущыIагъэр, къыгъэлъэгъуагъэр? КIэкIэу уакъытегущыIэн хъумэ, ахэр мыщ фэдэх: революцие ужым дунэякIэм къыхэтэджэгъэ цIыфыкIэм икъэгъэлъэгъон, ащ инэшан, жъым зэребэнырэр, кIэр зэрэтекIорэр. Ахэр КIэращэ Тембот ирассказхэм, истатьяхэм, Хьаткъо Ахьмэд иусэхэм, Цэй Ибрахьимэ итхыгъэмэ къагъэлъэгъуагъ. Ащ ыуж къыкIэлъыкIогъэ илъэсхэм колхозыр зэхэщэгъэнымкIэ, цIыфмэ якультурэ зыкъегъэIэтыгъэнымкIэ, еджэныр, гъэсэныгъэр лэжьэкIо жъугъэмэ ахэлъхьэгъэнхэмкIэ, апэрэ пятилеткэм игъэцэкIэнкIэ шIэгъэн фэе Iофыгъомэ якъэгъэлъэгъон, язэшIохын ынаIэ тыригъэтыгъ, цIыфыкIэм инэшэнэ-зэхъокIыныгъэхэр образ гъэшIэгъонхэмкIэ къытэу ригъэжьагъ. ЯщэкIэнэрэ илъэсхэм КIэращэм, Хьаткъом, Цэим анэмыкIхэу талант зыхэлъ ныбжьыкIэхэр адыгэ литературэм къыхэхьэх. Ахэр Пэрэныкъо Мурат, Лъэустэн Юсыф, Еутых Аскэр, Кэстэнэ Дмитрий, нэмыкIхэри. КIэращэ Тембот ироманэу «Щамбул», Хьаткъо Ахьмэд иусэхэр зыдэт тхылъэу «Пщыналъ», Цэй Ибрахьимэ иусэ-пшысэу «ТхьакIумкIыхьэм ихьадэIус», Пэрэныкъо Мурат ипоэмэхэу «НэкIмаз», «Сакъ», Лъэустэн Юсыф иповестэу «Гъогур Iухыгъ», Еутых Аскэр ипоэмэу «Зулиф», иповестэу «Сшынахьыжъ», нэмыкIхэм яусэ пчъагъэхэр гъэзетым, альманахым къехьэх, тхылъ шъхьафэу къыдэкIых. ХэпшIыкIэу адыгэ литературэм лъэбэкъукIэхэр ешIых.

1936-рэ илъэсыр адыгэ литературэ ныбжьыкIэмкIэ мэхьанэшхо зиIэ илъэсэу хъугъэ. Адыгэ писательхэм я Апэрэ съезд зэхащэ. Мыщ КIэращэ Темботрэ Хьаткъо Ахьмэдрэ адыгэ литературэм ипшъэрылъхэм, ихэхъоныгъэ, щыкIагъэу фэхъурэм афэгъэхьыгъэу докладхэр къыщашIыгъэх. Литературэм къыхэхьэгъэ ныбжьыкIэхэр пIугъэнхэмкIэ, талант зыхэлъхэр къыхэгъэщыгъэнхэмкIэ, ахэр партием фэпIугъэнхэмкIэ, хэгъэгум фэлажьэхэу шIыгъэнхэмкIэ съездым мэхьанэшхо иIагъ.

Октябрь революцием ыпэкIэ адыгэмэ жэрыIо творчествэ ин зэряIагъэр япшысэхэм, ятхыдэхэм, яорэдхэм, япщыналъэхэм, зэрэпсэоу нарт эпосыр зыпштэкIэ къеушыхьаты. Совет хабзэм иилъэсыкIэхэм адыгэ жэрыIо творчествэм лъэшэу зыкъыригъэIэтыгъ, орэдус зэфэшъхьафэу чылэмэ адэсмэ амакъэ зэриугъоилIагъэ. Ахэмэ Теуцожь Цыгъуи ащыщыгъ. Адыгэ писательхэм ясъезд нэуж Теуцожь Цыгъо анахьэу ымакъэ чанэу Iугъэ. «Пщыоркъ зау», «Мафэкъо Урысбый» зыфиIорэ поэмэ шIагъохэу ыусыгъэхэм адыгэ литературэ ныбжьыкIэр къагъэбаигъ, IофшIэным и Быракъ Плъыжь «Трудовое Красное Знамя» зыфиIорэ орденыр усэкIо лIыжъым къызэрэфагъэшъошагъэм адыгэ литературэ ныбжьыкIэр ыгъэгушхуагъ, лъэбэкъукIэ ыдзыным къыфиIэтыгъ. Ащ ыуж къыкIэлъыкIуагъэ илъэсхэм типисательхэм атхырэм фэшъхьафэу зэдзэкIынымкIи Iофышхо ашIагъ. КIэращэм, Хьаткъом, Лъэустэным, Пэрэныкъом, Еутыхым, Кэстанэм, Джэнчатэм, Жанэм, нэмыкIхэми зэрадзэкIыгъэхэу Пушкиным, Лермонтовым, Некрасовым, Островскэм, Гоголым, Маяковскэм, Блок, нэмыкIхэри адыгабзэкIэ къыхаутыгъэх, зэдзэкIыным иIоф тызхэт лъэхъанми щылъагъэкIуатэ.

Фашист Германиер тихэгъэгу къызытебанэм адыгэ писатель пчъагъэ заом кIуагъэ. Лъэустэн Юсыф, Пэрэныкъо Мурат, Кэстэнэ Дмитрие, Еутых Аскэр, Шъхьаплъэкъо Хьисэ, Жэнэ Къырымызэ, Джэнчэтэ Мурат, ХьадэгъэлIэ Аскэр, нэмыкIхэр чаныгъэ къызхагъафэу заом хэлэжьагъэх, лIыхъужъыгъэу щызэрахьагъэм пае орденхэр къафагъэшъошагъэх. ЗэлъашIэрэ поэт ныбжьыкIэу Андырхъое Хъусен лIыгъэу зэрихьагъэм ифэшъуашэу Советскэ Союзым и ЛIыхъужъ цIэр къыфаусыгъ, зыщыщ хэкум икIэу ищытхъу чыжьэу Iугъэ. Уджыхъу Адылджэрыйи, Уджыхъу Хьалиди, Тыгъужъ ДышъэкIи, Гощэкъо Сэфэрбыйи, Салиев Ахьмэди, Къадэ Хьиси заом щыфэхыгъэх,

Меркицкэ Рэщыди игъонэмысэу нэмыц фашистмэ ичылэ Нэтыхъуае щаукlыгъ.

Текlоныгъэр Отечественнэ зэошхом къыщцыдэзыхыгъэ хэгъэгур мамыр лъэхъанэ зеуцожьым, типисательхэм къагъэзэжьи, а щыlакlэм фэусэхэу рагъэжьэжьыгъ. Зэоуж илъэсхэм адыгэ литературэм зиушъомбгъугъ, хэхъоныгъэ дэгъухэр ышlынэу чlыпlэ иуцуагъ. Ар къэзыушыхьатырэмэ ащыщ Кlэрэщэ Тембот итхылъэу «Насыпым игъогу» зыфиlорэмкlэ Сталинскэ премие 1948-рэ илъэсым къызэрэфагъэшъошагъэр. Ари тилитературэ итекlоныгъэ щыщыгъ.

Уахътэр лъыкlуатэ къэсми зызыушъомбгъурэ адыгэ литературэм талант зиlэ писательхэр къыхэхьэх. Ахэмэ Яхъулlэ Сэфэр, Жэнэ Къырымызэ, Хьадэгъэлlэ Аскэр, lэшъынэ Хьазрэт, Бэрэтэрэ Хьамид, нэмыкlхэри ащыщых. Мыхэмэ атхыгъэ тхылъхэм, нахьыжъмэ афэдэу адыгэ литературэм зырагъэушъомбгъугъ, темакlэхэр къыхагъэхьагъэх, типисательмэ яlэпэlэсэныгъэ нахь зыкъиlэтыгъ, атхыгъэхэр урысыбзэкlэ къызэрэдэкlырэм ишlуагъэкlэ тхылъеджэу яlэр нахьыбэ хъугъэ.

Мы аужырэ илъэс пшlыкlутфым адыгэ писательскэ организацием хэтмэ къахэхъуагъ. Кощбэе Пщымаф, Къумпlыл Къадырбэч, Къуекъо Налбый, Нэхэе Руслъан, Пэнэшъу Сэфэр, Цуекъо Юныс, Щэшlэ Казбек СССР-м ипсательхэм я Союз аштагъэх, чанэуи литературэм щэлажьэх, непэрэ щыlакlэм ехьылlэгъэ тхылъыкlэхэр къыдагъэкlых.

Кlочlакlэхэр къызхэмытаджэрэ литературэ щыlэп. Илъэс къэс адыгэ литературэм къыхэхъорэ тхэн езыгъэжьэгъэ ныбжьыкlэхэм тарэгушхо, атхыгъэхэр къыдэкlых. Ащ фэдэу зыцlэ къепlощтмэ Теуцожь Хьабибэ, Кlэсэбэжъ Къэплъан, Лъэпцlэрышэ Исмахьилэ, Бэгъ Нурбый ыкlи нэмыкlхэри ащыщых.

Адыгэ советскэ литературэм зиlахьышlу хэзышlыхьэрэмэ ащыщых Шэуджэн Аюби, Мамый Ерэджыби, Цуекъо Джэхьфари, Бахъукъо Ерэджыби. Мыхэмэ ятхылъхэу къыдэкlыгъэхэр тхылъеджэ жъугъэмэ ахэхьагъэх, шlу алъэгъугъ.



Аужырэ илъэсипшlым литературнэ критикэм хэхъоныгъэ шlукlаехэр ышlыгъэх, адыгэ писательхэм атхыгъэмэ афэгъэхьыгъэу тхылъ заулэ къыдэкlыгъ. Ащкlэ литературнэ-художественнэ критикэм фэгъэхьыгъэу партием ышlыгъэ унашъом ишlуагъэ къэкlуагъ. Къуныжъ Мыхьамэт, Шъхьэлэхъо Абу, Щэшlэ Казбек, Мамый Руслъан, Цуамыкъо Тыркубый, Пэнэшъу Уцужьыкъо, нэмыкlхэр адыгэ литературнэ критикэм дэгъоу хэлажьэх.

СССР-м ипсательхэм я Союз зызэхащагъэр илъэс 50 зыщыхъурэ лъэхъаным, нахьыпэрэм фэдэу, джыри тапэкlэ пшъэрылъышхохэр къэтэджых. Ахэр сыд фэдэх? КПСС-м ия XXVI-рэ съезд, партием и Центральнэ Комитет и Пленумхэу къыкlэлъыкlуагъэхэм идеологическэ lофшlэныр джыри нахь гъэлъэшыгъэнымкlэ ашlыгъэ унашъохэр тиlэубытыпlэхэу адыгэ литературэм ижанрэхэр – прозэр, поэзиер, драматургиер, кlэлэцlыкlу литературэр, очеркыр, литературнэ критикэр – зэрэлъыдгъэкlотэщтхэм тынаlэ тедгъэтыщт.

*1967-рэ илъэс*

## Адыгэ литературэр лlэшlэгъу чыжьэхэм къащежьагъ

Адыгэ лъэпкъым иижъырэ культурэ блэкlыгъэ лlэшlэгъу чыжьэхэр ары къызыщежьагъэр. Ащ ижэрыlо творчествэ бай, жанраби къызэлъыхеубытэ. Таурыхъхэр, тхыдэжъхэр, лlыхъужъ орэдхэр, гущыlэжъхэр, гущыlэ щэрыохэр, аужыпкъэм, народым зэхилъхьэгъэ пщынэлъэ ин дэдэу нарт эпосэу зифэмэ-бжьымэшхо адыгэ лъэпкъ литературэм къытезыгъэхьагъэр дунэе культурэм ихъарзынэщ lахь хъугъэх.

Нахьыпэм адыгэхэм ежь ятхылъыбзэрэ литературэрэ яlагъэхэп, еджэкlэ-тхакlэ зышlэрэр нэбгырэ зырызыгъ ныlэп. Зыкlэхъопсыхэрэмрэ зыщыгугъыхэрэмрэ народым къызыщиlуатэщтыгъэр жэрыlо творчествэр ары. Ахэмэ

къащыгъэлъэгъуагъэ хъугъэ лъэпкъым итарихъэу лIэшIэгъу пчъагъэ хъурэр, игупшысэхэр, игугъапIэхэр. Зэфэшъхьаф жанрэхэм арылъхэу аусыгъэх.

Джырэ тилъэхъан пштэмэ, адыгэ народым икультурэ хэхъоныгъэшхохэр иIэх. Совет хабзэм иилъэсхэм къакIоцI тхыбзэ, народнэ пшысэхэм къащежьи, орэдымрэ романымрэ анэсыжьэу хэхъоныгъэм игъогу мыпсынкIэ къэзыкIугъэ художественнэ литературэ тиIэ хъугъэ. Хэутыгъэ гущыIэр къэхъугъ. Ащ къыкIэлъыкIуагъэх апэрэ букварыр, гъэзетыр, журналыр.

КIэрэщэ Темботрэ Хьаткъо Ахьмэдрэ яапэрэ тхыгъэхэр адыгэ советскэ литературэу къэхъурэм лъапсэ фэхъугъэх.

Джа илъэсхэм адыгэ литературэм амал дэгъухэр иIэхэ зэрэхъугъагъэм ишIуагъэкIэ псынкIэу хахъоу ригъэжьагъ. Цэй Ибрахьимэ, Кобл Билъэустэн, Ащкъэнэ Исмахьилэ, Пэрэныкъо Мурат, Лъэустэн Юсыф, Еутых Аскэр, Уджыхъу Адылджэрые, Меркицкэ Рэщыдэ, Кэстэнэ Дмитрие, ЯхъулIэ Сэфэр, Андырхъое Хъусенэ, Жэнэ Къырымызэ, ХьадэгъэлIэ Аскэр, нэмыкIхэми атхыгъэхэр къыхаутыгъэх.

Социализмэ гъэпсыным игъэхъагъэхэм, советскэ писательхэм я Апэрэ Всесоюзнэ зэфэс яфэмэ-бжьымэшхо лъэпкъ литературэхэм яхэхъоныгъэ тырагъэхьагъ. СССР-м иписательхэм язэфэс иделегатхэу хадзыгъагъэх КIэрэщэ Темботрэ Хьаткъо Ахьмэдрэ. Ахэр зэфэсым къызекIыжьхэм, 1934-рэ илъэсым Адыгеим иписательскэ организацие щызэхащэ. ИлъэситIу тешIагъэу, 1936-рэ илъэсым идекабрэ мазэ, Адыгеим иписательхэмрэ ашугхэмрэ яапэрэ зэфэс щыIагъ. КIэрэщэ Темботрэ Хьаткъо Ахьмэдрэ ащ докладхэр къыщашIыгъэх.

Адыгэ писательхэмрэ поэтхэмрэ яшъыпкъэу Iоф ашIэ, ахэмэ атхыгъэхэр къыдэкIых, литературнэ-художественнэ альманахэу «Тихахъо» зыфиIорэм инэкIубгъохэм къащыхаутых. КIэрэщэ Тембот ироманэу «Насыпым игъогу» зыфиIорэм иапэрэ пычыгъо 1932-рэ илъэсым къыхаутыгъ. Гражданскэ гушхуагъэ къахэщы Хьаткъо Ахьмэд иусэхэм. Цэй Ибрахьимэ ирассказэу «Фатмэ игушIуагъу», усэпшысэу «ТхьакIумкIыхьэм ихьадэIус» зыфиIохэрэр, Пэрэныкъо Мурат ипоэмэхэу «НэкIмаз», «Сакъ», Лъэустэн Юсыф иповестэу «Гъогур Iухыгъ», Еутых Аскэр иповестэу «Сшынахьыжъ» зыфиIохэрэр, нэмыкIхэри къыхаутых.

Народым къыхэкIыгъэ Теуцожь Цыгъо ыцIэ игъэкIотыгъэу хэгъэгум щызэлъашIэ хъугъэ, ащ ипоэмэхэу «Пщыоркъ зау», «Мафэкъо Урысбый» зыфиIохэрэр къыхаутых. Ащ иусэхэм зищытхъу аIуатэрэр Совет хэгъэгур, колхоз щыIэкIэ-псэукIэр, народхэм язэкъош-зэблэгъэныгъ ары.

Фольклорым иугъоин адыгэ писательыбэхэр хэлажьэх. КIэрэщэ Тембот 1934-рэ илъэсым фольклор экспедицием пэщэныгъэ дызэрехьэ, жэрыIо творчествэм ехьылIагъэу статьяхэр гъэзетхэм, альманахым, журналхэм къарегъахьэ. Цэй Ибрахьимэ адыгэ лъэпкъхэм яжэрыIо поэтическэ творчествэ итекстхэр къаригъэIуатэхэзэ етхых. Лъэустэн Юсыф ишъыпкъэу фольклорыр еугъои, пшысэхэмрэ таурыхъхэмрэ зыдэт тхылъыр хэутыным фегъэхьазыры, народнэ новеллэхэр зыдэхьащт тхылъыри зэхегъэуцо, Меркицкэ Рэщыдэ народым ыусыгъэ орэдхэмрэ пшысэхэмрэ ыугъоигъэх.

Адыгэ писательхэмрэ поэтхэмрэ яшIогъэшхо къагъакIозэ ашIэщтыгъэ Iофыр хэгъэгу зэошхом зэпигъэугъ. Адыгеим иписательхэм зэкI пIоми хъунэу Iашэр аIыгъэу ти Родинэ ынапэрэ ишъхьафитныгъэрэ къаухъумагъ. Гитлер итехакIохэр зызэхакъутэхэ нэужым адыгэ литературэм тхэкIуабэ зэрэчIинагъэр нафэ хъугъэ. ТихэгъэгукIэ апэрэ писателэу Советскэ Союзым и ЛIыхъужъ щытхъуцIэр къыфагъэшъошагъ Андырхъое Хъусенэ. Поэт ныбжьыкIэхэу Уджыхъу Адылджэрые, ДышъэкI Тыгъужъ, Уджыхъу Хъалидэ, Шъоджэ Исмахьилэ, Цухъо Сэфэр, нэмыкIхэри заом щыфэхыгъэх. Заом хэкIодагъэ тхэкIо ныбжьыкIэхэм ятворчествэ зэрифэшъуашэу «Ахэмэ япсалъи яIаши чаныгъэх» зыфиIорэ тхылъым къыщыгъэлъэгъуагъ.

Зэоуж илъэсхэм адыгэ литературэм ицыхьэ зытелъыжьэу ыкIуачIэ хегъахъо, прозэм, поэзием, драматургием, кIэлэцIыкIу литературэм, литературнэ критикэм, сатирэмрэ юморымрэ, орэд жанрэм заушъомбгъу.

Адыгэ литературэр зэригъэбаищтым Сталинскэ премием илауреатэу КIэрэщэ Тембот мыпшъыжьэу Iоф дешIэ, ащ икъэлэмыпэ къычIэкIыгъэх тхылъеджэхэм зэлъашIэ хъугъэ романхэу «Насыпым игъогу», «Типшъашъэхэр»,

повестхэу «Хьаджрэт», «Шапсыгъэ пшъашъ», «Шахъомрэ пшъэшъэ пагэмрэ», «Ны Іушым ыпхъу», рассказхэр, очерк-хэр. Ахэмэ адыгэ народым ишэн-зекІуакІэ, ищыІэкІэ-псэу-кІэ тхылъеджэхэр нэІуасэ афашІых, къуаджэм зэхъокІны-гъэшІухэу фэхъухэрэр къагъэлъагъох. Адыгэ цІыф лъэп-къым шІогъэ инхэр зэрэхэлъхэр, ицІыфыгъэ напэ зэрэпшъ-хьапэр – джары КІэрэщэ Тембот итворчествэ итемэ шъхьаІэр.

Лъэустэн Юсыф итхылъхэм анахьышІухэр зыфэгъэ-хьыгъэхэр джырэ лъэхъаныр, щыІэкІакІэр зыгъэпсыхэрэм ялІыхъужъныгъ, яшІулъэгъуныгъ, яэзэныбджэгъуныгъ. Джахэм афэдэх ащ иповестэу«Гъогур Іухыгъ», ироманхэу «Къушъхьэр къэнэфы», «Ожъубаныкъохэр» зыфиІохэрэр, нэмыкІхэри.

Еутых Аскэр ипроизведениехэр къыдэмылъытагъэхэу адыгэ литературэр къызышІогъэшІыгъуай. Поэтическэ тхылъ, повесть заулэхэм, «Сшынахьыжъ», «ІэнэтІэ дэгъу», «Тыгъэр ташъхьагъ», рассказ, очерк, статьябэмэ ар ят-хакІу. Ахэмэ Еутыхым къащигъэлъэгъуагъ Адыгеим обще-ственнэ зэфыщытыкІэхэр зыпкъ зэрэщиуцохэрэр, цІыфхэм ящыІэкІэ-псэукІэ нахьышІу шІыгъэным зэрэфэбанэхэрэр.

ЦІыфыр дунаим зыкІытетыр шІу ышІэныр ары – джары писателэу Кэстэнэ Дмитрие итхылъхэм ащыпхырыщыгъэ мэхьэнэ шъхьаІэр. Ар критическэ, литературоведческэ статья ыкІи тхылъыбэхэм яавтор. Кэстанэм ирассказхэу, повестхэу «Іошъхьитlу», «ШІум илъагъу», ироманхэу «Псыхъохэр зэхэлъадэх», «ПсыгуІан» зыфиІохэрэм яфэ-шъошэ уасэ тхылъеджэхэм къафашІыгъ.

Іэшъынэ Хьазрэт тызыхэт лъэхъаным итемэ фэгъэхьы-гъэу тхэрэ тхакІу. Мы аужырэ илъэсхэм ащ рассказхэр зыдэт сборникхэу, повестхэу, заулэ къыдигъэкІыгъ, ахэмэ ащыщых: «Зэрджаехэр», «Хьаситlу», «Шыур псым зэпы-рэкІы», «Аштрам». Ащ ытхыгъэмэ лиризмагъэ фабэрэ сэмэркъэу шъабэрэ акІэлъ.

Илъэсым илъэсыр кІэлъыкІоу адыгэ поэзием хэхъо-ныгъэ ешІы. Типоэтхэм ястиххэмрэ япоэмэхэмрэ зыдэт тхылъхэр тучанхэмрэ библиотекэхэмрэ ямэкІаехэм нахьы-бэрэ къэтыралъхьэхэ хъугъэ.



Адыгэ поэзием лъапсэ фэзышІыгъэхэм зыкІэ ащыщ Пэрэныкъо Мурат. Ащ истиххэмрэ ипоэмэхэмрэ гушхо-ныгъэрэ патриотизмагъэрэ къахэщы, ипоэмэу «НэкІмаз» зыфиІорэр народнэ шъыпкъэу хъугъэ. Колхоз къуаджэм ицІыфмэ яхьылІэгъэ поэмэхэу «Сакъ», «НасыпышІомэ яорэд» зыфиІохэрэр поэтым итворчествэкІэ зэхъокІныгъэ гъэнэфагъэу, мэхьанэшхо зиІэ хэхъоныгъэу хъугъэх.

Адыгэ поэзием щылажьэхэрэ, лъызгъэкІуатэхэрэ поэтхэу ЯхъулІэ Сэфэр, Жэнэ Къырымызэ, ХьадэгъэлІэ Аскэр, Бэрэтэрэ Хьамидэ ятворчествэ цІыфыбэмэ зэлъа-шІэ, осэшхо фашІы.

ЯхъулІэ Сэфэр иусэхэр зыдэтхэ тхылъхэу «Родина», «С тобою, товарищ», «Твоими устами», «Стиххэр» (уры-сыбзэкІэ), «Орэд къэсІощт» (адыгабзэкІэ)зыфиІохэрэр адыгэ поэзиемкІэ гъэнэфагъэх.

Зыныбжь икъугъэхэм, кІэлэцІыкІухэм апаеми зыфат-хэрэм емылъытыгъэу, Жэнэ Къырымызэ игупшысэхэри игузэхашІэхэри иусэхэм къащыреІотыкІы, щыІэныгъэм игушІуагъо тхылъеджэхэм агу къыщегъэущы. Ащ иусэхэр зыдэтхэ тхылъхэу «Тимафэхэр», «Жъогъо плъыжь», «ТичІыгу», «Джэуап», «О унитІу» зыфиІохэрэр къыдагъэ-кІыгъэх. УсакІом иусэ пэпчъ ежь иеплъыкІэ-екІолІакІэ сыдигъокІи хэолъагъо. КІэлэцІыкІухэм апае ащ ытхыгъэ усэхэу «Есть у всех свои дела», «Нарисованное письмо», «Первый цветок», «Как Хазрет уходил на скачки», «Звез-дочка» зыфиІохэрэр, нэмыкІхэри тхылъеджэ цІыкІухэм агу рихьыгъэх.

ХьадэгъэлІэ Аскэр ипоэмэу «Адыгэм ыпхъу» зыфиІорэр адыгэ поэзием иІахь гъэнэфагъэ хъугъэ. Усэхэмрэ поэмэ-хэмрэ зыдэт тхылъхэу «Гум иорэд», «Гугъэ нэфхэр», «Сикъуадж», «Лабэ иорэд», «Адыгэм ыгу», «Сихэгъэгу игъатх» зыфиІохэрэм усакІор тхылъеджэ жъугъэхэм зэлъа-рагъэшІагъэ.

Бэрэтэрэ Хьамидэ иусэхэмрэ ипоэмэхэмрэ зыдэхьа-гъэхэ «Нэфылъ», «Гъэтхэ псалъ», «Тыгъэнэбзый», «Ислъа-мый», «Шъыхьэкъотх» зыфиІохэрэ тхылъхэм заом, мамыр щыІакІэм цІыфым фыщытыкІэу щыІэныгъэм фыриІэм яхьылІэгъэ Іофыгъохэр къащеІэтых. Ащ ытхыхэрэр шІу-лъэгъуныгъэм, зэкъошныгъэм, колхоз къуаджэм ицІыфхэм

яхьылӀагъэх. Бэрэтарым иусэхэм гуфэбагъэ ахэлъ, хьалэлыгъэр къахэщы.

Я 30-рэ илъэсхэр ары адыгэ драматургием апэрэ лъэбэкъухэр зыщашӀыгъэхэр. Ау а жанрэм хэпшӀыкӀэу хэхъоныгъэ зишӀыгъэр джырэ лъэхъан ары. Мы аужырэ илъэсхэм адыгэ драматургием гъэхъэгъэ гъэнэфагъэхэр щашӀыгъэх. Тимафэхэм яхьылӀэгъэ пьесакӀэхэр атхыгъэх. Идейнэ-художественнэ лъэныкъомкӀэ мэхьэнэ куу зыхэлъ пьесэхэр джырэкӀэ щымыӀэхэми, хэбгъэунэфыкӀынымкӀэ гушӀуагъор тидраматургие советскэ щыӀэкӀэ-псэукӀэм икъэгъэлъэгъон зэрифэшъуашэу ынаӀэ зэрэтыригъэтырэр ары. Ахэмэ афэдэ пьесэхэу зигугъу къэпшӀынхэ плъэкӀыщтхэр КӀэрэщэ Тембот иеу «Ны Ӏушым ыпхъу», Еутых Аскэр ытхыгъэхэу «Ася», «Бзылъфыгъэ цӀыкӀу», Лъэустэн Юсыф и «Ожъубаныкъохэр», Мамый Ерэджыбэ иехэу «Псэлъыхъохэр», «Мыхьамчэрыекъор, привет!», Шъхьаплъэкъо Хьисэ ытхыгъэхэу «Даут», «Чӏыгум иорэд», Дж. Джагупэм иеу «ЛъышӀэжь», «Сюзана», ХьакӀэко Аслъан ипьесэхэу «Заурхъанрэ Заурхъанрэ», «Ным ыцӀэкӀэ», нэмыкӀхэри.

Художественнэ очеркыр зэрифэшъуашэу литературэм иплъышъохэм ащыщэу алъытэ. Литературэм ижанрэхэм афэдэхэу ари атхы, еджэх, ифэмэ-бжьымэ тхылъеджэм тырегъахьэ. Очеркым ежь иунэе нэшанэхэр хэлъых, ар нахь ӀэшӀэх. «Очеркистым щыӀакӀэм псэ зыпыт щысэтехыпӀэ къыхигъотэным лъыхъун фае…» – джары М. Горькэм очеркым къыриӀуалӀэщтыгъэр.

Мы аужырэ уахътэм очерк жанрэм адыгэ литературэм гъэхъэгъэ гъэнэфагъэхэр щишӀыгъэх. ЛэжьэкӀо цӀыфхэм яхьылӀагъэу писательхэм очерк заулэ атхыгъ, тхылъ шъхьафхэу къыдагъэкӀыгъэх. Кэстэнэ Дмитрие, Лъэустэн Юсыф, Павел Резниковым, Бэрэтэрэ Хьамидэ яочеркхэр гъэзетхэмрэ журналхэм янэкӀубгъохэм къащыхаутыгъэх, тхылъхэу къыдэкӀыгъэх.

Адыгэ литературэм ижанрэхэм ащыщ кӀэлэцӀыкӀу литературэм чӀыпӀэ гъэнэфагъэ щыфагъэшъуашэ. Ащ тапэкӀэ хэхъоныгъэ ышӀыным Пэрэныкъо Мурат, Жэнэ Къырымыз, Хьадэгъэлӏэ Аскэр, Тхьаркъохъо Мэджыдэ, Цуекъо Джэхьфар нэмыкӀхэри яшъыпкъэу дэлажьэх. Ауми, кӀэлэцӀыкӀумэ апае литературэм зэрифэшъуашэм лъыкӀагъахьэу хэхъоныгъэ ышӀыным пае зэкӀэ ищыкӀагъэр ашӀагъ пӀон плъэкӀыщтэп, кӀэлэцӀыкӀумэ апае макӀэ тхылъ дэгъоу атхыгъэр.

КӀочӀэ ныбжьыкӀэхэр къыхэмыхьэу, литературэр сыд фэдизэу лъэшыми, хэхъоныгъэ ышӀын, ыпэкӀэ лъыкӀотэн ылъэкӀыщтэп. Литератор ныбжьыкӀэхэр зэряфэшъуашэу пӀугъэнхэм, анаӀэ атырагъэтыным, фэгумэкӀыгъэным къикӀырэр ежь литературэм тапэкӀэ къырыкӀощтым уфэгумэкӀыныр ары.

Мы аужырэ илъэсхэм адыгэ литературэм зитворчествэкӀэ гъэшӀэгъон прозаикхэмрэ поэтхэмрэ къыхэхьагъэх, яапэрэ тхылъхэр къыдагъэкӀыгъэх Къумпӏыл Къадырбэч, Кощбэе Пщымафэ, Къуекъо Налбый, Цуекъо Джэхьфар, Пэнэшъу Сэфэр, Емыж Мулиат, Теуцожь Хьабибэ, Хъалыщэ Сэфэрбый, Нэхэе Руслъан, Бэгъ Нурбый, КӀэсэбэжъ Къэплъан, Пэрэныкъо Розэ, Шъхьаплъэкъо Хьисэ, ЛъэпцӀэрышэ Исмахьилэ, Ергъукъо Щамсэт, нэмыкӀыбэхэми атхыхэри къыхаутых, тхылъ шъхьафэу къыдэкӀых.

Автор ныбжьыкӀэхэм ярассказхэмрэ яусэхэмрэ уяджэзыхъукӀэ, кӀочӀакӀэхэр тилитературэ къызэрэхахьэхэрэр зэхэошӀэ, нахьыжъхэм ачӀыпӀэ иуцощтхэ, талант зыхэлъ ныбжьыкӀэхэмкӀэ умыгушӀон плъэкӀырэп. Ахэмэ яамалхэр зэрэнахь инхэр къэзыушыхьатырэр, зыр адырэм зэрэфэмыдэр, шъхьадж ежь илъагъо литературэм щыпхырищыным зэрэпылъыр, ащкӀэ тилитературэ ихэхъоныгъэ ежь иӀахь зэрэхишӀыхьэрэр ары. НыбжьыкӀэхэм атхыхэрэм щыкӀэгъэ зырызэу фэхъухэрэр, тишӀошӀыкӀэ, къызыпкъырыкӀыхэрэр щыбгъэзыен умылъэкӀыщтэу арэп. НыбжьыкӀэхэм ятӀомэ тшӀоигъуагъэр темэм икъыхэхын нахь егугъунхэу, пхыращырэ мэхьанэр нахь гъэнэфагъэу, гурыӀогъошӀоу агъэпсыным Ӏоф дашӀэнэу, лъэпкъым ифольклоррэ нэмыкӀ народхэм ялитературэрэ нахь куоу зэрагъэшӀэнхэу ары. Тилъэхъан нахь игъэкӀотыгъэу, ӀупкӀэу, фэшъошэ жэбзэ къабзэкӀэ къагъэлъэгъонэу тяжэ.

Адыгэ литературэр къызэрэтӀуагъэу ыпэкӀэ лъэкӀуатэ, гъэхъэгъэ гъэнэфагъэхэри ешӀых. Ау щыкӀагъэхэр тфэмыхъухэу ащ къикӀырэп, щыӀэныгъэмрэ литературэмрэ язэфыщытыкӀэ ылъэныкъокӀэ укъикӀэу ахэмэ яхудожественнэ тхыгъэмэ уахаплъэмэ, хэгъэунэфыкӀыгъэн фаер

литературэр щыӀэныгъэм ыуж къызэринэрэр, тилэжьакӀохэм ящыӀэкӀэ-псэукӀэ тилитературэ къызэрэщыгъэлъэгъуагъэм нахьи нахь гъэшӀэгъонэу, нахь баеу зэрэгъэпсыгъэр ары.

ПрозэкӀэ, поэзиекӀэ, драматургиекӀэ тхыгъэхэм щыӀэныгъэм ихъугъэ-шӀагъэхэр куоу ащызэхэфыгъэп, икъоу къащызыгурагъэӀуагъэп, нэм къыкӀидзэу, гум къинэжьэу щыӀэныгъэр къащыгъэлъэгъуагъэп, ӀэпэӀэсэныгъэм ишэпхъэ инхэм алъыкӀагъахьэрэп. Поэтхэм яусэхэр нахьыбэрэмкӀэ декларативнэх, куо-хьау риторикэм дехьыхых, загъори нэмыкӀхэм атхыгъэм ехьщырхэу, амалынчъэхэу уарехьылӀэ.

Титхыгъэхэм щыкӀагъэу афэхъухэрэм ащыщыр Ӏофыгъоу къащаӀэтырэр зэрэзэжъур, щыӀэныгъэм къыхэхыгъэ хъугъэ-шӀагъэхэр зэрэзэхьщырхэр ары. Ар къызыпкъырыкӀырэр щыӀэкӀэ-псэукӀэр икъукӀэ зэрэтымышӀэрэр, щыӀэныгъэм къыхэхыгъэу къэдгъэлъагъохэрэр гум къинэжьэу хъуным иамалхэр зэрэтымыгъэфедэшъухэрэр ары. Бзэм идэхагъэ, ар ӀупкӀэу, зэгъэкӀугъэу гъэпсыгъэныр, мэхьанэр икъоу къиӀотыкӀыгъэныр, ащкӀэ зишӀуагъэ къакӀорэ шӀыкӀэ-амалхэр фэкъулаеу къызыфэдгъэфедэхэзэ, лъэпкъым ыбзэ ибайныгъэхэр, зэкӀэ ащ гущыӀэ щэрыохэу хэтхэр, лъэпкъым иакъылышӀуагъэ тӀэ къидгъэхьанхэ фае. ГурыӀогъошӀоу, ӀупкӀэу псыхьэгъэ жабзэкӀэ мытхыгъэмэ, художественнэ тхылъыр гъэшӀэгъон-еджэгъошӀу хъущтэп.

Зэрэпсэоу штагъэмэ, адыгэ литературэм зэрэхахъорэм ыуж къенэх литературнэ критикхэмрэ литературоведениемрэ. Адыгэ литературэм ихэхъоныгъэ осэ тэрэз къыфашӀызэ тхыгъэ критическэ ӀофшӀэгъэ куухэр джырэкӀэ тиӀэхэп.

Юморымрэ сатирэмрэ джырэкӀэ кӀочӀаджэх. Сэмэркъэу щамышӀэу щыӀэкӀэ-псэукӀэр къызышӀобгъэшӀын плъэкӀыщтэп, джащ фэшӀ литературэм ар къыщыгъэлъэгъогъэн фае.

Титворческэ зэӀукӀэхэм нахьыбэрэ тащыхэплъэн фае адыгэ литературэм тапэкӀэ хэхъоныгъэ ышӀынымкӀэ зишӀуагъэ къэзыгъэкӀощт Ӏофыгъохэм. ТапэкӀэ литературэм хэхъоныгъэ ышӀынымкӀэ ахэмэ яшӀуагъэ къэкӀощт, тиадыгэ литературэ хагъэхъощт, лъагъэкӀотэщт.

*1968-рэ илъэс*



## Уиорэд тамэ зерэӀэт

ЗыӀабэкӀэ, бэрэчэт ӀэбакӀэкӀэ Ӏабэу, ымэкъэ Ӏэтыгъэ гущыӀакӀэ зэхэзыхырэр къыгъаплъэу, зыгорэм ыгъэгумэкӀ зэпытэу, исэмэркъэу къэбархэм ядэӀухэрэр ыгъэщхыхэу сэ къызысшӀэжьыным сыд фэдиз цӀыф куп ахэпщагъэми, ахэмыкӀокӀэнэу ежь изакъоу къекӀурэ шэн гъэпсыкӀэ-шӀыкӀэхэмкӀэ Павел Ефимович Резниковыр къахэщы.

БэшӀагъэ, зэоуж илъэсхэр ары, джащ фэдэу Адыгэ хэкум поэтэу Павел Резниковыр зыщашӀэрэр. Зиусэхэр гъэзетхэм къыхаутхэу, радиом къыӀоу, тхылъ шъхьаф шӀыгъэу къыдэкӀырэ поэтым ыныбжь илъэс 60 хъугъэ.

Илъэс тӀокӀищэу къыгъэшӀагъэм щыщэу Павел Резниковым илъэс тӀокӀитӀум гъэзетмэ Ӏоф ащишӀэу, литературэм пылъэу къыхьыгъ. Адыгэ хэкум поэтыр къэкӀонэу зэрэхъугъэр мырэущтэу ежь къеӀотэжьы: «Хэгъэгу зэошхор тыухи, текӀоныгъэр къыдэтхыгъэу къызытэгъэзэжьым, Новочеркасскэ къэлэ гъэзетым Ӏоф щысшӀэу сыублагъэ. Бэ темышӀэу хэку гъэзетэу «Адыгейская правда» зыфиӀорэр къысӀэкӀэхьагъ. Мыры Ӏоу джыдэдэм къэсшӀэжьырэп гъэзет нэкӀубгъом стихотворениеу итыгъэр зытхыгъагъэр. Дэгъоу къэсшӀэжьырэр «Голубая долина» зэрицӀагъэр ары. Сызеджэм, лъэшэу сыгу рихьыгъ. Ащ ыпэкӀи адыгэмэ яхьылӀагъэу Пушкинми Лермонтовми атхыгъэхэр сшӀэщтыгъэ, КӀэрэщэ Темботи, Теуцожь Цыгъуи, Хьаткъо Ахьмэди яӀофшӀагъэхэм сырянэӀуасэу щытыгъэти, сыкъэмыкӀо мыхъунэу сыгу хъугъэ, джа сидунэететыкӀэ зэрихабзэу зыкъызэкӀэсыӀапӀи, сыкъежьагъ. СыкъызэрэкӀуагъэми сырыкӀэгъожьыгъэп. Зы чӀыпӀэ горэ мафэ сфэхъущтмэ, Адыгэ хэкур мафэ сфэхъугъ. Илъэс тӀокӀырэ тӀурэ хъугъэшъ, Ӏоф щысэшӀэ, тыдэ сыкӀуагъэми, нэгушӀоу къыщыспэгъокӀых, сыд стхыгъэми, сэзгъэтхырэри зыфэстхырэри ащ илэжьакӀохэр арых».

Павел Резниковыр 1910-рэ илъэсым Донбасс къыщыхъугъ. ИлъэсипшӀ ыныбжьэу лъыплъэн зимыӀэ кӀэлэцӀыкӀоу къани, Буда дэт колониеу Короленкэм ыцӀэкӀэ щытым, ащ ыуж Харьков пэмычыжьэу Горькэм ыцӀэ

зыфаусыгъэ колониеу Кряж щызэхащагъэм щапIугъ. Яблэнэрэ классыр мыщ къыщиухыгъ. Ащ ыуж Донбассрэ Лисичанскэрэ заводской, районнэ гъэзетхэм Iоф ащишIэу регъажьэ. Джа лъэхъаныр ары литературэ Iофыгъохэми ахэлажьэу, кIэлэ ибэ цIыкIур гъогу тэрэз тезыщэгъэ Совет хабзэу нымрэ тымрэ ачIыпIэ иуцуагъэм ишIушIагъэ ымыгъэкIодэу, ыгу илъыр усэхэмкIэ къыриIотыкIынэу зыригъэжьагъэр. Сыдэущтэу усэ ымытхына урам къогъу пакIэмэ, чIыунэ шIункIымэ къачIащи, гъэсэныгъэм инэфынэ хащи, дэхагъэм зынэ къыфагъэплъэжьыгъэ ныбжьыкIэм! Джы къызнэсыгъэми ар поэтым щыгъупшэрэп, ныбжьи щыгъупшэщтэп. А лъэхъаным игугъу къызебгъэшIыжьрэм, Павел Ефимович ынэгу кIэкIыгъэу къыIотэжьырэр бэ. Ау ахэмэ ягугъу дэгъоу къэзышIырэр «Вчера и сегодня» зыфиIорэ тхылъэу мыгъэ къыдэкIыгъэр ары.

Мы тхылъым тарихъ гъэшIэгъон пылъ. Тхылъым икъыдэгъэкIын апэ дэдэ зыгу къэкIыгъэр тыгъуасэ «тыгъокIо лъэпцIэ цIыкIухэу» урамым тетыгъэхэу непэ Совет хабзэм зыIапэ къыубыти, лъэгъо нэф тезыщэхи, щыIэкIакIэм чIыпIэ гъэнэфагъэ щызгъотыгъэхэр арых. «Вчера и сегодня» зыцIэ тхылъыр 1931-рэ илъэсым тхылъ тедзапIэу «Молодая гвардия» зыфиIорэм апэрэу къыщыдэкIы, пэублэ псалъэр Максим Горькэм къыщетхы. Аужырэ тхылъэу мыгъэ къыдэкIыгъэри Павел Резниковым истол тель. Хэта Павел Ефимович нэмыкIэу мыщ зитхыгъэхэр къыдэхьагъэхэр? Ахэмэ ащыщмэ ацIэрэ ясэнэхьатрэ къетIомэ, Совет хабзэм «тыгъосэрэ лъэпцIэ цIыкIумэ» афишIагъэр хэткIи нафэ хъущт. Ахэр – Ленинскэ премием илауреатэу, академикэу Н. П. Дубининыр, Къэралыгъо премием илауреатэу, писателэу В. Ф. Авдеевыр, РСФСР-м изаслуженнэ художникэу, профессорэу С. И. Дудник, зэлъашIэрэ поэтэу Павел Железневыр, нэмыкIыбэхэри. Павел Резниковым иусэхэу «Начало начал», «Матери», «В ответе за все» зыфиIохэрэр а тхылъым къыдэхьагъэх.

1931-рэ илъэсыр ары Павел Ефимович Резниковым иапэрэ тхылъ Москва дэт тхылъ тедзапIэу «Молодая гвардия» зыфиIорэм къыздигъэкIыгъэр. «Шахта» ащ ыцIагъэр – поэмэ шъхьафэу щытыгъ. Поэмэр поэтыр къызщыхъугъэ Донбасс илэжьакIоу шIомыкIыр чIычIэгъым къычIэ-



зыхыхэрэм къатегущыIэ. Мы поэмэм апэ еджагъэри къыхязгъэутыгъэри урыс советскэ поэт цIэрыIоу Эдуард Багрицкэр ары. Советскэ поэтышхом ишIуагъэ къызэригъэкIуагъэр Павел Резниковым къыIотэжьэу игукъэкIыжьхэр мызэу-мытIоу гъэзетмэ къарыхьагъэх. Ащ ыуж тхылъхэу «Голос дальних дорог», «Гвардия мира» зыфиIохэрэр къыдэкIыгъэх, усэ пчъагъэхэр гъэзетмэ къыхаутыгъ. УрысыбзэкIэ къыдэкIыщтыгъэ литературнэ-художественнэ альманахэу «Зэкъошныгъэм» ответственнэ секретарэу Iоф зыщишIэщтыгъэми лирическэ репортажхэр бэрэ къыхиутыгъэх. Ащ ыужи поэмэ-репортажхэу «Шовгеновцам», «Край родной и любимый», «Лирический репортаж из аула Ходзь» зыфиIохэрэр поэтым ытхыгъэх.

Хэгъэгу зэошхоу блэкIыгъэм иапэрэ мафэхэм къащегъэжьагъэу иаужырэ мафэхэм анэс поэтыр хэлэжьагъ, Коммунистическэ партиеми заом щыхэхьагъ. А лъэхъан хьылъэм ехьылIагъэу пый мэхъаджэм цIыф жъугъэр къыфэзыIэтырэ усэхэри Павел Резниковым ытхыгъэх.

ЦIыф лъэпкъмэ язэкъошныгъэ щыIакIэ фэгъэхьыгъэу, языкIыныгъэ, япсэукIэ къыриIотыкIэу Павел Резниковым усабэхэр ытхыгъэх. Ар дэгъоу къэзыушыхьатырэр украинэ советскэ поэт цIэрыIоу, Павло Тычина поэтым пае къытхыгъэхэр ары: «ЦIыф лъэпкъмэ язэкъошныгъэ о уряорэдыIу, Павел Ефимович. Джырэблагъэ гъэзетэу «Адыгейская правдам» уиусэу къыхиутыгъэм сигуапэу седжагъ. ШIу слъэгъурэ адыгэхэм сисэламышхо сфяхыжь...»

Павел Резниковым тихэку Iофышхо щишIагъ. Мыекъопэ, Гиагинскэ район гъэзетхэм редакторэу, гъэзетэу «Адыгейская правдам» ответственнэ секретарэу ащылэжьагъ. Адыгэ поэтхэм атхыгъэ произведениехэр урысыбзэкIэ зэридзэкIынхэшъ, нэмыкI цIыф лъэпкъмэ алъигъэIэсынхэмкIэ ащ Iофыбэ зэрихьагъ. Хьаткъо Ахьмэд иусэмэ ащыщхэр, Пэрэныкъо Мурат ипоэмэхэу «Сакъ», «НасыпышIомэ яорэд», ХьадэгъэлIэ Аскэр ипоэмэхэу «Сичыл», «Адыгэм ыпхъу», Жэнэ Къырымызэ ипоэмэу «Адыгея», Бэрэтэрэ Хьамидэ ипоэмэхэу «Сикъэщэн», «Брест имыжъохэр», Iэшъынэ Хьазрэт ипоэмэу «Сиframb-

джэгъу икъашъхь», сэ сипоэмэу «Нысэ» зыфиIохэрэр урысыбзэкIэ зэридзэкIыхи, тхылъеджэ жъугъэмэ алъигъэIэсыгъэх. Джащ фэдэ Iофыгъошхо зэришIагъэм фэшI зэкIэ типоэтмэ, поэзиер шIу зылъэгъурэмэ ацIэкIэ Павел Ефимович Резниковым тхьауегъэпсэу етэIо, джыри тапэкIэ тхэнымрэ зэдзэкIын Iофымрэ гъэхъэгъэ дэгъухэр ащишIынхэу тыфэлъаIо, поэтыр къызыхъугъэр илъэс 60 зыхъугъэ мафэм тыфэгушIо.

*1970-рэ илъэс*

## ЦIыфым ишIушIагъэ щыIэщт

ЦIыф лъэпкъэу къызхэкIыгъэм ыгукIи ышъхьэкIи нахь пэблагъэу, игухэлъхэр къизыIотыкIыщтыгъэхэу дунэе литературэм къыхэнэгъэ поэтышхомэ Николай Алексеевич Некрасовыр ащыщ. БлэкIыгъэ лIэшIэгъум ыгузэгухэм къащегъэжьагъэу илъэс 30-м къехъу шъыпкъэныгъэ зафэ хэлъэу ащ урыс щыIакIэр итхылъхэм къащигъэлъэгъуагъ. МэкъумэщышIэ тхьамыкIэхэр пщылIыгъом етыфэхэ, ащ хэкIыжьыфэхэкIэ бэнэныгъэу зэрахьагъэм, рабочэ классым иреволюционнэ еплъыкIи дыкIыгъужьэу темэ зэфэшъхьафхэр иусэ пчъагъэмэ къащиIэтыгъ, цIыф жъугъэхэр рипIугъэх. Урыс мэкъумэщышIэ тхьамыкIэм игугъэхэмрэ игухэлъхэмрэ ипоэзие къыхэщыщтыгъэ, гъэпщылIакIомэ нэмыплъ афыригъэшIыщтыгъэ, лэжьакIохэмкIэ ахэмэ мысэныгъэу зэрахьэхэрэр аригъэлъэгъужьыщтыгъэ.

Н. А. Некрасовым фэшъхьафэу урыс литературэм бэ а лъэхъаным писательхэу, поэтхэу хэлажьэщтыгъэхэр, ау ахэмэ яакъыл зынэмысыщтыгъэмэ поэтым игулъыти иакъыли анэсыгъ, къамыIэтыщтыгъэ Iофыгъохэр къыIэтыгъэх, цIыф жъугъэмэ ахихьагъ. Пушкинымрэ Лермонтовымрэ къакIэлъыкIогъэ поэтым урыс поэзием изы нэкIубгъуакIэ къызэIуихыгъ – зигугъу къэтшIырэ поэтхэм апшъэкIэ щыIагъэмэ япоэзиеу зыми емыпхыгъагъэр лэжьэкIо къызэрыкIомэ ящыIэныгъэ рипхыгъ, щыщ ышIыгъ. Белинскэм, Чернышевскэм, Добролюбовым, Салтыков-Щедрин игъусэу урыс революционнэ демократием ибыракъ пытэу ыIыгъыгъ. Шъхьафитныгъэм лэжьакIохэр зэрэфипIурэм, зэрэфиIэтырэм пае поэтыр ащымыгъупшэжьэу егъашIэм зэрэщыIэщтыр Чернышевскэм хигъэунэфыкIыгъ, ащкIи хэукъуагъэп. Зихэгъэгу фэшъыпкъэу фэлэжьэгъэ поэтыр, шъхьафитныгъэм иусакIо егъашIэм щыIэщт, ащ ипоэзие лIэшIэгъу къэс кIэ дэхъущт, ыцIэ щыраIощт.

Апэрэ коммунистическэ обществэр дунаим щызгъэпсырэ советскэ цIыфхэм Николай Алексеевич Некрасовыр якIас, поэт-гражданинэу, демократэу народнэ поэзием икIэщакIоу алъытэ. Джы къызынэсыгъэм шIулъэгъуныгъэу фыряIэм гъунэ иIэп, мамырныгъэм, щыIэкIэшIум цIыфхэр фещэх, фепIух.

Урыс поэтышхоу Николай Алексеевич Некрасовыр 1821-рэ илъэсым декабрэм и 10-м Каменец-Подольскэ губернием щыщ чылэу Немиров зыфиIорэм къыщыхъугъ. А лъэхъаным яти капитанэу дзэм хэтыгъ. КIэлэцIыкIум ыныбжь илъэсищ мыхъоу ятэ дзэм къыхэкIыжьи, Волгэ Iушъо Iус чылэу Грешнево зыфиIорэм къэкIожьыгъ. Поэтым ятэ помещик мыбай дэдэу, цIыф жъалымэу щытыгъ.

Ярославскэ губернием, адырэ урыс чIыпIэхэм афэдэхэу, цIыфхэр тхьамыкIэхэу щыпсэущтыгъэх. ПщылIмэ ятхьамыкIагъо тыди щызэфэдагъ. Ячылэ пэмычыжьэу Сыбыр кIорэ гъогур блэкIыщтыгъэ. Ащ ренэу ашъхьэ фимытхэу, пшъэхъухэр алъакъомэ ателъхэу цIыфхэр ращэщтыгъэх. Волгэ нэпкъ кIэлэцIыкIур зыIулъадэрэм, къухьэм цум фэдэу цIыфхэр кIэшIагъэхэу, хьазабым хэтхэу псыхъом ращэу ылъэгъущтыгъэ. Джахэр зэкIэ поэт хъущт шъэожъыем ыгу екIугъэх. ЦIыфмэ ятхьамыкIагъуи яшъхьафитныгъи шIэх дэдэу Некрасовым гурыIоу ригъэжьагъ. Поэт цIэрыIо хъущтым мыщ фэдэ усэ етхы:

...Тыгу зыхэтIэгъэ псыхъоу
А пчэдыжьым сызIутыгъэм
Боу нэпсы стырыр хэскIагъ.
Гъэрым, гугъум япсыхъоу
Апэрэу сэ ащ седжагъ.

Мы усэм фэдэу бэ джыри Некрасовым ытхырэр, тхьамыкІэмэ ягукІаехэр ежьми игукІаех. Поэтым ищыІэныгъэ шъхьафитныгъэм икъыдэхын репхы. Къухьэхэр зезыщэхэрэ бурлакмэ яхьылІагъэу мыщ фэдэ сатырхэри етхых:

...Ытам, ыкІыб – мощ бгъэкІэ
Зэрещэ баржыр...
Щэджагъом тІэкІу дэхыгъэу
Мощ тыгъэр шъхьащыуцуагъэу
Зэхежъэ, пкІантІэр псыхъоу
Къечъэхы. Зэхафэмэ, етІани
Тэджыжьызэ, «хъы-хъыхъ» макъэр
ПыІукІызэ, щэІумэ, хэщэтыкІызэ,
«Дубинушкэр» ащ къеІо...

Гъогум, псыхъом ащилъэгъурэм пэмыкІэу ятэ мэкъумэщышІэ тхьамыкІэмэ зэрадэзекІорэр ынитІукІэ шъэожъыем ылъэгъущтыгъэ. Непэрэзымафэм ІофымкІэшІагъэхэ мэкъумэщышІэхэм жъалымыгъэкІэ зэрадэзекІорэр шІоигъоджагъ. Ау амал фигъотынэу джыри чІыпІэ итыгъэп. АщкІэ ян ары кІэлэцІыкІум гужьыдэгъэкІэу иІагъэр. Елена Андреевнар бзылъфыгъэ шъэбагъ, гъэсэгъагъэ. Ишъэожъые дэхагъэм фипІущтыгъэ. Лlым мэкъумэщышІэмэ жъалымыгъэ арихы зыхъукІэ, фидэщтыгъэп, пэуцужьыщтыгъэ. Ар лІыми ыдэщтыгъэп, цІыфхэр зэрэзэхэтхэу икІэлэцІыкІу ыпашъхьэ янэ къыриукІыхьэу къыхэкІыщтыгъэ. Джащыгъур ары Некрасовыр ятэ ыгу зыфэплъыщтыгъэр, нэмыплъ зыщыритыщтыгъэр. Джахэр зэкІэ поэт зэхъум, Некрасовым къытхыжьыгъэх. Янэ фэгъэхьыгъэу, мэкъумэщышІэмэ яхьылІагъэу усэ шІагъохэр ытхыгъэх. Елена Андреевнам ишъэбагъэ, ихьалэлыгъэ, ицІыфыгъэ, ащ игухэкІхэр «Родина», «Ны», «Рыцарь на час», «Баюшки-баю», «Затворница» зыфиІорэ усэхэм, нэмыкІхэми къащигъэлъэгъуагъ. Джащ фэдэ усэмэ къащежьэ дэхагъэу урыс бзылъфыгъэмэ Н. А. Некрасовым афиІощтыр. Ятэ ижъалымыгъи, ищыІэкІэ-псэукІи, игулъыти зынэсырэм поэтыр къатегущыІэ.

Н. А. Некрасовыр ины зэхъум, еджакІо ятэ Петербург ыгъэкІуагъ шъхьакІэ, дзэм хэтыщтхэр зыщагъасэрэм чІэхьагъэп. Ащ ычІыпІэкІэ университетыр къыхехы. Ау ащи чІэфагъэп. Ятэ шІоигъуагъэр зэримыгъэцэкІагъэм пае, ыкъо ахъщэ къыфимыгъэхьыжьынэу еІо, ар егъэцакІэ. Поэт ныбжьыкІэр зыми щымыщэу къэнэ. Ышхыщти зэрылъыщт уни иІэп, ядэжьи къэкІожьрэп. Джауштэу щыІэзэ, университетым кІозэ, щеджэнэу Ізын къыдехы. 1838-рэ илъэсым щегъэжьагъэу 1840-рэ илъэсым нэс университетым щеджэ, усэхэри етхых, ау зыми ахэр къыхиутыхэрэп. Илъэсищэ гъаблэмрэ чъыІэмрэ агъэлІэу поэтым къехьы, ащ къыхэкІыкІэ сымаджэ мэхъу. 1843-рэ илъэсым «Мечты и звуки» зыфиІорэ иапэрэ тхылъ къыдэкІы. Мы тхылъым къыдэхьэгъэ усэхэр поэтхэу Жуковскэм, Бенедиктовым, Державиным, нэмыкІхэм яфэмэ-бжьымэ къатехьэх, ежь иеу ахэлъыгъэр макІэ. Белинскэми критикэ пхъашэм кІегъэкІы. Ащ ыуж Некрасовымрэ Белинскэмрэ блэгъэшхо зэфэхъух. Критик цІэрыІом поэтым ишІуагъэ къекІы. НэмыкІ шъыпкъэу усэмэ Іоф адишІэнэу еублэ. ЦІыфмэ ятхьамыкІагъо къащегъэлъагъо, шъхьафитныгъэ банэм фепІух. Ытхыгъэхэр цІыф жъугъэмэ зэлъашІэ, езбырэу зэрагъашІэх.

1846-рэ илъэсым Н. А. Некрасовым, И. И. Панаевыр гъусэ зыфешІышъ, журналэу «Современник» зыфиІоу зэгорэм А. С. Пушкиным къыдигъэкІыщтыгъэр икІэрыкІэу къыдигъэкІынэу регъажьэ. Мы журналым икъыдэкІын урыс писатель цІэрыІохэр хэлажьэх. Белинскэми Іоф щешІэ. Критикышхор зэлІэ нэужми Чернышевскэмрэ Добролюбовымрэ агу етыгъэу Іоф щашІэ, поэтым пэблагъэ мэхъух. Ахэр революцие шІыгъэным фэбэнэрэ цІыф гъэсэгъэ пэрытыгъэх. Белинскэм фэдэу ахэри поэтым къыпэблэгъагъэх, иреволюционнэ бэнэныгъэкІэ къыдэІэпыІагъэх, игулъытэ лъагъэкІотагъ.

Илъэс тІокІым къехьоу журналэу «Современник» зыфиІорэр Н. А. Некрасовым къыдигъэкІыгъ, пачъыхьагъум журналыр зызэфешІыжь нэужым нэмыкІ журнал поэтым къыдигъэкІэу еублэ. «Отечественные записки» зыфиІорэ журналри «Современникым» фэдэу революционнэ-демократическэ нэшанэхэр хэлъхэу егъэпсых. Ау ащи пачъыхьагъум гу щыригъэфагъэп, цензурэм кІуапІэ къыритыщтыгъэп, ренэу лэныстэр къыдиІыгъэу анахь

гущыIэ щэрыохэу народым фэгъэхьыгъэхэр хиупкIыщтыгъэх, тхыгъэ псэухэр дихыщтыгъэх.

Сыд фэдиз къин Некрасовым телъыгъэми, къызэкIакIощтыгъэп, игухэлъхэр лъигъэкIуатэщтыгъэх, зы тхылъым ыуж тхылъхэр итхэу къыдигъэкIыщтыгъэх. ЛIэныгъэр къышъхьащыхьагъэу пIэм хэлъызэ, аужырэ жьыщэгъум хэтзэ, лэжьакIомэ яорэдыIоу дунаим ехыжьыгъ.

«Хэта Русым зишIугъоу исыр?» зыфиIорэ поэмэшхор Н. А. Некрасовым ытхыгъ. Мы поэмэр урыс мэкъумэщышIэ тхьамыкIэхэм афэгъэхьыгъ. Ахэмэ агу къыщегущыIыкIы:

...О хэты гущэри Русым
Щычэфэу фэигъоу ис?
Роман ыIуагъ: помещикыр,
Демьян ыIуагъ: попыр.
Купчинэ ныбэхъужъыр –
Губин зэшитIоу Иванрэ
Митродонырэ къаIуагъ.
Пахом лIыжъыр теIункIи,
ЧIыгум теплъызэзэ къыIуагъ:
Вельможы бояринэу
Государым иминистр.
Пров – пачъыхьэр, ыIуагъ.

Мыщ фэдэ сатырэхэр птхынхи къыхэуутынхэр пачъыхьагъум илъэхъан цIыкIу-шъокIугъэп. Гупытэ пкIоцIылъын фэягъэ. Ар Николай Алексеевич Некрасовым иIагъ, зыфыщыIагъэр инарод арыгъэ. Джары тинепэрэ мафэхэм поэтышхом итворчествэ цIыф жъугъэмэ шIу зыкIалъэгъурэр, агу зыкIилъыр, осэшхо зыкIыфашIырэр. Урыс народэу къызхэкIыгъэм изакъоп поэтым уасэ фэзышIырэр. Тихэгъэгу ис цIыф лъэпкъ пстэуми ар зэдыряпоэтышху. Ащ ытхыгъэхэр бзэ зэфэшъхьафхэмкIэ тихэгъэгу щызэрадзэкIыгъ.

Адыгэ поэтхэми урыс усэкIошхом иусэхэр адыгабзэм ралъхьагъэх. ГущыIэм пае «Хэта Русым зишIугъоу исыр?» зыфиIорэ поэмэр Пэрэныкъо Муратрэ Еутых Аскэррэ зэрадзэкIыгъэу адыгабзэкIэ къыдэкIыгъ.

ЦIыфым шIу фапшIэмэ, егъашIэм ущыIэщт. Николай Алексеевич Некрасовыр цIыф къызэрыкIом фэлэжьагъ, фэпIуагъ, идахэ ыIотагъ, игухэлъхэр лъигъэкIотагъэх. Зидахэ ыIощтыгъэ лэжьакIомэ джы агъашIо, агъэлъапIэ, ипоэзие лъагэу аIэты.

*1971-рэ илъэс*

## ТипIугъ, тилэжьыгъ

Илъэс шъэныкъо фэдизкIэ узэкIэIэбэжьмэ, егъашIэм ежь ыбзэкIэ реджэнэу гъэзети тхылъи зимыIэгъэ адыгэмэ яапэрэ гъэзетэу «Адыгэ макъ» зыфиIорэр къыдэкIыгъ. Ащ фэдиз илъэс пчъагъэм адыгэмэ ягухэлъ-гупшысэхэр, социализмэ гъэпсынымкIэ гъэхъагъэу ашIыхэрэр къыриIотыкIыгъэх, цIыф жъугъэмэ гъэсэныгъэр, дэхагъэр ахилъхьэу, къызэкIэмыкIоу Iоф ышIагъ, джыри ыпэкIэ ригъэхъузэ лъэкIуатэ.

Тэри, писательхэм, тигъэзет игушIуагъо тигушIуагъо. Ащ гъогу шIагъоу къыкIугъэр тэри къыдэткIугъ. Непэрэ гъэзетэу тиIэм лъапсэ фэхъугъэ апэрэ гъэзетэу «Адыгэ макъ» зыфиIорэр зыIэшъхьитIукIэ зышIи, къыдэзгъэкIи, лэжьэкIо жъугъэмэ алъызгъэIэсыгъэр джыдэдэм зэкIэми зэлъашIэрэ писатель цIэрыIоу, Къэралыгъо премием илауреатэу, адыгэ лъэпкъыр зэрыгушхорэ КIэрэщэ Тембот ары. А гъэзетым иномер дэди коммунистмэ ягимнэу «Интернационалыр» адыгабзэкIэ зэдзэкIыгъэу къызэрихьагъэм фэдэу, ятIонэрэ номерым адыгэ поэт цIэрыIоу Хьаткъо Ахьмэд иусэу «ЛIыхъужъ плъыжь» зыфиIорэр къыхиутыгъ, ежьыми Iоф щишIагъ.

Ащ ыуж къыкIэлъыкIогъэ илъэсхэм тиадыгэ литературэ ианахь тхыгъэ дэгъухэр цIыф жъугъэмэ алъыгъэIэсыгъэнхэмкIэ, ахэмэ яфэшъошэ уасэ афэшIыгъэнымкIэ лъэшэу ишIогъэшхо къыгъэкIуагъ. ИнэкIубгъохэм писательхэм атхыгъэхэу очеркхэр, рецензиехэр, публицистическэ статьяхэр къарыхьагъэх.

ЗэкIэри пIомэ хъунэу, адыгэ писательхэм илъэс зэфэшъхьафхэм тигъэзет Iоф щашIагъ, ащ къыдэтэджыгъэх.

КӀэрэщэ Темботрэ Хьаткъо Ахьмэдрэ анэмыкӀхэу Лъэустэн Юсыфи, Еутых Аскэри, Кэстэнэ Дмитрии, Андырхъое Хъусени, Жэнэ Къырымызи, Ӏэшъынэ Хьазрэти, Бэрэтэрэ Хьамиди, нэмыкӀхэми адыгэ гъэзетым Ӏоф щашӀагъ, литературэм игъогу ащ щытеуцуагъэх. Тилитературэ къыхэтэджэрэ писатель ныбжьыкӀабэми джыдэдэми ащ Ӏоф щашӀэ. Андырхъое Хъусенэ гъэзетым иредакцие чӀэкӀи, Советскэ Армием кӀуагъэ, фашист техакӀохэр тихэгъэгу къызтебанэхэм, лӀыхъужъныгъэ зэрихьэу зэуагъэ. ХэгъэгумкӀэ апэрэ писателэу Советскэ Союзым и ЛӀыхъужъэу хъугъэ.

Непэ тигъэзет иягъэнипшӀырэ номер къызщыдэкӀырэ мафэм тэ, писательхэр, тигъэзет иӀофышӀэмэ, ащ къыфэтхэрэ цӀыфмэ тафэгушӀо, тэри тинасып ащ етэлъэгъулӀэжьы. ТызэрипӀугъэмкӀэ, тызэрилэжьыгъэмкӀэ опсэу етэӀо. Джыри типисательхэм атхырэ анахь дэгъухэр нахьыбэрэ къыхиутыхэзэ, ахэмэ яфэшъошэ уасэ афишӀынэу тыщэгугъы. Тэри ащкӀэ къыттефэрэр тшӀэщт, тапэкӀэ тигъэзет ипшъэрылъхэр зэригъэцэкӀэнхэм тымышъхьахэу тыхэлэжьэщт. Зэрифэшъуашэу адыгэмэ ягъэзет нахь дэгъу зэрэхъущтым тиӀахьышӀу хэтшӀыхьащт.

*1973-рэ илъэс*

## ЛэжьакӀом ыӀэ лыргъужъхэр

НэӀуасэ сызэрэфэхъугъэм лъыпытэу сэ ащ ыӀэхэр ары синэплъэгъу зытесыдзагъэр — Ӏэм-лъэмых, кӀочӀэшхо зэрахэлъыр гъуащэрэп, Ӏэгу шъуамбгъохэр лыргъужъ зэкӀагъэх. Сэлам къысихызэ, ар зыӀощхыпцӀыкӀым, ащ ынэгоу тыгъэнэстырымрэ жьыбгъэмрэ гъучӀышъо ашӀыгъэр гущыӀэгъу уишӀыным ыгукӀэ фаблэу гушӀопсым къызэлъигъэнэфыгъ. Джащыгъум сэри ар бэшӀагъэу синэӀуасэу къысшӀошыгъ.

— Гъэбэжъу огъот, Байкъулэр,— есӀуагъ ащ.

— Тхьэм аущтэу хъунэу ерэӀу, ори ащ хэны ухъунэп,— къысиӀожьыгъ.



Ары, синэӀуас сэ а бэрэчэт нэгукӀэ къысӀуплъэрэ, мытхъытхъэу къыздэгущыӀэрэр. Ау сыхьаткӀэ узэкӀэӀэбэжьмэ партием ирайком сычӀахьэ зэхъум, ащ ыцӀи сшӀэщтыгъэп, ежьыри синэӀосагъэп. СшӀэщтыгъэп сэ ащ фэдэ цӀыф дунаим тетыми, мэщхыми, иунагъокӀэ насыпышӀуагъэми. Лэжьыгъэ Ӏухыжьыным щыпэрытхэу зыцӀэ къысаӀогъэ нэбгырэ заулэмэ ащыщэу Байкъулэ Амэрбый къызыкӀыхэсхыгъэр мыры сӀонэу сшӀэрэп.

— Байкъулэр тикомбайнер анахь дэгъу,— еӀо райкомым исекретарэу Дыбэгъо Кимэ.— ГъэрекӀо лэжьыгъэм иӀухыжьын ащ ятӀонэрэ чӀыпӀэр щиубытыгъ. ШӀу елъэгъу чӀыгур, ащ хэплъхьан фаери, узэрэдэлэжьэн фэе шӀыкӀэри дэгъоу ешӀэх. Мыгъэ лэжьыгъэм иӀухыжьын едгъэжьэным ыпэкӀэ партием тштагъэ.

Губгъом Амэрбый дэжь сыкӀозэ, ащ фэгъэхьыгъэу Дыбагъом икабинет щызэхэсхыгъэ нэмыкӀ гущыӀэхэри сыгу къэкӀыжьыгъэх: «Ӏофэу ышӀэрэм Байкъулэр фэкӀэщыгъу...».

Дэгъоу къэӀуагъэ хъугъэба — Ӏофэу ышӀэрэм фэкӀэщыгъу. Лэжьыгъэр къэзыгъэкӀырэ, ежьым ыӀэ лъэшхэмкӀэ Ӏузыхыжьырэ цӀыфым фэшъхьаф фыщытыкӀэ ӀофшӀэным фыриӀэн ылъэкӀыщтэп. СикӀэлэцӀыкӀугъоу илъэс чыжьэхэм спэкӀэкӀыгъэм игъом къысэхъулӀэгъагъэ горэ сыгу къэкӀыжьыгъ. Сятэжъ мэкъуао сыдэкӀоныр сикӀэсагъэти, бэрэ къыӀоу зэхэсхыщтыгъ: «ШӀу ылъэгъурэ Ӏофым пылъымэ, цӀыфым ащ гухахъо хегъуатэ». Тэтэжъ мэкъу ео зыхъукӀэ, ищэмэдж къызэрихьакӀызэ, лъагэу ыӀэтыщтыгъ, ащ дакӀоуи мэкъамэу щэмэджым къыпыӀукӀыщтыгъэр осэпсым ыгъэшъокӀыгъэ хашъом щыжъынчыщтыгъ. Зэгорэм, шӀукӀаеу сыпшъыгъэу, мэкъуупкӀэгъакӀэу гъонлэнэу езыгъэжьагъэм зыхэзгъэкӀагъ. МэлакӀэ сыкъызэрэлӀэрэр зэхэсшӀагъэми, сыкъэмытэджэу, Ӏэнтэгъум сытегъэкӀагъэу хьалыгъухьакушэу зыдэтхьыгъэм къыгосчэу езгъэжьагъ. Сятэжъ къысэплъ-къысэплъи, «хьалыгъур цӀыфым анахь ыгъэлъэпӀэрэ шхыныгъу, ащ елъытыгъэу фэшъошэ шъхьэкӀафэ фэшӀыгъэнэу тефэ. Мыдэ тэрэзэу къэтӀысыри, иӀэшӀугъэ икъукӀэ зэхатшӀэу, шъхьэкӀафэ фэтшӀызэ, тэгъэшхы»,— сятэжъ къысиӀуагъ, а гущыӀэхэр сщымыгъупшэжьынхэу сыгу къинагъэх.

Зэуж итхэу комбайнэхэр коц хьасэм щэкӀох. Ахэмэ ащыщэу тара Байкъулэ Амэрбый иер? ЗэкӀэри зэфэдэх. ЗэкӀэми зэныбжьэу коцэу аратэкъуагъэм зэхигъэтӀысхьэхэзэ, хьылъэзещэ машинэхэр комбайнэхэм акӀэрэкӀыхэшъ, ягъогу техьэх. Орзэ Ӏатэхэр лэжьэкӀупӀэм къетаджэх, тыгъэм пэшӀэтэу «Жигули» кӀэпсыбзэ нэм къыкӀэджагоу къэлъагъо. Орзэ Ӏатэм сыкӀэрытӀысхьэзэ, Байкъулэ Амэрбый игущыӀэхэр джыри сыгу къэкӀыжьыгъэх: «Ежь гъомылэ иӀэмэ, нэмыкӀхэм адэгощэныр арыба цӀыфым ипшъэрылъ шъхьаӀэр?»

«Мары сигъомылэ, ори ар уие» — зыфиӀорэ гущыӀэ щэрыом арыба лъапсэ фэхъугъэр?

Такъикъ пэпчъ зыщагъэлъэпӀэрэ губгъом титыми, игущыӀэ пэпчъ имэхьанэ зэпищэчырэм фэдэу Байкъулэр зыкӀи мытхъытхъэу къыздэгущыӀэ. УзэреплъыкымкӀэ рэхьатэу къыпшӀошӀыми, гумэкӀ шъэф горэ ынэгу кӀэолъагъо. ЫӀэхъомбэ кӀыхьэхэмкӀэ ышъхьац Ӏужъухэу фыжь зыхидзагъэхэр дижьыехэзэ, сиупчӀэхэм зэхэугуфыкӀыгъэу джэуапхэр къаретыжьых. Ау щытми, зыдэгущыӀэрэм блэплъызэ, комбайнэхэм Ӏоф зыщашӀэрэм маплъэ. Ахэмэ ащыщ къызэтеуцуагъ, ау такъикъ горэ нахь темышӀэу ежьэжьыгъ. Амэрбый ынэгу гумэкӀыгъоу къыщылъэгъогъагъэр текӀодыкӀыжьыгъ, ежьыри рэхьатыжьыгъэ.

— Ора ар зикомбайныр?

— Хьау, Лазаренко Володе ары.

— Сыдэущтэу ар къэпшӀагъа?

— Илъэс пчъагъэрэ Ӏоф пшӀагъэ зыхъукӀэ ар зи арыхэп… Илъэс тӀокӀ хъугъэба сэ синэхьаткӀэ сызылажьэрэр. Комбайнэм Ӏоф ышӀэ хъумэ, ащ къыпыӀукӀырэ макъэр зыфэдэмкӀэ зиер къэсэшӀэ,— ыцэ фыжьхэр къыӀущыхэу Амэрбый мэщхыпцӀы,— сясагъ сэ сиӀофшӀэгъухэу Лазаренко Володе, Хьаткъо Руслъан. КӀэлэ шӀагъох, механизатор пшъхьапэуи хъугъэх. ИлъэситӀурэ ахэмэ штурвальнэхэу Ӏоф къыздашӀагъ, джы ежь-ежьырэу комбайнэхэм Ӏоф арагъашӀэми, сафэмыгумэкӀын слъэкӀырэп.

— ЗэрэхъурэмкӀэ, унаставник о?

Амэрбый ыӀэхэр зэкӀищыхи, ытамэхэр зэфищэхэзэ, джыри ӀущхыпцӀыкӀыгъ. А упчӀэм джэуап къезытыжьыгъэр колхозым имеханизатор анахьыжъэу, бригадэм имашинэ щагу ипащэу Мамсыр Салджэрый:

— Володерэ Руслъанрэ язакъоп Байкъулэ Амэрбый ӀэпыӀэгъу зыфэхъугъэр — бэ ар зыдэӀэпыӀагъэр. ИцӀыкӀугъом къыщегъэжьагъ сэ ар зысшӀэрэр, илъэсыбэрэ Ӏоф дэсшӀагъ, сыдигъуи ар гумэкӀыл. Ышнахьыжъ Хьаджэбэчыри бэмэ ӀэпыӀэгъу афэхъугъ. Джары Байкъулэ механизаторхэм кӀэщакӀо афэхъугъэр, ащ щысэ тырахызэ зэшыхэм а сэнэхьатыр къыхахыгъ.

Байкъулэ зэшыхэм ятэу Талъэустэн колхозыр зэхэзыщагъэхэм зыкӀэ ащыщыгъ. ЧӀыгум зыӀэ хэлъ цӀыфэу, лэжьэкӀо шъыпкъагъ, ыкъохэри а сэнэхьат мыпсынкӀэу, ау цӀыфым гушӀуагъо къыфэзыхьырэм фигъэсагъэх. Анахьыжъэу Хьаджэбэчыр трактористэуи, трактор бригадэм ипащэуи, колхоз тхьаматэуи Ӏоф ышӀагъ, Аскэрбый джащ фэдэу трактористыгъ, МТС-м итехникыгъ, ащ нэужым Таганрог щеджагъ, Херсон Ӏоф щишӀагъ, джы исэнэхьаткӀэ Мыекъуапэ щэлажьэ. Нурбый, ышнахьыжъхэм афэдэу, трактористэу ригъэжьэгъагъ. Джы район объединениеу «Мэкъумэщтехникэм» водителэу Ӏоф щешӀэ.

Байкъулэ Талъэустэн ыкъомэ анахьыкӀэу Амэрбый дзэ къулыкъум ащэным ыпэкӀэ прицепщикэу колхозым щылэжьагъ, къулыкъум ыуж механизаторхэр къызыщагъэхьазырхэрэ училищым чӀэхьагъ, ар къызеухым, комбайнэм тырагъэтӀысхьагъ. Ау лэжьыгъэр зыӀуахыжьырэ нэужым зыӀэхэр зэтезылъхьэу тӀысыжьыхэрэм ащыщэп Амэрбый. Коцым къыкӀэлъэкӀох натрыфыр, тыгъэгъазэр, пынджыр. ТыдэкӀи ящыкӀагъэх ащ ыӀэ пытэхэу ӀофшӀэным есагъэхэр.

Имотовилэхэм атамэхэм заухьэзэ, комбайнэр дблэкӀы, ащ лъыпытэуи Байкъулэр къэгумэкӀыгъ. Мафэр щэджэгъоужым факӀоу ригъэжьагъэми, лэжьыгъэр зэраупкӀыгъэ хыпкъым шӀукӀаеу зиушъомбгъугъэ нахь мышӀэми, шӀэгъэн фаеу апэ илъыр джыри бэ. Комбайнэхэм ауж итхэу губгъом ехьэх уарзэр изыщырэ тракторхэр, ахэмэ къакӀэлъэкӀох цуабзэхэр зыпышӀэгъэ тракторхэр. Сыхьат тешӀагъ ныӀэп мыщ зигъо хъугъэ коцыр зыщыуалъэщтыгъэм, джы а чӀыгур ажъогъакӀэу, фэбамэр къыхэоу, тыгъэнэстырым ыгъэплъэу олъэгъу.

Икомбайнэ тызыдэщыт чӀыпӀэм къэсы зэхъум, Амэрбый ӀэутӀэкӀэ штурвальнэм ригъэлъэгъугъ коцыр нахь лъхъанчэу риупкӀылӀэнэу. Адрэм шъхьэуфэкӀэ джэуап къетыжьы: къызгурыӀуагъ! Ащ ыуж комбайнэм къызэринэкӀырэ коцыпкъыр шысэку укӀэрэпхъухьагъэр ары зыфэдагъэр.

– НэмыкӀ шӀыкӀэуи хъущтэп,– еӀо Амэрбый.– Армырмэ, ревизие комиссием итхьаматэу Ӏэпшъэ Аминэ къыпшӀокӀыщтэп.– Комбайнэу ыпэкӀэ езыгъэхъурэм кӀэлъыплъэзэ, игущыӀэ лъегъэкӀуатэ: – Фыркъори колхозым ищыкӀагъ. Мыгъэ тонн мин тыугъоинэу типшъэрылъ, ащ фэшъхьафэу коцыр аутхындзын хъуми, тонн 700 пыдзафэу къыхэкӀынэу тыщэгугъы. Орзэ тонным сомэ 18 ыуас, къэлъыт джы федэу къытӀэкӀэхьан тлъэкӀыщтыр.

Штурвальнэу игъусэм фэгъэхьыгъэу Амэрбый сеупчӀы. Ар ишъао Къамболэтэу къычӀэкӀы. Ятэ фэдэу Къамболэти пытэу зэхэлъ. Мыгузажъоу мэзекӀо, инэплъэгъу къеушыхьаты ицыхьэ зэрэзытелъыжьыр, ябгъонэрэ классыр къыухыгъ. Каникулхэр зэрэрагъэжьэхэу ятэ игъусэу комбайнэм ешэсышъ, лэжьыгъэӀухыжьыныр аухыфэ губгъом къикӀырэп.

– Бэмэ къысаӀорэр ошӀа? – къысфеӀуатэ Амэрбый.– Уиунагъо зыми щымыкӀэу щыӀ, ори, уишъхьэгъуси Ӏоф шъоӀшӀэ. Сыда ар имыкъужьэу шъэожъыери губгъом зыкӀитыр? Зигъэпсэфыныгъэба адрэ илэгъухэм афэдэу… Сэ ащ екӀолӀакӀэу фысиӀэр фэшъхьаф. Зыми ущымыкӀэу ущыӀэн закъор ара Ӏофыр зыфэгъэхьыгъэр? Сигуапэ, сэгушӀо сикӀалэ губгъом итэу къызэрэхъурэр, чӀыгур зыфэдэр къыгурыӀоу, ащ уасэ фишӀэу къызэрэтэджырэр. Къамболэт техникэр шӀу елъэгъу, сэщ нахь мыдэеу комбайнэм Ӏоф решӀэ.

ШъхьэкӀафэ зэрафишӀырэр къыхэщэу Амэрбый бэмэ къатегущыӀэ, анахьэу игуапэу къытфиӀуатэрэр комбайнерэу Мэкъулэ Аслъанчэрые ехьылӀагъэу ары.

– Аслъанчэрые ихьасэ ущыӀагъэба? Тызэнэкъокъу тэ. Мы илъэсми ар къыстекӀонэу къысшӀошӀы, аущтэу зыхъукӀэ сэ зэкӀэми апэу ащ сыфэгушӀощт. Ау сызэрэтекӀоным сыфэбэнэщт. Ащ фэдэ лэжьэкӀо мыпшъыжь сэ сырихьылӀагъэп. ГъэрекӀуи ащ ыпэ сишъын слъэкӀыгъэп, центнер 600-кӀэ ыуж сыкъинагъ.

– Мыгъ адэ?

– Мыгъи ар сапэ ит, бэп ыуж сыкъызэринэрэр. КъыткӀэхьэх Миндыур, Ӏапшъэр, тлъэдакъэ къеуцох пӀоми хъущт Хьаткъомрэ Лазаренкэмрэ. ГъэрекӀорэм нахьи нахьыбэу къэсӀожьынэу ары джы скӀуачӀэ зэсхьылӀагъэр, ащыгъум къэсӀожьыгъагъэр зернэ центнер 13400-рэ.

Сеплъы Амэрбый, ащ ыӀэхэм. СыгукӀэ къисэдзэ – ащ ыӀэ лыргъуужъхэу, пытэхэу, кӀочӀэшхохэмкӀэ сыд фэдиз шӀушӀагъэ цӀыфхэм афишӀэнэу зигъо ифагъэр. Амэрбый нэӀуасэ сызэрэфэхъугъэм сищыӀэныгъэ зэхэшӀэныгъакӀэ горэ къыхилъхьагъ.

Байкъулэ Амэрбый ыӀэгу шъомбгъо пытэкӀэ сӀапэ къыубытыжьи, къысӀугушӀозэ, сэри джащ фэдэу сыгукӀэ сыфэразэу, тызэбгъэодэкӀыжьыгъ. Зэришэнэу зэсэжьыгъэ лъэбэкъу рэхьатхэмкӀэ икомбайнэ ылъэныкъокӀэ макӀо. Ащ ыӀэпшъэ пытэхэу лыргъужъ хъужьыгъэхэр тыгъэм ылыцӀагъэх. А Ӏэхэр хьалэлэу чӀыгум дэлажьэх, ащ къыщагъэкӀыгъэ лэжьыгъэр Ӏуахыжьы. А ӀэхэмкӀэ анахь гъомылэ агъэжъэгъэкӀэ хьалыгъу фабэм гуабзыкӀы. А ӀэхэмкӀэ сабыим ышъхьэ Ӏэ щефэ.

*1975-рэ илъэс*

## «Чъыгыр пытэми, гъэсысыгъошӀу»

*– Исхьакъ, нахь кӀасэу птхыгъэ усэмэ ащыщ горэм мыщ фэдэ сатырэхэр хэтых: «Сыд фэдизрэ сегупшысагъа сэ зыфэдэ сыхъущтыр сымышӀэу…» Сыд фэдэ мэхьанэ купкӀа а гущыӀэмэ яӀэр?*

– ШъыпкъэмкӀэ, а упчӀэм джэуап къептыным пае анахь ӀэшӀэхыр уахътэр телъхьапӀэ пшӀыныр ары. ОшӀэба тиилъэсхэр зыфэдагъэхэр!.. Ау Ӏофыр мыщ дэжьым нэмыкӀ зыфэгъэхьыгъэр. Нэбгырэ пэпчъ зыщыпсэурэ уахътэм зыкӀи емыпхыгъахэу емыгупшысэн, упчӀэ зыфимыгъэуцужьын ылъэкӀырэп. «Зэрифэшъуашэм тетэу сыщыӀа,

зэрищыкӀагъэм фэдэу сэпсэуа? Джащ къыхэкӀэу о уиунэе гущыӀэ къэгъотыгъэным, о пшъхьэкӀэ кӀэу зыгорэ къэпӀоным пае (ныбжьыкӀэгъум зэкӀэри пкӀуачӀэ къыхьынэу къыпшӀошӀыба!) загъорэ охътабэ ыкъудыин фаеу мэхъу. Ауми ащ фэдэ лъыхъонхэр шӀыгъэнхэ зэрэфаер о шӀокӀ имыӀэу къыбгурыӀоныр, Блок игущыӀэхэмкӀэ къэпӀон хъумэ, гъогоу узытетыр зэхэпшӀэныр, ащ уицыхьэ телъыныр фэшъхьаф Ӏоф. Арышъ, ежь талантэу хэлъым елъытыгъэу ащ игупшыси, изэхашӀи гущыӀэкӀэ къыреӀотыкӀы.

Сэ синасып къыхьыгъ къызэрыкӀоу щымыт къуаджэу, моущтэу къасӀомэ сшӀоигъуагъ музей къуаджэу Шъхьащэфыжь сыкъызэрэщыхъугъэр. Джы къызынэсыгъэми ащ щыпсэухэрэм яжабзэ къыхэфэх адыгэ лъэпкъ къэӀокӀэ зэфэшъхьафхэр, жъы хъугъэ гущыӀэхэр. Ар зыпкъ къикӀыгъэу алъытэрэр къуаджэр хэку гупчэм зэрэпэчыжьэр, ащ щыпсэухэрэм ижъкӀэ къыщегъэжьагъэу зэсэгъэ щыӀэкӀэпсэукӀэр къазэрэхэнагъэр, чӀыпӀэу зыщыпсэухэрэми ныбжь шӀукӀае зэриӀэр ары. А лъэныкъомкӀэ тикъуаджэ ябгъэпшэн плъэкӀыщт тихэгъэгу итемыр ит къуаджэхэу джы къызнэсыгъэми ежь яунэе шэн-хабзэхэр зыхэлъхэм, зыми ямыхьыщыр бзэкӀэ зыщыгущыӀэхэрэм. КӀэкӀэу къэпӀон зыхъукӀэ, сицӀыкӀугъом къыщыкӀэдзагъэу цӀыф жъугъэ къызэрыкӀохэм яжабзэ зэхэсхыщтыгъ, усэкӀэ зэхалъхьэгъэ тхыдэжъхэу зэхэсхыхэрэр сыгу исыубытагъэх, пшысэхэм сядэӀуныр сикӀэсагъ. Арышъ, тикъуадж ары, тиджэныкъо машӀо ыпашъхь ары сищыӀэныгъэ игъогупэ къызыщыхэсхыгъэр.

Ащыгъуми сэ зэхасшӀэу езгъэжьэгъагъ адыгэ жабзэм (гущыӀэм, псалъэм) къарыушхо зэрэхэлъыр. Джащ фэшӀ гумэкӀ-гупшысэм сызыӀэкӀиубытагъэу сяджэщтыгъ КӀэрэщэ Тембот ипрозэ, Хьаткъо Ахьмэд иусэхэм – нарт къэбарыжъхэр, фольклорыр арых ахэмэ лъапсэ афэхъугъэр.

КӀэращэм, ШэуджэнцӀыкӀум, Хьаткъом къакӀэлъыкӀуагъэх Пэрэныкъо Мурат, Еутых Аскэр, КӀышъэкъо Алим, Охътэ Абдулахь, Лъэустэн Юсыф, ахэмэ ауж – Жэнэ Къырымызэ, ХьадэгъэлӀэ Аскэр. Арышъ, чӀыпӀэ нэкӀыгъэп сэ сызэрыуцогъагъэр. А илъэсхэми адыгэ поэзием ежь ипоэтхэр иӀагъэх. Ауми, сэ сиунэе чӀыпӀэр зыфыхэсхыжьынымкӀэ, ситеубытэныгъэкӀэ зыпкъы сиуцонымкӀэ сэ зишӀогъэшхо къысэкӀыгъэр Литературнэ институтым сызэрэщеджагъэр ары. Ащыгъум сэ садеджагъ Рождественскэм, Цыбиным, Фирсовым, Гордейчевым, Евтушенкэм, Ахмадулинам, Джусоевым, Дамдиновым… Ситворчествэ зыпкъ иуцонымкӀэ джащ фэдэу ӀэпыӀэгъушхо къысфэхъугъ урыс литературэр – классическэри, джырэ литературэри. Сызэреджагъэр тхылъ закъоп – сэ сшъхьэкӀэ усэкӀошхохэм сызэраӀукӀэщтыгъэр, упчӀэжьэгъу зэрэсшӀыщтыгъэхэри ары. А илъэсхэм псэугъэхэба, Ӏоф ашӀэщтыгъэба Сельвинскэм ыкӀи Михалковым, Твардовскэм, Смеляковым, Луговскоим, Исаковскэм, Пастернак, Асеевым, Светловым, Тихоновым.

Мыщ дэжьым къасӀомэ сшӀоигъуагъэр тичӀыпӀэгъу писательхэм япублицистикэ, якритикэ-ушэтын тхылъхэм сяджэ зыхъукӀэ, а поэтхэу тэ типкъэгъулэгъухэу, яӀэпэӀэсэныгъэ зэдгъашӀэзэ тэ щысэ зытетхыщтыгъэхэм, джы къызнэсыгъэми щысэ зытетхыхэрэм, ягугъу къызэрамышӀырэр ары. 1953-рэ илъэсым сиапэрэ тхылъ къыдэкӀыгъ. УблапӀэр гъэнэфагъэ хъугъэхагъэ, къэнэжьыгъагъэр ащ бгъу пстэумкӀи нахь куоу хэгупшысыхьэгъэнэу ары. Ау ар фэшъхьафырэ Ӏофыгъу.

— *Арэу оӀуа?*

— ХэзгъэунэфыкӀыщт закъор сэщ нахьыжъ сисэнэхьатэгъухэм яӀэпэӀэсэныгъэ щыщэу сӀэ къизгъэхьагъэр ары. Хьаткъо Ахьмэд итхакӀэ сэ сыгукӀэ нахь къасштэщтыгъ, КӀышъэкъо Алим иусэхэр сыгу рихьыщтыгъэх. Ау еджэрэмэ егъэлыегъащэу гъэсэпэтхыдэ къафишӀыным инэшанэ а лъэхъаным поэзием зэрэхэлъыгъэм, гупшысэр мэкъэ ӀэтыгъэкӀэ къызэрэриӀотыкӀыщтыгъэм гур зыщагъэкӀыщтыгъ. Гум щыхъу-щышӀэрэр, сигушӀуагъорэ сигуузырэ къызэрисӀотыкӀынхэ слъэкӀыщт гущыӀэхэм салъыхъумэ сшӀоигъуагъ.

Зигугъу къысфэпшӀыгъэ усэр зыстхыгъэм илъэсыбэ тешӀагъ. Зытет шъыпкъэмкӀэ, сикӀэлэегъаджэхэм сафэрэзагъ: сэ сыгукӀэ спэблагъэу, анахь сищыкӀагъэхэр ахэмэ язгъотылӀэщтыгъ. Ары шъхьам, шӀушӀагъэу уилъфыгъэхэм апэбгъохырэм фэдиз уянэ-уятэхэм афэбгъэшъошэн плъэкӀыщтэп ныӀа.

*— Ахэмэ, Исхьакъ, а ныбжьыкӀэхэм хэпшӀыкӀэу адыгэ литературэм хэхъонигъэ щашӀыгъ. Я 60-рэ илъэсхэм якӀэуххэм ныбжьыкӀабэмэ ацӀэхэр зэлъашӀэ хъугъэх: КъумпӀыл Къадырбэч, Къуекъо Налбый, Нэхэе Руслъан, Бэгъ Нурбый. Нахь кӀэсаӀоу — Емыж МулиӀат, Унэрэкъо Рай... Сыда ахэр зэфэзыгъадэхэу ятворчествэ къыхафэрэр? Сыда ахэр зэратекӀыхэрэр о уилӀэуж къыхиубытэщтыгъэ поэтхэм?*

— Сэ сыфаеп шъхьэихыгъэу «тэрырэ» «ахэмрэ» сӀозэ, зэзгъэпшэнхэу. ТиныбжьыкӀэхэри (ахэмэ ащыщыбэхэм илъэс 30-р къызэранэкӀыгъэми), зэоуж поэзием щылажьэу езыгъэжьагъэхэри зэкъош зэблагъэх, ежь ашъхьэкӀи къызыгурагъэӀоным пылъых. Сэри, поэт ныбжьыкӀэхэм ятворчествэ сылъыплъэзэ, тхылъеджэм ӀэкӀэхьанхэм ыпэкӀэ, ахэмэ яусэхэм сяджэзэ, сыфай сыфэмыеми, зэсэгъапшэх ахэмэ ятхакӀэ, амакъэ игъэпсыкӀэ, аужым, яӀэпэӀэсэныгъэ тэ типоэтикэ зыфэдагъэм, дунаим еплъыкӀэу фытиӀагъэм. Ежьхэр зыщыщыӀэ-зыщыпсэухэрэ уахътэм ехьылӀагъэу нахьыбэу, нахь игъэкӀотыгъэу ахэмэ къаӀуатэмэ зэрашӀоигъор дэгъу дэд. Ау сыдэущтэу ар агъэцакӀэра? НахьыбэрэмкӀэ ежь поэтикэр ары къэӀокӀэ-къэгъэлъэгъокӀэ шыкӀэ-амалыкӀэхэр ыгъэфедэхэзэ, зэхъокӀыгъэ хъурэр. НыбжьыкӀэхэм япоэзие зэкӀэ цӀыфлъэпкъым ыгъэлъэпӀэрэ шӀуагъэхэм щалъэхъух, ау ащ дакӀоуи ежь ягупсэу, агу пэблагъэри, нахь къагурыӀорэри зыщагъэгъупшэрэп, дэдзыхи ашӀырэп.

*— Темыгушхухьапэхэрэми, джары зэкӀэ тиурысые поэзии зэрэщыхъурэр.*

— Ары шъыпкъ, сичӀыпӀэгъоу Къуекъо Налбыйрэ бурятэу Лопсон Тапхаевымрэ, къэрэщаеу Кубанов Махьмудрэ Москва щыщ Лида Одинцовамрэ зэхьщырхэу къыпщызыгъэхъурэ нэшанэхэр яолъэгъулӀэх. Ахэмэ ятворчествэ ехьылӀагъэу бэ гъэшӀэгъонэу къэпӀотэн плъэкӀыщтыр. Сэ сишӀошӀыкӀэ, апэрэ уахътэм Къуекъор зыпылъыгъэр тхэнымкӀэ ушэтын горэхэр ышӀынхэр, формальнэ лъыхъоныр ары. Ау ахэр ащ иапэрэ лъэбэкъугъэх ныӀэп. Охътэ гъэнэфагъэ зытешӀэм, ар сатырэмкӀэ мэгупшысэ зыфаӀорэм фэдэу тхэу ригъэжьагъ, ащ лъыпытэу ипоэзии нахь шъхьафитэу, нахь къабзэу, нахь жъынчэу хъугъэ.



*— Адыгэ поэт ныбжьыкӀэхэм яусэхэу апэу зэрадзэкӀыгъэхэм къаушыхьатырэр непэрэ поэзием инэмыкӀырэ нэшани — ащ иэстетикэ ыпкъ зэриуцуагъэми утегущыӀэн зэрэплъэкӀыщтыр ары. Е. Баратынскэр мыразэу зэрягыищтыгъэр угу къэмыгъэкӀыжьын плъэкӀырэп: «ГухэкӀ нахь мышӀэми, литературэр искусствэу, хьалэмэт дэдэ рыбгъэпсын плъэкӀынэу зэрэщытыр бэп къызыгурыӀорэр»... ТинасыпкӀэ, а гущыӀэхэр непэ тӀэкӀу жъыӀо хъугъэхэу плъытэнхэ плъэкӀыщт.*

— Ары шъыпкъ, джырэ лъэхъаным къушъхьэчӀэс поэтмэ ялирикэ ӀэкӀоцӀ цӀыфыгъэшхор, гуфэбагъэр, зыкӀи мыукъогъэ зэхашӀэр щыпхырыщыгъэхэу зэгъэкӀугъэх. Ащ фэгъэхьыгъэу къэпӀон плъэкӀыщт типоэзие урыс лирикэм зэрэпэблагъэр. Урыс поэзиемкӀэ Чабэм фэдэу Кавказыр зэралъытэщтыгъэр сыдми хъугъэ Ӏофэу щытэп. ЯдэхагъэкӀэ узыушхъухьэхэрэ къушъхьэхэм, ахэмэ ащыпсэухэрэм ящыӀэкӀэ-гъэпсыкӀэ, агукӀэ шъхьафитныгъэм зэрэфэщагъэхэм, яорэдхэмрэ ятхыдэхэмрэ Бестужев-Марлинскэм, Пушкиным, Лермонтовым, Лев Толстоим, агу къыӀэтыщтыгъ, ямузэ къыгъэущыщтыгъ, ахэмэ акӀырыплъызэ, урыс литературэм Кавказым ынаӀэ къытыридзэгъагъ. Сэ къызэрэсшӀошӀырэмкӀэ, а нэшанэхэр лъыгъэкӀотагъэ зэрэхъурэр зэхэтэшӀэ, ау мэхьанэ купкӀэу иӀэм нэмыкӀ нэшан иӀэр, ар итхылъеджэхэм шӀулъэгъоу Кавказым ипрофессиональнэ поэзие, ащ илирикэ, народыр ыгукӀэ поэзие шъыпкъэм зэрэфэщагъэм фыряӀэр ары. Тилитературэ эстетическэ шӀуагъэу хэлъхэр романтизмэкӀэ плъытэнхэ плъэкӀыщт, нахь тэрэзэу къэпӀон хъумэ, тикъушъхьэхэм ялъэгагъэрэ лӀэшӀэгъу шэн-хабзэхэмрэ къапкъырыкӀыгъэ кӀуачӀэ зыхэлъ духовнэ реализмэу ары.

*— Ащыгъум уигущыӀэхэр къызэрэдгурыӀон фаер ныбжьыкӀэхэм япоэзие нэплъэгъум къыубытын ымылъэкӀырэ фольклор лъапсэр, традициеу щыт поэтикэр ахэлъэу ара? ГущыӀэм пае, Къуекъо Налбый штагъэмэ?*

— Ары ыкӀи арэп! Нахь енэгуягъоу щытыр а нэшанэр псышъхьашъом къытемыхьэрэ псычъэрэу ары. ЧӀыгучӀэгъ псылъакъохэр анахь псэпытэх, шъофнэкӀыми ахэр къыщыбгъотынхэ плъэкӀыщт.

*— Ащыгъум, сыда «хьаур» зыфэгъэхьыгъэр?*

– Джа Къуекъо Налбый дэдэр пштэн. Джы къызынэсыгъэми ащ иобразхэр зэхэшlэгъуаехэу егъэпсых, ары пакlошъ, ащыщхэри къыбгурыlохэрэп. Ащ ипоэзие джыри мэхьанэр икъукlэ упкlэпкlыгъэу, гурыlогъошlоу щыщытэп, а нэшанэхэр пlэ къимыгъахьэхэу, гупшысэр куоу, псалъэр кlэкlэу усэхэр бгъэпсынхэ плъэкlыщтхэп.

*– Адэ ары шъуlуа критикэу Нафи Джусойты моущтэу зыкlитхырэр: «Фольклорым къыхэфэрэ образхэр фэшъхьаф эстетикэ нэшанэхэм адиштэу гъэпсыгъэх, блэкlыгъэ зэманым идеалхэр ащыпхырыщыгъэх, народым изэхэшlыкlырэ ащ ежь итарихъ зэрэзэхишlэрэмрэ зыфэдэхэм, ащ исоциальнэ щыlэкlэ-псэукlэ къырыкlогъэ гъогур зыфэдэхэм атегъэпсыкlыгъэх».*

– Сэ сишlошlыкlэ, мыщ мэхьэнэ зэфэшъхьафхэр щызэхэгъэкlокlагъэх. Эстетикэ шэн-хабзэхэр – зы lофыгъу, социальнэ щыlэкlэ-псэукlэр фэшъхьаф. Апэрэхэр зытырагъэпсыкlыхэрэр дэхагъэмрэ зэкlужьымрэ яшэпхъэ гъэуцугъэхэу егъэшlэрэу алъытэхэрэр ары (народнэ искусствэр арыба lофыр зыфэгъэхьыгъэр), социальнэ хэбзэ ихъухьагъэхэр пштэхэмэ, обществэм итарихъ ыпэкlэ зэрэлъыкlуатэрэм епхыгъэу ахэр зэхъокlыгъэ мэхъух. Джащ къыхэкlэу мыщ фэдэ щысэ къэдгъэлъэгъон: фольклорым зыкlи къекlухэрэп стилизаторствэр, ащ ехьщырэу нэпцlыкlэ зыгорэ зэхэплъэхьаныр. Щымыщ пкъынэ фэдэу ахэр ащ къызыхедзых. Ежь пэблагъэр, щыщыр ары ныlэп ащ ыштэрэр. Ащ къыхэкlэу ищыкlэгъэ шъыпкъэу щытыр эстетикэ традицием ишэпхъэ ухэбзыгъэхэр куоу зэгъэшlэгъэнхэр ары.

Щысэкlэ къэдгъэлъэгъоных Къумпlылым, Нэхаим яусэхэр... Зыпкъ иуцогъэ поэтых ахэр. Ар къызэрэпшlэрэр яусэхэм мэкъэмэ гохьыр къазэрахэlукlырэри, гуфэбагъэ зыхэлъ лиризмагъэр къызэрябэкlырэри, сатырэхэр зэрэуфэ-упцlэхэри ары. Загъорэ щыкlагъэу афэхъоу гу зылъыптэрэр зыми темыщыныхьэхэу поэзиемкlэ чанызгъэ къызыхагъэфэным зэрэтемыгушхухьэхэрэр ары, ащ пае шlэгъэн фаер, зэгорэм атхыгъэхэр щагъэзыехэзэ, тхэкlэ амалыкlэхэм, къэгъэлъэгъуакlэхэм зыраушэтыныр, орэд къэlуакlэ кlэу къагъотыныр ары. Ар сэlо шъхьам зэдзэкlыгъэ текстым зэхыуигъашlэрэп, урыгъуазэзэ, зэрифэшъуашэм тетэу поэзием утегущыlэн плъэкlыщтэп. Сыдэу хъугъэми, зыгорэ «чlамынэнэу» пшlын плъэкlырэп. Щысэкlэ къэдгъэлъэгъон Пушкиным игущыlэхэу «светлая печаль» зыфиlохэрэр. Сыд фэдэу lупкlэ шъыпкъэу гум изытет къырalотыкlыра а гущыlищым: «печаль моя светла». Джаущтэу ыlон ылъэкlыщтыгъ поэтышхом иlахьыл блэгъэ цlыфым. Джары лlэуж пчъагъэхэм а гущыlэхэр къызыкlыкlalотыкlыжьхэрэр. Ахэр агу къинэгъэ тамыгъэхэу, народым ыгу изытет къизыlотыкlыхэрэ гущыlэхэу цlыфхэм къахэнагъэх. Ау кавказ поэзие зэдзэкlыгъэм уеджэ зыхъукlэ, текститlуми уащырихьылlэу къыхэкlы а гущыlэ дэдэхэм («светлая печаль»). Бзэр пшlэным имызакъоу, мыщ дэжьым джыри ищыкlагъэх поэт-авторыр къыбгурыlоныр, ащ ыгу щызэпищэчырэ гупшысэхэр ори дызэхэпшlэнхэр, ащ игупшысэхэмрэ изэхашlэхэмрэ куоу уахэгупшысыхьаныр.

*– «Апэрэу хым сызэкlом» зыфиlоу птхыгъэ усэм джыдэдэм укъысфеджагъ. О зигугъу къэпшыгъэ шlуагъэхэр ар зызэрадзэкlым къыхэнагъэха адэ?*

– Сэркlэ зэгъэпшэгъуае ар. Оригиналым хым игугъу къыщишlырэп пlоми хъущт, ау зы кlочlэ шъхьасынчъэ горэ зэрэмычыжьэр, дыджышагъэр къызыхихырэ хыор щыугъэм игъуаткlохэр къызэрэптеутхэхэрэр щызэхапшlэщтыгъ. Зэдзэкlыгъэ текстым ахэр нахь гъэнэфагъэхэу, ацlэ къеlуагъэу щыхъугъэх. Урысыбзэкlэ зэдзэкlыгъэным ащ фэдэ шlыкlэ щыгъэфедэгъэн фаеу щытынкlи мэхъу, ау, сэ къызэрэсшlошlырэмкlэ, урысыбзэкlэ зызэрадзэкlым, гузэхашlэр къэзыгъэущырэ пыушъэфыкlыгъэр хэкlодыкlыгъ. Джащ фэд къэсlолlэн слъэкlыщтыр адырэ сиусэхэу зэрадзэкlыгъэхэми. Ахэр зэрэзэрадзэкlыгъэхэр сэ сыгукlэ сэштэх, ауми сштэхэрэп оslони слъэкlыщт. Ау щытми, адырэ лъэныкъомкlэ – зэдзэкlакlор фитныгъэу иlэхэмкlэ авторым гоуцоу алъытэба, джащ пае сэри сафэраз сизэдзэкlакlохэу, урыс поэтхэу Вероника Тушновам, Валентина Твороговам, Людмила Бахаревам.

*– Адыгеим ипсатель хэм я Союз журналэу «Зэкъошныгъэр» къыдегъэкlы. Зэкl пlоми хъунэу тхэн езыгъэжьагъэхэм атхыхэрэр ащ къыхеутых...*

– Ары, етlани тхэн езыгъэжьагъэхэми язакъоп. Адыгеимкlэ ар литературнэ тедзэгъэ закъоу щыт. Арышъ ащ

инэкӀубгъохэр зэпырыбгъазэу арытым нэӀуасэ зыфэпшӀымэ, зэрэпсэоу адыгэ литературэм ихэхъонығъэ уасэ фэпшӀын плъэкӀыщт. Зытет шъыпкъэмкӀэ, тилитературэ зэхъокӀыныгъэ гъэшӀэгъонхэр фэхъух. Поэзием имызакъоу, прозэри ары. Мы илъэсымкӀэ журналым иапэрэ номер зэрэпсэоу зыфэгъэхьыгъэщтыр литератор ныбжьыкӀэхэм ятворчеств ары. Адыгэ писательскэ организациер, зэкӀэ писатель анахьыжъхэр ныбжьыкӀэхэм афэгумэкӀых, ежьхэм ачӀыпӀэ къиуцощтхэм яхэхъоныгъэ анаӀэ тырагъэты. ТкӀуачӀэ къызэрихькӀэ цӀыфхэм ящыӀэкӀэ-псэукӀэ нахь благъэу зэрядгъэшӀэным тыфэгумэкӀы; зэӀукӀэгъухэр афызэхэтэщэх, лэжьыгъэ Ӏухыжьыгъом хэку, район гъэзетхэм Ӏоф ащятэгъашӀэ, колхозхэм, фэшъхьаф ӀофшӀапӀэхэм ащызэхащэрэ радио пчыхьэзэхахьэхэм ахэтэгъэлажьэх. ЗэрэныбжьыкӀэхэм пае къэтымыгъанэу къатефэрэ пшъэрылъхэр зэрифэшъуашэу агъэцэкӀэн зэрэфаер агурытэгъаӀо. Шъыпкъэ, зыгорэм къыдэмыхъугъэм, фэмыгъэхъугъэм нахь тегущыӀэгъошӀу. Ау, адырэ лъэныкъор пштэмэ, чъыгым зэрэпытыр ошӀэмэ, нахь гъэсысыгъошӀу.

*ДэгущыӀагъэр Дементьев В.,*
*1977-рэ илъэс*

## Адыгэмэ акъо шӀагъу

ЦӀыфмэ урящыкӀагъэмэ, яшъыпкъагъи якъэрари пхэлъмэ, нахь насыпыгъэ щыӀэп. Ащ изакъоп, укъызыхэкӀыгъэ лъэпкъым уишӀушӀагъэ ымыгъэкӀодэу, ыпэкӀэ лъыкӀуатэ къэси уигугъу ышӀэу, гъэхъагъэу иӀэмэ уадырипхы зыхъукӀэ, узэхъопсэщт насыпэу пшӀэрэмэ ар апшъэжь. Джащ фэдагъ, джыри фэд адыгэмэ акъо шъыпкъэу, Ленинышхом ипартие ыпсыхьагъэу, илъыкӀоу Хьахъурэтэ Шыхьанчэрые. Ащ ищыӀэныгъэрэ идунэететыкӀэрэ зэрэпсэоу пштэмэ, «шӀу шӀи, псым хадз» язгъэӀуагъэмэ ащыщ. ЦӀыфым шъхьэкӀафэрэ лъытэныгъэ дахэрэ фэзышӀыщтыгъэм ипсыӀубэ игъукӀыгъэп. Сыдрэ тиӀофшӀагъи — блэкӀыгъэхэми къэхъущтхэми — ар ахэтэлъагъо.



Хьахъурэтэ Шыхьанчэрый зыпӀокӀэ, цӀыкӀуи ини ар зымышӀэрэ цӀыф хэкум къикӀыщтэп. АшӀэ къодыеп, ишӀушӀагъэ уасэ фашӀы, инамыс агъэлъапӀэ, ыцӀэ чылэмэ, къалэмэ яурамхэм ахьы, Хьахъуратэм ыцӀэ зыфагъэшъошэгъэ колхозым хэт цӀыфмэ илъэс къэс гъэхъэгъэ дэгъухэр зэрашӀыщтхэм ыуж итых, пынджыр зылэжьырэ кӀэщэкӀо дэгъумэ ащыщых, поэтхэм, композиторхэм усэхэмрэ орэдхэмрэ фатхых, ищыӀэныгъэ ехьылӀагъэу тигъэсагъэхэм тхылъхэр къыдагъэкӀых, чылэмэ адэт еджэпӀэ зэфэшъхьафмэ игугъу дахэ къыткӀэхъухьэрэ ныбжьыкӀэмэ ащызэхахы, тинахьыжъхэу Ӏоф дэзышӀагъэхэми, дэзымышӀагъэхэу джау Ӏофыгъо дырекӀокӀыкӀэ зишӀогъэ цыпэ къызынэсыгъэхэми, къызнэмысыгъэхэу иӀофшӀагъэ зинэрылъэгъухэми, щытхъур фаӀо. УичӀыгу, уилъэпкъ, уихэгъэгу шӀу зэрэплъэгъущтым, узэрэфэшӀушӀэщтым ащ ищысэкӀэ фапӀух.

Октябрэшхом иреволюцие игъэхьазырын ежь фэшӀэщтымкӀэ иӀахьышӀу хишӀыхьагъ, пачъыхьагъур тырадзы зэхъуми, Совет хабзэм икъыдэхын цӀыф жъугъэр къыфиӀэтыгъ, граждан заом ипчэгу итыгъ, социализмэм ылъапсэ щыӀэкӀакӀэм щызыдзыгъэмэ ащыщыгъ, коллективизацием игъэпсын илъыкӀуагъ, класс банэ къытэзышӀылӀагъэмэ пхъашэу апэуцужьыгъэмэ ащыщыгъ, революцием къыдэхъугъэ адыгэ цӀыфыкӀэм имышыхьат къодыеу, ар зыпӀугъэмэ, лъэгъошӀу язгъэлъэгъугъэмэ апэ итыгъ.

ЦӀыфым къырыкӀуагъэм ущымыгъуазэу ищыӀэныгъэ уасэ фэпшӀын плъэкӀыщтэп. Хьахъурэтэ Шыхьанчэрые илъэс 53-рэ нахь къымыгъэшӀагъэми, къэбар дахэхэр зыпылъ гъогу къыкӀугъ. ИгъашӀэ макӀэми, ышӀагъэр бэ. Мыщ дэжьым «Октябрэшхор — цӀыфлъэпкъым ихэхъоныгъ» зыфиӀорэ докладэу Л. И. Брежневым Октябрьскэ социалистическэ революциешхор илъэс 60 зэрэхъурэм фэгъэхьыгъэ торжественнэ зэӀукӀэм къыщишӀыгъэм хэт гущыӀэ шӀагъохэр угу къэмыкӀынхэ плъэкӀырэп: «Анахь гуфэбэныгъэ ин зыхэлъ гущыӀэ лъэшхэр, тызэрафэразэр, шӀу зэрэтлъэгъухэрэр революцием икӀэщакӀомэ ятэӀо. 1917-рэ илъэсым октябрэм ленинскэ партием ибыракъ чӀэтхэу дунэежъыр зэхэгъэтэкъогъэным зыкъыфэзыӀэтыгъэхэм ащыщэу тэ къытхэнэжьыгъэхэм япчъагъэ нахь макӀэ мэхъу

зэпыт. Ау ахэмэ ятекIоныгъэ имэхьанэ нахь икъоу къызэIухыгъэ мэхъу. Октябрэр текIоным апэу тыфэзыщагъэхэм щытхъур адэжь!»

Джащ фэдэу большевик-ленинцэ шIагъохэу, шъхьакIэфэнэгъэ зыфашIэу зигугъу шIукIэ ашIырэмэ Хьахъурэтэ Шыхьанчэрые ащыщ. Коммунистичесэ партиемрэ Советскэ къэралыгъомрэ яIофышIэ инхэу А. А. Андреевым, А. И. Микоян, С. М. Буденнэм зэрэхагъэунэфыкIырэмкIэ «...революцием илIыкIо лэжьакIохэу Адыгеим имызакъоу, Темыр Кавказым, къушъхьэчIэсмэ ащыщыгъ Хьахъурэтэ Шыхьанчэрые».

Хьахъурэтэ Шыхьанчэрые апрелым и 28-м 1883-рэ илъэсым Хьащтыку къыщыхъугъ, мэкъумэщышIэ унагъом къыхъухьагъ. Пэнэхэс класс зэхэпхъэгъэ училищым урыс кIэлэегъаджэу М. Р. Дичко шIэныгъэм иапэрэ лъэбэкъухэм щащигъэгъозагъ. Ащ ыуж 1901-рэ илъэсым щегъэжьагъэу Екатеринодар дэт военнэ-фельдшерскэ школым щеджагъ. 1905-рэ илъэсым ар къыухи, апэрэ адыгэ фельдшер хъугъэ. Сэнэхьатэу иIэмкIэ Хьахъурэтэ Шыхьанчэрые лэжьэкIо жъугъэмэ ящыIэкIэ-псэукIэ къин зыфэдэр нахь нэрылъэгъу фэхъугъ, ышъхьэкIэ зэхишIагъ, а лъэхъаным рабочхэмрэ мэкъумэщышIэхэмрэ пачъыхьагъум банэу рашIылIэрэм нахь пэблэгъагъ. Марксизмэр зыфыщыIэри ащ идао зыфэдэри къыгурыIоу ригъэжьагъ. Апэрэ урыс революциеу 1905–1907-рэ илъэсхэм щыIагъэм илъэхъан демонстрацие, забастовкэ зэфэшъхьафхэу щыIагъэхэм ахэлэжьагъ. Пшызэ шъолъыр ибольшевикмэ пшъэрылъ къызэрэфашIыгъэмкIэ, адыгэ лэжьэкIо тхьамыкIэхэр пачъыхьагъум пэшIуекIорэ бэнэныгъэм къыфэIэтыгъэнхэмкIэ Iофышхо ышIагъ. ЯтIонэрэ Уруп къэзэкъ полкым хэтхэу зыкъэзыIэтыгъэхэр аусуды зэхъум, ащ пэшIуекIорэ демонстрацие Хьахъурэтэ Шыхьанчэрые къалэу Екатеринодар щызэхищэгъагъ. ЗэлъашIэрэ революционеркэу П. И. Вишняковам игукъэкIыжьхэм ар дэгъоу къаушыхьаты. Хьахъурэтэ Шыхьанчэрые социал-демократыщтыгъэу къыщеIо. 1908-рэ илъэсым маим и 7-м Шыхьанчэрые къызалъыхъум, тхылъ 15 къыпкъырахыгъэу жандармэмэ ядонесение ит. Ахэмэ «Манифест Коммунистической партии», «К вопросу о развитии монистического взгляда на истории» зыфиIорэ марксистскэ тхылъхэр, М. Горькэм ирассказхэу «Бывшие люди», «Скуки ради» ащыщыгъэх.

1905–1907-рэ илъэсхэм щыIэгъэ революцием пачъыхьагъур зытекIом, Хьахъурэтэ Шыхьанчэрые аубытышъ, Пшызэ шъолъыр къыгъэзэжьын фимытэу ращы. А лъэхъаным Темыр Осетием Хьахъуратэм Iоф щешIэ, етIанэ 1909-рэ илъэсым гъэбылъыгъэкIэ къалэу Новороссийскэ къэкIошъ, цементышI заводэу «Орел» зыфиIорэм фельдшерэу Iохьэ, ащ страховой кассэм итхьаматэу рабочмэ щыхадзы, гъэбылъыгъэкIэ зэхэщэгъэ рабочэ кружокым ипащ. Пшызэ шъолъыр ибольшевикмэ пшъэрылъэу къыфашIыгъэр ыгъэцакIэзэ, адыгэ чылэмэ къахахьэ. Апэрэ империалистическэ заоу кIорэр зыфэдэр цIыфмэ агурегъаIо. Пачъыхьэм, адыгэ баймэ мэкъумэщышIэ тхьамыкIэхэр а лъэхъаным къуаджэхэу Адэмые, Къунчыкъохьаблэ, Хьащтыку, Пэнэхэс, Псэйтыку, Афыпсыпэ ащапэуцужьых, бырсырхэр къащаIэтых. Февральскэ буржуазнэ-демократическэ революциер зытекIом, 1917-рэ илъэсым имарт мазэ Хьахъурэтэ Шыхьанчэрые къалэу Екатеринодар къегъэзэжьы, большевикмэ ягъусэу Совет хабзэм фэбэнэнхэу цIыф жъугъэхэр фегъэхьазырых. ГъэпцIагъэкIэ «Дикэ дивизием» хащэгъэ адыгэхэм адэгущыIэ, ащ ишIуагъэкIэ шыубэмэ ячылэмэ агъэзэжьы. Ащ ыуж Новороссийскэ Хьахъурэтэ Шыхьанчэрые къэкIожьы. Маим и 28–31-м 1918-рэ илъэсым Кубано-Черномор Республикэм я III-рэ Чрезвычайнэ съездэу Серго Орджоникидзе зитхьаматэу щыIагъэм Новороссийскэ округым илIыкIоу хэлажьэ. Деникинцэхэр Пшызэ шъолъыр къызехьэхэм, Хьахъурэтэ Шыхьанчэрые станицэу Крымскэм дэжь белогвардейцэмэ пхъашэу щязэуагъэмэ ащыщыгъ. 1918–1919-рэ илъэсхэм Деникиным илъэхъан, подпольем макIошъ, Абрау-Дюрсо фельдшерэу Iоф щешIэ. Апрелым щегъэжьагъэу май мазэм нэс 1920-рэ илъэсым Хьахъурэтэ Шыхьанчэрые С. М. Буденнэм и Апэрэ Шыудзэ хэтыгъ, мыщ иполк горэм икоммунистическэ ячейкэ ибюро итхьамэтагъ. Генералэу Слащовымрэ Махнорэ Украинэм щязэуагъ. 1920-рэ илъэсым июнь мазэм РКП(б)-м и Кубано-Черномор хэку комитет Хьахъурэтэ Шыхьанчэрые дзэм къырарегъэщыжьы. 1921-рэ илъэсым июль мазэм нэс Абрау-Дюрсо Iоф щешIэ,

ащ коммунистическэ ячейкэу щыIагъэм исекретарыгъ. Ащ ыуж партием и Кубано-Черномор хэку Горскэ исполкомым Iоф щишIэнэу егъакIо. Июлым и 20-м 1921-рэ илъэсым Хьахъурэтэ Шыхьанчэрые Горскэ исполкомым тхьаматэ фэхъу. Адыгэ автоном хэку щыIэ зыщыхъугъэ 1922-рэ илъэсым июлым и 27-м ыуж а гъэ дэдэм августым и 4-м Адыгэ хэку исполкомым ипрезидиум тхьаматэ фашIы. 1932-рэ илъэсым нэс а IэнатIэр зэрехьэ. А илъэс дэдэм июным и 18-м партием и Адыгэ хэку комитет иапэрэ секретарэу хадзы. Ащ къыщыублагъэу, ыгу къэуцуфэ, октябрэм и 9-м 1935-рэ илъэсым нэс, щытхъу хэлъэу хэкум пэщэныгъэ дызэрехьэ.

Партием сыд фэдэ пшъэрылъ Хьахъурэтэ Шыхьанчэрые фишIыгъэми, къызэкIэмыкIоу, псэемыблэжьэу, щытхъу хэлъэу ыгъэцэкIагъ. ИндустриализациемкIэ, коллективизациемкIэ, культурнэ революциемкIэ анахь пшъэрылъышхоу партием къыгъэуцугъэхэм ахэлэжьагъ, ахэр щыIэныгъэм зэрэпхырищыщтымкIэ зи къытенагъэп. Лениным ипартиешхорэ тикъэралыгъорэ апашъхьэкIэ IофшIэгъэ инхэу щыриIэмэ апае СССР-м и ЦК иунашъокIэ 1924-рэ илъэсым июным и 20-м Хьахъурэтэ Шыхьанчэрые Умарэ ыкъом Быракъ Плъыжьым иорден къыфагъэшъошагъ. Советхэм я Всесоюзнэ, Всероссийскэ съезд пчъагъэхэм яделегатыгъ, ЗэIукIэгъу заулэкIэ СССР-м и ЦИК ичленыгъ, РСФСР-м и ВЦИК ичленэу игъашIэ ыухыгъ. ВКП(б)-м ия XVI-рэ, XVII-рэ съездхэм ахэлэжьагъ. Партием и Темыркавказ, Азово-Черномор крайком хэтыгъ, илъэс зэфэшъхьафхэм ахэмэ Iоф ащызышIэгъэ А. А. Андреевым, А. И. Микоян, Р. С. Землячкэм, Серго Орджоникидзе, Б. П. Шеболдаевым Iоф адишIагъ. Граждан заом илIыхъужъ цIэрыIохэу К. Е. Ворошиловым, С. М. Буденнэм, Д. П. Жлоба, Е. И. Ковтюх яныбджэгъу шъыпкъэу алъытэщтыгъ.

Сыда джы къызнэсыгъэм Хьахъурэтэ Шыхьанчэрые цIыфмэ закIыщымыгъупшэрэр? Сыда игъашIэ бэгъашIэ зышIырэр?

Адыгэмэ дунаим къыщахьыгъэм лIыгъэр зыпшъэ ифэныбэ къахэкIыгъ, ау ахэмэ ацIэхэр нафэх нахь мышIэми, хьакIэщ, джэныкъопэшъхьэ пшысэхэм, нарт IорIуатэмэ



ащагъэшIуагъэх ныIэп, афэшIэшъуцт закъор арыти, лъэпкъым къепыирэ иныжъхэм арагъэбэныгъэх, арагъэзэуагъэх. Джы непэ тызхэт щыIэкIэшIум ахэр кIэхъопсыщтыгъэх, фэшIыгъэмрэ тхьамыкIэмрэ азыфагу дэлъ зэфэмыдэныгъэм рымыразэщтыгъэхэми, ащ хэзыщын акъылрэ лIыгъэрэ зыхэлъ цIыф Октябрэшхор къэсыфэкIэ къахэкIыгъэп. Сыдрэ гухэлъи гухэлъ закъоу, пшысэ дахэу къанэщтыгъэ нахь, имэзэхэ щыIакIэ хэзыщын щыIагъэп. Ау пшысэкIэ, IорIуатэкIэ егъашIэм лъэпкъыр зыкIэхъопсыщтыгъэ лIыхэри джы нэрылъэгъоу адыгэмэ къахэкIыгъэх. Джащ фэдэу народым шIу фэзышIэу, насып хъуапсэр къыфэзыхьы зышIоигъуагъэу зигухэлъ къыздэхъугъэмэ Хьахъурэтэ Шыхьанчэрые ащыщ. Джыдэдэм илъэс къэс гъэхъэгъэшIухэр зышIыхэзэ, щыIэкIакIэм игъогу тет Адыгэ автоном хэкум изэхэщэн Хьахъурэтэ Шыхьанчэрые икIэщэкIуагъ, ащ лIышъхьэ фэхъугъэ тхьамэтагъ. Совет хэбзакIэу лэжьакIомэ къыдахыгъэр ыгъэпытагъ, пыймэ къащиухъумагъ, цIыф жъугъэмэ уасэ фаригъэшIыгъ, шIу аригъэлъэгъугъ, лъапсэ фаригъэшIызэ, лъаригъэгъэкIотагъ. Апэрэ мафэм къыщегъэжьагъэу ыгу къэуцуфэ къызхэкIыгъэ адыгэ лъэпкъыр зэрэфэлъэкIэу, иIахь хишIыхьэзэ, иакъылэгъу ныбджэгъу революционерхэм ягъусэу Октябрэшхом рищэлIагъ, хигъэлэжьагъ, хэбзакIэм изыпчэгъоу кIигъэуцуагъ, сыд фэдэрэ Iофыгъоу партием къырихыыжьагъэр щыIэныгъакIэм ежь ышъхьэкIэ щадыпхырищыгъ, иакъыли ыкIуачIи адыхилъхьагъ. Адыгэмэ егъашIэм ямыIэгъэ еджапIэхэу, сымэджэщхэу, изба-читальнэхэу чылэхэм апэ къащызэIуахыгъэхэм, колхозэу ащызэхэщагъэхэм, апэрэ адыгэ рабочым икъежьапIэ фэхъугъэм, гъэсэныгъэ зэфэшъхьафмэ языкъегъэIэтын, кIэлэегъаджэхэр, врачхэр, агрономхэр гъэхьазырыгъэнхэм, адыгэ литературэмрэ искусствэмрэ лъапсэ афэхъугъэмэ, нэмыкI IофыгъуакIэхэм Хьахъурэтэ Шыхьанчэрые ипартийнэ щыIэныгъэрэ ицыфыгъэрэ япхыгъагъ.

ЗылI къыгъэшIэнэу къытефэрэр Хьахъурэтэ Шыхьанчэрые къымыгъэшIагъэми, къызхэкIыгъэ адыгэ пашъхьэм, партиеу зыпIугъэм, зылэжьыгъэм ыпашъхьэ, революциер къыдэзыхызэ, хьапсымэ ачIэлIыхьагъэмэ апашъхьэ, пцэшIуащэм риутыгъэмэ апашъхьэ, зэкIэ псаоу къэнагъэмэ

апашъхьэ, коммунизмэ гъэпсыным ыпашъхьэ Iофэу щызэшIуихыгъэм лIэшIэгъу псэу ыуас цIыфмэ зыфаIорэм фэд. ШIу зышIэрэм шIу фашIэжьэу хабзэшъ, джары Хьахъурэтэ Шыхьанчэрые Умарэ ыкъор цIыфмэ закIыщцымыгъупшэрэр. Инамыс зыкIагъэлъапIэрэр, илъэсхэр текI къэсми ишIушIагъэ уасэ зыкIыфашIырэр, тихэку ис цIыф лъэпкъ зэфэшъхьафмэ зэдаштэу ащыщ шъыпкъэу зыкIалъытэрэр.

*1978-рэ илъэс*

## Уахътэр, щыIакIэр, цIыфыкIэр

Хъишъэ зыпылъ илъэсыр тфэмафэу, сыдрэ IофкIи тыфэразэу тэгъэкIотэжьы. Гъашlэм иилъэс дэгъумэ ари зэу ащыщ. ЛIэшIэгъу къинэу, лIэшIэгъу дахэу тызхэкIырэм изы тарихъэу мэхъужьы. Тщымыгъупшэнэу, игугъу тшIы зэпытынэу тищыIэныгъэ изы маф, изы маз, изы илъэс. Мыщ фэдиз гущыIэ дахэ етIолIэнэу сыд ащ шIушIагъэу хэлъыр? ЦIыфыр зыгъэдахэрэр, зыгъэлъэшырэр, тамэ къыгозгъакIэрэр ишIушIагъ, идунэететыкI. ЛэжьакIомэ – иIэбакI, илэжьакI, тхакIомэ – итхылъ тхыкI, орэдыIомэ – иорэд къэIуакI. ЦIыфмэ афэдэх илъэсхэри. Джа илъэсмэ анапэ зыгъэдахэрэри гъашIэм щызыIэтхэрэри джа цIыфыгъэ зезыхьэрэ цIыф дэдэхэр арых.

Чыжьэу сымыIэбэжьыным фэшI адыгэ лъэпкъэу сызщыщым ищысэ зэкIэми ауас. Дунэе къопиплIымкIэ къарыкIэу хымэ хъункIакIомэ зэпкъыратхъыщтыгъэ адыгэчIым джы ихэгъэгу автономие хэткIи инэрылъэгъу. Иуашъо къаргъо, игъатхэ мэфэкI, ицIыфхэр кIэракIэх. Игубгъо гъэбэжъумэ лэжьыгъэр арыз, изаводмэ цIыфым ищыкIэгъэ пстэури къыщагъэчъы, игъогухэр мыжъо джанэкIэ зэблэчъых, ихьырхэр нэпкъ речъэкIых. Тыдрэ лъэныкъо уплъагъэми, техникэ лъэшыр къоджэдэсмэ яIэрылъхь.

Сыд фэдиз баиныгъэр уичI къолъми, ар зыгъэлъапIэрэр, нэхъой фэзышIырэр, зием фэзгъэшIушIэрэр ицIыф лэжьакIу. Ащ фэдэ цIыф лэжьэкIо гъэшIуагъэхэри сихэку ихъоих. Ахэмэ щытхъу дахэу афаIорэр яIофшIагъэкIэ къызфахьыжьыгъ, яшIушIагъэ орэдмэ ахалъхьагъ, щысэтехыпIэу хэти фаIуатэ. Хэкум, хэгъэгум ицIыф гъэшIуагъэхэшъ, лэжьэкIо бгъэгур агъэдахэу дышъэ жъуагъохэр, орден лъапIэхэр къахэлыдыкIых. Янэкъо Исхьакъ, Сихъу Аслъан, ТхьайцIыф Юр, Гениевская Тамара, Мэрэтыкъо Аслъан, Марочкин Александр, ХъутIыжъ Гощнагъу, Бзэджэжъыкъо Руслъан, Елфимов Петр, Лъэцэр Махьмуд, Селезнева Елизавета, ЩэшIэ Мухьдин, Сэмэгу Заурхъан, Нажьэ Цуц, Ешэкъо Мир, Щэрдж Аслъан, Тыгъужъ Щамсэт, Щагудж Къадырбэч... Мыхэмэ анэмыкIэу дышъэр зыIэ къыпызырэ лэжьэкIо тхьапш зетымыгъэукIыхьаным фэшI зыцIэ къетIон тымылъэкIыгъэр! Ащ фэдэ лэжьакIомэ анахь гущыIэ дахэу щыIэр япIуалIэми атефэ, сыд фэдэрэ тхылъ къыщыбгъэлъэгъуагъэхэми шъуашэ, сыдрэ Iофыгъо фэбгъэзагъэхэми укъамыгъэукIытэжьынэу лэжьэкIо шъыпкъэх.

IофшIагъэу яIэр орденхэмкIэ зэрэхагъэунэфыкIырэм имызакъоу зылъэкъуацIэ къетIуагъэмэ ащыщхэр народнэ депутатых, правительствэм щыщых. Москва щызэхэтIысхьэхэшъ, хэгъэгум иIоф зэрэлъагъэкIотэщтым, цIыфмэ ящыIэкIэ-псэукIэ нахьышIу зэрэхъущтым, ащкIэ зехьэгъэн фэе Iофтхьабзэхэм щатегущыIэх, унашъохэр щашIых, щаштэх. Дунаим мамырныгъэр щыгъэпытэгъэным фэшI цIыф жъугъэр зэкIодылIэщт Iашэр къямыгъэшIыгъэным, къытемытэджэным апае зэрахьэрэ Iофыгъохэм ахэлажьэх. Хэгъэгум ыпашъхьэ къеуцохэшъ, Кремлым хэт Унэшхом къыщэгущыIэх. Угу къэмыкIыжьыни урымыгушхони пфэлъэкIырэп ти КонституциякIэ аштэ зэхъум, СССР-м и Верховнэ Совет идепутатэу, Социалистическэ IофшIэным и ЛIыхъужъэу ТхьайцIыф Юрэ Iушыгъэ хэлъэу къызэрэгущыIагъэр. Адрэ цIыф лъэпкъэу тихэгъэгу исхэм афэдэу КонституциякIэр штэгъэныр адыгэ лъэпкъым игъоу зэрилъэгъурэр, ащ шIуагъэу хэлъыр, зилIыкIомэ ар зэрягуапэр, зэкъошныгъэ щыIакIэр ащ зэрэщыпытэрэр, тидунэететыкIэкIэ тикъэралыгъо ипащэхэм тазэрэфэразэр къызеIом, щысхэр зэкIэ Iэгушхо къызэрэтфытыригъэуагъэхэр джыри тынэгу кIэт.

Тишъхьафитныгъэ иилъэс 60 зыщыхэдгъэунэфыкIыгъэм «Сэрмафэ» орэдыр тыгу къэдгъэкIыжьын. Мы гугъэуз сатырмэ джыри зэ дэгъоу къаушыхьаты адыгэ лэжьакIомэ япсэукIагъэр, тетыгъор зыIыгъыгъэмэ яжъалымыгъагъэр. Орэд макъэмрэ гущыIэу хэлъхэмрэ зышъхьэ фимыт лэжьакIом ыбгъэ къыдэщэIукIы, игууз макъэ лIэшIэгъу блэкIыгъэ щыIакIэр еумысы. Илъэс 200 фэдизкIэ узэкIэIэбэжьмэ, адыгэ чIым зыкъыщызыIэтыгъэгъэ Бзыикъо заори зищыIэкIэжъ текIыгъэм изы нэлат. ГъэпщылIэкIо пщы-оркъхэмрэ лIэкъолъэшхэмрэ ябжь чIэмыты зышIоигъогъэ фэкъолIхэм анапэу щытыгъ а лъыгъэчъэ заор. Мыщ ыужи бжъэдыгъу Пщы-оркъ заори къежьагъ. А лъэхъаным хэтрэ лэжьакIуи зыфэягъэр цIыфитIу азыфагу зэфагъэ дэлъыныр, гъэпщылIакIор щымыIэнэу, шъхьафит щыIакIэр иIэнэу ары. Джа гухэлъышIумэ акIэхъопсыхэзэ, лэжьэкIо кIочIэрыпсэумэ шIугъэм фэбэнэрэ пащэхэр пшысэмэ, таурыхъмэ, тхыдэмэ къащауугупшысыщтыгъэх. Ау мыхэмэ сыд фэдиз шъхьэзэкъо лIыхъужъныгъэ ахэлъыгъэми, лэжьэкIо жъугъэр зы зышIын, зэзыпхын кIуачIэ ахэлъыгъэп.

Совет хабзэр къыдахы зэхъуми, ылъапсэ агъэпытэ зэхъуми, зиIахьышIу хэзышIыхьагъэхэр непэ тщыгъупшэхэрэп, ядахэ тэIо. Шэуджэн Мосэ, Шэуджэн Гощэунае, Хьахъурэтэ Шыхьанчэрые, ГъукIэкъулэ Даут, Мамыжъ Мусэ, нэмыкIыбэхэми яшIушIагъэ тэIуатэ. Хэти тщыгъупшэрэп, хэти фэшъуашэр фэтэIо. Джащ фэдэу колхоз зэхэщэным икIэщакIохэми, Совет хабзэр зыгъэпытагъэхэми шъхьафит щыIакIэр ттырихынэу къыттебэнэгъэ нэмыц-фашист хъункIакIохэм апэуцужьхи, ТекIоныгъэм и Быракъ Рейхстагым щызгъэIагъэхэм – псаоу орэхъу, фэхыгъэуи орэхъу – ягугъу дахэ тэшIы. Ахэр тижъогъо нэфхэу тихъярыгъо къыддыхэтых.

Октябрэшхом июбилееу дгъэмэфэкIыгъэм, колхоз гъэпсыным ягугъу тшIы зыхъукIэ, КIэрэщэ Тембот, Хьаткъо Ахьмэд, Теуцожь Цыгъо, Пэрэныкъо Мурат атхыгъэхэр гум къэмыгъэкIын фэлъэкIырэп.

Октябрэшхом иилъэс 60 къыкIоцI плъэпкъ къыкIугъэ гъогум укъырыкIон зыхъурэм, бэ зигугъу къэпшIынэу щыIэр. Адыгэ литературэр ахэмэ зыкIэ ащыщ. Тхылъыбзэ зимыIэгъэ адыгэмэ джы илъэс къэс хэхъонытъэ зышIырэ литературэ яI. Ащ зэлъашIэрэ поэтхэр, писательхэр, драматургхэр хэлажьэх. Артист IэпэIэсэ шIагъохэри тиIэхэ хъугъэ. Тикомпозиторхэм лэжьакIомэ афэгъэхьыгъэу орэд дахэхэр аусых. ТишIэныгъэлэжьхэм наукэм яIахьышIу хашIыхьэ, къыткIэхъухьэрэ ныбжьыкIэхэр щыIэкIакIэм фапIух.

Колхоз чылэм зыбгъазэмэ, хъишъэ зыпылъ Iаджи дэплъэгъощт. Ар бгъэшIэгъожьынэу щытэп. Джыдэдэм сэнэхьат зэфэшъхьафхэр зиIэ цIыф еджагъэхэмкIэ чылэр зэтегъэпсыхьагъ. Промышленностым яIахь хашIыхьэми, мэкъу-мэщым игупчэ итхэми, шъхьах амышIэу Iоф ашIэ. Хэгъэгур зэрагъэбаищтым, ащ ылъапсэ зэрагъэпытэщтым хэти ыкIуачIэ рехьылIэ, ихэгъэгу баймэ, пытэмэ, ежь ищыIакIи зэрэнахьышIущтым хэшIыкI фыриI, дунаир зэрэмамырыщтым ицыхьэ телъ. Рабочхэм, мэкъумэщышIэхэм, интеллигенцием аIэ зэкIэдзагъэу илъэс мэфэкIэу дгъэкIотагъэм Iоф ашIагъ. Пшъэрылъэу зыфашIыжьыгъэхэр къырагъэхъоу агъэцэкIагъ.

Дахэ тидунай, тищыIакIэ илъэс блэкIыгъэхэм апэкIэракIэ. Гум зеIэты, нахьышIум лъэIабэ. ИлъэсыкIэм бэ узэгупшысэнэу, гущыIэ дэхабэ зыфэпIонэу шъхьэм къиихьэрэр. Апэу ахэр зыфэгъэхьыгъэр хэгъэгу кIасэу ным фэдэу дгъэлъапIэрэр, ащ ицIыфхэу щыIэкIакIэм игъэпсакIохэр арых. Джахэр арых тыгу къыддеIэу илъэсыкIэ мафэ къафихьанэу, насыпыр къябэкIынэу, яунагъокIэ гушIуагъом хэмыкIынхэу ятIуалIэзэ, тиапэрэ хъохъубжъэ зыфэтIэтырэр.

Тыпфэраз, илъэсыжъэу жъышъхьэмаф, тызпэгъокIырэ 1978-рэ илъэсыкIэр лъэпэ мафэ тфэрэхъу.

*1978-рэ илъэс*

## Тхылъыр шIу алъэгъу

Мы илъэсым иоктябрэ мазэ тхылъыр шIу зылъэгъухэрэм я Всесоюзнэ обществэ зызэхащагъэр илъэситф мэхъу. Уахътэу тешIагъэр ащ фэдизэу бэп. Ау партийнэ органхэм

къазэрэдырагъаштэрэм, Іэпыlэгъу къазэрэфэхъухэрэм ишlуагъэкlэ тхылъыр шlу зылъэгъухэрэм япервичнэ организациехэр жъугъэу зэрэхэгъэгоу щызэхащагъэх.

Тхылъым ишlуагъэ зыlуатэрэмэ зэу ащыщ Тхылъыр шlу зылъэгъухэрэм я Адыгэ хэку къутамэ. Ащ нэбгырэ мин 45-рэ фэдиз хэт. Предприятие, колхоз, совхоз, учреждение 260-рэ коллективнэ членых. Апэрэхэм ащыщхэу обществэм хэхьагъэх хэкум ипредприятие, ихозяйствэ пэрытхэу ПМДО «Зэкъошныгъэр», гъомлэпхъэшl предприятиехэм яобъединение, заводхэу Фрунзэм ыцlэ зыхьрэр, «Станконормалыр», машинэшl, редукторышl заводхэр, Теуцожь районымкlэ колхозхэу Ленинным ыцlэ зыфаусыгъэр, «Октябрь» зыфиlорэр, Джэджэ районымкlэ «Россия» зыфиlорэр, Кировым ыцlэкlэ зэджагъэхэр, Шэуджэн районымкlэ Шэуджэным ыцlэкlэ щытыр, «Родина» зыфиlорэр, Мыекъопэ районымкlэ Абдзэхэ пхъэшъхьэ-мышъхьэлэжь совхозыр, нэмыкlыбэхэри. Тхылъым ишlуагъэ шlэгъэнымкlэ, ар цlыф жъугъэхэм аlэкlэгъэхьэгъэнымкlэ ахэмэ Іофышхо ащызэшlуахы, тхылъеджэхэр писательхэм аlуагъакlэх, тхылъеджэхэм яконференциехэр, тхылъ къэгъэлъэгъонхэр ащызэхащэх.

Тхылъыр тихэку сыдигъокlи щагъэлъапlэ. Тхылъыщэ тучанхэм язакъоу нэбгырэ мин 400 зыщыпсэурэ хэкум сомэ миллионрэ ныкъорэ аосэ тхылъ аращэ, ведомствэ пстэуми ябиблиотекэ 290-мэ тхылъ миллиони 4,5-рэ фэдиз ачlэлъ. Библиотекэ мин 300-м къехъумэ тхылъеджэу къякlуалlэхэрэм илъэсым гурытымкlэ тхылъ 20 ащараты.

Тхылъыр шlу зылъэгъухэрэр кlэщакlо фэхъухи зэхащэгъэ Іофтхьабзэхэм тихэку культурэм тапэкlэ хэхъоныгъэ щегъэшlыгъэнымкlэ, тхылъыр агъэфедэным лэжьакlохэр нахь игъэкlотыгъэу къыхэгъэлэжьэгъэнымкlэ яшlогъэшхо къэкlо. Тхылъыр шlу зылъэгъухэу Пшызэ шъолъырым исхэр кlэщакlо зыфэхъугъэхэ Іофтхьэбзэ шlагъоу ежь яунэе тхылъхэм ащыщхэр краим ибиблиотекхэм ятыгъэнхэм фэгъэхьыгъэм тхылъыр шlу зылъэгъоу тихэку исхэм игъэкlотыгъэу дырагъэштагъ.

Тхылъыр шlу ягъэлъэгъугъэнымкlэ тихэку къутамэ Іоф зэфэшъхьафыбэу зэшlуихыхэрэмкlэ игъэкlотыгъэу къызыфегъэфедэ. Ащкlэ анахь зишlуагъэ къытэзыгъэкlыхэрэр библиотекэхэр, комсомолыр, писательхэм яорганизацие арых. Тхылъыр шlу зылъэгъухэрэм яобществэ иустав пшъэрылъ шъхьаlэу къыщагъэуцугъэр лэжьакlохэм, анахьэу ныбжьыкlэхэм тхылъеджэнымкlэ якультурэ зыкъегъэlэтыгъэныр, тхылъым уасэ фашlыным фэгъэсэгъэнхэр ары. А гухэлъым тегъэпсыкlыгъэу тхылъеджэхэм язэфэсхэр зэрафызэхатщэхэрэмрэ къыдагъэкlырэ литературэм итегущыlэн къызэрэхэдгъэлажьэхэрэмрэ афэшъхьафэу тиобществэ, кlэлэцlыкlу библиотекэхэм, зэхэлъэу Мыекъопэ, Кощхьэблэ, Теуцожь районхэм я 5–8-рэ классхэм якlэлэеджакlохэр къыхиубытэхэу тхылъыр шlу зылъэгъухэрэм клубхэр ащызэхэтщагъэх. Ахэмэ япрограммэхэр илъэсым тегъэпсыкlыгъэу зэхэгъэуцуагъэх, лъэпкъыбэхэм ятхакlохэр зыхэлэжьэхэрэ советскэ литературэм ианахьышlу тхыгъэхэм кlэлэеджакlохэр нэlуасэ афэшlыгъэнымкlэ ишlуагъэ къэкlо.

Тхылъыр шlу зылъэгъухэрэм яклубхэм яlофшlакlэ щысэ зырызыкlэ хэдгъэунэфыкlын. Ащ фэдэ клуб Мыекъуапэ дэт тхылъыщэ тучанэу «Факел» зыфиlорэм 1979-рэ илъэсым февраль мазэм щызэхащагъ. Мыекъопэ дэпlэ фабрикэмрэ редукторышl заводымрэ ащызэхащагъэхэм яlофшlэн гъэшlэгъонэу агъэпсы. Мыхэмэ тхылъеджэхэр писательхэм зэраlуагъакlэхэрэм, лекциехэр, литературнэ концертхэр, тхылъхэм яобзорхэр зэрафызэхащэхэрэм, тхылъ тедзапlэхэм ятематическэ планхэр зэрэзэрагъашlэхэрэм, ахэмэ Іоф зэрадашlэрэм, тхылъыкlэу къыдэкlыгъэхэм яхьылlэгъэ къэбар тхьапэхэр зэрагъэхьазырхэрэм афэшъхьафэу, коллективым ирабочхэр зыфэе тхылъхэр, ахэмэ ащыщэу художественнэ литературэр зэрагъотынхэм анаlэ тырагъэты. Общественнэ ублапlэхэм атегъэпсыкlыгъэу литературэр цlыф жъугъэхэм аlэкlагъахьэу зэхащагъэ. Обществэм ипервичнэ организациехэу а Іофшlапlэхэм, нэмыкlхэми ащызэхащагъэхэм яlофшlэн зэрифэшъуашэу зэрагъэпсырэм ишlуагъэкlэ рабочхэмрэ къулыкъушlэхэмрэ ясэнэхьат нахьышlоу аlэ къырагъэхьанымкlэ, япшlэнэрэ пятилеткэмкlэ планхэмрэ социалистическэ пшъэрылъхэмрэ гъэхъагъэ хэлъэу гъэцэкlэгъэнхэм фэбэнэгъэнымкlэ тхылъыр Іэпыlэгъушlу афэхъу. Тхылъыр шlу зылъэгъухэрэм яобществэ ихэку къутамэ иправление ипрезидиум Мые-

къопэ дэпIэ фабрикэм иапервичнэ организацие иIофшIакIэ зызэрегъэшIэ нэужым, ащ илэжьакIохэм тхылъыр пропагандэ зэрэщашIырэм иопыт игъоу ылъэгъугъ.

Джа первичнэ организациехэм яIофшIакIэ зэрэзэхащэрэм къегъэлъагъо тхылъыр шIу зылъэгъухэрэм яфэныкъоныгъэхэр нахь икъоу афэгъэцэкIэгъэнхэм пае шIыкIэ-амалхэу къызыфэгъэфедэгъэнхэ фаехэр зыфэдэхэр. Обществэм ипервичнэ организациехэм яIофшIэнкIэ анаIэ зытырагъэтын фаер лэжьакIохэм ежь яунаеу яIэ тхылъхэр нэмыкIхэри егъэджэгъэнхэм пае гъэфедэгъэнхэр ары. Ащ фэдэ IофшIэным Iэдэбыгъэ гъэнэфагъэ ищыкIагъ, ежь цIыфым ышъхьэкIэ ишIоигъоныгъэхэмрэ обществэм ишIоигъоныгъэхэмрэ уфэкъулаеу къыдэплъытэнхэ плъэкIын фае. Обществэм икъутамэхэм ащызэлъашIэх яунаеу тхылъ миным къыщегъэжьагъэу минитфым нэсэу зиIэхэр. ГущыIэм пае, тхылъыр шIу зылъэгъухэрэм я II-рэ хэку отчет-хэдзын зэIукIэм иделегат нэбгыри 140-м ежь яунаеу тхылъ мин 40 фэдиз яIэу агъэунэфыгъ. Хэкум икIэлэегъэджабэхэм тхылъ зэIугъэкIагъэу яIэхэр тхылъыр шIу зылъэгъухэрэм аратышъ арагъаджэх. Тхылъыр шIу зылъэгъухэрэм яфэныкъоныгъэхэр нахь икъоу афэгъэцэкIэгъэнхэмкIэ тхылъхэр цIыфхэм ащыщэфыгъэнхэр зишIуагъэ къэкIорэ амалхэм зыкIэ ащыщ. Обществэм иактивистхэмрэ тхылъыщэ тучанхэмрэ апашъхьэ пшъэрылъэу къиуцорэр букинистическэ сатыушIыным изэхэщакIохэу, ипропагандистхэу зыкъагъэлъэгъонр ары.

Ащ дакIоу къэIогъэн фае первичнэ организациехэм яIофшIэн щыкIагъэхэр зэрафэхъухэрэр. Предприятиехэмрэ хозяйствэхэмрэ янахьыбэхэм яорганизациехэм нэбгырэ пчъагъэу ахэтыр 30-м къехъурэп, ар макIэ. Обществэм иколлективнэ членхэу зэрэщытхэзэ, предприятиехэм ащыщхэм джы къызынэсыгъэми первичнэ организациехэр ащызэхащагъэхэп. Краногвардейскэ, Шэуджэн район къутамэхэм язэхэщэн джы къызынэсыгъэми аухыгъэп. Тхылъыр шIу зылъэгъухэрэм яIофшIакIэ район гъэзетхэм къызэрагъэлъагъорэм уигъэразэрэп. Тхылъ кооперативхэр ащызэхэщэгъэнхэмкIэ хэкум ишколыбэхэм амал дэгъухэр яIэх. Ащ ехьылIагъэу тызэгъусэу унашъохэр мызэу-мытIоу



зэдэтштагъэхэми, методическэ рекомендациехэр аIэкIэдгъэхьагъэхэ нахь мышIэми, Iофхэм язытет чIыпIэ икощыкIыгъэп. Ар дэдэр къяпIолIэн плъэкIыщт хэкум ипромышленнэ предприятиехэм, колхозхэм, совхозхэм тхылъыщэ тучанхэмрэ киоскхэмрэ ащыгъэпсыгъэнхэм иIофи. Ахэр зыдэмыт цIыф псэупIэхэр тихэку мымакIэу итых.

Тхылъыр шIу зылъэгъухэрэм яобществэ и Всероссийскэ, Всесоюзнэ зэфэсхэр зызэIуагъэкIэщтхэм ыпэкIэ Iофэу ашIагъэр зэфахьысыжьызэ, тхылъыр шIу зылъэгъоу тихэку исхэм акIуачIэ зэрахьылIэрэр лэжьакIохэр пIугъэнхэмкIэ амалышIоу щыт, тхылъым зэхэщэн кIочIэ ин дэдэу иIэр нахь икъоу къызыфэгъэфедэным пае гухэлъ гъэнэфагъэм тегъэпсыкIыгъэ тиIофшIэнымэ зядгъэушъомбгъуныр ары.

*1979-рэ илъэс*

## Тхылъ нэкIубгъохэм къаIотагъэр

Илъэсиплl заом имашIо пхырыкIыхи, ТекIоныгъэм и Бырак чIылъэм щызгъэIагъэмэ ящытхъу гъунэ иIэп, лIыгъэр яшапхъэу, мамыр гъатхэр анапэу уахътэр зэранэкIы, тарихъ гупчэм къыхэнагъэх.

ТекIоныгъэр къызыдэхыгъэр илъэс 35-рэ зыщыхъурэ мафэр къэблагъэ зэхъум, блэкIыгъэ Хэгъэгу зэошхом хэлэжьагъэмэ ащыщэу, тIогъогогъу Советскэ Союзым и ЛIыхъужъэу, армием игенералэу Исса Плиевым итхылъэу «Разгром «армии мстителей» зыфиIоу сызэджэгъагъэр сыгу къэкIыжьыгъ. Сыда генерал цIэрыIор джаущтэу тхылъым зыкIеджагъэр? Ащ фэгъэхьыгъэу гущыIэ заул. Фельдмаршалэу Паулюс зипэщэгъэ дзэу Сталинград дэжь щызэхакъутэгъагъэм зэреджэщтыгъэхэр «егъашIэм мыкIодыжьыщт я 6-рэ армием ыцIэ Гитлер къыгъэнэжьыгъагъ, ар щыIэщт, зэощт» ыIогъагъ. Джа дзэу икIэрыкIэу зэхащэжьыгъагъэм генерал-полковникэу Холлидт пащэу фашIыгъагъ. «ЛъышIэжь армиекIи» еджэгъагъэх. Исса Плиевыр зипэщэ Коннэ-механизированнэ купым Холлидт

идзэ Днепрэ, Южнэ Буг, Днестрэ, къалэхэу Новый Буг, Раздельная, Одессэ дэжь зэращызэхикъутагъэм тхылъыр фэгъэхьыгъ. А тхылъым инэкІубгъомэ ащыщ горэм нэІуасэ шъуфэсшІын. «...Советскэ чІыгъунапкъэм пэмычыжьэу мэшІокугъогу станциеу Раздельнаяр щыт, тыгъэкъохьапІэмкІэ зэкІафэрэ гитлеровскэ эшелонхэу тихэгъэгу щызэрапхъуагъэхэр зэрылъхэр къызэтезыгъэуцощт аужырэ семафорыр ащ тет. Джа мэшІокугъогу станцием уекІолІэным ыпэкІэ нэпкъ зандэхэр зиІэ Большой Куяльник псыхъор къытпыщыт. Ащ чылэхэмрэ къутырхэмрэ кІэрысых. КилометрипшІ заулэкІэ узыкІорэм, джыри Малый Куяльник речъэкІы. Джары Хаджибийскэ лиманэу одесскэ Пересыпыр къалэм пэІузыщырэр. Пчэдыжьым, апрелым и 1-м ощх чъыІэм осыр хэтыжьэу къещхэу-къесэу ыублагъ. УахэкІын умылъэкІынэу гъогухэр хъугъэх. Шыхэр, пулеметнэ тачанкэхэр ерагъэу пхырэкІых. Автомашинэхэр, артиллерийскэ тягачхэр, нэмыкІ Іашэхэр заом итоп омакъэхэр къызщыІухэрэ лъэныкъомкІэ макІох, псынжъымэ аханэхэрэр дзэкІолІмэ хащыжьых. Пчыхьэ факІоу дунаир къызэлъыучъыІыгъ. Жьыбгъэ чъыІэр тапэкІэ къекІы, ос цІынэм тигъаплъэрэп. Ащ пае къэмынэу шыудзэм ыпэ регъэхъу. Темыр къокІыпІэмкІэ Раздельнаям шъоф зэІухыгъэр къекІуалІэ. Темыр лъэныкъомкІэ мэшІокугъогум кІэрыпхъагъэу я 4-рэ гвардейскэ Сталинградскэ мехкорпусым исоединение къыІохьэ.

— Атакэм тызэрэкІощтымкІэ макъэ жъугъэІу!

Ракет плъыжь заулэ чэщ ошъогум дязэрэгъэфыягъэх. Ардэдэм артиллерийскэ-миномет омакъэмэ жьыр зэбгыраутыгъ. ШхомлакІэр сэгъэланлэшъ, сиш ичъэ сэтІупщы. Раздельнэ къэлэ гъунэм тыдэлъадэ, сэмэгумкІэ сыдэхышъ, урамым сытелъадэ, шым сепкІэхышъ, апэрэ унэм сыІохьэ. Сауж итхэу оперативнэ купым изабытхэмрэ радистхэмрэ къэчъэх. Штаб эскадроным икъэзэкъхэр щагум дэзэрэгъэтэкъуагъэх, хатэмэ адэлъэтых, гъунэгъу унэмэ арэлъадэх. Старшэ лейтенантэу Къуй Нурбый иэскадрон блэлъэты, я 36-рэ полкым игвардейцэхэр блэчъых. Тичэщ атакэ Раздельнэ гарнизонымкІэ ошІэ-дэмышІэу хъугъэ.

Къуй Нурбый иэскадрон апэу станцием телъэдагъ, нэмыц нэбгырэ 35-рэ, топхэр, машинэхэр, Іашэхэр бэу



станцием тыриубытагъэх, къалэхэу Барановичрэ Минскэрэ ярайонхэм арыт пыидзэхэр зэІукІэжьынхэ амылъэкІынэу ышІыгъэх.

Нэужым Къуй Нурбый иэскадрон темэныр зэпичи, километри 6-кІэ Одессэ пэблэгъэ Татаркиным пыеу дэсхэм зэошхо аришІылІагъ, рифыжьагъэх, Одессэ къыдэкІырэ гъогур пибзыкІыгъ. Ащ пае зэкІэ эскадроным хэтхэм орденхэр, медальхэр къафагъэшъошагъэх. Нурбый иэскадрон Польшэм икъалэхэу Отводскэ, Карачев шъхьафит зышІыжьыгъэхэм ахэтыгъ, апэ итмэ ренэу ащыщыгъ...»

Хэт щыща генерал цІэрыІом итхылъ зигугъу къыщишІырэ, лІыгъабэ зезыхьэгъэ «товарищ Къуир?» Ар Къуй Нурбый, чылэкІэ Хьатыгъужъыкъуае щыщ. 1939-рэ илъэсым Адыгэ кІэлэегъэджэ техникумыр къыухыгъ. А илъэс дэдэм дзэм къулыкъу щишІэнэу ащагъ. Новочеркасскэ кавалерийскэ училищым щеджэзэ, заор къежьагъ, Матвеев Курган дэжь апэу заом щыІухьагъ, ащ ыуж И. А. Плиевым и Шы-механизированнэ корпус хэтэу сталинград заом хэлэжьагъ, къыщауІагъ, иуІагъэ зэкІыжьым, джа шыудзэм хэтэу Украинэм, Белоруссым, Польшэм, Венгрэм, Чехословакым текІоныгъэр къыдахыфэ лІыхъужъныгъэр зэрихьэу ащызэуагъ. ЛІыгъэу щызэрихьагъэмэ апае Къуй Нурбый тІогъогогъо Быракъ Плъыжьым иорден къыфагъэшъошагъ, Жъогъо Плъыжьым иорден, медаль пчъагъэ къыратыгъэх. Зэо ужым илъэсыбэрэ гурыт еджапІэм идиректорэу Іоф ышІагъ. Нэужым Краснодар кооперативнэ училищым ифилиалэу Мыекъуапэ дэтым иІэшъхьэтетыгъ.

Джары зэлъашІэрэ генералым итхылъ нэкІубгъомэ лІыгъэ напэкІэ ахэт адыгэ дзэкІолІэу Къуй Нурбый икъэбар.

*1980-рэ илъэс*

## Амыгъэхъокlыгъэ гущыІэм лъэхъу

*Илъэсыклэр къихьаным ыпэкІэ Адыгэ тхакІоу Мэщбэшlэ Исхьакъ РСФСР-м и Къэралыгъо премие къызэрэ-*

*фагъэшъошагъэм икъэбар ащ итворчествэ хьалэмэт шІу зылъэгъухэрэр ыгъэгушІуагъэх. Сыд фэдизэу журналистхэм шъхьэкІафэ афешІыми (ежьыр шъыпкъэм итворческэ гъогу гъэзетыр ары зыщыригъэжьагъэр), тизэдэгущыІэгъу пае ищыкІэгъэ уахътэ къыхигъэкІын ылъэкІыщтыгъэп. Ащ икабинет зэпыу имыІэу къихьэщтыгъэх писательхэр, журналистхэр, тхылъхэр тезыдзэхэрэр, шІэныгъэлэжьхэр, композиторхэр, артистхэр, рабочхэр, колхозникхэр. Агу къадеІэу ахэр ащ къыфэгушІощтыгъэх, илъэсыбэрэ итворчествэ лъигъэкІуатэмэ, шІоу щыІэр зэкІэ къыдэхъумэ зэрашІоигъор къыраІощтыгъ. Джащ фэдэу къыфэгушІонхэу ыдэжь къызэрэчІахьэхэрэмрэ телефонкІэ къызэрэдэгущыІэщтыгъэхэмрэ азыфагу зэпыугъо кІэкІэу къыдафэхэрэр къызыфэдгъэфедэзэ, творчествэм, писателым анахь пшъэрылъ шъхьаІэу иІэм, цІыфхэм анахь агъэлъэпІэрэ шІуагъэхэм татегущыІэ.*

*— Исхьакъ Шумафэ ыкъор, о гуфэбэныгъэ хэлъэу къыпфэгушІуагъэхэм, шІоу щыІэр къыбдэхъумэ ашІоигъоу къыпфэхъохъугъэхэм сэри адезгъаштэзэ, сыпфэгушІо. СшІэнкІэ сшІогъэшІэгъон — Къэралыгъо премиер къызэрэпфагъэшъошагъэр зызэхэохым, сыда анахьэу о зэхэпшІагъэр?*

— ЗэкІэми апэу сшъхьэ къихьагъэр джыдэдэм сигупсэ Адыгэ хэкум ыцІэ дахэкІэ Советскэ Союзышхом зэрэщызгъэІущтыр ары. Ащ изакъу нэмыІэми джыри Іоф сшІэным сыфэхьазырыгъ. Ащ нэужым, шъыпкъэ, гушІуагъо сщыхъугъэр цІыф лъэпкъыбэмэ ялІыкІохэр зыхэлэжьэрэ советскэ литературэм ыпашъхьэ ащ фэдэ уасэ къызэрэщысфашІыгъэр ары.

Тынэу къысфагъэшъошагъэр сэ къызэрэзгурыІорэр адыгэ литературэм хэхъоныгъэшхо зэришІыгъэм ишыхьатэу ары. Советскэ илъэс 60-м къыкІоцІ тилитературэ къыкІугъэ гъогум гушхуагъэ къыпхелъхьэ. Заом ыуж ырэ илъэсхэм, Литературнэ институтым сыщеджэ зэхъум, адыгэ писательхэм атхыгъэ горэ, иными цІыкІуми, къыдэкІыгъэмэ, ар автоном хэкум икультурнэ щыІэныгъэкІэ хъугъэ-шІагъэу слъытэщтыгъэ. Джы сиІофшІэгъу-сисэнэхьатэгъухэм адыгабзэкІи урысыбзэкІи илъэс къэс романхэр, повестхэр,



поэтическэ тхылъхэр къыдагъэкІых. Ар джы хэти ыгъэшІэгъожьырэп, арэущтэу хъун фаеу алъытэ.

Урысые литературэр дунэе литературэм игъэхъэгъэшхохэм зыкІэ ащыщ. ЦІэрыІо хъугъэ писательхэм япчъагъэ къэлъытэгъуай. Ар къыдэлъытагъэу къэпІон зыхъукІэ, РСФСР-м и Къэралыгъо премие къызэрэсфагъэшъошагъэр сэрыкІэ зымыуасэ щыІэп, пшъэдэкІыжьышхо къысфишІыгъэуи сэлъытэ. ЗэкІэми апэу сызыщыщ адыгэ лъэпкъыр ары а къасІорэр зыфэгъэхьыгъэр. СищыІэныгъэкІэ сэ синасып къыхьыгъ сызыгъэсэн, щысэ зытесхын цІыф шІагъохэм сызэрарихьылІэгъагъэр. Ахэмэ сыфагъэсагъ нэчанкІэ щыІэныгъэм сыхэплъэнэу, ижъырэ адыгэ ІэпэІасэхэм афэдэу щыІагъэ схэлъэу, сыдэмышъхьахэу, гущыІэ пэпчъ псыхьэгъэным Іоф дэсшІэнэу, сызэрэщыІэм пае сыгушІонэу, тыгъэр къызэрэкъокІырэри, ое-ощхыри, къушъхьэ шыгум егъэшІэрэ осэу телъыри, анахь хьалэмэтэу мы дунаим къытехъуагъэр — цІыфыр згъэшІэгъонхэу. Ахэмэ сыфагъэсагъ цІыфхэм ягушІуагъуи ягукІаий адэсІэтынэу. Аущтэу сызыпІугъэ-сызылэжьыгъэхэр шъхьэкІэфэшхо зыфэсшІыхэрэр, адыгэ советскэ литературэм ылъапсэ зыгъэтІылъыгъэхэ Хьаткъо Ахьмэдрэ КІэрэщэ Темботрэ. Ахэмэ пхыращыгъэ литераурэм сипІугъ, силэжьыгъ.

Уфэшъыпкъэу хэгъэгум уфэлэжьэным ищысэтехыпІэу слъытэхэрэм ащыщэу сыдигъокІи зыцІэ къэсІорэр «Сшынахьыжъ» поэмэр зыфэстхыгъэу Советскэ Союзым и ЛІыхъужъэу Андырхъое Хъусен ары. ЛІыхъужъныгъэмрэ патриотизмагъэмрэ яорэдхэу зикъэІон ащ ымыухыгъэр сэ лъызгъэкІотэныр сипшъэрылъэу сэлъытэ. Зытет шъыпкъэмкІэ, ти ТекІоныгъэ къыдэзыхыгъэ пстэуми сэ шъхьэкІафэ афэсэшІы. Гу пытагъэрэ хьалэлыгъэрэ ахэмэ тэ къытхалъхьагъ. А нэшанэхэр нахьыбэу тиныбжьыкІэхэм ахэлъ хъунхэу ары сызыфаер.

КъэзгъэшІагъэмкІэ анахь насыпышІоу зызыслъытэжьырэ непэрэ мафэм щысэ зытесхыщтыгъэ урыс писателышхори шІукІэ сыгу къэсымыгъэкІыжьын слъэкІыщтэп. Ахэмэ сафэраз. СизэдзэкІакІохэу В. Твороговам, Л. Бахаревам, Р. Рождественскэм, В. Тушновам, нэмыкІхэм сыгу къыздеІэу сызыкІафэразэр сиусэхэм лъэпкъ нэшанэу ахэлъхэр фэІэпэІасэхэу урысыбзэм иамалхэмкІэ къатын, урыс

тхылъеджэм зэхырагъэшlэн зэралъэкlыгъэр ары. Евгений Карповым фэlэпэlасэу зэрэззэридзэкlыгъэхэм ишlуагъэкlэ урыс тхылъеджэр сироманхэм нэlуасэ афэхъун ылъэкlыгъ. Москва къыщыдэкlыгъэх «Сто первый перевал», «Тропы из ночи», «Метельные годы» зыфиlохэрэр. «Советский писатель» зыфиlорэ тхылъ тедзапlэм «Раскаты далекого грома» зыфиlорэ ситарихъ роман къыщыдэкlыгъ.

Джыри зы lофыгъо игугъу къэсшlымэ сшlоигъуагъ. Шъыпкъэ, поэзиер – талант зыхэлъыр ары къызыlэкlэкlын зылъэкlыщтыр. Ауми искусствэм ихъарзынэщ уиlахь хэпшlыхьаным пае сэнаущыгъэ закъор икъущтэп. Ащ пае джыри ищыкlагъ узышъхьамысыжьэу lоф пшlэныр. Мафэ къэси ары. Сэ, гущыlэм пае, мафэ гори сымытхэу блэзгъэкlырэп. Ащи фэшъхьафэу ищыкlэгъэ шъыпкъэр анахь гъэсэкlошхоу щыlэныгъэм ищысэ нэрылъэгъухэм зафэбгъэсэн, угу иуубытэнхэ, уарыгъозэныр ары. Ащ пае цlыфхэм уахэхьэ къодыекlэ икъущтэп, ахэмэ ягушlуагъохэмрэ ягукlаехэмрэ адызэхапшlэу, адэбгощэу уадыщыlэн фае.

*— Мыщ дэжьым къыщысlомэ сшlоигъуагъ — сэ сишlошlыкlэ, уипоэзие шlушlэным итемэ ары анахь чlыпlэшхо щызыубытырэр, «Щедрое солнце полдня» зыфиlорэ уитхылъэу Къэралыгъо премие къызыфыуатыгъэм изакъоу пштэми, цlыфышlугъэм ищытхъу аlуатэу усабэ дэт. Стихотворениехэм ацlэхэми ар къаушыхьаты: «Доброта», «Добрый голос твой», «Добрые слова», «Живи, добро верши», «Стихи, сказанные еще раз о добром слове...» Уироманыкlи шъхьэу фэпшlыгъэр «Сотвори добро»...*

– Шъыпкъэ, сэ сицыхьэ пытэ зытелъыр – шlушlэныр анахь агъэлъэпlэрэ цlыф нэшанэу зэрэщытыр ары. Шlэныгъэ зэфэшъхьафыби уиlэу, таланти пхэлъэу, учанэу, ау а охътэ дэдэм цlыфхэм шlуагъэ гори къафэзымыхьырэ цlыфэу ущытын плъэкlыщт. Уицlыкlугъом къыщегъэжьагъэу ужъалымэу, упагэу укъэхъугъэмэ, сэнаущыгъэу о пхэлъхэм цlыфлъэпкъым, мамыргъэпсым, lофшlэным зэрар щэхъу къыфахьыщтэп. Шlу зыгу илъ цlыфыр ары лъэгъупхъэн, насыпышlон зылъэкlыщтыр.

*Мэщбэшlэ Исхьакъ итхылъхэм бэрэ къащытегущыlэ игупсэ хэку, къызыщыхъугъэ къуаджэм, зыщыщ лъэпкъыр ахэзымыгъэкlокlэрэ нэшэнэ унаехэм. Ау мары умыгъэшlэгъон умылъэкlырэр: лэжьыгъэр хэзылъхьэрэ адыгэ мэкъумэщышlэм игушlуагъоу е шъузабэм игукlаеу поэтыр къызытегущыlэрэр фэшъхьаф цlыф лъэпкъхэм ащыщхэм агу пэблагъэх, агурэlох. Ащ къеушыхьаты талантышхо зыхэлъ писателэу, коммунистэу, хэгъэгу зэфэшъхьафхэм ащыпсэурэ цlыфхэм къарыкlощтым фэгумэкlырэм итворчествэ лъэпкъым иlофрэ интернациональнэмрэ зэгопхынхэ умылъэкlынхэу зэрэщызэпхыгъэхэр. Писателым итхыгъэхэр интернациональнэхэу зэрэгъэпсыгъэхэр хэзыгъэунэфыкlыхэрэр критикхэм ямызакъоу, тхылъеджэхэри ары. Дунаим ичlыпlэ зэфэшъхьафхэм къаратхыкlышъ, Мэщбэшlэ Исхьакъ рэзэ письмэхэр къыфатхых. Яныбджэгъу хьалэл папкlэу мэлахъохэм, заом хэлэжьагъэхэм, кlэлэеджакlохэм ар ядэжь къырагъэблагъэ. Тхылъеджэхэм къыфагъэхьырэм щыщэу заулэмэ нэlуасэ шъуафэтшlын.*

«Ноябрэм седэlунэу хъугъагъэ Всесоюзнэ радиомкlэ къатыгъэ «Поэтическэ тетрадым». Адыгэ поэтэу Мэщбэшlэ Исхьакъ истихотворениеу «Шъузабэхэр» сыгу итlысхьагъ – джащ фэдизэу шъыпкъагъэ хэлъэу, гум къыlотыкlыгъэу тхыгъэ, зытет шъыпкъэм фэдэу шъузабэхэм ящыlакlэ къегъэлъагъо. Сэры шъыпкъэм сышъузаб – заом щыфэхыгъэ забытым сыришъхьэгъусагъ. Сыгучlэ нэсэу сэ згъэшlагъорэр о уныбжьыкlэми, шъузабэхэм агу щышlэрэр, насыпынчъагъэу ахэмэ къяхъулlагъэр къыипlотыкlын зэрэплъэкlыгъэр ары. А стихотворением пае лъэшэу сызэрэпфэразэр къыпфэсэтхы. Л. Ершова, заомрэ lофшlэнымрэ яветеран, къ. Клайпедэ щэпсэу».

*Украинэм щыщ къалэу Черновцы щыпсэоу, урыс литературэмкlэ езыгъаджэхэрэ Ю.М. Чухненкэм мары къытхырэр:* «Уиусэхэр зыдэт тхылъэу «Висячий мост» зыфиlорэр къызэрэдэкlыгъэр гопэшхо сщыхъугъ. Украинэм щыщ Буковинэмрэ Адыгэ автоном хэкумрэ ащ нахь зэпэблагъэ ышlыгъэхэм фэд. Илъэс 25-м къэхъугъэу сэ урыс литературэмкlэ школым щесэгъаджэх, илитературнэ клубэу С. Есениным ыцlэкlэ зэджагъэхэм пэщэныгъэ дызесэхьэ. Цlыф лъэпкъыбэмэ ялlыкlохэр зыхэлэжьэрэ тилитературэ ибаиныгъэ къафисlотыкlызэ урокхэми, внеклассне lофтхьабзэхэми ныбжьыкlэхэм ащагурысэ-

гъаIо лъэпкъ пэпчъ илитературэ, ащ ипоэтическэ хъишъэу зэрэщытыр зэхясэгъэшIыкIы. Сэ сшъхьэкIэ зэхэсэшIэ, кIэлэеджакIохэу уиусэхэр зыдэт тхылъым еджагъэхэри а зэфэхьысыжьым къыфэкIуагъэх – утворчествэ намысым, шъыпкъэныгъэм, шIугъэм фегъасэх. УигущыIэ шIагъо, уитхыгъэхэу гъогогъу къысфэхъугъэхэм апае сызэрэпфэразэр къыпфэсэтхы».

*– Мыщ фэдэ письмэхэу къыпфатхыхэрэр сыдэущтэу къыпщыхъухэра?*

– Ахэр сэрыкIэ зынахь лъапIэ щымыIэ шIухьафтыных.

*– Адэ Пшызэ шъолъыр икомсомол икраевой премиеу Н. Островскэм ыцIэкIэ зэджагъэхэм, литературнэ премиеу А. Фадеевым ыцIэкIэ щытым, аужыпкъэм, РСФСР-м и Къэралыгъо премие ялауреатэу узыхъугъэм, джа птхыгъагъэхэм сыдэущтэу непэ уяплъыжьыра?*

– НэмыкIхэм ахэмэ фыщытыкIэу фыряIэм сыщыгъуазэп, ау сэ тыгъуасэ стхыгъэхэми, ар хэгъэкIи, непэ стхыгъэми сигъэразэрэп. Джы тын лъапIэу къысфагъэшъошагъэм пшъэрылъэу къысфигъэуцурэр джыри къэсымыгъотыгъэ гущыIэм нахь сишъыпкъэу сылъыхъунэу, анахь къушъхьэ лъагэм сызэрэдэкIоеным сыдэмышъхьахэу сыфэбэнэнэу ары.

*– Общественнэ Iофыбэ зэрэбгъэцакIэрэр бэмэ зэлъашIэ. О КПСС-м и Адыгэ хэку комитет, Краснодарскэ крайкомым уахэт, РСФСР-мкIэ Тхылъыр шIу зылъэгъухэрэм яобществэ ихэку организацие уритхьамат, РСФСР-м иписательхэм я Союз иправление ухэт.*

– Обществэм иIофхэм язэшIохын писателыр чанэу хэлэжьэнэу ипшъэрылъэу сэлъытэ. АщкIэ пшъэрылъ горэхэр бгъэцэкIэнхэ къодыер арымырэу, зэкIэми зэдыряфедэ IофымкIэ гъэнэфагъэу уишIуагъэ къэбгъакIоу щытын фае. Сэ зызэрэслъытэжьырэр сыписатель къодыеу арэп, советскэ щыIэкIэ-псэукIэм сыримэкъэгъэIу чанэуи ары. Икабинет имыкIэу псэурэ писателым джырэ лъэхъаным итарихъ ытхыныр ыкIуачIэ къыхьыщтэп.

*– ЦIыфым ищыIэныгъэ къыхэфэрэ хъугъэ-шIэгъэ гъэнэфагъэхэм афэгъэхьыгъэ усэхэр птхынхэр уикIас. Ахэмэ ащ диштэрэ шъхьэхэри афэпшIыгъэх: «Стихи, сказанные в день окончания войны во Вьетнаме», «Стихи, сказанные в час восхода солнца», «Стихи, написанные в самолете над Турцией». Адыгэ илъэсыкIэр къызыщихьэрэ чэщым сыд фэдэ гущыIэха о къапIомэ пшIоигъор?*

– ИкIырэ 1981-рэ илъэсыр сыфэразэу сэгъэкIотэжьы. А илъэсым тынитIу – Народхэм язэблэгъэныгъэ иорденрэ РСФСР-м и Къэралыгъо премиерэ къысфихьыгъэх. Илъэсыкlэмкlэ къасlомэ сшlоигъор исхъухьагъэр зэкlэ къыщызэхъунэу ары. ЦIыфхэмэ унэгъо щыIакIэм инасып зэхашIэмэ сигопэщт. Унэгъо лъэчIэ пытэр ахэмэ янамысыгъэ хэлъыным сыфай. Сэ шIоу схэлъыр зэкIэ къызыщысхалъхьагъэр сыкъызыщыхъугъэ, сызыщапIугъэ унагъор ары. Тиунэгъо зэдэIужьэу зэшиплI зыщапIущтыгъэм зэфэхьалэлхэу, зэфэгумэкIыжьхэу зэрэщызэфыщытыгъэхэм ишIуагъэкIэ цIыфхэм сафэгумэкIыныр шэны сфэхъугъ. А унэгъо зэдэIужьым инэфынэ сыщэIэфэкIэ сэри, силъфыгъэхэри, ахэмэ къафэхъугъэхэри, нэужым къэхъущтхэри къыгъэфэбэщтых. ЗэкIэми псауныгъэ пытэ яIэнэу, акъылышIуагъэр, цIыфышIугъэр, намысыр сыдигъокIи ягъогогъухэу, гъэхъагъэ дэгъухэр ашIыхэмэ зэрэсигопэщтыр ясэIо. НасыпышIонхэу, яхэгъэгу гупсэ фэпсэунхэу, фэшъыпкъэнхэу сафэхъохъущт.

*ДэгущыIагъэр Иванюк С.,*
*1981-рэ илъэс*

## Тиджэныкъо машIо инэфын

Укъызыщыхъугъэ унэм иджэныкъо машIо уигъашIэ къегъэнэфы зэпыт. СиIахьыл цIыфхэр арых сэ сызытегущыIэщтхэр. ЗыгорэкIэ ахэр адырэхэм атекIыхэкIэ арэп. СазыкIытегущыIэщтыр, сиIахьылмэ къарыкIуагъэр силъэпкъ къырыкIуагъэм хэсэлъагъошъ ары. Непэ, къэзгъэшIагъэр сыгу къэзгъэкIыжьызэ, сигуетныгъэ икъэкIуапIэ хъугъэхэм сягупшысэ. ТиIанэ ренэу хьалыгъу телъыгъ сIон слъэкIыщтэп. Арэу щытыгъэми, исыр зэрымыфэжьыщтыгъэ тиунэ къихьэрэ хьакIэ пэпчъ гущыIэ фабэ пагъохыщтыгъ. Сятэ

мыщ фэдагъ сӀонэу сыгу къэкӀыжьырэп. Ау ащ исурэтэу тиунэ дэпкъ пылъагъэм сикӀэлэцӀыкӀу гушӀуагъохэмрэ гукъаохэмрэ гурышэкӀэ къыфэсӀуатэхэу бэрэ къыхэкӀыщтыгъэ.

Пчыхьэрэ тадэжь сятэжъ Дэунэжъ Бакъэ ихьакӀэщ къыщызэрэугъоищтыгъэхэ лӀыжъхэм сятэу Шумафэ игугъу шӀукӀэ къамышӀэу макӀэ къызэрэхэкӀыщтыгъэр. Сышъэожъые нахь мышӀэми, ахэмэ сятэ ехьылӀагъэу къаӀуатэщтыгъэхэмэ жьы къэсымыщэжьэу сядэӀущтыгъ. Зыгорэм щытхъунхэр адыгэ лӀыжъхэм ямыкӀасэми, ахэмэ къызэраӀуатэщтыгъэмкӀэ, сятэ апэрэ лэжьакӀоу, ылъэкъуацӀэ Мэщбашӏэр къыгъэшъыпкъэжьэу Шъхьэщэфыжь дэсыгъэмэ ащыщыгъ, ӀофшӀэным зыӀэ екӀурэ лӀы Ӏушыгъ, лӀыгъэ хэлъыгъ, хьалэлыгъ, чӀыгур шӀу ылъэгъущтыгъ, цӀыф намысыр ыгъэлъапӀэщтыгъ.

ЗэкӀэ тиунагъо зытегъэкӀагъэу зыӀыгъыгъэр сятэжъэу Дэунэжъ Бакъ Хьаджумарэ ыкъор ары. Тятэ ташъхьагъ имытыжьэу тыкъызэнэм, ыпхъу закъоу шъузабэу къэнагъэмрэ ащ исабыитфрэ зэрищэлӀэжьыхи, тиӀыгъыгъ, тигъэсагъ, цӀыфы тишӀыгъ. Ар коммунист партием хэтыгъэп, ау Совет хабзэм ишӀуагъэ къыгурыӀуагъэу псэущтыгъэ, къоджэдэсхэр ащ «большевиккӀэ» къеджэщтыгъэх.

Фэшъхьаф къушъхьэчӀэс лъэпкъхэми афэдэу, адыгэхэм ижъыкӀэ къыщегъэжьагъэу шэн ахэлъ: сыд фэдэрэ Ӏофи апэрэу рагъэжьэн зыхъукӀэ, лӀыжъ Ӏушхэр упчӀэжьэгъу ашӀых. Анахьыжъэу къуаджэм дэсхэм Ӏофыр игъоу алъэгъугъэмэ, ар пхырыгъэкӀыгъэным акӀуачӀэ рахьылӀэщтыгъ. Ар къызыдэплъытэкӀэ, сыдми хъугъэ Ӏофэу щытэп къоджэ Советым иисполком итхьаматэ е колхоз тхьаматэм, партием ирайком иӀофышӀэхэм, къуаджэм ищыӀэныгъэкӀэ мэхьанэшхо зиӀэ Ӏофыгъохэр зэшӀуахыхэ зыхъукӀэ, сятэжъ ренэу упчӀэжьэгъу зэрашӀыщтыгъэр. Ар къоджэ Советым идепутатыгъ, колхозым иправление хэтыгъ, цӀыф нэутхагъ, Ӏушыгъ, зэфагъэ.

ЯщэкӀэнэрэ илъэсхэу ащымыгъупшэжьыхэрэм къуаджэр зэрэпсэоу зыгъэгумэкӀыщтыгъэ Ӏофыгъохэм зыщатегущыӀэщтыгъэхэ чӀыпӀэу тиунэ хъугъагъэ. СицӀыкӀугъом къыщегъэжьагъэу сизэхэшӀыкӀ къыубытыхэу ригъэжьэгъагъ революцием, партием, Совет хабзэм, колхоззэхэщэным, еджэкӀэ-тхакӀэр цӀыф жъугъэмэ ягъэшӀэным ямэхьанэ зыфэдэр.

АщкӀэ анахьэу зишӀуагъэ къэкӀуагъэр апэрэ адыгэ революционерэу Шэуджэн Мосэ Шъхьэщэфыжь къызэрэщыхъугъэр ары. Густырыгъэ зыхэлъ партийнэ псалъэу ащ къышӀыщтыгъэхэм мэкъумэщышӀэ унагъо пэпчъ къащыдырагъаштэщтыгъэ, ежь ышъхьэкӀэ Советхэм яхабзэ, народым ихабзэ агъэпытэным тырагъэгушхухьэщтыгъ.

Джащ фэдэу сэрыкӀэ щысэтехыпӀэу хъугъагъэр сятэжъ ышнахьыжъэу Махьмуд – Совет хабзэр Шъхьэщэфыжьым щыгъэпсыгъэным чанэу хэлэжьагъэхэм зыкӀэ ащыщыгъэр ары. Жъалымыгъэ шӀыкӀэкӀэ пыйхэм аукӀыгъэ сятэшым зэкӀэ щыӀэныгъэм игъогоу къыкӀугъэмкӀэ партиемрэ народымрэ яӀоф гъунэнчъэу зэрэфэшъыпкъэр къыгъэлъэгъуагъ. Джащыгъур ары «Революционерхэр мэфэхыхэ нахьыкӀэ затырэп!» – зыфиӀорэ гущыӀэхэр сщымыгъупшэжьынхэу сыгу зыхэпкӀэгъагъэхэр.

Хэгъэгу зэошхор къызежьэм, ащ иилъэс анахь къинхэм, тикъуаджэ, зэкӀэ Советскэ хэгъэгум исхэм афэдэу, тиунагъо ыкӀуачӀэ зэрихьылӀэгъагъэр «ЗэкӀэ фронтым пай, зэкӀэ текӀоныгъэм пай!» зыфиӀорэ джэпсалъэр гъэцэкӀагъэ зэрэхъущтыр арыгъэ. Сянэрэ сятэжърэ пчэдыжьым щегъэжьагъэу пчыхьэ мэзахэм нэс колхозым Ӏоф щашӀэщтыгъ, сшынахьыжъхэу Мыхьамэтрэ Махьмудрэ зэуапӀэм Ӏутыгъэх. Къуаджэм къызагъэзэжьыгъэр ТекӀоныгъэр къызыфахьым ыуж ары, лӀыхъужъ теплъэ-Ӏуплъэ яӀэу, орденхэмрэ медальхэмрэ абгъэхэм къахэжьыукӀыхэу къытфэкӀожьыгъэх.

Заом ыужкӀэ апэрэ илъэсыр ары тятэжъ идунай зихъожьыгъэр. Джащыгъум тэ ипӀэ дэжь тыщиугъоий, тыгу итыубытэнэу къытиӀуагъ: «Мылъкур арэп цӀыфыр баи зышӀырэр, ӀофышӀоу цӀыфхэм афишӀэрэр ары нахь. НасыпышӀо ухъу пшӀоигъомэ, цӀыфхэм уагурыӀон, ахэмэ ягушӀуагъохэмрэ ягукӀаехэмрэ адэбгощын, адэпщэчын фае». Ащ фэшъхьафэуи къызэрэтэлъэӀугъэр щыӀэкӀакӀэу агъэпсэу рагъэжьагъэм ищытхъу тӀотэнэу, тырилэжьэкӀонэу ары.

Тятэжъ осыетэу къытфишӀыжьыгъэр ткӀуачӀэ къызэрихькӀэ дгъэцэкӀагъэ. Сшыхэу Махьмудэрэ Мыхъутарэрэ механизаторэу колхозым щэлажьэх. Мыхьамэт кӀэлэегъа-

джэу къуаджэм Iоф щешIэ, коммунист, народнэ просвещением иотличник, кIэлэеджакIохэр патриотхэу, интернационалистхэу епIух. Сэ тхэн Iофымкlэ цIыфмэ сафэшIушIэ, хэгъэгуми ищытхъу сэIуатэ.

Тыгъэу къыкъокIырэм шIуагъэ горэ къызыдихьыным цIыфыр кIэлъэIуным зэрэдэмышъхьахырэм фэдэу сянэу Минатэ еджэкIэ-тхакIэ зымышIэщтыгъэ бзылъфыгъэ къызэрыкIом, Совет хабзэм, къуаджэм къыдыдэс цIыфхэу исабыйхэр пIугъэнхэмкIэ, ригъэджэнхэмкIэ IэпыIэгъу къыфэхъущтыгъэхэм зэрафэразэр къыриIотыкIыным пае, гущыIэ мылъэшыхэми, гум къинэжьырэ къэIуакIэхэр сыдигъуи къыгъотыщтыгъэх. А гущыIэхэр сэри сыгу итIысхьэщтыгъэх. Пэсэ дэдэу сэ сшIошъ хъугъагъэ: Совет хабзэм ишIушIагъэ: ар ным, псым, хьалыгъум фэдагъ. Ащ нэмыкIи къызгурыIогъагъ: о пшъхьэ щэхъу уфэмыгумэкIыныр зыфэбгъэдэн плъэкIыщтыр хьалыгъур бгъэшъоу ущыIэныр ары, джащыгъум зыми уимыгъэгумэкIэу, зыми уримыщыкIагъэу ущыIагъэу хъущт.

Тиунагъокlэ апэрэ коммунистэу хъугъагъэр Мыхьамэт ары. Къоджэдэсхэм лъытэнып ащ зыкIыфашIыщтыгъэр гъэнэфагъэ: заом игъогу къиныбэ Мыхьамэт зэпичыгъагъ, пыир Кенигсберг дэжь, ащ нэужым япон милитаристхэр Маньчжурием ащызэхэзыкъутагъэхэм ахэтыгъ. Орден, медаль пчъагъэхэр къызыфагъэшъошэгъэ сшынахьыжъ илъэс 25-рэ нахь ымыныбжьэу Шъхьэщэфыжь къоджэ Советым итхьаматэу хадзыгъагъ. Ащ ыпэкIи, ыужкIи кIэлэегъаджэу Iоф ышIагъ.

Сэри сыдигъокIи сызыпылъыгъэр сыдырэмкIи сшынахьыжъ фэдэу сыхъуныр ары. Комсомол пшъэрылъ горэ згъэцэкIэнэу укъысэлъэIунэу ищыкIэгъагъэп, общественнэ Iоф горэм сыхэмылажьэу сищыIэныгъэ къызышIозгъэшIын слъэкIыщтыгъэп. Зыгорэхэм сишIуагъэ язгъэкIэу, шIу горэ зафасшIэкIэ, насыпышIоу зыслъытэжьыщтыгъ. Школым сырикомсоргыгъ, Адыгэ педучилищым икомсомольскэ организацие исекретарь сыригодзагъ, Литературнэ институтэу М. Горькэм ыцIэкIэ щытым ипартком сыхэтыгъ, истудент комитет сыритхьамэтагъ. Хэку гъэзетым иредакции, партием ихэку комитети Iоф ащысшIэ зэхъуми, КПСС-м и ЦК щыIэ Апшъэрэ партийнэ школым ижурфак сыщеджэ зэхъуми, сыдигъуи общественнэ IофшIэным сыпылъыгъ, сытхэнымкIи, щыIэныгъэм чанэу сызэрэщызекIорэр къэсыушыхьатынымкIэ ащ фэдэ щыIакIэм ишIуагъэ къысэкIыщтыгъ.

Джыдэдэми сэ общественнэ пшъэрылъыбэ сэгъэцакIэ. КПСС-м и Краснодар крайкомым, КПСС-м и Адыгэ хэку комитет сахэт, РСФСР-м иписательхэм яправление сырисекретарь, РСФСР-м тхылъыр шIу зылъэгъоу исхэм яобществэ ихэку организацие сыритхьамат. Сицыхьэ пытэ зытелъыр писателыр обществэм иIофхэм язэшIохын чанэу хэлэжьэн зэрэфаер ары. Общественнэ пшъэрылъ горэхэр гъэцэкIэгъэнхэ къодыер арэп ащ къызгъэкIырэр, зэкIэми зэдыряфэдэ Iофым уишъыпкъэу ухэлэжьэныр, тищыIэкIэ-псэукIэм чанэу ущытыныр ары нахь. Иунэ исэу тхэрэ писателым джырэ тилъэхъан итарихъ ытхын ылъэкIышъущтэп.

Илъэс 30-м къехъукIэ узэкIэIэбэжьмэ, Адыгэ кIэлэегъэджэ училищым сыщеджэзэ, партием сыхэхьэгъагъ, сыгукIэ ащ имэхьанэхэр сштэгъагъэх, ахэр сиIэпыIэгъухэу, акъылышIуагъэм ихъарзынэщэ тхылъхэм сищыкIэгъэ шIэныгъэхэр къахэсхызэ, щыIэныгъэм зыфэзгъасэщтыгъ.

Сэ сицыхьэ зытелъыр Адыгеим инасып джы зэрэщытым фэдэу зэпыфэн ылъэкIыныеп зэкъош народхэм яунэгъо зэдэIужь щымыщыгъэмэ. Адыгэ культурэмрэ литературэмрэ хэхъоныгъэшхо ашIыгъ. Лъэпкъ литературэ пэпчъ ежь инэшанэхэр, икъежьапIэхэр, иунэе лъапсэхэр иIэх. Ау а къежьапIэр сыд фэдизэу пшъхьапэми, лъапсэхэри сыд фэдизэу куоу чIыгум пкъырыхьагъэхэми, сыд фэдэрэ чъыги тыгъэр къытемыпсэмэ къэкIын ылъэкIыщтэп. Тилъэпкъ культурэхэмкIэ ащ фэдэ тыгъэнэбзый хьалэлэу тфэхъугъэр Совет хабзэр ары, а зэманым ифэшъошэ тхылъхэр лэжьэкIо цIыфым фэгъэхьыгъэхэр тхыгъэнхэм джары тэ, литературэм иIофышIэхэр, тытезгъэгушхухьэрэр.

РСФСР-м и Къэралыгъо премие къысатыжь зэхъум, Москва къыщысIуагъэх: «Лъэпкъыбэ хъурэ хэгъэгу хьалэмат тэ тызыщыпсэурэр,— нэбгырэ пэпчъ мыщ шъхьафитэу, насыпышIоу зыщелъытэжьы. Тизэкъош зэблэгъэныгъэ Октябрэшхом инэфынэ къызэлъегъэшIэты, Хэгъэгу зэошхом ар щаушэтыгъ. Непи тихэгъэгу щыпсэурэ лъэпкъ пстэухэм ялэжьакIохэм а зэблэгъэныгъэр агъэпытэ. Сэ сымэкъумэщышI, шъузабэу къэнэгъэ сянэ сипIужьыгъ,

джы цIыф лъэпкъыбэ зыщыпсэурэ хэгъэгум ищытхъу сэIуатэ».

Ахэр аукъодыеу къэIогъэ гущыIэхэп, ахэр сэ сидунэеплъыкIэх. Ахэр зэпхыгъэхэр сятэ-сянэхэм, сятэжъ-сянэжъхэм яунэжъ яджэныкъо машIо хьалэл.

*1982-рэ илъэс*

## Уиуахътэ зыфэдэр къэгъэлъагъу

*Пшызэ шъолъыр итхылъеджэхэм язакъоп МэщбэшIэ Исхьакъ ыцIэ дэгъоу зышIэрэр. Поэт, философ лирикэм фэIэпэIас, ежь инэшэнэ унэе куухэр зыхэлъ писатель — лъэпкъыбэмэ ялIыкIохэр зыхэлэжьэрэ тисоветскэ литературэ ианахь IэпэIасэхэм ар зыкIэ ащыщ. IэпкIэ-лъапкIэу зэгъэкIугъэхэу письмэхэр Iэпlэ-Iапlэу столым телъых. Писателым бэ къыфатхэрэр — рабочых, шIэныгъэлэжьых, мэкъумэщышIэх, студентых, ахэмэ писателым итхылъхэр агу рехьы, ахэмэ ащыщыбэхэри иныбджэгъух.*

— *Исхьакъ Шумафэ ыкъор, «Советскэ Кубань» еджэхэрэм ягуапэу а письмэхэм къащатхырэмэ адырагъаштэ ыкIи о, тигъэзет бэшIагъэу иныбджэгъум, творческэ гъэхъэгъакIэхэр пшIыхэмэ, гъогукIэхэм уатехьэмэ, нахь цIыфыбэмэ нэIуасэ уафэхъумэ, шъыпкъэмкIэ, тхылъыкIэхэр птхыхэмэ зэрашIоигъор къыуаIо.*

— Тхьауегъэпсэу. ПисателымкIэ анахь мэхьанэ зиIэр шъыпкъэм игъогу техьаныр ары. Нахь зэхэугуфыкIыгъэу къэпIон хъумэ, гъогу узэрэтетыр зэхэпшIэныр, щыIэныгъэр зэрэзэхъокIырэм ори уиIахь зэрэхэлъыр зэхэпшIэныр, лъэгэпIакIэхэм уалъыIэсыным ренэу упылъыныр ары. Мы аужырэ илъэсхэм сыздэкIон фаеу хъугъагъэр бэ: Прибалтикэр, Тыркуер, Сириер, Сыбыр, Темыр Чыжьэр, Кавказыр, Поволжьер, Гурыт Азиер. Зэрэзэхэпхыгъэу гъогу макIэп къызэпэскIухьагъэр. Ащ елъытыгъэуи сызыдэщыIагъэ пэпчъ зэIукIэгъу гъэшIэгъонхэр ащысиIагъэх. ТизэдэгущыIэгъу къызыфэзгъэфедэзэ, гуфэбэныгъэ хэлъэу къысфэгушIогъэ пстэуми сызэрафэразэр шъуигъэзеткIэ язгъэашIэмэ сшIоигъуагъ.

Лъэпкъыбэ зыхэлэжьэрэ зэкъош-зэблэгъэныгъэм кIочIакIэ къызэрэтхилъхьэрэр тащыщ пэпчъ мызэу-мытIоу зэхишIагъ. Сэ къысфэгъэхьыгъэу къэсIон: сэ адыгэ литературэм сыщылажьэу зесэгъэжьэм, игъэкIотыгъэу зэлъашIэгъэхагъэх Хьаткъо Ахьмэд, КIэрэщэ Тембот, Пэрэныкъо Мурат, Лъэустэн Юсыф, Еутых Аскэр, нэмыкI писатель IэпэIасэхэри. Ахэмэ адакIоу Константин Паустовскэм, Александр Твардовскэм, Сергей Михалковым, Николай Заболоцкэм, Илья Сельвинскэм, Леонид Соболевым — Литературнэ институтым сыщезгъэджагъэхэмэ ацIэхэр къесIохэмэ сшIоигъуагъ. Урыс культурэм ахэмэ сыфапIугъ, лъэпкъ зэкъошныгъэр зыфэдэр, узэрэтхэщт шIыкIэр, гущыIэм уасэ зэрэфэпшIын фаер къызгурагъэIуагъ, тхэным ишъэфхэмкIэ къыздэгощагъэх.

— *Усэхэмрэ поэмэхэмрэ зыдэт уитхылъэу, Краснодар тхылъ тедзапIэм къыщыдэкIыгъэ «Щедрое солнце полдня» зыфиIорэм пае РСФСР-м и Къэралыгъо премие къыпфагъэшъошагъ. Нахь игъэкIотыгъаIоу ащ укъытегущыIэмэ сшIоигъуагъ.*

— ЗэIукIэгъоу тхылъеджэхэм адысиIэхэрэм бэрэ къащысэупчIых: «Уитхылъхэм ащыщэу тара о нахь бгъэлъапIэрэр?» Ащ фэдэ упчIэм иджэуап етыжьыгъошIоп. Тхылъ пэпчъэу пкIуачIэ зытебгъэкIуадэрэр IофшIэгъэшхоу щыт, щыIэныгъэр куоу къызыгурыбгъэIонымкIэ охътэ гъэнэфагъэу мэхъу. Арэу щытми, «Щедрое солнце полдня» зыфиIорэ тхылъыр ахэмэ хэгъэушъхьафыкIыгъэ чIыпIэ ащеубыты. АпэрэмкIэ, илъэс щэкIым къехъугъэу литературэм сызэрэщылажьэрэм изэфэхьысыжьэу ар плъытэн плъэкIыщт. ЯтIонэрэмкIэ, анахь сызыгъэгумэкIыщтыгъэ темэхэр ащ нахь игъэкIотыгъэу къыщытыгъэ хъугъэ. ЗэкIэми апэу ар зыфэгъэхьыгъэр цIыфыр тидунэе мырэхьатэу бэрэ зэхъокIыгъэ хъурэм зэрэщыщыIэ шIыкIэр, силъэхъан щыIэ цIыфхэм намысым ылъэныкъокIэ зылъыхъухэрэ зекIуакIэхэр, аужым, цIыфхэм шIу афэшIэгъэныр ары. Адыгэмэ аIо хабзэ: «ШIу шIи, псым хадз». НэмыкIэу къэпIон хъумэ, цIыфхэм шIу афашI, ащ пае зыгорэ о къыпфашIэжьыным ущымыгугъ. УмыгъэшIэгъон умылъэкIынэу, акъылышIуа-

гъэ хэлъэу, щэрыо шъыпкъэу ар къэlогъэ гупшыс. Шlушlэныр, хьалэлыгъэр, гулъытэныгъэр, шъхьэкlэфэныгъэр сыдигъуи цlыфым анахь нэшэнэ шlагъохэу хэлъынхэ фаехэр ары.

*— Прозэмкlэ узэрэтхэрэри тхылъеджэхэм о дэгъоу узэлъашlэ. Сыда утезыгъэгушхухьагъэр поэзием прозэри гъусэ фэпшlыным?*

— Кlэкlэу къэпlон зыхъукlэ, нахь икъоу, нахь игъэкlотыгъэу сиамалхэр къэзгъэлъэгъонхэ слъэкlыным пай. Зытет шъыпкъэмкlэ, поэзиер сыдигъуи метафор. Прозэр зыпштэкlэ, къэгъэлъэгъокlэ шlыкlэ-амалхэу ащ lэкlэлъхэр фэшъхьафых. Социальнэ щыlэныгъэм ихъугъэ-шlагъэхэр нахь икъоу, нахь зегъэушъомбгъугъэу къэгъэлъэгъогъэнхэмкlэ прозэм нахь амал инхэр къетых. Сиапэрэ романэу «Агъаерэм ежэжьыхэрэп» зыфиlорэм lоф дасшlэ зэхъум, сэ ар зэхэсшlагъ.

Непэ симэкlай щызэготых прозэкlэ тхыгъэ тхылъих. Зыцlэ къесlуагъэм фэшъхьафэу – «Нэфшъэгъо лъагъохэр», «Илъэс фыртынэхэр», «Щагу хъурай», «Шlу шlи, псым хадз» зыфиlорэ романхэр, «Бзыикъо зау» зыфиlорэ тарихъ романыр «Раскаты далекого грома» фэусыгъэу урысыбзэкlэ мы илъэсым Москва къыщыдэкlыщт.

*— Исхьакъ Шумафэ ыкъор, творчествэм упылъынымрэ общественнэ lофтхьабзэхэм уахэлэжьэнымрэ сыдэущтэу зэдэбгъэцакlэхэра?*

— Зэкlэрыпхынхэ умылъэкlынхэу зэпхыгъэхэу ары. Щыlэныгъэм чанэу хэлэжьэгъэныр, обществэм иlофхэр ори уиlофхэу лъытэгъэнхэр ткъош урыс писательхэм акlырыплъыхэзэ, адыгэ литераторхэм бэшlагъэу нэшэнэ шlагъоу афэхъугъ. Скlуачlэ къызэрихькlэ общественнэ lофыгъомэ сапылъ. Народнэ депутатхэм я Адыгэ хэку Совет сыридепутат. Партием и Краснодар крайком, КПСС-м и Адыгэ хэку комитет сахэт, Адыгеим ипистельхэм я Союз сыритхьамат. Общественнэ lофшlэным ухэлажьэ хъумэ, щыlэныгъэр зыфэдэ шъыпкъэр нахь куоу зэхэошlэ. Ащ фэшъхьафэуи, общественнэ lофшlэным ишlуагъэкlэ цlыфхэм нахьыбэрэ уахэхьан, ягумэкlыгъохэм защыбгъэгъозэн олъэкlы. Обществэр зыгъэгумэкlырэ lофыгъохэм lоф адасшlэзэ, нэбгырэ пчъэгъабэхэм сауккlагъ, зыгъэгумэкlырэ lофыгъуабэхэр афызэшlосхыгъ. Зым lофшlэн къыфэзгъотыгъ, ятlонэрэм пенсие къыратэу шыгъэным пае итхылъхэр фызэзгъэфагъэх, ящэнэрэм хъызмэт lофым изэшlохынкlэ lэпыlэгъу сыфэхъугъ. Шlу шlэгъэн фае оlокlэ, икъущтэп, ар о пшъхьэкlэ мафэ къэс, цlыфмэ уафэшlушlэмэ, уишlушlагъэ къыпфегъэзэжьы.

*— Аужырэ упчlэу писатель пэпчъ раты хабзэр: «Сыд фэдэ творческэ пшъэрылъха тапэкlэ зыфэбгъэуцужьыгъэхэр»?*

— Адыгэ Республикэм итхылъ тедзапlэ усэхэмрэ поэмэхэмрэ зыдэт ситхылъэу «Жъогъо лъагэм инэфыпс» къыщыхаутынэу агъэхьазыры. Мы аужырэ илъэсхэм лирическэ усэу стхыгъэхэр ащ дэхьагъэх. Джыдэдэм lоф зыдасшlэу систол телъыр Шэуджэн Гощэунае, адыгэ бзылъфыгъэ революционерым ехьылlэгъэ тхылъым ипэубл ары. Темэр къызэрэзэlусхымэ сшlоигъор ащ ибиографие къэlотэгъэным имызакъоу, нахь игъэкlотыгъэу, щыlэныгъэм игъогоу къыкlугъэм икъэгъэлъэгъон дакlоу адыгэ бзылъфыгъэр революцием хэщагъэ хъуныр къызыхэкlыгъэр къызэlухыгъэныр ары. Сыдэущтэу ащ изэхэшlыкl нэсынэу хъугъа? Бэнэныгъэм ежь ышъхьэкlэ чанэу хэлэжьэным сыда фэзыщагъэр? Революцием ибэнакlо гулъытэ къыхэфэным сыда лъапсэу фэхъугъэр? Темэм нахьыпэкlэ lоф дашlагъэу щытэп, lужъоуи зэхэлъ, джащ пай зыкlэгъэшlэгъоныри.

*— Уигухэлъхэр къыбдэгъунхэу сыпфэлъаlо.*

— Тхьауегъэпсэу.

*Дэгущыlагъэр Красников А.,*
*1982-рэ илъэс*

**Сыпфэраз, Хэгъэгур!**

Непэ тэ гуетныгъэшхом тызэлъиштагъэу Советскэ Социалистическэ Республикхэм я Союз имэфэкl хэзыгъэунэфыкlырэмэ гъунэнчъэу тазэрэфэразэр ятэlо.

Лъэпсэнчъэу чъыгым хэхъон, зиӀэтын зэримылъэкӀыщтым фэдэу, Советскэ Союзышхор ашъхьагъ имытыгъэмэ, къош народ пстэухэм яӀэпыӀэгъу къыӀэкӀэмыхьэщтыгъэмэ, адыгэхэм хэхъоныгъи ашӀыныеп, насыпи агъотыныеп. А зэкъошныгъэр тэрыкӀэ ткӀуачӀэ зыгъэпытэрэ мыукъожьын къэкӀуапӀ.

Сыд фэдэрэ народи итарихъ зэрэзэхэтыр гушӀогъо е нэшхъэигъо нэпсыхэр, къыдэхъугъэ е къыдэмыхъугъэ гугъапӀэхэр ары. А зэман чыжьэхэм гумэкӀыгъошхом зэлъиштэгъэ адыгэхэр, зытыраубытэщтыр амышӀэу, зыдащэщтхэр амышӀэрэ гъогу зэхэкӀыпӀэм Ӏутыгъэх, ахэмэ ащыщэу зы гъогу закъу ныӀэп дунаим текӀодыкӀынхэм щызыухъумэнхэ зылъэкӀыщтыгъэр. Ар – Урысыем гъусэгъу фэхъунхэм фэзыщэщтыгъэ гъогур ары. Непи, лӀэшӀэгъуиплӀым къыкӀоцӀ тызэгъусэу тызэрэзэдыщыӀэм иопыт тиӀэубытыпӀэу, къатӀорэр 1557-рэ илъэс чыжьэм игъэмафэ адыгэхэр хымэ гъэпщылӀакӀохэм ащаухъумэнхэу ялъэӀунхэм пае лӀыкӀохэр Москва зыгъэкӀогъагъэхэм зэрадедгъаштэрэр ары.

Лъэпкъ пэпчъ ихэхъоныгъэкӀэ къыхэфэх хъугъэ-шӀагъэхэу нэужым тарихъ мэхьанэ зиӀэ хъухэрэр. Адыгэ лъэпкъ пстэухэмкӀэ ащ фэдэ хъугъэ-шӀагъэу хъугъэр ахэр урыс къэралыгъом зэрэгохьагъэхэр ары. Урыс, нэмыкӀ лъэпкъхэу тихэгъэгу щыпсэухэрэм тырягъусэу тэ Октябрэшхом тыкъыфэкӀуагъ.

Совет хабзэм иапэрэ илъэсхэм Кавказым икоммунистхэм закъыфигъазэзэ, В.И. Лениным ицыхьэ телъэу хигъэунэфыкӀыгъагъэр лъэпкъ зэфэшъхьафхэр мамырэу зыщызэдыщыӀэхэ дунаеу буржуазием хабзэр ӀэкӀэлъ хъумэ зыщыгугъыинхэ амылъэкӀыщтыр джы къызыдагъэхъун зэралъэкӀыщтыр ары. Интернациональнэ зэдегъэштэныгъэм идунаеу дунэе пролетариатым ипэщэшхо зыкӀэхъопсыщтыгъэр тихэгъэгу щагъэпсыгъ. Арэущтэу тихэгъэгу зэрэщыхъугъэзэ, ащ щыпсэурэ цӀыф лъэпкъ пстэуми демократическэ фитныгъэхэмрэ шъхьафитныгъэхэмрэ икъоу ямыӀэхэ, ауж зэрафэрэ фэдэу аӀозэ, КъохьапӀэм хьадагъэ къыщаӀэтыгъэмэ, ар шъхьаихыгъэ нэпцӀэу зэрэщытыр хэтыкӀи нафэ.



Ащ фэдэ къэугупшысыгъэ пцӀым ифэшъошэ джэуап аритыжьыгъ Урысыем иписательхэм яя V-рэ зэфэс къыщыгущыӀэзэ, С.В. Михалковым: «Адыгэ автоном хэкум адыгэу нэбгырэ мини 100 фэдиз щэпсэу. Тарихъым ихъугъэ-шӀагъэхэм апкъ къикӀыкӀэ адыгэ мин пчъагъэхэр фэшъхьаф хэгъэгухэм ащэпсэух – ау ахэмэ яныдэлъфыбзэкӀэ тхылъхэр атхынхэу, къыдагъэкӀынхэу фитныгъэ гори яӀэп. Тикъэралыгъо кӀыб щыпсэурэ адыгэхэм тхакӀэрэ еджакӀэрэ зэрэзэрагъашӀэрэр советскэ учебникхэу яӀахьылхэмрэ яныбджэгъухэмрэ афагъахьыхэрэмкӀэ джа хэгъэгухэм ащыпсэурэ адыгэхэм ялъэпкъэгъумэ яписательхэр дэгъоу зэлъашӀэх. Талант зыхэлъ писателым ытхыгъэ тхылъ дэгъур ныдэлъфыбзэр зымыгъэкӀосэрэ джэныкъо машӀу ар».

Тиавтоном хэку ибыракъ Лениным иорден къыбгъодэтэу народхэм язэблэгъэныгъэ иорден тешӀыхьагъ. Адыгэхэм сыдигъокӀи зэблэгъэныгъэ-зэкъошныгъэр агъэлъапӀэ. Ахэмэ ренэу аӀоу зэхэпхыщт: «ЕгъашӀэми Урысыем тыригъусэщт». А гущыӀэ къызэрыкӀо Ӏушыхэр зэблэгъэныгъэм исаугъэтэу Мыекъуапэ игупчэ итым хэупкӀыгъэх. Фэшъхьаф щысэ гъэшӀэгъони къэзгъэлъэгъон: Л.Н. Толстоим блэгъэныгъэ шӀухьафтын фэдэу библиотекэ цӀыкӀу адыгэ къуаджэу Тэхъутэмыкъуае щыпсэухэрэм къаритыгъагъ. Писателышхом къафигъэхьыгъэ тхылъхэр къуаджэм иапэрэ народнэ библиотекэу хъугъагъэ. Октябрэшхом ыуж урыс народым ыдэжь къикӀыгъэхэу тикъуаджэ къыӀэкӀэхьэгъагъэх апэрэ букварыр, тракторыр, ахэмэ къакӀэлъыкӀуагъэх кӀэлэегъаджэхэр, врачхэр, промышленостымрэ мэкъу-мэщ хъызмэтымрэ ясэнэхьат зыӀэкӀэлъ цӀыфхэр. ЫгукӀэ зэрэхьалэлым, къошныгъэу къыддыриӀэмкӀэ зэрэгупцӀанэм пае урыс народым тэ лъэшэу тыфэраз.

Ти Къэралыгъо гимн ямэхьанэ ӀупкӀэу гум къинэжьырэ гущыӀэ шӀагъохэр хэтых: «Ти Хэгъэгу шъхьафитэу народхэм язэкъошныгъэ ицыхьэшӀэгъу пытапӀ». Адыгэхэр зэрэразэхэмкӀэ яапэрэ гущыӀэхэр зыфагъэшъуашэхэрэр партиешхор, Урысыер, тихэгъэгу дэхэшху арых. Ахэр къэӀогъэ гущыӀэ къодыехэп: ахэр тидунэееплъыкӀэх, титеубытэгъэшхо ямэхьанэ купкӀых.

ӀэкӀыб хэгъэгухэми адыгэхэр ащызэлъашӀэх. Советскэ Адыгеим ехьылӀэгъэ къэбар шъыпкъэр хэгъэгу зэфэшъ-

хьафхэм ялэжьакIохэм алъызыгъэIэсыхэрэр адыгэ писательхэм ятхылъхэу инджылызыбзэкIэ, нэмыцыбзэкIэ, китаибзэкIэ, французыбзэкIэ, болгарыбзэкIэ, польскабзэкIэ, тыркубзэкIэ, арабыбзэкIэ, нэмыкIыбзэхэмкIэ зэдзэкIыгъэхэу джы къыдагъэкIыхэрэр ары. Сыд фэдэу гуапэ тщыхъура Адыгеим и Къэралыгъо къэшъокIо ансамблэ иартистхэм яIэпэIэсэныгъэ ыумэхъыгъэхэу Iэгутеошхокlэ Болгарием, Чехословакием, Японием къащыпэгъокIыхэ зыхъукIэ.

Непэрэ тищыIэкIэ-псэукIэ итхыгъэ нэкIубгъо шIагъохэр бэ хъухэу къызэпырыбгъээзэнхэ плъэкIыщт. Ау зэкIэми анахь къэбар гушIуагъом игугъу къэмышIын плъэкIыщтэп. А къэбарыр май мафэу зэрэдунаеу зэлъашIагъ. Космосым быбырэ кораблыкIэу «Союз Т-5»-р орбитэм тезыщагъэр кораблым икомандирэу Адыгэ автоном хэкум къыщыхъугъэ Анатолий Березовоир ары. Джаущтэу такъикъ заулэм къыкIоцI Адыгеир, ащ ыкъо анахьышIухэм зыкIэ ащыщыр дунаим щызэлъашIагъ. Зытет шъыпкъэмкIэ, а мафэр Адыгеим, зэкIэ ащ ицIыфхэмкIэ анахь гушIогъошхохэм ащыщыгъ. ЕтIани а гушIогъо хъугъэ-шIагъэр тихэку иавтономие ия 60-рэ илъэс хагъэунэфыкIынэу зызыщыфагъэхьазырыщтыгъэ уахътэм тефэгъагъэти ары.

Адыгэ нэбгырэ мин пчъагъэхэм Лениным иидеехэр агукIэ аштагъэх, ахэр къаухъумэзэ, Буденнэм ишыудзэ, Кочубей идзэ, Жлобэ ищылыч дивизие, Балахоновым идзэ бригадэ лIыхъужъ дзэ къулыкъу ащашIэнэу адыгэхэр зэлъыхэхьэгъагъэх, Совет хабзэр къаухъумагъ, зэрэфэшъыпкъэхэр къагъэлъэгъуагъ.

Адыгеим иапэрэ революционер-ленинцэхэу Шэуджэн Мосэрэ Гощэунаерэ, Иосиф Погибельнэр, Хьахъурэтэ Шыхьанчэрые, ГъукIэкъулэ Даут, Дмитрий Швец, Мамыжъ Мусэ, Павел Мачулиныр, ахэмэ анэмыкIыбэхэри ащымыгъупшэжьхэу цIыфхэм агу илъыщтых, класс зэо-бэнэ пхъашэу рекIокIыгъэхэм апсэ емыблэжьхэу ахэлажьэхэзэ, ахэмэ цIыф лъэпкъ пстэухэм язэкъошныгъэрэ янасып щыIакIэрэ къаухъумагъэх.

Тэ щыIэкIакIэр гъэпсыгъэным къыщыдахыгъэ текIоныгъэхэр Лениным ыцIэ етэпхых. «Зэкъошныгъ» – джары зэреджагъэр. Зэкъошныгъэ цIэр Мыекъопэ мебелышI-деревообрабатывающэ объединением ехьы. ЦIыф лъэпкъ зэфэшъхьаф 37-мэ ялIыкIохэр мыщ щэлажьэх, ахэмэ зэфэдэ шъхьэкIафэ коллективым щафашIы: уащытхъуныр атефэ урыс бзылъфыгъэу, СССР-м и Апшъэрэ Совет идепутатэу, полировщицэу Екатерина Романенкэм, адыгэу ЛэжьэкIо Быракъ Плъыжьым иорден къызыфагъэшъошагъэу, СССР-м и Къэралыгъо премие илауреатэу шлифовщицэу Лъэустэнджэл Джанщыр.

Партием иIоф зэрэфэшъыпкъэр адыгэ лъэпкъым анахь нэрылъэгъоу къызыщигъэлъэгъуагъэр Хэгъэгу зэошхом иилъэсхэр ары. Поэтэу Андырхъое Хъусен Советскэ Союзым и ЛIыхъужъ щытхъуцIэр къыфагъэшъошагъ. Уихэгъэгу уфэшъыпкъэу къулыкъу фэшIэгъэнымкIэ Хъусен щысэтехыпI. Хъусенэ иснайпер винтовкэу джы агъэлъэпIэрэ экспонатэу СССР-м и УIэшыгъэ КIуачIэхэм я Гупчэ имузей чIэлъ. Ащ къеушыхьаты тинародхэм язэкъошныгъэ зэо пхъашэхэм зэрэщыушыхьатыгъэр. АущтэузыкIатIорэр адыгэу Андырхъое Хъусенэ зэфэхым, ащ ишхонч урысэу Николай Ильиным, ащ ыуж украинцэу Афанасий Гордиенкэм зэрэратыгъагъэр ары. Яныбджэгъу Андырхъое Хъусенэ фэдэу ахэми Советскэ Союзым и ЛIыхъужъ щытхъуцIэр къафагъэшъошагъ.

Тихэгъэгу ицIыфлъэпкъхэм язэкъошныгъэ нэкум фэдэу тэ къэтэухъумэ, тэгъэпытэ. Адыгеим хэхъоныгъэшхоу ышIыгъэм икъэкIуапIэр Советскэ Союзым ицIыф лъэпкъ пстэухэр IэпыIэгъу зэрэзэфэхъужьхэрэр ары. Зэкъошныгъэр зыщыпытэ тихэгъэгу тызэрэщыпсэурэмкIэ тэ тынасыпышIу!

*1982-рэ илъэс*

## Гухэлъхэр къызэкIэлъэкIох

*ЗэлъашIэрэ адыгэ прозаикэу, поэтэу РСФСР-м и Къэралыгъо премие илауреатэу Мэщбэшlэ Исхьакъ итворчествэ цIыф бэ дэдэмэ агу рехы. Тихэгъэгу имы-*

*закъоу ӏэкӏыб къэралмэ ащыщхэми ащ ытхыгъэхэр къащыхаутыгъэх. Амал зэриӏэкӏэ Исхьакъ ти Родинэ ичӏыпӏэ зэфэшъхьафхэр дэгъоу зэригъэшӏэным пылъ, бэрэ хэку чыжьэхэм ащэӏэ, джащ фэдэу ӏэкӏыб хэгъэгухэми анэсы. Къылъэгъурэм, кӏэу зэхихырэм, къышӏэрэм яджэрпэджэжь усэ шӏагъохэр Исхьакъ етхых. Джырэблагъэ ар ГДР-м щыӏагъ.*

*— Исхьакъ, бэмышӏэу Германскэ Демократическэ Республикэм укъикӏыжьыгъ. Сыда ащ укӏонэу къызхэкӏыгъэр?*

— ГДР-м итхылъ тедзапӏэу «Фольк унд Вельт» («Народыр ыкӏи дунаир») зыфиӏорэм тызэрэригъэблэгъагъэм теткӏэ СССР-м иписательхэм я Союз тырилӏыкӏоу къош хэгъэгум тыщыӏагъ. Тиделегацие сэщ нэмыкӏэу «Советская литература» зыфиӏорэ журналым иредактор шъхьаӏэ иапэрэ гуадзэу В. Михайловымрэ а журналым имеждународнэ отдел иӏэшъхьэтетэу И. Поповымрэ хэтыгъэх. Къэӏуагъэмэ хъущт а журналыр нэмыцыбзэкӏэ, инджылызыбзэкӏэ, французыбзэкӏэ, нэмыкӏырэ европейскабзэхэмкӏэ къызэрэдэкӏырэр. Ситхыгъэмэ ащыщхэр а бзэхэмкӏэ журналым къыхиутыгъагъэх. Тхылъ тедзапӏэу тезгъэблэгъагъэмрэ журналымрэ зэныбджэгъуныгъэшхо азыфагу илъ.

*— Нэмыц хэгъэгум апэрэу ущыӏагъ, сыдэу къыпщыхъугъа? Сыд фэдэ ӏофыгъоха узхэлэжьэнэу хъугъэхэр?*

— Социализмэм шӏуагъэу хэлъхэр ГДР-м лъэбэкъоу щыбдзырэ пэпчъ щызэхэошӏэ. Цӏыфхэр нэгушӏох, лъэгъупхъэх, ящыӏэкӏэ-псэукӏэ хъопсагъо. Нэмыц чӏыгум ихъишъэкӏэ апэрэу щагъэпсыгъэ социалистическэ хэгъэгум ихэхъоныгъэхэм уарыгушхо хъущт. Международнэ лейпцигскэ ермэлыкъым иӏофшӏэн тыхэлэжьагъ. Советскэ международнэ тхылъым имафэ къызэрэзэӏуахырэм фэгъэхьыгъэ пресс-конференциеу ӏэкӏыб къэрал журналистхэм апае зэхащагъэм сыкъыщыгущыӏагъ. Тисоветскэ литературэ, анахьэу тиадыгэ литературэ ихэхъоныгъэхэм журналистхэр нэӏуасэ афэсшӏыгъэх. Литературэмрэ тарихъымрэкӏэ институтэу шӏэныгъэхэмкӏэ Академием хэтым пчыхьэзэхахьэ щытфызэхащэгъагъ. Урыс советскэ литературэм изэгъэшӏэн пылъ ӏофышӏэхэм апашъхьэ сыкъыщыгущыӏагъ, тихэгъэгу лъэпкъ цӏыкӏоу исхэм ялитературэхэм яхэхъоныгъэ зыфэдэм ахэр щызгъэгъозагъэх. Темыр Кавказым, Поволжьем, Темырым ащыпсэурэ цӏыф лъэпкъхэм ялитераторхэм ятворчествэ кӏэкӏэу сакъытегущыӏагъ, ящыӏэкӏэ-псэукӏэу сызщыгъуазэм фэзгъэнэӏосагъэх.

*— Исхьакъ, нэмыц ныбджэгъухэм советскэ литературэр сыдэущтэу къащыхъоу къыпшӏошӏыгъа?*

— Лъэшэу сигуапэ хъугъэр нэмыц тхылъеджэхэм типисательхэм атхыхэрэр гунэс зэращыхъурэр ары. Ащкӏэ шыхьатышӏу къысфэхъугъэх зэӏукӏэгъу гъэшӏэгъонхэу Берлин, Лейпциг, Дрезден, нэмыкӏ къалэхэми ащытиӏагъэхэр, нэмыц ныбджэгъухэм гуфэбэныгъэ хэлъэу тилитературэ фаӏуагъэхэр. Зигугъу къэсшӏыгъэ тхылъ тедзапӏэм къыщыдэкӏыгъэх советскэ писательхэу А. Фадеевым, Р. Гамзатовым, К. Кулиевым, С. Дангуловым, Ю. Бондаревым, ахэмэ анэмыкӏыбэхэм атхыгъэхэм ащыщхэр. Ч. Айтматовыр шӏу дэдэ а хэгъэгум щалъэгъу. Ащ итхылъхэр яплӏэнэрэу къыдэкӏых.

Тхылъ тедзапӏэм изэдзэкӏакӏохэмрэ иредакторхэмрэ яӏофшӏакӏэ тыщагъэгъозагъ. Ныбджэгъубэ ткъош хэгъэгум къыщытфэхъугъ. Ахэмэ ащыщых советскэ литературэм ипропагандист шӏагъохэу советскэ литературэмкӏэ редакцием изаведующэу Лео Кошта, редакторхэу, зэдзэкӏакӏохэу Вильнер Родде, Альфред Франк. Тиальманахэу «Зэкъошныгъэм» къыкӏэупчӏагъэх. Тапэкӏэ тилитературнэ зэблэгъэныгъэхэр, зэфыщытыкӏэхэр нахь дгъэпытэныр игъоу зэдэтлъэгъугъ. Сэ къысэлъэӏухи, адыгабзэкӏи урысыбзэкӏи сиусэхэм ащыщхэм сакъыфеджагъ. Джыдэдэм а тхылъ тедзапӏэм нэӏуасэ зыщыфашӏы сироманэу «Бзыикъо зау» зыфиӏорэм.

Общественнэ, литературнэ ӏофыгъохэу зетхьагъэхэм адакӏоу ткъош хэгъэгум инарод ищыӏэкӏэ-псэукӏэ, икультурэ, иискусствэ нахь куоу зафэдгъэнэӏосэным тыпылъыгъ, экскурсиекӏэ къалэхэр къытагъэплъыхьагъэх. Дрезден дунаим щыцӏэрыӏо сурэт галерееу дэтыр зэдгъэлъэгъугъэ, непэрэ нэмыц художникхэм яӏэшӏагъэхэми тащагъэгъозагъ. Трептов-паркым тыдэхьагъ, советскэ дзэкӏолӏым исаугъэтэу ащ дэтым къэгъагъэхэр кӏэрытлъхьагъэх.

*— Хэгъэгубэмэ уащыӏагъ, уздэкӏогъэ къэрал пэпчъ усэ дахэхэр фэптхыжьы хабзэ. Нэмыц чӏыгум къыщы-*

*плъэгъугъэм, къыщызэхэпхыгъэм «уитворческэ машІо» къызэкІамыгъэблэнэу оІуа?*

– «Бэ зыгъэшІагъэ нахьи бэ зылъэгъугъ» аІуагъ тижъыхэм. Ар шъыпкъэ дэд. Хэтрэ цІыфи нахьыбэ зэрилъэгъуным, ихэгъэгу апэ зэритэу амал зэриІэкІэ къызэриплъыхьащтым пылъын фае. Пстэумэ анахьэу поэтым ищыкІагъ ар. Сэ Болгарием, Румынием, Венгрием, Югославием, Польшэм, Сирием, Турцием сащыІагъ, ахэмэ сызэращыІагъэр хьаулыягъэп. Нэмыц чІыналъэм къыщыслъэгъугъэхэми, Іо хэлъэп, сыгу усэ сатырыбэ къыщагъэущыгъ. Джы ахэмэ шъошэ гъэнэфагъэ ястыжьын симурад.

– *Гъогум утетми уипшъэрылъ узэрэфэшъыпкъэм тхылъеджэхэр дэгъоу щыгъуазэх. Джы непэ Іоф зыдапшІэрэмэ уакъытегущыІагъэмэ дэгъугъэ.*

– Аужырэ лъэхъаным стхыгъэ усэхэр зыдэт тхылъэу «Жъогъо лъагэм инэфыпс» зыфиІорэр бэшІагъэп къызыдэкІыгъэр. РСФСР-м и Къэралыгъо премие къызэрэсатыгъэ тхылъэу «Щедрое солнце полдня» зыфиІорэр Москва къыщыдэкІыжьыгъ. Джыдэдэм «Гощэунай» зыфиІорэ романым Іоф дэсэшІэ. Адыгэ бзылъфыгъэр Октябрэ революцием зэрэхэлэжьагъэр, ар къызэриухъумагъэр тхылъым темэ шъхьаІэу иІ. Ащ ыужи гухэлъыкІэхэр щыІэх…

*ДэгущыІагъэр Лъэпцlэрышэ Хъалид,*
*1983-рэ илъэс*

## Зы шы пае шишъэ псы ешъо

Тидунай щыпсэурэ цІыф лъэпкъ пэпчъ къырыкІуагъэм фэдэ къабзэу цІыф лъэпкъым итарихъ ямышІыкІэу, къатыбэу зэтелъэу гъэпсыгъэ.

Советскэ литературэм и Мафэхэр Казахстан щыкІощтыгъэх. ЗэІукІэгъу пчъэгъабэхэр тпэкІэкІыгъэхэу, писательхэмкІэ Алма-Ата тыкъекІолІэжьыгъагъ, кІэух мэфэкІым тыхэлэжьэным пае. Пчыхьэм республикэ пшІыкІутфымэ къарыкІыгъэ хьэкІэ лъапІэхэр мэфэкІ Іанэм рагъэблэгъагъэх, мыщ дэжьым союзнэ къэралыгъомрэ литературэмрэ чІыпІэу ащаубытырэм елъытыгъэу хьакІэхэр Іанэм пагъэтІысхьэгъагъэх. Яцlыфышъхьэ пчъагъэкІэ зэгорэм лъэпкъышхо хъущтыгъэхэми, джы ячІыгужъ къинэгъэ лъэпкъ макІэм сызэрилІыкІор зэхасшІэзэ, сэри ІэнакІэм сыпысыгъ.

Казахстан иІэшъхьэтетэу Динмухамед Кунаевыр, ар дэдэр ары мэфэкІ Іанэр зезыщэщтыгъэри, хьакІэ пэпчъ гущыІэ езытыщтыгъэри. Нэбгырэ шъэныкъом къыщимыкІэу зыпэсыгъэ Іанэм шхын хэшыпыкІыгъэхэр темыфэжьэу тизыгъ. Хэти сэ гу къыслъитэщтыгъэп, сигупшысэхэми зыгори агъэгумэкІыщтыгъэп. Сэ хъохъу къэзыІорэмэ сядэІущтыгъ.

Пчыхьэзэхахьэр ыкІэм факІощтыгъ. Писательхэм зэкІ пІоми хъунэу яхъохъу гущыІэхэр къаІуагъэх. Къырагъэблэгъагъэхэм ащыщэу аужырэми гущыІэр рати, къэгущыІагъ. Сэрэп, фэшъхьаф къызэратыгъэр. Мыщ дэжьым семыгупшысэн слъэкІыгъэп: «Джары умакІэмэ, утхьамыкІ» зыкІаІорэр.

Ау мары Кунаевыр джыри къэтэджы, хьакІэхэр къызэпеплъыхьэх. «Енэгуягъо, кІэух псалъэ къышІынэу къэтэджыгъэкІэ»,– сегупшысагъ сэ. Ау ащ къыІуагъэм сшъхьэ къысигъэпхъотагъ.

– ТихьакІэмэ ащыщ сэ джыри гущыІэ естымэ сшІоигъуагъ,– Кунаевым ыпашъхьэ ралъхьэгъэ тхылъыпІэ цІыкІур къештэшъ, шъабэу ІущхыпцІыкІызэ къытхэплъэ.– Шъыпкъэ, ежьыр арэп къыкІэлъэІурэр, иныбджэгъухэр ары ар къэгущыІэмэ зышІоигъор. ГущыІэр зэстынэу сызыфаер тихэгъэгушхо щыпсэурэ лъэпкъ цІыкІухэм ащыщым илІыкІоу Мэщбэшlэ Исхьакъ ары. Сыхэмыукъорэмэ, ар къызыдикІыгъэр Краснодар краим ит Адыгэ автоном хэкур ары.

– ЗэкІэ Кавказым къикІыгъэхэм къэтэджынхэу сялъэІу,– ермэл писателэу Серго Хазандян мэкъэ ІэтыгъэкІэ къэджагъ. Игъуи сифагъэп сэ, зэраІо хабзэу, зыкъэсшІэжьынэу, мыдкІэ Грузием, Азербайджан, Арменией ЯПисатель цІэрыІохэр къызэхэтэджагъэх.– КъышъоcІощт сэ сичІыпІэгъу-кавказцэхэм къэтэджынхэу сызыкІяджагъэр,– къариІуагъ Хазандян.– ЗэкІэми шъо джыдэдэм зэхэшъухыщт Кавказ лІыхъужъым итарихъ ымакъэ. ЦІыф

лъэпкъ цIыкIукIэ заджэхэрэм илIыкIоу Мэщбэшlэ Исхьакъ – адыгэ-черкес, зыкъори лъэпкъ цIыкIоп – зэгорэм цIыф лъэпкъ иныгъ, дунаим ицIыф лъэпкъ анахьыжъмэ ащыщ. Шъхьафитыныгъэр шlу зэралъэгъурэм, ялlыхъужъныгъэ, ягупытагъэ апае адыгэ-черкесхэр Кавказым ынапэкIэ, ирыцарьхэкlэ алъытэх. Джары сыкъызытегущыlэгъэ цIыф лъэпкъым тиблэкIыгъэ тарихъ шъхьэкlафэу щыфашlырэм ишыхьатэу сичlыпlэгъу-кавказцэхэр къэтэджынхэу сызыкlяджагъэр.

Адыгэхэм шъыпкъэу аlуагъ: «Зы шы пае шишъэ псы ешъо». Сыушъэфырэп зэхэсхыгъэр гуапэ зэрэсщыхъугъэр, сызыщыщ адыгэ-черкес лъэпкъым ащ фэдэ шъхьэкlафэ къызэрэфашlыгъэм сигъэгушхуагъ. Шъыпкъэмкlэ, сыгу къэкlыжьырэп хъохъу гущыlэу къэсlуагъэхэри. Ау тадэжь гъогум сыкъызытехьажьым, сикъэкlожьыфэкlэ сшъхьэ имыкlэу сызэгупшысэщтыгъэр адыгэчеркес лъэпкъым къиныбэ зыщилъэгъугъэ итарихъ тхьамыкlэгъо гъогу ары...

*1984-рэ илъэс*

## Тибаиныгъ

*РСФСР-м иписательхэм яя VI-рэ зэфэс къыщиlуагъэ псалъэр*

Совет хабзэр агъэуцугъакlэу В.И. Лениным ыlогъагъ: «Лъэпкъ пэпчъ зыми емыпхыгъэу, шъхьафитэу хэхъоныгъэ ышlынымкlэ, ахэмэ ащыщ пэпчъ ежь иныдэлъфыбзэкlэ илитературэ иlэнымкlэ, ащ зиушъомбгъунымкlэ амалэу тиlэм елъытыгъэу lэпыlэгъу тыфэхъу». Тежъугъэгупшыс джыри зэ: ахэмэ ащыщ пэпчъ ежь иныдэлъфыбзэкlэ. А гущыlэхэр lоф зэшlохыгъэ гъэнэфагъэу хъугъэх, лъэпсэ пытэ афашlыгъ, неущырэ мафэ зэряlэщтыми тицыхьэ телъ. А гупшысэр лъигъэкlуатэрэм фэдэу Максим Горькэм письмэу Ромен Роллан фитхыгъэм къыщиушыхьатыщтыгъ: «Кавказым инародхэм, черкесхэм, осетинхэм, литературэ ныбжьыкlэ яlэ мэхъу. Сицыхьэ зытелъыр писатель, прозаик, поэт шъэ пчъагъэу джы тхэхэу езыгъэжьагъэхэр илъэситф-пшlыкlэ стилист пшъхьапэ зэрэхъущтхэр ары».

Писателышхом игущыlэхэр къэшъыпкъэжьыгъэх: шъуяплъ тхьапш хъухэра «стилист пшъхьапэу» – поэтхэу, писательхэу, драматургхэу народхэм яlэ хъугъэхэр. Ахэр аварцэу Расул Гамзатовыр, бэлъкъарэу Къайсын Кулиевыр, адыгэхэу Кlышъэкъо Алим, Кlэрэщэ Тембот, Охътэ Абдулахь, къалмыкъэу Давид Кугультиновыр, осетинэу Максим Цагараевыр, зэлъашlэ хъугъэ фэшъхьаф писательхэу лъэпкъ художественнэ гущыlэм фэlэпэlасэхэу lэужъ пстэуми ащыщхэр. Непэ тэ, лъэпкъ макlэхэм ялlыкlохэм, къэтlон тлъэкlыщтыр тиискусствэ, тихудожественнэ псалъэ къызэрэкlэжьыгъэхэр ары.

Адыгэ лъэпкъым илитературэ непэ иlэр зыпкъ иуцогъэ идейнэ-художественнэ организмэу щыт, ащ къегъэлъагъо тилъэхъан ицlыфхэм ядуховнэ щыlэныгъэ, ащ инамыс дунай зыфэдэр.

Пшызэ шъолъырым иписательхэмрэ тэрырэ мы чlыгу гъэбэжъулъэу тызыщыпсэурэм тlэ зэкlэдзагъэу, зэныбджэгъу, зэкъош шъыпкъэхэм афэдэу тыщэпсэу. Виктор Лихоносовым, Иван Вараввэ, Анатолий Знаменскэм, Виталий Бакалдиным, Виктор Логиновым, Борис Тумасовым, фэшъхьафхэми ятворчествэ тырэгушхо. Лъэпкъ культурэхэм хэхъоныгъэ ашlыным, нахь зэпэблагъэ зэрэхъунхэм, ахэмэ зэпхыныгъэхэу зэдыряlэхэр нахь зэрэпытэхэрэм яшlуагъэкlэ ахэр нахь зэрэгъэбаижьых.

КъокlыпlЭ Благъэм ихэгъэгухэм ащыпсэурэ адыгэхэм заулэрэ саlукlэнэу хъугъэ. Фэшъхьаф социальнэ, политическэ, анахьэу сэ ар хэзгъэунэфыкlымэ сшlоигъуагъ,– духовнэ щыlэкlэ-псэукl ахэр зыхэтхэр. Хэхэсхэу ахэр зыщыпсэурэ хымэ хэгъэгухэм лъэпкъ культурэ зэрэщырямыlэм имызакъоу, къызэрэхъугъэхэр къэзыушыхьатырэ тхылъэу къаратырэм зыщыщ цlыф лъэпкъыр рарагъэтхэн фитхэп. Ащ елъытыгъэу ары тихэгъэгу щыпсэурэ лъэпкъ макlэхэм афэгъэхьыгъэ зэхъокlныгъэшхоу ашlыгъэхэм шlогъэшхоу апылъыр анахьэу къызыбгурыlорэр. Тэ, Урысыем илитературэ ныбжьыкlэхэм ялlыкlохэу мы зэфэсым

хэлажьэхэрэм, зэкӀэми типшъэрылъэу къэуцурэр художественнэ псалъэм ишэпхъэ лъагэу тызылъыӀэсыгъэм тыкъыщымыуцуныр, тызыщытхъужьэу зытымыгъэбэлэрэгъыныр, зэкӀэри тэ къыддэхъугъахэу, ткӀуачӀи изэу къызышӀотымыгъэшӀыныр ары, сыда пӀомэ бэ джыри Ӏоф зыдэтшӀэн фаеу тапэ илъыр. Сэ сыкъызытегущыӀэмэ сшӀоигъуагъэр, сишӀошыкӀэ мэхьанэшхо зиӀэ, зизэшӀохыгъо хъугъэ Ӏофыгъо заулэхэу, анахьэу литературэ ныбжьыкӀэхэм афэгъэхьыгъэхэр ары. А Ӏофыгъохэр зэшӀохыгъошӀухэп, игъэкӀотыгъэу, куоу ахэмэ атегущыӀэгъэн фае. КъызгурэӀо мы зэфэсым ахэр щызэшӀопхынхэ зэрэмылъэкӀыщтыр, ау бэшӀагъэ ахэмэ язэшӀохыгъо зыхъугъэр.

Хъугъэ-шӀагъэхэм, ахэмэ ахэлэжьэгъэ цӀыфхэм яхьылӀагъэу тызэрэтхэщтым тэ зыфэдгъэсагъ. ЕтӀанэ, лъэпкъ тарихъым изэман щыщ е къыхэхъухьэгъэ хъугъэ-шӀагъэ горэм ехьылӀагъэу амытхыгъэу гу зылъыттэрэм, ащ лъыпытэу тыпэтӀысхьэшъ, ахэмэ ахэлэжьэгъэ цӀыфхэр къэтэтхыхьэх, ары шъхьаем, а тхыгъэхэм ахэбгъуатэрэп тарихъым идрамэрэ ащ хэлэжьэгъэ цӀыфхэм къяхъулӀэгъэ шъыпкъэмрэ. Титхылъхэмэ къащыгъэлъэгъуагъэ хъурэп художественнэ гупшысэ куур. Ар къэбгъэлъэгъон зыплъэкӀыщтыр ежь цӀыфым ышъхьэкӀэ къехъулӀэгъэ тхьамыкӀэгъошхор, щыӀэныгъэм къыхэхъухьэрэ социальнэ, психологическэ, нравственнэ хъугъэ-шӀагъэхэр къызэӀупхыхэ зыхъукӀэ ары.

Классикхэм яӀофшӀакӀэ зыфэтэгъасэу тэ тэӀо. Классикэр пштэмэ, къагъэлъагъорэр зэкӀэ зэпхыжьыгъэр драмэр ары – шъуяплъ Достоевскэм, Толстоим, Шевченкэм, Горькэм, Шолоховым, Фадеевым, Табидзе, Исаакян, Вургун ятхыгъэхэм. Драмэ зыхэлъ ублапӀэ щымыӀэмэ, тхылъыр къадэхъугъэп, сыда пӀомэ драматизмэр иӀэубытыпӀэу писателым щыӀэныгъэр, цӀыфхэм къарыкӀуагъэр анализ ешӀых, политическэ, социальнэ, духовнэ щыӀэныгъэр къегъэлъагъо.

ЛӀэшӀэгъу пчъагъэм зэӀугъэкӀэгъэ духовнэ, нравственнэ байныгъэ зэрэтиӀэр къеушыхьаты урыс, украинскэ, среднеазиатскэ, прибалтийскэ, кавказ, кӀэкӀэу къэпӀон хъумэ, советскэ прозэм. Адэ непэрэ прозэм а игъэхъэгъэшхохэр литературэ ныбжьыкӀэ пстэуми къызыфагъэфедэха? СыдигъуиI къызыфагъэфедэх пӀон плъэкӀыщтэп. ЕтӀани тэ классикхэм яӀофшӀакӀэ щысэ тетэхэу тэӀо. Сыда ащ ыуж хъурэр? А зы Ӏофыгъо дэдэм ехьылӀагъэу а зы тхэкӀэ дэдэмкӀэ тызэрэтхэрэр лъытэгъэкӀуатэ. Мары тыкъызыфакӀорэри: сигъунэгъу Ахьмэд ехьылӀагъэу роман сэтхы, сыда пӀомэ адырэ сигъунэгъу Ибрахьимэ ехьылӀагъэу стхыгъахэ. ТӀэкӀу есэгъэхъункӀи мэхъу, ау писатель зырызхэм атхыгъэхэм загъорэ ащ фэдэхэр ахэплъэгъон плъэкӀыщт.

Тилитературэхэм дэеу къахафэрэм щысэ тетхэу макӀэп къызэрэхэкӀырэр. Анахьэу ар къызыхэщырэр поэзиер ары. Усэхэм уяджэ зыхъукӀэ, ятеплъэ-плъышъокӀэ мэхьанэшхо зэратызэ атхыгъэ поэзием фэдэх, дэхэкӀаеу зэгъэкӀугъэ, Ӏофыгъо инхэм къатегущыӀэхэуи къыпщэхъу, ау, зытет шъыпкъэмкӀэ, ар поэзиеп. Джа мыпоэтическэ поэзием фэдэр ары джы жъугъэу къыхаутырэр. Джа усэхэм гуфаплъэу узахаплъэрэм, къин къыпщымыхъоу уапхырыплъын олъэкӀы. Критикэм ащ фэдэ поэзиер философскэу, интеллектуальнэу елъытэ. Арэу къычӀэкӀын а усэхэр тхылъеджэмэ къагурыӀонхэр хэгъэкӀи, компьютер Ӏушыми а усэм игупшысэ зыдаорэр къыгъотын ылъэкӀынэп. Поэтым мэхьанэ гъэнэфагъэ хэлъэу зыгорэ къыӀон ыгу хэлъымэ, ар зэкӀэми къагурыӀон алъэкӀэу, купкӀи иӀэу къэӀогъэн фае. Ау къаӀон зэрамыгъотылӀэжьы зыхъукӀэ, къаӀомэ ашӀоигъор телъэшъуагъэу, «интеллектуальнэу» къызэхатхыхьэ, къагурымыӀомэ – талант хэлъэу тхыгъэ аӀоным пае. Пушкиным, Лермонтовым, Тютчевым, Маяковскэм, Есениным, Твардовскэм, сэ силъэпкъэгъу цӀэрыӀохэу Хьаткъом, ШэуджэнцӀыкӀум, Теуцожьым, ПакӀэм мэхьанэ куу иӀэу, ащ дакӀоуи шъыпкъагъэ хэлъэу зэрэтхэщтыгъэхэм ишӀуагъэкӀэ къаӀэкӀэкӀыгъэхэр гурыӀогъошӀу, джары ахэр кӀытилъапӀэхэр.

Писателымрэ тхылъеджэмрэ япшъэдэкӀыжьи сыкъытегущыӀэмэ сшӀоигъуагъ. Сэ сишӀошыкӀэ, тилитературэ ныбжьыкӀэхэм хэгъэгум итхылъеджэхэм нахь псынкӀэу зарагъашӀэмэ ашӀоигъоу ятхыгъэхэр урысыбзэкӀэ зэрарагъэдзэкӀых. Арэущтэу зэрашӀоигъом пае уащытхъун фае, ащ зыпари мыхъун хэлъэп. Ау аущтэу пӀон зыплъэкӀыщтыр ныдэлъфыбзэкӀэ тхыгъэхэр ежь ятхылъеджэхэм агу рихьы-

гъэмэ ары. Джащыгъур ары ныIэп талант шъыпкъэ зыхэлъ тхылъ дэгъухэм гъогур афызэIухыгъэ зыхъущтыр.

Сипсалъэ къэсыухызэ къасIомэ сшIоигъор сыдигъуи уисэнэхьат удэмышъхьахэу, нахьышIоу, нахь куоу пIэ къызэрибгъэхьаным зыфэбгъэсэныр ары. Драматическэ хъугъэ-шIагъэу щыIэныгъэм къыхэхъухьэхэрэр къызыгурыгъэIогъэнхэм, ахэр къэгъэлъэгъогъэнхэм зафэбгъэсэн, о уапэкIэ атхыгъэ, агъэпсыгъэ духовнэ кIэныр пIэ къибгъэхьаным пае тхэкIо инхэм зышъхьамысыжьыхэу Iоф зэрашIэщтыгъэм щысэ тепхын фае. Арымырмэ, литератор горэм ыIощтыгъэр ары къыохъулIэщтыр: «ЯмышIыкIэу сытхэу сыхъуным пае сэ хэти ытхырэм седжэрэп».

*1985-рэ илъэс*

## БлэкIыгъэ лъэхъаныр шъыпкъагъэ хэлъэу къагъэлъагъуа?

Сызэрэписателым елъытыгъэу сиадыгэ лъэпкъ фэгъэхьыгъэ гупшысэхэм, лъэхъанэу къызэринэкIыгъэм, ыпэкIэ къыпыщылъым, итарихъ фэхъугъэ къэгъэзапIэхэм самыгъэгумэкIын слъэкIырэп. Адыгэхэр гъогу мыпсынкIэкIэ Урысыем зэрэфэкIуагъэхэр зэп сэ къэсIонэу зэрэхъугъэр. Кубанскэ къэралыгъо университетым идоцентхэу Г. Шевченкэмрэ В. Громовымрэ ястатьяу «Объективно оценивать прошлое» зыфиIорэр джырэблагъэ гъэзетэу «Советская Кубань» къырагъэхьагъэм сишIошI гущыIэ къесIуалIэ сшIоигъу: «Дунэе хэгъэушъхьафыкIыгъэп тэ тызыщыпсэурэр, тызэгъусэу щыIэныгъэ гъогоу къэткIугъэмкIэ зэкIэми тэ тызэпхыгъ,— ахэмэ къатхы.— Тэрырэ УрысыемрэтапэкIэ къытэрыкIощтыр зэгопхын плъэкIыщтэп». ШъыпкъэмкIэ, Октябрэшхом ыуж зы адыгэ горэми къырыкIощтыр Урысыем емыпхыгъэу, ащ зэкъош-зэблэгъэныгъэу дыриIэм кIэрычыгъэу къызышIуигъэшIын ылъэкIыщтэп…»

Ау непэрэ Урысыем фэшъхьафэу нэмыкI пачъыхьэ Урысыий щыIагъ. Лениным зэриIощтыгъэу, «народхэм яхьапсыгъэр» Урысыер ары. А пачъыхьагъу Урысыем бэ тхьамыкIагъоу цIыфхэм къафихьыгъэр. Ащ илъэбэкъу пэпчъ зыфэгъэхьыгъагъэр цIыфлъэпкъхэм ашъхьащыкIонымрэ ыгъэпщылIынхэмрэ ары. Ащ тхьамыкIагъо къызыфихьыгъэхэм адыгэ лъэпкъри ащыщ. Тарихъ гъогоу ащ къыкIугъэм анахь пычыгъо тхьамыкIагъоу къыхэфагъэр я XIX-рэ лIэшIэгъум щыIэгъэ Урыс-Кавказ заор ары зэпхыгъэр. Сэ сишIошIыкIэ, шIэныгъэлэжьмэ пшъэрылъэу зыфагъэуцужьыгъэр а лъэхъанэу Урыс-Кавказ заом ехьылIэгъэ Iофыгъом диалектическэу хэплъэгъэн фаеу ары. Дэгъу, тыкъезэгъы. Ау диалектикэм къыдилъытэрэр сыд фэдэрэ хъугъэ-шIагъэми анахь мэхьанэ зиIэр къыхэгъэушъхьафыкIыгъэнэу ары. Пачъыхьагъум иполитикэкIэ анахь мэхьанэ зэратыщтыгъэр колониальнэ заоу къегъэжьэгъэнэу ары. Пачъыхьагъум ылъэныкъокIэ ар техэкIо, зэфэнчъэгъэ зэуагъ. Адыгэмэ алъэныкъокIэ ар яшъхьафитныгъэ, ячIыгу, яунэ къэухъумэгъэнхэм фэбэнэрэ зэо тхьамыкIэгъуагъ. Узыфызэнэкъокъун умылъэкIыщт шъыпкъэу ар щытыми, зыфэшIыри къыбгурымыIонэу, рецензентхэм ащ «гу лъатэрэп», зыхэдэн алъэкIын гори адыгэхэм къафагъанэрэп, «Тыркуер арымырэу», «Урысые пэрытым» гъусэ фэхъунхэ фэягъэу аIо. Черкесием щыхъу-щышIэщтыгъэхэм К. Маркс къалъыплъэщтыгъэ. Мары ащ ытхыгъагъэр: «ЗэрэхъурэмкIэ, Черкесиер Тыркуем къыIихынэу Урысыем фитныгъэ иIагъэп. АдырэмкIэ, Тыркуеми ежь иIэрылъхьэу щымытыгъэр Урысыем ритын ылъэкIынэу фитыгъэп».

А лъэхъаным дунаим ихэгъэгу зэфэшъхьафхэм ащыщ цIыф пэрытыбэхэм пачъыхьагъум техэкIо-цунтхъэкIо заоу Черкесием щишIырэр емыкIоу алъэгъущтыгъ, зишъхьафитныгъэ фэбэнэрэ адыгэхэм агу къафэгъущтыгъ, ау рецензентхэм ащи игугъу къашIыгъэп, ащкIэ гъэзетым еджэхэрэр гъэнэфагъэу агъэшэхъугъэх. ГущыIэм пае, рецензие зэрашIылIэгъэ тхылъым дэтмэ ащыщ шъхьэм иавторэу КIэрэщтэ Аслъан адыгэхэм яшъхьафитныгъэ къаухъумэжьыным ычIыпIэкIэ пачъыхьагъум пхъэшащэу пэуцужьыгъэхэу ары ыIорэр. Сэ зи хэсымыгъэзэу а шъхьэм седжагъ, ау ащ фэдэ «шIошI» хэслъэгъуагъэп. Iофыр зытетыр фэшъхьаф шъыпкъ — а шъхьэр зытхыгъэ А. КIэращэм заулэрэ зэрэкIигъэтхъыгъэмкIэ, «пачъыхьагъум

пэшӀуекӀорэ бэнэныгъэм яшъхьафитныгъэ къыщаухъумэзэ, адыгэхэм фэшъхьаф гъэпщылӀакӀохэми афэӀорышӀэн агу хэлъыгъэп».

Сыдми, сэ къызэрэсшӀошӀырэмкӀэ, рецензентхэм пшъэрылъ зыфагъэуцужьыгъ пачъыхьагъум техэкӀо политикэу Черкесием щызэрихьагъэр аухыинэу. Ар ягухэлъэу ахэмэ агу римыхьырэ фактхэр хаушъафэзэ, ежь яшӀошӀыкӀэ нахь анаӀэ зытырагъэтын фаехэр къыхагъэпӀыикӀых. ЗэкӀэ къызэлъызыубытырэ Ӏофыгъор Ӏоф цӀыкӀу-шъокӀухэмкӀэ зэблахъу. ГущыӀэм пае, пачъыхьагъу Урысыем экономикэм ылъэныкъокӀэ адыгэхэр амалынчъэу къызэридзыхьэгъагъэм къытегущыӀэзэ, ахэмэ ащкӀэ телъхьапӀэу алъытэрэр адыгэхэмкӀэ шъхьакӀо: а блокадэр цӀыфхэмкӀэ сатыу зэрашӀыщтыгъэм пэрыохъу фэхъущтыгъ, ащ адыгэхэм шӀуагъэ къафихьыщтыгъэу аӀо. А лъэхъаным цӀыфхэмкӀэ сатыу зэрашӀыщтыгъэр хэти щигъэзыерэп, адыгэхэм язакъоп цӀыфхэр зыщэщтыгъэхэр, Урысыем имэкъумэщышӀэ шъхьафитынчъэхэри ахэмэ ащыщыгъэх (тыгу къэдгъэкӀыжьын Гоголым ытхыгъэ «Мертвые души» зыфиӀорэр). Ауми, цӀыфхэмкӀэ сатыу зэрашӀыщтыгъэм кӀэух фишӀыным пае пачъыхьагъум Черноморскэ линиер аригъэгъэпсыгъагъэ фэдэу непэ шӀэныгъэлэжь-историкхэм зэратхырэр нэхъоинчъагъ. Шъыпкъэр фэшъхьаф — тхылъыми ар къыщеӀуатэ — егъашӀэми а чӀыгум щыпсэущтыгъэхэр игъэкӀодыкӀыгъэнхэми къыщымыуцухэу, ахэр зыщыпсэухэрэр дзэ кӀуачӀэкӀэ зыӀэкӀэубытэныр арыгъэ. А блокадэмрэ заомрэ апкъ къикӀыкӀэ Тыркуемрэ фэшъхьаф хэгъэгухэмрэ сатыу адашӀын зымылъэкӀыщтыгъэ къэлэдэс феодалхэм язакъоп зэрар зыхьыщтыгъэхэр,— зэкӀэ адыгэ лъэпкъыр къин хэфэгъагъ. УпчӀэ къэуцу — хэта а лъэхъаным пачъыхьагъу Урысыем ӀэкӀыб хэгъэгухэм сатыу адэзышӀэу исыгъэр? МэкъумэщышӀэхэр ара? ЦӀыф къызэрыкӀо жъугъэхэр ара? Хьау, тыдэкӀи зэрэщыщытым фэдэу, тетыгъор зыӀэ илъ классхэр ары. ГъэшӀэгъоныр тарихъым анахь къызэрыкӀоу тызыфигъасэрэр шӀэныгъэлэжьхэм зэращыгъупшагъэр ары.

«Абстрактнэ шъхьафитныгъэм» зэрэфэбанэщтыгъэхэм пае адыгэхэр аумысыхэзэ, «тарихъымкӀэ ищыкӀагъэу ар зэрэщытыгъэм» рецензентхэм зырагъэукӀыхьэзэ къытегущыӀэх, къырагъэкӀузэ ахэр даушыгъэкӀэ зыфалъэгъужьых. Ау а еплъыкӀэм урыгъозэн зыхъукӀэ, хымэ техакӀохэм защиухъумэным ифитныгъэ цӀыфлъэпкъ пэпчъ Ӏыхыгъэн фаеу хъущт. ЕтӀани, гъунэнчъэу зицӀыфышъхьэ чӀэзынагъэм ащ фэдэ гущыӀэхэр епӀуалӀэхэ хъуна? ШӀэныгъэлэжьхэм гъэзетым еджэхэрэм ашӀошъ агъэхъумэ ашӀоигъоу атхырэр зыпарэкӀи пэмыуцужьхэу адыгэхэм пачъыхьагъу Урысыем зыратынхэ фэягъэу, насыпэу къапыщылъыр щагъэзыенкӀэ къэнэгъагъэр макӀэу ары. КъызэрэпшӀошӀырэр лӀэшӀэгъуныкъокӀэ Октябрэшхор Урысыем къызэрэфэсыщтыр зыгорэм ышӀэщтыгъэм фэд. Урыс дзэкӀолӀхэу пачъыхьэм Кавказым къыгъэкӀуагъэхэу заом щыфэхыгъэхэм сыд фэдиз шъхьэкӀафэ афэтэшӀыми, ахэмэ тхьамыкӀагъоу къяхъулӀагъэмрэ адыгэ лъэпкъым лъэпсэкӀодышхоу къыфахьыгъэмрэ зэфэбгъадэхэ-зэпэпщэчыхэзэ уакъытегущыӀэ хъуна? Аужыхэрэм ятхьамыкӀагъо кӀэухэу фэхъугъэр Тыркуем егъэзыгъэкӀэ икӀынхэ фаеу зэрэхъугъагъэр ары. Джа тарихъ хъугъэ-шӀагъэр адыгэхэм якъаигъагъэрэ оркъдин Ӏэшъхьэтетхэм ячыжьэмыплъэрэ атыралъхьэ. Я II-рэ Александр пачъыхьэм адыгэхэм закъыфигъазэзэ, мары къариӀогъагъэр: «...Мэзэ пӀалъэ шъосэты: Пшызэ шъолъыр шъокощы е Тыркуем шъуекӀы...»

Джары адыгэхэм ятарихъкӀэ къяхъулӀэгъэ шъыпкъэр зыфэдэр, лъэшэу ящыкӀагъ ар адыгэхэми, урысхэми, нэмыкӀ цӀыф лъэпкъхэу краим щыпсэухэрэми. А шъыпкъэм жъы хъугъэ шапхъэхэмрэ екӀолӀакӀэхэмрэ щигъэзыехэзэ, шӀэныгъэлэжьхэм гъэзетым щыпхыращы. Джырэблагъэ Грознэм пачъыхьэм игенералэу Ермоловым исаугъэтэу дэтыгъэр дахыжьыгъ. Темыр Кавказым икъушъхьэчӀэсхэм яшъхьафитныгъэ фэгъэхьыгъэ бэнэныгъэу ашӀыщтыгъэм иӀофыгъохэм афэгъэхьыгъэ Всесоюзнэ конференцие Дагестан щырагъэкӀокӀыгъ. Тарихъым пылъ шӀэныгъэлэжь инхэм а Ӏофыгъом еплъыкӀэу фыряӀэр нахьыбэрэмкӀэ зэтефэ: пачъыхьагъум техэкӀо политикэу Темыр Кавказым щызэрихьэщтыгъэр ары яшъхьафитныгъэ фэгъэхьыгъэ бэнэныгъэ адыгэхэм ашӀыныр анахьэу зыпкъ къикӀыгъэр.

ГухэкӀ нахь мышӀэми, краснодар тарихълэжьхэм яӀофшӀэгъабэхэр зэрагъэпсыгъэм къызэригъэлъагъорэмкӀэ, ахэмэ яеплъыкӀэхэр макӀэ зэрэзэблахъугъэхэр, тарихъым

иобъективнэ фактхэм яуцолIэнкIэ фаехэп. Перестройкэм илъэхъан а екIолIакIэр сэ лъэшэу щынагъоу къысщэхъу. Лъэпкъ зэфыщытыкIэхэм зэгурымыIоныгъэхэр, зэпэуцужьынхэр къащежьэнхэм ар къэкIуапIэ фэхъун ылъэкIыщт. Ащи къыщымыуцухэу, фэшъхьаф еплъыкIэ-екIолIакIэ горэм гу зэрэлъатагъэм лъыпытэу, кIагъэгъожьынхэм пылъхэу Iэдэбынчъэу къажэхэхьэх. Джары зэрэхъугъагъэр хы ШIуцIэ Iушъом Iут къалэхэм яюбилей цыхьэшIэгъуджэхэр хагъэунэфыкIыхэу къызырагъажьэм, Адыгеим иобщественность ахэр ыгу зыкIыримыхьыгъэхэр. Тарихъым изэгъэшIэн пылъ шIэныгъэлэжь купым истатьяу гъэзетэу «Советская Кубань» къыхиутыгъэр, зытет шъыпкъэмкIэ, партийнэ, советскэ орган заулэхэм а лъэбэкъу пхэнджыр игъоу алъэгъугъ. Нахьыпэми фэдэу, пачъыхьэм итехакIохэм ацIэхэр цIыф псэупIэхэм зэрафаусыгъагъэу къэнэжьых, саугъэтхэр ахэмэ афагъэуцух, ахэмэ зэрахьэгъэ лIыхъужъыгъэхэр экскурсоводхэм къаIуатэх. Зишъхьафитныгъэ къэзыухъумэщтыгъэхэр арымэ, ахэмэ ягугъу къашIыхэрэп е, «Сочи – курорт» зыфиIорэ тхылъым зэритхагъэу, ахэр къызытекIыгъэхэр укIыным, цIыфылыр ашхыным афэщагъэ цIыфыгъэх. Шъыпкъэр арэущтэу нэхъоинчъэу къызэрагъэлъагъорэм Краснодар щыщ тарихълэжь гори пэуцужьыгъэп. ШытхьалэкъыщыдэкIырэ гъэзетым, ащи къыщымыуцоу, пачъыхьэм изэолIхэм – «Кавказыр шъхьафит зышIыжьыгъэ лIыхъужъхэм» якъэунэ дэжь щыт пионерхэм ясурэт къыихьагъ.

Тарихъым ишъыпкъагъэ унагъо пэпчъ щарамыгъашIэмэ, цIыфлъэпкъхэм язэблэгъэныгъэ-зэкъошныгъэ зэщызыгъакъорэ зекIуакIэхэм тащыухъумагъэ хъущтэп. ТызыгъэгумэкIырэр гомыIу зекIуакIэхэм игъом политическэ уасэ афамышIэу къызэрэхэкIырэр ары. Сэ сшIогъэшIэгъоныр лъэпкъ зэфыщытыкIэхэм къахэфэрэ зэшIонэныгъэхэм хэкIыпIэ къафагъотыным яшъыпкъэу зыщылъыхъухэрэ уахътэм тефэу тхылъым ехьылIэгъэ рецензиер къызэрэхаутыгъэр ары. А политическэ дискуссиер зэрэкIорэм епхыгъэу къэIогъэн фаер лъэпкъхэр зэфэнчъэу зыщызэфыщытыгъэхэ, зы лъэпкъым адырэ лъэпкъыр ыщыIэн ымылъэкIэу, ятарихърэ якультурэрэ куп горэм ифедэ «шапхъэхэм» арагъэуцонхэм зыщыпылъыгъэхэ лъэхъаныр зэрикIыгъэр ары.

ЦIыф лъэпкъыбэхэм ятарихъ ехьылIэгъэ къэбар шъыпкъэр перестройкэм цIыф жъугъэхэм, хэгъэгум аригъэшIагъ. Сэ сишIошIыкIэ, адыгэхэм ятарихъ ехьылIагъэу щыIэ шъыпкъэм тапэкIэ ышъхьэ къырахыныр тефэ. Джары объективнагъэр зыфэдэр, ар къыдэмылъытэу тикрай щыпсэурэ цIыф лъэпкъ зэфэшъхьафхэм язэкъош-зэблэгъэныгъэ бгъэпытэн плъэкIыщтэп.

*1985-рэ илъэс*

## Тишъхьафитыныгъэ ищыIэныгъ

*Уахътэм ичъэ псынкIэ дэд. МэщбэшIэ Исхьакъ ироманыкIэу «Бзыикъо заом» иIэпэрытх инэкIубгъохэр зэпырыдгъазэу тызыщысыгъэр бэшIагъэп. Джыри мары Iэпэрытхыкlэ ыпашъхьэ илъ. Ащ ыцIэр «Гощэунай». А IофшIэгъэшхуитIур зэрэзэпхыгъэхэм нахь кIэсаIоу тыкъытегущыIэщт. Джы апэрэ упчIэр тхакIом есэты.*

*– Исхьакъ Шумафэ ыкъор, сыда писателым игузэхашIэхэр мыщ фэдэ такъикъхэм зыфэдэхэр: IофшIэгъэшхор ухыгъэ хъугъэ, Iэпэрытх хьазырыр уистол телъ, ау ар авторым джыри бгъодэкIынэу игъо ифагъэп, ежь иунэе щыIэныгъэ ригъэжьагъэп, тхылъ пэпчъ къызэрехъулIэрэм фэдэу, ежь къырыкIощтыр къыхихыгъэп…*

– Къин зытырилъэгъогъэ IофшIэгъэшхор зыухыгъэ цIыфым зэхишIэрэр ары сэри зэхасшIэрэр. Ау щытми, стхыгъэм сыфэмыгумэкIын слъэкIырэп. Тхылъыр къыдэкIымэ, сыдэущтэу ар тхылъеджэм зэхишIэщта, къыгурыIощта? Мыщ дэжьым а зэхашIэр анахь нэфэ шъыпкъэу гъэпсыгъэу сэ къысщэхъу. СиIофшIэгъакIэ документальнэ-художественнэ романэу ары сызэреджагъэр. Ащ къыхэфэгъэ цIыфхэр щыIэгъэ цIыфых. Ары пакIошъ, Пшызэ шъолъырым щызэлъашIэрэ цIыфых. Ащ пае авторым ипшъэдэкIыжь нахь ины мэхъу. МыщкIэ анахь мэхьанэ зиIэр

сюжетым къыдилъытэрэ шапхъэм имыкIэу ахэмэ яобразхэр зыпкъ игъэуцожьыгъэнхэм, дэгъоу ышIэщтыгъэ цIыфхэм тхылъеджэр игуапэу джыри аIугъэкIэгъэным имызакъоу, ахэмэ шъыпкъэ романым игерой шъхьаIэу Шэуджэн Гощэунае ехьылIагъэу нахьыбэу ягъэшIэгъэныр ары.

*— Сыда Шэуджэн Гощэунае къэбгъэлъэгъонэу къызыкIыхэпхыгъэр?*

— А упчIэм иджэуап къетыжьыгъошIоп. Гощэунае адыгэхэмкIэ апэрэ адыгэ бзылъфыгъэ-революционер. Зэфагъэм, шъыпкъагъэм, нэфынэм зэрафаблэрэр а бзылъфыгъэм ишэн-зекIуакIэхэм къахэщыщтыгъ. Революциер ары ащ ищыIэныгъэ зыфигъэшIуашIагъэр. Ащ лIыхъужъ щыIэныгъэ гъогу зэпичыгъ, арэущтэу зыкIасIорэр идее шэпхъэ ин ащ игъэгъусэжьыгъэу щытыгъэшъ ары. Инарод къырыкIощтымкIэ ежь пшъэдэкIыжь зэрихьырэр зэхишIагъэти, Гощэунае ежь ыкIуачIэ къыхьыщтым шъхьасыгъэп, ащ насып гъогу иIэу ышIыным пае щэIэфэкIи, идунай зехъожь ужыми ар къушъхьэчIэс бзылъфыгъэ пстэухэм ялIэужыбэхэмкIэ гушхуагъэ къахэзылъхьэрэ щысэтехыпIэу къэнэжьы.

*— ГухэкI нахь мышIэми, Гощэунае ищыIэныгъэ ехьылIагъэу мэкIэ дэд документэу къэнагъэр. Романым пае материалхэр уугъоихэ зэхъум, моущтэу къапIомэ хъущтмэ, сыдэущтэу ахэр «ибгъэкъужьынхэ» плъэкIыщтыгъа?*

— ЗэкIэми апэу IэпыIэгъу къызыфэсшIыгъэхэр а лъыгъэчъэ хъугъэ-шIагъэхэр къэзылъэгъужьыгъэхэм, ахэмэ ахэлэжьагъэхэм къысфаIотагъэхэр ары. Гъэзетым Iоф щысшIэзэ, ахэр сиблокнот дастхэхэу езгъэжьэгъагъ. Нэужым архивхэм ащ ехьылIагъэу ачIэлъхэм защызгъэгъозагъ. Джы мары илъэс пчъагъэм сыугъоигъэр зыфэдиз хъугъэр (папкэ IужъуушхуиплI писателым къештэшъ къысегъэлъэгъу). ЕтIани мыщ фэдэ факт ахэмэ ахэгъэхъожь. Къуаджэу Шъхьащэфыжь ары сэ сыкъызыщыхъугъэр, Шэуджэн Моси тикъуаджэ щыщыгъ. Арышъ, Гощэунае тикъоджэ нысагъ. СикIэлэцIыкIугъом къыщегъэжьагъэу сятэжъ, сянэ, тигъунэгъухэм Гощэунае ехьылIагъэу бэ къаIуатэу зэхэсхыгъагъэр. А къэбархэр кIэлэцIыкIум ишIэжь егъэшIэрэу къыхэнэх, нэрымылъэгъу псынэкIэчъыхэу ахэмэ гушхуагъэ къысхалъхьэщтыгъ, сигерой бзылъфыгъэ щыIэныгъэ гъогоу къыкIугъэр художественнэ шIыкIэ-амалхэмкIэ, тарихъ хъугъэ-шIагъэхэм япхыжьыгъэу къэзгъэлъэгъонхэ слъэкIынымкIэ ахэр IэпыIэгъу къысфэхъугъэх.

*— Аужырэ упчIэр. Сыдигъуа тхылъеджэхэм романым нэIуасэ зыфашIын залъэкIыщтыр?*

— Романыр къэкIорэгъэм къыдэкIыщт.

*ДэгущыIагъэр Красников А.,*
*1985-рэ илъэс*

## Осэпсыцэм тыгъэр зэрэпсэоу къещы

МэфэкIхэр зэкIэ зэфэдэу нэфынэх, гушIуагъох. Ау тэ тиунагъокIэ Октябрэшхор зыми пэтымышIырэ мэфэкIэу тэлъытэ. Сянэ а мэфэкIыр ренэу игушIогъошхуагъ, щыIэныгъэм имэхьанэшхо ащ хилъагъощтыгъ, шъузабэу къэнэгъагъэми, ыкъуиплI ыгъэшхэнхэмкIэ, ыфэпэнхэмкIэ, ригъэджэнхэмкIэ зэкIэ цIыфышIухэу IэпыIэгъу къыфэхъугъэхэм гъунэнчъэу зэрафэразэр ариIонымкIэ гущыIэ мылъэшхэу, ау гъэшIэгъонэу гум къинэжьхэрэр сыдигъуи къыгъотыщтыгъ. ШъыпкъэмкIэ, ным игущыIэхэр сыкъагъэфабэу сыгучIэ къинагъэх. Сэри пэсэ дэдэу къызгурыIуагъ: Октябрэр къытфэмыкIогъагъэмэ, Совет хабзэр тимыIагъэмэ, тищыIэкIэ-псэукIэ зыфэдэщтыгъэр къэшIэгъоягъ. Мы мафэм узэгупшысэрэр мафэ къэс тызыхэт щыIэкIэшIу нэфыр ары: мамырныгъэрэ зэкъошныгъэрэ зыщагъэпсыгъэ хэгъэгум ущыщыIэныр, шIу плъэгъурэ Iофым упылъыныр, о пIэхэмкIэ насып зыфэбгъэпсыжьыныр зэрэнасыпыгъэр ары. Ащи фэшъхьафэу гушIуагъо пщыхьоу узэгупшысэрэр зэкIэ дунаим гуфэбагъэр, кIуачIэр, гуетныгъэр, гугъапIэр языгъэгъотырэр уигупсэ хэгъэгу ары. Тигупсэ хэгъэгу инурэ зэкIэ тищыIэныгъэ къызэлъегъэнэфы.

КъокIыпIэ Благъэм ихэгъэгухэм ащыпсэурэ адыгэхэм заулэрэ саукIагъ. Сирием икъэлэ шъхьаIэу Дамаск щызэхащэгъэ адыгэ обществэм зэIукIэгъоу щыIагъэр сыгу къэкIыжьы. Залым цIыфыр чIизыгъ. ТищыIэкIэ-псэукIэ,

тилитературэ яхьылӀагъэу сэ ахэмэ къафэсӀотагъ, сиусэхэм сыкъяджагъ. Мыщ дэжьым бзылъфыгъэ горэ ынэпсхэр къызэречъагъэм гу лъыстагъ. ЗыфэгъырэмкӀэ сызеупчӀым, мыщ фэдэ джэуап зэхэсхыгъэр: «Адыгэ унэгъо бай сызыщыщыр. Унэхэри, тучанхэри тиӀэх, джы непэ апэрэу зэхэсэхы синыдэлъфыбзэкӀэ усэхэр...»

Ащ къыӀорэм седэӀузэ, сэ джыри сызэгупшысагъэр тихэгъэгу щыпсэурэ лъэпкъ ини, лъэпкъ макӀи ящыӀэныгъэ гушӀогъошхо ащыхъоу къыщяхъулӀагъэр ары. Ащ урымыгушӀон, урымыгушхон плъэкӀыщтэп!

ШӀушӀэным, жъалымыгъэм, цӀыфыгъэм идэхагъэ, духовнэ шӀуагъэ горэ цӀыфым хэмылъыным, чӀыгу гупсэм ихьалэлыгъэ, зэкӀэ дунаим къырыкӀощтым афэгъэхьыгъэ сигупшысэхэр алъапсэкӀэ къызыщежьагъэхэр сикӀэлэцӀыкӀугъо илъэсхэр, пчыхьэ кӀыхьэхэу тиунэгъошхоу джэныкъомашӀом ыпашъхьэ къыщызэрэугъоищтыгъэр ары. ТхьамыкӀэ псэукӀ тызэрэщыӀагъэр, тиӀанэ ренэу хьалыгъу телъыгъэуи сфэӀощтэп, ау тыгу зыгъэфабэрэ гущыӀ ащ щызэхэтхыщтыгъэр. Сятэ мыщ фэдагъ сӀонэу сыгу къэкӀыжьырэп, ау сщыгъупшэрэп пчыхьэрэ тадэжь къихьэщтыгъэ тикъоджэдэс лӀыжъхэм ар шӀукӀэ агу къызэрэкӀыжьыщтыгъэр. Ахэмэ сшӀошъ агъэхъугъ сятэ тикъуаджэкӀэ колхозым апэу хэхьагъэхэм зэращыщыгъэр, ӀофшӀэным ыӀэ зэрекӀущтыгъэр, зэрэӀушыгъэр, лӀыгъэрэ зэфагъэрэ зэрэхэлъыгъэр, чӀыгур шӀу зэрилъэгъуущтыгъэр, цӀыф намысым шъхьэкӀафэ зэрэфишӀыщтыгъэр. Тиунагъо пкъэоу къыкӀэуцогъагъэр сянэкӀэ сятэжъэу Дэунэжъ Бакъ ары. Тятэ тимыӀэжьэу тыкъызэнэм, ащ тызэрищэлӀэжьи типӀужьыгъ, тилэжьыгъ.

Хэгъэгу зэошхом имэфэ къинхэм зэкӀэ тикъуаджэ, зэкӀэ тихэгъэгу афэдэу тиунагъо зыгъэгумэкӀэу, зыфэлажьэщтыгъэ закъор: «ЗэкӀэри фронтым пае, зэкӀэри текӀоныгъэм пае» зыфиӀорэ марджыр ары. Тэ, унагъом къинагъэхэмкӀэ, пчэдыжьым щегъэжьагъэу пчыхьэм нэс колхоз губгъом тыщылажьэщтыгъ, тшынахьыжъитӀу тихэгъэгу фашист техакӀохэм къащаухъумэнэу заом кӀогъагъэх.

Тиунагъо щыӀэныгъэ гъогоу къыкӀугъэр зэкӀэ тихэгъэгу инэмыкӀырэ унагъохэм къакӀугъэ гъогум фэдагъ.



Адыгэмэ ягъэхъагъэхэм Совет хабзэм, Лениным илъэпкъ политикэ амалышхохэу къатыгъэхэр, осэпсыцэм тыгъэр къызэрищырэм фэдэу, ахэолъагъо. Лъапсэ имыӀэмэ, чъыгыр къэкӀын зэримылъэкӀыщтым фэдэу, текӀоныгъэ къыдэзыхыгъэ Октябрэр щымыӀагъэмэ, зэкъош цӀыф лъэпкъ пстэухэр ӀэпыӀэгъу къыфэмыхъущтыгъэхэмэ, адыгэхэм хэхъоныгъэ ашӀын, насып щыӀакӀэм къыфэкӀонхэ алъэкӀыщтыгъэп.

Колхоз губгъом лэжьыгъэр щэбагъо. ЗэкӀэми анахьэу цӀыфмэ агъэлъапӀэрэр хьалыгъур ары. Ау щытми, тичӀыгу ианахь байныгъэшхор ащ щылэжьырэ цӀыфхэр арых. ЛэжьэкӀо нахьышӀухэм анахьышӀужьхэм ацӀэхэр сарыгушхоу къесэӀох — ахэмэ яӀофшӀакӀэ уичӀыгу, уилъэпкъ уафэшъыпкъэу уафэлэжьэным ищысэтехыпӀэу сэлъытэ. Ахэр Социалистическэ ӀофшӀакӀэм и ЛӀыхъужъхэу Сихъу Аслъан, Янэкъо Исхьакъ, Жарэкъо Нюс, нэмыкӀыбэхэри арых.

Мы бжыхьэ мафэхэм сыгу къэкӀыжьых синыбджэгъу чӀыгулэжьхэу трактористэу Дэгумыкъо Рэмэзанэрэ пынджлэжьэу Лъэцэр Махьмудэрэ... Бэ мэхъух ахэр, ауми зэфэдэ нэшанэу къахафэрэр чӀыгум зэрибысымхэр зэрэзэхашӀэрэр, ӀофшӀэным фыщытыкӀэу фыряӀэр ары. Зым ищытхъу автоном хэкумрэ краимрэ ягъунапкъэмэ азэпырыкӀыгъэу бэшӀагъэу зэлъашӀэ, ятӀонэрэр зыщашӀэрэр ирайон ныӀэп, ящэнэрэм джырэкӀэ макӀэ къызэрэтегущыӀэхэрэр, ау щытми, егугъузэ иӀоф дэгъоу егъэцакӀэ. Зэп, тӀоп ахэмэ яӀофшӀакӀэ зэрэслъэгъугъэр — атхыцӀэ пкӀантӀэм ыгъэушынагъэу, аӀэгушъохэр лыргъужъым зэлъикӀугъэхэу слъэгъугъэх. Ахэмэ афэдэ лэжьэкӀо хьалэлхэу чӀыгумрэ ащ къытырэ гъомылэмрэ агукӀэ етыгъэхэу тихэку исхэр бэ мэхъух. Ахэр арых щыӀэныгъэр ыпэкӀэ лъызыгъэкӀуатэхэрэр, щыӀэныгъэм шӀу щызышӀэхэрэр.

Дэгумыкъо Рэмэзанэ сызыӀукӀэкӀэ, бэ тызытегущыӀэрэр. Синыбджэгъу игъэкӀотыгъэу Ӏофыгъуабэмэ хэшыкӀ афыриӀ, гупшысэ гъэшӀэгъонхэри къыӀохэу зэхэпхыщт. Зэгорэм мары ащ къысиӀуагъэр. «ОшӀа, сэ сшъхьэкӀэ къызэрэсшӀошӀырэр, тхылъхэр птхынымрэ, ужъонымрэ, чылапхъэ хэплъхьанымрэ бэкӀэ зэтекӀыхэрэп. Шъыпкъэ, зэфэшъхьаф шӀыкӀэу утхэни, ужъони плъэкӀыщт. Шъо,

писательхэми, мымакӀэу шъужъохъоуи къыхэкӀы, арыба? Ахэр щыӀэныгъэм ишъыпкъагъэ пэчыжьэу тхыгъэ нэкӀубгъох, сэри сызыпылъыр нахь псынкӀаӀоу ахэр зэрэззэпырызгъэзэнхэр ары. О пцӀэ джыдэдэм къесӀорэп, ау ори ахэмэ узэрэщыщыр зыщымыгъэгъупш».

Натрыф щэпкъ цӀыкӀу гори ымыгъэфыкъоу ихьасэ ылэжьын зэрилъэкӀырэр згъэшӀагъоу зэгорэм Сихъу Аслъан сеупчӀынэу хъугъагъэ. «Арымырэу хъущтэпи,– къысиӀуагъ ащ,– тызэсэжьыгъэ ӀофшӀэн ар, зи гъэшӀэгъон хэлъэп. Хьалэлэу улажьэмэ, птхыцӀэ пкӀантӀэ къызэрехыщтым ущымыщынэмэ, узыфэбанэу къыбдэмыхъун щыӀэп...»

Пынджым иӀухыжьыгъу,бжыхьэ оелэ мафэу Лъэцэр Махьмудэрэ сэрырэ тызэрэгъэгущыӀэзэ, цӀыфмэ зэхалъхьагъэу мыщ фэдэ гъэсэпэтхыдэ къысфиӀотагъ: «Мафэ горэм Ӏупсыр къыӀучъэу цур жъоу губгъом итыгъ. Ащ ыбжъакъо бадзэр тесыгъ. Фэшъхьаф бадзэу блэбыбыкӀырэр ащ къеупчӀы: «Сыда уищыӀакӀэр, сиблагъэр?», «Тэжъо, сиблагъэ, тэжъо!» – къыритыжьыгъ джэуап цубжъэм тесыгъэ бадзэм.

Непэ хэгъэгум игъогу чыжьэхэми благъэхэми, икъогъупэ зэфэшъхьафхэми къытпэшӀуекӀоу къепщэрэ жьыбгъэр тынэгушъокӀэ зэхэтэшӀэ. Ау ащ пае къэтымыгъанэу, тапэкӀэ тылъэкӀуатэ, сыда пӀомэ, тэ мамырныгъэмрэ ӀофшӀэнымрэ тыряхэгъэгу. ЦӀыф зэфэ пстэури тэры зигъусэр.

*1986-рэ илъэс*

## Оры зищытхъу сӀуатэрэр

Адыгэмэ къарыкӀуагъэм сегупшысэзэ, сятэжъэу Дэунэжъ Бакъэ бэрэ сыгу къэкӀыжьы. Тхьэм къыхилъхьагъэу ар цӀыф Ӏушыгъ, инамыскӀэ къэбзэ-лъэбзагъ, адыгэмэ яжэрыӀо творчествэ дэгъоу ышӀэщтыгъ, ар къыӀотэныр икӀэсагъ. ГущыӀэжъхэмрэ акъылышӀо гущыӀэ щэрыохэмрэ ипсалъэ хизыхэу, мытхъытхъыхэу гущыӀэщтыгъ. СицӀыкӀугъом къыщыкӀэдзагъэу сятэжъ игущыӀэ щэрыохэр сыгу исыубытэнхэм сыкӀэхъопсэу сыкӀэдэӀукӀыщтыгъ. Сянэжъи хэщэтыкӀызэ къыӀощтыгъэ: «Ей-ей, дунэежъ мыгъу, дунэежъ жъалым...» Сянэ къуаджэм щызэхащагъэ ликбезым щызэригъэшӀэгъэ хьарыфхэм ышъхьэ къатыриӀэтыкӀыти, ятэрэ янэрэ аӀорэм къыхэгущыӀэщтыгъ: «Непэ тэ тинасып къыхьыгъэр шъо шъуищыӀэкӀагъэм зыкӀи ебгъэпшэн плъэкӀыщтэп... Сыд фэдэ насыпышӀо дунай тэ непэ къытфызэӀухыгъэр!..»

Джащ ехьыщыр гущыӀэх нахьыжъхэми урамым, гъунэгъухэм адэжь къыщаӀоу сэ зэхэсхыщтыгъэхэр: «дунаижъ», «дунаикӀ», «хэбзакӀ». Зыхэм Совет хабзэр игъо алъэгъоу дырагъаштэщтыгъ, ахэр нахьыбэ хъущтыгъэх. Ау ар зыгу римыхьыхэри щыӀагъэх. «Олахьэ большевик хабзэм тлъапсэ кӀиупкӀыгъапэм... Мылъкоу егъашӀэми тыугъоигъэр мыпсэу-мылажьэхэм алъэханагъ...» Ащ фэдэ гущыӀэмэ ямэхьанэ купкӀ сэ къэсыубытын слъэкӀыщтыгъэп, ау ахэмэ сятэжъ зэрянэкъокъужьыщтыгъэр сыгу къэкӀыжьы. Сыда дунаижъымрэ дунаикӀэмрэ зэтырахыщтыгъэр, зэрэлъэгъу зыкӀэмыхъущтыгъэхэр? Сыда язэрэмыгъэгощыщтыгъэр? Охътэ гъэнэфагъэ тешӀагъэу тиунагъо исхэм хэбзакӀэр агу зыкӀырихьырэр къызгурыӀо хъугъагъэ – сянэ-шъузабэ исабыйхэр ыпӀунхэмкӀэ Совет хабзэр ӀэпыӀэгъу къыфэхъущтыгъ. Къин къыщыхъущтыгъэми, сянэ еджэкӀэ-тхакӀэ зэригъэшӀагъэу букварым еджэн ылъэкӀы хъугъагъэ.

Джы тызыкӀэхъопсыщтыгъэ мафэр тищыӀакӀэ хъугъэ, тхыдэкӀэ тлъытэщтыгъэр джы тинэрылъэгъу. Тыгъэри джы нахь къытфэнэгушӀоу къытфепсы, дунаими умышӀэжьынэу зызэблихъугъ. Тэри тӀашъхьэкӀэ тинасып зыфэтэшӀыжьы, ау тиблэкӀыгъэ зэманри зыщыдгъэгъупшэрэп.

ТимэфэкӀхэр сыдигъокӀи гушӀуагъох. Ау Октябрэшхор сэрыкӀэ, зэкӀэ тиунагъо зэрилъытэрэм фэдэу, мэфэкӀ пстэуми анахь лъапӀ. Ащ епхыгъэ мэфэкӀхэм гупшысэ нэфхэр гум къырагъэтаджэх, зэхэшӀэ нэфхэр къагъэущых, ӀофыгъуакӀэхэм язэшӀохын уакъыфаӀэты. Тэ бэмэ тясэжьыгъэшъ, гу лъыттэрэп – сыд фэдэ насыпа ар – о пшъхьэкӀэ уинасып бгъэпсыныр, неущырэ мафэм уицыхьэ зэрэтелъыр зэхэпшӀэныр.

Хэгъэгубэхэм сащыӀэнэу, ящыӀэкӀэ-псэукӀэ нэӀуасэ зыфэсшӀынэу зэп сызэрэрихьылӀагъэр. КъокӀыпӀэ Благъэм ихэгъэгухэм тхьамыкӀэгъо ӀофкӀэ ащыпсэун фаеу хъугъэ адыгэхэми саӀукӀагъ, ящыӀэкӀэ-псэукӀи зыщызгъэгъозагъ. Ахэмэ ящыӀакӀэ тэ тищыӀакӀэ фэбгъэдэни, ебгъэпшэни плъэкӀыщтэп. Тэрэз зэраӀорэр: шъыпкъэр зыфэдэр зыпшӀэрэр зыгорэм ебгъапшэмэ ары.

Тыркуем тызэрэкӀогъагъэр сыгу къэкӀыжьы. Тэ, советскэ писатель купым, бензин игъэхъуапӀэм тыӀутыгъ. Тызэрэсоветскэ цӀыфхэр зашӀэм, ташӀогъэшӀэгъонэу тызэпаплъыхьэу рагъэжьагъ. «Адыгэ шъуухэтына?» – ыӀозэ, зыныбжь хэкӀотэгъэ хъулъфыгъэ горэ къыткӀэрэхьэ. Тижъыхэм ахэлъ шэным фэшъыпкъэу, сэри сигъогогъухэри ядэжь тырегъэблагъэ, гумэкӀ-гушӀуагъом зэлъиштагъэу, игущыӀэхэри дэгъу дэдэуи фызэпымыгъафэхэу тыжъхэм ячӀыналъэ, Союзым тэ щыӀакӀэу щытиӀэм къакӀэупчӀэ, ыушъэфырэп ищыӀэкӀэ-псэукӀэ зэрэмыхъатэр. Ситхылъхэм ащыщ зесэтым, ыгъэлъапӀэу ащ Ӏэ щифэзэ, къысеӀо: «Илъэс тӀокӀиплӀырэ блырэ мы дунаим къыщызгъэшӀагъэми, адыгэм ытхыгъэу апэрэ тхылъ слъэгъурэр. Сэ сшъхьэкӀэ мы тхылъым седжэщт сӀомэ усэгъапцӀэ, ау гущыӀэ осэты сипхъорэлъфыхэм мы хьарыфмэ къарыкӀырэр язгъэшӀэнэу. Тхьэуегъэпсэу уитхылъ пае. Ткъошхэм адыгэ сэлам сфяхыжь. Непэ шъузыдэщыӀэ Тыркуем ицӀыфхэу хабзэр зыӀэкӀэлъхэр тэ ащ фэдизэу къытфэчэфхэп…»

Илъэсибл зыныбжь шъэожъые цӀыкӀухэу Ливан щыслъэгъугъэхэр сыгу къэсымыгъэкӀыжьынхэ слъэкӀырэп. Алырэгъухэр зыщашъэрэ фабрикэхэм аӀутхэу, абг къэзыуфэрэ хьылъэхэр щызэрахьэх, урамым рыкӀохэрэм щырыкъуухэр афалъэкӀых, сыд фэдэрэ Ӏоф цӀыкӀу-шъокӀу нэмыӀэми алъыхъухэу бэдзэрхэр къызэпачъыхьэхэу, сэдакъэ кӀэлъэӀухэу уарихьылӀэщт.

ӀэкӀыб хэгъэгу кӀохэрэм моднэкӀэ алъытэрэ щыгъынхэр, машинэ псынкӀэхэр, зэпэлыдыжьырэ рекламэхэр алъэгъух. Ау ахэр зэкӀэ капиталистическэ щыӀэкӀэ-псэукӀэм «ыгупэ» гъэкӀэрэкӀагъэу нэм къыкӀидзэрэр ары ныӀэп. Джа сурэт нэпӀэхъым итехъо тепхэу, нахь гуфаплъэу ухаплъэмэ, джащыгъум щытхъум дырагъэхьыерэ «дунэе шъхьафитым» инэшэнэ гоштэгъуаджэхэр уапашъхьэ къеуцох. КъохьапӀэм ипропагандистхэр «къызэрэфежъыухэрэм» фэдэу, а дунаир ащ фэдизэуи шъхьафитэп, лэжьэкӀо къызэрыкӀом гъомылэ фэхъурэ хьалыгъу такъырыри псынкӀэу къылэжьырэп. «Зэфэдэ амалхэр» зыщыряӀэхэ обществэкӀэ ахэмэ уяджэн плъэкӀыщтэп. Ащ фэдэ «джэнэт» щыӀакӀэр тэ тисоветскэ щыӀэкӀэ-псэукӀэ сфегъэпшэщтэп. Анахь мэхьанэ зиӀэр – социальнэ зэфэныгъэмрэ цӀыфым фэгумэкӀыгъэнымрэ – ары ащ щымыӀэхэр. Тэ тихэгъэгу гущыӀэ къодыекӀэ арымырэу, зытет шъыпкъэмкӀэ, ежь зэрэфаем тегъэпсыкӀыгъэу цӀыфым ищыӀакӀэ щегъэпсы. Тидуховнэ культурэ непэ зиунае хъугъэр адыгэхэм язакъоп. ГущыӀэм пае, адыгэ писательхэм ятхылъхэр зэдзэкӀыгъэхэу тихэгъэгуи, ӀэкӀыб къэралхэми къащыдэкӀыгъэх. КъэӀогъэ гущыӀэ къодыехэу мыхъуным пае Тыркуем къысфыритхыкӀыгъэ ситхылъеджэ горэм исатырэхэр щысэкӀэ къэзгъэлъэгъоных: «Тызэрыс хэгъэгум укъызэкӀом, ори плъэгъугъэ тищыӀакӀэ зэрэмыхъатэр… СыкъэкӀогъагъ сэ Хэкужъым, шъуищыӀакӀэ зэзгъэлъэгъугъэ. Уитхылъхэм къащыптхырэр нахьыпэм сшӀошъ мыхъущтыгъэмэ, ар зэрэшъыпкъэр джы сынитӀукӀэ слъэгъугъэ… Джырэблагъэ тиунагъокӀэ шъэо цӀыкӀу къытфэхъугъ. Ащ Нэсыжь тызэреджагъэр. Тэ тхьэм тызэрелъэӀурэр тикъорылъф зэгорэм ти Хэкужъ-ЧӀыгужъ ыгъэзэжьынэу ары. Тхьэм ерэӀу аущтэу хъунэуи!..»

Тыгу къэдгъэкӀыжьыных хэгъэгур индустриализацие зэрашӀыгъагъэр, тиапэрэ пятилеткэхэр. Ахэмэ къакӀэлъыкӀуагъ граждан заор, колхоз зэхэщэныр, мамыр щыӀакӀэр зыпкъ идгъэуцожьыгъо тимыфэзэ, фашист техакӀохэр тичӀыгу къибэнагъэх. ЗэкӀэ советскэ народым пытэу готхэу Адыгеим ыкъохэмрэ ыпхъухэмрэ зышъхьамысыжьхэу яхэгъэгу къаухъумагъ, тичӀыпӀэгъу мин пчъагъэхэм заом лӀыхъужъныгъэу къызыщыхагъэфагъэм пае орденхэмрэ медальхэмрэ къафагъэшъошагъ, ахэмэ ащыщэу нэбгырэ 25-рэ Советскэ Союзым и ЛӀыхъужъ хъугъэх, нэбгырибл адыгэх. Ахэр Андырхъое Хъусен, Къош Алый, Ацумыжъ Айдэмыр, Бжыхьэкъо Къымчэрый, Нэхэе Даут, ШӀуцӀэ Абубэчыр, Тхьагъушъэ Исмахьил. Фашист техакӀохэм апэшӀуекӀорэ заом хэкӀодагъэхэр тинарод лъэшэу егъэлъапӀэх. Зэо машӀор зэпачи, псаоу къэнагъэхэм ящытхъуи зыщагъэгъупшэрэп. Народым илӀыхъужъхэм саугъэтхэр афагъэуцугъэх, ахэмэ ацӀэхэр урамхэм, еджапӀэхэм афаусыгъэх, ахэмэ яхьылӀагъэу орэдхэмрэ усэхэмрэ зэхалъхьэх.

Ау заом илIыхъужъхэм язакъоп тихэгъэгу щагъэльапIэхэрэр, зищытхъу щаIуатэхэрэр. IофшIэным щылIыхъужъхэри ащ нахь мымакIэу щагъашIох. ЩысэтехыпIэу Iоф зэрашIагъэм пае адыгэ нэбгырэ пшIыкIущмэ Социалистическэ IофшIакIэм и ЛIыхъужъ щытхъуцIэр къафагъэшъошагъ. Ахэр – Делэкъо Алый, Гание Исмахьил, Бирам Мос, Iэшъынэ Якъуб, Сихъу Аслъан, Янэкъо Исхьакъ, Жарэкъо Нюс, Пщыжъ Пщымаф, Енэмыкъо Кунац, ЩэшIэ Сафыет, ТхьайцIыф Юр, Мэрэтыкъо Аслъан. IофшIэным и ЛIыхъужъ хъугъэх Адыгеим къыщыхъугъэхэу Елена Астапеевар, Любовь Якшинар, Николай Остапенкэр, Любовь Лысенкэр, Татьяна Иваевар, нэмыкIхэри.

Тиавтоном хэку игъэхъагъэхэм дэгъоу къаушыхьаты тищыIэкIэ-псэукIэ гъэнэфагъэу, нэрылъэгъоу хэлъ шIуагъэхэр. ТхьамыкIагъо зыпэкIэмыкIыгъэм гушIуагъор зэхишIэщтэп цIыфмэ аIо. Непэрэ тигъэхъагъэхэм зэряфэшъуашэу уасэ афэшIыгъэным пае ищыкIагъэр непэ тищыIакIэ зыфэдэм тятэжъхэмрэ ахэмэ ятэжъхэмрэ ящыIэкIагъэм удеплъынэу ары. Джащыгъум къыбгурыIощт мылъку зиIэм къулайцызым икIапсэ зэрихъокIырэр, зэрэзэпичрэр. Тихэгъэгушхо ичIыпIэ зэфэшъхьафхэм сащыIагъ – Украинэми, Белоруссиеми, Молдавиеми, Гурыт Азиеми, Прибалтикэми, Закавказьеми, Сыбыри, Темырыми, цIыф лъэпкъ зэфэшъхьафхэм ялIыкIохэми саIукIэуи хъугъэ. Тыдэ сыщыIагъэми, къысфэнэгуихыгъэхэу, къош шIыкIэу къыспэгъокIыщтыгъэх, тизэкъошныгъэ илъэпIагъэ зыфэдэр сыгукIэ ащызэхэсшIагъ. Ащ фэдэ щыIэкIэ-псэукI сэ сызыщапIугъэр, ащ фэдэ хэгъэгу сэ сиунаер!

Ащ епхыгъэу джыри зы гукъэкIыжь: Дунэе тхылъ ермэлыкъэу Лейпциг щыIагъэм ипресс-конференцие сыкъызыщэгущыIэм, тищыIэкIэ-псэукIэ, тихэгъэгу ис цIыф лъэпкъ макIэмэ ящыIакIэ ехьылIагъэу къэзэрэугъоигъэхэм къафэсIотэгъагъ. Джащыгъум инджылыз журналист горэм къысфидзыгъагъ: «Ощ фэдэу Совет хэгъэгум щыпсэухэрэр зэкIэ шъуихабзэ яцыхьэ телъыгъэмэ, агукIэ фэшъыпкъагъэхэмэ, а шъузыкIэхъопсырэ коммунизмэр бэшIагъэу ащ щагъэпсыныгъи!» «Советскэ цIыф миллион пчъагъэхэм сэ зыкIи сатекIырэп,– естыжьыгъ ащ джэуап.– Совет хабзэм сицыхьэ пытэ телъ, щыIэкIэшIу тихэгъэгу зэрэщагъэпсыщтым шIошъхъуныгъэ фысиI».

*1987-рэ илъэс*



## Ахэр егъэшIэрэ псынэкIэчъых

Гухэлъыр – чIыфэ. Къыбдэхъумэ, улъыкIахьэмэ – зытыжьыгъэм уфэд, ауштэу мыхъумэ, зыпщимыгъэгъупшэу къыздеохьакIы. Тхэн Iофыр сищыIэнигъэ щыщ хъугъэми, зэгорэм, илъэс щэкI фэдизкIэ узэкIэIэбэжьмэ, зэдзэкIын гухэлъэу сшIыгъагъэр сфэмыгъэхъоу, къысэхьылъэкIэу, гум къызыкIрэми сигъэщтэуIоу къыздесхьакIыгъ. Мыр пшIэн фае, мырэущтэу упсэуныр къыптефэ ыIоу, сишIоигъоныгъэ гухэлъ фэшъхьаф, зыми сыригъэзыгъэп.

СицIыкIугъом щегъэжьагъэу гухэлъ хэхыгъэ зиIэ цIыфмэ сафэдэу, тхэным сыфэщагъэу сыкъэтэджыгъ. АщкIэ бэмэ яшIуагъэ къысагъэкIыгъ. Щысэ зытесхын, сызкIырыплъын, гъуазэ сфэхъун сиIагъ: адыгэ пшысэхэр, таурыхъхэр, тхыдэхэр, етIанэ сыбзэкIэ тхыгъэ тхылъхэр, ахэр зыIэдакъэ къычIэкIыгъэ Хьаткъор, КIэращэр, ахэмэ къакIэлъыкIуагъэхэр. Мыхэмэ къысфызэIуахыгъэ, сызтыращэгъэ гъогум яIушыгъэрэ яIэшIугъэрэ зэхасшIэу Пушкиныр, Лермонтовыр, Некрасовыр, Блок, Маяковскэр, Есениныр къысфытетэджагъэх, ятхыгъэхэр нэмыкI цIыф лъэпкъыбзэкIэ зэхэлъхьагъэ нахь мышIэми, адыгэ дунаим сыхащи, нэмыкIынэкIэ урыс дунэе зэхэтыкIэм сыхагъэплъагъ, ахэмэ къысфатIэтэгъэ бзэм ихьатыркIэ тикъэрал щыпсэурэ цIыф лъэпкъ зэфэшъхьафмэ ядунай сыхащагъ, сихэгъэгу игъунапкъи сызэпыращыгъ, ным къыситыгъэ дунаир сфагъэбаигъ, бгъу пстэумкIи игъэкIотыгъэу сагъэлъэгъугъэ, имэфэ тыгъи къысхагъэпсагъ, ичэщ мэзагъуи, ижьыбгъи, иошIуи, игукъауи, игушIуагъуи зэхэсагъэшIагъ, сыныбжь IукIот къэсми, къэзгъэшIагъэм елъытыгъэу, нэмыкIынэкIэ сыкъэзыуцухьэрэ дунаим сыхагъаплъэу, тыгъуасэ сымышIэщтыгъэр непэ сшIэу, синеущ нахь гъэшIэгъонэу къызэрэкIощтым сицыхьэ телъэу сищыIэныгъэ щытIупщыгъэ гъашIэр къысагъэхьы.

ЗыцIэ къесIогъэ тхакIуи, къесымыIуагъи ишIушIагъэ рыгущыIэжьэу, иIэшIагъэ ынапшIэ тырилъхьажьэу, ар щытхъугъэкIэ зыфилъэгъужьэу сыIукIагъэп. ШIушIэным фэгъэхьыгъэу «шIу шIи, псым хадз» сыдигъуи адыгэмэ

зэраІоу, ахэмэ яшІушІагъэ кІодыгъэп, осэнчъэ дунаим щыхъугъэп. Хэтрэ цІыфкІи ахэр псы гъуаткІох, зыІуфэрэм кІуачІэ фэхъухэу егъэшІэрэ псынэкІэчъых.

«Игорь идзэ фэгъэхьыгъэ псалъэм», «Гъоплъэ шыум», «Къэрабгъэм», «МэшІоку гъогум», «ПшІыкІутІум», «Гъончэдж зыщыгъ ошъуапщэм», «Анна Снегинам», нэмыкІхэм сыда анахьэу унаІэ атеозыгъэдзагъэр ыІони, тхылъеджэр къэупчІэнкІи мэхъу. Ащ фэдэ упчІэм джэуап етыжьыгъошІу, етыжьыгъуай. Сыда пІомэ, узфыщыІэр сыда пІони, цІыфым уеупчІыныр къекІышъ ары. Гум рихьрэр сыдигъокІи псэм рехьы, ащ тегущыІэгъуай. Аущтэу щытми, къэсІон: мыхэр сыгу рехьти, спэблагъэти, сафэщагъэти, сынаІэ атесыдзагъ, сшІогъэшІэгъонэу, тыбзэ нахь къызэрекІущтым, адыгэ къэІуакІэм, щыІакІэм щыщ зэрэсшІыщтым сыпылъэу Іоф адэсшІагъ. Мы тхыгъэшхо заулэмэ дунэе тхыгъэ ин дэдэмэ азыфагу чІыпІэу щаубытырэм укІэупчІэжьынэу щытэп. Мыхэмэ гъогубэ къакІугъ, уахътэм уасэ афишІыгъ, зыми фимыгъэадэу, зыфатхыгъэ лъэпкъым фэшъуашэу къызхиушъхьафыкІыгъ. «Игорь идзэ фэгъэхьыгъэ псалъэр» – урысмэ янэпэеплъ саугъэтышху, урыс тхыгъэмэ анахь псэлъэ дышъ, зыфэгъэхьыгъэ цІыф лъэпкъым инамыс, идунэететыкІэ, ихэбзэ зэхэтыкІэ, ицІыфыгъэрэ илІыгъэрэ, ичІырэ ихэгъэгурэ анапэ къыухъумэзэ лІэшІэгъубэмэ къапкъырыкІи, непэ къынэсыгъ. Илъэс 800 зытешІэгъэ саугъэт ин дэдэр дунаим ыбзэ пстэумкІи зэрадзэкІыгъ пІоми хъущт. Мы «Псэлъэшхом» мыдрэ зэдзэкІыгъэ тхыгъэшхохэри къыпкъырыкІыгъэх, ахэмэ язакъоп, тэри, нэмыкІ цІыф лъэпкъхэм ятхакІохэми гъуазэ афэхъугъ.

ЗэдзэкІын Іофыр ІэшІэхэп. СшъхьэкІэ сызеутэкІыр ары ныІэп къызысшІагъэр. НэмыкІыбзэкІэ тхыгъэр хьазыр, зэгъэфэгъахэ, Іофы зебгъэшІэу итыр убзэкІэ къипІотыкІымэ зыуи арэп зыІонхэр щыІэнхэкІи мэхъу, ау ащ фэдэ еплъыкІэ зэдзэкІын Іофым фызиІэр хэукъо.

НэмыкІыбзэкІэ тхыгъэ сатырэ пчъагъэр убзэкІэ зэтебгъэфэжьыныр армэ Іофыр зэлъытыгъэр, ащ фэдиз къин хэлъэп. Ау тхэным къыбгурымыІорэ шъэф зэрэхэлъым фэдэу зэдзэкІын Іофми джа шъэф дэдэр хэлъ. Ащ уфэмыгъуазэмэ къин къыпфэхъущт, умышІахэу гущыІэ зэпырыгъэзэгъэ гъогу пхэнджым утырищэщт. НэмыкІыбзэкІэ тхыгъэр убзэкІэ джыри зэ бгъэпсэуным узыпыхьэкІэ, ар зэрэтхыгъэ бзэр, щыІакІэу зыхатхыхьагъэр, зыкІатхыгъэр, зытхыгъэм идунэееплъыкІэ дэгъоу ущыгъозэн фае. Ащ имызакъоу зэрэзэбдзэкІырэ бзэм, зыфызэбдзэкІырэ цІыф лъэпкъым идунэететыкІэ, ицІыф зэхэтыкІэ пэблагъэу, игупшысакІэ, икъэІуакІэ дебгъаштэу, загъори ежь зыхилъэгъожьэу, зэригъэгупшысэжьэу пшІымэ, уиІофшІагъэ нахь уасэ иІэщт.

ЗэдзэкІын Іофым, анахьэу усэкІэ тхыгъэхэр, ахэми язакъоп, сатыр зэгъэпшэнкІэ, зэтегъэфэжьынкІэ, зэтелъытэжьынкІэ удэзекІо хъущтэп. Мы тхыгъэшхохэр сэри зэрэсфэлъэкІэу адыгабзэкІэ зэзгъэфагъэх, тыбзэкІэ еджэщтмэ нахь гурыІогъошІу, зэхэфыгъошІу зэрафэхъущтым сыпылъыгъ. Адыгабзэм икъулайныгъи, ибайныгъи, икъэІокІэ шъхьафи нэмыкІыбзэмэ ятхыгъэшхохэр къыубытын, ыукІочІын, ыІэ къыригъэхьан зэрилъэкІыщтри къыдэслъытэ сшІоигъуагъ. ЛъыкІэзгъэхьагъэмэ къэзыІощтыр тхылъеджэхэр арышъ, илъэс пчъагъэм сызпылъыгъэ Іофым сыкІэгушІужьми, сыгумэкІызэ, ащ апашъхьэ исэлъхьэ.

*1987-рэ илъэс*

## Зэфэдэ фитныгъэхэр зыщытиІэ хэгъэгум тэ тыщэпсэу

*КПСС-м и Краснодар крайкомым ия XXIII-рэ край партийнэ конференцием къыщиІуагъэр*

Лъэпкъ литературабэхэр мы уахътэм зэрагъэкІэжьыхэрэм гу лъымытэн плъэкІырэп. Тарихъ зэряІэр адыгэхэми, нэмыкІ цІыф лъэпкъхэми гъэнэфагъэу зэхашІэ хъугъэ. ШІукІаеу къадэхъугъэ тхылъхэри атхыгъэх. Зыхэр гъэсэпэтхыдэм фэдэх зэрэтхыгъэхэр: блэкІыгъэ зэманым бэ тхьамыкІагъоу къыхэфагъэр, ау щытми, непэ тэ зэкІэми тызэкъот, арышъ, Іоф зедгъэшІэу блэкІыгъэ уахътэм бырсыр къэидгъэкІэу тырыгущыІэщтэп, тизэкъош-зэблэгъэны-

гъэ тиягъэ едгъэкӀыщтэп. Сыда пӀомэ, ар зытегъэпсыкӀыгъэр факт гъэнэфагъэхэр, хъугъэ-шӀагъэхэр, гупшысэхэр, анахь мэхьанэ зиӀэ цӀыф зэфыщытыкӀэхэр арых.

УицӀыф лъэпкъ ипсихологиерэ илъэпкъ зэхашӀэрэ къыбгурыӀохэу зыфэбгъэсэным мэхьанэшхо иӀ. ГухэкӀ нахь мышӀэми, ащ фэдэ шӀыкӀэ-зекӀуакӀэр хэкуми, крайми джыри хэбзэ шапхъэ зыфэмыхъугъэхэр арысых. Тэ тырэгушхо адыгэмэ къыддэхъугъэм, тапэкӀэ къырыкӀощтыми тегъэгумэкӀы. Партием политикэу пхыригъэкӀырэм, Совет хабзэм, народ пстэухэм, анахьэу урыс народым, ӀэпыӀэгъоу къытатырэм яшӀуагъэкӀэ ары экономикэмкӀэ, культурэмкӀэ гъэхъагъэу тиӀэхэр зыкӀэинхэр. Адэ сыдэущтэу къыбгурыӀон фая автоном хэкум адыгабзэр, лъэпкъым итарихъ, икультурэ язэгъэшӀэн имэхьанэ къыщырагъэӀыхыгъэмэ? АщкӀэ мысэхэм джы уалъыхъуныр лъэныкъорыгъэзэ шӀыкӀэу, зекӀокӀэ мытэрэзэу щытынкӀи мэхъу. Ар къызыпкъырыкӀыгъэр нахь чыжьэу къыщежьэ – ащыгъум зэкӀэ ашӀэщтыри, аӀощтыри шэпхъэ гъэнэфагъэхэм арытынхэ фэягъэ, къэралыгъо ӀофышӀабзэхэмкӀэ Адыгэ автоном хэкум ехьылӀэгъэ законыр щымыӀэм фэдагъ.

Я 20–30-рэ илъэсхэм, ары пакӀошъ, я 40–50-рэ илъэсхэу къинышхохэм зыщахэтыгъэхэми Адыгэ тхылъ тедзапӀэм Ӏоф ышӀэщтыгъ, Ӏоф дызиӀэ хъухэрэр ыгъэразэщтыгъэх. Тхэхэрэм – писательхэм, шӀэныгъэлэжьхэм, егъэджэным иӀофышӀэхэм япчъагъэ нахьыбэ зэхъум, автоном хэкум тхылъ тедзапӀэр щызэфашӀыжьи, край къутамэ ашӀыгъагъ, мыщ дэжьым къытыридзэхэрэр нахь макӀэ хъугъагъэ. Ащ фэдэ ӀофыгъохэмкӀэ хэукъоныгъэхэр пшӀыхэ хъущтэп, сыда пӀомэ, нэужым тэ ахэр лъапӀэу къытфыдэкӀыжьых.

Социализмэр – зэфэдэ фитныгъэхэр зиӀэ цӀыфхэм яобществэу ары зэралъытэрэр. Арышъ, ащ ишэпхъэ гъэуцугъэхэм тӀэкӀукӀэ нэмыӀэми уадэхымэ, лъэпкъ зэфыщытыкӀэхэм ар къахэщы.

Тихэгъэгу ичӀынэлъэ зэфэшъхьафхэм къащыхъурэ хъугъэ-шӀагъэхэм амыгъэгумэкӀырэ цӀыф щыӀэн фаеп. Тэри агъэгумэкӀыхэрэм тащыщ. Зыпкъ къикӀыгъэм зыкӀи емылъытыгъэу, лъэпкъ зэкӀэгъэблакӀохэмрэ зэджэгъогъунхэмрэ сэ сшъхьэкӀэ сиджагъох. Перестройкэм къырыкӀощтымкӀэ интеллигенцием имэхьанэ зэрэиным, ащкӀэ ащ пшъэдэкӀыжь зэрихьырэм икъу шъыпкъэу адесэгъаштэ. Тэ типшъэрылъыр тибайныгъэрэ тизыкӀыныгъэрэ тапэкӀэ гъэпытэгъэнхэм фэзыщэхэрэ гъогур цӀыфхэм къафэгъэнэфыгъэныр ары нахь, гузэхашӀэхэмрэ къиныгъохэмрэ къызыфэгъэфедэгъэнхэр арэп.

Интеллигенцием илӀыкӀохэм ащыщхэм нэфэӀонымрэ демократизациемрэ къазэрэщыхъурэр сыд ашӀэми хъунэу ары. Мыщ дэжьым ахэмэ афэдэхэр зэрыгъуазэхэрэр ежь яеплъыкӀ, яшӀошӀ, яунэе гупшысэхэр арых. Ау щытми, хъугъэ-шӀэгъэ зырызхэм, ахэмэ ащыщэу лъэпкъ зэфыщытыкӀэхэм афэгъэхьыгъэхэми, загъорэ бырсыр бащэ къапыдгъэкӀэу къыхэкӀы. А Ӏофыгъохэр къызыпкъырыкӀыгъэхэр Лениным илъэпкъ политикэу партиемрэ Совет хабзэмрэ пхырагъэкӀырэм щыкӀагъэ горэ иӀэкӀэ арэп, тэ зэкӀэми пӀуныгъэ Ӏофэу тшӀэрэмкӀэ тфэмыгъэхъугъэхэр, тӀэкӀэкӀыгъэхэр ары нахь. Мыщ дэжьым ищыкӀагъэу сэ слъытэрэр щыӀэныгъэм къыщытэджыгъэ Ӏофыгъохэм рэхьатэу, ткӀуачӀэрэ тиакъылрэ зэхэлъхэу, тахэгупшысыхьэзэ, тыдэмыгузажъоу, бырсыр Ӏофи къыхэтымыгъахьэу тизэкъош-зэблэгъэныгъэ тегъэпсыкӀыгъэу зэшӀотхынхэу ары.

КПСС-м икрайком, ащ идеологиемкӀэ иотдел культурэм, искусствэм, зэкӀэ интеллигенцием ямэхьанэ перестройкэм зыкъыщегъэӀэтыгъэнымкӀэ отчетым къыхиубытэрэ уахътэм Ӏофыбэ ашӀагъэу сэлъытэ. Ащ дакӀоу хэгъэунэфыкӀыгъэн фае цӀыф лъэпкъыбэ зыщыпсэурэ тикрай икультурэрэ илитературэрэ язытет щыӀэныгъэм къыгъэуцурэ Ӏофыгъохэм ауж къызэринэрэр.

Охътэ къызэрыкӀоп джыдэдэм зэпытчырэр. Ащ къыхэщырэ нэшанэу иӀэр народым гъэпсын ӀофышӀхо зэрэзэшӀуихырэм дакӀоу, къиныгъохэри къызэрэхафэхэрэр, цӀыфыбэхэр зэрехъырэхъышэхэри ары. Непэ тымыушъэфэу шъыпкъэр шъхьэихыгъэу цӀыфхэм ятӀон фае: сыд фэдэрэ Ӏофи ащ лъыпытэу гъэхъагъэ щыпшӀын плъэкӀыщтэп, цӀыфхэри ащ щыбгъэгугъыхэ хъущтэп. ГухэкӀ нахь мышӀэми, хэкум, краим япартийнэ комитетыбэхэм, тэри, писательхэм, публицистхэм лэжьакӀохэр Ӏоф къинышхом изэшӀохын фызэхэтщэнхэ тлъэкӀырэп. КъахэкӀых цӀыфхэм лъапсэ зимыӀэ гугъапӀэхэр язытыхэрэр, гъэхъагъэу тиӀэхэр нахь

инхэу къашIозыгъэшIыхэрэр. Сыкъытегущыӏэнкӏэ къин къысщэхъу, ау джащ ехьыщыр къехъулӏагъэр КПСС-м и Мыекъопэ къэлэ комитет иапэрэ секретарэу Л. Г. Симатовым. Партийнэ Iофшӏэным ишыкӏэхэм, пропагандистскэ Iофтхьабзэхэм зыдаригъэхьыхызэ, къэлэ комитетым Iофэу ышӏэн, анахьэу ащ ынаӏэ зытыригъэтын фаем ямэхьанэ ащ зыӏэкӏегъэкӏы, ащ ыпкъ къикӏыкӏэ экономикэр, социальнэ сферэр ауж къенэх, кадрэхэм Iофэу адашӏэрэм щыкӏэгъэшхохэр фэхъух. Гухэкӏ нахь мышӏэми, къэлэ партконференцием ехьылӏэгъэ отчетэу лъытэныгъэ зыфэсшӏырэ гъэзетэу «Советская Кубань» къыхиутыгъэм а щыкӏагъэхэм ягугъу къыщишыгъэп, Мыекъуапэ Iофхэр дэгъоу щыщытхэ фэдэу ары игъэзетеджэхэм къафиӏотагъэр. О зэрэпшӏоигъом фэдэу Iофхэм язытет хъугъэу къэбгъэлъагъо хъущтэп.

*1988-рэ илъэс*

## ШIу афэшъушӏэным шъутемыукӏытыхь

Лъэхъанэ пэпчъ щыӏэныгъэм игубгъо гъэнэфагъ ылэжьырэр. Адэ арымэ зэрэщытыр, сыд фэдэ хьалыгъуа тэ гъомылэ тфэхъурэр – дыджа хьаумэ Iэшӏуа? ЕтӏаIни, сыда тилъэхъан илэжьэкӏупӏэмэ машӏом бэрэ зыкъызыкӏащиштэрэр? Карабах, Сумгаит, Тбилиси, Фергана. Джы – Сыхъум…

Сэ сыгуи къэкӏыгъагъэп СССР-м инароднэ депутатэу сыхъунэу, СССР-м и Апшъэрэ Совет сыхэтынэу, лъэпкъ Iофхэм сафэлэжьэнэу… Политикэ Iофыгъохэр цӏыфым Iулъ бзэмкӏэ къезгъэжьэн. Ным ибыдзыщэ игъусэу сабыим Iулъ бзэр ямыщыкӏэгъэжь зыщыхъурэ, ныдэлъфыбзэр къэралыгъом ищыӏэныгъэ зыщамыгъэфедэрэ обществэм сыд фэдэ уаса иӏэр? Бзэр джырэ уахътэм анахь узыфэсакъын фэе Iофыгъу. Сыд фэдэрэ цӏыф лъэпкъи щыщ кӏэлэцӏыкӏухэм зэфэдэ амалхэр яӏэнхэ фае. Мыщ фэдэ щысэ къэзгъэлъэгъон. Сипхъорэлъф шъэожъыем илъэсищ ыныбжь зэхъум, ныдэлъфыбзэ дэхэкӏаеу ышӏэщтыгъ, ау садикым зыратым ыуж тхьамэфитӏу горэ нахь темышӏагъэу, адыгабзэкӏэ мыгущыӏэжьэу ыублагъ. Шъыпкъэ, тэ тыдэмышъхьахэу тыпылъыгъ инидэлъфыбзэ ащ щытымыгъэгъупшэным пае. Къыдгурыӏощтыгъ фэшъхьафыбзи пшӏэн зэрэфаер, ау сабыим инидэлъфыбзэ ымышӏэнър губгъэным шӏокӏы. Амыгъэфедэрэ бзэм псэ пымытыжь мэхъу, ар дунаим текӏодыкӏыжьы, ащ игъусэу лъэпкъыри дэкӏоды.

А Iофыгъомкӏэ принципиальнэу щыт лъэныкъо гори къыхэзгъэщымэ сшӏоигъуагъ: адэ уинидэлъфыбзэ шӏу плъэгъуным къекӏа фэшъхьаф бзэхэр, гущыӏэм пае, урысыбзэр уиджэгъонэу? Сэ сишӏошӏыкӏэ, а упчӏэм гъэнэфагъэу адыгэми, белорусыми, аварцэми, таджикыми, бэлъкъарыми, узбекыми, чукчэми, осетиными зы джэуап къыратыжьыщтыр. Цӏыф лъэпкъыбэ зыщыпсэурэ хэгъэгум урицӏыфэу зыплъытэжьын плъэкӏыщта урысыбзэр, лъэпкъхэр зэрэзэхахьэхэрэ, зэрэзэдэгущыӏэхэрэ бзэм урыгущыӏэн умылъэкӏэу? Ар зыфэбгъэдэн плъэкӏыщтыр бзэмыӏуныкъоу, Iэутӏэ фэшъхьафкӏэ узыфаер зэхябгъэшӏыкӏын умылъэкӏэу укъэнэныр ары.

Бэшӏагъэу сэ литературэм сыщэлажьэ, тхэным сызыпылъыр илъэс тӏокӏитӏум къехъужьыгъ. Урыс гущыӏэм, урысыбзэм яшӏуагъэкӏэ ткъош республикэхэм, Iэкӏыб къэралхэм ситхылъхэм ащяджэх. Ныбжь шӏукӏае сиӏэ хъугъахэу сэри зэдзэкӏакӏо сыхъугъ. Зы лъэныкъомкӏэ, урыс поэзием иналмэс-налкъутэ силъэпкъэгъухэр нэӏуасэ афэсшӏынхэу сыфэягъ, ащ дакӏоуи зэдзэкӏыным сыпылъэу тхэным фэӏэпэӏэсэ цӏэрыӏохэм агъэфедэрэ шӏыкӏэ-амалхэм зафэзгъэасэщтыгъ, етӏани сыушэтымэ сшӏоигъуагъ урыс литературэм итхыгъэхэр сыбзэ иамалхэм афэукӏочӏынхэ алъэкӏыщтхэмэ.

Джаущтэу апэрэу адыгабзэкӏэ яджэнхэ алъэкӏы хъугъэх «Слово о полку Игореве», Пушкиным и «Медный всадник», Лермонтовым и «Беглец», Некрасовым и «Железная дорога», Блок и «Двенадцать», Маяковскэм и «Облако в штанах», Есениным и «Анна Снегина». Ахэр зэкӏэ «Псалъ» зыфиӏорэ шъхьэр зыфэсыусыгъэ тхылъым щызэгъэуӏугъэх. Слъэкъуацӏэ зытетхагъэ тхылъ пчъагъэу къыдэкӏыгъэр шъэныкъом къехъу, ау а тхылъыр анахь шӏу слъэгъурэмэ ащыщ.

Нэмыкlи къэсlон – адыгэ щэхъу хэмытэу е сыкъытегущыlэу зы тхылъ гори сиlэп, стхыхэрэр зэкlэ ямэхьанэ купкlыкlэ интернациональнэх, арымырэуи хъун ылъэкlыщтэп. Хэгъэушъхьафыкlыгъэ дунай горэп тэ тызыщыпсэурэр, зы щыlэкlэ-псэукlэкlэ тэ зэкlэми тызэпхыгъ. Тэри Урысыеми къыдрыкlощтыр арымэ, тызэкlэрыпщын умылъэкlынэу тызэпхыгъ. Тэ зэкlэми Урысыем тыщыщ. Ар аукъодыеу къэlогъэ гущыlэу щытэп. Ар тпкъышъол, тлъы щыщ шъыпкъэ хъугъэхэу сэри, силъэпкъэгъухэми тхэлъ. Джащ къыпкъырыкlэу сыгучlэ нэсэу сызыгъэгумэкlырэр мыщ фэдэ lофыгъу: сыда мы аужырэ уахътэм тигимн хэт гущыlэ пшъхьапэхэу анахь идеал лъапlэу щыlэхэр къизыlотыкlыхэрэм бэхэмэ зызыкlыщадзыерэр? Агу къадеlэу, гуетныгъэшхом зэлъиштэу мы гущыlэ шlагъохэр къызыкlамыlорэр: «Союз нерушимый республик свободных навеки сплотила великая Русь...»? Хэт непэ арыгушхоу ынэпсхэр фэмыубытхэу джа узыумэхъырэ гущыlэ лъапlэхэр къыкlэзыlотыкlыжьхэрэр? Къатlорэр зэу, тызэгупшысэрэр фэшъхьафэу тызекlозэ, тэр-тэрэу зытэгъэпцlэжьы. lофыгъо ин фэдэхэм язэшlохын зэрэрагъажьэрэр идеал ин дэдэхэм арыгъуазэхэзэ ары, ау шlушlэными, гущыlэ фабэхэми татеукlытыхьэу къедгъэжьагъ. Ащ фэдэ «укlытэпхэныр» щынагъоба адэ? Уихэгъэгу шlу лъэгъугъэныр, уичlыгу гупсэ узэрилъфыгъэр зэхэшlэгъэныр арыба къыткlэхъухьэрэ ныбжьыкlэхэр патриот шъыпкъэхэу пlугъэнхэр зыщырагъажьэрэр. Джащыгъур ары ныlэп социалистическэ республикэхэм языкlынығъэ тэ тщыщ пэпчъ ежь ышъхьэкlэ фэгумэкlэу зыхъущтыр.

Народнэ депутатхэм язэфэс синыбджэгъу поэтэу Евгений Евтушенкэр къызыщэгущыlэм, тигимн ыгу римыхьэу къыриlолlагъэхэм адезгъаштэрэп – гущыlэхэр зэблэхъугъэнхэу ищыкlагъэп, уиусэхэм укъызэряджэрэм фэдэу гузэхэшlэшхо хэлъэу, мэхьанэ купкlыр къыхэбгъэщызэ орэдышъом илъэу ар къэlогъэн фае нахь. Джащыгъум о къэпlогъэ гущыlэхэу «чучмек», «кацап» зыфэпlощтхэр метром, троллейбусым, бэдзэрым ащызэхэпхыщтхэп. Зэфагъэ хэлъэу тыжъугъэгущыl, Урысыер арымырымэ, хэта республикэ шъхьафитхэр мыукъожьынэу зэкъозыгъэуцуагъэхэр? Тарихъ илъэсхэу къэткlугъэхэм яхьылъэшхо хэта зыплlэу илъэу къезыхьакlырэр?

Джары сэ непэ сызэгупшысэрэр. Сицыхьэ зытелъыр зэкlэ хэгъэгушхомрэ укъызыщыхъугъэ чlыналъэмрэ ялыузи, ягумэкlыгъохэри зэфэдэу угукlэ зэхэпшlэнхэ фае. Сыда пlомэ, зэкlэрыпчынхэ умылъэкlынхэу ахэр зэпхыгъэх. Лъэпкъ политикэмкlэ Адыгеими хэукъоныгъэхэм ащикlугъэп. Экономикэми, культурэми, социальнэ lофыгъохэми ар къяпlолlэн плъэкlыщт. Мыщ дэжьым къэlогъэн фаер сыд фэдэрэ автоном хэкуми lофыгъуабэхэр зэращызэшlуахыхэрэ шlыкlэхэр зэрэзэфэдэхэр ары.

Тихэку апэрапшlэу краим, етlанэ союзнэ республикэм афэlорышlэу зэрэгъэпсыгъэм lоф горэм чlыпlэм кlэщакlо щыфэхъунхэр, народнэ хозяйствэм пэщэныгъэу дызэрахьэрэр демократизацие шlыгъэныр къызэрэзэтырипlажэрэмкlэ къезгъэжьэн. Краимрэ хэкумрэ зэфыщытыкlэу зэдыряlэхэр зэфэдэ фитныгъэхэм атегъэпсыкlыгъэхэп. Хэкум пшъэрылъхэм анэмыкl фитныгъэ гори иlэп.

РСФСР-м и Законэу «Адыгэ автоном хэкум ехьылlагъ» зыфиlоу декабрэм и 3-м 1981-рэ илъэсым аштагъэр, республикэ, край шапхъэм тегъэпсыкlыгъэу къэпlон хъумэ, зытет шъыпкъэмкlэ, агъэцакlэрэп. СССР-мрэ РСФСР-мэ яминистерствэхэм, яведомствэхэм янахьыбэмэ хэкум ит предприятиехэм яхэхъоныгъэкlэ унашъохэр аштэхэ зыхъукlэ, Адыгеим ихэку исполком, ары пакlошъ, ащ щагъэгъозэныр ищыкlагъэу алъытэрэп. Джаущтэу, тапшъэкlэ щыlэ органитlум зэфэдэу тафэlорышlэу зэрэгъэпсыгъэм, мэхьанэшхо зиlэ lофыгъохэм язэшlохынкlэ фитныгъэ гори хэкум зэримыlэм апкъ къикlыкlэ мы аужырэ уахътэм духовнэ, социальнэ лъэныкъохэмкlэ ауж тыкъинэ хъугъэ. Хэкум щыпсэухэрэр икъоу щыгъуазэхэп продукциеу къыдагъэкlыгъэр, къэралыгъом lэкlагъэхьагъэр, къэралыгъом ыдэжь къикlэу къаlэкlахьэрэр зыфэдизым. Мары ар зыфэдэ хъурэр: унагъом къихъухьэгъэ кlалэм бэшlагъэу ыныбжь икъугъ, зиlыгъыжьын ылъэкlэуи къелэжьы, сабыим фагъадэу ащ дэзекlох.

Автоном шlыкlэу зэхэщагъэхэу РСФСР-м икрайхэм ахахьэхэрэм яэкономикэ, якультурэ закъырагъэlэтынымкlэ, кадрэхэм ягъэхьазырынкlэ апэрэ уахътэм, шъыпкъэ, lэпыlэгъу ящыкlэгъагъ. Ау непэ ащ фэдэу автоном шlыкlэу зэхэщагъэхэр бэшlагъэу апкъ иуцуагъэх, политикэ, эко-

номикэ, культурэ щыӀэныгъэм изэхэщэн шӀукӀаеу зыфагъэсагъ, ежь якадрэхэр агъэхьазырыгъэх.

Сэ сызэреплъырэмкӀэ, къэралыгъо гъэпсыкӀэкӀэ зэхэщагъэхэу непэ алъытэрэ автоном хэкухэр административнэ-территориальнэ край статус зиӀэ регионхэм ахэхьанхэ фаеп. Автоном хэкум ехьылӀэгъэ Законри, сэ сишӀошӀыкӀэ, зыштэн фитыр СССР-м и Апшъэрэ Совет ары ныӀэп. Автоном республикэм истатус автоном хэкухэм ятыгъэным игъо къэсыгъ. Автоном республикэм политическэ автономие иӀ, автоном хэкум административнэ ныӀэп иӀэр. Адэ ар зэфэгъэ шӀыкӀа? Зытет шъыпкъэмкӀэ, административнэ хэкумрэ автоном хэкумрэ зыкӀи зэтекӀыхэрэп. СичӀыпӀэгъухэр бэрэ къысэупчӀых: сыда зэрыгъуазэхэрэр, сыд фэдэ нэшанэхэр къыдалъытэхэра ежь иреспубликэ зэхищэнэу зы народым фитныгъэ ратэу, адырэ народым хэку нахь зэхимыщэнэу унашъо зыкӀыщыӀэр? ЗэкӀэми тэ зэфэдэ фитныгъэхэба тиӀэхэр? Цӏыф лъэпкъ пстэуми тихэгъэгу зэфэдэ фитныгъэхэр зэрэщыряӀэхэр СССР-м и Конституцие итхагъэба? Ащ фэдэ упчӀэхэм джэуап ятыжьыгъошӀоп.

Бэрэ къин къысщыхъоу, а Ӏофыгъом сызегупшысэ нэуж сэри мыщ фэдэ зэфэхьэсыжь сыкъызыфэкӀуагъэр: зы народ гори адырэ народым унашъомкӀэ ышъхьагъ итын фитэп. ЗызэрэзахигъэушъхьафыкӀын фэе шӀыкӀэм икъыхэхын ежь народыр ары зиӀофыр. Джащ фэдэу сэрыкӀэ гъэнэфагъэ хъугъэр лъэпкъ Ӏофыгъомэ яӀизын лъэныкъохэр зэхэфыгъахэхэп пӀоми зэрэхъущтыр ары. Зыхэгупшысыхьагъэхэ хэбзэ лъапсэ зэрэщымыӀэм ыпкъ къикӀыкӀэ ащкӀэ Ӏофхэм языжет нахь ымыгъэразэхэу мэхъух, ащ зыфищэхэрэр гъэнэфагъэ – лъэпкъ зэутэкӀыныгъэхэмрэ зэгурымыӀонхэмрэ нахьыбэ зэрэхъухэрэр ары.

Лъэпкъ зэфыщытыкӀэхэмкӀэ СССР-м и Апшъэрэ Совет и Комиссие изэхэсыгъоу джырэблагъэ тиӀагъэм Поволжьем щыпсэущтыгъэ нэмыцхэм, тырку-месхетинцэхэм, Къырым исыгъэ къэндзалхэм къарыкӀощтым тыхэплъагъ. Ащ нахь зэшӀохыгъое Ӏофыгъо джы щымыӀэнкӀи енэгуягъо, ау щытми, ар зэфагъэ хэлъэу зэшӀохыгъэным пае ежьхэм къатефэрэр зэкӀэ ашӀэнэу депутатхэм рахъухьагъ. Зэхэсыгъоу тиӀэщтхэм ащыщ горэм, сэ сишӀошӀыкӀэ, адыгэмэ ямызакъоу зыгъэгумэкӀыхэрэ Ӏофыгъоу «Лъэпкъ политикэмрэ советскэ социалистическэ федерациемрэ хэхъоныгъэ ягъэшӀыгъэныр» иӀофыгъо тыщытегущыӀэнэу сэ къахэслъхьагъ. Сыда мыщкӀэ анахь мэхьанэ зэтыгъэн фаеу слъытэрэр? Автоном республикэхэм, автоном хэкухэм ыкӀи автоном округхэм яполитическэ статус зыфэдэр Ӏупкӏэ шъыпкъэу гъэунэфыгъэн, а формированиехэмрэ зэрэпсэоу СССР-мрэ я Конституциехэм ястатья гъэнэфагъэхэр кӀэу зэхэгъэуцогъэнхэ фае. Ащ дакӀоу къэралыгъочӀыпӀэ гъэпсыкӀэ зимыӀэ лъэпкъ макӀэхэм яполитическэ статуси гъэунэфыгъэн, аужыпкъэм, автоном республикэхэм, автоном хэкухэм, автоном округхэм апае хозрасчетым имодельхэр зыфэдэнхэр ихъухьэгъэнхэ фае. НэмыкӀэу къэпӀон хъумэ, зэфэс анахь благъэу зэӀугъэкӀэщтым щаштэным пае ащ фэгъэхьыгъэ проектыр гъэхьазырыгъэн фае. Гуапэ сщыхъугъ сэ игъо слъэгъоу къахэслъхьагъэр икъукӀэ къазэрэгурыӀуагъэр, тилъэпкъ комиссие иӀофыгъомэ ар зэрахагъэуцуагъэр.

Лъэпкъ Ӏофыгъом лъэшэу уфэсакъын фае, ар апчым фэд, зи арыхэп зэрэпкъутэщтыр. Цӏыф лъэпкъыбэ зэрыс хэгъэгушхом тыщызэдэпсэумэ, тызэгурыӀон, шъхьэкӀафэ зэфэтшӀызэ, тыщызэдыщыӀэн фае. Зыгори пыдзы мышӀыгъэу, цӀыф лъэпкъ пстэухэм яӀыкӀохэми ар афэгъэхьыгъ. УзэрэшӀэнымрэ узэгурыӀонымрэ мэхьанэшхо яӀ. Зэщыхьагъу хъунхэр, агу хэзэрэгъэкӀыныр нахьыбэрэмкӀэ зыпкъ къикӀыхэрэр цӀыфхэм ялъэпкъ зэхашӀэхэр, народым итарихъ администраторхэм ащыщхэм къагурыӀонкӀэ зэрэфэмыехэр ары. Адыгэхэр щысэкӀэ тэжъугъаштэх. Пачъыхьагъум техэкӀо заоу я XIX-рэ лӀэшӀэгъум Къохьэпӏэ Кавказым щыригъэкӀокӀыгъэм епхыгъэу адыгэхэм ятарихъ нэкӀубгъо нэшхъэйхэр мымакӀэу къыхэфагъэх. НародитӀуми ащыщэу Урыс-Кавказ заом бэ хэкӀодагъэр. А охътэ къинхэм ячӀыгужъ рафыгъэгъэ нэбгырэ миллионитф фэдиз непэ Тыркуем, Сирием, Иорданием, Израиль, Югославием, фэшъхьаф хэгъэгухэми ащэпсэух. Арэу зэрэщытзэ, 1988-рэ илъэсым Шъачэ икъэлэ исполком, ащ кӀэлъыкӀохэу ТӀуапсэрэ Новороссийскэрэ яхэбзэ пащэхэм якъалэхэр загъэпсыгъэхэр илъэси 150-рэ зэрэхъугъэр хагъэунэфыкӀыгъ. Къалэхэм анмбжь къызэралъытагъэр пачъыхьэм идзэхэр а чӀыпӀэхэм къазыщырагъэтӀысыкӀыгъагъэхэр, техэкӀо заор

лъыгъэкIотэгъэным пае пытапIэу ашIыщтхэм алъапсэ загъэтIылъыгъэр ары.

Краим ипартийнэ, советскэ органхэм, гъэзетхэм яредакциехэм письмэхэр, телеграммэхэр афарагъэхьыгъэх. Ахэмэ къащагъэуцущтыгъэр зы упчI: сыда а охътэ-датэр аштэнэу къызыхэкIыгъэр? Джащыгъум ищыкIэгъагъэр краим иорганхэр а Iофыгъом джыри зэ егупшысэжьынхэу, еплъыкIэ зэфэшъхьафхэмрэ тарихъ документхэмрэ къыдалъытэхэзэ, ыпэкIэ аштэгъэ унашъом къафагъэзэжьынышъ, тегущыIэнхэу арыгъэ. Адыгэхэр ячIыгугъэхэм акIэдэожьынхэкIэ арыгъэп Iофыр зыфэгъэхьыгъагъэр, ятарихъ шIэжь шъхьэкIафэ къыфашIыныр ары зыфэягъэхэр. Шъыпкъэмк Iэ, тарихъым имэхьанэ купкI къызыгурыбгъэIоным, народым изэхашIэ шъхьэкIафэ фэпшIыным уапылъыным нахьи националист тамыгъэр нахь атедзэгъошIу. ЗэкIэми тэ, лъэпкъышхохэми лъэпкъ макIэхэми ялIыкIохэм, зэпытымыгъэоу зызыфэдгъэсэн фаер интернационализмэр, лъэпкъыбэ хъурэ обществэм тыщызэдыщыIэныр ары. ТкIуачIэ зэхэлъэу, тынаIэ зэтетыжьэу, шъхьэкIафэ зэфэтшIэу тызэдыщыIэ хъумэ, тихэгъэгушхо имамырныгъэрэ зэкъошныгъэрэ нахь лъыдгъэкIотэн тлъэкIыщт.

*1989-рэ илъэс*

## ТизыкIыныгъэ ткIуачIэ хэлъ

Хэгъэгум къыщырагъэжьэгъэ перестройкэм мэхьанэшхо зиIэ Iофыгъуабэхэр къыгъэуцугъэх. Ахэмэ ащыщ РСФСР-м ипсательхэм я Союз исекретариат изэхэсыгъоу мы илъэсым июным и 1-м къыщегъэжьагъэу и 5-м нэс Мыекъуапэ щырагъэкIокIыщтыр. Ар лъэпкъ зэфыщытыкIэхэмрэ литературэмрэ афэгъэхьыгъэщт.

Тихэку хьакIэу къыфэкIощтых Урысыем инародхэм ялъэпкъыбэ литературэ илIыкIохэу Москва, Ленинград, Татарстан, Дагъыстан, Вологдэ, Башкирием, Челябинскэ, Чувашием, Къэбэртэе-Бэлъкъарым, Ярославль, Воронеж, Удмуртием, Бурятием, Рязань, Новосибирскэ, Мордовием, Темыр Осетием, Хакасием, Къэрэщэе-Щэрджэсым, Коми АССР-м, Чэчэн-Ингушетием, Марийскэ АССР-м, Къалмыкъым, Къушъхьэлъэ Алтаим, Якутием, Темырым, нэмыкI чIыпIэхэми къарыкIыщтхэр.

РСФСР-м ипсательхэм я Союз исекретариат изэхэсыгъохэр Мыекъуапэ зыщырагъэкIокIыщт мафэхэм писательхэр тхылъеджэхэм щаIукIэщтых предприятиехэм, еджэпIэ заведениехэм, библиотекэхэм, хэкум иколхозхэм, совхозхэм. Программэм къыделъытэх Мыекъуапэ урысые литературэм и Мафэхэр къыщызэIухыгъэнхэу, Пушкинскэ еджэнхэр щызэхэщэгъэнхэу.

Зэблэгъэныгъэр, зэкъошныгъэр, гъунэгъу зэфыщытыкIэ дэгъухэр... А гущыIэхэм ямэхьанэ, цIыфхэм лIэшIэгъу пчъагъэм зэIуагъэкIэгъэ акъылышIуагъэмэ сянэ афэшъыпкъагъ. Ахэмэ атегъэпсыкIыгъэу ары ежь илъфыгъэхэри, ахэмэ къакIэхъуагъэхэри зэрипIугъэхэр, зэрилэжьыгъэхэр. Ащ игущыIэхэр егъашIэм сщымыгъупшэжьынхэу сыгу къинагъэх: «Лъэхъанэ пэпчъ ежь иеу щыIэныгъэм игубгъо елэжьы. Иакъыл, ыкIуачIэ шIуагъэуи щыкIагъэуи ахэлъхэр, игушIуагъо, игукIае шIоуи ахэлъхэр, игугъапIэхэр, икъиныгъохэр зэгъусэхэу ащ щепхъых. Лэжьыгъэцэ псэухэр, пытэхэр, щыIэныгъэм фытегъэпсыхьагъэхэр ащ къыщыкIынхэм пае мэхьанэшхо зиIэр губгъом узэрэдэлэжьэрэ шIыкIэр ары». Енэгуягъо, нэбгырэ пэпчъ ар къехъулIэкIэ: ыгъэшIэщтым ызыныкъом къехъу ыгъэшIэгъахэу, ащ иIэшIугъи, идыджыгъи ыуплъэкIугъахэ зыхъукIэ, къыгъэшIагъэм ар къыфызэплъэкIыжьы, блэкIыгъэ хъугъэ-шIагъэхэр гурышэкIэ зэпещэчыжьых, ыпэкIэ къэт уахътэм егупшысэ. Сэри сянэ игущыIэхэр бэрэ сыгу къэкIыжьых, къэзгъэшIагъэ щыIэныгъэр сынэгу кIэкIыжьы, сапэкIэ къэт щыIэныгъэм фэгъэхьыгъэ гупшысэхэм сыгу къагъэбырсыры. Сэри сегупшысэ: уахътэ пэпчъ ежь иунаеу губгъо елэжьымэ, ащ къыщигъэкIыгъэр еугъоижьмэ, сыд фэдэ лэжьыгъа сэ сагъэшхыгъэр — IэшIуа, дыджа? А гъомылэмкIэ силъфыгъэхэр, етIанэ ахэмэ къафэхъугъэхэр агъэшхэнхэ алъэкIыщта? БлэкIыгъэ уахътэм ифэмэ-бжьымэ тэ къыттырехьа, къыттырехьэмэ, непэрэ мафэм е тапэкIэ къэт

мафэм ишӀуагъа, хьаумэ иягъа къаригъэкӀырэр? ЗыгорэкӀэ ӀэшӀум ычӀыпӀэкӀэ дыджыкӀэ къыткӀэхъухьэрэ ныбжьыкӀэхэр тэгъашхэхэмэ? Сыда ащыгъум тызэрапӀущт гъомылэр зыкӀэтылэжьыщтыр? ЗэшӀохыгъэнхэ фаеу, ащ дакӀоуи зэшӀомыхыгъошӀухэу упчӀэ пчъагъэхэр къэуцух. ЕтӀани ащ фэдэ упчӀэ пэпчъ шӀокӀ имыӀэу, шъхьэихыгъэ джэуап етыжьыгъэн фае. Джырэ нэфэӀонымрэ шъхьэихыгъэнымрэ яуахътэ ахэмэ тытемыщыныхьэу татежъугъэгущыӀ.

Сыушъэфырэп зэкъош-зэблэгъэныгъэм, зэгъунэгъу зэфыщытыкӀэхэр зэдыряӀэнхэм, лъэпкъ зэфыщытыкӀэхэм афэгъэхьыгъэ Ӏофыгъохэм сызэрагъэгумэкӀырэр. ЦӀыфхэм язэкъош-зэблэгъэныгъэ сыда къызыщежьэрэр? Хабзэ зэрэхъугъэу, кӀэлэцӀыкӀугъор, унагъор, зэгъунэгъухэм язэфыщытыкӀ, къуаджэхэмрэ къутырхэмрэ зэрэзэлъыӀэсыхэрэр,– лъэпкъ зэфэшъхьафхэм яцӀыфхэр зэрэзэхахьэхэрэр ары. Ащ фэдэ зэхэхьэ-зэхэкӀым цӀыфлъэпкъыр ащ лъыпытэу къыфэкӀуагъэп. Зы къэралыгъохэм дзэ кӀуачӀэкӀэ адырэ къэралыгъохэр къызыщызыфагъэӀорышӀэрэ зэманхэр щыӀагъэх. Джы къызнэсыгъэми народхэм ащыщыбэхэр химэ кӀуачӀэхэмрэ хабзэмрэ ятетыгъо ашъхьащыт. Ау щытми, зэгорэм акъылыгъэмрэ гукӀэгъумрэ темыкӀонхэу хъурэп, цӀыф лъэпкъхэр цивилизацием игъогу рыкӀохэзэ нахь зэпэблагъэ мэхъух. ИщыӀакӀэ неущ нахьышӀу хъуным щыгугъызэ цӀыфыр щымыӀагъэмэ, ащ пае мылажьэщтыгъэмэ, дунаим бэшӀагъэу ар текӀодыкӀыжьыныгъэ. НахьышӀум зэрэщыгугъыхэрэ мэфакӀэхэр, гугъэпӀакӀэхэр ащ къыздехьы.

Зэфэшъхьаф цӀыф лъэпкъхэр зэгурыӀохэу хэгъэгубэмэ ащызэдэпсэух. Тэ тихэгъэгу нахь цӀыф лъэпкъыбэ зыщыпсэурэ хэгъэгу къэгъотыгъуай. ЕтӀани а цӀыф лъэпкъ пстэухэр унэгъо зыкӀэу зэкъозыгъэуцуагъэхэр, щыӀэкӀакӀэм яцыхьэ пытэ телъэу зышӀыгъэр Коммунистическэ партиемрэ Совет хабзэмрэ ары. Ар тэркӀэ зэкӀэми тигупсэ хабзэу хъугъэ.

ЩыӀэкӀакӀэр агъэпсынэу большевикхэр къызэрэджэгъагъэхэм сыд фэдэ узыфэзыкъудыирэ кӀуачӀа хэлъыгъэр? Сыдэущтэу ахэмэ тинародхэр зэкъуагъэуцонхэшъ, зылъащэнхэ алъэкӀыгъа? ХэбзакӀэм къызэриӀорэ къодыер армырэу, гъэнэфагъэу, нэрылъэгъоу цӀыф лъэпкъ пстэуми ащыщ лэжьэкӀо цӀыфхэм зэфэдэ фитныгъэхэр аригъэгъотыгъэх, зэкъош-зэблагъэу хъунхэм, шъхьафитэу хэхъоныгъэ ашӀыным, ежь якультурэ, абзэ яӀэнхэм иамалхэр аритыгъэх.

Непэрэ перестройкэр щыӀэныгъэр ары къызыпкъырыкӀыгъэр, ащ уахътэр пхъашэу къыкӀэдаощтыгъэ. Ащ фэдэ политикэр зыгу римыхьыхэрэр щыӀэх, анахьэу ахэр, лэжьакӀохэм ящыӀэкӀэ-псэукӀэ зыфэдэм зыкӀи ымыгъэгумэкӀыхэу, илъэс пчъагъэм унашъохэр афашӀэу щыӀэнхэм есагъэхэр арых. Сыд фэдэрэ бюрократхэми щыӀэныгъэмкӀэ яфилософие зыфэдэр зэкӀэми ашӀэ – фэшъхьафхэм сыд къярэхъулӀ фаеми, ежьхэр тхъэжьыхэу, гъэшхэкӀыгъэхэу, зэрэфаеу щэрэӀэхи ары ныӀэп. Джаущтэу социализмэм изакон шъхьаӀэхэм ащыщыр – социальнэ зэфэныгъэр – Ӏэдэбынчъэу щыгъэзэягъэ хъугъагъэ. Диалектикэм ащи фегъасэхэба: жъы хъугъэм къыомызэожьэу сыдигъокӀи зыкъитырэп, кӀэм, прогрессивнэм игъогу къинкӀэ пхырещы. Сыда зыкӀэтыушъэфыщтыр, тищыӀэкӀэ-псэукӀэ иӀофыгъуабэхэр перестройкэм къычӀигъэщыгъэх, зэрэзэмызэгъыхэрэ лъэныкъохэр щыӀэхэми, тымышӀахэщтыгъэхэр тапашъхьэ къыригъэуцуагъэх.

Ащ фэдэ Ӏофыгъохэм ащыщ лъэпкъхэм язэфыщытыкӀэхэр. Ащ фэдизэуи бэп тешӀагъэр народхэм язэблэгъэныгъэ-зэкъошныгъэ ыцӀэкӀэ хъохъу гущыӀэ къызытӀокӀэ, цӀыф лъэпкъ пстэуми язэдэпсэуныгъэ ащкӀэ дгъэпытагъэу, ахэмэ языкӀыныгъэрэ язэкъошныгъэрэ яхьылӀэгъэ Ӏофыгъор егъэшӀэрэу, къытегъазэ имыӀэу зэшӀохыгъахэ хъугъэу къызытшӀошӀыщтыгъэр. Джа гущыӀэ Ӏэтыгъэхэм зэрар щэхъу къытфахьыгъэп. А уахътэм лъэпкъ зэфыщытыкӀэхэм алъэныкъокӀэ, кӀэкӀэу къэпӀон хъумэ, зыкӀи къэмыгъэшъыпкъэгъэ гуӀэныгъэ къызыхагъэфэгъагъ, лъэпкъ макӀэкӀэ заджэщтыгъэхэм ятарихъ, якультурэ, абзэ зэрэщымытхэу, зэхъокӀныгъэхэр афэшӀыгъэхэу къагъэлъагъощтыгъэх. ЗэнэкъокъухэрэмТ фэдэу, гъэнэфагъэу щымыт идее горэм рыгъуазэхэзэ, цӀыфхэр зыдэгузажъощтыгъэхэр ныдэлъфыбзэр зэрэзэрагъашӀэрэм къыкӀегъэчыгъэныр е зэрамыгъэшӀэхэным техьэгъэныр, арымырми агъэкӀэкӀыгъэ зэрэрагъаджэрэ программэхэр джыри нахь гъэцӀыкӀугъэнхэр ары.

ЗичӀыфэшхо ттелъ тинарод тапэкӀэ къырыкӀощтымкӀэ тэ тщыщ пэпчъ сыд фэдэ пшъэдэкӀыжьышхуа иӀэ хъурэр?

Фэшъхьаф Iофыгъуи сэ сегупшысэ: тижъыхэм яшэн-зекIуакIэхэмрэ яхэбзэ-нэшанэхэмрэ тымыукъоштыгъэхэмэ, лIэшIэгъу пчъагъэхэм къакIоцI акъылышIуагъэу зэIуагъэкIагъэр тыфэсакъэу кIэтыугъуаезэ хэдгъахъощтыгъэмэ, тидуховнэ губгъо лэжьыгъэу къитхыжьыщтыгъэр хэпшыкIэу нахьыбэныгъэ. ЦIыфхэм ягуузхэмрэ ягумэкIыгъохэмрэ нахь куоу зэхэтшIэнхэ фаеу къысшIошIы. Шъэфэп щыкIагъэхэр тихэку ихэхъоныгъэ зэрэфэхъухэрэр. Ар анахьэу зыфэгъэхьыгъэхэр экономикэр, культурэр, тарихъыр арых. Тиавтономие ехьылIэгъэ Законыр зэрамыгъэцакIэрэми гу лъытэгъуаеп.

Гъэнэфагъэ аущтэу Iофхэр зэрэрекIокIыхэрэм кIэух фэшIыгъэн зэрэфаер. ХэкIыпIэ къэгъотыгъэным пае хэкум щыпсэурэ цIыф лъэпкъ пстэухэм акIуачIэ зэгъэуIугъэу, тызыщыпсэурэ унагъом шэпхъэ хэбзэ гъэнэфагъэ щыгъэуцугъэн, бысым шъыпкъэу ащ тыщыщытын фае. Шыгъэн фае тIомэ, ащ къикIырэр тыгъуасэ нахьи нахьышIоу непэ Iоф шIэгъэныр, зыгорэм къылэжьырэмкIэ щыIэн зыгу хэлъхэм ягъогу пыбзыгъэныр, шъхьэкIафэ нэмыкIхэм афэшIыгъэныр, ащ фэдэу ори къыпфыщытынхэр ары. Адэ непэ Iофхэр сыдэущтэу гъэпсыгъэха? Хэкум щыпсэухэрэм тэрэзэу ашIэрэп продукциеу къахьыжьыгъэр, къэралыгъом IэкIагъэхьагъэр, ежь къэралыгъоми тэ къытитырэр зыфэдизыр. Джары шъуIуа гупчэ, край ведомствэхэр пхъашэу хэкум къызыкIыжэхахьэхэрэр? Автоном хэкухэу РСФСР-м икрайхэмрэ нэмыкI республикэхэмрэ ахахьэхэрэм яэкономикэ, якультурэ, ежь якадрэхэм якъэгъэхьазырынкIэ, шъыпкъэ, апэрэ уахътэм IэпыIэгъу ящыкIэгъагъ. Ау ахэр непэ алъэ теуцуагъэх, народнэ хозяйствэм илъэныкъо пстэуми Iоф ащышIэгъэнымкIэ мымакIэу опыт аIэкIэлъ хъугъэ, ежь якадрэхэри къагъэхьазырыгъэх. Ащ къыхэкIэу автономием иIофыгъо пстэуми зыгорэхэр ахэгущыIэхэ зыхъукIэ, фай-фэмыехэми хэкум тапэкIэ хэхъоныгъэ ышIыныр къызэтыраIажэ.

Густырыгъэм зыдетымыгъэхьыхэу, рэхьатэу а Iофыгъохэм ахэплъэгъэн фае. Ахэр ежь щыIэныгъэм, перестройкэм, народ пстэухэм язэхэшIыкI зэрэхэхъуагъэм къазэрэпкъырыкIыгъэхэр къызыгурыгъэIогъэным игъо хъугъэ. Зэдытигухэлъым пытэу тызэгъусэу, акъылыгъэмрэ тыгу шIу зэфилъынымрэ тарыгъуазэзэ, зэкъошмэ зэрашIы хабзэу Iофыгъохэм язэшIохын ыуж тихьэмэ, Iофым хэкIыпIэ къыфэгъотыгъэным тызэдылъыхъумэ, сицыхьэ телъ лъэпкъ зэфыщытыкIэхэр къызэкIэзыгъэблэнхэ телъхьапIэ зэрэщымыIэщтыр.

ТызэрэшIэным, тызэгурыIоным мэхьанэшхо иI. Ау къэIогъэни фае а тызэрэшIэнымрэ тызэгурыIонымрэ лъэныкъорыгъазэу зэрэгъэпсыгъэр. ГущыIэм пае, адыгэхэм ятарихъ блэкIыгъэ тыхэплъэн. Пачъыхьагъум техэкIо заоу а XIX-рэ лIэшIэгъум Къохьэпlэ Кавказым щыригъэкIокIыгъэм ыпкъ къикIыгъэ гомыхь нэкIубгъохэр ащ хэтхагъэх. А заом лъэныкъуитIуми чIэнэгъэшхохэр щашIыгъэх. Къызыщыхъугъэ ячIыгужъ ямыIэжьэу къэнагъэхэу адыгэ минишъэ пчъагъэхэр мы лъэхъаным Тыркуем, Сирием, Иорданием, США-м, Израиль, Югославием, Германием, фэшъхьаф хэгъэгухэми ащэпсэух.

ЗэкIэ ащ ущымыгъуазэу тизэкъош-зэблэгъэныгъэ бгъэпытэн, зэкъош пIуныгъэм Iоф дэпшIэн плъэкIыщтэп. Арэу зэрэщытызэ, адыгэхэм тхьамыкIагъоу къяхъулIэгъагъэм джы къызнэсыгъэми игугъу ашIэу зызэхихыкIэ, ар зыгу римыхьырэмэ джыри уарехьылIэ. Хы ШIуцIэ Iушъом Iут къэлэ заулэхэм «яюбилей цыхьэшIэгъуджэхэр» хагъэунэфыкIыхэу, адыгэхэм анапэрэ янамысрэ зыгъэцыкIурэ статьяхэр гъэзетхэм къыхаутхэу къызаублэм, бырсырхэр къызэрежьэгъагъэхэр, цыхьэ зэфэмышIыныгъэр ащ фэд зыпкъ къикIыгъагъэхэр.

Мыщ фэдэ зэфэхьысыжьым укъыфэмыкIон плъэкIырэп: лъэпкъыбэ хъурэ народхэми, лъэпкъ макIэхэми ялIыкIохэм ренэу интернационализмэм, лъэпкъыбэ хъурэ обществэм тыщыщыIэным зафэдгъэсэн фае. Джыри зы Iофыгъу: уздыщыIэнымкIэ акъылышIуагъэр, ащ уфэIэпэIэсэныр, нахьыпэм зэрашIыщтыгъэм фэдэу, ащкIэ зэгурымыIоныгъэу къахафэщтыгъэр зэраушъэфыщтыгъэр армырэу, ахэр хэмыужъыныхьэхэу, охътэ лые тырамыгъашIэу зэшIуахынхэр ары. Гуапэ тщыхъоу непэ хэтэгъэунэфыкIы адыгабзэм изэгъэшIэн нахьышIум ылъэныкъокIэ зэхъокIыныгъэхэр зэрэфэхъугъэхэр. Мыекъуапэ дэт школхэм адыгабзэр зыщызэрагъашIэрэ классхэр къащызэIуахыгъ, ныдэлъфыбзэм имэфэкIхэр хэкум щызэхащэх,

Адыгеим итарихъ-культурэ очерк пIэлэ кIэкIыкIэ къыдагъэкIыгъ, краим ителевидение адыгабзэкIэ къэтынхэр ригъэжьагъ. Тирадиокъэтынхэм IэкIыб къэралхэм ащыпсэурэ адыгэ мин пчъагъэхэр ядэIух. Ныдэлъфыбзэр пропагандэ шIыгъэнымкIэ «Жъогъобын» журналым ишIуагъэ къегъакIо.

КIэкIэу къэпIон хъумэ, перестройкэу тихэгъэгу щырекIокIырэм гушIогъо зэхъокIныгъэхэр тищыIэкIэ-псэукIэ фешIых. Ау ахэр апэрэ лъэбэкъух ныIэп, народым идуховнэ гъэкIэжьын, ащ иэкономикэрэ икультурэрэ тапэкIэ хэхъоныгъэ ашIыным иублапIэх.

ЗэкIэ рахъухьагъэр гъэцэкIагъэ хъуным пае Iофышхо зэшIуахын фае. Зы нэбгырэ закъом ар ыкIуачIэ къыхьыщтэп. Перестройкэр игъоу зылъэгъурэ пэпчъ ащ ыкIуачIэ рихьылIэн фае. Ащ ыпкъ къикIыкIэ Адыгэ хасэр зэхэщэгъэн фаеу унашъо ашIыгъ. Ащ игухэлъхэм адемыгъэштэн плъэкIыщтэп, гъэнэфагъэу ащ лъэпкъым ишIуагъэ екIыщт: ахэр народнэ хэбзэ-нэшанэхэмрэ шэн-зекIуакIэхэмрэ къэухъумэгъэнхэр, адыгэхэм ящыIэкIэ-псэукIэ ахэр хэмыгъэкIодыкIыгъэнхэр, ныдэлъфыбзэм, тарихъым, культурэм анаIэ зэратырагъэтырэм зыкъегъэIэтыгъэныр, къыткIэхъухьэрэ ныбжьыкIэхэр патриот шъыпкъэхэу пIугъэнхэмкIэ Адыгэ хасэр IэпыIэгъушIу хъущт. Ау ащ хэтхэм ащыщхэр ежь ашъхьэкIэ общественностым, анахьэу ныбжьыкIэхэм, азыфагу «цIэрыIо» щыхъунхэм пае ар къызыфагъэфедэнэу ары зыпыхьэгъагъэхэр. Духовнэ хэхъоныгъэ ышIыным, тапэкIэ лъыкIотэным апае народым ищыкIагъэхэм ахэр агъэгумэкIыхэрэп. КъэIогъэн фаер Адыгэ хасэм исовет хэтхэм дэгъоу къыдгурэIо Адыгеим, Къэбэртэе-Бэлъкъарым, Къэрэщэе-Щэрджэсым, къуаджэхэу краим и Лазаревскэ, ТIопсэ, Успенскэ районхэм арытхэм, хэгъэгу кIоцIым, IэкIыб къэралхэм ащыпсэурэ адыгэхэр нахьыбэрэ зэхахьэхэ шIыгъэн зэрэфаер. Зы лъапсэ зиIэ адыгэ лъэпкъ культурэхэр нахь зэрэгъэбаижьынхэмкIэ, яфэмэ-бжьымэ зэтырагъэхьажьынымкIэ ащ ишIуагъэ къэкIощт.

Лъэпкъ зэфыщытыкIэхэм яIофыгъохэм хэгъэгум зэрэщигъэгумэкIыхэрэр, СССР-м инароднэ депутатхэр хадзыхэ зэхъум, ащ фэдэ упчIэу сихэдзакIохэм бэ къысатыщтыгъэр. СицIыфыгъэ намыс къызэрэсиIорэм тетэу джэуап ястыжьыщтыгъ. УпчIэхэм янахьыбэ зыфэгъэхьыгъагъэхэр Прибалтикэм, Азербайджан, Арменией Iофхэр зэращыщытхэр, регион зэфэшъхьафхэм ащызэхащэрэ митингхэр арых. Урысыбзэм зэрэфыщытхэм ыгъэгумэкIыхэу макIэп къыкIэупчIэщтыгъэр. Бэмэ къагурыIощтыгъэп гущыIэу «двуязычием» имэхьанэ.

Урысыбзэр зилIэужыгъор зыгорэм егъэшIэжьынэу щытэп. Урыс народ закъор арэп ар зыбзэр, цIыф лъэпкъ зэфэшъхьафхэр зэрэзэгурыIохэрэ, зэрэзэхахьэхэрэ бзэу щыт нахь. Ар тиятIонэрэ тызэрыгущыIэрэ тызэрытхэрэ бзэу тэлъытэ. Адыгэхэм зэкъош-зэблэгъэныгъэу урысхэм адыряIэхэм алъапсэхэр лIэшIэгъу чыжьэ дэдэхэр ары къызыщежьэхэрэр. Анахь зэман хьылъэ хэтэу къызыщыхэкIырэми, ахэмэ сыдигъуи агу къэкIыщтыгъэр апэкIэ илъ гъогу пчъэгъабэхэм ащыщэу Урысыем фэзыщэхэрэ гъогур арыгъэ. Тихэгъэгушхо тыщызэкъотмэ, цIыфлъэпкъхэм язэкъош-зэблэгъэныгъэ тыфэшъыпкъэмэ ары ткIуачIи, тигупытагъи къэкIуапIэу яIэщтыр. Ар сыдигъуи зыщыдгъэгъупшэ хъущтэп.

*1989-рэ илъэс*

## Сихэку, силъэпкъ, сихэгъэгу

«...Саусэрыкъоу тикъан, Саусэрыкъоу тинэф, пчымэIуфэр зиашъу, ашъор зиджэнэкокI...» — сятэжъ Бакъэ къыIоу бэрэ зэхэсэхы. Къужъ чъыгым сыкIэрытэу гум еIугъэ, сшIогъэшIэгъон гущыIэхэр сэри къыкIэсэIотыкIыжьы. Мыр нарт Саусэрыкъо фэгъэхьыгъ. Джа лъэхъаным илъэсибл сыныбжьыгъ. Бжыхьэм тиеджапIэ сычIэхьанэу щыт. ГъэшIэгъоныр сицIыкIугъом зэхэсхыгъэ гущыIэхэр джы къызнэсыгъэм сшъхьэ икIыхэрэп. «Саусэрыкъо тикъан, Саусэрыкъо тинэф»,— тыдэ сыщыIэми, гум щыщ хъугъэ мэкъамэр къыкIэсэIотыкIыжьы, сыкъызхэкIыгъэ адыгэмэ нэшIукIэ сарегъэплъы, синэплъэгъуи нахь чыжьэу лъегъэкIуатэ.

Хэгъэгу цIыкIу, хэгъэгушху, цIыф лъэпкъыб, цIыф лъэпкъ макI зыфэпIощтыр сыгу еIурэп. Хэгъэгур хэткIи зы, ар нэмыкI горэм егбгъэпшэныр, фэбгъэдэныр къезгъэкIурэп. Ар уятэ ипчъэIуп, ипшыс, иун, икушъэ орэд. Анахь Iоф макIэхэмкIэ къежьэми, гупшысэр зыщызэрахьэгъэ лIэшIэгъумэ имыщыкIагъэр пагъэтэкъумэ, цIыф Iушыгъэрэ цIыф намысрэкIэ аушъэзэ, непэ къытфынагъэсыгъ. Ежь къымылэжьыгъэ, зыкIимыугъоегъэ шэн-хэбзэ зэхэтыкIэ зимыIэ цIыф лъэпкъ щыIэп.

Миллион заулэ хъущтыгъэ адыгэхэр дунаим щитэкъухьагъэх. Зы утыгу ипщэнхэ, зы шIыхьаф хэпщэнхэ ахэр плъэкIынэп, ау егъашIэм тызэзыпхырэ адыгэ гупшысэр тазфагу щызэпычырэп, тиадыгэ хабзэ тыкъеубыты, тыкъыкъуанэ. ЗэкIэми анахьэу тызэзыпхырэр тыбзэ. Модэ Тыркуе чыжьэм ичылагъо горэм адыгабзэкIэ мыщ фэдэ усэ сыкъыщеджэ: «Щэпсэух дунаим адыгэ лъэпкъхэр, дахэшъы дахэ ягугъэ нэпкъхэр...»

Сыкъызэджагъэр, къасIо сшIоигъуагъэр къагурыIуагъ. Ау мыщ, Мыекъуапэ, хэкум икъэлашъхьэ синэIосэ адыгэ шъэожъые горэм сыщеупчIы: «Уятэрэ уянэрэ сыдэу щытых, псэуха, узынчъэха?» Къысэплъы, къапIорэр къызгурыIорэп къыригъэкIэу, ытамэхэр зэфещэ.

Сипхъорэлъф цIыкIоу Алим илъэсищым нэсыфэ адыгабзэкIэ дэгъоу гущыIэщтыгъэ, кIэлэцIыкIу садым зытэгъакIом, ышIэрэр зэкIэ щыгъупшэжьыгъ. Тэ хэкумкIэ кIэлэцIыкIу журнал тиIэп, кIэлэцIыкIу тхылъэу къыдэкIырэр макIэ, ныбжьыкIэмэ ядыгэ гъэзет къыхаутырэп. Тиадыгэ шэнзэхэтыкIэхэр, пшахъор Iэхъомбэ нэзмэ зэрадэлъэлъырэм фэдэу, тIэкIэкIых. ТызщыгушхукIэу къытхэнэжьырэ закъор унагъор, ащ щызетхьэрэ адыгэ шхыныр ары. Ащ дакIоу сызэгупшысэри мыщ фэд: адыгабзэкIэ тхылъхэр зытхэу тиIэр Iэхъомбэ чIащэкIэ къэплъытэн плъэкIыщт. Джа гупшысэхэри, нэмыкI гупшысэ фэныкъогъэ-шIоигъоныгъэхэри къызщытэджыхэрэр Адыгэ хэкур ары.

Тэ тичIыгу тыращэу Казахстан шъофхэм тарадзагъэп, Сыбыр тарагъэфыгъэп, Урал кIыби тыкъуатэкъуагъэп (шъыпкъэр пIон хъумэ, ащ фэдэ гухэлъи щыIагъ, НКВД-м идзэхэр къытащалIэщтыгъэх, ау тхьэм ынэшIу къытщифагъ, нэмыкIэу пIон хъумэ, щэщэнмэ, бэлъкъармэ, ингушмэ, къэрэщаймэ, къалмыкъмэ арашIагъэр къыташIагъэп). Тинасып къыхьыгъ. Ау адыгэ лъэпкъымкIэ тырамыщыгъэми, тамыукIыгъэми, илъэс пчъагъэрэ унэшъошI дэкъацэм тыбзэкIи, тиадыгэ хэбзэ зэхэтыкIэкIи, тиижъырэ тарихъкIи пытэу тыдэлъыгъ, тигупшысэ нэмыкI гупшысэ лъагъо зэрэтырищэщтым пылъыгъ. Ежь ыIорэр зэкIэми апшъэу, тэ тIорэр зэкIэми акIахэу тигъэпсэугъ. Титыгъи къепсы фэдагъ, къемыпси фэдагъ. Тышъхьафитыгъ, ау тыбгъэ дизэу тIощтым тыфитыгъэп.

Джы лъэхъанэу тызыхэтым елъытыгъэу тищыIакIэ зызэблехъу: край телевидением икъэтынмэ адыгэбзэ къэтынри хэхьэ (макIэ, сыхьатныкъо нахь хъурэп, ау ащ пае тхьаегъэпсэу тIонри къыттефэ). «Зэкъошныгъэ» журналыр тхьэпэ заулэкIэ дгъэкIэкIи, кIэлэцIыкIумэ апае «Жъогъобын» тхылъ гуадзэр къыдэдгъэкIэу тыублагъэ. (Тызыщыщ краим, тызыхэт республикэм ишIуагъэ къытигъэкIыгъа-къытимыгъэкIыгъа?.. Дэгъу тшIагъэр зэрэщытамыгъэгъэтыгъэр). Къалэхэм, чылэхэм еджапIэхэр къащызэIуахы, адыгабзэм, культурэм, тарихъым мэхьанэ нахь раты хъугъэ. Мыекъуапэ еджэпIэ-интернатым адыги, урыси, нэмыкI цIыф лъэпкъ зэфэшъхьафхэм ащыщхэри щырагъаджэх, шIу алъэгъурэ, зыпыщэгъэ сэнэхьатхэм афапIух. Мыщ фэдэ Iофыгъо къехьыжьагъэхэр адыгэ лъэпкъым джыри нахь зиужьынымкIэ, идунэе тетыкIэ-зэхэшIыкIыныр нахь лъыгъэкIотэгъэнымкIэ, закъегъэIэтыгъэнымкIэ ишIуагъэ къызэрэкIощтым щэч хэлъэп. Ау тапэкIэ тшIэнэу къытпыщылъым елъытыгъэмэ, ар джыри мэкIаIо.

Тызыхэт Урысыем елъытыгъэмэ, Адыгэ хэкур инэп – ащ зэкIэмкIи цIыф миллионныкъо фэдиз щэпсэу. Ау хэкум ицIыфмэ Iофэу ашIэрэм сомэ миллиардрэ ныкъорэ къеты. Коцми, натрыфми, тыгъэгъазэми зэхэтэу тонн миллионныкъо къелэжьы, лы тонн мин 40 къеты, щэ тонн мини 125-рэ къыкIещы. Ахэр хэгъэгум иIанэ техьэх, цIыфмэ аIэкIэхьэх. Хэкум къыщашIырэ мебелыр, станок зэфэшъхьафхэр, радиоприборхэр, редукторхэр, робототехникэр, нэмыкIыбэхэр зэрэхэгъэгоу щызэлъашIэ, IэкIыб къэралыбэхэми анэсых.

Ау ыпшъэкIэ зигугъу къыщысшIыгъэхэм япроцент 80-р, къытфэнэрэ шIагъо щымыIэу, хэкум екIы. Тадэжь щыты-

мыгъотырэ лыр, шъоущыгъур, хэтэрыкIхэр, пхъэшъхьэ-мышъхьэхэр, гъэшIоIугъэхэр, IэшIу-IушIум хэшIыкIыгъэхэр, нэмыкI гъомлапхъэхэр, щыгъын зэфэшъхьафхэр хэгъэгум инэмыкI чIыпIэхэм къащытщэфыжьын фаеу тэхъу, джа дэдэхэми IэкIыб хэгъэгухэм тащыIокIэжьы.

Загъорэ сегупшысэ: сыдэу тищыIакIэ ныбжьи угу къэмыкIынэу, бгъэшIэгъон хьалэмэтыеу зэхэлъа! Шъхьи тшIотба, Iэхэри дготба тэр-тэрэу зытфэмыфэпэжьынэу, зытфэмыгъэшхэжьынэуи! КъэпIон хъумэ, тфэлъэкIы, ау... Адыгэ автоном хэкум къылэжьыгъэм щыщэу процент 19-р союзнэ бюджетым, процент 40-р республиканскэ бюджетым, проценти 7-р край бюджетым гъэрекIо ритыгъ. Ащ ипэгъокIэу хэгъэгум къытыжьырэр зы процент ныIэп. Процент 36-рэр ары хэкум иIанэ къытенэжьыгъэр! КIэдэу етIанэ зэфэныгъэм! Мыры социальнэ, экономическэ, политическэ Iофыгъохэр къэзгъэпIэжъгъэйхэрэр. ШъхьэкIэфэ зэфэшIищ зэтетым – апэ краим, етIанэ республикэм, аужым республикэхэм я Союз – хэкум идемократическэ Iофыгъохэр сыдрэ IофкIи къызэтыреIажэ, ыIощтымкIэ, ышIэщтымкIэ, ежь ышъхьэ пае, илэжьакIомэ афэшIушIэным пае нэутхагъэ къызхигъэфэнымкIэ елъахъэ, пIытыгъэ-фызыгъэу еIыгъы.

Краимрэ хэкумрэ азыфагу дэлъ зэфыщытыкIэм зэфэдэныгъэ хэлъэп. Краим хэкур къыумысын, къытешхыхьан фит. Хэкум раIорэр ышIэн фае нахь,фитныгъэ зыфэпIощт закъуи иIэп. 1981-рэ илъэсым къыдэкIыгъэ «Законэу Адыгэ автоном хэкум фэгъэхьыгъэр» краими, республикэми агъэуцакIэрэп пIоми хъущт. СССР-м, РСФСР-м, краим иведомствэ зэфэшъхьафмэ хэкум къырашIыхьащт предприятиехэмкIэ, нэмыкI псэолъэ зэфэшъхьафхэмкIэ къеупчIыжьыхэрэп, ащкIэ унашъоу ашIыгъэр къырагъэлъэгъуныри зэрапэсыжьырэп.

Мыщ дэжь угу къэбгъэкIыжьы хъущт Iэгу теошхокIэ, сыдигъуи зэрэтихабзэу, пэшIорыгъэшъэу, цIыфхэр къызэрэкIэлъэIугъэхэм теткIэ зыфаIогъэ мафэм ехъулIэу, Краснодарскэ хыр зашIым къызэрэзэIуахыгъагъэр. Зыфэдэ щымыIэ чIыгу дэгъу гектар минибэ, мэкъупIэхэр, мэз кIыр-шIагъохэр, чылэгъо 22-у агъэкощыгъэмэ якъэхалъэхэр, ятарихъ чIыпIэхэр, щыIэкIэ къинми, гушIуагъоми



къыхэтэджыкIыгъэ псэупIэхэр къэгъазэ имыIэжьэу Iэрышl хы чIэгъым чIихьагъэх. Адыгэм ипроцент 12-р ятэжъмэ алэжьыгъэ, къаухъумэгъэ чIыр ямыIэжьэу къэнагъ. Джы къызнэсыгъэми унэгъо шъэ пчъагъэхэм зычIэсын, зыщыпсэун унэ тэрэз яIэп, зыщылэжьэн IофшIапIи агъотырэп. ЦIыфмэ афашIыгъэ унэхэр кIэтхъэфэ-пытхъафэх, чIыгоу адэлъыри макIэ. Теуцожь къалэу зыдагъэтIысхьагъэхэми джы къызнэсыгъэм зы предприятие горэ щашIыгъэп. Пчэдыжь къэс цIыфыбэ дэкIышъ, Краснодар, нэмыкI чIыпIэхэм IофшIапIэ макIох. Мафэ къэс хым иягъэ агъэкощыгъэ цIыфмэ къякIы: унэ чIэгъхэм псыр ачIэт, псынэмэ арыз, хым пэгъунэгъу колхозхэм, совхозхэм ячIыгухэр егъэкIоды. Илъэс къэс хыр мэсэи, игъэкъэбзэн пэIуагъэхьэрэ мылъкур нахьыбэ мэхъу, зыфаIогъэ пцэжъыери щымакI. Хым иягъэ къызэрэкIорэм ыпкъ къикIэу Кубань шъолъырым, анахьэу адыгэ чIыгум, идунай зызэблехъу. Агъэкощыгъэ цIыфхэу илъэс пчъагъэм гупсэфыпIэ имыфагъэхэм ягукъао Пшызэ джабгъу нэпкъ къыщылъэгъорэ Гидрострой къэлэ цIыкIоу мыжъофым хэшIыкIыгъэр зыкIэ ащыщ. ЦIыф гухэкIым къыхэпыджэжьырэм фэдэу, Гидростроир мыжъо зэщымыщкIэ пкIагъэу, къаIущхыпцIэрэм фэдэу къашъхьащыт.

ГъэшIэгъонба хъурэр, цIыфмэ афэшIушIэ аIозэ, яIоф нахь дэи ашIыгъ. Мыщ фэдэ Iоф никъуашIэхэр ары тызымыгъэхъурэр, лъэпкъ зэфыщытыкIэхэри къэзгъэбырсырыхэрэр. Хыр ашIын зэхъум, зытырашIыхьэгъэ чIыгур зые адыгэ лэжьэкIо жъугъэмэ къяупчIыжьыгъэхэп. Мыщ дэжьым джырэблагъэ СССР-м и Апшъэрэ Совет чIыгум фэгъэхьыгъэ Законэу щытштагъэр сыгу къэкIыжьы. Зэмыжэгъэхэ Iофыби къыпыкIыгъ. Мы Законыр анахьэу зэхьылIэгъагъэр, зыфэлажьэщтыгъэр союзнэ республикэхэр ары. Тэ, цIыф лъэпкъ макIэмэ ялIыкIохэм, депутатхэм, чIыгум еплъыкIэу фытиIэр къэтIэтыгъ. ЧIыгур ным фэдгъэдагъ, ны цIыкIуи, ны ини щыIэп. Хэтырэ цIыф лъэпкъи – орэбэ, орэмакIэ! – егъашIэм ылэжьыгъэ, ипкIантIэ зыхилъхьэгъэ, къыухъумэзэ лъыкIэ ыгъэшъокIыгъэ чIыгур ий, ащ иIизын хэмылъэу зи епшIэн уфитэп. ТIуагъэми СССР-м и Апшъэрэ Совет щыщ депутатмэ къыдырагъэштагъ, джа еплъыкIэ зафэр Законым къыдырагъэлъытагъ.

ТапэкӀэ чӀыгум фэгъэхьыгъэ джащ фэдэ Закон щыӀагъэмэ, Краснодар хымкӀэ (джы къызнэсыгъэми бгъэшӀэгъонэу щытыр Адыгэ хы аӀоу ыцӀэ зыкӀырамыӀуагъэр ары!) адыгэмэ къяхъулӀагъэр къяхъулӀэщтыгъэп. Мыщ фэдэ шъхьэлъэшыгъэ ӀофыгъуитӀу горэ адыгэ чӀым къибгъэтаджэмэ, ащыгъум Адыгэ хэкур егъашӀэм бгъотыжьынэп. Арымырми, лӀэшӀэгъу блэкӀыгъэм щыублагъэу макӀэп адыгэмэ акӀэхэкӀыгъэр – къямызэуагъэха, ячӀыгу атырамыхыгъа, зэбгырамыфыгъэха, тыркуикӀыжь хыпсым рамыгъэтхьэлагъэха, дунаим ичӀы къопабэмэ акъуамытэкъуагъэха?!

РСФСР-м икрайхэм ахэхьэрэ автоном хэкухэм зэгорэм, апэрэ лъэбэкъухэр зыщадзыгъэ лъэхъаным, экономикэм, културэм зыкъегъэӀэтыгъэнымкӀэ, ежьмэ ащыщ цӀыф Ӏофышӏэхэр къыхэхыгъэнхэмкӀэ, пӀугъэнхэмкӀэ ӀэпыӀэгъу ящыкӀэгъагъ. Ау непэ ахэмэ ящыкӀагъэр зэкӀэ яӀэ хъугъэ, умышӀэжьынэу бэкӀэ ыпэкӀэ лъыкӀотагъэх. ЛъэхъаныкӀэу тызыхэтым елъытыгъэу фитныгъэу яӀэн фаер къэӀэтыгъэнэу кӀэдэух.

КъызэрэсшӀошӀырэмкӀэ, автоном хэкухэр административнэ-чӀыпӀэ краевой статус зиӀэмэ ахэтыныр непэ къекӀужьырэп. Ахэмэ яхьылӀэгъэ Законыр СССР-м и Апшъэрэ Совет ыштэнэу сэлъытэ. Нахь чыжьаӀоу уплъэмэ, сыда автоном хэкумэ ащыщхэм автоном республикэ Ӏизын зыкӀямытыгъэн фаер? ПӀопэнэу хъумэ, автоном хэку унэшъошӀхэмрэ автоном республикэхэм яунэшъошӀхэмрэ зэрэзэтекӀырэ шӀагъо щыӀэп. Сыда зы цӀыф лъэпкъым республикэ, адырэм автоном хэку зыкӀиӀэн фаер аӀошъ, къысэупчӀых. ЦӀыф лъэпкъ пстэухэм тызэфэдэба, СССР-м и Конституцие тиӀизын къыухъумэрэба? Джащ фэдэ упчӀэмэ джэуап ятыжьыгъуай.

ЕтӀани Ӏофым узегупшысэкӀэ, сыда зы лъэпкъыр нэмыкӀ лъэпкъым зыкӀышъхьэщытын, ыӀорэр зэкӀэ зыкӀыригъэшӀэн фаер? Хэтырэ лъэпкъи ежь идунэететыкӀэ шъхьаф иӀ, шэн-хабзэ хэлъ. Ахэр нэмыкӀ лъэпкъым идунэететыкӀэ, еплъыкӀэ, ицӀыфгъэпсыкӀэ хэбгъэзыхьанхэр, зэрэщымытэу пшӀыныр, нэмыкӀ гупшысэ хэплъхьаныр къекӀурэп. Хэтырэ лъэпкъи ежь идунэететыкӀэ гупшысэ диштэу бгъэпсэун фае нахь, утеӀункӀэныр, бгъэсэжьыныр, бгъэщынэныр фэшъуашэп, ар лъэхъаныкӀэу тызыхэтым ыштэщтэп. Джащ



фэдэ шъхьэлъэшыгъэ шӀыкӀэм цӀыф лъэпкъ зэфыщытыкӀэхэр къеукъо, къегъэбырсыры нахь, лъигъэкӀуатэрэп.

Хэтрэ цӀыф лъэпкъи итарихъ нэпс дыдж-гушӀуагъохэмкӀэ зэхэты, къадэхъугъэ-къадэмыхъугъэ гухэлъхэмкӀэ зэхэлъы. Ижъырэ лъэхъан къяхъулӀэщтыр амышӀэу, зытехьащтыр амышӀэу гъогу зэхэкӀым адыгэхэр Ӏутыгъэх. Анахь гъогу тэрэззэу яӀагъэр Москва екӀолӀэрэ гъогур ары. Я XVI-рэ лӀэшӀэгъум тырку султӀаным Оттоман империем шъукъыхахь адыгэмэ къазыреӀом, Къэзанэкъо Джэбэгъ, адыгэ лӀы Ӏушым, мырэущтэу ыӀогъагъ: «Сэ чылагъомэ садэхьагъ, къыспэкӀафэрэ пэпчъ, кӀакӀор зыплӀэӀу изымыдзэжьышъурэ лӀыжъмэ, чыжъыемэ атес шъэожъыемэ, зэогъукӀэ шы лъабжъэм налыр къыкӀэзыутыхэрэ джыгытмэ сызяупчӀым, тэ къош лъэшрэ къош хьалэлрэ тпэгъунэгъоу сыда химэ хэгъэгу етшӀэщтыр аӀуи, джэуап къысатыжьыгъ». Мы гущыӀэхэр заӀогъэ уж адыгэмэ бэ атехъыкӀыгъэр, бэ къарыкӀуагъэр. Ари нэкӀубгъуабэу зэхэт тарихъ псэу мэхъу. БлэкӀыгъэ лъэхъан чыжьэм сегупшысэ зыхъукӀэ, мыщ фэди сыгу къехьэ: илъэс шъиплӀым къехъукӀэ узэкӀэӀэбэжьымэ адыгэхэр ежьмэ яшӀоигъоныгъэкӀэ Урысыем гохьэгъагъэх нахь, егъэзыгъэ Ӏоф хэлъыгъэп. Я XIX-рэ лӀэшӀэгъум адыгэмэ къащяхъулӀэгъэ тхьамыкӀагъори шъхьэм икӀырэп. 1918-рэ илъэсым иреволюцие лъэхъан Бжъэдыгъу лъэныкъомкӀи Кощхьэблэ чылэми лӀы хэшыпыкӀыгъэ куп пчъагъэ зэрэщаукӀыгъагъэр тиадыгэ тарихъкӀи щыгъупшэжьыгъуай. Ахэмэ аужи гушӀогъуабэ Совет хабзэм адыгэмэ къафимыхьыгъэу щытэп, ащ ыужьыжьыгъэмэ, икӀэрыкӀэу насып къызфихьыжьыгъэмэ ахэри ащыщых…

…Хэгъэгум икарт сеплъы, Урысыем икъыблэ лъэныкъу, Краснодар край, чӀыр зыщышӀу Пшызэ шъолъыр. Мыщ, зэгорэм адыгэ чӀыгугъэм, Адыгэ хэкур къогъу пэкӀэ къосэу хэкӀутагъ. ИшъыпкъапӀэ пӀотэн хъумэ, картым къыщэлъэгъо къодый ныӀэп, ащ изакъоп, хэгъэгум итхылъыпӀэхэми джары ныӀэп зэритыри. Тишъхьафитыныгъэ чыжьэу нэмысэу, крайисполкомым ынатӀэ еолӀэжьы, ащ ипланова-гощын зэриӀоу тэпсэу. Партием икрайком игугъу сшӀыжьырэп, мыщкӀэ тиӀоф зэрэщытыр нафэ. Ащ иапэрэ секретарэу И.К. Полозковым адыгэмэ афэгъэхьыгъэу ыӀуагъэр къыкӀэпӀотыкӀыжьыми хъущт: «…Щыпсэурэ

цӀыфмэ ащыщмэ яззэхэшӀыкӀ националистическэ элементхэр ахэкӀыгъэп, ахэр анахьэу загъорэ интеллигенциемрэ студентхэмрэ къахэщы. Ахэмэ ащыщхэм гъэблыным федэ къыхахын яхьисап». Сыдэу къэтшӀэжьырэ гущыӀэх мыхэр? «Ахэмэ ащыщхэм», «зыгорэхэм», «загъорэ»… Джарэущтэу гущыӀэхэр зыӀэкӀэбгъэзыхэмэ шӀошъмыхъуныгъэр, нэмыплъыр лъэпкъ зэфэшъхьафмэ азыфагу къыдэхьащт. Мы гущыӀэхэр къызыщаӀуагъэр джау сыдми чӀыпӀэ горэу щытэп, перестройкэм иятфэнэрэ илъэс краим щашӀыгъэ идеологическэ зэӀукӀэр ары.

Джар ишӀыкӀэу лъэпкъ зэфыщытыкӀэхэм яӀофыгъо гумэкӀхэр аубытыхэшъ, къикӀыщтым пымылъхэу, зэрэфаехэу зэпырагъазэ. МыщкӀэ национализмэр шъэфэу къытпашӀэн яхьисап. Ау къэӀогъэн фае национализмэр утыгу нэкӀым къызэримытаджэрэр, шовинизмэ еплъыкӀэми ар къыздимыхьэу щытэп.

Краим иӀэшъхьэтетхэм мыщ фэдэхэр аӀохэу зэхэпхыщт: «…адыгэмэ Ӏэшъхьэтет бащэ къахэкӀы», «…адыгэ ныбжьыкӀэхэр бзэджашӀэх, зэуакӀох». Крайсоветым иисполком итхьаматэу Н. И. Кондратенкэм народнэ депутатхэм ясессие адыгэмэ национализмэр къащыфидзыгъ, ау зэригъэмысагъэхэр къызэригъэшъыпкъэжьырэ щысэ къыхьыгъэп. Къыхьыни ылъэкӀыщтыгъэп – щыӀэп ащ фэдэ щысэ! Ащыгъум сыда къыӀуагъэм къикӀырэр? Политическэ гущыӀэ мышъо-мыла? Хьауми непэ зэрэфаеу гущыӀэмэ арыджэгугъа? Адыгэ лъэпкъым цыхьэ фишӀырэба? КъызэрэсшӀошӀырэмкӀэ, апэрэри, ятӀонэрэри, ящэнэрэри ары – шъхьэлъэшыгъэ-унэшъотын ӀофшӀакӀэу автоном хэкум къыдаӀыгъыгъэр ыгу пыкӀырэп. Сыдэущтэу мыщ дэжьым Лениныр угу къэмыкӀына, ащ зэриӀощтыгъэу «лъэпкъ зэфыщытыкӀэм уфэсакъын фае, пщыущэн нахьи, умыщыупэмэ, нахьышӀу».

Джа «щыугъэщэныр» джырэ Ӏофыгъомэ, емыкӀу нахь мышӀэми, бэрэ ахэолъагъо. Ар апэ зыхэплъагъорэр краим, хэкум фитныгъэ къыримытэу идэкъацэ зэрэдигъэлъырэр ары. Краим иӀоф хэмылъэу экономическэ-социальнэ Ӏофыгъо инхэр хэкум зэрихьан фитэп.

Сыд фэдэрэ автоном хэкуи занкӀэу РСФСР-м епхыгъэн фаеу сэлъытэ. Джащ фэдэх ненцэхэри, хантхэри, мансхэри, чукчэхэри, нивххэри, нэнайцэхэри, ульчхэри, эвенкхэри,



удыгейцэхэри… МэшӀокум тисэу нэӀуасэ сызыфэхъугъэ лӀыр угу къэкӀыжьымэ, джы мыр шъыпкъэ дэд: аущтэу Ӏофыр зыщытыкӀэ, Къыблэри Темырри зэпэгъунэгъубз!..

Лъэпкъ зэфыщытыкӀэр уӀэгъошӀу, апчым фэдэу къутэгъошӀу. Тэ цӀыф лъэпкъ зэфэшъхьафхэр зэрыс хэгъэгушхо тыщэпсэу. Арэущтэу зыхъурэм, тизэфыщытыкӀэхэм щэӀэныгъэ, зэфэсакъыжьыныгъэ, гуфэбэныгъэ ахэлъын фае. Анахьэу ар зыхэлъын фаеу къызтефэрэр цӀыфмэ апэ рагъэуцогъэ пащэхэр ары. Къэптхын хъумэ, ар джары зэрэхъурэр, щысэкӀэ къэбгъэлъэгъон хъумэ, мыры Ӏофыр зытетыр: 1988-рэ илъэсым Шъачэ, ТӀуапсэ, Новороссийскэ къалэхэм аныбжь илъэси 150-рэ зэрэхъугъэр хагъэунэфыкӀыгъ. Урыс пачъыхьадзэр къызщякӀугъэ илъэсым щыублагъэу къалэмэ аныбжь тыралъытагъ, адыгэхэр дунаим ипхъыхьэ-итэкъу зышӀыгъэ Урыс-Кавказ заом икъежьапӀэ тырагъэфагъ. Краим ипартийнэ-советскэ унэшъошӀмэ, гъэзетмэ афэтхагъэх, телеграммэхэр афагъэхьыгъэх. Адыгэхэм якӀодын икъежьапӀэ сыда къалэмэ ямэфэкӀхэр зыкӀытежъугъэфагъэр араӀуагъ. Краим иунэшъошӀыхэр цӀыф жъугъэмэ яшӀошӀ къедэӀугъэхэп, зыфаер ашӀагъ. Зэгорэм ячӀыгъэр атырахыжьын гухэлъ адыгэмэ яӀагъэп, титарихъ лыуз, титарихъ напэ шъукъыфэсакъ араӀуагъ нахь. Адэ джары, национализмэр зыгорэм пыпшӀэныр нахь псынкӀ, цӀыф лъэпкъым итарихъ блэкӀыгъэм ухэгупшысысыхьаным, илыуз уеӀэсэкӀыным нахьи!

Ферганэрэ Тбилисрэ, Сумгаитрэ Кишиневрэ, Степанакертрэ Узенрэ цӀыфыбэмэ тхьамыкӀагъохэр къащяхъулӀагъ. Ахэмэ ятхьамыкӀагъо сызегупшысэкӀэ, мыщ фэдэ упчӀэхэр гум къехьэх: сыда партийнэ-советскэ ӀофышӀэхэр цӀыфмэ закӀыхэмыхьагъэхэр? АраӀуагъэр къызыкӀырамыдзагъэр? Милицейскэ хьэшъо бэщхэмрэ дзэ уӀэшыгъэхэмрэ нахь кӀочӀэ лъэш яӀэу къычӀэкӀыгъ. Мыхэм ягугъу СССР-м инароднэ депутатмэ я Съезд, СССР-м и Апшъэрэ Совет исессиехэм ащашӀыгъ, къыкӀэсӀотыкӀыжьыщтэп. Ау зэкӀэми мыр анахь сшӀогъэшӀэгъон: сыда писательхэр, культурэм иӀофышӀэхэр – цӀыф лъэпкъым ынапэхэр тхьамыкӀагъом хэфэгъэ цӀыфхэм апашъхьэ зыкӀимыхьагъэхэр, яӀорэ яшӀэрэ закӀыхамылъхьагъэр? Узэшъугъужьын, узэфычӀэтӀэн, зыгорэм итхылъ нахьыбэрэ, нахь макӀэрэ къыдагъэкӀы пӀон

нахьи, гущыIэ дахэ, гущыIэ къотэгъу укъызхэкIыгъэ цIыф лъэпкъым фэпшIымэ, укъоуцомэ, имыщыкIэгъэ лъэбэкъу емыгъэшIымэ зэкIэми анахьышIу.

Мыекъуапэ иурам горэм къыщысэхъулIэгъагъэр сщыгъупшэрэп. НыбжьыкIэ купым блэкIыгъэ лIэшIэгъум иадыгэ быракъ аIыгъэу рыкIохэ зэхъум, сакIэрыхьагъэп, садэгущыIагъэп, зытехьэгъэхэ гъогум зыдищэхэрэмкIэ сяупчIыгъэп. Гур пиIонтIыкIэу сяплъэу ыбгъукIэ сыщытыгъ. Сыд фэдэ гъогуа мыхэр неущ зэрыкIощтхэр?..

Адыгэ быракъым игугъу къызыщысшIыгъэм, ащ еплъыкIэу фысиIэм гущыIэ заулэ къесIолIэн. Адыгэмэ ялIэшIэгъу хьылъэ блэкIыгъэм къыIэтыгъэ быракъ щыIагъа-щымыIагъа? Ащ фэдэ быракъ щыIагъ, нэмыкIхэм ягугъуи къэпшIын плъэкIыщт. Быракъэу сыкъызтегущыIэрэр Урыс-Кавказ заоу адыгэ шъолъырым итыгъэм къыхэтэджыкIыгъ. Адыгэ чIыгур, адыгэ намысыр, адыгэ шъхьафитныгъэр къэухъумэгъэнхэмкIэ быракъым ишIуагъэ къэкIуагъ, адыгэ гу лъэшыби ычIэгъ къычIэтэджагъ, адыгаби чIэунэхъуагъ. Мыр щэрихьат, бысльымэн быракъ къодыягъ пIоныр тэрэзэп. Адыгэ лIыгъэ шъхьафит быракъэу зэгорэм щыIагъ, ар адыгэ тхьамыкIэгъо тарихъым уфай-уфэмыеми хэбдзын плъэкIыщтэп. Ау сыгу къеорэр нэмыкI, сыушъэфынэп. Илъэс тIокIищырэ пшырэм къехъугъэшъ, адыгэхэр Совет хабзэм ибыракъ чIэтых. Джа быракъыр янэплъэгъоу гъэхъэгъэ макIэп адыгэмэ яхэку, яхэгъэгу щашIыгъэр, ау нэмыкIи тыушъэфынэп – тхьамыкIэгъо макIэп къыщяхъулIагъэр. Ау узегупшысэкIэ, адыгэ тIэкIоу ичIы къинэжьыгъэм Октябрэшхом ыуж янасып зиIэтыгъ нахь, еохыгъэп, ар хэти инэрылъэгъу, ишыхьат заф. Адыгэ быракъыр ныбжьыкIэ купымэ къызырахьыжьэм, Совет быракъыр зэращыгъупшагъэр сыгу къеуагъ, зыфэсхьын сшIагъэп. Ащыгъум сыд къэзгъэуцухэу ар зыкIясымыIуагъэр? Ащи джэуап ищыкIагъ, ари Iоф шъхьаф.

Къэтэджыгъэ упчIэм джэуап къестыным ыпэкIэ тинепэрэ адыгэ зэхэтыкIэ фэгъэхьыгъэу гущыIэ заул. Адыгэмэ къакIугъэ гъогум къыхиушъхьафыкIыгъэу шэн дэхабэ тхэлъ. Ахэмэ шъхьэкIэфэныгъэр зыкIэ ащыщ. НахьыжъмэIаджыри тицIыкIугъом тшъхьашъо раутыгъэу къэсэшIэжьы. Ащ пае шъхьакIо тшIэу къыташIагъэр тятэ-тянэмэ ятIожьыгъэп. ТимыIорышIагъэ къытфихьыгъэм Iушы тишIыгъ нахь, зыми тедэожьыгъэп. Адэ джырэ ныбжьыкIэмэ мышIапхъэу ашIэрэм пае зыгорэ яIолъ. ШъхьэкIафэр хэсэгъэкIышъ, укIытэжьыгъо чIыпIэ урагъэфэщт, аIэ къызэрэптыращэещтыри зэуи арэп. Шъыпкъэр пIощтмэ, щынапхэмэ сащымыщми, джары ныбжьыкIэ купмэ сапэгъокIынкIэ, зыкъязгъэшIэжьынкIэ сыкъэзэзыубытыгъэр.

Адыгэ быракъымкIэ джыри упчIэхэр къэтэджых. Сыда къызэтынэкIыгъэ лъэхъанхэм быракъым игугъу зыкIыщытымышIыгъэр? Сыда шIуагъэу, дэеу ащ адыгэмэ къафихьыгъэр? Адыгэ гупшысэм сыд ащ джыдэдэм чIыпIэу щиубытырэр? Тинепэрэ щыIакIэрэ титыгъосэрэ щыIакIэрэ, тызхэт тарихъымрэ блэкIыгъэ тарихъымрэ сыд фэдэха? УпчIэм ыуж упчIэр къыкIэлъэкIо. Джа упчIэмэ тэры – писательхэр, шIэныгъэлэжьхэр, культурэм иIофышIэхэр, мыхэмэ партием, Советым икъулыкъушIэхэр ахэсхырэп,– джэуап язытыжьынэу къызытефэхэрэр. Джа псэукIэр тищыIакIэ дэтIыгъыгъэмэ, быракъым, нэмыкI адыгэ Iофыгъохэм фэшъошэ еплъыкIэ афытиIэщтыгъэ, тинахьыкIэхэри рытпIун, рыдгъэсэн тлъэкIыщтыгъэ. Ау тэ загъорэ ахэмэ таблэIэбыкIышъ, ныбжьи тыгу къэмыкIыгъэр адыгэ гупшысэм къыхэтэхьэ, уатэр дэтIыгъэу хэтэгъэзыхьэ...

Сэ сихэку, сихэгъэгу, силъэпкъ шIу сэлъэгъу. Джары къырым нэгъоймэ, тырку-месхетинцэмэ, курдмэ, нэмыкI лъэпкъымэ яхьазаб щыIакIэ сыгу зыкIигъэузырэр. Зигугъу къэсшIырэмэ ащыщхэр, мэшIокумэ аратакъуи, ращыгъагъэх, нэмыкIмэ ялъэгучIэгъ ячI чIатхъы. Джы къызнэсыгъэм СССР-м инароднэ депутатэу Гаер Евдокие съездым къыщиIуагъэхэр сщыгъупшэжьырэп, икуо макъэ сынэгу кIэт, стхьакIумэ ит. Лъэпкъ макIэмэ ящыIэкIэ купкI чIыгур, лэжьэкIупIэхэр, зыщышэкIорэ чIыпIэхэр, псыхъохэр, мэзхэр – хэгъэгу Iофыгъомэ апай аIошъ, (тэри тыгу джыри къэдгъэкIыжьын Краснодар хым ишIыкIэ) министерствэ зэфэшъхьафмэ атырахы.

Джырэблагъэ курд лIыжъ горэ садэжь къэкIогъагъ:

– Тыдэрэ чIыпIи тыкъырафы, Арменуеми, Азербайджани тырящыкIагъэп... СССР-м инароднэ депутатхэм я Съезд урыс писатель горэм, ыцIэ къэсшIэжьрэп, Урысыери псэупIэ шъуфэхъущтэп къыщиIуагъ. Тыдэ тыщыпсэу-

щта, сикӀал? Сыдэущтэу тисабыйхэр, типхъорэлъф цӀыкӀу-хэр тпӀущтха, едгъэджэщтха?..

Курд лӀыжъым сыдэущтэу джэуап естыжьын слъэкӀыщт? Хэгъэгум щыратэкъухьэгъэ цӀыф лъэпкъым хапӀэ иӀэ, унэ щишӀы шӀоигъу. Ащ ыбзэ, ишэн-зэхэтыкӀэ, икультурэ къыухъумагъ. Ары шъхьакӀэ, орэдым къызэрэщаӀоу, «тихэгъэгу шӀагъо» щыпсэунэу чӀы къуапэ щигъотырэп. Джа тхьамыкӀагъор зытелъыр курдмэ язакъоп. Сэ СССР-м и Апшъэрэ Совет цӀыф лъэпкъ зэфыщытыкӀэмэ апылъым и Комиссие сыхэт, ау джа Ӏофыгъом джэуапэу естыщтыр къин къысфэхъу. АщкӀэ сшӀэрэ закъор мары: уиунэ зытет чӀым, укъызэрыхъухьэгъэ бгъагъэм, узыщапӀугъэ кушъэм яӀэшӀугъэ умышӀэу, дунаишхор шӀу плъэгъун плъэкӀыщтэп!

Зы цӀыф лъэпкъ зытшӀызэ, коммунизмэм тызэрекӀущтыр ары тэ джы нэс тызыпылъыгъэр, тыздакӀори кӀодыри зыфэдэр къыдгурыӀощтыгъэп, тегупшысэнэуи тыфэягъэп. Тыбгъэ тытеожьымэ, шъонтырпаом дедгъаштэзэ, къыщытынэрэм тыфыремыплъэкӀыжьэу, тапэкӀэ тызэрэкӀощтым тыпылъыгъ нахь, къытэхъулӀэщтым тигъапэщтыгъэп.

Адыгэ автоном хэкур занкӀэу РСФСР-м епхыгъэ зэрэхъущтым иӀофыгъохэр къэзыӀэтырэмэ, зезыфэрэмэ сащыщ. Ау мы ӀофымкӀэ хэку шъыпкъэми зэкӀэми къызэрэщыздырамыгъаштэрэри сэшӀэ. «Националистыр» къызэрэспашӀэщтыри сымышӀэу щытэп. Сыда чыжьэу узкӀэӀэбэжьыщтыр, унэм къысфытеох, сагъэщынэ: зыфэсакъыжь, ори уиунагъуи тхьамыкӀагъо къяхъулӀэщт. Мыщ фэдэ орэдми, щхыпцӀыхэзэ, сырагъэдэӀу: «Русские дети играли в индейцев... Долго горели дома адыгейцев...» Мыр нэмыплъа, гухьэ-гужъ гупшысакӀа? Ары, нэмыкӀ еплъыкӀэ ащ иӀэп! Ау мы гущыӀэ дыджхэу ижъырэ лъэхъаным къыпызыжьхи, куоу чӀэтымыухъумэжьыгъэхэр ары непэ къычӀэужьыгъэхэр!

Диныр сылэжьырэп, ау етӀани «а си Тхь, сыд тшӀэщтыр, сыдым тыфэамал» загъорэ сэӀо. Сыд фэдизырэ Тхьэм уелъэӀугъэкӀи, къыпфишӀэщтым ущыгугъыгъэкӀи, ежь-ежьырэу цӀыфым иакъыл къыхьэу зыфимышӀэжьымэ, зыми къыпфишӀэщтэп. Ор-орэу, цӀыфыр, убгъэгу шъэбагъи, жъалымыгъи, шъугъони дэлъмэ, зэушъыижь, зэгыижь, зыумысыжь! Непэ, адыгэмэ ямызакъоу, хэтырэ лъэпкъи зыщыгупшысэн, ыгу шӀу зыщилъын уахът тызхэтыр. ПӀэ дагъэмэ, пшъхьэ щыпфэжьынэу арэп, дагъэ зыхэмылъым дагъэ щыпфэжьынэу ары.

ЦӀыфхэр къэлэ пчэгум итых. Ахэмэ къызэдаӀо: тэр-тэрэу республикэу тыпсэущт, тыпсэущт, краим тепхыгъэ-щтэп.

Ор-орэу упсэуныр, сымышӀэу щытэп, хьылъэ. ЗэкӀэми анахьышӀуба зыгорэм урикӀыбэгъэу ущыӀэныр, шъхьэуз уимыӀэу унашъо пфишӀыныр, уигъэшхэныр, уифэпэныр... Ары шъхьакӀэ, зыгорэм къыпфишӀэрэм пае уиӀэ тӀэкӀумкӀэ зыптыжьын, зыпщэжьын фае. Сыдэущтэу? УбзэкӀэ, уихэбзэ-шэнкӀэ, уитарихъ чыжьэкӀэ, уитарихъ благъэкӀэ, цӀыфыгъэу лӀэшӀэгъубэмэ къыпхалъхьагъэм нэс – джары зыгорэм ыкӀыбэгъ гупсэф удэтыным ыуасэр. Ар джыры ныӀэп, илъэс зытӀущ ныӀэп адыгэхэми, нэмыкӀ лъэпкъхэми къагурыӀоу заублагъэр.

Щэпсэух дунаим адыгэ лъэпкъхэр, дахэшъы дахэ ягугъэ нэпкъхэр, ау а гугъэ инхэр къызэрэшъыпкъэжьынхэм хэкуми, краими, хэгъэгуми арыс цӀыфхэм агуи, али фэузы сшӀоигъу. Партийнэ, советскэ, хозяйственнэ ӀофышӀэхэри, къулыкъушӀэхэри, рабочхэри, мэкъумэщышӀэхэри зэфэгъэ щыӀакӀэ, зэфэдэныгъэ псэукӀэ лъэпкъ пэпчъ ыгъотыным фэлэжьэнэу къытефэ. ЗэхъокӀныгъэр лъыкӀуатэ къэс тигупшысэмэ къахэхъо, зэхъокӀныгъэу тищыӀакӀэ фэхъурэмэ адыгэ намысыр, адыгэ хабзэр, адыгагъ зыфатӀорэ гущыӀэ псэум къыубытырэр зэкӀэ къызхэдгъэнэн, къыткӀэхъухьэрэ ныбжьыкӀэмэ ащыдгъэгъупшэнэп. Тпыщылъ лӀэшӀэгъухэми анэдгъэсын, апхырытхын.

*1990-рэ илъэс*

## Адыгеир зэкӀэми зэдытиун

*Народнэ депутатхэм яхэку Совет изимычэзыу сессие Адыгэ автоном хэкум икъэралыгъо-правовой статус зыкъегъэӀэтыгъэным фэгъэхьыгъэу тарихъымкӀэ мэхьанэ-*

*шхо зиӀэ унашъо ыштагъ, ащ къыпкъырыкӀэу автоном республикэ тызэрэхъугъэри къыщаӀуагъ. Шъыпкъэр пӀощтмэ, густырыгъэр зэрэлъэшыгъэмкӀэ, депутатхэм а Ӏофыгъом мэхьанэшхоу ратыгъэмкӀэ ащ ыпэкӀэ щыӀэгъэ сессие горэми ар егъэпшэн плъэкӀынэп. КъыбгурыӀонэуи щыт ар: хэкум инародхэм къарыкӀощтымкӀэ мэхьанэ ин дэдэ зиӀэ Ӏофыгъу зытегущыӀэхэрэр. Лъэпкъ зэфыщытыкӀэхэм алъэныкъокӀэ, тихэку хабзэ зэрэщыхъугъэу, сыдигъуи щырэхьатыми, къэралыгъо-правовой статусым зыкъегъэӀэтыгъэным иӀофыгъо зэфэшъхьаф еплъыкӀэхэр къыгъэтэджыгъэх. ШъыпкъэмкӀэ, арэущтэу зэрэхъущтыр къэшӀэгъоягъэп. КъашӀошӀыхэрэмрэ тэрэзэу къагурымыӀохэрэмрэ атегъэпсыкӀыгъэ еплъыкӀэхэри щыӀэх. Ахэмэ цӀыфхэр амыгъэгумэкӀынхэ алъэкӀырэп. Адэ сыда ар къызыпкъырыкӀырэр? Ащ фэгъэхьыгъагъ СССР-м и Апшъэрэ Совет ичленэу, лъэпкъ политикэмкӀэ, лъэпкъ зэфыщытыкӀэхэмкӀэ Комиссием хэтэу Мэщбэшӏэ Исхьакъ дытиӀэгъэ зэдэгущыӀэгъур.*

*— Исхьакъ Шумафэ ыкъор, тизэдэгущыӀэгъу къызэрезгъэжьэмэ сшӀоигъуагъэр лъэпкъ Ӏофыгъом о еплъыкӀэ-екӀолӀакӀэу фыуиӀэр зэгъэшӀэгъэныр ары. ЗэкӀэми ашӀэ лъэпкъ зэфыщытыкӀэхэм афэгъэхьыгъэ Ӏофыгъор къызэрыкӀоу зэрэщымытыр, мыщкӀэ унашъом иштэн гузэжъогъу е шъхьэшъорыкӀо Ӏоф къыхахьэ хъухэщтэп.*

— Ӏо хэмылъэу, мыщкӀэ екӀолӀэкӀэ-еплъыкӀитӀу щыӀэн алъэкӀыщтэп. Нахьыпэм фэдэу джы тыщыӀэн тлъэкӀыжьыщтэп. Тэ тызынэсыгъэ гъунапкъэмкӀэ къэпшӀэнэу щытыгъ къэгъэзапӀэ горэм тапэкӀэ тызэрэӀукӀэщтыр. Джары зэрэхъугъэри: Перестройкэр къырагъэжьагъ, етӀанэ ащ къыкӀэлъыкӀуагъэх нэфэӀоныр, демократизациер. Сыгу къыздеӀэу сэ а зэхъокӀныгъэхэм адесэгъаштэ.

Нахьыпэми сэ, партийнэ пленумхэм, хэкум, краим яактивхэм язэӀукӀэхэм, цӀыфхэм апашъхьэ сакъыщыгущыӀэзэ, тиобществэ ищыӀэныгъэ къыщытэджыгъэ Ӏофыгъохэм, ахэмэ ащыщэу лъэпкъ зэфыщытыкӀэхэми сишӀошӀхэр бэрэ къясӀолӀагъ. Адыгэхэм яфедэхэр анахьэу къыхэзгъэщынхэм паеп – Ӏофхэм язытет зэрэхъугъэм ыпкъ къикӀыкӀэ ахэр къэмыӀэтыгъэхэмэ мыхъунэу щытыгъ.

Тштэн, гущыӀэм пае, илъэс заулэкӀэ узэкӀэӀэбэжьмэ хы ШӀуцӀэ Ӏушъом Ӏут къалэхэм яюбилейхэр ашӀокӀэщыгъоу



хагъэунэфыкӀыхэу къырагъэжьэгъагъ. Нэфагъэ цӀыф къызэрыкӀохэр а Ӏофтхьабзэм кӀэщакӀо зэрэфэмыхъугъэхэр – ар «зиӀэшӀагъэр» гукӀэгъунчъэ чиновникхэр ары. А Ӏофтхьабзэм имэхьанэ купкӀ нахь кууӀоу хэгупшысихь: зэман горэм Пшызэ шъолъырыр шъоф нэкӀыгъ, арыти, ащ цӀыфхэр щыпсэунхэу игъэтӀысхьэгъэнхэ, чӀыпӀэр, чӀыгур алэжьызэ, аӀэ къырагъэхьан фаеу хъугъагъэ. Ары шъхьаем, адыгэхэр ащ щыпсэущтыгъэхэба? Сыда а народым тхьамыкӀагъоу къехъулӀагъэр, илъэсипшӀ пчъагъэхэм къакӀоцӀ пачъыхьагъум техэкӀо-лъыгъэчъэ заоу щыригъэкӀокӀыгъэр шъхьэихыгъэу къызыкӀамыӀуатэрэр? Джащ къыхэкӀэу, адыгэхэм ятарихъ зэрэщымытэу къызэрагъэлъагъорэм сыпэуцужьэу сымакъэ къэсӀэтыгъ. Хъугъэ-шӀагъэхэр лъэныкъорыгъазэу агурагъаӀохэ зыхъукӀэ, ар зэрэзэфэнчъагъэр гъэнэфагъэ. Сипсалъэхэми урыс народым пэшӀуекӀоу зы гущыӀэ гори ахэбгъотэщтэп. Тарихъым ишъыпкъагъэ къизыдзэнкӀэ фэмые чиновникхэр ары сэ зигугъу къэсшӀыгъэхэр. БгъуитӀумкӀи нэбгырэ мин пчъэгъабэхэр Урыс-Кавказ заом щыфэхыгъэх. Ежь яшӀоигъоныгъэкӀэ заощтыгъэхэп урыс дзэкӀолӀхэр – пачъыхьэм иунашъу ахэмэ агъэцакӀэщтыгъэр. Джаущтэу тарихъыр зэхэлъхьагъэ хъугъэ, джы а чӀыгум япхъорэлъфхэм якӀалэхэр щэпсэух. Орырэ сэрырэ тызэдэгущыӀэфэ, хэкум ичӀыпӀэ горэм сабыйхэр къыщыхъугъэнхэкӀи хъун. Урысха, адыгэха, къэндзалха, ермэлха, урымха, адэ тэ сыда ахэмэ кӀэнэу къафыщытынэщтыр? Зэдэоныр, зэшӀонэнхэр, бзэгу зэрэхыыжьынхэр ара? Бзэджагъэхи ахэр. ЗэгурыӀоныгъэ ахэлъэу, зэкъош унэгъо зыкӀэу лъэпкъхэр щыӀэнхэ алъэкӀыным пае ткӀуачӀэ къыхьыщтыр афэтшӀэнэу ары тэ типшъэрылъыр.

ЕтӀани ащ епхыгъэу гомыӀу зекӀуакӀэхэу гур зыгъэузыхэрэм, гухэлъышӀухэм апэшӀуекӀохэрэм уакъытемыгущыӀэн плъэкӀына? Мазэм зэ къыдэкӀырэ журналэу «Кубань» зыфиӀорэм ыкӀышъо тешӀыхьэгъэ къэзэкъым исурэт: лъэкъолъэныкъокӀэ ар къушъхьэшыгум тет (зилӀэужыгъо къушъхьэр нафэ, Кавказ къушъхьэхэм афэшъхьаф тэ тиӀэп). ДжабгъумкӀэ быракъыр ыӀыгъ, сэмэгумкӀэ – сэшхор пытэу ыӀыгъ. Ар сыд фэдэ быракъа? Къэзэкъ тамыгъ. Хэта зищыкӀагъэр ащ фэдэ сурэт-тамыгъэр, сыд фэдэ гузэхашӀэха ащ къыгъэущыхэрэри? Ащ фэдэ шӀыкӀэ-зекӀуакӀэхэм тызэкъуагъэуцон алъэкӀыщта?

Джыри мыщ фэдэ щысэ горэм игугъу къэсшІын. Журналэу «Зэкъошныгъэм» иредакторщтыгъэм ащ ыцІэ ыгу рихьыщтыгъэпти, зэблихъун ыгу хэлъэу ыуж ихьэгъагъ. Сэ сишъыпкъэу ащ сыпэуцужьыгъ, писателыбэми къыздырагъэштагъ. Шъуегупшыс а гущыІэм мэхьанэ куоу пкъырылъым – писательхэми, тхылъеджэхэми, зэкІэ тицІыфхэми тызэкъоуцонэу, ткІуачІэ зэхэтлъхьанэу къытэджэрэ гущыІ ар. Теубытэгъэ пытэ хэлъэу къэсэІо, тизыкІыныгъэ сыд фэдэрэ шІыкІэкІи пэрыохъу фэхъунхэ зыгу хэлъэу къежьэхэрэм пхъашэу сапэуцужьыщт.

*– Исхьакъ Шумафэ ыкъор, тихэгъэгу джы нэфэІоным лъапсэ щетІупщы, ашъхьэкІэ яшІошІ шъхьэихыгъэу къаІоным джы цІыфхэр щыщынэжьхэрэп. Арышъ, блэкІыгъэ лъэхъаным имызакъоу, Октябрэм ыужи гомыхь гущыІэхэр къыраІуалІэу зэхэпхыщт. «Совет хабзэм ащ фэдизэу бэп шІуагъэу цІыфхэм къафихьыгъэр» зыфэпІоным фэдэхэр.*

– АущтэузыІон зылъэкІыщтхэр шъыпкъэр зылъэгъун зымылъэкІыхэрэр е зылъэгъункІэ фэмыехэр арых. ГухэкІ къысщэхъу ар зэрэзэхамышІэрэр. Совет хабзэр ары къин мыухыжьхэр зыпэкІэкІыгъэ адыгэхэм, адрэ цІыфлъэпкъхэм афэдэу, шъхьафитныгъэр къафэзыхьыгъэр. Сыд ящыІэкІагъа адэ тятэхэмрэ тятэжъхэмрэ? Урыс-Кавказ заом ыуж тхьамыкІэгъо щыІакІэм хэкІыпІэ къыфамыгъотэу ахэр мэзхэмрэ темэнхэмрэ защагъэбылъэу ахэсыгъэх. Совет хабзэм зэкІэ дунаим инэрылъэгъоу тилъэпкъ зэкІиугъоягъ, псэоу къэнагъ, ар щыІ, ащ кІэлъыкІоу автономие хэку къыритыгъ, культури, гъэсэныгъи, фитныгъэхэр зэкІэ зиІэн фэе цІыфлъэпкъэу ылъытэзэ, ригъэгъотыгъэх.

*– Хэкум щыпсэурэ цІыф лъэпкъ зэфэшъхьаф пстэуми ялІыкІохэм язэблэгъэныгъэ-зэкъошныгъэу джы щыІэ хъугъэм лъэпсэ куухэр иІэхэу пІон плъэкІыщта?*

– Джары зэрэщытыри. Сэ къысэхьылІагъэу къэсІощтымкІэ ар къэсыушыхьатыни слъэкІыщт. МакІэп къэзгъэшІагъэри, щыІэныгъэм щыслъэгъугъэри. Илъэс тІокІитІум къехъугъ сикъызыщыхъугъэ къуаджэм сикъызыдэкІыгъэр. Урысхэм, украинцэхэм, къэндзалхэм, ермэлхэм, урымхэм, джуртхэм садеджагъ, джы Іоф адэсэшІэ, садыщыІ. ЯгушІуагъуи адэзгощыгъ, янэшхъэигъуи адэсщэчыгъ, зыгорэкІэ нэмыІэми нэмыплъ къысфадзыгъэп, нэбгъунджыкІэ къысэплъыгъэхэп. Фэшъхьаф цІыф лъэпкъхэми джары зэрафыщытыгъэхэр, цыхьэ зэфамышІыныр къызыпкъырыкІын Іоф гори азыфагу къитаджэщтыгъэп.

*– КъапІорэр шъыпкъэ, ащ уемызэгъын плъэкІыщтэп. Ау щытми, автоном хэкум икъэралыгъо-правовой статус зыкъегъэІэтыгъэным иІоф къызаІэтым, цІыфхэм гумэкІыгъо къахэзылъхьэрэ къэбархэр зэрахьэхэу къырагъэжьэгъагъ…*

– Сэри, сэ сишІошІыкІэ, бэхэми ащ фэдэ къэбархэр гухэкІ тщэхъух. Іофыр зытет шъыпкъэр зэрамышІэрэм къыхэкІэу ащ фэдэ къэбархэр къежьагъэу сэлъытэ. Зы народхэм янасып щыІакІэ фэшъхьаф народхэм ятхьамыкІэгъо щыІакІэ ыкІыІу щыбгъэпсын плъэкІына? Сэ сишІошІыкІэ, ащ фэдэ къэбархэр зытІупщыхэрэр пкІантІэр зэрилъэкІэхызэ губгъом щыжъохэрэр, завод цехым чІэт станокым Іутэу Іоф зышІэхэрэр арыхэп. ГухэкІ нахь мышІэми, джыри щыІэх цІыфхэр зэщызыхъохэмэ, зэгурымыІоныгъэ азыфагу изылъхьэмэ зышІоигъохэр. Ахэр зыгъэгумэкІыхэрэр тызэгурыІоу тыщыІэныр арэп.

ЗищыІэныгъэ мымакІэу щызылъэгъугъэ цІыфэу, писателэу сызэрэщытым елъытыгъэу, общественнэ организациехэу «Адыгэ хасэм», «Казачий круг», клубэу «Гражданин» зыфиІохэрэм ахэтэу теубытагъэ зыхэлъ политическэу узэуцолІэн умылъэкІыщт Іофтхьабзэхэр зехьэгъэнхэ фаеу игъо зылъэгъухэрэми адезгъэштэн слъэкІыщтэп. ШъыпкъэмкІэ, ахэр зыпылъхэ Іофым зишІуагъэ къэкІонхэри къыхэфэх, ау, джыри къэсэІожьы, сызэзэгъын сымылъэкІыщтхэри ахэтых. ГущыІэм пае, Адыгэ хасэм щыщ нэбгырэ зырызхэм игъоу алъэгъущтыгъэр Кэбэртэе-Бэлъкъарым, Къэрэщэе-Щэрджэсым, Адыгеим арыс адыгэхэр зэхэугъоягъэхэу зыщыпсэухэрэ республикэ зыкІ зэхэщэгъэнэу ары. Зытет шъыпкъэмкІэ, тэ тызылъэпкъ, тызэкъош шъыпкъ, титарихъи, тикультури зы. Арэу щытми, къыдэмылъытэжьыгъэмэ мыхъущтыр регион зэфэшъхьафхэм тызэращыпсэурэр ары. Адэ сыда къарыкІощтыр фэшъхьаф цІыф лъэпкъхэу миллион пчъагъэ хъухэрэм? Ахэмэ еплъыкІэу а Іофым фыряІэр дэдзых шІыгъэу, тызэхэхьажьыным тыкІэдэощта? Чыжьэу мыплъэрэ, шІум тыфищэнэу гугъапІэ зимыІэ екІолІакІ ар. Адыгэ лъэпкъхэм язэпхыныгъэ-зэ-

фыщытыкӀэхэм лъэныкъуабэ къызэлъаубыты, ахэмэ джыри нахь зягъэушъомбгъугъэн фаеу ищыкӀагъ. Ау ахэр зы республикэу зэхэгъэхьажьыгъэнхэр зэшӀопхын умылъэкӀыщт Ӏофыгъоу щыт. Ащ нэмыкӀ лъэныкъомкӀи тежъугъэплъ. Сыд фэдиз хэгъэгуа арабхэр ащыпсэухэу дунаим тетхэр? Зы хэгъэгу щызэрэугъоижьхэмэ ашӀоигъоу ахэр къыкӀэдаохэрэп ныӀа? Ашъхьэ фитхэу хэгъэгу зэфэшъхьафхэм ащэпсэух. Ар дэдэр къяпӀолӀэн плъэкӀыщт тырку лъэпкъхэу тихэгъэгу щыпсухэрэми.

— *ӀэкӀыб хэгъэгухэм ащыпсэурэ адыгэхэр жъугъэу хэкум къэкӀожьыщтхэ фэдэу къэбархэр зэрахьэх.*

— Сыда ащ ехьылӀагъэу къэсӀон слъэкӀыщтыр? Адыгэхэр хэхэсэу зыщыпсэухэрэ хэгъэгу пстэумэ пӀоми хъунэу сащыӀагъ. Шъыпкъэр къэпӀон хъумэ, ахэмэ ятэжъхэм егъэзыгъэкӀэ ячӀыгу зэрэрагъэбгынэгъагъэр лъэшэу ягукъау. Ау зэужэ ахэмэ ячӀыгужъ къагъэзэжьыныр къызышӀобгъэшӀыныр хэукъоныгъ. Ащ фэдэ сизэфэхьысыжь зытегъэпсыкӀыгъэр зыгорэм ыӀуагъэкӀэ арэп, сэ сикъошхэу ӀэкӀыб хэгъэгухэм ащыпсэухэрэм ащыщыбэхэм саӀукӀагъ. Сицыхьэ телъ адыгэ хэхэсхэр яхэкужъ жъугъэу къызэрэмыкӀожьыщтхэм. Шъыпкъэ, ахэмэ ащыщхэр къэкӀожьынхэкӀи хъун. ЕтӀани, адыгэхэм ямызакъоу Ӏофыгъо зэфэшъхьафхэм апкъ къикӀыкӀэ, Урысыем икӀыжьыгъагъэхэм къатекӀыгъэхэми ар афэгъэхьыгъ. А Ӏофыгъор къэралыгъо пащэхэр ары зэшӀозыхынхэ фаер. Ежьхэм зыщыфаем хэгъэгум исынхэу къэкӀожьынхэм, джащ фэдэу икӀыжьынхэм ифитныгъэ язытырэ Закон ыштэныр зипшъэрылъыр СССР-м и Апшъэрэ Совет ары.

— *Зэрэхъурэмкӏэ, ащ фэдэ лъэпсэнчъэ къэбархэр къежьэнхэу къызыхэкӀырэр Ӏофыр зыфэдэр тэрэзэу къызэрамытхырэр, къэбар шъыпкъэ зэрэщымыӀэр арыба?*

— Ары нахь, фэшъхьафэп. Зэп, тӀоп ар къызгурыӀоу сызырихьылӀэгъагъэр СССР-м инароднэ депутатэу сыхадзыным пае кандидатэу сыкъызагъэлъагъом, сызщыхадзын фэе округыр зэрытыгъэ Шэуджэн, Красногвардейскэ районхэм якъуаджэхэм, станицэхэм, къутырхэм сащыӀагъ. УрысыбзэкӀэ къыдэкӀыгъэу тхылъыбэ сиӀэти, ащ елъытыгъэу сэри сашӀэу къысшӀошӀыгъ. Ау фэшъхьаф сызэрихьылӀагъэр: бэхэм ситхылъхэм зыпари ахашӀыкӀыщтыгъэп. Ауштэу



щымытыгъэмэ, сыдэущтэу мыщ фэдэ даохэр къысфыряӀэнхэ алъэкӀыщтыгъ, мары о уадыгэ писатель, ау урысхэм яхьылӀагъэу зы гущыӀи птхырэп. Ар сэ къысаӀо, етӀани урыс персонажхэр къыхэмыфэу тхылъ гори стхыгъэп. Ащ фэдэхэм ситхылъхэм яджэнхэу игъо афэслъэгъуным нэмыкӀ ясӀожьын слъэкӀыгъэп. Сэ ар къыспэзыӀэтыхэрэм къагурымыӀорэр тищыӀэныгъэ зэкӀэ щызэхэблыхьагъэу зэрэхъугъэм ыпкъ къикӀыкӀэ, урыс е фэшъхьаф цӀыф лъэпкъхэм ащыщ персонажхэр къыхэмыгъафэу художественнэ тхылъ птхын зэрэмылъэкӀыщтыр ары, птхыгъэми, щыӀэныгъэм ишъыпкъагъэ икъоу къэмыгъэлъэгъуагъэ хъущт.

Ащ фэдэ зэӀукӀэгъухэм мыщ фэдэ упчӀи къащысатыгъ — адыгабзэр тихэкукӀэ къэралыгъуабзэ хъун ылъэкӀыщта? Ащыгъуми, джыри ащ фэдэ упчӀэм джэуапэу естыжьырэр мыщ фэд: тэ тызыщыпсэурэр Советскэ Союзыр ары, официальнэ бзэу тиӀэри урысыбзэр ары. ЗыгорэкӀэ адыгабзэм, адыгэ культурэм, тарихъым шъхьэкӀафэ афишӀэу, ахэр зэригъашӀэмэ шӀоигъоу цӀыф къахэкӀымэ, ащ уфэрэзэныр ифэшъуаш. Ау егъэзыгъэкӀэ ахэр зэгъэшӀэгъэнхэм фэгъэхьыгъэу Ӏофтхьэбзэ гъэнэфагъэхэр зехьэгъэнхэр щыӀагъэп, щыӀэщтэп. А ӀофыгъомкӀэ тэ типолитикэ теубытагъэ пытэ хэлъ, арышъ, а Ӏофыгъор телъхьапӀэ ашӀызэ, цӀыфхэм цыхьэзэфэмышӀыжьныгъэ ахэзылъхьан зыгу хэлъхэм язекӀуакӀэ емыкӀоу сэлъэгъу.

— *Шъыпкъэмкӏэ, ащ фэдэ къэбархэм мэхьанэ хъатэ ятымытэу къыхэкӀы, ау щытми, ежьхэм мымакӀэу яягъэ къагъакӀо. Зэфэхьысыжьэуи уагъэшӀырэр икъукӀэ гъэнэфагъэ: ащ фэдэ зекӀуакӀэхэм тамыгъэгумэкӀэу тызэрябгъукӀорэр тапэкӀэ къызыхэдгъафэ хъущтэп. Ахэмэ тыдэмышъхьахэу, тымыпшъыжьэу Ӏофыр зытетыр агурыдгъаӀозэ Ӏоф адэтшӀэн фае.*

— Фэшъхьаф хэкӀыпӀэ щыӀэп. Ор-орэу егупшыс: чӀыгоу тызыщыпсэурэр зэдытие. Арэу зыщыткӀэ, тилъфыгъэхэмрэ типхъорэлъфхэмрэ ар мамыр щыӀакӀэкӀэ къафэдгъэнэным пае, хэт ащ фэгумэкӀыныр зипшъэрылъыр, тэрымырмэ? КъызэрэдгурыӀонэуи, гухэлъыр кӀэп, ау нэбгырэ пэпчъ ар къызыгурерэгъаӀу. Джащ фэдэ гъогур ары ныӀэп насып щыӀакӀэм тыфэзыщэн зылъэкӀыщтыр. ТичӀыгуи, ащ ибайныгъи тэры зиунаехэр. Арышъ, кӀэтыугъуаезэ, акъылыгъэ

хэлъэу ахэр къызыфэдгъэфедэнхэ фае. ТищыIэкIэ-псэукIэ фэшIыгъэу дгъэпсыныр тэры зыIэ илъыр. Ар гухэлъ икъукIэ къыдгурыIозэ, тишъыпкъэу Iоф тшIэн фае. Тиреспубликэ народнэ движение, гущыIэм пае, «ЗэгурыIоныгъ» фэусыгъэу, щызэхэщагъэмэ, ишIуагъэ къэкIоныгъэу къысщэхъу, шIу зыгу илъ цIыф пстэури ащ щызэкъорэуцох. Ащ фэдэ народнэ движениер гухэлъэу зыдэлэжьэщтыр тизэкъошзэблэгъэныгъэ гъэпытэгъэныр, зэдытиунэу тызыщыпсэурэ Адыгеим зэгурыIоныгъэм зыщегъэушъомбгъугъэныр ары. А гухэлъышIур гъэцэкIагъэ хъуным пае скIуачIи, сиамалхэми сашъхьасыщтэп.

*ДэгущыIагъэр Жадько И.,*
*1990-рэ илъэс*

## Шъыпкъэр тIон фае

*СССР-м и Апшъэрэ Совет зэхэсыгъо къыщиIуагъэр*

ЗышIошIыжьын-зышIоиныныр щыдгъэзыенышъ, народым шъыпкъэр зеIогъэн фэе уахътэр къэсыгъ: хэгъэгур зэбгырызыпэным нэсыгъ. ЗэкIэ хьалбалыкъым, акъылынчъэгъэ бырсырым зэлъаубытыгъ, «измэ» зэфэшъхьафхэм ащыщэу анахь шыихъымкIэ демократическэ, коммунистическэ фундаменталистхэм язэнэкъокъоу IушыгъэгорэзыхэмылъымцIыфлъэпкъ инхэмрэ цIыкIухэмрэ афэгъэхьыгъэу зишIуагъэ къэмыкIорэ псэлъэ мыухыжьхэм, законхэмрэ суверенитетхэмрэ язэзэо-зэбэнэу къырагъэжьагъэм шIуагъэ зыхэлъ кIэух горэм тыфащэщтэп. Шъхьэихыгъэу къэтэжъугъаIу – хэгъэгум ис цIыфхэм язытет зыфэдэ хъугъэм логическэу такъыфэзыщагъэхэр СССР-м идепутатхэм я Зэфэс, гъэцэкIэкIо хабзэм исоюзнэ органхэм Iофэу ашIагъэр ары, цыхьэзэфэмышIыжьыныгъэмрэ куп гъэнэфагъэхэм яфедэу зэрэзекIохэрэмрэ ахэмэ джы къызнэсыгъэм зыхагъэзыжьын алъэкIыгъэп.

Президентыр иIэнатIэ Iутщэу, СССР-м и Апшъэрэ Совет зэбгырыттIупщыжьмэ е икIэрыкIэу хэтыдзыжьмэ, ащ лъыпытэу гугъэпIэ хьалэмэтхэр къытфызэIухыгъэ хъущтхэу къызышIодгъэшIынхэр хэукъоныгъэ хъущт. ЗэбгырыттIупщыжьынэу е икIэрыкIэу хэтыдзыжьынэу кIасэ тыфэхъугъ, ар тэ зэшIотхыным игъо тыфимыфэзэ, ащ нахь пасэу союзнэ структурэхэр зэхэтэкъонхэ алъэкIыщт. Арымырми, цIыф гъэнэфагъэхэм тафэгумэкIыным нахьи, Iофэу тшIэрэм политиканствэр нахь къебэкIыщтыгъ. ТапэкIэ тызэутэкIын ылъэкIыщт ушэтын къиныгъошхохэм ахэмэ тащаухъумэн алъэкIыщтыгъ. Сыгу ыгъэузэу сэ а гущыIэхэр къэсэIох: Iофхэм язытет зыфэдэм амал зэриIэкIэ зи хэсымыушъафэу сыкъэмыгущыIэмэ мыхъунэу сешIы.

Шъыпкъэмкlэ, ти СоюзыкIэ зыфэдэщтым итхыпхъэхэм гу алъыптэ зэрэхъугъэр умылъэгъун плъэкIырэп. Арэущтэу къызыкIатIорэри экономикэмкIэ тызыщызэдэпсэун тлъэкIыщт чIынэлъакIэ зэдытиIэн зэрэфаер хэти щигъэзыерэпышъ ары. Ау къэралыгъо структурэжъхэмрэ кIэхэмрэ хэбзэ еплъыкIэхэу яIэхэр зэблэхъугъэнхэм тэ игъо тыфифэщта? Сыд ашIэми, сыд аIоми хъунэу алъытэзэ къызежьэхэкIэ, сыд фэдэ хэкIыпIа дгъэфедэн фаер? Арэущтэу хъугъэ-шIагъэхэр къызэкIэлъыкIонхэ зэралъэкIыщтым бэрэ уежэнэу къызышIобгъэшIы хъущтэп. Джащ къыхэкIэу анахьэу узыгъэгумэкIынэу хъурэр Союзнэ зэзэгъыныгъэм сыдэу хъугъэкIи кIэмытхэщтхэу республикэхэм яIэшъхьэтет заулэхэм къызэраIуагъэр ары.

Демократием ылъэныкъокIэ гъэхъагъэу тиIэхэм ащ нахь мымакIэу къашъхьащыхьэрэ щынагъор цIыфым ифитныгъэхэр егъэгъэфедэгъэнхэм хэбзэнчъэгъэ шъыпкъэу щызэрахьэхэрэр ары. Джащ фэдэ уасэ афэпшIын плъэкIыщт СССР-м инароднэ депутатэу, Латвием ихэбзэ Iэшъхьэтетхэм агъэтIысыгъэ Рубикс зыпылъымрэ иполитическэ еплъыкIэхэмрэ. Аукъодыеу зэрэфаехэкIэ агъэтIысын зэрэфимытхэри къырамыдзэу депутатым зэрэдэзекIуагъэхэр хэбзэнчъэгъэ, нэхъоинчъэгъэ зекIуакIэу ары зэрэлъытэгъэн фаер, етIани мыщ дэжьым хэгъэгум и Президентрэ СССР-м и Апшъэрэ Советрэ ащ зи къыраIуалIэрэп. Непэ зы нэбгырэм къехъулIагъэр неущ тэ тащыщ пэпчъ къехъулIэн ылъэкIыщт.

ГущыIэм пае, мы аужырэ уахътэм РСФСР-м иIэшъхьэтетхэм чIыпIэхэм Iофхэр зэращызэшIуахыхэрэм уасэ

афашӀы зыхъукӀэ, пхъэшагъэу нахьыбэрэ къызыхагъафэу къырагъэжьагъэм лъэпкъ регионхэм зи шӀуагъэ къафихьыщтэп. ЗэрэхъурэмкӀэ, большевикхэм яполитическэ шыкӀэ-зекӀуакӀэхэр емыкӀоу алъэгъугъэхэзэ, а шыкӀэ-зекӀокӀэ дэдэхэр ежьхэми агъэфедэхэу къырагъэжьагъ. ЗэкӀэ ахэмэ амал къаты великодержавнэ шовинизмэм ышъхьэ къыӀэтыжьынымкӀэ. Лъэпкъыбэ хъурэ къэралыгъом тыщэпсэумэ, тыгу зэфихыгъэн, шъхьэкӀафэ зэфэтшӀын фае.

Республикэхэмрэ хабзэм ичӀыпӀэ органхэмрэ яфитныгъэхэм зягъэуушъомбгъугъэныр къыдэлъытагъэу зыхэплъэжьыхэрэ нэужым Союзнэ зэзэгъыныгъэм икӀэтхэн амал зэриӀэкӀэ нахь псынкӀаӀоу къыфэгъэзэжьыгъэн фае. Анахьэу мэхьанэшхо зиӀэр къэралыгъо гъунапкъэхэр аукъохэ зэрэмыхъущтым ипринцип ащ щыгъэпытэгъэныр ары. Сыда зыпӀокӀэ зэрэзэзэгъыгъэхэ гъунапкъэхэр зэрэфаехэу аукъохэу къызырагъажьэкӀэ, щыбгъэзыен умылъэкӀынэу цӀыфхэр ащ хэкӀодэщтых, бырсырышхо къикӀыщт, чӀэнэгъэшхо ашӀыщт.

Къэралыгъо шъхьафитхэу Союзым хахьэхэрэм лъэпкъ макӀэу ащыпсэухэрэм яшӀоигъоныгъэхэмрэ яфитныгъэхэмрэ къэухъумэгъэнхэм фэгъэхьыгъэ зэзэгъыныгъэ шъхьаф псынкӀэ шъыпкъэу гъэхьазырыгъэн, ардэдэми кӀэтхэгъэн фае. Джырэ уахътэу Ӏофшӏэн зимыӀэ цӀыфхэр жъугъэу зыщыхъухэрэм лъэпкъ Ӏофыгъохэм игъэкӀотыгъэу зыкъядгъэӀэты хъущтэп. Ар зэтедгъэуцон тымылъэкӀэу тӀэкӀэкӀымэ, ащыгъум – зытекӀуагъэхэ бюрократхэри гушӀогъошхом зэлъиштэгъэ демократхэри зэхэкъутагъэ хъущтых.

Интеллигенцием, анахьэу творческэм, цӀыфхэр зэтыриӀэжэнхэ, ыгъэсамбырынхэ ылъэкӀыщт. Ау, гухэкӀ нахь мышӀэми, ащ исатырхэм зэджэгъогъуныгъэу, «заоу» къахэтэджагъэр агъэупэбжьэн зэрамылъэкӀырэр хэгъэкӀыри, джыри нахь лъэшэу къызэкӀэплъэным ищынагъо ашъхьащыт. Сыда тапэкӀэ къытэхъулӀэнэу тызажэрэр, сыдэущтэу тищыӀэкӀэ-псэукӀэ сыд фэдэ лъэпсакӀэхэм атегъэпсыкӀыгъэу дгъэпсын тлъэкӀыщта? Зэрэлъэгъу зэрэмыхъухэрэм къыхэкӀэу лъыгъэчъэнымрэ жъалымыгъэмрэ апхырыкӀынхэ фаеу хъухэзэ, къиныбэ зыпэкӀэкӀыгъэ тихэгъэгу тарихъ гъогоу къыкӀугъэм зыми фигъэсагъэхэба? Творческэ интеллигенциемрэ народнэ депутатхэмрэ



народым ифедэкъэкӀуапӀэхэр ушъхьагъу ашӀыхэзэ, ахэмэ сыд фэдизрэ закъуагъэбылъыхьащтха? А народыр зыкӀи ыгъэгумэкӀырэп литературнэ фольклор-зэщыгъэкъокӀо купхэр зыфызэнэкъокъухэрэ мэхьанэнчъэ Ӏофыгъом. Литератор зэщыхъуакӀохэр арымэ Ӏофыр зыфэгъэхьыгъэр, политическэ зэо-банэм къызэкӀигъэблагъэхэу, хэгъэгуми, ащ ицӀыфхэми къарыкӀощтым ахэр ыгъэгумэкӀхэрэп. ПӀопэн хъумэ, народым инасып ибэнакӀохэм – анахь консерватор шъыпкъэхэми анахь демократхэм ягухэлъ къызыдагъэхъуным пае Ӏэубытыпӏэ къызыфашӀыхэрэр а зы шыкӀэ-амал дэдэхэр ары.

*1991-рэ илъэс*

## ЦӀыфмэ яшӀошъхъуныгъэрэ ягугъапӀэрэ ягъэгъотыжьыгъэнхэ фае

*КПСС-м и Краснодар крайкомым ипленум къыщиӀуагъэр*

Пленумхэмрэ зэӀукӀэхэмрэ тэ бэрэ тащытегущыӀэ зыкӀыныгъэ тхэлъын, тисатырэхэм ячаныгъэ зыкъегъэӀэтыгъэн зэрэфаем. Ары шъхьаем, сыда ар бэмэ ежь ашъхьэ фэмыгъэхьыгъэ Ӏофыгъо горэм фэдэу къызыкӀащыхьурэр? Мыщ фэдэ упчӀэ зэтэжъугъэтыжь, хэта ар дгъэцэкӀэнымкӀэ ӀэпыӀэгъу къытфэхъущтыр? Партием икрайком ичленэу, депутатэу, писателэу сызэрэщытым елъытыгъэу, цӀыфмэ апашъхьэ бэрэ сыкъыщыгущыӀэн фаеу мэхъу. Сэщ нахь мыдэеу шъори шъущыгъуаз ащ фэдэ зэӀукӀэгъухэр зэрэмыпсынкӀэхэм. Сыда мыщ дэжьым умыгъэшӀэгъон умылъэкӀырэр, узытещыныхьэрэр: мыщ дэжьым гу лъыотэ партийцабэхэм ар зэрашӀомыгъэшӀэгъоным.

Тисатырэхэм язэхэщэн, идейнэу гъэпытэгъэнхэм нахь теубытагъэ тхэлъэу Ӏоф дэтшӀэнэу ары тэ типшъэрылъыр. Тигъогогъу къодыехэр тхэрэкӀыжьых. Нахь пасэу ар ашӀэрэм къэс нахьышӀу. Сэ сишӀошӀыкӀэ, КПСС-м и ЦК, ащ и Генеральнэ секретарэу Горбачевым изэшӀохынкӀэ иеплъы-

кӀэ-екӀолӀакӀэ тэрэз шъыпкъэу зэрэмыгъэнэфагъэм ыпкъ къикӀыкӀэ типартие бэ чӀинагъэр. КъэӀогъэн фае тикрайком нахь теубытагъэ хэлъэу Ӏоф ышӀэ зэрэхъугъэр. Зэфэшъхьаф Ӏофыгъохэмкӏэ ащ иеплъыкӀэ-екӀолӀакӀэхэр зыфэдэхэр нахьыбэрэ коммунистхэм алъигъэӀэсыхэ хъугъэ. Ау ар икъунэу щытэп. Краим ипартийнэ организацие – КПСС-м изэхэщэгъэ куп пэрытхэм зыкӀэ ащыщ, ащ елъытыгъэуи ымэкъэ лъэши хэгъэгум щыӀун фае.

ЩыӀэныгъэр зэфэшъхьафыбэу зэхэлъ, джащ пае краим ипартийнэ организацие иӀофшӀэни лъэныкъуабэ къызэлъиубытэу гъэпсыгъэн фае. Сыда, сэ сишӀошыкӀэ, крайкомым анахь къыдэхъурэр? Коммунистхэр фэкъулайхэу зыфызэхащэгъэ политическэ Ӏофтхьэбзэ зырызхэр ары. Адэ сыд анахь гумэкӀыгъоу лъытэгъэн фаер? Ӏофэу зэшӀуихыщтым ипрограммэу крайкомым зышъхьэ къырихыгъэр жъажъэу зэрагъэцакӀэрэр, зэкӀэлъыкӀоу ар зэрэмыгъэпсыгъэр ары. Тштэн купонмэ яхьылӀэгъэ Ӏофыгъор. Хэт удэгущыӀагъэми зэхэтхырэр, ахэр агъэфедэхэу зырагъэажьэм, гъомлапхъэхэм язэгъэгъотын нахь къин зэрэхъугъэр ары. КъызэрэтшӀошӀыщтымкӀэ, гъомлапхъэхэм ятегощэн шэпхъэ гъэнэфагъэ хэлъхьагъэ хъугъэмэ, ар нахь гъотыгъошӀу хъугъэн фэягъэу ары. Мыщ дэжьым зэрэхъугъэр фэшъхьаф шъыпкъ. А Ӏофыгъоми, ащ ехьыщырхэми, сэ сишӀошӀыкӀэ, апылъын фаер партием икрайком исоциальнэ-экономическэ отдел ары.

РСФСР-м и Апшъэрэ Советрэ Пшызэ шъолъырым иӀэшъхьэтетхэмрэ зэрэзэпэуцужьхэрэм тыкъытемыгущыӀагъэ хъущтэп. МыщкӀэ Ӏофыр зыфэгъэхьыгъэр законхэр зэрэзэпэуцужьыхэрэ къодыер арэп, Ӏофыгъор политическэу зэрэгъэпсыгъэр ары нахь. Пшызэ шъолъырым щыпсэухэрэм якрайсовет итхьаматэу Н.И. Кондратенкэм дырагъэштагъ. КПСС-м икрайком ибюро джащ фэдэу иеплъыкӀэ-екӀолӀакӀэ теубытагъэ хэлъэу къыриӀотыкӀыгъ. Ау щытми, сэ къызэрэсшӀошӀырэмкӀэ, тэ зыкъэтыухъумэжьырэм, зытыухыижьырэм фэдэу ары зэрэхъугъэр. Сыда аущтэу зыкӀэхъурэр? КПСС-м икрайком депутат-коммунистхэм дэеу Ӏоф адешӀэ. Тыдэ щыӀэха депутатхэм яупчӀэхэр? ЗыкӀэупчӀэнхэ фаехэр макӀэп. Емыгупшысэжьэу Ельциным ареӀо: шъуузыфаем фэдиз фитныгъэ шъуштэ, ау ежь шъыпкъэм народхэм, урысхэри зэрахэтэу, фитныгъэу ялагъэхэр аӀехыжьых. Арэу щытми, а цӀыфым иягъэ къызэригъэакӀорэр краим ипарторганизацие цӀыфхэм къафиӀуатэрэп. Референдум щыӀэщт. ЦӀыфхэр къыкӀэупчӀэх: сыда тызэрэзекӀон фаер? Крайкомыми, коммунистхэми, депутатхэми ащ ехьылӀагъэу яеплъыкӀэ-екӀолӀакӀэ цӀыфхэм арагъэшӀагъэп. Адэ сыдэущтэу къыбгурыӀон фая зэпэуцужьынхэу, хэти сыди фэмыӀорышӀэнхэу джырэблагъэ Ельциныр къызэряджагъэр? Партием иапшъэрэ органхэм джырэблагъэ Ӏоф ащызышӀэщтыгъэ цӀыфэу президент ӀэнатӀэр гугъу зышӀыгъэм гъогу щынагъу къыхихырэр. ЦӀыфхэр урамым къытезэрэгъахьэхэмэ, ахэр зыщыщ лъэпкъхэр – уурыса, хьаумэ уадыга, убелоруса, хьаумэ указаха, утыркумена хьаумэ учэчэна аӀоу яупчӀыжьыщтхэп. Ащ фэдэ акъылынчъэгъэ, цӀыфыгъэнчъэгъэ, Конституцием пэшӀуекӀорэ марджым зедгъэгъэшэхъу хъухэщтэп. ТицӀыфхэр – разэхэри мыразэхэри – хэбзэнчъагъэ щэхъу зыщызэрамыхьэрэ бырсырым щытыухъумэнхэ фае – ар тэ типшъэрылъ лъапӀ.

ЗыкӀыныгъэм ехьылӀэгъэ Ӏофыгъомкӏэ сипсалъэ къэсыухымэ сшӀоигъуагъ. Бэ ащ къызэлъиубытырэр: ар Ӏэшъхьэтетхэмрэ коммунист къызэрыкӀохэмрэ, партийнэ организациехэмрэ Советхэмрэ яидейнэ, яинтернациональнэ зыкӀыныгъ ары.

А Ӏофыгъохэр сэ къызыкӀэсӀэтырэр краими хэкуми кадрэхэмкӀэ зэкӀэ политикэу зэрахьэрэр ахэмэ къащэлъагъошъ ары. Джыри зы Ӏофыгъу: партием ивертикальнэ гъэпсыкӀэ тэ тыкӀэлъырыкӀыгъахэмэ, партийнэ зэныбджэгъуныгъэм изэфыщытыкӀэхэр сыд фэдэ лъапса зытедгъэпытыхьанхэ фаехэр? Нравственнэ шапхъэхэр тэ партийнэ ӀофшӀэным щыдгъэлъэшынхэ фае. Духовнэ зэблэгъэныгъэм, еплъыкӀэхэр, идеалхэр зетхьанхэм анахь пытэ хъужьырэп. Непэ тэ тыкъэзыгъэнэжьын зылъэкӀыщтыр коммунистхэм ежь ашъхьэкӀэ Ӏэдэб пытэ ахэлъыныр, партием хэтэу, зимэхьанэ къыгурыӀогъое гъогузэхэкӀыпӀэм зытыриубытэщтыр зымышӀэу къыӀунагъэм тыдэгущыӀэ зыхъукӀэ, теубытагъэрэ гугъапӀэрэ ащ езыгъэгъотыжьын зылъэкӀыщт гущыӀэр еӀогъэныр ары. Сэ сиеплъыкӀэкӀэ, джы тызыхэт щыӀэныгъэ къинымкӀэ джары анахь мэхьанэ зиӀэр.

*1991-рэ илъэс*

## Тиунэ мамыр ерэлъ

*– Исхьакъ Шумафэ ыкъор, зэрашы хабзэу, титхылъеджэхэм нэIуасэ уафэсшIы сшIоигъу, тарихъ романэу «Бзыикъо зау» зыфиIоу СССР-м и Къэралыгъо премие джырэблагъэ къыпфагъэшъошагъ, ащи кIэкIэу укъытегущыIагъэмэ дэгъугъэ.*

– Краснодарскэ краим ит Шъхьащэфыжь къуаджэм сыкъыщыхъугъ. Урыс-Кавказ заом игъом силъэпкъэгъу адыгэхэр е ижъыкIэ къызэрэтаджэщтыгъэхэ черкесхэр гъэрэу аубытыхи, Ермэлхьаблэ щыпсэущтыгъэ сатыушIэхэм аращэгъагъэх. Джащ къыщыублагъэу 1861-рэ илъэсым, крепостной правэр тырахыжьыфэ, адыгэхэу ащ къыхиубытэгъагъэхэр крепостной мэкъумэщышIэхэу алъытэщтыгъэх. Реформэ цIэрыIор заштэ нэужым бэ темышIэу ахэр псыхъоу Уруп ипсышъхьэкIэ дэкIуаехи, Ермэлхьаблэ километрэ 30 фэдизкIэ пэчыжьэу Шъхьащэфыжь къуаджэр щагъэпсыгъ.

Шъыпкъэмк Iэ, сэ сыкъызыщыхъугъэ къуаджэр географием зэритхагъэр Урупский. Ащ дэт еджапIэр къызысэухым, Мыекъопэ кIэлэегъэджэ училищым, етIанэ 1951-рэ илъэсым къыщыублагъэу 1956-рэ илъэсым нэс Литературнэ институтым сащеджагъ. Ар къызысэухым, хэку гъэзетым иредакцие сыщылэжьагъ, етIанэ КПСС-м и Адыгэ хэку комитет пропагандэмрэ агитациемрэкIэ иотдел иIэшъхьэтет игуадзэу Iоф сшIагъэ. КПСС-м и ЦК щыIэ Апшъэрэ партийнэ школым ижурфак къэсыухыгъ. 1962-рэ илъэсым къыщегъэжьагъэу джы къызнэсыгъэм Адыгэ писательскэ организацием иправление сыритхьамат.

*– СССР-м инароднэ депутатэу ухадзыным ыпэкIэ депутат IофшIэнымкIэ опыт горэ уиIагъа?*

– СиIагъ. 1958-рэ илъэсым къыщегъэжьагъэу Адыгэ хэку, Краснодарскэ краевой Советхэм сырядепутатыгъ. Джащыгъуми депутатым ипшъэрылъхэр гъэцэкIэгъэнхэр бэкIэ зэлъытыгъагъэр ежь депутатыр, ащ Iофыгъор къызэрэгурыIорэ шIыкIэр, етIани мыщкIэ анахь мэхьанэ зиIэр цIыфым игумэкIыгъохэр къызэрэгурыIохэрэр, ащ игугъапIэхэр къызэриухъумэхэрэр ары. Сыдигъуи сэ сызыпылъыгъэр цIыфхэм IэпыIэгъу сызэрафэхъуныр ары. Шъыпкъэмк Iэ, зэкIэри къыздэхъугъэу сIон слъэкIыщтэп, ащ фэдэу къызыщыхэкIырэм гухэкI сщыхъущтыгъ, мырэзэныгъэр зэхасшIэщтыгъ. Ащ ыпкъ къикIыкIэ Шэуджэн, Красногвардейскэ районхэм ялэжьакIохэм СССР-м инароднэ депутатэу сыхадзынымкIэ кандидатэу сыкъызагъэлъагъом, сишъыпкъэу сегупшысэгъагъ: сыда пIомэ мызыгъогум цыхьэ къысфэзышIэу зыкъысфэзыгъэзагъэр ежь цIыфхэр арыгъэ. Ащ фэдэ цыхьэ къыпфашIыным бэ гъэцэкIэгъэн фэе пшъэрылъэу къыдилъытэрэри.

Хэдзынхэр альтернативнэу гъэпсыгъагъэ. Нэкъокъогъоу сиIагъэр кIэлэегъэджэ бзылъфыгъагъ, лъытэныгъэ зыфашIырэ IофышIагъ, урысыгъ. Ауми хэдзынхэм сащытекIонэу сэ синасып къыхьыгъ. СССР-м инароднэ депутатэу сыхадзыгъ, етIанэ СССР-м и Апшъэрэ Совет ичлен сыхъугъ, мы уахътэм лъэпкъ политикэмкIэ, лъэпкъ зэфыщытыкIэхэмкIэ Комиссием сыхэт.

*– О джащ фэдэу РСФСР-м ипсательхэм я Союз иправлениеу политическэ зэбэным лъэшэу зыщыдихыхыгъэхэм урисекретарь.*

– ГущыIэу къысфэбдзыгъэм имэхьанэ сэ икъукIэ къызгурэIо. Мары къыосIощтыр: джабгъумкIэ зызыгъэзагъэхэми, сэмэгумкIэ зыкъудыихэрэми сэ сагуахьэрэп. Центристэу ары зызэрэслъытэжьырэр, депутат Iофэу сшIэрэмкIэ джары сызэрыгъуазэрэри. Сэ сызэреплъырэмкIэ, агу зэфэплъэу зэхэхэхьанхэр арымырэу, тыдэмышъхьахэу, тымыпшъэу Iоф тшIэмэ ары кризис куоу тызыхэфагъэм тыхэкIыжьын зытлъэкIыщтыр. Тинэкъокъогъу иеплъыкIэ-еклолIакIэ щэIагъэ къызыхэдгъафэзэ къызыгурыдгъаIо хъумэ ары зэзэгъыныгъэ тазыфагу илъ зыхъущтыр, тиобществэ джыдэдэм анахь зыфыщыкIэрэ мамырныгъэ тицIыфхэм язэфыщытыкIэхэм ащыдгъэпсын тэзыгъэлъэкIыщтыр.

Сиадыгэ лъэпкъ къырыкIуагъэм фэдэкъабзэу, сэ къызрыкIуагъэри Урысыер ары зэпхыгъэр. А зэпхыныгъэр зэпыпчын плъэкIыщтэп. Советхэм я Хэгъэгу щыпсэурэ зы адыгэ горэми Урысыем пэIапчъэу псэуныр къызышIуигъэшIын ылъэкIыщтэп. Ар къызыпэкIэкIуагъэр Лениным илъэпкъ политикэу зэрихьэщтыгъэр, урыс лъэпкъым гъэхъэгъэ инэу ышIыгъэхэр ары. Зэфэ шъыпкъэу тыгущыIэн хъумэ, тежъугъэгупшыс: Урысыер арымырымэ, хэта

зэкъозыгъэуцуагъэр республикэ шъхьафитхэм я Союз? Тарихъ илъэсхэу къэткӀугъэхэм якъиныгъохэр хэт зыпшъэ дэкӀыгъэр? Урысые Федерацием ицӀыф пстэумэ афэдэу сэри сызыфаер Урысыем тапэкӀэ зыми щыфыщымыкӀэхэу щыщыӀэхэ хъуныр, ащ исуверенитет нахь пытэныр ары.

*— Адыгэ народым къырыкӀуагъэмкӀэ Урысыем имэхьанэ укъытегущыӀагъ. Ары шъхьаем, щыӀагъэба фэшъхьаф Урысыий — народхэм яхьапсыкӀэ зэджэгъагъэхэр.*

— Перестройкэм ыпэкӀэ а Ӏофыгъом темыгущыӀэнхэр нахь къырагъэкӀущтыгъ. Перестройкэр ары народыбэхэм ятарихъ ехьылӀэгъэ хъугъэ-шӀагъэхэр цӀыф жъугъэхэм языгъэшӀагъэр. Тэри а гъогупэр ары тызытетыр — тарихъым ишъыпкъагъэ унагъо пэпчъ щашӀэфэкӀэ, народхэм язэкъош-зэблэгъэныгъэ зиягъэ езыгъэкӀын зылъэкӀыщт зекӀуакӀэхэм тащыухъумагъэу тлъытэн тлъэкӀыщтэп. ЦӀыф лъэпкъыбэ зыщыпсэурэ хэгъэгушхом тыщэпсэумэ, щэӀагъэ зэфытиӀэн, шъхьэкӀафэ зэфэтшӀыжьын фае, ар лъэпкъ пстэуми ялӀыкӀохэм зэфэдэу афэгъэхьыгъ. МыщкӀэ мэхьанэшхо зиӀэр тызэрэшӀэныр, тызэгурыӀоныр ары. ЗэгурымыӀонхэр, агу зэбгъэнхэр къызыпкъырыкӀыхэрэр администраторхэм ащыщхэм цӀыфхэм ялъэпкъ зэхашӀэхэр, итарихъ шӀэжь къызэрэдамылъытэхэрэр ары.

Тэжъугъаштэ адыгэхэр. Пачъыхьагъум я XIX-рэ лӀэшӀэгъум техэкӀо заоу КъохьэпӀэ Кавказым щыригъэкӀокӀыгъэм епхыгъэу тхьамыкӀэгъо хъугъэ-шӀагъэхэр ахэмэ ятарихъ къыхэфагъэх. БгъуитӀумкӀи а заом бэ цӀыфэу хэкӀодагъэр. А охътэ жъалымым ячӀыгужъ рафыгъэхэу адыгэхэр джы Тыркуем, Сирием, Иорданием, Балкан хэгъэгухэм, Германием, нэмыкӀхэм арысых.

*— Адэ, адыгэхэу Адыгеим щыпсэухэрэр ежь ялъэпкъэгъухэу ӀэкӀыб къэралхэм арысхэм шӀыкӀэ-амал горэмкӀэ алъыӀэсыщтыгъэха?*

— Тщыгъупшэжьэу едгъэжьэгъэ перестройкэм ащкӀэ амал хьалэмэтхэр къытитыгъэх. Джащ къыхэкӀэу къыбгурыӀонэу щыт адыгэ общественностым СССР-м и Апшъэрэ Совет джырэблагъэ ыштэгъэ Законэу СССР-м шъхьафитэу къэкӀонхэм, икӀынхэм фэгъэхьыгъэм лъэшэу ынаӀэ зэрэтыридзагъэр. Ӏо хэмылъэу, а законыр зэраштагъэр бэмэ лъэшэу игъоу алъытэщт, советскэ адыгэхэмрэ ахэмэ ялъэпкъэгъухэу ӀэкӀыб къэралхэм арысхэмрэ гуманитар, нэмыкӀ зэфыщытыкӀэхэу зэдыряӀэхэм зырагъэушъомбгъунымкӀэ ащ ишӀуагъэ къэкӀощт.

*— О Адыгэ автоном хэкум урилӀыкӀоу хабзэм иапшъэрэ органхэм уахэхьэ. Сэ сызэрэщыгъуазэмкӀэ, хэкум иобщественность ащ истатус зыкъегъэӀэтыгъэным нахь ишъыпкъэу къыкӀэдэо зэпыт.*

— Хэгъэгум ичӀыпӀэ зэфэшъхьаф заулэхэм лъэпкъ зэфыщытыкӀэхэмкӀэ къащыхъурэмэ ялъытыгъэу уасэ фэпшӀын зыхъукӀэ, Адыгеим Ӏофхэр щырэхьат. Уащытхъуныр атефэ чӀыпӀэ партийнэ, советскэ органхэу лъэпкъ зэфыщытыкӀэхэр къызыщызэӀыхьэрэ чӀыпӀэхэм фэкъулайхэу ахэр зыгъэупабжьэщтыгъэхэм. ЦӀыф лъэпкъ пстэухэу тихэку щыпсэухэрэм ялӀыкӀохэм зышъхьамысыжьэу ашӀэгъэ Ӏофым ишӀуагъэкӀэ экономикэмрэ культурэмрэкӀэ гъэхъэгъэ шӀукӀае ашӀыгъ.

*— Мы аужырэ илъэсхэм Адыгеим истатус зэхъокӀыныгъэ горэхэр фэхъугъэха?*

— Фэхъугъэх. 1990-рэ илъэсым иянварь, сыдэу зашӀыгъэми, тызыкӀэдаощтыгъэр къыддэхъугъ. Краим иплановэ-экономическэ къэгъэлъэгъонхэм сатыр шъхьафэу тихэку ибюджет ахагъэуцуагъ. Ащи Ӏофыр къыщыуцугъэп — гъэрекӀо Адыгеир республикэ хъугъэ. Джы тыдэгузажъоу тызажэрэр РСФСР-м и Апшъэрэ Совет типравовой статусыкӀэ ифэшъошэ фитныгъэхэр къытитынхэу ары. Краснодар краим тэ тыкъыхэкӀыжьыгъ, ау ащ илэжьакӀохэу къэралыгъо гъэпсыкӀэ тиӀэ хъунымкӀэ, игъэпытэнкӀэ зишӀогъэшхо къытэзыгъэкӀыгъэхэм тафэразэу тадэпсэу.

*— О а Ӏофыгъом духовнэ, физическэ кӀуачӀэхэр мымакӀэу тебгъэкӀодэгъэнхэ фае. Фэныкъоныгъэ горэхэми уагъэгумэкӀэу къысщэхъу.*

— СыдигъокӀи сэ игъоу слъэгъурэр сыд фэдэрэ лъэпкъ движении зыдэлэжьэн фаер зыщыщ лъэпкъым емылъытыгъэу цӀыфхэр зэкъуигъэуцонхэр ары нахь, зэпигъэуцунхэр арэп. Джары сэ движениеу «Адыгэ хасэм» иӀофшӀэн сызыкӀыхэлажьэрэр.

Зыщыщ лъэпкъым лыящэу рыпэгэнэу, федэ къызыфыхигъэкӀынэу хэти фитныгъэ иӀэп. НахьыбэрэмкӀэ джащ пае сэ Всесоюзнэ ассоциациеу «Зэзэгъыныгъэрэ зыкӀыныгъэрэ» зыфиӀорэм иӀофшӀэн сызыкӀыхэлажьэрэр. Ащ

ипрезидентыр писателэу Ю. Бондаревыр ары, сэ пшъэрылъ къысфашІыгъ ащ игуадзэу Іоф дэсшІэнэу. Тэ зэкІэми, цІыф лъэпкъыбэ зыщыпсэурэ тихэгъэгу игражданин пэпчъ типшъэрылъ лъапІэр национализмэ акъылынчъагъэм тихэгъэгу емыунэхъулІэным пае зэкІэ ткІуачІэ къыхьырэр тшІэныр ары. Нафэ къызэрэхъурэмкІэ, хэгъэгум ушэтын хьылъэхэр къыпыщылъых.

— *Тфэщэчыных шъуІуа тэ ахэр?*

— Тфэщэчыщт, джы нэс къиныгъуабэ зытщэчыгъэкІэ. Сэри, ощ фэдэу загъорэ сызэупчІыжьы: моралым ылъэныкъокІэ обществэм гукІодыгъо зэрэщыхъугъэм кІэух фэтшІынымкІэ типшъэдэкІыжь икъукІэ къыдгурэІуа? Джы Іофхэм язытет зыщыхьылъэ дэдэм, къэралыгъом имызакъоу, ащ щыпсэурэ нэбгырэ пэпчъ ушэтын къинхэм зыщахэтым, псынкІэ шъыпкъэу ищыкІэгъэ Іофтхьабзэхэр зетхьанхэр типшъэрылъ. Джа уиупчІи мыщ фэдэ джэуап ищыкІагъ: перестройкэм ишІуагъэкІэ демократическэ гъэхъагъэхэу тиІэ хъугъэхэр хабзэм иорган пстэуми шІокІ имыІэу агъэцэкІэн фэе законкІэ мыгъэпытагъэмэ, ушэтынхэу тызыхэфагъэхэр зэпытчынхэр ткІуачІэ къыхьыщтэп.

— *Хэгъэгу Іофхэм язытет тегъэпсыкІыгъэу ара а Іофым узэреплъырэр?*

— Хьау, сэ сиеплъыкІэ арэп зытегъэпсыкІыгъэр. СихэдзакІохэм зэукІэгъоу адысиІэхэрэм ащызэхэсхыхэрэм бэ къахэсхырэр — зэкІэ пІоми хъунэу ахэр мэкъу-мэщым зыщыпылъхэ районых зыщыпсэухэрэр. Лъытэныгъэшхо зыфэсшІырэ егъэшІэрэ лэжьакІох ахэр, нахьыбэрэмкІэ зэфагъэ зыхэлъ даохэр ахэмэ хабзэм иІэшъхьэтетхэм афыряІ.

— *Адэ хэгъэгум шІуагъэ къыфэзыхьырэ ІофшІэным рэхьатэу цІыфхэр пылъынхэм пае ящыкІэгъэ амалхэр СССР-м и Апшъэрэ Совет, о пшъхьэкІэ, узэрэдепутатым елъытыгъэу, къышъутефэрэр шъошІа?*

— УиупчІэ къыхэщы а Іофыгъоми Апшъэрэ Советым, арышъ, сэри укъызэрэтфэмыразэр. БэкІэ узаф. Шъыпкъэ, тиІофшІагъэ икъоу тигъэразэрэп. Законэу тштагъэхэр зэрагъэцэкІэнхэ алъэкІыщт шыкІэ-амалхэм икъоу джыри зафэдгъэсагъэп. Обществэм ошІэ-дэмышІэу къыщытэджырэ Іофыгъохэм язэшІохыкІэ игъом къытфыхэмыхэу бэрэ къыхэкІы.

— *Узэрэписателым елъытыгъэу о джащ фэдэу уагъэгумэкІын фае лъэпкъ культурэхэм, ныдэлъфыбзэхэм алъэныкъокІэ хэкум Іофхэр зэрэщыщытхэм.*

— ЧІыпІэ зимыкощыкІыщтыгъэ илъэсхэм щытхъуІотэ идеологиеу зэрыгъуазэщтыгъэхэм ар анахь гомыІу кІэнэу къытфыщинагъэр арынкІэ енэгуягъо. Хэгъэгум ицІыф лъэпкъхэр щыІэныгъэм кІэрычыгъэ идее горэм пае зэнэкъокъухэзэ, ныдэлъфыбзэхэм язэгъэшІэн, лъэпкъ культурэхэм яхэгъэхъон къакІырагъэчын, ары пакІошъ, щагъэзыепэнхэ агу хэлъэу дэгузажъощтыгъэх. Іофыр зынэсыгъагъэр ежь ны-тыхэми, ахэмэ ащыщэу сэ силъэпкъэгъу адыгэхэми, якІэлэцІыкІухэм ныдэлъфыбзэр зэрагъэшІэныр къырамыдзэжьы хъугъагъэ. Бзэр анахь лыуз Іофыгъоу щыт. ЦІыф лъэпкъэу зыщыщхэм емылъытыгъэу зэкІэ кІэлэцІыкІухэм зэфэдэ амалхэр яІэнхэ фае. Уятэжъхэм ячІыгу уиныдэлъфыбзэ щызэмыгъэшІэныр емыкІушху! Бзэр щымыІэжь зыхъукІэ, лъэпкъыри дунаим текІодыкІыжьы. ЭкономикэмкІэ федэ-мыфедэм а Іофыр фэпщэжьы хъущтэп. ХэгъэушъхьафыкІыгъэ дунай горэп тэ тызыщыпсэурэр, тищыІэкІэ-псэукІэ къырыкІощтымкІэ тэ зэкІэми тызэпхыгъ.

*ДэгущыІагъэр Быковский А.,*
*1991-рэ илъэс*

## ТэркІэ мэхьанэшху

*Адыгеим иписательхэм я Союз илъэс 60 зыхъугъэ мафэм къыщиІогъэ гущыІэр*

Адыгеим иписательхэм я Союз иятІокІищэнэрэ илъэс зыхэдгъэунэфыкІырэ мафэхэр зытефагъэхэр хъугъэ-шІэгъабэхэу тинарод тырызыгъэгушхохэрэр, ащ дакІоу ушэтын хьылъэхэу зэпичыгъэхэр тыгу къэзыгъэкІыжьхэрэр ары. Тызэрыгушхорэр Адыгэ Республикэм иеджэн-гъэсэныгъэрэ икультурэрэ ахигъэхъонымкІэ кІуачІэхэмрэ амалхэмрэ зэриІэхэр, мамырныгъэм зэрэфаблэрэр, народ

пстэуми зэкъош-зэблэгъэныгъэ зэрадыриIэр, зэкIэ ахэмэ шъхьэкIафэ зэрафишIырэр, а охътэ дэдэм ежь ылъапсэхэм, икультурэ, тыжъхэм яшэн-хабзэхэр лъэшэу зэригъэлъапIэхэрэр ицыхьэ нахь зытелъыжьэу къызэриIохэрэр ары.

Тызыгъэнэшхъэирэ Iофыгъохэри мымакIэу щыIэх – социальнэ-экономическэ реформэр жъажъэу агъэцакIэ, гъунэгъу регионхэм лажьэ зимыIэ цIыфхэм ялъ ащагъачъэ, бзэджэшIэным зеушъомбгъу, сыдигъуи уасэ зыфашIыщтыгъэ шIуагъэхэр, идеалхэр агъэлъэпIэжьыхэрэп, мафэ къэс цIыфхэм ящыкIэгъэ гъомлапхъэхэм ауасэхэм лъэшэу ахэхъо. Тигражданхэм ащыщыбэхэм агу зыгъэцIыкIурэр щыIэкIэ-псэукIэр нахь къин зэрэхъугъэм имызакъоу, обществэм психологическэ атмосферэу хэлъ хъугъэри ары. Хымэ народ горэм ищыIэкIэ-псэукIэ фэдэу бгъэпсынэу уфежьэныр ищыкIагъэп, ар бгъэпсын плъэкIыщтэп, сыда пIомэ ахэмэ ежь яунаеу шэн-хабзэхэр яIэх, агукIэ ящыкIагъэхэри фэшъхьафых, къэзыуцухьэхэрэ дунаим, природэм, чIыгум нэмыкI фыщытыкIэх афыряIэхэр. Тэ тихэгъэгу пштэмэ, тарихъ гъогоу къыкIугъэмкIэ, блэкIыгъэ, ыпэкIэ къэт уахътэмкIэ, нэбгырэ пэпчъ ыгукIэ ыштэгъэ шIуагъэхэмкIэ, идеалхэмкIэ народыр зэкъогъэуцуагъэ хъугъэ. Джащ къыхэкIэу идеалхэм уасэ афамышIыжьэу къызэрэрагъэжьагъэр нэбгырэ миллион пчъагъэхэм лыуз афэхъугъ.

Урысыер хэгъэгу ин дэд, арышъ, тэ тицыхьэ пытэ зытелъыр сыд фэдэ къиныгъохэри зэпичынхэ фаеу хъугъэми, ащ ыкIуачIэ ыпкъ ригъэзэуцожьыщт, нахьыпэми фэдэу, къэралыгъо кIочIэшхоу хъужьыщт. Мыщ анахьэу яшIуагъэ къыщагъэкIон фае литературэм, искусствэм, творческэ интеллигенцием.

Гъогоу къэткIугъэм тыкъыфызэплъэкIызэ къэтIон тлъэкIыщтыр Адыгэ Республикэм иписательхэм макIэп ашIагъэр народым икультурэ зегъэужьыжьыгъэнымкIэ. Нахьыпэм тхыбзэ зимыIэгъэ народым ежь илитературэу иIэ хъугъэм ищытхъу Адыгеим пэчыжьэуи щызэлъашIэ, хэгъэгум игъунапкъи зэпырыкIыгъ. Художественнэ гущыIэмрэ гупшысэмрэ икъукIэ апкъ зэриуцуагъэхэр произведениябэмэ къахэщы.

Адыгэ писательхэм жанрэ пстэуми арылъэу тхылъ 600-м къехъу къыхарагъэутыгъ. А произведениехэм тарихъымкIэ, бзэмкIэ, литературэмкIэ, культурэмкIэ шIогъэшхо апылъ. Тхылъыр – бзэмрэ тхыбзэмрэ ясаугъэтэу ары зэралъытэрэр. Произведениер – лъэпкъ тхыбзэмрэ тхылъхэутынымрэ яхэхъоныгъэ халъхьэгъэ Iахьышху.

Тиюбилей хэдгъэунэфыкIызэ, лъэшэу тафэразэу тэ тыгу къэтэгъэкIыжьых Адыгеим иписательхэм я Союз иапэрэ зэхэщакIохэу КIэрэщэ Темботрэ Хьаткъо Ахьмэдрэ.

Адыгэ литературэр непэ зыныбжь икъугъэ идейнэ-художественнэ организмэу щыIэныгъэм ихъугъэ-шIагъэхэр, тилъэхъан щыIэ цIыфым идуховнэ дунай зыфэдэр къэзыгъэлъагъохэрэ пкъыгъу. Ащ исатырэхэм къахэхъухьагъэх талант зыхэлъ писательхэу ныбжь зэфэшъхьафхэр зиIэхэр. Родинэм осэ ин къафишIыгъ типисательхэм ятворческэ IофшIагъэ. Ахэмэ ащыщыбэхэм орденхэмрэ медальхэмрэ къафагъэшъошагъэх, Урысыемрэ Адыгеимрэ культурэмкIэ язаслуженнэ IофышIэх, республикэм инароднэ писателых.

Писательхэм я Союз непэ литературнэ-художественнэ журналиплI: «Зэкъошныгъэр», «Жъогъобыныр» адыгабзэкIэ, «Литературная Адыгея», «Родничок Адыгеи» зыфиIохэрэр урысыбзэкIэ къыдегъэкIых. Арышъ, писательхэмрэ творческэ ныбжьыкIэхэмрэ атхыхэрэр къызыщыхаутынхэ, тхылъеджэхэм ахэмэ къараIуалIэхэрэр къызэрахынхэ алъэкIыщт журналых.

НамысыгъэмкIэ хъарзынэщых тилъэхъан атхыгъэ произведениехэри, бэшIагъэу къыхаутыгъэхэу, ау тилитературэ, цIыфхэм яшIэжь джыри ахэмыкIодыкIыгъэхэр.

Адыгэ прозэм хэхъоныгъакIэхэр ешIых, шъхьэшъофыкIо тхакIэр зыхегъэзыжьы, цIыф нэшанэхэмрэ цIыфхэм къарыкIуагъэхэмрэ психологическэу нахь куоу къегъэлъагъох, джыри тищыIэкIэ-псэукIэ инравственнэ лъапсэхэр еушэтых. Ахэр анахьэу къызыхэщыхэрэр писательхэм япроизведениехэу тарихъым, заом, непэрэ щыIэкIэ-псэукIэм яхьылIагъэхэр ары. Адыгэ прозэр хэпшIыкIэу ыпэкIэ лъэкIуатэ, ар урысые тхылъеджэхэм нахь игъэкIотыгъэу алъэIэсы, куоу ыкIи зегъэушъомбгъугъэу мэгупшысэ. Адыгэ поэзиеми гъэхъагъэ гъэнэфагъэхэр ышIыгъэх. Ащ ихэхъоныгъэкIэ ишIогъэшхо къэкIуагъ народым ижэрыIо творчествэ. ПоэтхэмкIэ ар сыдигъуи акъылышIо упчIэжьэ-

гъоу, идеехэмкӀэ къыфэхьалэлэу, гупшысэхэмкӀэ, образхэмкӀэ, бзэмкӀэ мыпчъэкъожь къэкӀуапӀэу щытыгъ. Фольклорыр – поэзиемкӀэ духовнэ, нравственнэ хъарзынэщ къэкӀуагъэу щыт.

Литератор лӀэуж зэфэшъхьафхэм язэпхыныгъэхэр сыдигъокӀи пытагъэх. Непэрэ литераторхэм я 20–59-рэ илъэсхэм адыгэ литературэм лъапсэ фэзышӀыгъэхэм шъхьэкӀэфэшхо афашӀызэ произведение шӀагъохэр атхых.

ГухэкӀ нахь мышӀэми, кӀэлэцӀыкӀухэм апае литературэм зэрифэшъуашэу хэхъоныгъэ ышӀыгъ пӀон плъэкӀыщтэп. Ахэмэ апае тхылъ Ӏуш гъэшӀэгъонхэу макӀэ атхырэр. Адыгэ драматургиемкӀи зэшӀомыхыгъэ Ӏофыгъо макӀэп щыӀэр.

Адыгэ литературэр ылъэ зэрэтеуцощтыгъэм, хэхъоныгъэ зэришӀыщтыгъэм адакӀоу чӀыпӀэ литературоведениеми хэхъоныгъэ ышӀыщтыгъ. Тхылъэу къыхарагъэутыгъэхэм адыгэ литературэм ижанрэхэм, истильхэм, игеройхэм, итворческэ метод яӀофыгъохэр къащызэхафых. ШӀэныгъэлэжьхэмрэ критикхэмрэ литературоведениемкӀэ ягупшысакӀэ икультурэ хэпшӀыкӀэу хэхъуагъ, литературэм щырекӀокӀырэ процессхэр теоретическэу нахь дэгъоу аушэтыхэ хъугъэ.

Я 30-рэ, 40-рэ, 50-рэ илъэсхэм прозэм, поэзием, драматургием яреалистическэ жанрэхэр алъэ зытеуцощтыгъэхэ уахътэм анахьэу зишӀуагъэ къэкӀуагъэхэр адыгэ литературэм зэпхыныгъэхэу урыс классикэм дыриӀагъэхэр ары. Типисательхэм адыгабзэкӀэ зэрадзэкӀыхэу рагъэжьагъ урыс писательхэм япроизведениехэр. Адыгэ литературэм лъэпкъ зэпхыныгъэхэм заригъэушъомбгъущтыгъ. Ӏо хэмылъэу, зэкӀэ адыгэ тхылъеджэм ӀэкӀахьэщтыгъэу тӀорэп, ау урыс классикэм щыщэу адыгабзэкӀэ зэрадзэкӀыщтыгъэм ифэмэ-бжьымэ уемыхъырэхъышэжьынэу адыгэ литературэм къытыригъахьэщтыгъ. Урыс писательхэм япроизведениехэр игъэкӀотыгъэу адыгэ литературэ ныбжьыкӀэм къызэрэхахьэщтыгъэхэм хэпшӀыкӀэу ар къыгъэбаищтыгъ, прозэмрэ поэзиемрэ яжанрэхэр апкъ зэриуцохэрэр ыгъэпсынкӀагъ. Урыс зэдзэкӀакӀохэри адыгэ писательхэм ӀэпыӀэгъу къафэхъугъэх, джыри къафэхъух тхылъеджэ жъугъэхэм, урысые тхылъеджэхэм ямызакъоу, ӀэкӀыб къэрал тхылъеджэхэм нэӀуасэ афэхъунхэмкӀэ.



Писательхэр сыдигъуи янарод, ячӀыгу кӀэрыпчынхэ умылъэкӀынхэу епхыгъагъэх. Джыри писатель пэпчъ ежь игущыӀэ тхыгъэ ыкӀуачӀэ пае, ащ ифэмэ-бжьымэу цӀыфхэм атырихьэрэм, цӀыфхэм якультурэ зыкъегъэӀэтыгъэнымрэ ядуховнэ дунай гъэбаигъэнымрэ апае народым ыпашъхьэ пшъэдэкӀыжьэу щихьырэр икъоу къыгурэӀо.

Достоевскэм игущыӀэхэу зэлъашӀэхэрэм ятефэрабгъоу, икъукӀэ тицыхьэ телъэу къэтӀон тлъэкӀыщт: литературэм дунаир къыгъэнэжьыщт. ЗыкъэгъэнэжьынымкӀэ ар цӀыфым ӀэпыӀэгъу фэхъунэу ипшъэрылъ. Ащ пае писательхэр янарод ыпашъхьэ зэфэшъыпкъэу щызекӀонхэ, агу цӀыфхэм афызэӀухыгъэн фае. Гъэсэпэтхыдэ гъушъэм фэӀорышӀэрэ литературэм зэрар нэмыкӀ цӀыфхэм къафихьыщтэп.

Писателым ытхырэм шъыпкъагъэ хэмылъ зыхъукӀэ, ытхырэр къыдэхъугъэу плъытэн плъэкӀыщтэп. Народым икультурэ зебгъэужьыжьын плъэкӀыщтэп тарихъ, намыс, духовнэ шӀэжьым земыгъэужьыжьэу. Джары шъыпкъ писатель пэпчъ непэ Ӏофэу ышӀэрэмкӀэ ынаӀэ зытыригъэтын фаер.

Сыд фэдэрэ народнэ культури, сыд фэдэрэ духовнагъи лъэныкъуабэ къызэлъаубыты. Мырэущтэу къапӀомэ хъущтмэ, ар литературэмрэ искусствэмрэ – музыкальнэм, къашъом, псалъэм, прикладноим, художественнэм – зэхэгъэчъыхьажьыгъэхэу ары зыфэбгъэдэн плъэкӀыщтыр. ЗэкӀэ ахэмэ афэдэ плъышъохэм къащыгъэлъэгъуагъэх лъэпкъ духовнагъэр, намысыгъэр, зекӀокӀэ-шӀыкӀэхэр, этикэр. Джахэр арых адыгэ культурэм, адыгагъэкӀэ тэ тызаджэрэм лъапсэ афэхъугъэхэр. Адыгагъэр пштэмэ, ар – философие псэу, эстетикэ, духовнэ систем, нравственнэ, этическэ кодекс. ЦӀыфыр зэрэзекӀон фэе шапхъэхэр – намысыгъэм, хьалэлыгъэм, цӀыфыгъэм яшапхъэхэр къыдэзылъытэрэ кодекс народым ыгъэпсыгъ, ар ежь къыкӀэлъыкӀощт лӀэужхэм къафигъэнагъ. Ар псалъэм, шъуашэм, къашъом, мэкъамэхэм къахэщэу ыгъэпсыгъ. Гулъытэ зиӀэ писателым ахэмэ ащикӀухьан ылъэкӀыщтэп, ащикӀухьи хъущтэп. Писателым игражданственнагъэ къызыщылъэгъон фаер социологическэ иидеехэр пропагандэ ышӀынхэр арэп, инарод духовнэу, нравственнэу дэпсэлъэныр ары нахь.

Сыд фэдэрэ лъэхъани писателым иеплъыкIэ-екIолIакIэ зыфэдагъэр, зыфэдэр – народым игъусэныр, ащ пае тхэныр ары. Тикъэралыгъо гъэпсыкIэ зэтегъэпсыхьэгъэным, ащ щыпсэурэ народхэм язэкъош-зэблэгъэныгъэ гъэпытэгъэным, мамыр щыIакIэрэ зэгурыIоныгъэрэ ахэмэ азыфагу илъыным ахэмэ тапэкIэ яIахьышIу хашIыхьащт. Джары еплъыкIэ-екIолIэкIэ шъхьаIэу тэ тызэрыгъуазэрэр, Iофэу тшIэрэри джары зыфэгъэхьыгъэщтыри.

*1994-рэ илъэс*

## «...Ау поэтхэр зэщыхьэщтыгъэхэп»

*Урысыем иписательхэм яжурналэу «Наш современник» зыфиIорэм иящэнэрэ номерэу къыдэкIыгъакIэр, уемыхъырэхъышэжьынэу, Адыгеим итхылъеджэхэм ашIогъэшIэгъоныщт: Темыр Кавказым иреспубликэ зэфэшъхьафхэм япоэтхэмрэ ахэмэ язэдзэкIакIохэмрэ яусэхэм яподборкэшхо ащ къыхиутыгъ. Аварцэу Расул Гамзатовым, цIыф лъэпкъ зэфэшъхьафхэм ащыщ поэтхэу — урысхэу Дмитрий Кедриным, Яков Козловскэм, Александр Бобровым, абхъазхэу Кумф Ломиа, Мушни Ласуриа, даргинцэу Хьабиб Алиевым, къэбэртаехэу Торшхоев Ибрахьимэ, Бицуе Анатолий, бэлъкъархэу Шъалихь Гуртуевым, Танзиля Зумакуловам, къэрэщаеу Назир Хубиевым, осетинэу Музафер Дзасоховым, чэчэнэу Мыхьамэт Сулаевым ягъусэхэу яусэхэр къыхаутынхэу янасып къыхьыгъ Адыгеим щыщ поэтхэу Къуекъо Налбый, Къуикъо Шыхьамбый, Емыж МулиIат, Унэрэкъо Рае...*

*Усэхэм ащ фэдэ яинтернациональнэ подборкэ журналым къыхиутыныр бэмышIэу зыпарэкIи агъэшIагъощтыгъэп, сыда пIомэ а уахътэм зэфэшъхьаф народхэмрэ культурэхэмрэ шъхьакIафэ афашIыщтыгъ. ГухэкI нахь мышIэми, непэрэ тищыIэкIэ-псэукIэ лъэпкъ зэщыхьэгъухэм ямызакъоу, заохэми къагъэушIункIыгъ.*

*Темыр Кавказым ипоэтхэм яподборкэ фэгъэхьыгъэ пэублэ статьяу ытхыгъэм ыгу ыгъэузэу ащ къыщытегущыIэ Мэщбэшlэ Исхьакъ. Зэлъашlэрэ писателым непэ хэгъэгум къыщыхъурэ хъугъэ-шIагъэхэм акъылышIогъэ шIыкIэкIэ зэрахаплъэрэм тигъэзет еджэхэрэр нэIуасэ фэтшIыхэмэ тшIоигъоу журналэу «Наш современник» зыфиIорэм ия 3-рэ номер къыхиутыгъэ статьяр къыхэтэутыжьы.*

МашIом зэлъиштэгъэ Грознэм шъхьащыт Iугъо шIуцIэм иныбжьыкъу нэшхъэй Кавказым икъушъхьэшыгу фыжьхэм ямызакъоу, зэрэпсэоу Урысыеми атехъуагъэ хъугъэ. Автоматыр атезэрэгъэщэягъэу зэфычIэплъыхэ зыхъукIэ, цIыфым цIыфыр зэриныбджэгъум, шIу зэрилъэгъурэм къатегущыIэгъуай. Арэущтэу зэрэзекIохэрэр, яджэгъогъуныгъэ пае телъхьапIэ ашIырэр, яхэгъэгу цIыкIу ыпашъхьэ пшъэрылъэу щыряIэр ары. Мыщ дэжьым уапашъхьэ къимыгъэуцон плъэкIырэп чэчэн бзылъфыгъэу «Минутка» зыфиIорэ площадым пэмычыжьэу асфальт зэхэцунтхъагъэм ыкъоу, илIэу е ышэу щаукIыгъэм итхьамыкIагъо зэлъиштагъэм инэшхъэй теплъэ-Iуплъэ.

Охътэ щынэгъошху. Шъхьэр зэтезычырэ гупшысэх. Къызыгурыгъэlогъуай хъурэ-шlэрэр. Губжым зэлъиштагъэх. Зэрэлъэгъу хъухэрэп... ШIушIэным ыкIуачIэ шIошъ хъугъуае хъугъэ...— къэхъущтыр къэзышIэщтыгъэм фэдэ писателышхоу Николай Некрасовым игущыIэхэмкIэ къэтIон хъумэ.

ПкIыхь дахэм фэдэу непэ тыгу къэкIыжьы Расул Гамзатовым иусэу «Къэрэухэр» зыфиIорэр, нэужым ар орэд хъужьи, республикэ зыкI пшIыкIутф ащ къызэлъибыбыхьагъ, нэбгырэ миллион 300 фэдиз хъущтыгъэ народым ыгу зэдыригъаштэу къытыригъаозэ. Советскэ дзэкIолIхэу ти Хэгъэгушхо къаухъумэзэ фэхыгъэхэм афагъэуцугъэ саугъэт дэхэшхохэр зыхашIыкIыгъэ джэрзым ыкIи гранитым ар ащыщ хъугъэ, урысые къэлэ ыкIи къоджэ пчъэгъабэхэм ягъэшIэрэ щытхъум, гущыIэм пае, Саратов дэжь, Соколовэ къушъхьэм тырагъэуцогъэ саугъэтэу хъугъэ. Адэ непэ губжым зиакъыл зэщифыгъэ горэ къызэтыригъэуцон ылъэкIын шъуIуа Урысыемрэ Кавказымрэ язэфыщытыкIэхэр Пушкиным, Лермонтовым, Толстоим, Бестужев-Марлинскэм ацIэ лъапIэхэм зэряпхыгъэхэм, а гузэхэшIэ дэдэхэм КIышъэкъо Алимрэ Къайсын Кулиевымрэ зэрарыгъуазэщтыгъэхэм, а гузэхэшIэ дэдэмкIэ непэ Расул Гамзатовым ипоэзие зэрэщыIэм?

Уахътэм къызэриушыхьатырэмкIэ, тарихъ гукъэкIыжьхэм ежь-ежьырэу народхэм ягъогу тхьамыкIагъохэр щытырагъэкIодыкIынхэ, блэкIыгъэ уахътэм лIыхъужъ, лъыгъэчъэ хэукъоныгъэхэу ашIыгъагъэхэм ямыгупшысэжьхэу джыри атегушхухьанхэм щиухъумэхэрэп. МыщкIэ ищыкIагъэр цIыф лъэпкъыбэ зыщыпсэурэ хэгъэгушхом къырыкIощтымкIэ пшъэдэкIыжь зыхьыхэрэм мафэ къэс дэмышъхьахыхэу цIыфхэр зэфэщэгъэнхэм Iоф дашIэнэу ары. БлэкIыгъэ уахътэм щыщэу тызылъыхъун фаер тэ тызэкъозыгъэуцощтыгъэр ары, нахьыпэм зэрэщытыгъэм фэдэу, гъунэгъухэр зэфэнэгуихыгъэхэу зэпэгъокIынхэ фае нахь, хьадэгъу къафэзыхьырэ Iашэр къызэфырахызэ арэп. Литературэми ащкIэ ишIогъэ гъэнэфагъэ къыгъэкIон фае. Журналэу «Наш современник» зыфиIорэм иредакцие Кавказым иреспубликхэм ащыщ поэтхэмрэ ахэмэ язэдзэкIакIохэмрэ яусэхэр къыхиутынхэ ыгу хэлъэу ыгъэхьазырыщтыгъэх, ау ар Iофыгъо зэшIохыгъошIугъэп: илъэс пчъэгъабэ хъугъэу, зэрэгъэбаижьхэзэ лъэпкъ авторхэмрэ урыс зэдзэкIакIохэмрэ азыфагу илъыгъэ зэфыщытыкIэхэр лъэшэу зэщыгъэкъуагъэ хъугъэх, бгъуитIуми шIуагъэ къафэзыхьыщтыгъэхэ зэпхыныгъэхэр зыпкъы рагъэуцожьынхэм мы охътэ благъэм ущыгугъынэу щытэп. Арэу щытми, сэ сишIошIыкIэ, охътэ шIукIае зытешIэгъэ нэужым мы поэтическэ подборкэр къызэрэхаутыгъэм къыушыхьатырэр урыс литературэм ежь икъош къушъхьэчIэс поэтхэм ятворчествэ уасэ зэрэфишIырэм къызэрэкIимычыгъэр, Кавказым инародхэм якультурэ хъырахъишъэу, шъотехьэтекIэу гъэпсыгъэм уфэзыщэрэ гъогур зэфэшIыгъэу зэримылъытэрэр ары.

Мы гумэкIыгъо уахътэм цIыфым цIыфыр шIу зэрилъэгъурэм къытегущыIэгъуай, ау арэущтэу хъуным пае Iоф шIэгъэн фае, сыда пIомэ, ащ фэдэ Iоф умышIэу мамыр щыIакIэ, цIыфхэм азыфагу зэкъош-зэблэгъэныгъэ илъэу пшIыжьынхэ плъэкIыщтэп. Арышъ, тызэжъугъэзэгъ, тицыхьэ зэтелъэу тIапэхэр зэфэтэжъугъэщэих. ТекIоныгъэр къызыдэтхыгъэ илъэсым Дмитрий Кедриным 1945-рэ илъэсым Къайсын Кулиевым ыцIэкIэ ытхыгъэгъэ стихотворениеу «Ночь поземкою частой...» зыфиIорэр тыгу къэтэжъугъэгъэкIыжь, тишъыпкъэуи тежъугъэгупшыс, нахьыпэм зэкъош-зэблэгъэныгъэу зэдытиIагъэм зичэзыу ушэтыныр я XX-рэ лIэшIэгъу шIагъоу, ау лъыр зыщагъачъэрэр зыщикIырэм, ащ ыужи фэщэчын шъуIуа?

Джыри мэхьанэшхо зиIэ зы Iофыгъо ехьылIагъ. 1995-рэ илъэсым поэтэу Сергей Есениныр къызыхъугъэр илъэси 100 мэхъу. Урыс поэт къодыягъэп ар, зэкIэ цIыф лъэпкъыбэ зыщыпсэурэ Урысыем ипоэтэу щытыгъ нахь. Урысхэр зылъэгъу мыхъухэрэм сыд фэдизэу ар бзэгу ахьыщтыгъэми, «националистэу ыкIи шовинистэу» адрэхэм къагъэлъэгъоным пылъыгъэхэми, Сергей Есениныр зыгу цIыфхэм афызэIухыгъэ урыс цIыф хьалэлыгъ, арэущтэуи къэнэжьы. Урысыешхом щыпсэурэ цIыф лъэпкъ пстэуми нахьышIоу ахэлъыр зэкIэ зыпкъырыхьэгъэ цIыфыгъ ар. Къэхъущтым гу лъызытэщтыгъэм фэдэу ащ истихотворениеу «Грузием ипоэтхэм афэсэтхы» зыфиIорэмкIэ мары ащ осыетэу къытфыщинагъэр.

*1995-рэ илъэс*

## Адыгэмэ ягугъэ-гупшысэ сырэгъуазэ

*Адыгэ литературэм иклассикэу, общественнэ IофышIэшхоу МэщбэшIэ Исхьакъ Шумафэ ыкъор къызыхъугъэр непэ илъэс 65-рэ мэхъу. ШIошъ гъэхъугъуае, ау ар шъыпкъэ. А лIыр ыгукIэ зэрэныбжьыкIэм, щыIэныгъэм зэрэфэкъарыушIум ишIуагъэкIэ, удэгущыIэ зыхъукIэ, а къарыур ори къыпхилъхьэрэм фэдэу къыпщэхъу. Адырэ лъэныкъомкIэ (ахэр зэгъусэу а зы цIыфым зэрэхэлъыр!) — ар акъылышIу, зэкIэми гу алъетэ, лIэшIэгъу пчъэгъабэхэм инарод опытэу зэIуигъэкIагъэр, игушIуагъуи, игукIайи зыхэплъэгъорэ къушъхьэшыгу шъхьацыфым фэд.*

*МэщбэшIэ Исхьакъ Пшызэ шъолъыр итхылъеджэхэм нэIуасэ афэпшIыныр имыщыкIагъэу сэлъытэ. Ащ итхылъхэм ашIогъэшIэгъонэу яджэщтыгъэх Краснодарскэ краимрэ Адыгеимрэ зэхэтыхэ зэхъуми, джыри, Адыгеир Урысые Федерацием исубъект шъхьафэу зыхъугъэми. Духовнэ зэпхыныгъэхэр зэкIэрыпчынхэ плъэкIыщтэп.*

*А цIыф хьалэмэтэу, Адыгеим имызакъоу, зэкIэ хэгъэгур пштагъэми, анахьыбэ заджэхэрэ, анахь шIу алъэгъурэ писательхэм зыкIэ ащыщым джыри нэIуасэ фэмыхъугъэхэм итворчествэ къафэтIотэн. Мэщбэшlэ Исхьакъ итворчествэ къыхеубытэх усэхэр зыдэт сборник пчъэгъабэ, адыгэ народым ищыIэныгъэ я Х-рэ лIэшIэгъум щегъэжьагъэу къыхэхыгъэ тарихъ романхэу, ямэхьанэкIи, уахътэу къагъэлъагъорэмкIи зыпэпшын гъотыгъуаехэр. А произведениехэм ащыщыбэхэр урысыбзэкIэ, Советскэ Союзщтыгъэм инародхэм абзэкIэ, тыркубзэкIэ, арабыбзэкIэ, инджылызыбзэкIэ, французыбзэкIэ, испаныбзэкIэ, польскабзэкIэ зэрадзэкIыгъэх… Ахэмэ ащыщхэм ацIэ къетIон: «Агъаерэм ежэжьыхэрэп», «Бзыикъо зау», «ШIу шIи, псым хадз», «Илъэс фыртынэхэр», «Нэфшъэгъо лъагъохэр», «Гощэунай», «Мыжъошъхьал». Ащ иаужырэ дилогиеу «ГъэритIу» зыфиIорэм, гум къигущыIыкIырэ жабзэкIэ зэрэтхыгъэм, гъунэнчъэу Родинэр шIу лъэгъугъэным, мамырныгъэмрэ шIушIэнымрэ къазэрэфаджэрэм апае, тхылъеджэхэм агу джыри бэрэ ыгъэбырсырыщт.*

*Мэщбэшlэ Исхьакърэ ащ ипроизведениехэмрэ яхьылIагъэу гъунэ имыIэу бэрэ къэпIотэн плъэкIыщт. Джырэблагъэ Урысыем щагъэлъэпIэрэ литературнэ премиеу М. А. Шолоховым ыцIэкIэ зэджагъэхэр ащ къызэрэфагъэшъошагъэр сыдми хъугъэ Iофэп. КъэпIотэн плъэкIыщт джыри, ау тежъугъэдэIу ежьыр шъыпкъэм къыIуатэрэм.*

*— Исхьакъ Шумафэ ыкъор, уистихотворениехэм ащыщ горэм хэт мыщ фэдэ сатыр: « 178 стр.кни. (стихи в тексте). Енэгуягъо, Iофыр зыфэгъэхьыгъэр тащыщ пэпчъ къыгъотымэ шIоигъоу зыпылъ шъыпкъагъэр арыкIэ. Сыдэущтэу о къыпшIошIыра, къэбгъотыгъа адэ ар?*

— Сэ сишIошIыкIэ, шъыпкъагъэмрэ акъылышIуагъэмрэ зэготхэу щыIэныгъэм щырекIокIых. Синарод иакъылышIуагъэ сянэ, сятэжърэ сянэжърэ лъэшэу сафэщагъэу зыщытыгъэ сикIэлэцIыкIугъо уахътэр ары сыгу исыубытэу зезгъэжьэгъагъэр. ЩыIэныгъэм акъылышIуагъэ хэзыхыгъэ цIыфыбэ тикъуаджэ дэсыгъ. Арыти, ахэр тадэжь къызихьэхэкIэ (аущтэу бэрэ хъущтыгъ — ныбджэгъухэм апае тиунапчъэхэр сыдигъуи зэIухыгъагъэх), сшIогъэшIэгъоныгъ сэ, щыIэкIэ-псэукIэм ахэр зэрэтегущыIэщтыгъэхэр, хъугъэшIэгъэ зэфэшъхьафхэу агу къэкIыжьыщтыгъэхэр блэстIупщыщтыгъэхэп. Нэужым, нахь кIасэу сэ къызгурыIо хъугъагъэ а тарихъхэм ащыщыбэхэр народым зэхилъхьэгъэ тхыдэхэу зы лIэужым адрэ лIэужым IэкIигъэхьажьхэу зэрэщытхэр. ХьакIэхэр имысхэ зыхъукIэ, сянэ Iэпэпщынэр къыштэти, сыгу лъэпэрапэу сызэдэIущтыгъэ орэдхэр къыдиIощтыгъ. Шъыпкъэ, ащыгъум сэ къызгурыIощтыгъэп арэущтэу зыкIэхъущтыгъэр. Илъэсыбэ тешIэгъагъ ар зызэхэсэшIэм, къызыхэкIыгъэ народым итарихърэ икультурэрэ хэшIыкI афыриIэ хъуным нахь мэхьанэшхо зиIэ цIыфымкIэ хъужьырэп. ИкъукIэ сицыхьэ телъэу къэсIон слъэкIыщт: сицIыкIугъом сшIагъэмрэ зэхэсшIагъэмрэ пштэмэ, адырэ къэзгъэшIагъэм къызгурыIуагъэм нахьи нахьыб.

Джащыгъур ары апэрэу сэ къызызгурыIуагъэр: нэбгырэ пэпчъ ежь шъыпкъагъэкIэ ылъытэрэм ежь ышъхьэкIэ фэкIон фае. Творчествэм фэдэу, ащи гъунапкъэ иIэп. Зы лъэгапIэ узэрэнэсэу, ятIонэрэр къэлъагъоу олъэгъу, ащ къыкIэлъэкIо ящэнэрэр… Зы шъыпкъагъэ къыбгурыIуахэмэ, зэхэошIэ нахьыбэ опыт уиIэу, нахь акъылышIоу узэрэхъугъэр.

*— Тэрэзэу къызгурыIуагъэмэ, орыкIэ апэрэ шъыпкъагъэу пIэ къибгъэхьагъэр уинарод фэгъэхьыгъэ щыIэкIэ-псэукIэм, икультурэ, итарихъ яхьылIэгъэ шIэныгъэхэу уикIэлэцIыкIугъом зэбгъэшIагъэхэр ары. Адэ о ахэмэ щыIэныгъэмкIэ сыд фэдэ принципых къахэпхыгъэхэр?*

— ЩыIэныгъэм ишэпхъэ-бзыпхъэ пхъашэхэу ахэм атегъэпсыкIыгъэу ары адыгэхэр зэрэщыIэхэр. Урызэнэкъокъужьынэу щымыт шэн-зекIокIэ шапхъэр, Адыгэ хабзэр, ныбжьымкIэ ежь нахьыжъым, орэхъулъфыгъ е орэбзылъфыгъ фаеми, е ежь нахьыжъ шым е шыпхъум шъхьэкIафэ афэшIыгъэныр ары. Ащ фэдэ шэн-зекIуакIэр шъхьадж иунагъо рехышъ, обществэм хехьэ. А хабзэм фэгъэхьыгъэу бэ гущыIэжъхэуи, гущыIэ щэрыохэуи тэ тиIэхэр. Ау ащ зыкIи къикIырэп нахьыкIэхэм пхъэтэпэмыхьэу афыщытыгъэн фаеу. Унагъом анахьыкIэу исым узэрэфыщытым фэдэщт ежьыри къызэрэпфыщытыжьыщтыр. ШъхьэкIафэ зэфэшIыжьыгъэныр ары зэкIэри зытегъэпсыкIыгъэр. Народ пэпчъ ар къызэрэгурыIорэм сицыхьэ телъ.

*— Сыдэущтэу о къыпшIошIыра, ятэжъхэм ежь къагъэшIагъэм зэIуагъэкIэгъэ намыс шIуагъэхэр непэрэ ныбжьыкIэхэм ахэзыжьыгъэхэба?*

— Аущтэу хъугъэу сэ къысшIошIырэп. Шъыпкъэ, непэрэ ныбжьыкIэхэм язекIуакIэ хэплъэгъон плъэкIыщт, заом, зэоуж илъэсхэм апэкIэ зиныбжьыкIэгъу тефагъэхэм ялъытыгъэмэ, нахь «гуфит-шъхьафитэу» зекIохэрэр, ау щыIэныгъэмкIэ анахь мэхьанэ зэратырэ зекIокIэ шапхъэхэр яцIыкIугъом щегъэжьагъэу ахэмэ ахэлъ хъугъэ.

*— Джыдэдэм о къэпIуагъ: «зэоуж илъэсхэм зиныбжьыкIэгъу тефагъэхэр». А илъэс дэдэхэр арыба о литературнэ творчествэр зыуублагъэр?*

— Сикъэлэмыпэ сыушэтэу зезгъэжьагъэр заом ыпэкIэ ары, ящэнэрэ классым сисыгъ апэрэ усэр зысэтхым. Шъыпкъэ, дэгъум ар лъэшэу пэчыжьагъ, ау сикIэлэегъаджэу тхэным сыкIэзыгъэгушIугъагъэр къызэрэсщытхъугъагъэр джы къызнэсыгъэми сыгу къэкIыжьы. Сиапэрэ усэ гъэзетым къызыхиутыгъагъэр 1949-рэ илъэсыр ары. Ащ къыщыублагъэу стхыхэрэр къыхаутых. Шъыпкъэ, еджэныри дэзгъэцакIэщтыгъ — апэ педучилищыр, ащ нэужым Москва дэт Литературнэ институтэу Горькэм ыцIэкIэ щытыр, КПСС-м и ЦК епхыгъэ Апшъэрэ партийнэ школым ижурфак къэсыухыгъэх.

*— Прозэм зыфэбгъэзэным ыпэкIэ поэтическэ тхылъыбэ къыдэбгъэкIыгъ. Сыд адэ прозэм утезыгъэгушхухьагъэр?*

— Тхылъ шъхьафэу апэу къыхязгъэутыгъагъэр «ЦIыф лъэшхэр» зыфиIорэ поэмэр ары, ар къызытегущыIэрэр нэмыц фашистхэм тихэку заубытым, сикъоджэгъухэм къинэу зэпачын фаеу хъугъагъэр ары, сэри ащыгъум къуаджэм сыдэсыгъ. НэмыкIэу къэпIон хъумэ, эпическэ произведениекIэ литературэм сыхэхьагъ. Ащ фэдэ жанрэм къыделъытэ хъугъэ-шIагъэхэр игъэкIотыгъэу къэгъэлъэгъогъэнхэу.

Сиапэрэ усэхэм гушхуагъэр къахэщыщтыгъ: пый кIочIэшхо жъалымба тызытекIуагъэр! Нэужым сэ къызгурыIо хъугъэ — шъонтырыпэ тео закъокIэ поэзием щыбгъэхъэн щыIэп. ТекIоныгъэм игушIуагъо фэшъхьафэу щыIэх цIыф гъэнэфагъэхэм янэшхъэигъорэ ягушIуагъорэ, щыI джащ фэдэу природэр, тыгопчын умылъэкIынэу тызэпхыгъэр. Арыти, сэри лирическэ усэхэр стхыхэу сыублагъэ. ШIэхэу ахэр тхылъеджэм ыгу рихьыгъэх, ау къыхэутыгъошIугъэхэп. Ау щытми, ситхылъхэр къыдэкIыщтыгъэх, макIэп, къыдэкIыгъэри. Джащыгъум зэхасшIэ хъугъэ поэзием ишапхъэхэр сэрыкIэ зэрэбгъузаIохэр. Синарод итарихъ нахь куоу зэзгъэшIэ, ащ инепэрэ уахътэ, характерхэр нахь игъэкIотыгъэу къэзгъэлъагъохэмэ сшIоигъо хъугъэ. Сэ зэрэслъытэрэмкIэ, поэтыр игъом къызэтеуцонышъ, зыкъыкIимыIотыкIыжьыным пае мытхэу охътэ тIэкIу тыригъэшIэн фае. Сэ ащ сытещыныхьэщтыгъ. Зыгорэм сежэу, сымытхэу сыщысын слъэкIыщтэпти, прозэкIэ сытхэу сыублагъэ.

*— Арыти, «Агъаерэм ежэжьыхэрэп» зыфиIорэ романышхомкIэ ебгъэжьагъ.*

— Ары, зыпарэкIи сэ стхыгъэхэп новеллэхэр, рассказхэр.

*— Роман макIэп птхыгъэр. Ахэмэ ащыщэу тара анахь тхыгъуае къыпщыхъугъэр?*

— Сыдигъуи сэ къин къысщыхъузэ, ау ащ дакIоу гуетныгъи игъусэу сэтхэ. Сымытхэ зыхъукIэ ары сэ къин зыслъэгъурэр. Джащ пае зэпысымыгъэоу Iоф сэшIэ: жьы зыуз-гъэхьанэу къэскIухьэ зыхъукIи, мэшIокум сисэу гъогу сытетыми, самолетым сисэу сэбыбыми, ары пакIошъ… джыдэдэми, о сыбдэгущыIэ зыхъукIи, Iоф зыдэсшIэрэ произведениер сшъхьэ икIэу къыхэкIырэп.

*— Мышъэфымэ, къыкIэлъыкIорэ уитхылъ сыда къызытегущыIэщтыр?*

— Романым ыцIэщтыр «Хъан-Джэрый». Хъан-Джэрые — блэкIыгъэ лIэшIэгъум щыIэгъэ адыгэ просветитель ин дэд, Апэрэ Николай пачъыхьэм и Кавказ-Къушъхьэ полуэскадрон икомандирыгъ, адыгэ джащ фэдэу урыс народым апае бэу зышIэгъэ цIыф, илъэс 34-рэ нахь ымыгъэшIагъэми.

*— Писателым итхакIэ «ишъэф» тIэкIу нэмыIэми ышъхьэ къытэгъэхыба: уитарихъ романхэр сыдэущтэу егъэжьагъэ хъухэра, сыдэущтэу птхыхэра?*

— Тхыныр зэрэрекIокIырэр къызэрыкIо дэд. Апэм ахэр документ шъыпкъэх, архивхэм къащыхэстхыкIыгъэ материалых. Хъугъэ-шIэгъэ шъыпкъэхэмрэ бэшIэгъэ дэдэу щыIэгъэ геройхэмрэ арых сироманхэм къащыстхыхьэхэрэр.

Стхыным сыфежьэным ыпэкӀэ, хъугъэ-шӀагъэм пылъ хъишъэм иублапӀэрэ икӀэухрэ тэрэз шъыпкъэу сшӀэнхэ, произведением лъапсэу фэхъурэр гъэнэфагъэу сапашъхьэ къизгъэуцон фае – ахэр хэсымыгъэкӀыхэу тхэным сыфежьэрэп. Шъыпкъэ, мырэущтэу хъоуи къыхэкӀы: тхылъыр стхызэ, персонажхэм язекӀокӀэщтыр ежьхэм «къыхахэу», ар сэ игъоу къысфалъэгъоу мэхъу (ары пакӀошъ, ахэмэ ащыщхэр пкӀыхькӀэ сэлъэгъух). Адесэгъаштэ охътэ кӀэкӀыкӀэ, ау идее шъхьаӀэр тхылъым икӀэух нэс пхырысэщы.

*— Адыгэ литературэм непэ изытет зыфэдэм сыд фэдэ уаса къыфэпшӀырэр? ГугъапӀэ къэзытырэ ныбжьыкӀэхэр «къэлъэгъуагъэба?».*

– Адыгэ литературэм изытет зыфэдэр занкӀэу зэлъытыгъэр урысые литературэм изытет ары. Сэ сыдигъуи сӀощтыгъ джыри сэӀо урыс литературэр зэрэсищысэтехыпӀэр. Адыгэ литераторхэм янахьыбэми арэущтэу аӀонэу къысшӀошӀы. Урыс литературэр анахь цӀыфыгъэшхо зыхэлъ литератур. Ау джы, ори олъэгъу, уинэплъэгъу тыдэ бгъэзагъэми, плъэгъурэр уасэ зимыӀэ (тхылъым ыуасэп зыфасӀорэр) детективхэу, эротикэ романхэу гуми, акъылми шӀуагъэ къафэзымыхьыхэрэр ары. Ау сэ сицыхьэ зытелъыр Ӏофхэм язытет джы Ӏужъоу зэхэлъми, урысые писательхэм Ӏоф зэрашӀэрэр, произведение дэгъухэр зэратхыхэрэр ары. Ахэр ящыкӀагъэхэу зыхъущт уахътэ къэкӀощт. «Мыжъошъхьалым» Ӏоф дасшӀэ зэхъум, къызэрэхамыутыщтыр сшӀэзэ, «столым дэлъынэу» ары зэрэстхыщтыгъэр, а лъэхъаным Урыс-Кавказ заом утегущыӀэн уфитыгъэп. Ау щытми, ори зэрэплъэгъоу, романыр къыхаутыгъ. Сыд илӀэужыгъуи игъо къэсыщт.

Адыгэ писатель ныбжьыкӀэхэр арымэ Ӏофыр зыфэгъэхьыгъэр, лъэшэу гухэкӀыми, гугъэпӀэшхо къэзытырэ къэлъагъорэп. Джырэ лъэхъэнэ къиным зы идеалхэр фэшъхьаф идеалхэмкӀэ зэхъокӀыгъэ зыщыхъухэрэм, иягъэ къэкӀонкӀи мэхъу, тэ тихэгъэгу ащ фэдэ хъугъэ-шӀагъэхэр къинкӀэ щырекӀокӀых. Е творчествэм пылъынхэу уахътэ ямыӀэнкӀи мэхъу – рыщыӀэнхэм пае ахъщэ къагъэхъэн фаеба.

*— ...Е атхырэр къыхарагъэутын амылъэкӀырэнкӀи хъун.*



– Ауштэу сэ къысшӀошӀырэп. Непэ Адыгеим литературнэ журналиплӀ къыщыдэкӀы, атхыхэрэр урысыбзэкӀи, адыгабзэкӀи къыхарагъэутынхэ алъэкӀыщт.

*— Краснодар уиӀофшӀэгъоу дэсхэм бэрэ уаӀокӀа?*

– Ренэу саӀокӀэ. Ахэмэ ащыщыбэхэр синыбджэгъух. Литературнэ институтым сызыщыдеджэгъэ Иван Вараввэ ары анахь спэблэгъэ ныбджэгъоу сиӀэр. Ежь итхэкӀэ унае зиӀэ поэт ар. Урыс псалъэм итхынкӀэ ӀэпэӀэсэныгъэшхо зыхэлъэу лъытэныгъэшхо зыфэсшӀырэр Виктор Лихоносовыр ары. Фэшъхьаф писательхэми джащ фэдэу лъытэныгъэ афысиӀэу сакъытегущыӀэн слъэкӀыщт. Ахэмэ ащыщ пэпчъ ифэшъошэ Ӏахь урысые литературэм хешӀыхьэ.

*— Сыдэущтэу уеплъыра о, тэ тиуахътэ писателыр политикэм хэмылажьэу ащ ыбгъукӀэ щытын ылъэкӀыщта?*

– Сэ пчъагъэрэ зэсӀожьыщтыгъ (илъэсипшӀыкӀи, илъэс тӀокӀыкӀи узэкӀэӀэбэжьмэ) ухэмыхь политикэм. Хъурэп, сыхэмыхьан слъэкӀырэп! ШъыпкъэмкӀэ, писателыр политикхэм афэӀорышӀэ хъущтэп, ар зэрыгъозэн фэе закъор зы идеологие – народым иидеологие ары ныӀэп. Ары шъхьаем, тиобществэ гъунэм шъхьадэкӀэу политикэм пылъ хъугъэ, арышъ, уфай-уфэмыеми, ащ Ӏоф дыуимыӀэнэу хъурэп.

*— О бэкӀаерэ республикэм ирайонхэм уащэӀэ, цӀыфыбэмэ уаӀокӀэ. Сыда шъуизэдэгущыӀэгъухэр зыфэгъэхьыгъэхэр?*

– Непэрэ тищыӀэкӀэ-псэукӀэу мыпсынкӀагъор, къэкӀощт уахътэр ары. Сэ лъэшэу гуапэ сщэхъу цӀыфхэр къыздэгущыӀэхэмэ, ащкӀэ агу жьы дагъэкӀымэ, упчӀэжьэгъу сашӀымэ зэрашӀоигъор.

Ащ фэдэ уахътэхэм сянэ мы игущыӀэхэр сыгу къэкӀыжьых: «ЦӀыфэу къыоупчӀырэм джэуап уфэхъун умылъэкӀыщтыми, къыуиӀорэр къеухыфэ едэӀу». А осыетыр сэ сэгъэцакӀэ ыкӀи сыщэӀэфэ згъэцэкӀэщт.

*ДэгущыӀагъэр Дубовцева С.,*
*1996-рэ илъэс*

## Зы гухэлъ тэ тиIэр

*Адыгеим итворческэ союзхэм яззIукIэ пэублэ гущыIэу къыщиIуагъэр*

Непэ тыкъызыфызэрэугъоигъэр Iофэу тшIэрэр тапэкIэ нахьышIоу зэрэзэдедгъэштэщтыр, нахьышIоу зэрэдгъэпсыщтыр ары. Къедгъэблэгъагъэх композиторхэр, художникхэр, артистхэр, орэдыIохэр, нэмыкIэу къэпIон хъумэ, адыгэ культурэм ылъапсэ гъэпытэгъэным агу етыгъэу дэлажьэхэрэр ары. Зы гухэлъ тэ Iоф зыдатшIэрэр: тикультурэ народым фэдгъэлэжьэныр ыкIи духовнэ шIуагъэхэр ащ хэтлъхьанхэр. Ащ фэшI сыд фэдэ амалха тIэкIэлъхэр, сыд фэдэ пшъэрылъха зэшIотхынхэ фаехэр?

Адыгэ народыр лIэшIэгъу пчъагъэм зыфэбэнэгъэ къэралыгъо гъэпсыкIэр непэ тиIэ хъугъэ. Иамалхэр зэкIэ лъэныкъо пстэумкIи ыгъэфедэнхэм иамал зимыIэгъэ автоном хэкоу щытыжьэп.

ЗэкIэми апэу ищыкIагъэр тиуахътэ къыгъэуцурэ Iофыгъохэр къыдэлъытэгъэнхэр ары. Аущтэу тымышIэу тапэкIэ тылъыкIотэн тлъэкIыщтэп. Литературэмрэ искусствэмрэ яIофышIэшхохэм непэ пшъэрылъэу апашъхьэ къиуцуагъэхэр сыдигъуи фэмыдэу къиных. Урысыем иписательхэм япроизведениехэр къыхарагъэутынхэмкIэ амалэу яIэр лъэшэу макIэ, Центральнэ телевидением лъэпкъ литературэмрэ искусствэмрэ яхьылIэгъэ къэтынхэр ыгъэхьазырхэрэп пIоми хъущт, народхэм язэкъош-зэблэгъэныгъэ, язэгурыIоныгъэ гъэпытэгъэнхэмкIэ, якультурэхэр зэрэгъэбаижьынхэмкIэ ащ фэдэ къэтынхэм яшIуагъэ къэкIоныгъи. Демократиер – дэгъу, ау ащ намысым ишапхъэхэр игъэкIотыгъэу укъогъэнхэу къикIырэп. Непэ обществэр къебыжъутыкIы, щызэпэуцужьых, ащ щыщхэр зэрэлъэгъу хъухэрэп, бзэджэшIэным зеушъомбгъу. ЗэкIэ ахэмэ экономикэмрэ культурэмрэ лъэшэу зэщагъакъо. ЦIыфым шъхьафитныгъэр ищыкIагъ, ау ащ къикIырэп къэралыгъом ишIоигъоныгъэхэр къырамыдзэхэу, шъхьадж ышъхьэ къиихьэрэм тегъэпсыкIыгъэу шIоигъор ышIэнэу, ежь ышъхьэ ифедэ Iофхэм ащэхъу апымылъынэу.



Темыр Кавказым иреспубликэхэм ащыщхэм лъыр зыщагъачъэрэ, зэкъош лъэпкъхэр зыщызэрэукIыжьхэрэ заор зыщыкIорэ джырэ мафэхэм культурэмрэ искусствэмрэ яIофышIэхэм ясатырхэр джыри нахь пытэу зэкъуагъэуцонхэ фае, тиакъылрэ тигупшысэхэмрэ тарыгъуазэзэ Iоф тшIэным, тыщыIэным пае. Арэущтэу тымышIымэ, тапэкIэ тылъыкIотэн тлъэкIыщтэп.

Янарод идуховнэ дэхагъэрэ икультурэрэ къагъэлъэгъонхэм пае писательхэм, композиторхэм, артистхэм аIэ зэкIэдзагъэхэу Iоф ашIэ. Ахэмэ язэпхыныгъэхэр нахь пытэрэм къэс народыр духовнэу нахь бай, ылъапсэхэр нахь пытэ мэхъух. Непэ демократием тэ республикэ къытитыгъ.

Ау сэ зыкIи щызгъэзыерэп Совет хабзэм шIоу къытфишIагъэр. Тилъэпкъ ащ къызэтыригъэнагъ, гъэсэныгъэ тигъэгъотыгъ, теджэнымкIэ, гъэпсын Iофым тыпылъынымкIэ амал къытитыгъ. Ахэр тэ зыщыдгъэгъупшэ хъущтэп. Ау демократием ишIуагъэкIэ непэ тиIэ хъугъэх композиторхэм я Союз, Адыгэ телевидениер, республикэм щызэхащэх симфоническэ оркестрэ, урыс ыкIи адыгэ музыкальнэ инструментхэм яоркестрэ. Титеатри зэхъокIыныгъэхэр фэхъугъэх. Республикэм иIэх Лъэпкъ библиотекэ, Лъэпкъ музей, культурэм иIофышIэхэм апай бгъоу зэтет унэ агъэпсыгъ. Зыфэдэр, зилIэужыгъор народым къыгъэлъэгъон ылъэкIыным пае зэкIэ ахэр амал лъэшых

Янарод зыщыгугъыхэрэмрэ зыкIэхъопсхэрэмрэ гъэцэкIагъэ хъунхэм пае литературэм, искусствэм, культурэм яIофышIэхэм зэкIэ амалэу аIэкIэлъхэр нахь икъоу къызыфагъэфедэнхэу япшъэрылъ. Шъыпкъэ, мыщкIи тэ щыкIагъэхэр тиIофшIэн фэхъух. Тэ тшъхьэ ифедэ закъо пае Iоф тшIэмэ, непэрэ мафэм ыуж тыкъинэщт.

Тащыщыбэхэр театрэм макIоха, ащ ирепертуар зыфэдэм къыткIэхъухьэрэ ныбжьыкIэхэр зэрищыкIагъэу пIугъэнхэмкIэ бэба елъытыгъэр? Спектаклэ пстэуми художественнэгъэ ин ахэлъ пIон плъэкIыщтэп, Iофыгъо инхэп къащаIэтыхэрэр, сценэм къыщагъэлъэгъорэ образхэр Iэрышым фэдэх, щыIэныгъэм кIэрычыгъэх. Сценэм къыщагъэлъэгъорэ образхэр щыIэныгъэр ары къызыхахынхэ фаер, арымырмэ еплъыхэрэм агу пэблагъэ хъущтхэп,

гупшысэ куухэм уахащэщтэп. Арэу зэрэщытызэ, яхэукъоныгъэхэр авторхэм зыдарагъэшІэжьынхэм ычІыпІэкІэ, тикритикхэм ащ фэдэ спектаклэхэм афэгъэхьыгъэ щытхъу рецензиехэр гъэзет нэкІубгъохэм къащыхарагъэутых.

Театрэмрэ писательхэмрэ анаІэ нахь зытетыжьэу, шІу агу зэфилъэу зэдэпсэунхэ фае, джащыгъум пьесэхэр художественнэ амалхэмкІэ зэрэгъэкІэрэкІагъэхэм нахь мэхьанэ гъэнэфагъэ иІэ хъущт.

Театрэм щагъэуцунхэм пае культурэмкІэ Министерствэм пьесэхэр ыщэфыгъэх, ау ахэр театрэм щегъэзыех. Театрэм пае Іоф зышІэрэ авторхэм нахь шъхьэкІафэ афашІэу афыщытынхэр режиссерхэм япшъэрылъэу сэлъытэ. Инсценировкэ ашІын алъэкІыщт произведениябэ адыгэ литературэм къыхэпхын плъэкІыщт.

Поэзиер пштэми, режиссерхэм тигугъапІэхэр ащи къыщагъэшъыпкъэжьырэп, якІуачІэ рахьылІэу Іоф ашІэрэп, яшІэныгъэхэм ахагъахъорэп. ЗэрищыкІагъэм лъыкІагъахьэу стихотворение, рассказ къеджэн зылъэкІын икъоу тиІэп. Щытхъур афэІогъэным ычІыпІэкІэ зэгъусэхэу хэукъоныгъэхэр къагъотыхэмэ дагъэзыжьыхэзэ ашІымэ нахьышІу. ІэпыІэгъу тызэфэхъужьын, тизэкъош-зэблэгъэныгъэ, тизэгурыІоныгъэ дгъэпытэнхэ фае.

Къэралыгъо ансамблитІумэ – «Налмэсымрэ» «Ислъамыимрэ» республикэм Іоф щашІэ. ТІури цІыфхэм лъэшэу агу рехьы, адыгэхэм къашъохэмкІэ, орэдкъэІонымкІэ якультурэ фэІэпэІасэхэу пропагандэ ашІы. Ахэмэ ягъэхъагъэхэм тагъэгушІо.

Композитор пэпчъ игъэхъагъэрэ къыдэхъухэрэмрэ народым ихъарзынэщрэ икультурэрэ ащыщ мэхъух. ИкъукІэ тэ ахэр къэдгъэлъэгъонхэ тлъэкІын фае. КультурэмкІэ Министерствэр ащкІэ ІэпыІэгъу къытфэхъун фаеу къысшІошІы. Іо хэмылъэу, композиторымрэ поэтымрэ нахь дэгъоу Іоф зэдашІэрэм къэс ягъэхъагъэ нахьышІу мэхъу. Шъыпкъэ, мы аужырэ уахътэм ежь композиторхэм орэдым хэлъ гущыІэхэр атхыхэу къырагъэжьагъ, ау, гухэкІ нахь мышІэми, а текстхэр зэрифэшъуашэм тетэу зэгъэкІугъэу зэрафэмыгъэпсырэм къыхэкІэу мы аужырэ илъэсхэм орэдышъомрэ гущыІэхэмрэ зэдаштэхэу орэдыкІэу аусыгъэр макІэ. Орэдхэр зыштэрэ комиссиехэм къарахьылІэрэ



орэдхэм уасэ афашІы зыхъукІэ, нахь пшъэрылъ пхъашэхэр авторхэм афагъэуцухэзэ ашІын фае, икъоу Іоф зыдамышІэгъэ текстхэр щагъэзыенхэ фае. Джаущтэу ашІы зыхъукІэ, уемыхъырэхъышэжьынэу тимузыкальнэ культурэ яшІуагъэ къырагъэкІыщт.

ТиорэдыІохэр жъы мэхъух. Хэта неущ ахэмэ ачІыпІэ къиуцощтыр? ОрэдыІо ныбжьыкІэхэр пІугъэнхэм, ахэр егъэджэгъэнхэм тишъыпкъэу тегупшысэн фае.

Адыгэ Республикэм культурэмкІэ, туризмэмкІэ и Министерствэ тихудожникхэм афэгумэкІы: ахэмэ Іоф зыщашІэщт мастерской заулэ, квартиракІэхэр аратыгъэх. Ащ къеушыхьаты Адыгэ Республикэм иправительствэ литературэмрэ искусствэмрэ яІофышІэхэм яфэныкъоныгъэхэм ынаІэ къазэрэтыригъэтырэр. Ар гуапэ тщэхъу. Ау щытми, художникхэм джыри зэшІомыхыгъэ Іофыгъо макІэп яІэр, мы тапэкІэ ахэмэ явыставкэхэр Москварэ нэмыкІ къалэхэмрэ къин тырамылъагъоу, ахъщэ хъати тырамыгъэкІуадэу ащызэхащэщтыгъэхэмэ, джы ар акІуачІэ къыхьыжьырэп. Урысыем ихудожникхэм я Союз а гухэлъхэм апае ахъщэ къафитІупщыжьырэп, творчествэм и Унэ зэрагъакІощтыгъэ путевкэхэр макІэ хъугъэх, творческэ союзхэм ахэтхэм ахэр ащэфышъунхэу щытэп. Фэшъхьаф Іофыгъуабэу зэтырихьагъэхэр псынкІэ шъыпкъэу зэшІомыхыгъэхэ хъущтэп.

Республикэм икультурэ зегъэужьыжьыгъэнымкІэ телевидениемрэ радиомрэ анахь мэхьанэ зэратырэмэ ащыщых. Теле ыкІи радиокъэтынхэр агъэхьазырых, ахэр къагъэлъагъох. Творческэ пчыхьэзэхахьэхэр, телевидениемкІэ къагъэлъэгъонэу писательхэмрэ художникхэмрэ ятворческэ портретхэр ренэу зэхащэхэрэ Іофтхьабзэхэу хъунхэ фае. Писательхэм, художникхэм, композиторхэм ятворчествэ къытегущыІэрэ короткометражнэ фильмэхэр техыгъэнхэ фае.

Киноискусствэр Адыгеим къыщежьагъ ныІэп. «Сумерки надежды» зыфиІорэ художественнэ фильмэр тырахыгъ. Ау щытми, гухэкІ къыпщэхъу республикэ гъэзетхэм янэкІубгъохэм ар куоу анализ зэращамышІыгъэр. Фильмэр къызытегущыІэрэр адыгэхэм щыІэныгъэ гъогоу къакІугъэм къыхэхъухьэгъэ хъугъэ-шІагъэхэу ащ фэдизэу мэхьанэшхо

зэрамытыхэрэр ары, сюжетым икъоу, ыкӀэм нагъэсэу Ӏоф дашӀагъэп. Фильмэм игъэуцун дэгуззжъуагъэхэу плъытэн плъэкӀыщт. Сценарием пшъэрылъэу щызыфагъэуцужьыгъагъэр агъэцэкӀэным пае творческэ коллективым зэкӀэ ыкӀуачӀэ рихьылӀэгъагъ, ау литературнэ материалыр икъоу зэрэӀэкӀэмылъым ыпкъ къикӀыкӀэ тарихъ хъугъэ-шӀагъэхэр фильмэм гум къинэжьхэу къыщагъэлъэгъонхэ алъэкӀыгъэп.

Творческэ Ӏофышӏэхэм япроизведениехэм апае гонорарыр зэраратырэ шыкӀэм фэгъэхьыгъэу гущыӀэ заулэ къасӀомэ сшӀоигъуагъ. Непэ къызынэсыгъэм тхылъ тедзапӀэм мэкӀэ дэд гонорарэу къаритырэр, ар фэдитфыкӀэ нахьыбэ ашӀыгъ нахь мышӀэми. Аущтэу зашӀыгъагъэр гъэрекӀу ары, ащ фэдэ гонорарым непи тигъэрэзэн ылъэкӀыщтэп.

Джы правительствэм щытегущыӀэх гонорарыр фэдэ 30-кӀэ нахьыбэ шӀыгъэнэу. А охътэ дэдэм товархэм ауасэхэм фэди 150-200-кӀэ ахэхъуагъ! Инфляциемрэ уасэхэм зэрахахъорэмрэ къызыдэплъытэхэкӀэ, гонорарым къыхагъэхъорэр бэ пӀон плъэкӀыщтэп. Мыщ дэжьым узэрыгущыӀэн плъэкӀыщтыр гонорарым фэди 100—150-кӀэ хэгъэхъогъэныр ары. Ары пакӀошъ, аущтэу ашӀыгъэми, а гонорархэр анахь макӀэхэу къэнэжьыщтых.

Творческэ Ӏофышӏэхэр сыдигъуи зэрыгъуазэхэрэр щыӀэныгъэр ары. Гъунджэм къызэрищырэм фэдэу, литературэм щыӀэныгъэм къыхэхъухьэрэ хъугъэ-шӀагъэхэр, цӀыфхэм ягумэкӀыгъохэмрэ ягупшысэхэмрэ къегъэлъагъох. Ренэу цӀыфыр ары ащ инэплъэгъу итыр. «Дэгъухэр мыхэр арых, дэихэр адырэхэр арых» ыӀозэ, литературэм цӀыфхэр зэхидзыхэрэп, ихудожественнэ шӀыкӀэ-амалхэм къызэрахьэу ахэр къегъэлъагъох нахь.

Общественнэ формациеу хэгъэгум щагъэпсыгъэр зыфэдэм емылъытыгъэу, цӀыфыр сыдигъуи цӀыфэу къэнэжьын фае. Тэри джащ пае типшъэрылъ лъапӀэу тлъытэрэр цӀыфыгъэшхо цӀыфхэм ахэлъ шӀыгъэныр ары.

*1996-рэ илъэс*



## Тарихъым имыжъошъхьал тыдэфэжьы хъущтэп

*МэщбэшӀэ Исхьакъ нэӀуасэ сыфэхъунэу ыкӀи гущыӀэгъу сшынэу синасып къызихьыгъэр писатель цӀэрыӀор, общественнэ Ӏофышӏэшхор Адыгэ Республикэм икультурэ и Мафэхэм ахэлэжьэнэу гъэрекӀо бжыхьэ Урысыем икъэлэ шъхьаӀэ къызэкӀор ары.*

*МэщбэшӀэ Исхьакъ Темыр Кавказым ипоэт, ипрозаик анахь цӀэрыӀохэм зэращыщым имызакъоу, цӀыфышӀу, КъокӀыпӀэм бэрэ узыщыӀукӀэхэрэм афэдэу, Ӏуш, акъылышӀу, хьакӀэм фэнэгуихыгъ, ащ гущыӀэгъу уфэхъункӀэ гъэшӀэгъоны, умышӀэщтыгъэ горэхэр кӀэрыохых.*

*Москва щэӀэфэ, МэщбэшӀэ Исхьакъ Адыгэ Республикэм икультурэ и Мафэхэм афэгъэхьыгъэ зэӀукӀэгъу пстэуми ахэлэжьагъэн фае, слъэгъумэ къэс цӀыфыбэхэм ахэтыгъ. Москва щыпсэухэрэм, Урысыем инэмыкӀырэ регионхэм къарыкӀыгъэхэм писателым бэ упчӀэу ратыщтыгъэр, ящыӀэкӀэ-псэукӀэ къыфаӀуатэщтыгъ, итхылъхэм нэпэеплъэу афытетхэнэу елъэӀущтыгъэх. Министрэхэр, творческэ союзхэм яӀэшъхьэтетхэр, народнэ артистхэр, академикхэр зыхэхьэрэ делегацием щыщэу къэкӀогъэ писателыр зэкӀэ ахэмэ япащэу алъытэщтыгъ.*

*Писателыр Адыгеим зыкӀожьын фэе мафэм хэгъэгум икъэлэ шъхьаӀэ дэт хьакӀэщэу «Россия» зыфиӀорэм тизэдэгущыӀэгъу щыкӀуагъ. Урысыем щыпсэурэ нэбгырэ пэпчъ ыгу пэблэгъэ а гущыӀэм тизэдэгущыӀэгъу анахьэу зыфэгъэхьыгъэщтыр къыгъэнэфагъ.*

— Непэ тикъэралыгъо щыхъу-щышӀэхэрэм сэ лъэшэу сагъэгумэкӀы. Адыгэ Республикэм имэфэкӀэу Москва щырекӀокӀыгъэм сиӀофшӀэгъухэм «къызэӀэутын» зылъэкӀыщт темэхэр къыщаӀэтыгъэп, тэрэзынкӀи хъун арэущтэу зыкӀашӀыгъэри. МэфэкӀ, сыд Ӏо фаеми. Аущтэу щытми, чэчэн заом Урысыем ичӀыгу зыкӀыным щынэгъошхо къышъхьащигъахьэщтыгъ, анахьэу хэта зышӀэрэр зэджэгъогъузэпыщытыныгъэм фэшъхьаф кавказ республикэхэр хэщагъэ хъугъагъэхэмэ.

*— Адэ, Исхьакъ Шумафэ ыкъор, ащ фэдэ зэпыщытыныгъэм Темыр Кавказым лъапсэ щыриӀэу олъыта?*

– Лъэпсэ пытэ щыриIэп. Ау моущтэу хъоу къыхэкIыба: зы унэм машIом зыкъыщиштэмэ, ащ къыгот унэми ар лъыIэсынэу. Сырнычыцэ мыгъэкIосагъэу зыгорэм чIидзыгъэм къыхэкIэу ар чIэзыдзыгъэм иунэ имызакъоу, зэрэпсэоу цIыф псэупIэр тестыкIын ылъэкIыщт. Лажьэ зимыIэ цIыфхэр бгъагъэ ямыIэжьэу зэрэщыIэнхи аIэкIэмылъэу къэнэх, ары пакIошъ, хэкIуадэхэуи мэхъу.

Тэ тимафэхэм лъэпкъ пащэу алъытэн алъэкIыщтыр зэхэзыкъутэрэр арэп, зыгъэпсырэр ары нахь. ИIофшIакIэкIэ, зэхэщэн къулаеу IэкIэлъымкIэ лъэпкъым гушхуагъэ хэзылъхьэрэр цIыфхэм ящыIэкIэ-псэукIэ нахьышIу зышIырэр ары нахь, ежь щынэгъончъэ чIыпIэ щыIэу, фэшъхьафхэр зыхэкIодэщтхэ зэо-банэм зыгъакIохэрэр арэп.

Тштэн щысэкIэ сиреспубликэ. Ащ иIэшъхьэтетхэр лъэпкъым фэгумэкIырэ цIыфых. Ау ахэмэ «янационализмагъэ» Адыгеим щыпсэурэ фэшъхьаф цIыф лъэпкъхэм апэшIуекIорэп. Адыгеир – ащ щыпсэурэ цIыф лъэпкъ пстэухэм зэдыряунэе ун, ащ къыгъэгъунэрэ чIыгум щыпсэухэрэр зэкIэ ащ игражданых. Ащ икъэралыгъо бзэхэм ащыщэу зыр – урысыбзэр ары. Еплъ тиреспубликэ игерб – дышъэпс буквэхэмкIэ ащ тешIыхьагъ «РФ» ыIоу, арышъ, Урысыем, урысхэм тырямыгъусэу тыщыIэныр тэ къызышIодгъэшIын тлъэкIырэп. 1991-рэ илъэсым, Адыгеим икъэралыгъо статус зыкъегъэзэтыгъэным иIоф зэшIуахы зэхъум, автоном хэку фэдэу ар 1922-рэ илъэсым къыщегъэжьагъэу Урысыем икъыблэ итерриторие образование зэфэшъхьафхэм, ащ нэужым Урысые Федерацием исубъект шъхьафэу 1991-рэ илъэсым охъуфэ Краснодарскэ краим хахьэщтыгъ, зэкIэри тэ – адыгэхэри, урысхэри, фэшъхьаф кавказ ыкIи мыкавказ цIыф лъэпкъхэм ялIыкIохэри – тызэгупшысэщтыгъэр ащ шIуагъэ щэхъу къымыхьыныр ары. Непэ тиреспубликэ иIофхэр ежь зэрехьажьых. Ау истатус зыкъызэриIэтыгъэм ыпкъ къикIыкIэ иIофхэр ежь зэрихьажьхэу зэрэхъугъэм зыкIи къикIырэп экономикэмкIэ, культурэмкIэ, политикэмкIэ зэпхыныгъэхэу Урысыемрэ фэшъхьаф регионхэмрэ адыриIэхэр къэлэнлагъэхэу. Фэшъхьаф шъыпкъ. ЗэфыщытыкIэ-зэпхыныгъэхэр нахь гъэпытагъэхэу, бгъуитIумкIи нахь федэхэу хъугъэх. Адыгеим иэкономикэу зэшIомыхыгъэ Iофыгъохэр бэу зиIэмкIэ ар нахьышIух.



Урысыем инэмыкIырэ регионхэм афэдэу, къиныгъо макIэп тэри тиIэхэр. Ау Адыгеим щыпсэурэ цIыфхэм яцыхьэ пытэ зытелъыр ахэр зэшIохыгъэ зэрэхъущтхэр ары. Уемыхъырэхъышэжьынэу, Адыгеир цIыф лъэпкъыбэ зыщыпсэурэ Урысыем хахьэрэ республикэ зэтегъэпсыхьагъэу хъущт. Бэ зэшIуахыгъахэр. Республикэ хъугъэ Адыгеим, апэрэ чэзыоу зэшIохыгъэн фаеу ылъытэзэ, анахь мэхьанэшхо зэритырэр экономикэр – промышленностымрэ мэкъу-мэщ хъызмэтымрэ арых. Апэрэ гъэхъагъэхэри тинэрылъэгъух. Мыщ фэдэ щысэ къэсIотэн: мыпроизводственнэ сферэм, ащ щыщэу коммунальнэ гъэпсыным мылъкоу пэIуагъэхьэрэмкIэ Адыгеим темыркавказ регионым апэрэ чIыпIэр, Урысые Федерацием я 17-рэ чIыпIэр ащиубытыгъ. Тиреспубликэ мыинкIэ ар гъэхъэгъэ шIукIаеу лъытэгъэн фае. Культурэмрэ гъэсэныгъэмрэ мэхьанэшхо араты. Симфоническэ оркестрэ, камернэ театрэ, урыс народнэ инструментхэм япрофессиональнэ оркестрэ республикэм щызэхащагъэх. Писательхэм, композиторхэм, художникхэм осэшхо зыфашIыгъэ произведениякIэхэмкIэ лъэпкъ культурэр агъэбаигъ. Ау анахь гъэхъэгъэшхоу тэ тшIагъэр, лъэхъэнэ мыпсынкIэ тыхэтыми, тигупсэ чIыгу мамырныгъэрэ рэхьатныгъэрэ къыщыдгъэнэжьынхэ зэрэтлъэкIыгъэр, тиреспубликэ щыпсэурэ цIыфхэм мамыр щыIакIэ яIэу щыIэнхэ, лэжьэнхэ алъэкIыным иамал зэрагъотыгъэр, лъэпкъ зэджэгъогъуныгъэмрэ зэпыщытыныгъэмрэ къапкъырыкIырэ лъыгъэчъэ зао тицIыфхэм зэрамылъэгъугъэр ары. Фэшъхьаф Iофыгъохэр ткIуачIэ зэхэлъэу тэ зэшIотхынхэ тлъэкIыщт. Ащ тицыхьэ тезыгъэлъырэр тинародхэм IофшIэныр шIу зэралъэгъурэр, зэрэшъырытхэр, зэкъош-зэблэгъэныгъэмрэ мамырныгъэмрэ агу зэрафызэIухыгъэр ары.

*– ГухэкIыми, тэ, Москва дэсхэм, адыгэхэм яхьылIагъэу тшIэрэр макIэ. КъысфэIуатэба, уинарод ехьылIагъэу, Исхьакъ Шумафэ ыкъор.*

– Адыгэхэу я XIII-рэ лIэшIэгъум къыщегъэжьагъэу Европэмрэ КъокIыпIэмрэ черкесхэкIэ ащызэлъашIэхэрэр – тидунай цIыф лъэпкъ анахьыжъэу щыпсэухэрэм ащыщ. Археологхэм зэратхырэмкIэ, адыгэхэр къызытекIыгъэхэр Темыр Кавказым къызихьагъэхэр илъэс мин 780-кIэ

узэкIэIэбэжьмэ ары. Тарихъымкlэ ахэмэ къарыкlуагъэр гопхын умылъэкlынэу зэпхыгъэ хъугъагъэр урым колониехэу а зэманым хы ШIуцIэмрэ Керчь хыдэкIыпIэмрэ янэпкъыхэм аIусыгъэхэм къарыкIуагъэр ары. Я IV-рэ лIэшIэгъум чыристан диныр Кавказым щалэжьэу рагъэжьагъ. Шъыпкъэ, чыристан диным нахь игъэкIотыгъэу зызыщиушъомбгъугъагъэр цIыф лъэпкъхэу, купхэу хынэпкъым пэмычыжьэу щыпсэущтыгъэхэр ары, адырэхэм, зэресэжьыгъэхэу, алэжьыщтыгъэр тхьабэ ашIошъ хъуныр къыдэзылъытэщтыгъэ диныр ары. Синарод ехьылIагъэу сэ бэрэ къэсIотэн слъэкIыщт. Лые бащэ къэсымыIотэным пае титарихъ бэкIэ къыбгурызыгъэIон зылъэкIыщт Iофыгъуитlу унаIэ атеозгъадзэмэ сшIоигъуагъ. Апэрэмкlэ, адыгэхэм ячIыгу, ащ ичIыопс бай, хым уекIолIэнымкIэ, Закавказым щыIэ хэгъэгухэм уахэхьанымкIэ ар чIыпIэ Iэрыфэгъоу зэрэщытым ижъыкIэ къыщегъэжьагъэу зыфищэщтыгъэх Iэкlыб къэралхэм къарыкIырэ техакIохэр. Ащ фэдэ джэгъогъур дзэ кIуачIэхэм апэуцужьын ылъэкIыным тегъэпсыхьэгъагъ народым ищыIэкIэ-псэукIэ, тикультурэ инэшанэхэми ар къахэщы.

ЯтIонэрэр. Я XVIII-рэ лIэшIэгъум ехъулIэу территориальнэ-политическэ образованиитIоу щыIагъэхэм — Черкесиемрэ Къэбэртаемрэ — Осмэн империем ифэмэ-бжьымэшхо къатырихьэу ригъэжьэгъагъ. Ащ къикIырэр быслъымэн миссионерхэр адыгэхэм къахахьэщтыгъэх. Ау, чыристан динымкIэ зэрэхъугъагъэм фэдэу, адыгэхэм янахьыбэмэ алэжьыщтыгъэр тхьабэ ашIошъ хъуныр къыдэзылъытэщтыгъэ диныр ары. Ислъам диныр адыгэ чIыгум зыщыпытагъэр я XVIII-рэ лIэшIэгъум иятIонэрэ кIэлъэныкъу ары ныIэп. Арэу хъугъагъэми, фэшъхьаф дин лъэпкъхэр зиджэгъогъу быслъымэнкIэ зызылъытэжьхэу адыгэхэм лъэшэу макIэ ахэтыгъэр.

*— Апэрэ Iофыгъоу зигугъу къэпшIыгъэм, Исхьакъ Шумафэ ыкъор, черкесхэр, нэмыкIэу къэпIон хъумэ, адыгэхэр Кавказ заоу блэкIыгъэ лIэшIэгъум щыIагъэм яшъыпкъэу зыкIыхэлэжьагъэхэм иджэуап къыбгурегъаIо. Ащ пыдзагъэу — ятIонэрэр — фундаментализмэм иидеехэм непэ заушъомбгъунымкIэ сыда Адыгеим лъапсэ зыкIыщырямыIэр?*



— ШъыпкъэмкIэ, тятэхэм ятэжъхэу, зы лъэныкъомкIэ, Тыркуем къикIырэ щынагъом пэуцужьынхэ фаеу, адырэ лъэныкъомкIэ, зыIэмычIэ изылъхьан зыгу хэлъыгъэ Урысые империем еззожьын фаеу хъугъагъэхэр зэуапIэм апсэ щеблэжьыщтыгъэхэп. Ары шъхьаем, тарихъым тыгу къегъэкIыжьых фэшъхьаф щысэхэри — адыгэхэр урысыдзэм хэтхэу джащ фэдэу зышъхьамысыжьхэу зэрэзэуагъэхэри. Тарихъым икъэгъэлъэгъон лъэныкъорыгъазэу уекIуалIэ хъущтэп. Ау, зыгорэкIэ гомыIу хъугъэ-шIагъэхэр ащ къыхэфагъэхэмэ, ар ныбжьыкъу шIуцIэу непэ щыIэ цIыфхэм яэфыщытыкIэхэм къатырихьэ хъущтэп. Зи шIуагъэ ащ цIыфхэм къафихьыщтэп, зэкIэми апэу ар зыфэгъэхьыгъэу къасIорэр Урысыем къыгъэгъунэрэ чIыгум ащ фэдизэу мы бэу къыщинэгъэ адыгэхэр ары.

*— Мыщ дэжьым, Исхьакъ Шумафэ ыкъор, хэзгъэунэфыкIымэ сшIоигъуагъэр Адыгэ Республикэм и Мафэхэу Москва щыкIуагъэхэми, ащ ыпэкIэ Къэбэртэе-Бэлъкъарым икультурэ имэфэкIэу щыIагъэми ахэлэжьэгъэ журналистыбэхэр зы зэфэхьысыжь къызэрэфэкIуагъэхэр ары: мы республикхэм яIэшъхьэтетхэм лъэпкъ культурэр бэдзэр зэфыщытыкIэхэм аIэ ралъхьэу, шъузэрэхэкIыжьыщъу араIоу Iуамыгъэзыкlыхэу, амалэу яIэмкIэ Iэпы-Iэгъу зэрафэхъухэрэр ары. Талант хэлъэу тхыгъэ произведениехэр тхылъ тедзапIэхэм къащыдэкIых, шъыпкъэ, ахэр джырэкIэ лъыр зыщагъэчъэрэ детективхэмрэ шIулъэгъуныгъэм фэгъэхьыгъэ роман зэщыгъохэмрэ янэкъокъунхэ амылъэкI нахь мышIэми.Рынкэм ыгу рихьырэ произведениехэр атхынхэу шъуиписательхэр фаехэп. Ори къызэрэпIотагъэу, художественнэ выставкэхэр, мыкоммерческэ театральнэ коллективхэр зэхащэх. Сыдэущтэу о къыпшIошIыра, хэкIыпIэ тэрэза ар?*

— Арымырэу хъун ымылъэкIыщтыгъэу къысшIошIы: «лъэпкъым иIэшъхьэтетхэр» народым ишIэжь ащ фэдэхэу къыхэнэжьхэмэ ашIоигъомэ, лъэпкъ культурэм хэхъоныгъэ егъэшIыгъэным зэрифэшъуашэу анаIэ тырамыгъэты хъущтэп. Охътэ кIэкIым IэнэтIэшхом Iутырэр ащ фэдизэу гу лъамытэу цIыфыбэ зыщыпсэурэ регионым щыпсэун ылъэкIыщт, ау тэ тиреспубликэ мыинэу зэкI пIоми хъунэу зыщызэрэшIэхэрэм ар хэти къыщыдэхъущтэп. Тиурыс

IофшIэгъухэм ялъытыгъэмэ, тэ, культурэм иIофышIэхэм, ащкIэ тиIофхэр нахьышIоу гъэпсыгъэ.

Ау тэ пшъэрылъэу тиIэхэри нахьыб. Тэ сыдигъуи зыщыдгъэгъупшэ мыхъущтыр ттхыгъэ гущыIэ, тхылъ, театрэм щыдгъэуцугъэ спектаклэ пэпчъ занкIэу псагъэм фэгъэзагъэ Iашэу зэрэщытыр ары. ФэшIушIэщта ар тинародхэм язэгурыIоныгъэ е регионым, зэрэпсэоу Урысыем яIофхэр къызэIигъэхьащтха? А упчIэ дэдэхэр арых зиджэуапхэр апэрэ чэзыоу къэдгъотын фаехэр. ГущыIэм пае, сэ непэ тарихъ проз нахьыбэрэмкIэ стхырэр. Мы аужырэ лъэхъаным произведение инэу стхыгъэхэр зэкIэ къызытегущыIэхэрэр тарихъ темэ зэхэфыгъуаер — икIыгъэ лIэшIэгъум Урысые империем адыгэхэм ячIыгужъ щыригъэкIокIыгъэ Кавказ заор ары. А заом, шъыпкъэмкIэ, нэмыкI сыд фэдэрэ зауи, зэфагъэмрэ цIыфыгъэмрэ апэшIуекIоу бэ къыхэфэгъагъэр. Зыпари хэсымыушъафэу, зэкIэ ахэр сэ къисIотыкIыгъэх. Ау тарихъым ишъыпкъагъэ сызэрэрыгъуазэрэм зыдезгъэхьыхэу блэкIыгъэ зэман чыжьэм иIофыгъохэу щыIагъэхэр непэрэ мафэхэм къахэслъхьагъэхэп. Сырыгушхозэ, сэ ар къэсэIо. Тарихъым имыжъошъхьал синарод иблэкIыгъэ лъэхъан зэхихьэджыхьагъэ, ары шъхьаем, ащ джащ фэдэу урысые народым ищыIэныгъи зэрихъокIыгъэба. ЗэкIэми тэ зэхъокIыгъэ тыхъугъ. Арышъ, тарихъым имыжъошъхьал ащ щэхъукIэ тыдафэ хъущтэп.

Урысхэу тичIыгу къихьагъэхэм зишIуагъэ къэкIонэу бэ тикультурэ къыхалъхьагъэр. Ежьхэри зыгорэкIэ тикультурэ ыгъэбаигъэх. Тэ адыгэхэм, ижъырэ культурэ бай тиIэр. ЩыIэкIэ-псэукIэм щагъэфедэн алъэкIырэ адыгэ искусствэр, лъэпкъым ижъырэ зэманым къыщыублагъэу ищытхъу аIуатэ нарт эпоскIэ заджэхэрэм. Ар ижъырэ адыгэ народхэм аусыгъэу тилъэпкъ зэхэшIыкI хэхъоныгъэ ышIынымкIэ гъунэнчъэ къэкIуапIэу тфэхъугъ. Ау, бэрэ зэрэхэзгъэунэфыкIэу, сэ сшъхьэкIэ щысэтехыпIэу сфэхъугъэ урыс литературэм ишIуагъэу къысэкIыгъэр егъашIэми сщыгъупшэщтэп. Ащ ишIуагъэкIэ ижъырэ народнэ Iэпэщысэхэм яшIын, литературэм профессиональнэу апылъхэ хъугъэ. Совет хабзэм иилъэсхэм къакIоцI адыгэ шъолъырым профессиональнэу Iоф зышIэхэрэ писательхэу, артистхэу, композиторхэу, художникхэу пшIы пчъагъэ тиIэ хъугъэ. Адыгеим иписательхэм я Союз — Урысыем апэу щызэхащагъэхэм ащыщ. Советскэ писательхэм я Апэрэ зэфэс иIофшIэн зэриухыгъэм лъыпытэу 1934-рэ илъэсым ар зэхащэгъагъэ. Ащ фэдэ щысэхэу къэпIотэн плъэкIыщтыр бэ. ЗэкIэ ахэмэ къаушыхьатырэр урыс культурэм сыдигъуи адыгэ культурэм ихэгъоныгъэ зэрэзэтыримыIажэщтыгъэр, ащ ихэхъоныгъэкIэ IэпыIэгъу зэрэхъущтыгъэр ары. «Лъэпкъ» зыфиIорэ гущыIэм мыщ дэжьым джыри фэшъхьаф мэхьанэ къеты.

НахьышIоу тызэрэшIэным ренэу тыпылъын фае. ЗэхэугуфыкIыгъэ шъыпкъэу къызыгурыдгъэIон фае «национализмэм» ишIуагъэ къызыкIорэри, ащ зэрар къызихьырэри. ЗэкIэми тэ, адыгэхэм, урысхэм, украинцэхэм, чэчэнхэм — тызэкъошых. Зэгорэм урамым щызэхэсхыгъагъэр сыгу къэкIыжьы. Зыныбжь хэкIотэгъэ урыс бзылъфыгъэмрэ ипхъорэлъф пшъэшъэжъыемрэ Адыгеим и Лъэпкъ библиотекэ блэкIыхэзэ, пшъэшъэжъыер янэжъ еупчIы: сыда «национальная» ыIомэ къикIырэр, янэжъ джэуапэу къыритыжьырэр, кIо ар ежь адыгэхэм яеу ары... Джэуап тэрэзэп ритыжьырэр! ЗысфэмыщыIэу сякIуалIи ясIуагъ: «Джыдэдэм зэшъуIуагъэр зэхэсхыгъэ. Джэуапыр къышъуфэзгъэтэрэзмэ сшIоигъуагъ. Лъэпкъым адыгэхэм язакъоу яеу къикIырэп. Лъэпкъ аIомэ, ар шъори шъуиеу ары къызэрэбгурыIощтыр!..»

Тарихъым имыжъошъхьал джыри тыдэфэжьынэу афэтыдэ хъущтэп.

*ДэгущыIагъэр Королев Д.,*
*1997-рэ илъэс*

## Тызыунагъу

*Непэ тызыдэгущыIэрэр адыгэ писатель цIэрыIоу МэщбэшIэ Исхьакъ ары.*

*— Исхьакъ Шумафэ ыкъор, къэблэгъэрэ мэфэкIым — Урысыем ишъхьафитныгъэ и Мафэ — тицIыфхэм фыщытыкIэу фыряIэр зэфэдэп. ЗыхэмкIэ — ар шъхьафитны-*

*гъэмрэ демократиемрэ ямэфэкI, адрэхэмкIэ – СССР-щтыгъэр нэшхъэеу агу къагъэкIыжьынымкIэ джыри зы тельхьапIэу афэхъу. Адэ о, Адыгэ Республикэм, Урысые Федерацием ягражданинэу, Советскэ Социалистическэ Республикхэм я Союз щыIэзэ, зэлъашIэрэ писателэу узэрэщытыгъэм елъытыгъэу, сыд фэдэ еплъыкIа а мафэм фыуиIэр?*

– Зэрэдунаеу интеграцием нахь зызэрэщыфакъудыирэр къызыдэплъытэкIэ, зэгорэм къэралыгъо кIочIэшхоу щытыгъэр зэрэзэбгырызыгъэм уфэмызэщын плъэкIырэп. Ау щытми, джары зэрэхъугъэр – зы къэралыгъошхуагъэр къэралыгъокIэ пчъагъэу гощыгъэ хъугъэ. Джы ашIэн фаеу къэнэжьырэр СССР-м илъэхъан экономикэмкIэ, культурэмкIэ, фэшъхьаф лъэныкъомкIэ зэпхыныгъэхэу зэдырябIагъэхэр щамыгъэзыехэу, зэблэгъэныгъэ, къош зэфыщытыкIэхэр къызэрагъэнэжьынхэм пылъынхэр ары. Сыд фэдэрэ къэралыгъо гъунапкъэхэр а къэралыгъохэм азыфагу итыхэ хъугъэми, бэ ахэр зэзыпхыхэрэр, зэгъусэхэу ахэмэ тарихъ гъогу гъэнэфагъэ къызэдакIугъ, Хэгъэгу зэошхом икъиныгъохэр зэпачыгъэх, зэоуж илъэс хьылъэхэри апшъэ дэкIыгъэх. Ахэр тарихъым хэбдзынхэ плъэкIыщтхэп, зэкIэ ахэр народым ишIэжь къыхэнагъэх, арышъ, сэри сицыхьэ зытелъыр лъэпкъ зэфэшъхьафхэм ащыщ цIыфхэу илъэсипшI пчъагъэм а зы быракъым зэдычIэтхэу щыIагъэхэр зэджэгъогъу зэрэмыхъущтхэр, джы къызынэсыгъэми шIукIэ агу зэрэзэфыIухыгъэр, тапэкIи зэкъошхэм афэдэу зэрэзэфыщытхэр ары.

ГухэкI нахь мышIэми, СССР-р зызэбгырэз нэужым зэфэшъхьаф цIыф лъэпкъхэр зэджэгъогъу ашIынхэм пыхьэхэу макIэп къызэрэхэкIыгъэр. Анахьэу ар зыщызэхапшIэрэр автоном шIыкIэу зэхэщэгъагъэхэу, джы Урысые Федерацием хэхьэрэ лъэпкъ республикэ хъугъэхэр ары. Сыдигъуи фэмыдэу къызыгурагъэIонымкIэ мэхьанэшхо зиIэр Урысыер зэдытиунэу, зэрэдытиунэгъошхор, ащ тыримыгъусэу тинеущрэ щыIакIэ зэрэмэхьанэнчъэр ары. Сыда пIомэ, бэ мэхъу тэ тызэзыпхырэр, къыдрыкIуагъэр зэпхыныгъэ пчъэгъабэхэмкIэ гъэпытагъэ, арышъ, илъэс пчъэгъабэхэм зэкъош, зэгъунэгъу зэфыщытыкIэу зэдытиIагъэхэр ащ лъыпытэу зэхэпкъутэхэ хъущтэп.

Сэ къэзгъэшIагъэм сырихьылIагъэу сыгу къэкIыжьырэп Адыгеим щыпсэурэ цIыф лъэпкъ зэфэшъхьафхэм азыфагу зэгурымыIоныгъэ къитэджэгъагъэу, зыщыщ лъэпкъым елъытыгъэу зыгорэм ешъхьащыкIуагъэхэу е лъэпкъ горэм адрэхэм затыриIэтыкIыгъэу. ШъыпкъэмкIэ, зыгорэм ыгу хагъэкIэуи хъугъэ, ау ар нахьыбэрэмкIэ щыIакIэм къыхэфэрэ Iофыгъох зыпкъ къикIыщтыгъэр. БзэджашIэр лъэпкъ гъэнэфагъэп къызыхэкIырэр, цIыф лъэпкъ пэпчъ къыхэкIы законхэмрэ намыс шапхъэхэмрэ ыукъохэу. Ау ар тэ зыкIи пэрыохъу къытфэхъущтыгъэп мамырырэ зэгурыIоныгъэрэ тазыфагу илъэу тыпсэунымкIэ.

Ситворчествэ сэ егъашIэми цIыф лъэпкъхэр щызэхэсыдзыгъэхэп. СитхылъхэмкIэ сызыпылъыр цIыфыгъэмрэ интернациональнэ зэкъошныгъэмрэ пропагандэ сшIынхэр, цIыфхэр къызыкIэхъухэрэр зэджэгъонхэр арымырэу, мамырырэ зэгурыIоныгъэрэ азфагу илъэу щыIэнхэр арэу зэрэщытыр агурызгъэIонэу ары. Адыгеир Урысыем щыщ Iахь, арышъ, нэмыкI цIыф лъэпкъхэм щыхьэгъу тызакIыфэхъун гори тазыфагу илъэп. Ситарихъ романыкIэу «Хъан-Джэрый» зыфиIорэм сигерой мырэущтэу къыщеIо: «Адыгэхэр, пкIэнчъэу шъо хыкIыбым шъоплъэ, ащ химэ чIыгу илъыр. Тэри, тятэжъхэри зырыгъуазэщтыгъэхэ шэн-зекIуакIэхэп ащ зэрэщызекIохэрэр. Шъори къыжъугурэIоба: къин шъухафэмэ, IэпыIэгъу къышъуфэхъущтыр шъуигъунэгъу ары ныIэп... Джары тызыфигъасэрэри тигущыIэжъ Iушы: анахь мэхьанэ зиIэр благъэу къыбгос гъунэгъум зэкъош-зэблэгъэныгъэ дыуиIэныр ары, ащ ныбджэгъуныгъэ дыуиIэу пшIымэ, чыжьэу щыIэ гъунэгъур ежь уадэжь къэкIощт...»

Зэкъошныгъэр тымыгъэлъапIэщтыгъэмэ, а гущыIэмкIэ тэ тяджэныгъа тилитературнэ журнал, мебелышI объединением, футбол командэм, колхозхэм?.. Пропагандэм паеп ар, народхэм язэкъошныгъэ зэрэдгъэлъапIэрэр, лъэпкъэу зыщыщхэм елъытыгъэу цIыфхэр зэрэзэхэтымыдзыхэрэр къэдгъэлъэгъоным паекIэ нахь. Джары зэрэщытыгъэр илъэси 150-кIэ узэкIэIэбэжьми, джары джыри зэрэщытыр. «Мыжъошъхьал» зыфиIорэм сэ къыщысэIуатэ адыгэхэм апэблагъэ хъугъэ Тимофей Некрасовым щыIэныгъэ гъогоу къыкIугъэр, «ГъэритIу» зыфиIорэ романым урыс дзэкIолIэу Федор Анаскевичрэ адыгэ пшъэшъэжъые цIыкIоу Нижегородскэ полкым ыпхъукIэ ыштэгъэгъэ Афыпсырэ щыIэныгъэм итхьамыкIэгъо гъогоу зэпачыгъэр

къыщысэгъэлъагъо. ЗэкІэ а тарихъхэм документальнэ лъапсэба яІэхэр.

— *Народ пэпчъ ежь ишэн-зекІуакІэхэр, нэшанэхэр, намыс пІуныгъэ шапхъэхэр иІэх. О уиеплъыкІэкІэ, лъэпкъ зэфэшъхьафхэм яээкъош-зэблэгъэныгъэкІэ ахэмэ сыд фэдизкІэ яшІуагъэ е яягъэ къакІора?*

— Акъылыгъэ зыхэлъ зекІуакІэм тетэу упсэумэ, зэблэгъэныгъэ зэфыщытыкІэхэмкІэ лъэпкъэу цІыфыр зыщыщыр пэрыохъу хъунэу щытэп. Сэ сшъхьэкІэ лъэпкъэу зыщыщхэм елъытыгъэу сыдигъуи ныбджэгъухэр къыхэсхыщтыгъэхэп. Зэныбджэгъуныгъэ зэфыщытыкІэ дэгъухэр сэ адысиІэх станицэу Ханскэм иатаманэу Емельян Канаревым, тарихъымкІэ шІэныгъэлэжьэу, кІэлээгъаджэу Григорий Гарькуша, урыс писательхэу Юрий Бондаревым, Валентин Распутиным, Василий Беловым, Виктор Лихоносовым, Иван Вараввэ, Юрий Кузнецовым, Евгений Карповым... ЗэкІэми ацІэ къепІон плъэкІыщтэп. Сэ лъэшэу сыфэраз Евгений Карповым, ащ ишІуагъэкІэ сироманхэр урыс тхылъеджэм лъыІэсыгъэх. ПоэзиемкІэ зэкІэ ситхылъхэр пІоми хъунэу зэзыдзэкІыгъэ Валентина Твороговам джащ фэдэу сыфэраз. Сэри урысыбзэкІэ тхыгъэ произведениябэ адыгабзэкІэ зэсыдзэкІыгъэх, ахэмэ ащыщых «Слово о полку Игореве», А. Пушкиным иеу «Медный всадник», М. Лермонтовым ытхыгъэу «Беглец», Н. Некрасовым иеу «Железная дорога», А. Блок ытхыгъэу «Двенадцать», С. Есениным и «Анна Снегина», В. Маяковскэм иеу «Облако в штанах» зыфиІохэрэр. ЗэкІэ ахэмэ къаушыхьатырэр зэкІэрычыгъэхэу народхэр щыІэнхэ зэрамылъэкІыщтыр ары. Сипроизведениехэр урысыбзэкІэ зэридзэкІыхэмэ, ащыгъум ахэр урыс тхылъеджэм ищыкІагъэх, джащ фэдэу урыс писательхэм япроизведениехэр синыдэлъфыбзэкІэ зэсэдзэкІыхэмэ, ахэр синарод ищыкІагъэх. Уинарод шІу плъэгъуным къыдилъытахэрэп фэшъхьаф народхэр шІу умылъэгъунхэу, якультурэ, яшэн-хабзэхэр пшІомыгъэшІэгъонынхэу. Зэфэшъхьаф народхэр, ахэмэ якультурэхэр, ялъэпкъ литературэхэр зэрэзэрэгъэбаижьхэрэр — щыбгъэзыен умылъэкІын процессэу щыт, ар зэфэшъхьаф народхэр нахь зэпэблагъэ ышІыхэзэ, егъашІэми зэпыущтэп.

Урысхэу Адыгеим исхэм ауж зэрафэ фэдэу, ягражданскэ фитныгъэхэр аукъохэ фэдэу цІыфхэм апашъхьэ къыщызыІохэрэм уарехьылІэ. Ащ фэдэ гущыІэхэр лъэпсэнчъэхэу сэлъытэ. ГущыІэм пае, типисательскэ организацие урыс авторхэм яфитныгъэхэр щаукъохэу зэгорэми къыхэкІыгъэп. Илъэс зэфэшъхьафхэм ти Союз ыштагъэх А. Пономаревыр, А. Кожемякиныр, П. Резниковыр, В. Твороговар. Джырэблагъэ ащ джыри къыхэхьагъэх Е. Студеникиныр, К. Анкудиновыр, А. Пренкэр, Ю. Крючковыр, Е. Саловыр, О. Селедцовыр. Мы аужырэ илъэсхэм титхылъ тедзапІэ Е. Саловым, А. Миськовам, И. Зубенкэм, В.Твороговам, Г. Немченкэм, В. Курбатовым ятхылъхэр къыщыдэкІыгъэх. ИлъэсипшІ заулэхэм къакІоцІ титхылъ тедзапІэ Краснодарскэм иотделениеу зыщэтым, урысыбзэкІэ тхылъхэр къыдэдгъэкІынхэу амал тиІагъэп. 1991-рэ илъэсым къыщегъэжьагъэу титхылъ тедзапІэ иІофхэр ежь зэрихьажьхэ зэхъум, ащ фэдэ амал тиІэ хъугъэ. Урысхэм яфитныгъэхэр аукъохэу сыдэущтэу пІон плъэкІыщта журналэу «Литературная Адыгея» зыфиІорэр урысыбзэкІэ къыдэкІымэ, адыгабзэкІэ къыдэкІырэ журналэу «Зэкъошныгъэм» урыс писательхэмрэ шІэныгъэлэжьхэмрэ ястатьяхэр бэрэ къыхеутыхэмэ. КІэлэцІыкІухэм апае къыдэкІырэ журналхэу «Жъогъобынымрэ» «Родничок Адыгеи» зыфиІорэмрэ къыхаутых адыгэ, урыс, нэмыкІ цІыф лъэпкъхэм якІэлэцІыкІу усэхэр, ясурэтхэр. ЫпшъэкІэ зигугъу къэсшІыгъэ къэугупшысыгъэ гущыІэхэм хэти щытхъу къыфахьыщтэп. СшІошъ хъумэ сшІоигъу адыгэхэмрэ урысхэмрэ язэфыщытыкІэхэр къэукъонхэм фэзыщэнхэ зылъэкІыщт телъхьапІэ щыІэ мыхъунэу, тинародхэм яакъылышІуагъэ зэрэтекІощтыр, нахьыпэм фэдэу джыри тапэкІэ шъхьэкІафэ зэрэзыфэтшІыжьыщтыр, тиреспубликэ мамыр щыІэкІэ-псэукІэ зэрилъыщтыр ары. Аущтэу зыкІэслъытэрэр урысхэр дэгъоу сэшІэхэшъ, ахэмэ ситхылъеджэхэр бэу ахэтышъ. Сэри сшІошъ мэхъу къысфэразэхэу, ситворчествэ осэшхо къыфашІэу къысфагъэхьырэ письмэхэм. Урысыем ичІыпІэ зэфэшъхьаф шъыпкъэх а письмэхэр къызыдикІыхэрэр, гуапэ сщэхъу урыс тхылъеджэхэм ситхылъхэр зэрашІогъэшІэгъонхэр, ахэмэ яшІуагъэкІэ синароди анаІэ къызэрэтырадзэрэр.

ГущыІэм пае, гуфэбэныгъэ зыхэлъ мыщ фэдэ письмэ урыс пшъэшъэжъыем къысфитхыгъэу джырэблагъэ

къысIукIагъ: «Лъытэныгъэшхо зыфэсшIырэ Исхьакъ Шумафэ ыкъор! Сэ сцIэр Ларис, илъэс 14 сыныбжь, поселкэу Яблоновскэм сыдэс. Адыгэ поэтым итворчествэ ехьылIагъэу къэсIотэнэу сэ школым задание къыщысатыгъ. Библиотекэм игъоу къыщысфалъэгъугъ уитхылъэу «Щедрое солнце полдня» зыфиIорэм седжэнэу. Зэпызыгъэун сымылъэкIэу зэрэпсаоу ар сыджыгъэ. Уиусэхэр сэ лъэшэу сыгу рихьыгъэх, ащыщхэр езбырэу зэзгъэшIагъэх. Сырэгушхо о узыщыIэ уахътэм сэри сызэрэщыIэм, Адыгеим сызэрэщыпсэурэм. Уитворчествэ упылъэу илъэсыбэрэ къэбгъэшIэнэу Тхьэм сыпфелъэIу... Лъытэныгъэшхо зыфэсшIырэ Исхьакъ Шумафэ ыкъор, птхыгъэу къыдэкIыгъэмэ зэкIэми сяджэнэу гухэлъ сшIыгъэ! ПIапэ кIэдзагъэу уитхылъ сиIэ хъуным сыкIэхъопсы. Унагъом ыгъэлъэпIэрэ тынэу ар сиIэщт, сабыеу къысфэхъущтхэми къафэзгъэнэжьыщт. ШIоу щыIэр зэкIэ къыбдэхъумэ сшIоигъу!

Лъытэныгъэшхо къыпфэзышIырэ Шитикова Лариса, Яблоновскэ гурыт школым иеджакIу».

Сэри, цIыф лъэпкъэу зыщыщхэм емылъытыгъэу зэкIэ кIэлэцIыкIухэми, зыныбжь икъугъэхэми къадэхъумэ сшIоигъор псауныгъэ пытэ яIэнэу, лъэпкъыбэ зыщыпсэурэ ти Урысыешхорэ тиреспубликэрэ ящыIэкIэшIу пае еджэными IофшIэными гъэхъагъэхэр ащашIынхэу ары.

Адыгэ Республикэр адыгэхэм яе закъоп, ащ щыпсэурэ народ пстэуми зэдыряе нахь. Непи тэ мамырэу, зэкъошныгъэ тазыфагу илъэу республикэм тыщызэдэпсэу. А шIошъхъуныгъэхэм тэ тафэшъыпкъ.

*ДэгущыIагъэр Iэшъынэ Р.,*
*1998-рэ илъэс*

## Пэщэ акъылышIу, зэхэщакIошху

«ЦIыфыр зыфэдэр пшIэ пшIоигъомэ гъогу дытехь», aIo адыгэхэм. Илъэс заулэкIэ узэкIэIэбэжьмэ, Къэбэртэе-Бэлъкъарым исхэмрэ ахэм яапэрэ Президентэу КIокIо



Валерэрэ гъогу къин – яреспубликэ къырыкIощтыр зэлъытыгъэгъэ гъогум зэдытехьэгъагъэх.

Джыри ткъошхэм япащэ осэшхо зэрэфашIыгъэр бэмышIэу зызэхэсэхым сигъэгушIуагъ. Республикэм щыпсэурэ цIыф лъэпкъыбэмэ къахэкIыгъэхэм яшIоигъоныгъэхэр къыдалъытэзэ, хэдзынхэр зэхамыщэхэу КIокIо Валерэ IэнатIэу ыIыгъым къыIугъэнэжьыгъэным ехьылIэгъэ унашъор ыштэнэу Къэбэртэе-Бэлъкъарым и Парламент зигъэхьазырыщтыгъэ. Ау КIокIо Валерэ къафезэгъыгъэп, хэдзыныр зыщыкIорэ мафэм хэдзакIо пэпчъ Президентынымкlэ къагъэлъэгъуагъэр ежь зыфаеу хидзынэу фитыныгъэ зэриIэр ариIуагъ.

Илъэсыбэ хъугъэу КIокIо Валерэрэ сэрырэ тызэрэшIэ, Москви, Налщыки, Мыекъуапи бэрэ тащызэIокIэ. ЗысшIэрэр нахьыбэ хъу къэс ар зэрэполитик чыжьэрыплъэр, зэрэзэхэщакIо Iушыр, хьугъэ-шIагъэхэу тапэкIэ къэхъун ылъэкIыщтхэм псынкIэу гу зэралъитэрэр, лъэныкъо пстэури къыдилъытэзэ, куоу зэгупшысэгъэ унашъохэр игъом ыштэн зэрилъэкIырэр, лъэпкъэу къызыхэкIыгъэхэм, aIулъ бзэм, алэжьырэ диным емылъытыгъэу цIыфхэм икъоу зэрафэгумэкIырэр нахь лъэшэу сымыгъэшIэгъон слъэкIырэп.

КIокIо Валерэ Къэбэртэе-Бэлъкъарым ис цIыф лъэпкъ пстэуми я Президентэу зэрэщытыр теубытагъэ хэлъэу къэтIон тлъэкIыщт. ГущыIэ закъокIэ арымырэу, Iоф пстэоу зэшIуихыхэрэмкIи мамырныгъэм иухъумэкIо шъыпкъэу зэрэщытыр къегъэшъыпкъэжьы. Республикэм ис нэбгырэ пэпчъ зэфэдэу ащ илъапI, ахэм яфедэхэр зышъхьамысыжьэу къеухъумэ.

Къэбэртэе-Бэлъкъарым исхэм ямызакъоу, Урысые Федерацием щыпсэухэрэми ары КIокIо Валерэ зэралъытэрэр. Бэлъкъарыр республикэм хэкIыжьын фэдэу къэбар зызэхэтэхым тызэридзэгъагъ, къэхъун ылъэкIыщтым лъэшэу тигъэгумэкIыщтыгъ. ЦIыфхэм азыфагу къитэджэгъэ зэгурымыIоныгъэр Президентэу КIокIо Валерэ иакъылышIуагъэрэ политикэ тэрэзэу ащ зэрихьагъэмрэ яшIуагъэкIэ щыгъэзыягъэ зэрэхъугъэм икъэбар тигъэгушIогъагъ.

Къэбэртэе-Бэлъкъарым мамырныгъэрэ зэгурыIоныгъэрэ зэрилъхэм симыгъэгушIон ылъэкIырэп – цIыфхэмкIэ ащ нахь лъапIэ зи щыIэп. Ащ нэмыкIэуи хъун ылъэкIыщтэп,

сыда пIомэ, цIыф лъэпкъ зэфэшъхьафхэм къахэкIыгъэхэр лэжьэкIошхох, зэчыишхуи ахэлъ. ГущыIэм пае, хэта зымышIэрэр къэбэртэе тхэкIо IэпэIасэхэу ШэуджэнцIыкIу Алыйрэ КIышъэкъо Алимрэ, дирижер цIэрыIоу Темыркъан Юрэ, бэлъкъар усэкIо цIэрыIохэу Кязим Мечиевыр, Кайсын Кулиевыр, культурэмрэ искусствэмрэ зиIахьышIу ахэзышIыхьэгъэ нэмыкI IофышIэшхохэр, нэмыкIыбэхэр. Зэкъошныгъэм, мамырныгъэм, дэхагъэм афэлажьэхэзэ, ахэм ятворчествэ зэрэдунаеу анаIэ къытырарагъэдзэн алъэкIыгъ.

Бэ къасIо сшIоигъуагъэр. ГущыIэм пае, бэрэ сыгу къэкIыжьы СССР-м и Къэралыгъо премие Москва къызщысатыжьыгъэгъэ мафэр. КIокIо Валер ары апэу сыкъыщызгъотыгъэр, къыщысфэгушIуагъэр. Джащыгъум IаплI зэтщэкIыгъагъ. Ащ фэдэр гум икIыжьырэп.

Адыгеимрэ Къэбэртэе-Бэлъкъарымрэ зэкъош республикэх. Бэ тызэзыпхырэр – тигушIуагъуи, тигумэкIи, тызщыпсэурэри зы чIыгу. ЗэкIэми тызфэбанэрэр тицIыфхэм азыфагу джэгъогъуныгъэ къимыхьаныр, тикIэлэцIыкIухэр Iэшэ омакъэ къыкIимыгъэщтэнхэр, гъаблэр, чъыIэр, нэмыкI тхьамыкIагъохэр зыфэдэр амышIэныр ары.

Темыр Кавказым зыпкъитыныгъэу илъыр гъэпытэгъэнымкIэ Къэбэртэе-Бэлъкъарым мэхьанэшхо иI. Пстэуми апэу ар зишIушIагъэр республикэм и Президентэу КIокIо Валер ары. ЦIыфхэм ягумэкIи, ягукIаи икъоу адэзыгощырэ политик Iушэу ар щыт. ИчIыгу гупсэ мамырныгъэрэ щыIэкIэшIурэ илъынхэм нахь лъапIэ зи зэрэщымыIэр иIофшIакIэкIэ ащ къыгъэшъыпкъэжьыгъ – цIыф Iуш, губзыгъ, пэщэ акъылышIу, зэхэщэкIошху.

*2002-рэ илъэс*

## Ти Президент

ЛIэшIэгъу пчъагъэхэм адыгэхэр кIэхъопсыгъэх къэралыгъо яIэным, мамырэу, рэхьатэу зэкъотныгъэ пытэ зэрылъ хэгъэгум щыпсэунхэм. Ау лъэпкъым итарихъ гъогу къиныбэу зыщырихьылIагъэхэм, тхьамыкIагъоу, фыртынэу, лъыгъэчъэ жьы хьарзэу яджэныкъохэм ашъхьарытыгъэм амал къыратыщтыгъэп итэкъухьагъэ хъугъэ адыгэм зиугъоижьынэу, икъэралыгъо, ишъхьафитыныгъэ къыухъумэнэу.

Ащ фэдэ къэралыгъо зыгъэпсы зышIоигъогъэ цIыф Iушхэр, лIыхъужъныгъэ зыхэлъхэр адыгэхэм къахэкIыгъэх. Ахэм ащыщхэм ацIэхэр тарихъым къыхэнагъэх, нэмыкIхэр уахътэм зыдихьыжьыгъэх. Ау ахэм ягухэлъышIухэр къадэхъугъэп, ялъэпкъэгъухэр зэгурагъэIонхэ, зэдырагъаштэу зэкъуагъэуцонхэ алъэкIыгъэп.

Совет хабзэм ишIуагъэкIэ тэ Автоном хэку тиIэ хъугъэ. Миллион заулэм ехъущтыгъэ лъэпкъым щыщэу Кавказ заом ыуж къэнэжьыгъэгъэ минипшI заулэм итарихъ, ыбзэ къэуухъумэгъэнхэм зыкъягъэIэтыгъэным фэшI макIэп хабзэм ышIагъэр. Совет хабзэм гъэсэныгъэм, культурэм, наукэм тафищагъ, дунэе цивилизацием тыхищагъ. А зэпстэумэ апае ащ лъэшэу тыфэраз.

Урысыер демократием игъогу зытехьэм, адыгэхэм лIэшIэгъу пчъагъэм зыкIэхъопсыгъэхэр щыIэныгъэм илъэныкъо пстэумкIи къадэхъугъ. Республикэ тиIэ хъугъэ, къэралыгъо статус къытфагъэшъошагъ. Адыгэхэм, лъэпкъ зэфэшъхьафхэм ялIыкIоу тихэку щыпсэухэрэм республикэм иапэрэ Президентынэу Джарымэ Аслъан ыцIэ къыраIуагъ, зыкIыныгъэ ахэлъэуи ар хадзыгъ. ЯтIонэрэ пIалъэуи Джарымэ Аслъан а IэнатIэр ыгъэцэкIэнэу республикэм щыпсэухэрэм цыхьэ фашIыгъ. Лъэшэу тырэгушхо ти Адыгей ежь и Конституцие, и Герб, и Быракъ, и Гимн зэриIэхэм. Лъэшэу тегъэгушIо республикэм щыпсэурэ пстэуми тиапэрэ Президентэу Джарымэ Аслъан лъытэныгъэшхо зэрэфашIырэм, япащэу зэралъытэрэм, зэрагъэлъапIэрэм. ИцIыфыгъэ, иIофшIакIэ, Адыгэ Республикэм, Темыр Кавказым зэрэпсаоу мамырныгъэ, зэгурыIоныгъэ арылъыным ищыIэныгъэ зэрэфигъэлэжьагъэм ар къыкIэкIуагъ.

ИIушыгъэкIэ, иакъылышIуагъэкIэ, чыжьэу плъэрэ, куоу гупшысэрэ политикэу зэрэщытыгъэмкIэ цIыфхэм ялъытэныгъэ, яшIулъэгъу ащ къылэжьыгъ. ЦIыф къызэрыкIу, нэбгырэ пэпчъ риIощтыр ешIэ. Лъэпкъ зэхэдз ымышIэу зэфэдэу цIыфхэм зэкIэми ар афыщыт, ягушIуагъуи, ягу-

къауи адегощы. А шэнышlухэу Джарымэ Аслъан хэлъхэм цlыфхэм уасэ афашlы, лъэшэу фэразэх.

Мыхэм афэдэ гущыlэхэр къыфэсlонхэм ифитыныгъэ къысэзытырэр Джарымэ Аслъан ицlыфыгъэ, иlофшlакlэ, игущыlэ, иlофшlэн зэрафэшъыпкъэр, республикэм щыпсэухэрэм шlу афишlэным ренэу зэрэпылъыр дэгъоу сэшlэшъ ары. Президент хэдзынхэм ялъэхъан ащ ицыхьэшlэгъоу сыщытыгъ, игупшысэхэм, игухэлъхэм адезгъаштагъ. Адыгэ Республикэр ылъэ зыщытеуцорэ лъэхъаным джащ фэдэ Президент – рэхьатэу, гупшысэ куу хэлъэу lофыгъо пстэуми къякlолlэрэ цlыф тищыкlэгъагъэр. Джарымэ Аслъан типэщагъ республикэ ныбжьыкlэр дгъэпсы зэхъум, типэщагъ ащ апэрэ лъэбэкъухэр зыщишlыщтыгъэ илъэс мыпсынкlэхэми. Ренэу згъэшlагъощтыгъэ ар зэрэlофышlэкlошхор, чыжьэу зэрэплъэрэр, цlыф зафэу, цlыф къабзэу, къэралыгъо гупшысэ иlэу зэрэщытыр.

Ащ фэдэ цlыфым цыхьэ фэпшlы хъущт. Ар – ти Президент.

*2005-рэ илъэс*

## Теуцожь Цыгъо фэгъэхьыгъэ гущыl

Адыгэ лъэпкъым иусакlоу Теуцожь Цыгъо къызыхъугъэр илъэси 150-рэ хъугъэ. Лъэпкъ щыlэныгъэм игупчэ къикlыгъэу, зынахь тхьамыкlэ щымыlэгъэ цlыфэу ар щытыгъ, тхакlи еджакlи ышlэщтыгъэп, ау жэрыlо творчествэм, анахьэу усэ зэхэлъхьаным, гущыlэ лъэшым ыкlуачlэ ышыгу нэсыгъ, адыгэ лъэпкъым игушъхьэлэжьыгъэ лъэш зы lахьэу хэуцуагъ. Адыгэ закъохэр арэп – ащ ыцlэ Темыр Кавказ шъолъырым иусэкlо-тхыдэlотэ анахь инхэм Пакlэ Бэчмызэ, Сулейман Стальскэм, Кязим Мечиевым ацlэхэм ягъусэу къыраlо.

Шlумрэ зэфагъэмрэ яхабзэхэм атетэу псэурэ лъэпкъым усакlохэр къыхэкlых. Адыгэ чlыгур сыдигъуи баигъэ зэчыишхо зыхэлъ цlыфхэу лъэпкъым къыхэкlыгъэхэмкlэ, lэпэlэсэныгъэ ин зыхэлъ усэкlо-орэдусхэмкlэ, тхыдэlуатэхэмкlэ чылэ пэпчъ орэдусхэр адэсыгъэх. Гъобэкъуае, Хьакурынэхьаблэ, Щынджые, Афыпсыпэ, Хьэтэжъыкъуае, Пчыхьалlыкъуае фэдэ къуаджэхэм ащыпсэущтыгъэх. Кавказ заом ыпэкlэ Адыгэ шъолъырым чылэу, къуаджэу шъэ пчъагъэ зэрисыгъэр къызыдэплъытэкlэ, нафэ къыпфэхъу тятэжъхэм ячlыгу гушъхьэлэжьыгъэ кlочlэшхо зэрилъыгъэр. Гукъаоу щытыгъэр зы – тыкъэзыуцухьэрэ дунаем талантышхо къызхилъхьэгъэ цlыфхэр еджагъэхэу щытыгъэхэп, тхэкlэ-еджакlэ ашlэщтыгъэп, ащ къыхэкlэу яусэхэр, орэдхэр, поэмэхэр жэрыlокlэ зэхалъхьэщтыгъэх. Усакlор опсауфэ ыусыгъэхэр цlыф зэхахьэхэм, джэгухэм, хьэдагъэхэм, хьакlэщхэм къащиlощтыгъэ. Лlэшlэгъухэр зытекlыхэкlэ, усакlо-орэдусым ыцlэ ащыгъупшэжьыти, ащ ыусыгъэхэр лъэпкъым ыусыгъэу алъытэу хъущтыгъэ. Жэрыlо народнэ творчествэм джащ фэдэ гъогу къакlущтыгъэр.

Теуцожь Цыгъо, Шъхьэлэхъо Алый, Хъущт Ибрахьимэ, Хьакурынэ Рау, Нэпцэкъо Хьалидэ, Мызэгъ Хьаджбирам, Трахъо Смел афэдэхэм къапкъырыкlыгъэхэр фольклорым хэтхэм сыда атезыгъэкlыхэрэр? Кlэкlэу къэпlон хъумэ зы – фольклорым щыщ хъугъэхэр адыгэ лъэпкъым ыусыгъэхэу алъытэх, жэрыlо унэе творчествэм иусакlохэр зэкlэми ашlэх.

Сыда адэ къызыхэкlыгъэр Теуцожь Цыгъо щытхъум илъэгапlэ нэсыныр, итворчествэрэ ицlыфышъхьэрэ лъэпкъ кlэным зы lахьэу хэуцонхэр, ащ ыцlэ раlоным, еджапlэм, урамым афаусыныр, орденэу «Трудовое Красное Знамя» къыфагъэшъошэныр, хэку Советым идепутатэу хадзыныр, СССР-м итхакlохэм я Союз аштэныр? Нэмыкlэу къэпlон хъумэ, сыда Совет хабзэм Теуцожь Цыгъо ынаlэ зыкlытетыгъэр, зыкlыфэгумэкlыщтыгъэр, адрэ нэмыкl усакlохэм (гущыlэм пае, джа Гъобэкъое дэдэм Теуцожь Цыгъо илъэхъанэ щыпсэущтыгъэхэ Къат Щэбанэ, Уджыхъу Нэшъукъуае, Хьэлаштэ Тхьэихьакlэ) ащ иныбжьыкъу къызкlычlанэщтыгъэхэр? Ащ укlэупчlэжьынэу щытэп, Теуцожь Цыгъо усэ зэхэлъхьаным ылъэныкъокlэ зыпшъэ умыкlон талант зэрэхэлъыгъэр, ипоэзие къэlокlэ-шlыкlэ амалхэмкlэ зэфэшъхьафэу зэрэщытыгъэр, ахэр жэрыlокlэ цlыфхэм агу лъигъэlэсын зэрилъэкlыщтыгъэр, творческэ амал мычъэкъожь зэрэхэлъыгъэр арых.

Шъуяджэжьи икӀэрыкӀэу ащ ыусыгъэ, зыфэдэ къэмыхъугъэ поэмэхэу «Пщы-оркъ зау», «Мафэкъо Урысбый», «Родина» зыфиӀохэрэм ар нафэ къышъуфэхъущт. Анахь усэкӀошхоу тиуахътэ псэухэрэми ащ алъэкъуацӀэ кӀадзэным темыукӀытыхьанхэу а поэмэхэр гъэпсыгъэх.

Я XX-рэ лӀэшӀэгъум ия 30-рэ илъэсхэм Теуцожь Цыгъо итворчествэу зыкъызэӀузыхыгъэм сыда анахьэу уфэзыщэу хэлъыгъэр? Социальнэ Ӏофыгъохэр къызэриӀэтыщтыгъэхэр, тхьамыкӀэмрэ баимрэ зыщызэпыщыт щыӀакӀэр зытетыгъэм тетэу къызеригъэлъагъощтыгъэр, социалистическэ щыӀэкӀакӀэм шӀуагъэу къыздихьыхэрэр щыӀэныгъэм щыпхырыщыгъэнхэм, ахэм лъапсэ адзыным зэрэпылъыгъэр ары. Ащ фэдэ поэзиер, ащ фэдэ усэхэр социальнэ революцие зышӀыгъэ цӀыфхэм апэблэгъагъэх, агу нэсэу зэхашӀэщтыгъэ. Теуцожь Цыгъо ежь мэкъумэщышӀэ унэгъо тхьамыкӀэ дэдэм къихъухьагъ, илъэсибл нахь ымыныбжьэу зыгорэм Ӏоф фэпшӀэным, уфэчырэным икъиныгъо, ибжь кӀэуцуагъ, ежь ынитӀукӀэ зэфэмыдэ щыӀакӀэр зыфэдэр ылъэгъугъ. Джары иапэрэ усэхэм къащегъэжьагъэу социальнэ зэфэмыдэныгъэм пэуцужьырэ сатырхэр зыкӀызэхилъхьагъэхэр, мызэфэныгъэм, къулайцызыгъэм, пцӀым якъэгъэлъэгъон зыкӀыпылъыгъэр. Хэт нахьи нахь дэгъоу Теуцожь Цыгъо адыгэ лъэпкъым игупшысэхэмрэ игумэкӀхэмрэ икъоу унэгу къыкӀигъэуцохэу, шъыпкъагъэ хэлъэу зыщыпсэугъэ уахътэмрэ ащ ицӀыфрэ зыфэдагъэхэр къыгъэлъэгъуагъэх. Ары хэтрэ тхакӀокӀи анахь мэхьанэ зиӀэу, анахь уасэ зиӀэу щытыр.

Теуцожь Цыгъо зыпари къыугупшысын ищыкӀэгъагъэп: ижэрыӀо усэхэр ынитӀукӀэ ылъэгъугъэхэм, ежь ышъхьэ къырыкӀуагъэхэм афэгъэхьыгъагъэх. ИщыӀэныгъэ къинэу, хэкӀыпӀэнчъэ гукӀодыгъоу щытыгъ. Адыгэ лъэпкъымкӀэ анахь охътэ къинэу – ӀэкӀоцӀ, ӀэкӀыб тхьамыкӀэгъошхохэм адыгэ дунаир зызэхатхъыщтыгъэ уахътэм ар къэхъугъ. Апэрэр – социальнэ-классовэ зэпэуцоу адыгэ щыӀакӀэм хэлъыгъэр арыгъэ. А уахътэр ары зытефэрэр Пщы-оркъ заоу щыӀагъэри. А заом фэгъэхьыгъэу усакӀом нэужым усэ зэхилъхьащт, етӀанэ ар лиро-эпическэ поэмэ инэу зэригъэзэфэжьыщт. ЯтӀонэрэ тхьамыкӀагъор – ар нахь иныгъ ыкӀи нахь щынэгъуагъ, ахэр – пачъыхьэм адыгэхэр ыштэным телъытэгъэ Ӏофыгъоу зэрихьэщтыгъэхэр арыгъэх.



Ащ кӀэух фэхъугъэр хэткӀи нафэ – адыгэ лъэпкъыр лъэпсэкӀодым нэсэу зэрагъэкӀодыгъэр, геноцидэу къырашӀылӀагъэр, лъэпкъым инахьыбэр егъэзыгъэкӀэ Тыркуем икӀыжьынэу зэрэхъугъэр арыгъэ. А лъыгъэчъэ зэошхор заухым Теуцожь Цыгъо илъэси 9 ыныбжьыгъ.

Теуцожь Цыгъо къызэрыхъухьэгъэ унагъор зыфэдэр тэ дэгъоу тэшӀэ – зынахь тхьамыкӀэ Гъобэкъуае дэмысыгъэ унагъу. Ятэ идунай зехъожьым илъэситф зыныбжьыгъэ Цыгъорэ ащ ышыпхъурэ янэ къылъэхэнагъэх, зыщалъэщтыр хэгъэкӀи хьалыгъу Ӏулъхьи яунэ имылъэуи къыхэкӀыгъ. Гъомлапхъэ горэ къалэжьыным фэшӀ унэгъо фэшӀыгъэу къуаджэм дэсыгъэхэм мэфэ чырэ афакӀощтыгъэх.

«Тянэ иныы тыхъуным кӀэхъопсыщтыгъэ, мафэ къэс пчъэблыпкъым тыригъэуцуалӀэзэ тишыщтыгъэ,– къыӀотэжьыщтыгъэ усакӀом.– Мэфэ Ӏоф тагъэшӀэнэу къызытлъыкӀохэкӀэ гушӀозэ таритыщтыгъэ». Лъэпкъым иусэкӀо цӀэрыӀо хъущт шъэожъыер чырэщтыгъэ, пхъэщтыгъэ, мэкъу еощтыгъэ, Ӏахъощтыгъэ, цуаощтыгъэ. Ыужым усэ сатырхэм ащ къащиӀожьыщт:

Зэман мэзахэм сэ сыкъыщалъф,
Сыкъэзылъфыгъэ сянэм анахьышӀу селъэгъу,
Гъунэгъу кӀали джэгогъоу симыӀ.
Ныбгъу джэмакъэмэ сыкъагъэущымэ,
Бжьэу кум чӀэлъыр сэ сипӀэшъхьагъ,
Гъыны-гъыпсэу, сылъапцӀэу гъашӀэр къэсэхь.

ЕгъашӀэрэу ыгу имыкӀыжьынэу а къулыйцыз сабыигъо ибэ илъэсхэр Теуцожь Цыгъо ишӀэжь къыхэнагъэх. Ащ фэдэу зигъашӀэ езыгъэжьэгъэ усакӀор сыда зыфэусэщтыгъэр щыӀэкӀэжьым, зэфэмыдэныгъэр зыщыбэм фэгъэхьыгъэу мыусэщтыгъэмэ. Джыри шъэожъые Ӏэтахъозэ щыӀэныгъэм социальнэ мызэфэныгъэу хэлъым егупшысэу ащ ригъэжьагъ: сыд пае зы нэбгырэхэр мэфэ реным уцуи-тӀыси ямыӀэу Ӏоф ашӀэми къулыйцызыгъэм къыхэмыкӀышъухэра? Адрэхэр, пщы-оркъхэр, шэкӀонымрэ зекӀонымрэ хэтхэми яшӀугъоу псэухэра? Джа гупшысэхэр арых зэкӀэри зышӀэ зышӀоигъо шъэожъые гупкӀэр усэным, адыгэхэм сыдигъуи анахь Ӏэшэ лъэшэу алъытэщтыгъэ гущыӀэм фэзыщагъэхэр. Адыгэхэм гущыӀэм мэхьанэ ин зэрэратырэр Теуцожь

Цыгъо къыгурыIуагъ, ащ нэрылъэгъу къыфэхъугъ усэхэм зыцIэ дэйкIэ къыщыраIорэ байхэр гущыIэм зэрэщыщынэхэрэр, ящытхъу къызыщиIорэ усэ усакIом афызэхилъхьаным пае сыд фэдэ ахъщи мылъкуи зэрэшъхьамысыхэрэр.

УсакIохэм янахьыбэр сыд фэдэ ахъщэкIи мылъкукIи пщэфынхэ умылъэкIынэу щытыгъэх. Джахэмэ зэу ащыщ хъугъэ Теуцожь Цыгъуи. Иусэхэр ымыщэныр ащ ианахь шэпхъэ шъхьаIэу хъугъэ, ыуасэ къэзыIэтыгъэхэм ар зэу ащыщ.

Теуцожь Цыгъо щыIэкIэжъым изытет дэгъоу зэришIэрэм къыхэкIэу зэхъокIынығъэшIухэу совет хабзэм къуаджэм къыдихьагъэхэр игуапэу ыштагъэх. Ахэр иныдэлъфыбзэкIэ тхакIэ амал щыIэ зэрэхъугъэр, еджапIэхэр къызэрэзэIуахыгъэхэр, еджэпIэ-унэхэр щыIэ зэрэхъугъэхэр, аужыпкъэм ныбжь зиIэхэм еджэкIэ-тхакIэр зэрагъэшIэным пае ликбезхэр къызэрэзэIуахыгъэхэр арых. Гъобэкъуае кIэлэегъэджэ ныбжьыкIэ къагъэкIуагъ, зэрэныбжьыкIэм емылъытыгъэу Iушэу, шъхьэкIафэ зыхэлъ цIыф Хьаткъо Ахьмэд. КIэлэегъэджэ ныбжьыкIэм усэхэр зэрэзэхилъхьэхэрэр ыужым нафэ къэхъугъ. Шъыпкъэ ащ ахэр тхьапэм тыритхэщтыгъэх. ХэбзакIэм усэным пылъхэр фигъэчэфыщтыгъэх, усакIомэ ынаIэ атетыгъ. Ащ къыхэкIэу Теуцожь Цыгъо а лъэхъанэм илъэс 67-рэм нэсыгъэу, ыныбжь хэкIотагъэ нахь мышIэми, усэным ишъыпкъэу зыритыгъ. ЕджэкIэ-тхакIэ зышIэрэ, усэзэхэлъхьаным щыгъуазэ Хьаткъо Ахьмэд пэблагъэ зэрэхъугъэми ишIуагъэ къэкIуагъ. Джы ежь ымышIэрэм щызгъэгъозэн, ищыкIагъэр къезыIожьын, джэнджэшэгъу къыфэхъун гъусэ иIэу хъугъэ.

Теуцожь Цыгъорэ Хьаткъо Ахьмэдрэ – адыгэ поэзием щыIэпэIэсэ усэкIо иных. Зыр – лъэпкъым къыхэкIыгъэ усэкIо шъыпкъэу, ижъырэ адыгэ усэ зэхэлъхьакIэм лъапсэ щызыдзыгъэу, ищыIэныгъэрэ итворчествэрэкIэ лъэхъанэ зэфэшъхьафитIу – щыIэкIэжъымрэ совет щыIакIэмрэ зэзыпхыгъэу щыт усакIу, ащ зэхилъхьэрэр жэрыIокIэ къыIозэ цIыфхэм анэсыщтыгъэ. Адрэр – ар зищыIэныгъэкIэ щыIэкIакIэр зыфэдэр къэзгъэлъагъорэ ныбжьыкIэу, поэзием апэрэ лъэбэкъухэр щызышIэу, адыгэ тхакIэм игъусэу творческэ кIочIэ инэу зыкъэзыIэтыщтыгъэ, щыIэкIакIэм къыхэкIыгъэ поэтэу, адыгэм итарихъкIэ апэрэу зиусэхэр адыгабзэкIэ къыхэзыутыгъэ усакIу. ТхакIэ зыгъотыгъэ лъэпкъым илъэпкъ поэзие икъежьапIэ щытыгъэ усакIу. Охътэ зэфэмыдитIумрэ поэтическэ дунай зэфэмыдитIумрэ ахэм къызэлъаубытыгъ. А усэкIуитIур зэIукIагъэх, ныбджэгъу зэфэхъугъэх. Поэзием шIулъэгъоу фыряIэмрэ, гущыIэм ыкIуачIэ къызэрагурыIорэмрэ ахэм яныбджэгъуныгъэ лъапсэ фэхъугъэх. ЩыIэныгъэм итамыгъэу ар хъугъэ. Адыгэ усэ тхыгъэм икъежьапIэу щытыгъэ Хьаткъо Ахьмэд ары Теуцожь Цыгъо зыми фэмыдэу, усэнымкIэ зыфэдэ къэмыхъугъэ амал зэрэхэлъыр къыхэзыгъэщыгъэр. Хьаткъо Ахьмэдрэ Теуцожь Цыгъорэ кIэу къэхъурэ адыгэ поэзием икъежьапIэ джаущтэу уцунхэу хъугъэ. УсэкIо IэпэIэситIу – поэзием иамал зэфэшъхьафхэр агъэфедэхэу – жэрыIо ыкIи тхыгъэ усэм дэлажьэхэрэр – зэкIэми анахь дэгъоу зым адрэр къыригъэкъужьэу тилитературэ щылэжьагъэх. Ахэр зым адрэр кIырыплъыжьыгъ, зэрэгъэсэжьыгъэх, зэрэгъэбаижьыгъэх.

Теуцожь Цыгъо ипоэзие жъымрэ кIэмрэ язэнэкъокъу, щыIэкIэжъэу усакIом ынитIукIэ ылъэгъугъэмрэ щыIэкIакIэу джы инэплъэгъу итымрэ темэ шъхьаIэу щыпхырыщыгъ. «Нахьыпэрэ щыIакI» зыфиIорэ поэмэм Теуцожь Цыгъо мырэущтэу къыщетхы:

Тхьамыкlэм икlалэ
Къогъум къыкъоплъэу,
Ахъщэ зиджыбэ илъым
Икlалэ рагъаджэу,
Баим икlалэу еджагъэм
Гъогум тытыримыгъахьэу
Тигъашlэр тагъэхьыгъэ.

Джаущтэу усакlом щыlэкlэжъыр къегъэлъагъо. Къегъэлъагъо зытетыгъэм тетэу, мыгъэдэхагъэу:

Гъэм къэтхьыжьрэр
Къытшlуашхэу,
Пщы-оркъмэ ашхыщтыр
Тэ тпшъэ дэкlэу,
Егъэзыгъэкlэ тылэжьагъ.

Гъупчъэжъыемкlэ къэтхыыжьрэр
Кlымэзихым тфимыкъу,
Къинкlэ къэтхыыжьрэр
Баижъмэ тшlуашхыжь...
Тятэжъмэ джар ящыlэкlагъ.

Щыlэкlакlэр къыгъэлъагъо зыхъукlэ Теуцожь Цыгъо иусэ макъэ зызэблехъу, гушхоныгъэр гуlэтныгъэр къыхэхьэ, джэпсалъэм нахь фэдэ мэхъу. Теуцожь Цыгъо изэкъуагъэп а лъэхъаным аущтэу усэщтыгъэр – джащ фэдэ усэ шlыкlэр агъэфедэщтыгъэ усэным илъагъо пытэу теуцогъэ Хьаткъо Ахьмэди, усэныр езгъэжьэгъэкlэ Пэрэныкъо Мурати, нэмыкlхэми. Уахътэр джащ фэдагъ. Щыlэкlакlэм партиер илъэгъохэщэу, игъуазэу зэрэщытым, ащ ипащэхэм афэгъэхьыгъэ усэхэр атхыщтыгъэх. Джащ фэдэ усабэ Сулейман Стальскэми зэхилъхьагъ. Джащ фэдэ усэу, орэдэу, поэмэу ти адыгэ усакlохэми атхыгъэр макlэп. Теуцожь Цыгъо тхакlоу фагъэкlогъэ Дмитрий Костановыр А.С. Пушкиным иусэхэм, ипоэмэхэм фяджэщтыгъэ. Гулъытэ ин зиlэ, лъэпкъым къыхэкlыгъэ усэкlо lупкlэм джэпсалъэ зыхэлъ усэмрэ усэ шъыпкъэмрэ джаущтэу зэхишlыкlын ылъэкlыгъ. Зытетыр къэпlон хъуми, Теуцожь Цыгъо иусэхэм гущыlэ пыдзафэу ахэлъыр мэкlэ дэдэу, дышъэ гъэкъэбзагъэм фэдэх.

Теуцожь Цыгъо жэрыlокlэ ыусыгъэхэм зыщыщ лъэпкъым иакъыл, игулъытэ къахэщы, лъэпкъым нравственнэ ыкlи эстетическэ амалэу, нэшанэу lэкlэлъхэр щигъэфедагъэх. Ащ жэбзэ чан, жэбзэ къабзэ lулъыгъ, ежьыри лъэоянэ шэпхъэ иным рыгъуазэщтыгъэ, иусэхэми теурыкlуагъэ зэрахэмылъыщтым ренэу пылъыгъ. Теуцожь Цыгъо ыlощтыгъэ: «Усэр дэгъоу зэтелъхьэгъэ пхъэм фэд, зы пхъэ lупкlэ хэпхымэ – зэкlэри къызэхэощт, зы лые теплъхьэмэ – къуанщэ хъущт».

Талант зыхэлъ цlыфым исэнаущыгъэ лъэныкъо зэфэшъхьафхэм къащэлъагъо. Зэкlэми тэшlэ Лермонтовыр, Маяковскэр, Хетагуровыр сурэтышl дэгъоу зэрэщытыгъэхэр. Теуцожь Цыгъо шъошlэ дэгъугъ, lэпэlасэу шыкlэпщынэм еощтыгъэ. Пчыхьэрэ Гъобэкъуае щыпсэурэ усэкlо-орэдусхэр ащ иунэ щызэрэугъоищтыгъэх, усакlэу зэхалъхьагъэхэр къаlощтыгъэх, шыкlэпщынэм ежъыущтыгъэх. Къыхэкlыщтыгъэ темэ хэхыгъэ горэмкlэ анахь дэгъоу мыусэрэр аlоу зэнэкъокъухэуи. Теуцожь Цыгъо иакъыл чанэу, уфэ-упцlэу, а зы сыхьатым джэуап къыгъотын е хъугъэ-шlагъэм фэусэн ылъэкlынэу щытыгъ. Цlыф lуш пстэуми афэдэу ащ сэмэркъэушхо хэлъыгъ. Усэкlо нахьыжъым усэ шъуашэм илъ упчlэхэм тефэрабгъоу, екlоу джэуапэу къаритыжьыхэрэр зэхэзыхыхэрэм агъэшlагъощтыгъэ.

Теуцожь Цыгъо ищыlэныгъэ иауж ырэ илъэсхэм творчествэм ылъэныкъокlэ бэ къыгурыlо, бэ зэхешlыкlы, икlэрыкlэу бэхэр зэригъэфэжьы хъугъагъэ. Джа илъэсхэр арых Пушкиным, Стальскэм, Москва афэгъэхьыгъэ усэхэр, поэмэхэу «Сижъышъхьэм сыжъудэбэкъон», «Пщы-оркъ зау», «Мафэкъо Урысбый» зыфиlохэу лъэпкъ поэзием иклассикэ хъугъэхэр зызэхилъхьагъэхэр.

Теуцожь Цыгъо ипоэмэхэр адыгэ лъэпкъым итарихъ фэгъэхьыгъэ апэрэ усыгъэхэу адыгэ литературэм къыхэхьагъэх. Хьакlэщхэм къащекlокlырэ усэхэм ахэр афэдагъэхэп, лъэпкъ гупшысэрэ, лъэпкъ философие инрэкlэ ушъэгъагъэх. Ащ апэрэу ахэолъагъо ижъырэ усэ зэхэлъхьакlэмрэ щыlэкlакlэм къыздихьыгъэ усэ зэхэлъхьакlэмрэ зэрэщызэхэгъэкlухьагъэхэр. Ащ ипоэзие адрэхэм къахэзыгъэщырэр – зы лъэныкъомкlэ фольклорым, адрэ лъэныкъомкlэ тхыгъэ усэм инэшанэхэмрэ иамалхэмрэ зэрэзэхэлъхэр ары. Усэкlо шъыпкъэм италант зынэсырэр ащ къыщылъэгъуагъ. Гъэсэныгъэ зыгъотыгъэхэу, урыс литературэр дэгъоу зышlэрэ усакlохэм аущтэу лъэпкъ жэрыlо творчествэмрэ тхыгъэ литературэмрэ яамалхэр зыгъэфедэн зымылъэкlыгъи къахэкlыгъ. Теуцожь Цыгъо усэм ылъэныкъокlэ ижабзэ нахь бай, нахь зэщымыщ хъугъэ, иусэхэми ипоэмэхэми эпическэ къэlотакlэм игъусэу лирикэр къыхэхьагъ – лирическэ героим игумэкlхэр, игупшысэхэр зэмкlэ сэмэркъэу, адрэмкlэ лакъырдыгъэ шъуашэм илъхэу къыщитыхэу хъугъэ:

Сыгу забгъэрэр тян:
Пэсащэу сыкъилъфыгъ,
Гъэрекlо сыкъилъфыгъэмэ,
Еджапlэм сычlэхьани,
Акъыл сиlэ хъуни,
Насыпышхом сыхэтыни...

Мары «Пщы-оркъ зау» зыфиІорэ поэмэм къыхэхыгъэ лирическэ сатырхэр:

Пщыщэ псы нэшхъо псы шкуашку,
Псышхо дэдэуи щымыт,
УеплъынкІэ псы Іумаф,
КІалэу икІырэр римыхьыжь,
Ежьагъэм къыримыгъэгъэзэжь.
Къыхахъомэ хъуаоу мэзекІу,
КІэй дахэхэр екІухьэ,
Зыдахьэрэм пэгошхохэр къыденэ.
Напцэу Іутыр пцелыб,
МыжъокІэ жъгъэибэр къыІопс,
Псымэ ялыеу къаргъо.
Псымычъэп,
Псычъэрэп,
ПсынэкІэчъыбэр къеІушъашъ,
Пшъэшъэ дэхабэмэ псы къыдах.

Е мары сэмэркъэу-мыскъарэу къэІогъэ сатырхэр, поэмэу «Родина» зыфиІорэр джары къызэрэригъажьэрэр:

А жьыбгъ! Бэрэ угу хэзгъэкІыгъ.
Бгъэнышъхьапэр къэпІэт зэпытыщтыгъэшъ,
ЧІэплъхьагъэ щыІэмэ чІэхыжь,
Унэжъыр осэтыжьыпэ.

Адыгэхэм гъогу хьылъэ гъогу къин къакІугъ. Миллионищым нэсэу къалъытэщтыгъэ лъэпкъым щыщэу Кавказ заом ыуж къэнэжьыгъагъэр мин 40 фэдиз, джары Кавказым и ТыгъэкъохьапІэ къинэжьыгъагъэр. Ау анахь гъэшІэгъоныр: сыд фэдиз тхьамыкІагъо тилъэпкъэгъухэм амыщэчыгъэми, сыд фэдизэу хьазархэр, монголхэр, авархэр, къырым-нэгъойхэр, пачъыхьэм идзэхэр къатемыуагъэхэми лъэпкъым зыкъиишІэжьыщтыгъэ, ищыІэкІэ-псэукІэ зэтыригъэуцожьыщтыгъэ, лъэпкъ гъашІэр ыпэкІэ лъыкІуатэщтыгъэ. Лъэпкъыр псэу къодыягъэп, сыд фэдэ ІэпэІэсэныгъи чІимынэным пылъыгъ. ЕгъашІэм мыкІодыжьыщт пшысэхэр, тхыдэхэр, таурыхъхэр, хъишъэхэр, дунэе гушъхьэлэжьыгъэм чІыпІэ гъэнэфагъэ щызыубытырэ эпос инэу «Нартхэр»



лІэшІэгъухэм къазэпырихын ылъэкІыщтыгъэ. Лъэпкъым зэхилъхьэгъэ усэхэм акІыгъоу къытэнэсыжьыгъэх зыцІэ къэтшІэжьырэ усакІо-орэдусхэм аусыгъэ орэдхэр, поэмэхэр. Ахэм анахь къахэщырэр – Гъобэкъуае дэсыгъэ усэкІо-орэдусэу Теуцожь Цыгъу ары. Ащ итворчествэ тиадыгэ лъэпкъ игушъхьэлэжьыгъэ инхэм зэу ащыщ. Ащ тырэпагэ, тырэгушхо, гушъхьэлэжьыгъэ инэу адыгэ лъэпкъым къыхэкІыгъэ усэкІошхом къытфигъэнагъэр зыпэ умышІын щыІэп. Ащ фэдэ усакІом адыгэхэм ямызакъоу, еІолІэнчъэу сыд фэдэ лъэпкъи боу рыгушхони. Теуцожь Цыгъо иусэхэр, ипоэмэхэр ар къызхэкІыгъэ адыгэ лъэпкъыр щэІэфэ псэущтых.

*2005-рэ илъэс*

## Гур къэзыгъэбаирэр

*— Исхьакъ Шумафэ ыкъор, илъэс пчъагъэ хъугъэу тигъэзет Іоф къыдэошІэ. Адыгеим ипсательхэм я Союз Іофэу ышІэрэм, ар зыгъэгумэкІырэ Іофыгъохэм, тхылъхэм ялъэтегъэуцохэм, уитворчествэ ехьылІагъэ зэІукІэгъухэм «СА»-р сыдигъуи игъэкІотыгъэу къатегущыІэ. ЗизэшІохыгъо хъугъэ Іофыгъохэм афэгъэхьыгъэ уистатьяхэр къыхеутых. ЗэлъашІэрэ писателэу, общественнэ ІофышІэшхо мыпшъыжьэу МэщбэшІэ Исхьакъ фэгъэхьыгъэ сыд фэдэрэ щытхъу гущыІэхэри сымыгъэшІэгъонхэу къысшІошІыщтыгъ. Ары шъхьаем, укъызыхъугъэм ия 70-рэ илъэс о узэрэпэгъокІырэм фэдэу пэгъокІынэу писатель пэпчъ къыдэхъурэп ныІа: уитхыгъахэхэм ямыгъэгупсэфылІэу, тхэнымкІэ амалэу пІэкІэлъхэм инэу заушъомбгъугъэу, уиталант нахь лъэш хъугъэу. Мы аужырэ илъэсхэм къыхябгъэутыгъэ уироманхэу «Мыжъошъхьал», «Бзыикъо зау», «ГъэритІу», «Хъан-Джэрый», «Рэдэд» зыфиІохэрэм зэкІэми — писательхэм, критикхэм, тхылъеджэхэм фэдэ амылъэгъугъэу Урысыем икъопэ пстэуми уитворчествэ ашІогъэшІэгъонэу анаІэ къащатырадзагъ.*

*ЛIэшIэгъуныкъо хъугъэу адыгэ литературэм узыщылажьэрэм къыкIоцI зэфэшъхьафыбзэхэмкIэ тхылъ 70-м къехъу къыхябгъэутыгъ. Сыда ащ фэдизэу утхэнымкIэ гушхуагъэ къыпхэзылъхьэрэр, сыда пкIуачIэ икъэкIуапIэр? АщкIэ ишIуагъэ къыуагъэкIэу тамыгъэ хьалэмэт горэ уиIа?*

— ГухэкI нахь мышIэми, ащ фэдэ тамыгъэ хьалэмэтэу кIочIэ шъэф къыпхэзылъхьан зылъэкIыщтэу аIорэм фэдэ сиIэп. Ау, сыушъэфырэп, сэ схэлъых хъарзынэщхэу гъэрет, гуетныгъэ къысхэзылъхьэхэрэр, сыгукIэ сикъэзыгъэбайхэрэр, спкъышъолыкIи сиIофшIэнкIи кIочIакIэхэр сэзыгъэгъотыхэрэр, анахь къушъхьэ шыгу лъагэхэми садэкIоен сэзыгъэлъэкIыхэрэр.

Ахэр сыкъызыщыхъугъэ унагъоу къуаджэу Шъхьащэфыжь дэсыр ары. Непэ, къэзгъэшIагъэр сыгу къэзгъэкIыжьызэ къызгурэIо: писателэу сызэрэщытым елъытыгъэу зэкIэ сигупшысэхэу шIум, ем, цIыфым ыгукIэ идэхагъэ, шIэныгъэ гори зыIэкIэмылъым игоштэгъоджагъэ, гупсэ чIыгур зэрэбэрэчэтым, зэкIэ дунаим къырыкIощтым сызэрягупшысэрэм къежьапIэ афэхъугъэхэр лъапцIэу къызытчъыхьэщтыгъэ кIэлэцIыкIугъор, пчыхьэ кIыхьэхэм тиунэ иджэныкъо машIо ыпашъхьэ тиунэгъошхо имызакъоу, тигъунэгъухэри,тинэIуасэхэри, тимынэIуасэхэри къызыщызэрэугъоищтыгъэхэр ары. Тиунэ мыинэу тэри тызэрымыфэжьыщтыгъэм хьакIэ пэпчъ гущыIэ фабэ щызэхихыщтыгъ. Мыры къызыщыхъурэр зихэгъэгу фэгумэкIырэ, шIу зылъэгъурэ цIыфыр, джэныкъо мэшIо дэдэр ары нэужым цIыфым зэкIэ къыгъашIэрэр къэзыгъэнэфырэр.

ТешIагъэх илъэсхэр. Джы сэри сиI сиунэгъо «джэныкъо» машIо, джары къызыпкъырыкIырэр щыIэныгъэми, творчествэми ягушIуагъоу сэ зэхасшIэрэр. Хэтырэ цIыфыкIи осэнчъэ хъарзынэщэу щытыр къызыщыхъугъэ чIыгур ары. Джары шъыпкъ ныIэп тпкъышъолкIи тпсэкIи Iэзэгъу къытфэхъун зылъэкIыщтыр. А зызакъор ары ныIэп кIуачIи, акъыли, гупшысагъи къытхэзылъхьанхэ зылъэкIыщтыр. Сэ къэскIухьагъ дунаим ызыныкъу пIоми хъунэу. Хыхэмрэ океанымрэ акIыб сэ къыщыслъэгъугъэх цивилизацием ыгъэпсыгъэ хьалэмэтхэр, байныгъэшхо, фэшIыгъэ щыIакIэ, ашъокIэ зэфэшъхьафхэу, бзэ зэфэшъхьафхэмкIэ гущыIэрэ цIыф шIагъохэм нэIуасэ сафэхъугъ. Ау щытми, хыкIыбым



щыIэ анахь зэтегъэпсыхьэгъэ, пшысэхэм къазэрэщаIуатэрэм фэдэу, анахь баеу зыщыпсэухэрэ хэгъэгу горэми сыщыщыIэн слъэкIыныеп. Сыкъызыщыхъугъэ чIыгур ары ныIэп сэ цIыфэу зызыщыслъытэн, синыдэлъфыбзэкIэ сыщыгущыIэн, тянэжъхэм якультурэу, янамысыгъэ шапхъэхэу, яшэн-зекIуакIэхэу зэрэдунаеу агъэшIагъощтыгъэхэм ящытхъу ситхылъхэм къащысIотэнхэм игушIуагъо зэхэсшIэн зыщыслъэкIыщтыр. Ащ фэшъхьафэу, шъыпкъэмкIэ, Тхьэм ихьатыркIэ цIыфхэм ахэлъ хъугъэ зэхэшIэшхо хьалэмэтэу шIулъэгъуныгъэкIэ зэджагъэхэу, зэфэшъхьафыбэу зэтекIэу гъэпсыгъэу, зинэфынэ гъэшIэгъонкIэ зэкIэ тищыIэныгъэ къэзыгъэнэфырэм тыгу къыIэтын фае.

*— Ары шъыпкъ, а хъарзынэщхэм — укъызыщыхъугъэ унэм, уигупсэ чIыгу, шIулъэгъуныгъэм — умэхъ кIуачIэу ахэлъыр уипоэтическэ сборник пчъэгъабэхэм ащызэхэошIэ. Уилирикэ ухэгупшысыхьэу уеджэ зыхъукIэ, гъэшIэгъон горэм гу лъыотэ: угукIэ нэшхъэигъэ горэм узыIэкIиубытагъэми, щыIэныгъэм игушIуагъохэу, цIыфым игузэхэшIэ гъэшIэгъонхэу зищытхъу о къэпIуатэхэрэм апкъы къикIыкIэ угу лъэшэу зыкъеIэты. Сыгу къыздеIэу къыуасIо сшIоигъу о уитхылъхэри сэ хъарзынэщ шъыпкъэкIэ зэрэслъытэхэрэр — сиунэгъо библиотекэ ахэмэ афэшъошэ чIыпIэ щаубыты. Сэ сафэгушIо мы аужырэ илъэсхэм уитхылъыкIэхэр хьалэлэу зэптыхэрэм — студентхэм, кIэлэеджакIохэм, библиотекэхэм ятхылъеджэхэм. АгукIэ, апсэкIэ уитхылъхэм алъыIэсыхэрэмкIэ ар зыпэпшIын щымыIэ духовнэ байныгъ.*

*Мы аужырэ илъэсхэм о уитарихъ прозэкIэ тхылъеджэхэр лъэшэу огъэгушIох. Урысыем щызэлъашIэрэ писательхэмрэ критикхэмрэ ахэр зэралъытэхэрэр эпопеехэу, классикэу ары. Бэмэ яцыхьэ телъэу хагъэунэфыкIырэр энциклопедие IофшIагъэхэм ачIыпIэкIэ уитхылъхэмкIэ адыгэхэм ятарихърэ яцIыфгъэпсыкIэрэ нахьышIоу зэбгъэшIэнхэ зэрэплъэкIыщтыр ары.*

— Писатель шъыпкъэр зыщыщ лъэпкъым, ащ ылъапсэхэм апэIапчъэу щыIэн, тхэн ылъэкIыщтэп. Илъэпкъ зэкIэ инэшанэхэр, народнэ шъыпкъэхэр ишъыпкъэу ащ пропагандэ ышIынхэр, къыухъумэнхэр ипшъэрылъ. Шолоховым ыгу афэузэу Тен Iушъо щыпсэущтыгъэ къэзэкъхэм къинэу

зэпачыгъэм ехьылIагъэу ытхыгъ, Ауэзовым къытхыхьагъэр казаххэм къинэу алъэгъугъэр, Бальзак пштэмэ, французхэм ушэтынхэу апэкIэкIыгъэхэр ары. Сэ, сызэрэадыгэм елъытыгъэу, сищыIэныгъэ иIоф шъхьаIэу слъытэрэр синарод итарихъ къэбар хэушъэфагъэ фэмышIыгъэу къэстхыныр ары, сыда пIомэ адыгэхэм ягушIуагъохэри ягукIаехэри сэ сыгу илъых.

Ау блэкIыгъэ лъэхъаным ихъугъэ-шIагъэхэм сироманхэм сащыхэгупшысыхьэзэ, сэ ренэу сынаIэ зытезгъэтырэр непэрэ щыIэкIэ-псэукIэм, тапэкIэ тищыIакIэ зыфэдэ хъущтым еплъыкIэу афысиIэр къисIотыкIыныр ары. ТикIалэхэми, типхъорэлъфыхэми ашIэн фаеба зыщыщ лъэпкъыр, ар къызыдикIыгъэр, тигъогупэ зыдэгъэзагъэр.

— *Уироманхэм сяджэ зыхъукIэ, сымыгъэшIэгъон слъэкIырэп: сыд фэдизэу хэшIыкIышхо афыуиIэу народ зэфэшъхьафхэм якультурэ, ящыIэкIэ-псэукIэ, яшэн-зекIуакIэ къызэрэптхыхэрэр, адыгэхэм ямызакъоу, урысхэми, къэзэкъхэми яобразхэр гуфэбэныгъэ хэлъэу зэрэбгъэпсыхэрэр. Сыдэущтэу ар къыбдэхъура?*

– Ситворчествэ лъэпкъ лъапсэх иIэхэр. Ащ ишIуагъэкIэ сэ сыд фэдэрэ народи икультурэ, ишэн-зекIуакIэхэм, динэу ылэжьырэм шъхьэкIэфэшхо афэсэшIы. Дунаим щыпсэурэ цIыф пстэуми ащ фэдэ нэшанэхэр ежь къагъэшIагъэм зэрахэлъхэм тегъэпсыкIыгъэу, тэ тыкъызытекIыгъэхэм ар «къытхалъхьагъ», акъылым рыгъозэрэ нэбгырэ пэпчъи ар хэлъ.

Адэ инэбзыйхэмкIэ уигъэфэбэным ыпэкIэ тыгъэр къыоупчIа узыщыщ цIыф лъэпкъымкIэ? Адэ типсыхъохэу Уарп, Лабэ, Псэкъупсэ, Пшызэ зэкIэ псыфалIэм ригъэзыгъэхэм зэфэдэу япсыIуб аIуагъафэрэба? Адэ тэ, дунаим щыпсэурэ пстэуми, бзэ зэфэшъхьафхэмкIэ гущыIэхэрэм, зыкIышъохэр зэмышъогъухэм, дин зэфэшъхьафхэр зылэжьыхэрэм, политикэ шIошъхъуныгъэ зэфэшъхьафхэм арыгъуазэхэрэм, ташъхьагъ итыр зы тыгъэба, тызыщыпсэурэр зы чIыгуба? Адэ тятэ пIашъэхэр IэкIыб къэрал къикIыгъэ гъогурыкIоу къарихьылIэрэм зыщыщ лъэпкъымкIэ еупчIыщтыгъэха, яхьакIэщ къырагъэблэгъэнышъ, зырагъэгъэпсэфыным, бисымлахь арагъэIоным ыпэкIэ?

Сироман игероеу Хъан-Джэрые ицIыфышхуагъэрэ иакъылышIуагъэрэ къызыщылъэгъуагъэр инарод шIу зэрилъэгъурэм фэдэу ыгу етыгъэу Урысыери шIу зэрилъэгъущтыгъэр ары. Урысыеми адыгэхэми ар зэфэдэу зэдырякIал. А гупшысэу джырэ тимафэхэмкIи мэхьанэшхо зиIэр зэкIэ романым зэрэщыпхырысщыным сыпылъыгъ.

Ныдэлъфэу, ным ибыдзыщэ дыкIыгъоу, хьакIэм фэнэгуихыгъэным, къошныгъэм янэшанэхэр сэ сишэн-зекIуакIэ зыщыпытагъэхэр Литературнэ институтым сыщеджэ зэхъур, зэфэшъхьаф республикэхэм культурэмкIэ, литературэмкIэ я Мафэхэр ащызэхэтщэнхэу Советскэ Союзщтыгъэм бэрэ къыщыткIухьэ зэхъур ары. Джыри сэ Урысыеми, СНГ-м ихэгъэгухэми тиеплъыкIэ-гупшысакIэхэр зэтефэхэу ныбджэгъубэ ащысиI, ахэр цIыф лъэпкъ зэфэшъхьафхэм ащыщых, ау тиидейнэ шIошъхъуныгъэкIэ тызэкъош, тизэныбджэгъуныгъэ тэгъэпытэ, Урысыем ипсательхэм я Союз ипленумхэр Урысыешхом ичIыпIэ анахь Iудзыгъэхэми ащызэхэтэщэх.

Ори зэрэпшIэу, илъэситIукIэ узэкIэIэбэжьмэ, ащ фэдэ пленум Мыекъуапэ щызэхэтщэгъагъ. Тиреспубликэ ищыIэныгъэкIэ ар мэхьанэшхо зиIэ хъугъэ-шIэгъагъ. Адыгеим итхылъеджэхэм амал яIэ хъугъагъэ писатель цIэрыIуабэхэм аIукIэнхэмкIэ – хэгъэгум щызэлъашIэрэ писатель 80 фэдиз хьакIэу къытфэкIогъагъэх. ТизэдэгущыIэгъу цIыфхэр анахь зыгъэгумэкIырэ Iофыгъох зыфэгъэхьыгъагъэр: цIыф лъэпкъыбэ зыщыпсэурэ Урысыер, ЦIыфыр, Духовнагъэр икъукIэ зыхэмыгупшысыхьэгъэ реформэхэм зэщагъэкъогъэ хэгъэгум къыщыгъэнэжьыгъэнхэм пае сыдэущтэу ткIуачIэхэр зэкIэтыугъоенхэ тлъэкIыщта? Сыдэущтэу заохэм ащытыухъумэнхэ тлъэкIыщтха Темыр Кавказыр, зэкIэ дунаир, мамырныгъэр дунаим телъыным, нэбгырэ пэпчъ фэшIыгъэу щыIэ хъуным апае народ зэфэшъхьафхэм ялIыкIохэм язэдэпсэуныгъэрэ язэгурыIоныгъэрэ дгъэпытэнхэ тлъэкIыщтха?

Джахэмэ афэдэ Iофыгъохэу, гупшысэхэу зэкIэ цIыфлъэпкъыр зыгъэгумэкIыхэрэр ары мы аужырэ илъэсхэм сипроизведениехэм ренэу къащысIэтыхэрэр.

— *Творчествэм къинэу уигъэщэчыхэрэм рэзэныгъэ ахэогъуата? Чэщ-зымафэм щыщэу сыд фэдэ уахътэр ара о нахь дэгъоу узытхэрэр?*

– Тхьэшхом сыфэраз сытхэн слъэкIынэу сыкъызэригъэхъугъэм пае. Сытхэн, сигущыIэхэмкIэ сигупсэ чIыгу,

сигупсэ народ ящытхъу сIотэн, идеалхэкIэ, шIуагъэхэкIэ алъытэхэрэр цIыфхэм ахэслъхьаным сыдэлэжьэн слъэкIынэу сыкъызэрэхъугъэмкIэ сынасыпышIу. Поэт цIэрыIоу Хьаткъо Ахьмэд зэриIощтыгъэмкIэ, уищыкIэгъэ гущыIэм улъыхъуныр зыпэпшIын плъэкIыщтыр мастэкIэ псынэ пкIыныр ары.

Писателым ищытхъу зэраIуатэрэм, ар зэрэзэлъашIэрэм пае бэ ащ ехъуапсэрэр. Ау макIэ зышIэрэр писателым нахь зизэкъо цIыф дунаим зэрэтемытыр. ТхылъыпIэ тхьэпэ къабзэу ыпашъхьэ илъыр ары ныIэп ащ сыдигъуи гъусэу иIэрэр. Хэти, ары пакIошъ, анахь пэблэгъэ, иIахьыл цIыфхэри ащ IэпыIэгъу фэхъунхэу яамалэп ищыкIэгъэ гущыIэм икъэгъотынкIэ, узыIэпызыщэрэ сюжет, образ хьалэмэт ыгъэпсынхэмкIэ. Ахэмэ алъэкIыщт закъор IофшIэным тырагъэгушхухьаныр, ыгу къаIэтыныр арых ныIэп. ТхылъыпIэ тхьэпэ къабзэм игупшысэхэр, игузэхашIэхэр езыгъэкIунхэ фаер ежьыр закъор ары ныIэп.

IофшIэныр нахь псынкIэ къызысфэхъурэ уахътэр арымэ, ар нэфшъагъор ары. АщкIэ сызэрыгъуазэрэр тятэ пIашъэхэм яакъылышIуагъ – нахь пасэу кIэтаджэрэм нахь хьалэлэу Тхьэр къетэ. Мары илъэс шъэныкъом къехъугъэу литературэм жъонакIоуи пхъакIоуи сыщэлажьэшъ, тыдэ сыщыIэми, шапхъэу зыфэзгъэуцужьыгъэм сепцIыжьырэп – сатыр нэмыIэми сымытхэу мафэ къыхэкIырэп. Мафэ къэс гушIом сызэлъиштагъэу сызыщытхэрэ столым сыкIэрэтIысхьэ. Ар природэр къызыщыущыжьырэ, анахь гугъэпIэшхохэр къызыщежьэрэ, кIуачIэхэмрэ гупшысэхэмрэ зыщызэрэугъоихэрэ уахът. Джащыгъур ары тыгъуасэ къэбгъотын умылъэкIыщтыгъэ гущыIэхэр ежь-ежьырэу, зэкIужьхэу тхылъыпIэм «къызытехьэхэрэр».

*– Сыда джыдэдэм Iоф зыдапшIэрэр?*

– Тарихъ романыкI.

*– ЦIыф насыпышIоу зыолъытэжьа?*

– Зысэлъытэжьы. СинасыпкIэ, хэгъэгу зэфэшъхьафхэм ащыщ цIыф цIэрыIуабэхэм саIукIэнэу, ныбджэгъунигъэ адысиIэн слъэкIынэу хъугъэ. А зэIукIэгъухэу сщыгъупшэжьынхэ сымылъэкIыхэрэм гущыIэгъу сызыфэхъугъэгъэ цIыф хьалэмэтхэм яхьылIагъэу гукъэкIыжь стхынэу исхъухьэгъагъ. Ау а гухэлъхэм ягъэцэкIэн сымыухызэ, гухэлъыкIэхэр шъхьэм къиихьагъэх. Джары писателым иIофшIакIэ



зэрэгъэпсыгъэр: тхылъэу уухыгъэм точкэ щыбгъэуцугъэ къодыеу, къыкIэлъыкIорэ тхылъым итхын упэтIысхьэ.

*– Тхьэуегъэпсэу, Исхьакъ Шумафэ ыкъор, тизэдэгущыIэгъу пае. Уиюбилей къызыщысыным дэжь ори, уиIахьылхэми, къыппэблагъэ цIыфхэми псаунығъэ шъуиIэмэ, шIу къыжъудэхъумэ, о пшъхьэкIэ джыри творческэ гуетныгъэ, зэкIэ уигухэлъхэр къыбдэхъухэмэ зэрэсшIоигъор сыгу къыздеIэу къыосэIо.*

*ДэгущыIагъэр Иванюк С.,*
*2006-рэ илъэс*

## Тхэхэрэ ныбжьыкIэхэм IэпыIэгъу ящыкIагъ

«Созвездие» зыфиIорэ тхылъэу къыдэкIыгъакIэм гущыIэ заулэ къесIуалIэмэ сшIоигъуагъ.

ЗэкIэ Урысыем фэдэу, тэ тиреспублики литературэм зыщызыушэтымэ зышIоигъоу талант зыхэлъ ныбжьыкIабэ иI. Непэрэ студентхэм е кIэлэеджакIохэм ащыщ горэ тапэкIэ поэт цIэрыIо хъунышъ, дунаим щызэлъашIэнкIи пшIэщтэп. Хэта зышIэрэр? Ау талантхэм IэпыIэгъу ящыкIагъ. Писатель нахьыжъхэу опыт гъэнэфагъэ зыIэкIэлъхэм автор ныбжьыкIэхэм афэгумэкIыхэу анаIэ атырагъэтыныр япшъэрылъ. Шъыпкъэ, ащ фэшъхьафэуи ищыкIагъэр автор ныбжьыкIэхэм атхыхэрэр къыхаутынхэ алъэкIыныр ары. Поэт е прозаик ныбжьыкIэмкIэ итхыгъэ апэрэу къыхаутыныр мэфэкIышху, егъашIэми щымыгъупшэжьэу ар ыгу къенэжьы, ыпэкIэ творческэ IофшIэныр лъигъэкIотэным кIегъэгушIу. СиныбжьыкIэгъум писательхэу джы классик хъугъэхэм сызэраIукIэгъагъэр сыгу къэкIыжьы. АцIэ къеIуагъэми хъущт Сергей Михалковым, Михаил Светловым, Корней Чуковскэм, КIышэкъо Алим, Юрий Бондаревым, Еутых Аскэр, Охътэ Абдулахь, Къайсын Кулиевым. Ахэм сэ, Адыгеим щыщ поэт ныбжьыкIэм, лъэшэу анаIэ къыстырагъэтыщтыгъ, сищыкIэгъэ IэпыIэгъур язгъотылIэщтыгъ. Аущтэу ахэр къысфэнэгуихыгъэхэу къызэрэсфыщтыгъэхэр нэужым сэ къысшъхьапэжьыгъ.

Адыгеим иписательхэм я Союз иамал къызэрихьыкӀэ литературэм пыщэгъэ ныбжьыкӀэхэм ӀэпыӀэгъу афэхъу. Тхэн езыгъэжьэгъэкӀэ поэт, прозаик ныбжьыкӀэхэм атхыгъэхэр журналхэу «Литературная Адыгея», «Зэкъошныгъ», «Родничок Адыгеи», «Жъогъобын» зыфиӀохэрэм къащыхаутых. ЯӀэпэӀэсэныгъэ зэрэхахъорэм елъытыгъэу, а авторхэм ятхылъхэр къыхятэгъэутых, Урысыем иписательхэм я Союз тэштэх. Арышъ, литератор ныбжьыкӀэхэм ӀэпыӀэгъу афэхъугъэным иӀоф зэрифэшъуашэу республикэм щызэхэщагъ.

Илъэс заулэ хъугъэу Адыгеим иписательхэм я Союзрэ къалэу Мыекъуапэ иадминистрацие ныбжьыкӀэхэм яӀофхэмкӀэ и Комитетрэ зэгъусэхэу литератор ныбжьыкӀэхэм якъэлэ конкурсхэу «Созвездие» зыфиӀохэрэр зэхащэх. АщкӀэ гухэлъэу зыфагъэуцужьыгъэр литературнэ творчествэм пылъ ныбжьыкӀэхэм яамалхэр аушэтынхэ алъэкӀыным пай. ТхэнымкӀэ опытышхо зыӀэкӀэлъ писательхэр зыхэхьэрэ жюрир конкурсым къагъэхьыгъэ материалхэм анаӀэ атырагъэтэу ахэплъэ, хэти фимыкъудыеу яфэшъошэ уасэ афешӀы. Конкурсым хэлэжьэгъэ пстэуми Адыгеим иписательхэм я Союзрэ къалэм иадминистрациерэ ядипломхэр аратых. Ау анахь мэхьанэ зиӀэр конкурсым анахьышӀоу зыкъыщызыгъэлъэгъуагъэхэм атхыгъэхэр республикэ журналхэм къащыхаутынхэу къыхахых. Республикэм итхылъ тедзапӀэ ахэмэ ынаӀэ атырагъэтынэу игъо фалъэгъу. Москва дэт Литературнэ институтым чӀэхьанхэм пае конкурсым хэлэжьагъэхэм рекомендациехэр аратынхэ алъэкӀыщт. Илъэс заулэм къыкӀоцӀ тиконкурс иӀофшӀэн хэпшӀыкӀэу зыригъэушъомбгъугъ. Зызэхэтщэгъэ апэрэ илъэсым автор ныбжьыкӀэ тӀокӀ фэдиз ащ хэлэжьэгъагъэмэ, гъэрекӀо ахэмэ япчъагъэ хьазырэу шъэм нэсыгъ.

Литератор ныбжьыкӀэхэм яконкурсэу илъэс заулэ хъугъэу зэхащэрэм кӀэухэу фэхъугъэхэм атегъэпсыкӀыгъэу мы тхылъыр зэхэгъэуцуагъэ. Шъо ащ дэжъугъотэнхэ шъулъэкӀыщт лауреат ныбжьыкӀэхэу Адыгеим имызакъоу ащызэлъашӀэрэ хъугъэхэм япроизведениехэр. Джыри ащ фэдизэу зэлъамышӀэрэ авторхэми яусэхэмрэ ярассказхэмрэ нэӀуасэ зафэшъуушӀын шъулъэкӀыщт. Сборникыр зэхэзыгъэуцуагъэхэм анаӀэ зытырагъэтыгъэр анахь гъэшӀэгъонэу тхыгъэхэр зэкӀэ ащ дагъэуцонхэр ары. КӀэлэеджакӀоу е студентэу апэрэ лъэбэкъухэр литературэм щызышӀырэм унаӀэ тебдзэныр ифэшъуашэу зы усэ нэмыӀэми ытхыгъэмэ, ар сборникым дагъахьэ.

ШъунаӀэ зытешъозгъадзэмэ сшӀоигъуагъэр авторхэм темэ зэфэшъхьафхэр, ежь яунэе шӀыкӀэ-амалхэр, творческэ екӀолӀэкӀэ зэфэмыдэхэр зэрагъэфедэхэрэр ары. Сборникым къыдэхьэгъэ произведениехэм зэрифэшъуашэу анахь чӀыпӀэшхо щызыубытырэр патриотическэ темэр, Родинэм шӀулъэгъоу фыряӀэр ары. КъызэрэбгурыӀонэуи, зэкӀэ цӀыфлъэпкъым иӀофыгъохэу кӀэлакӀэхэмрэ пшъашъэхэмрэ анахь зыгъэгумэкӀыхэрэм — шӀулъэгъуныгъэм, зэныбджэгъуныгъэм, зэрэзэгурыӀощтхэ шӀыкӀэм цӀыфхэр зэрэлъыхъухэрэм, духовнагъэм, природэм идэхагъэ яхьылӀагъэ рассказхэмрэ усэхэмрэ тхылъым чӀыпӀэшхо щаубыты. Дэбгъотэщтых ащ модернизми, литературнэ экспериментхэри — ныбжьыкӀэхэм янэшанэба шӀыкӀэ-амалыкӀэхэм алъыхъунхэр. ХэбгъэунэфыкӀынкӀэ гъэшӀэгъоныр рифмэ зимыӀэ усэхэм ятхынкӀэ бэмэ зызэраушэтырэр ары.

«Созвездие» зыфиӀорэ сборникыр бэмэ агу рихьынэу ыкӀи ыгъэгушӀонхэу къысшӀошӀы. Мы тхылъым къеушыхьаты Адыгэ Республикэр ӀэпыӀэгъу зищыкӀэгъэ талант ныбжьыкӀэхэмкӀэ зэрэбаир.

*2006-рэ илъэс*

## Урысыем и Илъэсэу Китаим щыкӀуагъэр

*Я XIII-рэ дунэе тхылъ ермэлыкъыр Пекин щыӀагъ. Ащ фэдэ Ӏофтхьабзэу рагъэкӀокӀыхэрэм ар зэратекӀыщтыгъэр: тхылъхэп щащэфыщтыгъэхэр, ӀэкӀыб къэрал литературэр зэдзэкӀыгъэным ифитныгъ ары нахь. Урысые делегацием хэтыгъ МэщбэшӀэ Исхьакъ. Ермэлыкъым икъызэӀухын ехъулӀэу китаибзэкӀэ зэдзэкӀыгъэу къыдагъэкӀыгъ ащ иусэхэр зыдэт тхылъ. Тэ МэщбэшӀэ Исхьакъ Шумафэ ыкъом зыӀудгъакӀи, хэгъэгу чыжьэм зэкӀом къыщилъэгъугъэхэм къытфатегущыӀэнэу телъэӀугъ.*

*— Исхьакъ Шумафэ икъор, Урысыем къэбар жъугъэхэмкIэ иамалхэм мэхьанэшхо зиIэ а хъугъэ-шIагъэр игъэкIотыгъэу къагъэлъэгъуагъ. Арышъ, «СА»-м игъэзетеджэхэм ашIогъэшIэгъоныщт о ащ къыщыплъэгъугъэхэр, къыщызэхэпхыгъэхэр, уидуховнэ, интеллектуальнэ шIэныгъэхэмкIэ пшIогъэшIэгъоныгъэхэр. КъытфэIуатэба ермэлыкъыр къызэрэззэIуахыгъагъэр.*

— Ащ лъыпытэу къыбгурыIонэу щытыгъ урысые павильоныр ермэлыкъымкIэ шъхьаIэу зэрэщытыгъэр. Ар идееу зытегъэпсыкIыгъагъэр непэрэ Урысыем иинтеллектуальнэ кIочIэ ин къэгъэлъэгъогъэныр ары. Китай, урысые лъэныкъохэу ермэлыкъым изэхэщэн пылъыгъэхэм зэрязэгъыгъэм тегъэпсыкIыгъэу, дизайнерым пшъэрылъэу зыфигъэуцужьыгъагъэр Пекин щыпсэоу ермэлыкъым а ипавильон къычIахьэрэм Урысыем щыIэ фэдэу къыщыхъуныр ары. Дизайнерым а гухэлъыр икъукIэ къыдэхъугъэу плъытэ хъущт.

Ермэлыкъым иIофшIэн зыщыригъэжьэным УФ-м ивице-премьерэу Пекин къэбыбыгъэ Дмитрий Медведевыр урысые писательхэм яделегацие IукIагъ. Ащ псэлъэ кIэкIэу къышIыгъэм щыхигъэунэфыкIыгъ тхылъ тедзэнымкIэ гъогупакIэхэм зягъэушъомбгъугъэным мэхьанэшхо зэриIэр.

— Сэ къызышIозгъэшIын слъэкIырэп,— хигъэунэфыкIыгъ Дмитрий Медведевым,— интернетым сыд фэдизэу псынкIэу зеушъомбгъуми, тэрэзэу гупшысэрэ цIыфэу тхылъ горэм емыджагъэр.

Ащ нэужым щэй шхъуантIэм тыпэсэу нахь игъэкIотыгъэу къыддэгущыIэным пае вице-премьерым тыригъэблэгъагъ.

Дмитрий Медведевым ыуж КНР-м и Къэралыгъо совет итхьамэтэ гуадзэу Чэнь Чжи-Ли къэгущыIагъ. Ащ ыпэрэ мафэм Д. Медведевыр игъусэу народым илIыкIохэм я Унэ урысые делегациер ригъэблэгъагъ. Ащ къыщыгущыIэзэ, Чэнь Чжи-Ли зэрэхигъэунэфыкIыгъэмкIэ, УФ-м ивице-премьерэу Д. Медведевыр я XIII-рэ Пекинскэ дунэе тхылъ выставкэм иIофшIэн агъэлъэпIэрэ хьакIэу зэрэхэлажьэрэр Урысыем и Илъэс Китаим зэрэщыкIорэм ианахь хъугъэшIэгъэ шъхьаIэхэм ащыщэу хъугъэ. ЕтIанэ ащ тиделегацие щыщ востоковедхэм, къокIыпIэ литературэр къытезыдзэхэрэм «Китаим итхылъ тедзэн Iахьышхоу хишIыхьагъэм пае» зыфиIорэ премиер къаритыгъ.

Ермэлыкъыр къызызэIуахыщт мафэм КНР-м и Къэралыгъо совет зычIэт унэм официальнэ щэджэгъуашхэ щытагъэшIыгъ. ТэрыкIэ ямышIыкIэу гъэхьазырыгъэ китай шхыныгъохэр ащ щытагъэуплъэкIугъэх, ащ нэужым Китаим тыкъэтыфэ Европэм зэрэщагъэхьазырырэм фэдэ шхыныгъох тызэрахьакIэщтыгъэр. Апэрэ мафэм къыщегъэжьагъэу Урысыем икIыгъэхэм гуфэбэныгъэ къафыряIэу, къафэнэгуихыгъэхэу къапэгъокIыщтыгъэх, тиныбджэгъухэм адэжь тызэрэщыIэр тэ зэхатшIэщтыгъ.

*— Ащ нэужым, ермэлыкъым шъукъэтыфэ, сыд фэдэ Iофтхьабзэха ащ щызэрахьагъэхэр?*

— Ермэлыкъым Iоф зишIэгъэ ятIонэрэ мафэм а зы охътэ дэдэм зэтефэхэу зэхащэгъагъэх зэIукIэгъухэр, семинархэр, «стол хъураихэр», зытегущыIэгъэ Iофыгъохэр: Китаим икультурэ фэгъэхьыгъэу сыда тэ тшIэрэр, зэдзэкIын Iофым къиныгъоу пылъхэр, нэмыкIхэри. ХьакIэхэм ащыщ куп Пекин дэт полиграфическэ комбинатым щыIагъ. Китаим и Лъэпкъ библиотекэ «Культурное взаимодействие через книгу» зыфиIорэ семинар щызэхащэгъагъ. Урысые информационнэ гупчэм китай, урысые журналистхэр зыщытегущыIагъэхэр къэбар жъугъэхэм яамалхэм пшъэдэкIыжьэу обществэм ыпашъхьэкIэ щахьырэр ары.

Джырэ китай литературэм и Унэ тикитай IофшIэгъухэмрэ тэрырэ тызэгъусэу тызыщытегущыIагъэр «тилъэхъан илIыхъужъ» ары. Урысыем ылъэныкъокIэ дискуссием хэлэжьагъэх Василий Аксеновыр, Александр Кабаковыр, Евгений Будимович, Михаил Тарковскэр, сэры, нэмыкIхэри. Выставкэм игупчэ иавторскэ площадкэ Римма Казаковар иусэхэм къащяджагъ. Ермэлыкъым имафэхэм Iофтхьабзэу щызэрахьагъэхэр зэрэбэдэдэм къыхэкIэу зэкIэми къатегущыIэгъуай.

*— Адэ шъуишIошIыхэр зызэфэшъоIотэхэ нэужым тилъэхъан илIыхъужъ «зэхэугъоягъэу» иобраз сыд фэдэн фаеу шъулъытагъэ?*

— КъызэрэчIэкIыгъэмкIэ Китаим зэкIэми анахьэу агу щырихьырэр Николай Островскэм ироманэу «Щылычыр зэрапсыхьажьыгъэр» зыфиIорэм хэт Павел Корчагиным

иобраз ары. А романым техыгъэу сериябэ хъурэ фильмэ къэралыгъо телевидениемкӀэ къагъэлъагъо. Ащ игупытагъэ, ишӀошъхъуныгъэхэмрэ иидеалхэмрэ зэрафэшъыпкъэр, илӀыгъ – джахэр арых китайцэхэм анахьэу агу рихьыхэрэр, ащ щысэ тырахымэ ашӀоигъо зышӀыхэрэр.

*– ШъуиӀофшӀэгъухэу ӀэкӀыб къэралхэм къарыкӀыгъэхэу ермэлыкъым хэлэжьагъэхэм зэдзэкӀыным иӀоф къиныгъоу пылъыр урысые зэдзэкӀакӀохэр зэутэкӀыхэрэм афэдэха?*

– Китай писательхэу урысые писательхэм япроизведениехэр китаибзэкӀэ зэзыдзэкӀыхэрэм таӀукӀэгъагъ. Сэрырэ джы Лондон щыпсэурэ Равиль Бухараевымрэ зэдзэкӀыным епхыгъэ къиныгъохэм афэгъэхьыгъэу «стол хъурае» зэхэтщэгъагъэ. А Ӏофыгъом сэ дэгъоу сыщыгъуаз, сыда пӀомэ «Игорь идзэ фэгъэхьыгъэ гущыӀ», Пушкиным иеу «Гъоплъэ шыу», Лермонтовым и «Къэрабгъ», Некрасовым и «МэшӀоку гъогу», поэмэхэу Блок ытхыгъэу «ПшӀыкӀутӀу», Есениным и «Анна Снегина», Маяковскэм и «Гъончэдж зыщыгъ ошъуапщ» зыфиӀохэрэр адыгабзэм ислъхьэхэ зэхъум, сэры шъыпкъэм ащ къиныгъохэу къыпкъырыкӀыхэрэм сяутэкӀыгъ. А зэсыдзэкӀыгъэхэр тхылъ шъхьафэу адыгабзэкӀэ къыдэкӀыгъэх. Китай зэдзэкӀакӀохэм садэгущыӀэзэ, сэ сишӀошӀ-еплъыкӀэу мары ясӀуагъэр: зитхылъхэр урысыбзэкӀэ игъэкӀотыгъэу зэрадзэкӀыхэрэ писателэу сызэрэщытым елъытыгъэу, сэ синравственнэ-профессиональнэ пшъэрылъэу слъытагъэ урыс литературэм ианахь щысэтехыпӀэ произведениехэр синыдэлъфыбзэкӀэ зэсыдзэкӀынхэр.

Джащ фэдэу тытегущыӀагъ творческэ зэдзэкӀыным иӀофыгъо: текстыр фэшъхьаф бзэм иплъыхьэ зыхъукӀэ, зэбдзэкӀырэ писателым иобразхэм, шэн-зекӀуакӀэ, идунэееплъыкӀэ къыппкъырымыхьанэу хъурэп, етӀани джырэ лъэхъан писателэу е бэшӀагъэу щыӀагъэу щытыми емылъытыгъэу, зэдзэкӀыгъэн фэе гущыӀэхэр угурэ ппсэрэ апхырыоутӀупщых. Сикитай сэнэхьатэгъухэм «Игорь идзэ фэгъэхьыгъэ гущыӀэм» щыщ пычыгъо урысыбзэкӀэ, ащ лъыпытэу адыгабзэкӀэ сакъыфеджагъэти, ашӀогъэшӀэгъонэу къысэдэӀугъэх.

Ащ ыуж, творческэ площадкэхэм зэӀукӀэгъоу ащытиӀэхэрэм къякӀуалӀэхэрэм Темыр Кавказым къикӀыгъэ поэтыр зэрэхэлажьэрэр зашӀэкӀэ, адыгабзэкӀэ усэхэм сакъыфяджэнэу къысэлъэӀугъэх. Ащи фэшъхьафэу Пекин къыщыдэкӀырэ гъэзет инхэм ащыщ романхэу «Мыжъошъхьалым», «Рэдэд» ащыщ пычыгъохэр къыхиутыгъэх.

– ЗэкӀэми зэрашӀэу, Советскэ Союзым илъэхъан советскэ-китай зэблэгъэныгъэ-зэныбджэгъуныгъэхэу ащ шъхьэ къыхэфэгъагъ, етӀанэ ащ ыуж тизэфыщытыкӀэхэр зэщыкъуагъэхэу илъэсипшӀыхэр тешӀагъэх. Джы Урысыемрэ Китаимрэ политическэ, дипломатическэ, культурэ лъэныкъохэмкӀэ псынкӀэ шъыпкъэу нахь зэпэблагъэ мэхъух, зэджэгъогъухэу зыӀэкӀагъэкӀыгъэ уахътэр джырэ тарихъ пычыгъом зэблэгъэныгъэу зэдыряӀэщтымкӀэ къырагъэхьакъыжьыным дэгузажъохэрэм фэдэу.

*– Урысые делегациер джы Китаим зэрэкӀогъагъэр мы тапэкӀэ зэфыщытыкӀэу зэдытиӀагъэхэм къафэдгъэзэжьэу ара къызэрэбгурыӀон фаер?*

– ШъыпкъэмкӀэ, непэрэ Китаим сэ сыгу къыгъэкӀыжьыгъ илъэс 20-кӀэ узэкӀэӀэбэжьмэ тихэгъэгу зэрэщыгъэпсыгъагъэр. Коммунистическэ партием иструктурэу ащ щызэхэщагъэм угу къегъэкӀыжьы советскэ лъэхъаным къэлэ комитетхэм, хэку комитетхэм, крайкомхэм яӀофшӀэкӀагъэ. Идеологие лъэныкъом фэгъэзагъэу, ащкӀэ пшъэдэкӀыжь ыхьэу пропагандэм иотдел зэкӀэ ахэмэ яӀ. Ау адырэ лъэныкъомкӀэ – капиталистическэ щыӀэкӀэ-псэукӀэм иамалхэр зыӀэкӀамыгъэкӀыхэу къызыфагъэфедэх. Ау а азиат хэгъэгушхоу культурэмкӀэ илъэс мин пчъагъэ хъурэ хэбзэ-нэшанэхэр зиӀэхэм экономикэм изэтегъэпсыхьанкӀэ, культурэм икъэухъумэнкӀэ хэукъоныгъэхэм ащикӀухьан ылъэкӀыгъэп. Китаим щырекӀокӀыгъэгъэ «культурнэ революциекӀэ» зэджэгъагъэхэм илъэхъан ехьылӀагъэу бэрэ узэнэкъокъун плъэкӀыщт, ау ари къэралыгъо ин дэдэм итарихъ щыщ. Мао Цзэдуни тарихъым хауцӀэрэпхъыкӀыгъэп, исаугъэтхэри зэрэщытых, иполитическэ, илитературэ кӀэн китайцэхэм ренэу агу къагъэкӀыжьы.

Джащ фэдэу тэ тащыӀагъ Пекин иуниверситетхэм, Китай Дэпкъыышхом. Ермэлыкъым фэхъугъэ кӀэуххэмкӀэ творческэ зэпхыныгъэхэр зэдытиӀэхэ хъугъэ, бэ нэӀуасэ тызыфэхъугъэхэри. КъызэрэчӀэкӀыгъэмкӀэ, тидунай ащ

фэдизэу инэп, тхылъым шIулъэгъоу фыряIэми географие гъунапкъэ иIэп. А лъэныкъор пштэмэ, мамырныгъэм илIыкIохэм афэдэу бгъэфедэщтхэмэ, писательхэр политикхэмрэ дипломатхэмрэ ауж къинэщтхэп.

*ДэгущыIагъэр Лебедева М.,*
*2006-рэ илъэс*

## ТищыIэкIэ-псэукIэкIэ тызэпхыгъ

*«...Сэ сишIошIыкIэ, непэ автоном хэкукIэ заджэхэу къэралыгъо гъэпсыкIэкIэ зэхэщагъэхэр административнэ территориальнэ край статус зиIэ регионхэм ахэхьанхэ фаеп. Автоном республикэм политическэ автономие иI, автоном хэкур арымэ — административнэ ныIэп иIэр. Адэ ар зэфагъа? Зытет шъыпкъэмкIэ, административнэ хэкумрэ автономнэмрэ зыпарэкIи зэтекIыхэрэп. Сыда мыщкIэ зэрыгъуазэхэрэр? Сыд фэдэ нэшанэхэр къыдалъытэхэзэ ара зы народым ежь иреспубликэ ыгъэпсыным ифитныгъэ зэрэратырэр, адырэм — хэку щэхъу ыгъэпсын зыкIыфимытыр? ЗэкIэми тэ зэфэдэ фитныгъэхэба тиIэхэр? Лъэпкъхэмрэ народностхэмрэ зэфэдэ фитныгъэхэр зэряIэхэр СССР-м и Конституцие щыгъэпытагъэхэба? Ахэмэ афэдэ гупцIэгъэ упчIэхэм джэуап къятыжьыгъошIоп...» — щитхыгъ Мэщбэшlэ Исхьакъ «ШIу афэпшIэным утемыукIытыхь» зыфиIоу гъэзетэу «Советская Россия» зыфиIорэм иномерэу июлым и 26-м 1982-рэ илъэсым къыдэкIыгъэм.*

*Тэ Мэщбэшlэ Исхьакъ телъэIугъ Адыгэ Республикэр къызэрэхъугъэ шIыкIэм, Урысые Федерацием исубъектэу зэрэхъугъэм яхьылIагъэу игукъэкIыжьхэр къытфиIотэнхэу.*

*— Исхьакъ Шумафэ ыкъор, шъыпкъагъэ зыхэлъ уистатья шъхьэихыгъэу Советскэ Союзым игъэзет шъхьаIэхэм ащыщым къыхиутыгъэр чIыгу гъэхьазырыгъахэм халъхьэгъэ лэжьыгъацэм фэдэу хъугъэ. А тарихъ охътэ шъыпкъэм тефэу зэгорэм а Iофыгъомкlэ игражданскэ еплъыкIэ-екIолIакIэ зэкIэми апэу шъхьэихыгъэу къыриIотыкIын фэягъэ. Адэ нэужым сыд ащ къыкIэлъыкIуагъэр?*

— Къэрэщэе-Щэрджэсым, Алтайм, Еврей автоном хэкум партием ихэку комитеткIэ ясекретархэр телефонкIэ къысфытеуагъэх... СишIошI къызэрэдырагъаштэрэр, яавтоном хэкухэм апае республикэм икъэралыгъо статус къаратыным фэбэнэнхэмкIэ гугъапIэ къэзытырэ амал щыIэ зэрэхъугъэр къысаIуагъ.

Iо хэмылъэу, сэ сизакъоп ащ ыуж итыгъэр, народыр зыкIэхъопсырэм екIурэ лъагъор пхырызыщыгъэр. Фэшъхьафхэри сэ гъусэ къысфэхъугъагъэх, ахэмэ яшIоигъоныгъи къыдалъытагъ. Джаущтэу республикэр щыIэ хъугъэ.

Ау ар щыIэ хъуным пае, а лъэхъаным зэрыгъуазэщтыгъэхэ законодательствэм тегъэпсыкIыгъэу, зэкIэ ищыкIэгъэ инстанциехэм ащ ехьылIэгъэ унашъор ащыпхырыгъэкIыгъэн фэягъэ.

*— Народнэ депутатхэм я Адыгэ хэку Совет исессие къыщегъэжьагъэу, арыба?*

— Ары, республикэм истатус ехьылIэгъэ Iофыгъор, апэрапшIэу, хэку Советым исессие зытегущыIэн фаехэм ахагъэуцуагъ, етIанэ, ащ фэдэ Iофыгъохэм язэшIохын изэкIэлъыкIуакIэ зэрэгъэпсыгъэм диштэу, РСФСР-м и Апшъэрэ Совет зыфэдгъэзагъ, СССР-м и Апшъэрэ Совет ичленэу сызэрэщытым елъытыгъэу, сэ РСФСР-м и Апшъэрэ Совет исессиеу Урысыем иавтоном хэкуитфым къарыкIощтым зыщыхэплъагъэхэм сыхэсыгъ. СубъектыкIэм фаусыщт цIэ заулэхэм ахэплъагъэх, ахэмэ ащыщыгъ «Адыгэ Республикэр» (урысыбзэкIэ — «Адыгейская Республика» ыIоу). Апэрэ тегущыIэгъумкIэ ар пхырыкIыгъэп. ЕтIанэ къахалъхьагъ «Республика Адыгея» (урысыбзэкIэ) зыфиIорэр, джащ фэдэу «Республика Алтай», «Республика Хакасия».

*— НэмыкIэу къэпIон зыхъукIэ, анахь мэхьанэ зиIагъэр пкъыгъуацIэр ары нахь, плъышъуацIэр арэп, ара?*

— Ары, джаущтэу РСФСР-м и Апшъэрэ Совет а Iофыгъом ехьылIэгъэ хэбзэ ухэсыгъэ щыштагъэ хъугъэ. Сыгу къэкIыжьы народнэ депутатхэм яхэку Совет исессиеу лъэпкъымкIэ ащ фэдиз мэхьанэшхо зиIагъэм шIукIаеу

щыбырсырыгъ. Общественнэ организациехэм, анахьэу ныбжьыкIэхэм азыфагу зэращыгумэкIыгъор зэхашIэщтыгъ. Сессием Iоф зишIэщтыгъэ мафэм, ар зыщыкIорэ унэм ыпашъхьэ къыпэIулъ урамхэми нэбгырэ мин заулэ къащызэрэугъоигъагъ.

Народнэ депутатхэм яхэку Совет исессие мафэ псэум Iоф ышIагъ: кIэух унашъор штэгъэным пае ащ къыдезыгъэштэрэ нэбгырэ пчъагъэр икъущтыгъэп.

— *ЗэкIэми зэрашIэу, Исхьакъ Шумафэ ыкъор, орырэ Шъхьэлэхъо Абубэчыр Адышэс ыкъомрэ Адыгеим щыпсэурэ цIыфхэу къышъуажэхэрэм шъуахахьэщтыгъ, шъуадэгущыIэщтыгъ, жъугъэрэхьатыщтыгъэх, арыба?*

— Сессием Iоф ешIэфэ, заулэрэ ахэмэ тахэхьан фаеу хъугъагъэ. Нахь псынкIаIоу унашъор тштэнэу къыкIэдаохэу ахэмэ къырагъэжьэгъагъ. Ары шъхьаем, голос пчъагъэр джыри икъущтыгъэп — зы голос ныIэп ищыкIэгъагъэр. А уахътэм народнэ депутатхэм яхэку Совет идепутатыгъэ генералэу А.А. Дорофеевым къыпиупкIыгъ: республикэм ыцIэ «Советскэ Социалистическэ Республикэу Адыгея» аIоу аштэнэу къахалъхьэмэ ары ныIэп иголос зыфитыщтыр.

Сессиер зыщыкIогъэ унэм тыпшъыгъаеу тыкъызычIэкIыжьым, тлъэгъурэр — гушIом зэлъиштэгъэ цIыфхэм… депутатэу Дорофеевыр дадзые. Нэбгырэ мин пчъагъэу къызэрэугъоигъэр гушIогъошхом зэлъиштэгъагъ. Сахаплъи ахэмэ, сыIущхыпцIыкIыгъ. Тарихъым бэрэ къызэрэхафэу, гузэхашIэмрэ акъылышIуагъэмрэ зэгъунэгъух. Ащ фэдэ уахътэм анахь мэхьанэ зиIэр ащ фэдэ гузэхашIэхэмрэ акъылыгъэ зыхэлъ зекIуакIэхэмрэ зэпэщэчыгъэхэу уарыгъозэныр ары. Джащ къыхэкIэу игъом тахэхьанышъ, къызэрэугъоигъэ цIыфхэр дгъэгупсэфынхэм анахь мэхьанэшхо иIагъ.

Ащ нэужым зэгурымыIоныгъэ-зэдемыгъэштэныгъэ Iофым къыхэмыхьагъэу щытэп «40-мэ якомитетэу» Хъунэго Рэщыдэ, КIэрэщэ Аслъанбэч, Бэрэтэрэ ТIалий нэмыкIхэри зыхэхьагъэхэр зэхащэгъагъ. А общественнэ движением хэхьэгъагъэх интеллигенцием, хабзэм иорганхэм ялIыкIохэр.

Адыгэ Республикэм икъэралыгъо статус псынкIэгъуагъэп ылъэ зэрэтеуцуагъэр. Джащ фэд Адыгэ автоном хэкур гъэпсыгъэ зэрэхъугъагъэр. Документхэу къэнагъэхэм



къызэраушыхьатырэмкIэ, селоу Большой Сидоровым щыпсэурэ урысхэм Адыгэ автономиер гъэпсыгъэным къыдырагъэштэгъагъ. Автономие тиIэу илъэс 70-у дгъэшIагъэм имэхьанэ гъэнэфагъэ тарихъым къыхэнагъ, етIанэ, 1991-рэ илъэсым тихэхъоныгъэкIэ гъогупакIэм тытехьагъ. Джы къызынэсыгъэми Краснодарскэ краим сызэрэфэразэу сыкъэнэжьы. ЗэгъунэгъушIухэу тызэрэзэфыщытыгъэм фэдэу тыкъэнэжьы. АщкIэ зишIогъэшхо къэзыгъэкIуагъэхэр а уахътэм Iэшъхьэтетыгъэхэу — краимкIэ Николай Кондратенкэмрэ АдыгеимкIэ Джарымэ Аслъанрэ арых, анахьэу шIукIэ хэгъэунэфыкIыгъэн фае ахэр тапэкIэ чыжьэу плъэнхэ, акъылышIуагъэ къызыхагъэфэн, тизэфыщытыкIэхэмкIэ фэкъулаихэу дипломатием рыгъозэнхэ зэралъэкIыгъэр.

Угу къэкIыжьа 1990-рэ илъэсхэм ялозунгэу «ТышъухэкIыжьзэ, тыкъышъухэнэ» зыфиIорэр? ЗишIуагъэ къэзыгъэкIорэ лозунг дэгъугъ ар. Краснодар краир тызэгурыIоу тызыдыщыIэ гъунэгъу.

Адыгэ Республикэр агъэпсыгъ, илъэс мин пчъагъэм зыкIэхъопсыгъэр лъэпкъым къыдэхъугъ. Къэралыгъо гъэпсыкIэм, культурэу фэшъхьаф цIыф лъэпкъхэм яшэн-хабзэхэмкIэ гъэбаигъэм, гъэсэныгъэм хэхъоныгъэ ашIы. Тэ, адыгэхэми, АдыгеимкIэ тичIыпIэгъухэу фэшъхьаф цIыф лъэпкъхэм ащыщхэми тигупсэ республикэ зэфэдэу шIу тэлъэгъу, мамырныгъэмрэ зэгурыIоныгъэмрэ къэтэухъумэх, Урысые Федерацием исубъект шъхьаф джахэр арых анахь мэхьанэшхо зиIэ гъэхъагъэхэу ышIыгъэхэри.

*ДэгущыIагъэр Лебедева М.,*
*2006-рэ илъэс*

## БлэкIыгъэ уахътэ зимыIэм къэкIощт уахъти иIэп

*— Исхьакъ Шумафэ ыкъор, писательхэм ясоюзхэм (СНГ) я Дунэе сообществэ пчыхьэзэхахьэу щыкIуагъэм Сергей Владимир ыкъо Михалковым моущтэу къыщиIуагъ: «Илъэс 75-рэ — ар лъэгапIэу узытетэу къэбгъэшIагъэмрэ ппэкIэкIыгъэмрэ узыщыхэплъэжьын плъэкIыщтыр*

*ары. А илъэсхэм къакIоцI, поэзиер щимыгъэзыеу, МэщбашIэр романист ин хъугъэ. Урысыемрэ адыгэ народымрэ ятарихъ еплъыкIэу афыриIэм тарихъ шъыпкъагъэрэ художественнэгъэ инрэ ахэлъэу ащ ыгъэпсынхэ ылъэкIыгъ. Ащ игражданскэ еплъыкIэ-екIолIакIэ сыдигъуи къыхэщырэ нэшанэхэу щытхэр лIыблэнагъэр, лъэпкъ-интернациональнэ зэфыщытыкIэхэм куоу зэрахэгупшысыхьэрэр ары. МэщбашIэм къэралыгъо гупшысакIэр инэшан, Урысыемрэ цIыф лъэпкъыбзэу ащ щыпсэухэрэмрэ къарыкIощтым ар лъэшэу агъэгумэкIы. ЩыIэныгъэм акъылышIуагъэу хихыгъэм ишIуагъэкIэ къэралыгъо, общественнэ политикэм хэшIыкI куу афыриIэ хъугъэ». Пчыхьэзэхахьэм агу къыщагъэкIыжьыгъэх уисэнэхьатэгъу нахьыжъхэу КIышъэкъо Алим, Къайсын Кулиевыр, Расул Гамзатовыр, Мустай Карим, Давид Кугультиновыр.*

— ГухэкI нахь мышIэми, а писатель цIэрыIохэр дунаим ехыжьыгъэх, ахэр ары сэ щысэ зытесхыщтыгъэхэр. Литературнэ произведением ыосэ шъыпкъэ къызылъагъорэр уахътэм ар ыушэтыгъэ зыхъукIэ ары ныIэп. Джащыгъур ары ахэмэ яфэшъошэ чIыпIэ обществэм идуховнэ щыIэныгъэ зыщаубытырэр. Адыгэ литературэм лъапсэ фэзышIыгъэхэ КIэрэщэ Тембот, ШэуджэнцIыкIу Алый, Хьаткъо Ахьмэд, Охътэ Абдулахь мыушэтыгъэ гъогум рыкIохи, литературэм фэзыщэхэрэ лъагъо пхыращыгъ. Сэ тIэкIукIэ ар нахь шъуамбгъо сшIыгъэ ныIэп. Сэ сауж къикIыщтыр джыри нахь лъыкIотэщт.

Сызэрэписателым елъытыгъэу, сэ ренэу моущтэу сызэупчIыжьы: сыда сэ сызыфыщыIэр, тыда сызыдакIорэр, ситхылъхэмкIэ сыда цIыфхэм апэзгъохырэр? Илъэс щэкIым къехъугъ усэхэр зысымытхыжьхэрэр, загъорэ дэд ныIэп, ари гужьыдэгъэкIэу, джы, сыныбжь елъытыгъэу, сызыгъэгумэкIыхэрэм усэхэмкIэ арэп къазэрэтегущыIэгъэн фаер.

*— 1962-рэ илъэсым къыщегъэжьагъэу о Адыгеим иписательхэм я Союз пэщэныгъэ дызеохьэ, мэхьанэшхо зиIэ литературнэ хъугъэ-шIагъэхэм пшъхьэкIэ уахэлэжьагъ. 1991-рэ илъэсым тарихъ зэманыкIэ къихьагъ, гущыIэмкIэ шъхьафитныгъэ щыIэ хъугъэ. Адэ сыд фэдэ амалха ащ Адыгеим иписательхэм къаритыгъэхэр?*

— Зэтефагъэу зэрэхъугъэмкIэ, Адыгеим республикэ статус иIэ зэхъум, творческэ IофышIэхэми нахь жьыр «къэщэгъошIу» афэхъугъ. Республикэр зэхащэным ыпэкIэ Адыгеим иписательхэм я Союз альманахэу «Зэкъошныгъэр» ары ныIэп къинмыгъуаекIэ къыдигъэкIыщтыгъэр. Джы журналхэу адыгабзэкIэ «Зэкъошныгъэмрэ» «Жъогъобынымрэ», урысыбзэкIэ «Литературная Адыгея», «Родничок Адыгеи» зыфиIохэрэр къыдегъэкIых. Финансхэмкiэ иIофхэр зэпымыфэхэу къыхэкIыми, республикэм итхылъ тедзапIэ Iоф ешIэ, адыгэ, урыс писательхэм, джащ фэдэу цIыф лъэпкъ зэфэшъхьафхэм ащыщ поэтхэмрэ прозаикхэмрэ ятхылъхэр къыщтырадзэх. Творческэ ныбжьыкIэхэм чанэу зыкъагъэлъагъо — джары мымакIэу тызыгъэгушIорэр.

Сицыхьэ пытэ зытелъыр къызыщыхъугъэ чIыпIэм щыпсэузэ писателыр тхэн зэрэфаер ары. Къызыщыхъугъэ чIыпIэр, ятэжъхэм ячIыгу ыгукIэ зэхишIэныр, ихэгъэгу итарихъ, ащ иблэкIыгъэ, инепэ, иныдэлъфыбзэ илъэпкъ ишэн-хабзэхэр — зэкIэ ахэмэ апэIапчъэр лъэпкъ писателын ылъэкIыщтэп.

Заулэрэ сэ Москва Iоф щысшIэнэу сырагъэблэгъагъ: Урысыем иписательхэм я Союз иправление сырисекретарынэу, писательхэм ясоюзхэм (СНГ) я Дунэе сообществэ иисполком итхьаматэ сыригодзэнэу, журналэу «Октябрэм» сыредактор шъхьаIэнэу. ХъопсэгъуагЪэ, ау сэ сафезэгъыгъэп. Сэ сычиновникэп, сэ сылъэпкъ писатель. Москва сыдэсмэ, сыда стхыщтыр зэхьылIэгъэщтыр? СисэнэхьатэгЪухэм сагурыIуагъ, сауж икIыжьыгъэх.

*— Уахътэхэм язэпхыныгъэ, блэкIыгъэ зэманым ифэмэбжьымэ непэрэ, неущрэ уахътэхэм зэратырагъахьэрэр уитворчествэ итемэ шъхьаIэхэм ащыщ. Адэ ащ епхыгъэу уиеплъыкIэхэр зэблэпхъухэу къыхэкIыгъа?*

— «Илъэсхэр тешIэщтых, Iофыгъохэм языхэти зэхъокIыгъэ хъущт, Щэрджэс хэгъэгуми мэкIэ-макIэзэ рэхьат щыхъужьыщт. ПIопэн хъумэ, лIыгъэ зыщызэрамыхьэгъэ, лъы зыщамыгъэчъэгъэ чIыпIи хэгъэгум къибгъотэнэп. Зэгорэм, уахътэ зиIэ писателым ащкIэ хъугъэ-шIагъэхэм апылъ къэбархэр ыугъоинхэшъ, тхыдэхэми ахэдэIонышъ, къызэрыкIоу, гъэкIэрэкIагъэ хэмылъэу а заор къытхыхьащт...» мы гущыIэхэу «Мыжъошъхьалым» щыщхэр творческэ амалкIэ сэ къэсыугупшысыгъэхэп, ахэр зигу-

щыIэхэр Кавказ заом хэлэжьэгъэ урыс офицерэу К. Сталь. Сэри сыдигъуи сызыпылъыгъэр тарихъым ишъыпкъагъэ сыдэмыхыныр ары – а лъыгъэчъэ хъугъэ-шIагъэхэм ямыжъошъхьалхэм адэфэгъагъэхэр, зэтыраукIыхьагъэхэм, ячIыгу рафыгъагъэхэм ямызакъоу, Iашэр зыIыгъэу а чIыгум къэкIогъагъэхэри ары нахь.

Зэгорэм, синыбжьыкIагъэ ыпкъ къикIыкIэ, литературнэ IофшIэнымкIэ сисэнэхьатэгъухэу Хъан-Джэрыерэ адырэ адыгэ просветительхэмрэ «буржуазнэхэкIэ» зылъытэщтыгъэхэм адезгъаштэщтыгъ. СыукIытэзэ сыгу къэкIыжьы ар. Илъэсхэр тешIагъэхэу просветительхэм къытфагъэнэгъэ кIэным нэIуасэ зызыфэсэшI нэужьыр ары ныIэп, а цIыф акъылышIохэм ялъэпкъ пае Iофышхо дэдэу ашIагъэм ифэшъошэ уасэ фэсшIын зыслъэкIыгъэр. СызэрэкIэгъожьырэм счый зэфифырзызэ, сэ «Хъан-Джэрые» стхыгъэ, бэрэ къыкIэсIотыкIыжьызэ: «Къысфэгъэгъу, Хъан-Джэрый…»

*– Уитворчествэ иилъэсипшI блэкIыгъэхэр – ахэр романхэу «Бзыикъо зау», «Мыжъошъхьал», «Хъан-Джэрый», «ГъэритIу», «Рэдэд», «Адыгэхэр», «КъокIыпIэмрэ къохьапIэмрэ», нэмыкIхэри. Адыгэ народым итарихъ блэкIыгъэ лъэхъан икъукIэ зэхэубытагъэу ахэмэ къащыгъэлъэгъуагъ. Кавказ заом ыуж дунаим щитэкъухьагъэ хъугъэ адыгэхэм яхьылIэгъэ темэр ащ ыпэкIи уитворчествэ къыщыпIэтыгъагъ. Уилъэпкъ тхьамыкIэгъошхоу пэкIэкIыгъэр о я 50-рэ илъэсхэм дунаим ыгу къэбгъэкIыжьыгъагъ. Зыми, хэти уащымыщынэу ащ утегущыIэн плъэкIынэу зыхъугъэм бэкIэ нахь пасэу. Египет зэгорэм Iэшъхьэтетэу иIэгъэ адыгэ лъэпкъ мамлюкхэм яхьылIэгъэ апэрэ романыр оры зытхыгъэр. Романэу «КъокIыпIэмрэ къохьапIэмрэ» хэмыгъэхъожьыгъагъэмэ, адыгэхэм ятарихъ икъоу къэтхыхьагъэ мыхъущтыгъэу къысшIошы…*

– А романым итемэ шъхьаIэр – хъугъэ-шIэгъэ инхэр зыщырекIокIыхэрэ лъэхъаным цIыфым ифэмэ-бжьымэу тарихъым тыригъахьэрэр ары. Адыгэ лъэпкъ султIанхэм ятетыгъо зыщаухыным лъыбэ щагъэчъагъ. ЗэкIэми анахьышIоу ар къэзыушыхьатырэр Туманбай иобраз ары – мамлюкхэм язэман зэрикIырэр ащкIэ къэушыхьатыгъэ хъугъэ. Бибарс, Къэлэунэ, Баркъокъо. Къаншъау султIанхэм щыIэныгъэм игъогоу къакIугъэм сырягъусэу садыщыIагъэм фэдагъ.



Къамылэжьыгъэ щытхъу лые гори апысымылъхьэу сакъытегущыIагъ ятекIоныгъэхэмрэ къазэрэтекIощтыгъэхэмрэ. ГущыIэм пае, мамлюк-пщылIыщтыгъэу Бибарс къыдихыгъэгъэ текIоныгъэхэр умыгъэшIэгъонхэ плъэкIыщтэп. Ар ядзэпащэу мамлюкхэм монгол дзэкIолIхэр зэхакъутэхэшъ, араб чIыгухэм крестоносцэхэр арафых. Адэ Баркъукъу Iолъ? Хэт ащ фэшъхьафэу Тамерлан идзэхэр Египет ичIыгу къызыщихьанхэм дэжь зэтезыIэжэнхэ зылъэкIыщтыгъэр? ЕтIани Тамерлан идзэ а уахътэм ищытхъу аIуатэщтыгъ, КъохьапIэм ягъэхъагъэхэм защарагъэушъомбгъун агу хэлъыгъ.

Мамлюкхэм тетыгъор зыщаIыгъыгъэ зэманыр ары ислъам диныр зыщаIыгъыгъэ Египет анахь хэхъоныгъэшхо зишIыгъагъэр: дин зэфэшъхьафхэр зылэжьхэрэр мыщ мамырэу щызэдэпсэущтыгъэх, ащ ифэмэ-бжьымэ ислъам диныр зыщалэжьырэ хэгъэгу пстэуми яфилософхэр къызыфищэщтыгъэх.

*– А щэIагъэ зэфыуиIэным инэшанэ зэкIэ о уипроизведениехэм къахэщы.*

– Тиблэкlыгъэ зэман тэ десэу къыхэтхын фаер тхьамыкIагъоу тщэчыгъэмрэ нэпсэу едгъэхыгъэмрэ арэп, къызIэкIэдгъэхьажьын тымылъэкIыщт чIэнагъэхэр арэп, гукъаорэ хьажъ-гужъыгъэмрэ арэп – зэкIэ ахэр гукъэкIыжьхэм ястафэх ныIэп, ищыкIагъэр тэ тапэкIэ зишIуагъэ къытэкIыщтхэр – гупытагъэм, лIыгъэм, шIушIэным, зэфагъэм ящысэхэм тарыгъозэнэу тыгу итыубытэнхэу ары нахь. ТыкъызыхэкIыгъэхэр тшIэнхэм, блэкIыгъэ зэманхэм идесэхэр зэгъэшIэгъэнхэм тэ акъылышIуагъэ ахэтэхы, тапэкIэ къытпыщылъ щыIэныгъэм игъогу къытфагъэнэфы.

*– Урыс классикэм ипроизведениябэ – «Игорь идзэ фэгъэхьыгъэ гущыI», Пушкиным ытхыгъэхэу «Гъоплъэ шыу», «Моцартрэ Сальерирэ», «Рыцарь тхьац», Лермонтовым и «Къэрабгъэ», Некрасовым и «МэшIоку гъогу», Блок и «ПшIыкIутIу», Есениным и «Анна Снегина», Маяковскэм и «Гъончэдж зыщыгъ ошъуапщ» адыгабзэм о иплъхьагъэх. Сыд пае а авторхэр о къызыкIыхэпхыгъэхэр?*

– Урыс литературэшхоу сыдигъуи сэ щысэтехыпIэкIэ зыфэслъытэжьырэм «ичIыфэ естыжьыныр» сипшъэрылъэу

щытыгъэти, ар згъэцэкӀэжьымэ сшӀоигъуагъ. Зипроизведение зэсыдзэкӀыгъэ поэт пэпчъ сэрыкӀэ мэхьанэ гъэнэфагъэ иӀагъ. ЗэдзэкӀыным Ӏоф дапшӀэ зыхъукӀэ, фэшъхьаф писателым иобразхэм, ишэн-зекӀуакӀэ, идунэеззэхашӀэ яфэмэ-бжьымэ къыптырехьэ, уахътэу, зэманэу ар зыщыӀагъэр, зытхэщтыгъэр угукӀэ зэхэошӀэх. ЯгущыӀэхэр ппсэрэ угурэ аппхырытӀупщыхэрэм фэд. Джаущтэу литературэм иамалкӀи народхэр зэгурыӀонызгъэм къыфэкӀох.

— *Сыда джы Ӏоф зыдапшӀэрэр?*

– Францием, зэрэпсэоу зэкӀэ Европэми щызэлъашӀэщтыгъ а адыгэ бзылъфыгъэ ныбжьыкӀэр, нэужым, охътэ шӀукӀае тешӀагъэу ары ныӀэп къызызыхэкӀыгъэ лъэпкъым ащ икъэбар къызылъыӀэсыгъагъэр. ЫцӀагъэр Айщэт, е Аиссе, зыщыпсэунэу хъугъэ хэгъэгум идин ылэжьын фаеу заумэхъым, фаусыгъагъэр Шарлотта-Элизабет Аиссе. Францием илыкӀоу Тыркуем щыӀэгъэ Шарль де Ферриоль пщылӀхэр зыщащэрэ бэдзэрэу Стамбул дэтыгъэм пшъэшъэжъыер цӀыкӀоу щищэфыгъагъ, ежь ыпхъу фэдэу иунагъо харигъэтхэгъагъ, джаущтэу ар аристократ унагъом щапӀугъагъ. Адыгэ француз народхэм а апхъу цӀэрыӀо къырыкӀуагъэр ары джы Ӏоф зыдэсшӀэрэ тхылъыр зэхьылӀагъэр.

Ар зыщыӀагъэр я XIV – я XV-рэ Людовикхэм тетыгъор заӀыгъыгъэ лъэхъанэу обществэм шэн-зекӀокӀэ гомыхьхэр нахьыбэу къазыщыхафэщтыгъэр ары. Ау щытми, Аиссе къызэрэтегущыӀэщтыгъэхэмкӀэ, цӀыф зэхашӀэхэм ар къабзэу афыщытыгъ, зекӀокӀэ дэйкӀэ игугъу аригъэшӀыгъэп. «Письма к госпоже Каландрини» зыфиӀоу ащ ытхыгъэхэр француз литературэм иклассикэу алъытагъэх. Айщэт бэп ыгъэшӀагъэр. Ащ идэхагъэ, иӀушыгъэ, итхакӀэ бэмэ агъэшӀагъощтыгъ, ахэмэ ащыщыгъ иныбджэгъу благъэу Вольтери. Адыгэ лъэпкъым щыщ Ӏахь цӀыкӀоу ар хэгъэгу чыжьэм щыӀагъ. А бзылъфыгъэм къырыкӀуагъэр ары тхылъеджэхэм къафэсӀуатэмэ сшӀоигъор.

*ДэгущыӀагъэр Переяслова М.,*
*2006-рэ илъэс*



## Диныр еджапӀэм щызэгъэшӀэгъэныр зэгурыӀоныгъэм иамал

*«Православнэ культурэм ылъапсэхэр» зыфиӀорэ предметыр еджапӀэм щызэрагъашӀэхэрэм ахагъэкӀыгъ. «Религиоведение» зыфиӀорэ предметыкӀэр щыӀэ зэрэхъугъэм хъишъэу пылъым, а Ӏофыгъом ехьылӀагъэу УФ-м и Общественнэ палатэ къыгъэхьазырыгъэ проектым «СА»-м къыритыгъэ интервьюм къыщытегущыӀагъ УФ-м и Общественнэ палатэ икомиссие итхьамэтэ гуадзэу писателэу МэщбэшӀэ Исхьакъ.*

*Ӏофыгъоу къаӀэтыгъэм ыпэрапшӀэу щызгъэгъуазэхэмэ сшӀоигъуагъ. Православием ылъапсэхэр зэгъэшӀэгъэнхэм зэмызэгъыныгъэ къикӀыным пэублэ фэхъугъэр Белгородскэ хэкум иеджапӀэхэм, чӀыпӀэ хабзэм иунашъокӀэ, шӀокӀ имыӀэу зэрагъэшӀэн фаеу «Православнэ культурэм ылъапсэхэр» зыфиӀорэ предметыкӀэр сентябрэм къыщегъэжьагъэу программэм зыхагъэуцор ары. Ащ фэдэ предметыкӀэ кӀэлэеджакӀохэм еджапӀэм щызэрагъэшӀэн фаеу унашъо зэрашӀыгъэр фэшъхьаф дин лъэпкъхэм ялӀыкӀохэм аштагъэп, сыда пӀомэ ащ фэдэ шӀыкӀэм сыд фэдэрэ дин культури изэгъэшӀэнкӀэ принцип шъхьаӀэхэр ыукъоштыгъэх — егъэзыгъэ Ӏоф къыхэмыхьэу, шъхьадж ежь зэрэфаеу ар къыхихын зэрэфитыр ары. Еврей общинэхэм я Конгресс иудейхэм яджагъ ащ фэдэу егъэзыгъэу православиер якӀалэхэм зэрагъэшӀэн фаеу къараӀомэ къэс ащкӀэ макъэ къарагъэӀунэу, УФ-м имуфтийхэм я Совет къыкӀэдзугъ «Ислъам диным ылъапсэхэр» зыфиӀорэ курс арагъэшӀэнэу.*

*Зэмызэгъыныгъэр зэшӀохыгъэным пае УФ-м гъэсэныгъэмрэ шӀэныгъэмрэкӀэ иминистрэу Андрей Фурсенкэр УФ-м и Общественнэ палатэ къелъэӀугъ православием изэгъэшӀэнкӀэ игъо ылъэгъухэрэмкӀэ унэшъо шъхьаф ышӀынэу. Министрэм иписьмэ къыхэщыщтыгъ урыс православнэ чылысым иӀэшъхьэтетхэм адыриӀэ зэфыщытыкӀэхэр зэщыкъонхэм ведомствэр зэрэтещыныхьэрэр, Общественнэ палатэм иӀэпыӀэгъу зэрищыкӀагъэр.*

– «Православнэ культурэм ылъапсэхэр» зэрагъэшӀэн фаехэм ахэгъэкӀыгъэным а Ӏофыгъом изэшӀохын зэрэфи-

мыщэщтхэр къыгурыIозэ, Общественнэ палатэм гъэсэныгъэмрэ шIэныгъэмрэкIэ Министерствэм игъо филъэгъугъ акъылыгъэ зыхэлъ зэзэгъыныгъэ зэдашIынэу – предмет шъхьаIэхэмкIэ учебникхэм «дин дунэееплъыкIэ шъхьаIэхэм ащыщхэр» ахэгъэхьэгъэнхэу; биологиемкIэ учебникым, Дарвиным итеориеу дунаир щыIэ зэрэхъугъэм ехьылIагъэм зэрэхаплъэхэрэм дакIоу, а Iофыгъом диныр зэреплъырэри хэгъэхъогъэнэу. Палатэм игъоу афилъэгъугъ православием ылъапсэхэм ямызакъоу, дин шъхьаIэхэм ятарихъхэр зэфэдэу зэрагъэшIэнхэу.

*– Исхьакъ Шумафэ ыкъор, ащыгъум диныр зылэжьыхэрэм ащ фэдиз гузэгъабгъэ къафэзыхьырэ предметхэр программэм хэгъэкIыгъапэхэмэ нахьышIуба?*

– АщкIэ къыбдезгъэштэхэщтэп! Сыд Iо фаеми, диныр зэгъэшIэгъэныр общэ гурыт гъэсэныгъэм намыс лъэныкъомкIэ ищыкIэгъэ Iахьэу щыт, цIыфым ишIэныгъэ хэхъоныгъэ, инамыс тэрэзэу зыпкъ иуцонымкIэ, хэбзэ-шэпхъэ гъэуцугъэхэм нэIуасэ афэхъунымкIэ, кIэлэеджакIохэм яшэн-зекIуакIэкIэ пшъэдэкIыжь зэрахьырэр агурыгъэIонымкIэ, ежьхэри щынэгъончъэу зекIонхэмкIэ гъэнэфагъэу диным ишIуагъэ къегъакIо. Джащ пае Урысые Федерацием ирегион зэфэшъхьафхэм якъэралыгъо, муниципальнэ гурыт еджапIэхэм тихэгъэгукIэ анахь игъэкIотыгъэу щалэжьырэ дин лъэпкъ шъхьаIэхэм – православнэ христианствэм, ислъам диным, буддизмэм, иудаизмэм, фэшъхьаф дин лъэпкъхэм ятарихърэ якультурэкIэ зэрэрагъэджэщтхэ предметхэмрэ курсхэмрэ игъэкIотыгъэу ачIалъхьагъэх,– ахэр урысые обществэм итарихъ, икультурэ кIэных.

ШъыпкъэкIэ, мыщ дэжьым шIокI имыIэу анаIэ тырагъэтын фае Урысые къэралыгъор светскэу зэрэгъэпсыгъэр, ащ къикIырэр, гъэсэныгъэм исистемэ Iофыр фэгъэхьыгъэ зыхъукIэ, дунэееплъыкIэ зэфэшъхьафхэр джащ фэдэу обществэм щыщ цIыфхэм диныр унагъом, народым ятрадиционнэ культурэ, кIэлэцIыкIум ипIункIэ агъэфедэрэ амалхэм алъапсэу зэралъытэрэм шъхьэкIафэ фэшIыгъэныр ары. Джащ къыхэкIэу дин лъэпкъ гъэнэфагъэхэм ятарихърэ якультурэрэкIэ зэрэрагъэджэщтхэ предметхэмрэ курсхэмрэ («Православнэ культурэм ылъапсэхэр», «Ислъам диным икультур», «Иудаизмэм ишэн-хабзэхэр», нэмыкIхэри) къэралыгъо, муниципальнэ гурыт еджапIэхэм ащакIухэу шIыгъэныр зытырагъэпсыкIын фаер ежь яшIоигъоныгъэ тетэу ары, ащ дакIоу обществэм щыщ цIыфхэу диныр зымылэжьхэрэм яфитныгъэхэри аукъохэ хъущтэп. Ащи къыщымыуцухэу, зыныбжь имыкъугъэ кIэлэеджакIохэмкIэ шIокI имыIэу янэ-ятэхэм, илъэс 14 зыныбжь икъугъэхэмкIэ ежь кIэлэеджакIохэм яшIоигъоныгъ ары къыдалъытэрэр.

*– Зэрэрагъэджэщтхэ предметхэу е спецкурсхэу религиоведениер къыхэзыхырэ еджапIэхэм сыд фэдэ Iофтхьабза агъэцэкIэнхэ фаер? ЕтIани, а предметхэр зэзыгъэшIэнкIэ фэмые кIэлэеджакIохэм янэ-ятэхэм сыда ашIэн фаер?*

– Зэрэрагъэджэщтхэ ащ фэдэ предметхэр общэ гурыт гъэсэныгъэм ирегиональнэ компонент хагъэуцуагъэхэмэ, ны-тыхэр (хабзэкIэ лIыкIохэу алъытагъэхэр) къызэрэкIэлъэIугъэхэм теткIэ, а урокхэр ежь къыхахырэ предметхэмкIэ е предмет шъхьаIэхэмкIэ афызэблихъунэу еджапIэм ипшъэрылъ. Джащ фэдэу къыдэлъытэгъэн фаер дин культурэм икурсхэр зэзыгъэшIэнкIэ фэмыехэм апае, зеджэхэрэ уахътэм тефэу, философскэ-этическэ, философскэ-культурологическэ курсхэр (этикэр, этикэм итарихъ, философскэ культурэр, нэмыкIхэри) афызэхэщэгъэнхэу ары,– диным емыпхыгъэ дунэееплъыкIэ екIолIакIэхэмкIэ ахэмэ цIыфым инравственнэ культурэ зыпкъ рагъэуцоным пае.

*– Мы Iофыгъом фэгъэхьыгъэу гъэсэныгъэмрэ наукэмрэкIэ я Министерствэ игъорыгъоу пхыригъэкIыщт политикэр сыд фэдэн фая?*

– Общественнэ палатэм Урысыем гъэсэныгъэмрэ наукэмрэкIэ и Министерствэ игъоу филъэгъугъэр, научнэ гупчэхэм яспециалистхэр къыхигъэлажьэхэзэ, гурыт еджапIэхэм дин культурэм икурсхэр, джащ фэдэу дин-философскэ егъэджэн курсхэр (динхэм ятарихъ, дунаим щалэжьырэ динхэр, религиоведениер) зэращызэхащагъэм яопыт зэфихьысыжьынэу, зэфэшъхьаф дин лъэпкъхэм якультурэ икурсхэмрэ диным иIоф къызыхэмыхьэрэ дунэеплъыкIэм тегъэпсыкIыгъэу философскэ религиоведением

икурсхэр къыхэзыхыхэрэмрэ япчъагъэхэм яээпэщэчыгъэ уасэ къыфишIынэу ары. УФ-м и Минобразование испециалистхэм дин-культурологическэ, философскэ-религиоведческэ, фэшъхьаф дунэееплъыкIэ егъэджэн курсхэр зэхэщэгъэнхэм иIофыгъохэмкIэ информационнэ-методическэ материалхэр мы охътэ благъэхэм регионхэм афимыгъэхьыхэ хъущтэп.

Ащ фэдэ сборникым игъэхьазырын къыхэгъэлэжьэгъэнхэ фае шIэныгъэхэмкIэ Урысые академием иинститутхэм, гъэсэныгъэмкIэ Урысые академием, наукэм, гъэсэныгъэм апылъ IофшIапIэхэм япрофессионалхэу тарихъым, педагогикэм, правэм, еджэпIэ зэфэшъхьафхэм ялIыкIохэр. МыщкIэ анахь мэхьанэшхо зиIэр а методическэ материалхэм кIэлэцIыкIум идуховнэ-нравственнэ пIуныгъэкIэ учебнэ курсхэр зэрэзэхэщэгъэнхэ фэе шэпхъэ зыкIыхэр къыдалъытэнхэр, этнокультурнэ, этноконфессиональнэ Iофыгъо пстэуми зэфэдэу якIуалIэу гъэпсыгъэныр ары.

*— Сыд фэдэ мэхьана Общественнэ палатэм дин лъэпкъ зэфэшъхьафхэм ялIыкIохэм аритырэр?*

– Гъэсэныгъэм инаучнэ-педагогическэ экспертизэ ашIы зыхъукIэ, курсхэм язэхэщэнкIэ учебнэ-методическэ материалхэр аIэкIагъахьэхэ зыхъукIэ, зэкIэ а IофшIэныр динлэжь организациехэмрэ пособиехэм яавторхэмрэ зэгъусэхэу, зэдеIэжьхэзэ, зэшIуахын фае. Джаущтэу ашIымэ ары дин культурэ гъэнэфагъэм изэгъэшIэнрэ урысые еджапIэм икIэлэеджакIохэм гражданскэ зэхэшIыкI ягъэгъотыгъэнымрэ тэрэззэу зэпэщэчыгъэхэу агъэпсын, цIыф лъэпкъыбэ зыщыпсэурэ, дин лэпкъыбэ зыщалэжьырэ Урысыем игражданхэу зэрэщытхэр икъукIэ зэхашIэу, яхэгъэгу шIу алъэгъоу, диным фыщытыкIэу фыряIэм, цIыф лъэпкъэу зыщыщхэм, дин лъэпкъэу алэжьырэм ямылъытыгъэу хэгъэгум къэщыдэпсэурэ пстэуми хабзэкIэ атефэрэ яфитныгъэхэм шъхьэкIафэ афашIэу ахэр апIунхэ залъэкIыщтыр.

Диным фэгъэхьыгъэ шIэныгъэхэм якурс егъэджэгъэнхэм законодательствэу щыIэм дыригъэштэн фае. Ащ къыдилъытэрэр рагъаджэхэ зыхъукIэ, ащкIэ дунэееплъыкIэ зэфэшъхьафхэр къыдалъытэнхэр, еплъыкIэ, шIошъхъуныгъэ зэфэшъхьафхэм ащыщэу зыфаер къыхахынымкIэ кIэлэеджакIохэм яIэ фитныгъэхэр ягъэгъотыгъэнхэр, общеобразовательнэ стандартхэм яфедеральнэ компонентхэр рахъухьэхэ зыхъукIэ, дин дунэееплъыкIэ шъхьаIэу щыIэхэм ямэхьанэ купкI кIэкIэу къизыIотыкIырэ элементхэр ахагъэуцонхэр ары. А лъапсэм (цIыфыр щыIэ зэрэхъугъэм итеорие, тарихъым, цIыфым ямэхьанэ купкI) шIокI имыIэу еджапIэм щызэрагъашIэрэ предмет шъхьаIэхэм тарихъым, обществознанием, биологием, фэшъхьафхэми,— ягъэджэгъэнхэр лъэныкъорыгъэзэ Iоф къыхамыгъахьэу, вариант лъапсэм тегъэпсыкIыгъэу зэхащэн фае.

*ДэгущыIагъэр Кадиева К.,*
*2006-рэ илъэс*

## Непэрэ Общественнэ палатэр хэгъэгум ищыIэныгъэ щыщ

*УФ-м и Общественнэ палатэ зызэхащагъэр илъэс хъугъэ. ОрганизациякIэм истатус, илъэсым къыкIоцI Iофэу ышIагъэм, палатэм хэтхэр Iофыгъоу зэутэкIынхэ фаеу хъугъэхэм къэщытегущыIэ «СА»-м къыритыгъэ интервьюм УФ-м и Общественнэ палатэ и Комиссие итхьамэтэ гуадзэу писателэу МэщбэшIэ Исхьакъ.*

– АпэрапшIэу къасIомэ сшIоигъуагъэр Общественнэ палатэр зэхэщэгъэным иидее Урысыем щыпсэухэрэм янахьыбэми хъатэу агу зэрэримыхьыгъэр ары. НахьыбэрэмкIэ зэдырагъаштэу ащ къыраIолIагъэр: кIо джары гухэлъ шIагъохэр зиIэхэм джыри зы организацие зэхащэ, зэфагъэм «ибэнакIохэу» джыри зы куп къежьагъ, джыри чиновник заулэ къытшъхьащагъэуцуагъ. Арышъ, цIыфхэм къыддырагъэштэным ащ фэдизэу тыщымыгугъэу тиIофшIэн едгъэжьагъ. Ау щытми, Общественнэ палатэм иIофшIэн уасэу фашIырэм нахьышIум ылъэныкъокIэ зэхъокIныгъэ зэрэфэхъурэр бэ темышIэу къэнэфагъ. Обществэм ишIошI изэгъэшIэн пылъ Всероссийскэ гупчэм (ВЦИОМ) уплъэкIунхэу зэхищэгъагъэхэм къызэрагъэлъэгъуагъэмкIэ, апрель-июль мазэхэм Общественнэ палатэм Iофэу ышIэрэм уасэу

фашӀыгъагъэр – ишӀуагъэ къакӀоу зылъытагъэр зэупчӀыгъэхэм япроцент 23-26-рэ, ишӀуагъэ къэмыкӀуагъэу зылъытагъэхэр процент 30-31-рэ хъущтыгъэмэ, июлым къыщегъэжьагъэу а процент пчъагъэхэр зэфэдиз хъугъэх пӀоми хъущт.

Непэ икъукӀэ тицыхьэ телъэу къэтӀон тлъэкӀыщт палатэм иӀофшӀакӀэ ишӀуагъэкӀэ Урысыем щыпсэухэрэм уасэу фишӀырэм хэпшӀыкӀэу зэрэхэхъуагъэр. Нэбгырэ, общественнэ организацие мин 30 фэдизмэ Общественнэ палатэм иӀэпыӀэгъу щыгугъыхэу зыкъыфагъэзагъ. Ахэмэ ащыщэу мини 4 фэдизым официальнэ сайтымкӀэ ялъэӀухэр къытӀэкӀагъэхьагъ. Непэ къэтӀон тлъэкӀыщтыр ӀэпыӀэгъу тафэхъунэу къытфагъэхьыгъэм ипроцент 80-р зыфэгъэхьыгъэр фитныгъэхэр къэзыухъумэрэ органхэмрэ чиновникхэмрэ яӀофшӀакӀэ зэримыгъэразэхэрэр ары. Ащ епхыгъэу джыри агу къэзгъэкӀыжьмэ сшӀоигъор унашъоу аштагъэхэр зэрагъэцакӀэхэрэр уплъэкӀугъэныр ары нахь, фэшъхьаф Ӏофэп. Тэ тыхэбзэгъэуцу, тыгъэцэкӀэкӀо хэбзэ органэп, унашъо горэхэр тштэнхэуи фитныгъэ тиӀэп.

Общественнэ палатэм зэшӀуихынэу зыфэгъэзагъэр тэрэз шъыпкъэу къыӀуагъ правоохранительнэ органхэм яӀофшӀэн лъыплъэрэ Комиссием итхьаматэу Анатолий Кучерена: «Непэ тэрыкӀэ пшъэрылъ шъхьаӀэу щытыр чиновникхэм зыкъядгъэшӀэжьыныр, обществэр, Общественнэ палатэр, цӀыфхэр зэрэщыӀэхэр агурыдгъэӀоныр ары. Къалэм имэрыми е губернаторми емылъытыгъэу, зэкӀэми ятэӀо Ӏофэу зыфагъэзагъэмкӀэ япшъэрылъхэр къогъанэ амышӀэу агъэцэкӀэнхэу».

«Тэ Кремлым тыриприемнэп. Тэ типшъэрылъыр ежь яӀофыгъохэр зэшӀуахынхэ алъэкӀынхэм цӀыфхэр фэдгъэсэнхэу ары»,– ахэр зигущыӀэхэр Общественнэ палатэм исекретарэу академикэу Евгений Велиховыр ары.

ХэзгъэунэфыкӀымэ сшӀоигъор палатэм зэкӀэ хэтхэм ыпкӀэ хэмылъэу Ӏоф зэрашӀэрэр, фэгъэкӀотэныгъэ гори зэрямыӀэр ары. Тэ бюрократическэ организацие горэу тыхъугъэп, обществэр непэ зыгъэгумэкӀырэ Ӏофыгъохэм язэшӀохынкӀэ ӀэпыӀэгъу гъэнэфагъэ ятэгъэгъоты нахь. Ар къыбгурыӀощт гъэрекӀо январым и 22-м къыщегъэжьагъэу пленарнэ зэхэсыгъоу тиӀагъэхэм ятематикэ нэӀуасэ



зызыфэпшӀырэм: «Урысые обществэм къащыхэфэрэ ксенофобиемрэ экстремизмэмрэ ябэныжьыгъэныр», «Дзэм иреформэ исоциальнэ лъэныкъохэр», «Псауныгъэм икъэухъумэн Урысыем зэрэщыгъэпсыгъэр», «Урысые Федерацием чӀыпӀэ зыгъэӀорышӀэжьыныр зэрэщыгъэпсыгъэм ехьылӀагъ», «Хэгъэгум демографиемкӀэ иӀофхэм язытет», нэмыкӀхэри. Ахэмэ афэшъхьафэу Общественнэ палатэм илъэсым къыкӀоцӀ законопроект 18 экспертизэ ышӀыгъ, джы агъэфедэрэ законодательствэм, законхэм япроектхэм афэгъэхьыгъэ зэфэхьысыжьхэу, афэшӀыгъэн фэе зэхъокӀныгъэхэу, рекомендациехэу, игъоу афалъэгъоу 30-м къехъу афаригъэхьыгъ.

*– ИкӀыгъэ илъэсым Общественнэ палатэм Ӏофэу ышӀагъэм сыд фэдэ уасэ къыфэпшӀын плъэкӀыщта?*

– Дэгъоу Ӏоф ышӀагъэу ары зэрэслъытэрэр. ИкӀыгъэ илъэсым Общественнэ палатэм ишӀуагъэ къыгъакӀоу Ӏоф зэришӀагъэмкӀэ игугъу пчъагъэрэ аригъэшӀыгъ. ГущыӀэм пае, Къыблэ Бутовым мылъку унае щызиӀэхэр, дзэ къулыкъум ащэгъакӀэхэр, губернаторэу Михаил Евдокимовым иводителэу ар зэрэхэкӀодагъэмкӀэ агъэмысэщтыгъэр къыухъумагъэх. Законопроектэу «УФ-м изаконодательнэ акт зырызхэм зэхъокӀныгъэхэр афэшӀыгъэнхэм ехьылӀагъ» зыфиӀорэм зэремызэгъырэмкӀэ Общественнэ палатэм УФ-м и Къэралыгъо думэ макъэ ригъэӀугъ. А законопроектым къыдилъытэщтыгъэр общественнэ объединениехэмрэ мыкоммерческэ организациехэмрэ Ӏоф ашӀэнымкӀэ амалэу яӀэхэм зэхъокӀныгъэ шӀукӀаехэр афэшӀыгъэнхэу ары. Ащ ишӀуагъэкӀэ законопроектым иредакциякӀэ аштэ зэхъум, Общественнэ палатэм игъоу афилъэгъугъэхэм ащыщхэр къыдалъытагъэх. «УФ-м ицӀыфхэм ялъэӀухэм зэрахэплъэнхэ фэе шӀыкӀэр» зыфиӀорэ законопроектым тегущыӀэхэ зэхъуми, Къэралыгъо думэм идепутатхэм палатэм иэкспертхэм хэгъэхъоныгъэхэу, зэхъокӀныгъэхэу ащ фашӀыгъэхэр къыдалъытагъэх, Урысыем и Президент ахэр игъоу ылъэгъугъэх. Законопроектэу «Федеральнэ законхэу «Референдумым хэлэжьэнхэмкӀэ УФ-м ицӀыфхэм хэдзынхэм ифитныгъэхэмкӀэ гарантие шъхьаӀэхэу яӀэхэм яхьылӀагъ», «УФ-м и Гражданскэ процесс» зыфиӀохэрэр экспертизэ зашӀыхэ нэужым палатэм

игъоу ылъэгъугъэу Къэралыгъо думэр тегущыӀэным пае фаригъэхьыгъэм къыдилъытэщтыгъэр «кандидатхэм яспискэу заверить ашӀыгъэм щыщ горэм изекӀуакӀэ пае хэдзакӀохэм яобъединение пшъэдэкӀыжь ыхьынэу щытэп, а кандидатыр объединением ишӀэ хэмылъэу аущтэу зекӀуагъэмэ». Ащ фэшъхьафэуи, законопроектым иавтор – депутатхэм игъоу алъэгъущтыгъэм – ипӀалъэ къэмысызэ, яголосхэр атынхэ фит шӀыгъэнхэм Общественнэ палатэм хэтхэр ащ езэгъыгъэхэп. Гъэтэрэзыжьынхэу зигугъу къэтшӀыгъэхэр къыдэлъытагъэхэу законыр аштагъ ыкӀи УФ-м и Президент ащ кӀэтхагъ.

ШӀушӀэн Ӏофым зегъэушъомбгъугъэным ишӀуагъэ ригъэкӀыным фэгъэхьыгъэу Общественнэ палатэр кӀэщакӀо зыфэхъугъэр федеральнэ законэу «Мыкоммерческэ организациехэм якапиталэу гухэлъ гъэнэфагъэм тегъэпсыкӀыгъэр зэрэззэрагъэуӀурэ ыкӀи зэрагъэфедэрэ шӀыкӀэм ехьылӀагъ» зыфиӀорэ федеральнэ законыр ихъухьэгъэныр ары. Законихъухьэхэм игъоу афалъэгъугъэхэм ащыщэу анахь мэхьанэ зиӀэр гухэлъ гъэнэфагъэм тегъэпсыкӀыгъэ капиталыр (мылъкур) зыпэӀуагъэхьан алъэкӀыщтхэм япчъагъэ (экологиер, спортыр) зегъэушъомбгъугъэныр, гухэлъ гъэнэфагъэм тегъэпсыкӀыгъэ капиталым изэгъэуӀун ахъщэм имызакъоу, фэшъхьаф мылъкукӀи – уасэ зиӀэ тхылъыпӀэхэмкӀэ, мылъкукӀэ зэшӀуахынэу ары. НКО-м икапиталэу гухэлъ гъэнэфагъэм тегъэпсыкӀыгъэр зимылъкухэр, общественнэ организациехэу, дин Ӏофхэм апылъ фондхэу хабзэу щыӀэм теткӀэ зэхащагъэхэр мыкоммерческэ организациехэм ахалъытэнхэу Общественнэ палатэм игъоу афилъэгъугъ. УФ-м и Къэралыгъо думэ идепутатхэм законопроектыр аштэ зэхъум, тирекомендациехэм янахьыбэ къыдалъытагъ.

Дзэ къулыкъушӀэхэмрэ ахэмэ яунагъохэмрэ яфитныгъэхэр къэухъумэгъэнхэмкӀэ Общественнэ палатэм Ӏофышхо дэд зэшӀуихыгъэр. Дзэм къулыкъу зэрэщашӀэн фэе пӀалъэр гъэкӀэкӀыгъэным фэгъэхьыгъэ законопроектымкӀэ игъоу афэтлъэгъугъэхэм ащыщхэр агъэцакӀэ хъугъэхэмэ, апшъэрэ еджапӀэхэм ачӀэхьанхэмкӀэ дзэм къулыкъу щызышӀагъэхэм фэгъэкӀотэныгъэхэр афэшӀыгъэнхэм, дзэм икъулыкъушӀэхэу дзэмкӀэ унашъоу афашӀыгъэр агъэцакӀэзэ фэхыгъэхэм, сэкъатныгъэ хэзыхыгъэхэм якӀэлэцӀыкӀухэм ссудэ ятыгъэным фэгъэхьыгъэу экспертхэм ярекомендациехэм, джащ фэдэу законопроектхэу «Дзэ къулыкъур, хэгъэгу кӀоцӀ органхэм, мэшӀогъэкӀосэ къулыкъум, наркотик, психотропнэ веществахэр зэраӀэкӀагъахьэхэрэм лъыплъэрэ органхэм, хьапс системэм иӀофышӀапӀэхэм, иорганхэм Ӏоф ащызышӀагъэхэм, ахэмэ яунагъохэм пенсие афэгъэуцугъэным ехьылӀагъ» зыфиӀорэм тишӀошӀэу етӀолӀагъэхэм УФ-м и Къэралыгъо думэ ахэплъэ.

Общественнэ палатэм иӀофшӀэнкӀэ хэгъэунэфыкӀыгъэн фаеу слъытэрэр законопроектэу «Лъэшыщэу зыӀэпызыщэхэрэ джэгукӀэхэмрэ зэнэкъокъухэмрэ язэхэщэн къэралыгъом зэригъэзекӀохэу гъэпсыгъэным ехьылӀагъ» зыфиӀорэм зэремызэгъырэмкӀэ ащ иэкспертхэм къаӀуагъэр ары. Палатэм а Ӏофыгъом къыриӀуалӀэхэрэм ащыщыгъ ащ фэдэ джэгукӀэм пылъ бизнесыр къэлэ кӀыбым щызэхэщэгъэнэу. Къэхъу-хъужьи, а законопроектыр зэрэщагъэзыягъэм къыщымыуцухэу, Къэралыгъо думэр зыхэплъэщт Ӏофыгъохэми ахагъэкӀыгъ. Общественнэ палатэм а ӀофыгъомкӀэ игъоу афилъэгъугъагъэхэр икъу шъыпкъэу къыщыдалъытагъэх законопроектэу «Лъэшыщэу зыӀэпызыщэхэрэ джэгукӀэхэм язэхэщэн къэралыгъом зэригъэзекӀоу гъэпсыгъэным ехьылӀагъ» зыфиӀоу мазэ тешӀагъэу Къэралыгъо думэм къыхалъхьагъэм.

*– О уишӀошӀыкӀэ, сыд фэдэ законопроектхэр ара ятӀонэрэу экспертизэ шӀыгъэн ыкӀи джыри Ӏоф зыдэшӀэгъэн фаехэр?*

– Экологием фэгъэхьыгъэ законопроектхэр ары. Законопроектэу «УФ-м имэз кодекс» зыфиӀорэм анахь щыкӀэгъэшхоу фэхъоу алъытагъэр мэзыр мылъку унаеу аӀэ илъ хъуным ифитныгъэ щыӀэ шӀыгъэныр ары. Общественнэ палатэр ащ пхъашэу пэуцужьы. Палатэм ишӀошӀыкӀэ, ащ фэдэ Ӏофтхьабзэм социальнэ лъэныкъомкӀэ уезэгъын плъэкӀыщтэп, ар экономикэм ылъэныкъокӀи икъоу къэгъэшъыпкъагъэп. Арэу зэрэщытызэ, Общественнэ палатэм игъоу афилъэгъугъэхэм янахьыбэ законым къыщыдалъытагъэп. Джащ фэд зэрэхъугъэр законопроектэу «УФ-м ипсы кодекс» зыфиӀорэ законопроектымкӀи. Аущтэу хъугъэми, Общественнэ палатэм иапэрэ ӀофшӀэгъу мафэ

зэрэпсэоу зыфэгъэхьыгъэщтыр Урысыем экологиемкӀэ иӀофыгъохэм язытет ары.

*— Ау щытми, Общественнэ палатэм игъэкӀотыгъэу зыкъызэрэфагъэазэрэр сыдэущтэу къыдгурыӀон фая?*

— Тэ хабзэр зыӀэкӀэлъхэм анаӀэ зытырядгъадзэрэр обществэм исоциальнэ «уз» шъхьаӀэхэр ары, ащ дакӀоу акъылыгъэ зыхэлъ зэдэгущыӀэгъу цӀыфхэм адыряӀэнэу игъоу афэтэлъэгъу, Ӏофыгъоу къэтэджыгъэхэр зэшӀохыгъэнхэмкӀэ зэпэщэчыгъэхэу щыт профессиональнэ джэуапхэр ятэгъэгъотых. Мартым 2006-рэ илъэсым Общественнэ палатэм цӀыфхэм анаӀэ тыраригъэдзагъ «нахьыжъхэм яжъалымыгъэ» шъобж хэзыхыгъэ рядовоеу Андрей Сычевым къехъулӀагъэм. Палатэм а Ӏофым изэхэфын пылъыщт купэу зэхищагъэм дзэм реформэ щышӀыгъэным фэгъэхьыгъэ Ӏофтхьабзэ заулэ рихъухьагъ. Общественнэ палатэр кӀэщакӀо зыфэхъугъэ Ӏофым дзэ къулыкъум къыдыригъэштагъ. Ноябрэм УФ-м оборонэмкӀэ иминистрэу Сергей Ивановым иунашъо теткӀэ ны-тыхэм якомитетхэр – дзэ частхэм, оборонэмкӀэ Министерствэм – дзэм гражданскэ контроль щызышӀыныр зипшъэрылъ общественнэ совет ащызэхащагъэх. Общественнэ палатэм ичленхэм ащыщхэр советым хагъэхьагъэх.

ГъэрекӀо имарт мазэ правоохранительнэ органхэм яӀофшӀакӀэ лъыплъэрэ Комиссием итхьамэтэ гуадзэу А. Кучерена Алтайскэ краим игубернаторэу Михаил Евдокимовыр автомашинэзэутэкӀым зэрэхэкӀодагъэмкӀэ агъэмысэщтыгъэ водителэу Олег Щербинскэм иӀоф ятӀонэрэу хэплъэжьыгъэным ежьыр шъыпкъэр хэлэжьагъ. Щербинскэм иочылхэм кассационнэ лъэӀу Алтайскэ край судым фагъэхьыгъ. ЯтӀонэрэу Ӏофым зыхэплъэжьхэм, очылхэм судым а Ӏофым щыхаплъэхэ зэхъум, О. Щербинскэм лажьэ зэримыӀэр нафэ къэзышӀырэ лъэныкъохэр икъоу зэрэзэримыгъэшӀагъэр къыхагъэщыгъ. Ар къыдилъыти, Алтайскэ край судым Щербинскэр зэрагъэмысэщтыгъэхэм хэбзэ кӀуачӀэ имыӀэжьэу ылъытагъ.

Столицэм имикрорайонэу Къыблэ БутовэкӀэ заджэхэрэм цӀыфхэр егъэзыгъэу къызэрэрагъэкощыкӀыщтыгъэхэм епхыгъэ Ӏофым изэшӀохын ОП-м хэтхэр чанэу хэлэжьагъэх. Москва ихэбзэ органхэм консультацие пчъэгъабэ задашӀ



нэужым Ӏофым хэплъэжьынхэу къезэгъыгъэх. ОП-м ипшъэрылъ шъхьаӀэ гъэцэкӀагъэ хъугъагъэ: къэлэ шъхьаӀэм иӀэшъхьэтетхэмрэ поселкэм щыпсэухэрэмрэ зэзэгъынхэу зэфищагъэх. Мы уахътэм зэдэгущыӀэнкӀэ зэзэгъынхэм Ӏофыр фэщагъэ хъугъэ.

Ӏахь зэхалъхьэкӀэ зычӀэсыхэрэ унэм игъэпсын хэлажьэщтыгъэхэр гъэпцӀагъэ зэрэхъугъэхэм ОП-р лъэшэу ыгъэгумэкӀыгъ. Ащ епхыгъэу палатэм а Ӏофым фэгъэзэгъэ купэу зэхащагъэм «Псэолъэшӏ организациехэр реструктуризацие шӀыгъэнхэм ехьылӀагъ» зыфиӀорэ законопроектэу къыгъэхьазырыгъэр агъэпцӀэгъэ цӀыфхэм яӀофыгъохэр афызэшӀохыгъэнхэр ары зыфэлэжьэщтыр.

*— Непэ анахьэу цӀыфхэр зыгъэгумэкӀыхэрэр экстремизмэмрэ ксенофобиер къазэрэхафэрэмрэ ары. Анахьэу гухэкӀыр ныбжьыкӀэхэр ащ фэщагъэ зэрэхъухэрэр ары. Общественнэ палатэм ащкӀэ Ӏофтхьабзэ горэхэр зэрехьэха?*

— Тэ заявлениеу къыхядгъэутыгъэмкӀэ тыкъызэряджагъэр националистхэм ядвижениехэм ялӀыкӀохэм митингхэмрэ демонстрациехэмрэ Москва щызэхащэнхэмкӀэ кӀэщакӀо афэхъухэрэ урысые политикхэм язекӀуакӀэ хэбзэ шӀыкӀэкӀэ зэхэфыгъэнэу ары. Ащ фэшъхьафэу, мы аужырэ уахътэм цӀыф лъэпкъ зэджэгъогъуныгъэм ыпкъы къикӀыкӀэ хъугъэ-шӀагъэхэм зэрахахъорэм пае Общественнэ палатэр икӀэщакӀоу фашизмэм пэуцужьыгъэным и Объединение зэхащагъэ. Сентябрэм Кондопогэ щыхъу-щышӀагъэр зызэхеф нэужым ОП-м заявлениеу къыхаригъэутыгъэм къызэрэщиӀорэмкӀэ, хэбзэнчъэ зекӀуакӀэхэу къалэм щызэхащэгъагъэхэм бзэджэшӀэгъэ нэшанэ зэрахэлъыр гъэнэфагъэ. Ащ пае къамыгъанэу чӀыпӀэ Ӏэшъхьэтетхэр зыпылъхэр лъэпкъ зэджэгъогъуныгъэм инэшанэ фэдэу ар къагъэлъэгъоныр ары. Заявлением щыхэгъэунэфыкӀыгъэр ащ фэдэ хэбзэнчъэгъэ зекӀуакӀэхэр тапэкӀэ къахэмыфэнхэм фэгъэхьыгъэ Ӏофтхьэбзэ пхъашэхэр регионым иӀэшъхьэтетхэм зэрамыхьэхэмэ зэрэмыхъущтыр ары.

Ащ фэшъхьафэу, урысые-грузин зэшӀонэныгъэм фэгъэхьыгъэ заявлениеу къыхаригъэутыгъэм мырэущтэу къыщеӀо: «Урысыемрэ Грузиемрэ язэфыщытыкӀэхэр Тбилиси ирежим Урысыем пэшӀуекӀорэ политикэу

зэрихьэрэми, Грузием пэшIуекIорэ кампаниеу чыжьэу мыплъэрэ чиновникхэм зэхащагъэми атегъэпсыкIыгъэнхэ фаеу щытэп. Урысыем щыпсэухэрэм, ахэмэ ащыщэу урыс, грузин лъэпкъхэми, къэралыгъо кIочIэшхом ицIыфхэм зэряфэшъуашэу, щэIагъэ къызыхагъэфэн фае. НародитIуми къыдрыкIощтымкIэ зэфэдэу пшъэдэкIыжь тэхьы.

Урысыем икъэралыгъо лъэпкъ политикэ иконцепцие зэхъокIныгъэхэр фэшIыгъэнхэм, джащ фэдэу гухэлъ гъэнэфагъэм тегъэпсыкIыгъэ федеральнэ программэу «2015-рэ илъэсым нэс Урысыем ирегионхэм яэтнокультурэ хэхъоныгъэ зыфэдэщтыр» зыфиIорэм иконцепцие ипроект атегущыIэхэ зэхъум, Общественнэ палатэм хэтхэр яшIуагъэ къагъакIоу хэлэжьагъэх.

*— Нафэ зэрэхъугъэмкIэ, журналистхэм я Хартие итекст изэхэгъэуцон Общественнэ палатэр февралым фежьагъ. ТхэнымкIэ шъхьафитныгъэмрэ СМИ-м иIофыгъохэмрэ афэгъэхьыгъэу ОП-м сыд фэдэ Iофтхьэбзэ гъэнэфагъэха зэрихьагъэхэр?*

— Волгоград къыщыдэкIырэ гъэзетэу «Городские вести» зыфиIоу къалэм иIэшъхьэтетхэм февралым и 17-м зэфашIыгъэр ухыигъэным фэгъэхьыгъэу Общественнэ палатэм хэтхэм заявление къыхарагъэутыгъ. АщкIэ къалэм иIэшъхьэтетхэм телъхьапIэ ашIыгъагъэр гъэзетым иномер горэм Христос, Буддэ, Моисей, Мыхьамэдэ пегъымбарым якарикатурэхэр къызэрэхиутыгъагъэхэр ары. Тэ тицыхьэ пытэ зэрэтелъыгъэмкIэ, гъэзетым фэгъэхьыгъэ Iофым зэрэхэплъэгъэн фаер журналист этикэм тегъэпсыкIыгъэу ары ныIэп. А гъэзетым иIофышIэхэм ауж зефэгъэным фэдэ Iотхьабзэхэр афадэ мыхъухэнэу сэлъытэ. Гъэзетыр зэфэшIыгъэнэу унашъо зэрашIыгъэр арымэ, ар суд IофкIэ ары ныIэп зэрэзэшIуахырэр, «кампанейщинэрэ» административнэ «теIункIэныгъэрэ» ащ къыхагъахьэ хъущтэп. ОП-м илIыкIохэр къэлэ администрацием зыIокIэхэ нэуж гъэзетым икъыдэгъэкIын рагъэжьэжьыгъ, шъыпкъэ, ыцIэ «Волгоградскэ правдэкIэ» зэблэхъугъэу.

Гъэзет темэр лъыдгъэкIуатэзэ къасIомэ сшIоигъуагъэр Общественнэ палатэм хэтхэм кIэгъэтхэн Iофыр Урысыем зэрэщызэхэщагъэр модернизацие шIыгъэнэу пчъагъэрэ игъоу зэрафалъэгъугъэр ары. Мы уахътэм ОП-м и Комиссиеу коммуникациехэм, информацие политикэм, къэбар жъугъэхэр аIэкIэгъэхьэгъэнхэмкIэ шъхьафитныгъэу щыIэм «Почтэ зэпхыныгъэм ехьылIагъ» зыфиIорэ законым иредакциякIэ фэгъэхьыгъэ рекомендациехэм ягъэхьазырын Iоф дешIэ. Журналистхэм я Хартиеу о укъызыкIэупчIагъэр арымэ, пэшIорыгъэшъэу ар зыфэдэн фаеу итхъухьэрэр моральнэ-этическэ шэпхъэ-зекIокIэ зэхэугъоягъэхэу журналистхэми хабзэми яхэмызэгъыныгъэхэр зэшIохыгъэнхэмкIэ IэпыIэгъу афэхъунхэ зылъэкIыщтхэр ары.

ТиIофшIагъэу сыкъызытегущыIагъэм изакъоп ОП-р Iофэу зыпылъхэр. КъолъхьэIых-къолъхьэтыным зэребэныжьыщтхэ шIыкIэ-амалхэм, тыкъэзыуцухьэрэ природэр къэухъумэгъэным иIофыгъохэр, культурнэ кIэныр мыгъэкIодыгъэныр — ахэмэ яэшIохын иIофыгъохэм Общественнэ палатэр ишъыпкъэу ахэлажьэщтыгъ, тапэкIи ахэлэжьэщт. ТкIуачIэ тышъхьамысыжьэу илъэсрэ Iоф зытшIагъэм ыуж икъукIэ сицыхьэ телъэу къэсIон слъэкIыщт: Общественнэ палатэр непэ — Урысыем инеущырэ щыIакIэ щыщ шъыпкъэу хъущт.

*2007-рэ илъэс*

## Литературэр — сищыIэныгъ

*Джырэблагъэ Урысыем и Президентэу В. В. Путиным народнэ писателэу И. Ш. МэщбашIэм «За заслуги перед Отечеством» зыфиIорэ орденэу я II-рэ степень зиIэр Кремлым къыщыритыжьыгъ, лъэпкъыбэ зыхэлэжьэрэ хэгъэгу литературэм ихэхъоныгъэ иIахьышхо зэрэхишIыхьагъэм, ар илъэсыбэ хъугъэу творческэ Iофым зэрэпылъым апае а наградэ лъапIэр Урысыем и Президент ащ къызыкIыфигъэшъошагъэр. Ащ фэгъэхьыгъэу писателым зыIуигъакIи, дэгущыIагъ литературнэ критикэу ЛъэпцIэрышэ Хъалидэ.*

*— Исхьакъ, икIыгъэ илъэсыр орыкIэ пщымыгъупшэжьынэу угу къинэщт. Илъэс 75-рэ уныбжь зэрэхъугъэр*

*Адыгеим, Темыр Кавказым ит ткъош республикэхэм игъэкIотыгъэу ащыхагъэунэфыкIыгъ. Гуфэбэныгъэ къыпфыряIэу, къош шыкIэу Абхъазым къыщыппэгъокIыгъэх. Краснодар краим игубернаторэу Александр Ткачевымрэ Хэбзэихъухьэ зэIукIэм итхьаматэу Владимир Бекетовымрэ ащ пае приемэу зэхащэгъагъэм уитворчествэ осэшхо къыщыфашIыгъ. Аужым, Урысыем и Президент «За заслуги перед Отечеством» зыфиIорэ орденэу я II-рэ степень зиIэр Кремлым къыщыуитыжьыгъ. Сыдэущтэу угукIэ зэхапшIэхэра а хъугъэ-шIагъэхэр?*

— Творческэ цIыфымкIэ мэхьанэшхо иI моральнэу кIэгъэгушIугъэным, иIофшIагъэ уасэ фашIыным. Нахьыпэми Iэшъхьэтетхэми тхылъеджэхэми анаIэ къыстырамыгъэтыщтыгъэу сIон слъэкIыщтэп. Мыщ ыпэкIэ тIогъогогъу къысфагъэшъошагъ «За заслуги перед Отечеством» зыфиIорэ орденэу я IV-рэ, я III-рэ степень зиIэхэр. Ау ащ фэдэ орденэу я II-рэ степень зиIэр къыпфагъэшъошэныр, Iо хэмылъэу, гушIогъошху. УиIофшIагъэ ащ фэдэ уасэ къыфашIыным гъэхъэгъакIэхэм уакъыфеIэты.

Анахьэу гушIуагъо сщыхъурэр ситхылъеджэхэр Адыгеим, Пшызэ шъолъыр, Темыр Кавказым, цIыф лъэпкъыбэ зыщыпсэурэ зэрэ Урысыеу ащыпсэухэрэ лъэпкъхэм зэращыщхэр ары. Мафэ къэс пIоми хъунэу ахэмэ яписьмэхэу къысIукIэхэрэм къащаIорэр къызэрэсфэразэхэм имызакъоу, сиусэхэмрэ романхэмрэ ягеройхэм агу щышIэрэр зэрадагощырэр, къысфэхьалэлхэу упчIэжьэгъу къызэрэсфэхъухэрэр ары. Ащ фэдэ зэпхыныгъэр сэ зэрэслъытэрэр, ситхылъхэр зыфэстхыхэрэм занкIэу садэгущыIэу, къыздэгущыIэхэу ары. УиIофшIагъэ уасэу иIэр къэзыгъэлъагъорэр тхылъеджэм ащ фыщытыкIэу къыфыриIэр ары.

*— Слъэгъугъэх сэ а письмэхэр уитворчествэ ехьылIэгъэ тхыгъэу «ЕгъэшIэрэм ехьылIэгъэ зэдэгущыIэгъу» зыфиIорэр стхы зэхъум. УнаIэ зытебгъэтын зифэшъуашэу бэ ахэмэ ахэлъыр. Шъыпкъэ, лъэшыщэу къэIогъэ гущыIэхэр мымакIэу къахэфэ нахь мышIэми.*

— Илъэсыбэхэм къакIоцI, лIэшIэгъуныкъом къехъуба сэ литературэм сызыщылажьэрэр, литературэр — сэ сищыIэныгъ, сэ зэхэсшIыкIы хъугъэ шъыпкъагъэр — къончагъэм, агу къызэрариIорэм тетэу яшIошI къаIоныр — нэпIэхъыгъэм ахэсымыгъэкIокIэныр. АIоба адыгэхэм: «ЩытхъукIаерэ убыкIаерэ зэфэдэх». Анахь мэхьанэ зэтыгъэн фаер узышъхьамысыжьэу Iоф шIэгъэныр, ори уинароди зыгъэгумэкIырэ Iофыгъохэм яхьылIагъэу утхэныр ары. Зэгорэм птхыгъэм урыкъэеу ущымысэу, уапэкIэ улъыкIотэн фае. Щытхъур арымэ, зифэшъуашэр ащ къыгъотыщт.

*— СэшIэ сэ зэкIэ пкIуачIэ епхьылIагъэу мафэ къэс Iоф зэрэпшIэрэр. Мы аужырэ лъэсхэм язакъоу тарихъ роман инищ къыхябгъэутыгъ: илъэс минкIэ узэкIэIэбэжьмэ, Рэдэд, Мстислав пщыхэм ятетыгъо зэман адыгэхэм ящыIэкIэ-псэукIагъэм ехьылIагъэу «Рэдэд» зыфиIорэр, Иван Грознэм итетыгъо зэман адыгэхэр Русым пэблагъэ хъухэу зырагъэжьэгъагъэм къытегущыIэрэ «Адыгэхэр», гурыт лIэшIэгъухэм язэман Египет тетыгъор щызыIыгъыгъэ черкес мамлюкхэм, адыгэ султIанхэм къатегущыIэрэ «КъокIыпIэмрэ къохьапIэмрэ». Тарихъым ащ фэдэ изэман инхэр художественнэ шIыкIэ-амалхэмкIэ къэбгъэлъэгъонхэ плъэкIынхэм пае сыд фэдиз кIуачIэрэ тхэнымкIэ опытрэ пхэлъынхэ фая!..*

— Тхылъхэм ятхын сыпылъызэ, писатель опыт шIукIае сиIэ хъугъэу сэлъытэ. Ау щытми, тхылъым итхын сыфежьэ зыхъукIэ, гумэкIым сызэлъештэ, сыгу лъэшэу зэхешIэ, сызытещыныхьажьэу къесэгъэжьэ, сиапэрэ романхэу «Агъаерэм ежэжьхэрэп», «ЦIыфыр тIо къэхъурэп», «Илъэс фыртынэхэр», «Нэфшъэгъо лъагъохэр», «ШIу шIи, псым хадз», «Гощэунай» зыфиIохэрэр, нэмыкIхэри стхынхэу зезгъэжьэхэкIэ къысэхъулIэщтыгъэм фэд.

*— Эпическэ произведение инхэу «Бзыикъо заом», «Мыжъошъхьалым», «Хъан-Джэрые» афэдэхэр зыптхыгъэхэ нэужыми ара?*

— Ары, сызыщытхэрэ столым сызэрэпэтIысхьэу джырэ нэс зыпари сымытхыгъэ, а тхылъыр сэрыкIэ апэрэ фэдэу ары къызэрэсщыхъурэр. Джащ фэдэуи гумэкIым сызэлъештэ, джащ фэдэуи сехъырэхъышэ, джащ фэдэуи къинмыгъуае сэлъэгъу. Мы тапэкIэ сэ къэсIогъагъ тхэныр псынкIэ къызыщыхъурэ писательхэм сызэращымыщыр. Зытет шъыпкъэмкIэ, тарихъыр лъапсэ зыфэшIыгъэ тхылъыр

тхыгъэныр,— джары сэ нахьыбэрэмкӀэ стхырэр,— зэилъыгъокӀэ зэшӀуахырэ Ӏофэп. АпэрапшӀэ ухьазырын Ӏофышхо зэшӀохыгъэн, тарихъ литературэр, зэман гъэнэфагъэм идокументхэр, дунэе Ӏофхэм язытет зыфэдагъэр уягугъупэзэ зэгъэшӀэгъэнхэ фаеу ищыкӀагъ. ПшӀошъ гъэхъу зэкӀэ ахэр зэхэубытагъэу ӀофшӀэн ин дэдэу зэрэщытыр. ЩэӀэгъуаеу Ӏоф къин. ГущыӀэм пае, пщышхохэу Рэдэдрэ Мстиславрэ язэман итарихъ лъэхъан «ашӀэжьын» алъэкӀынэу къэтхыхьэгъэным изакъоми. Тарихъым зыцӀэ къыхэнэгъэ а цӀыфышхохэм яобразхэр шъыпкъагъэ ахэлъэу къэтыгъэнхэм имызакъоу, зэманым ижь зыфэдагъэр къэгъэлъэгъогъэн фэягъэ. Ащи имызакъоу, шъыпкъэмкӀэ, произведением исюжет-композицие лъапсэхэр зэкъодзагъэ зыщыхъурэ зэшӀонэныгъэ-зэутэкӀыныгъэхэри къыхэгъэщыгъэнхэр ищыкӀэгъэ шъыпкъ. Джащ пае узылъыхьурэ пкъыгъор, гущыӀэ тэрэзыр къызыбгъотыхэкӀэ, бгъэм дизэу жьы къэощэ.

*— Къосэгъу пщышхоу Рэдэд, а цӀэ дэдэр зиӀэ романым игерой, о игугъу къызэрэпшӀыгъэм епхыгъэу тхылъеджэхэм язгъашӀэмэ сшӀоигъуагъэр аужырэ романищэу «Ридад» («Рэдэд»), «Адыгэхэр», «КъокӀыпӀэмрэ къохьапӀэмрэ» зыфиӀохэрэр адыгэхэмрэ урысхэмрэ язэдэпсэуныгъэ илъэс 450-рэ зэрэхъурэм ипэгъокӀэу Налщык дэт тхылъ тедзапӀэу «Эль-фа» зыфиӀорэм къызэрэдигъэкӀыгъэхэр ары.*

— СитворчествэкӀэ ар анахь гушӀогъо хъугъэ-шӀагъэхэм ащыщэу сэлъытэ. Тхылъ тедзапӀэм, АМАН-м ивице-президентэу, къэбэртэе республикэ гъэзетэу «Адыгэ псалъэм» иредактор шъхьаӀэу, а романищым яредакторэу, синыбджэгъоу ХьашӀуцӀэ Мухьамэд сыфэраз. ШӀухьафтын шӀагъо ахэмэ сэ къысфагъэшъошагъ. Итхылъ къыдэкӀырэм къэс писателым гуапэ щэхъу.

*— Исхьакъ, зэкӀэмэ апэу къэӀогъэн фаер о уадыгэлъэпкъ писатель шъыпкъ. Уироманхэм, анахьэу тарихъ лъапсэ зиӀэхэм, адыгэм иобразэу гум къинэжьырэр, ащ ианахь нэшэнэ шӀагъохэр: лӀыгъэр, ышъхьэ, ынапэ зэрилъытэжьырэр, къызыщыхъугъэ хэгъэгур, ичӀыгу шӀу зэрилъэгъухэрэр, ахэмэ хэхъонычыгъэ ашӀыным пае ищыӀэныгъэ шъхьамысыныр пшъхьапэу къащыбгъэлъэгъуагъ. Ахэмэ афэдэх Рэдэд («Рэдэд»), Занэ Сэфэрбый («Мыжъошъхьал»), Хьагъур Мосэ («Бзыикъо зау»), Хъан-Джэрые («Хъан-Джэрый»), Къэнащыкъо Сибок («Адыгэхэр»). Ау щытми, хэти къыӀон ылъэкӀыщтэп уилъэпкъ фэгъэхьыгъэ шэпхъэ зэжъухэм «уашъхьарымыплъэу», о умыписатель-интернационалистэу. Идеехэу уигеройхэр зыфэбанэхэрэри, писателэу МэщбэшӀэ Исхьакъ итворчествэкӀэ зэрыгъуазэхэрэри — прогрессивнэх, зэкӀэ цӀыфлъэпкъым инэшэнэ анахьышӀухэм афэдэх, БиблиемрэКъурӀанымрэ ягъэсэпэтхыдэхэм апэблагъэх. Джахэр ары шъыпкъ цӀыф лъэпкъ зэфэшъхьафхэм ащыщ тхылъеджэхэм уироманхэр агу зыкӀырихьыхэрэр.*

— Сыда пӀомэ а гухэлъхэр адыгэхэми, урысхэми, къэндзалхэми, абхъазхэми, къалмыкъхэми агу пэблагъэхэшъ ары. ИцӀыф гъэпсыкӀэкӀэ, ишэн-зекӀуакӀэкӀэ, динэу ылэжьырэмкӀэ, икультурэкӀэ лъэпкъ пэпчъ ежь иунэе нэшанэхэр хэлъых. Ары шъхьаем, тэ зэкӀэми а зы Тхьэм иӀэмыркӀэ тыкъэхъугъэба, тырипӀурхэба. ЗэкӀэми ялъынтфэхэм арычъэрэ лъыри зэфэдэх. ИщыкӀагъэр нахьыбэрэ ар агу къагъэкӀыжьыныр ары. Джащыгъум зэпэуцужьынхэм, зэщыхьагъу хъунхэм апае ушъхьагъухэр нахь макӀэ хъущтых.

*— ЦӀыфыгъэшхо зыхэлъ гупшысэх, зытет шъыпкъэмкӀэ, зэкӀэ о уитворчествэ — поэзиеми, прозэми — цӀыфым шӀу фэшӀэгъэным игухэлъхэр щыпхырыщыгъэх. Литературэмрэ искусствэмрэ тэ тапӀун фаеу япшъэрылъэп зэраӀорэр ащ щегъэзыеба.*

— Сэри ащ ехьылӀагъэу сишӀошӀ ясӀон фаеу сырихьылӀэу къыхэкӀыгъ. Сыд фэдэ литература ар, шӀушӀэным, акъылыгъэм, егъэшӀэрэ шӀуагъэм афимыгъэасэхэрэмэ! Ау щытми, литературэм идеологием щэхъу имыгугъумэ, шъхьэихыгъэу гъэсэпэтхыдэ къафеджэным нэмыкӀырэ пшъэрылъ зыфимыгъэуцужьырэмэ — ар Ӏоф шъхьаф. Сыд фэдэрэ художественнэ произведении, сэ сицыхьэ зэрэтелъымкӀэ, духовнагъэмрэ намысыгъэмрэ тхылъеджэхэр фагъэсэнхэ фае. Шъыпкъэ, джы щыӀэ хъугъэ зэщтегъэу литературэу, сыдигъуи фэмыдэу джырэ тимафэхэм лъэ-

шэу зызыушъомбгъугъэр. Ащ фэдэ литературэм зыгорэм уригъэгупшысэнэу, шIум уфипIунэу пшъэрылъ зыфигъэуцужьырэп. Ащ фэдэ «тхакIэр» сэ сыгу рихьырэп.

*— Итворчествэ фэшъхьаф Iофыгъо горэми писателыр ымыгъэгумэкIыным о зэрэдемыгъаштэрэм сэ сыщыгъуаз. Сыдигъуи о обществэм иIофыгъохэм яззэшIохын чанэу ухэлажьэ. Джы о мары Урысые Федерацием и Общественнэ палатэ ухэт, зэгурыIоныгъэм, еплъыкIэу иIэщтымкIэ цIыфым ифитныгъэ иIофыгъохэм афэгъэзэгъэ Комиссием уритхьамэтэ гуадз. Адэ ащ фэдэ IофшIэным сыд фэдизкIэ о уфэщагъа, уитворческэ IофшIэнкIэ ар пэрыохъу къыпфэхъурэба?*

— Сэ сишIошIыкIэ, писателым щыIэнигъэмрэ ащ иIофыгъохэмрэ амыгъэгумэкIын ылъэкIыщтэп, унэм «сишIыхьагъэу» сытхэу сыщысыныр сэ сишэнэп. Народнэ депутатхэм я Адыгэ хэку, я Краснодар край Совет, СССР-м и Апшъэрэ Совет сырядепутатэу сэ нахьыпэми обществэм иIофшIэн сыхэлажьэщтыгъ. Адэ ащ фэдэ IофшIэныр писатель творчествэм иягъэ къыригъэкIырэба оIомэ, джэуапэу къестыжьыщтыр: зымкIэ иягъэ къырегъэкIы, адрэмкIэ къыригъэкIырэп. А сыхьатым чIэунэрэм урыгущыIэн хъумэ — ары, сыда пIомэ творческэ «мылъкум» — уиуахътэ щыщ ащ пэIубгъэхьан фаеу мэхъуба. Ау ишIуагъэ къызэрэсэкIырэр — нахь куоу щыIэныгъэм хэсшIыкIэу, цIыфхэр зыгъэгумэкIырэ Iофыгъохэм нахьышIоу сащыгъуазэ зэрэхъурэр ары. «ЩыIэныгъэр зыфэдэр умышIэрэмэ, усыд фэдэ писатела», аIоу къыпфадзынкIи пшIэщтэп. Тарихъ романхэр зытхырэ писателым непэрэ щыIэкIэ-псэукIэр нахь куоу зэригъэшIэныр сыда зэрищыкIагъэр зыIонхэр щыIэнхэкIи хъун. Зытет шъыпкъэмкIэ, тарихъым фэдэкъабзэу, непэрэ щыIэкIэ-псэукIэр зыфэдэр пшIэныри ищыкIэгъэ шъыпкъ — блэкIыгъэр — непэрэ мафэм, ары пакIошъ, неущрэ мафэми ащыщышъ ары! Сыда пIомэ тарихъыр зэпымыурэ процессэу щытыба! Арышъ, зэрэхъурэмкIэ, непэрэ щыIакIэм, ар анахь зыгъэгумэкIырэ Iофыгъохэм икъукIэ ащымыгъозэ писателым тарихъым ихъугъэ-шIагъэхэм алъэпсэ куухэр объективнэу къызэIуихынхэ ылъэкIыщтхэп. Мыщ дэжьым къыдэлъытэгъэн фаер



блэкIыгъэм итарихъ ипычыгъо зырызхэр, нахь лъэшэу е нахь макIэу бэрэ ащ къызэрэхэфэжьхэрэр ары.

*— Исхьакъ Шумафэ ыкъор, лъэпкъ зэгурыIоныгъэмрэ алэжьыщт диныр зэрэфаехэу къыхахынымрэ яIофыгъохэм афэгъэзэгъэ Комиссием Iофэу ышIэрэм сыщыбгъэгъуазэмэ сшIоигъуагъ.*

— Сицыхьэ пытэ зэрэтелъымкIэ, тэ тызыпылъ Iофыгъохэр анахь къинэу зэхэлъых, псынкIэу зэшIомыхыгъэмэ мыхъунэу гъэпсыгъэх, загъори зэшIопхынхэ умылъэкIынхэуи къыпшIошIых. Лъэпкъ зэгурыIоныгъэр (толерантностыр) къызэрэбгурыIон фаер фэшъхьаф лъэпкъым гурыIогъэныр, лъэпкъ зэхашIэхэр ащ фытегъэпсыхьэгъэнхэр ары. ЯтIонэрэ Iофыгъор цIыфхэм ядин зэхашIэхэр ары зыфэгъэхьыгъэр. Сыда а Iофыгъохэр нахь зэхэлъхэу гъэпсыгъэхэу зыкIаIорэр? Сыда пIомэ ахэр анахь узыфэсакъын фэе гузэхэшIэ Iудэнакlэх, зэфагъэ хэлъэу зэшIохыгъэнхэм пае акъылышIуагъэ, щэIагъэ, сакъыгъэ къызыхэгъэфэгъэнхэ фаех. Фэмысакъыхэу къаIогъэ гущыIэ закъом цIыф жъугъабэ зэщыхьагъу ышIын ылъэкIыщт. Заохэм янахьыбэ, къащ зэо-банэхэм къащыкIэдзагъэу, къырагъэжьэныр къызыхэкIыщтыгъэр дин е лъэпкъ зэпыщытыныгъэр арыба. Джащ пае цIыфхэм шъхьэкIафэ зэфашIыжьын, а щыIагъэу зигугъу къэпшIырэр дин е лъэпкъ зэмызэгъныгъэхэм яззэшIохын имызакъоу, мафэ къэс зыхэтхэ щыIэкIэ псэукIэм къызэращыхэфэными анаIэ тырагъэтын фае. ЦIыфыгъэм, гукIэгъум сыд фэдизрэ уатегущыIагъэми, нэмыкI лъэпкъ щыщ ыкIи фэшъхьаф дин зылэжьырэ цIыфыр шIу плъэгъун плъэкIыщтэп, ащ икультурэ, ишэн-зекIуакIэ, ицIыф гъэпсыкIэ зэогъэшIэфэ. АщкIэ щысэтехыпIэ зэфыщытыкIэхэр щыIэхэба: мары лIэшIэгъуитIум къехъугъэу адыгэхэмрэ Пшызэ шъолъыр ис къэзэкъхэмрэ лъытэныгъэ зэфашIэу, зэгурыIохэу зэдыщыIэх. Ар зымыуасэ щыIэп!

*— Уитарихъ романхэу «Мыжъошъхьалым», «ГъэритIум», «Хъан-Джэрые» къызытегущыIэхэрэр Кавказ заом кIэух тхьамыкIагъохэу къыпкъырыкIыгъэхэр ары. Темыр Кавказым инарод заулэхэм а заом тхьамыкIэгъуабэ къафихьыгъ, адыгэхэм янахьыбэмэ ятарихъ чIыгужъ егъэзыгъэкIэ къабгынэн фаеу хъугъагъэ. Сыд фэдиз щыIагъэрэ шъырытыгъэрэ о къызыхэбгъэфэн фаеу хъу-*

*гъагъа гузэхэшӀэ лъэшым зыдемыгъэхьыхэу, бэшӀагъэу щыӀэгъэ а хъугъэ-шӀагъэхэр шъыпкъагъэ хэлъэу къэбгъэлъэгъонхэм пае?*

– Сишъыпкъэу къыосӀон: сэ ар къин къысщыхъугъ. А тхылъхэм ятхын сыпэтӀысхьаным ыпэкӀэ тарихъым ехьылӀагъэу ащ фэдиз тхыгъэ седжэу егъашӀэми къыхэкӀыгъэп, а романхэр зэрэгъэпсыгъэщт шӀыкӀэм бэрэ сегупшысэн фаеу хъугъагъэ. Тхылъеджэм романхэр ыгукӀэ ыштагъэх – прессэми, тхылъеджэхэм яписьмэхэми ар икъукӀэ къаушыхьатыгъ. А хъугъэ-шӀагъэхэм якъэгъэлъэгъонкӀэ шӀыкӀэ-амал тэрэз закъоу щыӀэр згъэфедагъэу къысшӀошы, цӀыфхэу, лӀышъхьэ зырызхэу а лъыгъэчъэ зэо-банэм хэщагъэ хъугъэхэм ятхьамыкӀагъо зытетыгъэ шъыпкъэм фэдэу а тхылъхэм къащыгъэлъэгъуагъэ хъугъэ. А охътэ дэдэм, критикэми ар хигъэунэфыкӀыгъ, а тхьамыкӀагъом, тэ, народхэм, тызэригъэгупшысэн фаери къысӀотыкӀыным сыпылъыгъ. ШъыпкъэмкӀэ, езэгъыгъуай ицӀыфышъхьэ пчъагъэкӀэ миллионыбэ хъущтыгъэ адыгэ лъэпкъ пагэм щыщэу ичӀыгужъ къинагъэр мин шъитфым нахьыбэ зэрэмыхъурэм. Непэ адыгэхэр дунаим ичӀыпӀэ зэфэшъхьафхэм арытэкъуагъэу ащэпсэух, тӀэкӀу-тӀэкӀузэ ахэмэ абзэ аӀумылъыжь мэхъух, яшэн-зекӀуакӀэ, яцӀыф гъэпсыкӀэ зыхэс цӀыф лъэпкъхэм ахэкӀокӀэжьых. Ар тхьамыкӀэгъошхоба? Уемыхъырэхъышэжьынэуٖ тхьамыкӀэгъошху. Ау акъылышӀуагъэм урыгъозэн зыхъукӀэ, а гузэхэшӀэ лъэшыхэм зыдямыгъэхьыхэу, лъэпкъыр ыпэкӀэ зэрэлъыкӀотэн фаем уегупшысэн, икультурэ зыпкъ игъэуцожьыгъэным, адыгэхэу ӀэкӀыб хэгъэгухэм арысхэм зэпхыныгъэхэу афытиӀэхэм нахь зягъэушъомбгъугъэным, лъэпкъ щыӀэкӀэ-псэукӀэм иӀофыгъохэм язэшӀохын тызэгъусэу Ӏоф дэтшӀэным тягупшысэн, ащ ишэн-хэбзэ анахьышӀухэм ныбжьыкӀэхэр афэгъэсэгъэнхэм тыдэлэжьэн фае нахь. Зыщыбгъэгъупшэ мыхъущтыр иныдэлъфыбзэ, илъэпкъ цӀыф гъэпсыкӀэ, икультурэ къыгъэнэжьхэмэ, народыр чӀыгум текӀодыкӀыщтэп.

*– Исхьакъ, непэ уахътэм къыгъэуцурэ Ӏофыгъохэм ащыщэу сыда узыгъэгумэкӀырэр?*

– О зыфапӀорэр гъунэ зимыӀэ чӀыпӀэ зэо-банэхэр, терроризмэр, наркоманиер, ешъоныр, къолъхьэӀыхыныр, бзэджэшӀэным зызэриушъомбгъурэр арынхэ фае. Ахэмэ афэдэ ягъэхэу обществэм ыкӀышъо къытехъохэрэм амыгъэгумэкӀырэ цӀыф тэрэз гори щымыӀэу сэ къысшӀошы. ЦӀыфлъэпкъым ихэхъоныгъэкӀэ тарихъ гъогоу къыкӀурэм ахэр щыригъэогогъухэу егъашӀэми щытыгъ нахь мышӀэми. Ащ епхыгъэу къэпӀон плъэкӀыщтыр ежь къыгъэшӀагъэм цӀыфыр тхьамыкӀагъохэм ащыушэтыгъэ зэрэхъурэр ары. ЕтӀани ары къэс ащ текӀоныгъэр иеу ахэр зэпичыщтыгъэхэу пӀон плъэкӀыщтэп. Ау ащ пае щыӀэныгъэр, цӀыфым игъэхъагъэхэр къызэтеуцощтыгъэхэп, а гъэхъагъэхэр охътэ гъэнэфагъэкӀэ нахь зэтеӀэжагъэ хъущтыгъэх нахь мышӀэми. ЩыӀэныгъэр дунаим текӀодыкӀынэу щытэп – ащ сэ сицыхьэ телъ.

*– Зытет шъыпкъэмкӀэ, а Ӏофыгъор ары зэкӀэ о уитворчествэ зыфэгъэхьыгъэр. ЦӀыфыр, зэманыр, уахътэм Ӏофыгъо пхъашэхэу къыгъэуцухэрэр, ахэр зэшӀуахынхэм зэрэпылъхэр, геройхэу, сыдым къикӀыми, ялъэхъанрэ ащ иӀофыгъохэмрэ апырикъун зымылъэкӀыгъэхэр – джахэр арых уитворчествэ ыкупкӀ шъыпкъэхэр.*

– Сыонэкъокъущтэп, зытет шъыпкъэмкӀэ, а Ӏофыгъохэр сэ сипроизведениехэм къащысӀэтыщтыгъэх, тхылъеджэр ахэмэ ахэзгъэгупшысыхьаным, зэкӀэ ахэмэ десэхэр ахезгъэхыным фытезгъэгушхухьанхэм сыпылъыгъ. Тарихъым идесэхэр ары зыфасӀорэр.

*Дэгущыӏагъэр ЛъэпцӀэрышэ Хъ.,*
*2007-рэ илъэс*

## ЕгъашӀэми тыригъусэщт

*2007-рэ илъэсым октябрэ мазэм ипэублэ Адыгеим, Къэбэртэе-Бэлъкъарым, Къэрэщэе-Щэрджэсым янародхэм Черкесиер Урысые къэралыгъом зыхэхьагъэр илъэс 450-рэ зэрэхъугъэр хагъэунэфыкӀыщт.*

*Зэкъош республикищмэ игъэкӀотыгъэу мэфэкӀ Ӏофтхьабзэхэр а зы уахътэм ащызэхащэщтых, ахэмэ къаща-*

*гъэлъэгъон агу хэлъыр а республикхэм янародхэм якультурэ ямышIыкIэу, хьалэмэтэу зэрэгъэпсыгъэр, ар къэухъумэгъэным зэрэфэгумэкIыхэрэр, ары. Ащ нэужым октябрэм и 5-м щегъэжьагъэу и 7-м нэс адыгэхэм якультурэ и Мафэхэр ти Родинэ икъэлэ шъхьаIэу Москва щыкIощтых.*

*Ащ фэгъэхьыгъэу писателэу МэщбэшIэ Исхьакъ тызэрэдэгущыIагъэр къыхэтэуты.*

*— Исхьакъ, о тарихъым хэшIыкIышхо фызиIэ уписатель, Темыр Кавказми, Урысыеми, IэкIыб къэралхэми уитарихъ романхэу «Бзыикъо заор», «Мыжъошъхьалыр», «Хъан-Джэрыер», «ГъэритIур», «Рэдэд», «Адыгэхэр», «КъохьапIэмрэ къокIыпIэмрэ», нэмыкIхэри игъэкIотыгъэу ащызэлъашIэх. КъытфэIуатэба, сыда зэкIэ ахэмэ пэублэ афэхъугъэр?*

— Адыгэхэмрэ урысхэмрэ язэфыщытыкIэхэм ятарихъ лIэшIэгъу чыжьэхэм якуупI ары къызыщежьэрэр. Пщышхохэу Рэдэдрэ Мстиславрэ язэман къытегущыIэрэ сироманэу «Рэдэд» Iоф дасшIэ зэхъум, тарихъ литературэу бэ дэдэ зэзгъэшIэн фаеу хъугъагъэ. Я Х-рэ лIэшIэгъум къыщегъэжьагъэу Тмутаракань язэIукIэпIэ-зэхэхьапIэу къохьэпIэ адыгэхэр (урыс летописхэм ахэр къазэрэхафэщтыгъэр «къосэгъухэкIэ» («касоги») ары) русичхэм алъыIэсыщтыгъэх. Черниговэ-тмутаракань пщышхоу Мстислав идзэкIолI хэшыпыкIыгъэ куп къосэгъухэм къулыкъу щахьыщтыгъ, ахэр я XI-рэ лIэшIэгъум ащ зэхищэщтыгъэ дзэ зекIохэм ахэлажьэщтыгъэх. Адыгэхэр русичхэм зэралъыIэсыщтыгъэхэр ащ изакъоп, культурэмкIэ язэпхыныгъэхэми хэпшIыкIэу заушъомбгъущтыгъ. Сыда ащкIэ зишIуагъэ къакIощтыгъэр? ЗэкIэми апэу, Тмутаракань язэIукIэпIэ-зэхэхьапIэу чыристан диным Темыр-КъохьэпIэ Кавказым зыщиушъомбгъоу зэрэригъэжьэгъагъэр ары. А зэманым адыгэхэм яIагъэх ежь яхрамхэр, епископ кафедрэхэр, епархиехэр. Ау , Византиер зызэбгырэзым ыуж, Тыркуемрэ ащ фэIорышIэщтыгъэ Къырым хъаныгъомрэ техэкIо политикэу зэрахьэщтыгъэм ыпкъ къикIыкIэ чыристан диным Темыр-КъохьэпIэ Кавказым кIуачIэ щыримыIэжьэу хъугъагъэ.

Шъыпкъэ, урыс-адыгэ зэфыщытыкIэхэр ренэу пыIухьанчъэу щытыгъэхэп. Я XI-рэ лIэшIэгъум ипэублэ а зэфыщытыкIэхэр къызэрэзэIэхьэгъагъэхэм ар къеушыхьаты. Тарихъым игъэкIотыгъэу щызэлъашIэ урыс ыкIи къосэгъу дзэкIолI хэшыпыкIыгъэ купхэм япэщэ пщыхэу Мстиславрэ Рэдэдрэ зэрэзэбэныгъагъэхэр, ащ кIэухэу фэхъугъэм теткIэ, адыгэпщым зэкIэ ичIыгухэр, къосэгъу дзэр, ащ щыщэу къосэгъу щыудзэ псэемыблэжьэу пшъхьапэу гъэсэгъагъэр ыкIи уIэшыгъагъэр, Рэдэд зэкIэ имылъкуи, ишъхьэгъуси, ыкъуитIуи Мстислав иIэрылъхьэу хъугъагъэх.

Рэдэд ыкъуитIу православнэ чыристан диныр арагъэштагъ. КъащкIэ заумэхъыхэ нэужым нахьыжъым Юрий, нахьыкIэм Роман афаусыгъагъ. Роман Мстислав ыпхъу къыщи, имахълъэу хъугъагъэ. Илъэсхэр тешIагъэх. Рэдэд ылъ Урысыем иправославнэ пщы, бояр, дворян лIакъохэм ащызэбгырычъи ащыбэгъуагъ.

ЛIэшIэгъуиплIымэ ятарихъ тхыгъэ Рэдэд къытекIыгъэхэм яхьылIагъэу гущыIэ гори ахэбгъуатэрэп, умышIэмэ, чIыр зэгози дэфагъэх пIонэу, ау мары Карамзиным итхылъэу «История Государства Российского» зыфиIорэм моущтэу щетхы: «Москва щыщ ижъырэ лIэкъуищмэ Рэдэд пщым къытекIыгъэхэу залъытэжьыщтыгъэ. Ахэр Добрынскэхэр, Белеутовхэр, Сорокоумов – Глебовхэр арых. «Рэдэд илIакъу» – джары ахэмэ зэряджэщтыгъэхэри».

КъызэрэчIэкIыгъэмкIэ, я XVI-рэ лIэшIэгъум ехъулIэу Рэдэд илIакъо къутэмэ заулэу гощыгъэ хъугъагъэ: Добрынскэхэр, Белеутовхэр, Сорокоумовхэр, Лопухинхэр. Ахэмэ Московскэ пщыгъом хахьэрэ Волоколамскэ, Дмитровскэ, Звенигородскэ, Суздальскэ, Тверской уездхэм чIыгу хьасэшхохэр ащыряIагъэх. Баигъэх, лъэрыхьыгъэх. Нэужым удельнэ пщыгъохэр къэралыгъо зыкIым – Урысыем зыхэхьажьхэм, къэралыгъо IэнэтIэшхохэм аIуагъахьэщтыгъэх, пачъыхьэм пэблэгъэ лъэкIышхо зиIэ лIы лъэрыхьхэу ягугъу арагъэшIыщтыгъ.

ИкъукIэ лъапсэ иIэу зэлъашIэщтыгъэр Андрей Одинец – Дмитрий Донскоим идзэ къулыкъу зэрэщишIэщтыгъэр, ащ ыкъоу Александр Белеут пачъыхьэу Апэрэ Василий епхыгъэу къулыкъу зышIэщтыгъэхэм ащыщыгъ. Василий Образец дзэпащэу хъугъагъэ, губернаторым иIофхэр зэригъакIощтыгъэх.

Романов Михаил Федор ыкъор Урысыем ипачъыхьэ Iэнатlэ егъэубытыгъэнымкlэ Рэдэд къытекlыгъэхэм мымакlэу яшlуагъэ къагъэкlуагъ. Нэужым лlэшlэгъуищым къыкlоцl Урысыем пачъыхьагъур щызыlыгъыгъэ династиер джары къызытекlыгъэр.

Уахътэр кlощтыгъ, Рэдэд къытекlыгъэхэм яунагъохэм япчъагъэ хахъощтыгъ . Къахэкlыгъэх ахэмэ православнэ священник цlэрыlохэр, гущыlэм пае, апэрэ пачъыхьэу Михаил Романовым ятэу, зэлъашlэщтыгъэ патриархэу Филарет.

Ящыlэныгъэкlэ къарыкlуагъэр драматичнэу гъэпсыгъэ Рэдэд къытекlыгъэхэм ащыщхэу Лопухинхэм. 1689-рэ илъэсым Федор Лопухиным ыпхъоу Евдокие Апэрэ Петр шъхьэгъусэ фэхъу, урысые пачъыхьэ шъхьэгъусэ мэхъу. Императрицэу Елизаветэ илъэхъан Лопухинхэм ялlакъо пачъыхьэм игъэlорышlапlэ пэlапчъэ ашыгъагъ, вице-адмиралэу Степан емыкlу дэд зэрэдэзекlуагъэхэр – чыкlэ ышъо раути, Сыбыр рарагъэщыгъагъ. Я III-рэ Петр Лопухинхэм ащыщхэр къызыгуиубытэгъагъэх. Я II-рэ Екатеринэ ипачъыхьагъум Петр Лопухиным губернатор Iэнатlэ къыратыгъагъ, пщыцlэ къыфагъэшъошэгъагъ, Апэрэ Александр юстициемкlэ министрэу, Къэралыгъо Советым итхьаматэу ыгъэнэфэгъагъ. Иван Лопухиным ипшъашъэу Варварэ Петербург дэс анахь пшъэшъэ дахэу алъытэщтыгъ, М. Ю. Лермонтовым ар шlу ылъэгъущтыгъ, урыс поэзием иклассикэу нэужым хъугъэм усэ макlэп ащ фэгъэхьыгъэу ытхыгъэр...

Рэдэд пщым къытекlыгъэхэм ащыщыгъ адмиралэу Федор Ушаковыр. (Хэбгъэунэфыкlынкlэ гъэшlэгъоны: урысые флотым иапэрэ линейнэ къухьэу я XIX-рэ лlэшlэгъум агъэпсыгъагъэм зэреджэгъагъэхэр «Рэдэд – князь касожский»).

Урыс флотоводцэ цlэрыlоу, политик, дипломат Iэпэlасэу Федор Ушаковым урысые флотым щытхъушхо къыфихьыгъ. Ау дворянин мыбаим иунагъоти къызэрыхъухьагъэр, граф е пщыцlэ гори иlагъэп. Ащ къыхэкlэу Рэдэдыпщым къызэрэтекlыгъэр къыщиушыхьатэу пачъыхьэм лъэlу тхылъ фигъэхьын фаеу хъугъагъэ.



«Федор Федорович Ушаков» зыфиlорэ тхылъым иавторэу В. Овчинниковым зэритхырэмкlэ, адмиралым къыфарагъэхьыжьыгъэ джэуапым мары итхэгъагъэр (къыкlэлъыкlорэ пычыгъор документыр зэрэтхыгъэ урысыбзэкlэ къэтэты): «Великий князь Мстислав Владимирович князя Редедю убил, сынов Редединых крестил и во крещении дал первому имя Юрий, а другому Роман, за Романа великий князь отдал свою дочь. А у Романа сын Василий, Редеди внук, у Василия сын Юрий... У Григория дети... Ушак, ла Лапоть, да Крапошка, да Илья, да Алексей, да Иван Большой, да Лев, да Иван меньшой...»

А джэуапымкlэ къэушыхьатыгъэ хъугъэ адмиралэу Ушаковыр Рэдэд пщышхо лlакъом зэрэщыщыр.

Рэдэд къытекlыгъэхэм ащыщыгъ джыри зыцlэ къетlомэ тшlоигъор. Ар Кокошкин Федор Федор ыкъор ары. Ар зэлъашlэрэ юристыгъ, профессорыгъ, Къэралыгъо Думэм идепутатыгъ, Учредительнэ зэlукlэм зэрэхадзыщтхэ шыкlэр къэзыгъэнэфэрэ законыр изыхъухьэщтыгъэхэм ащыщыгъ.

Зэкlэ ахэр тарихъым щыщ къэбар кlэкlхэу илъэс мин фэдизкlэ узэкlэlэбэжьмэ, Пепау къушъхьэлъапэм Iут къосэгъу мэз гъэхъунэм къыщежьагъэхэр ары. Лlэшlэгъухэр тешlэфэ, а лlакъом щыщхэм къатекlыгъэхэм урысые чlыгум игъэкlотыгъэу зыщаушъомбгъугъ. Нэужым я XVI-рэ лlэшlэгъур ары апэрэу адыгэхэм ялlыкlохэр Урысыем, Москва ыцlэкlэ зэджагъэхэ Русым зыкlуагъэхэр. Нахь тэрэзэу къэпlон хъумэ, ежь-ежьырэу кlогъагъэхэп ахэр – макъэ къафашъыгъагъ лlэшlэгъухэм яшlэжь, къяджэгъагъэх ахэмэ ятыжъ пlашъэхэр. А лlэшlэгъу дэдэм ия 50-рэ илъэсхэм къохьэпlэ адыгэхэм, черкесхэм, къэбэртаехэм Москва екlурэ лъагъор пхыращыгъ.

*– Зэкlэ ахэмэ яхьылlагъэу художественнэ шlыкlэкъэгъэлъэгъуакlэхэмкlэ пшъхьапэу къащыпlотагъ уитарихъ романхэу «Рэдэд», «Адыгэхэр» зыфиlохэрэм. Москва, Русым лъэlукlэ зыфамыгъазэмэ мыхъунэу сыда адыгэхэр езыгъэзэзыгъагъэр?*

– Зэрэзэлъашlэу, адыгэхэм ятарихъ – тхьамыкlэгъо пшъэхъунэ зэрышlагъэм фэд. Лlэшlэгъу пчъагъэм къакlоцl тичlыгухэм лъыр агъачъэу щызэзаощтыгъэх. Хэта тэ тызе-

зымыпхъуагъэр – хазархэри, авархэри, аланхэри, русичхэри, монголхэри, тыркухэри, къырым татархэри, къумыкъу Астрахъан хъаныгъомрэ Нэгъой орда цІыкІумрэ ямурзэхэри огъу-огъоу адыгэ къуаджэхэм къатебанэхэти, аІэкІахьэрэр ахъункІэщтыгъэх, кІэлэ, пшъэшъэ ныбжьыкІэхэр агъэпщылІынхэу егъэзыгъэкІэ зыдащэщтыгъэх. УІагъэу къатыращагъэхэр кІыжьыгъо имыфэхэу, ятІуани, ящани пыйхэр къатебанэщтыгъэх. Я XV-рэ лІэшІэгъум ыкІэм къыщегъэжьагъэу Осмэн империе кІочІэшхом фэІорышІэщтыгъэ Къырым хъаныгъом адыгэхэр нахьыбэрэ къыгъэгумэкІыхэу къыублэгъагъ. Къохьэпӏэ адыгэхэм, нэмыкІэу къэпІон хъумэ, джы адыгэхэр зыщыпсэурэм, ячІыгу пэмычыжьэу, псыхъоу Тэн хым зыщыхэлъэдэжьырэм, тырку пытэпІэ пшъхьапэу Азов щагъэпсыгъагъ. Адыгэхэм ямызакъоу, УрысыемкІи щынагъом икъэкІуапІэу ар хъугъагъэ. Ари рамыгъэкъоу, къохьэпІэ адыгэхэм ячІыгоу щытыгъэ Тамань хыгъэхъунэныкъом тыркухэм пытапІэхэу Таманьрэ Темрыкъорэ щагъэпсыгъагъэх.

Тырку-къырым дзэхэр илъэс къэс пІоми хъунэу адыгэхэм ячІыгу къытебанэщтыгъэх. Апэрэм ахэр мылъкухэр атырахынхэмрэ гъэрхэр аубытынхэмрэ къащыуцущтыгъэхэмэ, уахътэ зытешІэм, ахэр нахь нэй-псый хъугъагъэх, адыгэхэм къядаохэу къырагъэжьэгъагъ ренэу тын гъэнэфагъэ аратызэ ашІынэу, ащи къыщымыуцухэу тыраубытагъ адыгэхэр дзэ кІуачІэкІэ къызыфагъэІорышІэнхэшъ, ежьхэм техэкІо политикэу Кавказым щызэрахьэрэмкІэ яІэшэ ІорышІэу ахэр агъэфедэнхэу. Адыгэхэм ячІыгухэу Пшызэ хым зыщыхэлъэдэжьырэм къыщегъэжьагъэу Терч хэлъэдэжьрэ псыхъоу Суипсэ нэс зызыушъомбгъуущтыгъэм ІэкІыб къэралхэр ащ фэдизэу къызыкІяхъуапсэщтыгъэхэр ябайныгъэрэ ядэхагъэрэ ямызакъоу, стратегическэ мэхьанэ зиІэ чІыпІэ Темыр Кавказым зэрэщаубытыщтыгъэр ары. Тырку султІанхэу I-рэ Сулейман, я II-рэ Селим, къырым хъанэу Долэтчэрые зыкІэхъопсыщтыгъэхэр адыгэ чІыгухэр зыІэкІалъхьанхэшъ, Темыр Кавказым егъэшІэрэу зыщагъэпытэнэу арыгъэ.

*— Адэ адыгэхэм, нахь тэрэзэу къэпІон зыхъукІэ, пщыоркъ Іэшъхьэтетхэм зэкІэ ахэмэ сыд еплъыкІа афыряІагъэр?*



— Адыгэхэр – Къохьэпӏэ Черкесиемрэ Къэбэртаерэ – лІэкъо пшІыкІутІоу зэпэІапчъэхэу псэущтыгъэх, макІэп ежьхэми Іашэр къызэрэзэфаІэтыщтыгъэр, джащ къыхэкІэуи аІэ зэкІэдзагъэу пыим пэуцужьынхэ алъэкІыщтыгъэп. Зэджэгъогъу-зэбэныжьыным лъэпкъым ыкІуачІэ къыкІыригъэчыщтыгъ.

*— Ар дэгъоу къащипІотыкІыгъ уитарихъ романхэм.... Адыгэ просветителэу Нэгъумэ Шорэ ащ фэгъэхьыгъэу мары ытхыщтыгъэр: «Народым ыгу зэрэкІодыгъэмрэ пщыхэр зэрэзэзаощтыгъэмрэ пыйхэм къызыфагъэфедэщтыгъ. Яхэгъэгу тхьамыкІагъоу къыфыкъокІыщтыгъэхэр цІыфхэм нахь къины къызакІыфэхъущтыгъэр ежь пщыхэр зэрэзэзаощтыгъэхэр ары. Зыгорэ зэтырахэу ахэр зэбэнызэпытыщтыгъэх...»*

— Ары, шъорышІыгъэмкІэ пщы-оркъхэм хэти янэкъокъун ылъэкІынэу щытыгъэп, ежь ашъхьэ ифедэ фэбанэхэзэ, народыри ашІоІофыжьыгъэп. Ау, сыд пае ягунахь пштэн, ахэтыгъэх пщы-оркъхэм Тыркуемрэ Къырымрэ апэуцужьыгъэнымкІэ бэшІагъэу хэгъэгу гъусэгъу лъыхъущтыгъэхэр, ащ пае темыр гъунэгъум – Москва ыцІэкІэ зэджагъэхэ Русым – ылъэныкъокІэ реплъэкІыщтыгъэхэр. Джары 1552-рэ илъэсым къыщегъэжьагъэу 1557-рэ илъэсым нэс, охътэ кІэкІ нахь азыфагу къимыфэу, бгъуитІумкІи федэу щыт зэзэгъыныгъэ зэдашІынэу игъоу афэзылъэгъурэ адыгэ лІыкІо купищ Москва зыкІэкІогъагъэр. Апэрэ адыгэ пщыхэу Къанэкъо Мэщыкъо, Елбэздыкъо Алклыч, Танащыкъо Москва зыкІогъагъэхэр 1552-рэ илъэсым ибжыхь ары. Пачъыхьэу я IV-рэ Иван «черкес чІыгу чыжьэм» къикІыгъэ лІыкІохэр Кремлым и Грановитэ палатэ щаІукІагъ. Адыгэхэм ялІыкІохэм Иван Грознэм къыфаІотагъ ячІыгухэр тыркухэмрэ къырым хъаным идзэхэмрэ зэрахъункІэхэрэр, агъэпщылІынхэу яныбжьыкІэхэр зэрэзыдыращыхэрэр. Пщыхэр урыс пачъыхьэм зэрелъэІугъэхэр техакІохэм ащиухъумэнхэу ары. Ащ ипэгъокІэу гущыІэ пытэ ратыгъ фэшъыпкъэхэу Русым къулыкъу зэрэфашІэщтымкІэ. Ахэмэ ягъусэу урыс дипломатэу, посольскэ приказым идьякэу Андрей Щепотьевыр шыудзэ нэбгырэ шъитІу кІыгъоу Темыр Кавказым къадэкІуагъэх.

А. Щепотьевыр илъэситIу фэдизрэ адыгэхэм ахэсыгъ, Русым гъусэныгъэ дашIымэ зышIоигъохэми, Тыркуемрэ Къырымрэ алъэныкъо зыгъэзэгъэныр нахь зышIотэрэзхэми ащ заIуигъэкIагъ. НэмыкIэу къэпIон хъумэ, пщыхэм ащыщхэр къыфэнэгуихыгъэу ащ къыпэгъокIыщтыгъэх, ащыщхэм зызэкIоцIаушъафэщтыгъэ е агъэджэгъогъущтыгъэ. Щепотьевым адыгэхэм яшэн-гъэпсыкIэ, ящыIэкIэ-зэхэтыкIэ, ядунэететыкIэ дэгъоу защигъэгъозагъ. Ары пакIошъ, рыгущыIэн ылъэкIэу абзи зэригъэшIагъ. Къыздищэгъэ шыудзэм адыгэхэм акIыгъоу къырым хъаным идзэкIолIхэр зэкIадзэжьхэу зэп зэрэхъугъэр.

*— ЯтIонэрэ адыгэ лIыкIо купыр сыдигъуа Москва зыкIогъагъэр?*

— Москва зыгъэзэжьыгъэ дьякэу А. Щепотьевым игъусэхэу август мазэм 1555-рэ илъэсым Жанэмэ япщышхоу Къаншъаукъо Шъэбэкъу япащэу пщы лIыкIо куп кIогъагъэ. Грановитэ палатэм адыгэ псалъэр джыри щыIугъ. Адыгэ лIыкIохэм къаIорэр ежь Щепотьевыр ары пачъыхьэм фызэзыдзэкIыщтыгъэр. Пщыхэм пачъыхьэм раIуагъэр ежь къафэIорышIэхэрэр ягъусэхэу егъашIэми Русым къулыкъу фашIэным, ащ ипыйхэм апэуцужьынхэм зэрэфэхьазырхэр ары. Адыгэмэ ялIыкIохэр ядэжь зыкIожьыгъэхэм бэ темышIагъэу Москва щызэхахыгъ къохьэпIэ адыгэхэм яуIэшыгъэ дзэкIолI купэу Къаншъаукъо Шъэбэкъу зипащэм тырку пытапIэхэу Таманьрэ Темрыкъорэ аштэхи зэхакъутагъэхэу. Ау щытми, уахътэ тешIагъэу тыркухэмрэ къырым татархэмрэ адыгэхэм а пытапIэхэр атырахыжьхи, зыпкъ рагъэуцожьыгъагъэх.

*— Адэ сыда ащыгъум урысхэр адыгэхэм IэпыIэгъу къазыкIыфэмыхъугъэхэр? А пытапIэхэр къохьэпIэ адыгэхэм ячIыгуба зэрытыгъэхэр?*

— Ахэр упчIэ къызэрыкIохэп. Iофыр зыфэгъэхьыгъагъэр а уахътэм ехъулIэу КъокIыпIэ Византиер, Константинополь, Египет, Сириер, нэмыкI къэралыгъохэри ыубытыхи, Тыркуер империеу, ар дунаим икъэралыгъо анахь кIочIэшхохэм ащыщ хъугъагъэ. Зытет шъыпкъэмкIэ, Осмэн империем хымэ чIыгухэр ыубытынхэмкIэ гухэлъэу иIагъэхэр нахьыбэрэмкIэ гъэцэкIагъэ хъугъагъэх. Московскэ Русыр арымэ, ар централизованнэ къэралыгъоу хъугъэкIагъэ, ыкIуачIэ зэкIиугъуаеу ригъэжьэгъагъ ныIэп. Ащ фэшI, къызэрэбгурыIонэуи, Тыркуем занкIэу езэоным фэягъэп. Арымырми, Темыр-КъохьэпIэ Кавказыр Осмэн империем «игухэлъ шъхьаIэхэм» джыри ащыщыгъэп — фэшъхьаф стратегическэ гухэлъых ащ иIагъэхэр. Ащ дакIоуи Тыркуер фэягъэп Московскэ Русым ыкIуачIэ хэхъонэу, Темыр-КъохьэпIэ Кавказымрэ хы ШIуцIэ Iушъомрэ ащ ыIэ илъы хъунхэу. Урысыер хы ШIуцIэм Iухьан ылъэкIынэу хъуным Англиери, Франциери зэралъэкIыкIэ къыпэуцужьыщтыгъэх. Илъэсыбэхэм, ары пакIошъ, илъэсишъэхэм къакIоцI Кавказым имызакъоу, зэкIэ дунаим къырыкIощтыр къэзыгъэнэфэрэ политикэшхоу ар щытыгъ. Ау ащ нахь куоу а Iофыгъом тырымыгъэгущыI — тэ тыписатель нахь, тытарихъ шIэныгъэлэжьэп.

*— Ащ фэдиз уахътэм къыкIоцI Московскэ Русым гъусагъэ дыриIэ ышIыным Черкесиер ишъыпкъэу, теубытагъэ фыриIэу ыуж итыгъ, арыба?*

— Ары, июнь мазэм 1557-рэ илъэсым адыгэ дзэкIолI куп Урысыем дзэ къулыкъу щахьынэу Москва кIогъагъэ. Адыгэхэм ялIыкIохэм джыри япэщагъэр Жанэмэ япщышхоу (Темыр-КъохьэпIэ Черкесием щыщыгъ) Къаншъаукъо Шъэбэкъу арыгъэ, Къэбэртаем иапшъэрэ пщэу Идарэ Темрыкъо пшъэрылъ зэрэфишIыгъэм теткIэ ащ игъусагъ къэбэртаемэ ялIыкIоу Къанэкъо пщыр. ЛIыкIо дьякэу Андрей Щепотьевым пачъыхьэм фызэридзэкIыгъ Къанэкъом ипсалъэ, ащ имэхьанэ къызэрэбгурыIон фэгъэр «Къэбэртаем ипщы шъхьаIэу Идарэ Темрыкъо урыс пачъыхьэм зэрелъэIурэр къэбэртэе чIыгур ыIэмычIэ рилъхьанышъ, сыд фэдэрэ джэгъогъуи ар ащиухъумэнэу ары…»

*— Ащ ехьылIагъэу О.Л. Опрышко итхылъэу «Тарихъым илъагъохэмкIэ» зыфиIорэм мары щитхырэр: «Хэгъэгу гъусэ фэдэу Къэбэртае Русым хэхьэгъагъ. Ащ къыщегъэжьагъэу къэбэртаехэм япшъэрылъэу хъугъагъэр, нэмыкI цIыф лъэпкъхэу хэгъэгум щыпсэухэрэм афэдэу, зэдыряпыим пэуцужьынхэу заохэм ахэлэжьэнхэу ары…»*

— Шъыпкъэ, Балтийскэ хым екIолIэн ылъэкIэу хъуным, илъэс шъищкIэ узэкIэлэбэжьмэ нэмыц рыцархэм аубытыгъэгъэ урысые чIыгухэр къатехыжьыгъэным апае 1558-рэ илъэсым ипэублэ Русым заоу Ливонием ришIылIэгъагъэм

дзэкIолI нэбгырэ мин 40 хъущтыгъэ урысыдзэм, къэзан татархэмрэ чувашхэмрэ ягъусэхэу, адыгэхэри хэтыгъэх. А заом хэлэжьэгъэ адыгэ шыудзэу пщыхэу Къаншъаукъо Шъэбэкъурэ Къанэкъо Мэщыкъорэ зипэщагъэм ищытхъу аригъэIогъагъ. Ахэр заумэхъыхэ нэужым, ахэмэ зэряджэхэ хъугъагъэр Василий Сибок, Иван Машук.

Джаущтэу, 1558-рэ илъэсым иоктябрэ мазэ къыщегъэжьагъэу, адыгэ пщыхэм якIалэхэм Московскэ Русым дзэ къулыкъур щахьэу, пачъыхьэу Иван Грознэм иунэ щыпсэуххэу рагъэжьагъ. Апэу Къэбэртае икIи къулыкъу щашIэнэу Русым кIогъагъэр Идарэ Темрыкъо ыкъоу СултIан ары, заумэхъ нэужым ащ цIэу фаусыгъагъэр Михаил. «Пачъыхьэм унашъо афишIыгъагъ ар рагъэджэнэу…» Пщэу Михаил Темрыкъо ыкъо Черкасскэр егъэшIэрэу Урысыем къинэгъагъ. Москва гъэсэныгъэ щызыгъотыгъэ апэрэ адыгэу, Русым идзэпащэ анахьышIухэм ащыщэу ар хъугъагъэ.

*— Исхьакъ, зэрэзэлъашIэрэмкIэ, Московскэ Русым ныбджэгъу, зэгъусэныгъэ-зэфыщытыкIэ пытэхэр дыряIэ хъунхэмкIэ зишIогъэшхо къэкIуагъэр къэбэртэе пщы шъхьаIэу Идарэ Темрыкъо иунагъу ары. Уироманэу «Адыгэхэр» зыфиIорэм нэкIубгъо макIэп ащ щиубытыгъэр.*

– Идар Темрыкъо итеплъэ-Iуплъэкlи, ишэн-зекIуакIэкIи гум къинэжьырэ цIыфыгъ. Шъэджэшъагъэ, пшысэхэм къахэфэрэ кIочIэшхо дэдэхэм афэдагъ, цIыф шъыпкъ зыфаIорэр угу къыгъэкIэу ищыIэкIэ-псэукIэ ыгъэпсыгъагъ (упкIэ къодыер икIэдзэнэу, кIакIор итехъонэу щагум, жьы къабзэм щычъыещтыгъ, анахь шхын къызэрыкIу игъомылагъэр). Рыцарь шъыпкъагъ ар, ежь къыгъэшIагъэм пыим ошIэ-дэмышIэу тебанэщтыгъэп, зэфагъэ зыхэлъ шъхьэихыгъэ зэо-банэр ары ныIэп лIыгъэкIэ ылъытэщтыгъэр.

Ащ къуиплIырэ – Доманыкъу, Мамсрыкъу, Былгъэйрыкъу, СултIан, пхъуищрэ – Алтынчач, Малхъурыб, Гощэунай иIагъэх. Алтынчач – астрахъан пщым ыкъоу Бекбулат, Малхъурыб – нэгъой ордам ихъан ыкъоу Тинехмет шъхьэгъусэкIэ адигъэкIогъагъэх. Джаущтэу Идар Астрахъан пщыгъомрэ Нэгъой ордамрэ благъэ зыфишIыгъагъэх. Нэужым Астрахъан пщыгъор Русым зыхэхьэм, я IV-рэ Иван Бекбулатрэ Алтынчачрэ чIыгу пшъхьапэхэу псыхъоу Ока голъэшъуагъэхэр аритыгъэх. Ащ ыуж Тинехметрэ Малхъурыбрэ Москва щыпсэунхэу мэкIожьых, пщы лIакъоу Урусовхэм лъапсэ фэхъух. Джаущтэу я IV-рэ Иван зэблэгъэ-зэфыщытыкIэ амалхэмкIэ иджэгъогъухэм апэуцужьын зылъэкIыщт кIуачIэ зэригъэуIущтыгъ, Идарэ Темрыкъуи ежь итетыгъо Къэбэртае щигъэпытэщтыгъ, ихэгъэгу ишъхьафитныгъи къыухъумэщтыгъ.

1560-рэ илъэсым иавгуст мазэ Иван Грознэм ишъхьэгъусэу Анастасия Романовам идунай ыхъожьыгъ. Илъэс 30 нахь ымыныбжьэу пачъыхьэр лIэгъуабэу къэнагъ. Исабый цIыкIуитIу ибэ хъугъагъэх. Ишъхьэгъусэ щэнаут уцыкIэ агъэлIагъэу ылъыти, Иван Грознэм игубж боярхэмрэ дворянхэмрэ атырикъутэгъагъ. ЯтIонэрэу къыщэнэу ар къезэгъыгъагъ, ау амыгъэцакIэмэ мыхъунэу ащ къыпилъхьэгъагъэр шъхьэгъусэ фэхъущтым Русыр арымырэу, фэшъхьаф чIыгухэм ащылъыхъунхэу ары. НэмыкIэу къэпIон хъумэ, пачъыхьэм ятIонэрэу къыщэныр анахьэу политикэ гухэлъхэр ары зэрипхыщтыгъэр.

ЛIыкIо купищ агъэхьазырыгъагъ зыр Польшэм – ащ икорольрэ, Литвам – ащ ипщышхоу я II-рэ Сигизмунд Августрэ адэжь, Швецием – ащ икоролэу Густаврэ, Жанэим – ащ ипщэу Къаншъаукъо Шъэбэкъурэ адэжь. Польшэм икороль ипшъашъэ пае бащэ къызыкIэлъэIугъагъэр – къалэхэу Новгород, Смоленск, Псков, Черниговскэ хэкур. Швециеу, зытет шъыпкъэмкIэ Урысыем къезаощтыгъэр Iоф къыдыриIэнкIэ фэягъэп. Жанэим агъэкIогъэгъэ Борис Сухиными иIоф къыдэхъугъэп: къохьэпIэ адыгэхэм къарыкIощтым фэгъэхьыгъэу Иван Грознэм шъэфэу Тыркуем зэIукIэгъухэр зэрэдыриIэхэр зышIэгъэ Къаншъаукъо Шъэбэкъу ыпхъу урыс пачъыхьэм къыритын ыдагъэп. Джащыгъум а гухэлъым пае Къэбэртае агъэкIуагъэх лIыкIохэу Петр Вокшеринымрэ подьячэу Семен Мякишинымрэ. ЗыдагъэкIуагъэхэм бащэрэ къэтыгъэми, Идарэ Темрыкъо ыпхъу анахьыкIэу Гощэунае Москва къызыдащагъ, Иван Грознэр гъэшIуабзэкIэ ащ зэреджэщтыгъэр Кученей. Пщым ыпхъу игъусагъэх ышнахьыжъэу Доманыкъорэ ышыпхъоу Алтынчачрэ. Шыу минрэ ныкъорэ фэдиз ащ кIыгъугъэх. Гощэунае аумэхъи, МариекIэ –

Мария Темрыкъо ыпхъукIэ еджэгъагъэх. Пачъыхьэм ар зыгуатхагъэр августым и 21-м 1561-рэ илъэсыр ары. Джащ къыщегъэжьагъэу Урысыемрэ Къэбэртаерэ язэфыщытыкIэхэр джыри нахь пытэ хъугъагъэх.

*— Ащ къыщегъэжьагъэу арыба адыгэ пщыхэм якIалэхэм Урысыем идзэ къулыкъу щашIэу зырагъэжьагъэр.*

— Адыгэ лIэкъолъэшхэм Русым дзэ къулыкъу щашIэу зырагъэжьагъэр 1557-рэ илъэсыр ары, джащыгъум пщыхэу Шъэбэкъурэ Мэщыкъорэ яшыу дзэкIолIхэр ягъусэхэу Москва кIогъагъэх. Къаншъаукъо Шъэбэкъу ядэжь къызегъэзэжьым, ыкъо Къудадэкъ къыгъэнэгъагъ, заумэхъым, Александр фаусыгъагъ. Идарэ Темрыкъо ыкъоу СултIан, Михаил Черкасскэм, мыщ ыпшъэкIэ игугъу къэсшIыгъах.

Иван Грознэм ишъхьэгъусэ ышнахьыжъэу Черкасский Мамсрыкъу Темрыкъо ыкъоу 1565-рэ илъэсым апэрэу Москва кIогъагъэр урыс народым щымыгъупшэжьынэу ишIэжь къыхэнагъ.

*— ИпкъызэхэлъыкIэкIи илIыхъужъыгъэкIи гум къинэжьырэ цIыфэу ар щытыгъ. Джащ фэдэу ары Мамсрыкъо «Адыгэхэр» зыфиIорэ уироман къызэрэщыбгъэлъэгъуагъэр. Жьы зыкIэтэу, гум къинэжьырэ образ ар.*

— Черкасскэ Мамсрыкъо Урысыем зэрэщыIагъэр урыс жэрыIо творчествэми игъэкIотыгъэу къыщыгъэлъэгъуагъэ хъугъэ, ащ ехьылIагъэу, зэфэшъхьафэу пчъагъэрэ зэтеIотыкIыгъэу тарихъ орэд зэхалъхьэгъагъ, джа орэдыр ары «Песня про царя Ивана Васильевича, молодого опричника и удалого купца Калашникова» зыфиIорэ поэмэр ытхыным М.Ю. Лермонтовыр тезыгъэгушхухьагъэр.

Орэдхэмрэ таурыхъхэмрэ бэрэ ащ игугъу зэращашIырэр пачъыхьэм ишъхьэгъусэ ыш кIасэу ары. Документхэм къызэраушыхьатырэмкIэ, пачъыхьэм ишъхьэгъусэ ыш лъэшэу ыгу рихьыщтыгъ, ыгъэшIагъощтыгъ ащ иинагъэ, ыкIуачIэ, ипсэемыблэжьыныгъэ. «Ой ты гой еси, черкесский князь, велик ростом уродился ты...» Мамсрыкъо фэгъэхьыгъэ а гущыIэхэр «Адыгэ пщыхэм ялIэкъо зэтекIхэр» зыфиIорэ тхылъыми къыщегъэшъыпкъэжьы: «Мамсрыкъо лIы хьалэлышхуагъ, ащ Къэбэртае щыщыщынэщтыгъэх».



Идар Мамсрыкъо сентябрэм ыкIэм 1565-рэ илъэсым Москва къыбгынагъ. ИшIупщэу Идарэ Темрыкъо илъэIу фигъэцакIэзэ, Иван Грознэм стрелецхэмрэ къэзэкъхэмрэ зыкIыгъухэ Матвей Ржевскэр Къэбэртае кIорэ Мамсрыкъо гъусэ фишIыгъэх. Стрелец дзэкIолI ятIонэрэ купэу дзэпащэу Иван Дашковым игъусагъэр лъэсэу игъогу техьагъ, етIанэ Волгэ зынэсыхэм, къухьэкIэ ягъогу лъагъэкIотагъ. Нэужым зы дзэкупэу зэхэхьажьыхэшъ, Мамсрыкъо япащэу заокIэ Къэбэртэешхом ихьагъэх. Ащ тетыгъор щызыIыгъыгъэхэр Къырым хъаныгъом гъусагъэ фашIыным дезыгъаштэщтыгъэхэ Къайтыкъопщыхэу Идар Темрыкъо къыфэIорышIэнкIэ фэмыягъэхэр ары.

Я XVII-рэ лIэшIэгъум ипэублэ ышнахьыжъ Доманыкъо игъусэу Мамсрыкъо Къэбэртае щыщ чIыгоу Къазыйпщыхэм тетыгъор зыщаIыгъыгъэм рагъэблэгъагъэх. УшъхьагъукIэ къызфагъэфедагъэр Къэбертае щылъэрыхьэщтыгъэхэ а лIэкъолъэшхэр зэрэзэзэгъынхэ амылъэкIырэ Iофыгъохэм-кIэ хэкIыпIэ къафагъотынэу ары. Документхэм къызэраушыхьатырэмкIэ, зэшхэр «зэкIоцIыпхагъэхэу чэщ-мэфитIо аIыгъыгъэх, ящэнэрэ мафэм аукIыгъэх». Ятэ осыетэу къафишIыжьыгъагъэм ахэр епцIыжьыгъэхэп: къумалыгъэм ычIыпIэ хьадэгъур къыхахыгъ. Мамсрыкъо икIалэхэми, ятэжърэ ятэрэ щысэ атырахызэ, къулыкъу щашIэнэу Урысыем кIогъагъэх.

КъэIогъэн фае зэкIэ Черкасскэхэр сыд фэдэ къулыкъукIи псынкIэу апэкIэ зэрэлъыкIуатэщтыгъэхэр, Урысыем къэралыгъо, дзэ IэнэтIэшхохэр зэращафагъэшъуашэщтыгъэхэр. Тыгу къэдгъэкIыжьыных Черкасскэ Михаил Темрыкъо ыкъор, Черкасскэ Василий Къэрданыкъо ыкъор (Москва и Полкышхо идзэпэщагъэр, псыхъоу Ока щыIэгъэ Полк шъхьаIэм идзэпэщагъэр, Каширэ и Апэрэ дзэпэщагъэр), Черкасскэ Борис Къамболэт ыкъор — Новгородрэ Тулэрэ дзэпащэу яIагъэр. Къырым хъанэу Къазджэрые дзэкIолI минишъэм ипащэу Урысыем къызытебанэм, ащ пэуцужьыгъэ урысыдзэм ипэщагъэу Борис Черкасскэ пщым сэнаущыгъэшхо зыхэлъ дзэпащэу зыкъигъэлъэгъуагъ — ежь зипэщэ дзэм нахь дзэшхор зэхикъутагъ, ащ пае бояриныцIэр къыфагъэшъуаши, хэгъэгумкIэ анахь дзэпэщэ цIэрыIоу алъытэ хъугъэ.

Ащ ишъхьэгъусагъэр Никита Романовым ыпхъу ары. Борис Годунов пачъыхьэм ар Романовхэм зэрапэблагъэм пае ипыеу ылъытэзэ, зыныбжь хэкІотэгъэ дзэпащэр, бояриныр пхъэлъахъэхэр телъэу аригъэІыгъыгъ. Нэужым пщыр ишъхьэгъусэу Марфэрэ ыпхъухэмрэ кІыгъухэу Белозерье шъхьафитынчъэу арагъэщэгъагъэх. Ахэмэ ягъусагъ Романов Федор Никитэ ыкъом ишъаоу, илъэситф зыныбжь Михаил. Джаущтэу Черкасскэхэм пачъыхьэ хъущтыр, Романовхэм ядинастие лъапсэ фэзышІыгъэр апІугъ.

1613-рэ илъэсым я II-рэ Лжедмитриеу Борис Черкасскэм ыкъоу Иваныпщыр пхъашэу зыпэуцужьыщтыгъэр зытырадзым, Земскэ соборым Романов Михаил Федор ыкъор Урысыем ипачъыхьэу хадзыгъ. Джащыгъум апэрэ мафэм къыщегъэжьагъэу Черкасскэ Иван Борис ыкъор пачъыхьэ ныбжьыкІэм иІэпыІэгъушІоу хъугъэ. Стрелецкэ, Иноземнэ, Казеннэ щагухэм, Казнэшхом ІэнэтІэшхохэр ащигъэцакІэщтыгъэх, нэужым – Урысые правительствэм ипэщагъ.

Урысыем мымакІэу яшІуагъэ рагъэкІыгъ Черкасскэхэу Дмитрий Мамсрыкъо ыкъомрэ Яков Къудэнэт ыкъомрэ. Апэрэр Дмитрий Пожарскэм игъусэу я II-рэ Лжедмитрий езэуагъ. Пачъыхьэм истольникэу Михаил Бутурлиным игъусэу Дмитрий Черкасскэм Вязьмэ, Дрогобуж, пытапІэу Белэм, Смоленскэ польскэ-литовскэ техакІохэр адэзыфыхи шъхьафит зышІыжьыгъэхэм ащыщых. Ащ пае боярин титул къыфагъэшъошагъ. Илъэс 32-рэ ыныбжьыгъ Боярскэ думэм зыхадзым. Илъэс 20-м къехъурэ Боярскэ думэм иІофшІэн хэлэжьагъ Черкасскэ Яков Къудэнэт ыкъори, ар къэралыгъо ІэнэтІэшхохэм аІутыгъ, нэужым правительствэми ипэщагъ. Зытет шъыпкъэмкІэ, пачъыхьэм ыуж къызинэкІэ, Урысыем иятІонэрэ ІэнатІэ ыгъэцакІэщтыгъ.

Джащ фэдэу Урысыем итарихъ хэмыкІокІэжьын лъэуж щыпхыращыгъ Черкасскэхэу Григорий Сунчалей ыкъомрэ Михаил Алэджыкъо ыкъомрэ. Апэрэр илъэс тІокІ пІоми хъунэу пачъыхьэм анахь пэблэгъэ цІыфхэм ащыщыгъ, ятІонэрэр – Новгород полкым идзэпащагъ, бояриныгъ. Тыркуемрэ Къырымрэ апэшІуекІорэ заом дзэпащэ ІэпэІасэу зыкъыщигъэлъэгъуагъ. 1682-рэ илъэсым стрелецхэм



зыкъаІэтыгъагъ ежьхэм нахь агу рихьырэ Софье, нэужым пачъыхьэ хъугъэ I-рэ Петр ышыпхъу, пачъыхьэ ІэнатІэр рагъэубытынэу ары ахэр зыпылъыгъэхэр. Джащыгъум Черкасскэ Михаил Алэджыкъо ыкъом теубытэгъэ пытэ хэлъэу пачъыхьэ хъущт Петр гоуцуагъ. А уахътэм Петр илъэсипшІ ыныбжьыгъэр. Михаил Черкасскэр ары «зэщтегъэу полкхэу» Петр Алексей ыкъо кІэлакІэр зыпкъ иуцонымкІэ зишІогъэшхо къэзыгъэкІуагъэхэр къэзыугупшыси зэхэзыщэгъагъэхэр.

*– Нафэу зэрэщытымкІэ, I-рэ Петр анахь гумэкІ шъхьаІэу иІагъэр Урысыем пае военнэ-хы флотрэ дзэ кІочІэшхорэ зэхэщэгъэнхэр ары.*

– Ары. АхэмкІэ апэрэ генералиссимусэу 1695-рэ илъэсым икІэух хъугъагъэри Черкасскэ Михаил Алэджыкъо ыкъор ары. Стрелецхэм зыкъызэраІэтыгъагъэм иІоф изэхэфын 1695-рэ илъэсым икІэух Михаил Алэджыкъо ыкъор чанэу хэлэжьагъ. Художникэу Суриковым ышІыгъэ сурэтэу «Утро стрелецкой казни» зыфиІорэм узэреплъэу, боярин щыгъынкІэ фэпагъэу, лІы ІэмлъэмжэкІэшхо инэу нэм къыкІидзэрэр ары Черкасскэ пщыр.

Тен щыщ къэзэкъэу Ермак ыІэ къырыгъэхьагъ Сыбыр. ЧІыгу бай хьалэмэтым Іашэ ыІыгъэу ары ар къызэрэкІогъагъэр. Адэ къазгъыррэ пхъэхырэ иІэдэжьхэу хэт ащ кІощтыр? Хэт Сыбыр ибайныгъэхэр хабзэм Іэрылъхьэ къыфэзышІыщтхэр? Урысыем ичІыгукІэхэр апэрэу зыІэ къизыгъэхьагъэхэм ащыщыгъ ыкъохэу Петрэрэ Алексейрэ зыкІыгъугъэхэ Черкасскэ Михаил Яков ыкъор. Петр I-м хэгъэгумкІэ анахь мэхьанэшхо зиІэ Іофыгъохэр арых ащ ыпшъэ рилъхьэщтыгъэхэр. Илъэс щэкІым къыкІоцІ Черкасскэ пщыхэм гъучІыр, гъуаплъэр, дышъэр, къухьэ зыхашІыкІырэ пхъэ гъэхьазырыгъэр, хъурышъор зэпымыоу урысые пачъыхьэм къыІэкІагъэхьагъ.

Мэхьанэшхо зиІэ, шІуагъэ зыпылъ Іофыб Черкасскэ адыгэ пщыхэм Урысыем пае ашІагъэр, ау зэкІэми анахьыбэ хэгъэгум фэзышІагъэр Михаил Яков ыкъом ыкъоу Алексей. Ятэ игъусэу Сыбыр Іоф щишІэзэ, псэолъэшІ ІэпэІасэу ар хъугъагъэ. Апэрэ Петр ащ гу лъетэшъ, Санкт-Петербургэу агъэпсыщтыгъэм иканцелярие пащэ фешІы. Петропавловскэ пытапІэр, гардемаринхэм яучилищ, хынэпкъ къухьэ-

уцупӀэхэр, пхъэзэпыхыпӀэ, чырбыщгъэжъэ заводхэу нахьыпэм темэныпъэгъэ чӀыпӀэхэм къарытэджэгъагъэхэр – зэкӀэ ахэр зиакъылкӀэ зиӀэпэсэныгъэкӀэ языгъэшӀыгъэхэр Черкасскэ Алексей. Джащ фэдэу ежь иахъщэкӀэ ыкӀи ипроектыкӀэ адыгэ пщым къухьэшӀ завод анахь инхэм ащыщ зэтырарагъэпсыхьагъ.

А.М. Черкасскэ пщым сыд ӀэнатӀа ымыгъэцэкӀагъэр? Сыбыр игубернаторыгъ, императрицэу Апэрэ Екатеринэ иупчӀэжьэгъугъ, императрицэу Анна Иоанн ыпхъум итетыгъом Сенатым ичленхэм ащыщыгъ. 1731-рэ илъэсым ибжыхьэ нэбгырищ – Остерман, Головиныр ыкӀи Черкасскэ Алексей Михаил ыкъор – хахьэхэу министрэхэм я Кабинет Урысыем щызэхащэгъагъ.

ЩыӀэныгъэм узыщырихьылӀэщтыр къэшӀэгъуай. Народым изыкӀыныгъэ и Мафэ игъэмэфэкӀын фэгъэхьыгъэу Кремлэм джырэблагъэ тырагъэблэгъагъэу Черкасскэ Алексей Михаил ыкъом ыкъоу, Францием къикӀыгъэ музыкантэу Черкасскэ Михаил а зы столым сыдыпэсынэу хъугъагъэ. Ятэжъ пӀэшъэ цӀэрыӀо икъэбар ешӀэмэ сӀуи сызэреупчӀыгъэм иджэуапэу, гушӀом зэлъиштагъэу къысиӀожьыгъ: «СэшӀэ адэ!» ЕтӀанэ гущыӀэгъу тызэфэхъугъ.

Илъэсыбэу къыгъэшӀагъэм къыкӀоцӀ А.М. Черкасскэм мылъку шӀукӀае ыугъоигъагъ. Ыпхъоу Варварэ поэт цӀэрыӀоу Антиох Кантемир къепсэлъыхъоштыгъ. Ау ар зыдэкӀогъагъэр Петр Шереметьев генералыр ары. Черкасскэхэм зэкӀэ мылъкушхоу зэӀуагъэкӀагъэм инахьыбэ зыпэӀухьагъэр Шереметьевхэм ящагушхо цӀэрыӀоу Останкинэм – парки, двореци, опернэ театри, фэшъхьаф псэуалъэхэри зыхэтхэм – игъэпсын ары. Останкинэр – Урысыер зэрыгушхорэ псэолъэ пшъхьап, урысые къэралыгъом италантхэм, ежь Черкасскэ пщыхэм ахэлъыгъэ зэчыишхом ясаугъэт, урыс, адыгэ цӀыф лъэпкъхэм язэкъош зэфыщытыкӀэхэр къэзыушыхьатырэ саугъэт.

ЗэкӀэзэужэу илъэсхэр, илъэсипшӀыхэр, лӀэшӀэгъухэр тешӀэщтых. Адыгэ пщышхохэу Рэдэд, Идар Темрыкъо ятэ къатекӀыгъэхэм яталант, акӀуачӀэ, янамыс фагъэшӀушӀэзэ, Урысые къэралыгъом ыкӀочӀэ цыхьэшӀэгъоу, ежь урыс тарихъым щыщ шъыпкъэу хъужьыщтых, ау ахэмэ яӀофшӀагъэрэ ялӀыхъужъыгъэрэ тарихъым къыхэнэщтых.



*– Арышъ, илъэс 450-кӀэ узэкӀэӀэбэжьмэ, урыс народым гуфэбэныгъэ зыхэлъ зэблэгъэныгъэ зэфыщытыкӀэхэр дытиӀэ хъугъагъэх, адыгэхэм хьалэлэу, фэшъыпкъэхэу Урысыем къулыкъу фашӀыщтыгъ. Адэ ар народхэм язэгъусэныгъэу лӀэшӀэгъу пчъагъэ зыкъудыигъэр лъэныкъуитӀумкӀи федэу щытыгъэу пӀон плъэкӀыщта?*

– Ӏо хэмылъэу, джары зэрэщытыгъэр.

*– Ары шъхьаем, щыӀ фэшъхьаф еплъыкӀи, анахьэу ащ игугъу зышӀыхэрэр тарихъым пылъ ученэхэр ары. Ӏофыр зыфэгъэхьыгъэр ежь яшӀоигъоныгъэкӀэ адыгэ народхэр Урысые къэралыгъом зэрэхэхьагъэхэр ары. Ахэмэ зэраӀорэмкӀэ, ӀэкӀыб къэралыгъо пыйхэм зэгъусэхэу апэуцужьынхэм фэгъэхьыгъэ военнэ-политическэ зэгъусэныгъэ 1557-рэ илъэсым Урысыемрэ Черкесиемрэ зэдашӀыгъагъэу ары.*

– Мы тапэкӀэ къэсӀогъагъ тарихъым сызэримышӀэныгъэлэжьыр, джащ къыхэкӀэу а темэмкӀэ научнэ дискуссие адэсшӀын сыгу хэлъэп. Сэ сыписатель, ащ дакӀоу Адыгеими, Урысыеми анахь мэхьанэшхо зэратырэ общественнэ хъугъэ-шӀагъэхэм чанэу сахэлажьэ. ЗэкӀэ сипроизведениехэм къащысэушыхьаты зызэзымыхъокӀыжьырэ интернационалистэу сызэрэщытыр.

*– Гухэлъ гъэнэфагъэ зыфэбгъэуцужьэу уащылъыхъугъэми, уироман горэми лъэпкъ, интернациональнэ Ӏофыгъохэм, фэшъхьаф цӀыф лъэпкъхэм афыряӀэ фыщытыкӀэхэмкӀэ щэӀагъэ къызыхэгъэфэгъэным ыкӀи шъхьадж зыфэе диныр ылэжьын зэрэфитым яӀофыгъохэу цӀыфым игузэхашӀэ фэгъэхьыгъэхэмкӀэ зэфэнчъагъэ къызыхэбгъэфагъэу хэти ыӀон ылъэкӀынэп. Урысые Федерацием и Общественнэ палатэ узэрэхэтым, ащ и Комиссие узэритхьамэтэ гуадзэм елъытыгъэу а Ӏофыгъохэм мафэ къэс пӀоми хъунэу щыӀэныгъэм уащеутэкӀэу къызэрэхэкӀырэр сыдми хъугъэ Ӏофэп. О уинтернационалист ин къодыеп. Тхылъеджэхэм агу къэзгъэкӀыжьымэ сшӀоигъу: уисэнэхьатэгъухэу, уиныбджэгъухэу непэрэ урыс писателышхохэм гъунэнчъэу Адыгеир, уигупсэ народ шӀу зэрэплъэгъухэрэр хагъэунэфыкӀызэ, о уасэ къызэрэпфашӀырэр Урысые къэралыгъор зэрэбгъэлъапӀэрэр ары.*

– Тхьэуегъэпсэу хэгъэгум сызэрэфыщытыр сыгу къызэрэбгъэкIыжьыгъэм пае. ИщыкIагъэп непэ ушъхьагъу горэхэр IэубытыпIэ шIыгъэнхэу. Шъыпкъэмкlэ, тарихъыми, щыIэныгъэми Iофыгъохэр зэращырекIокIыхэрэр, тэ къызэрэтшIошIэу, ащ фэдэу къызэрыкIо шIыкIэп. Iо хэмылъэу, тятэжъ пIашъэхэм акъылъышIуагъэ къызыхагъафэзэ, 1557-рэ илъэсым пэублэ зыфашIыгъэгъэ Iоф шIагъор я XIX-рэ лIэшIэгъум адыгэхэмкIэ тхьамыкIэгъошхокIэ ухыгъэ зэрэхъугъэр гукъэошху. «Политикэшхоу» пхыригъэкIырэм тегъэпсыкIыгъэу, сыд фэдэ телъхьапIэ гъэфедагъэми, адыгэхэм ячIыгухэр ыIэ къырыгъэхьанхэм, хы ШIуцIэм иIухьапIэхэр иунаехэу зыIэкIиубытэнхэм апае урысые пачъыхьагъум адыгэ лъэпкъыр зэтыриукIагъ, псэоу къэнагъэми ичIыгу ригъэбгынагъ. ГухэкI нахь мышIэми, адыгэ лIэкъолъэшхэми акъылышIуагъэ къызыхагъэфагъ пIон плъэкIыщтэп – урыс пачъыхьагъум жабзэ къыфагъотэу лъэпкъыр къызэтырагъэнагъэп. Урысые къэралыгъом хэтхэу къэнэгъагъэхэмэ, адыгэхэр зэрысын чIыпIэ ежь ичIыгужъи, Пшызэ шъолъырыми ащагъотыныгъи.

Мары тэ «толерантность» тэIо. Сыда а гущыIэм имэхьанэ? ЗэкIэми апэу ар щэIагъэ зэфыуиIэныр, шъхьэкIафэ зэфэпшIыныр ары. Фэшъхьаф лъэпкъ щыщ цIыфым шъхьэкIафэ фэшIыгъэным о пшъхьи уегъэлъытэжьы. ЦIыфхэм шIукIэ ягупшысэрэр ежьыри нахьышIу мэхъу – зыкIаIуагъэр сыд пшIошIырэ? Зэрэпсэоу штагъэмэ, лъэпкъыми джар епIолIэн плъэкIыщт. ЗышIошIыжьынрэ пэгагъэрэ къызыхэтымыгъафэхэу, щэIагъэрэ шъхьэкIафэрэ зэфэтшIыжьызэ тизэфыщытыкIэхэр дгъэпсыхэ зыхъукIэ, мамырныгъэм, зэкъошныгъэм хьалэл зэгъунэгъуныгъэм язэпхыныгъэхэр нахь пытэ хъущтых. Лъэпкъхэм язэблэгъэныгъэкIэ мэхьанэшхо иI цыхьэ зэфэшIыгъэным. Ащ фэдэ цыхьэ зэфэшIынымрэ шъхьэкIафэ зэфыуиIэнымрэ зытырагъэпсыкIыхэрэр зэгурыIонхэр ары. Ицыф гъэпсыкIэ, ишэн-зекIуакIэ, ятарихъ, абзэ умышIэу фэшъхьаф народ фэшъхьаф цIыф угурыIон плъэкIыщтэп. Зэрэзэрэмышlэхэрэр ары цIыфхэр зэпэIапчъэ зышIыхэрэр.

*– Исхьакъ, емызэгъыгъуаеу моущтэу аIо: народхэр зэджэгъогъу хъухэу мэкIэ дэд къызэрэхэкIырэр, ахэр зэщызыхъохэрэр, телъхьэпIэ зэфэшъхьафхэр Iэубытыпlэ ашIызэ, нэхъоинчъэ политикэу ежь ашъхьэ ифедэ щэхъу ымыгъэгумэкIыхэрэр ары.*

– Тэрэз. Джары народым зэрилъытэрэри, ар зыпарэкIи хэукъорэп. Тинарод тштэмэ, фэшъхьаф народхэмкIэ сыдигъуи щэIагъэ къыхафэщтыгъ, ахэмэ агурыIощтыгъ.

Джырэ тилъэхъанкIэ анахь мэхьанэшхо зиIэр Урысыем ицIыф лъэпкъхэм язэблэгъэныгъэ, ямамыр зэдэпсэукIэ, язэгурыIоныгъэ къэухъумэгъэныр, гъэпытэгъэныр, щэIагъэ зэфыряIэу ыкIи шъхьэкIафэ зэфашIэу мамырэу зэдыщыIэнхэр ары. ЗэкIэми тэ зэдытиунэм – Урысые Федерацием тыщэпсэу, я 90-рэ илъэсхэм экономикэмкIи, социальнэ лъэныкъомкIи зэхъокIныгъэ къинхэу зыхэфэгъагъэхэр къызэринэкIыгъэхэу, джы ащ ицыхьэ зытелъыжьэу ыпэкIэ лъэкIуатэ, кIочIэ инэу, щытхъоу иIагъэхэр зыпкъы регъэуцожьых, тэри типшъэрылъыр зэщыхьагъу тызышIынкIэ пылъхэм ягухэлъ къадэтымыгъэхъуныр ары. Зэблэгъэныгъэмрэ зэфэхьалэл зэгъунэгъуныгъэмрэ ауасэ тэ икъукIэ къыдгурэIо, сыда пIомэ лъэпIэ дэдэу – тятэжъ пIашъэ минишъэ пчъагъэхэм алъыкIэ тэ ар къытфыдэкIыгъ.

Мыекъуапэ дэт Зэкъошныгъэм иплощадь. Саугъэт дэхэшхо пшъхьапэ ащ рагъэуцуагъ: ижъырэ дзэ шъуашэкIэ фэпагъэхэу дзэкIолIитIу – урысрэ адыгэрэ – аплIэIукIэ пытэу зэготхэу. Саугъэтыр зытегъэуцуагъэм хэупкIыгъэх гущыIэхэу: «ЕгъашIэми Урысыем тыригъусэщт».

Ушэтын хьылъэхэр зытпэкIэкIыхэ нэужым тэ, адыгэхэм, Урысыем тыригъусэу тыкъэкIэжьыгъ, тифедерацие инэмыкIырэ субъектхэм афэдэу ащ такъыгоуцуагъ. Тинеущырэ мафи зэрэдгъэшIэщтыр Урысые Федерацием тыхэтэу ары.

*ДэгущыIагъэр ЛъэпцIэрышэ Хъ.,*
*2007-рэ илъэс*

## Урысхэм ядунай зэкъогъэуцогъэныр

*Урысыем и Президентэу Владимир Путиным и Указ-кIэ зэхащэгъэ Фондэу «Урысхэм ядунай» зыфиIорэм илъэтегъэуцо, Урысыем идунай и Ассамблее ишапхъэхэм атегъэпсыкIыгъэу, Москва щыкIуагъ. Лъэтегъэуцоми, Ассамблеем иIофшIэни Мэщбэшlэ Исхьакъ ахэлэжьагъ.*

*— Исхьакъ Шумафэ ыкъор, «Урысхэм ядунай» зыфиIорэ Фондыр зэрэзэхащагъэм къытегущыIэзэ, Владимир Путиным зэрэхигъэунэфыкIыгъэмкIэ, а организацием ипшъэрылъыышхоу щытыр Урысыем икультурэ кIэн бай дэдэ зегъэушъомбгъугъэныр, ащ хэхъоныгъэ егъэшIыгъэныр ары, анахь мэхьанэшхо зиlэ чIыпIэ ащ щаубыты гуманитар шIэныгъэхэм. Гъэнэфагъэу сыдэущтэу гъэпсыгъэщта ащ иIофшIэн?*

— Урысхэм ядунай изыкIыныгъэ ылъапсэр, Io хэмылъэу, урысыбзэмрэ урыс культурэмрэ. Ахэр тэ тиунаеу зэдытиIэ кIэн лъапIэх. Фондым анахь мэхьанэ ритэу зыдэлэжьэн фэе пшъэрылъыр ахэмэ хэхъоныгъэ ягъэшIыгъэныр, зэкIэ дунаим зыщягъэушъомбгъугъэныр, ар щызэлъягъэшIэгъэныр ары. Нэбгырэ миллион пчъагъэ хъурэ урыс дунаеу ежь Урысыем нахьи нахь чIыпIэ ин зыубытырэм зызэкIиугъоенымкIэ, зэкъоуцонымкIэ Ассамблеем ишIуагъэ къыгъэкIон фае. «Урысхэм ядунай» зыфатIорэм къыхеубытэх цIыф лъэпкъыбэу тихэгъэгу щыпсэухэри, тихэгъэгу щыпсэущтыгъэхэу IэкIыб къэралхэм арысхэри, эмиграцием илIыкIохэри, IэкIыб къэралхэм ащыпсэурэ цIыфхэу агу къыфихыгъэу тихэгъэгу зынаIэ къытезыгъэтыхэрэри. Урысхэм ядунай зыфиIорэ Фондым илъэтегъэуцо къыщыгущыIэзэ, Президентым зэрэхигъэунэфыкIыгъэмкIэ, а дунаим щыщыкIэ плъытэ хъущтых Урысыем шIу къыдэхъумэ зышIоигъо пстэухэри, ар шIу зылъэгъухэрэри, зицыхьэ телъхэри, къарыкIощтыр езыпхыхэрэри, ащ хэхъоныгъэ ышIынымкIэ зишIуагъэ къэзыгъакIохэрэри.

Лъэтегъэуцом къекIолIэгъагъэх Урысые правительствэм, тихэгъэгу щыщхэу IэкIыб къэралыгъохэм ащыпсэухэрэм, хэгъэгум илъэпкъ культурэ гупчэхэм ялIыкIохэр. Фондым итхьаматэу Вячеслав Никоновымрэ попечительскэ



советым итхьаматэу Людмила Вербицкаямрэ зэIукIэгъур къызэIуахыгъ. Урысыем IэкIыб къэрал Iофхэмкlэ иминистрэу Сергей Лавровым ипсалъэ зэрэщыхигъэунэфыкIыгъэмкIэ, урысыбзэмрэ культурэмрэ зэлъягъэшIэгъэнхэр УрысыемкIэ къэралыгъо мэхьанэшхо зиIэ пшъэрылъ. IэкIыб къэралыгъо благъэхэр, зыми фэмыIорышIэрэ къэралыгъохэм я Зэдэпсэуныгъэ хэхьэрэ хэгъэгухэр, Прибалтикэм ихэгъэгухэр арымэ Iофыр зыфэгъэхьыгъэр, мыщкIэ апэрэ чэзыоу ищыкIагъэр урысыбзэм зэрэфыщытынхэ фаемкIэ зэзэгъыныгъэ гъэнэфагъэхэр адэшIыгъэнхэ, тихэгъэгогъухэу ахэмэ ащыпсэухэрэм урысыбзэр къызыфагъэфедэнымкIэ фитныгъэу яIэхэр агъэфедэнхэм иамалхэр ягъэгъотыгъэнхэр ары. ШъыпкъэмкIэ, хэгъэгумкIэ зэшIомыхыгъэмэ мыхъущт Iофыгъоу ар къэуцу. Урысыбзэм статусэу IэкIыб къэралхэм ащыриIэм, Урысыем культурэм хэхъоныгъэ щегъэшIыгъэным анаIэ нахь тырагъэтын зэрэфаем джащ фэдэу къатегущыIагъэх патриархэу я II-рэ Алексий, Украинэм урысыбзэм иассоциациеу щызэхэщагъэм итхьаматэу Людмила Кудрявцевар, Петр Шереметьев графыр (Франциер), Индием, Китаим, США-м, Германием, Израиль ыкIи нэмыкI хэгъэгухэм ялIыкIохэр.

Ассамблеим изэхэсыгъохэм фондым иIофшIэн зэригъэпсын фаеу щырахъухьагъэхэр зэфэшъхьафхэу зэтекIых: программэу зэхагъэуцуагъэхэр гъэцэкIэгъэнхэр, урысыбзэм изэгъэшIэнкIэ пособиехэр, урысхэм ядунай, ащ икультурэ идуховнагъэ язытет фэгъэхьыгъэ дунэе конгрессхэр зэхэщэгъэнхэр, нэмыкIхэри. Урысыбзэм рыгущыIэрэ организациехэм, тилъэпкъэгъухэу IэкIыб къэралхэм ащыпсэухэрэм яобъединениехэм ар IэпыIэгъу афэхъущт, урысыбзэр, Урысыем итарихърэ икультурэрэ зэзыгъашIэхэрэм апае грант, премиехэр агъэнэфагъэх. Фондым къыдегъэкIы «Урысхэм ядунай» зыфиIорэ журналыр.

*— Урысхэм ядунай иассамблее зэхэзыщагъэр а фондыр ары. Адэ ащ хэлэжьагъэхэр сыд фэдэ Iофыгъо шъхьаIэха зытегущыIагъэхэр?*

— Секцие-секциеу зэтеутыгъэхэу зэхэсыгъохэр рагъэкIокIыщтыгъэх. Ахэмэ ащыщэу къэбар жъугъэхэр цIыфхэм аIэкIэзыгъахьэрэ амалхэм япхыгъэр ары сэ сызыхэлажьэщтыгъэр. Зэхэсыгъор зэрищэщтыгъ «Литературнэ

гъэзетым» иредактор шъхьаlэу Юрий Поляковым. Бэ хъущтыгъ къэгущыlэщтыгъэхэр – Санкт-Петербург, Белгород, фэшъхьаф урысые къалэхэм, Латвием, США-м, Германием къарыкlыгъэхэу. Сэ сыкъызтегущыlагъэр Урысые Федерацием илъэпкъ республикэхэм урысыбзэр зэращызэрагъэшlэрэр, ащ ифэмэ-бжьымэу лъэпкъыбэ зыщыпсэурэ регионхэм якультурэрэ яхэхъоныгъэрэ атырихьэрэр ары. Урысыбзэм ишlуагъэкlэ адыгэхэмрэ Темыр Кавказым инародхэмрэ якультурэ кlэн къаухъумэн, ащ хэхъоныгъэ рагъэшlын алъэкlыгъ. Ситхылъхэу урысыбзэкlэ къыдэкlыгъэхэр Урысыеми, дунаими абзабэхэмкlэ зэрадзэкlыгъэх. Урыс классическэ литературэм ипроизведениехэр адыгабзэкlэ зэдзэкlыгъэнхэм сэ сшъхьэкlэ мэхьанэшхо естыщтыгъ. Сэ сишlошlыкlэ, ащкlэ lофэу сшlагъэмкlэ урысыбзэмрэ литературэмрэ ячlыфэу стелъыр ястыжьыгъэу ары.

Зэрэзэлъашlэу, урыс лъэпкъэу lэкlыб къэралхэм ащыпсэухэрэм япчъагъэ зэкlэми анахьыб. Ахэмэ ауж къызинэкlэ, адыгэхэм ятlонэрэ чlыпlэр аубыты. Янасыпынчъагъэкlэ тилъэпкъэгъухэр дунаим ичlыпlэ зэфэшъхьафхэм арытэкъуагъэ хъугъэх, ащ къыхэкlэу ахэмэ тахэхьан-талъыlэсын тлъэкlыным иамал урысыбзэм къытеты. lэкlыб къэралыгъохэм ащыпсэурэ адыгэхэм ялредставительствэхэм урысыбзэмрэ адыгабзэмрэ язэгъэшlэн ащызэхащэн фаеу сэлъытэ. Джаущтэу тшlымэ, тэ нахь зэпэблагъэ тыхъущт. Ныбджэгъубэ иl урысыбзэм. Бзэ зэфэшъхьафхэм зыщарагъаджэхэрэ гупчэ пшъхьапэу «Актив» зыфиlорэм Адыгеим lоф щешlэ, цlыф лъэпкъ зэфэшъхьафхэм ащыщхэр, lэкlыб къэралхэм къарыкlэу къытфакlохэрэри ащ щеджэх. Лъэпкъыбзэ шъхьаlитlумкlэ тиреспубликэ литературнэ журналиплl къыщытырадзэ, культурэхэм яфэмэбжьымэ зэтырагъэхьанымкlэ, тарихъымрэ лъэпкъ традициехэмрэ лъытэныгъэ афэшlыгъэнымкlэ тшlэрэ lофэу ари тлъытэн тлъэкlыщт. Цlыф лъэпкъыбэ зыщыпсэурэ Урысыем гущыlэм, псалъэм лъэшэу унаlэ щатебгъэтын фае, тызэгурыlонымкlэ, мамырэу тызэдыщыlэнымкlэ ар мэхьанэшхо зиlэ амалэу щыт.

*– Исхьакъ Шумафэ ыкъор, зэlукlэгъу гъэшlэгъонхэр Москва щадыуиlагъэха? Народым изыкlыныгъэ и Мафэ зэрагъэмэфэкlырэм фэгъэхьыгъэ торжественнэ приемым Урысыем и Президент уригъэблэгъагъа?*

– Шъыпкъэмкlэ, фондым илъэтегъэуцо сыкlуагъэу Кремлым хэт Дворецышхом и Георгиевскэ зал щызэхащэгъэгъэ торжественнэ приемым В. В. Путиным сыригъэблэгъагъ. Ноябрэм и 4-м ащ фэдэ приемхэр Урысыем и Президент зэрэзэхищэхэрэр шэны хъужьыгъэх. Мызыгъогум ятlонэрэу сыхэлэжьагъэ хъугъэ. Мы илъэсыр тихэгъэгуи, дунаими урысыбзэм и Илъэсэу зэралъытагъэм епхыгъэу ащ къырагъэблэгъагъэх Урысыеми, lэкlыб къэралхэми культурэмкlэ, искусствэмкlэ, спортымкlэ яlофышlэ цlэрыlохэр. Урысыбзэр дунаим ихэгъэгухэм зэращарагъашlэрэм пае Президентэу В. В. Путиным lэкlыб хэгъэгухэм ялlыкlохэм Пушкиным имедальхэу афагъэшъошагъэхэр торжественнэу аритыжьыгъэх. Приемым щыlагъэх Президентым ишъхьэгъусэу Людмила Путинар, Москварэ зэрэ Урысыерэ я Патриархэу я II-рэ Алексий. Къыригъэблэгъагъэхэм ацlэкlэ Урысыем и Президент щэджэгъуашхэ аригъэшlыгъ. Хэгъэгуми, lэкlыб къэралхэми урыс культурэр нахь игъэкlотыгъэу щарагъэшlэным тегущыlагъэх.

*Дэгущыlагъэр Космачева Е.,*
*2007-рэ илъэс*

## Тхакlохэр ащыгъупшагъэха?

*Шъхьэихыгъэ тхыгъ*

Мы тхыгъэм итхын ушъхьагъоу фэхъугъэр «Сокровища культуры Адыгеи» зыфиlорэ тхылъэу къыдэкlыгъэр ары. Ар зытхыгъэ-зэхэзгъэуцуагъэхэм щыгъупшалэ шэнэу къахэфагъэр къызыхэкlыгъэр къэшlэгъуае. Мы тхылъым пшъэрылъэу иlагъэр – республикэм лъэпкъыбэу щыпсэурэм якультурэ илъэныкъо пстэури зэхэубытагъэу къэгъэлъэгъогъэныр арыгъэ. Ау къызыхэкlырэр къэшlэгъуае,

Адыгеим итхакIохэм литературэ-творческэ амалэу аIэкIэлъым, гъэхъагъэу яIэхэм афэгъэхьыгъэ къэбарым ащ чIыпIэ щиубытыгъэп. ГущыIэр, тхакIом игущыIэ лъэпкъ культурэм икъежьапIэу сыдыгъуи щытыгъ, арэущтэуи къэнэжьы. Лъэпкъхэр зэрэзэфэмыдэр, ахэр ямышIыкIэу зэрэщытхэр, зыми зэрэхэмыкIуакIэхэрэр, джащ фэдэу ахэм яфэмэ-бжьымэ зэрэзэтехьэрэр, зэрэзэрэгъэбаижьхэрэр культурэм къегъэлъагъо.

Гукъао мэхъу, тхылъыр зэхэзыгъэуцуагъэхэм республикэм икультурнэ щыIэныгъэ изыIэхьэгъоу, игъэкIотыгъэу Iоф зышIэрэ творческэ организацие анахьыжъэу Адыгеим итхакIохэм я Союз – ар зызэхащагъэр джырэблагъэ илъэс 75 зэрэхъурэр хигъэунэфыкIыгъ – янэплъэгъу къызэрэримыдзагъэр. Ащ фэдэу ахэр зэрэщыгъупшалэхэр умыгъэшIэгъон плъэкIырэп, Президентыр, Парламентыр, АР-м и Министрэхэм я Кабинет тхакIохэм анаIэ къазэрэтетыр, ятхыгъэхэм осэ ин къазэрэфашIырэр, социальнэ Iофыгъохэу зэрихьылIэхэрэр зэшIохыгъэ хъунхэм ылъэныкъокIэ IэпыIэгъу къафэхъунхэм ренэу зэрэпылъхэр къызыдэплъытэхэкIэ. Шъугу къэдгъэкIыжьын, тхакIохэм я Союз республикэм итын анахь лъапIэу медалэу «Адыгеим ищытхъузехь» зыфиIорэр къызэрэфагъэшъошагъэр. Адыгеим итхакIохэм я Союз хэтых СССР-м, Урысыем, Адыгеим я Къэралыгъо премиехэм ялауреатхэр, «АР-м илъэпкъ тхакIу» зыфиIорэ цIэ лъапIэр къызыфаусыгъэхэр, къэралыгъо тын зэфэшъхьафхэр къызэратыгъэхэр. Ахэм атхыгъэ тхылъхэр тиреспубликэ игъунапкъэ зэпачыгъ, дунаим тет къэралыгъуабэмэ абзэхэмкIэ зэрадзэкIыгъэх, къыхаутыгъэх, ащяджэх. Тилъэпкъ итхыгъэ литературэ игъэхъагъэхэм ар анахь шъхьаI.

АР-м ипрезидентэу ТхьакIущынэ Аслъан, Къэралыгъо Совет – Хасэм идепутатхэм, республикэм и Министрэхэм я Кабинет яорганизацие ыкIи тхылъ хэутыным ылъэныкъокIэ къэралыгъо IэпыIэгъу зэрарагъэгъотрэм, тхэн IофшIэнэу ашIэрэм зэрэлъыплъэхэрэм, хэхъоныгъэ ашIыным зэрэфагъэчэфыхэрэм апае Адыгеим итхакIохэм я Союз хэтхэр афэразэх. Ащ ипэгъокIэу уахътэм къыгъэуцурэ пшъэрылъхэр зэшIуахынхэм, тхылъеджэр зыгъэгумэкIырэ темэ зэфэшъхьафхэу тарихъым, лъэхъаным афэгъэхьыгъэхэр икъоу ыкIи игъэкIотыгъэу къэтыгъэнхэм, шэн-зекIокIэ зэфэшъхьафхэр, дунэееплъыкIэ зэщымыщхэр къэгъэлъэгъогъэнхэм, культурэр къызэтегъэнэгъэным, хахъо егъэшIыгъэным, зэкъошныгъэм, зэгурыIоныгъэм, лъэпкъ мамыр зэдэпсэуныгъэм якъэгъэлъэгъон тхакIохэр пылъых. СурэтхэмкIэ гъэкIэрэкIэгъэ, дахэу гъэпсыгъэ тхылъыр зэхэзыгъэуцуагъэхэм ащ инэкIубгъохэм титхакIохэм ятворчествэ чIыпIэ зэрэщамыгъотыгъэр джары етIани анахьэу гурыIогъуае къэзышIырэр. Тхылъым ыкIэхэм адэжь КIэрэщэ Тембот ищыIэныгъэрэ итворчествэрэ афэгъэхьыгъэ тхыгъэ кIэкI, итхылъхэм ащыщхэм ятеплъэ къыщытыгъ. ГухэкI нахь мышIэми, джащ фэдэ еплъыкIэ-екIолIакIэ «Республика Адыгея» зыфиIорэ фотоальбомыр зэхэзыгъэуцуагъэхэми къахэфагъ.

УзэмыупчIыжьын плъэкIырэп: республикэм икультурэ ихэхъоныгъэ Адыгеим итхакIохэм яIахь зэрэхэлъыр сыда мы зигугъу къэтшIыгъэ тхылъхэр зэхэзыгъэуцуагъэмэ закIыщыгъупшагъэр? Творческэ союзхэр общественнэ куп зэхэщагъэмэ зэрахалъытагъэр арымэ шIэ? Ащыгъум сыд пай сурэтышI зырызхэм ясурэтшIыгъэхэм атехыгъэ фоторепродукциехэр япчъагъэкIэ боу зэхэугъоягъэхэу «Сокровища культуры Адыгеи» зыфиIорэ тхылъым къыдагъэхьанэу хъугъа – сурэтышIхэри творческэ союзэу зэхэщагъэхэба? Тхылъым къыдагъэхьагъэхэр къыхахыхэ зэхъум сыда зэрыгъозагъэхэр, ахэм анэмыкIэуи унаIэ зытебгъэтыныр зытефэрэ нэмыкI сурэтышIхэм ащыщхэр къызкIагъэнагъэхэр сыда?

Сэ згъэшIэгъуагъэр шъхьэихыгъэу къэсIон: АР-м итхакIо нэбгырабэу культурэм изыIахьэу литературэм иуцун, ихэхъоныгъэ илъэс пчъагъэхэм дэмышъхьахыжьэу дэлэжьагъэхэм ашIагъэ пстэури щымыIахэ фэдэу зэрагъэкIуагъэр ары. Ащ фэдэ фыщытыкIэ тхакIохэм атефэщтыгъэу сыгугъэрэп. Тэгугъэ, тапэкIэ ащ фэдэ мэхьанэшхо зиIэ хэутын инхэр агъэхьазырыхэ зыхъукIэ, ахэм афэгъэзэгъэщтхэм культурэр лъэныкъуабэу зэрэзэхэлъыр, тхакIохэм ягъэхъагъэхэр зыщамыгъэгъупшэнэу, творческэ Союзхэр янэплъэгъу рамыгъэзынхэу. Ащ нэмыкIэу, зигугъу къэтшIырэ тхылъхэм афэдэхэр зэхэзыгъэуцорэ купхэм творческэ союзхэм ялIыкIохэр, АР-м итхакIохэм я Союзи

зэрахэтыжьэу, ахагъахьэхэмэ ишIуагъэ къэкIощтэу тэлъытэ. Джащыгъум къызыхэкIыгъэхэр тхылъеджэхэм къагурымыIогъэ хэукъоныгъэу ыпшъэкIэ зигугъу къэтшIыгъэхэм афэдэхэр дэгъэзыжьыгъэу хъущт. Джа гугъэр ары мы шъхьэихыгъэ тхыгъэм лъапсэу фэхъугъэр.

*2007-рэ илъэс*

## ЦIыф Iуш, шIэныгъэлэжь, усакIу

Усэхэр зыдэт тхылъ мыинэу сапашъхьэ илъыр зытхыгъэр джырэблагъэ дунаим ехыжьыгъэ зэлъашIэрэ урысые ученэу, илъэсипшI заулэрэ шIэныгъэхэмкIэ Урысые академием ичлен-корреспондентыгъэу Ю.А. Ждановыр, къызыщыдагъэкIыгъэр Ростовскэ къэралыгъо университетым епхыгъэ Институтэу гуманитар, социальнэ шIэныгъэхэмкIэ кIэлэегъаджэхэм яшIэныгъэхэм зыщыхагъахъорэр ары. Авторым ащ шъхьэу фишIыгъэр «Отдай себя духу...» (Из поэтической тетради). Адыгэ къэралыгъо университетым иректорэу, Юрий Андрей ыкъо Ждановым ныбджэгъуныгъэ дызиIэгъэ профессорэу Р.Д. Хъунагор ары а тхылъыр сэ къысэзытыгъэр. ГузэхашIэм лъэшыщэу дихьыхырэ цIыфхэм ащыщэу плъытэн умылъэкIыщтыми, Хъунэго Рэщыдэ усэхэр лъэшэу ыгу зэрэрихьыгъэхэр мыгъуащэу, идуховнэ кIэлэегъаджэ ытхыгъэхэм къысфяджэщтыгъ. «Мыдэ къядэIу Юрий Андрей ыкъом ытхыгъэ усэ пшъхьапэхэм:

> Раздай все, что знаешь, умеешь и смеешь.
> В себе умираешь – в другом уцелеешь.–

Сыд къяпIуалIэрэ ащ фэдэ усэхэм?» ШъыпкъэмкIэ, сатырэ шIагъох, кIэкIэу къэпIон хъумэ, ученэм иусэхэр зыдэт тхылъ цIыкIур лъэшэу сыгу рихьыгъ, авторым шъхьэкIэфэшхо фысигъэшIыгъ, ау ащ нахь кIэсаIоу сыкъытегущыIэщт. АпэрапшIэу а цIыф гъэшIэгъоным ехьылIагъэу гущыIэ заулэ къасIомэ сшIоигъуагъ. СинэIосагъ сэ Юрий Андрей ыкъо Ждановыр, КПСС-м и ЦК и Политбюро ичлен цIэрыIоу, ЦК-м идеологиемкIэ исекретарыгъэу А. А. Ждановым ыкъо.

Ю.А. Ждановыр ученэ ин дэдагъ, акъылышIуагъ, шIэныгъэ зэфэшъхьафхэм хэшIыкI куу афыриIагъ. УзыфэзыщэрэкIуачIэ горэхэр зыхэлъ усэхэр ащ къыпкъырыкIыщтыгъэх. Я XIX-рэ лIэшIэгъум икIэух – я XX-рэ лIэшIэгъум ипэублэ ижъырэ урыс классическэ школэм, В. В. Вернадскэм инаучнэ нэшанэхэмрэ игупшысэхэмрэ, Гегель, Э. В. Ильенковым яфилософие яфэмэ-бжьымэ къызэрэтехьагъэм гу лъыптэщтыгъ. Химие шIэныгъэхэмкIэ докторыгъ, СССР-м и Къэралыгъо премие илауреатыгъ, органическэ химиемкIэ научнэ открытиехэр иIагъэх, гъэсэныгъэмрэ наукэмрэкIэ хэгъэгум илIыкIо пшъхьапагъ, научнэ, философие, публицистикэ, художественнэ IофшIэгъэ миным къехъумэ яавторыгъ, урыс культурэм итеоретикыгъ, итарихъ тхэкIуагъ. ЗэкIэ ахэмэ апкъ къикIыкIэ ащ зимынэIосэ цIыфыр дэгущыIэным тещыныхьэщтыгъ. Ау ащ дэгущыIэгъошIугъ. ГущыIэгъу зыфэхъугъэр ащ лъыпытэу зэригъашIэти, ащ хэшIыкI зыфыриIэм, гурыIорэм къытегущыIэщтыгъ. Ащ ишIуагъэкIэ зыми хэмышIыкIэу, дагъо горэ зыхэлъ цIыфэу зыплъытэжьыщтыгъэп.

Заулэрэ сэ Ю.А. Ждановым сыдэгущыIэнэу хъугъагъэ. ТызэIумыкIагъэми, ситхылъхэмкIэ сишIэу къычIэкIыгъ, узыIэпищэу, ежьыри гушIуагъо щыхъоу ар литературэм къытегущыIэщтыгъ. ЕтIани урыс, дунэе классикэм изакъоп ащ хэшIыкI зыфыриIэр – А.С. Пушкиныр, М.Ю. Лермонтовыр, Ф.М. Достоевскэр, А.П. Чеховыр, М.А. Шолоховыр шIудэдэ елъэгъух,– джащ фэдэу лъэпкъыбэ хъурэ темыр-кавказ литературэми – Р. Гамзатовым, А. КIышъэкъом, Къ. Кулиевым ятворчествэ – дэгъоу щыгъуаз. Хъунэго Рэщыдэ ситхылъхэу ащ шIухьафтын фэдэу ритыгъэхэм ащыщхэми яджагъ, адыгэхэм ятарихъ бай лъытэныгъэшхо фишIэу къытегущыIэщтыгъ.

Интернационалист шъыпкъэу ар зэрэщытым ащ лъыпытэу гу лъыптэщтыгъ. ИгущыIэхэмкIэ арэп, ицIыф гъэпсыкIэкIэ ары нахь. Ю.А. Ждановыр Урысыем икъыблэ, Тен тет къалэу Ростов илъэс пчъагъэрэ дэсыгъ, илъэс щэкIым

къехъу РГУ-м ипректорыгъ, апшъэрэ школым и Темыр-Кавказ научнэ гупчэ илъэсыбэрэ ипэщагъ, РГУ-м и ИППК илъэсипшI заулэ еджэнхэр щызэхищэщтыгъэх, заулэрэ Мыекъуапэ къэкIуагъ, АКъУ-м икIэлэегъаджэхэмрэ истудентхэмрэ игуапэу лекциехэм къафяджэщтыгъ. Ары къэс урыс ученэ цIэрыIом едэIу зышIоигъоэхэр университетым иактовэ зал чIэзэрэмыгъэфэжьэу чIэсыгъэх.

Р. Д. Хъунагом къызэриушыхьатырэмкIэ, Ю. А. Ждановым инаучнэ IофшIагъэхэр Iофыгъуабэх зыфэгъэхьыгъагъэхэр. Гъэсэныгъэу зэригъэгъотыгъэмкIэ естествоиспытателэу, профессор-химикэу щытыгъэми, ащ тарихъымрэ культурэмрэ хэшIыкI куу афыриIагъ, философыгъ, культурологыгъ, игупшысакIэкIэ гуманитариеу щытыгъ. Iофыгъо горэмкIэ талант зыхэлъ цIыфым сыд фэдэрэ IофыгъомкIи талант хэлъ зэраIорэр ащ къыгъэшъыпкъэжьыщтыгъ. Ащ елъытыгъэу къэпIон хъумэ, Ю. А. Ждановыр зэдакIоу «физикыгъ», «лирикыгъ». Ари джащ фэдэу къыбгурыIонэу щыт: Iофыгъуабэхэм хэшIыкI ин афызиIэ цIыфыр, зэрэхъу хабзэу, дунаим творческэ мэхьанэ купкIэу иIэр зэрэпсэоу зэхэубытагъэу къызыгуригъэIоныр ары зыпылъыр.

ЗэрэшIэныгъэлэжьышхом елъытыгъэу, сыда Ю. А. Ждановыр анахьэу зыгъэгумэкIыщтыгъэр? Тхылъым иредакторэу профессорэу Ю. Волковым мары ар къызэрэриIотыкIыгъэр: обществэм ищыIэныгъэ иинтеллектуальнэ лъапсэу зэрэщытым елъытыгъэу, наукэм иIофыгъохэу къэуцугъэхэр, непэрэ обществэм культурэм мэхьанэу щыриIэр, ар къызыгурыгъэIогъэнымкIэ шIыкIэ-амалэу щыIэхэр, «урыс цIыф гъэпсыкIэм» имэхьанэ купкI шъыпкъэ зыфэдэр арых. «Наукэм ехьылIэгъэ игупшысэхэу Ю. А. Ждановым къыриIотыкIыщтыгъэхэм ренэу ащыхигъэунэфыкIыщтыгъэр,– еIо Ю. Г. Волковым,– фундаментальнэ наукэм зэрифэшъуашэу хэхъоныгъэ римыгъэшIымэ, Урысыер къэралыгъо кIочIэшхоу зэрэщымытыжьыщтыр ары».

Ю. А. Ждановым инаучнэ дунэееплъыкIэ имэхьанэ купкIэу щытыгъэр джырэ тилъэхъан культурэм изытет зыфэдэ хъугъэм зэригъэгумэкIырэр ары, ученэм къызэриIощтыгъэмкIэ, чIыпIэ щынагъу ар зэрыфагъэр. Ю. А. Ждановым зэрилъытэрэмкIэ, культурэм икъэгъэнэжьын, икъэухъумэн интеллектуалхэр ары зипшъэрылъ шъыпкъэр. Ю. А. Ждановым иIэх культурэм итеориерэ итарихърэ афэгъэхьыгъэ научнэ IофшIагъэхэр, ахэмэ ащыщых: «Проблемы теории и истории культуры», В. Е. Давидович игъусэу ытхыгъэ монографиеу «Сущность культуры» зыфиIохэрэр. Усэхэр зыдэт тхылъэу тыкъызытегущыIэрэм пэублэ гущыIэ кIэкIэу фишIыгъэм Ю. А. Ждановым щетхы: «Уахътэхэм язэпхыныгъэ зэпыу фэхъурэп: шъори, тэри а зы культурэр ары зэдытиIэр – а урыс культурэ ин дэдэу Пушкиныр, Достоевскэр, Чеховыр, Шолоховыр дунаим къезытыгъэхэр ары... Урыс культурэр цIыфым гушхуагъэ къыхэзылъхьэрэ кIуачI. Урыс культурэр къэухъумэгъэныр ныбжьыкIэхэм япшъэрылъ лъапI... ЗэдакIоу угукIэ, уиакъылкIэ ары ныIэп урыс культурэр зыкIэу зэхэлъэу къызэрэбгурыIон плъэкIыщтыр».

Итхылъеджэхэм зызэрафигъэзагъэм Ю.А. Ждановым мыщ фэдэшъхь фишIыгъэр: «Моим молодым друзьям...» Зытет шъыпкъэмкIи, тхылъ цIыкIум дэхьэгъэ усэхэр зыфэгъэхьыгъэхэр ныбжьыкIэхэу, ученэр зэрэкIэхъопсырэмкIэ, зищыIэныгъэ гухэлъ шIагъохэм афэзыгъэшIушIэн фаехэр ары. Фэшъхьаф шIыкIэуи гупшысэн ыкIи зэхишIэн ылъэкIыщтыгъэп, ежьыр шъыпкъэри гухэлъ шIагъохэм афэлажьэщтыгъэ цIыф акъылышIоу, ученэ-энциклопедистэу Ю. А. Ждановыр.

«Отдай себя духу» зыфиIорэ тхылъым къыдэхьэгъэ усэхэм кIэкIэу уакъытегущыIэн зыхъукIэ, Iо хэмылъэу, ахэр философие лирикэу, «гупшысэм ипоэзиеу» щытых. Зы гущыIэухыгъэкIэ ученэм ипоэзие имэхьанэ купкI къыпIотыкIын хъумэ, ар – щыIэныгъэр философием ишIыкIэамалхэмкIэ къызыгуригъэIоным зэрэпылъыр ары. «Ю. А. ЖдановымкIэ щыIэныгъэр зилIэужыгъор зыгорэ къызыгурыбгъэIоныр ары»,– етхы философие шIэныгъэхэмкIэ докторэу А. В. Лубскэм.

Ненасытность познаванья,
Боль и радость пониманья
До последнего дыханья
Сбереги.

Сэ сыкритикэп, сыписатель нахь. Усэхэр е прозэр зэхэсфынхэр сисэнэхьатэп, сэ сиIофыр ахэр стхынхэр ары. Ау Ю.А. Ждановым иусэхэм уяджэ зыхъукIэ, зэхэмышIэн плъэкIырэп: философие шыкIэу щыIэныгъэр зэхишIэ зыхъукIэ, авторым ащкIэ къыгъэлъагъорэр зэфэхьысыжьыгъэу, зыкIэу щыт еплъыкIэу дунаим фыриIэр. Ащ зэрилъытэрэмкIэ, цIыфым ипшъэрылъыр шIэныгъэхэр ыIэ къыригъэхьанхэр, зыфыщыIэр къызыгуригъэIоныр, етIанэ шIэныгъэхэу зэригъэгъотыгъэхэр, щыIэныгъэмкIэ опытэу иIэ хъугъэр цIыфхэм аIэкIилъхьажьынхэр ары. Ученэ-поэтымкIэ зэкIэми анахь шIужьыр дунаим игъэпсыкIэ дебгъаштэу гущыIэныр ары:

Мир дробится, членится,
Распадаются люди
На объемы и число,
На квадраты и ромбы.
Но гармонию мира
Застилает туманность.
Расплывается четкость,
Нарушается четность,
Сохраняется странность.

ЩыIэныгъэри Iужъоу зэхэлъ, дунаири къызэрыкIоу гъэпсыгъэп – дэгъоу ар къыгурыIощтыгъ ученэ-естествоиспытателым. А щыIэныгъэми, ащ къыхэфэрэ зэмызэгъыныгъэхэми язакъоп гурыIогъуаехэр, зэхэфыгъуаехэр, джахэмэ афэдэх щыIэкIэ-псэукIэм иIофыгъохэу цIыфхэр егъашIэми зэутэкIыхэрэр. ЩыIэныгъэр къыбгурыIоным иамал къэзытырэр шIэныгъэр ары ныIэп. Хэта адэ а шIэныгъэм пэрыохъу фэхъурэр? Емыджэныгъэ-мыгъэсэныгъэр, чиновник акъылынчъэхэр, шIэныгъэм пэIапчъэ купыр арых:

Ипатия, мечта моя!
Растоптана толпой.
Угасла разума заря
На грязной мостовой.



Ю. А. Ждановыр зэкIэми анахь зыщыщынэщтыгъэр мыгъэсэныгъэр ары. А кIочIэ щынэгъончъэм ученэм пигъэуцужьыщтыгъэ культурэр – егъашIэми цIыфым зызыщиухъумэжьырэ хыгъэхъунэр ары. Ащ илирическэ герой зэкIэри зышIэу къызышIошIырэ шъхьэщытхъужьэп – ар ехъырэхъышэным зезыгъэухырэ цIыф, щыIэныгъэм къыхэфэрэ зэмызэгъныгъэхэр, дунэегъэпсыкIэм имэхьанэ купкI къызыгурызыгъэIонхэм пылъ цIыф. Поэтым игупшысэ мэчэлъао, шъыпкъагъэм лъыхъузэ, гумэкIым зэредзэ:

Надо всем царит сомненье,
Порождая все и вся.
Снова гибель, становленье – Ты и Я.
Все в движенье, нет предела
Порождениям мечты.
В вечном вихре реем смело
Я и Ты.

«Отдай себя духу...» зыфиIорэ тхылъым хэтыкIи гурыIогъоштIух лирическэ сатырэ къызэрыкIохэри:

Холодком потянуло
И на сердце осталось –
Будто льдинкой кольнуло.
То ли это усталость,
То ли это циклон.

ЩыIэныгъэм ипрозэ къыпкъырыкIырэ а зэхашIэхэу цIыфым пэкIэкIыхэрэр: ары, илъэсыбэх къызэсынэкIыгъэхэр, ары, сыпшъыгъ, ары, щыбгъэзыен умылъэкIыщт Iофыгъохэу къыкъозэрэхыхэрэр... Сэ, творческэ цIыфэу сызэрэщытым елъытыгъэу, гум ащ фэдэ изэхашIэхэм сащыгъуаз. Ау ащ фэдэ сатырэхэм апэмычыжьэу,– къыкIэлъыкIорэ нэкIубгъом щыIэныгъэр шIу зылъэгъурэм иусэхэу гушхуагъэ зыхэлъхэм тащыIокIэ:

«С праздником!» – сказали мы друг другу.
Но с каким, не сразу догадались.
«С праздником!» – сказали мы невольно,
Просто потому, что повстречались.

Тэ къыттефэрэр – поэтическэ тхылъ шIагъоу «Отдай себя духу…» зыфиIорэм тызэрэIуигъэкIагъэм пае, джы дунаим къыддытемытыжьми, Ю. А. Ждановым – ученэ иным, философым, культурологым, тарихъым дэлэжьагъэм лъэшэу тызэрэфэразэр къэтIонэу ары.

*2008-рэ илъэс*

## НыбжьыкIэгъум уегъэнасыпышIо

КIэлэеджэкIо пстэуми афэдэу, сэри С.В. Михалковым итворчествэ нэIуасэ сызэрэфэхъугъэр кIэлэцIыкIухэм апае ытхыгъэ усэхэмрэ поэмэхэмрэ ары. Ар зыхъугъагъэм ыуж илъэс 70-рэ тешIагъ. Сэ сшъхьэкIэ Сергей Михалковым сызыIукIагъэр 1954-рэ илъэсым Москва дэт Литературнэ институтэу М. Горькэм ыцIэкIэ зэджагъэхэм сыщеджэ зэхъур ары.

Мафэ горэм занятием сычIэсэу ректорыр къысаджэу аIуи сыкъычIащыгъ. Хэтырэ студентыкIи сыдигъуи ащ фэдэ шIыкIэкIэ къеджэнхэр гуапэ щыхъущтэп. СэкIо къысэджагъэм ыдэжь гугъум сызэлъиштагъэу сегупшысэзэ: сыд сIэкIэшIэгъэн шъуIуа? Ректорыр къысэупчIы, Михалковыр сэшIэмэ еIошъ. Хъурэр къызгурымыIоу сызэтекъагъ: сыда сэ сиIоф Михалковыр къызэрэхэхьагъэр. Ау щытми, тIэкIу сырэхьатыжьыгъэу, сэмэркъэугъэ тIэкIуи хэлъэу джэуап есэтыжьы, хэтырэ советскэ кIэлэеджакIуи фэдэу, шъыпкъэ, ытхыгъэхэм сяджагъ, ау сшъхьэкIэ нэIуасэ сыфэхъунэу сырихьылIагъэп. Ректорым телефон номерыр зытетхэгъэ тхьэпэ цIыкIур къысфещэишъ, къысеIо: «Ащыгъум фытеу ащ». Сэ зыпари къызгурыIорэп: сыда сызыкIыфытеощтыр? Ректорым ащ нахь къысимыIоу Сергей Михалковым иунэ телефон фытеошъ, къысеты: «Дэгущы!» Джащыгъум сэ зэхэсэхы репродукторхэмрэ радиоприемникхэмрэ къарыIукIэу синэIуасэ хъугъэ макъэр.

– Ора МэщбашIэр? Сэ сы Сергей Михалков. Непэ тадэжь укъэкIон плъэкIыщта? Наталья Петровнамрэ сэрырэ тыкъыожэ.



Джаущтэу Михалковхэм яквартирэу Воровскэм иурам (джы Поварскэм) тет унэм хэтым ипчъэшъхьаIу сызыщебэкъуагъэм къыщегъэжьагъэу а унэр сэсыем фэдэу хъугъагъэ. А охътэ чыжьэм къыщыкIэдзагъэу джы къызынэсыгъэми а унэм ипчъэхэр сэ сфызэIухыгъэ зэпытых. Ащыгъум, 1954-рэ илъэс чыжьэм, а унэм ибысымхэм сэ, студентыр, поэт ныбжьыкIэр анахь зажэщтыгъэхэ яныбджэгъум фэдэу сырагъэблэгъагъ, сахьэкIагъ. ЕтIанэ ялъэгъун къысаIуагъ:

– СССР-м ипсательхэм я Союз аштэщтхэр къыхэзыхырэ комиссием тызэрэхэтым елъытыгъэу, тэ нэIуасэ зафэтшIыным пае уиусэхэр къытатыгъэх, ахэр тыгу рихьыгъэхэти, зытхыгъэм нахь благъэу нэIуасэ зыфэтшIымэ тшIоигъоу укъедгъэблэгъагъ. СССР-м ипсательхэм я Союз уаштэнyр уифэшъуашэу тэлъытэ.

Ащ нэужым Сергей Михалковым къысфиIотагъэхэм сшIошъ къагъэхъугъ адыгэхэм, ахэмэ яшэн-зекIуакIэхэм, якультурэ бай яхьылIагъэу бэу зэришIэрэр. Пятигорскэрэ Железноводскэрэ зэращеджагъэм сыщигъэгъозагъ. Шъыпкъэ, ныбжьыкIэхэр нахь ашIогъэшIэгъонэу зыпылъхэм, Литинститутым сызэрэщеджэрэм, лъэпкъ литературэм иIофыгъохэм татегущыIагъ. Егъэлыягъэ хэмылъэу джащ къыщегъэжьагъэу Сергей Владимировичыр литературэмкIэ сыгу къэзыIэтырэ сятэу ары зэрэслъытэрэр. Ары пакIошъ, ащ фэдиз илъэс тешIэжьыгъэми, Москва сыкIуагъэу Поварскэ урамым тет унэм сымыкIоу зэгорэми къыхэкIыгъэп. Ары къэс Сергей Владимировичыр сыригупсэ цIыфым фэдэу къыспэгъокIыщтыгъ. Июбилейхэм ренэу сarigъэблагъэщтыгъ.

Илъэс 70-рэ сыныбжь зыщыхъуным сиусэхэмрэ поэмэхэмрэ зыдэт тхылъэу згъэхьазырыгъэм пае къытхыгъэ гущыIапэу «НыбжьыкIэгъум уегъэнасыпышIо» зыфиIорэм С. Михалковым моущтэу щетхы: «НыбжьыкIэгъур, а лъэхъаным литературэ Iофхэмкlэ уиныбджэгъугъэхэр угу къэбгъэкIыжьынхэр, а густырыгъо уахътэм ахэми, ори гъэхъагъэу пшIыгъэхэр бгъэшIэгъожьынхэр сыдигъокIи гуапэ. Синыбджэгъоу, адыгэ-черкес цIэрыIоу МэщбэшIэ Исхьакъ ныбжьыкIэгъум а иилъэс насыпышIохэр ары къызыхэкIыгъэр. Я 50-рэ илъэсхэм агуззгу, Литературнэ

институтым зыщеджэщтыгъэм щегъэжьагъ сэ ар зысшIэрэр. Сишъхьэгъусэу Наталья Петровнам кIэлэ ныбжьыкIэр поэт IэпэIасэ хъун зэрилъэкIыщтым гу лъитэгъагъ. Арыти, сэри Мэщбэшlэ Исхьакъ писательхэм я Союз аштэнэу игъо афэслъэгъугъ. АщкIэ тызэрэхэмыукъуагъэр нэужми къэшъыпкъэжьыгъ. Джы ащ июбилей хэтэгъэунэфыкIы. Илъэс тIокIищырэ пшIырэр къэбгъэшIагъэми, зэпычын фаеу хъугъэм уахэгупшысыхьажьынымкIэ лъэгэпIэ дэгъу. А илъэсхэм къакIоцI, поэзиери щимыгъэзыеу, Мэщбэшlэ Исхьакъ романист пшъхьапэ хъугъэ. Урысыемрэ ежь инародрэ ятарихъ ащ еплъыкIэу афыриIэм тарихъ шъыпкъагъэр, художественнэ IэпэIэсагъэр къахэщы, ахэр хъугъэ-шIэгъэ шъыпкъэхэм атегъэпсыкIыгъэх».

Хэтырэ писатела ащ фэдэ гущыIэхэр зимыгопэщтхэр?

СэрыкIэ Сергей Владимировичыр интернационалист шъыпкъэм ищыс. А гущыIэм непэ ащ фэдизэу уасэ фамышIыжьырэми, нахь макIэу е имэхьанэкIэ гомыхьэу агъэфедэ хъугъэ нахь мышIэми. Михалковхэр интеллигент унагъу — къызыхэкIыгъэхэ лIакъом имызакъоу, ежьхэм яцIыф гъэпсыкIэкIэ, яшэн-зекIуакIэкIэ, талант цIыфым хэлъэу гу лъатэмэ, ащ дырагъаштэ, IэпыIэгъу фэхъух. Сергей Владимировичымрэ Наталья Петровнамрэ пштэхэмэ, шIушIэныр янэшанэу, ар агу къариIоу ары сэ зэрэслъытэрэр. КIэлакIэм талант зэрэхэлъым гу лъыптэныр бэми къадэмыхъоу сэ къысшIошIы. Наталья Петровнар унэгъо Iофхэм, яшъаохэм япIун нахь афэгъэзэгъагъэмэ, Сергей Владимировичыр общественнэ IофшIэным чанэу хэлажьэщтыгъ. Зэпыу имыIэу гъогу тетыгъ, чIыпIэхэм писатель пленумхэр ащызэхищэщтыгъ — зэкIэ ахэмэ мымакIэу кIуачIэрэ уахътэрэ атыригъэкIуадэщтыгъ. Ау сыд фэдэу гур къыдищаещтыгъа зэIукIэшхохэм къащыгущыIэ зыхъукIэ, лъэпкъ литературэм хэгъэгум ищыIэныгъэкIэ мэхьанэшхо зэриIэр анахьэу зэрэхигъэунэфыкIыщтыгъэм. Къызэряджэщтыгъэр амал зэриIэкIэ ащ хэхъоныгъэ егъэшIыгъэнэу, урыс литературэм идунай яфэшъошэ чIыпIэ щаубытынымкIэ ныбжьыкIэхэм IэпыIэгъу афэхъунхэу ары.

Сергей Владимир ыкъор заулэрэ Адыгеим къэкIуагъ. Ау сэ анахь сыгу къинэжьыгъэр апэрэу ар Мыекъуапэ къызэрэкIогъагъэр ары. КъысэлъэIугъ ар сищыIакIэ езгъэлъэгъунэу. Усэхэмрэ поэмэхэмрэ зыдэт тхылъ заулэ къыдэзгъэкIыгъагъэми, а уахътэм сызычIэсын унэ сиIагъэп. Тыда зыдэсщэн слъэкIыщтыгъэр? Фэтэрэу сыубытыгъэм сщагъэ. Сэсыеу зэрэсимыIэр есIонкIэ къезгъэкIугъэп. Зиунэ сычIэсхэм литературэм хэшIыкIышхо фырямыIагъэми, (лIыр нефтяникыгъ, шъузым унэгъо Iофыр зэрихьэщтыгъ) ащ лъыпытэу поэтыр ашIэжьыгъ. Такъикъ заулэ нахь тырамыгъашIэу щагум дэт къуажъ чъыг ырабэм ычIэгъ Iэнэ шыгъэ къыщызэрагъэфагъ.

— Къо шIагъу шъупIугъэр, шъурыгушхон шъулъэкIыщт,— ариIуагъ Сергей Владимировичым бысымхэм. Джащыгъур ары ныIэп ащ зишIагъэр лIымрэ шъузымрэ сянэ-сятэхэу зэрэщымытхэр. Михалковыр бэрэ егупшысагъэп, ыуж сыригъэуцуи, партием ихэку комитет сищи, апэрэ секретарэу И.С. Цундэкъом занкIэу риIуагъ: «Мэщбэшlэ Исхьакъ сэ сикIэлэпIугъ, талант зыхэлъ поэт, ыпкIэ ытызэ, фэтэр цIыкIу зэрысыр. ПсынкIэ шъыпкъэу квартирэ емытыгъэ хъущтэп». Мэфэ заулэ нахь темышIэу квартирэ къысаты. Сэщ фэдэ кIэлэпIугъэ тхьапша ащ иIагъэр? Джыри зы хъугъэ-шIагъэ къэсIотэщт. Адыгеир Урысые къэралыгъом зыхэхьагъэр илъэс 400 зэрэхъугъэм фэгъэхьыгъэ торжественнэ пчыхьэзэхахьэ Союзхэм я Унэ и Колоннэ зал щырагъэкIокIы. Пчыхьэзэхахьэр зезыщэрэр Сергей Михалковыр ары. Советскэ, урысые литературэм щытхъу къафэзыхьыгъэ писательхэр чIэсых. Наталья Петровнам сыгосэу сыщыс. ЗэкIэм ар къэтэджышъ, ымакъэ Iэтыгъэу къеIо: «Сыда зэлъашIэрэ поэтэу Мэщбэшlэ Исхьакъ гущыIэ къызыкIешъумытырэр? Моу сценэм къыдэрэкIуайй, иусэмэ къярэдж!» Сэ сIощтыр, сшIэщтыр сымышIэу сыщысызэ, Наталья Петровнам сIапэ еубытышъ, сценэм сыдещае. Сыдэущтэу ар къыбгурыIон фая? Зыгорэм шIу фэшIэгъэным инэшана, ежь ышъхьэ фэгумэкIыным ычIыпIэкIэ зыгорэм ишIуагъэ ригъэкIыныр къыхэхыгъэныр ара, хьаумэ ахэмэ анахьи анахь нэшэнэ шIагъо гора?

Сергей Михалковыр — зэман псэу хъурэ цIыф. ИлъэсиплI ащ ыныбжьыгъ революциер зытекIом, СССР-р зэрэзэхащэгъагъэр инэрылъэгъугъ, илъэс 78-рэ ыныбжьэу ежь къыгъэшIагъэм ищыIэныгъэ зыфигъэшIушIэгъэ къэралыгъор зэрэзэбгырызыгъэр къылъэгъужьыгъ. Зэгорэм

ар зэреуцолІэжьыгъагъэмкІэ, «бэ спэкІэкІыгъэр, ау шыхьат къодыеу ахэмэ салъыплъэщтыгъэп, сэ сшъхьэкІэ чанэу сахэлажьэщтыгъ нахь. Илъэсыбэ хъугъэу сызэрэщыІэмкІэ, творчествэм сызэрэпылъымкІэ къысэрэхъуапсэх». Тэрэз. Ащ ытхыгъэ «Дядя Степа» — сыд фэдэрэ уахъти кІэлэцІыкІухэм апае атхыгъэ анахь тхылъ дэгъухэм ащыщ. Адэ анахь зэлъашІэхэу, цІэрыІохэу алъытэхэрэм ащыщэу хэт къызыщытхъужьын ылъэкІыщт хэгъэгум игимнищ ахэлъ гущыІэхэм яавторэу? Ыкъохэр пІонышъ, сыд фэдэ цІыф шІагъоха! Ахэмэ агъэуцурэ фильмэ пэпчъ хэгъэгуми, дунаими якультурэ щыІэныгъэкІэ хъугъэ-шІэгъэ псэу.

Иилъэс 90-рэ хигъэунэфыкІызэ, сыгу къэкІыжьы дунаим щызэлъашІэ хъугъэ ыкъохэм сарищалІи, Іущхыпцl ыкІызэ зэрариІуагъэр:

— Зыщышъумыгъэгъупш, шъуянэу Наталья Петровнам «сишъау» ыІозэ Исхьакъ еджэщтыгъ. СэрыкІи ар сишъао. ШъорыкІэ зэрэхъурэр шъушэу ары.

Сергей Михалковым сызыфигъэсагъэр, щыІэныгъэмкІэ анахь мэхьанэ зиІэр — цІыфхэм ІэпыІэгъу афэхъугъэныр, шІоу цІыфхэм афэпшІагъэм псапэу хэлъым рэзэныгъэ хэбгъотэныр ары. Творчествэм фэгъэхьыгъэмэ, хьагъушъугъухэм аІорэр ащ фэдизэу угу емыгъэкІоу, шъыпкъагъэ хэлъэу, гъунэнчъэу узафэу утхэныр ары.

*2008-рэ илъэс*

## Адыгэмэ якІэн лъапІ

*— Исхьакъ, тарихъ романхэр птхынхэр о уисэнэхьат хъугъэ, адыгэхэм яблэкІыгъэ зэман имызакъоу, Кавказыми, Урысыеми ятарихъ хэшІыкІышхо фыуиІ, мызэумытІоу художественнэ шІыкІэ-амалхэмкІэ пшъхьапэу ар къипІотыкІыгъ. Уиусэхэми, уипрози заулэрэ уакъыщытегущыІагъ СултІан Хъан-Джэрые зыфэдэ цІыфыгъэм. Ащ иобраз шІущэу къыщыбгъэлъэгъуагъ уироманэу «Мыжъошъхьалым». Ащ ыуж ихудожественнэ тхыкІэ-гъэпсыкІэкІэ блэхъопсыкІыгъуаеу ащ ехьылІэгъэ романэу «Хъан-Джэрые» птхыгъэ кІэкІэу, ау ащ дакІоу икъукІэ мэхьанэ купкІ кІоцІылъэу къэпІон хъумэ, непэ хэта тэрыкІэ Хъан-Джэрые, сыд фэдэ кІэна ащ къытфыщинагъэр?*

— СултІан Хъан-Джэрые сэрыкІэ ыкІи зэкІэ адыгэ лъэпкъхэмкІэ титарихъ къыхэфэгъэ анахь цІыф цІэрыІохэм ащыщ. ЗыкІи уемыхъырэхъышэу ар агобгъэуцон плъэкІыщт анахь зэлъашІэрэ адыгэхэу къосэгъупщышхо лІыхъужъэу Рэдэд, жанэхэм япщышхоу Къаншъаукъо Шъэбэкъу, Къэбэртае ипщышхоу Идарэ Темрыкъо. Ахэмэ ящыІэкІагъэмрэ лъэпкъым иІофыгъошхохэу апшъэ ифагъэхэмрэкІэ адыгэхэм шІукІэ ацІэ рарагъэІуагъ.

*— Тэрэз зэкІэ а къызыфэпІуагъэхэр, Хъан-Джэрые общественнэ-политическэ ІофышІэшхоу зэрэщытыгъэм урыгущыІэн зыхъукІэ. Ау ащи имызакъоу, фэшъхьаф лъэныкъохэмкІэ ар цІыфхэм зэлъашІэ хъугъагъэба.*

— Ары. ТэркІэ Хъан-Джэрые — апэрэ адыгэ писатель-просветителэу зэкІэ амалэу ІэкІэлъымкІэ инарод икъэбар шъыпкъэ — ащ тарихъ гъогу къинэу къыкІугъэр, иобщественнэ ыкІи исоциальнэ гъэпсыкІэ, духовнэ кІэн баеу зэІуигъэкІагъэр — зэкІэ цивилизованнэ дунаим ригъэшІэным пылъыгъэу ары зэрэтшІэрэр. Ащи имызакъоу, илъэпкъэгъухэу яныдэлъфыбзэкІэ тхыбзэ зимыІагъэхэр урыс, европэ культурэм, гъэсэныгъэм, цивилизацием ишІуагъэхэм нэІуасэ афэзышІыным пылъыгъэ апэрэ адыгэхэм ар ащыщыгъ. А лъэныкъомкІэ уасэ фэпшІын зыхъукІэ, тэ, адыгэхэмкІэ, Хъан-Джэрые зыфэдэр урысхэмкІэ цІыфышхохэ Пушкинымрэ Карамзинымрэ арых, Іо хэмылъэу, адыгэ дунаир пштэмэ, ащ пэпшІын къэгъотыгъуай. Адыгэ дунаим имызакъоуи тэлъытэ.

*— УигущыІэхэм пшІошъ къагъэхъурэр писатель-просветителэу зэрэщытыгъэм елъытыгъэу Хъан-Джэрые лъэныкъуабэ къызэлъызыубытырэ Іофышхо зэрэзэшІуихыгъэр ары.*

— Ары, нэмыкІырэ писатель-просветительхэу Нэгумэ Шорэ, СултІан Къазджэрые, Бэрсэй Умарэ, КІэщ Адылджэрые, Ахъмэтыкъо Къызбэч афэдэу, Хъан-Джэрые Іофышхоу ышІагъэм лъэныкъуабэ къызэлъиубытыщтыгъ. Ежьхэм къахэкІыгъэу, ясэнэхьат тегъэпсыкІыгъэ ученэхэу

тарихъым изэгъэшlэн пылъхэр, этнографхэр, фольклористхэр, педагогхэр адыгэхэм зэрямыlагъэхэм къыхэкlэу, ахэмэ ашlэн фэягъэр ежьхэм зэшlуахын фаеу хъущтыгъ. Хъан-Джэрые ежь иуахътэкlэ анахь гъэсэныгъэшхо зиlэхэм ащыщыгъ. Икlэлэгъум Екатеринодар дэтыгъэ гимназиеу дзэ къулыкъум епхыгъагъэмрэ Петербург дэтыгъэ кадет корпусымрэ къыухыгъагъэх. Адыгабзэм имызакъоу, урысыбзэри пшъхьапэу ышlэщтыгъ, арабыбзэкlи, тыркубзэкlи дэгъоу гущыlэн ылъэкlыщтыгъ.

*— Исхьакъ, мы lофым икъукlэ щымыгъозэ цlыфым мыщ фэдэ упчlэ зыфигъэуцужьын ылъэкlыщт: сыд пае Хъан-Джэрыий, Къазджэрыий, Адылджэрыий, нэмыкlырэ адыгэ писатель-просветительхэми мыадыгацlэхэр яlэха?*

— Аущтэу хъуныр къызыхэкlыгъэр Гирейхэр (Джэрыехэр) зэман горэм къырым хъан лъэпкъ къызыхэкlыгъэхэр. Адыгэхэм ренэу ахэсынхэу къазыхахьэхэм, охътэ гъэнэфагъэ тешlагъэу ящыlэкlэ-псэукlи, абзи аштэхи, ахэкlухьажьыгъагъэх, ащыщ шъыпкъэ хъужьыгъагъэх. Хъан-Джэрые ятэу Мыхьамэт Къырымджэрыий, ятэжъи, ялlакъокlэ шэны афэхъужьыгъэу, агукlэ урысхэм, Урысыем афэщэгъагъэх, урыс пачъыхьэм къулыкъу фашlэщтыгъ. Якlалэхэри Урысыем фэшъыпкъэным тегъэпсыкlыгъэу апlущтыгъэх. Лlакъом хъулъфыгъэу къыхэкlыгъэхэр зэкlэ урыс офицер хъугъагъэх.

Султlан Хъан-Джэрые 1808-рэ илъэсым къэхъугъ. Зэщыхьагъу горэм ятэ зыхэкlуадэм, Хэушъхьафыкlыгъэ Кавказ корпусым икомандующэу А.П. Ермоловым кlэлэцlыкlу ибэр Петербург дэт кадет корпусым аригъэштагъ. Дэгъоу ар къызеух нэужым, Черниговскэ къэзэкъ эскадроным къулыкъу щишlагъ, урыс-перс (1826–1828), урыс-тырку (1828–1829) заохэм лlыгъэ къащигъэлъагъоу ахэлэжьагъ, ащ нэужым поручик званиер къыфаусыгъэу l-рэ Николай иухъумэкlо Кавказ-къушъхьэ полуэскадроным илейб-гвардие хагъахьэ, Польшэм щыкlогъэ зэпэуцужь хъугъэ-шlагъэхэм (1830–1831) ахэлэжьагъ. Ыпшъэкlэ зыцlэ къыщетlогъэ зэо lофтхьабзэхэм Хъан-Джэрые lэпэlэсэныгъэ зыхэлъ зэолl псэемыблэжьэу закъыщигъэлъэгъуагъ, заулэрэ къаулагъ, мызэу-мытlоу наградэхэр къыфагъэшъошагъэх. 1837-рэ илъэсым Кавказ-къушъхьэ полуэскадроным командир фашlы. Ар якомандирэу къулыкъур ахьыщтыгъ нэужым адыгэ писатель-просветитель хъугъэхэ Нэгумэ Шорэрэ Султlан Къазджэрыерэ. А уахътэм ехъулlэу Хъан-Джэрые итарихъ-этнографическэ lофшlэгъэшхоу «Записки о Черкесии» зыфиlорэм (1836) итхын ыухыгъэхагъ.

*— Султlан Къазджэрые А. С. Пушкиным зэрэlукlэгъагъэр зэкlэми зэлъашlэ. Хъан-Джэрыий урыс поэтышхом инэlосагъэу къызышlошlыхэрэр щыlэх.*

— Ащкlэ яшlошlхэр зэтеlотыкlыгъэх. Документхэмкlэ къэмыушыхьатыгъэмэ, Хъан-Джэрыерэ А.С. Пушкинымрэ зэнэlосагъэхэу пlон умылъэкlыщтэу зыхэм аlо. Адрэхэм къызэрашlошlырэмкlэ, Н.И. Греч дэжь мэфэку пэпчъ зэlукlэгъоу щызэхащэщтыгъэм Хъан-Джэрые А.С. Пушкиным щыlукlэн ылъэкlыщтыгъ.

*— Ари гъэшlэгъоны, ау Хъан-Джэрые итворческэ, духовнэ кlэн къыфэдгъэзэжьын.*

— Писатель-просветителэу зэрэщытыгъэм елъытыгъэу, Хъан-Джэрые творческэ, научнэ lофыгъохэу lоф зыдишlэщтыгъэхэр бэдэдэ хъущтыгъэх, зэфэшъхьафыгъэх. Ытхыгъэх ащ художественнэ произведениехэу повестэу «Черкес тхыдэхэр», рассказхэу «Къамболэтыпщыр», «Къунчыкъо ичэщтеу», ябиографие тегъэпсыкlыгъэу очерк жанрэм илъхэ «Абатэ Бэслъынэй», «Ахэджэго Пщыкъуипщыр». Джащ фэдэу зэлъашlэх адыгэхэм ятарихъ, этнографие, мифологие афэгъэхьыгъэ иlофшlагъэхэу: «Черкесием ехьылlагъ», «Черкесхэм ятхьэшlошъхъуныгъэ, яшэн-зекlуакlэхэр, ящыlэкlэ-псэукlэ зыфэдэр», фэшъхьафхэри. А зыцlэ къетlуагъэхэм ащыщхэу «Черкесием ехьылlагъ», «Черкесхэм ятхьэшlошъхъуныгъэ...» зыфиlохэрэр арых ныlэп авторыр щыlэу къыхаутыгъэхэр. Ытхыгъэхэм ащыщ заулэ идунай зехъожь нэуж къызыхаутыгъэр. Черкесием ехьылlэгъэ тхыгъэхэр бэшlагъэп къызыхаутыгъэхэр.

*— Нафэу зэрэщытымкlэ, Хъан-Джэрыий, ащ изэман дыщыlагъэхэ Нэгумэ Шори, Султlан Къазджэрыий адыгэ писатель-просветительхэм яапэрэ лlэуж зыщыщыгъэхэр ыкlи ахэмэ ятворчествэ зифэмэ-бжьымэ къытехьэщтыгъэр а лъэхъаным урыс литературэм тетыгъор щызыlыгъыгъэ*

*романтизмэр ары. Адэ Хъан-Джэрые итворчествэ пштэмэ, ежь илъэхъан социальнэ, общественнэ зэмызэгъыныгъэхэу щыӀэныгъэм къыхафэщтыгъэхэм гу алъимытэщтыгъэу, къэзыуцухьэрэ дунаир романтическэу ипроизведениехэм къащигъэлъэгъоным щэхъу ымыгъэгумэкӀыщтыгъэу къызышӀодгъэшӀын тлъэкӀыщта?*

— Аущтэу сфэӀощтэп, писателэу зэрэщытыгъэм елъытыгъэу, Хъан-Джэрые итворчествэ анахь къыхэщыщтыгъэр щыӀэныгъэр амал зэриӀэкӀэ нахь куоу зэхэфыгъэу художественнэ шӀыкӀэ-амалхэмкӀэ къызэригъэлъэгъоныр, ащ фэшӀ романтизмэм иӀэхъу-лъэхъухэр зытыридзынхэм ишъыпкъэу зэрэпылъыгъэр ары. Сэ сишӀошӀыкӀэ, ар нахь нафэу зыхэплъагъохэрэр ябиографие техыгъэ очеркхэу «Бэслъыные Абат», «Ахэджэго Пщыкъуипщыр» арых. Шапсыгъэмэ ядзэпащэу Бэслъыные Абат ащ къызэригъэлъагъорэр щытхъу зыпылъ романтикэ героеу щытыхэп. Писателым тапашъхьэ къыригъэуцорэр узэмыжэгъэ шэн-зекӀуакӀэхэр къызыхэфэрэ цӀыф, ар Ӏушы, тхьагъэпцӀ, ащ дакӀоуи жъалым. Писателым игерой ишэн дэгъухэм адакӀоу, зыкӀи чӀимыукъуащэу инэшэнэ гомыхьхэри къыгъэлъэгъуагъэх.

*— НэмыкӀэу къэпӀон зыхъукӀэ, тапашъхьэ къырагъэуцуагъэр реалистическэу къэтыгъэ образ нахькӀэ, романтическэу гъэпсыгъэу пӀон плъэкӀыхэщтэп, арыба. Адэ арэущтэу щытымэ, Хъан-Джэрые игерой сыда ыгу рихьэу хэлъыр?*

— Тэ тэшӀэба Хъан-Джэрые писатель-просветитель Ӏэпэӏасэу зэрэщытыгъэм имызакъоу, общественнэ-политическэ ӀофышӀэшхоу зэрэзэлъашӀэщтыгъэр, ишъыпкъэу ар ыгъэгумэкӀыщтыгъ къызыхэкӀыгъэ адыгэ лъэпкъым къырыкӀощтым, ащ ишъхьафитныгъэ, тапэкӀэ ищыӀакӀэ зыфэдэ хъущтым. ЫкӀуачӀэ къызэрихькӀэ ар фэбанэщтыгъ адыгэхэр Урысыем нахь пэблагъэ зэрэхъунхэм, Черкесием зэхъокӀыныгъэхэр фэшӀыгъэнхэм, мамыр, цивилизованнэ лъапсэхэм атегъэпсыкӀыгъэу ящыӀэкӀэ-псэукӀэ фэшъхьаф шъыпкъэу гъэпсыгъэным. А идеехэр ары зэрыгъуазэщтыгъэр «Черкесием фэгъэхьыгъэ тхыгъэхэр» ытхыхэ зэхъум. Бэслъынэй Абатэ гомыхь нэшанэхэр мымакӀэу хэлъыгъэхэми, писателыр дэзыхьыхыщтыгъэр ихэгъэгу шӀу фишӀэным адыгэ пащэм ыкӀуачӀэ фигъэшӀушӀэным, Черкесием мамыр щыӀэкӀэ-псэукӀэ щыгъэпсыгъэным зэрафэбанэщтыгъэр ары. Нафэу зэрэщытымкӀэ, а идеехэр ежь Хъан-Джэрыий ыгу пэблэгъагъэх.

*— Адыгэ цӀэрыӀохэм яхьылӀагъэу ябиографие тегъэпсыкӀыгъэ очерк заулэ Хъан-Джэрые ытхын ыгу хэлъыгъэу зыӀохэрэр щыӀэх.*

— Ащ фэдэ тхылъ ытхын ыгу хэлъыгъэ къодыеп, а гухэлъым щыщ Ӏахьи ащ ыгъэцэкӀэгъэхагъ. Ар къаушыхьаты итарихъ-биографие очеркхэм. Ахэмэ пшӀошъ къагъэхъу Хъан-Джэрые очеркист-публицист Ӏэпэӏасэу зэрэщытыгъэм имызакъоу, писатель-художник шъыпкъэуи зыкъызэригъэлъэгъуагъэр. Хъан-Джэрые тхэным зэрэфытегъэпсыхьагъэр джащ фэдэу къызыщылъэгъуагъэхэр ирассказхэу «Къамболэтыпщыр», «Къунчыкъо ичэщтеу», анахьэу «Черкес тхыдэхэр» зыфиӀохэрэр ары. Аужырэ произведениер Хъан-Джэрые ытхыгъэхэм анахь пшъхьапэу ары сэ зэрэслъытэрэр. ЫпшъэкӀэ зыцӀэ къесӀогъэ произведениехэм афэдэу, ащ нахь нэм къыкӀидзэу къыщылъэгъуагъэх авторым иидейнэ-политическэ еплъыкӀэхэр зыфэдэхэр, цӀыфым фэгумэкӀыгъэным фэлэжьэгъэныр ащ игухэлъ шъхьаӀэхэм зэращыщыгъэр. «Адыгэ тхыдэхэм» исюжет линие шъхьаӀэ – ӀэкӀыб къэралхэм къарыкӀыгъэ техакӀохэм апэуцужьыгъэныр, шӀу зэрэлъэгъухэрэ ныбжьыкӀитӀоу Джамболэтрэ пщым ыпхъу пшъэшъэ дахэмрэ къяхъулӀэгъэ тхьамыкӀагъор ары.

Писателым ипроизведениехэм ахэтэлъагъо Черкесием ишъхьафитныгъэ псэемыблэжьэу фэбэнэрэ адыгэ лӀыхъужъэу зэкӀэ адыгэ лъэпкъхэм къарыкӀощтым фэгумэкӀырэр. Ащ фэд жанэмэ япщышхоу адыгэ лъэпкъхэр зэкъохьанхэу яджэщтыгъэр. Хъан-Джэрые игерой шъхьаӀэхэм анахьэу къахэщырэ нэшанэхэм ащыщых егъашӀэми адыгэхэм осэшхо зыфашӀыщтыгъэхэ лӀыхъужъыгъэр, уихэгъэгу шӀу плъэгъуныр, уигущыӀэ уфэшъыпкъэныр.

*— Сэ сишӀошӀыкӀэ, «Черкес тхыдэхэр» ары романтизмэм инэшанэхэр нахь гъэнэфагъэу къызыхэщыгъэхэр. Социальнэ анализыр ахэмэ нахь макӀ къазэрэхафэрэр. Писателым ынаӀэ нахь зытыригъэтырэр цӀыфым инамыс, ипсихологие шэн-зекӀуакӀэхэм лъапсэу афэхъухэрэм якъызэӀухын ары.*

– Ари тэрэз, ау сыд фэдиззэу егугъупэзэ, зэхэугуфыкIыгъэу этнографием ипкъыгъохэр ащ къытхыхьэхэра, анахьэу адыгэхэм яшэн-хабзэхэм афэмынэIосэ тхылъеджэхэм игъэкIотыгъэу къафиIуатэра адыгэхэм зидунай зыхъожьыгъэм хьадэIусэу фашIырэр. Мыщ щэчэфых, къэзэрэугъоигъэхэм ешхэ-ешъуи афызэхащэ, шхончыкIэ, кIэрахъокIэ щэрыохэзэ щызэнэкъокъух, шыухэри къыщызэпэчъэх. Сыд фэдиззэу ядэхагъэ ыгъэшIагъозэ Хъан-Джэрые адыгэ хъулъфыгъэ, бзылъфыгъэ шъуашэхэм къатегущыIэщтыгъа, сыд фэдиз шIулъэгъу афыриIагъа игупсэ Черкесие, ащ иприродэ хьалэмэт, цIыф жъугъэхэм шэн-хабзэу ахэлъхэм, адыгэ орэдыжъхэм, сыд илIэужыгъоу адыгэхэм егъашIэми ахэлъхэм! ЗэкIэ ахэр ащ ипроизведениехэм ахэбгъотэщтых. Ихэгъэгу ащ ыгучIэ нэсэу шIу ылъэгъущтыгъ ыкIи мамыр щыIэкIэ зэпэш ичIыгу щыгъэпсыгъэным кIэхъопсыщтыгъ.

*– ШъыпкъэмкIэ, этнограф пшъхьэпагъ ар!*

– Ащи изакъоп, талант зыхэлъ фольклористыгъ, адыгэ фольклорыр шIущэу ышIэщтыгъ. Хъан-Джэрый ары адыгэ лIыхъужъ эпосэу «Нартхэр» зэкIэми апэу цIыфхэм языгъэшIагъэр. «Черкесием ехьылIагъэхэр» ары адыгэ нарт зэолIхэм апэу ягугъу къызыщашIыгъэр. Ау урысыбзэкIэ еджэхэрэм нартхэм яхьылIэгъэ къэбарыр къызэрахыгъэр повестэу «Черкес тхыдэхэр» ары.

*– Тэ къытфэнэжьырэр, Хъан-Джэрые итворчествэрэ иидейнэ-политическэ, шIушIэн гухэлъхэмрэ куоу зэрэпшIэхэрэм пае тыохъопсэнэу ары.*

– Романхэу «Мыжъошъхьалым», анахьэу «Хъан-Джэрые» Iоф адасшIэ зэхъум, Кавказ заоу я XIX-рэ лIэшIэгъум щыIагъэм, Хъан-Джэрые ищыIэныгъэ, итворчествэ, иобщественнэ-политическэ IофшIакIэ яхьылIагъэхэр зэкIэ зэзгъэшIэн фаеу хъугъагъэ. Тарихъ тхылъ ин горэ птхынэу гухэлъ зыпшIыкIэ, илъэс заулэрэ ащ уегупшысэзэ, документхэр, фактхэр оугъоих, тхылъэу птхын угу хэлъым ихъугъэ-шIагъэхэр зыщырекIокIыгъэ зэманыр зэогъашIэ – джащыгъум а тхылъым игерой шъхьаIэ ппэблэгъэ шъыпкъэу зэрэхъурэм ыпкъы къикIыкIэ, уянэ къылъфыгъэ шым фэдэу уфыщытэу мэхъу.



*– Исхьакъ, романэу «Хъан-Джэрые» 1998-рэ илъэсыр ары къызыхаутыгъэр. КритикэмкIэ къызэриушыхьатырэмкIэ, Хъан-Джэрые иобраз художественнэ лъэныкъомкIэ пшъхьапэу къэгъэлъэгъуагъэ хъугъэ. Нахь игъэкIотыгъэу ащ къытфытегущыIэба.*

– Сигуапэу. Литературэм, художественнэ творчествэм яхьылIэгъэ сыд фэдэрэ зэдэгущыIэгъуи гъэшIэгъоны, шIогъэ гъэнэфагъэ къехьы. Арэу щытми, зыкIэ тызэгъэзэгъ: сыд фэдэ Iоф пылъэу ара Хъан-Джэрые сироман къызэрэщыгъэлъэгъуагъэр? Ащ итворческэ, научнэ IофшIагъэ сэ сыкъытегущыIагъэп пIоми хъущт. Сэ ар инахьыбэкIэ къызэрэзгъэлъэгъуагъэр общественнэ, политическэ IофышIэшхоу ары. Арышъ, романым къызэрэщыгъэлъэгъуагъэм нахьи Хъан-Джэрые нахь цIыфышхоу, нахь Iофыби зэшIуихыгъэ фэдэу критик зырызхэм зэратхырэр лъэпсэнчъэу сэлъытэ, сыда пIомэ а цIыфышхор зэкIэ Iофэу зыпылъыгъэхэр къэзгъэлъэгъонэу сэ пшъэрылъ зыфэсшIыжьыгъагъэп. Ащ фэшъхьафэуи, къызытегущыIэхэрэ цIыфым егъэлыегъэщэу щытхъу пызылъхьэхэрэм сэ сащыщэп, скIуачIэ къызэрихькIэ, цIыфыр зэрэслъэгъумэ сшIоигъор хъугъахэу къэзгъэлъэгъон слъэкIыщтэп. Тигерой дзэпащэу, гъэхъагъэхэр ышIыгъэхэу стхын зыкIэсымылъэкIыщтыр зэгорэми ащ полкхэр заом зэрэIуимыщагъэхэр, офицер шъхьаIэу зэгорэм зэрэмызэуагъэр ары. Шъыпкъэ, пачъыхьэмрэ Урысыемрэ афэшъыпкъэу къулыкъу зэришIагъэм пае нэужым полковник чин къыфауси, I-рэ Николай ифлигель-адъютант IэнатIэр къыфагъэшъошэгъагъ.

«Инарод къырыкIощтым ипшъэрылъ хьылъэ зэшIуихын фаеу ащ къытефэгъагъ» аIозэ зэратхырэр арымэ, зэрэгупцIанэм, Iэдэбышхо зыхэлъ цIыфэу зэрэщытыгъэм апкъы къикIыкIэ ащ фэдэ пшъэрылъыр ыкIуачIэ къыхьын ылъэкIыщтэу ары къызэрэшIошIыщтыгъэр. Адыгэхэр нэужым къяхъулIэгъэ тхьамыкIагъом щиухъумэнхэм пае зэкIэ ыкIуачIэ къыхьын ылъэкIыщтыр ышIагъ, илъэпкъэгъухэм къарыкIощтыр зэо Iоф къыхэмыхьэу, мамыр шIыкIэамалхэмкIэ зэшIохыгъэн фаеу пачъыхьэми, ащ нахь пэблагъэу Iоф дэзышIэщтыгъэхэми ашIошъ зэригъэхъуным пылъыгъ. Ау ащ фэдэ мамыр Iофтхьабзэхэр пачъыхьагъум игухэлъхэм къыдалъытэщтыгъэп, арэу зыхъукIэ, «инарод

къырыкIощтым ипшъэрылъ» зэшIуихын ылъэкIынэу амал иIагъэп, сыда пIомэ икъыблэ гъунапкъэ сыд фэдэрэ черкес пщыгъуи щыриIэнэу пачъыхьагъур фэегъахэп, Урысыем къепхыгъэу, къыфэIорышIэу щэрэт нахь мышIэми. Ар зыфэегъэ закъор адыгэхэм ячIыгу гъэбэжъулъэхэр, хы ШIуцIэ Iушъор арых нахь, шъхьафитныгъэр шIу зылъэгъурэ зэонфэшIу адыгэхэр арыгъэп.

— *ЗэрэхъурэмкIэ, Iашэр агъэтIылъынэу, пачъыхьэм идзэхэм IашэкIэ апэмыуцужьынхэу илъэпкъэгъу адыгэхэр ыгъэдэIонхэу Хъан-Джэрые пшъэрылъэу къыфашIыгъагъэр бгъэцэкIэн плъэкIынэу щытыгъэп, арыба?*

— Ары. Ащ ехьылIагъэу I-рэ Николай ыкъоу Александр риIогъагъ ежь шъыпкъэм а пшъэрылъыр Хъан-Джэрые къызэригупшысыгъэр дунэе общественностым ыжэ ыкудэным пае.

— ЕтIани, ащ нахь пасэу, Хъан-Джэрые ышIошъ ыгъэхъуным пылъэу пачъыхьэм къыриIощтыгъэба: «Черкес старшинэхэм яIашэ агъэтIылъэу, Урысыеишхом ихабзэхэм афэIорышIэрэ мамыр цIыфэу хъугъагъэхэмэ, тэ тигопэныгъи. Черкесхэм ячIыгу гъэбэжъулъэхэри, яижъырэ культури, ядини атетхын гухэлъ тэ тиIэпи. Народхэм яунэгъо зэдэIужь ахэр щыщ хъунхэр ары ныIэп тэ тызыфаер».

— *Зэрэхъугъэ шъыпкъэмкIэ, адыгэхэмкIи, ежь Хъан-ДжэрыекIи тхьамыкIагъокIэ зэкIэ ухыгъэ хъугъэ: народым инахьыбэ зэтыраукIагъэ, ащыщыбэхэм егъэзыгъэкIэ ячIыгужъ абгынэн фаеу хъугъагъэ, Черкесием къыгъэгъунэщтыгъэ чIыгур зэкIэ Урысые империем иунае хъугъэ.*

*Адыгэхэм къяхъулIэгъэ тхьамыкIагъор тэшIэ. Адэ ежь Хъан-Джэрые ышъхьэкIэ къехъулIэгъэ тхьамыкIагъор сыд фэдагъа?*

— «ТатархэкIым» ыIорэр адыгэхэм ашIошъ агъэхъункIэ фэягъэхэп, ащ дырагъэштагъэп. Ащ къехъулIагъэр тхьамыкIагъокIэ зыкIэслъытэрэр зыкIэхъопсыщтыгъэхэр, иидеехэр, иполитическэ, игукIэгъу гухэлъхэр пачъыхьагъуми, адыгэхэми къызэрагурымыIуагъэхэр ары. Изакъоу пчэгум къинэгъагъ Хъан-Джэрые: зы лъэныкъомкIэ, ар — гъэсэныгъэ пшъхьапэ зэрагъэгъотыгъэ урыс офицер лIыблан, фэшъыпкъэу къулыкъу зэрэфишIэрэмкIэ пачъыхьэм цыхьэ къызыфишIырэ дзэ къулыкъушI, ащ иухъумэкIо шъхьаI, ифлигель-адъютант, адыгэхэмрэ урысхэмрэ зэгъусэныгъэ пытэ азыфагу илъыным ишъыпкъэу пылъ. Адырэ лъэныкъомкIэ — ар адыг, быслъымэн, ицIыкIугъом къыщегъэжьагъэу адыгэ хабзэм ишапхъэхэм атегъэпсыкIыгъэу апIугъ, ыгучIэм нэсэу илъэпкъэгъухэм яIоф егъэгумэкIы, тхьамыкIэгъо чIыпIэу зэрыфагъэхэм хэкIыпIэ къыфигъотыным, щыбгъэзыен умылъэкIынэу зэрэхэкIодэщтхэм щиухъумэнхэм зэкIэ ыкIуачIэ рихьылIагъэу пылъ.

Ишэн-зекIуакIэкIэ зэфагъэ зыхэлъ цIыфэу ежь зэрэщытым елъытыгъэу, Хъан-Джэрые аужырэ уахътэм нэс I-рэ Николайрэ Бенкендорф графымрэ агу шIу илъ фэдэу къышIошIыщтыгъ ыкIи ахэр къыухъумэщтыгъэх. Ау пачъыхьэр Черкесием къакIуи, Петербург зегъэзэжьым, афэшъыпкъэ адыгэр ежьхэм зэкъуадзэгъэ политикэшхом щагъэфеди, ямыщыкIэгъэжьэу дзэ къулыкъум къызыхагъэкIыжьым, джащыгъум къыгурыIуагъ зыфэIорышIэщтыгъэхэм ятIого-бзэгуагъэ зыфэдэр. Ащыгъуми ащ иехъырэхъышэ ыгукIэ ары ныIэп зэрэзэхишIэщтыгъэр, къызэрэдэзекIуагъэхэм бзэмыIоу зэрэпэуцужьыщтыгъэр ары нахь, шъхьэихыгъэу зекIуагъэп, джары лъэшэу къегоуагъэр. Пыдзы ашIыгъэм фэдэу зэрэхъугъэр, хэти имыщыкIагъэу, къулыкъу зыфишIэщтыгъэхэу зыфэшъыпкъагъэхэми, илъэпкъэгъухэм цыхьэ къызэрэфамышIырэми ихьадэгъу къагъэблэгъагъ.

— *Хъан-Джэрые зэрылIыкIыгъэм ехьылIагъэу зэтеIотыкIыгъэу къаIуатэу урехьылIэ.*

— Ары, щыIэх ащ фэдэ къэбархэр. Писателэу В. П. Бурнашовым къызэрэшIошIырэмкIэ, мюридистхэм шыщэм хэшIыкIыгъэ шъонэу щэнаут уц зыхэлъым рагъашъуи, ар агъэлIагъ. Ау ар ащ къызэрэшIошIыщтыгъэр ары ныIэп.

— *Сэ сишIошIыкIэ, Хъан-Джэрые илIакIэ о уироманэу ащ ехьылIагъэм къызэрэщыптыгъэр психологическэу нахь къэгъэшъыпкъагъэ хъугъэ — ышъхьэ лъыр зэреуагъэр ары. Ау арэп сэ зигугъу къэсшIымэ сшIоигъор — фэшъхьаф нахь мэхьанэ зиIэр. О уиидейнэ, духовнэ-нравственнэ, цIыфыгъэ лъыхъонхэр а романым нахь игъэкIотыгъэхэу, художественнэу къэгъэшъыпкъагъэхэу къыщипIотыкIыгъэх. ЗэлъашIэрэ урыс критикэу Михаил*

*Числовым мары ытхырэр: «Романэу «Хъан-Джэрые» къыщитхыхьэрэ хъугъэ-шIагъэхэм ауж илъэси 150-м тешIэжьыгъ. А лъэхъаным щыIагъэх цIыф Iушхэр. Мэщбашlэм ащ фэдэ цIыф инарод итарихъ къыхигъотагъ. Сэ сишIошIыкIэ, ежь авторым инэшанэхэр герой шъхьаIэм ишэн-зекIуакIэхэм къахэщых. Тхьэмкlэ шыкур герой Iушэу Хъан-Джэрые зэрэщыIагъэр, тхьэмкIэ шыкур писатель Iушэу Мэщбэшlэ Исхьакъ зэрэтиIэр. Романым щыIэныгъэ кIыхьэ фэухэсыгъэу сэ сэлъытэ. Адыгэ народым ижъ-ижъыкIэ поэтическэ гушхуагъэу хэлъыгъэмкIэ ар ушъагъэ».*

— Арэущтэу щытынкIи хъун, зэраIо хабзэу, критикэм нахь ешIэнкIи хъун. Ау зыгорэкIэ «Хъан-Джэрые» документальнэ тхыгъэу алъытэ шъуIуа?

*— Хьау, аущтэу сэ слъытэрэп. ФактхэмкIэ, тарихъ хъугъэ-шIагъэхэмкIэ ушъагъэ нахь мышIэми, игъэкIотыгъэ художественнэ произведение пшъхьапэу ар хъугъэ, тарихъым идэкъацэмэ адэфэгъэ цIыфым къинэу кIэхэкIыгъэр, илъэсипшI заулэм къыкIоцI адыгэхэр пшызэшъолъыр къэзэкъхэм, урысхэм ящыIэныгъэ къыхэхъухьэгъэ хъугъэ-шIагъэхэм япхыжьыгъэу етIани ар къэгъэлъэгъуагъ. Ау сэ сызэрэоупчIымэ сшIоигъор фэшъхьаф: сыдэущтэу о къыпшIошIыра — сыда адыгэхэм Хъан-Джэрые ариIорэр ашIошъ зыкIэмыхъугъэр, зыкIыдырамыгъэштагъэр?*

— Ор-орэу егупшыс: сыдэущтэу ахэмэ цыхьэ фашIын алъэкIыщтыгъа пачъыхьэм иухъумэкIо шъхьаIэ, ащ ифлигель-адъютант? Пачъыхьэм а уахътэм IашэкIэ адыгэхэм ячIыгухэр атырихыщтыгъ, унэхэр ыгъэстыщтыгъэх, цIыфхэр зэтыриукIэщтыгъэх, етIани ащ фэдэ цIыфым адыгэхэм шIу къадэхъумэ шIоигъо фэдэу Хъан-Джэрые ашIошъ ыгъэхъуным пылъыгъ. Ау пачъыхьэм гухэлъышIу къазэрэфыримыIэр адыгэхэм дэгъоу къагурыIощтыгъ.

*— Нэгумэ Шорэ, Къазджэрые… Петербург дэсыхэ зэхъум, Кавказ-Къушъхьэ полуэскадроным къулыкъу зэрэщахьызэ, тхэным ылъэныкъокIи, шIэныгъэзехьанымкIи бэ ашIэнэу зигъо ифагъэхэр, Хъан-Джэрый адэ?..*

— Нэгумэ Шорэрэ СултIан Къазджэрыерэ конвойцэ къызэрыкIохэу къулыкъур ахьыщтыгъ, ахэмэ якомандир елъытыгъэмэ, нахьыбэу уахътэ къафанэщтыгъ. Пачъыхьэм ифлигель-адъютантэу загъэнафэ нэужым, творческэ IофшIэным пылъыным пае ащ уахътэ къыфэнэжьыгъагъэп пIоми хъущт. Арэу щытми, бэ ащ Петербург щишIэнэу игъо зыфифагъэр. Дзэ къулыкъум къызыхэкIыжьым, ятэ илIэкъо щагушхоу Лъэустэнхьаблэ дэтым къыгъэзэжьи, литературэ, научнэ-просветительскэ IофшIэным зыфигъэзэгъагъ. Шъыпкъэ, джащыгъум рэхьатэу ащ Iоф ышIэщтыгъ пIон плъэкIыщтэп, сыда пIомэ аущтэу пасэу къулыкъум къызэрэхагъэкIыгъэм, урысхэми, адыгэхэми агурымыIоу акIэрычыгъэ зэрэхъугъэм, анахьэу егъашIэми ар зыкIэхъопсыщтыгъэ гухэлъыр — Урысыем щыщэу, ар къыухъумэзэ, инарод шъхьафитэу хэхъоныгъэ ригъэшIыныр — къызэрэдэмыхъущтыр ышIошъ зэрэхъугъэм ищыIэныгъэ кIуачIэхэм лъэшэу къакIырагъэчыщтыгъ. 1842-рэ илъэсым икIэухым, илъэс 34-рэ нахь ымыгъэшIагъэу, СултIан Хъан-Джэрые идунай ыхъожьыгъ.

*— Урыс литературэм я XIX-рэ лIэшIэгъум Пушкинышхор къызэрэхэтэджэгъагъэр Белинскэм къызэрэгурыIощтыгъэр а уахътэм ар ищыкIагъэу щытыгъэу, ащ иунашъокIи зэкIэ зэпыфагъэу ары. А лъэхъаным адыгэ обществэр лъэпкъ зэфэшъхьафхэу, зэдырамыгъаштэу, зэмызэгъыныгъэхэм зэкIэрачэу зэрэщытыгъэр зэкIэми ашIэ. Ащ фэдэ лъэхъаным Хъан-Джэрые, Нэгумэм, Къазджэрые, Бэрсэим афэдэ писатель-просветитель цIэрыIохэр, нэмыкIхэри къыхэхъухьанхэм ущыгугъын умылъэкIыщтыгъэу ары къызэрэпшIошIырэр.*

— ШъыпкъэмкIэ, я XIX-рэ лIэшIэгъум иапэрэ кIэлъэныкъо адыгэ обществэм зигугъу пшIын хэхъоныгъэ ышIыгъагъэу пIон плъэкIыщтэп. Адыгэ лъэпкъхэр къэралыгъо зыкIэу зэгъэуIугъэхэу щытыгъэп. ЯныдэлъфыбзэкIэ тхыбзэ хэхыгъэ яIагъэп, Адыгэ шъолъырым еджапIэ итыгъэп. Байхэмрэ дин IофышIэ пащэхэмрэ ялIыкIо заулэхэр зыхэбгъэкIыкIэ, адырэхэм еджэкIэ-тхакIэ ашIэщтыгъэп. Адыгэхэм ячIыгухэр яIэрылъхьэ ашынхэм кIэхъопсыщтыгъэх Тыркуери, Урысыери, Инджылызыри. А лIэшIэгъур ары адыгэ лъэпкъхэм къарыкIощтыр, ижъырэ Черкесием къырыкIощтыр зырахъухьэщтыгъэр. Арышъ, писатель-просветительхэр а лъэхъаным къызэрэхэтэджагъэхэр узэжэн плъэкIыщтыгъэ хъугъэ-шIагъэу ары сэ зэрэслъытэрэр.

*— Лъэпкъ писателыр, анахьэу писатель-просветителыр ихэгъэгу имыпатриотэу щытын ылъэкӀыщтэп.*

— Сэ къызэрэсшӀошӀырэмкӀэ, къызыщыхъугъэ хэгъэгур, игупсэ чӀыгу, иныдэлъфыбзэ ыгукӀэ зэхэзымышӀэрэ писателэу «зэрэдунаеу иցӀыфэу» зызылъытэжьырэм уасэ зыфэпшӀын плъэкӀын горэ ытхын ылъэкӀыщтэп. Хъан-Джэрые Ӏо хэмылъэу, патриот шъыпкъагъ. Адыгэ щыӀэкӀэ-псэукӀэм, культурэм ыкӀи цӀыф гъэпсыкӀэм анахьышӀоу, прогрессивнэу ахэлъыр зэкӀэ ащ шӀу ылъэгъугъ, ыгъэлъапӀэщтыгъ. Ащ дакӀоу Хъан-Джэрые иобщественнэ-политическэ, инаучнэ, идуховнэ дунэееплъыкӀэ къыхэбгъотэн плъэкӀыщтэп КъокӀыпӀэмрэ КъохьапӀэмрэ, Кавказымрэ Урысыемрэ, ислъам динымрэ чыристан динымрэ зыщызэригъапшэхэрэр. ЦӀыфыгъэшхом рыгъозэрэ писателэу зэрэщытым елъытыгъэу, итворческэ, иобщественнэ Ӏофэу зыпылъыгъэм интернационалист шъыпкъэу зыкъыщигъэлъэгъуагъ, ахэр зэригъэшӀунхэм, нахь зэгуригъэӀонхэм, лъэныкъуитӀуми яфедэу зэдигъэпсэунхэм апае ежь ылъэкӀ къыгъэнагъэп.

*— ЗэрэхъурэмкӀэ, прогрессивнэ, цӀыфыгъэшхо зыхэлъ, зэкӀэ цӀыфлъэпкъым ыштэгъэ идеехэу зэрыгъуазэщтыгъэхэмкӀэ Хъан-Джэрые ежь илъэхъан бэкӀэ ыпэ ишъыгъагъэба?*

— ЦӀыф акъылышӀохэу апэкӀэ чыжьэу плъэхэрэр ары ар зинэшанэр. Ахэмэ ащыщыгъ Хъан-Джэрые. Джыри зэкъэсэӀожьы, уемыхъырэхъышэжьынэу, ар иуахътэ зыфэдагъэр гум къинэжьэу къэзыгъэлъэгъон зылъэкӀыгъэ цӀыф акъылышхуагъ.

*— ЦӀыфым къырыкӀощтыр ихъухьэгъахэу, уапэкӀэ къэхъущтыр, къыохъулӀэщтыр къэзышӀэхэкӀэ алъытэхэрэм аӀорэр зышӀошъ хъухэрэм сащыщэп. Ары шъхьаем, цӀыфыр аукъодыеу дунаим къытехъорэп ныӀа, сэ сишӀошыкӀэ, шъхьадж зыгорэм фытегъэпсыхьагъэу ары къызэрэхъурэр.*

— Ащ фэдэ еплъыкӀэ-екӀолӀакӀэр сэ сыгу пэблагъ, шӀукӀаеу сыцӀыф прагматичнэу, сымыидеалистэу, нахыбэмкӀэ сызэрэматериалистыр зэгорэм къэсӀогъагъ нахь мышӀэми. КъыгурыӀогъуаеу къыпшӀошӀынкӀи хъун, ау дунаим къызыфытехъуагъэр цӀыфым фаухэсыгъэу, пшъэрылъ горэ фырахъухьагъэу зэраӀорэр сэ сшӀошъ мэхъу. ГущыӀэм пае, Хъан-Джэрые фаухэсыгъагъ пшъэрылъ гъэнэфагъэ, гъэшӀэ кӀэкӀэу дунаим зыщытетыгъэм ар пшъхьапэу ыгъэцэкӀагъ. «Мамыр пшъэрылъэу» ежь ыпшъэкӀэ щытхэм егъэзыгъэкӀэ рагъэштэгъагъэр арэп зыфасӀорэр — ыпшъэкӀэ сэ зэрэхэзгъэунэфыкӀыгъэу, ар бгъэцэкӀэн плъэкӀынэуи щытыгъэп. Сэ зигугъу сшӀырэр фэшъхьаф пшъэрылъэу Хъан-Джэрые фэухэсыгъагъэр писатель-просветителэу зэрэщытыгъэм елъытыгъэу Ӏофышхоу зэшӀуихыгъэр ары. АщкӀэ зишӀогъэшхо къэкӀогъэ Ӏофэу ащ ышӀагъэмкӀэ ыцӀэ егъэшӀэрэу адыгэ лъэпкъым итарихъ харигъэтхагъ. Хъан-Джэрый ары зэкӀэми апэу гъэсэныгъэмрэ хэхъоныгъэмрэ янэфынэ адыгэхэм къалъызыгъэӀэсыгъэр, лъэпкъыр зэкъогъэуцогъэнымрэ цӀыфхэм яфедэу хэхъоныгъэ шӀыгъэнымрэ яидее кӀэщакӀо фэхъугъэр.

*— ГущыӀэ пшъхьапэх, Исхьакъ, тэрэз шъыпкъэу къэпӀуагъ. Мыщ, Адыгеим, къызыщыхъугъэ чӀыгум апэрэу ащ ифэшъошэ уасэ щыфашӀынкӀи хъун. Арэу зэрэщытызэ, ащ фэдизэу бэп тешӀагъэр, ащ ехьылӀэгъэ къэбар шъыпкъэм тегущыӀэнхи зыфимытыгъэхэр, ары пакӀошъ, игугъуи арагъэшӀыщтыгъэп. Ежь ытхыгъи, ехьылӀагъэу атхыгъи Адыгеим ибгъотэн плъэкӀынэу щытыгъэп. Зитхыгъэ къыхамыутырэ, афамыдэрэ авторхэм ар ащыщыгъ.*

— ГухэкӀ нахь мышӀэми, джары зэрэщытыгъэр. Тоталитаризмэм илъэхъан революцием ыпэкӀэ тхэщтыгъэ авторхэм яхьылӀагъэу атхыныр агу рихьыщтыгъэп, официальнэу афэзымыдэрэ унашъо щымыӀагъэ нахь мышӀэми. Ау, мыухэбзыгъэми, шъхьэихъуагъэу афадэщтыгъэп. Сэ сыныбжьыкӀэ дэдагъ сытхэу зесэгъэжьэм, СССР-м ипис ательхэм я Союз сызаштэм. ЗыгорэкӀэ ягугъу шӀыгъэн фаеу типросветительхэм ацӀэ къызыраӀокӀэ, типисатель анахьыжъхэу КӀэрэщэ Тембот, Лъэустэн Юсыф, Кэстэнэ Дмитрие, ахэмэ афэшъхьафхэми зэхахыгъэр агу темыфэу, зызэрашӀырэр гурыӀогъуаеу «буржуазнэ писателых, пщылъэпкъхэкӀых» аӀозэ, гъумытӀымыщтыгъэх. Хъан-Джэрыерэ адырэ просветительхэмрэ ятворчествэ зыпари зэрэхэсымышӀыкӀыщтыгъэм къыхэкӀэу, сэри ахэмэ адезгъаштэщтыгъ. А лъэхъаным блэкӀыщэу сакъыщтыгъэ идеологхэм ащ фэдэ шӀыкӀэ-зекӀуакӀэхэр агу рихьыщтыгъэу

къычІэкІын. Сыдэу Іо фаеми, адыгэ писатель-просветительхэм ягугъу арагъэшІыщтыгъэп.

*— Гъэшlэгъоныр ткъошхэу Къэбэртэе-Бэлъкъарым исхэм ахэмэ фыщытыкІэу афыряІэр фэшъхьаф шъыпкъ. Я XX-рэ лІэшІэгъум ия 60-рэ илъэсхэм къащыублагъэу зэкІэ адыгэ писатель-просветительхэм ящыІэкІагъэмрэ ятворчествэрэ афэгъэхьыгъэ ІофшІагъэхэр, шъхьафэу ахэмэ ащыщ пэпчъ фэгъэхьыгъэу монографиехэр, тхылъхэр щатхыгъэх. Хъан-Джэрыерэ адырэ адыгэ писатель-просветительхэмрэ зэкІэ атхыгъэхэр Налщык къыщыхаутыгъэх. Тэрымэ, я XIX-рэ лІэшІэгъум тхэгъэ типросветительхэм яхэшыпыкІыгъэ произведениехэр зыдэт тхылъэу «Шаги к рассвету» зыфиІорэр 1988-рэ илъэсыр ары къызыдэкІыгъэр, ари Краснодар ары къызыщыхаутыгъэр. Ары пакІошъ, Хъан-Джэрые иІофшІагъэхэр джы къызнэсыгъэми Адыгеим къыщыхаутыгъэхэп! Ахэр адыгабзэкІэ джыри къызэрэхамыутыгъэхэр тэрыкІэ емыкІуба?*

— ЗэраІо хабзэу, тиІэ охъуфэ, уасэ фэтшІырэп, тимыІэжь зыхъукІэ, гухэкІышхо къытщэхъу. Шъыпкъэ, тиунэе духовнэ-культурнэ кІэн тэ уасэ фэтымышІымэ, тилъэпкъ идуховнэ байныгъэ къитымыдзэщтмэ, тизекІуакІэ хэти къыгурыІощтэп, тэри тызыщыщи, тыкъызыхэкІыгъи тымышІэжьэу тыкъэнэщт. ЖэрыІо народнэ творчествэ бай дэдэ, фэдэ къэгъотыгъуаеу лІыхъужъ эпосэу «Нартхэр» тэ тиІэх. Адыгэ просветительствэр — тикультурэ щыщ Іахь пшъэхьап. Ахэмэ уарыгушхоныр яфэшъошэ шъыпкъ. Мары о къэпІуагъ Къэбэртэе-Бэлъкъарым адыгэ просветительхэм зэряфэшъуашэу зэрафыщытхэр. Тэрэз зыфапІорэр. Ау арэущтэу афыщытых тилъэхъанэ щыІэ писательхэми. Налщык дэтых урамхэр, проспектхэр Нэгумэ Шорэ, ШэуджэнцІыкІу Алый, Къайсын Кулиевым, КІышъэкъо Алим, ПэкІэ Бекмурзэ, Кязим Мечиевым, нэмыкІхэм ацІэхэр зыфаусыгъэхэр. Тэрымэ, сыхэмыукъорэмэ КІэрэщэ Темботрэ Андырхъое Хъусенрэ ацІэкІэ зэджагъэ урамхэр Мыекъуапэ дэтых, ау чІыпІэ Іудзыгъэхэм ащыІэ урамхэшъ, цІыфхэм ашІэхэрэп. Хъан-Джэрые ыцІэкІэ еджагъэхэу Мыекъуапэ урам дэтэп.

*— ЦІыфыр хэукъон ылъэкІыщт. Арышъ, ащ ихэукъоныгъэхэр амал зэриІэкІэ ыгъэтэрэзыжьынхэ, ары пакІошъ, ищыкІагъэ зыхъурэм афыкІэгъожьын фае. Мары о гущыІэм пае, уиныбжьыкІэгъум узэрэхэукъогъагъэр бгъэтэрэзыжьыгъэ, узэрэфыкІэгъожьырэри, Хъан-Джэрые ыцІэ къепІозэ, уиусэ щыптхыгъ.*

— Арэущтэу сымышІыгъэмэ, сыгукІэ рэхьат згъотыщтыгъэп. Адыгэ акъылышІоу Къэзанэкъо Джэбагъ ыІощтыгъ Іушыгъэр ныбжьым къыдакІоу. ШъыпкъэмкІэ, илъэсхэм язакъоп тэ акъылыр къытфэзыхьырэр, джащ фэдэу щыІэныгъэу тызыхэтымрэ шІэныгъэхэмрэ арых нахь, илъэсхэм адакІоу ахэри тищыІэныгъэ къыпкъырэхьэх. Романэу «Мыжъошъхьалым» Іоф дасшІэ зэхъум, Хъан-Джэрые итворчествэрэ иобщественнэ ІофшІэнрэ яхьылІагъэу сэ бэ сшІэ хъугъагъэр. Ежь романэу «Хъан-Джэрые» бэ сызыщымыгъозагъэу сигъэшІагъэр: цІыф хьалэмэтэу къычІэкІыгъ сапашъхьэ къиуцуагъэр. ЯмышІыкІэу ар гъэпсыгъагъэ. ШІэныгъэ куухэмрэ гухэлъ нэфхэмрэ иІагъэх. Ащ дакІоуи насыпынчъагъэр ынэтІэгу итхэгъагъ. Ары, хъан лІакъу ар къызхэкІыгъагъэр, ау сыдигъуи ащ ежьыри илІакъуи народым, ащ икультурэ, инамыс акІэричыщтыгъэп. МэкъумэщышІэ фэкъолІхэм афэдэкъабзэу, пщы-оркъхэми адыгэ хабзэм ишапхъэхэр дэх имыІэу агъэцакІэщтыгъэх. Адыгэхэм къяхъулІэщтыр, ахэмэ апэкІэ къапыщылъыр ары Хъан-Джэрые ищыІэныгъэкІэ анахьэу зыгъэгумэкІыщтыгъэр. Сэри ащ ехьылІэгъэ романэу «Хъан-Джэрые» итхын зысэухым, стхыгъэ усэхэр сшъхьэ къыщыущыгъэх.

*— Усэ пшъхьапэх, зи япІолІэнэп. АкъылышІуагъэ ахэлъ, зэфэныгъэмрэ намысыгъэмрэ атегъэпсыкІыгъэх, угу икъэбзагъэ къахэщы:*

Блэкlыгъэр, Хъан-Джэрый, блэкlыгъэр — шъхьакІо,
ПцІым ригъэшІагъэр шъыпкъэм рекІыжьы.
Къысфэгъэгъу, фэгъэгъу кІэлэгъуми пшъхьэкІэ,
Шъыпкъагъэм напэр рысэщэфыжьы.

— Ары, тхэнымкІэ сшынахьыжъ сисэнэхьатэгъу ыпашъхьэ синамыс щыкъабзэ фэдэу непэ сэлъытэ. Ау щытми, тилъэпкъ къыхэкІыгъэ цІыфышхом ичІыфэу джыри бэ къыттенагъэр.

*– Исхьакъ, писателэу, критикэу, аужыпкъэм Хъан-Джэрые сыричIыпIэгъоу сызэрэщытым елъытыгъэу, сэ лъэшэу сегъэразэ ащ уасэу къыфэпшIыгъэм. Тизэдэгу-щыIэгъу зыщытыухыным сыд джыри тIуагъэм къыхэб-гъэхъожьымэ пшIоигъуагъэр?*

– Наукэм фэдэу къабзэу, сыд фэдэрэ литератури зыгъэпсырэр ащ фытегъэпсыхьэгъэ цIыфхэр ары. Джащ къыхэкIэу ащ фэдэ цIыф-гъэпсакIор нахь инырэм къэс народым идуховнэ-культурнэ хъарзынэщ иIахьэу хилъ-хьэрэр нахь пшъхьапэу мэхъу. Хъан-Джэрые илитературнэ произведениехэмрэ инаучнэ IофшIагъэхэмрэ ахэр зитхы-гъэ лъэхъаным бэкIэ ыпэ ишъыгъэх. Непи ахэр ящыкIэгъэ шъыпкъэх. Ащ итворческэ, научнэ-просветительскэ IофшIагъэ зэгъэуIужьыгъэу уасэ фэпшIын зыхъукIэ, къэпIон плъэкIыщтыр ащ иIофшIагъэхэмрэ ахэр къызыIэкIэкIыгъэ ежь Хъан-Джэрыерэ тиадыгэ кIэнэу, тилъэпкъ хъарзынэ-щэу зэрэщытхэр ары. Пушкинымрэ ащ итворчествэрэ – урысхэм, Байронрэ ащ ипоэзиерэ – инджылызхэм, Дантерэ ащ илирикэрэ – итальянхэм зэрялъапIэхэм фэдэх тэрыкIэ Хъан-Джэрые ытхыгъэхэр.

Сицыхьэ тезгъэлъымэ сшIоигъуагъ – адыгэ лъэпкъыр щэIэфэкIэ, ащ ыкъоу Хъан-Джэрыий щыIэщт.

Дэгущыlагъэр Лъэпцlэрышэ Хъ.,<br>2008-рэ илъэс

## Тыгъэр зэкIэми зэфэдэу къафепсы

*Адыгеим инароднэ писателэу Мэщбэшlэ Исхьакъ къыгъэшlагъэм хъугъэ-шlэгъэ инхэр пэкlэкlыгъэх. Коллективизациер, индустриализациер, хэгъэгу зэошхор, зэоуж ныбжьыкlэгъур, чыкlэр аlэ къызэрэрагъэхьагъэр, цlыфыр апэрэу космосым зэрэбыбыгъэр, гъэпсын lофым зыщыпылъыгъэхэ я 80-рэ илъэсхэр, перестройкэр зыпхы-рагъэкlыщтыгъэ я 90-рэ илъэсхэр, аужыпкъэм я XXI-рэ лlэшlэгъум инепэрэ маф. Сыд фэдэу ахэр лъэхъэнэ зэфэшъхьафыгъэха! ТарихъымкIэ ахэр илъэсых ныIэп, ау цIыфым ищыIэныгъэкIэ зэман псэу мэхъух. Ау зэкIэ лъэхъаным къыфихьыгъэ къиныгъохэр ащ зэпичыгъэх, зэкIэкIуагъэп, сыда зыпIокIэ, творчествэм кIуачIэу къы-хилъхьэщтыгъэм гъэхъэгъакIэхэм къафиIэтыщтыгъ. Ары пэпчъ игъэхъагъэ хэгъэгум инаградэ лъапIэкIэ хагъэунэ-фыкIыщтыгъ. ЗэлъашIэрэ писателышхоу, общественнэ Iофышlэ инэу Мэщбэшlэ Исхьакъ «За заслуги перед Отечеством» зыфиIорэ орденым истепеницци къызы-фагъэшъошэгъэ мыбэхэм ащыщ.*

*Мэщбэшlэ Исхьакъ Шумафэ ыкъом итхыгъэхэм анахь къахэщырэ нэшанэр цIыфхэм гъунэнчъэ шIулъэгъоу афыриIэр, зыщыщ лъэпкъым емылъытыгъэу ахэмэ ащыщ пэпчъ цIыфыгъэ хилъэгъоныр. Народым изыкIыныгъэ и Мафэ ыпэкIэ Исхьакъ Шумафэ ыкъом зыIудгъэкIагъ, еттыгъэ упчIэмэ мыщ фэдэ джэуап къаритыжьыгъ:*

– Краснодар краим ит Успенскэ районым щыщ къуа-джэу Шъхьащэфыжь сэ сыкъыщыхъугъ. Къуаджэр унэгъо шъихым къехьу. Къуаджэм бгъу пстэумкIи къегъэ-тIысэкIыгъагъэх къэзэкъ къутырхэмрэ станицэхэмрэ. Iэгъо-блэгъум щыпсэурэ кIэлэцIыкIухэр зэкIэ тиеджапIэ къекIуалIэщтыгъэх. Сэ сшъхьэкIэ зэкIэри згъэныбджэ-гъущтыгъэх. Зыщыщ лъэпкъым елъытыгъэу тызэха-гъэушъхьафыкIыныр хэти ышъхьэ къихьэщтыгъэп.

Зы унэгъошхо зэдэIужь фэдэу тызэдыщыIагъ. А мафэхэм хагъэунэфыкIыщтыгъ ВЛКСМ-м ия 90-рэ илъэс. Непэ фэдэу сыгу къэкIыжьы 1944-рэ илъэсым сэри, клас-сым къыщызэдеджэщтыгъэхэри комсомолым тызэраштэ-гъагъэр. Район гупчэм нэс лъэсэу километрэ 25-рэ ткIугъэ. Чэщыр ащ къыщитхи, ятIонэрэ мафэм тыкъэкIожьыгъ. Ащ ыуж илъэс тIокIищым къехьу тешIэжьыгъ, ау заом иилъэс-хэм шъэожъыягъэхэр, пшъэшъэжъыягъэхэр нахьыпэм фэдэу зы стол тызэдыпIэтIысхьэ, адыгэ щэламэр, урыс окрошкэр тэшхы, къалмыкъущаир тетэшъухьажьы. Тизэ-къошныгъэу, тизэблэгъэныгъэу лIэшIэгъу чыжьэхэм къа-щежьагъэхэр, джыри псэоу щыIэхэр зэкъозыгъэуцохэрэр, тэ хэти тщигъэгъупшэнхэ ылъэкIыщтэп.

Адыгэхэм ятарихъ тхьамыкIэгъо хъугъэ-шIагъэхэу зэблыгъэ. Народ пэпчъи, лъэпкъ пэпчъи бэ илъэс гушIуа-гъохэуи, илъэс къиныгъохэуи зэпачынхэ фаеу хъугъагъэр.

ЛӀэшӀэгъу пчъагъэхэм къакӀоцӀ тичӀыгухэм техакӀохэр ащызэрэукӀыщтыгъэх. ЛӀэшӀэгъум лӀэшӀэгъур кӀэлъыкӀоу техакӀохэр зэпымыоу тичӀыгу къибанэщтыгъэх. «Народым ыгу зэрэкӀодыщтыгъэмрэ пщыхэр ежь зэрэзэзэожьыщтыгъэхэмрэ,— щитхыщтыгъ Нэгумэ Шорэ итхылъэу «Адыгэ народым итарихъ» зыфиӀорэм,— типыйхэм акӀуачӀэхэм нахь ахагъахъощтыгъ». ШъыпкъэмкӀэ, адыгэ лӀэкъолъэшхэм мымакӀэу ахэтыгъэх пщыхэу Осмэн империемрэ Къырым хъаныгъомрэ апэуцужьын зылъэкӀыщт хэгъэгоу Урысыер зылъытэщтыгъэхэр. 1552-рэ илъэсым къыщегъэжьагъэу 1557-рэ илъэсым нэс Москва кӀогъагъэх адыгэ лӀыкӀо кӀупищ, ахэр зыуж итыгъэ Ӏофыр ухыгъэ зэрэхъугъэр бгъуитӀуми яфедэ къыдэзылъытэрэ союз зэрэзэдашӀыгъагъэр, Черкесиер Урысыем щыщ зэрэхъугъэр ары. СеуцолӀэжьы тарихъым щыщ а пычыгъом сыдигъуи сызэрэзыфикъудыищтыгъэм. Сэ къызэрэсшӀошӀырэмкӀэ, тарихъ шъыпкъагъэ хэлъэу а уахътэр къэзгъэлъэгъуагъэу ары.

Анахь пхъэшэ дэдэу зэдезымыгъаштэщтыгъэ хъугъэшӀагъэхэр къызыщыхъущтыгъэ советскэ лъэхъаныр ары сэ сызыпӀугъэр. Адэ сыфита сэ ар згъэмысэнэу? Сыфитэп. Сыда пӀомэ, Совет хабзэр ары шъузабэу къэнэгъэ сянэ ишъэуиплӀ ыпӀунымкӀэ ӀэпыӀэгъу къыфэхъугъэр, сэ еджэпӀищ къэсыухыгъ, тхылъыбэ стхыгъэ. СэрыкӀэ ноябрэм и 7-р — Октябрэшхом и Мафэ — мэфэкӀэу къэнэжьы. Ау щытми, ноябрэм и 4-ри — народхэм языкӀыныгъэ и Мафи — сищыӀэныгъэ щыщ шъыпкъэм фэдэу къыхэхьагъ. Сэ ар сыгукӀэ сштагъэ, сыда пӀомэ, тарихъым тызыфигъасэрэр: узэкъомыуцоу щыӀэныгъэм зи къызэрэщыбдэмыхъущтыр ары. Мыщ фэдэ гущыӀэжъ щыӀ: «УапэкӀэ укӀо зыхъукӀэ, загъорэ къызэплъэкӀызэ шӀы».

Народхэм языкӀыныгъэ и Мафэ ихэгъэунэфыкӀын сыхэлэжьэнэу гъэрекӀо Москва сырагъэблэгъэгъагъ. Ащ фэшӀ Кремлым хэт Дворецым къыщызэрэугъоигъэхэм ахэтыгъэх тилъэпкъэгъухэу союзнэ республикищтыгъэхэм ащыпсэухэрэм ямызакъоу, тарихъым иохътэ зэфэшъхьафхэм Урысыем икӀыжьыгъагъэхэри. Непэ уахътэу тызыхэтым амал къытеты шъхьадж ежь ишӀошӀ-еплъыкӀэ иӀэн, ар къыриӀотыкӀын фитэу, хъугъэ-шӀэгъэ гъэнэфагъэм фыщытыкӀэ шъхьаф фыриӀэнэу. А уахътэм зэреджэхэрэр демократие. Ар зэхэсшӀэным сэрыкӀэ мэхьанэшхо иӀ. Сыда зыпӀокӀэ, мэхьанэ купкӀыр къызыбгурыӀон фэе уахътэр къихьагъэшъ ары. ШӀошъхъуныгъэхэм цӀыфхэр зэкӀэрачыхэ хъущтэп. Нэбгырэ пэпчъ фит ежь ишӀошъхъуныгъэхэр иӀэнхэу, демократиер ары ащ фэдэ фитныгъэр цӀыфым къезытырэр. Ау мыщ дэжьым шъхьадж къыгурыӀон фаер узыдэхымэ мыхъущт шапхъэхэр зэрэщыӀэхэр ары. ЦӀыфхэр зэщыхьагъу пшӀыхэ, ахэр зэщыхьагъу зышӀынхэ зылъэкӀыщт ушъхьагъухэм уалъыхъу хъущтэп. Мыщ дэжьым тыгу къэдгъэкӀыжьмэ фэӀуагъэ щыӀэп ишӀошъхъуныгъэхэм апае тихэгъэгу цӀыфым иӀоф зэрэщаӀощтыгъэр, ары пакӀошъ, укӀ зэрэщытыралъхьэщтыгъэр.

Шъыпкъэ, яшӀошъхъуныгъэхэр зэрэзэтемыфэхэрэм пае макӀэп къызэрэхэкӀырэр цӀыфхэр зэджэгъогъу хъухэу, ау шӀошъхъуныгъэ зэфэмыдэхэм народхэр зэпагъэуцухэ хъущтэп. Сэ сишӀошӀыкӀэ, тэ тиблэкӀыгъэ уахътэу бэмышӀэу къызэтынэкӀыгъэм анахь мэхьанэ зиӀэ зэфэхьысыжьэу фэтшӀын фаехэм джар зыкӀэ ащыщ.

Зэфэшъхьаф еплъыкӀэхэр зэдызэшӀотхырэ Ӏофым — демократическэ обществэ зыкӀым игъэпсын — пэрыохъу къыфэхъухэ хъущтэп. Лъэпкъ зэфэшъхьафхэм ащыщ цӀыфхэм язэфыщытыкӀэхэмкӀэ щэӀагъэ къызыхагъэфэн фае, зэкӀэри тэ тызэзыугъоилӀагъэр Урысыер ары. Зы чӀыгу тызыщыпсэурэр, зы тыгъ тэ зэфэдэу къытфепсырэр, тызыгъэфабэрэр. Псыхъоошхоу Пшызэ Эльбрус лъапэм къыщежьэшъ, Азов хым хэлъэдэжьы. ЦӀыф лъэпкъ зэфэшъхьафых ащ инэпкъхэм ащыпсэухэрэр. ГущыӀэ щэрыокӀэ къэпӀон зыхъукӀэ, псыфалӀэм ригъэзыгъэу рихьылӀэрэм «Ухэта о?» ыӀоу псыхъор еупчӀырэп ныӀа. Шъугу къэжъугъэкӀыжь: «Тызэкъотымэ ары тызылъэшыр» зытӀощтыгъэм ыуж бэп тешӀагъэр. Непи ащ имэхьанэ къыкӀичыгъэп.

*Уахътэр зыфэдэ хъурэм — ихэукъоныгъэхэри зэригъусэхэу — езгъэу, ау шъыпкъагъэм лъыхъурэ, нахьышӀум зицыхьэ телъ цӀыфхэр ары Мэщбэшӏэ Исхьакъ зыщыщыр. Ащ фэдэ еплъыкӀэ-екӀолӀакӀэр ащ итворчествэкӀэ ӀэпыӀэгъу къыфэхъу. Непэ писателым Ӏоф зыдишӀэрэр «Уахътэм ищэрэхъ» зыфиӀорэ тхылъыр ары. Ащ дэхьагъэх народым иакъылышӀуагъэ къэзыушыхьатырэ сатыриплӀыхэр.*

*ДэгущыӀагъэр Козич З.,*
*2008-рэ илъэс*

## Шlуагъэу схэлъыр къысхэзылъхьагъэр комсомолыр ары

*Комсомолым ия 90-рэ илъэс фэгъэхьыгъэ зэlукlэм псалъэу къыщиlуагъэр*

Непэрэ тищыlэкlэ мыпсынкlэу ямышlыкlэу гъэпсыгъэм сегупшысэ зыхъукlэ, сыгу къисымыгъэхьан слъэкlырэп лъэпкъымкlэ тыкъызытекlыгъэхэу еджэкlэ-тхакlи, научнэ-техническэ прогрессым непэрэ игъэхъагъэхэри зымышlэщтыгъэхэм, къэбар жъугъэхэр цlыфхэм аlэкlэзыгъэхьэрэ амалхэм мафэ къэс къаlэтырэ бырсырыри зэхэзымыхыщтыгъэхэм ящыlэкlэ-псэукlэ зыфэдагъэр къызышlосэгъэшlы. Сэ зэрэслъытэрэмкlэ, ахэр тэщ нахьи нахь акъылышlуагъэх. Джэныкъо машlом къытырэм фэшъхьаф фабэ ахэмэ амышlэщтыгъэми, lоф къинэу мафэ къэс зыпылъыгъэхэм аlэгушъо лlыргъужъ кlишlыкlыщтыгъэми, ахэмэ яунэ, яунагъо, ячlыгу, яшъхьафитныгъэ зышъхьамысыжьэу къаухъумэщтыгъ, ащ дакlоуи зыпарэкlи зыщагъэгъупшэщтыгъэп зэрифэшъуашэм тетэу, цlыфышlухэу, цlыф нэшэнэ дэгъухэр ахэлъхэу якlалэхэр апlунхэ зэрэфаер.

Ахэр тэщ нахьи нахь акъылышlуагъэх, сыда пlомэ, зэрифэшъуашэу пlуныгъэ зэрамыгъэгъотыгъэ, нэхъоинчъэу зекlорэ ныбжьыкlэхэу зыщыщ лъэпкъи, къызыхэкlыгъи, ятэхэм янэшэнэ шlагъохэри зымыгъэлъапlэхэрэр – ахэр зишlуагъэ къэмыкlощт цlыфых, янамыс лъапсэхэр ахэмэ къагъэнэжьынхи, къаухъумэнхи, ялъэпкъ агъэлъапlэу щыlэнхи алъэкlыщтэп.

Джы цивилизациеми тылъыlэсыгъэу, лlэшlэгъу пчъагъэм къыкlоцl цlыфлъэпкъым зэlуигъэкlэгъэ шlэныгъэхэмрэ шlыкlэ-амалхэмрэ зэкlэ тlэ къидгъэхьагъэу зыщыткlэ, сыда тэ непэ къытэхъулlэрэр? Адыгэмэ мыщ фэдэ гущыlэ щэрыо ахэлъ: «Еджагъ, ау епщэжьыгъэп». Моральнэу, нравственнэу ныбжьыкlэхэм яшэн-зекlуакlэхэр зэщагъакъохэзэ, къэбар жъугъэхэм яамалхэм сыда ахэр зыфагъасэхэрэр? Сыд фэдэ шэн-зекlокlэ дэгъухэм атегъэпсыкlыгъэхэу ара тикlэлэцlыкlухэмрэ типхъорэлъфхэмрэ зэрэтпlухэрэр? Аужыпкъэм, зэфэхьысыжьыгъэу къэпlон зыхъукlэ, гухэлъ гъэнэфагъэм тегъэпсыкlыгъэу хэгъэгум ныбжьыкlэ программэ иlа?

Порнографиер, цlыфхэр зэрэзэрэукlыхэрэр, нэхъоинчъэгъэ зекlокlэ-шlыкlэхэр гъунэ зимыlэ телешоухэмкlэ, стадионхэм ащызэхащэрэ зэхэхьэгъу-зэlукlэгъу бырсырхэмкlэ къызэрагъэлъагъохэрэр зифедэ щыlэнкlи мэхъу. Ары шъхьакlэ, непэрэ щыlэкlэ-псэукlэ къиным хэт цlыфхэм, хэгъэгум тапэкlэ къырыкlощтым ягупшысэрэ цlыфхэм ахэр ящыкlагъэха?

Сэрыкlэ комсомолыр – сищыlэныгъэ хэпхын умылъэкlынэу щыщ lахь, синыбжьыкlэгъу, зэкlэ шlуагъэу схэлъыр, духовнэ-нравственнэ шапхъэу сызэрыгъуазэрэр джары къызыщежьагъэр, джащ фэшl ащ сыфэмырэзэн слъэкlыщтэп. Силэгъу кlэлэ, пшъэшъэжъые минишъэ пчъагъэхэм афэдэу сэри ащ сипсыхьагъ. Арышъ, икъукlэ сицыхьэ зытелъыжьэу непэ къэсlон слъэкlыщт: зэкlэ шlуагъэу схэлъыр къысхэзылъхьагъэр комсомолыр ары. Ащ исатырхэм сахэтыгъ, непи сыгукlи, сыпсэкlи сакъыхэнэжьы.

*2008-рэ илъэс*

## Гущыlэм идуховнэ кlуачlэ лъэпкъым изыкlыныгъэ ылъапс

*Джырэблагъэ писательхэм я Союз зызэхащагъэр илъэс 50 зэрэхъугъэм фэгъэхьыгъэ зэфэс Москва щекlокlыгъ. Ащ хэлэжьагъ, къыщыгущыlагъ Мэщбэшlэ Исхьакъ.*

– Пленумым иlофшlэн ригъэжьэгъэ къодыеу гухэкlышхо тщыхъугъэ къэбар гомыlу къытлъыlэсыгъагъ – Московскэ ыкlи зэрэ Урысыие и Патриархэу я II-рэ Алексий идунай зэрихъожьыгъэр,– къытфеlуатэ Исхьакъ Шумафэ ыкъом.– Сэ заулэрэ сыlукlагъ, сыдэгущыlагъ. Ар цlыф акъылышlуагъ, зэфагъэм рыгъуазэщтыгъ, цlыфхэм афэхьалэлыгъ, ыгу афихыгъагъ. Урысыеми, lэкlыб къэралыгъохэми нрав-

ственнэ-чыристан диншIошъхъуныгъэр ащыгъэпытэгъэнымкIэ ащ Iофышхо зэшIуихын фаеу хъугъагъэ. Уемыхъырэхъышэжьынэу, ар динлэжь IофышIэшхуагъ, ащ игущыIэрэ ишIошIрэ дин лъэпкъ пстэуми япащэхэм осэшхо фашIыщтыгъ. Мамырныгъэм дин лъэпкъ зэфэшъхьафхэм язэдэпсэуныгъэ гъэпытэгъэным афэгъэхьыгъэу шIогъэшхо къэзыхьырэ Iофэу ышIэщтыгъэм пае динлэжь пащэхэм ямызакъоу дунаим иполитик цIэрыIохэми ащ шъхьэкIэфэшхо фашIыщтыгъ.

Писательхэм я Союз июбилей фэгъэхьыгъэмэ, апэу хэгъэунэфыкIыгъэн фаер ар зэрэзэхащагъэм мэхьанэшхо зэриIагъэр ары. Хэгъэгум ыкIуачIэхэр зэкъогъэуцогъэнхэмкIэ, чIыпIэхэм ащыIэ писательскэ организациехэм язэпхыныгъэхэм зягъэушъомбгъугъэнымкIэ ащ ишIогъэшхо къэкIуагъ. Шъыпкъэ, СССР-м иписательхэм я Союзэу 1934-рэ илъэсым зэхащэгъагъэм цIыф лъэпкъыбэ зыщыпсэурэ хэгъэгум ялитературэ зиушъомбгъуным лъэпсэ ин фишIыгъ. ГущыIэм пае, адыгэ литературэ ныбжьыкIэм илъэс тIокIым къыкIоцI реалистическэ литературэм ижанрэхэр ыIэ къыригъэхьагъэх, IэпэIэсэныгъэ шIукIае зыIэкIэлъ хъугъэ писательхэу КIэрэщэ Тембот, Хьаткъо Ахьмэд, Пэрэныкъо Мурат, Лъэустэн Юсыф, Еутых Аскэр къыхэкIыгъэх.

Темырым, Сыбыр, КъокIыпIэ Чыжьэм лъэпкъ макIэу арысхэм ялIыкIохэр зыхэхьэрэ писательскэ организациехэр ащызэхэщэгъэнхэмкIэ Урысыем иписательхэм я Союз ишIуагъэ къыгъэкIуагъ. Ахэмэ къахэкIыгъэх писатель IэпэIасэхэу Юрий Рытхэу, Семен Куриловыр, Владимир Санги, Иван Шесталовыр, Григорий Ходжер. Темыр Кавказым илитературэхэм, ахэмэ ягъэхъэгъэ инхэу зэлъашIэхэрэм ягугъу къэсымышIыжьыми – Расул Гамзатовым, КIышъэкъо Алим, Къайсын Кулиевым, Давид Кугультиновым, Ахмедхан Абу-Бакар ятворчествэ Урысыем имызакъоу, IэкIыб хэгъэгухэми ащашIэ.

ЯщыкIэгъэ амалхэу арагъэгъотыгъэхэм яшIуагъэкIэ ащ фэдэу литературнэ процессым гъэхъэгъэшхоу ашIыгъэм джащ фэдэ духовнэ-нравственнэ шIуагъэхэр къытыгъэх. Сэ зэрэслъытэрэмкIэ, лIэшIэгъуныкъом къыкIоцI ащ фэдэ IофшIагъэу зэшIотхын тлъэкIыгъэр, шэн-хэбзэ шIагъоу тиIэ хъугъэхэр зыIэкIэдгъэпытыхьанхэ, Урысые Федерацием иписатель ныбжьыкIэхэу къыткIэлъыкIохэрэм алъэхэтынэнхэ фаеу ары.

ЕгъашIэми зэралъытэ хабзэр гущыIэр сыд фэдэрэ Iофи иублапIэу ары. Чыристанхэм ятхылъ лъапIэу Библием сыдми хъугъэ Iофэу щытэп мыщ фэдэу зэритхагъэр: «ЗэкIэми апэ итыгъ ГущыIэр. А ГущыIэр зыфэдагъэри – Тхьэ». Быслъымэнхэм я КъурIан лъапIи ГущыIэр джащ фэдэу лъагэу егъэуцу, егъэлъапIэ. Тэ, писательхэм, гущыIэм ифэшъошэ уасэ фэтымышIымэ, тэщ пае ар хэти тфишIэщтэп. Тилитературабзэ къэтыухъумэнэу, ащ икъэбзагъэ тыфэбэнэнэу, титворчествэкIэ ар дгъэбаинэу тэ типшъэрылъ. Тэ тащыщ пэпчъ ежь иныдэлъфыбзэу зэрэтхэрэр шIу елъэгъу, егъэлъапIэ, ныдэлъфыбзэр ары тщыщ адыгэхэу IэкIыб къэралхэм арысхэр зэзыпхыхэрэр.

Сицыхьэ зытелъыр лъэпкъ тхакIо ухъу пшIоигъомэ, уятэхэм ячIыгу ущыпсэун, убзэкIэ утхэн, ащ ынэхэмкIэ щыIэкIэ-псэукIэр плъэгъун, ащ игупшысэхэмрэ игугъапIэхэмрэ уащыгъозэн фае. Джащыгъур ары лъэпкъ нэшанэр зыфэдэ шъыпкъэр ипшIыкIын, уитхыгъэхэм ар къащыбгъэлъэгъон зыплъэкIыщтыр. Фэшъхьаф бзэхэр зэбгъэшIэнкIэ, ахэм уарыгущыIэнкIэ имыщыкIагъэхэу сIуахэрэп. Фэшъхьаф бзэхэм шъхьэкIафэ афэпшIыным къикIырэр ахэр зиныдэлъфыбзэхэм шъхьэкIафэ афэпшIэу ары. ЩэIагъэ зэфыуиIэныр ары цIыфлъэпкъхэм язэгурыIоныгъэ ылъапсэр.

Уилъэпкъ къытегущыIэрэ тхылъхэр Урысыем инэмыкI лъэпкъхэм, дунаим илъэпкъхэм аIэкIэхьанхэмкIэ урысыбзэр кIочIэшху. Джа амал пшъхьапэр илъэс пчъэгъабэ хъугъэу сэ къызыфэсэгъэфедэ. ЗэкIэ ситхылъхэр адыгабз зэрэтхыгъэхэр, ахэр урысыбзэкIэ зэдзэкIыгъэх. МыщкIэ сэ IэпыIэгъу къысфэхъугъэх урыс писатель-зэдзэкIакIохэу Вероника Тушновар, Роберт Рождественскэр, Евгений Карповыр, Павел Резниковыр, Валентина Твороговар, Юрий Сбитневыр, Людмила Бахаревар, нэмыкIхэри. ЗэрэзэрадзэкIыгъэхэ урысыбзэр къызыфагъэфедэзэ, нэужым ситхылъхэр дунаим щагъэфедэрэ бзэ пчъэгъабэхэм аралъхьагъэх.

Сисэнэхьатэгъу урыс тхакIохэм яшIуагъэкIэ къиныгъуабэ зыпэкIэкIыгъэ адыгэ лъэпкъым нэIуасэ фэхъугъэх.

Шъхьэк1эфэшхо фэсэш1ы урысыбзэм. Сият1онэрэ ныдэлъфыбзэу ары ар зэрэслъытэрэр. Пушкиным, Толстоим, Горькэм, Шолоховым, Маяковскэм, Есениным, Михалковым, Твардовскэм, Бондаревым, Распутиным, Беловым, Лихоносовым абзэ лъэш тэ ш1у тэлъэгъу, тымылъэгъуни тлъэк1ыщтэп.

«Игорь иполк ехьыл1эгъэ гущы1эр», Пушкиным ытхыгъэхэу «Гъоплъэ шыу», «Моцартрэ Сальерирэ», «Рыцарь тхьац», Лермонтовым иеу «Къэрабгъ», Некрасовым ытхыгъэу «Мэш1оку гъогу», Блок иеу «Пш1ык1ут1у», Маяковскэм ытхыгъэу «Гъончэдж зыщыгъ ошъуапщ», Есениным и «Анна Снегинар» адыгабзэк1э зэрэзэсыдзэк1ыгъэхэмк1э сыгу хэлъыгъэр урысыбзэр ш1у зэрэслъэгъурэр, ащ сызэрэфэразэр къырызгъэлъэгъонэу ары.

Тхылъ ермэлыкъэу Китаим гъэрек1о щы1агъэм сызырагъэблагъэм, «Зэдзэк1ыным икъиныгъохэр» зыфи1орэ 1офыгъомк1э сыхэлэжьэнэу, сытхьамэтэгодзэгъунэу хъугъагъэ. Джащыгъум семинарым хэлэжьагъэхэр къысэлъэ1угъагъэх синыдэлъфыбзэк1э усэ сыкъеджэнэу. 1офыр ащ щыухыгъэ хъугъэп: сэ джыри сыкъяджэн фаеу хъугъагъэ «Игорь иполк ехьыл1эгъэ гущы1эм», Пушкиным, Лермонтовым, Блок, Маяковскэм атхыгъэхэу адыгабзэк1э зэсыдзэк1ыгъэхэм ащыщ пычыгъохэм. Хъугъэр гъэш1эгъоны – къысэдэ1ущтыгъэхэм къаш1эжьыгъэх урыс классикхэм атхыгъэхэмэ ямэкъамэ, сэри ащ фэш1 урысыбзэми, синыдэлъф адыгабзэми сарыгушхоу сафэрэзагъ.

«Москва – Гавана, Гавана – Москва» зыфи1орэ тхылъыр Москва къыщыдэк1ыгъагъ. Ащ къыдэхьэгъагъ сиусэу Фидель Кастро фэгъэхьыгъэр. Сыгу къэк1ыжьы Кубэ сызэрэк1огъагъэр, Фидель Кастро тиделегацие зэрэригъэблэгъэгъагъэр. А усэм сэ адыгабзэк1э сыкъеджагъ, а лъэхъаным СССР-м ипосолоу Кубэ щы1эгъэ Ю.В. Петровыр урысыбзэк1э, ежь командантыр – испаныбзэк1э ащ къеджагъэх. Джащыгъур ары урысыбзэр лъэпкъхэр зэзыпхыхэрэ амал ш1агъоу зэрэщытыр нэрылъэгъу сэ къызыщысфэхъугъэр.

Хэгъэгу зэошхом иилъэсхэм урыс лъэпкъ гушхуагъэр нахь игъэк1отыгъэу къызэрэщылъэгъуагъэм джырэ тилъэхъан бэрэ тегущы1эхэу зэхэтхыщт. Сэ сшъхьэк1э ащ десэгъаштэ. Советскэ Союзым иапэрэ Л1ыхъужъхэм ащыщыгъ адыгэ поэтэу Андырхъое Хъусен. Джащ фэдэхэр арых тинарод идуховнэ к1уач1э гуетыныгъэ-моральнэ лъапсэу фэхъущтыгъэхэр.

Адэ джы сыд фэда ти1офхэр зэрэхъугъэхэр? Джы шъхьадж зыфаер ары ихэгъэгу, и Родинэ къыри1уал1эрэр. Арэущтэуи зык1эхъурэр хэгъэгум идеологиемк1э гъозэ гъэнэфагъэхэр зэрэщымы1эхэр, ныбжьык1эхэм япатриотическэ, ядуховнэ-нравственнэ п1уныгъэ къызэрэк1ичыгъэр е зэрэщымы1ахэр, цlыфхэр тхылъым, ш1эныгъэ зэрагъэгъотыным зэрапымылъхэр, искусствэм ыч1ып1эк1э шоу-бизнесым, массовэ культурэм нахьыбэу ана1э зэратырагъэтырэр ары. Джы «тихэгъэгу», «сихэгъэгу» а1оу зэхэпхыщтэп, а1орэр «мы хэгъэгум».

Сэ сыкавказ цlыф лъэпкъ. Л1эш1эгъу пчъагъэхэм къак1оцl дунаим ианахь ч1ып1э хьалэмэтхэм ащыщэу Кавказым хэта къемыхъопсагъэр?! Тэри, Темыр-Къохьэп1э Кавказым щыпсэурэ адыгэхэми, тхьамык1агъохэм тщак1ухьагъэп. Пый пчъэгъабэхэр техэк1о гухэлък1э огъу-огъоу къыттебанэщтыгъэх. Тыркуемрэ Къырым хъаныгъомрэ арых нахьыбэрэ тхьамык1агъорэ гукъаорэ къытфэзыхьыщтыгъэхэр. Джащыгъум, илъэс 450-к1э узэк1э1эбэжьмэ, тижъы акъылыш1охэм 1эпы1эгъу к1элъэ1ухэу титемыр гъунэгъушхоу Московскэ Русым, Иван Грознэ пачъыхьэм зыфагъэзагъ. Ахэр тэрэз шъыпкъэу зек1уагъэхэу сэлъытэ. Шъыпкъэ, а тарихъ уахътэм тефэу тэ Московскэ Русым военнэ союз дыти1агъэу, Черкесиер официальнэу ащ хэмыхьэщтыгъэу зы1охэрэр щы1эх. Сыдэу хъугъэми, адыгэхэм гъогу тэрэз къыхахыгъэр, фэшъхьаф гъогу тэ ти1агъэп, ти1эп.

Цlыф лъэпкъыбэ хъурэ Урысые Федерациер зыщагъэгъупшэзэ, къытэп1эск1ухэрэ политикхэу «Урысыер – урысхэм яй» лозунгым ч1этхэу мыурыс народхэм апэш1уек1орэ 1офтхьабзэхэр зэрахьэх, ахэр агъэцlык1унхэм, аушъхьак1унхэм пылъых. Ащ фэдэу нэхъоинчъэу зек1охэрэм мыр шъхьэихыгъэу сэри ясэ1о: «Урысыер шъо шъуизакъоп зиер, ащ ишъхьафитныгъэ шъо шъуизакъоу къэшъуухъумагъэп!»

Иван Грознэмрэ Апэрэ Петрэрэ ялъэхъан шъхьэм къехьэ. Сыгу къэкIыжьых урысые дзэпащэхэу, алъэпкъыкIэ адыгэхэу Черкасскэхэр, урыс дзэкIолIхэр заом Iузыщэщтыгъэхэу, чIыгур апсэ емыблэжьэу къэзыухъумэщтыгъэхэу Урысыем ахэр ыкъо шъыпкъагъэх. Сэри ахэмэ лъэшэу сарэгушхо. Шъыпкъэ, Черкесием итарихъ мымакIэу нэкIубгъо гомыхьхэри къыхэфагъэх. Ащ фэдэ анахь тхьамыкIэгъо нэкIубгъохэм ащыщ илъэси 150-кIэ узэкIэIэбэжьмэ аухыгъэ Урыс-Кавказ заор. Адыгэ лъэпкъымкIэ тэ уахътэхэр тщыгъупшагъэхэп, лъэпкъым щыщхэу ар къэзыгъэнэжьын, зыгъэбэгъон зылъэкIыщтхэм янахьыбэ дэдэ лъэпсэкIод зэрашIыгъагъэр тыгу къэкIыжьы. А лыузыр джыри тыгу зэрэхэлъ.

Ау цIыфым, лъэпкъ псэум тхьамыкIагъоу къехъулIагъэр егъашIэми ыгъэен ылъэкIыщтэп. БлэкIыгъэм нахь акъылышIокIэ уеплъызэ ущыIэн, уапэкIэ улъыкIотэн фае. Шъыпкъагъэр, зэфагъэр щыI, ау ар къызэраушыхьатырэр кIочIэ закъор арэп, акъылыгъэкIи, зыхэгупшысыхьэгъэ зекIуакIэкIи ары нахь.

ИкIэухым зы шIушIэгъэ Iоф игугъу къэсымышIын слъэкIыщтэп, сыда пIомэ, ащ дэгъоу къеушыхьаты тизэкъош зэфыщытыкIэхэр зэрэпытэхэрэм. Христос КъэгъэнэжьакIом и Храм хьалэмэт дышъэпсыкIэ зэпэшIэтыжьы. Бэмэ зэрашIэу, сусальнэ дышъ зыфаIоу Храмыр зэрэгъэлагъэм инахьыбэ къязытыгъэр адыгэ хьатырышIэу Шъэумэн Хьазрэт. Москва имызакъоу, Санкт-Петербурги, Краснодари, Красноярскэ краими, Адыгеими хьалэлэу ар къятагъ, джыри къятэ. Урысыем хэхъонигъэ егъэшIыгъэным ащ иIахьэу хилъхьагъэм уасэ фэшIыгъуай.

Урысыер тэ зэкIэми зэдытиун, ащ щыпсэурэ цIыфлъэпкъ пстэухэми яун. ТимэфэкI зэфэс джары анахь зэфэхьысыжь шъхьаIэу сэ къисхыгъэр.

*2008-рэ илъэс*



## Урысые зыкIыр зэкIэми тищыкIагъ

*Экономикэ Iофыгъохэм язакъоп тэ гумэкIыгъо къытфэзыхьыхэрэр,— фэшъхьаф Iофыгъохэу егъэшIэхэрэу алъытэхэрэм — цIыфхэм азыфагу илъ зэфыщытыкIэхэм, обществэм хэхъонигъэ егъэшIыгъэным, пIунығъэм афэгъэхьыгъэхэм ялъытыгъэмэ, ахэр ямэхьанэкIэ ятIонэрэ чIыпIэм гъэуцугъэнхэ фаеу мэхъу. Ахэми, нэмыкIырэ Iофыгъуабэми яхьылIагъ тикорреспондент зэдэгущыIэгъоу МэщбэшIэ Исхьакъ дыриIагъэр.*

*— Исхьакъ Шумафэ ыкъор, тизэдэгущыIэгъу къызыщедгъэжьэщтыр Адыгеим иапэрэ Президентэу Джарымэ Аслъан ия 70-рэ илъэс хагъэунэфыкIы зэхъум, аужырэ зэIукIэгъоу зэдытиIагъэр ары. Ащи фэшъхьафэу бэшIагъэп тиреспубликэ илъэс 18 зэрэхъугъэр зыхигъэунэфыкIыгъэр, ар къыдэплъытэзэ къэпIон хъумэ, а хъугъэ-шIэгъитIур зыгорэуцтэу зэпхыжьыгъэхэу къысщэхъу.*

— Адыгэ Республикэр Урысыем иполитикэ картэ иты зэрэхъугъэм тиреспубликэ имызакъоу, Урысыем тапэкIэ къырыкIощтыми нэкIубгъуакIэ къыщызэIуихыгъ. ШъхьэихыгъэзэкIэ къэпIон зыхъукIэ, Союзым илъэхъан тэ къытэхьылIагъэу зыпари ашIэщтыгъэп пIоми хъущт. Сыгу къэкIыжьы, зэгорэм командировкэ сыкIозэ, офицер горэм мэшIокум нэIуасэ сыщыфэхъугъагъ. ТызэдэгущыIэзэ, къысэупчIыгъагъ ар цIыф лъэпкъэу сызыщыщымкIэ, сыадыгеец зесэIом, удыгейцэхэм яхьылIагъэу тIэкIу сэшIэ къысиIожьыгъагъ. Ащ къытыжьыгъэ «удыгеец» джэуапыр умыгъэшIагъо хъущтыгъэ, ау а лъэхъаным политическэу утхьакъугъэхэм ащыщыгъэх Къушъхьэлъэ Алтаир, Къэрэщэе-Щэрджэсыр, Хакасиер, Еврейскэр. Яфэшъошэ статусыр ахэмэ афэгъэшъошэгъэн зэрэфаер ежь уахътэм къыгъэуцущтыгъ, федерацием инэмыкIырэ субъектхэу анахь макIэмэ автоном республикэм истатус зыфагъэшъошагъэхэм тэ зыпарэкIи танахь дэигъэп.

1989-рэ илъэсым ииюль мазэ гъэзетэу «Советская Россиям» систатьяу «Не стесняйтесь доброты» зыфиIоу къыхиутыгъагъэм, фэшъхьаф народхэм афэдэу, джа

народхэм СССР-м щызэлъашІэ хъунхэм ифитныгъэ зэряІэр къыщисІотыкІыгъагъ. Гъэшlэгъоныр зэкlэми апэу статьям яшІошІ къезыІолІагъэхэр, къыздезыгъэштагъэхэр субъект-автономиехэм яІэшъхьэтетхэр ары. Джащыгъур ары сыкъызыфэкІогъэ зэфэхьысыр къызысІуагъэр: щыІэп народ цІыкІу. ЯцІыфышъхьэ пчъагъэкІэ — макІэх, ау цІыкІухэп. Урысхэм ялъытыгъэмэ, адыгэхэр япчъагъэкІэ макІэх, урысхэр, китайцэхэм ялъытыгъэмэ, нахь макІэх.

*— А уахътэм рекІокІыгъэ хъугъэ-шІагъэхэм ащыщыбэхэр ащымыгъупшэжьыгъагъэми, бэп гъэнэфагъэу агу къинэжьыгъэр. НыбжьыкІэхэр арымэ, а Іофыр зэшІохыгъэ зэрэхъугъэм хашІыкІырэ щыІэп.*

– А хъугъэ-шІагъэхэм сэ сшъхьэкІэ сызэрахэлэжьагъэм елъытыгъэу, зэкІэ ар зэрэхъугъэ-зэрэзэпыфэгъэ шІыкІэхэр егъашІэми сынэгу кІэтыщтых. Іо хэмылъэу, республикэр гъэпсыгъэ зэрэхъугъэмрэ ылъэ зэрэтеуцуагъэмрэ зэкІэми апэу зыцІэ епхыгъэр Джарымэ Аслъан ары. ЗэраІо хабзэу, текІоныгъэм «тышъэ иІ», ау а Іофыгъом дезыгъаштэщтыгъэхэм япчъагъэ бэ хъущтыгъэу сфэІощтэп.

Джа уахътэм автономиеу щытыгъэхэм ащыпсэущтыгъэ народхэм апашъхьэкІэ пшъэрылъэу тиІагъэр тэ дгъэцэкІагъэ, Къэбэртэе-Бэлъкъарым лъэпкъ Іофыгъор щынагъоу къызыщызэІахьэм, ар зэшІозыхын фаеу зыпшъэ ралъхьэгъагъэхэм, грузин-абхъаз зэутэкІынызгъэр зыгъэрэхьатыгъэхэм тэ тырягъусагъ. Мыщ фэдэ хъугъэ-шІагъэ горэм игугъу къэсшІын. РСФСР-м и Апшъэрэ Совет исессие нахьыпэм автономиещтыгъэхэм джы республикэм истатус афэгъэшъошэгъэным тегущыІэхэ зэхъум, сэ Джарымэ Аслъан сыгосэу зэІукІэм тыхэсыгъ. «Аущтэу пшІыныр тэрэзэп, арэп унашъор зэрэтхыгъэн фаер» ыІуи, парламентым итхьэматэу Руслан Хасбулатовым риІуагъ. Нафэ хъугъэр апэрэ вариантым къызэрэщиІощтыгъэ «Адыгэ Республикэм» ычІыпІэкІэ Джарымэм «Республикэу Адыгея» унашъом ратхэнэу депутатхэм игъо афилъэгъугъагъ. Гу лъышъота а гущыІэхэр зэблэгъэуцукІыгъэхэ зыхъукІэ, ямэхьанэ бэкІэ зэхъокІыгъэ зэрэхъурэм? Джары къэралыгъо екІолІакІ зыфаІорэр — щыпсэурэ народ пстэуми ар яреспублик.



*— А хъугъэ-шІагъэхэм яхьылІагъэу тхылъ птхын угу хэлъыба?*

– Іо хэлъэп, стхыщт! Моу романыкІэу стхырэр зэрэсыухэу сыпэтІысхьащт. Джарымэ Аслъани а хъугъэ-шІагъэхэм яхьылІагъэу игукъэкІыжьхэр джащ фэдэу ытхыгъагъэхэмэ, фэдитІукІэ нахь гъэшІэгъоны хъуныгъи. Сэ сишІошыкІэ, а ІофыгъомкІэ ишІуагъэ ригъэкІэу дезыгъаштэщтыгъэ нэбгырэ заулэмэ ацІэ къыриІоныгъэу къысщэхъу. Республикэ тиІэ зэрэхъугъэр зы нэбгырэ закъом ыцІэ епхыгъэн ылъэкІыщтэпышъ ары ар зыкІасІорэр.

*— Иван Грознэм ыуж урысхэмрэ адыгэхэмрэ язэфыщытыкІэхэр сыд фэдэ хъугъагъэха? Іо хэмылъэу, ар тарихъ тхылъ дэгъоу хъуныгъэу къысшІошы.*

– Ащ фэдэ тхылъ стхыгъахэ, «Адыги» ыцІэу Москва къыщыдэкІыгъ. ЗэкІэми тэ нахьышІоу тарихъыр тшІэщтыгъэмэ,— ар литературэми бэкІэ елъытыгъ,— къыдгурыІоныгъи Адыгеир зиІофхэр ежь зезыхьажьырэ республикэу къин хъатэ тырамылъагъоу зэрэхъугъэр, мамырныгъэмрэ зэгурыІоныгъэмрэ ячІыпІэ хэхыгъэу Кавказым къызэрэщынэжьырэр.

Адыгэхэм зэпхыныгъэ зэфыщытыкІэхэу Урысыем дыряІэхэр Иван Грознэм къэбэртэе пщышхоу Идар Темрыкъо ыпхъоу Гощэунае шъхьэгъусэ зыфэхъум къыщежьагъэу тэ зэрэтлъытэу тызэсагъэм нахьи бэкІэ нахь пас. Шъыпкъэ, илъэс 450-кІэ узэкІэІэбэжьмэ, Черкесиер Урысыем щыщ хъугъагъэ. Ау адыгэхэм афэдэу Урысые къэралыгъом лъэпсабэ щыриІэу народ гори къызэрэгъотыгъуаер макІэ зышІэрэр. Сыд фэдиз урыс лъэрыхь пчъагъа адыгэлъыр зыкІэтыр?! ГущыІэм пае, Ушаковхэр, Лопухинхэр къызытекІыгъэхэр Рэдэд пщым илІакъу ары, Черкасскэхэр тштэхэмэ, ахэр къызытекІыгъэхэм ащыщ Романов лІакъом къыхэкІыгъэ апэрэ урыс пачъыхьэу Михаил Федор ыкъор зыпІугъэр. Зэгорэм тэ тыкъызытекІыгъэхэр, Иван Грознэм ипачъыхьэгъу ыпэкІэ, Русыр ылъэ теуцоным зэрэхэлэжьагъэхэр тарихъым къыгъэшъыпкъэжьыгъэ хъугъэ-шІагъ, джащ къыхэкІэу адыгэхэмрэ урысхэмрэ язэфыщытыкІэхэр сыдигъуи фэшъхьаф шІыкІэу гъэпсыгъэх. Ащ елъытыгъэу Урысые къэралыгъом къырыкІощтымкІэ пшъэдэкІыжь макІэп ахьырэр. Лъэпкъ зэгурыІоныгъэр

зыфэдэр лъэпкъ нэшанэхэм шъхьэкӀафэ афэпшӀын плъэкӀыныр ары.

— *Джы лъэпкъхэм зэфыщытыкӀэхэу азыфагу илъы хъугъэхэр ара толерантностькӀэ заджэхэрэр?*

— Шъхьэихыгъэу къэсӀон: сыгу рихьырэп сэ сшъхьэкӀэ а хымэ гущыӀэр. Сэрымэ, шъхьэкӀафэ зэфэшӀыгъэныр сӀоныгъи. Гурыт лӀэшӀэгъухэм къащегъэжьагъэу адыгэхэмрэ урысхэмрэ язэфыщытыкӀэхэм нэшанэу ахэлъ хъугъэхэм яшӀуагъэкӀэ ары а зэхашӀэр джы къызнэсыгъэми къызыкӀытхэнагъэр. Ау а зэфыщытыкӀэхэм ренэу анаӀэ атырагъэтынэу, арамыгъэукъонэу ищыкӀагъ. Сыда пӀомэ, сыд фэдэрэ народи къыхэкӀын ылъэкӀыщт ащкӀэ язэрар къагъакӀомэ, ежь ашъхьэ ифедэ горэ къызыфыхагъэкӀын агу хэлъэу. ЕтӀани ошӀа тинародхэр зэфэзыщэхэрэр? Литературэр ары. Кавказым ехьылӀагъэу хэта нахьышӀоу зытхын зылъэкӀыгъэр? Урыс классикхэу Бестужев-Марлинскэр, Пушкиныр, Лермонтовыр, Толстоир арых ныӀэп.

— *Ары шъхьаем, сыдэущтэу къыбгурыӀощтха Пушкиным исатыр зэлъашӀэхэу «...смирись, Кавказ, идет Ермолов!» зыфиӀохэрэр?*

— Ащ ыуж, бэ темышӀэу Пушкиным еплъыкӀэ-екӀолӀакӀэу Кавказым фыриӀагъэхэр лъэшэу зэрихъокӀыгъагъэх. Гулъытэшхо зиӀэ цӀыфэу зэрэщытыгъэм къыхэкӀэу Пушкиным къыгурыӀуагъ Урысыем исыд фэдэрэ чӀыпӀэ горэми фэбгъэдэн умылъэкӀынэу Кавказыр гурыӀогъуаеу зэрэзэхэлъыр. Романэу «Хъан-Джэрые» Пушкинымрэ Хъан-Джэрыерэ а Ӏофыгъом тегущыӀэхэу къыщызгъэлъэгъуагъ. О щысэкӀэ зигугъу къэпшӀыгъэ сатырхэм ауж Пушкиным ытхыгъэх икъыблэ поэмэ цӀэрыӀохэр. Ау Пушкиным изакъоп ныӀа шӀулъэгъу фыриӀэу, шъхьэкӀафэ фишӀэу Кавказым ехьылӀагъэу тхагъэр. Шъыпкъэр пӀощтмэ, урыс литературэр анахь демократичнэу ары зэрэдунаеу зэрэщалъытэрэр, джащ къыхэкӀэу сыд фэдэрэ чӀыпӀи — Америкэми, Китаими ар анахь агу щырехьы — лъэпкъэу зыщыщхэм, динэу алэжьырэм, шэн-хабзэу зэрыгъуазэхэрэм ямылъытыгъэу тхылъеджэ пстэуми. ЕтӀани зэкӀэми ар агу пэблагъ, сыда пӀомэ, цӀыфлъэпкъым ыгъэлъэпӀэрэ шӀуагъэхэм ягупшысэхэм ар афэшӀушӀэшъ ары.



— *ЦӀыфлъэпкъым ыгъэлъэпӀэрэ шӀуагъэхэм такъытегущыӀэ зыхъукӀэ, дин зэфэшъхьафхэр зылэжьырэ цӀыфхэм язэфыщытыкӀэхэм ягугъу къэтымышӀын тлъэкӀыщтэп.*

— Сэ нэмаз сшӀырэп, ау быслъымэнэу зысэлъытэжьы. Джащ фэдэх урыс цӀыфхэу чыристанкӀэ зызылъытэжьхэу чылысым мыкӀохэрэри. Ар шъхьадж ежь иӀоф. Нэбгырэ пэпчъ Тхьэр ыгукӀэ зыдиӀыгъын фае. Ащ фэшъхьафэуи, быслъымэн тхьэлъэӀу заулэмэ афэдэу, чыристан тхьэлъэӀу шъхьаӀэу «Отче наш», гущыӀэм пае, къэсӀонэу сэшӀэ. Мэщытым е чылысым макӀоми мыкӀоми емылъытыгъэу, цӀыфым Тхьэм зыфигъэзэн фаеу рехьылӀэ. Гъусэ сиӀэу КъурӀаныр адыгабзэм ислъхьагъ, ащкӀэ сигухэлъыгъэр, Библием фэдэкъабзэу а тхылъ лъапӀэм лъэпкъхэм шъхьэкӀафэ зэфашӀыжьыным игупшысэ зэрэщыпхырыщыгъэр силъэпкъэгъухэм ашӀошъ згъэхъуным пае. ЦӀыфлъэпкъым ыгъэлъэпӀэрэ шӀогъэ пстэури а тхылъхэм адэбгъотэщт.

— *Адыгеим ицӀыф псэупӀэ заулэхэм дин тамыгъэ гъэнэфагъэхэр ащыгъэуцугъэнхэм иӀофыгъокӀэ сыоупчӀымэ сшӀоигъуагъ. АР-м и Президентэу ТхьакӀущынэ Аслъан республикэм анахь игъэкӀотыгъэу щалэжьырэ дин лъэпкъхэм ялӀыкӀохэм джырэблагъэ заӀокӀэм, а Ӏофыгъом зэригъэгумэкӀырэр къыхигъэщыгъ. А зэӀукӀэгъум ори ухэлэжьагъ.*

— Ӏофыр зыфэгъэхьыгъагъэр станицэ заулэхэм ядэхьапӀэхэм чыристан къащхэр ащыгъэуцугъэнхэр къекӀумэ е къемыкӀумэ ары, а станицэхэм ащыщэу ДаховскэмкӀэ телъхьапӀэу ашӀыщтыгъэр ащ щыщ къэзэкъхэу жъугъэу аукӀыгъэхэр ащкӀэ агу къагъэкӀыжьынхэм паеу ары. ШӀэжь Ӏофым сэ шъхьэкӀафэ фэсэшӀы, ары шъхьаем джащ фэдэу Гъобэкъуаерэ Кощхьаблэрэ ащыщ цӀыф жъугъэу аукӀыгъэхэр тыгу къэдгъэкӀыжьынхэ фаеу мэхъу. Ахэри тхьамыкӀэгъо хъугъэ-шӀагъэх. ЕтӀани, нафэ зэрэхъугъагъэмкӀэ, а къащхэм ягъэуцун иӀоф Мыекъопэ Адыгэ епархиер щыгъозагъэп. Дин зэфэшъхьафыбэ зыщалэжьырэ къэралыгъу тызыщыпсэурэр, зэфэшъхьаф народхэмрэ динхэмрэ мамырэу щызэдыщыӀэх. ШъхьэкӀафэ зэфэшӀыгъэным игугъу къэтшӀыгъэмэ, дин лъэпкъэу улэжьырэр фэшъхьафым ылэжьырэм ыпшъэ пшӀыныр къемыкӀоу къысшӀошӀы. Ар а Ӏофыгъом идуховнэ кӀэлъэныкъу ары. Ащ фэшъхьафэу

правовой кӀэлъэныкъуи щыӀ – сыд фэдэрэ Ӏофтхьабзи къэралыгъом щагъэфедэрэ законхэм атегъэпсыкӀыгъэу ары зэрэзэшӀуахырэр.

*– Джыри ыпэрэ Ӏофыгъом къыфэзгъэзэжьыщт: гухэкӀ нахь мышӀэми, цӀыфхэр нахь макӀэу еджэхэ хъугъэ.*

– Ар лъэшэу дэи, тхылъым ишӀогъэшхоу къакӀорэм ычӀыпӀэ ибгъэуцон плъэкӀын щыӀэп. Уахътэм къыхэкӀы цӀыфым тхылъыр щыгъупшэу, ау фэмыхъукӀэ щыӀэныгъэм ар къырегъэштэжьы. Шоу зэфэшъхьафхэм цӀыфхэр язэщыгъэх, гъэсэныгъэ дэгъу зиӀэхэр ямыщыкӀэгъэжь мэхъух. Джы ар бэмэ къагурыӀо хъугъэ, цӀыфхэмэ литературэм зыкъыфагъэзэжьыщт. Джы къэбархэр цӀыфхэм аӀэкӀэгъэхьэгъэным иӀоф зэрэзэхэщагъэм сыгу къыгъэкӀырэр ешхэ-ешъуапӀэу зы нэбгырэм оркестрэм къыригъэӀощт музыкэм ыпкӀэ аритэу, зэкӀэ адырэ цӀыфэу чӀэсхэр фай-фэмыехэми ащ едэӀунхэ фаеу зыщыхъурэр ары. Ащ кӀэухэу фэхъурэри гъэнэфагъэ: ешхэ-ешъуапӀэм къычӀанэрэр музыкэм ыпкӀэ зытыгъэр ары ныӀэп.

*– Джы аӀоу зэхэпхыщтыр Урысыем къыдэмыхъухэрэр зэкӀэ лъэпкъ гупшысэ ихъухьагъэ зэримыӀэм ыпкъ къикӀыгъэу ары. О ащ деогъашта?*

– Дезгъэштахэрэп! Тилъэпкъ гупшысэ зи зыдэхъугъэ щыӀэп. Ӏофыр зыфэгъэхьыгъэр «американскэ хъопсагъом» фэдэ идеем елъытыгъэмэ, тэ тиидее материальнэу щытэп, духовнэу гъэпсыгъэ нахькӀэ. Духовнагъэр ары Урысыем щыпсэурэ народхэм ящыӀэныгъэ имэхьанэ купкӀ зыхалъагъорэр. Заохэми тэ тазэрэщытекӀуагъэр ӀашэкӀэ нахьышӀоу тызэтегъэпсыхьэгъагъэкӀэ арэп, народым гушхуагъэу къызыхигъэфагъэм ишӀуагъэкӀэ ары нахь. Лъэпкъхэри пытэу зэрэзэкъоуцогъагъэхэри ащ хэгъэхъожь. Урыс зэолӀхэри, адыгэ батырхэри цӀыфышъхьэ пчъагъэм ишӀуагъэкӀэ арэп текӀоныгъэр къызэрэдахыщтыгъэр, пӀуныгъэлэжьыгъэу ахэлъыгъэр ары нахь. Гушхуагъэ зыхэмылъым лӀыхъужъыгъэ къызыкъуихын ылъэкӀыщтэпышъ гъэнэфагъэ. Народхэр зэкӀэ зызэкъоуцохэкӀэ, узытекӀон умылъэкӀыщт кӀуачӀэу мэхъу.

НыбжьыкӀэхэм япатриотическэ пӀуныгъэмэ Ӏофыр зыфэгъэхьыгъэр, ащкӀэ къасӀомэ сшӀоигъуагъэр советскэ лъэхъаным агъэфедэщтыгъэ шӀыкӀэ-амалхэм ащыщыбэхэм джы яшӀуагъэ къагъэкӀон зэралъэкӀыщтыгъэр ары. Адэ пионер, комсомол организациехэм яидее дэигъэу пӀон плъэкӀына? Ащ фэдэ зэхэщагъэхэр лъэпкъ гупшысэм щыщ Ӏахьых. ЕтӀани яцӀыкӀугъом щегъэжьагъэу ащ фэдэ шӀыкӀэкӀэ зэхэщагъэу къэхъурэ цӀыфхэр нэужым хэт илъэпкъа анахьышӀур аӀоу зэнэкъокъужьыщтхэп. ЗэдэджэгухэрэкӀэлэцӀыкӀухэм зыщыщ цӀыф лъэпкъыр ашӀэрэп, ашӀэнэуи ящыкӀагъэп. Ащ лъыпытэуи зэгурыӀохэу, зэдэгущыӀэхэу рагъэжьэ. Нахьыжъхэу шъхьэкӀафэ зэфэшыгъэным тегъэпсыкӀыгъэу апӀугъэхэри лъэпкъхэр зэщыхьагъу ашӀынхэм пылъхэп. Ар ӀэнатӀэкӀэ къыхэзыхыгъэхэр ащкӀэ политикэм гъэхъагъэ горэ щишӀыным кӀэхъопсыхэрэр ары ныӀэп. Непэрэ ныбжьыкӀэхэм Ӏофшӏэн зэрамыгъотырэм ыпкъ къикӀыкӀэ, экстремист зэфэшъхьафхэм аӀэкӀафэхэрэр арымэ, патриотическэ идеякӀэхэм атегъэпсыкӀыгъэу экстремизмэм кӀэрыщыгъэнхэ фае.

*– Адэ гъэсэныгъэм иӀофыгъоу Урысыем щызэбгырызыпэрэм сыда къепӀолӀэн плъэкӀыщтыр? Лъэпкъ зэгурыӀоныгъэм игупшысэхэр кӀэлэцӀыкӀухэм зэрахэтлъхьащт шӀыкӀэ-амалхэм талъыхъоу тэ едгъэжьагъ.*

– ИщыкӀагъэп талъыхъунэу! Урыс тхакӀохэу гуфэбэныгъэрэ шъхьэкӀэфагъэрэ афыряӀэу Кавказым инародхэм яхьылӀагъэу тхылъхэр зытхыхэрэм анахьышӀоу шӀыкӀэ-амал мэхъужьа? Школ программэм къыдилъытэрэ тхыгъэхэм ащыщэу сыд фэдэхэр арыха цӀыфлъэпкъым уасэ зыфишӀырэ шӀуагъэхэр кӀэлэцӀыкӀухэм ахэзылъхьэхэрэр? Типисателышхохэу Шолоховым, Твардовскэм, Бондаревым атхыгъэхэр джа программэм хэмытыхэмэ? КъэугупшысыгъэшӀыкӀэкӀэ народхэр зэгурыбгъэӀонхэм къикӀын щыӀэп, ежь-ежьырэу ахэр зэгурыӀощтых, къэгъотыгъэн фаер ащ тегъэпсыхьэгъэ амал-шӀыкӀэхэр. Ахэмэ ащыщ амалэу сыдигъуи щытыгъэр, щытыр литературэр ары.

*– О уигупшысэхэм узэрагъэгупшысэрэр умыписатель къодыеу узэрэполитикыр ары. ЕтӀани Ӏофхэм язытет хэшыкӀ дэгъу зэрафыуиӀэр ащ готэгъэхъожьы.*

– Зэгорэм сэ къысэупчӀыгъагъэх «Единэ Россием» сызыкӀыхэмыхьэрэмкӀэ. Сыд пае? Сэ КПСС-м илъэс 42-рэ сыхэтыгъ, КПСС-м и Адыгэ хэку комитетрэ и Краснодар крайкомрэ ячленэу пчъагъэрэ сыхадзыгъ, СССР-м и Апшъэ-

рэ Совет сыридепутатыгъ, Общественнэ палатэм иапэрэ зэIугъэкIэгъу сыричленыгъ, арышъ, сыныбжькIэ сызэрэхэкIотагъэм къыхэкIэу, зэкIэ сиеплъыкIэ-екIолIакIэхэр зэблэсхъужьхэу езгъэжьэныр имыщыкIагъэу сэлъытэ. Хэгъэгум иIэшъхьэтетхэм къыхахыгъэ гъогоу Адыгэ Республикэм иIэшъхьэтетхэм пхырагъэкIырэм сэ десэгъаштэ, ау ащ къыкIырэп ныIа сэ партбилет сиIэн фаеу.

Партие нэшанэ хэмылъэу сэ сишъыпкъэу десэгъаштэ Урысыер зыкIэу щытыным. ЕтIани сэ сыгу рихьыхэрэп партбилет иджыбэ илъыным пае ащ хахьэхэрэр. Партиябэ щыIэныри непэ ищыкIагъ. СигущыIэхэр зэпэсщэчыхэзэ къэсIонхэм зыфэзгъэсагъ. Единороссхэм, Адыгеим исхэр къыхиубытэхэу, къэралыгъом къырыкIощтым ыгъэгумэкIыхэу, лъытэныгъэ зыфашIырэ цIыфыбэ ахэт. Ахэмэ IофышIоу рагъэжьагъэр Тхьэм къадегъэхъу, ЦIыфхэр арымэ, ахэмэ дэгъоу къагурэIо зэкIэ хэгъэгум щыхъущышIэхэрэр.

*— Уитхыгъэхэм ащыщ пэублэ гущыIэу къыфишIыгъэм Сергей Михалковым о къыохыылIагъэу «къэралыгъом къырыкIощтым фэгумэкIырэ цIыфэу» хитхэгъагъ. Мыщ фэдэ гущыIэхэр къыуиIолIагъэх: «Урысыемрэ ащ инародэу лъэпкъыбэ хъурэмрэ къарыкIощтым ыгъэгумэкIырэ цIыф гупыт».*

— Ары, Сергей Владимирович Михалковыр сидуховнэ наставникыгъ. Ащ фэдэ цIыф цIэрыIошхом игущыIэхэр сэ сигуапэх, тхьэуегъэпсэу есэIо. Сэ къыздэхъумэ сшIоигъоу Iоф зыдасшIэрэр, тиблэкIыгъэрэ тинепэрэ мафэрэ сакъытегущыIэзэ, тапэкIэ къыдрыкIощтым игупшысэхэр ситхылъхэмкIэ цIыфхэм алъызгъэIэсынхэр, щыIэныгъэр сыд фэдизэу къинми, гушIуагъоми, ащ изытет цIыфхэм язгъэшIэн, рыспIун-рызлэжьынхэр арых сипшъэрылъхэр.

*ДэгущыIагъэр Варавва Д.,*
*2009-рэ илъэс*



## ГугъапIэ къытеты

Адыгеим иписательхэм я Союз ия 75-рэ илъэс зыхэдгъэунэфыкIырэр зытефагъэр тинарод игъэхъэгъэ гъэнэфагъэхэм тарэгушхоми, ушэтын мыпсынкIэхэу къыфыкъокIыхэрэм тызагъэгумэкIырэ уахътэр ары. Тызыгъэгушхорэр ти Адыгэ Республикэ икультурнэ-научнэ кIуачIэ зэрэхахъорэр, мамыр щыIакIэм зэрэфаблэрэр, народ пстэури зэригъэныбджэгъухэрэр, шъхьэкIафэ зэрафишIырэр къызэригъэлъагъорэр, а охътэ дэдэм зыщыщ лъэпкъым, ащ икультурэ, ишэн-зекIуакIэхэм, инидэлъфыбзэ лъытэныгъэшхо зэрафишIырэр ары.

Гукъао къытщыхъурэ Iофыгъохэри макIэп: социальнэ-экономическэ реформэр зэрэкIорэм ипсынкIагъэ уигъэразэрэп, гъунэгъу регионхэм лажьэ зимыIэ цIыфхэм алъ ащагъачъэ, бзэджэшIэным защеушъомбгъу, зэсэжьыгъэхэ шIуагъэхэмрэ идеалхэмрэ уасэ афашIыжьырэп, гъомлапхъэхэмрэ мафэ къэс агъэфедэрэ товархэмрэ ауасэхэм лъэшэу ахэхъо. ТицIыфхэм ащыщыбэхэм ящыIэкIэ-псэукIэ гушIогъончъэу зыкIэхъугъэр материальнэу зыфэныкъохэм анахьи, обществэр психологическэ атмосферэу зыхэт хъугъэм ыпкъ къикIыгъэу плъытэн плъэкIыщт. Зыгорэм ищыIэкIэ-псэукIэ зыпэпшIыжьын зэрэмылъэкIыщтым имызакъоу, ащ упылъыныри ищыкIагъэп. Тэ фэшъхьаф шэн-зекIуакIэх тызэрэпсэурэр, тыгу-тыпсэкIэ тызыфыщыкIэхэри фэшъхьафых, тыкъэзыуцухьэрэ дунаими, природэми, чIыгуми тызэрафыщытыр нэмыкI шIыкI. ТарихъымкIэ, тиблэкIыгъэ зэманэу тызэгъусэу зэпытчыгъэмкIэ, тапэкIэ къыдрыкIощтымкIэ, зэфэдэу дгъэлъэпIэрэ шIуагъэхэмкIэ, идеалхэмкIэ народыр зэкъогъэуцуагъэ хъугъэ, нэбгырэ пэпчъ ахэр ежь иунаеу иехэу ылъытэщтыгъэ. Джащ къыхэкIэу ахэмэ уасэ афамышIыжьы зэрэхъугъэр нэбгырэ миллион пчъагъэхэмкIэ утын хьылъэу хъугъэ.

Урысыер къэралыгъошху, тэри тицыхьэ зытелъыр, сыд фэдиз къиныгъохэр джы зэпытчынхэ фаеу мэхъуми, тикъэралыгъо зиужьыжьыщт ыкIи нахьыпэм зытетыгъэм фэдэу кIочIэшхоу хъужьыщт. АщкIэ мымакIэу яшIуагъэ

къагъэкӀон фае литературэм, искусствэм, творческэ интеллигенцием.

Гъогоу къэткӀугъэм уасэ фэтшӀызэ, тицыхьэ телъэу къэтӀон тлъэкӀыщтыр Адыгэ Республикэм иписательхэм тинарод икультурэ зегъэужьыжьыгъэным яӀахьышхо зэрэхашӀыхьагъэр ары. Нахьыпэм тхыбзэ зэрэтимыӀагъэзэ, джы литературэу тиӀэ хъугъэм ищытхъу Адыгеир хэгъэкӀи, тихэгъэгу игъунапкъэхэми арыкӀыгъ. Типисательхэм ащыщхэм атхыгъэхэм художественнэ ӀэпэӀэсэныгъэшхо къащагъэлъагъо. ТарихъымкӀэ, бзэмкӀэ, литературэмкӀэ, культурэмкӀэ ахэмэ осэшхо яӀ.

Тиюбилей хэдгъэунэфыкӀызэ, тыгукӀэ лъэшэу тафэразэу тыгу къэтэгъэкӀыжьых Адыгеим иписательхэм я Союз изэхэщакӀохэу КӀэрэщэ Темботрэ Хьаткъо Ахьмэдрэ. 1932-рэ илъэсым игъатхэ хэкум Ӏоф щишӀэу ригъэжьэгъагъ писательхэм яорганизацие зэхэщэгъэным пылъыщт комитетым. Адыгеим итхакӀохэр писательхэм я I Всесоюзнэ зэфэсрэ ежьхэм ятворческэ союз изэхэщэнрэ гъэхэгъэ гъэнэфагъэхэр яӀэхэу къекӀолӀэгъагъэх. А уахътэм ехъулӀэу ижанрэхэмкӀэ зэфэшъхьафэу лъэпкъ литературэ тиӀэ хъугъэхагъэ. Къыхаутыгъагъэх КӀэрэщэ Тембот ирассказхэу «Аркъ», «Мэщыкъо ишъхьакӀу», ироманэу «Насыпым игъогу» зыфиӀорэм иапэрэ вариант, Хьаткъо Ахьмэд иусэхэмрэ ипоэмэхэмрэ, ащ ирассказэу «Былым фэкӀод», Цэй Ибрахьимэ ирассказхэу «Фатимэ инасып», «Шъхьэзакъу», ащ ипьесэхэу «КъокӀас», «Фэмый», фэшъхьафхэри, Кобл Билъэустэн иусэхэр, Пэрэныкъо Мурат ипоэмэу «НэкӀмаз», Ащкъэнэ Исмахьилэ ирассказэу «Иляс», нэмыкӀхэри.

Тхэн езыгъэжьэгъакӀэхэм ятворческэ ӀэпэӀэсэныгъэ зыкъырагъэӀэтыным лъэшэу анаӀэ тырагъэтыщтыгъ. Ренэу ахэмэ консультациехэр афызэхащэщтыгъэх, япроизведениехэр къыхарагъэутынхэмкӀэ Ӏэпыӏэгъу афэхъущтыгъэх. Чанэу тхэным пыщагъэхэу зыкъагъэлъэгъуагъ писатель ныбжьыкӀэхэу Лъэустэн Юсыф, Еутых Аскэр, Кэстэнэ Дмитрий, Алексей Пономаревым, нэмыкӀхэми, ахэмэ яусэхэмрэ ярассказхэмрэ бэрэ къыхарагъэутыщтыгъэх хэку гъэзетхэмрэ журналхэмрэ.

Къуаджэхэм адэс къэбарӀуатэхэу, орэдыӀохэу, усакӀохэу зиорэдхэмрэ усэхэмрэ жэрыӀоу зэхэзылъхьэщтыгъэхэр творческэ ӀофшӀэным зэрэхащэщтыгъэхэм ахэмэ япроизведениехэр къызэрахарагъэутыщтыгъэми къытегущыӀэгъэн фае. А. Хьаткъомрэ Д. Кэстэнэ ныбжьыкӀэмрэ народнэ ашугэу, нэужым хэгъэгум щызэлъашӀэ хъугъагъэ Теуцожь Цыгъо ӀэпыӀэгъушхо зэрэфэхъугъагъэхэр зэкӀэми ашӀэ. Ащ фэдэ ӀофшӀэнэу зэхащэгъагъэм ишӀуагъэкӀэ къуаджэхэм къащыхагъэщыгъэх ашугхэу Шъхьэлэхъо Алый, Хъущт Ибрахьимэ (Афыпсып), Хьакурынэ Рау (Хьакурынэхьабл), Хьалэщтэ ТхьахакӀэ, Уджыхъу Нэшъукъуае, Къат Щэбанэ (Гъобэкъуай), Мызэгъ Хьаджэбирам (Тэхъутэмыкъуай), НапцӀэкъо Хьалидэ (Лахъщыкъуай), Псэунэкъо Алый (Пэнэжьыкъуай), Бэстэ Мыхьамэт (Пэнэхэс), Трахъо Смел (Щынджый), нэмыкӀхэри. Ахэмэ яусэхэр адыгабзэкӀи, урысыбзэкӀи къыхаутыщтыгъэх. 1940-рэ илъэсым адыгэ поэтхэм яусэхэу Алексей Пономаревым зэридзэкӀыгъэхэр зыдэт сборник «Адыгнациздатым» къыдигъэкӀыгъ. Пэрэныкъо Мурат, Андырхъое Хъусенэ, Еутых Аскэр, КӀубэ Щэбанэ, НакӀ Шъалихьэ, нэмыкӀхэми яусэхэм ягъусэхэу адыгэ ашугхэми атхыгъэхэр ащ къыдэхьэгъагъэх.

Темыр Кавказым урыс литераторхэу щыпсэухэрэм творческэ зэпхыныгъэхэр адыряӀэ ашӀыщтыгъэх, ахэр зэӀукӀэщтыгъэх. 1934-рэ илъэсым игъэмафэ КӀэрэщэ Темботрэ Хьаткъо Ахьмэдрэ зэлъашӀэрэ советскэ писателэу Николай Островскэм дэжь кӀогъагъэх. Ащ ироманэу «Щылычыр зэрапсыхьагъэр» адыгабзэкӀэ зэдзэкӀыгъэу фахьыгъагъ, Адыгеим икультурэрэ илитературэ ныбжьыкӀэрэ яхьылӀагъэу къыфаӀотагъ.

Шъыпкъэ, сыд фэдэрэ зэхэщэн ӀофшӀэни, зэӀукӀэ зэхэщэни, зэӀукӀэгъухэми зэблахъун алъэкӀыщтэп Адыгеим иписательхэм ежь ашъхьэкӀэ, акӀуачӀэ рахьылӀэзэ, творческэ Ӏофэу ашӀэн фаер. Уахътэм къыгъэуцурэ Ӏофыгъохэм арыгъуазэхэзэ, адыгэ писательхэр зыпылъыгъэхэр адыгэхэр щыӀэкӀакӀэм зэрэфэбанэхэрэм социальнэ-класс лъапсэу иӀэхэр къызэӀуахынхэр ары, ащ дакӀоу дунаижъым, щыӀэкӀэжъым къакӀэныгъэ нэшэнэжъхэм, диныр нэрыгъы зышӀыгъэхэм ябэныжьыгъэным итемэ икъэгъэлъэгъон аӀэ къырагъахьэщтыгъ.

Апэрэ уахътэм, гущыIэм пае, ятIокIэнэрэ илъэсхэм, адыгэ писательхэм творческэ гъогупэ гъэнэфагъэ къыхахын алъэкIынэу щытыгъэп, методологическэ гъозэ IупкIэхэр литературэ ныбжьыкIэм IэкIэлъыгъэхэп. Апэрэ лъэпкъ писательхэм бэ къиныгъоу зэпачынхэ фаеу хъугъагъэр, анахьэу ахэр зыфэгъэхьыгъагъэр художественнэ творчествэм инэшанэхэмрэ ипшъэрылъхэмрэ къызыгурыгъэIогъэнхэр, тхыгъэ литературэр зилIэужыгъор тхылъеджэхэм агурыгъэIогъэныр ары – нахьыпэм тхыбзэ зимыIэгъэ народым лIэшIэгъу пчъагъэ хъугъэу идуховнэ фэныкъоныгъэхэр зэрэзэригъэгъотыщтыгъэхэр фольклорым ишIуагъэкIэ ары ныIэп. Адыгэхэм яжэрыIо-поэтическэ творчествэ бай дэд, адыгэ литературэм игъогу пхырызыщыгъэхэм ар игъэкIотыгъэу къызыфагъэфедэщтыгъ. Народнэ пшысэхэм, тхыдэхэм, ижъырэ адыгэ орэдхэм, лIыхъужъ эпосэу «Нартхэм» ахэмэ къахагъуатэщтыгъэх ежьхэм яапэрэ литературнэ произведениехэм апае темэхэр, сюжетхэр, художественнэ къэгъэлъэгъокIэ-шIыкIэ амалхэр. Адыгэ фольклорым итемэхэмрэ исюжетхэмрэ ямызакъоу, фольклор поэтикэри икъу шъыпкъэу ахэмэ ащыгъэфедагъэх.

Ау жэрыIо-поэтическэ творчествэм ишIыкIэ-амалхэм егъэлыегъэщэу арыгъозэгъэным лъэпкъ литературэм ихэхъоныгъэ къызэтыриIажэу ригъэжьагъ. Уахътэм пхъашэу къыгъэуцущтыгъ эпосым, драмэм, лирикэм яреалистическэ жанрэхэм хэхъоныгъэ ягъэшIыгъэн фаеу. КIэкIэу къэпIон хъумэ, фольклорнэ художественнэ системэм лъэшыщэу зыдегъэхьыхыгъэныр лъэпкъ литературэм ихэхъоныгъэ пэрыохъу зэрэфэхъурэр нафэ къэхъугъ.

АщкIэ IэпыIэгъушIу къызыфашIыгъ хэхъоныгъэшхо зиIэ литературэхэм, зэкIэми апэу урыс классическэ литературэм, яопыт бай. Ясэнэхьатэгъу ашынахьыжъхэм тхэнымкIэ IэпэIэсэныгъэу ахэлъыр адыгэ писательхэм аIэ къырагъахьэщтыгъэ. Хэхъоныгъэ зышIыгъэ литературэхэм янэшанэхэр, реалистическэ жанрэхэр аIэ къырагъэхьанхэмкIэ лъэпкъ писательхэм IэпыIэгъу къафэхъущтыгъэх урыс, советскэ прозэмрэ поэзиемрэ япроизведениехэу адыгабзэм ралъхьагъэхэр. ЯщэкIэнэрэ илъэсхэм япэублэ роман, повесть, рассказ, усэ ыкIи поэмэ зырызхэу адыгабзэкIэ зэрадзэкIыгъэхэм адыгэ писательхэм ятворческэ лъэныкъохэмкIэ яшIуагъэ къагъэкIуагъ.

ИкъукIэ зыпкъ иуцогъэ литературэхэм художественнагъэм ылъэныкъокIэ гъэхъагъэу яIэхэр ыIэ къыригъахьэхэзэ ары адыгэ литературэм хэхъоныгъэ зэришIыщтыгъэр. Я 30-рэ илъэсхэм, анахьэу ащ иятIонэрэ кIэлъэныкъо ыкIи я 40-рэ илъэсхэм япэублэ, писатель ныбжьыкIэ заулэмэ: Андырхъое Хъусен, Жэнэ Къырымызэ, Уджыхъу Адылджэрые, Уджыхъу Хъалидэ, Меркицкэ Рэщыдэ, Цухъо Асфар, Тыгъужъ ДышъэкI, ХьадэгъэлIэ Аскэр, нэмыкIхэми адыгэ литературэм щылажьэхэу рагъэжьагъ. Ахэмэ ятворчествэкIэ лъэпкъ литературэм идейнэ-художественнэ шIыкIэ-амалхэр нахь агъэбаигъэх, жанрэ-стиль лъыхъокIэ зэфэшъхьафхэр ащ къыхалъхьагъэх. ЩыIэкIэ-псэукIэр художественнэ амалхэмкIэ къэгъэлъэгъогъэнымкIэ адыгэ прозэмрэ эпическэ поэмэмрэ анахь чIыпIэшхо ащызыубытхэ хъугъэхэр реалистическэ шIыкIэ-амалхэр ары.

Ау хэгъэгу зэошхор советскэ народым къышъхьарыуагъ. Адыгэ писательхэм янахьыбэ заом кIуагъэ. Ахэмэ ащыщыбэхэм – Пэрэныкъо Мурат, Лъэустэн Юсыф, Кэстэнэ Дмитрий, Шъхьаплъэкъо Хьисэ, Еутых Аскэр, Павел Резниковым, Жэнэ Къырымызэ, Алексей Кожемякиным, ХьадэгъэлIэ Аскэр – орденхэмрэ медальхэмрэ къафагъэшъошагъэу къэкIожьыхи, творческэ IофшIэным фежьэжьыгъэх. Ау зэкIэми къагъэзэжьынэу янасып къыхьыгъэп. ЛIыхъужъ фэхыкIэу заом хэкIодагъэх Андырхъое Хъусенэу Советскэ Союзым и ЛIыхъужъ хъугъэр, Уджыхъу Адылджэрые, Уджыхъу Хъалидэ, Тыгъужъ ДышъэкI. 1942-рэ илъэсым фашист техакIохэм къуаджэу Нэтыхъуае Меркицкэ Рэщыдэ щаукIыгъ. Ахэр народым егъашIэми щыгъупшэщтхэп.

Зэо ужым, зэкIэ советскэ литературэм фэдэу, адыгэ литературэми лъэхъаным илIыхъужъ къыгъэлъэгъоныр ары Iоф зыдишIэщтыгъэр, щыIэныгъэм зэутэкIыныгъэу къыхафэхэрэр къызэрэгъэлъэгъонхэ фэе шIыкIэ-амалхэм алъыхъущтыгъ. Произведениехэм яперсонаж шъхьаIэ хъущтыгъэр заом илIыхъужъэу, мамыр щыIакIэм къыфэ-

зыгъэзэжьыгъэу, заом зэхикъутэгъэ народнэ хозяйствэр ыкIуачIэ рихьылIагъэу зыпкъ изыгъэуцожьыщтыгъэр ары.

Джаущтэу гъогу шIагъо къэзыкIугъэ адыгэ литературэм непэ щыIэныгъэм ихъугъэ-шIагъэхэу Iужъоу зэхэлъхэр, непэрэ тицIыф идуховнэ щыIакIэ къегъэлъагъо. Ащ щылэжьагъэх, джыри щэлажьэх зэфэшъхьаф лIэужхэм ащыщ писатель IэпэIасэхэу КIэрэщэ Тембот, Хьаткъо Ахьмэд, Пэрэныкъо Мурат, Лъэустэн Юсыф, Еутых Аскэр, Кэстэнэ Дмитрий, Павел Резниковыр, Шъхьаплъэкъо Хьисэ, Жэнэ Къырымызэ, Алексей Пономаревыр, ЕхъулIэ Сэфэр, Алексей Кожемякиныр, ХьадэгъэлIэ Аскэр, Iэшъынэ Хьазрэт, Бэрэтэрэ Хьамидэ, Кощбэе Пщымаф, КъумпIыл Къадырбэч, Мамый Ерэджыб, Къуекъо Налбый, Пэнэшъу Сэфэр, Нэхэе Руслъан, Цуекъо Джахьфар, Мурэтэ Чэпай, Цуекъо Юныс, Валентина Твороговар, Шъхьалэхъо Абу, ЩэшIэ Казбек, ЛъэпцIэрышэ Хьалид, Цуамыкъо Тыркубый, Мамый Руслъан, Бэгъ Нурбый, Хъурмэ Хъусен, Хъунэго Нурыет, Хъунэго Саид, Емыж МулиIат, Къуикъо Шыхьамбый, ГутIэ Саныет, ЛIыхэсэ Мухьдин, Теуцожь Хьабиб, Мэхъош Руслъан, Хъалыщ Сэфэрбый, Бахъукъо Ерэджыб, Дэрбэ Тимур, Евгений Саловыр, Анатолий Пренкэр, Юрий Крючковыр, Евграф Студеникиныр, Кирилл Анкудиновыр, Владимир Цапко.

Непэ Адыгэ Республикэм иписательхэм я Союз литературнэ-художественнэ журналиплI: адыгабзэкIэ «Зэкъошныгъэр», «Жъогъобыныр», урысыбзэкIэ «Литературная Адыгея», «Родничок Адыгеи» зыфиIохэрэр къыдегъэкIых. Арышъ, типисательхэм, творчествэм пылъ ныбжьыкIэхэм атхыхэрэр тхылъеджэхэм аIэкIагъэхьанхэмкIэ зэкIэ ящыкIэгъэ амалхэр яIэх.

ШъхьэшъорыкIоу щыIэныгъэр къызэригъэлъагъощтыгъэр зыхигъэзыжьызэ, цIыфхэм ящыIэкIэ-псэукIэ шъыпкъагъэ хэлъэу къызэригъэлъэгъоным нахь игъэкIотыгъэу ынаIэ тыригъэтызэ, непэ адыгэ прозэм гъэхъэгъакIэхэр ешIых. Анахьэу ар къызыщылъагъохэрэр произведениехэу тарихъым, заом, джырэ щыIэкIэ-псэукIэм яхьылIагъэхэр ары. Адыгэ прозэр непэ урысые шэпхъэ хъоу-пщэум ихьагъ, ащ куоу, ыкIи игъэкIотыгъэу игупшысэхэр гъэпсыгъэх.



Поэзиеми гъэхъэгъэ гъэнэфагъэхэр щашIыгъэх. Ащ ихэхъоныгъэкIэ зишIогъэшхо къэзыгъэкIуагъэр жэрыIо народнэ творчествэр ары – сыдигъуи ар поэтхэмкIэ упчIэжьэгъу акъылышIоу щытыгъ, идеехэр, гупшысэхэр, образхэр, жабзэр ащ ренэу къыхахыщтыгъ. Фольклорыр зытет шъыпкъэмкIэ, поэзием идуховнэ-нравственнэ хъарзынэщ. Поэтхэм ялIэуж зэфэшъхьафхэм язэпхыныгъэхэр сыдигъокIи пытэу, цыхьэшIэгъоу щытыгъэх. Непэрэ литераторхэм шъхьэкIафэ афашIызэ агу къагъэкIыжьых блэкIыгъэ илъэс чыжьэхэм адыгэ поэзиер ылъэ тезыгъэуцуагъэхэр, произведение шIагъохэр къэзыгъэнагъэхэр.

Ащ дакIоу еуцолIэжьыгъэн фае кIэлэцIыкIухэм апае литературэм уигъэразэу хэхъоныгъэ зэримышIыгъэм. Ахэмэ апае тхылъ гъэшIэгъонэу макIэ къыхаутырэр. Кварталым зэ кIэлэцIыкIухэм апае къыдэкIырэ журналхэу «Жъогъобынымрэ» «Родничок Адыгеи» зыфиIохэрэмрэ къызэрэдэдгъэкIыхэрэмкIи а щыкIагъэр, ары пакIошъ, дэгъэзыжьыгъэ хъурэп.

Адыгэ драматургиемкIи Iофыгъо макIэп зэшIохыгъэн фаер. Мамый Ерэджыбэ, Шъхьаплъэкъо Хьисэ, Мурэтэ Чэпай ауж а жанрэ мыпсынкIэм зитворчествэ фэзыгъэлэжьэнэу тезыубытэгъэ драматург гори къэлъэгъуагъэп. Джы атхырэ пьесэхэр къызыIэкIэкIыхэрэр, хабзэ зэрэхъугъэу, поэтхэмрэ прозаикхэмрэ – Къуекъо Налбый, Кощбэе Пщымаф, ЩэшIэ Казбек, Хъурмэ Хъусен, ЛIыхэсэ Мухьдин, Емыж МулиIат арых. Пьесэхэр зытхырэ тилитераторхэм театрэм зэпхыныгъэу дыряIэм уигъэразэрэп.

Адыгэ литературэм хэхъоныгъэ зэришIырэм дакIоу литературнэ критикэмрэ литературоведениемрэ ахахъощтыгъ. Тилитературнэ критикэ ацIэ епхыгъ А. Шъхьалахъом, М. Къуныжъым, К. ЩашIэм, Т. Цуамыкъом, Хъ. ЛъэпцIэрышэм, Р. Мамыим, У. Пэнэшъум, Е. Шибинскаям, Ф. ХъуакIом, Т. Степановам. Адыгэ литературэм ижанрэхэм, стильхэм, героим, творческэ методым яхьылIэгъэ ушэтынхэу атхыгъэхэр зыдэт тхылъхэр къыхарагъэутыгъэх. Ученэхэмрэ критикхэмрэ литературэм изэхэфынкIэ ашIэрэм хэхъуагъ, литературэм щырекIокIырэ процессхэр теоретическэу зэраушэтыхэрэр хэпшIыкIэу нахьышIу хъугъэ.

Ыпшъэкlэ зэрэщыхэдгъэунэфыкlыгъэу, прозэм, поэзием, драматургием реалистическэ жанрэхэр апкъ зыщиуцощтыгъэхэ уахътэм гъэнэфагъэу зишlуагъэ къэкlуагъэхэр адыгэ литературэм зэпхыныгъэхэу урыс классикэм дырилагъэхэр ары. Урыс писательхэм ярпроизведениехэр типисательхэм адыгабзэкlэ зэрадзэкlыхэу рагъэжьагъ. Литературэмкlэ лъэпкъ зэпхыныгъэхэм заушъомбгъущтыгъ. Шъыпкъэмкlэ, зыфаехэм фэдиз тхылъеджэхэм аlэкlэхьагъэп, ау щытми, урыс классикэм щыщэу зэрадзэкlын алъэкlыгъэм ифэмэ-бжьымэ дэгъу тилитературэ къытыригъэхьагъ. Ящэкlэнэрэилъэсхэмкъэщыкlэдзагъэу непэрэ тимафэхэм къанэсэу мы къыкlэлъыкlорэ тхылъхэр адыгабзэм ралъхьагъэх: «Игорь иполк ехьылlэгъэ псалъ», Пушкиным ытхыгъэхэу «Капитаным ипшъашъ», «Дубровскэр», «Полтавэ», «Гъоплъэ шыу», «Моцартрэ Сальерирэ», «Рыцарь тхьац», «Узышхом игъом зэхащэгъэ ешхэ-ешъошху», «Мыжъом хэупкlыгъэ хьакl», М. Лермонтовым ипоэмэхэу «Мцыри» ыкlи «Къэрабгъ», Н. Некрасовым ытхыгъэу «Мэшlоку гъогу», Н. Гоголым иеу «Тарас Бульба», А. Чеховым ирассказхэр, А. Блок ипоэмэу «Пшlыкlутlур», В. Маяковскэм ытхыгъэ «Гъончэдж зыщыгъ ошъуапщэр», «Владимир Ильявкъо Ленинныр», «Дэгъур», С. Есениным иеу «Анна Снегинар», романхэу – М. Горькэм ытхыгъэу «Ныр», Н. Островскэм иеу «Щылычыр зэрапсыхьагъэр», А. Фадеевым ытхыгъэу «Гвардие ныбжьыкlэр» ыкlи фэшъхьаф произведениехэр.

Джащ фэдэу урысыбзэкlэ зэрэзэрадзэкlыгъэхэм ишlуагъэкlэ адыгэ писательхэм ятхылъ пчъагъэхэр урыс тхылъеджэ жъугъэхэм аlэкlэхьагъэх. Лъэшэу сафэразэу ацlэ къесlомэ сшlоигъу тизэдзэкlакlохэу Евгений Чернявскэм, Григорий Кац, Павел Максимовым, Григорий Шолохов-Синявскэм, Юрий Либединскэм, Лидия Либединскаям, Семен Липкиным, Роберт Рождественскэм, Наум Гребневым, Яков Козловскэм, Павел Резниковым, Евгений Карповым, Вероника Тушновам, Валентина Твороговам, Гарий Немченкэм, Людмила Бахаревам – ахэмэ япчъагъэ джыри лъыбгъэкlотэн плъэкlыщт. Ахэмэ яlэпэlэсэныгъэ ишlуагъэкlэ адыгэ литературэр урысые литературнэ lофшlэным хэщагъэ хъугъэ.



Игущыlэ илъэшыгъэкlэ, ащ ифэмэ-бжьымэу цlыфхэм атырихьэрэмкlэ, культурэм зыкъегъэlэтыжьыгъэнымкlэ, цlыфхэм ядуховнэ щыlакlэ гъэбаигъэнымкlэ писатель пэпчъ народым ыпашъхьэ пшъэдэкlыжь зэрэщихьырэр къасlомэ, сыхэмыукъуагъэу къысшlошlы. Цlыфым зыкъигъэнэжьынымкlэ литературэр lэпыlэгъу фэхъун фае. Ащ фэшl писательхэм янарод ыпашъхьэкlэ зэфэнхэр, шъыпкъагъэ ахэлъыныр япшъэрылъ.

Ыгу къызэрэриlорэм тетэу, зэфагъэ хэлъэу мытхэрэмэ, писателым духовнагъэмкlэ гъэхъагъэ ышlыным ущымыгугъ. Народым икультурэ зыпкъ ибгъэуцожьын плъэкlыщтэп ащ итарихъ, инамыс, идуховнэ шlэжь зямыгъэужьыжьэу. Литератор пэпчъ lофэу ышlэрэр джары зыфэгъэзэгъэн фаер.

Народ пэпчъ икультурэ, идуховнагъэ лъэныкъуабэ къызэлъаубыты. Ар литературэмрэ искусствэмрэ – музыкальнэ, хореографическэ, жэрыlо, прикладной, художественнэ мэхьанэ яlэу – зэхэгъэчъыхьагъэхэмэ ары. Творчествэм а илъэпкъ пстэуми къащыгъэлъэгъуагъэ мэхъу лъэпкъ духовнагъэр, намысыгъэр, шэн зекlуакlэр, этикэр. Джахэр арых адыгэ культурэм, «адыгагъэкlэ» тызаджэрэм лъапсэ фэхъугъэхэр. Ар философие псэу, эстетическэ, духовнэ системэ зэкlужьэу, нравственнэ-эстетическэ кодексэу гъэпсыгъэ. Цlыфым ишэн-зекlуакlэ, гущыlэнымкlи, зифэпэнымкlи, къешlэнымкlи, мэкъамэмкlи шапхъэу зэрыгъозэн фаехэр зэкlэ ащ къыделъытэх. Гулъытэ зиlэ писателым ар къыгурымыlон ылъэкlыщтэп.

Мыщ фэдэ пчъагъэхэм шъунаlэ атешъозгъадзэмэ сшlоигъуагъ. Титворческэ организацие зыщыlэ илъэс 75-м къакlоцl Адыгеим иписательхэм роман 65-рэ, усэхэмрэ поэмэхэмрэ зыдэтхэ тхылъ 293-рэ, драматургическэ произведение 54-рэ, литературнэ-критическэ lофшlагъэхэр зыдэтхэ тхылъ 29-рэ, рассказхэмрэ повестхэмрэ зыдэтхэ тхылъи 130-рэ къыхарагъэутыгъ.

Литературэмкlэ гъэхъэгъэшхоу яlэхэм апае хэгъэгум иорден зэфэшъхьафхэр писатель 12-мэ къафагъэшъошагъэх. Писателитlу СССР-мрэ Урысыемрэ я Къэралыгъо премиехэм ялауреат хъугъэх. Республикэм иапшъэрэ

наградэу медалэу «Адыгеим ищытхъузехьэ» Адыгеим ипсательхэм я Союз къыфагъэшъошагъ.

Адыгеим республикэм истатус иӀэ зыхъугъэм къыщегъэжьагъэу типисатель нэбгыриплӀымэ ащ иапшъэрэ наградэу медалэу «Адыгеим ищытхъузехьэ» къафагъэшъошагъ, писатели 7-мэ Адыгэ Республикэм инароднэ писатель, ипоэт щытхъуцӀэр къафаусыгъ, культурэм, искусствэм, наукэм, народнэ образованием, журналистикэм язаслуженнэ Ӏофышӏэ щытхъуцӏэр писатель 16-мэ яӀ, литературэмкӀэ, наукэмкӀэ Адыгеим Къэралыгъо премие писатели 5-мэ къафагъэшъошагъ, Адыгэ Республикэм и Парламент-Хасэм и Щытхъу тхылъхэмрэ ирэзэ письмэхэмрэ писатель заулэмэ къаратыгъ. Адыгэ писательхэм ацӀэхэр республикэм инаучнэ учреждениехэм, цӀыф псэупӀэхэм адэт школхэм, урамхэм ащыщхэм афаусыгъэх.

Мы аужырэ илъэс 40-м къыкӀоцӀ тэ Ӏофыгъо зэфэшъхьафхэмкӀэ писательхэм ӀэпыӀэгъу тафэхъущтыгъ. Писательхэм я Союз Литфондым иӀэпыӀэгъу хэлъэу квартирэ 20 аритыгъ. Мыщ дэжьым зычӀэсыгъэ квартирэхэр ялъфыгъэхэу зыныбжь икъугъэхэм къафагъанэщтыгъ. Ары пакӀошъ, мы аужырэ илъэсхэм зычӀэсырэ унэхэм яӀоф зэшӀопхын умылъэкӀынэу алъытэщтыгъэми, квартирэхэр писателитӀу къарядгъэтыгъ.

Шъори зэрэшъушӀэу, лъэхъан горэм тэ автомашинэхэр, санаториехэмрэ творчествэм и Унэхэмрэ зэрэкӀощт путевкэхэр, джащ фэдэу писательхэмрэ ахэмэ яшъузабэхэмрэ материальнэ ӀэпыӀэгъу къарядгъэтыщтыгъ. Джы амалэу тиӀэхэр нахь макӀэхэми, зидунай зыхъожьыгъэ писательхэр зыщыдгъэгъупшэхэрэп. Т. КӀэращэр, А. Хьаткъор, М. Пэрэныкъор, Д. Кэстанэр, Къ. Жанэр, П. Резниковыр, Хь. Шъхьаплъэкъор, С. ЕхъулӀэр зыщыпсэущтыгъэ унэхэм шӀэжь пхъэмбгъухэр къащызэӀутхыгъэх. Мы охътэ благъэхэм ащ фэдэ пхъэмбгъухэр писательхэу Ю. Лъэустэным, Хь. Ӏэшъынэм, Хь. Бэрэтарым, Н. Бэгъым къафызэӀутхыщтых. Сыд фэдэрэ къиныгъохэми апае къэтымыгъанэу а ӀофшӀэыр тэ лъыдгъэкӀотэщт.

Писательхэм яюбилейхэр ренэу афыхэтэгъэунэфыкӀых, торжественнэ пчыхьэзэхахьэхэр, тхылъеджэхэм яконференциехэр, «Ӏэнэ хъураехэр» афызэхэтэщэх, япроизведениехэр гъэзетхэмрэ журналхэмрэ къафыхятэгъэутых, ятхылъыкӀэхэм ялъэтегъэуцохэр афызэхятэгъащэх.

Литературэм лъэхъэнэ псынкӀэ къыщыхафэу хъурэп. ГухэкӀ нахь мышӀэми, непэ тэ чӀыпӀэ къин тызэрытыр. Общественнэ организациеу ташӀыжьыгъ. Типисательскэ организацие зэкӀэри дэгъоу щызэпыфэщтыгъ пӀон плъэкӀыщтэп. Зэмызэгъыныгъэхэр къыхафэщтыгъэх, писатель зырызхэр ащ иӀофшӀэн зэщагъэкъоным пылъыгъэх, ау анахьыбэхэр ахэмэ апэуцужьхи, ягухэлъ къадагъэхъугъэп. Тэ шъхьэкӀафэ зыфэтымышӀыжьэу, типисатель ӀэнатӀэ уасэ фэтымышӀы зыхъукӀэ, цӀыфхэми джащ фэдэ фыщытыкӀ къытфыряӀэщтыри.

ЗэшӀохыгъэн фэе Ӏофыгъоу тиӀэри макӀэп, охътэ къызэрымыкӀоу тызыхэтым сыд фэдэрэ ӀофшӀапӀи иӀофхэр щыкӀэгъэнчъэу рекӀокӀыхэрэп. Непэ обществэм уасэу писателым щыфашӀырэм симыгъэгумэкӀын слъэкӀырэп. Лъытэныгъэу писателым, творческэ ӀофшӀэным афашӀырэр къызэрефэхыпэрэм, мы аужырэ илъэс тӀокӀым тиӀофхэм язытет дэи зэрэхъугъэм сыгу агъэузы. Аужырэ зэдэгущыӀэгъоу дыряӀагъэхэм ащыщ горэм Расул Гамзатовым къызэрэщиӀуагъэу, чылысыр къэралыгъом епхыгъэ ашӀи, литературэр, писательхэр ащ пэӀапчъэ ашӀыгъэх. НэмыкӀэу къэпӀон хъумэ, къэралыгъом «шъузэрэщыӀэшъу» къытиӀуи, иӀоф тхихыжьыгъ. Джырэ бэдзэр зэфыщытыкӀэхэм тетыгъор зыщаубытыгъэ лъэхъаным, коммерциемрэ ахъщэм ихабзэ зэкӀэ зыщыӀэкӀэлъымрэ тэри, титхылъхэри, нахь шъабэу къэпӀон зыхъукӀэ, ащ фэдизэу тырящыкӀагъэп. ШӀуагъэкӀэ алъытэщтыгъэхэр джы обществэм зэхъокӀыгъэ щыхъугъэх. Ащ лъыпытэу федэ къэзымыхьырэ сыд фэдэрэ Ӏофи хэти ищыкӀагъэп. Шӏугъэм, шӀулъэгъуныгъэм ягъэпсакӀоу, духовнэ-нравственнэ шӀуагъэхэу нахь агъэлъапӀэхэрэм яухъумакӀоу щытыгъэ цӀыфыр федэр зыкъозыупкӀэрэ, нэхъоинчъэ угъоякӀоу мэхъу. Искусствэр зыфаӀощтыгъэм имэхьанэ щыӀэжьэп, ащ ычӀыпӀэкӀэ зызыушъомбгъугъэр шоу-бизнесыр ары. Непэ щыӀэныгъэми, литературэми ягерой шъхьаӀэр ахъщэзэӀугъэкӀэным щэхъурэ гугъу зимыӀэ бизнесменыр ары, писательхэр, художникхэр, композиторхэр, творческэ интеллигенцием инэмыкӀ лӀыкӀохэр арымэ, ахэр къырадзэжьыхэрэп.

Мыщ дэжьым къасІомэ сшІоигъу зэкІэ ахэмэ апае тичІыпІэ къэралыгъо органхэр зэрэсымыгъэмысэхэрэр. Республикэм и Президент, ипарламент, иправительствэ макІэп ашІэрэр писательхэм ІэпыІэгъу афэхъунхэм пае. Адыгэ республикэ тхылъ тедзапІэу тиІэм бюджет ахъщэкІэ социальнэ мэхьанэ зиІэ художественнэ литературэ къыдегъэкІы. Мыбэми, титхылъхэм апае гонорар къытаты. Инфляциер къыдэлъытагъэу, фэдитІу нэмыІэми ар нахьыбэ шІыгъэмэ дэгъугъэ. Тхылъхэм ятиражи нахьыбэ ашІымэ сшІоигъуагъ – сыда зилІэужыгъор прозэмкІэ экземпляр 500-р, поэзиемкІэ экземпляр 300-р? Япроизведениехэм якъыхягъэутын писательхэр илъэс заулэ рамыгъажэу Іофыр агъэпсыгъэмэ дэгъугъэ. Джащ фэдэу тэ тигъэрэзэн ылъэкІыщтэп титхылъхэм ящэн, ар тхылъеджэхэм алъыгъэІэсыгъэным зи зэрэпымылъым.

Уахътэу тызыхэтыр романтическэу пІон плъэкІыщтэп. УпылъынкІэ материальнэуи, моральнэуи федэу щымыт литературнэ творчествэр зышІогъэшІэгъон непэ къэгъотыгъуай. Адыгэ Республикэм иписательхэм я Союз писатель ныбжьыкІэхэм апае зэнэкъокъу, семинар илъэс къэс зэхещэ. Ащ фэдэ семинархэм кІэухэу афэхъугъэхэр сборникхэу адыгабзэкІэ «Нэфшъэгъо макъэхэр», урысыбзэкІэ «Созвездие» зыфиІохэрэр ары. ГухэкІ нахь мышІэми, семинархэм ахэлэжьэрэ ныбжьыкІэхэм япчъагъэ илъэс къэс нахь макІэ мэхъу, а зы автор дэдэхэр ары илъэс къэс ахэмэ ахэлажьэхэрэр. Ащ нахьи нахь гумэкІыгъор къырахьылІэрэ произведениехэм яхудожественнагъэ къызэреІых зэпытырэр ары.

Адыгэ ныбжьыкІэхэр ары литературнэ творчествэм анахь пыугъэхэр. Сыда ащ къыушыхьатырэр? Щыбгъэзыен умылъэкІыщтыр творчествэм пылъынхэр зэрашІомыгъэшІэгъоныр ары. Арэущтэу Іофхэр зэрэхъугъэр зэтхъокІын тымылъэкІымэ, хэпшІыхьажьышъун щымыІэу кІэух гомыІу ащ фэхъун ылъэкІыщт. Хэти згъэщынэнкІэ сыфаеп, ау тызыфэкІон ылъэкІыщтым зыпари гушІуагъо хэслъагъорэп: япчъагъэкІэ икъущтым фэдизэу писательхэмрэ журналистхэмрэ республикэм имыІэхэ зыхъукІэ, ныдэлъфыбзэкІэ гъэзетхэр, журналхэр, художественнэ, учебнэ литературэр къыдэгъэкІыгъэнхэр имыщыкІэгъэжь хъущт. Ежь ныдэлъфыбзэри чІыпІэ къин ифэщт, ащ епхыжьыгъэу Адыгэ Республикэм истатус фэгъэхьыгъэ Іофыр къэуцун ылъэкІыщт. Ащ истатус, нафэу зэрэщытымкІэ, къезытыхэрэр зэкІэми апэу ныдэлъфыбзэр, зыпкъ иуцогъэ лъэпкъ литературэр, культурэр, тхылъ тедзапІэу адыгабзэкІэ тхылъхэмрэ учебникхэмрэ къыдэзыгъэкІыхэрэр, а ныдэлъфыбзэмкІэ къыхаутырэ гъэзетхэмрэ журналхэмрэ, лъэпкъ театрэр, музеир, библиотекэр арыхэба.

ДжырэкІэ Іоф шІукІае зэшІотхыгъ, адыгабзэм хэхъоныгъэ егъэшІыгъэнымкІэ, творчествэм пылъхэм, зэхэубытагъэу культурэм иІофышІэхэм ІэпыІэгъу афэхъугъэным фэгъэхьыгъэ Іофтхьабзэхэр зетэхьэх. Ау щытми, Іо хэмылъэу, а ІофшІэныр гъэлъэшыгъэн фае. ШъыпкъэмкІэ, уахътэр зэхъокІыгъэ хъугъэ, анахь мэхьанэ зэратыщтыгъэхэр зэблахъугъэх. Ау ащ зыкІи къикІырэп тызытес куамэр чъыгым готыупкІын фаеу. Нахьыпэм нахь макІэп талант зыхэлъ ныбжьыкІэу непэ тиІэр. ИщыкІагъэр моральнэу, материальнэу ахэр кІэгъэгушІугъэнхэр ары. ЫпшъэкІэ къызэрэщытІуагъэу, тэ ныбжьыкІэхэм зэфэшъхьаф творческэ семинархэр, конкурсхэр, консультациехэр, мастер-классхэр афызэхэтэщэх, тхэным фэІэпэІасэ хъугъэ писательхэм аІутэгъакІэх. Тхэн езыгъэжьэгъакІэхэм япроизведениехэр тижурналхэм къащыхятэгъэутых, литератор ныбжьыкІэхэм ятхылъхэр къыхятэгъэутых. Ау зэкІэ а ІофшІэным системнагъэрэ гухэлъ гъэнэфагъэрэ хэлъхэп. Нахьыпэм Адыгеим иписательхэм я Союз штатым хэтэу литературэмкІэ консультантэу иІагъэм профессиональнэ ІэпыІэгъу ныбжьыкІэхэм аригъэгъотыщтыгъ. Подстрочнэ зэдзэкІыным, авторскэ произведениехэр рецензие афягъэшІыгъэным пэІуагъэхьащт ахъщэ Союзым иІагъ. Художественнэ советэу тхылъ тедзапІэм щызэхэщэгъагъэм къыхарагъэутынэу къырахьылІэгъэ ІэпэрытхыхЭм щахаплъэщтыгъэх. Писатель ныбжьыкІэхэм яІэпэІэсэныгъэ хэгъэхъогъэнымкІэ зэкІэ ахэмэ яшІуагъэ къакІощтыгъ. Амалхэр тиІагъэхэмэ, а шІыкІэ-амалхэр къедгъэжьэжьынхэ тлъэкІыщтыгъ.

Тэ, совет зэманым щапІугъэхэм, икъоу тащыгъуаз ащ дэгъоуи, дагъоуи хэлъыгъэхэм. Сэ блэкІыгъэ лъэхъаным пхъэшэкІаеу уасэ фэсшІыжьыгъ, арышъ моущтэу къэсІон

слъэкIыщт: гухэкI нахь мышIэми, творчествэмкIэ идеологическэ, партийнэ унэшъо пхъашэр сэ сшъхьэкIэ мызэумытIоу сщэIэн фаеу хъугъагъэ. Цензурэр, пхъашэу къадэгущыIэнхэм пае партийнэ органхэм якIолIэнхэу къызэрягджэщтыгъэхэр – зэкIэ ахэмэ уагъэцIыкIущтыгъ. Ау зэкIэми анахь тхьамыкIэгъуагъэр тыгу-тпсэкIэ тызэрэмышъхьафитыгъэр ары, къызэрэбгурыIонэуи ащ ифэмэ-бжьымэ дэй титворчествэ къытыримыгъэхьан ылъэкIыщтыгъэп.

Сэ советскэ литературэм фыщытыкIэ дэгъу фысиI, творческэ индивидуальностхэмкIи, тэ тызэрапIугъэ произведениехэмкIи гъэхъэгъэ ин дэдэ зиIэ литературэу ар сэлъытэ. Зэрэпсэоу зэкIэ литературэр ыпшъэ укIожьын умылъэкIынэу, классическэу щытын ылъэкIыщтэп. Къыхафэщтыгъэх советскэ литературэми «конфликтынчъэ» конъюнктурнэ произведениехэр, ащ фэдэхэри тэшIэх, ау Горькэм, Шолоховым, Маяковскэм, Есениным, Твардовскэм, Шукшиным, Гамзатовым, КIышъэкъом, Кулиевым, КIэращэм, Хьаткъом, Бондаревым, Распутиным, Беловым, Лихоносовым атхыгъэхэм афэбгъэдэн плъэкIынэу мы аужырэ илъэс тIокIым атхыгъэ горэм ыцIэ къепIон плъэкIына? А литературэр тенденциознэу, шъыпкъагъэ хэлъэу щыIэныгъэр къымыгъэлъагъоу хэт зыIон зылъэкIыщтыр? Джа дэдэр къепIолIэн плъэкIыщт тэ тилитератури. Хэта Т. КIэращэм, А. Хьаткъом, М. Пэрэныкъом, Ю. Лъэустэным, А. Еутыхым, Хь. Iэшъынэм, Хь. Бэрэтарым ачIыпIэ иуцонхэ алъэкIынэу тиIэ хъугъэхэр?

Джары сэ сигъэгумэкIэу тилитературэ инеущрэ мафэ сыкъызыкIытегущыIэрэр. Тэ тачIыпIэ къиуцощтхэр зыфэдэщтхэм, хэбзэ-нэшанэхэу тэ зылъапсэ дгъэтIылъыгъэхэр лъызыгъэкIотэщтхэм сэ сямыгупшысэн слъэкIырэп. Хэтыха а поэт, прозаик, драматург ныбжьыкIэхэр?

ШъыпкъэмкIэ, литературэмкIэ уасэ гори зимыIэ тхылъэу ежь авторхэм яшIоигъоныгъэкIэ къыдагъэкIырэм гъунэ иIэп. Непэ нэбгырэ пэпчъ пIоми хъунэу ипшъэрылъэу ылъытэрэр ежь икъуаджэ ехьылIэгъэ тхылъ, усэхэр е прозэ зыдэт тхылъ цIыкIу къыдигъэкIыныр ары. ХьатыркIэ къаратырэ ахъщэмкIэ шъэныкъо е шъэ горэ къыхарагъэутышъ, яныбджэгъухэмрэ янэIуасэхэмрэ араты.



ТворчествэмкIэ шъхьафитныгъэ щыIэным сэ сыпэшIуекIуахэрэп. Дэгъуба непэ писателым цензурэм щымыщынэу, шъхьафитэу ишIоигъоныгъэхэмрэ игузэхашIэхэмрэ къыриIотыкIынхэ ылъэкIэу зэрэхъугъэр. Ау гущыIэнхэмкIэ, тхэнымкIэ шъхьафитныгъэу щыIэ хъугъэр пшъэдэкIыжьынчъагъэм хэтэшъумыгъэгъэкIуакI. Писателыр творческэ сэнэхьат, бэп писатель хъун зылъэкIырэр. Художественнэ творчествэр цIыф жъугъэхэм акIуачIэ къыхьын ылъэкIыщт Iофыгъоу пшIыным упыхьэ хъущтэп. Дэгъу дэдэу плъытэн плъэкIыщтыгъэр шъхьадж иIоф пылъыгъэмэ – щазымышIэм цуакъэхэр афидыхэу, пщэрыхьакIом хьалыжъохэр ыгъажъэ хъумэ ары.

Ежь писателыр, ащ изэфагъ ары ныIэп ихудожественнэ гущыIэкIэ пшъэдэкIыжьэу ыхьырэр къызыгурыIон фаер. КъызэрэбгурыIонэуи, арэущтэу зэрэщытым пшъэдэкIыжьышху ащ къытфишIырэр. ЗыцIэ уасэ фэзымышIыжьырэ авторэу, произведение хъыбэй зэритхыгъэм ымыгъэгумэкIырэм писатель шъыпкъэкIэ зилъытэжьыныр тефэрэп. Ытхыгъэ, къыхаригъэутыгъэ тхылъ пчъагъэр арэп писателым италант зэрагъэунэфырэр. Къыбдэхъугъэу ащкIэ сэнаущыгъэ пхэлъыныр, умыпшъыжьэу творческэ Iоф зыдэпшIэжьыныр, ащ дакIоу уипшъэдэкIыжь къыбгурыIозэ, уисэнэхьатрэ художественнэ гущыIэмрэ уафыщытыныр ары тхэнымкIэ гъэхъагъэр къызыпэкIэкIон зылъэкIыщтыр.

Литераторхэу, ыпшъэкIэ къызэрэщытIуагъэу, непэ япчъагъэкIэ бэдэдэ хъугъэхэр сыд ишIыкIэ-амалми яшъыпкъэу зыпылъхэр писатель, цIыф жъугъэхэм ягухэлъхэм якъэгъэлъэгъуакIохэу зэрэхъунхэр ары. Ахэр ренэу зыпылъхэр цIыфхэм апашъхьэ къызэрихьанхэр, писательхэм язэIукIэгъухэм, форумхэм, зэхэсыгъохэм ахэлэжьэнхэр ары. ХудожественнэкIэ зэджэнхэ алъэкIын тхылъ чъэпхыгъэ гори къаIэкIэмыкIыгъэу, ащ пай къамыгъанэу ахэр зыпылъхэр зэлъашIэрэ писатель-профессионалхэм ауж къимынэхэу ежьхэри зэралъытэнхэр ары, ау мыщ дэжьым ахэмэ зыщагъэгъупшэ анахь мэхьанэшхо зиIэр – ащ пае къыбдэхъугъэу сэнаущыгъэ пхэлъын, IэпэIэсэныгъэ хэлъэу птхыгъэ тхылъхэу цIыфхэм агу рихьыгъэхэр уиIэнхэ зэрэфаер ары.

Къэуушыхьатыжьынэу ищыкIагъэп шъугъоныр цIыфым инэшэнэ анахь дэйхэм зэращыщыр. Зыгорэм талант шъыпкъэ зэрэхэлъыр къыушыхьатыгъ, ытхыхэрэм яджэх, ежьыри агъэлъапIэ, наградэхэри, писательхэм афагъэшъуашэхэрэ щытхъуцIэхэри мымакIэу къыратыгъэх, адырэм щытхъуцIи иIэп, ыцIи агъэлъапIэрэп. Ары шъхьакIэ, тхэными ар фэIэсэмэгу, каторгэм зэрэщагъэпщылIыхэрэм фэдэу илъэсипшIы пчъагъэ литературэм щылэжьагъэп, тхылъеджэхэм агу рихьырэ тхылъи ащ къыIэкIэкIыгъэп. Ащыгъум сыда угу зыкIыхэбгъэкIын фаер? Тхьэм талант къыпхилъхьагъэу, утхэн плъэкIыщтмэ, тхэ, зэраIо хабзэу, зыгъэчан. УмылъэкIырэмэ, ащыгъум нахь къыбдэхъурэ Iоф горэм зыфэгъаз. Уписателыныр, художественнэ творчествэр фэшъхьаф Iофэу цIыфым зэшIуихырэмэ афэдэп, хэти ар ыкIуачIэ къыхьынэу щытэп. ТхылъкIэ заджэхэрэр Тхьэм къахилъхьэгъэ сэнаущыгъэкIэ ары зэратхыхэрэр.

Фэшъхьаф Iофыгъо гъэнэфагъэхэм сакъытегущыIэу къезгъэжьэнэп, писатель пэпчъ ащ фэдэу иIэхэр зэфэшъхьафых, ау щытми, сыд фэдэрэ лъэхъан пштагъэми, уасэ зыфэзышIыжьырэ, гупшысэм рыгъуазэзэ тхэрэ писателыр зыпылъыгъэр итхылъеджэхэм агу зэрэлъыIэсыщтыр, янамыс къызэригъэуущыщтыр ары. Лъэхъанэхэмрэ шIуагъэкIэ алъытэхэрэмрэ зэхъокIыгъэ хъущтыгъэх, цIыфым ишэн-зекIуакIэхэмрэ иеплъыкIэ-гъэпсыкIэрэ зэмыхъокIыгъэхэу къанэщтыгъэх. Инамыс зекIокIэ-шIыкIэхэр нахьышIоу зэригъэпсынхэм, духовнэу зигъэкъэбзэным цIыфыр сыдигъуи афыщыкIэщтыгъ. Арэу зыщыткIэ, писателым ренэу ипшъэрылъэу къэнэжьыщтыгъэр цIыфыгъэм лъыхъугъэныр, цIыфым цIыфыгъэр къыхигъотэныр ары. Ары писателымкIэ анахь мэхьанэ зиIэ пшъэрылъэу сыдигъуи щытыгъэр, ынапэрэ инамысырэ арых ащкIэ зымыгъэгупсэфыщтыгъэхэр. ТарихъымкIэ учебникхэм непэ арытхагъэр мышъыпкъэмэ, нравственнагъэмрэ духовнагъэмрэ обществэм хэзыпэхэмэ, хэта, писателыр арымырмэ, шъыпкъэр шъхьэихыгъэу къэзыIон, цIыфхэм апсэхэр афэукъэбзыгъэнхэу къэджэн фаер? Джары япроизведениехэмкIэ къызыфаджэщтыгъэхэр дунэе урыс, советскэ литературэм иклассикхэр, адыгэ литературэм иклассикхэр. ШъыпкъэмкIэ, ар уфэкъулаеу, художественнэу къэгъэшъыпкъагъэу, шъхьэихыгъэ гъэсэпэтхыдэмрэ публицистичнагъэмрэ зыдарамыгъэхьыхэу ары зэрэзэшIуахын фаер.

Тэ тилъэхъанэу социальнэ-политическэ Iофхэм язытет, цIыфхэм япсихологие лъэшэу зэхъокIыгъэ зыщыхъугъэм адыгэ писательхэр зыпылъхэр, Iужъоу зэхэлъэу зэрэгъэпсыгъэри, зэмызэгъныгъэу къыхафэхэри къыхиубытэхэу, щыIэныгъэр зыфэдэ шъыпкъэр художественнэ шIыкIэ-амалхэмкIэ къагъэлъэгъоныр, лъэхъаным игерой иобраз къызэIухыгъэныр ары.

Писателым иеплъыкIэ-екIолIакIэ зыфэдагъэр ыкIи зыфэдэу къэнэжьырэр народым ищыIакIэкIэ дыщыIэныр, ащ фэлэжьэныр ары. Сицыхьэ телъ типисательхэм япроизведениехэм республикэм ищыIэкIэ-псэукIэ шъыпкъагъэ хэлъэу къызэрагъэлъэгъощтым. Ащ икъэралыгъо гъэпсыкIэ зыпкъ иуцонымкIэ, народхэм азыфагу зэблэгъэныгъэр, зэдытиунэ тихэгъэгу мамырныгъэмрэ зэгурыIоныгъэмрэ щыгъэпытэгъэнхэмкIэ ахэмэ тапэкIэ джыри яшIуагъэ къагъэкIощт.

*2010-рэ илъэс*

## Хэутыгъэ псалъэр егъэшIэрэ шIуагъ

*Литературнэ-художественнэ, общественнэ-политическэ журналэу «Литературнэ Адыгеир» къызыхаутырэр лIэшIэгъуныкъом къехъугъ. А уахътэм къыкIоцI нахьышIум ылъэныкъокIэ макIэп ащ зэхъокIныгъэу фэхъугъэр. Непэ «Литературнэ Адыгеир» лъытэныгъэ зыфашIырэ журнал. ТигущыIэгъур къэралыгъо учреждениеу «Объединенная редакция литературно-художественных и детских журналов РА» зыфиIорэм иредактор шъхьаIэу МэщбэшIэ Исхьакъ Шумафэ ыкъор ары.*

*— Исхьакъ Шумафэ ыкъор, «Литературнэ Адыгеир» ылъэ зэрэтеуцуагъэм къытфытегущыIэба.*

– АпэрапшIэу тарихъым зыфэдгъэзэн. 1938-рэ илъэсым къыщегъэжьагъэу 1941-рэ илъэсым нэс СССР-м

ипсательхэм я Союз и Адыгэ отделение Мыекъуапэ къыщыдигъэкIыщтыгъ литературнэ-художественнэ сборникэу «Тихахъу» зыфиIорэр. Ащ къыкIэлъыкIуагъ Хэгъэгу зэошхом ыуж, 1946-рэ илъэсым къыщегъэжьагъэу 1963-рэ илъэсым нэс, къыдэкIыгъэ альманахэу «Дружбэр». Адыгэ тхылъ тедзапIэр Краснодарскэ тхылъ тедзапIэм ихэку отделениеу ашIи, урыс редакциеу ащ иIагъэр зызэфашIыжьым, альманахыми икъыдэгъэкIын зэпагъэугъагъ. ЕтIанэ, Адыгеим ипсательхэм я Союз зэрэкIэлъэIугъэм теткIэ, урысыбзэкIэ тхэхэрэм япроизведениехэр къызыщыхаутын яIэным пае, АР-м иминистрэхэм я Кабинет унашъо ышIыгъ печатнэ лист 12 хъоу, илъэсым плIэгъогогъо урысыбзэкIэ къыдэкIыщтыгъэ журналыр зыпкъ игъэуцожьыгъэнэу. Тэ къытфагъэцакIэмэ тшIоигъоу ятIуагъэр кIэтхагъэхэм журналыр аIэкIагъахьэу гъэпсыгъэнэу ары.

— *Сыд пае кIагъатхэхэзэ шIыгъэн фэягъа?*

— 1962-рэ илъэсым Адыгеим ипсательхэм я Союз ипащэу сыхадзыгъагъ. ЗэшIохыгъэн фэе Iофыгъохэр мэкIагъэп, анахь сызыгъэгумэкIыщтыгъэхэм ащыщыгъ журналым ипчъагъэ зэрэмэкIагъэр — шъищ Iэпэ-цып зэрэхъущтыгъэр. А пчъагъэр нахьыбэ шIыгъэным, нахьышIум ылъэныкъокIэ ащ зэхъокIныгъэхэр фэшIыгъэнхэм тэ кIочIэ макIэп тедгъэкIодагъэр. Непэ «Литературнэ Адыгеим» итираж экземпляр минрэ ныкъорэм нэсыгъ. Сэ сишIошIыкIэ, ар макIэп.

— *Тхылъеджэхэм журналыр нахь агу рихьэу шIыгъэным пае сыд фэдэ Iофтхьабза зешъухьэхэрэр?*

— Гъэхъагъэу тиIэхэм зядгъэгупсэфылIэрэп, тижурнал еджэхэрэм япчъагъэ нахьыбэ зэрэхъуным ренэу тыфэбанэ. Журналыр нахь зэрэдгъэкIэжьыным тыпылъ, къыхэтыутыхэрэр еджэхэрэм ашIогъэшIэгъонэу, зэшIомыхыгъэ Iофэу хэгъэгум щызыгъэгумэкIыхэрэм афэгъэхьыгъэу зэрэдгъэпсыным тынаIэ тетэгъэты. ГущыIэм пае, ренэу дгъэфедэрэ рубрикэхэу «Проза», «Поэзия» зыфиIохэу тхылъеджэхэм бэшIагъэу ашIэхэрэм афэшъхьафэу кIэхэр ахэдгъэхьанхэу тэгъэхьазырых. Журналым иномерхэу къыкIэлъыкIохэрэм ащыдгъэфедэщтых рубрикакIэхэу «Это твои люди, Адыгея», «Забытые имена». «История фольклора» зыфиIорэ рубрикэр атетэу къыхэтыутыщт материалхэм яшIуагъэкIэ тхылъеджэм нэIуасэ зафишIын ылъэкIыщт адыгэ гущыIэжъхэр къызыхэкIыгъэхэм, ахэмэ мэхьанэ куоу яIэр къыгурыIощт.

— *Хэт анахьэу шъуижурнал еджэхэрэр?*

— Интеллигенциер, гъэсэныгъэ зиIэ цIыфхэу гущыIэм уасэ фэзышIыхэрэр, ар шIу зылъэгъухэрэр арых.

— *Зэрэлитературнэм имызакъоу, журналыр общественнэ-политическэуи щыт. Ащ редакцием иIофшIэн нахь къегъэхьылъэба? Ащ фэдэ IофшIэныр къины къышъущыхъурэба?*

— Сэ ар моущтэу къасIомэ сшIоигъуагъ — типшъэдэкIыжь нахь ин къешIы. Журналым инэкIубгъохэр къызыфагъэфедэзэ, Адыгеим иапэрэ IэшъхьэтетхэмI тхылъеджэм зыкъыфагъазэ. Тижурнал еджэхэрэм лъэпкъ проектхэр зэрагъашIэ, культурэм, экономикэм ыкIи мэкъумэщым къатегущыIэрэ аналитическэ очеркхэмрэ статьяхэмрэ нэIуасэ зафашIы.

— *Арэу щытми, журналыр нахьыбэу литературнэ-художественнэу арыба зэралъытэрэр?*

— Iо хэмылъэу, ары зытегъэпсыкIыгъэр. Тижурнал ары Адыгеим илитературэ Iофхэр зэзыгъафэхэрэр.

— *Шъуиредакцие IэпэрытхыхэмкIэ ушъагъэкIэ енэгуягъо. Материалэу къыхэшъуутыщтхэр къыхэшъухыхэ зыхъукIэ, сыда анахьэу шъузэрыгъуазэрэр?*

— ШъыпкъэмкIэ, материалэу бэ тиIэр, ащ ишIуагъэкIэ къыхэтыутыныр нахь зифэшъошэ материалхэр къыхэхыгъошIу къытфэхъу, ащ фэшъхьафэуи тхылъеджэм нахь шIогъэшIэгъон хъущтыри къыдэтэлъытэ.

— *Адыгеим бэшIагъэу щызэлъашIэрэ писатель IэпэIасэхэм япроизведениехэр шъуижурнал къыхеутых. ДжырэкIэ амышIэрэ авторхэми зыщаушэты. Iпэрэ илъэсхэм ялъытыгъэмэ, зищыIэныгъэ литературнэ творчествэм езыпхынэу тезыубытагъэхэм япчъагъэ нахьыбэ хъугъа?*

— Писатель хъумэ зышIоигъор бэ, тхэныр зетэгъажьэм, тэ тызэрэхъущтыгъэ пчъагъэм гъэнэфагъэу нахьыб. Зитхыгъэ нахь шIуIоу тлъытэхэрэм яехэр къыхятэгъэутых тхылъеджэхэм яшIошI къырядгъэIолIэным пае. ГущыIэм фэшI, илъэс къэс зэхэтщэрэ литературнэ конкурсэу «Созвездие» зыфиIорэм текIоныгъэр къыщыдэзыхыгъэхэм ятхыгъэхэр къыхядгъэутынхэр шэны хъугъэ.

— *Исхьакъ Шумафэ ыкъор, сыд къепIолIэн плъэкIына прозэм изытет?*

– Урысыер штагъэмэ, непэ прозэм изытет зыпкъ итэу пIон плъэкIыщтэп, нахьышIум ылъэныкъокIэ зэхъокIныгъэхэр ащ фэхъунхэу сэгугъэ. Гу зылъыптагъэр къыуасIомэ сшIоигъу: прозэр ары адыгэ писательхэм ятворчествэ нахь чIыпIэшхо щызыубытырэр. А нэшанэр зэхъокIыгъэн фаеу сIорэп, ау зэуцолIэжьыгъэн фаер Адыгеим иписатель ныбжьыкIэхэм узыгъэрэзэрэ тхылъ прозэмкIэ атхыгъэу джырэкIэ зэрэтимыIэр ары.

*– Гупчэ прессэм еплъыкIэ гъэнэфагъэ щыряIэ хъугъэ, гущыIэм пае, журналэу «Журналистым» зэритхырэмкIэ, чIыпIэ СМИ-хэм конструктивнэ критикэ ащыIэп. Критическэ статьяхэр къыхиутынхэм шъуижурнал фытешъогъэпсыхьа?*

– Ащ фэдэ статьяхэр къыхэутыгъэнхэм пае нэкIубгъо макIэп журналым аритырэр. Илъэс пчъагъэу журналыр къызыдэкIырэм къыкIоцI критик куп гъэнэфагъэ ащ щызэхэщагъэ хъугъэ: ЩэшIэ Казбек, Къуныжъ Мыхьамэт, Шъхьэлэхъо Абубэчыр, ЛъэпцIэрышэ Хъалид, Кирилл Анкудиновыр, Мамый Руслъан, Цуамыкъо Тыркубый, ХъокIо Фатим, Елена Шибинскаяр, Татьяна Степановар, Ергъукъу-ЩэшIэ Щамсэт, Шъхьэлэхъо Дарико. Шъыпкъагъэ зыхэлъ, объективнэу гъэпсыгъэ критикэ щымыIэу писателыр ыпэкIэ лъыкIотэгъуай.

*– Уитхыгъэ зэхэугъоягъэхэу томибл хъурэр урысыбзэкIэ зэдзэкIыгъэу къыдэкIыгъ. Iофышхо дэдэу пшIагъэр ары ар къызыпэкIэкIуагъэр. Адэ джы сыд Iоф зыдапшIэрэр?*

– РоманыкIэм итхын ары. Охътэ бащэ темышIэу сигукъэкIыжьхэм ятхын сыфежьэщт. ДжырэкIэ ащ пае уахътэ къысфыхэгъэкIырэп.

*– Исхьакъ Шумафэ ыкъор, республиэ гъэзетхэм къызэрэхаутыгъэмкIэ, уитарихъ романэу «Айщэт» техыгъэу фильм агъэуцунэу ары. А тхылъыр экранизацие шыгъэным хэта кIэщакIо фэхъугъэр?*

– Ащ кIэщакIо фэхъугъэр сидуховнэ гъэсакIоу слъытэрэ Михалков Сергей ары. А проектышхом къыдырагъэштэнэу ялъэIоу ащ письмэ афигъэхьыгъ зэкъош республикищмэ – Адыгеим, Къэбэртэе-Бэлъкъарым, Къэрэщэе-Щэрджэсым – япрезидентхэм.

*– Тыдэ щытырахынэу ары фильмыр?*



– Серий хъурэ фильмым къыхэфэрэ хъугъэ-шIагъэхэм тэ Францием нэIуасэ тащыфэхъущт, герой шъхьаIэм, гъэрэу аубытыгъэгъэ адыгэ пшъэшъэжъыем игукъэкIыжьхэр зэпхыгъэщтхэр къызыщыхъугъэ адыгэ чIыгур ары. Арышъ, фильмым ихъугъэ-шIагъэхэр зыщытырахыщтхэр Адыгеир, Тыркуер, Швейцариер арых.

*– Адэ актерэу ащ хэлэжьэщтхэр хэта къыхэзыхыщтхэр?*

– Сэ сшIэрэр зэлъашIэрэ московскэ, адыгэ артистхэр, Къэбэртэе-Бэлъкъарымрэ Къэрэщэе-Щэрджэсымрэ ащыщ актерхэри фильмым зэрэхэлэжьэщтхэр ары. Фильмэм игъэхьазырынрэ итехынрэ зыпшъэ изылъхьажьыгъэр московскэ киностудиеу «Добрые дела» (киностудиеу «ТРИТЭ» къыдеIэзэ) ары. Джыдэдэм зэхэщэн Iофыгъохэр, проектым пэIухьащт ахъщэм иугъоин ары зыуж итхэр. ДжырэкIэ къэбарыкIэхэм сяжэ, фильмыр зыгъэуцущтым IэпыIэгъу сыфэхъунэу сыхьазыр.

*– Джары сыд фэдэрэ чIыпIи лъыIэсыгъэ телевидениеу къэбархэр цIыфхэм алъыгъэIэсыгъэным иамал пстэури зыIэкIэзыубытагъэр. Ау мыщ дэжьым ащ мымакIэу ишIуагъэ къыгъэкIон ылъэкIыщт цIыф жъугъэхэм алъэгъущт роман шIагъом къыхэфэрэ хъугъэ-шIагъэхэр, адыгэхэр зилIэужыгъо цIыф лъэпкъхэр нахьышIоу зэрагъэшIэн алъэкIыщт. Ау щытми, тытегъэгущыI электрон амалхэм ялIэшIэгъу зэрарэу къыхьырэми. Телевидениемрэ интернетымрэ журналхэм, гъэзетхэм ачIыпIэ иуцопэнхэу о къыпшIошIа?*

– Хьау, арэущтэу хъун ылъэкIыщтэп. Шъыпкъэ, компьютер технологиехэм ялIэшIэгъу тэ тызыщыпсэурэр, ау, сэ сицыхьэ зытелъыр джы тызэресагъэм фэдэу, типографие краскэм ымэ къызыпихырэ журналыкIэм еджэмэ, тхылъыкIэм нэIуасэ зыфишIымэ гухахъо хэзыгъуатэхэрэр мымакIэу къазэрэхэкIыщтыр ары. Джащ фэдэ цIыфхэу хэутыгъэ псалъэр зыгъэлъапIэхэрэр арых тэ тызыфэлажьэхэрэр.

*ДэгущыIагъэр Кушъуан Д.,*
*2010-рэ илъэс*

## Си Университет

Мафэмрэ чэщымрэ зэрэзэкIэлъыкIохэрэм фэдэх гукъэкIыжьхэри – зэ псынэкIэчъым фэдэу, гухахъо пщыхьоу зыблырагъэхы, якъэбзагъэрэ яемышIэ-шIумышIагъэрэкIэ ныбжьыкIэгур агъэгушIоу, зэ зэоуж ушэтын мыпсынкIэхэр уинэплъэгъу къыкIагъэуцожьызэ. ЗэкIэ ахэр къызыдикIыгъэхэр кIэлэцIыкIугъор ары, а илъэсхэу чыжьэу IукIотыгъэхэм зэпысчынэу хъугъэгъэ гушIуагъохэмрэ нэшхъэигъохэмрэ къыздагощыхэзэ, сигъусэхэу къыздакIухьэ.

Сэ систудентыгъо илъэсхэр блэкIыгъэ лIэшIэгъум ыгузэгухэм адэжь ары зытефагъэхэр. Зэо ужым мымакIэу къиныгъохэр зэпытчынхэ фаеу хъугъагъэ нахь мышIэми, Хэгъэгу зэошхом текIоныгъэу къыщыдахыгъэм тамэ къыдгуигъэкIагъэу, гушIом тызэлъиштагъэу, нахьышIум тыщыгугъэу, тынасыпышIоу зытлъытэжьэу тыщыIагъ. Непэрэ ныбжьыкIэхэр кIэщыгъо щыгъын хэшыкIыгъэхэмкIэ зэрэфэпагъэхэм тыфэмыдагъэми, хэти ащкIэ темыхъуапсэу, тызыгъэгумэкIи щымыIэу, ныбжьыкIэ шIыкIэу тигъэпсэфыгъо уахътэ чэфэу дгъакIощтыгъ: пшъашъэмэ заIудгъакIэщтыгъ, къэшъуапIэм тыкIощтыгъ, къэзыщагъэ-дэкIуагъэмэ яджэгу тыкIощтыгъ, къэтклухьэщтыгъ. Тыныбэ щизэу тымышхэуи къыхэкIыгъ, щыIэкIэ-псэукIэм къыхэфэрэ къиныгъохэми тарихьылIагъ, ау сыдэу хъугъэми тынасыпышIуагъ. СилIэуж щыщ хэтырэ цIыфи ар къыушыхьатын ылъэкIыщт. Сэ къысфэгъэхьыгъэмэ, семыхъырэхъышэжьэу къэсIон слъэкIыщтыр сищыIэныгъэкIэ ахэр илъэс анахьышIухэу зэрэщытыгъэхэр ары!

Сэ сшъхьэкIэ тиуниверситет сыщеджэнэу хъугъэп, ау Адыгэ кIэлэегъэджэ училищэу сэ сызыщеджэщтыгъэмрэ илъэситIу кIэлэегъэджэ институтымрэ зы урам азыфагоу зэпэчIынатIэхэу щытыгъэх.

Тиаудиториехэм яшъхьаныгъупчъэхэм тарыплъымэ, кIэлэегъэджэ институтым истудентхэр тлъэгъущтыгъэх. Тизанятиехэм зэпыугъоу афэхъухэрэр зэтефэхэти, а уахътэр тызэгъусэу зэдэдгъакIоу бэрэ къыхэкIыщтыгъ.

Занятиехэм ауж тIэкIурэ зыдгъэпсэфыти, тэ, еджэпIэ заведениитIумэ ястудентхэр, спорт зэнэкъокъупIэхэм тащызэIукIэщтыгъ. СицIыкIугъом къыщыублагъэу спортым сыфэщэгъагъ, сикIэсагъ волейбол, баскетбол, футбол сешIэныр. Джы къызнэсыгъэми, амал силэу къызыщыхэкIырэм, спортымкIэ анахь зэнэкъокъу инхэм сымыкIоу къыхэкIырэп. КIэлэегъэджэ училищымрэ кIэлэегъэджэ институтымрэ волейболымкIэ яхэшыпыкIыгъэ командэу сэри сызыхэтыгъэр зэп къалэм ичемпион зэрэхъугъагъэр. «Ащ фэдэ спорт лъэпкъымкIэ унахь лъэпэлъэгэн фэягъэ» зыIонхэри къыхэкIынкIи хъун, ау, сэ сыIэпсынкIэ-лъэпсынкIагъ, сыфэкъулаеу Iэгуаор нападающхэм аIэкIэзгъахьэщтыгъ. Командэм къыздыхэтыгъэхэм ащыщыгъ нэужым зэлъашIэрэ журналистэу, гъэзетэу «Адыгейская правдэм» иредактор шъхьаIэу хъугъэгъэ Х. Баладжиян. Спортыр шIу тэзыгъэлъэгъугъагъэр училищым физкультурэмкIэ икIэлэегъаджэу Б.Е. Дарпинян ары, джары тренерэу тиIагъэри, училищым щеджагъэхэм джы къызнэсыгъэми шIукIэ ар агу къэкIыжьы.

Ау спортымрэ пчыхьэзэхахьэхэмрэ язакъоп тизэныбджэгъуныгъэ зыгъэпытэщтыгъэр: тиучилищ къэзыухыгъэхэм ащыщыбэхэр кIэлэегъэджэ институтым чIахьэщтыгъэх, арыти, тызэрэзэгъусэу тыкъанэщтыгъ.

Джыри зы Iофыгъу тэ тизэгъусэныгъэ зыгъэпытэщтыгъэр, зэныбджэгъу тызышIыщтыгъэр. Поэтэу, нэужым Советскэ Союзым и ЛIыхъужъ хъугъэгъэ Андырхъое Хъусен заом ыпэкIэ зэхищэгъэгъэ Литературнэ кружокым тиучилищ чанэу Iоф щишIэщтыгъ. Сэ сшIэзэ, Литературнэ кружокыр хьарыф инкIэ къесэгъажьэ: лъэшэу ыгу етыгъэу литературнэ творчествэр шIу зылъэгъущтыгъэхэмкIэ, сэщ фэдэхэмкIэ литературэм идунаишхо уфэзыщэрэ насып лъэгъуагъ ар. Литкружокэу Хьаткъо Ахьмэд цIэрыIом итворческэ гухэлъхэм адиштэу зэхащэгъагъэм ифэмэбжьымэу шIуагъэ къыфэзыхьыгъэр тащыщ пэпчъ зэхишIагъэ.

Ти Литкружок изэхэсыгъохэм къякIуалIэщтыгъэх кIэлэегъэджэ институтым истудентхэри. Тизэхэсыгъохэм усэхэу, рассказхэу, эссехэу тхыгъэхэми тащытегущыIэрэ къодыягъэп – творческэ дискуссиехэри зэхатщэщтыгъэх, адыгэ писательхэм ятхылъыкIэхэм татегущыIэщтыгъ, чэзыу-чэзыоу тизэхэсыгъохэм къядгъэблагъэщтыгъэх

КӀэрэщэ Тембот, Пэрэныкъо Мурат, Лъэустэн Юсыф, Кэстэнэ Дмитрий, нэмыкӀхэри. Къызэрэбгурыӏонэуи, зэкӏэ а Ӏофтхьабзэмэ тишӀэныгъэхэм ахагъахъощтыгъ, литературнэ творчествэм тыкъыфагъэущыщтыгъ. Заом ехьылӀэгъэ сиапэрэ усэу ТекӀоныгъэм имафэ стхыгъэм, сиапэрэ поэмэу «Цӏыф лъэшхэр» зыфиӀорэм, джащ фэдэу нэмыкӀырэ сиусэхэм Литкружокым изэхэсыгъохэр ары зыщатегущыӀагъэхэр. Литкружокым ащ фэдизэу игъэкӀотыгъэу сыкъызыкӀытегущыӀэрэр тэ, тхэныр езыгъэжьагъэхэмкӀэ, апэрэ литературнэ еджапӀэу, тхэным итворчествэ игъогушхо тытезыщэрэ лъагъоу хъугъагъэшъ ары. Ащ пае тэ, Литкружокым къекӀуалӀэщтыгъэхэм, тиӀэшъхьэтетыгъэу, училищым адыгабзэмкӀэ, литературэмкӀэ икӀэлэегъаджэщтыгъэу ХьатӀэнэ Айщэт тыфэразэу тигъашӀэ къэтэхьы.

Шӏулъэгъу фыриӀэу зиунагъо зыгъэпсырэм, илӀакъо ыгъэбаизэ, сабыйхэр къыкӀэхъох. Бзыущырхэр ины мэхъухэшъ, атамэхэр пытагъэхэу янабгъохэр къабгынэх. Природэм ыухэсыгъэ шапхъэхэм атегъэпсыкӀыгъэу, щыӀэныгъэм къызэдыхэфэх мафэм инэфыни чэщым имэзахи, гъэмафэм ифаби кӏымафэм ичъыӀи, цӏыфым игушӀуагъохэри игукӀаехэри, уахътэр къызэтеуцо хабзэп. Сыд фэдэрэ пэрыохъу пае къымыгъанэу ыпэкӀэ лъэкӀуатэ. Ау щытми, унэу, къуаджэу укъызыщыхъугъэхэр, узыщапӀугъэхэр, щыӀэныгъэм игъогу утезыщэгъэ школыр тыдэ ущыӀэми, щыӀэныгъэм сыд фэдэрэ чӀыпӀэ уихьыгъэми, пщыгъупшэщтхэп, угу илъыхэу егъашӀэми къызыдепхьакӀыщтых нахь.

КӀэлэегъэджэ училищыр къэсыухыгъэу Москва дэт Литературнэ институтым сыщеджэ зэхъуми, Мыекъуапэ къыщызэдеджагъэмэ ящыӀэкӀэ-псэукӀэ, яӀофхэр зэрэзэпыфагъэхэм сакъыкӀэупчӀэщтыгъ. Сигупсэ хъугъэ еджапӀэхэу Адыгэ кӀэлэегъэджэ училищымрэ Адыгэ кӀэлэегъэджэ институтымрэ сафэразэу егъэшӀэрэу сыгу къинагъэх.

ЩыӀэныгъэр зэпымыоу ыпэкӀэ лъэкӀуатэ, ренэу зыкъызэблихъузэ, тапэкӀэ нахьышӀум тыщигъэгугъызэ. Адыгэ кӀэлэегъэджэ училищым Советскэ Союзым и ЛӀыхъужъэу Андырхъое Хъусен ыцӀэ фаусыгъ, Адыгэ кӀэлэегъэджэ институтыр илъэсиплӀэ зыщырагъаджэхэрэ кӀэлэегъэджэ институт ашӀыгъ, факультет заули къыщызэӀуахыгъ. А илъэсхэм ащ ректор фашӀыгъагъ гъэсэныгъэ пшъхьапэ зиӀэу, Ӏэдэбышхо зыхэлъыгъэ К.А. Новиковыр.

Литературнэ институтыр къэсыухи, Мыекъуапэ къызысэгъэзэжьым, письмэ-направлениеу къысатыгъэр зыдэсӀыгъэу а уахътэм КПСС-м ихэку комитет исекретарщтыгъэу А.Къ. ЯкӀыкъом дэжь сыкӀуагъ (нэужым ар Адыгэ къэралыгъо кӀэлэегъэджэ институтым ипроректорэу, етӀанэ иректорэу хъугъагъэ). ШӀу зыгу къысфилъ ныбджэгъу нахьыжъэу ары ар сэ зэрэслъытэщтыгъэр. А.Къ. ЯкӀыкъом хэку гъэзетэу «Социалистическэ Адыгеим» иредакцие Ӏоф щысшӀэнэу сегъакӀо. Адыгэ кӀэлэегъэджэ институтым бэ темышӀэу къэралыгъо статус иӀэ мэхъу, псынкӀэу зиушъомбгъоу регъажьэ: кӀэу факультетхэр, кафедрэхэр къызэӀуахых, зыщырагъэджэщтхэ корпусыкӀэхэр агъэпсых. Зэгорэм тӀоу зэтет унэ мыинэу институтыр зычӀэтыгъэм джы квартал псэу еубыты. Зы лъэныкъомкӀэ – Гагариным иурамкӀэ спорт зал хъоо-пщау, адырэ лъэныкъомкӀэ – Гоголым иурамкӀэ джащ фэдэу гохьэу гъэпсыгъэ актовэ зал ащ щагъэпсыгъэх. Институтым къыготэу ащи квартал псэу аубытэу этажыбэу зэтет студент общежитиехэр агъэуцугъэх, административнэ ыкӀи зыщырагъэджэщтхэ корпусыкӀэм ишӀын аухы. ЗэкӀэ ахэр зэхэубытэжьыгъэу уяплъын зыхъукӀэ, къэлэ гупчэм щыгъэпсыгъэ студент къэлэ цӀыкӀу зэтегъэпсыхьагъэу ары зэрэплъытэн плъэкӀыщтыр. А къэлэ цӀыкӀум игъэпсын кӀэщакӀо фэхъугъэр ректорэу, философие шӀэныгъэхэмкӀэ докторэу, Хэгъэгу зэошхом хэлэжьэгъэ А. Къ. ЯкӀыкъор ары. Ифэшъошэ шъыпкъэу шъхьэкӀэфэшхо зыфашӀырэ цӀыфыгъ ар, бэрэчэтыгъ, ректор-гъэпсэкӀо шъыпкъагъ, гушхуагъэ хэлъыгъ, сэмэркъэур шӀу ылъэгъущтыгъ, адыгэ къашъохэмрэ шахмат ешӀэнымрэ икӀэсагъэх. Джащ фэдэ цӀыфэу, ныбджэгъушӀоу ары сэ ренэу ар сыгу къызэрэкӀыжьыщтыр.

Заом ыпэрэ илъэсхэм къащегъэжьагъэу бзэм, литературэм, тарихъым язэгъэшӀэн пылъ научнэ-ушэтыпӀэ институтым Адыгеим Ӏоф щишӀэщтыгъ, ау щытми, автоном хэкум, нэужым республикэм наукэр ыпэкӀэ ащылъызыгъэкӀуатэщтыгъэр Адыгэ къэралыгъо кӀэлэегъэджэ институтым икӀэлэегъэджэ-шӀэныгъэлэжьхэр арыгъэ. ИлъэсипшӀ заулэхэм къакӀоцӀ шӀэныгъэ зэфэшъхьафхэмкӀэ докторхэу,

кандидатхэу, наукэм илъэныкъо зэфэшъхьафхэмкӀэ профессорхэу, академикхэу пчъэгъабэ хъухэрэр институтым щылажьэхэ хъугъэ.

Кобл Якъубэ спортым текӀоныгъэу къыщыдихыгъэхэр, тренер Ӏофэу ышӀагъэр тихэгъэгу имызакъоу, ӀэкӀыб къэралхэми ащызэлъашӀэх. Ащ ыгъэсагъэ самбистхэмрэ дзюдоистхэмрэ ежь ятренери Адыгэ къэралыгъо кӀэлэегъэджэ институтым дунаим щызэлъязыгъэшӀэгъэ щытхъу къафахьыгъ. Ахэмэ ащыщхэу анахьышӀухэм ацӀэ сигуапэу къесэӀо. Ахэр – Невзоровыр, Гостэкъор, Хьапаер, Емыжыр, Лъэцэрыр, Хьасанэр арых. Ахэмэ ягъэхъагъэхэр спортымкӀэ дунаим къыщыдахыгъэ анахь текӀоныгъэшхохэм ахалъытагъэх. А гъэхъагъэхэм къысхалъхьэгъэ гушхуагъэм ыпкъ къикӀыкӀэ «Самбэр» зыфиӀорэ усэу стхыгъэм мыщ фэдэ сатырхэр хэтых: *«Бгырыпх шхъуантӀэр, бгырыпх плъыжьыр, Лъэбгъу едзыныр, батыр Ӏабэр, Зэндэ уджыр, пчэгу ипшыжьыр, ТекӀоныгъэр — джары самбэр!»*

ШӀукӀэ сыгу къэсымыгъэкӀыжьын слъэкӀыщтэп кӀэлэегъэджэ институтым инэмыкӀырэ ректори – ар а ӀэнатӀэм Ӏутыгъ институтым Адыгэ къэралыгъо университетыцӀэр зыфаусым, ар – ХъутӀыжъ Ким Къаншъао ыкъор ары. Тэ нэӀуасэ тызызэфэхъугъагъэр ар кӀэлэегъэджэ институтым истудентэу, сэ гъэзетым иредакцие Ӏоф щысшӀэ зэхъур ары. Ащыгъум ащ иапэрэ усэхэр гъэзетым къыхиутыгъэкӀагъэх. Нэужым ар университетым иректор ӀэнатӀэм хадзыгъэу сырегъэблагъэшъ, лекцие курс студентхэм сакъыфеджэнэу, адыгэ литературэмкӀэ семинар афызэхэсщэнэу, литературэмкӀэ ӀэпэӀэсэныгъэу къысӀэкӀэхьагъэр къафэсӀотэнэу игъо къысфелъэгъу. КъызэрэбгурыӀонэуи, ащ фэдэ даушыгъэу къысапэсыгъэм семызэгъын слъэкӀыгъэп – студентхэм гущыӀэгъу сафэхъумэ сшӀоигъуагъ. Ректорым иприказкӀэ профессорым ипшъэрылъхэр зэрэзгъэцакӀэрэмкӀэ ищыкӀэгъэ званиер къысфауси, семестритӀум къыкӀоцӀ студентхэм семинар афызэхэсщагъ. НыбжьыкӀэхэм сызэрахэтыгъэм, гущыӀэгъу сызэрафэхъугъэм духовнэу сызэригъэбаигъэр, бзэмрэ литературэмрэкӀэ езыгъэджэнхэу зызыгъэхьазырыщтыгъэхэми а зэӀукӀэгъухэм шӀуагъэ къаззэрэфихьыгъэр къэсимыӀотэжьыми хъунэу сэлъытэ.



ГукъэкӀыжь гохьхэм гур къагъэбырсыры, ар къаукъэбзы, щыӀэныгъэм щыщ пычыгъохэу зэгорэм узыгъэгушӀощтыгъэхэр, цӀыфыгъэмрэ зэфагъэмрэ зэрэщыӀэхэм уицыхьэ пытэ зэрателъыгъэр угу къагъэкӀыжьы. Непи сэ сырэгушхо Адыгэ къэралыгъо университетым джы ирекТорэу, социологиемкӀэ докторэу, Урысыем и Къыблэ ащ фэдэ еджапӀэу итхэм анахьышӀоу алъытэхэрэм ащыщ хъугъэм ипащэу апшъэрэ еджапӀэм джыри хэхъоныгъэ ышӀынымрэ зиушъомбгъунымрэкӀэ Ӏофыбэ зэшӀозыхыгъэ, университетым ыныбжь илъэс 70-рэ зэрэхъурэм ихэгъэунэфыкӀын фэгъэхьыгъэ Ӏофыгъо мыпсынкӀэхэр зыпшъэ дэкӀыгъэ Хъунэго Рэщыд Думалыч ыкъом, шӀэныгъэмкӀэ доктор щытхъуцӀэр къысфиуси, доктор шъуашэр къызэрэсщилъагъэр.

Си Университет (арэущтэу ащ седжэн сыфитэу къысшӀошы), тэрыкӀэ апэрэ университетэу о утиӀ, писатель нэбгырэ 20-у о уиаудиториехэм ачӀэсэу щеджагъэхэм ацӀэкӀэ, о нахьышӀу узылъэгъухэрэм ацӀэкӀэ, ащ щеджэнхэ зыгу хэлъхэм ацӀэкӀэ, аужыпкъэм, кӀэлэегъэджэ пчъэгъабэхэу университетыр къэзыухыгъэхэу Урысыем ичӀыпӀэ зэфэшъхьафхэм, СССР-щтыгъэм ихэгъэгухэм Ӏоф ащызышӀэхэрэм ацӀэкӀэ тызэрэпфэразэр, тапэкӀэ гъэхъагъэхэмрэ хэхъоныгъэрэ пшӀыхэмэ зэрэтшӀоигъор отэӀо.

*2010-рэ илъэс*

## ИусэхэмкӀэ ичӀыгу фэусагъ

БлэкӀыгъэ лӀэшӀэгъум ыгузэгухэм адэжь Москва дэт Литературнэ институтэу Горькэм ыцӀэкӀэ зэджагъэхэм сычӀэсыгъ Иван Федор ыкъо Вараввэ нэӀуасэ сызыфэхъум. Пшызэ шъолъыр щыщ поэт ныбжьыкӀэ нэутхэу, шъхьацышхо дахэ зытелъ кӀэлэ зэкӀужьыр зэкӀэми анахьэу студенткэхэм агу рихьыгъ, ежьыми пшъашъэхэм лъэшэу ынаӀэ атыригъэтыщтыгъ.

ТызэчӀыпӀэгъути, тэ бэрэ тызэӀукӀэщтыгъ, творческэ Ӏофхэм татегущыӀэщтыгъ, зэныбджэгъуи тыхъугъагъ.

Загъорэ Иван ІэкІашІэщтыгъэхэм джы ащ фэдиззэу Іофы зырагъэшІэу пымылъынхэкІи хъун, ау а уахътэм ащ фэдэ зекІуакІэхэр нахь пхъашэу емыкІу алъэгъущтыгъэх. Шlу ІэкІэлъэгъуагъ Иван Вараввэ курсым къыдис пшъашъэхэм анахь дахэу Киргизием къикІыгъэр. Мафэ горэм марксизм-ленинизмэм икабинет чІэсхэу, шlу зэрэлъэгъугъэхэм ІаплІ зэращэкІыгъэу зэбэухэу ошІэ-дэмышІэу ащ чІэхьэгъэ кІэлэегъэджэ бзылъфыгъэм ылъэгъугъ. Ылъэгъугъэм кІэлэегъаджэр лъэшэу ыгъэгубжыгъагъ, ащкІэ институтым иІэшъхьэтет псынкІэу макъэ ригъэІугъ. ЗэрэхъущтыгъэмкІэ, пшъэдэкІыжь пхъашэ рагъэхьыным ищынагъо синыбджэгъу къышъхьащыхьэгъагъ. Сэ институтым ипартбюро сыхэтыгъэти, ащ фэдэ зекІуакІэм пае ар амыгъэпщынэнымкІэ ІэпыІэгъу сыфэхъугъ. И. Вараввэ талант зыхэлъ поэтэу зэрэщытыгъэр зэкІэми къаушыхьатыщтыгъ. Литинститутым чІэхьанымкІэ ащ рекомендацие къезытыгъагъэр Вараввэ иусэхэр къызыщыхиутыщтыгъэ журналэу «Новый мир» зыфиІорэм иредактор шъхьаІэу Александр Твардовскэр ары.

Институтыр къызытэухым, Иван Вараввэрэ сэрырэ тизэныбджэгъуныгъэ ащ щытыухыгъэп – джыри нахь пытэ хъугъэ нахь, идунай ехъожьыфэ титворческэ, ныбджэгъу зэІукІэгъухэр зэпыугъэхэп. Краснодар сызыкІокІэ, Ване дэжь сыкъыщыуцущтыгъ, ежь Мыекъуапэ къызыкІокІэ, сэ садэжь хьакІэу щыІэщтыгъ. Ащ ипоэтическэ тхылъхэу къызысфытетхагъэхэр сибиблиотекэ хэлъых. Анахь тын лъапІэхэу слъытэхэрэр ащ ипроизведение пшъхьапэхэу «Казачий кобзарь», «Гомон Дикого поля», «Пожары Отечества», «Кольчуга Святослава» арых.

Иван Вараввэ адыгэ усабэ урысыбзэм рилъхьагъ, джащ фэдэу адыгэхэм яхьылІагъэу усабэ ытхыгъ. Республикэм илитературнэ кІэн иІахьышхоу хилъхьагъэм пае И.Ф. Вараввэ «Адыгэ Республикэм инароднэ поэт» щытхъуцІэр фаусыгъ.

Синыбджэгъу поэтым итворчествэ шъхьэкІэфэшхо фэсэшІы. Ар ичІыгу, игупсэ Пшызэ шъолъыр япатриот шъыпкъ, зэкІэ ищыІэныгъэ ахэр ары зыфигъэлэжьагъэр.

Нэшхъэигъом сызэлъиштэмэ, поэтым итхылъ цІыкІухэм ащыщ дэт усэмэ сызяджэкІэ, гупшысэ хьылъэхэр стеух, сыгукІи сэрэхьатыжьы.



ПшІошъ гъэхъугъуай поэтическэ псалъэм фэІэпэІэсэшхоу, поэт-фронтовикэу, тищыІэкІэ-псэукІэ щыщ пычыгъошхо зитворчествэ къыщызыгъэлъэгъуагъэр зэрэтхэмытыжьыр. Лъэшэу фэлаззэу ащ иусэхэм къащигъэлъэгъуагъ ІофшІэныр шlу лъэгъугъэныр, природэм идэхагъэхэу нэплъэгъум къыкІэджагохэрэр; философием ишІыкІэамалхэмкІэ непэрэ тищыІэкІэ-псэукІэ гум къинэжьэу иусэхэм къащыриІотыкІыгъ.

Непи Иван Вараввэ ищытхъу зеушъомбгъу, нахь мэпытэ. Ащ ипоэзие, иусэхэм атехыгъэу адыгэ, пшызэшъолъыр композиторхэм атхыгъэ орэдипшІы пчъагъэхэр цІыф жъугъэхэм лъэшэу агу рехьых. Ащ ыцІэ фаусыгъ краим ит библиотекэхэм анахь инхэм ащыщ: Краснодарскэ краевой кІэлэцІыкІу-ныбжьыкІэ библиотекэм. Ащ фэдэ фитныгъэм фэбанэ поэтыр къызыщыхъугъэ Староминскэ районым ит нэмыкІ библиотеки. Сицыхьэ телъ ащ ыцІэ зыфаусыгъэ урамхэри бэмышІэу щыІэ зэрэхъущтхэм.

Пшызэ шъолъырым щыпсэухэрэр рыгушхонхэ алъэкІыщт поэт цІэрыІоу Вараввэ Иван Федор ыкъор ячІыгу зэрэщыпсэущтыгъэм, зэрэщыусэщтыгъэм.

*2010-рэ илъэс*

## КІэрэщэ Тембот

КІэрэщэ Тембот адыгэмэ апае псэугъэ, тхагъэ. АщкІэ лъэшэу тыфэраз, шlукІэ игугъу тэшІы. ЦІыфмэ нэфынэмрэ машІомрэ къафэзыхьыгъэ лІыхъужъэу ар таурыхъым къыхэкІыгъэм фэд.

Илъэсишъэрэ пшІырэ тешІагъ КІэрэщэ Тембот ижъуагъо ошъогум къызщынэфыгъэр. Гъэ къэс ар нахь мэшІэты, ащ зэкІэми зэлъарегъашІэ адыгэ лъэпкъэу ижъыкІэ къыщегъэжьагъэу «черкескІэ» заджэхэрэр дунаим зэрэщыпсэурэр, ахэр тыгъэм зэрэпэгушІохэрэр, ощх дахэм зэрэпаплъэхэрэр. Адыгэхэм сыдигъуи гушхуагъэ ахэлъ, лІыгъэр агъэлъапІэ, къэрабгъэр агъэмысэ.

КIэрэщэ Тембот адыгэ лъэпкъым ищыIакIэ, итарихъ, гъогу хьылъэу къыкIугъэм чIыпIэшхо щеубыты. Ащ ыцIэ адыгагъэм кIэрыпчын плъэкIыщтэп. Непэрэ мафэхэми, къэкIощт лъэхъанхэми ар адыгэм икультурэ зынэсыгъэ лъэгапIэхэр къэзгъэлъэгъорэ цIыфэу къэнэжьыщт. ТхакIом илъэпкъ ыгъэлъэпIагъ, ыцIэ дахэкIэ раригъэIуагъ. Адыгэм ицIыфыгъэ, илIыблэнагъэ, игупытагъэ, ихьалэлныгъэ, шъхьафитныгъэм шIулъэгъоу фыриIэр ащ итхыгъэхэм агупч.

КIэрэщэ Тембот – лъэпкъ тхакIу, ежь художественнэ еплъыкIэ куу дунаим фыриIагъ. Адыгэ лъэпкъым иобраз, ишэн-зекIуакIэхэр къыгъэлъэгъуагъэх, адыгэм ищыIакIэ ытхыгъэхэм лъапсэ афэхъугъ. ТхакIом блэкIыгъэр ау сыдми къыIуатэрэп – гум хэмыкIыжьын сурэтхэмкIэ ар уапашъхьэ къырегъэуцо. КъыткIэхъухьэрэ ныбжьыкIэхэм япIункIэ КIэрэщэ Тембот ытхыгъэхэм мэхьанэшхо яI. Адыгэм итарихъ, идунэеззэхашIэ, чIыпIэу дунаим щиубытрэр къизгъэлъэгъукIырэ гъэпсыкIэ гъэнэфагъэ ащ итворчествэ хэлъ. Сатырэ шъхьафэу ащ пхырыщыгъэр лъэпкъхэм язэфэдэныгъэрэ яфитыныгъэхэмрэ.

КIэрэщэ Тембот – адыгэ прозэм илъэгъохэщ. Сыдигъуи зэрэхъоу, апэрэ лъагъор пхырызыщырэм къин елъэгъу. Ащ нахьи нахь къин уигъэхъагъэхэмкIэ, уитхыгъэхэмкIэ апэрэигъэр къэуушыхьатыныр. Ар зыфызэшIокIырэр зиныдэлъфыбзэкIэ тхэу зыцIэ тарихъым хахьэрэр ары. Адыгэу лъэпкъ шIэжь зыхэлъэу, лъэпкъым икъызэтегъэнэн фэгумэкIырэр КIэрэщэ Тембот ытхыгъэхэм яджэн фае.

*2012-рэ илъэс*

## ХэгъэгулIыгъ

Дунаим гъогубэ щызэблэкIы: бгъузэх, шъуамбгъох, занкIэх, IонтIагъэх. Гъогу блэгъэ чыжьэхэри гъогу чыжьэ благъэхэри щыIэх. Зым утегъощыхьэ, адрэм ущыхэукъо, нэмыкIым зыкъыщыошIэжьы. Ахэм ащыщхэу тэ къыхэтхыхэрэр ара, хьауми ежь такъыхэзыхыхэрэр ара анахь гъогу мафэхэр?.. Адыгэ къашъохэри гъогу зэфэшъхьафмэ яхьщырых. Ахэри гъогумэ афэдэу кIэкIых, кIыхьэх, псынкIэх…

Зигугъу къэсшIыщтыр илъэс шъэныкъом къехъужьыгъэми, джы къызнэсыгъэм сынэгу кIэт. МэфэкI мафэр зыфэгъэхьыгъагъэр къэсшIэжьырэп, ау Мыекъопэ кIэлэегъэджэ институтым щычэфыгъошху: адыгэ шъошэ дахэхэмкIэ фэпэгъэ студентмэ яансамблэ къэшъо. КIалэхэр бжьышIо-ищыгъэх, ахэм анахьи пшъэшъэ пкъы псыгъохэр зым нахьи зыр нахь дэхэжьых, шIыкIашIох. Джа къэшъокIо ныбжьыкIэ купмэ нэрэ гурэ пIэпызыхырэ пшъашъэрэ шъаорэ къахэлыдыкIы: Уджыхъу Луиз, Ахэджэго Казбек.

Чылэ зэфэшъхьафхэм гъогу зэфэшъхьафхэмкIэ къарыкIыгъэ ныбжьыкIитIоу пединститутым зэрищэлIагъэхэм яеджэн пIалъэ къызаухым, къапыщылъ гъогу зэхэчъыбэмэ зыдырамыгъэхьыхэу, якIэлэегъэджэ сэнэхьат зэрэфэшъыпкъэщтхэм фэдэу, ежьхэри псэогъу зэфэшъыпкъэ хъугъэх. Къафэхъугъэ шъэожъыеми, ямурад къызэригъэшъыпкъэжьыщтыр къыдалъытэщтыгъэ уигъэIонэу, Мурат цIэ чаныр фаусыгъ.

Анахь гъогу бгъузэри, кIэкIри, кIыхьэри, занкIэри гъогу шъуамбгъом екIужьы. Ащ шIукIи екIи къыщыохъулIэщтхэр пщэчыхэзэ, къыбдэхъухэрэм уагъэгушIоу, пщызыкIухьэхэрэм уаухэу урэкIо. Адэ а гъэшIэ гъогур кIыхьэщта, кIэкIыщта? Ар, Тхьэм фэшъхьаф, зыми ышIэрэп. Сыдым уфит, кушъэ зыфамышIырэ бэн зыфамытIырэ цIыф щыIэпышъ, ащ унатIэ къыритхагъэм уеуцолIэщт, уезэгъыщт.

Адыгэ чылэ цIыкIу-чылэшхом изы урам бгъузэкIэ зэгорэм, ыныбжь зекъум, къыдэкIи, хэгъэгум игъогушхо техьэгъэ, гъэмафэрэ зыхэсыхьэщтыгъэ псыхъом ыцIэ щытхъукIэ зыхьырэ Пшызэ шъолъырым ехъулIэныгъэ-гъэхъэгъэ дэгъухэр къызщыдэхъугъэ Ахэджэго Мурат епхыгъэ, къылэжьыгъэ гущыIэшIу кIэкI къесIолIэным ыпэкIэ, лъфыгъэр къэзылъфыгъэм ишапхъ, ынап, инамыс адыгэмэ заIокIэ, ар зыпIугъэ-зылэжьыгъэ янэрэ ятэрэ джыри къафэзгъэзэжьын. Щэч хэлъэп, анахь гущыIэ дэгъур тIуми атефэ. Ахэр цIыфышIух, цIыф гъэтIылъыгъэх, хьалэлых, ямыер аштэщтэп, уищыкIагъэу ашIэмэ, яер къыуатыщт, уигукъауи

уигушIуагъуи къыбдагощыщт, ябын-унагъокIэ хьалэлых, псэемыблэжьых. КIэлэегъэджитIумэ языгъэпсэфыгъо-тIысыжьыгъо уахътэ къэсыфэ, ясэнэхьат ахэр фэшъыпкъагъэх, джыри ащ фэшъыпкъэхэу акъо игъонэмыс къыщинэгъэ сабыйхэр ягукIэе-гушIуагъохэу мэпсэух, щыIакIэр зы чIыпIэ зимытыкIэ, къэкIощт мафэм шIукIэ пэплъэх, ягухэлъ пагъохы.

Сэ Ахэджэго Мурат зэрэсинэIосагъэр илъэс зыщыплI ныIэп. Ащ къикIырэп ыпэкIэ игугъу зэхэсымыхыгъэу. Кавказскэ район лъэныкъом Iоф щишIэ зэхъум, ащ игъэхъагъэхэм якъэбар къызнэсыщтыгъэ, ахэм сагъэгушхощтыгъэ, сагъэгушIощтыгъэ. Краснодар краим игубернаторэу Александр Ткачевым игодзэгъу IэнатIэр къызыфагъэшъуашэр ары титIо нэIуасэ тызызэфэхъугъэр.

Ахэджэго Мурат телефонкIэ апэ къызэрэздэгущыIэгъагъэм фэгъэхьыгъэ гущыIэ кIэкIхэмкIэ сигукъэкIыжьхэр джыри лъызгъэкIотэных: «...Сэ Псэйтыку сыщыщ, слъэкъуацIэр Ахэджагу, сцIэр Мурат, Кавказскэ районым Iоф щысэшIэ. СицIыкIугъом къыщегъэжьагъэу уитхылъмэ сяджэ, ахэм сянэ Луизэрэ сятэ Казбекрэ нэIуасэ сафашIыгъ. «Бзыикъо заом», «Мыжъошъхьалым», «Хъан-Джэрые», «ГъэритIум» сяджагъ. Мы мафэхэм «Адыгэхэр» зыфиIорэ тарихъ тхылъым иеджэн сыухыгъэти, тхьауегъэпсэу къыосIонэу, уиуахътэ зэрэпIысхырэмкIэ къысфэгъэгъу, сыкъыпфытеуагъ». «СищыIэныгъэ уахътэ хэогъахъо нахь, бгъэкIэкIырэп. Лъытэныгъэ-шъхьэкIэфэныгъэ къызэрэсфэпшIырэр сигуапэ, тхьауегъэпсэу,– сэри есIожьызэ, къысфытеуагъэм янэ Луизэ гъобэкъое Уджыхъумэ зэряпхъур, ащ ятэшэу Хэгъэгу зэошхом хэкIодэгъэ Уджыхъу Адылджэрые иусэ горэ сшъхьэ къечъагъ. ГущыIэшIухэр къысэзыIуагъэм тхылъыр шIу зыкIилъэгъурэр джы къызгурыIуагъ.

– Уиадыгагъэрэ уишIэжьырэ уазэрэфэшъыпкъэмкIэ, узыдэлажьэхэрэ нэмыкI цIыф лъэпкъхэм уазэрэхэзагъэрэмкIэ, уасэ зэрафэпшIэу къызэрэпфашIыжьырэмкIэ анахьэу сызэрэпфэразэр къыхэсэгъэщы. УицIыфышIугъэрэ уигулъытэныгъэрэ къыпхэзылъхьэгъэ, узыпIугъэ-узылэжьыгъэ уяти уяни сэлам сфяхыжь».

«Гъогу техьэрэр гъогу тенэрэп» – цIыфмэ аIо, джа гущыIэжъ Iушым акъыл дыуиIэжьызэ упсэумэ, сыд фэдэу щыIакIэр къинми, гъэхъагъи гушIуагъуи узытет гъогум тебгъотэщт, узыщымыгъозэ къыппыщылъхэри къыбдэхъущтых. Гуетыныгъэ-шъыпкъагъэ фыриIэу ыпшъэ къыралъхьэрэ Iоф пстэури, цIыкIу иныымыIоу зэшIозыхыщтыгъэ Ахэджэго Мурат зэрэIофышIэ дэгъур цIыфмэ къагурыIуагъ, фэшъошэ уаси къыфашIыгъ, ыцIи шIукIэ районым иIукIыгъ. Краснодар краим игубернатор Александр Ткачевым игулъытэкIэ Ахэджэго Мурат цыхьэ фишIи, гуадзэ зыфишIыгъ, идунэе игъокIэмыхьэ пIалъэ къэсыфэ Iоф дишIагъ.

ЦIыфыр гугъэ-гухэлъым щегъаIэмэ, ащ рэпсэумэ, сыд пае мышIум зедгъэухыжьын, къытэхьылъэкIыми, ер зыщыдгъэгъупшэзэ, нахьышIум тытегущыIэн, тыгу къэдгъэкIыжьын. Ахэджэго Мурат сиилъэс тIокIищырэ пшIырэ тиреспубликэ щыхагъэунэфыкIы зэхъум, чылэкIэ сызыщыщ краим къысфикIыгъэ лIыкIо купмэ япащэу «Гъэхъэгъэшхо Кубань езыгъэшIырэмэ ядышъэ медалэу апэрэ степень зиIэр» зыфиIорэр сыбгъэ къызыхелъхьэм, къыIогъэгъэ гущыIэхэр джы къызнэсыгъэм зэхэсэхых, ежьыри сынэгу кIэт: «О Адыгэ Республикэм изакъоу уритхакIоп, тикрай ит адыгэ чылэшхоу зэлъашIэрэм укъыщыхъугъэшъ, тыогъэгушхо, утэгъэлъапIэ, Кавказми, зэрэ Урысыеуи ущашIэ, уитхыгъэхэр дунаим ицIыф лъэпкъыбэмэ абзэхэмкIэ зэрадзэкIыгъэх. УитхылъеджэмэацIэкIэ, тикрайрэ тихэгъэгушхорэ ущызышIэхэрэ тхылъеджэ псэокIо-лэжьакIомэ ацIэкIэ гъэхъэгъэ дэгъухэр хэгъэгу литературэшхом щыпшIынхэу сыпфэлъаIо. УитхыгъэхэмкIэ цIыф лъэпкъ зэфэшъхьафхэм зэгурыIоныгъэ-зэдэIужь зэрахаплъхьэрэмкIэ, узэрэсилъэпкъэгъури къыдэслъытэзэ, сыогъэгушхо».

КъыкIэлъыкIогъэ илъэсхэми Ахэджэго Муратрэ сэрырэ мызэу, мытIоу тызэфэзыгъ, литературэм, щыIэныгъэм, тихэгъэгу щызэрахьэрэ Iофыгъомэ тагъэгушхози, тагъэнэшхъэизи татегущыIагъ. Ау ежь къысфишIэгъэ-сызэригъэгушхуагъэр нахьыбэу, сэ фэсшIэжьыгъэр макIэу, ишIушIэ зынэсыгъэхэр игуфэбагъэкIэ къызэлъигъэнэфхи, идунэе гъэшIэ кIэкI ыхъожьыгъ. Сыд къыосIон, зижъогъо стхъофэ

лъэмыдж нэф ошъогум къытфизыгъэнэгъэ Мурат? Егъэшlэрэ сабый lуш-лыузэу уятэрэ уянэрэ уряlэщт, уибынунагъуи уригукlэе-уригъозэшlущт, уилъфыгъэмэ къэпкlугъэ уигъэшlэ гъогу кlэкl агъэкlыхьэ-агъэбагъозэ, бэрэ псэущтых. Тэ, шlукlэ узышlэщтыгъэмэ, тыщыlэфэ тыгу уилъыщт, тауж къикlхэрэми уишlушlэгъэ лъэуж шlагъо агъэгъощэщтэп.

*2012-рэ илъэс*

## Гъогу шlэгъо-гъогушху

Советскэ тхакlохэм я l-рэ Всесоюзнэ зэфэсэу 1934-рэ илъэсым Москва щыкlуагъэм ыуж Адыгеим итхакlохэм я Союз щыlэ хъугъэ. Темыр Кавказымрэ Урысыемрэ ащызэхэщэгъэ союзхэм ар анахьыжъ. Адыгеим итхакlохэм я Союз сыдигъуи чанэу lоф зышlэу хэгъэгум итхэм ащыщ, ащ хэтхэм ягупшысэ, яеплъыкlэ ренэу мэхьанэ ин къыратызэ къырыкlуагъ. Республикэм итхакlохэр якъэлэмкlэ хьалэлэу лъэпкъым фэлэжьагъэх, лъэпкъ культурэм хэхъоныгъэ ышlыным яlахьышlу халъхьагъ, шlумрэ гукlэгъумрэ алъапсэ пытэным фэlорышlагъэх, тицlыфмэ ящыlэкlэ-псэукlэ шъыпкъагъэ хэлъэу ятхылъхэм къащыгъэлъэгъогъэным анаlэ тырагъэт зэпытыгъ.

Гъогоу къэткlугъэм тырыплъэжьызэ, темыхъырэхъышэу къэтlон тлъэкlыщт: титхакlохэм я Союзрэ адыгэ литературэмрэ гъогу ин, гъогу шlагъо къакlугъ. Лъэпкъым икультурэрэ игушъхьэлэжьыгъэрэ зыкъэlэтыным, хэхъоныгъэ ашlыным ахэм чlыпlэ гъэнэфагъэ щаубытыгъ, аущтэу джыри къэнэжьы. Ыпэкlэ тхэкlэ амал зимыlэгъэ лъэпкъым илитературэ ищытхъу Адыгеим имызакъоу, Урысыеми игъунапкъэхэр зэпичыгъэх.

Адыгеим итхакlохэм я Союз зызэхащагъэм къыщегъэжьагъэу тиреспубликэ итхакlохэм тхылъишъэ пчъагъэ литературэм ижанрэ зэфэшъхьафхэм арылъэу къыдагъэкlыгъ. Ахэм ахэтых прозэкlэ тхыгъэхэр, усэ шъуашэм илъхэр, драматургием ишапхъэхэр зыщыгъэфедагъэхэр. Адыгэ тхакlохэм япроизведениехэм гущыlэмрэ гупшысэмрэ ячаныгъэ ылъэныкъокlэ художественнэ амал чъэпхъыгъэхэр ащыгъэфедагъэх. Ащ къыхэкlэу ахэр лъэпкъ культурэм ихъарзынэщ хэхьагъэх, тарихъ, литературнэ, бзэ, гушъхьэлэжьыгъэ осэ ин яl.

Тиюбилей зыщыхэдгъэунэфыкlырэ мафэм, непэ тэ шlукlэ, дахэкlэ тыгу къэкlыжьых Адыгеим итхакlохэм я Союз икlэщакlохэу Кlэрэщэ Темботрэ Хьаткъо Ахьмэдрэ. Мы нэбгыритlур литературэм ижанрэ зэфэшъхьафхэм: зыр – прозэм, адрэр – поэзием ащылэжьагъэх. Тlуми зэчыишхо ахэлъыгъ, куоу гупшысэщтыгъэх, акъыл чан, акъыл чъэпхъыгъэ яlагъ, чыжьэу ыпэкlэ плъэн зылъэкlырэ цlыфхэу, зэхэщэкlо дэгъоухэу щытыгъэх. Джа пстэуми къахэкlэу Адыгеим итхакlохэм я Союз зэхэщэгъэныр, ащ лъапсэ фэшlыгъэныр ахэмэ афызэшlокlыгъ.

Ахэми, нэмыкl тхэкlо нахьыжъэу тиlагъэхэми яулэукlэ тхакlохэм я Союз зэхэщэгъэным фэгъэхьыгъэ lофышхо хэкум щызэшlуахыгъ. 1932-рэ илъэсым игъатхэ, ар Советскэ тхакlохэм я l-рэ Всесоюзнэ зэфэс къызэlуахынкlэ джыри илъэситlу иlагъ, Адыгэ автоном хэкум тхакlохэм я Союз щыгъэпсыгъэным дэлэжьэщт комитет зэхащагъ. Информацие жъугъэм иамалхэм ащ къыфэджэрэ, ар зыфэдэр къызэхэзыфырэ тхыгъэхэр бэу къарагъэхьагъэх. Хэку гъэзетхэу «Колхоз быракъым», «Адыгэ щыlакlэм», «Гъупчъэмрэ уатэмрэ» янэкlубгъохэм, журналхэм лъэпкъ литературэм иlофыгъохэм афэгъэхьыгъэ статьяхэр, очеркхэр къащыхаутыгъэх. Литературабзэм, искусствэм, лъэпкъ гъэсэныгъэм, тхылъ тедзэным афэгъэхьыгъэу Кlэрэщэ Тембот, Хьаткъо Ахьмэд, Цэй Ибрахьимэ, Кобл Билъэустэн, Лъэустэн Юсыф, Кэстэнэ Дмитрий а уахътэм бэ къыхаутыгъэр. Адыгэ литературэм зегъэушъомбгъугъэным, жанрэ зэфэшъхьафхэр ащ къыхэхьанхэм, къэlокlэкъэгъэлъэгъокlэ шапхъэхэм алъэныкъокlэ жанрэхэр зэрэзэтекlыхэрэм ахэр афэгъэхьыгъагъэх.

Литературэмкlэ талант зыхэлъхэм якъыхэгъэщын, ахэм яегъэджэн, ятворчествэ икъызэlухын телъытэгъэ lофыбэ а уахътэм зэшlуахыгъ. А ныбжьыкlэхэм апае консультациехэр зэхащэщтыгъэх, тхэныр езыгъэжьэгъакlэхэм

литературэм ишъэфхэр зыIэкIагъэхьан алъэкIыным фэшI IэпыIэгъу афэхъущтыгъэх. Ахэм атхыгъэхэм яджэщтыгъэх, рецензиехэр аратхылIэщтыгъэх, ядэгъугъэ-ядэигъэ ылъэныкъокIэ къызэхафыщтыгъэх, нахь чъэпхъыгъэу якъэлэмыпэ къычIэкIыхэрэр къыхэутыгъэным анаIэ тырагъэтыщтыгъэ. А уахътэм ехъулIэу литературэм ижанрэ зэфэшъхьафхэмкIэ уащыгугъын зэрэплъэкIыщтыр къагъэлъэгъуагъ: усакIохэу Пэрэныкъо Мурат, Еутых Аскэр, Меркицкэ Рэщыдэ, Алексей Пономаревым, Уджыхъу Адылджэрые; прозэмкIэ Лъэустэн Юсыф, Ащкъэнэ Исмахьилэ апэрэ лъэбэкъухэр ашIыгъэх. Ахэм яусэхэр, ярассказхэр, ястатьяхэр хэку гъэзетхэмрэ журналхэмрэ къащыхаутыщтыгъэх.

Лъэпкъым щыщ орэдус-тхыдэIуатэхэу зиусэхэмрэ зиорэдхэмрэ жэ дэхьэ-дэкIэу къаIощтыгъэхэр къыхэгъэщыгъэнхэм, ахэр литературэ ныбжьыкIэм иуцун хэгъэлэжьэгъэнхэм, аусыгъэхэр тхыгъэнхэм, къыхэутыгъэнхэм ылъэныкъокIэ бэ ашIэщтыгъэр. ЗэкIэми тыщыгъуаз Хьаткъо Ахьмэдрэ тхэныр езгъэжьэгъэкIэ Кэстэнэ Дмитрийрэ ыужкIэ тикъэралыгъо щыцIэрыIо хъугъэ Теуцожь Цыгъо ыусыгъэхэр тхыгъэнхэмкIэ IэпыIэгъу зэрэфэхъугъэхэр. Орэдус-тхыдэIуатэхэу нэмыкI къуаджэхэм адэсхэри къыхагъэщыгъэх. Ахэмэ зэкIэмэ ацIэхэр къетIон тлъэкIынэп, ау анахь зэлъашIэхэрэм ягугъу къэтшIын. Ахэр – Афыпсыпэ щыщхэу Шъхьэлэхъо Алыйрэ Хъущт Ибрахьимэрэ, Хьакурынэхьаблэ щыщэу Хьакурынэ Рау, Нэшъукъуае щыщэу Хьэлэщтэ ТхьэйхьакI, Гъобэкъуае щыщхэу Уджыхъумрэ Къат Щэбанрэ, Тэхъутэмыкъуае щыщэу Мызэгъ Хьаджбирам, Лахъщыкъуае щыщэу НэпцIэкъо Хьалид, Пэнэжъыкъуае щыщэу Псэунэкъо Алый, Щынджые щыщэу Трахъо Смел, нэмыкIхэри.

Урыс тхакIохэмрэ Темыр Кавказым щыпсэурэ тхакIохэмрэ заIуагъакIэщтыгъэ, къош, творческэ зэпхыныгъэ адашIыщтыгъэ. ГущыIэм пае, зэкIэми ашIэ КIэрэщэ Темботрэ Хьаткъо Ахьмэдрэ 1934-рэ илъэсым игъэмафэ зэлъашIэрэ советскэ тхакIоу, романэу «Как закалялась сталь» («Щылычыр зэрапсыхьагъэр») зытхыгъэ Николай Островскэм ыдэжь зэрэкIогъагъэхэр. Джащ фэдэу адыгэ тхакIохэм адэжь къэкIогъагъэх къэбэртэе литературэ



тхыгъэм икъежьапIэ лъапсэ фэзышIыгъэ ШэуджэнцIыкIу Алый, усакIоу, зэдзэкIакIоу Ростов-на-Дону щыпсэущтыгъэ Григорий Кац, нэмыкIхэри.

Литературэмрэ культурэмрэ хэхъоныгъэ ашIыным адыгэ автоном хэкум ипащэхэм анаIэ тырагъэтыщтыгъэ. 1934-рэ илъэсым игъатхэ Адыгэ тхакIохэм язэIукIэ щыIагъ. Ащ къыщыгущыIагъ партием ихэку комитет иапэрэ секретарэу Хьахъурэтэ Шыхьанчэрые. Адыгеим итхакIохэм пшъэрылъ шъхьаIэу яIэн фаехэр ащ игущыIэ къыщигъэнэфагъэх.

Шъыпкъэ, сыд фэдэ зэхэщэн Iофи, зэIукIи, зэхэсыгъуи ежь тхакIохэм яIофшIэн – тхылъ тхыныр анахь шъхьаIэу щытыгъ. ТхакIохэм я Союз къызыхэхъугъэм ехъулIэу художественнэ амалхэм, литературнэ жанрэхэм алъэныкъокIэ литературэ чъэпхъыгъэ адыгэхэм яIагъ. КIэрэщэ Тембот ирассказхэу «Аркъ», «Мэщыкъо ишъхьакIу», ироманэу «Щамбулым» иапэрэ едзыгъорэ, Хьаткъо Ахьмэд иусэхэмрэ ипоэмэхэмрэ «ЦIыфыр щэрэI», «Хэта кIодырэр, тыда тыздакIорэр?», Пэрэныкъо Мурат ипоэмэхэу «НэкIмаз», «Сакъ», Цэй Ибрахьимэ ирассказэу «Фатимэ инасып», повестэу «Шъхьэзакъу», идрамэхэу «Фэмый», «КъокIас», Ащкъэнэ Исмахьилэ ирассказэу «Иляс», Лъэустэн Юсыф ирассказэу «Аминэт», Кобл Билъэустэн иусэхэр, КIубэ Щэбан иорэдхэр, Еутых Аскэр иусэхэмрэ икритическэ статьяхэмрэ, нэмыкIхэри тхылъеджэхэм ашIэхэу, шIу алъэгъугъэу щытыгъэх.

Адыгэ литературэм имызакъоу зэкIэ советскэ литературэм гъогоу къыкIугъэр дэгъоу тэшIэ. Апэрэ уахътэм адыгэ тхакIохэм япроизведениехэм социальнэ-классовэ зэфыщытыкIэхэр, щыIэкIакIэм лъэпкъыр зэрэфэбанэрэр къащагъэлъагъоштыгъэ, революциешхом ифэмэ-бжьымэ атетыгъ. НахьыбэмкIэ къатхыхьэщтыгъэр дунэежъым бэнэныгъэу рашIылIагъэр, шэн-хэбзэжъхэм, диныри зэрахэтыжьэу, зэрябэныжьхэрэр, къушъхьэчIэс бзылъфыгъэм шъхьафитныгъэу ыгъотыгъэр арыгъэх.

Я 20–30-рэ илъэсхэм яублапIэ адыгэ тхакIохэр зы творческэ еплъыкIэ хэхыгъэм рыгъозэнхэ алъэкIынэу щытыгъэп. Советскэ тхакIохэм я I-рэ Всесоюзнэ зэфэсэу щыIагъэм соцреализмэр ахэм къащыфыхахыгъагъ. Шъып-

къэ, урыс классикэм дэгъоу зэрэщыгъуазэхэм къыхэкІэу КІэращэм, Хьаткъом, Цэим, Пэрэныкъом, Лъэустэным, Еутыхым, нэмыкІхэми реализмэм хэшыкІ фыряІагъ. Арэу щыт нахь мышІэми, а уахътэм тхакІохэм, тхэныр езыгъэжьэгъакІэхэри зэрахэтэу, адыгэ ІорыІуатэм ибайныгъэхэр агъэфедэщтыгъэх. Лъэпкъ пшысэхэм, тхыдэхэм, адыгэ орэдыжъхэм, нарт эпосыр, ахэмэ якъэІокІэ-къэгъэлъэгъокІэ амалхэр ежь атхыгъэхэм ащагъэфедэщтыгъэх.

Уахътэ пэпчъ тамыгъэ гъэнэфагъэ иІ. ТхакІохэм шІэхэу зэхашІагъ фольклорым ихабзэхэр зэрагъэфедэхэрэм литературэ ныбжьыкІэм ихэхъоныгъэ къызэрэзэтыриІажэрэр. Лъэпкъ литературэм хэхъоныгъэ ышІыным – прозэм, поэзием, драматургием яжанрэ зэфэшъхьафхэр къыхэхьанхэм – иуахътэ къэсыгъагъ. ЗанкІэу къэтэІо: джащыгъум урыс, советскэ литературэхэу ыпэкІэ лъыкІотагъэхэм амалэу аІэкІэлъ хъугъэхэм зафагъэзагъ, ахэр агъэфедагъэх. Ар шъыпкъэ, ау адыгэ тхакІохэм а амалхэм зызафагъэзагъэр 1936-рэ илъэсыр арэп, ужыпкъэм 1934-рэ илъэсри арэп. Адыгэ литературэм иапэрэ илъэсхэм къащегъэжьагъэу титхакІохэм литературэ чъэпхъыгъэхэм зафагъэзагъ, ахэм щысэ атырахыгъ. Арэу щыт нахь мышІэми, апэрэ уахътэм лъэпкъ тхакІохэм нахь ягунэсыгъ, нахь апэблэгъагъ фольклорым къытырэ шапхъэхэр, къэІокІэ-къэгъэлъэгъуакІэхэр. Джы ахэм реализмэр аІэ къырагъахьэщтыгъэ, урыс литературэм щылэжьэгъэ тхакІохэм якъэлэмыпэ къычІэкІыгъэ тхыгъэхэм щысэхэр атырахыщтыгъэ.

ЕІолІэнчъэу, ащкІэ ІэпыІэгъушІу хъугъэх урысыбзэкІэ тхыгъэхэм ащыщхэр адыгабзэкІэ зэрэзэрадзэкІыгъэхэр. Зигугъу тшІырэ уахътэм ехъулІэу адыгабзэкІэ зэрадзэкІыгъагъэх Пушкиным, Лермонтовым, Некрасовым, Маяковскэм яусэхэмрэ япоэмэхэмрэ ащыщхэр, Лев Толстоим иповестэу «Хаджи-Мурат», Максим Горькэм ироманэу «Мать», Николай Островскэм ироманэу «Как закалялась сталь», Фурмановым иповестэу «Красный десант», Ставскэм иповестэу «Разбег». А уахътэм Хьаткъо Ахьмэд Пушкиным итхыгъэхэр адыгабзэкІэ зэридзэкІыгъэхэу зы тхылъэу къыдигъэкІыгъэхагъ. Ыужырэ илъэсхэм мы статьяр зытхырэм зэридзэкІыгъэх «Слово о полку Игореве», Пушкиным ипоэмэу «Медный всадник», Некрасовым ипоэмэу «Железная дорога», Лермонтовым ипоэмэу «Беглец», Блок ипоэмэу «Двенадцать», Маяковскэм ипоэмэу «Облако в штанах», Есениным ипоэмэу «Анна Снегина». «Псалъ» цІэу зыфишІыгъэ тхылъым ахэр зэхэубытагъэу къыдигъэхьагъэх. Бэрэтэрэ Хьамидэ адыгабзэкІэ Шота Руставели ипоэмэу «Витязь в тигровой шкуре» къыхиутыгъ.

Я 30-рэ илъэсхэм яятІонэрэ кІэлъэныкъорэ я 40-рэ илъэсхэм яублапІэрэ адыгэ литературэм тхэкІо ныбжьыкІэхэр къыхэхьагъэх. Ахэр – Андырхъое Хъусен, Жэнэ Къырымыз, Уджыхъу Адылджэрыерэ Хъалидэрэ, Меркицкэ Рэщыд, Цухъо Асфар, Тыгъужъ ДышъэкІ, Джэнчэтэ Мурат, ЯхъулІэ Сэфэр, ХьадэгъэлІэ Аскэр, нэмыкІхэри. Ахэм художественнэ псалъэм ылъэныкъокІэ литературэр къагъэбаигъ, яапэрэ лъэбэкъухэр адыгэ прозэмрэ поэзиемрэ реализмэм ишапхъэхэр къыхахьэхэу зыщежьэгъэ лъэхъаным тефагъ.

Хэгъэгу зэошхом тиадыгэ литературэ ихэхъоныгъэ къызэтыриІэжагъ. ТитхакІохэм янахьыбэр заом кІуагъэх. Пэрэныкъо Мурат, Лъэустэн Юсыф, Еутых Аскэр, Кэстэнэ Дмитрий, Шъхьаплъэкъо Хьисэ, Павел Резниковым, Кобл Билъэустэн, Жэнэ Къырымызэ, Джэнчэтэ Мурат, Алексей Кожемякиным, Бахъукъо Ерэджыбэ, Евграф Студеникиным янасып къыхьи, медальхэмрэ орденхэмрэ абгъэ хэлъэу къагъэзэжьыгъ, тилитературэ яІофшІэн щыпадзэжьыгъ. Хэгъэгу зэошхом хэкІодагъэх Советскэ Союзым илІыхъужъэу Андырхъое Хъусенэ, Уджыхъу Адылджэрые, Уджыхъу Хъалидэ, Тыгъужъ ДышъэкІ. Фашист техакІохэм 1942-рэ илъэсым икъоджэ гупсэ щаукІыгъ усакІоу Меркицкэ Рэщыдэ.

Тилитературэ итарихъ уеплъымэ, нафэ къыпфэхъу охътэ зэфэшъхьафхэм екІолІэкІэ зэфэшъхьафхэр титхакІохэм зэрагъэфедэщтыгъэхэр. Зэоуж литературэу, тэмэ пытэ зыгъотыгъэу, зызыІэтыным енэцІыщтыгъэм щыІэныгъэр къызэригъэлъагъорэм ымыгъэразэхэрэм зэпэуцу-зэнэкъокъу зыхэмылъыр нахь тэрэзэу алъытагъ. «Теория бесконфликтности» зыфиІорэ шапхъэр адыгэ литературэм зыщиушъомбгъуным фэІорышІагъ. Тилитературэ тешъорыкІоу, гъэдэхагъэр къебэкІэу щыІэныгъэр

къыгъэлъагъоу, щыIэныгъэм хэлъ Iофыгъо хьылъэхэм язэшIохын художественнэ лъапсэ иIэу къэгъэлъэгъогъэным зыщидзыеу ригъэжьагъ. Ащ тхакIохэм ямысагъэ зэрэхэмылъыр мыщ дэжьым къыщыIогъэн фае. А лъэхъаным щыIэгъэ литературэм лIыгъэкIэ щалъэшъогъэ шъуашэу «теория бесконфликтности» щытыгъ. Джащ фэдэ чIыпIэм зэритыхэзи титхакIохэр зигутео макъэ уахътэм икIо диштэрэ литературнэ цIыфым лъыхъунхэр, щыIэныгъэм зэпэуцу-зэнэкъокъоу хэлъыр къэгъэлъэгъогъэным пылъыгъэх. А охътэ дэдэм, я 50-рэ илъэсхэм яятIонэрэ кIэлъэныкъорэ я 60-рэ илъэсхэм яублапIэрэ, адыгэ литературэм тхэкIо ныбжьыкIэ куп къыхэхьагъ. Ахэм яшIуагъэкIэ хэхъоныгъэ ин зышIыгъэ литературэхэм ягъогу адыгэ литературэр техьагъ.

Непэ тиадыгэ литературэ идейнэ-художественнэ лъэпсэ уцугъэ иI, ащ щыIэныгъэр зытетым тетэу къегъэлъагъо, анахь Iофыгъо къинхэми защидзыерэп, тиуахътэ ицIыф игумэкIхэр, игушъхьэбайныгъэ, идунэееплъыкIэ, идунэететыкIэ шъхьаихыгъэу къеIуатэ. Адыгеим итхакIохэм я Союз зызэхащагъэм къыщегъэжьагъэу лIэуж зэфэшъхьафхэм къахэкIыгъэ тхакIохэр ыпIугъэх. Ахэр – СССР-мрэ АР-мрэ я Къэралыгъо премиехэм ялауреатэу КIэрэщэ Тембот, Хьаткъо Ахьмэд, Цэй Ибрахьим, Пэрэныкъо Мурат, Лъэустэн Юсыф, Еутых Аскэр, Кэстэнэ Дмитрий, Павел Резниковыр, Шъхьаплъэкъо Хьис, Жэнэ Къырымыз, Алексей Пономаревыр, Яхъулiэ Сэфэр, Алексей Кожемякиныр, Хьадэгъэлiэ Аскэр, Iэшъынэ Хьазрэт, Кощбэе Пщымаф, КъумпIыл Къадырбэч, Мамый Ерэджыб, Къуекъо Налбый, Пэнэшъу Сэфэр, Цуекъо Юныс, Нэхэе Руслъан, Цуекъо Джэхьфар, Бэгъ Нурбый, Валентина Твороговар, Мурэтэ Чэпай, Шъхьэлэхъо Абу, ЩэшIэ Казбек, Цуамыкъо Тыркубый, ЛъэпцIэрышэ Хьалид, Емыж МулиIэт, КIэсэбэжъ Къэплъан, ЛIыхэсэ Мухьдин, Хъурмэ Хъусен, Къуикъо Шыхьамбый, Крючков Юрий, Хъунэго Нурет, Хъунэго Саидэ, Евграф Студеникиныр, Теуцожь Хьабиб, Хъалыщ Сэфэрбый, Ергъукъо-ЩэшIэ Щамсэт, Кирилл Анкудиновыр, Анатолий Пренкэр, Мэхъош Руслъан, Бахъукъо Ерэджыб, ГутIэ Саниет, Дэрбэ Тимур, Владимир Цапко.



ТитхакIохэм ятворчествэ, яIофшIагъэ тихэгъэгу осэ ин къыфишIыгъ. Ахэм ащыщхэм орденхэмрэ медальхэмрэ къаратыгъэх, Адыгеим илъэпкъ тхакIох, усакIох, литературэм ылъэныкъокIэ АР-м и Къэралыгъо премие илауреатых, Адыгеимрэ Урысыемрэ культурэмкIэ язаслуженнэ IофышIэх. АР-м и ЛIышъхьэу ТхьакIущынэ Аслъан ынаIэ тхакIохэм атет, творческэ гухэлъэу яIэхэр зэшIуахынхэмкIэ IэпыIэгъу къафэхъу. Аужырэ илъэситфым адыгэ тхакIохэм ащыщхэм республикэм ищытхъуцIэхэр къафаусыгъэх. Хьадэгъэлiэ Аскэр Адыгеим илъэпкъ усэкIо щытхъуцIэр, Кощбэе Пщымаф, Пэнэшъу Сэфэр, Цуекъо Юныс Адыгеим илъэпкъ тхакIо щытхъуцIэхэр къафаусыгъэх. Къуикъо Шыхьамбыйрэ Евграф Студеникинымрэ культурэмкIэ республикэм изаслуженнэ IофышIэх, Хъунэго Саидэ искусствэхэмкIэ республикэм изаслуженнэ IофышI. АР-м икъэралыгъо Совет – Хасэм ищытхъу тхылъ Кирилл Анкудиновым къыратыгъ.

ИлъэсипшIыкIэ узэкIэIэбэжьмэ, адыгэ тхакIохэм я Союз зызэхащагъэр илъэс 70-рэ зэрэхъугъэм ехъулIэу, республикэм итын анахь лъапIэу медалэу «Адыгеим ищытхъузехь» къыфагъэшъошагъ.

Тиреспубликэ итхакIохэм я Союз епхыгъэхэу литературнэ-художественнэ журналиплI Адыгеим къыщыдэкIы: «Зэкъошныгъэмрэ» «Жъогъобынымрэ» адыгабзэкIэ, «Литературная Адыгея», «Родничок Адыгеи» урысыбзэкIэ. Ахэм тиадыгэ тхакIохэм, тхэныр езыгъэжьэгъэкIэ ныбжьыкIэхэм якъэлэмыпэ къычIэкIыхэрэр къащыхаутых. Ари тиреспубликэ пащэхэм анаIэ къызэрэттетым ищыс, итамыгъ.

ТхакIохэм ятворческэ амалхэм зыкъызэIуахынымкIэ, литературэр ыпэкIэ лъыкIотэнымкIэ непэрэ уахътэр дэгъу дэдэп. Гушъхьэ байныгъэхэм ачIыпIэ мылъкур зыщиуцорэ уахътэм тхакIом ыуасэ, литературэм ыуасэ къеIыхы. Ау литературэ шъыпкъэр сыд фэдэ жьыхьарзи, хыуаи къагъэщынэрэп, къызэтырагъэуцорэп. Пэрыохъухэм апхырыкIызэ, хэхъоныгъэхэр ышIызэ, ыпэкIэ лъэкIуатэ. Тапэрэ илъэсхэм зышъхьамысыжьэу, ыкIуачIэ къызэрихьэу тилитературэ щылажьэщтыгъэхэм джыри къыкIырагъэчыгъэп, лъэпкъ гушъхьэлэжьыгъэм хэхъоныгъэ рагъэшIы, ыпэкIэ

лъагъэкIуатэ. ПрозэкIэ тхыгъэ литературэр лъэгэпIэ гъэнэфагъэ нэсыгъ. ТешъорыкIо къэIотэныр щигъэзыягъэу, цIыфым ыгу щыхъэрэ-щышIэрэм икъэгъэлъэгъон, адыгэмэ ятарихъ блэкIыгъэ къыщегъэжьагъэу философие гупшысэ инхэм зафегъазэ, щыIэныгъэм къыхэхыгъэ зекIокIэ-шIыкIэхэр шъыпкъагъэр алъапсэу литературэм къызэхефых. БэшIагъэ тилитературэ республикэ гъунапкъэхэр зэпичыхи, къэралыгъоshхом хъоо-пщаоу зызыщиушъомбгъугъэр.

Адыгэ поэзиеми хэхъоныгъэхэр зэришIыгъэхэм тыщыгъуаз. Литературэ инхэм гъэхъагъэу яIэхэм типоэзие акIэхьагъ, ахэр зытет лъэгапIэм теуцуагъ. УсэкIо лIэуж зэфэшъхьафхэм яхэпхыныгъэ адыгэ литературэм сыдигъуи щыпыт. Илъэс пчъагъэкIэ узэкIэIэбэжьмэ адыгэ лъэпкъ поэзием икъежьапIэ щытыгъэхэм, лъэгапIэу джы зынэсыгъэм иIахь хэзылъхьагъэхэм атефэрэ уасэр непэ усакIоу тиIэхэм афашIы. Адыгэ литературэм хэхъоныгъэ егъэшIыгъэным, ащ хабзэ щыхъугъэхэр кIэугъоегъэнхэм тынаIэ тет. Ау щытми, усэкIо ныбжьыкIэу непэ тиIэр макIэ. ИтворчествэкIэ къахэщырэ ныбжьыкIэхэм тхакIохэм я Союз ынаIэ тет нахь мышIэми, тилитературэ ныбжьыкIэу къыхахьэрэр макIэ. Илъэс къэс творческэ семинархэр, тхэкIо ныбжьыкIэхэм язэнэкъокъоухэр зэхэтэщэх. ТхэкIо нахьыжъхэр ахэм ахэлажьэхэрэм атхыхэрэм яджэх, уасэхэр афашIых, адэгущыIэх, тхэным ишъэфхэр афаIуатэх, атхыгъэхэр тижурналхэм янэкIубгъохэм къарагъэхьаным иамал яI.

Адыгэ тхакIохэм я Союз хэтхэм япчъагъэ илъэс къэс хэхъо. ЗызэхащакIэм нэбгыри 5–6 нахь зыхэмытыгъэм джы тхэкIо нэбгырэ 27-рэ хэт.

Тыгу къеоу къыхэтэгъэщы кIэлэцIыкIу литературэм ифэшъошэ хэхъоныгъэ зэримышIыгъэр. КIэлэцIыкIумэ апае тхэщтыгъэх Жэнэ Къырымызэ, Къуекъо Налбый, Цуекъо Джахьфар. Джы сабыймэ апае къыдэкIырэр макIэ, тхэрэр ащ нахь мэкIэжь.

Адыгэ драматургиеми щызэшIохыгъэн фэе Iофыгъохэр щыIэх. Мамый Ерэджыбэ, Шъхьаплъэкъо Хьисэ, Мурэтэ Чэпае ауж драматургиер лъызгъэкIотэн, ащ щылэжьэн къыкъокIыгъэп. Литературэм ижанрэ анахь къинхэм драматургиер зэращыщым ар ишыхьат. БлэкIыгъэ илъэсхэм пьесэхэр зытхыгъэхэр прозэм, поэзием, критикэм апылъхэр арых: Къуекъо Налбый, ЩэшIэ Казбек, Кощбэе Пщымаф, Хъурмэ Хъусен, Емыж МулиIэт, ЛIыхэсэ Мухьдин.

Адыгэ литературэм икритикэрэ литературоведениемрэ хэхъоныгъэ ашIыгъ. А хэхъоныгъэр кIэрыпчын умылъэкIынэу Шъхьэлэхъо Абу, ЩэшIэ Казбек, Къуныжъ Мыхьамэт, Цуамыкъо Тыркубый, ЛъэпцIэрышэ Хъалидэ, Мамый Руслъан, Ергъукъо-ЩэшIэ Щамсэт, нэмыкIхэми ацIэхэм япхыгъ. Литературэм илIыхъужъ, итворческэ еплъыкIэ зэфэшъхьафхэм яIофыгъохэр къызыщызэхафырэ тхылъхэр ахэм къыдагъэкIыгъэх. Литературоведхэмрэ критикхэмрэ ягупшысакIэ зыкъиIэтыгъ, зиушъомбгъугъ, литературэм щыхъурэ-щышIэрэм изэхэфын еплъыкIэ лъапсэ фашIыгъ.

Лъэпкъ зэфэшъхьафхэм ялитературэхэм язэпхыныгъэ, урыс литературэм итхылъхэр адыгабзэкIэ, адыгабзэкIэ тхыгъэхэр урысыбзэкIэ зэдзэкIыгъэнхэм непэ игугъу къэшIыгъэн фае. Я 30-рэ илъэсхэм къащегъэжьагъэу джырэ нэс урыс, советскэ литературэм къахэхыгъэ тхылъ пшIы пчъагъэ адыгабзэкIэ зэдзэкIыгъэхэу къыхаутыгъэх. Урыс тхакIохэм атхыгъэхэр тилитературэ къызэрэхэхьагъэм адыгэ лъэпкъ литературэр къыгъэбаигъ, прозэм, поэзием яжанрэхэм ащ лъапсэ щадзыныр къыгъэпсынкIагъ. Джащ фэдэу зэдзэкIакIохэм яшIуагъэкIэ адыгэ тхакIохэм атхыгъэхэм нахьыбэ яджэн алъэкIынэу хъугъэ. Урысые къэралыгъоshхом имызакъоу, IэкIыбми титхакIохэр ащашIагъэх, шIу ащалъэгъугъэх. ТитхакIохэм язэдзэкIакIохэм ацIэ къесIон. Ахэр Евгений Чернявскэр, Григорий Кац, Павел Максимовыр, Григорий Шолохов-Синявскэр, Юрий ыкIи Лидия Лебединскэхэр, Семен Липкиныр, Роберт Рождественскэр, Наум Гребневыр, Яков Козловскэр, Павел Резниковыр, Евгений Карповыр, Валентина Твороговар, Юрий Кузнецовыр, Кронид Обойщиковыр, Гарий Немченкэр, нэмыкIхэри. Ахэм яшIушIагъэкIэ адыгэ литературэр урысые, дунэе литературэм щыщ хъугъэ.

Литературэ шъыпкъэм охътэ къин, охътэ псынкIэ зэхифрэп. Непэ мары чIыпIэ къин литературэр зэрытыр. ТхакIохэм я Союз адрэ общественнэ организациеу щыIэхэм арагъэпшагъ.

Илъэс 40-м къыриубытэрэ уахътэм тхакIохэм Iэпыlэгъу зэфэшъхьафхэр ядгъэгъотын зэрэтлъэкIыгъэм шъущыгъуаз. ТхакIохэм я Союз Литфондыр къыздыригъаIэзэ, тхакIохэм унэ-зэхэт 20 аритыгъ. Къэlогъэн фаер, ыпэкIэ тхакIохэр зычIэсыщтыгъэхэ унэхэр ахэм якIалэхэу иныхъугъэхэм къазэрэфанэщтыгъэхэр ары. ТхакIохэм я Союз хэтхэм анахьыбэм къэралыгъо тынхэр къаратыгъэх, цIэ лъэпIэ зэфэшъхьафхэр къафаусыгъэх. Литературнэ творчествэм гъэхъагъэу щашIыгъэхэм афэшI тхэкIо пшIыкIутIумэ хэгъэгум иорден зэфэшъхьафхэр къаратыгъэх. ТхэкIуитIу СССР-рэ Урысыемрэ я Къэралыгъо премиехэм ялауреатых, тхэкIо нэбгыриблымэ Урысыем культурэмкIэ изаслуженнэ, шIэныгъэхэмкIэ изаслуженнэ IофышIэшху зыфиIорэ щытхъуцIэхэр къафаусыгъэх.

Адыгеим республикэ статус иIэ зыхъугъэм щегъэжьагъэу титхэкIо нэбгырихмэ республикэм итын анахь лъапIэу орденэу «Адыгеим ищытхъузехь» къафагъэшъошагъ, нэбгырипшIым АР-м илъэпкъ тхакIу, усакIу зыфиIорэ цIэ лъапIэхэр къафаусыгъэх. КультурэмкIэ, искусствэмкIэ, шIэныгъэхэмкIэ, народнэ гъэсэныгъэмкIэ, журналистикэмкIэ щытхъуцIэхэр тхэкIо нэбгырэ пшIыкIуим къафаусыгъ. АР-м и къэралыгъо премие илауреат литературэмрэ шIэныгъэмрэ алъэныкъокIэ нэбгырэ пшIыкIуз хъугъэх. Къалэхэу Мыекъуапэ, Адыгэкъалэ, республикэм ирайонхэм яцIыф гъэшIуагъэх тхэкIо нэбгырихыр. ТхакIохэм ащыщхэм АР-м икъэралыгъо Совет – Хасэм ищытхъу, тхьагъэпсэу тхылъхэр къафагъэшъошагъэх. ШIэныгъэлэжь IофшIапIэхэм, гурыт еджапIэхэм, псэупIэхэм яурамхэм адыгэ тхакIохэм ацIэхэр афаусыгъэх.

Уахътэ горэм тхакIохэм автомашинэхэр ащэфын, санаториехэмрэ творчествэм и Унэхэмрэ зыщагъэпсэфын алъэкIыным, тхакIохэм, ахэм къакIэныгъэ унагъохэм ахъщэ Iэпыlэгъу ятыгъэным алъэныкъокIэ макIэп ти Союз ышIагъэр. Къытхэмытыжь тхакIохэм янэпэеплъ-шIэжь пхъэмбгъухэр ахэр зыщыпсэущтыгъэхэ унэхэм араIулIыгъэх. А шIэжь Iофтхьабзэр тапэкIэ джыри лъыдгъэкIотэщт.

ТитхакIохэм яюбилейхэр хэтэгъэунэфыкIых: мэфэкI зэхахьэхэр, тхылъеджэ конференциехэр, «Iэнэ хъураехэр» афызэхэтэщэх. ТхакIохэм афэгъэхьыгъэ тхыгъэхэр гъэзетхэмрэ журналхэмрэ къарытэгъахьэх, тхылъыкIэхэм лъэтегъэуцохэр афэтэшIых.

Адыгэ тхакIохэм яорганизацие ренэу щырэхьат тIомэ, тыIохъун. Тэ къытэмылъытыгъэ къинхэм таlукIагъ, общественнэ куп зэхэщагъэхэм тарагъэапши, ахъщэу къытатыщтыгъэр зэрэзэкIахьажьыгъэр ахэм ащыщ, анахь шъхьаI. Тисоюз хэтхэр зыщызэгурымыIорэ уахъти къытэкIугъ, къытхэтыгъэх тхакIохэм я Союз ыкIоцIкIэ къызэIэзытхъ зышIоигъуагъэхэри. Ау тхакIохэм янахьыбэм Iушыгъэу ахэлъымрэ акъылэу къакъокIыгъэмрэ ти Союз къызэтырагъэнагъ. Зыщыдгъэгъупшэ мыхъущтыр – тэ шъхьэкIафэрэ уасэрэ зыфэтымышIыжьмэ, тхэкIо цIэ лъапIэр Iэтыгъэу зетымыхьэмэ, тхылъеджэхэм уасэ къызэрэтфамышIыщтыр ары.

ГущыIэр зишъуашэр, зиIашэр республикэмрэ хэгъэгумрэ ящыIэныгъэ игъогубгъу Iутын ылъэкIыщтэп, общественнэ щыIакIэм ипчэгу итынхэ зэрэфаер титхакIохэм къагурэIо. Ятхылъеджэхэм зэпхыныгъэу адыряIэр агъэпытэ, аIокIэх, яшIошIхэм, яеплъыкIэхэм защагъэгъуазэ.

Сыд фэдэ уахъти тхакIор илъэпкъ ищыIэныгъэ къыдегъашIэ, илъэпкъ пае матхэ. Непи Адыгеим итхакIохэм, ыпэрэм фэдэу, ятворческэ амалхэр икъоу агъэфедэнхэм пылъых, ятхыгъэхэм зэшIохыгъэн фэе Iофыгъохэу цIыфхэр зыгъэгумэкIхэрэм къащытегущыIэх. ЯтхыгъэхэмкIэ зэкъошныгъэр, зэгурыIоныгъэр агъэпытэ, шIулъэгъум, гукIэгъум, шIум, дэхагъэм алъапсэ къаухъумэ. Сицыхьэ телъ тапэкIи аущтэу зэрэщытыщтым.

*2014-рэ илъэс*

## Мамырныгъэр зыдэщыIэм зыкIыныгъэр щыпыт

*«Лъэпкъ щынэгъончъэныр гъэпсыкIэ гъэнэфагъэрэ зэфэдэныгъэрэ хэлъэу Урысыем щызэхэщэгъэным мэхьанэу иIэр» шъхьэу зиIэгъэ Урысые научнэ-практическэ конференциеу апрелым и 24—25-м 2014-рэ илъэ-*

*сым Адыгэ къэралыгъо университетым щыкIуагъэм МэщбэшIэ Исхьакъ къыщиIуагъ.*

Тэ, Темыр Кавказым щыпсэурэ цIыфхэр, лъэпкъыбэ тэхъу, тыбзэ зэфэшъхьаф, динэу тылэжьырэр зэтекIы. Уахътэм иорхэм сыд фэдизэу тызэрадзэу, Урысыешхом ичIыгу зэмылIэужыгъохэм тащэпсэуми, мыры тыкъызщыхъугъэр, мыры тикушъэр.

Кавказым идунай зэрэзэмышъогъум фэдэу, тэри тызэфэшъхьаф. ЦIыфымрэ обществэмрэ яхэхъоныгъэ къэзыуцухьэрэ дунаим иIофыгъохэм къапкъырыкIырэ гъэпсыкIэр егъэлыегъэщэу къэдгъэлъэгъоным тынэсы хъущтэп. Ау а зэпхыныгъэри IэкIыб пшIынир тэрэзэп. ФемыгъэуцуалIэу, нэпкъхэр гозыхызэ чъэрэ псыхъошхохэу Тэрч, Пшызэ, Сунжа, Койсу зылъэгъурэ цIыфым ишэн уж горэ къыфимыгъэнэн ылъэкIына? «ПсынкIэу чъэщтыгъэ псыхъор хым нэсыгъэп» зыфаIорэ гущыIэжъым фэдэхэмкIэ сыд фэдизэу тызэушъыигъэми, егъэлыегъэ гу плъырстырыгъэр зыхэдгъэзын тлъэкIыпэрэп. Гурэхьатыныгъэр зыгъэпсырэ нэшанэхэр джыри тфимыкъукIэ енэгуягъо.

Тилъэпкъ шэнхэр тIэкIу зэтекIыхэми, тихэбзэ зекIуакIэхэмкIэ мэхьанэшхо зиIэ кавказ шэн шъхьаIэхэмкIэ, нэшанэхэмкIэ зыкIыныгъэ тхэлъ.

ЗэкIэми зэдытие кавказ хъурышъо паIор, цыер зэфэшъхьафэу тщыгъ, мэкъэмэ зэфэшъхьафых тыгу рихьырэ орэдхэр къызэрэтIорэр, «Ислъамыер», «Лезгинкэр» къызэрытшIырэр зэтекIы, лычэрэгъур зэфэшъхьафэу тэгъэхьазыры, бзэ зэфэшъхьафхэмкIэ тэгущыIэ, ау тыдэ тыщызэIукIагъэми, гъогогъу шъыпкъэ тфэхъурэр урысыбзэр ары. Ар тIэкIэмылъэу тикультурэхэм хэхъоныгъэ ашIыщтэп. Тизэфэмыдэныгъэ – тибаиныгъ! Ошъогум ит жъуагъор гъунэнчъ: зыр иныы, адырэр нахь цIыкIу, ау зэкIэми ахэр зэфэдэу къафепсых.

Нэбгырэ пэпчъ, лъэпкъ пэпчъ анахь дэгъоу зыкъигъэлъэгъонэу, апэ итынэу фай, ар къызыдэхъукIэ, рыгушхон фитыныгъэ иI. Ащ къикIырэп цIыфым ежь ышъхьэ къодые е илъэпкъ закъо пае закъыхигъэщыным кIэхъопсэу – ихэгъэгу ыцIэ раригъэIоныр, хахъо ригъэшIыныр апэрэ пшъэрылъэу зыфелъэгъужьы. Ар тикавказ щыIэкIэ-псэукIэ ианахь нэшэнэ шъхьаIэу, илъэпкъ гъэпсыкIэу Урысыем щыпсэурэ цIыфхэр зэпэблагъэ зышIырэмэ зэу ащыщ.

Адэ шъугъоныр, шхъоныр? А шэн дэйхэр тхэлъба? Тхэлъых! «Хэта къахэщыгъэр, анахь дэгъур, сыда тэ зыкIытимыIэр?» тэIо. Ау ар мыхьагъу-шъугъоу орэхъопсагъэуи ары. Пушкиным ыIощтыгъэ: «Шъугъоныр – зэнэкъокъум ышыпхъу».

ГущыIэм пае, литературэр, искусствэр тштэн. Дагъыстанхэм Расул Гамзатовыр яI, бэлъкъархэм – Къайсын Кулиевыр, адыгэхэм – КIэрэщэ Тембот, ШэуджэнцIыкIу Алый, КIышъэкъо Алим, Темыркъан Юр, осетинхэм – Коста Хетагуровыр, Валерий Гергиевыр, чэчэнхэм – Магомет Мамакаевыр, Махмуд Эсамбаевыр, къэрэщаехэм – Халимат Байрамуковар, Осман Хубиевыр, къалмыкъхэм – Давид Кугультиновыр, нэгъойхэм – Абдужалиловыр, Сюн Капаевыр, абадзэхэм – Бекмурза Тхайцуховыр, Микаэл Чикатуевыр.

Дунаим зэкIэри щышъхьафитых, узыфэе гъогупэр къыхэпхын плъэкIыщт. Ащ цIыфыр фит къодыеп, Урысыем ищыIэкIэ-псэукIи ар къегъэнафэ. Ау Iофыгъо дэйхэм уапылъыныр, гупшысэ Iаехэр угу къибгъэхьанхэр хэти къыпфидэщтэп. Тэ, кавказ лъэпкъхэм, зэкIэ Урысыем щыпсэухэрэм лIэшIэгъу пчъагъэхэм къакIоцI тилъэгэпIэ инэу тызнэсыгъэр тIэкIэзы хъущтэп.

Кавказ лъэпкъхэр уашъом къефэхыгъэхэп, дунэе тарихъым ошIэ-дэмышIэу хэфагъэхэп. Адырэ акъош лъэпкъхэу тихэгъэгу исхэм ягъусэу тарихъыр атхыгъ. Зэкъошныгъэу кавказ лъэпкъхэмрэ урысхэмрэ азыфагу илъыр ижъыкIэ къыщежьэ.

Непэрэ мафэм КавказымкIэ ыкIи УрысыемкIэ анахь мэхьанэ зиIэ Iофыгъо шъхьаIэр сыд фэда? Ар политикэ ыкIи экономикэ шъхьафитыныгъэм епхыгъэ Iофыгъохэр арых. Ау зэкIэмэ апэ итыр мамырныгъэ тазыфагу илъыныр ары. УапэкIэ къэт нэфынэр нахь дэгъоу плъэгъуным пае загъорэ уигъогу укъыщызэплъэкIыжьымэ, ишIуагъэ къыокIыщт.

*2014-рэ илъэс*

## БлэкӀыгъэм сыфэтхэ, къэкӀощтым сегупшысэ

*Мэщбэшӏэ Исхьакъ лӏэшӏэгъуныкъокӏэ узэкӏэӏэбэжьмэ зэрэщытыгъэм фэдэкъабзэу мафэ къэс зыщытхэрэ Ӏанэм кӏэрысэу, илитературнэ творчествэ лъегъэкӀуатэ. Ар СССР-м, Урысыем, Адыгеим я Къэралыгъо премиехэм ялауреат, тарихъ романхэр, усэхэр зыдэт тхылъипшӀ пчъагъэ къыдигъэкӀыгъ, ащ дакӀоу къэралыгъоошхомрэ республикэмрэ яобщественнэ щыӀэныгъэ чанэу ахэлажьэ. 1959-рэ илъэсым къыщегъэжьагъэу 1991-рэ илъэсым нэс Адыгэ Автоном хэкум, Краснодар краим, СССР-м и Апшъэрэ Совет ядепутатыгъ, илъэс 50-м ехъугъэу Адыгеим итхакӀохэм я Союз пэщэныгъэ дызэрехьэ. Джырэблагъэ тхакӀохэм зэдырагъаштэу а пшъэрылъыр зэрихьанэу къытырагъэнэжьыгъ. ИлъэсыкӀэу къихьащтыр Урысыем Литературэм иилъэсэу щагъэнэфагъ. Ащ ипэгъокӏэу гъэзетэу «Советская Адыгея» ыцӏэкӏэ Мэщбэшӏэ Исхьакъ гущыӀэгъу сыфэхъугъ. Джырэ литературэм изытет тызтегущыӀагъэр, ау ащ нэмыкӀ Ӏофыгъохэми танэсыгъ.*

*— Исхьакъ, тхакӀохэр, журналистхэм афэдэу сыдыгъуи яплӀэнэрэ хабзэу щыт, обществэу зыщыпсэухэрэм щызэшӀохыгъэн фэе Ӏофтхьабзэхэр шъхьэихыгъэу къагъэлъагъо. Литературэмрэ хабзэмрэ непэ сыд фэдэ зэфыщытыкӀа зэфыряӀэр?*

— Лъэшыщэу къэӀуагъэу умылъытэ, ау литературэ щыӀэп, щыӀэни ылъэкӀыщтэп политикэм, цӀыф лъэпкъым емыпхыгъэу. ТхакӀом ищыӀэныгъэ зыщыпсэурэ обществэм ищыӀэныгъэ къегъэунэфы, ар аущтэу сыдыгъуи щыт. Общественнэ-политикэ щыӀакӀэм тхакӀом нахь хэшӀыкӀ ин афыриӀэ къэс, ащ итхылъхэр нахь кууух, нахь гъэшӀэгъоных. СССР-м и Апшъэрэ Совет сыхэтэу АР-м игъэпсын сиӀахьышӀу хэсшӀыхьагъ. 1989-рэ илъэсым ибэдззогъу мазэ гъэзетэу «Советская Россия» «Не стесняйтесь доброты» зыфиӀорэ статьяр къизгъэхьэгъагъ. ЦӀыф лъэпкъ пэпчъ къэралыгъо лъапсэ зиӀэ субъект гъэнэфагъэу щытын зэрэфаер ары ар зыфэгъэхьыгъагъэр. Статьяр къызыхауты нэуж хэгъэгушхом щызэхэщэгъэ автоном хэку зэфэшъхьафхэм: Къэрэщэе-Щэрджэсым, Горный Алтай, Хакасием, Еврей автоном хэкум зигъо шъыпкъэ Ӏофыгъом игугъу къызэрэсшӀыгъэм фэшӀ къызэрэсфэразэхэр къысфыратхыкӀыгъэх.

Республикэ тиӀэ зэрэхъугъэм тилитературэ ишӀуагъэ къекӀыгъ: охътабэ темышӀэу журналиплӀым якъыдэгъэкӀын зэтедгъэуцуагъ. Ахэр адыгабзэкӀэ «Зэкъошныгъ», «Жъогъобын», урысыбзэкӀэ «Литературная Адыгея», «Родничок Адыгеи» зыфиӀохэрэр арыгъэх. ТитхакӀохэм якъэлэмыпэ къычӀэкӀыхэрэр къызщыхаутын яӀэу хъугъэ. Илъэс 20-кӀэ узэкӀэӀэбэжьмэ тиӀоф зытетыгъэмрэ непэ изытетрэ чӀырэ огурэ азыфагу. Хабзэм ренэу ынаӀэ къыттет, тыгуи ыгъэкӀодырэп, мылъкукӀи ӀэпыӀэгъу къытфэхъу, титхакӀохэм цӀэ лъапӀэхэр къафагъэшъуашэ, титхылъхэм якъыдэгъэкӀын пэӀухьащт ахъщэр къытфатӀупщы. КъэпӀон хъумэ, Темыр Кавказым ит субъектхэм къащаратырэм елъытыгъэмэ титхакӀохэм ягонорархэр зэкӀэми анахь иных. Аужырэ илъэсхэм тхылъ пчъагъэу зэхэтхэр къафыдагъэкӀыгъэх КӀэращэм, Теуцожьым, МэщбашӀэм, Къуекъом, Цуекъом, Шъхьэлахъом, ЩашӀэм. Адыгеим итхакӀохэм я Союз зызэхащагъэр илъэс 80 зыщыхъурэм ехъулӀэу Союзым хэтхэм, щымыӀэжь тхакӀохэм яунагъохэм АР-м и Правительствэ ахъщэ ӀэпыӀэгъу къаритыгъ.

Президентэу тиӀагъэхэ Джарымэ Аслъанрэ Шъэумэн Хьазрэтрэ ягугъу къэсымышӀэу, непэ хабзэм Ӏутхэу АР-м и ЛӀышъхьэу ТхьакӀущынэ Аслъан, Премьер-министрэу КъумпӀыл Мурат, Къэралыгъо Совет — Хасэм итхьэматэу Владимир Нарожнэм сакъыщыуцун. Ахэм Ӏофыгъоу тиӀэхэр алъэгъу къодыерэп, алъапсэ зэрагъашӀэ, зэшӀохыгъэ зэрэхъущтхэм еусэх. АР-м ибюджет непэ сомэ миллиард 15-м кӀахьэ, инвестициеу республикэм къихьэрэр илъэс къэс нахьыбэ мэхъу, инфраструктурэм хэхъоныгъэ ешӀы, тиреспубликэ итеплъэ зехъожьы.

*— О УФ-м и Общественнэ палатэ ухэт, сыд фэдэ Ӏофа ащ узщыфэгъэзагъэр?*

— Сэ си Адыгее шӀу сэлъэгъу, къэралыгъоошхоу Урысыеми сыфэшъыпкъ. Экономикэм, культурэм, спортым алъэныкъокӀэ гъэхъагъэу тиӀэхэр зызэхэсхыкӀэ сэгушӀо, ахэм сарэгушхо. Къэралыгъом гушӀуагъоми тхьамыкӀагъоми къыщыхъурэр зэкӀэри сыгу пхырэкӀы. ЗэрэсфэлъэкӀэу

сыфэлажьэ. Тыгъэгъазэм УФ-м и Общественнэ палатэ иIэгъэ пленарнэ зэхэсыгъом лъэпкъ Iофыгъор къызэрэзгурыIорэр шъхьэихыгъэ къыщысшIыгъ. Къэралыгъом ищынэгъончъагъэрэ лъэпкъхэм язык Iыныгъэрэ ахэм зэгурыIоныгъэ азыфагу илъыным епхыгъэу сэлъытэ. Тыкъэзыуцухьэрэ дунаир зэрэзэфэмыдэу тызэфэдэп, ау анахь шъхьаIэмкIэ – хъопсапIэу тиIэхэр, тишэн-зекIуакIэхэр, тигухэлъхэр зых, Урысыем итыдрэ къуапи щызэфэдэх. Тилъэпкъ шъуашэхэр зэфэмыдэу тщыгъых, зэфэмыдэу тыкъэшъо, зэфэшъхьафыбзэхэм тарэгущыIэ, ау сыд фэдэ лъагъо тытехьэми гъуазэу тиIэр урысыбзэр ары. Ар тымыгъэфедэмэ культурэхэр сыдэущтэу зэнэсыщтха, зэрэгъэбаищтха? Тызэрэзэфэмыдэр ары тибайныгъэр!

Сыд фэдэ къушъхьэ тIуакIэ, селоу, чылэ е къутыр укъыдэкIыгъэми, ар тихэгъэгушхо изыIахьышъ, узытехьагъэ гъогум рэхьатэу урыкIощт. Ащ фэдэ фитныгъэ тиIэ къодыеп, ар Урысыем илъ щыIэкIэ-псэукIэм ылъапс. Фитныгъэ зыфытимыIэр Iоф дэйхэр зетхьанхэр, гупшысэ дэйхэр дгъэшIонхэр, дгъэбэгъонхэр арых. ЛIэшIэгъу пчъагъэхэм гушъхьэлэжьыгъэ лъэгапIэу тызынэсыгъэр тыухъумэн фае.

Тарихъ щыIэкIэ-псэукIэу тиIэм зыгорэм тыкъикIи тыкъыхэхьагъэп, ар тэ тишIоигъоныгъэкIэ зэдэдгъэпсыгъэ нахь. Кавказым щыпсэурэ лъэпкъхэм Поволжьем, Сыбыр, Северым ащыпсэурэ лъэпкъхэм ижъыкIэ къыщежьэгъэ, лIэшIэгъухэм ащыпытэгъэ къош зэфыщытыкIэ адыряI. Ар зыщызэпытхъи тарихъым къыхэкIыгъ, ау сыдигъуи мамыр хэкIыпIэхэм талъыхъугъ, тяусагъ.

Непэ сыда Урысыем анахь мэхьанэ щызиIэр? Лъэпкъ пстэури зэгурыIонхэр, зыкIыныгъэ ахэлъыныр ары. АщкIэ сэ УФ-м ипрезидентэу, зихэгъэгу шIу зылъэгъоу, ащ фэшъыпкъэ Владимир Путиным десэгъаштэ.

Къэралыгъом щынэгъончъагъэмкIэ и Совет къыщыгущыIэзэ, В.В. Путиным джырэблагъэ теубытагъэ хэлъэу къыIуагъ: «ЗэIукIэхэр, митингхэр нэмыкI зэхахьэхэр зэхэщэгъэнхэм ифитныгъэ игугъу къэтшIы зыхъукIэ, шъхьаджи игущыIэхэмкIэ изекIуакIэхэмкIэ пшъэдэкIыжь зэриIэр зыщыдгъэгъупшэ хъущтэп. ЗэкIэми тшIэн, къыдгурыIон фае: лъэпкъ зэфэшъхьафхэм, дин зэфэшъхьафхэр зылэжьыхэрэм азыфагу зэгурымыIоныгъэ илъхьэгъэныр, зы лъэпкъыр адрэм нахь дэгъоу лъытэгъэным игупшысэ зылъэпсэ цIыфыбэ зыхэщэгъэ бзэджэшIагъэхэр, ары пакIопышъ къэралыгъо гъэпсыкIэу щыIэр зэблэхъугъэным къыфэджэрэ псалъэхэр шIыгъэныр – ар къэралыгъом имызакъоу ащ щыпсэурэ лъэпкъ пстэуми апэшIуекIорэ, экстремизмэ зекIуакI». Къэралыгъо гъэпсыкIэм пыщыт куохьаушIылэхэмрэ ахэм адезгъаштэу ау зызыушъэфыхэрэмрэ джаущтэу президентым джэуап Iупкlэ аритыгъ. Ары, хэти ежь зэрэфаеу гупшысэнэу фитныгъэ иI, зы министрэ, е министерствэ горэм Iоф зэришIэрэм, пэщэныгъэ зезыхьэрэ политическэ партием демыгъэштэныр тэрэз. Ау хэгъэгоу узщыпсэурэм, къэралыгъом зэрэпсаоу упыщытыныр – ар къумалыгъ. НэмыкI ащ къеcIолIэн слъэкIыщтэп.

*– БлэкIыгъэ лIэшIэгъум ия 80-рэ илъэсхэм, союзнэ республикэхэм лъэпкъ зэмызэгъыныгъэхэр къазыщитаджэщтыгъэ лъэхъаным, СССР-м лъэпкъ IофыгъохэмкIэ комиссиеу щызэхэщэгъагъэм ухэтыгъ. Непэ Украинэм къыщыхъурэм-къыщышIэрэм сыд фэдэ уаса къыфэпшIын плъэкIыщтыр?*

– Украинэм къыщыхъурэр зыпарэми ебгъэпшэн плъэкIыщтэп, сыда зыпIокIэ, ащ хэхьэрэ шъолъырхэр зыгощыхэрэр лъэпкъхэр арэп, къэралыгъо хабзэр ары нахь ихэгъэгу щыпсэурэ цIыф къызэрыкIохэм язаорэр!

Къэралыгъо гъэпсыкIэу ащ илъыгъэр зэрахъокIи националистхэр хабзэм къыфэкIуагъэхэу ары сэ зэрэслъытэрэр. Хабзэр зыIэ илъхэр зэрыгъозэнхэ фаер ыпэкIэ узгъэкIотэн зылъэкIыщт гупшысэ пэрытхэмрэ цIыфхэм хъопсапIэу яIэхэмрэ арых. Сыд фэдэ гупшыса Украинэм инепэрэ пащэхэр зэрыгъуазэхэрэр? Уилъэпкъ шIу олъэгъумэ – уихэгъэгу шъыпкъэныгъэ фыуиI, упатриот, ау нэмыкI лъэпкъым упэшIуекIомэ – ушовинист! Украинэм итхьамыкIагъо тэ дэтэгощы, джары анахь шъхьаIэр. Адыгеим изакъоу заом зышъхьэ къыхэзыхыжьыгъэ нэбгырэ шъэ пчъагъэмэ шъхьэегъэзыпIэ щагъотыгъ. Хэгъэгу зэошхор сэ дэгъоу къэсэшIэжьы, ащыгъум илъэс 11 сыныбжьыгъэр. Ащ щегъэжьагъэу сэ дэгъоу сэшIэ хьалыгъу такъырым ыуасэ, ащ фэныкъом ар дэбгощыныр гукIэгъуныгъэм апшъэу зэрэщытыр. Ащ фэдэ гукIэгъур тэ тлъы хэлъ.

Советскэ Союзым и Лlыхъужъэу, адыгэ поэтэу Андырхъое Хъусен Украинэм ит селоу Дьяково дэжь ыпсэ щитыгъ. Фашистхэм къадзыхьагъэу, къекуохэу зэхъум, лlэныгъэм ыпашъхьэ «урысхэм затырэп» ащ ыlуи, пыйхэм афидзыжьыгъ. Ащ ихэгъэгу къыухъумэщтыгъэ нахь, ежь адыгэ лъэпкъым зэрэщыщым, заор украинэ чlыгум зэрэщыкlорэм егупшысагъэп.

Уахътэм лъэуж дэгъуи лъэуж дэи къегъанэ. Блэкlыгъэм игупшысэ ухэмыкlэу ущыlэнэу щытэп, ау блэкlыгъэри зыщыбгъэгъупшэ хъущтэп. Украинэм щыпсэурэ цlыфхэр арэп Урысыем ичlыгъунапкъэ дэпкъ къыщызыгъэуцурэр, пэщэныгъэ зезыхьэрэ цlыф зырызхэр ары нахь. А зэкlэ зигугъу къэсшырэм зэшlохыпlэу яlэр зы – мамырныгъэр щызэтегъэуцожьыгъэныр ары. Сэщ фэдэ тхакlоу Украинэм щыпсэухэрэм зызэраушъэфырэр, хъурэм-шlэрэм еплъыкlэу фыряlэр къызэрэрамыlотыкlырэр сэгъэшlагъо.

*– Советскэ Союзым илъэхъан зэрэщытыгъэу, Федеральнэ гупчэм щызекlорэ гупшысэу зэкlэ тхакlохэр зы Союзэу зэхэщэгъэным сыдэущтэу о уеплъыра?*

– Непэ тхакlохэм ясоюз пчъагъэ щыl, джащ фэд адрэ творческэ союзхэри, тэ, творческэ союзхэм, пытэу тызэпхыгъэн фае нахь, шъхьадж чыхlаныр зытырилъэшъонэу щытэп. Тэ пшъэрылъ шъхьаlэу тиlэр тэгъэцакlэ – шlу тлъэгъурэ тихэгъэгу lофтхьабзэшlоу къырихьыжьэхэрэм адетэгъаштэ, тыдэlэпыlэ. Ау анахь мэхьанэ ин зиlэ гущыlэр, гупшысэр джыри тхакlохэм къаlуагъэгоп…

*– О утхакlу, тилъэхъан илlыхъужъ сыд фэда? Тинепэрэ литературэ къытын ылъэкlыщта тиныбжьыкlэхэр зылъызыщэн зылъэкlыщт ащ фэдэ лlыхъужъ?*

– Лъэхъанэ пэпчъ илlыхъужъ шъхьафы. Тэ, Павка Корчагиным, Василий Теркиным фэдэ лlыхъужъхэр къызыщыгъэлъэгъогъэ урыс литературэм ибгырыпх кlоцl тыкъыкlоцlыкlыгъ. Непэ лlыхъужъыр ыбгъэгу еожьзэ лlыгъэу зэрихьагъэхэр утыгум къизылъхьэрэр арэп. Ти непэрэ лlыхъужъ щыкlагъэ горэхэри иlэн ылъэкlыщт. Ау шъыпкъагъэ хэлъын, зэфэн, иунагъо, лlакъоу къызыхэкlыгъэр, икъуаджэ, икъутыр, иреспубликэ, ихэгъэгу шlу ылъэгъун фае. Ихэгъэгу чlыпlэ къин зифэрэм емыгупшысэу ар зыухъумэщт цlыфэу щытын фае. Зытэжъугъэплъыхьи, цlыфэу тыкъэзыуцухьэхэрэм ащыщэу заом lумытхэу, мафэ къэс лlыгъэ зезыхьэрэр зэрэбэр нафэ къытфэхъущт. Ахэр тинепэрэ мафэ илlыхъужъых тlон тлъэкlыщта? Тлъэкlыщт, сыда пlомэ – ахэр щысэтехыпlэх.



Тинепэрэ ныбжьыкlэхэм зафэдгъазэмэ, ахэр тымыубхэу зэрэдгъэсэщтхэм тыпылъын фае. Сянэ-сятэхэм ауж къикlмэ еджапlэм кlэлэегъаджэу щысиlагъэм сипlугъ, силэжьыгъ. Ау джы зы сабый горэм ышlэрэр зэрэмытэрэзыр еlуи, еушъыий зэ хъурэм еплъ. Ащ лъыпытэу ятхьаусыхылlэнэу къулыкъу гъэнэфагъэхэм ячъэщтых. Анахь шъхьаlэу мылъкур, псэукlэшlур тэгъэуцу – ащкlэ тауж къэкlырэ лlэужхэр гъогу пхэндж тетэщэх. Хэта ахэм щысэ зытырахырэр? Телевизорым къыгъэлъагъорэр ары, алъэгъурэр лъыгъачъэ, жъалымыгъэ, зэо-банэ. Шъыпкъэ, ахэр зэрэдэйхэр ягъэшlэгъэн фае, ау ахэми къэгъэлъэгъуакlэ яl. Сценэм, экраным гущыlэ нэкl, гущыlэ мыщыу къащыпlонэу щытэп. Цlыфыр бгъэсэн зыхъукlэ ыlашъхьэ узэреорэм нэмыкlэу, ышъхьашъуи lэ зыщыщыпфэни къыхэкlы. Чыр цlынэзэ ууфэныр нахь тэрэз.

Тикъэралыгъо чlыпlэ къин иуцомэ Андырхъое Хъусенэрэ сэ сшынахьыжъхэмрэ фашистхэм псэемыблэжьэу зэрязэуагъэхэм афэдэу, тиныбжьыкlэхэм кlуачlэ къызыфагъотыжьынышъ, ар къызэраухъумэщтым сехъырэхъышэрэп.

*– Уитарихъ романхэм блэкlыгъэр ащызэогъафэ, къэкlощтым ущягупшысэ. Мы уахътэм сыда lоф зыдапшlэрэр?*

– Романэу «Чужие среди чужих» зыфиlорэм lоф дэсэшlэ. Кавказ заом фэгъэхьыгъэ тхылъхэм ар аужырэ. А хъугъэ-шlэгъэ тхьамыкlагъоу адыгэхэм ятарихъ къыхэфагъэм фэгъэхьыгъэу хэта къэзыlотэн фаер? Адыгэ лъэпкъым къыхэкlыгъэ тхакlор ары. Ахэм къатегущыlэзэ тхакlом тхылъеджэр зэгупшысэщтыр къыфегъэнафэ. Лъэпкъхэр зэуутэкlыхэ хъущтэп. Фэсакъзэ тхакlом тарихъыр къызэlуихын фае нахь, токъмакъ бэщ шъхьахъутlымэкlэ итхыгъэ зыщиухьанэу щытэп. Сэ ситхылъхэм лъыр къызыпычъырэ къамэр къащызгъэлъагъорэп, хъугъэмкlэ хэти згъэмысэрэп. Тарихъым къыхэнэгъэ тхыгъэхэр сэгъэфедэх, ахэр художественнэ шъуашэм исэлъхьэх.

Хэт ущыщми мамыр дунаим ущыпсэун фае. Лъэпкъ пэпчъ тхьамыкӀагъохэр апэкӀэкӀыгъэх. Тэри зэгорэм мы чӀыгум тыкъэкӀуагъ, ар зыгорэм дэдгощыгъ. Мы тыгъэри илъэс мин пчъагъэм, хэт ущыщ ымыӀоу, зэкӀэ цӀыф лъэпкъхэм зэфэдэу къафепсы, псыхъохэр мачъэх, псыфалӀэм псы къабзэ пагъохызэ, чӀыгури лэжьыгъэшӀукӀэ къытэтэ. Джары тхылъхэм лъапсэу яӀэр. УиблэкӀыгъэ пшӀэн фае. УкъызхэкӀыгъэ лъэпкъым, укъызщыхъугъэ хэгъэгум игушӀуагъо, игукъао умышӀэу тхакӀо ухъун плъэкӀыщтэп. Джащ фэдэу ахэр ашӀэн фае общественнэ ӀофышӀэхэми, политикхэми, цӀыф къызэрыкӀохэми.

*Дэгущыӏагъэр Маркова Е.,*
*2014-рэ илъэс*

## Сирием иуашъо мамыр хъужьынэу сэгугъэ

*Адыгеим, Къэбэртэе-Бэлъкъарым, Къэрэщэе-Щэрджэсым ялъэпкъ тхакӀоу МэщбэшӀэ Исхьакъ хэгъэгум и общественнэ щыӀэкӀэ-псэукӀэ ыгупчэ итэу къырэкӀо. Ар илъэсыбэрэ зэкӀэлъыпытэу Адыгэ хэкум, Краснодар край Советхэм, СССР-м и Апшъэрэ Совет ядепутатыгъ. Урысыем и Общественнэ палатэ яапэрэ хэдзыгъо хагъэхьагъ, мы уахътэми ащ хэт. ГъашӀэ зыгъэшӀэгъэ, бэ зылъэгъугъэ цӀыфышхом ихэгъэгу гукӀэгъу УрысыемкӀи, Адыгэ РеспубликэмкӀи зэфэдэ. Мамырныгъэр чӀылъэм темыкӀодыкӀыным МэщбэшӀэ тхакӀор ибэнэкӀо ин, цӀыф лъэпкъхэм шӀу къадэхъуным, зэгурыӀоныгъэ яӀэным иухъумакӀу.*

*2015-рэ илъэсым, шэкӀогъум и 2—4-м, Москва, УФ-м и Общественнэ палатэ лъэпкъхэм, дин зэфэшъхьафхэм азыфагу илъ зэфыщытыкӀэхэр нахь зэгъэкӀугъэнхэмкӀэ, зэдэгъэӀорышӀэгъэнхэмкӀэ и Комиссие зэӀукӀэгъу игъэкӀотыгъэу щыриӀагъэр Ӏоф зэришӀэрэм ищысэу хъугъэ. Ӏофтхьабзэм нахь мэхьанэ къезытыгъэр ащ Сирием имуфтий шъхьаӀэу Ахьмэд Бадреддин Хассун зэрэхэлэжьагъэр ары. Сирием зэо-бэнэ зэутэкӀыныгъэ машӀоу къитэджагъэм рапэсыщтымкӀэ зэхэгущыӀэжьынхэу, зэо тхьамыкӀагъом имашӀо гъэкӀосэгъэнымкӀэ ищыкӀагъэм еусэнхэу зэхэхьэгъагъэх. Ӏофтхьабзэр зэрэкӀуагъэм, Сирие къэралыгъом ищыӀакӀэ шэпхъэ гъэнэфагъэхэм атегъэуцожьыгъэнымкӀэ хэкӀыпӀэу щыӀэхэм защыдгъэгъуазэмэ тшӀоигъоу а зэӀукӀэм хэлэжьэгъэ МэщбэшӀэ Исхьакъ зыӀудгъэкӀагъ.*

*— Исхьакъ, сыд гухэлъ иӀэу Сирием имуфтий шъхьаӀэ Урысыем къэкӀогъагъа?*

— Джырэ мафэхэм Ӏофыгъо инэу къэуцугъэм епхыгъэ темэу «Ислам и кризис мировой религиозной мысли» зыфиӀорэм фэгъэхьыгъэ дунэе зэӀукӀэ Москва щызэхащэгъагъ. Ащ Иран, Тыркуем, Казахстан, Къыргъызым, Дагъыстан, Къырым, Москва яшӀэныгъэлэжьхэм ащыщхэм яшӀошӀхэр къыщыраӀотыкӀыгъэх. Зэхэхьагъум урыс чыристан чылысым илӀыкӀохэр, Сирийскэ Араб РеспубликэмилӀыкӀо, ащ иӀофышӀэхэр, Сирием имуфтий шъхьаӀэу Ахьмэд Бадреддин Хассун хэлэжьагъэх. УФ-м и Общественнэ палатэ хэтхэу Максим Григорьевыр, Альбир Кргановыр, Всеволод Чаплиныр, Александр Пелепиныр, Андрей Бальжировыр, Валерий Коровиныр, сэры аӀоу мы гумэкӀыгъуабэ зэпхыгъэ Ӏофыгъом, Сирием дзэ зэутэкӀыныгъэу къитэджагъэм, тебгъукӀошъугъэп. Урысые къэралыгъор Сирием дзэ кӀочӀэ ӀэпыӀэгъу зэрэфэхъурэм УФ-м и Общественнэ палатэ дырегъаштэ. НепэрэмкӀэ анахь мэхьанэ зиӀэр бзэджэшӀэ-хъункӀэкӀо ИГИЛ-ыр зилӀэужыгъор ислъам, чыристан динхэм язытет укъыпкъырыкӀызэ зэгъэшӀэгъэныр, гъэунэфыгъэныр ары.

ЗэӀукӀэгъум щызэшӀотхыгъэхэ Ӏофыгъохэм ащыщых ныбжьыкӀэ пӀун-гъэсэным тызэрэтегущыӀагъэр; ислъамыр ятелъхьапӀэу мышӀапхъэ зышӀэхэрэм узэрапэшӀуекӀощт шӀыкӀэ-амалхэр зэрэдгъэунэфыгъэхэр, Урысыемрэ Сириемрэ ащыпсэурэ цӀыфхэм зэхэугуфыкӀыгъэу ар афиӀотыкӀыгъэн зэрэфаери кӀэдгъэтхъыгъ.

*— Тыщыгъуаз илъэси 150-кӀэ узэкӀэӀэбэжьмэ, черкесхэу (адыгэхэу) егъэзыгъэкӀэ урысые империер къэзыбгынагъэхэм атекӀыгъэхэр ащ зэрисхэм. Мы уахътэм сыд фэда ахэм япсэукӀэ? Ащ фэдэ упчӀэкӀэ муфтиим зыфэбгъэзэн плъэкӀыгъа?*

– Ащ щэч хэлъэп, муфтиим сеупчӀыгъ. Сызэрэадыгэр, сызэрэчеркесыр, сызэрэтхакӀор, УФ-м и Общественнэ палатэ сызэрэхэтыр зесэӀом, Сирием черкесхэр зэрэщашӀэхэрэр къыуигъашӀэу къэгушӀуагъ. «Сириер арабхэм, курдхэм, черкесхэм яхэгъэгу» ыӀуи, зэдэгущыӀэгъухэм ащыщ горэм Башар Асад къызэрэхигъэщыгъагъэри ыгу къэзгъэкӀыжьыгъ.

Сирием имуфтий шъхьаӀэу Ахьмэд Ассун черкесхэр лӀыхъужъ лъэпкъым къызэрэхэкӀыгъэхэр, ахэр зэрэцыхьэшӀэгъухэр, зэрэцӀыф лъэшхэр, зэрэӀушхэр, зэрэдахэхэр, цӀыфыгъэшхо зэрахэлъыр къыӀуагъ. ТхьамыкӀагъокӀэ ахэр КъокӀыпӀэ Благъэм ифагъэхэми, Сирие араб хэгъэгум илъ хабзэм, ищыӀэныгъэ хэуцонхэ, чӀыпӀэ гъэнэфагъэ щаубытын зэралъэкӀыгъэр ащ ипсалъэ къыщыхигъэщыгъ. Хэхэс щыӀакӀэр къинми, ушэтыпӀабэу апэкӀэ къикӀыгъэр – бзэр, шэн-хабзэхэр амышӀэхэу, хымэ хэгъэгум зы хэшыкӀ гори фырямыӀагъэми, джа зэкӀэми зарагъэкӀун зэралъэкӀыгъэр щытхъукӀэ афилъэгъугъ. Адыгэхэр зэрэцӀыф пытэ-лъэшым, зэрэпсэемыблэжьхэм ищысэ гъэнэфагъэу ылъытагъ ахэмэ дзэпэщэшхохэр, ӀэнэтӀэшхохэр зыгъэцэкӀагъэхэр бэу къызэрахэкӀыгъэр. Джащ фэдэу, Сирием къихъухьагъэхэу адыгэлъыр зыкӀэтхэр сыдигъуи, сыд фэдэрэ лъэныкъокӀи, укъэзымыгъэукӀытэжьынхэу, зэрысхэ къэралыгъом лъытэныгъэ, шъыпкъагъэ зэрэфыряӀэм кӀигъэтхъыгъ. Сирием щыпсэурэ цӀыф лъэпкъ зэфэшъхьафыбэмэ, черкесхэри ахэтхэу, Ӏашэр аштагъэу ИГИЛ-ым пэшӀуекӀорэ заом зэрэхэлажьэхэрэр, ащкӀэ хэгъэгум мамырныгъэ ыгъотыжьыныр ягугъапӀэу зэрэбанэхэрэр муфтиим хигъэунэфыкӀыгъ.

Джащ фэдэу Ахьмэд Хассун Сириер ИГИЛ-ым пэуцужьынымкӀэ Урысыер ӀэпыӀэгъу зэрэфэхъурэм пае «тхьашъуегъэпсэу» къариӀуагъ. Тхьэм къэралыгъор зэримышӀырэр, цӀыфыр къызэригъэхъурэр игущыӀэ щыкӀигъэтхъыгъ. «Арышъ, «Ислъам къэралыгъо» гори щыӀэн зэримылъэкӀыщтыр нафэ»,– ыӀуагъ. ЗэкӀэми тызэдеӀэжьэу, тызэфэсакъэу тызэхэтэу, диным имэхьанэ купкӀ зынэсырэр зэрифэшъуашэу къиӀотыкӀыгъэн зэрэфаем, диным «укӀы» зэримыӀорэр, ар цӀыф гукъэбзагъэм, цӀыф лъэпкъ зэфэшъхьафхэм азыфагу зэфыщытыкӀэ лъэмыдж фабэхэр ищыгъэнхэм зэрэкӀэгуӀэрэр кӀигъэтхъыгъ.



*КъыӀуатэхэрэм ялъытыгъэу, МэщбэшӀэ Исхьакъ темыупчӀын тлъэкӀыгъэп.*

*– Сирием о ущыӀагъа?*

– СыщыӀагъ, 1969-рэ илъэсым къыщегъэжьагъэу пчъагъэрэ Дамаски, Латаки, Пальмири, Алеппи, Хомси сыкӀоу хъугъэ, Марджы-СултӀан адыгэ чылэми сыщахьакӀагъ. Тыгъэр зэрыз хэгъэгоу Сириер, хыр, дышъэ пшахъор, оазисхэр зэрэпфэплъых. Апэу Джолан Ӏуашъхьэхэр зысэлъэгъухэм, хэкур зыбгынэнхэ фаеу хъугъэхэ адыгэхэм мы чӀыпӀэр псэупӀэкӀэ къызкӀыхахыгъэр къызгурыӀуагъ: Кавказ къушъхьэхэм ахэр афагъэдагъэх. Мыщ зэхэугъоягъэу адыгэ къоджабэ щыпсэугъ. Ау мы чӀыгухэр ежьхэм яехэу ыӀуи,1967-рэ илъэсым Израиль Сирием къедэуагъ. Ащ къыхэкӀэу Сирие-Израиль заор къежьагъ, адыгэхэр джыри кощыгъэх. Къоджэ бгынэжьыгъэхэр слъэгъугъэх. Джы къызнэсыгъэм Джолан лъэгапӀэхэм апае хэгъэгуитӀур зэдао.

Сэ Израиль ит адыгэ къуаджэхэми, Рихьание, Кфар-Камэ, сащыӀагъ. Ахэм ящыӀэкӀэ теплъэ тэ тинепэрэ щыӀэкӀэ-псэукӀэ гум къегъэкӀы. Урамхэм уарыкӀо зыхъукӀэ, Афыпсыпэ е Хьакурынэхьаблэ уадэтым фэд. КӀэлэцӀыкӀухэр адыгабзэкӀэ мэгущыӀэх, еджапӀэхэм адыгабзэр ачӀэлъ, тхылъеджапӀэхэм титхылъхэр, гъэзетхэр ащызэрахьэх, адыгацӀэхэр культурэм игупчэхэм, урамхэм ахьых. АщкӀэ ӀэкӀыбым щыпсэурэ тилъэпкъэгъухэм щысэ дахэ зэрысхэ хэгъэгум къыщагъэлъагъоу, тикультурэ, тишэн-хабзэхэр дэгъоу зэрахьэх.

Ау непэ Сирием ыщэчырэ тхьамыкӀагъом, щыхъурэщышӀэрэм гур агъэузы. Заор хьазабышху, ар тэ дэгъоу тэшӀэ. Мо джэнэт чӀыпӀалъэр зэкӀэ зэхакъутагъ. Ауми, зэпэуцугъэ лъэныкъо пстэуми акъыл зэпагъохынышъ, Сирием иошъогу къэнэфыжьынэу, ащ мамырныгъэр ыгъотыжьынэу сэгугъэ. ЩэӀагъэрэ зэгурыӀо-зэдэӀужьырэ зыхэмылъ Ӏофыр екӀыкӀы. Ау ахэр къызщагъэгъунэхэу, къызыщаухъумэхэрэм мамырныгъэр къыщызэтенэ, щэпытэ. Ислъам диным ыкъогъу зашӀызэ, ИГИЛ-ым хэт бзэджашӀэхэм зекӀокӀэ пхэнджхэр зэрахьэх, цӀыфыпсэр къырадзэрэп. Урысыем ицӀыфы шъитӀум къехъу зэрысы-

гъэ къухьэлъатэр Синай хыгъэхъунэныкъом иуашъо къыщагъэуагъ, джащ фэдэу, Париж щашIыгъэ къэгъэоным нэбгыришъэм къехэху хэкIодагъ. Зышъэ икIыгъэ бзэджашIэхэм ащ фэдэ жъалымыгъэхэр афэгъуіцтхэп. Къиным сыдигъокIи цIыфхэр зэкъуегъэуцох, зыфегъэсакъыжьых. Ислъам диным къыIорэп лъы бгъэчъэнэу, цIыф хыехэр бгъэкIодынэу. Тхьэр зыгу имылъ укIэкIо-хъункIакIомэ лъэпкъи, нэгуи, дини яIэп, зэрэдунаеу тыракIынкIэ уцугъэх, ау ар къадэхъуіцтэп.

*— Джыри зы упчIэ: Сирием щыщхэу зышъхьэ къезыхьыжьэжьыгъэхэм Урысыер зэрадеIэрэм сыдэуіцтэу уеплъыра?*

— ЧIыпIэ къин ифагъэм, хэтми, деIэхэу хабзэ. Заом къыхэкIэу Сирием къикIыжьыгъэхэм тэ тишIуагъэ ятэгъэкIы. Мыекъуапэ, Мэфэхьаблэ, Пэнэхэс, нэмыкI чIыпIэхэм адэтIысхьагъэхэмкIэ Адыгеир яхэгъэгоу, ячIыпIалъэу къэнэжьы.

Ау бэмэ къызэращыхъоу, IэкIыбым щыIэ адыгэхэр зэкIэ къэкIожьынхэу сыгугъэрэп. Зэрэдунаеу пштэмэ, адыгэ миллиони 5 фэдиз Тыркуем, Иорданием, Египет, Сирием, Ирак, Ливием, Германием, Голландием, Америкэм ащэпсэух. Уегупшысэмэ, егъашIэм зэбгъэуIугъи, уиуни-уищагуи, блэжьыгъи, нэмыкIи къычIэптэкъунышъ укощыжьыныр, уздэкIожьыщтыр уичIыгужъми, арэу псынкIагъоп. IэпыIэгъу фэныкъохэм тадеIэщт. Адрэхэм тяжэ, хьакIапIэ къэрэкIох. Тэ тызыщыпсэурэр федеративнэ къэралыгъу, хэти ежь иакъыл-амал, ифитыныгъэ, ишIоигъоныгъэ къыпкъырыкIызэ, ышъхьэ Iоф зэрэфаеу зыщигъэпсырэ хэгъэгу.

*— Тхьауегъэпсэу, Исхьакъ, хъугъэ-шIэгъэ инымкIэ тызэрэбгъэгъозагъэм пае.*

— Ори ары.

*Мамырыкъо Н.,*
*2015-рэ илъэс*



## «Адыгэхэм Урысые къэралыгъом итарихъ чIыпIэшхо щаубыты»

Адыгэ тхэкIо цIэрыIоу, Адыгэ Республикэм, Къэбэртэе-Бэлъкъарым, Къэрэщэе-Щэрджэсым янароднэ тхакIоу, СССР-м, Урысыем, Адыгэ Республикэм я Къэралыгъо шIухьафтынхэр, Урысые шIухьафтынэу М.А. Шолоховым ыцIэкIэ щытыр къызыфагъэшъошагъэхэу МэщбэшIэ Исхьакъ Шумафэ ыкъом итхыгъэ зэхэугъоягъэхэр 2015-рэ илъэсым шэкIогъу мазэм къыдэкIыщтых. Порталэу «Россия для всех» зыфиIорэм иредактор дыриIэгъэ зэдэгущыIэгъум итворческэ гъогу зэрэзэпыфагъэм, адыгэхэм ятарихъ, лъэпкъым тапэкIэ къырыкIощтым зэрагъэгумэкIырэм афэгъэхьыгъэу тхакIом къыфиIотагъ.

Творческэ IофшIэгъэшхо зиIэ МэщбэшIэ Исхьакъ илъэс 70-м къыкIоцI тхылъиш ъэм ехъу ылъэкъуацIэ тетэу къыдигъэкIыгъ. Мы аужырэ илъэситфым тхылъхэу «КъокIыпIэмрэ къохьапIэмрэ», «Айщэт», «Джасус», «Рафыгъэхэр», «Хэхэсхэр», «ЧIыгу-огу зэнэсым сыда щыIэр?» зыфиIохэрэр ыкIи нэмыкIхэр къыхиутыгъэх. Ащ иусэу «Адыгэхэр» зыфиIоу орэдышъом ралъхьагъэр лъэпкъым игимнэу плъытэмэ хъущт. Илъэс 84-рэ зыныбжь адыгэ тхакIом непи итворчествэ зырегъэушъомбгъу, лъэпкъым итарихърэ икультурэрэ тхылъеджэхэр ащегъэгъуазэ.

*— Исхьакъ, джыдэдэм сыда анахьэу Iоф зыдапшIэрэр?*

— УрысыбзэкIэ тхыгъэ, том 20 хъущт тхылъхэм якъыдэгъэкIын ыуж сит. Илъэс 70-м къыкIоцI стхыгъэхэр зэкIэ – усэхэр, поэмэхэр, романхэр, публицистикэр, апэрэ усэу 1945-рэ илъэсым стхыгъэри ахэм къадэхьащтых. ЗэкIэ материалхэм джыри сяджэжьын, Iоф адэсшIэжьын фае. Ащ Iофышхо къызэрэпыкIыщтыр къыбгурыIоу къысщэхъу.

Зы лIэшIэгъум къыкIоцI хъугъэ-шIагъэу щыIагъэхэм язакъоп ситхыгъэхэм къызэлъаубытырэр. Я Х-рэ лIэшIэгъум къыщегъэжьагъэу адыгэ лъэпкъым къырыкIуагъэр, адыгэ дзэпащэхэм, къэралыгъо IофышIэшхохэм ящыIэныгъэ щыщ пычыгъохэр, Урысые къэралыгъом ищыIэныгъэ ахэр зэрэхэлэжьагъэхэр ситхыгъэхэм къащызгъэлъэгъуагъ.

Сэ сиеплъыкIэкIэ, адыгэхэм сыдигъуи Урысыем цыхьэ фашIыщтыгъ. Урысые къэралыгъор зыгъэпсыгъэхэм ахэри ахэтыгъэх. Урысыем ис пстэуми афэдэу, хэгъэгум къырыкIощтымкIэ тэри пшъэдэкIыжь тэхьы.

Къэзэкъ тарихълэжь цIэрыIоу Федор Щербина зэрилъытэрэмкIэ, адыгэхэр ижъ-ижъыжькIэ къыщегъэжьагъэу Кавказым исыгъэх, а шъолъырым къыщыхъугъэх ыкIи щыпсэугъэх. IэкIыб къэралыгъохэм язекIо, тарихълэжь цIэрыIохэм, гущыIэм пае, Францием изекIолIэу Омар де Гелль, ягукъэкIыжьхэм къаушыхьаты адыгэлIыр шыу тегъэпсыхьагъэу зэрэщытыгъэр, зэрэлIыблэнагъэр, теплъэшIу зэриIагъэр, ышъхьэ зэрилъытэжьыщтыгъэр, лъэпкъ шъхьафитныгъэм зэрэфэшъыпкъагъэр.

— *Исхьакъ, уироманхэм къащыптхыхьэгъэ чIыпIэхэм уащыIагъа?*

— Ахэр стхыхэ зэхъум, чIыпIабэмэ сащыIэн, документыбэмэ нэIуасэ зафэсшIын фаеу хъугъэ. ГущыIэм пае, романэу «Айщэт» зыфиIорэм хэт герой шъхьаIэм ищыIэныгъэ къырыкIуагъэр зэзгъэшIагъ. Илъэси 8 фэдиз ыныбжьэу адыгэ пшъэшъэжъыер атыгъуи, Стамбул ибэдзэр щащэгъагъ, Францием ипосолэу граф де-Ферриоль ары ар зыщэфыгъагъэр. НэмыкI дин зырагъэахьэм, ащ цIэу Шарлотта-Элизабет фаусыгъагъ.

А бзылъфыгъэм фэгъэхьыгъэу урысыбзэкIи, французыбзэкIи тхылъыбэ тхыгъэу щыIагъ. Ау Айщэт илъэпкъэгъу ащ фэгъэхьыгъэу тхэн фаеу слъытагъэ. Адыгэ пшъэшъэжъыеу ыужкIэ католикхэм ядин рагъэхьагъэм игъашIэ кIако хъугъэ. Француз хабзэхэм атетэу Айщэт зекIощтыгъэми, ичIыгу гупсэ, ащ щигъэкIогъэ икIэлэцIыкIугъо, янэжъэу зыпIугъэр зыкIи щыгъупшагъэхэп. ШъыпкъэмкIэ, романым къэугупшысыгъэ горэхэр хэтхэми, ащ лъапсэ фэхъугъэхэр тарихъ хъугъэ-шIагъэхэр ары.

Францием ипачъыхьэ ищагу дэсхэм шIу алъэгъущтыгъэ, Вольтер илитературнэ кружок хэтыгъэ адыгэ пшъашъэм къэбарэу пылъым нэIуасэ фэхъугъэ Сергей Михалковым республикищмэ — Адыгеим, Къэбэртэе-Бэлъкъарым, Къэрэщэе-Щэрджэсым — ялIышъхьэхэм ариIогъагъ романэу «Айщэт» зыфиIорэр зылъэпсэ фильм ыкъохэм тырахы зэрашIоигъор. Ау, гухэкI нахь мышIэми, ахъщэ зэрэщымыIэм къыхэкIэу а гупшысэр щыIэныгъэм щыпхырыщыгъэ хъугъэп.

Мы аужырэ лъэхъаным стхыгъэ романхэм ащыщэу «Хэхэсхэр» зыфиIорэр мары сапашъхьэ илъ. Урыс-Кавказ заом ыуж Тыркуем афыгъэ, етIанэ Балканы агъэкощыгъэ адыгэхэм ар афэгъэхьыгъ. Аужырэ урыс-тырку заоу 1877—1878-рэ илъэсхэм щыIагъэм ыуж ахэр джыри нэмыкI чIыпIэ — КъокIыпIэ Благъэм — агъэкощыгъэх. Мы романымкIэ Кавказ заом фэгъэхьыгъэ романхэм (ахэр тфы мэхъух) ятхын къэсыухыгъ.

Слъэпкъ тхьамыкIэгъуабэмэ, хьазабышхомэ апхырыкIыгъ, ау ащкIэ зыгорэ згъэмысэу зыкIи къыхэкIыгъэп. Сэ сызыфаер тлъэпкъ итарихъ, икультурэ бай къыткIэхъухьэрэ лIэужхэм зыIэпамыгъэзыныр ары. Тхылъеджабэ ащкIэ къызэрэсфэразэр сигуап.

— *IэкIыб къэралыгъомэ ащыпсэурэ адыгэхэм уахэхьа, зэпхыныгъэ адыуиIа?*

— Ары, адыгэхэр зыщыпсэурэ IэкIыб къэралыгъомэ бэрэ сащыIагъ. Ахэр дэгъоу ситворчествэ щыгъуазэх. Иорданием, Сирием, Тыркуем, Израиль, Германием, Америкэм къырашIыкIышъ, къысфытеох, тхьауегъэпсэу къысаIо. Шышъхьэ1ум и 7-м къыщегъэжьагъэу и 14-м нэс Тыркуем, Иорданием, Израиль сарагъэблагъи сащыIагъ, тилъэпкъэгъубэмэ саIукIагъ. ТыркубзэкIэ зэрадзэкIыгъэ ситхылъэу «Рафыгъэхэр» зыфиIорэм илъэтегъэуцо мы илъэсым шэкIогъум и 8-м Стамбул щыкIощт.

Силъэпкъэгъухэр бэу Сириеми щэпсэух. Башар Асад мырэущтэу ыIогъагъ: «Сириер арабхэм, курдхэм, адыгэхэм яхэгъэгу». Сэ а къэралыгъом сыщыIагъ ыкIи къэсIон слъэкIыщт ащ ис адыгэхэм якультури, абзи дэгъоу къызэраухъумагъэр.

— *Лъэпкъэу узыщыщым къызыкIэупчIэхэкIэ, сыда япIорэр?*

— Сэ черкескIэ зыкIи сызэджэжьыгъэп. Тэ адыгэу тыкъэхъугъ. Къэбэртэе-Бэлъкъарым ис силъэпкъэгъухэм къэбэртаехэр сIозэ сяджэрэп, Къэбэртэе-Бэлъкъарым щыпсэурэ адыгэхэр ясэIо нахь. Джащ фэдэкъабз Къэрэ-

щэе-Щэрджэсым ис силъэпкъэгъухэмкIи. Тэ адыгэкIэ тызэджэжьы, нэмыкI лъэпкъхэр ары «черкескIэ» къытаджэщтыгъэхэр.

*ДэгущыIагъэр Джамбэч И.,*
*2015-рэ илъэс*

## УсэкIо Iуш, цIыф дэгъу

Олжас Сулейменовым мафэ къэс сыIукIэщтыгъэу, сыхьат пчъагъэрэ тызэдэгущыIэщтыгъэу сIомэ пцIыIо хъун. Арэущтэу щытыгъэп, ау тхэкIо хасэхэм, зэфэсхэм тащызэIукIэщтыгъэ, шъхьэкIафэ зэфэтшIэу тыщызэпэгъокIыщтыгъэ, тызэшIогъэшIэгъоныгъ. СэркIэ Олжас Сулейменовыр гъэшIэгъон къодыеп, арырэ сэрырэ гухэлъхэмкIэ, гупшысэхэмкIэ тызэдэгощэныр ренэу тишэныгъ. ЦIыф лъэпэлъагэу, боксерым фэдэу пытэ-зэхэлъэу цIыф лъэшыгъ, ау, сэ зэрэсшIошIырэмкIэ, спортыр икIасэу щытыгъэп. А охътэ дэдэм зэпымыоу сыхьатныкъуи ащ ехъуи усэ зэхэлъхьаным къытегущыIэн ылъэкIыщтыгъэ, е зыщыщ казах лъэпкъым иусакIо горэм, анахьэу ныбжьыкIэ горэм, игугъу къышIыщтыгъэ. УсэкIо ныбжьыкIэхэм IэпыIэгъу афэхъуныр ащ шэн шъхьаIэу хэлъыгъ, ренэуи фэхьазырыгъ.

Тарихъыр дэгъу дэдэу Олжас Сулейменовым ешIэ, анахь ушэтэкIо Iазэм фэдэу ащ щыгъуаз. ЫужкIэ «Аз и Я» зыфиIорэ тхылъэу ытхыгъэр ащ ишыхьат. А тхылъыр тарихъым пылъ шIэныгъэлэжьхэмрэ литературоведхэмрэ шIэгъодэдэу алъытагъ, осэ ин къыфашIыгъ, ау зыгу римыхьынхэри къыкъокIыгъэх.

Олжас Сулейменовыр Кавказ заом фэгъэхьыгъэу бэрэ къысэупчIыщтыгъэ. ИгущыIэхэм нафэ къашIыщтыгъэ ащ зэрегупшысэрэр. Егупшысэ къодыягъэп, тарихъым хэшIыкI ин фыриIагъ, хъугъэ-шIагъэхэр, ахэр зыщыIэгъэ илъэсхэр, а хъугъэ-шIагъэхэм ахэлэжьэгъэ цIыфхэм ацIэхэр хэмыкъоу къыIощтыгъэх. Тарихъым ишъыпкъэу пылъыгъ – дунэе псаум итарихъ, Урысыем итарихъ, ежь зыщыщ казах лъэпкъым итарихъ. А зэкIэри зэрипхын ылъэкIыщтыгъэ, дунаим щызекIорэ Iофыгъо пстэури, ахэр зэрэзэкIэлъыкIохэрэри зы гупшысэ шъолъырым щызэригъафэщтыгъэх.

Олжас Сулейменовыр ишэнкIэ цIыф дыс хьазыр, акъылышIо, псынкIэ, теубытагъэ хэлъ. Зэфагъэм, шъыпкъагъэм, ежь ицыхьэ зытелъэу ышIошъ хъурэм пае ышъхьэкIэ зэобанэм зыхидзэн елъэкIы. Джащ фэдэ IэпцIэнэ зэо-банэм зэрэхэлажьагъэм пай Литературнэ институтым къычIагъэкIыгъагъ. Ежь ышIошъ хъурэ горэ, иныбджэгъу, бзылъфыгъэм ишъхьэлъытэныгъэ якъэгъэгъунэн емыгупшысэжьэу афэзбэнэн ылъэкIыщтыгъэ. Ар къаушыхьаты иусэхэми, тарихъ ушэтын Iофыгъоу зэрихьагъэхэми. ИшэнкIэ, идунэететыкIэкIэ Олжас Сулейменовыр бэнэкIо мыпшъыжь. Джары ащ ыгу илэжьыгъэ пстэуми гушъхьэлэжьыгъэ мэхьанэшхо къязытырэр. Ащ илэжьыгъэ творчествэм, анахьэу усэным, художественнэ псэлъэ лъэшым епхыгъэу щыт.

Усэныр – ар зэкIэмэ апэрэ. Олжас Сулейменовыр усакIо, ары анахь шъхьаIэу ащ хэлъри. УсэкIо ин, зыщыщ лъэпкъым иусакIохэм къахэщэу апэ ит. Ар ауштэу зыкIыщытри нафэ – ащ игушъхьэлэжьыгъэ казах лъэпкъым икультурэ хигъэткIухьагъ. Казах лъэпкъым икультурэ ыуж икъэлэмыпэ къычIэкIыгъэхэм дунэе псау культурэр лъапсэ афэхъугъ. Лъэпкъ зэфэшъхьафхэр – лъэпкъышхохэри лъэпкъ цIыкIухэри – гущыIэм зэфищэнхэ, зэрипхынхэ зэрилъэкIыщтым Олжас Сулейменовым ипоэзие зыпшъэ умыкIожьын ищысэу щыт.

Аужыпкъэм къэсIонэу сызыфаер: Олжас – урысыбзэкIэ тхэрэ усакIу, ау мэхьанэшхо зиIэ тхыгъэхэр икъэлэмыпэ къычIэкIынхэм ащ иурысыбзэ пэрыохъу фэхъугъэп. Ау иусэхэр гупшысэкIэ куух, зыми темышIыкIыгъэхэу, зыпарэми фэмыдэ къэIуакIэхэр усакIом ащигъэфедагъэх, къокIыпIэ поэзием ишэн-хабзэхэм атетэу гъэпсыгъэх. Ар дэдэм къэIогъэн фаер, иусэ сатыр пэпчъ европэ усэ зэхэлъхьакIэм илъэгапIэ зэрэтетыр ары. «ЩыI КъохьапIэ, щыI КъокIыпIэ,– ыIуагъ Олжас Сулейменовым,– щыIэп КъохьапIи, щыIэп КъокIыпIи, щыIэр Дунаем тет лъэпкъ пстэури зыхахьэрэ цIыфлъэпкъышхор ары». Сэ ащ къыхэзгъэхъожьынэу сыфай: щыI, къытхэт, къыддэпсэу

иакъылрэ ышІэн ылъэкІыгъэмрэкІэ адрэхэм къахэщырэ усэкІо, гупшысэкІо ин, Олжас Сулейменовыр казах лъэпкъым ыкъо шъыпкъэ.

*2015-илъэс*

## Скъош ныбджэгъушІу

Шъэогъу дэгъу уиІэныр, ар уигъашІэ щыщыныр, уигушІуагъуи, уигукъауи епхьылІэмэ, укъызэхишІыкІыныр, игукІэгъу фаби, иджэнджэшыгъэ Іуши, иушъый шъаби къыпхэлъынхэр зымыуасэ щыІэп. Ащ фэдэ ныбджэгъу-шъэогъушІоу сиІэмэ ХьашІуцІэ Мыхьамэт зэу ащыщ. Арырэ сэрырэ мазэм зэ тызэІумыкІэу е тхьэмафэм тІо-щэ телефонкІэ тызэфытемыоу къыхэкІырэп. ТызызэІукІэрэм е тызызэфытеорэм «сыдэу дэгъуа непэ тызэрэзэрэлъэгъугъэр, умакъэ зэрэзэхэсхыгъэр, скъош нахьыжъышІу» къысеІо, сипсаунигъэ, сиІофмэ къакІэупчІэ, сэри скъош нахьыкІэ ипсаунигъэрэ иІофхэмрэ зэсэгъашІэ, къыддэхъурэ щыІэмэ, тызэфэгушІо, тызэрэгъэгушхо, тызыщыщ адыгэмэ ятарихъ блэкІыгъэ, янепэрэ щыІакІэ, тихэгъэгу иІофыгъо зэфэшъхьафмэ татегущыІэ, тІэкІэлъ сэнэхьатым къызэрихьэу ахэр нэмыкІ цІыф лъэпкъхэм зэрахэтхьащт-зэрядгъэшІэщт шІыкІэм теусэ.

Тэ тІуми тытхакІу, зы лъэпкъ гурышэ-гупшысэ инхэм тызэлъаІыгъ, ау щытми, тэркІэ хэгъэгу гупшысэр зэкІэми апшъ. Шъыпкъэ, Мыхьамэт зы лъэныкъокІэ сэ къысэшІушІэкІы: ар непэкІэ зыпшъэ умыкІожьын журналистэу адыгэмэ къахэкІыгъ. Къэбэртэе-Бэлъкъар республикэм къыщыдэкІырэ гъэзетэу «Адыгэ псалъэм» иредактор шъхьаІ. Адыгэ, Къэбэртэе-Бэлъкъар, Къэрэщэе-Щэрджэс республикищми, ІэкІыб хэгъэгу пчъагъэхэми ащыпсэурэ адыгэхэр гухэлъ дэгъухэмкІэ зэзыпхырэ, шІукІэ ялъэпкъ шІэжь къэзыІэтырэ, ягупшысэ чыжьэу зыгъаплъэрэ общественнэ ІофшІэкІошху, зэтынэкІыгъэ зэманым тщигъэгъупшэгъэгъэ «интернационалист» гущыІэр джыдэдэм иІофшІэнхэмкІэ къэзыгъэшъыпкъэжьырэ интернационалист шъыпкъ, адыгагъэм, цІыфыгъэм, зэкъош-зэдэпсэуным, ахэмэ азыфагу дэлъ мамырым ылъапсэ зыгъэпытэрэ, ар лъызыгъэкІотэрэ цІыфышІу.

ХьашІуцІэ Мыхьамэтрэ сэрырэ тихэгъэгу ичІыпІэ зэфэшъхьафмэ ащыпсэурэ адыгэ унагъомэ такъырыхъухьагъ. ЧІыпІэ-чІыгукІэ тызэпэчыжьагъэми, тинахьыжъмэ яегъэшІэрэ кІэныжъ адыгэ щыІэкІэ-псэукІэм тянэ-тятэмэ тыфапІугъ, ІэкІэ мытхыгъэ адыгэгъэ-конституцием тилэжьыгъ, къэдгъэшІэгъэ илъэс пчъагъэхэми ащ тыщигъэІагъ, джыри тыщигъэІэнэу тыщэгугъы.

ХьашІуцІэ Мыхьамэт Къэбэртэе-Бэлъкъарым икъуаджэу Зэикъо къыщыхъугъ, сэ Краснодар краим ит Шъхьэщэфыжь къуаджэм сыкъыдэхъухьагъ. ТитІо нэІуасэ тызызэфэхъугъэр 1969-рэ илъэсыр ары. Сэ илъэс 37-рэ сыныбжьыгъ, Мыхьамэт илъэс 15-кІэ сэщ нахьи нахьыкІагъ. ЗэкІэми анахь гъэшІэгъоныр турист куп тызэдыхэтэу егъэзыгъэ-тхьамыкІагъокІэ зичІыналъэ зэрагъэбгынагъэ адыгэмухьаджырхэр зыщыпсэухэрэ Сирие хэгъэгур ары титІо апэрэу тызыщызэІукІагъэр. ПэшІорыгъэшъэу «гъэшІэгъоны» сэзыгъэІуагъэм лъапсэ имыІэу щытэп: шъыпкъэр пІонэу хъумэ, джа адыгэ тхьамыкІэгъо тарихъ блэкІыгъэу илъэсишъэрэ шъэныкъорэм къехъу зытешІагъэр арэу къычІэкІын титІо тызэрэмышІэу тызэфэзыщагъэр, тиадыгэгу гупшысэгумэкІ нахь зэпэблагъэ тызэфэзышІыгъэр, ащ итео макъэ нахь чыжьэу зыгъэІугъэр.

Джы къызнэсыгъэм, илъэс шъэныкъо фэдиз зытешІэжьыгъэ уж Сирием щытлъэгъугъэгъэ адыгэхэр, ахэмэ язакъоп, арабхэри, курдхэри, нэмыкІ цІыф лъэпкъхэри арых, сынэгу кІэтых, сщыгъупшэжьхэрэп. ЕгъэзыгъэкІэ Сирие хэгъэгу чыжьэм ифэгъэ адыгэхэм ящыІэкІэ-псэукІэ къызэдгъэлъэгъунэу, нэІуасэ тыфэхъунэу ары тызыкІэкІуагъэр, тызыхэфагъэр узиджагъо охъу, тхьамыкІагъу: Израиль заокІэ зэлъиубытыгъэ Джолан тхышъхьэ адыгэ чылэхэм зышъхьэ къадэзыхыжьыгъэ мухьаджырхэм Дамаск, ащ пэгъунэгъу псэупІэ бгынэжьыгъэхэм, псэолъэныкъошІ зэфэшъхьафхэм тащыІукІагъ, ятхьамыкІэгъогузэжъогъу тинэрылъэгъу хъугъэ... Джыри гъэшІэгъоныр, непэ, 2016-рэ илъэсым, ислъам хэгъэгукІэ зэджэжьырэ

ИГИЛ-ыр зэрыхьэгъэ, зыщызаорэ Сирие хэгъэгум джа дэдэр къыщэхъу... Ахэмэ ягугъу мы стхырэм къыщысымышIыгъэми хъущтыгъэ шъхьакIэ, сикъызтегущыIэрэ ХьашIуцIэ Мыхьамэт тхакIошъ, журналистышъ, ыгу ихъыкIырэмэ, игумэкI-еплъыкIэмэ, зэрэдунаеу зыгъапэрэ Iофыгъохэм ари зэрагъапэрэм сащыгъуазэшъ, икъэлэмыпэ къычIэкIырэ лэжьыгъэхэмкIэ Iофышхо зэришIэрэр, зэмыблэжьэу джыри тапэкIэ зэришIэщтыр, гупшысэшIумэ уакъыфэзгъэущыщт, тиныбжьыкIэхэр зыпIущт-зылэжьыщт тхылъ дэгъухэр зэритхыщтхэр, адыгэ, урыс, араб, тырку цIыф лъэпкъхэм, нэмыкIхэм ямамыр зэфыщытыкIэ зэрэзэрипхыщтыр, зэрэлъигъэкIотэщтыр шIошъхъуныгъэ ин фысиIэу къэсэIо.

«ШIу зышIэрэм шIу фыщылъ» аIуагъ. ЦIыфым ишIушIагъэ зыфэдэр къызэрэпшIэщтыр изэфагъэрэ исэнаущыгъэрэ къызфигъэфедэхэзэ, зыщыщ цIыф лъэпкъым е ихэгъэгу фишIэгъэ Iофышхохэр ары. Джарэущтэу зилъэпкъ, зихэгъэгу зышъхьамысыжьэу фэлэжьагъэмэ зэу ащыщ ХьашIуцIэ Мыхьамэт. Арышъ, адыгэ журналистикэм, адыгэ литературэм яхъишъэ лъэуж дахэ къыхэзгъэнэщтхэм ар сэ ахэсэлъытэ. Аущтэу сэзгъэIон IофшIагъэхэр игугъу рыпшIынэу иI Мыхьамэт. ГущыIэм пае, ащ ыIэдакъэ къычIэкIыгъэ тхылъхэу «Сигугъэ сикъошъожъый», «Огу жъуагъо чIылъэ жъуагъу», «Адыгэ мамлюкхэр», «Щикъуащ адыгэр дунаижъым», «ТекIоныгъэм и Маф», «Лъэуж», «Хымэчlым жъуагъохэр щыкIыфых», нэмыкIхэри адыгабзэкIэ, «Синие горы Кавказа», «Одна судьба – одна дорога», «Юрий Темирканов», «Всадник чести», «День Победы», «Черкесы в Израиле», «Точка отсчета» – урысыбзэкIэ къыдэкIыгъэхэр адыгэ литературэм ихъарзынэщ хэхьагъэх. Мыхэмэ адакIоу ХьашIуцIэ Мыхьамэт журналэу «Черкесский мир», зэхэугъоягъэу тхылъ шъэныкъо хъущт «Черкесика» зыфиIорэмэ якъыдэгъэкIын кIэщакIо афэхъугъ.

Къэспчъыгъэ тхылъхэр зикъэлэмыпэ къыпыкIыгъэ, гъэзетхэм, журналхэм якъыдэгъэкIын зигупшысэшIумэ къахэкIыгъэ ХьашIуцIэ Мыхьамэт общественнэ-политическэ IофшIэнэу непэ ылэжьырэри макIэп. Ар Къэбэртэе-Бэлъкъар республикэм и Адыгэ Хасэ итхьамат, Къэбэртэе-Бэлъкъар республикэм и Общественнэ палатэ щыщ, Дунэе Адыгэ (Черкес) Хасэм и Совет хэт, ХьашIуцIэм ыпкъ къикIыкIэ Адыгэм и Мафэ хагъэунэфыкIынэу Къэбэртэе-Бэлъкъар республикэм щырахъухьагъ, «Сыбзэ – сыпсэ, сидунай» зыфиIорэ фестиваль зэхэщэ купым иунэшъошI, республикэм щекIокIырэ Iофыгъо пстэуми мыпшъыжьэу ахэлажьэ, IэкIыб хэгъэгухэм ащыпсэурэ тилъэпкъэгъухэми ренэу ынаIэ атет – ягушIуагъо адеIэты, гузэжъогъу хэфагъэхэмэ, IэпыIэгъу афэхъу, ягухэкI-гукIае адегощы.

ХьашIуцIэ Мыхьамэт анахь шIушIэгъэ инэу фэслъэгъурэмэ ащыщ хэкужъым исхэр хэхэс адыгэмэ къахэкIыгъэ цIыф цIэрыIохэм: къэралыгъо IофышIэхэм, дзэпэщэшхохэм, шIэныгъэлэжьхэм, тхакIохэм, композиторхэм, артистхэм, спортсменхэм, сыд фэдэрэ лъэныкъо гъэзагъэми, нэIуасэ зэрафишIыгъэхэр. Ахэмэ апылъ хъишъэм икъэгъотыжьын, изэгъэуIун, икъыхэутын ащ Iофыбэ дишIагъ, охътаби тыригъэкIодагъ. Непэ къызнэсыгъэми IэкIыбым гъэхъагъэхэр щызышIыгъэ адыгэмэ алъэхъу, ахэмэ афэгъэхьыгъэуи къыхеутых.

ХьашIуцIэ Мыхьамэт ехьылIагъэу къэсIуагъэхэр сшъхьэкIэ еслъэгъулIэгъэ хъугъэ-шIагъэхэмкIэ джы къэзгъэшъыпкъэжьыных. Мафэ горэм, бэ тешIагъ ар зыхъугъэм, телефонкIэ Мыхьамэт къысфытео: «Иорданием щыпсэурэ Хъунэго Надия усэхэр зэритхырэм ущыгъуаза?». «Сыщыгъозэ къодыеп, Адыгэ хэкум къызэкIом, нэIуасэ тызэфэхъугъ, иусэхэм сяджагъ, гъэшIэгъоных, адыгэ хэхэс гумэкIым зэредзэ». «Ащыгъум Тыркум щыпсэурэ абдзэхэ Енэмыкъо Мэулид иусэу «Сыхэт сэ?» зыфиIорэм къэбэртэебзэ IуакIэм илъэу сыкъыпфеджэн, къедэIу: «Тырку шIыналъэм сыщыпсэумэ, Си лъэпкъыцIэшъ «тырку», Хьарапышыр лъахэ схуэхъумэ, Сэ къысфIащ «хьарап». Щэхуу щыIэм я нахъыкIэр Куэдрэ къызапэс. Псалъэу щыIэм я нахъ жъагъуэр Сэ къызадз: «хэхэс». Сыщыпсэуми къэрал Iэджэм, сэ сыхъуащ хэкуншэ. Я дэ ди Тхьэ, Хэку зимыIэр сыту насыпыншэ!»

ЕтIанэ, илъэс заулэ тешIагъэу, адыгэ гупшысэмрэ адыгэ шIэжьымрэ яIофшIэкIо ХьашIуцIэ Мыхьамэт IэкIыб хэгъэгубэмэ ащыпсэурэ усэкIо шъэныкъорэ тIурэмэ атхыгъэхэр

къыхеутых, ахэр дунаим тетэкъуагъэхэми, ятэжъмэ яхэкужъ кlэн зэращымыгъупшэрэр, ти Урысые Федерацие щызэхэщэгъэ республикищмэ агурэ анэгурэ къазэрэфэгъэзагъэр зымышlэрэмэ арегъашlэ, ащ фэдэ lофшlагъэхэмкlи, нэмыкl зекlокlэ-гъэпсыкlэхэмкlи ядыгагъэ зыкъырегъэlэты, зы лъэпкъ гъэнэфагъэкlэ дунаим тызэрэтетыр, сыдрэ lофыгъокlи ащ тиlахьышlу зэрэхэтшlыхьэрэр, зэрэдгъэбаирэр агурегъаlо.

Зытет шъыпкъэр къэпlонэу хъумэ, Хьашlуцlэ Мыхьамэт адыгэ тарихъым, адыгагъэм, цlыфыгъэ зэхэхьэкlэ-зэхэтыкlэм хэшlыкl дэгъу афырил. Адыгэмэ язакъоп, ахэр зыщыпсэурэ хэгъэгухэм яхэбзэ-бзыпхъэхэмкlи ухигъэукъощтэп, сыдрэ lофкlэ уеупчlыгъэми, джэуап гъуазэ къыуитыжьыщт. Ащ иакъылрэ игупшысэрэ, игулъытэрэ инэплъэгъурэ бэмэ анэсы. Мысырым султlан щыхъугъэ адыгэ мамлюкхэм, Урысыем фэшlушlагъэ адыгэ Черкасскэхэм къащегъэжьагъэу непэрэ адыгэ цlыф пэрытмэ ащыкlэкlыжьэу ясурэтхэр еугъоих, ацlэхэмрэ алъэкъуацlэхэмрэ акlэтхэжьыгъэу гъэзетмэ къарегъахьэх, тхылъхэм къадегъахьэх. Ясурэтхэр щымыlэхэмэ, ежь къызэрэщыхъу-къызэрэшlошlэу художникхэм афиlуатэзэ, арегъэшlы, адыгэ тарихъым ахэр нэпээплъ щытфешlых.

Ары, Хьашlуцlэ Мыхьамэт игулъытэ-сэнаущыгъэ гъунэнчъ. lэкlэлъ сэнэхьатым шыхэр пэчыжьэхэми, адыгэ шыхэм афэгъэхьыгъэу еупчlи, ацlэмэ, апылъ къэбармэ ащыкlэкlыжьэу, сэмэркъэу тlэкlуи кlэпхъагъэу, къыпфиlотэщт. Къэбар кlэкl щхэнхэми, мэкъэ зэблэхъу задишlызэ, якъэlотэн фэlаз.

Дунэе Адыгэ (Черкес) Хасэм ипрезидентэу Сэхърэкъо Хьаути типащэу мэфиблым къехъу Тыркуем, Иорданием, Израиль тазыщэlэм, Хьашlуцlэ Мыхьамэт дэсымышlэщтыгъэу, гъэшlэгъон сщыхъоу щыгъуазэ сызфэхъугъэми джы игугъу къэсшlын. Иордание, Израиль хэгъэгу цlыкlухэм зэщыгъо тыщимыфэу Тыркуем тыкъэкlуагъ. Тихэсэ lофыгъохэр Бурсэрэ Анкарарэ защытэухым, Истамбыл кlорэ гъогу кlыхьэм, километрэ шъихым къехъурэ гъогум, Къушъхьэ Догъан имашинэкlэ тыкъытехьагъ. Къэбар зэфэшъхьафмэ нэбгыриплlым татегущыlэзэ, сыхьатым къехъу тыкъэкlуагъэу Къушъхьэ Догъан зэрэорэдыlо дэгъур Сэхърэкъо Хьаути ешlэти, риlуагъ: «Уиорэдмэ ащыщ горэм, Догъан, тегъэдэlу, Мыхьамэтрэ сэрырэ тыкъыбдежъыун, Исхьакъи дгъэзэщынэп». Сыхьатныкъо пlалъи къэтымычъыгъэу сызигъусэхэр зэрэорэдыlо lазэхэр къызгурыlуагъ, ау нибжьи есымыпэсыгъэу орэдыlо lазэм нахь lазэжьэу Хьашlуцlэ Мыхьамэт къычlэкlыгъ. Ащ къыхидзэмэ, мыдритlур дежъыужьызэ, Хьаутийрэ Догъанрэ къыхадзэмэ, Мыхьамэт адежъыужьызэ, мэфэ гъогур псынкlэу къызэпытчыгъ. Згъэшlэгъуагъэр Хьашlуцlэм есымыlон слъэкlыгъэп: «Уорэдыlо lаз, Мыхьамэт». «Аущтэу оlомэ, сигуапэ, ау, сыгу къео гори къыосlон: къэшъуакlэ сшlэрэп». «Зы дагъо горэ уиlэмэ, lофэп»,– сэри скъош нахьыкlэ сесэмэркъэужьыгъ.

Джащ фэдэу адыгэ лlы шъыпкъ, цlыф гъэсагъ адыгэ лъэпкъым фэлажьэрэ, адыгэ гупшысэр зыlэтырэ, зиилъэс 70-рэ зыфыхэдгъэунэфыкlырэ Хьашlуцlэ Мыхьамэт Мусэрбый ыкъор. Опсэу, отхъэжь, сикъош, псаунагъэ пытэ уерэl, уибэрэчэтыгъэ уиунагъо ерэлъ, уисабыймэ ахэрэлъ, джыри адыгэ шlэжьым зиужьыжьынымкlэ гъэхъэгъабэ зэшlопхэу узыщыпсэурэ-узыфэшlушlэрэ хэгъэгум ущынасыпышlонэу сыпфэлъаlо.

*2016-рэ илъэс*

## Владимир Шугля – усэкlо дэгъу

Владимир Федорович Шугля Тюмень щэпсэу. Тюмень «дэс» clорэп, «щэпсэу» сэlо нахь. Тюмень зэрэкъалэр къыдэплъытэмэ «дэс» пlоныр нахь тэрэз. Ар къызыхэкlырэр – Владимир Шугля зэрэ Усакlор ары. Усэкlо ин, Усэкlо шъыпкъ. Александр Блок зэриlощтыгъэу, зэкlэми ацlэ занкlэу къезыlорэ Цlыф. Дунаир шъхьафэу зылъэгъурэ, тинепэрэ псэукlэ загъорэ къыхэфэрэ шэныжъхэм апэуцужьырэ цlыф. Сыдэущтэуи уапэмыуцужьыщта, щыlэныгъэ-псыхъошхоу чъэрэм уемыжагъэу псычъэпlэ къуладжэр ехъожьмэ, а зыпэ укъикlмэ уезыхьыжьэщт орышхом

фэдэу лъынтфэхэм лъыр ащыбыжъуатэу регъажьэмэ, къушъхьэ цэкIэшхохэу зызыIэтхэрэм азыфагу дифызэгъэ псыорэу шъхьафитныгъэ-кIэхъопсэу гур къытеомэ. Владимир Шугля лъэпкъ лъапсэкIэ белорус, ау Урал къыщыхъугъ, ищыIэныгъэ Урысыем рипхыгъ. ИинагъэкIэ, иакъылышIуагъэ нэхъой хьалэлыгъэкIэ Беларуссиер угу къегъэкIы. Урал фэдэкъабз цIыфи, псэушъхьи, хъап-щыпи, сыд фэдэ нэмыкI дунай байныгъи, гушъхьэлэжьыгъэ зэмыхъокIыжьырэ мылъкури зэрэзэригъэуIурэмкIэ.

Тидунай хэлъ пстэуми Шугля усакIоми идунай къагъэпсы: нэкIэ плъэгъун умылъэкIыщт поэтическэ ыкIи цIыфыгъэ лъэпсэ пытэр зинэшэнэ гушъхьэлэжьыгъ. УсакIом идунай нэмыкI шъыпкъэу къэтэлъэгъу, ыцIи ау зэмыхъокIыжьын мэхьанэ зиIэ егъашIэм тшIэрэ гущыIэу зэхэтэхыжьы: атэжъ хэку, хэгъэгу. Джа хэгъэгоу къызэрыкIом итемэнрэ жъалымыгъэмрэ тызщябэнырэ, зыгу шъабэ цIыфхэр, зыпсэкIэ зихэгъэгу фэшъыпкъэхэр дзэкIолI шыоу, зыч-зыпчэгъоу зыщызэкъотхэр ары. Ащ фэдэ шыу пэпчъ имэфакIэ шIугъэмрэ зэфагъэмрэкIэ ушъагъэ, анахь лъапIэу иIэ и Хэгъэгу къыухъумэным фэхьазыр.

Я каждый день страницы жизни
Пишу, как боль души своей,
Встречая над землёй Отчизны
Рассвет, что соли солоней.

Владимир Шугля зэрэ УсакIом къыхэкIэу дэгъоу ешIэ ти Хэгъэгу ишъхьафитныгъэ къызэрэуухъумэн фаер. Беларусьри Урысыери урыс дунаим изыIахьэгъух. Ахэм азыфагу зыкIыныгъэ илъыным пае непэ тищыIэныгъэ тышъхьасырэп. ЛIэныгъэм гушхоу, псэемыблэжьэу тыпэгъокIы: «ПцIымрэ дышъэмрэ чIыгум къыщекIокIых, ПцIыкIэ Дунай нэфыр къаушъэ… Шъыпкъэм исэпацэ жъоныгъокIэ жьыбгъэу, Илъэс минхэм усакIохэм зэпырахы».

ЦIыфэу хьал гъэнэфагъэ Тхьэм къызыхилъхьагъэхэм апае, ашъхьэ Iэ къыщифагъ аIо. ЕIолIэнчъэу ахэм ащыщых усакIохэри. УсакIохэр арых цIыф нэшанэхэм, хабзэхэм яухъумакIохэр: «УсакIор – хэта? Ар хъугъэм е джыри мыхъугъэм ишыхьата, ахэр инэрылъэгъуха? Дэгъоу сэшIэ – мы дунаим щыIэныгъэм икIапсэ зыщызэпычыщтыр, Аужырэ усакIом идунай зихъожьыкIэ ары…»

Зыми хэмыкIокIэрэ образэу къыгъотыхэрэм, иусэ сатырхэм зыми фэмыдэ мэкъамэу ахилъхьэрэм апае Владимир Шугля сызэрэфэразэр есIомэ сшIоигъу. Мары, гущыIэм пае, мыщ фэдэ усэхэр:

Вновь детством небесным
Весна разлилась без предела…

Е гум мыщ фэдэ поэтическэ образэу къытыгъэм пае:

Как светло в этой росстани!
И поля, и леса, и жнивье…

Уходящими звездами
Здесь начертано имя твое.

Е ихэгъэгу шIулъэгъоу фыриIэр шъхьаихыгъэу мырэущтэу къызэриIорэм пае:

Заря одела сбрую
На облаков стада.

О Русь! О Родина моя,
Моя израненная нежность.

Сэ, адыгэ-щэрджэс усакIоу, я 19-рэ лIэшIэгъум щыIэгъэ Урыс-Кавказ заом илъэхъан, зилъэпкъ кIодыным нэсэу тхьамыкIэгъошхохэр зыпэкIэкIыгъэм, ащ емылъытыгъэу ижъыкIэ иIэгъэ щыIэкIэ-псэукIэм, лъэпкъ шэн-хабзэхэм афэшъыпкъэу къэнагъэм къыхэкIыгъэм, сыгу къыгъэбырсырыгъ Владимир Шугля IэкIыб тфэхъурэ зэманыжъым фэгъэхьыгъэ усэу икъэлэмыпэ къычIэкIыгъэм. Сэ слъы хэлъ шъыпкъэу, сызгъэгумэкIырэмэ афэзгъадэу а сатырхэм, сяджагъ, тимышэнми, хъулъфыгъэ нэпс макIэри сынэхэм къячъагъ:

«Средь городского суесловья. Сумятицы машин и гула, Красою лет – забытой, вдовьей – Притих старинный переулок. Как будто замер, правя тризну По старине, по

русским сёлам – Не осквернённый урбанизмом Веков пронзительный осколок. И незаметно стало чисто На сердце в благостной минуте... Я видел Русь в молитвах истых, В резных узорах русской сути...»

Гу къабзэрэ псэ къабзэрэкIэ «Тхьэм уегъэпсэу» есэIо силъапIэу Шугля усакIом. Ау IэкIыб тфэхъурэ дунэе тетыкIэхэм язакъоп усэкIо шъыпкъэм ипсынэкIэчъ зыдэщыIэм инэплъэгъу, джащ фэдэу игупшысэхэр тапэкIэ къэхъущтым афэгъэзагъ. Зэрэдунаеу къытырэ шIугъэхэри макIэу къыщэхъу, щыIэныгъэм иIэшIугъэ зэхишIэнымкIэ: «Сыдэуи ба ыкIи сыдэуи макIа тэ тищыкIагъэр, Сыдэуи щыIэныгъэм тэ тыфаблэра».

ЛIэшIэгъу пчъагъэхэм ащыпсыхьэгъэ ныбджэгъуныгъэм ехьылIэгъэ хэбзэ шIагъо Кавказым илъ. Сыд фэдэ лъэпкъ щыщхэми, лъыкIэ зэхэмытхэми цIыфхэр зэкъош хъунхэм ар фэгъэхьыгъ – апсэкIэ агурэкIэ зын къымылъфыгъэ зэш мэхъух. ЕIолIэнчъэу, Владимир Шугля усэм благъэ къысфишIыгъэ сшы. Итворчествэ ренэу хигъэхъон амал иIэу илъэсыбэ къыгъэшIэнэу, литературэм ишыгу-лъэгапIэхэу Кавказым икъушъхьэ анахь лъагэхэу Эльбрусрэ Ошъутенэрэ язгъапшэрэм иусэ пэпчъ кIуачIэу ахэлъыр афэдэнэу сыфэлъаIо.

*2016-рэ илъэс*



# ЛIЫХЪУЖЪЫМ ИЧАТЭ УЦЭКУРЭП

## Лъэпкъ тхакIу, иIэшэ шъхьаIэр адыгабзэр ары

Адыгэ лъэпкъ литературэм иклассикэу МэщбэшIэ Исхьакъ Адыгэ Республикэм, Темыр Кавказым, Урысые Федерацием ялитературэ чIыпIэ ин щызыубытыгъэ тхакIу, усакIу. Ащ адыгэм имызакъоу, урысые, дунэе литературэхэми ахилъхьагъэр хэхъоныгъэу афишIыгъэр иныю. СатыриплI хъурэ усэхэм къащегъэжьагъэу адыгэ хъишъэм куоу тыхэзгъэплъэжьыгъэ, тыкъызэзгъэшIэжьыгъэ тарихъ романхэм ащыкIэкIыжьэу, бзэ зэфэшъхьафхэмкIэ зэдзэкIыжьыгъэхэу МэщбашIэм ылъэкъуацIэ атетэу тхылъи 100-м ехъу къыдэкIыгъ. Къызщыхъугъэ лъэныкъомрэ къызхэкIыгъэ лъэпкъымрэ афэшъыпкъэу афэтхагъ, творческэ гъэхъагъэу, общественнэ-политическэ IофшIагъэу иIэхэм апае хэгъэгум илитературэ премие анахь инхэр, орденхэр, медальхэр къыфагъэшъошагъэх. А пстэумэ къябэгъокIэу, лъытэныгъэ МэщбэшIэ Исхьакъ къыфязгъэшIырэр, зыгъэлъапIэрэр, игъогу фэзгъэнэфырэр ицIыфыгъ, ыгу икъэбзагъ, ыпсэ ихьалэлыгъ. ГъашIэм икъин зыкъыримыгъэщэу, игъэхъагъэхэм ышъхьэ аримыгъэуназэу къырыкIуагъ. АщкIэ цIыфмэ, лъэпкъым шъхьэкIафэ къызыфаригъэшIыгъ.

МэщбэшIэ Исхьакъ непэ зынэсыгъэ лъэгапIэм укъеплъыхмэ, гъогуонабэкIэ зэхэкIырэ зы гъашIэ олъэгъу. ТхакIом къыIэкIэкIыгъэхэм уащыгъуазэмэ, ежьым игукъэкIыжьхэмрэ ипсэлъэ Iушхэмрэ уядэIугъэмэ, а зигугъу къэсшIыгъэ гъашIэм изэхэлъыкIэ еплъыкIэ гъэнэфагъэ фиуиIэ мэхъу. Сэ синасып къыхьыгъ МэщбэшIэ Исхьакъ итхылъхэмкIэ зэрысшIэрэм имызакъоу, ышъхьэкIи сшIэнэу, нэIуасэ сыфэхъунэу, «Адыгэ псэлъэ» гъэзетым иредактор шъхьаIэу, Къэбэртэе Адыгэ Хасэм итхьаматэу ХьашIуцIэ Мыхьамэтрэ тхэкIо цIэрыIоу МэщбэшIэ Исхьакърэ язэныбджэгъуныгъэ бэрэ сызыкIэхъопсыгъэ зэIукIэгъур къэкIуапIэ фэхъугъ. Мыхьамэт тыригъусэу Адыгеим тыкIуагъэу Исхьакъ тыIумыкIэу, итхылъыкIэхэмкIэ къыт-

фэмыусэу, игупшысэ куухэмкӀэ къыддэмыгуащэу зыкӀи къыхэкӀыгъэп.

Мары джырэблагъи ХьашӀуцӀэм ихьатыркӀэ сыдигъокӀи тыгъэпсыр зыдэгукӀэгъэ Мыекъуапэ гум къинэжьыгъэ мафэ щыдгъэкӀуагъ. А мафэм Исхьакъ тиупчӀэхэм яджэуапхэр къаритыжьэу, игукъэкӀыжьхэмкӀэ къыддэгуащэу, ищыӀэныгъэ щыщ пычыгъохэм тащигъэгъуазэу тыкӀэрысыгъ. Мы тизэӀукӀэгъу ушъхьагъу фэхъугъэр МэщбашӀэм ыныбжь 2016-рэ илъэсым, жъоныгъуакӀэм и 28-м илъэс 85-рэ зэрэхъурэр ары. Ащ ипэгъокӀэу Дунэе Адыгэ Хасэм 2016-рэ гъэр Мэщбэшӏэ Исхьакъ иилъэсэу унашъо ышӀыгъ. А унашъом къызэрэщиӀорэмкӀэ, АР-м, КъБР-м, КъЩР-м тхэкӀошхом фэгъэхьыгъэу адыгэхэр зыщыпсэухэрэ хэгъэгухэу Иорданием, Турцием, Сирием, Израиль зэӀукӀэхэр, пчыхьэзэхахьэхэр ащызэхащэщтых. Ахэмэ тхакӀом итворчествэ, гупсэф къеzымытырэ лъэпкъ Ӏофыгъохэм ащатегущыӀэщтых.

Тэ Мэщбэшӏэ Исхьакъ игъашӀэ, идунэететыкӀэ, игупшысэхэм яхьылӀагъэу къытиӀуагъэхэр шъуапашъхьэ къитлъхьаным ыпэкӀэ, ащ гъогоу къыкӀугъэмрэ иӀофшӀагъэхэмрэ кӀэкӀэу нэӀуасэ шъуафэтшӀын.

*Мэщбэшӏэ Исхьакъ 1931-рэ илъэсым Краснодар краим хахьэрэ Шъхьэщэфыжь къуаджэм къыщыхъугъ.*

*1951-рэ илъэсым Адыгэ кӀэлэегъэджэ училищэр, 1956-рэ илъэсым Литературнэ институтэу Москва дэтыр, КПСС-м и ЦК и Апшъэрэ партийнэ еджапӀэ журналистикэмкӀэ ифакультет гъэхъагъэ хэлъэу къыухыгъ. 1949-рэ илъэсым къыщыублагъэу итхыгъэхэр къыхаутых.*

*Джа уахътэм къыщегъэжьагъэу тхакӀом адыгабзэкӀэ къыдигъэкӀыгъэх иусэхэмрэ ипоэмэхэмрэ зэдэт тхылъхэр: «Цӏыф лъэшхэр», «Сидунай», «ОрэдыкӀ», «Жъогъобын», «Пщыналъ», «Лъэоян», «Лъэмыджхэр», «Тыгъэгъаз», «Мэфэгум итыгъэ фаб», «Гъэтхэ огум иорэд», «Жъогъо лъагэм инэфыпс», «Тыжьын ощх», «ШӀум илъагъу», «Усэ-гупшысэхэр», «Шыу машӀу», «Тхылъищ хъурэ зэхэугъоегъэ тхыгъэхэр», «ТхылъитӀу хъурэ зэхэугъоегъэ усэхэр», «Уахътэм ищэрэхъ», «ПсынэкӀэчъ», «СатыриплӀхэр», «УсэкӀэ тхыгъэ пшысэхэр», нэмыкӀхэри. Романхэу: «Агъаерэм ежэжьхэрэп», «Цӏыфыр тӀо къэхъурэп», «Илъэс фыртынэхэр», «Нэфшъэгъо лъагъохэр», «Бзыикъо зау», «Щагу хъурай», «ШӀу шӀи, псым хадз», «Гощэунай», «Мыжъошъхьал», «ГъэритӀу, «Хъан-Джэрый», «Рэдэд», «Адыгэхэр», «КъокӀыпӀэмрэ къохьапӀэмрэ», «Айщэт», «Джасус», «Чӏыгу-огу зэнэсым сыда щыӀэр?», «Рафыгъэхэр», «Хэхэсхэр», «Тхылъ тӀокӀ хъурэ тхылъ зэхэугъоягъэхэр», нэмыкӀхэри.*

*МэщбашӀэм адыгэ лъэпкъ литературэм гъэхъэгъэшхоу хишӀыхьагъэмэ апае Адыгэ, Къэбэртэе-Балъкъар, Къэрэщэе-Щэрджэс республикэхэм ялъэпкъ тхэкӀо цӀэ лъапӀэр къыфаусыгъ, СССР-мрэ Урысыемрэ я Къэралыгъо премиехэм, Шолоховым, Островскэм ацӀэкӀэ щыт литературэ премиехэм ялауреат, Дунэе Адыгэ Хасэм литературэмкӀэ ипремие къыфагъэшъошагъ.*

*Гъэхъэгъэшхохэу хэгъэгу литературэм щишӀыгъэхэм апае Урысыем иорденэу «За заслуги перед Отечеством» зыфиӀохэу я II-рэ, я III-рэ, я IV-рэ степень зэкӀэлъыкӀо зиӀэхэр, орденхэу «Дружбы народов», «Честь и Слава Абхазии», медальхэу «Адыгеим и Щытхъузехь», «За выдающийся вклад в развитие Кубани», Адыгеим и Къэралыгъо Совет — Хасэ итамыгъэу «Закон. Долг. Честь» зыфиӀохэрэр къыратыгъэх. Исхьакъ илъэсыбэрэ Адыгэ хэку Советым, СССР-м и Апшъэрэ Совет ядепутатыгъ, джыдэдэм УФ-м и Общественнэ палатэ хэт.*

*МэщбашӀэм Адыгэ Республикэм и Гимн хэт гущыӀэхэр ытхыгъэх. Урыс тхэкӀошхохэм ятхыгъэхэм ащыщхэр, КъурӀаныр гъусэ иӀэу адыгабзэкӀэ зэридзэкӀыгъэх, иусабэхэр композиторхэм агъэфеди, орэд цӀэрыӀо хъугъэх. ТхакӀом ытхыгъэхэм ащыщхэр инджылызыбзэкӀэ, испаныбзэкӀэ, нэмыцыбзэкӀэ, китаибзэкӀэ, французыбзэкӀэ, арабыбзэкӀэ, тыркубзэкӀэ, чеххэм, болгархэм, нэмыкӀ хэгъэгухэм абзэкӀэ зэрадзэкӀыгъэх.*

*Мэщбэшӏэ Исхьакъ Адыгэ Республикэм итхакӀохэм я Союз илъэс пшы пчъагъэ хъугъэу итхьамат. Урысыем итхакӀохэм я Союз итхьамэтэ гуадз, СНГ-м хахьэрэ къэралхэм ятхакӀохэм я Союз игъэцэкӀэ куп ипащэ игуадз, Дунэе Адыгэ Хасэм инахьыжъхэм я Совет итхьамат, ШӀэныгъэхэмкӀэ Дунэе Адыгэ академием, ШӀэныгъэхэмкӀэ Абхъаз академием яакадемик. Адыгэ къэралыгъо*

*университетымрэ Мыекъопэ къэралыгъо технологическэ университетымрэ ядоктор гъэшIуагъ, Къэбэртэе-Бэлъкъар университетым ипрофессор гъэшIогъэацIэр къыфагъэшъошагъ. Мыекъуапэ, Къэбэртэе-Бэлъкъар республикэм и Тэрч къалэ, Адыгеим и Красногвардейскэ районрэ Краснодарскэ краим и Успенскэ районрэ яцIыф гъэшIуагъ.*

## Тым игъогужъ абгынэрэп

*— ЗэшIокI, зэчый ямышIыкIэ цIыфым иIэнхэм къежьапIэ фэхъугъэр, ар къызхэкIыгъэр, зынэсыгъэ лъэгапIэм факIорэ гъогум техьанэу зэрэхъугъэр сыдигъокIи гъэшIэгъон. О уигъэшIэ гъогу къежьапIэ фэхъугъэмкIэ, Исхьакъ, тизэдэгущыIэгъу къедгъэжьэнэу сыфэягъ.*

— ХэткIи къызыщыхъугъэ хапIэр, чылэр лъапIэ. Джа чIыгу къуапэр тым игушхуапI, ным игъэшIуапI, апэрэ шIулъэгъум икъежьапI. Укъызщалъфыгъэ чылэм шъхьащыт тыгъэр зэкIэми анахь фаб, иуашъо гум зырегъэIэты, огум урегъэбыбэ. Апэрэ лъэбэкъур къызыщежьэрэр уиунэ джэхашъу, етIанэ ар дунай джэхашъом щыхэощы.

Сэри ащ фэдэу анахь лъапIэу сиIэр сыкъызыщыхъугъэ Шъхьэщэфыжь чылэр ары. Мыщ сятэ, Амзанэ ыкъо Шумафэ къызхэкIыгъэ МэщбашIэ лIакъом апэрэ чIыгу бзыгъэр щижъуагъ, тлъэкъуацIэ лъапсэ фэхъугъэ мэщыр щишIагъ, щиIожьыгъ. Мы чIыпIэр ары сянэ, Бакъ ыпхъу МыIуминати, зыщыщ Дэунэжъхэр зыщетIысэхыгъэхэр. ЛIэкъуитIумэ ясабыйхэр мы чылэм къыщыхъугъэх, лъэ щытеуцуагъэх, щыIакIэм иIэшIугъэ-дыджыгъэ щызэхашIагъ, ягушIогъо-гукъэо нэпси къыщехыгъ.

Сятэ къэсшIэжьырэп. Ыныбжь илъэс тIокIитIурэ тфырэ мыхъугъэу, сабыитф тыкъыкIэни, дунаим ехыжьыгъ. Сэ ащыгъум илъэсищ горэ сыныбжьыгъ. Джы къызнэсыгъэми, сятэ къыгъэшIагъэм фэдитIу хьазыр къызызгъэшIагъэм, сянэ къызэрэтэушъыищтыгъэр сщыгъупшэрэп. СызыбзаджэкIэ: «Уятэ ар ыдэныгъэп», дэгъу горэ сшIэмэ: «Уятэ къыпщыгушIукIыныгъэи»,— ыIощтыгъ. «Уятэ иIофшIэкIагъ, игупцIэнагъ, ихьалэлыгъ, ицIыфыгъ, изекIокIагъ...» ыIозэ, сянэ игукъэкIыжьхэм сятэ зыфэдагъэр зэхысагъэшIагъ, шIу сагъэлъэгъугъ. Сятэ иныбджэгъугъэхэм къызэраIотэжьыщтыгъэмкIэ, ар лIы пытагъ, лэжьэкIошхуагъ. Ащ икIочIэшхуагъэ къоджэдэсхэр рыгущыIэщтыгъэх. ГущыIэм пае, хьаджыгъэ дзыор цэкIэ къыIэтэу къаIотэжьыщтыгъэ. ПкIуачIэрэ уипкIэнтIэпсырэкIэ къэблэжьыгъэм нахь лъапIэрэ нахь IэшIурэ зэрэщымыIэр ышIэщтыгъэти, зышъхьамысыжьэу лажьэщтыгъ. Мафэ горэм губгъом щыжъозэ, пхъэIашэр фэмыкъудыижьышъоу ицуитIу яз къызэгъолъым, сятэ ятIонэрэм дыкIэуцуи, къэнэжьыгъэ чIыгу мыжъо тIэкIур зэдажъожьыгъ.

Сянэ къин ылъэгъугъ, сшыпхъу нахьыжъитIу, Аслъанхъанрэ Гощсымэрэ, шъорэкIым илIыкIыгъэх, сшищырэ сэрырэ зы шыпхъу нахьыкIэцIыкIу Рэбихьат ыцIэу къытфэнагъэти, ари гъаблэм зыдихьыгъ. Ар сэ къэсшIэжьырэп, ау сшынахьыжъ къызэриIотэжьыщтыгъэмкIэ, илъэсрэ някъорэ нахь мыхъугъагъэу ары.

Гъэблэ тхьамыкIагъом тисабыигъо тефагъ. Тянэжърэ тятэжърэ мыхъугъэхэмэ, ащ тыкъелыщтыгъэпщтын, ахэр лъэшэу къыддэIэпыIагъэх. Шъузабэу, сабый бынэу къэнэгъэ ыпхъу Дэунэжъ Бакъ зэрищэлIэжьи, ипхъорэлъфхэр ыпIугъэх, ылэжьыгъэх. Тянэжърэ тятэжърэ ибэу тыкъызэрэнагъэр зэхытагъэшIагъэп, Бакъ тятэ папкIэу тиIагъ. Сянэжъ Чэбэхъани, Щэрджэсым ит Бэслъыные чылэм щыщыгъ, Хьэтыумэ япхъугъ, типIункIэ ылъэкI къыгъэнагъэп.

Сятэжъ адыгэ тарихъым дэгъоу щыгъозагъ — тхылъхэм къариджыкIыгъэкIэ арэп, ащ ежь къыхэтэджагъэти ары. ПщылIыпIэм итыгъэ ятэ Хьаджумарэ хьазабэу телъыгъэр ежь ышъхьэкIэ ыгъэунэфыгъ, къаIотэжьэуи бэрэ зэхихыгъ. Къэбарыжъэу, тхыдэжъэу, гущыIэжъэу, пшысэу бэ ышIэщтыгъэр, ахэр къыIотэжьынхэми фэIэзагъ. Апэ дэдэ нарт Саусэрыкъуи, Сэтэнаий, Адыифи, Лъэпшъи ягугъу къысфэзышIыгъэр сятэжъ ары. Сянэжърэ сянэрэ КъурIаныр агъэлъапIэщтыгъэ, ащ дэгъоу къеджэщтыгъэх, нэмаз ашIыщтыгъэ. КъикIырэр къызгурымыIощтыгъэми, ащ сянэ къеджэ зыхъукIэ, гухахъо хэзгъуатэщтыгъ. ТызыгъолъыжьыкIэ, сянэжъ къытфиIуатэщтыгъэ къэбархэр джы къыз-

нэсыгъэм сэшIэжьых. УцIыкIузэ зэхэпхырэмрэ плъэгъурэмрэ егъашIи пщыгъупшэхэрэп.

*— Адыгэ лъэкъуацIэхэм зи къызэрэмыкI зэрахэмытым фэдэу, уикъоджацIэ къыуеIо блэкIыгъэ чыжьэм къыхэнэгъэ тхыдэ горэ зэрэпылъыр.*

— Шъхьэщэфыжьыр чылэу зытIысыгъэр 1864-рэ илъэсыр ары, Урысыем пщылIыгъор зыщагъэкIодым ыуж. Къуаджэм зышъхьэ зымыщэфыжьыгъэ лIакъо дэсэп пIомэ, ухэукъощтэп. ПщылIыгъом иIоф зашIэ уж ашъхьэ ащэфыжьи, Ермэлхьаблэ (Армавир) ыпшъэкIэ километрэ 25-рэ фэдизкIэ дэкIуаехи, Уарп псыхъо иджабгъу нэпкъ IутIысхьагъэх. Джы къызнэсыгъэми ашъхьэ зэращэфыжьыгъэм ишыхьат тхылъыпIэхэр унэгъо зырызхэм яIэх. Зигугъу къэсшIыгъэр блэкIыгъэ адыгэ тарихъым зэу щыщ – изы гукъау, изы гухэкI. Лъэпкъым итхьамыкIагъо умышIэу, итхъагъо зэхэпшIэщтэп. СыкъызхэкIыгъэ адыгэ лIэкъуитIуми а пстэур агъэунэфыгъ. МэщбашIэхэмрэ Дэунэжъхэмрэ анэмыкIэу Шъхьэщэфыжьым лIэкъуабэ дэс. Ахэр – абдзахэх, кIэмгуех, бжъэдыгъух, шапсыгъэх, хьатикъуаех, еджэркъуаех, мэхъошых, къэбэртаех, бэслъыныех.

## Усэмрэ прозэмрэ зы дунай мэхъух

*— ТхакIом ежь дунай шъхьаф иIэу къысщэхъу. Актерым роль горэ къызишIыкIэ, сценэм щыригъэкIокIыгъэ игъашIэрэ дунаим зэрытетымрэ зэрэзэрипхырэм ехьыщыр зигугъу сшIырэр. О нахьыбэрэ узыщыпсэурэ «дунаир» сыд фэда? Сыд фэдэ чIыпIа уищыIэнигъэ литературэм щиубытырэр?*

— Джа литературэр ары сэ сигъашIэр. Ащ мылъкушхо къыкIэмыкIоми, тынчыгъо уримыгъафэми, тхакIом джыдэдэм пкIэу ратырэр мылъэгэ дэдэми, сисэнэхьаткIэ сыраз, ар хэгъэкIи, сызэрэтхакIом сырэгушхо. Зыуж сит Iофым икIэух къэлъагъоу зыфежьэкIэ, ар сэркIэ зы гухахъу, ситхылъ закъуи сыд фэдэрэ мылъкукIи сфэхъожьыщтэп.

Сызыщыпсэурэ «дунаим» игугъу пшIымэ, ар сызыщытхэрэ ситIысыпIэ дэжь щызгъэкIорэ гъашIэр ары. «Сэ роман сэтхы, ситхыгъэ джыри ыкIэм нэзгъэсыгъэп»,— сIоу цIыфхэм сахэмыхьанри къезгъэкIурэп. ЦIыф къызэрыкIом гурыбгъэIошъущтэп тхакIом ихудожественнэ дунай зыфэдэр, ащ къысфихьырэ гурышIугъомрэ гупсэфыгъомрэ есIуатэкIэ, сызэхишIыкIыщтэп. Ау уфай-уфэмыеми, а щыIэкIитIур зэдэпхьын фае. ЕтIани насыпышIо сызышIырэр сиIофшIэн рэзэныгъэ зэрэхэзгъуатэрэр ары. Художественнэ гъашIэм зызестыкIэ, мы тызытет дунаир сщэгъупшэжьы. Ар къекIокIы: цIыфхэр къыщэхъух, щэлIэжьых, шIу щызэрэлъэгъух е щызэрэлъэгъухэрэп, щызэшIонэх, щызэшIужьых, щэгушIох, щэгумэкIых.

А пстэури сэ зэхэсфын фаеу мэхъу. Зы лъэныкъомкIэ зэкIэри зэлъытыгъэр тхакIор ары. Ау адрэ лъэныкъомкIэ щыIакIэм изэхэлъыкIэ, цIыфым изытет яшапхъэхэм сэ сатекIышъущтэп. Шъыпкъэр пIощтмэ, загъорэ сигерой нахь дэгъоу сыфыщыт сшIоигъоу сэхъу, ау художественнэ творчествэм ихабзэхэм сашIокI зэрэмыхъущтым сыкъагъэуцу. Ащ фэдэ хабзэхэр щыIэх, утекIмэ, тхыгъэм икупкI зэщэкъо, лъэныкъуабэ мэхъу. Мыщ дэжьым, пстэумэ афэмыдэу тхыдэм тефэу шъыпкъэр къызиIуатэкIэ, уапашъхьэ къызыригъэуцокIэ, ар тхакIом шIуагъэ фэпшIы хъущт, икъэлэмыпэ къыпыкIыгъэр пшIогъэшIэгъоныщт, узIэпищэщт.

*— Роман зытхырэ тхакIор гъэрым фэдэмэ, усэр гужьыдэгъэкIа? «Усэ мэкъамэм сызылъещэ»,— пIогъагъэ. Тыда а мэкъамэр къыздикIыгъэр, хэта утезыгъэгушхуагъэр?*

— Лъэхъэнэ чыжьэм сызыфызэплъэкIыжьыкIэ, зы нэфынэ горэ уиупчIэ сынэгу къыкIегъэуцожьы. Непэ сисэнэхьат хъугъэ тхэн Iофыр джащыгъур ары къызщежьагъэр. Апэрэ усэр зыщызэхэсхыгъэр непэ фэдэу къэсэшIэжьы. Ар спкъынэ-лынэ щыщ хъугъагъэ. Усэр Хьаткъо Ахьмэд зытхыгъагъэр, сшынахьыжъ кIэлэеджакIом ар езбырэу зэригъэшIэнэу къыратыгъагъ.

Мафэ горэм сятэжърэ сэрырэ тикъэлэпчъэжъые дэжь щыт тетIысхьапIэ тытесэу, шъхьангъупчъэхэр Iухыгъэхэу, сшынахьыжъ мэкъэ тIупщыгъэкIэ усэм къеджэщтыгъ. ГущыIэхэр кIэкIыгъэх, IупкIагъэх, щэм фэдэу шъхьангъупчъэм къыдэлъэтыщтыгъэх. Сятэжърэ сянэжърэ пшы-

саби, Іорыlуатэм щыщхэри къысфаІуатэщтыгъ, ау мы зэхэсхыщтыгъэр ахэмэ афэдагъэп, ащ сиумэхъыгъэу седэІущтыгъ. Ащ щегъэжьагъэу усэр шІу слъэгъугъэ. Ащ сыфэзыщэигъэ егъэджакІокІэ щыІэныгъэр къысфэусагъэу плъытэ хъущт. Ахэр арых сезгъэсагъэр гъашІэм куоу сыхэплъэнэу, пасэм щыІэгъэ адыгэ гъукІэхэм афэдэу щэІагъэ схэлъэу псалъэр згъэбзэшъунэу, къыкъокІырэ тыгъэми, къушъхьэшыгу фыжьхэми сащыгушІукІынэу, дунаим тетмэ анахь шъхьаІэу Цlыфыр слъытэнэу. А цІыфым игушІуагъуи икъини псэкІэ зэхэсшІэнэу сызгъэсагъэр ахэр ары. Зигугъу къэсшІыхэрэм апэ итых адыгэ советскэ литературэм ылъапсэ зыгъэтІылъыгъэхэ Хьаткъо Ахьмэдрэ КІэрэщэ Темботрэ. Ахэмэ пхыращыгъэ лъагъом сырыкІоныр сэркІэ къиныгъэп.

Ихэгъэгу ыпсэ фэзытыгъэ, талант ин зыхэлъыгъэ Советскэ Союзым и ЛІыхъужъэу Андырхъое Хъусенэ шапхъэ зытепхын усэкІуагъ. Ащ «Сшынахьыжъ» зыфиІорэ поэмэр фэстхыгъагъ. ЛІыгъэмрэ хэкупсагъэмрэ афэгъэхьыгъэ орэдэу ащ ыкІэм нимыгъэсыгъэр сэ къэсІожьыныр сипшъэрылъэу къысщыхъугъ.

Мыщ дэжьым къыщыхэгъэщыпхъэх ситворчествэкІэ ІэпыІэгъу къысфэхъугъэ урыс кІэлэегъаджэхэри. Советскэ Союзым щыцІэрыІо тхэкІо, усэкІуабэ язэчыйкІэ къыздэгощагъэх, ягущыІэ хьалэлкІэ сагъэгушхуагъ. Ахэмэ Литературнэ институтым сащыІукІагъ. Джащ фэдэу сафэраз ситхыгъэхэр урысыбзэкІэ зэзыдзэкІыгъэхэ В. Тушновам, В. Твороговам, Евг. Карповым, Р. Рождественскэм, И. Курлат, Ю. Сбитневым, Л. Бахаревам, Б. Каспаровым, А. Карлиным, А. Цукор, сыда пІомэ, ахэр арых адыгэ лъэпкъ гупшысэр урыс тхылъеджэхэм анэзгъэсыгъэр, сироманхэр хэгъэгум щязгъэшІагъэхэр.

Усэтхыныр хэлъэу цІыфыр къэхъу, ар талантышху. Ау усэм идунай ухэхьаныр зэчый закъокІэ икъурэп, ащ уемызэщэу удэлэжьэн фае. ГъашІэм, анахь гъэсэкІо лъэшым, узыфигъэсагъэхэр зыхэплъхьэшъунхэ, цІыфхэм ягугъэгупшысэхэр зыхэпшІэшъунхэ фаех. Джахэр уизэчый зыдебгъэкІухэкІэ, лъэныкъуабэкІэ зызыужьыжьыгъэ, поэзие шъыпкъэр къызгурыІорэ джырэ тхылъеджэм узэхишІыкІыщт.



## БлэкІыгъэм идесэ къэкІощтым игъуаз

*— Адыгэм къырыкІуагъэр, ащ итарихъ къызщыбгъэлъэгъогъэ роман пчъагъэ къыпІэкІэкІыгъ. Ахэмэ узяджэкІэ, блэкІыгъэмрэ непэрэмрэ зэрэзэпхышъурэр умыгъэшІэгъон плъэкІырэп. Адыгэм итыгъуасэ хэтыгъэ нэпсымрэ гузэжъогъумрэ, зэнэкъокъумрэ зэо мэхъаджэмрэ, хьазабымрэ гухэкІымрэ унэгу къыкІэзгъэуцорэ сатырхэм уяджэу, тхылъыр зызэгоплъхьажьыкІэ, гур мэузми, лъэпкъым хэлъыгъэхэ хабзэм, шъыпкъагъэм, лІыгъэм, зэфагъэм, щэІагъэм уарымыгушхон плъэкІырэп. НэмыкІэу къэпІон хъумэ, уироманхэмкІэ къэкІощтым тыфэзыщэрэ гъогур бгъэнафэу къысщэхъу. Джа тхылъхэр птхынхэм укъыфэзгъэущыгъэ гузэхашІэр цІыфхэм анэбгъэсыгъэу огугъуа?*

— Сэ цІыфхэм анэзгъэсынэу сызыфэягъэр ори уигущыІэ къыхэбгъэщыгъ. ТиблэкІыгъэ дгъэе зэпытынэу арэп сэ тхылъеджэхэм сызфяджэрэр, лъэпкъым къырыкІуагъэр ашІэным, тхьамыкІагъоу къытэхъулІагъэм десэ, акъыл хахынэу ары сызыфаер. Плъапсэ икъежьапІэрэ блэкІыгъэм къыхэпхыгъэ шІэныгъэмрэ къэкІощтым игъогу зыгъэнэфырэр. Тилъэпкъ тхьамыкІэгъуабэ ынэгу кІэкІыгъ. Ау ащ къикІырэп зыгорэм сисэ фэзгъэчанэу, хэти згъэмысэрэп адыгэм къыщышІыгъэмкІэ. Архив документхэм къахэсхыжьыгъэ шъыпкъэм художественнэ теплъэ иІэу тхылъеджэм ыпашъхьэ зэрислъхьагъэр хэти къыгурэІоу къысшІошІы.

Сыд фэдэми, мамырныгъэ тазыфагу дэлъэу тызэдэпсэун фае. Хэтрэ цІыф лъэпкъи хьазаб горэ ышъхьэ къырыкІуагъ. Тэри зэгорэм мы чІыпІэм тыкъызетІысхьэм, зыгорэм тизэрар едгъэкІыгъагъэщтын. Ташъхьагъ ит тыгъэм ифабэ илъэс мин пчъагъэ хъугъэу лъэпкъ зэхэдз имыІэу зэкІэми къыттрегуащэ, джащ фэд цІыфыр псыфалІэ зымыгъалІэрэ псынэкІэчъхэр, лэжьыгъэр къызтрахыжьырэ чІы бэрэчэтыр. Джащ фэдэ гупшыс ситарихъ тхылъхэм ащыпхырыщыгъэр. УилъэпкЪ иузхэмрэ игурышІугъохэмрэ умышІэхэмэ, уитыгъуасэрэ непэрэ зэмыгъапшэхэмэ,

тхэкIо, лэжьэкIо, политик тэрэз къыпхэкIыщта? Сэ сызыфаер зы – адыгэм итарихъ шъыпкъэрэ ишэн-хэбзэ дахэрэ къыткIэхъухьэрэ ныбжьыкIэхэм ащымыгъупшэныр ары. Ащ фэгъэхьыгъэу ситхылъэджэхэм ягупшысэхэр къызыздагощыхэкIэ, сыгу хэхъо.

Тэ зэкIэми тызэкъош – тыадыг. СикIасэп цIэ зэмылIэужыгъокIэ силъэпкъэгъухэм сяджэныр: Къэбэртаем щыпсэухэрэм «къэбэртаехэр», Къэрэщэе-Щэрджэсым ис адыгэхэм «щэрджэсхэр» ясIорэп. ЗэкIэми тыадыгэшъ, шъхьадж фызэшIокIырэмкIэ, къыхихыгъэ сэнэхьатымкIэ тилъэпкъ ыпэкIэ зэрэлъыдгъэкIотэным, идахэ зэрядгъэIоным ыуж тижъугъэт.

*— Исхьакъ, уироманхэм ахэт герой шъхьаIэхэм ящысэкIэ лъэпкъ псэур рыупIуным уасэ иIэп. Тарихъым къыхэхыгъэ ащ фэдэ зекIолIхэм, зэолIхэм, лIы хафэхэм непэрэхэр ябгъапшэхэмэ, инэу зэшъхьэщэкIых. Джырэ литературэм къыгъэущынхэу оIуа а лIыхъужъхэм яхьыщырхэр, тикIэлэ-гъуалэхэм щысэ афэхъун фэдэхэр?*

— Сыд фэдэрэ лъэхъани ежь илIыхъужъ иI. Ыбгъэ теожьэу, изэшIокIхэм арыпагэу, ахэмэ инэу атегущыIэу щыIэр арэп лIыхъужъыр. Ащ щыкIагъэ гори имыIэнэу арэп, ау лIыгъэ, зэфагъэ хэлъыныр, унагъом, лъэпкъым, къуаджэм, хэгъэгум афэшъыпкъэныр амал зимыI. Шъхьадж зыIут IэнатIэм елъытыгъэу гъэхъэгъэшхохэр зышIыхэрэр мымакIэу щыIэх. Ахэр тиуахътэ илIыхъужъхэу тлъытэхэ хъущтба? Хъущт. Сыда пIомэ, ахэмэ ашIэрэр нэмыкIхэмкIэ щысэ. Джырэ ныбжьыкIэхэм ягугъу тшIын хъумэ, ахэмэ амышIэрэмкIэ уямынэкъокъоу, бгъэсэнхэ фае. СигъашIэ чIыпIэ гъэнэфагъэ щаубытыгъ къоджэ еджапIэм сыщезгъэджэгъэ кIэлэегъаджэхэми, ахэмэ сянэ фэдэкъабзэу щыIакIэм сыфагъэсагъ. Джыдэдэм кIэлэегъаджэхэмрэ кIэлээджакIохэмрэ язэфыщыт инэу зэхъокIыгъэ, ау щытми, тыгу дгъэкIоды хъущтэп. Хэгъэгур къаухъумэн фаеу хъумэ, кIэлэ-гъуалэр зэрэзэкъотыщтым, лIыхъужъ хъунхэр къызэрахэкIыщтым сицыхьэ телъ.



## Лъэпкъ тхакIом ыбзэ щэрыу

*— Исхьакъ, уитхыгъэхэм о уизакъоп цIэрыIо ашIыгъэр, ахэмкIэ хэгъэгубэмэ тилъэпкъ ащябгъэшIагъ, адыгэм ишэн-хабзэхэр нэмыкIмэ алъыбгъэIэсыгъ. Ащ дыкIыгъоу, сэ сишIошIыкIэ, уитхылъхэм къыткIэтэджэрэ ныбжьыкIэхэм ялъэпкъ зэхашIэ агъэлъэшы, хэхэс адыгэхэм шIошъхъуныгъэ ахалъхьажьы, титарихъ къытшъхьапэщт десэхэр къыхытагъэхых. А зэкIэмэ анахь шъхьаIэр адыгабзэкIэ узэрэтхэрэр ары. Урысыем итхэкIо анахь дэгъухэм о уахалъытэ, уиныдэлъфыбзэкIэ утхэу уихэгъэгу узэрисым къыкIэкIогъэ шIуагъэр сыд фэдэрэ щэчалъэкIи пфэщэчышъущтэп.*

— ТхакIор зыщыпсэун фаери, зыщылэжьэн фаери къызщыхъугъэ чIыпIэр ары. Ихэку ыпсэ хэмылъмэ, ащ ихъишъэ щымыгъуазэмэ, иблэкIыгъэ ымышIэмэ, итаурыхъхэмрэ иорэдыжъхэмрэ амыгъэткIумэ, иныдэлъфыбзэ ымыгъэбзэрабзэмэ, ар лъэпкъ тхакIо хъун ылъэкIыщтэп. Сэ бэрэ Москва сыщылэжьэнэу сырагъэблэгъагъ: Урысыем итхакIохэм я Союз иправление исекретарэу, СНГ-м хэхьэрэ къэралыгъохэм ятхакIохэм я Союз игъэцэкIэкIо куп итхьамэтэ гуадзэу, литературнэ-художественнэ журналэу «Октябрь» зыфиIорэм иредактор шъхьаIэу... Сегупшысэпхъагъ, ау сегупшысыгъэп: сэ сыкъулыкъушIэп, сэ сытхакIу, сылъэпкъ тхакIу. Сэ сIэкIэлъ Iашэр – сиадыгабз. Сыда Москва сыкIокIэ, стхыщтыр? Зысфэхъожьыщтэп. Сэ сызэреплъырэмкIэ, тхакIор илъэпкъ хэсын фае, арымырмэ купкI зиIэ тхыгъэ гори къыIэкIэкIыщтэп.

*— Тарихъ роман птхыныр нахь къин роман къызэрыкIом нахьи. Ащ ежь художественнэ шэпхъэ гъэнэфагъэхэр иIэжьых, документ, тхылъ пчъагъэ кIэбджыкIыжьын, шъыпкъэмрэ тхакIом ихудожественнэ гупшысэрэ зэгъэкIугъэу зэхэпфынхэ фаех. О а пстэур дэгъоу къызэрэбдэхъурэр критикхэмрэ тхылъеджэхэмрэ хагъэунэфыкIы. Джа шэпхъэ къинхэр тарихъ романым зэрэщызэшIопхыхэрэм кIэкIэу уакъытегущыIэ сшIоигъуагъ. Сыд фэдиз уахъта зы тарихъ романым тебгъэкIуадэрэр?*

– Гурытымкӏэ зы романыр зы илъэскӏэ сэгъэхьазырышъ, илъэс-илъэситӏукӏэ сэтхыжьы. Ар жанрэм исэгъэуцофэ бэ кӏэсыджыкӏыжьын, зэзгъэфэжьын фаеу хъурэр. Сэ адыгэхэм афэгъэхьыгъэу тишӏэныгъэлэжьхэм атхыгъэхэм сяджэ. Ащ имызакъоу романхэм къащызгъэлъэгъорэ хъугъэ-шӏагъэхэм афэгъэхьыгъэ документхэр зычӏэлъхэ архивхэм, гущыӏэм пае, Москва, Санкт-Петербуг, Краснодар, Ставрополь, Тбилиси, Стамбул, Париж, Тегеран, Дамаск, Каир адэтхэм сащылэжьагъ. Сӏэкӏэ сӏыгъыгъэх лӏэшӏэгъу зэфэшъхьафхэм адыгэхэм ящыӏэкӏэ-псэукӏэ фэгъэхьыгъэу дунаим изыплъыхьэкӏо цӏэрыӏохэм атхыгъэхэр, зэман чыжьэм къыщыхъугъэ-щышӏагъэхэм яхьылӏэгъэ документ гъэшӏэгъонхэр. Бэ адыгэмэ афэгъэхьыгъэу щыӏэр!

Етӏани лъэшэу къысшъхьапагъэх Кремлэм ӏоф зыщысшӏэгъэ илъэсхэр. СССР-м и Апшъэрэ Совет сыридепутатыгъэти, зи пэрыохъу къысфэмыхъоу, урыс забытхэм, генералхэм ягукъэкӏыжьхэр кӏэсыджыкӏыжьыгъэх, хымэ къэралхэм ащыщ авторхэм, дипломатхэм яӏофшӏагъэхэм нэӏуасэ зафэсшӏыгъ. Ахэр архивнэ документ гъэшӏэгъоных. Ащ фэдиз уугъоигъэ, узэджэгъэ пстэури пшъхьэ щызэбгъэзэфагъэу тхылъыр птхынэу уетӏысылӏэ. Тарихъ тхылъ пчъагъэ птхыгъэми, къыдэкӏыгъэми, кӏэм итхын узыпэтӏысхьэкӏэ, апэрэу упыхьагъэм фэдэу угу мэлъэпэрапэ. Тарихъ тхылъым нэмыкӏ екӏолӏакӏэ фыуиӏэшъуущтэп. Инэу зыфэбгъэхьазырын фае, ар хэгъэкӏи, къэптхыхьэрэ хъугъэ-шӏагъэм илъэхъан бгъэзэжьынышъ, ухэтынэу мэхъу. Ар гъэшӏэгъон дэд – гурышӏугъо къыозытырэ гугъуехь. Гущыӏэм пае, пщы цӏэрыӏохэу Рэдэдрэ Мстиславрэ ялъэхъан цӏыфым ынэгу къычӏэбгъэуцожьышъуныр сыдым ымыуас. Ахэмэ яобраз къэбгъэлъэгъоным имызакъоу, а чӏыпӏэм къыщыхъугъэ къумалыгъэри тхылъеджэм лъыбгъэӏэсыжьын фае.

Аужырэ стхыгъэ тарихъ тхылъым «Хэхэсхэр» шъхьэу фэсшӏыгъ. Ар зэхьылӏагъэр Урыс-Кавказ заом илъэхъан Тыркуем рафхи, ыужкӏэ Балканхэм агъэкощыжьыгъагъэхэ адыгэхэр арых. 1877–1878-рэ илъэсхэм, аужырэ урыстырку заор заухым, тилъэпкъэгъухэр аргорэу Къокӏыпӏэ Благъэм агъакӏох. Мы тарихъ романымкӏэ Урыс-Кавказ заом фэгъэхьыгъэ тхылъитфыр сыухыгъэ.



## Гугъэр зымыухырэм икъарыуи ыухырэп

*– Тхылъ, сурэт, е орэд орэхъу цӏыфым зитхыкӏэ, ежь ащ творческэ гушӏуагъо хигъуатэу аӏо. Сэри къэсӏон слъэкӏыщт шӏу плъэгъурэ ӏофшӏэным къыуитырэ тхъагъор зэрэнахь мымакӏэр. Кӏэкӏэу къэпӏон хъумэ, уикӏэсэ ӏофым уезэщырэп. Ау щытми, Исхьакъ, о ӏоф ин дэд пшӏэрэр, романышхоу птхыхэрэм атебгъэкӏодэрэ творческэ къарыур сыдкӏэ ибгъэкъужьыра?*

– Сэ тыкъэзгъэхъугъэ Тхьэшхом сыфэраз тхакӏом изэчый къызэрэсхилъхьагъэм пае. Сызэрытхэрэм сыгу хегъахъо, сигущыӏэкӏэ силъэпкъ, сихэку, цӏыфыгъэр зэрэсӏэтышъурэм сырэгушхо, ащкӏэ сынасыпышӏу. Ау, шъыпкъэ, творческэ ӏофшӏэныр гушӏогъо закӏэу зэхэлъэп, ар ӏоф къин. Хьаткъо Ахьмэд зэриӏогъагъэу, а такъикъым узыфэе гущыӏэр къэбгъотыныр псынкӏагъоп – ар мастэкӏэ псынэ птӏыным фэд.

Цӏыфхэр тхакӏор цӏэрыӏомэ, ащ щытхъу къылэжьыгъэмэ ехъуапсэх. Ау ахэмэ ащыщэу мэкӏэ дэд ар зэрэшъхьэзакъор зышӏэрэр. Сыдигъокӏи тхакӏор изакъоу тхылъыпӏэ къабзэм къыкӏэрэнэ. Ащ ианахь пэблэгъэ цӏыфи ежь а зыфэныкъо гущыӏэр къыгупшысынымкӏэ, ынэгу кӏэт образыр къызэӏуихын-къыгъэлъэгъонымкӏэ, ыкӏэм нигъэсынымкӏэ, сюжет гъэшӏэгъон ытхынымкӏэ ӏэпыӏэгъу къыфэхъун ылъэкӏыщтэп. Агъэгушхошъущт, упчӏэжьэгъу фэхъущтых, ау итхылъыпӏэ нэкӏубгъо из афэшӏышъущтэп.

Сэ нахьышӏоу ӏоф зысшӏэрэр, ситворческэ къарыу нахь къызысшъхьапэрэр пчэдыжьыпэр, нэфылъэр къызызэкӏичырэ уахътэр ары. Жьэу къэтэджырэм Тхьэр къыфэусэу зэраӏорэр шъыпкъэ. Илъэс 75-рэ мэхъушъ литературэ губгъом сызитыр, зы сатыр нахь мыхъуми сымытхэу зы мафэ блэзгъэкӏыгъэп.

Пчэдыжь къэс стхыщтым сыдэгузажъозэ, сызыщытхэрэ тӏысыпӏэм сыпэтӏысхьэ. Дунаир къызщыущырэ, мурад анахь дэгъухэр зашӏырэ, гупшысэмрэ къарыумрэ зыщызэӏухыгъэ уахът пчэдыжьыпэр. Ащ дэжьым къарыу гори бгъэкӏодэу къыпщыхъурэп, тыгъуасэ къыпфэмыгъотыгъэ гущыӏэр непэ ежь-ежьырэу тхылъыпӏэм къытехьэ…

*— Адыгэ Iофыгъомэ ямызакъоу лъэпкъ зэмылIэужыгъохэм азыфагу дэлъ зэфыщытыкIэхэр нахьышIу шIыгъэнхэми уиIахьышIу хэолъхьэ. АщкIэ хэгъэгу пащэхэм узэраIукIэрэми тыщыгъуаз. Ахэмэ лъэпкъ, хэку Iофыгъохэм афэгъэхьыгъэ упчIэхэмкIэ ехьакI-къехьакI уимылэу зафэбгъазэуи къыхэкIы. Урысыем и Общественнэ палатэ умышъхьахыжьэу илъэс пчъагъэ хъугъэу Iоф щыошIэ. АщкIэ къасIомэ сшIоигъор тхакIор политикэу, общественнэ IофышIэшхоу зэрэщытын ылъэкIыщтыр о уищысэкIэ къызэрэбгъэлъэгъуагъэр ары. А пстэур уитворческэ IофшIэн зэрар фэмыхъоу сыдэущтэу пфызэдэхьыра? Ащ нэмыкIэу сшIэмэ сшIоигъу непэрэ общественнэ-политическэ щыIакIэм узэреплъырэр.*

— ТхакIор общественнэ щыIакIэм пэIапчъэу щыIэшъущтэп. Цlыфыр зыгъэгумэкIырэ, дунаим къыщыхъурэщышIэхэрэм дэгу, нэшъу зясшIылIэрэп. Сэ бэшIагъэ хэгъэгум иобщественнэ-политическэ щыIакIэ сызыхэтыр — Адыгэ хэкумрэ Краснодар краимрэ янароднэ депутатхэм я Советхэм, СССР-м и Апшъэрэ Совети сырядепутатыгъ. Ар тхакIом зэрар къыфэхъуна? Зы лъэныкъомкIэ «хьау» пIоми хъущт, адрэмкIэ общественнэ IофшIэным охътабэ зэрэпIихырэми изэрар къэкIо, арэу сэIоми, ишIуагъэ нахьыбэу сэлъытэ. Сыда пIомэ, дунаим щекIокIырэмрэ гъашIэр зэрэзэхэлъымрэ куоу уахегъэгъуазэ. Ахэр умышIэхэмэ, сыдыр уитхакIу?

НэмыкI лъэныкъокIэ уеплъымэ, тарихъ тхылъхэр зытхырэм непэрэ дунаир сыдэущтэу ышIэн къысэпIонкIи мэхъу. Ау непэрэ дунаир блэкIыгъэм иIахьэу зэрэщытыр къыздэплъытэкIэ, хъишъэр пшIэн зэрэфаем фэдэкъабзэу джырэ щыIакIэми ущыгъозэн фае.

СиеплъыкIэхэм, сигупшысэхэм ягугъу пшIын хъумэ, зэкIэмэ апэу зыцIэ къесIощтыр сэ сихэку, Адыгеир ары. Сихэкуи сихэгъэгуи сафэшъыпкъ, ахэр сыпсэ щыщых. Экономикэм, культурэм, шIэныгъэм, егъэджэным, спортым алъэныкъокIэ гъэхъагъэхэр тилъэпкъэгъухэм ашIыгъэхэу зызэхэсхыкIэ, сэгушхо, сшъхьэ лъагэу сагъэIэты. Тикъэралыгъо игъэхъагъэхэри икъиныгъохэри гукIэ зэхэсэшIэх, сфызэшIокIырэмкIэ хэгъэгум изегъэуужьыжьын сыхэлажьэ.



УФ-м и Общественнэ палатэ лъэпкъ Iофыгъохэр къыщысIэтынхэр сипшъэрылъэу сэлъытэ. Сыда пIомэ, Урысыем ищынэгъончъагъэ ащ щыпсэухэрэ цIыф лъэпкъ макIэхэм язэкъотныгъэ епхыгъэу къысщэхъу. Дунаир зэрызэмылIэужыгъом фэдэу, тэри инэу тызэтекIы. Лъэпкъ шъошэ зэмыхьащырхэр тщыгъых, зэфэмыдэу тыкъэшъо, бзэ зэфэшъхьафкIэ тэгущыIэ — а тызэрэзэтекIыхэрэр арых тикIочIэ шъхьаIэри. Непэ Урысыем сыда апэ щигъэшъыгъэн фаер? Джыри зэ къыкIэсэIотыкIыжьы: цIыфхэм язэкъошныгъ.

*— Илъэсыбэ хъугъэу Адыгеим итхакIохэм я Союз уритхьамат, республикэм журналиплIэу къыщыдэкIыхэрэм язэхэт редакцие урипащ. Уиуахътэ а пстэумэ зэрэтябгощэшъурэр, уикъарыу ащ фэдиз Iофыр къэзэрихьырэр умыгъэшIэгъон плъэкIырэп. Сыдигъуа зызыбгъэпсэфырэр, Исхьакъ?*

— Шъыпкъэ, IофшIэныбэ зесэхьэ. ТхакIохэм я Союзи скIуачIэ хэсэлъхьэ, адыгабзэкIэ къыдэкIыхэрэ «Зэкъошныгъ», «Жъогъобын», урысыбзэкIэ къыхэтыутыхэрэ «Литературная Адыгея», «Родничок Адыгеи» журналхэми сыряредактор шъхьаI.

КъыосIон: сызыщытхэрэ уахътэр сигъэпсэфыгъо уахът. Птхыгъэр угу зырихьыжьыкIэ, уахъти къарыуи тебгъэкIодагъэу, уигъэпшъыгъэуи къыпщыхъурэп. Угу зыщыкъабзэм, зыщыдахэм бэ пфызэшIокIырэр. СигъашIэ кIэрэкIэ закIэу къекIокIыгъэп, сыгу зыщыхэхъуагъи, слъэ зыщыкIаутыгъи къыхэкIыгъ. Ау сыд хъугъэми, зэсIожьыщтыгъ: «Нычхьапэ тыгъэр къохьажьыгъэми, пчэдыжь тыгъэр джыри къыкъокIыжьыщт!» ЕгъашIи сышъугъуагъэп, пстэумэ афэмыдэу ары сшIошIы цIыфым ылъэ кIэзыутырэр, насыпынчъэ зышIырэр. Къарыунчъэ сызыщыхъуи, гукъыдэчъ зыщысимыIи къыхэкIы. Ащ фэдэ зыхъурэм, сызэушъыижьышъ, сэр-сэрэу сыгу къэсэIэтыжьы. Бэрэ къысаIо: «Уныбжь емылъытыгъэу учан». ГъашIэм ущыгушIукIэу упсэун фае, шIу угу имылъмэ, уешхыжьы. Чэщым узыгъолъыжьыкIэ, мэфэшIу зэрипхыгъэмкIэ, узщыгушIукIыжьэу, пчэдыжь мурадхэр ипхъухьагъэхэу, Тхьэм уфэразэу учъыежьын фае.

## Насыпыр блэжьыгъэм къыдэкІо

— *«Сыгу зыщыхагъэхъуагъи, слъэ зыщыкІаутыгъи къыхэкІыгъ»,— пІуагъэ. Ау, етІани пшІагъэм осэшхо къыратэу, цІыфыбэмэ шІу уалъэгъоу, уизэшІокІырэ уиакъылрэ уарыпсэушъоу тынчэу ущыІэу къысщэхъу. Сыхэукъуа?*

— Гукъао симыІэу, лъэбгъу къысэзыдзын сыфэмызыгъэу, сыгу хэзгъэкІын сапэ къимыфагъэу джы нэс къэзгъэшІагъэу къыпшІошІымэ, ухэукъо. Сытхьаусхэныр сикІасэп. Сшъхьэ сыщыгугъыжьызэ, щыІэныгъэм къыспигъохыгъэ къиныгъохэм сызэрапэлъэшын къарыу зыхэзгъотэжьызэ, сигъашІэ къэсэхьы. Тыгъэпс зэкІагъэп сищыІэныгъэ, сэр-сэрэу сызыщылъэпауи, нэмыкІхэм сагъэлъэпаоуи хъугъэ. Къыздэхъугъэри бэ, къыздэмыхъугъэри макІэп. ЗишІуагъэ къысэкІыгъэхэм яшІушІагъэ сщыгъупшэрэп, зиягъэ къысэкІыгъэхэми хьажъ-гужъ афысиІэп. Ащ фэдэ зыхъурэм, сянэ къысиІощтыгъ: «Лъэбгъу къыуадзэу хъугъэмэ, лІы ухъугъэшъ ары, сикІал, зыми угу емыгъабгъ».

Творчествэм игугъу пшІын хъумэ, силъагъо сэр-сэрэу пхырысщыгъ, ащ сырэгушхо. Ау щытми, зи къыздэІэпыІагъэп сфэІошъущтэп. Сыда пІомэ, кІэгъэкъонышхо къысфэхъугъэх тхэныр зисэнэхьат сиурыс ныбджэгъухэр: сиапэрэ тхылъхэр Москва къыщысфыдэзгъэкІыгъэхэ К. Чуковскэр, М. Светловыр, Д. Зэхарченкэр, М. Львовыр, Литинститутым сычІэсзэ, гу къыслъыти, СССР-м итхакІохэм я Союз сыхэзгъэхьагъэ Сергей Михалковыр, Наталья Кончаловскаяр, сихэкогъухэу КІэрэщэ Тембот, КІышъэкъо Алим, Еутых Аскэр, Охътэ Абдулахь, Кайсын Кулиевыр, нэмыкІхэри. Непи ситхылъхэр зимылъкукІэ къысфыдэзгъэкІырэ синыбджэгъухэм лъэшэу сафэраз. Ау хэт къыбдэІэпыІагъэкІи, ишІуагъэ къэкІощтэп тхакІом зэчый хэмылъмэ, Іоф зыдэмышІэжьымэ, ар зэкІэмэ анахь шъхьаІ.

Тхэныр Іоф псынкІагъоп, анахьэу ар зыфэгъэхьыгъэр прозэр ары. Усэр непэ «къэмыкІомэ», пчэдыжь нэс зэбгъэтІылъэкІмэ хъущт. Романыр ащ фэдэп, мафэ къэс умыпшъыжьэу Іоф дэпшІэн фае.

*— ГъашІэм гъогуонэ псынкІагъо зэримыІэр гурыІогъуаеп, ау унасыпышІомэ, бэмэ уапэлъэшышъунэу къысщэхъу. КъэпкІугъэ гъогушхом урыраза, непэ унасыпышІоу зэолъытэжьа?*

— Хэти насыпыр зэфэшъхьафэу къыгурэІо. Азыныкъохэм насыпыр шІулъэгъуныгъэм халъагъо, ау шІулъэгъуныгъэр пшъхьащыкІырэ гузэхашІ. Унагъор ара, сабыйхэр ара? ОцІыкІуфэхэ сабыйхэм угу хагъэкІырэп, угу къаІэты, уащэгушІукІы. Ау ины зыхъухэкІэ, ткІэрычыгъэ мэхъух. Іофшіэныр ара? Джарын фае, шІу плъэгъурэ сэнэхьатым, анахьэу творческэм, гупсэфыгъо къыуеты. Нахь куоу ухахьэмэ, насыпыр щыІэныгъэр ары, лъэ пытэкІэ узхэуцогъэ, зэшІокІ зыщыуиІэ гъашІэр ары. Унэ пшІыгъэмэ, чъыг бгъэтІысыгъэмэ, сабый къыпкІэхъухьагъэмэ, уигъашІэ лъэпсэнчъэ мыхъугъэу аІо. Ар философиеу зэрэщытыр къызгурыІуагъэу сегупшысэ: тхылъ дэгъу птхыныр, цІыфмэ агу нэсын орэд зэхэплъхьаныр, сурэт дахэ пшІыныр ащ нахь дэя? Сэ бын хъарзынэ сиІ, къорэлъф-пхъорэлъфыхэм сагъэгушІо. БэшІагъэ ахэмэ ныбжь яІэ зыхъугъэр. Ахэр чъыг лъэпсэ пытэм фэдэх. Лъэпсэнчъэ хъугъэп сигъашІэ. Алахьэр зэчыйкІэ къысфэусагъ, узынчъагъэ къыситыгъэти, сфызэшІокІырэр сшІагъэ. Арыщтын сэркІэ насыпыр.

*— МэкІэдэд насыпышІо хъуным пае цІыфым ищыкІагъэр. Мары сэ непэ уитхылъ пчъагъэхэр зэхэугъоягъэхэу къысэптхи, насыпышІо сыпшІыгъ. Унибжь илъэс 85-рэ зыщыхъурэм ипэгъокІэу мы тхылъ зэхэугъоягъэхэр дунаим къызэрэтехьагъэхэм узэрагъэгушІуагъэм щэч хэлъэп. Сыда мыхэмэ къадэхьагъэхэр?*

— КъыдэкІыгъэ тхылъ зэхэугъоягъэхэмэ сиусэхэр, поэмэхэр, романхэр, публицистикэр къадэхьагъ. Ахэр бэ мэхъух, илъэс 70-м къакІоцІ стхыгъэхэр арых. Ситарихъ тхылъхэм зы лІэшІэгъоп къызэлъаубытырэр, ахэмэ я Х-рэ лІэшІэгъум къыщегъэжьагъэу адыгэмэ ядунай къащызгъэлъэгъуагъ. Тхылъеджэхэм апашъхьэ ислъхьагъэх. Сэ сызэреплъырэмкІэ, Урысыем ис лъэпкъхэм ащыщэу цыхьэ нахь зэфэшІыпхъэхэм ахэт адыгэхэр. Урысые къэралыгъом изэхэщэн, игъэпсын хэлэжьагъэх тилъэпкъэгъухэр.

*— «ЧІыгу-огу зэнэсым сыда щыІэр?» зыфиІорэ уигукъэкІыжь тхылъыр зэрэухыгъэр пшъхьэ щычэрэгъугъэ гупшысэр ары. Непэ узынэсыгъэ лъэгапІэм укъеплъыхэу, шъхьангъупчъэмкІэ дунаим ухаплъэзэ, джыри кІэ горэм улъыхъоу, джыри зыгорэхэр пшъхьэ щычэрэ-*

*гъухэу, ахэр тапашъхьэ къиплъхьанэу зэбгъэзафэхэу а тхылъым икIэух къысшIуигъэшIыгъ. Сыдкlэ джыри тыбгъэгушIощта, сыд уздэлажьэрэр?*

– Зигугъу къэпшIыгъэ тхылъым ыуж блэкIыгъэ зэманыр къыригъэубытэу романитIу – «Рафыгъэхэр», «Хэхэсхэр» къыдэкIыгъэх. Щэч хэмылъэу къыосIон: ащ щысыухырэп сиIофи, сиIофшIэни, сикъарыуи. Зыуж сихьащтымкIэ, е езгъэжьэгъэ тхылъыр зыфэдэмкIэ апэ силъадэу цIыфхэм садэгощэныр къезгъэкIурэп, ау о къыосэIо – хьатхэм (хетхэм) афэгъэхьыгъэ тарихъ тхылъ джыдэдэм Iоф зыдасшIэрэр. Сеплъын блэкIыгъэ чыжьэм щыпсэущтыгъэ-тыкъызтекIыгъэу алъытэхэрэ адыгэхэм афэгъэхьыгъэ тарихъ тхылъыр (версиер) сфэукIочIышъущтмэ...

– *Шъхьэкlэфэшхо къыпфэсэшIы, Исхьакъ. Лъэпкъыми хэкуми апашъхьэ пшъэрылъэу зыщыфэпшIыжьыгъэр бэшIагъэу бгъэцэкIагъэ, ау джыри уизэчыйрэ уикъарыурэ лъэпкъым изыужьыжьын фэогъэIорышIэхэшъ, тхьэм тапэкIи пфызэшIокIырэм къыщымыкIэу бэрэ утиIэнэу селъэIу. Пшъхьац хэтхъукIэу ригъэжьэгъэ къодый. Арышъ, илъэс 15-кIэ джыри зы зэдэгущыIэгъу зэдэтшIынэу тызэгъэзэгъ.*

– Слъэ сытетэу илъэсишъэм сынэсмэ...– МэщбэшIэ Исхьакъ Iущхыпцlыкlыгъ.

*ДэгущыIагъэр НэкIэпыджэ Замир,*
*2016-рэ илъэс*

## МэщбашIэр – IофбашI

ЦIыфыр къызэрэпIотэн псалъэ къыпфэмыгъотэу, сыд фэдэрэ гущыIи пфимыкъоу укъызщыуцурэ пIалъэ къыокIу. Мары, джы сэри МэщбэшIэ Исхьакъ къызэрэсIотэн псалъэ сымыгъотэу къин сэлъэгъу.

МэщбэшIэ Исхьакъ адыгэ лъэпкъым ижъуагъу пIомэ хъунэу сэлъытэ. Сыда пIомэ ар джащ фэдизкIэ лъагэшъ, гъуазэшъ, шапхъэшъ ары. Адыгэхэм ащ нахьыбэ тхылъ тфэзытхыгъэ тхакIо тиIэп, ткъош кавказ лъэпкъхэми зиIэ ахэтэу сыгугъэрэп. Иными цIыкIуми ащ къыIэкIэкIыгъэу, ылъэкъуацIэ тетэу къыдэкIыгъэ тхылъмэ япчъагъэ 100-м къехъу. Ахэр зэтеплъхьэхэмэ, ежь тхакIом илъэгагъэ нэсынкIи мэхъу. Ахэм ащыщэу 20-м нахьыбэр роман, Iужъух, пIашъэх. Тхылъи 6-р лъэпсэрых зэожъым, адыгэр хэкум зэрэрафыгъэм, хэхэс адыгэхэм афэгъэхьыгъ, шIэныгъэ лъабжъэ зиIэ тхыдэ романых. Тхылъеджэхэм зэрашIэу, сыд фэдэрэ романи тхакIом къыгъэшIэгъэ дунэе унэе зырыз. Ащ фэдиз дунэе унае къэбгъэшIэныр IэшIэхына?!

МэщбэшIэ Исхьакъ тхылъыбэ зэритхыгъэм изакъоп зыкIэлъапIэр, зыкIэжъуагъор. Адэ, ащ ироманхэм ащыгъэпсыгъэ дунайхэм яшъыпкъагъэ, къащигъэлъэгъогъэ жэбзэ (литературэ) IэшIагъэм икуугъэ, идэхагъэ, иIупкIагъэ фэдэ лъэныкъохэмкIи ар шапхъэ, жъуагъо. Усэ гъэпсыкIэмкIэ Хьаткъо Ахьмэд, прозэмкIэ КIэрэщэ Тембот фэдэу, адыгэ жабзэм илъэгъохэщхэр гъуазэ зыфишIыгъэхэми, ежьым а лъагъор нахьыбэкIэ гъогубгъушхо ышIыгъэшъ, жабзэм иIэшIугъэ, идэхагъэ, илъэгагъэ нахьыбэкIэ диIэтэягъэшъ, джы тхакIо хъуным кIэхъопсырэ ныбжьыкIэхэм агу ыгъэкIодэу, ягугъэ ыкъутэу пIоми хъунэу щыт, «МэщбашIэм фэдэу тызымытхэшъуущтыкIэ, а Iофым тыпымыхьахэмэ нахьышIу» аригъаIоу.

КъызэрэтIуагъэу, МэщбэшIэ Исхьакъ «жъуагъо» епIо хъущт. Ау жъуагъо ухъуныр, жъуагъоу ущытыныр зэрэкъиным фэдэу, жъуагъор къэпIотэнри къин. Жъуагъор лъагэ, жъуагъом изакъу, ащ ыгу къэзыфызырэ гуаохэр, игугъэ-гупшысэхэр, игурылъхэр къызэрэпшIэн плъэкIыщтыр иIэдэкъэчIэкIхэмкIэ арых. Ау МэщбэшIэ Исхьакъ иIэдэкъэчIэкIхэм пстэуми зэряфэшъуашэу яджэшъугъэ цIыф щыIэн шъуIуа? ЩыIэу щытмэ, сыдэу ямафа! А пстэуми уамыджагъэу МэщбэшIэ Исхьакъ икъоу къыпфэIотэнэу сыгугъэрэп. Сэ къызэрэсшIошIырэмкIэ, МэщбэшIэ Исхьакъ итхылъ пстэуми зэряфэшъуашэу яджагъэм шIэныгъэ куу тхыдэмкIэ, адыгабзэмкIэ, жабзэмкIэ, литературэмкIэ ыкIи хабзэмкIэ зэригъэгъотыгъэу щыт, университет къыухыгъэ фэдэу.

## Шъэрэ зэхэпх нахьи зэ плъэгъурэр

Адыгэ Іофым хэтэу зы адыги щыІэпщтын Мэщбэшlэ Исхьакъ ыцІэ зэхимыхыгъэу. Сэри сикІэлэгъу дэдэу зэхэсхыщтыгъэ Мэщбэшlэ Исхьакъ ыцІэ, иусэхэр радиом къыІощтыгъэх, Урысыем ирадиоу «Тирадио» зыфиІорэм тедэІоу хъущтыгъэ, Адыгеим ирадиуи загъорэ къэтыубытыщтыгъэ, Амман радиом тыфэзэуи къыхэкІыщтыгъэ. Ахэмэ Мэщбашlэм иусэхэм ащыщхэр загъорэ къатыщтыгъэ. Гущыlэм пае, сэ апэу сызэдэlугъагъэр иусэмэ ащыщэу «СичІыгу» зыфиІорэр ары. Ащ адыгэ лъэпкъыр бэдэдэ шlагъэу зэрэмэкъумэщышlэр, чlыгулэжьыныр ышlэу зэрэщытыгъэр къызэрэхигъэщыгъэм имызакъоу, чlыгумрэ ащ дэлэжьэрэ цlыфымрэ зэрэзэфигъадэрэр, чlыгу жъогъакlэмрэ хьалыгъу жъэгъакlэмрэ зэрэзэригъапшэрэр сшlогъэшlэгъон дэдэу непэрэ мафэми сыгу илъ. Мыщ фэдэу къыщеlо ащ:

Сымэкъумэщышl сэ.<br>
Бэдэдэ шlагъэ<br>
Чlыгужъогъэ бзыгъэу<br>
сынэкlу зэлъагъ…

…Пахъэр шъхьащехы<br>
чlыгу жъогъакlэм<br>
Хьалыгъу жъэгъакlэм<br>
сыдэуи фэд!

Нахь пэсаlоу зэхэтхыгъэхэм ыкlи тыгу къиlукlырэ макъэ фэдэу къытщыхъугъэу бэрэ тыкъызэджагъэмэ ащыщ нэмыкlрэ изы усэ икъегъэжьапlи:

ГушlопсЫ нэпсэу<br>
осэпсэу зыгъэр<br>
Къелъадэ нэкум,<br>
къелъадэ нэкум,<br>
Тятэжъмэ ячlэу<br>
зэ тичlыгугъэр<br>
Сэлам алейкум,<br>
сэлам алейкум!



Исхьакъ иусэхэм ащыщэу орэдэу къаlоу, шlу алъэгъузэ зэдэlухэу щыlэри бэдэд, гум еlоу, псэм хапкlэу. Ау а пстэуми ягугъу къэтшlын тлъэкlынэп.

Мэщбашlэр адыгабзэм ащ фэдизкlэ фэlазэшъ, зыщыфаем ащ иадыгабзэ усабзэу, зыщыфаем убзабзэу, зыщыфаем бгыбзэу е цlэцlабзэу къыпщегъэхъу. Сыдым зыфигъэзагъэми, шlу дэдэу егъэцакlэ, ащ иадыгабзэ пкъым хэхьэ, гум нэсы, псэм лъэlэсы.

Исхьакъ ежьым ытхыгъэхэм ямызакъоу, урыс тхэкlошхо lазэхэм ятхылъмэ ащыщхэри адыгабзэкlэ зэридзэкlыгъэх. Ахэмкlи адыгабзэм илъэшыгъэ къыгъэлъэгъуагъ. Шъыпкъэ, бэшlагъэу гъашlэм итыдэрэ чlыпlи, къутами зэрифэшъуашэу ащызетымыхьажьышъурэ адыгабзэр дунаим тет анахь бзэ лъэш дэдэмэ ащыщ, икъу фэдизэу зэхэтымышlэжьми, тшlошъ мыхъужьми. Сыдыбзэкlэ атхыгъэуи щэрэт, адыгабзэкlэ нахь дэхэжьэу пфызэмыдзэкlын, пфэмытхыжьын щыlэп. Мары, Мэщбашlэм зэридзэкlыгъэхэмкlи ар къыгъэлъэгъуагъ, къыгъэшъыпкъэжьыгъ. Тызэрыгушхо хъун насыпыгъэшхоба: зэгорэм Исхьакъ нэмыкl тхэкlо цlэрыlохэм ятхылъхэр зэридзэкlыщтыгъэмэ, джы ежь итхылъхэр нэмыкlыбзэхэмкlэ зэрадзэкlы.

Мэщбэшlэ Исхьакъ синыбжьыкlэгъум къыщегъэжьагъэу ыцlэ зэхэсхэу щытыгъэми, ежьыр ынапэкlэ зыслъэгъугъэр, ышъхьэрэ ыпкъырэкlэ къызысшlагъэр 1978-рэ илъэсыр ары. Ащыгъум обществэу «Родинэм» къытфызэlуихыгъэ гъогумкlэ апэрэу Хэкужъым (Къэбэртаем) — «Тятэжъмэ ячlэу зэ тичlыгугъэм» тыкъэкlогъагъ зэныбджэгъуиплl тыхъоу (Исмейл Оздэмыр, сэры, Мэщфэшlу Нэджэт, Биданыкъо Нихьат) Анкара Кавказ хасэм тырилlыкlоу. Адыгеим тымыкlоу дгъэзэжьыщтэп тlуи, лъэlуми, нэйпсыягъэми зэраlоу, ащ зядгъэщэгъагъ. Джащыгъум тинасып къыхьыгъ Исхьакъ тлъэгъунэу. Гъэзетэу «Социалистическэ Адыгеим» (джы «Адыгэ макъэм») иунэ тыщыlукlэгъагъ. Изэхэлъ (пелыуан) теплъэкlэ, илlыхъужъ макъэкlэ, ипсэлъэкlэ lазэкlэ ащ тызэригъэгушlуагъэр, тызэригъэгушхуагъэр къыпфэlотэжьынэу щытэп. «Тицыфышъхьэ сыд фэдизэу агъэмэкlагъэми, дунэе пстэуми сыд фэдизкlэ тырапхъагъэми, тятэжъ чlыналъэ кlэпэ зэлъэ-

мыӀэс зырызэу зэпатхъыгъэми, Исхьакъ фэдэ цӀыф дышъэ, жъогъогъуазэ зытиӀэкӀэ, тыкӀодынэп, тыгуи дгъэкӀоды хъунэп» тигъэӀуагъэ ащ. Джащ къыщегъэжьагъэу тырыгушхоу тыдэрэ чӀыпӀи шӀукӀэ игугъу щытэшӀы, иусэхэм тыкъыщяджэ, итхыдэ романхэм ащыщхэр тыркубзэкӀэ зэтэдзэкӀы, зэтыдзэкӀынэу тыпылъ. Мары ащ и «Бзыикъо зао» ыкӀи «Мыжъошъхьалыр» синыбджэгъу Енэмыкъо Мэулид зэридзэкӀхи, тыркубзэкӀэ къыхаутыгъэх, сэри «Рафыгъэхэр» 2015-рэ илъэсым зэсыдзэкӀи, къыдэзгъэкӀыгъ, джыри романэу «Хэхэсхэр» зэсыдзэкӀынэу сыпылъ.

Илъэсищым къехъоу (1997–2000) Адыгеим сызыщыпсэугъэ лъэхъаным къыриубытэу Исхьакъ тхьэмафэм зэ нахь мымакӀэу сыфэзыщтыгъэ. Игъо сызщифэрэм ыдэжь сыкӀощтыгъэ, къэзгъэгущыӀэщтыгъэ, къыӀорэмэ сигуапэу сядэӀущтыгъэ, згъэхьаулыещтыгъэуи къычӀэкӀын, ау зыкӀи зэхысигъэшӀагъэп ыдэжь сызэрэкӀорэр имыгуапэу. Ежьыри бэрэ къакӀощтыгъэ сэ сызщылэжьэрэ гуманитар ушэтынхэмкӀэ институтым. Тхьаркъохъо Юныс, Шъхьэлэхъо Абу фэдэ нахьыжъхэм абгъодэсэу, сэри сыряшъхьагъырытэу ягущыӀэ сигуапэу седэӀущтыгъэ. КӀэкӀэу пӀон зыхъукӀэ, Исхьакъ зэрэсшӀагъэм, ныбджэгъу сызэрэфэхъугъэм лъэшэу сырэгушхо.

КъызэрэтӀуагъэу, жъуагъор къэӀотэгъуай нахь мышӀэми, зэрэхъукӀэ къэӀотэгъэн фае. Сыда пӀомэ цӀыфыр къызыхъугъэ мафэр зыкӀагъэлъапӀэрэм ишъхьэусыгъо шъхьаӀэр ежьыр гъэлъэпӀэгъэныр — ягъэгъэлъэпӀэгъэныр арымэ, ятӀонэрэр кӀэлакӀэу къыткӀэхъухэхэрэм шапхъэу ягъэлъэгъугъэныр ары. Нахь нэрылъэгъу афэпшӀымэ, ныбжьыкӀэхэм ар шапхъэ афэхъуным ущыгугъы хъущт.

## Исхьакъ игъашӀэ философие псэу

МэщбэшӀэ Исхьакъ игъашӀэ философие псэу. Ащ игъашӀэ ӀупкӀэу къегъэлъагъо гъашӀэр зэрэзэхэтыр, зэрэгъэпсыгъэ шӀыкӀэр – чэщым мафэр зэрэкӀэлъыкӀорэм фэдэу дэим – дэгъур, насыпынчъагъэм – насыпыр, къинхьагъум – гупсэфыгъор, гуӀэгъум – гушӀуагъор зэрэкӀэлъыкӀорэр, гъашӀэр ащ фэдэу зэрэгъэпсыгъэр, ар зыкӀи зыщыбгъэгъупшэ, зыкӀи угу бгъэкӀоды зэрэмыхъущтыр. НэмыкӀэу къэпӀон хъумэ, МэщбашӀэм ищыӀэныгъэкӀэ гъашӀэм уфепӀу.

Исхьакъ къызхэкӀыгъэ унагъор мэкъу-мэщым фэшӀоу, мэщыбэ ашӀэу щытыгъэн фае, ащ «мэщыбэ зышӀэрэ» мэхьанэ къикӀэу МэщбашӀэхэр афаусыгъагъ. Мэкъу-мэщым фэӀазэу, чӀыопсым фэшӀоу, ащ гурыӀоу, езэгъэу щыт МэщбэшӀэ унагъор лажьэмэ шхэжьэу, зэрилъэкӀыкӀэ хэти ишӀуагъэ ригъэкӀэу псэузэ, ятэу Шумафэ (Шыумафэ) Амзан ыкъор илъэс 50 мыхъупагъэу дунаим ехыжьи, зэкъош-зэшыпхъуитфым яплӀэнэрэу, Исхьакъ илъэси 3 зымыныбжь кӀэлэ ибэ цӀыкӀоу къэнэ. Ау адыгэм «мылӀэрэр лӀы мэхъу» зэраӀоу, лӀэрэп, ятэжъэу Дэунэжъ Хьэджумар ыкъо Бакъэрэ янэжъэу Хьатыу япхъу Чэбэхъанрэ зэращэлӀэжьи, янэ, ятэжъ-янэжъхэм зэдагъашӀозэ зэдапӀугъ, ныдэлъфыбзэм, адыгэ хабзэм, лъэпкъ ӀорыӀуатэм, тхыдэм афапӀугъ. Арын фае МэщбашӀэр МэщбашӀэ зышӀыгъэ апэрэ гушъхьэгъомылэ лъапӀэр. Янэ пщынаоу щымытыгъэми, хэтрэ адыгэ пшъашъи фэдэу пщынэ еошъущтыгъэ, ау пщынэ иӀагъэп, ягъунэгъумэ адэжь Исхьакъ пщынахьэ ыӀофытэти, къыригъэхьыщтыгъэ. Исхьакъи, пщынэу къыхьыгъэм ымакъэ, ащ къиӀукӀырэ мэкъамэм едэӀущтыгъэ шӀогъэшӀэгъонэу, шӀокӀэщыгъоу. Янэ пщынэм мэкъамэ къыригъэкӀырэ къодыещтыгъэп, тӀэкӀуи дежъыущтыгъэ. НахьыбэрэмкӀэ къыӀощтыгъэр орэдыжъ, лӀыхъужъ орэд, гъыбзэ. Ахэм нахьыбэу къахэщырэри адыгэ лъэпкъым ышъхьэ къырыкӀогъэ гуаор, гузэжъогъур арыгъэ. Исхьакъ янэжъи, ятэжъи, ахэм яныбджэгъоу хьакӀэщым къакӀохэрэми къаӀощтыгъэр а дэдэхэр арыгъэ. Илъэси 5–6 нахь зымыныбжь кӀэлэцӀыкӀум а пстэури ыгу хапкӀэщтыгъэ. Ащ фэдиз бэлахь зыпэкӀэкӀыгъэ, гуӀэгъу-гузэжъогъур зыбгъэ дэзыгъэфэгъэ адыгэ лъэпкъым фэшӀушӀэнэу, ыгу лыргъужъ дэзышӀыхьэгъэ тыркъор фигъэкӀыжьынэу, къырашӀылӀэгъэ тхьамыкӀагъор зэрэдунаеу щаригъэшӀэнэу зытырелъхьажьы, пшъэрылъ зыфешӀыжьы ыкӀи ар зыкӀи зыщигъэгъупшэрэп.

Сабыим ащ фэдэ пшъэрылъ зыфигъэуцужьыным пае ащ ылъ Тхьэм къыхилъхьагъэу зы къарыу шъэф, сэнау-

щыгъэ хэлъын фае, зэхихырэр, ылъэгъурэр ышъхьэ риубытэшъоу, ышъхьэ риубытэрэр къыIотэжьышъоу, къыIуатэрэмкIэ цIыфхэр ыгъэдэIошъоу.

Тхьэм цIыфым сэнаущыгъэ къызэрэхилъхьэрэр Ежьым ишIоигъоныгъэ къодыеп къызхэкIырэр, зыфаем хилъхьэу, зыфэмыем химылъхьэу щытэп. Хэт, сыд фэдэ сэнаущыгъэ хэлъыщтми, ащ зы хабзэ фигъэуцугъэу ары Тхьэм. А хэбзэ-бзыпхъэхэр джы генетикэ шIэныгъэм къыушыхьатэу ригъэжьагъ. «ГенкIэ» заджэхэрэр илъэс мин пчъагъэхэм къариубытэу лъэпкъым зэфихьысыгъэ гушъхьэлэжьыгъэр, зэхашIэр, шэныр лъым хэлъэу сабыим къызэрэхахьэрэр ары. Адыгэхэм «лIэужыр бжиблэу мао» зэраIорэм къырагъэкIырэр арын фае.

Исхьакъ ащ фэдэ сэнаущыгъэ зэрэхэлъыр ежьым ымышIахэу къыхэщыгъэн фае, ау ятэ пасэу дунаим зэрехыжьыгъэм къыхэкIыкIэ, зэкъозыгъэ хъугъэ унагъом, игъом гу лъитэнэу мыхъугъэми, инасыпти, тэри, адыгэхэм, тинасыпти, икIэлэегъаджэ блитIупщыгъэп, гу лъитагъ. Ащ ишIуагъэкIэ Исхьакъ апэрэ усэр, илъэси 8 нахь мыхъугъэу, ытхыгъ. Тежъугъэгупшысэлъ кIэлэцIыкIум ащ къыритын ылъэкIыщт гушIуагъом, гушхуагъэм! Исхьакъ ащ дэжьым щытеуцуагъэу плъытэ хъущт тхэн гъогууанэм.

Мэщбэшэ Исхьакъ 1951-рэ илъэсым Мыекъопэ педучилищыр, 1956-м Москва дэт Литературнэ институтыр къыухыгъэх. КПСС-м и Апшъэрэ еджапIи щеджагъ. Иапэрэ тхылъэу «ЦIыф лъэшхэр» зыфиIорэр ежьыр илъэс 18 нахь мыхъоу дунаим къытехьагъ, ащ къыщегъэжьагъэу зэпымыоу тхагъэ. Мары непи итхылъхэм япчъагъэ 100-м ехъугъэми, джыри емызэщэу матхэ. Тхьэм бэрэ узынчъэу тфегъэпсэу, лъэпкъым, цIыфыгъэм фэлэжьэнэу ешI.

Сэнаущыгъэ пхэлъ къодыекIэ икъурэп, ар къэбгъэшъыпкъэжьэу Iоф пшIэн фае, зымыгъэбэлэрэгъэу.

Исхьакъ зы мафэ горэм сеупчIыгъагъ: «Тэ еджэгъу тифэрэп, мыщ фэдиз тхылъыр о сыдэущтэу птхын плъэкIыра?» «Сэ,– ыIуагъ ащ,– гъэмафи кIымафи кIасэу сэгъолъыжьы, жьэу сыкъэтэджы. Сыхьат зыщы-зыплIырэ сымытхэу чэщ блэзгъэкIырэп. А чэщым стхыгъэ тхьэпэ пчъагъэм сыгу рихьыжьэу зы е тIу нахьыбэ, ары пакIошъ, тхьэпэныкъо нахь къыхэсымыхыжьэуи къыхэкIы, зыгори зэсымыпэсыжьэу пстэури зэхэсцIыцIэжьэу чIэсыдзыжьыпэуи мэхъу. Арэу щыт нахь мышIэми, чэщ къэс сымытхэу блэзгъэкIырэп. Арынчъэу тхакIо ухъун плъэкIыщтэп».

Мэщбашэм сыд ытхыми, зэритхырэр адыгабзэ. Сыда пIомэ цIыфыр нахьышIу дэдэу зэрыгупшысэрэр, игугъэгупшысэ цIыфмэ агу нэсэу, апсэ лъыIэсэу къызэриIотэшъурэр ежьым иныдэлъфыбз ары.

Ныдэлъфыбзэр быдзыщэ пфэмыхъугъэу, лъэпкъым ыбзэкIэ къыIогъэ гъыбзэхэм, орэдыжъхэм, усэхэм, Iорыiуатэхэм, лъэпкъым ынэгу кIэкIыгъэм, итхыдэхэм уащымыгъуазэу, ахэр гурэ псэрэкIэ зэхэмышIэу тхакIо ухъуныр, ухъугъэми, лъэпкъым, цIыф жъугъэм апсэ улъыIэсыныр къин дэд. Зэрэдунаеу щызэлъашIэрэ тхэкIошхо цIэрыIохэм якъежьапIи ежьмэ яныдэлъфыбз, ялъэпкъ кIэн ары. Шъхьэзэкъо лъэкъуитIур унагъо хъурэп, унагъо мыхъурэр къуаджэ хъурэп, къуаджэ мыхъурэр лъэпкъ хъурэп, лъэпкъ умыхъоу лъэпкъ кIэни уиIэщтэп.

Джыри ащ къыхэзгъэхъожьынэу сыфай. ГъэрекIо (2015-м) Тыркуем тыкIуагъэу, Исхьакъ къыIуагъэу аIуи зэхэсхыгъэ зы къэбар губзыгъэ: «ТхакIор тхэн фае. Агу рихьын шъуIуа? Къыхаутын шъуIуа? Сагъэмысэн шъуIуа?» зыфиIорэ упчIэ мыщыухэм, шIогъэнапIэхэм зыкъаримыгъэлъахъэу. Ежьым ыгу къэкIыгъэр, ышъхьэ къихьагъэр, ытхын фаеу ылъытэрэр ытхынышъ, къытырадзэн-къытырамыдзэныр ятIонэрэ Iоф.

Мэщбэшэ Исхьакъ жъогъо къодыеу щымытэу «жъогъогъуаз» епIоныр ифэшъуаш ыкIи ар къылэжьыгъэ шъыпкъ. Итхыгъэхэм ахэлъ ушъыйхэми ар къаушыхьаты.

Исхьакъ тхэкIо къодыеп, зэрэ Мэщбашэм фэдэу, Iофбаш, лэжьэкIошху, чан, ерыш, емызэщыжь; ыныбжь емылъытыгъэу, ыгуи, ыпси, ыIэпкъ-лъэпкъи зэрэкIал. Лlыку зишIугъо улъимыгъэхъунэу, теубытагъэ хэлъэу мэлажьэ. Ар зыхэмыт, зылъымыIэс, ащ фызэшIомыкI Iоф щыIэп.

ЦIэ лъапIэу къырапэсыгъэхэм, тын лъапIэу къыфашIыгъэхэм ягугъу къэсшIыхэрэп, Мэщбэшэ Исхьакъ цIэ анахь лъапIэу щыIэр ифэшъуаш.

Мэщбэшэ Исхьакъ фэдэ цIыф адыгэ лъэпкъым къызэрэтхэкIыгъэмкIэ тэгушхо. Тхьэм джыри псаоу, узынчъэу, тшъхьэ инэу тигъэлъэгъужьэу бэрэ тапэ регъэт.

## «Рафыгъэхэм» Тыркуем лъэтегъэуцо щыфашІыгъ

*ИкІыгъэ илъэсым ишэкІогъу мазэ Мэщбэшlэ Исхьакъ Тыркуем щыхьэкІагъ. Анкарами Истамбули адыгэхэм ащыІукІи, гущыІэгъу афэхъугъ. Игъашlэ икъекІокІыкІэ, илэжьыгъэ, тхэным фэзыщагъэм, тхакІор зыфэдэн фаем, адыгэ Іофым еплъыкІэу фыриІэм къатегущыІагъ. КІэкІэу къэпІон хъумэ, лъэпкъ зэхашІэм, хэкум нэшlукІэ къеплъынхэ зэрэфаем бэ къыфигъэущыгъэр, къызэтынэкІыгъэ илъэсипшl пчъагъэхэм щыlэгъэ «зэо чъыІэм» ыгъэплъэхъугъэ, ыгъэгъозэджагъэ горэхэр яеплъыкІэ пхэнджхэм ахэплъэжьынхэ фаеу ышlыгъ, зыхэт гуІэгъу-гузэжъогъур хэкІыпІэнчъэ дэдэу къызыщыхъоу, зыгу кІодыпэным нэсыгъэмэ гугъэм икІэпсэ lэкlапэ афищэигъ. Истамбул ШlушІэ хасэм тиІоф щыдгъэцэкlагъэ нэуж тыкъычІамыгъэкІыжьэу, Анкара зэрэщыщытыгъэу, цІыфхэр къытэчъалІэхэзэ, тыкъаухъурэигъ. Ахэр тхэкІошхом къыфэхъуахъощтыгъэх, инэу къызэрэфэразэхэр, яшlошІхэр къыраlощтыгъэ. ГущыІэм пае, зыгорэм мырэущтэу къыlуагъ: «Совет лъэхъаным зыми игупшысэхэр, игурылъхэр фитэу ымытхышъоу, компартием къафигъэнэфэгъэ лъэгъо зэжъум зи темыкІышъоу, ащ къыхэкІыкІэ а лъэхъаным атхыгъэхэм цыхьэ афэпшІы мыхъунэу, узыкІяджэни щымыlэу арыгъэ тызэрегупшысэщтыгъэр. Ау о, Исхьакъ, ащ фэдэу уегупшысэныр зэрэмытэрэзыр къыдгурыбгъэlуагъ, тхьауегъэпсэу, тынэ къэбгъэплъэжьыгъ». Ар дэдэр ыужкІэ КІокІо Дженгизи гъогумэфэ Іанэм къыщыкІигъэпытыхьажьыгъ. Мэщбэшlэ Исхьакъ Тыркуем щыриІэгъэ зэlукІэгъухэм яшІогъэшхо къызэрэкІуагъэм щэч хэлъэп.*

Мэщбашlэ Исхьакъ къызэрыхъухьэгъэ унагъом мэщыбэ ышlэу зэрэщытыгъэм елъытыгъэу Мэщбашlэ хъугъэми, ежьыр мэщым къыщымыуцоу Іофбашlэ хъугъэ. Бэмэ зэрашlэу, Мэщбэшlэ Исхьакъ нахь тхылъыбэ адыгэм, адыгэ тарихъым, адыгагъэм, цІыфыгъэм фэзытхыгъэ тхакІо кавказ лъэпкъхэм къытхэкІыгъэу сэ сшlэрэп. Ащ фэдэу дунэе псэуми тетыр бащэп, зырыз пІоми хъущт.

Мэщбэшlэ Исхьакъ лlэшlэгъуныкъо нахьыбэ хъугъэу Адыгэ тхакІомэ я Союз итхьамат, бэшlагъэу урысые тхакІохэми ятхьаматэ гуадз. Илъэсыбэрэ зэкІэлъыпытэу депутатхэм я Адыгэ хэку Совет, Краснодар край Советым, СССР-м и Апшъэрэ Совет ядепутатыгъ, Урысыем и Общественнэ палатэ ихэдзыгъуитІумэ ахэтыгъ. Гъэхъагъэу адыгэ литературэм щишІыгъэхэм апае шlухьафтынэу, цlэ лъапlэу къыфагъэшъошагъэмэ япчъагъэ къэлъытэгъуай.

Къызэрэтlуагъэу, Мэщбашlэр Іофбашl, Іофышlубашl, лэжьэкlошху, емызэщыжь цlыф, зыlэдакъэ тхыгъэ бэдэдэ къычlэкІыгъэ тхэкІо шъэджашъ, ыныбжь емылъытыгъэу ыгуи, игупшыси, уеблэмэ, иlэпкъ-лъэпкъи зэрэкlал пlоми, ухэукъонэу щытэп. Тыркуем зэрэщыlэгъэ тlэкlум икъэбар щыгъуазэ шъухъумэ, ар нахь Іупкlэу шъори къыжъугурыlощт, зэхэшъушlэщт. Узынчъэу, гукъыдэчъ иlэ зэпытэу Тхьэм бэрэ тфегъэпсэу, бэрэ тапэ регъэт.

Мэзитlу фэдизкlэ узэlэбэкlыжьмэ, шышъхьэlу мазэм, Мэщбэшlэ Исхьакъ ДАХ-м итхьаматэу Сэхъурэкъо Хьэутийрэ гъэзетэу «Адыгэ псалъэм» иредактор шъхьаlэу Хьашlуцlэ Мыхьамэтрэ ягъусэу Тыркуем, Иорданием, Израиль ащыlагъ. Тыркуем иадыгэ хэсэ федерацие (КАФФЕД-м) хэт хасэхэм ятхьаматэхэм язэlукlэгъу Анкара щыкlощтыгъэ. Зэlукlэр ДАХ-м и Зэфэсышхо изыфэгъэхьазырын фэгъэхьыгъагъ. Ащ хэтэу КlокІо Дженгиз Мэщбэшlэ Исхьакъ къеупчlыгъ: «Шэкlогъу мазэм иапэрэ мафэхэм фазэу укъедгъэблагъэмэ, укъытфэкlошъуна?» Арыти, емыгупшысэжьэу «сыкъэкlон» риlожьыгъагъ. Пlалъэр къэблагъэ зэхъум, Исхьакъ сеупчlыгъ: «Сыдэу ущыт, уиlофхэр сыдэу хъухэра, мо гущыlэ зэптыгъэхэм уахэхьэшъунэу щыта?». Зыщыlэщт мафэмкlэ къызысэупчlым, есlуагъ шэкlогъум и 8-р.

Джы шъуеплъ ащ фызэшlокlыгъэ заулэм: шэкlогъум и 2-м Москва мэбыбы, я 3–4-рэ мафэхэм Общественнэ палатэм иlофшlэн хэлажьэшъ, и 5-м Мыекъуапэ къегъэзэжьы, иlофшlапlэ зы мафэ lотышъ, шэкlогъум и 6-м, чэщым, Краснодар макlо, я 7-м инэфшъагъо Истамбул нэсы, сэ ащ сыкъыщыпэгъокlышъ, занкlэу Анкара тэбыбы. Типрограммэ Анкара кlоныр хэмытыгъэ нахь мышlэми, ыужкlэ хагъэхьажьыгъэти, тэри «хьау» тlуагъэп. Тыркуем икъэлашъхьэ тызэрэнэсэу «Мы лlыр пшъыгъэщтын, улэугъэщтын, тlэкlу зедгъэгъэпсэфын» тэlошъ, хьакlэщым

чІэтэгъэтІысхьэ. Ау ежьыр, тІэкІу зиукъудыигъэми, сычъыен ымыІоу, тырку телевидением «сыд фэдэ телекъэтынха шъуІуа мыхэмэ къагъэлъагъохэрэр?» еІошъ, еплъы. ЕтІанэ, къытеІожьы: «Бзэр къызгурымыІоми, зыкъызэрашІырэмкІэ зэрэкъэтын хъарзынэхэр къызгурыІуагъ».

Анкара къыщытпэгъокІынэу пшъэрылъ зыфашІыгъэ ныбжьыкІэхэр къызыщытпэгъокІын фэе сыхьатымкІэ, тызыфае горэ щыІэ-щымыІэмкІэ къытэупчІыгъэх. Ау тимахэлъэ (убых – Ажъукъумэ якІалэ) ащ апэ зыкъырыгъэшъи, тызэгурыІуагъэти, бысым хъожь тшІыгъэп, ар къытпэгъокІыгъ, мэфэ реным ащ тихьэкІагъ. Ечэнд фэгъазэу тшІыгъэ щэджэгъуашхэм «ешъо» хэмытыгъэми, тызэрыгъэгущыІэзэ, «ешхэмкІэ» тІэкІу едгъэлыегъэн фае, МэщбашІэр къыттехъупкІагъ: «СыжъугъэгущыІэзэ, сыжъугъэбэлэрэгъи, бащэ сэжъугъэшхыгъэ, джы пчыхьашъхьэ сыдэущтэу Іоф тшІэжьыщта?!». «ШъумыгумэкІ, – ыІуагъ тибысым кІалэ, – сэ джы зы чІыпІэ шъусщэщтышъ, зи шъумышхыгъахэ фэдэ шъухъущт».

Къалэр тІэкІу къытигъэчъыхьи, Анкара пытапІэм тищагъ. Ащ машинэ дэкІырэп, лъэсэу дэкІых. МэщбашІэм ипытагъэ, иныбжьыкІагъэ тыщытхъоу бэрэ тырыгущыІагъэми, семысэмэркъэун слъэкІыгъэп: «Мары джы къэтшІэщт, о уикІэлэгъэ-пытагъэ зыфэдэр». ШъушІошъ жъугъэхъу зыныбжь илъэс 85-рэ хъурэ МэщбашІэр тауж къимынагъэкІэ. КІо, хэгърэй кІалэр гъуазэу тапэ итыгъ шъхьае, Исхьакъ зыкІи къызэтемыуцоу, зимыгъэпсэфэу пытапІэм ышъхьэпэ дэдэ нэсынкІэ къэнэжьыгъэ щымыІэу дэкІоягъ. Ащ дэжьым тІэкІу тыкъыщыуцуи, етІани къэтымыгъэзэжьэу тапэ тишъыгъ. Ежьым изытетыкІэ тызеупчІым, «слъэкІапІэхэр кІэзэзыхьэ сыхъугъагъ» ыІуагъ. Ау, ащ нэс дэкІоягъэу зылъэкІапІэ кІэмыкІэзэзыхьэ бащэ щыІэпщтын. Сыда пІомэ, ар лъэшэу бгы занд, Анкара къалэм инахь лъагэпІэ дэдэм тет. ЧІылъэгум къыщегъэжьагъэу пытапІэм илъэгагъэ метри 110-рэ мэхъу, укъеплъыхмэ, зэрэпсэоу къалэм укъызэрэхаплъэрэм къыщымыуцоу, азэнэджапІэ лъагэхэми уакъышъхьэщэплъэ.

Анкара пытапІэр зашІыгъэ илъэсыр ІупкІэ дэдэу къашІэжьырэп, ау ар хьатхэм ялъэхэхан ашІыгъэу зыІохэри мымакІэу щыІэх. Тиэрэ и 1–2-рэ лІэшІэгъум иублапІэхэм галатхэр Анкара къызыдахьэхэм, пытапІэр зэрэщыІагъэр ушэтыгъэу нафэ. Римхэм, византийхэм, сальджукийхэм, осмэнхэм ялъэхэханхэм мызэу-мытІоу еІэзэкІыжьыгъэх.

ПытапІэм тыкъызехыжьым, пчыхьэ фэгъазэу Анкара адыгэ хасэм тыкІуагъ. Мафэми ащ текІоІагъэми хъущтыгъэ, ау тыфэягъэп. Сыда пІомэ, апэрэмкІэ, сэ ащ бэрэ тхьаматэу сытетыгъэшъ, дэгъоу сэшІэ мэфэзэкъо-тхьаумэфэ мафэхэм ащ цІыфыбэ дэдэ къызэрекІуалІэрэр. КъатиплІ хъурэ унэ зэтетышхом ащ фэдэ мафэхэм сэ сшъхьэкІэ тІысыпІэ щысимыгъотыжьэу бэрэ къысэкІугъ. Къэшъоным зыфэзгъасэрэ сабийхэр зы купэу, ащ янэятэхэр зы купэу, къэшъокІо куп ныбжьыкІэхэр, театрэм щылажьэхэрэр, пщынэуакІэ, адыгабзэкІэ тхэкІэ-еджакІэ зэзыгъашІэхэрэр, нэмыкІ куп зырызэу «тхылъ горэ къэтщэфын» е «адыгэ шхын горэ зыІудгъэфэн» зыІоу къакІорэ хьакІэхэр щызэблэкІых. А пстэуми акІыІужьэу, мы мафэхэм КАФФЕД-м и Зэфэсышхо зыфагъэхьазырышъ, ащ нэмыкІ къалэхэм къарыкІыгъэ хэсэ лІыкІохэри хэтэу зэІукІэгъухэр щырагъэкІокІых. Арыти, а пстэур къыдэтлъыти, тэри «затедгъэонэп, пэрыохъу тафэхъунэп» тІуи, хасэм пасэу текІолІагъэп.

Пчыхьашъхьэм къытажэрэ нахьыжъыІохэмрэ тэрырэ кафэм тІэкІу тыщызэдэгущыІи, типрограммэ игъэцэкІэн тыфежьагъ. ЫпэрапшІэу, МэщбэшІэ Исхьакъ тыркубзэкІэ сыкъытегущыІагъ. Ар зыфэдэ цІыфыр, илэжьакІэр, тилъэпкъ фишІагъэр, фишІэрэр зэрэгъунэнчъэр кІэкІэу къафэсІотагъ. ЕтІанэ псалъэр ежьым ести, сэ фызэздзэкІыжьызэ, къэгущыІагъ. ЗэдзэкІыным зэпегъэу псалъэм икІуачІэ, къэгущыІэрэм игупшысэ зэщегъакъо. ЗэдзэкІын Іоф хэмытэу хъунэу щыт шъуІуа сІуи, залым чІэсмэ сызяупчІым, языщанэ фэдизмэ адыгабзэр амышІэу къычІэкІыгъ. Ау а тІэкІуми адыгабзэр зэрашІэрэри гушІуагъо къытщыхъугъ, гушхуагъэ хэтхыгъ. КъызэрэчІэкІыгъэмкІэ, адыгабзэр нахь зышІэхэрэр ары МэщбашІэм къедэІунэу къэкІуагъэхэр.

ЗэІукІэгъур сыхьатищ нахьыбэрэ кІуагъэ. ЕтІанэ Исхьакъ упчІэхэм яджэуап аритыжьыгъ. ЗэІукІэр кІыхьаІо хъугъэ нахь мышІэми, зи пшъыгъэп, езэщыгъэп, сыхьатыр зынэсыгъэми гу лъатагъэп, пстэури яшъыпкъэу, ягуапэу къедэІу-

гъэх. Тизэхэсыгъо кIыхьаIо зэрэхъугъэм иягъэ закъор шхапIэ горэм тащэнышъ, тагъэхьакIэнэу агъэпсыгъэти, ар Iуахыжьын фаеу хъугъэ. Армырыми къызэрэтIуагъэу, щэджэгъо ужыIоу ыкIи баIоу тышхагъэти, зыгорэ хэфэжьынэу щытыгъэп. Ары пэтми, хасэм икафе псыжъо-хьалыжъу, хьалыо фэдэу ащ щашIырэ адыгэ шхынмэ тащыхэIагъ.

Чэщым тIэкIу зыдгъэпсэфи, мызэгъогум тихэгърэй кIалэ тыутIупщыжьыгъэ, хэсашъхьэм тыкъагъэкIотэжьынэу зыпшъэ ралъхьэгъэхэ Къанкъошъ Лутфийрэ ащ ишъхьэ-гъусэ Хъураняпхъу Фэрихьэрэ нэфшъагъом дэжь къухьэ-лъэтапIэм тыкъагъэсыжьи, Истамбул къэдгъэзэжьыгъ.

Истамбул КIокIо Дженгиз къыщытпэгъокIыгъ. ЗанкIэу пчэдыжьыышхэ кIасэ (бранч) зыщашIыщт ыкIи Исхьакъ къызыщыгущыIэщт залым – Шамиль ыцIэ зыхьырэ ШIушIэ хасэм (фондым) иунэ тыкIуагъ. Щамиль ыцIэ зыхьырэ ШIушIэ хасэр 30.03.1978-рэ илъэсым дагъыстан, чэчэн зыфэпIощтхэ лъэпкъхэу КъокIыпIэ Кавказым щыщхэм зэхащагъ. ЕтIанэ цIыкIу-цIыкIузэ абадзэхэри, адыгэхэри ахэхьагъэх. Илъэс пчъагъэ хъугъэу ар адыгэ-абэдзэ шIушIэ хасэ фэдэу хъужьыгъэ. ШIушIэ хасэхэм япшъэрылъ шъхьаIэр зымылъэкIыхэрэм, фэныкъохэм адэIэпыIэнэу ары, ау Щамиль ыцIэ зыхьрэ ШIушIэ хасэм пшъэрылъэу зыфигъэуцужьыгъэр ащ къыщыуцурэп «ныбжьыкIэхэми нахьыжъыIохэми яшIэныгъэкIэ, ягупшысэкIэ, яIэпкъ-лъэп-къыкIэ заригъэужьыжьынэу, гъашIэм нахь зэфэхьысыжь купкI къыхахыным пае адэIэпыIэнэу», нэмыкIэу къэпIон хъумэ, тицIыфхэр нахь гъэсагъэ, яакъыл нахьы чан, яззшIокI нахьы ин зэрэхъуным пылъынэу ары.

Анкарами Истамбули МэщбэшIэ Исхьакъ къащиIогъэ пстэури къытфэIотэжьынэп, ау псалъэм икупкI кIэкIэу игугъу къэтшIын. ТхэкIошхор лъэпкъ гупшысэм къыфэзы-щагъэм, ащ адыгэ лъэпкъ Iофым, адыгабзэм еплъыкIэу афыриIэм, зыдэщыIэгъэ хэгъэгубэмэ гупшысэу рагъэшIы-гъэм, нэмыкI гукъэкIыжьхэм къэзэрэугъоигъэхэр ащигъэ-гъозагъэх. Тыдэ щыIэу, сыд фэдэ чIыпIэ итэу щытми, цIыфым, адыгэм къехъулIагъэр зыщигъэгъупшэн зэрэфи-мытыр, лъэпкъым фишIэшъунэу щыIэр емызэщэу, къи-мыкIотэу, зыгорэм фимыушIушIэу ышIэнэу къызэрэ-



тефэрэр, ащ дыкIыгъоу иадыгэ лъэпкъ нэмыкIхэм шIукIэ игугъу аригъэшIэн, ежьыри щысэ афэхъузэ, адыгэ шэн-ха-бзэхэр аригъэлъэгъунхэр адыгэ пэпчъ ипшъэрылъ. Адыгэр тыдэ щыпсэуми, зыхэс лъэпкъхэм, зыщыпсэурэ хэгъэгухэм шIоу зэрафыщытыр, Урысыери Тыркуери къэзыгъэнэжьы-гъэхэм, зэтезгъэпсыхьагъэхэм, зязыгъэужьыжьыгъэхэм зэращыщыр, ар бэмэ зэрамышIэрэр ядгъэшIэн зэрэфаери ипсалъэ щыкIигъэтхъыгъ.

КъызэрэтIуагъэу, МэщбашIэм тхылъыбэ къыдигъэ-кIыгъ, 20-р – романышхох. Ахэмэ ащыщ сэ тыркубзэкIэ зэсыдзэкIи, къыдэзгъэкIыгъ «Рафыгъэхэр». Тыркуем тыкIонэу зыкIэхъугъэм иушъхьагъумэ ари ащыщ. А романым цIыфыбэ еджагъэу къычIэкIыгъ. Бэмэ зыкъытфагъази, лъэшэу агу зэрэрихьыгъэр къытаIуагъ, къытфэхъохъугъэх, инэу шIушIэ къытфашIыгъ, джыри МэщбашIэм итхылъхэр афызэтдзэкIынэу къытэлъэIугъэх, тытырагъэгушхуагъ. ЗэIукIэгъухэм а тхылъми лъэтегъэуцо ащыфашIыгъ. Бэмэ тафытетхи, тафыкIэтхэжьыгъ.

Хэтрэ адыгэ тхакIуи щысэ фэхъупхъэу зы хэбзэ гъэ-шIэгъон дахэ хэлъ МэщбэшIэ Исхьакъ, адыгэбзэ къэб-зэ-дахэкIэ еджэгъошIоу, гурыIогъошIоу матхэ. Бзэ чанкIэ, бзэ къабзэкIэ тхыгъэ тхылъыр сыдигъокIи зэбдзэкIынкIэ нахь Iэрыфэгъу. Арын фае МэщбашIэм итхылъхэр уры-сыбзэкIи, нэмыкIыбзэхэмкIи къызкIыхаутыхэрэр. Сыдэу шIы фаеми, ныдэлъфыбзэкIэ ытхырэм нахь лъэш, нахь дэгъу нэмыкIыбзэкIэ зэдзэкIыгъэр хъурэп. МэщбэшIэ Исхьакъ зынэсыгъэ лъэгапIэр ащ ишыхьат.

ТхакIом игущыIэ къыщыхигъэщыгъ ныдэлъфыбзэр, лъэпкъ кIэныр бидзыщэм зэрэфэдэр, ащ рапIугъэр сыди-гъуи, тыдэ щыIэми, сыд фэдэ чIыпIэ итми, илъэпкъ зэре-гупшысэщтыр, фишIэщтымкIэ а лъэхъаным икъиныгъо горэхэр шIогъэнапIэ е ушъхьагъу зэримышIыщтыр. Ежьым ащкIэ щысэ къыхьыгъ «Мыжъошъхьал» зыфиIорэ романыр. А уахътэм птхы хъунэу щымытыгъэ пэтзэ, зыми римыгъашIэу шъэфэу тхылъыр зэритхыгъэр, етIанэ зэманым зызехъожьым, ар тхылъышхоу адыгабзэкIи урысыбзэкIи къызэрэдагъэкIыгъэр къыIотагъ. Гужъ, лъышIэжь хэмылъэу, шъыпкъэр шъыпкъэу, дэгъоу, дахэу зыптхырэм,

ар гужъуаIоми зэгорэм пхырымыкIын, лъэпкъым, цIыф жъугъэмэ агу лъымыIэсын ылъэкIыщтэп. «Куцэр теуцогъу теуцогъу» адыгэмэ зэраIоу, зэманым, дунаим зехъожьы,— ыIуагъ Исхьакъ.— Урысыемрэ Тыркуемрэ зэрэзэфыщытыгъэхэри джы зэрэзэфыщытхэри ащкIэ шыхьатышIу. Ипэм тызэрэмыгъэблагъэщтыгъэмэ, джы тэщ нахь зэныбджэгъушIу щымыIэ фэдэу тыхъугъ. Тыфаемэ, типаспорт къэтэштэшъ, пэрыохъу тимыIэу сыхьатитIу имыкъукIэ тызэIокIэ». Мэщбэшlэ Исхьакъ шIушIэ афишIыгъ Тыркуе къэралыгъоми, тыркухэми хэхэс тятэжъхэр гузэжъогъу зыхэтыгъэ лъэхъанхэм яхэкупчъэ къазэрэфыIуахыгъэм, зэрэрагъэблэгъагъэхэм, къазэрэдэIэпыIагъэхэм, джыри тизэпышIэныгъэ зэрэлъагъэкIуатэрэм афэшI.

Мэщбашlэм къызэриIуагъэмкIэ, цIыфыр тхакIо хъуным пае Iофыгъуищ ищыкIагъ. Апэрэу, Тхьэм къыхилъхьагъэу, къыдалъфыгъэу сэнаущ (талант) хэлъын фае. Ащ фэдэ сэнаущыгъэ бэмэ ахэлъынкIи мэхъу, ау ар игъом къапшIэу зебгъэужьымэ ары къызыпшъхьапэрэр. АщкIэ пшъэрылъышхо яI пэублэ еджапIэм адыгабзэм щязгъаджэрэ кIэлэегъаджэмэ. Сыда пIомэ, сабыим хэлъ сэнаущыгъэр ежьыми иунагъуи гу лъамытэн алъэкIыщт, ар къыхэзгъэщын фаер кIэлэегъаджэр ары. ЯтIонэрэу, уемызэщэу, укъимыкIотэу, угу умыгъэкIодэу утхэн, утхэн, зэпымыоу утхэн фае. Ежьым еIо: «Сэ сиIэнатIэ тезгъэкIуадэрэ зэманым нэмыкIэу сигъэпсэфыгъо шэмбэт, тхьаумафэ мэфитIум сыхьатипшI-пшIыкIутIурэ унэм Iоф щысэшIэ. Стхыгъэ тхьапэ зытфыхым сызеджэжьыкIэ, тхьапэ зытIу нахь къыхэкIыжьырэп. Джащ фэдэу Iоф зыдэмышIэжьэу тхакIо ухъун плъэкIыщтэп».

А пстэуми апэ ригъэшъэу зигугъу къышIырэр ыпшъэкIэ къыщызэрэхэдгъэщыгъэу, ныдэлъфыбзэмрэ лъэпкъ кIэнымрэ ары. Ахэр угурэ-упсэрэкIэ зэхэмышIэу тхакIо ухъущтэп, лъэпкъым, цIыф жъугъэмэ апсэ улъыIэсын плъэкIыщтэп. Дунаим цIэрыIо щыхъугъэу, щызэлъашIэрэ тхэкIошхохэм якъежьапIэри ежь яныдэлъфыбз, ялъэпкъ кIэн арых. Шъхьэзэкъо лъэкъуитIу унагъо хъурэп, мыунагъо къуаджэ хъурэп, мыкъоджэ лъэпкъ хъурэп, мылъэпкъри ащ блэкIышъурэп. КIэкIэу, националэу къемыжьэрэр интернационал хъурэп. ТхакIом фэгъэхьыгъэу Мэщбэшlэ



Исхьакъ къыхигъэщыгъэмэ зэу ащыщ тхакIор ытхырэмэ ахэт лIыхъужъхэм ащыщ зым деIэу, зым пэуцоу зэрэщымытын фаер, пстэури изэфэдэн зэрэфаер, етIани ытхырэ-ыIохэрэмкIэ зыфэсакъыжьыныр, зиуплъэкIужьыныр зэрипшъэрылъыр. АщкIэ Исхьакъ щысэу къыхьыгъ Фидель Кастро зыIокIэм, бжъэм риIолIэгъагъэр. Ащ къызэриIуагъэмкIэ, тихэгъэгу ипарламент идепутатхэр, МИД-м иIофышIэхэр, апэрэ бзылъфыгъэу космосым быбыгъэ Валентина Теришковар, журналистхэр, нэмыкI цIыф цIэрыIохэр зыхэтыгъэ купым игъусэу Кубэ кIуагъэ. Гаванэ аэропортым Рауль Кастро къащыпэгъокIыгъ. Оранжерее хъоо-пщаушхом идзэкIо щыгъын-шъуашэкIэ фэпагъэу Фидель Кастро Iэпэубыт зырызкIэ зэкIэми нэIуасэ закъыфишIыгъ. ХьакIэмэ ащыщ хъулъфыгъэмэ шъхьафэу Iанэ къафыригъэшIи, зэрэтIысхэу Фидель къыжэдэкIэу Мэщбэшlэ Исхьакъ зэхехы: «Кавказ тхакIор, бжъэм хъохъу къеIуалI». Ары шъхьаем купым ипащэ щысэу ежь апэу гущыIэ къыIоныр зэрипэсыжьыгъэп. Ау нэкIэ зэлъэIугъэ пащэм къыреIожьы: «Хьау, о къаIо, зи фэIуагъэп». Исхьакъ къэпсэлъэн фаеу мэхъу, ау фэхьазырэп. Къэтэджышъ, щысхэм «сыда шъуIуа къыIощтыр» аIо фэдэу къыжэдаплъэхэзэ, «Товарищ Кастро,— еIо,— сэ сисэнэ плъыжь зэрыт бжъэр о уисэнэ фыжь къысфегъэутэкIыщтэп». Кастро ыгъэшIагъоу къэупчIэ: «Сыд пае, ащ зыгорэ къекIа?». «Зэгорэм, граждан заом илъэхъан, Совет хабзэр къыдахы зэхъум, тикрасногвардейцэмэ къапэуцужьыгъэгъэ белогвардейцэ «фыжьмэ» уафэзгъадэ сшIоигъопышъ ары». «Ара? Ар Iофа?! – къыдыригъэштагъ Фидель. – Янэ фэдгъэгъынба а фыжьым» ыIуи, бжъэм итыр зэу ришъуи, сэнэ плъыжь къырарикъэхъуагъ. Чэщым хьакIэщым зекIолIэжьым, Исхьакъ зиумысыжьыгъ: «Ащ фэдэу сшIын фэягъэп, сызытхакIокIэ, «фыжьы-плъыжьы» сIоу зэхэдз сшIын къыстефэщтыгъэп, хэти сизэфэдэн фэягъэ».

Мэщбэшlэ Исхьакъ игущыIэ къыщыхигъэщыгъэмэ ащыщ адыгэм мытхыгъэу лъэпкъ хэбзэ шъхьаIэ гъэшIэгъон «Адыгэ Хабз» ыцIэу зэриIэр, адыгэр ащ зэрэрапIурэр, адыгэ гъашIэр ащ зэригъэпсырэр, зэрипсыхьэрэр. Ащ фэдэу адыгэр зыщыпсэурэ чIыпIэм зэрыфэшIушIэрэр хигъэунэфыкIыгъ. ГущыIэм пае, Урысыем ихъишъэ адыгэмэ

чIыпIэшхо зэрэщаубытырэр, гущыIэм пае, Москва полякхэр дафыжьхэ зэхъум, дзэпащэу яIэгъэхэ нэбгырищым язырэр зэрэадыгагъэр, ау ар бэмэ зэрамышIэрэр ыкIи урыс дзэпщитIум ясаугъэт Москва зыдашыхьэм, ахэмэ адыгэ пащэу ахэтыгъэр зэрагуамыгъэуцуагъэр, джащ фэдэу тырку чIыналъэм пыйхэр зырафыжьми, Тыркуе Республикэм игъэпсын, изегъэужьыжьын адыгэр ыпсэ емыблэжьэу зэрэхэлэжьагъэр, къогъанэ имыIэу адыгэм ипшъэрылъ зэригъэцэкIагъэр зыщагъэгъупшэ. Тилъэпкъ къырыкIуагъэр тэр-тэрэу зэтегъашIэкIэ икъущтэп, ар тызфэзэогъэ, тызфэлэжьэгъэ нэмыкI лъэпкъхэми агу къэдгъэкIыжьын, ядгъэшIэн фае. Ащ къикIырэп зэо-банэкIэ тызыфаер къыздэдгъэхъунэу, пIощтыри, зыщыпIощтыри, зэпIощтыри, зэрепIощт шIыкIэри пшIэзэ, узекIон зэрэфаер Мэщбашlэм шIошъхъуныгъэ фырилэу къыIуагъ.

Адыгэ тхэкIошхом Iушыгъэр къызэбэкIыщтыгъэ ипсалъэ къызеухым, шъхьафитэу упчIэ-джэуапхэм зэIукIэр ахэзэрэгъэхьагъ. Уахътэр зэрэмэкIагъэр умыIощтмэ, зыми къымылъахъэхэу, шIомылIыкIхэу, хэти зыфаем къыкIэупчIагъ, хэти зыфаер къыIуагъ. Анкара къыщаIэтыгъэ упчIэхэр нахьыбэу зыфэгъэхьыгъагъэр ныдэлъфыбзэр арыгъэ. Ахэр ыгъэгумэкIыщтыгъэх адыгабзэр зэрэкIодырэм, хэкуми нахь щаIэкIэзэу зэрежьагъэм, нахь макIэу щырагъаджэхэ зэрэхъугъэм, къэралыгъуабзэу зэрэщымыт... зэрэщыземыкIорэм, адыгэ тхэкIитIур зы е зэпэгъунэгъу зэрэтымышIышъурэм, нэмыкIхэми. Истамбул ШIушIэ хасэми Истамбул Кавказ хасэми апэ рагъэшъэу къыщаIэтыгъэхэр Урысые Федерацием Адыгэ хэкужъыр зэрэхиубытэрэм пае ежьхэми Урысыер яхэгъэгоу, ячIыналъэу зылъытэнэу фаеу, къэзыгъэзэжьы зышIоигъоу адыгабэ зэрэщыIэр къэралыгъо лIышъхьэмэ джыри макIэу зэрэзэхашIэрэр, хымэкIэ къызэряплъыхэрэр арых Урысыем имыцIыфхэу зэралъытэхэрэр, гукIэгъу къызэрафамышIырэр, хэхэс адыгэхэм паспортитIу зэрахьанэу зэрамыдэрэр, ячIыгужъ къэзыгъэзэжьынэу фаемэ яIоф зэрамыгъэпсынкIырэр, къиныгъуабэ къазэрэпагъохырэр, квотэхэр гъэ къэс нахь макIэ зэрашIыхэрэр, нэмыкI гукIэе-гумэкIыхэри къаIуагъэх.

Мэщбэшlэ Исхьакъ упчIэ пстэуми яфэшъошэ джэуап аритыжьыгъ, ахэр зэшIохыгъэ хъунхэм пае ылъэкI къымыгъэнэнэу, пащэмэ заIуигъэкIэнэу ариIуагъ. Ау ащ фэдэ Iофыгъохэр зы нэбгырэкIэ зэшIохыгъэ зэрэмыхъурэр гъэнэфагъэ. Адыгэ утыгум ит упчIэ мыухыжьхэм джэуап афэхъунхэр зипшъэрылъ шъхьаIэр, ДАХ-р апэ зэритэу, тихасэхэр, адыгэ пащэхэр арых. ТхэкIошхом зэриIуагъэу, «Iэо-лъао, зэо-банэ, къэIо-Iожьыгъэ» хэмытэу, «аIощтыр, зыщаIощтыр, зэраIощтыр, зэраIощт шIыкIэр» ашIэзэ, адыгэ Iофыгъохэр гъэцэкIэгъэнхэ фае. Арышъ, Тхьэм къадегъэхъу!

*Хъуажъ Фахьри*

## Тырэгушхо, тэгъэлъапIэ

ЦIыфыр зыщыщыр, къызщыхъугъэр къэзыушыхьатырэр ипаспорт. Лъэпкъым уасэ фэозгъэшIырэр, зыфэдэр къэзгъэлъагъоу, инэпэеплъэу хъурэр ицIыф Iуш-гъэсагъэхэу, цIэрыIохэу, ищытхъу язгъаIоу иIэхэр ары.

Джащ фэдэу непэ адыгэхэмкIэ тиI Мэщбэшlэ Исхьакъ. Адыгэ литературэм иклассикэу Мэщбэшlэ Исхьакъ Адыгеим имызакъоу, Темыр Кавказым, Урысыем якультурэ, дунэе литературэм чIыпIэшхо ащызыубытыгъэ тхакIу. Ащ итхыгъэхэмкIэ адыгэ лъэпкъыр цIэрыIо ышIыгъ, хэгъэгубэмэ адыгэхэр зыщыщхэр, ахэмэ яхъишъэ, яшэн-хабзэхэр, ялIыгъэ-шъыпкъагъэ, язэфагъэ алъигъэIэсыгъ.

Адыгэм къырыкIуагъэр, ащ итарихъ къызщигъэлъэгъогъэ тхылъ пчъагъэ къыIэкIэкIыгъ. ТхьамыкIагъоу лъэпкъыр зыхэтыгъэр унэгу къыкIэзгъэуцорэ сатырхэм узяджэкIэ, гур мыузын ылъэкIырэп, ау етIани адыгэмэ тхэлъыгъэ шэн-хабзэхэм, шъыпкъагъэм, лIыгъэм, щэIагъэм уарэгушхо. А пстэур, лъэпкъым игушIуагъуи икъини, псэкIэ зэхытегъашIэ тхакIом. Ащ дыкIыгъоу, сэ сишIошыкIэ, Мэщбашlэм титарихъ икIэрыкIэу тегъэшIэжьы, тилъэпкъ зэхашIэ егъэлъэшы, къыткIэхъухьэхэрэм тихъишъэ алъегъэIэсы, хэхэс адыгэхэм шIошъхъуныгъэ ахелъхьажьы. Мы зигугъу къэсшIыхэрэр тхылъеджэм гущыIэкIэ лъыб-

гъэlэсынхэм, гукlэ псэкlэ ахэр зэхебгъэшlэнхэм пае сыд фэдэ зэчый пхэлъын фаер? А упчlэм иджэуап сэркlэ къетыжьыгъуай.

Сэ, тхылъеджэ къызэрыкlом, къэсlон слъэкlыщтыр Мэщбэшlэ Исхьакъ талантэу хэлъым иинагъэ къэзгъэлъагъорэ лэжьыгъэ зэрилэр ары. Ащ ишыхьат, гупшысэ куурэ акъыл инрэкlэ ушъэгъэхэ итхыгъэхэр цlыфхэм агу зэрэнэсрэр.

Мэщбашlэм ытхыхэрэм шъыпкъэр алъапс. Илъэпкъ къырыкlуагъэм хэшlыкl куу фыриl. Губзыгъ, lуш, бзэм ибайныгъэ lэкlэлъ, гущыlэр егъэбзэрабзэ, зыщищыкlагъэм гущыlэжъхэр дэгъоу егъэфедэх.

Мэщбэшlэ Исхьакъ итхылъеджэмэ сащыщ. Итворчествэ шlу сэлъэгъу, гухахъо хэсэгъуатэ. Еджапlэм иусэхэмкlэ щезгъэжьагъ. Итхылъ пэпчъ адыгабзэкlи урысыбзэкlи сяджэ, ау Мэщбашlэм иадыгабзэ зыпэсшlын щыlэп, ащ сеумэхъы, кlэсэджыкlыжьы, ары къэс тыбзэ ибаиныгъэрэ идэхагъэрэ тхакlом зэхэсегъашlэ. Гъэшlэгъоныр – гущыlэухыгъэ псэум имэхьанэ зы гущыlэ закъокlэ Мэщбашlэм къыlон елъэкlы, етlани а зы гущыlэр тlо къыкlиlотыкlыжьэу ихабзэп. Игущыlэ пэпчъ lупкlэ, щэрыу, гурыlогъошlу, ар гупшысэ куукlэ гъэбаигъэ. Зэ узэджэгъэ итхылъ къыбгурыlуагъэми, итыр ошlэми, ятlонэрэу, ящэнэрэу гукlэ зыфэощэи, lэр лъэlабэ. Арыщтын искусствэ шъыпкъэр зыфэдэр.

Бэп адыгэхэм непэ тызэрэхъурэр. Ау зэгорэм тызэрэлъэпкъышхуагъэр, гъогу мыпсынкlэу тилъэпкъ къыкlугъэр, пасэм ищыlэкlэ-псэукlагъэр, хьазабэу зыхэтыгъэр итарихъ романмэ къащигъэлъэгъуагъ. Итхыгъэхэм цlыфым икъэгъэлъэгъон мэхьанэ ин ащеубыты. Гум къинэхэу, пщымыгъупшэхэу гъэпсыгъэх образхэр. Шъхьафитныгъэм, зэфагъэм, шъыпкъагъэм ахэр ибэнакlох (Занэ Сэфэрбый, Къэрбатыр, Хьагъур Мос, Къэлэкъут, Дзэгъащт, Псэмыт, Цэй Хьатырбай, Блэхъо Ибрахьим). Уасэ зыфыуагъэшlэу мэзекlох, лlыгъэм ишапхъэх, ем пхъашэу пэуцужьых.

Тхэкlошхом итарихъ тхылъхэм уяджэжьы къэсми, гупшысакlэхэр уагъэшlы, лъэпкъэу узщыщым осэ ин фыуагъэшlы, узэрэадыгэмкlэ уагъэгушхо. Лъэхъанэу къыгъэлъагъорэмэ гукlэ ори уахэт, яфэмэ-бжьымэ инэу къыптехьэ, героймэ ягупшысэ-гулъытэхэр нахь зэхэошlэх. Исхьакъ итхыгъэхэр, анахьэу итарихъ тхылъхэр, адыгэ лъэпкъым игумэкl, икъин, хьазабэу пэкlэкlыгъэм, илlыхъужъныгъэ, игушхуагъэ, ицlыфыгъэ, идэхагъэ япхыгъэх. Адыгэхэр къызэрыхъухьагъэхэр, зыщыпсэущтыгъэхэ, ау зэрафыгъэхэ ячlыгу lэпэlэсэныгъэшхо хэлъэу писателым къегъэлъагъо. Къушъхьэ гъогу бгъузэ пхырыщыгъэхэм ори уатетэу къыпщегъэхъу, бгы тlуакlэмэ адэтэкъогъэ къуаджэмэ о уичыли гукlэ уащылъэхъу. Тихьшхо ымакъи тхьакlумэм ит, «зитыжьыныпсыхэр зэзытэкъокlрэ псынэкlэчъми, зимыжъуакlэмэ атеджэгукlырэ псыхъохэми» такlэдэlукlы, бжыхьэ мэзым идэхагъи нэгум кlэкlырэп, тиошъо къуапэ бгъэжъэу щыхьарзэхэрэми тащэгушlукlы.

«Таущтэу тикъушъхьэхэр, тимэзхэр, псыхъохэр тиадыгабзэ, тиорэдхэр, тищхы макъэхэр, тигукlаехэр зэхамыхыжьэу псэущтха?» Ащ егъэгумэкlых геройхэр. Урыс пачъыхьэм джэнэт Кавказыр ыгу рихьыгъ, ар зэриштэщтым заокlэ илъэсипшl пчъагъэрэ пылъыгъ. Адыгэм ичlыгу къызэриухъумэщтымкlэ ыпсэ еблэжьырэп. Лъыр егъачъэ, ышъхьэ хелъхьэ, хымэ пщылlыгъом иуцоным нахьи, лlэныгъэр къештэ.

Тилъэпкъ къырыкlуагъэр непи тилыуз, тигухэкl, зэрафыгъэ чlыгухэр типкlыхьэх, тинэфапlэх, тишlулъэгъух. Джащ фэдэ гупшысэхэр уагъэшlэу, адыгэм къешlэкlыгъэу, дунаеу къэзыуцухьэрэм идэхагъэ гум хапкlэу, гум екlурэ гущыlэхэмкlэ тхэн зылъэкlыщтыр Мэщбэшlэ Исхьакъ.

Гъэшlэ гъогу мыпсынкlэ, ау гъэшlэгъонэу зэхэлъэу, уехъопсэнэу щыlэныгъэ дахэ къыкlугъ талантышхо зыхэлъ писателым.

Мэщбэшlэ Исхьакъ зышъхьамысыжьэу, къогъанэ имыlэу илъэпкъ фэлэжьагъ, непи фэлажьэ. Лъэпкъ быракъыр лъагэу ыlэтын ылъэкlыгъ. Ащ фэдиз зилъэпкъ фэзышlэгъэ цlыфым сыд шlулъэгъуа адыгэм фыриlэр, сыд таланта хэлъыр? Пстэуми ар къадэхъурэп.

Мэщбэшlэ Исхьакъ фэдэр лlэшlэгъум зэ къэхъу. Непэ ар тиадыгэ лъэпкъ инэпэеплъ. Зэлъашlэрэ цlыф lуш-губзыгъэм тхэным общественнэ lофышхохэри дегъэцакlэх.

«Сыда шъуlуа джыри мо чlыгу-огу зэнэс лъэныкъомкlэ щыlэр?» ыlозэ, тхэкlошхор мэпсэушъ, сыфэлъаlо псау-

ныгъэрэ зэшІокІрэ иІэхэу, ыпэкІэ ригъэхъоу, игухэлъхэр къыдэхъоу, итхыгъэхэмкІэ цІыфхэр ыгъэгушІохэу джыри бэрэ щыІэнэу. Мэщбэшlэ Исхьакъ тызэрэгушхорэ, дгъэлъапІэрэ тхэкІошху, ащ ыцІэ егъэшІэрэу адыгэ лъэпкъым итарихъ къыхэнэщт.

*Сихъу Мариет*

## ИгущыІэ зафэкІэ шІур афелэжьы

Апэрэ лъэбэкъужъыер хэтрэ сабыйкІи зэрэмыпсынкІэм фэдэ хьазыр, сэ сишІошІкІэ, апэрэ шІуфэІо гущыІэр ар зифэшъуашэу, къэзылэжьыгъэу, зипсалъэ псэ пытэу, зигугъэ нэфэу, лъагэу, зигъашІэ шІагъэмкІэ баеу, шъхьэкІэфэ-лъытэныгъэкІэ зэлъыпкІагъэу, зигупшысэ лъэрыгъ пытэ итым фэпІоныр. Ау ар етІани пшъэрылъ шІагъу, гушІуагъо. Сыда пІомэ ЦІыфышхом инэфыпс къыптепсагъ, зэхэпшІагъ, къабыл пфэхъугъ.

«ШІу зышІэрэм, шІу фыщылъ» – аІуагъ тинахьыжъхэм. Щэч хэлъэп. ЦІыфхэм шІукІэ афакІомэ зышІоигъом, гъогурыкІокІэ лъэгъошІу егъоты.

Мэщбэшlэ Исхьакъ Шумафэ ыкъор джырэ лъэхъаным итхэкІо къодыеп – игупшысэкІошху, иІофшІэкІо ин, ицІыф хьалэмэт дэд, ІэпэІас.

Джащ фэдэ чІыпІэ хэхыгъэ гупчэм непэ ит зигушъхьэгъомылэ иІэшІупс зыщыщ адыгэм имызакъоу, зэкІэ цІыф лъэпкъ зэфэшъхьафхэмкІэ щхэпс ин хъугъэу Адыгэ, Къэбэртэе-Бэлъкъар, Къэрэщэе-Щэрджэс республикэхэм янароднэ тхакІоу, СССР-м, Урысыем, АР-м я Къэралыгъо премиехэм ялауреатэу Мэщбэшlэ Исхьакъ.

Италант гъэнэфагъэкІэ, инэфыпс лъэшкІэ, ыгу-кІочІэпкъ мыпшъыжькІэ Мэщбэшlэ Исхьакъ лъэпкъыбзэу дунаим тетмэ игущыІэ зафэкІэ шІур афелэжьы, аІуегъакІэ.

Мэщбашlэр илъэс 62-рэ хъугъэу гупшысэ хьасэм, творчествэм хэт. Ытхыгъэ тхылъ пчъагъэр къэупчъынкІэ макІэп – хъарзын, ау сэ къыхэзгъэщымэ сшІоигъор, ипоэтическэ сатыр къодыехэм уакІэдэІукІыми, ахэм купкІ куоу яІэр, акъыл шъагъэу ащыблэрэр къызэращызэтещыкІырэр ары. Мэщбэшlэ Исхьакъ лъэпкъ поэзием тэмэ пытэ щишІыгъ. Ау ащ къыщыуцугъэп. Шъхьэкуц| акъыл куукІэ прозэми зыкъыщызэІуихыгъ. ГупшысэкІэ шІыкІэ-амал инэу ІэкІэлъым ыкІуачІэ иусэхэми, ипоэмэхэми, игущыІэ щэрыо сатыриплІхэми, ироманхэми, итарихъ произведениехэми ащызэхэошІэ. Уахътэм ижьыкъащэ кІэдэІукІызэ, щыІэныгъэ гъогухэр рекІукІых, цІыфыгухэм ямызакъоу, лъэпкъ шъхьэлъытэжьым, дунэееплъыкІэм, дунэететыкІэм арыгъуазээ, ахэм гупшысэ шъуашэ афешІы, ащелъэ, псэ къапегъакІэ. Джа «псэр» зыхэлъ пстэум якъэбзэгъэ, яшъыпкъагъэ ыухъумэу, дэхагъэр, шІугъэр кІигъэтхъэу, чэщи мафи матхэ, мэшэсы, мэгупшысэ тхакІор. Мэщбэшlэ Исхьакъ ешІэ гъогу кІэкІ псынкІэкІэ цІыф минишъэхэм агу уихьан зэрэмылъэкІыщтыр. Ары шъыпкъэм ылъэпсэ куу етІэзэ, адыгэм итарихъ гъогууанэ акъылыгъэ псалъэкІэ къызкІигъэтхъыхьэрэр. Мыщ дэжьым шъхьэм бэ щызэпэкІэкІырэр, гум къитаджэрэри макІэп. Зы ЦІыфышхом иакъыл лэжьыгъэ илъэсхэмкІэ упщыжьмэ, шІоу къыпыкІыгъэр, цІыфыбэмэ ашІэгъэ-аІуагъэм бэдэдэкІэ зэрэпэщачэрэр нафэ къыпфэхъу. Уеджэнджэшыжьырэп а ЦІыфыр инэф ытынэу, ишІэныгъэ ыпхъынэу, ишІу ыгъэбэгъонэу мы чІым къызэрэтехъуагъэм. Гум къелъадэ: цІыфышхохэр зэрэмыбэр, остыгъэ папкІэхэу ахэр лІэшІэгъу пэпчъ зэ е тІо къызэрэхэхъухьэхэрэр.

Джа зырызхэм ацІэхэм япхыгъэу щыІакІэм, уахътэм, ІофшІагъэм ыкІи гъэхъагъэхэм атегущыІэх, ялъэужышІу лІэужыкІэхэр рэплъэх, рэкІох.

### Икъэхъукl, ищыІакІ ыкІи творчествэр

Шъхьэщэфыжь… Джары, джары,  
Джары сикъуаджэ, сикъуаджэ ыцІэр!  
Уарпыпсы мыжъуакІэу хьапкІэрэр ары  
КъыІужъыукІэу, лыдэу ащ ыцэр.  
Бгы лъэгэ-лъхъанчэу огум кІэшІагъэр  
Ары икІакІоу плІэІум ихъуагъэр,  
Мафэм – пщэ фыжьыр,

Чэщым – мэзагъор
Зишъхьэрыхъоныр си Шъхьэщэфыжь!

Мэщбэшӏэ Исхьакъ къуаджэу Шъхьэщэфыжьым къыщыхъугъ. Зыщапӏугъэ ихапӏэ, иунагъо, ны-тыхэр (ыныбжь илъэситӏум къехъугъэ къодыягъ Исхьакъ ятэ имыӏэжьэу къызэнэм), янэкӏэ янэжъ-ятэжъхэу Дэунэжъ Бакърэ Чэбэхъанрэ ягъэшӏобзэ дахэ, ягукӏэгъу-шӏулъэгъу, ятхыдэ, япшысэ, янарт къэбар гъэшӏэгъонхэр, янэ къылъфыгъэ ышхэр, лъэпэрыкӏор зыщишӏыгъэ икъоджэ гупсэ, зипсыорхэр ыкӏышъо щыджэгугъэ псыхъожъыеу Уарп хэлъэдэжьыщтыгъэр, иапэрэ кӏэлэегъэджагъэу Пщыунэлӏ Юсыф, ятэ иныбджэгъугъэхэу ащ игугъу дахэкӏэ зышӏыжьыщтыгъэхэр ныбжьырэу Исхьакъ игукъэкӏыжьхэм къахэнагъэх. Иакъыл къакӏуи, тхэн-усэным зызыретыми, ахэр арых исатырхэм ахэтыгъэхэр, ащигъэшӏуагъэхэр.

Тэ ущыӏа силъэпцӏэгъоу,
Къужъы джыбэу
сицӏыкӏугъор?
Сыгъолъыжьмэ пкӏыхькӏэ слъэгъоу,
Джэе щырэу псы хэсыгъор?

– къыщеӏо усэу «Гум щыщ пшысэхэр» шъхьэу зыфишӏыгъэм, етӏани нахь кӏотагъэу къепчъы:

Пчыхьэшъхьапэр къызэрэсэу
Нэнэжъ пшысэр къырещажьэ,
Шӏугъи, бзаджи сырягъусэу
Икуупӏэм сыздыхащэ.
Ащ ягугъэ гъусэ сфэхъоу
Къушъхьи, мэзи сапхырэкӏы,
Хьазаб хэтым сыгуи фэгъоу
Ипшъэхъу лъахъэ зэпысэчы.

Исабыигъом ынэ кӏэтыгъэ пстэур – ятэжъ чъыгхэм зэрадэлажьэщтыгъэр, гъэсэпэтхыдэу къыриӏощтыгъэхэр, янэжъэу Чэбэхъан ипщынэо макъэ, янэу Мыӏуминат иорэд мэкъэ шъабэ, ышнахьыжъхэм яӏокӏэ-шӏыкӏэ гъэпсыкӏэхэр, ялэжьэкӏагъэр, егъашӏэм Мэщбашӏэхэр чӏыгулэжь чанхэу къызэрэрыкӏуагъэхэр, къоджэдэс хъупхъэхэр арых Исхьакъ иапэрэ усэхэм сурэтыпкъ афэхъугъэхэр.

1951-рэ илъэсым Адыгэ кӏэлэегъэджэ училищыр, 1956-рэ илъэсым Москва дэт Литературнэ институтэу М. Горькэм ыцӏэ зыхьырэр дэгъу дэдэкӏэ, 1962-рэ илъэсым КПСС-м и ЦК и Апшъэрэ партийнэ еджапӏэ журналистикэмкӏэ ифакультет къыухыгъэх. Литературэр икӏасэу, игъогоу зэрэщытыр, творчествэ иным шӏэныгъэ куухэр зэрищыкӏагъэхэр а уахътэм Мэщбашӏэм зэхишӏагъ. Гухэлъ иным зэрилъэкӏэу зыфигъэхьазырыгъ.

1956-рэ илъэсым Мыекъуапэ къегъэзэжьы ыкӏи ащ къыщегъэжьагъэу 1959-рэ илъэсым нэс гъэзетэу «Социалистическэ Адыгеим» иотдел ипащэу Іоф ышӏагъ. 1959–1962-рэ илъэсхэм КПСС-м и Адыгэ хэку комитет илектор куп иӏэшъхьэтетыгъ. 1962–1970-рэ илъэсхэм адыгэ тхакӏохэм я Союз ипэщагъ, 1970–1983-рэ илъэсхэм журналэу «Зэкъошныгъэм» иредактор шъхьаӏыгъ. 1983-рэ илъэсым къыщегъэжьагъэу джы къызнэсыгъэм Адыгэ Республикэм итхакӏохэм я Союз иправление итхьамат.

1949-рэ илъэсым къыщегъэжьагъэу Мэщбэшӏэ Исхьакъ ытхыгъэхэр къыхеутых. Иапэрэ тхылъэу «Цӏыф лъэшхэр» 1953-рэ илъэсым къыдэкӏыгъ. Ащ поэтическэ тхылъыбэ къыкӏэлъыкӏуагъ: «Сидунай», «Орэдыкӏ», «Жъогъобын», «Пщыналъ», «Пшысэ-гупшысэхэр», «Лъэоянэхэр», «Хыуай», «Лъэмыджхэр», «Тыгъэгъаз», «Тыжьын ощх», «Гъэтхэ огум иорэд», «Шыу машӏу», «Жъогъо лъагэм инэфыпс», «Мэфэгум итыгъэ фаб», «Шӏум илъагъу», «Уахътэм ищэрэхъ», романхэр – «Агъаерэм ежэжьхэрэп», «Цӏыфыр тӏо къэхъурэп», «Нэфшъэгъо лъагъохэр», «Илъэс фыртынэхэр», «Бзыикъо зау», «Гощэунай», «Шӏу шӏи, псым хадз», «Щагу хъурай», «Мыжъошъхьал», «Гъэритӏу», «Хъан-Джэрый», «Рэдэд», «Адыгэхэр», «Къокӏыпӏэмрэ Къохьапӏэмрэ», «Айщэт», «Джасус», «Рафыгъэхэр», «Хэхэсхэр».

Мэщбэшӏэ Исхьакъ иусэ тхылъхэр урысыбзэкӏэ тхылъ тедзэпӏэ зэфэшъхьафхэм – Мыекъуапэ, Краснодар, Москва къащыдэкӏыгъэх.

Урысыем щыпсэурэ лъэпкъхэм абзэкӏи Исхьакъ ытхыгъэмэ ащыщхэр зэрадзэкӏыгъэх. Іэкӏыб къэралыгъуаб-

зэхэми – инджылызыбзэм, французыбзэм, испаныбзэм, нэмыцыбзэм, нэмыкІхэми арагъэкІугъэх.

«Бзыикъо зау», «Мыжъошъхьал», «Хъан-Джэрый» зыцІэ романхэр арабыбзэкІи, тыркубзэкІи зэрадзэкІыгъэх, «ХэшыпыкІыгъэ усэхэр» тыркубзэкІэ къыхаутыгъ.

Ежь МэщбашІэми нэмыкІхэм атхыгъэхэм язэдзэкІынкІэ Іофышхо ышІагъ. Урыс лъэпкъ литературэм исаугъэт инэу «Игорь иполк фэгъэхьыгъэ гущыІ» («Слово о полку Игореве»), А.С. Пушкиным ытхыгъэу «Гъоплъэ шыу» («Медный всадник»), «Рыцарь хьарам» («Скупой рыцарь») зыфиІохэрэр, Лермонтовым иусэу «Къэрабгъ» («Беглец»), В. В. Маяковскэм ипоэмэу «Гъончэдж зыщыгъ ошъуапщ» («Облако в штанах»), нэмыкІхэри адыгабзэкІэ зэридзэкІыгъэх, зы тхылъ шІыгъэхэу къыдэкІыгъэх.

ТхакІоу МэщбэшІэ Исхьакъ чанэу общественнэ щыІакІэм хэлажьэрэмэ зэу ащыщ. Илъэсыбэрэ зэкІэлъыкІоу Адыгэ хэкумрэ Краснодар краймрэ янароднэ депутатхэм я Советхэм, СССР-м и Апшъэрэ Совет ядепутатыгъ. Урысыем и Общественнэ палатэ ихэдзыгъуитІумэ ахэтыгъ.

Адыгэ Республикэм и Гимн игущыІэхэр МэщбэшІэ Исхьакъ ытхыгъэх.

Хэгъэгу ыкІи лъэпкъ литературэм ежь илитературнэ-творческэ лэжьыгъэ Іахь ин дэдэу хилъхьагъэм апае орденэу «За заслуги перед Отечеством» зыфиІоу я II-рэ, я III-рэ, я IV-рэ степень зэкІэлъыкІо зиІэхэр, орденэу «Дружбы народов», медальхэу «Борец за мир», «Общественное признание», «Адыгеим и Щытхъузехь», «За выдающийся вклад в развитие Кубани» зыфиІохэрэр, нэмыкІыбэхэри къыратыгъэх.

МэщбэшІэ Исхьакъ творчествэм илъэгапІэ зыштэгъэ тхакІу. ИщыІэныгъэ ыкІи итворческэ гупшысэ зэрэлажьэрэм лъыплъэхэу, ипроизведениехэм ахэгощэгъэ мэхьанабэр зэхафэу тилитературнэ критикхэм статьяхэу, очеркхэу, монографиехэу бэ атхыгъэр, джыри атхырэр. МэщбашІэм ищыІэныгъэ, итворческэ гъогу игъэкІотыгъэу гурыт ыкІи сэнэхьат зэгъэгъотыпІэ еджапІэхэми, АКъУ-м ифакультет гъэнэфагъэхэми, АРИГИ-ми ащызэрагъашІэ, ащызэхафы, лъэныкъо зэфэшъхьафхэмкІэ яшІошІхэр къыраІотыкІых.



Непэрэ мафэхэми лъэпкъ тхэкІошхоу МэщбэшІэ Исхьакъ икъэлэм зэрэчаныр, зэрэгъэшІэгъоныр, зэрэбаир хэзгъэунэфыкІызэ, гупшысэкІо иным игущыІэ лъэш пытэкІэ цІыф напэр ыгъэдахэу зэриухъумэрэм сегъэгушхо.

## Уахътэм дэІорышІэрэ гупшысэр

ТхэкІо иным ипроизведениякІэ пэпчъ – лъэпкъымкІэ, тхылъеджэхэмкІэ мэфэкІ. Сыда пІомэ джыри зы гупшысэ лъагэкІэ ар къешІэкІыгъэ цІыф акъыллъыхъухэм къятэ.

2010-рэ илъэсыри зэлъашІэрэ тхакІоу МэщбэшІэ ИсхьакъкІэ мамырыгъ, тынчыгъ, гъэбэжъулъагъ. Адыгэ литературэмкІэ ямышІыкІэ сатыриплІ усэ жъынчхэр пшы ыкІи шъэ пчъагъэ хъухэу, зы тхылъ шІыгъэхэу – адыгабзэкІэ ыкІи урысыбзэкІэ Адыгэ республикэ тхылъ тедзапІэм къыщыдэкІыгъэх.

«Уахътэм ищэрэхъ» ащ ежь усакІор зэреджагъэр. Ардэдэм шъхьэм къыредзэ: «Уахътэм ищэрэхъ къекІокІ сыдэущтэу хэти дэІорышІэра?»

Джэуапми узэригъажэрэп:

– Хэти иакъыл, иамал, игулъытэ, илъэкІ къызэрихь.–Ауми угупсэфырэп.

– Уахътэм дэІорышІэрэ гупшысэр, ар сыд фэда? – уегъаІо.

– Ащ сыд иплъышъуа, ишІыкІа, ынапа, имурада, сыд икъэрарыр?

Зигугъу къэтшІыгъэ тхылъым хэгъэхъоныгъэхэр иІэхэу джыри къыкІэлъыкІуагъэх сатыриплІ усэхэр зэхэубытагъэхэу къыздэхьэгъэхэ тхылъ хъарзынитІу: «ПсынэкІэчъ» (2014), ятІонэрэм «СатыриплІхэр» (2015) шъхьэу яІэр. Мы сатыриплІ усэхэр цІыф пстэури (зэхэдзынчъэу) щыІэныгъэ лъэныкъуабэмкІэ зыгъэгупсэфи, зымыгъэгупсэфи, зыгъэгушІуи, зыгъэгумэкІи, сэ сишІошІыкІэ, яджэуап кІэкІ щэрыох. Ахэр адыгэ щыІакІэм икуупІэ къыхэхыгъэх, мэхьанэмкІэ ушъагъэх. УсакІом ІэкІэлъ ІэпэІэсэныгъэм епэсыгъэ жэбзэ къабзэкІэ тхыгъэх. Губзыгъагъэр зыхэгъэчъыхьэгъэ поэтическэ сатыр пэпчъ орэд дахэу зэпэжъынчы, гупшысэ тэмэ пытэр ащэІорышІэ. ГъэшІэн гущыІэ Іушэу адыгэм лІэшІэгъухэм ащипсыхьагъэр усэхэм лъапсэ афэхъугъ,

купкI гъэшIэгъон бай яI. Еджэгъошlух, гурыIогъошlух, чыжьэу уагъаплъэ, уагъэгупшысэ. СатыриплI усэхэм мэхьанэ икъуи, гъэсэпэтхыдэ ини ахэлъ, гъашIэм уфагъасэ, щыIакIэм нахь пэблагъэ уашы, шIум, дэхагъэм уфапIу, уицIыфыгъэ шъуашэ уагъэгъотыжьы.

СатыриплI усэхэр литературэшхохэмкIэ мыкIэхэми, тиадыгэ литературэ ахэр зэхэубытагъэу зы тхылъ шыгъэу къызэрэхахьэхэрэмкIэ, мыщ фэдэ усэ тхэкIэ шапхъэмкIэ МэщбэшIэ Исхьакъ лъэгъохэщ хъугъэ, гъогур къызэIуихыгъ.

«СатыриплIхэр» зыфиIорэр нэмыкI усэ тхылъхэм зэратекIырэр уигъэгъуазэу, узгъэгумэкIырэ щыIэныгъэ джэуапыр къыуитэу, хэбгъуатэу зэрэгъэпсыгъэр ары. СатыриплI усэхэр къызэрыкIохэп – гупшысэ-ушъый зэгъэпэшыгъэх. Адыгэ шэн-хабзэхэм, зекIокIэ-шIыкIэхэм, гупшысэкIэ амалхэм сатырхэр зэратегъэпсыкIыгъэхэм, художественнагъэри идейнагъэу ахэлъыри зэрагъэлъэшри тхылъым нафэ къыпфешIы. ТхакIоу МэщбашIэм илъэпкъ, адыгэр илъэпIэ къодыер арымырэу, ар ежь ыгурэ ыпсэрэ ащыщ шъыпкъэу, ришIыкIыпэу, зэхишIапэу зэрэщытыр усэхэм къаIуатэ. НэкIубгъо пэпчъ щыIэныгъэ псэу екъу, акъылыгъэ-Iушыгъэ ин ахэлъ.

СатыриплI усэхэм мызэу-мытIоу уяджэжьы, етIанэ тхэкIошхом игупшысэ иIэшIугъэ-шъыпкъагъэ гукIэ пштагъэу, пшIокъабылэу, ор дэдэми мыхэр джащ фэдэу къипIотыкIыныгъ къыпщыхъоу, угу къигущыIыкIыгъэ усакIом уигъэрэзагъэу, гукIэ угоуцо. Къыпхэхьагъ тхакIом иушъый, игущыIэ зафэ, игупшысэ псыхьагъэ щыщ цыпэ – ухэтми зыкъыуигъэгъотыгъ, уахътэм ори удигъэIорышIэу, ащ ымакъэ укIигъэдэIугъ. Поэзие лъагэм ыкIуачIэ лъэшыба! СатыриплI усэхэр ащ итхыпхъэ IэпкIэ-лъапкIэх.

### ГукъэкIыжь лъапIэхэр

ЦIыфыр иакъыл къэкIон зыригъажьэрэм къыщыкIэдзагъэу ымышIэрэм кIэупчIэмэ, лъыкIозэ, къешIэкIыгъэ пстэур игъорыгъоу зэрегъашIэ.

Хэти инэжгъурыгъэ, игумэкIылагъэ, игулъытэ, иIупкIагъэ, ичыжьэрыплъагъэ ателъытагъэу гушъхьэкIуачIэ егъоты, ежь фэдэ цIыфыбэмэ агоуцо, щыIэныгъэм щыщ мэхъу. Джа гъэшIэ гъогу кIыхьэм апэрэ лъэбэкъухэр зэрэщишIыгъэр, иунэгъо кIоцIэу къызэрыхъухьагъэр, а уахътэр зыфэдагъэр, цIыфхэм язэхэтыкIэ-шIыкIагъэхэр, лъэхъаным иплъышъуагъэр, а зэкIэмэ ежь тхакIо хъун насып зиIэгъэ МэщбэшIэ Исхьакъ зэряхъулIагъэр, зэрахэуцуагъэр къыщыIотагъ игукъэкIыжьхэр зыщызэригъэзэфэгъэ тхылъэу «ЧIыгу-огу зэнэсым сыда щыIэр?» зыфиIорэм.

Гу зылъыозгъатэрэр анахьэу апэрэ тхылъ зэгохыпIэ нэкIубгъом МэщбашIэхэмрэ Дэунэжъхэмрэ ялIэкъо тамыгъэхэр зэрэтешIыхьагъэхэр ары.

Тыр бэрэ зиIэнэу мыхъугъэ Исхьакъ зыпIугъэу, зылэжьыгъэр янэтыщхэр – янэжъ-ятэжъхэр ары. Ятэжъэу Дэунэжъ Бакъ ицIыфыгъэ ин Исхьакъ ыпкъынэ-лынэ пэпчъ хэткIухьагъ.

ЩыIэныгъэ гъэшIэгъон ушъэгъэ бай творчествэм фэгъэзагъэми, щыIакIэм епхыгъэми къыгъэшIагъ зэлъашIэрэ цIыфым, Адыгэ, Къэбэртэе-Бэлъкъар, Къэрэщэе-Щэрджэс республикэхэм янароднэ тхакIоу, СССР-м, Урысыем, Адыгэ Республикэм я Къэралыгъо премиехэм ялауреатэу, хэгъэгу литературэм ежь итворческэ лэжьыгъэ Iахь ин хэзылъхьэгъэ МэщбэшIэ Исхьакъ Шумафэ ыкъом. Мы тхылъым тхакIом ищыIэныгъэ игъэзэпIэ гъэнэфагъэ пэпчъ щыгъэунэфыгъ, къыщиIотыкIыгъ. Исабыигъо, икIэлэгъу, Адыгэ педучилищым зэрэщеджагъэр, Москва дэт Литературнэ институтым щеджэфэ зызэриштагъэр, хэпшIыкIэу творчествэмкIэ зыкъызэрэзэIуихыгъэр, илъагъо зэрэлъыкIотагъэр.

А зэкIэмэ аготэу, илъэпкъыкIэ гумэкIэу иIэхэм амыгъэгупсэфэу, Исхьакъ непэ къызнэсыгъэм общественнэ IофшIэкIошхоу зэрэщытыр тхылъым къыщыIотагъ.

ТхакIом ышъхьэ къырыкIуагъэр аригъэшIэн къодыер арэп мурадэу иIэр, шъыпкъагъэ хэлъэу, гъэжъыугъэу щымытэу, а уахътэр зыфэдагъэр, игъашIэ зэрэзэкIэлъыкIуагъэр къафыриIотыкIыныр, ащкIэ къышъхьапагъэхэм ацIэ къыриIоныр, ахэмэ яцIыфышIугъэ щыIакIэм хигощэныр ары пшъэрылъэу зыфигъэуцужьыгъэр.

ЦIыфыр цIыфы хэта е сыда зышIырэр? А упчIэм иджэуап зафэу гъэпсыгъэ мы тхылъыр, гукъэкIыжь лъапIэхэмкIэ

зэлъыпкlагъ. Цlыфыр цlыфы хъуным пае удэмышъхьахэу ар ппlун-улэжьын зэрэфаер зэфэдэкlэ тхыгъэм хэгощагъ, щыгъэунэфыгъ. Пкlэнчъэу адыгэхэм аlуагъэп сабыир ппlуным, цlыфы пшlыным пхэлъ кlуачlэр пхехэу. Ау узфэулэугъэр цlыф афэдэ зыхъукlэ, уегъэгушlожьы.

Тхылъыр шъхьэ пчъагъэу зэтеутыгъ, ау къыхэгъэщыгъэн фаер ахэр зэкlэ цlыфым икъэхъукlэ-уцукlэ, дунаим зэрэхэхъухьэрэр, фэукlочlэу, фызэшlокlырэр къэзыушыхьатхэу зэрэгъэпсыгъэр ары.

Гущыlапэм ычlыпlэкlэ «упчlищымэ ямэхьан» зыфиlорэр ыгъэуцугъ, ащкlэ тхакlом икъэlотэн-гупшысэ къырегъажьэ, нэкlубгъо 400-м ехъум игукъэкlыжь анахь лъапlэхэр къащеlуатэх, гъэшlэгъоных, бзэр ащыlэрыфэгъу, къабзэ, гъэсэпэтхыдэр ахиз. Хэтрэ цlыфи щэlэфэ гугъэр къызэрэготыр, ар зэримыбгынэрэр сыд хъугъэкlи, ныбжьым хахъоу, акъылыр чъэпхъыпагъэми, гушlуагъом, гумэкlым, шlулъэгъум, гугъэ lэшlум зэфэдэу цlыфыр зэрахэтыр, тыгъуасэ фэдэу непи пшlуабэ шlэу къэхъущт-къэшlэщтым узэрэпаплъэрэм, ущэlэфэ гугъэ иныр къызэрэбготым, ныбжьым емылъытыгъэу, ащ ренэу уапэкlэ узэригъаплъэрэм, узэрищэрэм яхьылlагъ Мэщбашlэм игукъэкlыжь лъапlэхэр.

*Мамырыкъо Нуриет*

## «Тыадыгэмэ, титарихъ тшlэн фае»

А гупшысэр зыдиlыгъэу мэлажьэ лъэпкъ литературэм имызакъоу, Урысыем илъэпкъыбэ литературэшхуи чlыпlэ ин щызыубытырэ Мэщбэшlэ Исхьакъ. Анахьэу а гущыlэхэм ямэхьанэ къызыбгурыlорэр ащ итарихъ романхэм узяджэкlэ ары.

Мэщбэшlэ Исхьакъ игъэхъагъэхэм лъэныкъуабэкlэ укъякlолlэн плъэкlыщт. Апэрэу хэзгъэунэфыкlы сшlоигъор Исхьакъ тиреспубликэ итхакlохэм я Союз игъэlорышlапlэ итхьаматэу бэдэдэ шlагъэу пэщэныгъэр фэlэпэlасэу зэрэдызэрихьэрэр ары. Сыда пlомэ, ащ ыцlэ епхыгъэ шъыпкъ тиадыгэ литературэ непэрэ мафэхэм изытети, къихьэгъэ лlэшlэгъум щидзыщт лъэбэкъухэри.

Хабзэри, щыlакlэри зэхъокlыгъэ зыщыхъухи, цlыфхэр ушэтыпlэ къинхэм защыlукlэгъэ непэрэ мафэхэм литературэри чlыпlэ къин ригъэуцуагъ. Лlэшlэгъу зэблэкlыгъо лъэхъанэу цlыфыгъэр, лъэпкъым ыухэбзыгъэ, лlэшlэгъухэм къапхырихзэ ылэжьыгъэ зэхэтыкlэхэр укъуагъэу, щыlэныгъэм уасэ зыфашlыхэрэр нэмыкl шъыпкъэу зыщыхъугъэхэм ифэмэ-бжьымэ титхакlохэми къалъыlэсыгъэми, тилитературэ щыlэкlэ ушlоркъыгъэм зэтыриlэжагъэп, хахъохэр ышlызэ, ыпэкlэ лъэкlуатэ.

Урымыгушхон плъэкlырэп тихэгъэгу итхакlохэр, литературэм lоф дэзышlэрэ шlэныгъэлэжьхэр зыщызэрэугъоихэрэм адыгэ литературэм игъэхъагъэхэм ыцlэ къызэрэщыраlорэр, Темыр Кавказымкlэ ар щысэшlоу къызэрагъэлъагъорэр. Лъэпкъ литературэр ащ фэдэ гъэхъэгъэшlухэм афэзыщэрэмэ Мэщбэшlэ Исхьакъ зэу ащыщ. Ар къеушыхьаты Адыгэ Республикэм и Постпредствэ Москва иобщественность Исхьакъ зэlукlэгъу зыщыдыреlэм, тхакlохэм ясоюзхэм я Дунэе сообществэ исекретарь-координаторэу Тимур Пулатовым тхакlом итворчествэ осэ инэу къыщыритыгъэм. Ащ къызэриlогъагъэмкlэ, усэхэмкlэ Темыр Кавказым анахь щыцlэрыlор Расул Гамзатовыр арымэ, прозэмкlэ — Мэщбэшlэ Исхьакъ ары. Ар узгъэгушlон, узгъэгушхон, узгъэрэззэн уасэу щыт ежь тхэкlошхомкlи, адыгэ литературэмкlи, адыгэ лъэпкъымкlи.

Исхьакъ щытхъукlэ фэмылъэгъун плъэкlыщтэп адыгэ тхакlохэм я Союз ипчъагъэкlэ зызэриушъомбгъугъэри. Тапэкlэ тилитературэ бжыхьэ теплъэр нахь къытырихьэщтыгъэмэ, Мэщбэшlэ Исхьакъ ихьатыркlэ адыгэ литературэм мэкъакlэхэм зызэрэщаушъомбгъурэр шlуагъэу филъэгъузэ, псэолъэшlхэм тхакlом адыриlэгъэ зэlукlэгъум ригъэшlыгъэгъэ гузэхашlэр иlэубытыпlэу Гъукlэлl Нурбый етхы: «...А пчыхьэм сигупшысэ зыгорэ зэпыкlыгъэ щыхъугъагъ. Исхьакъ иусэхэм къяджи, упчlэхэм джэуап къызаретыжь нэужым, адыгабзэм амалэу иlэр нэмыкlыбзэмэ анахь мымакlэу, ар гъунэ имыlэу бгъэбэгъон, бгъэдэхэн гушъхьэ гупшысэу узыгъэгумэкlыхэрэр къырипlотыкlын

зэрэплъэкIыщтыр апэрэу къызгурыIогъагъ. Убзэ урылэжьэныр сигупшысэ щигъэпытэгъагъ». Анахьэу ныбжьыкIэхэр художественнэ гупшысакIэм, псэлъакIэм, тхакIэм къыфиIэтынхэм Мэщбэшlэ Исхьакъ мыпшъыжьэу дэлажьэ, журналхэу «Зэкъошныгъ», «Жъогъобын», «Литературная Адыгея» зыфиIохэрэм ахэмэ яусэхэр къыдагъэхьанымкIэ IэпыIэгъу афэхъу. Арышъ, Нурбый ицыхьэ зэрэтелъэу, «ащ иIэшIэгъэ лъэмыдж зы лIэшIэгъоп зэрипхыщтыр, зы ныбжьыкIэ тэджыгъоп рыкIощтыр».

Ежь Мэщбэшlэ Исхьакъ ипоэтическэ макъэ адыгэ литературэм 1949-рэ илъэсым апэрэу къыщыIугъ. Лъэпкъ Iофыгъохэм агъэгумэкIэу, лъэпкъ гупшысэ, лъэпкъ зэхашIэ зыхэлъ усэхэр ныбжьыкIэ дэдэзэ ытхэу Исхьакъ ригъэжьэгъагъ. ЩыIэныгъэм хэхъухьэрэ зэхъокIныгъэ пстэуми алъыIэсэу, зыщыпсэурэ лъэхъаным игугъэ-гумэкIхэр, ижьыкъащэ къызхэщырэ, мыхъуныр, дэир, бзэджагъэр зыщиумысырэ, шIум, дэхагъэм, зэфагъэм цIыфыгур къафэзгъэущырэ усэхэр, пщыналъэхэр ытхыщтыгъэх. Лъэпкъым илIыхъужъныгъэ къизгъэлъэгъукIырэ иапэрэ поэмэу «ЦIыф лъэшхэр» зыфиIоу Мэщбашlэм ытхыгъагъэм къыщегъэжьагъэу джы непэ къызнэсыгъэм исэнэхьат фэшъыпкъэу, зэпыу имыIэу илэжьакIэ тхакIом ишIошъхъуныгъэхэр къызщыриIотыкIырэ сатырхэр гум къагъэкIыжьы:

Уцуи, гъэпсэфи, пшъыгъи сымышIэу,  
Нэпкъмэ сяутэкIми, чъэм есэгъэхъу.  
IитIур зэтелъэу шIугъэми ешэу  
Щысми сыфэдэп, сибги сыдэкIы.

УсакIор непэ къыдэхъугъэм ымыгъэгупсэфэу, къэкIощт уахътэм нахьышIукIэ щыгугъэу, теубытэгъэ пытэ иIэу иусэ щыкIегъэтхъы:

Сыд фэдэ гъогуи, сыд фэдэ лъагъуи  
ПсынкIэми къинми зэдэсщэчын.  
Сигугъэ къэти ичыжьэ-благъи  
Гъэрет къысхилъхьэу чIыр зэпысчын.

Мы сатырхэм яшъыпкъэныгъэ къизгъэлъэгъукIырэ творческэ гъогу шIагъу Исхьакъ зытетыр. Ащ «поэзием гупшысэ куум ылъэныкъокIэ кIэзыгъэу фэхъугъэр зыпкъ ригъэуцожьыгъ, непэрэ поэзием иамалхэм апэблагъэу лъигъэкIотагъ», — етхы Щэшlэ Казбек.

Къыхэгъэщыгъэн фаер, тхакIом ежь ынэгу кIэкIыгъэу, ылъэгъугъэу, зыщыгъозэ закъор арэп зызфигъазэрэр. БлэкIыгъэ лъэхъаным адыгэхэм къарыкIогъэ тхьамыкIагъом игумэкI зыхэлъ гупшысэ хьылъэхэм лъэпкъыгур агъэгупсэфырэп:

Джы къызнэсыгъэм зэман блэкIыгъэм  
Игын гъозымэу тэ тызхэтыгъэм  
Ибэлахь гуIи тынэгуи кIэкIырэп,  
Игугъуи тэшIы. ТымышIыни тлъэкIырэп.

ТымышIын тлъэкIырэп, сыда пIомэ Адыгэ хэкум а зэман хьылъэм ыпкъ къикIэу чIэнэгъэшхохэр ышIыгъ. Пасэм чIыналъэу зэлъиубытыщтыгъэм елъытыгъэмэ, джы ар, усакIом зэритхэу, *«цIыкIушъы цIыкIу, Iабэри къаштэ, картэу щыIэ пстэуми арытэу плъэгъурэп; итэу зыплъэгъурэм узытеIабэкIэ, къычIэмыщыжьэу Iапэм зэлъекIу».*

Мэщбэшlэ Исхьакъ апэрэу шъхьаихыгъэу а темэ хьылъэр итворчествэ къыщеIэты. *«Щыгъыжъые блэрыр зэрэзэпытэкъурэм фэдэу гупшысэхэр къызжэхэтакъо»,*— еIо усакIом. Лъэпкъ тхьамыкIагъом игупшысэ-гумэкIэу уахътэм хэмыткIухьэу къытлъыIэсыжьыгъэр зэпымыурэ мэкъамэу къахэIукIы усэхэу «Рэдэд», «Къушъхьэхэр», «Хашъом къитэджжэгъэ орэдхэр», «ЕгъэшIэрэ чъыг», «ХьакIуцу тхышъхьэм уахътэр щыдыигъ», «Илъэс къэтмэ сыд ятIощтыр?», «Сипсалъ», «Бгъузэми, лъагъор дгъэшIон», «Джэрпэджжэжь», «Ошъуапщэхэр къехых», «Адыгэхэр», поэмэхэу «Хыуай», «Орэд» зыфиIохэрэм.

Мэщбашlэм шIуагъэкIэ фэплъэгъун фае адыгэ поэзием илъэпкъ гъунапкъэхэм зызэраригъэушъомбгъугъэр. УсакIом лъэпкъ гупшысэ, лъэпкъ акъыл иIэу зэрэгупшысэрэм ишыхьат ежь ихэку щыпсэурэ адыгэхэм ямызакъоу, нэмыкI къэралыгъохэм арыс адыгэхэми игущыIэкIэ зэралъыIэсырэр. Хэхэс хъугъэ илъэпкъэгъухэм ыгу афэузэу, афэгумэкIэу къошныгъэ-зэблэгъэныгъэм иджэмакъэ къызхэIукIырэ усэ пчъагъэ тхакIом етхы. Ахэмэ ащыщых

лъэпкъым тхьамыкӀагъоу къехъулӀагъэм илыуз зыпкъырылъ усэхэу «Тыркуем слъапэ апэ зисэдзэм», «Шам къалэ ибэдзэрышхо», «Тыркуе шъхьагъым самолетым щыстхыгъэ усэр» зыфиӀохэрэр, нэмыкӀхэр. Мыхэм узыгъэгумэкӀырэ, узезыдзэрэ Ӏофыгъохэр зэшӀопхын зэрэплъэкӀыщт гъогупэхэр зэрэуагъэлъэгъурэр, гу зылъымытэгъэ горэм гу зэрэлъыуагъатэрэр, еплъыкӀэу уиӀэмкӀэ нахь теубытагъэ зэрэуагъэшӀырэр ары апэ ӀэкӀыбым къикӀыжьи, хэкужъым къэкӀожьыгъэу, теубытагъэу щыпсэухэрэм ащыщэу Мэщфэшӏу Нэджджэт шӀуагъэу яӀэу ылъытэрэр. ГущыӀэм пае, ащ иеплъыкӀэкӀэ, усэу «Сэлам алейкум» зыцӀэм «адыгабзэм идэхагъэ, иӀэшӀугъэ зэхэошӀэ узеджэкӀэ. Тятэжъхэм ячӀэу зэ тичӀыгугъэм лъэпкъ тызэрэщыхъужьыщтым игугъэ-гушхуагъи хэдгъуатэщтыгъ усэм. Тихэкужъ бысым шъыпкъэу тыщамылъытэным ищынагъуи къытшъхьаригъэуцощтыгъ».

А лъэпкъ гумэкӀэу ипоэтическэ гупшысэ щыщ хъугъэр нахь игъэкӀотыгъэу, нахь згегъэушъомбгъугъэу тхакӀом итарихъ тхылъхэм ащылъегъэкӀуатэ. «Адыгэ романым,— ЩэшӀэ Казбек зэритхырэмкӀэ,— мы аужырэ илъэсхэм гъэхъагъэу ышӀыгъэр езгъэшӀыгъэхэм Мэщбашӏэр апэ имытмэ, ауж къинэрэп. Цыф шэным икъэгъэлъэгъонкӀэ, хъугъэ-шӀагъэм икъызэӀухынкӀэ, цыф шэнымрэ хъугъэшӀагъэмрэ зы къэбар кӀоцӀым, сюжетым щызэпхыгъэхэу гъэпсыгъэнхэмкӀэ Мэщбашӏэм ироманхэм гъогупакӀэхэр хащыгъэх».

Романхэу «Рэдэд», «Адыгэхэр», «Мыжъошъхьал», «КъокӀыпӀэмрэ къохьапӀэмрэ», «Хъан-Джэрый», «Айщэт», «ГъэритӀу», «Рафыгъэхэр», «Хэхэсхэр» зыфиӀохэрэм адыгэ литературэм хэхъоныгъэшхохэр рагъэшӀыгъэ, гъогукӀэ тыращагъэ къодыеп, шъыпкъагъэмрэ психологизмэмрэ зылъэпсэ тарихъ прозэм иамалхэр лъэпкъ прозэм щагъэпытагъ. Мэщбашӏэм ыгурэ иакъылрэ аштэгъэ лъэгапӀэхэр къызхэщырэ итхыгъэхэм лъапсэу афэхъугъэр тинэплъэгъу къыримыубытагъэми, гъэшӀэным къыщыддекӀокӀыхэрэ анахь хъугъэ-шӀэгъэ инхэу титарихъ къыхэхъухьагъэхэр ары. Я X-рэ лӀэшӀэгъум къыщегъэжьагъэу адыгэ лъэпкъым къырыкӀуагъэр, адыгэ дзэпащэхэм, къэралыгъо ӀофышӀэшхохэм ящыӀэныгъэ щыщ пычыгъохэр, Урысые къэралыгъом ищыӀэныгъэ ахэр зэрэхэлэжьагъэхэр итхыгъэхэм тхакӀом къащегъэлъагъо. Игупшысэ куоу лӀэшӀэгъу пчъагъэхэм апхырыкӀзэ, къиныбэу адыгэмэ зэпачыгъэр, блэкӀыгъэ лӀэшӀэгъухэм яшъобж хьылъэ лъэпкъэкӀодэу тыкӀодыпэным ищынагъо тызэрэхидзэгъагъэр, уахътэм химыгъэкӀокӀэжьырэ тыркъоу лъэпкъым тхьамыкӀагъоу пэкӀэкӀыгъэхэр ыкӀышъо къызэрэтенагъэхэр Мэщбашӏэм къытлъегъэӀэсы, зэхытегъашӀэ, лъэпкъым гъэшӀэ гъогу хьылъэу къыкӀугъэм тыкъырищэзэ, лъэпкъ тарихъым ихудожественнэ сурэт тинэплъэгъу къырегъэуцо. *«Тылъэпкъмэ,— еӀо тхакӀом, — титарихъ тшӀэн фае. Тэ тизакъоп — нэмыкӀырэ цӀыф лъэпкъхэми ар ядгъэшӀэн, адыгэхэр зыфэдэхэр, мы чӀыгур зэрэтичӀыгур, мы уашъор зэрэтиуашъор, мы тыгъэр зэрэтитыгъэр агурыдгъэӀон фае. Ар тэ, тхакӀохэм, шӀэныгъэлэжьхэм, нэмыкӀхэм типшъэрылъ, сыда зыпӀокӀэ, а Ӏофыгъор зэшӀотымыхмэ, зи къакӀоу тфишӀэщтэп».*

Тарихъ хъугъэ-шӀэгъэ «гъушъэхэр», цыфмэ ящыӀакӀэ рипхызэ, тарихъ художественнэ тхыгъэ ин Мэщбашӏэм ышӀын зэрилъэкӀыгъэм адыгэ литературэм кӀочӀакӀэ къыритыгъ. ЕтӀани ащ къеушыхьаты тхэкӀэ ӀэпэӀэсэныгъэм илъэгапӀэ Исхьакъ зэриштагъэр. ТхакӀом тхылъэу къыдигъэкӀыгъэ пэпчъ лъэныкъуакӀэ горэ къыфегъоты иӀэпэӀэсэныгъэ зызэриӀэтырэм, ихудожественнэ дунай зызэриушъомбгъурэм ищысэхэр ахытигъэлъагъоу. Зэманэу къызтегущыӀэрэм исурэт хэгъэщагъэу лъэпкъ щыӀакӀэмрэ лъэпкъ характерымрэ шъыпкъагъэ хэлъэу тапашъхьэ къырегъэуцох: гум къинэжьэу адыгэхэм ядунэететыкӀагъэр, яцӀыф зэхэтыкӀагъэр, ядуховнэ баиныгъэ, уахътэм кӀуачӀэу щызэутэкӀыщтыгъэхэр куоу, ӀупкӀэу къызэӀуехых.

Мэщбашӏэм ироманхэр зэман чыжьэхэм афэгъэхьыгъэхэми, непэрэ мафэхэм языпхыхэрэ гупшысэ куукӀэ ушъагъэх. ТхакӀом Ӏофыгъо шъхьаӀэу къыӀэтырэмэ зэу ащыщ лӀэшӀэгъу зэкӀэлъыкӀохэм адыгэхэм чӀэнэгъэшхохэр языгъэшӀыщтыгъэ лъэпкъ зэмызэгъыныгъэм итемэ. Я X-рэ лӀэшӀэгъум ыкӀэхэм адэжь щыӀэгъэ Рэдэд пщышхом къыщыублагъэу адыгэхэм Ӏушхэу, лӀэбланэхэу, лӀыгъэрэ теубытэгъэ пытэрэ ахэлъэу тилъэпкъ зэкъуагъэуцон, зычы-зыпчэгъоу япыйхэм апагъэуцужьыным фэбэнагъэхэу, пэщабэ къахэкӀыгъ. Ау сыд фэдизэу гуӀагъэхэми, адыгэхэр

зы кIуачIэ ашIышъугъэп, ащ къыхэкIэу ялъэпкъ къафэмыгъэгъунэшъоу янахьыбэхэр жъалымыгъэр, хьилагъэр зылъэпсэ банэм хэкIодагъэх. Лъэпкъ зэдемыгъэштэныгъэр джырэ тилъэхъани тызгъэгумэкIырэ упчIэу щыт. ГухэкI нахь мышIэми, бжъэдыгъу, кIэмгуе, шапсыгъэ, абдзахэ, къэбэртэе лъэпкъ зэхэгъэушъхьафыкIыным, зэпэгъэуцужьыным икIэгъэстакIохэм непи таIокIэ. ЗэгурымыIоныгъэм илъэс мин пчъагъэхэм лъэпкъым къыфихьыгъэ зэрарыр къытигъэлъэгъузэ, лъэпкъ зыкIыныгъэм тхакIор къыфэджэ.

Лъэпкъ тхьамыкIагъом ригъэшIыгъэ гупшысэ зэфэхьысыжьхэм къапкъырыкIзэ, зэкIэ цIыфлъэпкъыр зыгъэгумэкIырэ идеехэм МэщбашIэм такъыфещэ. Ар тхьамыкIагъоу лъэпкъ зэмызэгъыныгъэм къыхьырэр лъэужынчъэу зэрэмыкIодырэм игупшысэ нэбгырэ пэпчъ зыдиIыгъэу, хьазабэу пэкIэкIыгъэм непэ гуманистическэ гупшысэхэр ригъэшIызэ, мамырныгъэм фэлэжьэныр ары. Джарэущтэу блэкIыгъэ лъэхъаным ищысэхэр иIэрылъхьэхэу, тхакIор непэрэ мафэм игумэкIхэм яэзэшIохын фэлажьэ. Джа блэкIыгъэ уахътэмрэ джырэ тилъэхъанрэ зэзыпхырэ гупшысэ куухэу МэщбашIэм ытхыгъэхэм куцIэу апкъырылъым непэрэ мафэм ахэр фегъэлажьэх.

МэщбэшIэ Исхьакъ итворческэ гъогурэ игъэшIэ гъогурэ зэготэу зэдэлъэбакъохэзэ, илъэс 85-м къекIолIагъ. Илъэс къызэрыкIохэп ахэр. А илъэсхэм гупшысэм икуугъэ дыкIыгъоу Iэпэlэсэныгъэ ин къыфахьыгъ тхакIом. ГъэшIэ гъогу баеу къыкIугъэм щыщэу Исхьакъ игупшысэрэ икъэлэмыпэрэ илъэпкъ зыфигъэлажьэрэр илъэс 65-м къехъугъ. ТхэкIошхом ыгу щыпхырыкIырэ итхыгъэхэм тишIэныгъэ хахъо фашIы, тигулъытэ агъэчаны, тилъэпкъ зэхашIэ къаIэты. Ащ елъытыгъэу тIон тлъэкIыщт: «МэщбэшIэ Исхьакъ итворчествэ – адыгэ литературэм илъэгапI, адыгэ лъэпкъым ипкъэу!».

*Шъхьэлэхъо Дарико*



## МэщбэшIэ Исхьакъ Къэбэртэе-Бэлъкъар къэралыгъо университетым ипрофессор гъэшIуагъ

УФ-м итхакIохэм я Союз итхьаматэ игуадзэу, Адыгэ Республикэм итхакIохэм я Союз итхьаматэу, АР-м, КъБР-м, КъЩР-м янароднэ тхакIоу, СССР-мрэ УФ-мрэ я Къэралыгъо шIухьафтынхэм ялауреатэу МэщбэшIэ Исхьакъ КъБКъУ-м ихьакIагъ. Ащ «Къэбэртэе-Бэлъкъар къэралыгъо университетым и профессор гъэшIуагъ» зыфиIорэ цIэ лъапIэр къыщыфагъэшъошагъ.

Гъэтхапэм и 25-рэм КъБКъУ-м иректорэу Алътуд Юрэ, мы университетым ипрезидентэу Къарэмырзэ Бэрэсбый, ДАХ-м итхьаматэу Сэхърэкъо Хьаути, «Адыгэ псалъэм» иредактор шъхьаIэу ХьашIуцIэ Мыхьамэт, КъБКъУ-м икIэлэегъаджэхэр, ДАХ-м игъэцэкIэкIо куп илIыкIохэр Иорданием, Турцием, Сирием, Израиль къарыкIыгъэ хьакIэхэр ШIэныгъэлэжь советым хэлэжьагъэх.

ШIэныгъэлэжь советыр къызэIузыхыгъэ Алътуд Юрэ кIэкIэу адыгэ литературэм итхакIоу МэщбэшIэ Исхьакъ ищыIэныгъэ гъогурэ литературэм зэрэфэлэжьагъэмрэ нэIуасэ фишIыгъэх, джащ фэдэу къэзэрэугъоигъэхэр щигъэгъозагъэх икъэлэмыпэ къычIэкIыгъэ тхыгъэхэмкIэ лъэпкъ зэныбджэгъуныгъэм, шэн-хабзэм, къэралыгъо Iофхэм фэлъэкIырэмкIэ зэрадэлажьэрэр къызэрэугъоигъэхэр щигъэгъозагъэх.

Темыр Кавказым ис лъэпкъхэм яшэн-хабзэхэм зягъэужьыжьыгъэнымрэ ухъумэгъэнымрэ иIахьышхо зэрахилъхьэрэм фэшI Щытхъу тхылъыр ратыжьыгъ. Ащ ыпкъ къикIэу гулъытэ къыфэзышIыгъэхэм иIофшIагъэхэм ахэлъ гупшысэмрэ лъэпкъыпсэмрэ ямэхьанэ къыпкъырыкIызэ псэлъэ дахэкIэ къекIолIагъэхэм апашъхьэ МэщбэшIэ Исхьакъ къыщыгущыIагъ.

ХьакIэм КъБКъУ-м ипащэхэм ШIэныгъэлэжь советым хэтхэм, къырагъэблэгъагъэхэм джырэблагъэ къыдэкIыгъэ, тарихъ тхылъэу «Рафыгъэхэр» ыкIи «Хэхэсхэр» зыфиIорэ романитIур зыдэтыр аритыгъ.

## Адыгэ тхэкӀошхор къэбэртэе Джылахъстэныем щагъэлъэпӀагъ

Гъэтхапэм и 27-м Тэрч районым иадминистрацие зэӀукӀэ гупсэ щырекӀокӀыгъ. Адыгэ литературэм иклассик тхэкӀошхо ыныбжь мы илъэсым 85-рэ зэрэхъурэм фэгъэхьыгъэ зэӀукӀэм къеблэгъагъэх ДАХ-м итхьаматэу Сэхърэкъо Хьаути, гъэзетэу «Адыгэ псалъэм» иредактор шъхьаӀэу, Къэбэртэе Адыгэ Хасэм итхьаматэу ХьашӀуцӀэ Мыхьамэт, КъБР-м Лӏышъхьэ чӏыпӏэ политикэмкӏэ гъэӏорышӏапӏэм ипащэу Къожей Артем, ШэуджэнцӀыкӀу Алый ыцӀэ зыхьырэ фондым итхьаматэу ШэуджэнцӀыкӀу Леонид, ДАХ-м игъэцэкӀэкӀо куп хэтхэу Иорданием, Тыркуем, Сирием, Израиль къарыкӀыгъэ хьакӀэхэр.

КъекӀолӀагъэхэм шӀуфэс гущыӀэкӀэ Тэрч район администрацием ипащэу Болэтыкъо Владимир закъыфигъази, Адыгэ лъэпкъыр зыӀэтэу, тилитературэ зезыгъэужьыжьэу, адыгэ тхыдэм ишъыпкъагъэ романхэмкӀэ къизыӀотыкӀырэ тхакӀор зэряхьакӀэр лъэшэу зэригуапэр къыӀуагъ. 2016-рэ илъэсыр МэщбэшӀэм и Илъэсэу ДАХ-м зэригъэнэфагъэм, ежь тхакӀом осэшхо зэрэфашӀырэм ишыхьатэу, районым ис цӀыфхэм саугъэт лъапӀэ фагъэхьазырыгъ – «Къалэу Тэрч ицӀыф гъэшӀуагъ» зыфиӀорэ цӀэр къыфашӀыгъ.

МэщбэшӀэ Исхьакъ къырахыгъэ гулъытэр зэригуапэр къыӀуагъ. КӀэлэеджакӀохэм къашӀыгъэ къэгъэлъэгъонхэм ягуапэу яплъыгъэх, яхьакӀэ лъапӀэ иусэхэм къяджагъэх, игущыӀэхэм арылъ орэдхэр къаӀуагъэх, цӀыф цӀэрыӀохэм тхэкӀошхом фэгъэхьыгъэу атхыгъэхэм ащагъэгъозагъэх.

«Силъынтфэ хэт бгырыс пщыналъэр» зыцӀэ пчыхьэзэхахьэр дахэу, купкӀ хэлъэу рекӀокӀыгъ.

*НэкӀэпыджэ Замир,*
*2016-рэ илъэс*



## ЛЪЭОЯНЭХЭР

### О закъор ары сэ къахэсхыгъэр

*СыдэущтЭу хъуна о ущымыӀэу?*
*СыщыӀэшъуна о усимыӀэу?*
*Ащыгъум сыда тыгъэм есшӀэщтыр?*
*Огури сашъхьагъы сыд зыкӀитыщтыр?*

МэщбэшӀэ Исхьакъ

Лъэпкъыбзэ щыӀэп шӀулъэгъу гущыӀэр хэмытэу. Анахь гущыӀэ хьалэлэу, гущыӀэ дахэу бзэ пэпчъ хэтыр зыфаӀуагъэр шӀулъэгъур ары. УсакӀо къэгъотыгъуай шӀулъэгъум орэд фимыӀуагъэу. «Гоу мылым нахь чъыӀэу, шӀулъэгъур зымышӀэрэм къиныр иӀахь»,– Омар Хайям ыӀощтыгъ. Саади, Фирдоуси, Хьафиз, Вагиф, Петрарка, Руставели, Овидий, Пушкин, Есенин. Сыд фэдиз псэлъэ дах мыхэмэ шӀулъэгъум фаӀуагъэр, ау фэпӀон фаеу щыӀэр аухыгъэп, аухынэуи щытэп. ШӀулъэгъур цӀыфым къыдэхъугъ, шӀулъэгъур ренэу цӀыфым игъусэщт. ШӀуагъэу щыӀэ пстэуми ясаугъэтышъ ары шӀулъэгъу зыкӀыраӀуагъэр.

ГукӀэгъуи, хьалэлыгъи, шъэбагъи, шъыпкъагъи, лӀыгъи, ныбджэгъугъи, зэфагъи, зэгурыӀожьыныгъи – зи шӀулъэгъум къымыубытрэ щыӀэп, имыамал щыӀэп. «УзикӀасэм ыпсэ уфегъадэ». «ШӀу плъэгъурэм машӀом удыпэхьащт» – джащ фэдэу макӀэп тижъхэм шӀулъэгъум раӀолӀагъэр.

ШӀулъэгъум фаӀуагъэхэр бэдэдэ пэтызэ, МэщбашӀэм ежь иусэ-псалъи къыфигъотыгъ шӀулъэгъум – чъыгым илъэс мин егъашӀэ, ау гъатхэ къэс дунаим дэныбжьыкӀэ. ШӀулъэгъур жъы мыхъурэ гушӀуагъу, цӀыф пэпчъ апэрэу ар зэхешӀэ, усакӀо пэпчъ ныбжьи ащ зэрэтемыгущыӀагъэхэу тегущыӀэ шӀоигъу.

ШӀулъэгъум иорэдыӀохэм теубытагъэу МэщбашӀэр ащыщ шъыпкъ пӀон плъэкӀыщтэп – ар зыгъэгумэкӀыгъэр нэмыкӀ Ӏоф, зыгъэгумэкӀырэр бэ, ытхыгъэхэм ар къахэмыщ фэдэуи къыпщыхъущт. Гуфаплъэу уемыплъымэ.

Зэлъашlэрэ усакlоу Лариса Васильевам Мэщбашlэм фэгъэхьыгъэу очерк «Литературнэ Россием» (1973, № 9) къыригъэхьэгъагъ. Поэтым иусэхэм шъэбэгъэ-хьалэлыгъэу апкъырылъым ыумэхъыгъэу, сыда мыщ шlулъэгъум ехьылlагъэу усэхэр зыкlимытхыхэрэр ыlуи, упчlэ ыгъэуцугъагъ, lофыр зытетым тэрэз дэдэу щымыгъозагъэу къычlэкlын нахь, Мэщбашlэм зы усэп, уситlоп шlулъэгъум фитхыгъэр. Тхылъ псэу хъун ылъэкlыщт. Етlани зэпэзырызэу зэхэхыгъэу щымытэу, зы произведение фэдэу къэбар кlэщыгъэр ылъапсэу, зы усэм адырэр епхыгъэу, гупшысэ теубытагъэм фэlорышlэу, гурышэм ихэхъуапlэхэр къыщыхэщхэу. Ащ фэдэу циклэ инитlу къыхиутыгъ. Зым «Шlу сэлъэгъу» ыцlэр, адырэм – «Сэлам тхылъ». «Зы шlулъэгъу итхыд» ыцlэуи поэмэ ытхыгъ. Арышъ, хэхыгъэу шlулъэгъум фатхэ пlонэуи щытэп, фэтхахэрэп пlонри тэрэзэп. Шlулъэгъум зэрэфэтхэрэ шlыкlэм хабзэ хэлъ, зэхъокlыныгъэ гъэшlэгъонхэр а шlыкlэм иусэхэм ащыфэхъугъ. Усэ циклэ инитlоу зигугъу къэтшlыгъэхэм азыфагу илъэсыбэхэр илъых, ащ изакъоми уалъыплъэнкlэ хъопсагъо.

Бзылъфыгъэм шъхьэкlэфэгъэ тэрэз адыгэхэм фамышlэу зыlорэмэ загъорэ уаlукlэщт, ау бзылъфыгъэм емыкlу чlыпlэ рапэсыгъэу нарт къэбархэми пшысэхэми зызакъо ахэбгъотэщтэп – акъылкlи, дэхагъэкlи зи зэмыгъэшапхъэ щыlэп Сэтэнай, Адыиф, нэмыкlхэр. Бзылъфыгъэр егъашlэми акъылым исаугъэтэу, къэбзагъэм ынапэу, гушlуагъом, насыпым язехьакlоу жэрыlо усэным хэт: «Бзылъфыгъэм щымыукlытэрэм напэ иlэп» – джащ фэдэу тижъхэм макlэп гупшысэу къыщанагъэр.

Къокlыпlэм (Востокым) къихъогъэ усакlохэм – Фирдоуси, Саади, Сабир, Навои, Вагиф, Джами бзылъфыгъэр лъэшэу агъэлъэпlагъ, идэхагъэ шъхьамысхэу къатхы, ынэхэр зыфэдэхэри, ыпкъ зыфэди, ынэгу итеплъи, ышъхьац налъэ шъомкlэ зэокlыныгъэу фэхъугъэри. Нэмыкlэу къэпlон хъумэ, бзылъфыгъэм ыпкъышъолкlэ идэхагъэ lудэнакlэм фэдэу зэхэхыгъэу къатхыхьэзэ, ыгу къэбзагъэу, шlулъэгъоу илъым къытегущыlэщтыгъэх. Ащ лъэхъанымкlэ мэхьанэшхо иlагъ – Возрождением игурышэхэу Къокlыпlэм зыщызыубгъугъэхэм диным егъашlэм ыгъэбылъыщтыгъэ, емыкlоу ылъытэщтыгъэ дэхагъэу цlыф пкъышъолым, анахьэу, бзылъфыгъэ пкъышъолым хэлъыхэр къагъэлъэгъуагъэх.

Бзылъфыгъэм нахь дахэ зи щыlэп – джары къокlыпlэ усакlохэм япсэлъэ шъхьаlэщтыгъэр. Ядунэееплъыкlи джа гурышэм епхыгъэу гъэпсыгъэ.

Къокlыпlэ усэным, къокlыпlэ философием яфэмэбжьымэ ин адыгэ лирикэм, адыгэ гупшысэм къытырихьагъ. Ау зы теубытагъэу мыщ дэжьым къэlогъэн фаер: къокlыпlэ усакlохэмрэ адыгэ усакlохэмрэ бзылъфыгъэм, шlулъэгъум еплъыкlэу афыряlэхэмкlэ зэрэзэпэблагъэхэм нахьи нахь зэпэчыжьэх. Къокlыпlэ лирикэм къыхэхыгъэ шэпхъэ заулэу (бзылъфыгъэм итеплъэ зыфэдэр къэзыlотэрэ образхэр, «унапцэхэр пцlэшхъуакlэм фэдэх», нэмыкlхэр) адыгэ усэкlо зырызхэм агъэфедэщтыгъэхэр тиусэн lоф щыщ хъугъэхэп, къэгъагъ шъыпкъэхэм сурэт шlыгъэхэр къызэрахэщырэм фэдэу ахэр тиусэхэм къахэщых. Къокlыпlэ лирикэм ар дэеу ышlэщтыгъэу сэ сlорэп – джары ащ хабзэу хэлъыгъэхэр, джары а цlыф лъэпкъхэр зэрэгупшысэщтыгъэхэр. Адыгэхэм ягупшысэни яусэ тхыни хабзэу хэлъхэр нэмыкlых. А хабзэхэр Мэщбэшlэ Исхьакъ иусэхэу шlулъэгъум фэгъэхьыгъэхэм дэгъоу ащыолъэгъух.

Дунэе псэу зыхэтхэр шlу зэрэлъэгъурэ ныбжьыкlитlур – а дунаим тыгъэр щышъхьафит, уашъор щыкъаргъу, уцыр щышхъуантl, хъярыр щыхъой. Дунаим дэхагъэу хэлъыр зэкlэ шlу ылъэгъурэ пшъашъэм тынэу ыпашъхьэ рилъхьаным поэтыр фэхьазыр. Ащ хэлъым шъуеплъ зэ: жъуагъоу ошъогум исыр къырихынышъ, тынэу ритынэу тижэрыlо усэхэм ахэт шlулъэгъуныгъэ зиlэ кlалэр фэхьазыр. Бгъэкъагъэ ащ хэлъ пшlошlыщт, шъхьащытхъужьыгъэ хэлъкlэ уенэгуещт. Уегупшысапэмэ, пшъашъэм тынэу кlалэм фигъэшъошагъэр жъуагъоп, тыгъэп, дышъэ такъырэп – дэхагъэр ары. Природэм иlэшlагъэмэ мыдахэ зи ахэтэп. Сыдым фэмыдэу дахэр жъуагъор ары, Мэщбашlэм жъуагъор осэты, синагъу, ылоуи усэхэр иlэх, мыщ дэжьым макъэхэр зэпэджэжьыным нахь дихьыхыгъ усакlор. Шlу слъэгъурэ закъор, еlо усакlом, тынэу остынэу «сэ мы дунаим тезгъотэна?». Тетэп зи,– джары джэуапыр. Шlулъэгъум ебгъэпшэн зи щыlэп, дэхагъэм нэмыкl, природэм инэхъоигъэ-бжьышlуагъэ нэмыкl. Тынэп ар, псыхъор

къыхьэу зыми пшъашъэм ыпашъхьэ рилъхьагъэп, зыгорэ пшъашъэм фахьымэ, адыгэ кӏалэм фахьыщтыгъэр мышъэм ышъу – ащ мэхьанэу иӏэри нафэ. Природэм дэхагъэу, гукӏэгъоу хэлъыр кӏалэм ыгу щыщ хъугъэ, ащ агъэнасыпышӏогъэ гур ары тынэу пшъашъэм фихьыгъэр. Усэ псэум шӏу усэлъэгъу ыӏоу гущыӏэ хэтэп, ау зыфэдэ мыхъурэ шӏулъэгъу къабзэр тапашъхьэ къырегъэуцо. Пчыхьэреным зытегущыӏагъэхэм ащыщэу зы гупшысэ закъуи усакӏом игугъу къыышӏырэп: шӏу зэрэлъэгъуритӏумэ азыфагу зэфилъым зыми иӏоф хэлъэп.

Шӏулъэгъум нахь ухъумагъэрэ нахь гъэбылъыгъэрэ адыгэ щыӏэныгъэм, гупшысакӏэм хэтыхэп. Быракъ шӏулъэгъур пшӏыныр акъылыгъэмэ ащыщэп – утемыгущыӏэныри арэп зыфасӏорэр, тегущыӏакӏэр ары, зэхэпхэу «шӏу сэлъэгъу» къыӏоным усакӏори щэщынэ, щэукӏытэ – шӏулъэгъур макъэм хэкӏуадэмэ, шӏулъэгъур хьарыфым дэучъыӏымэ, шӏулъэгъур гощыгъэ хъукъомэ еӏошъ, енэгуе:

> Шъхьэих къысфэпшӏэу «шӏу усэлъэгъу»
> Зэхэсхырэп, къэмыӏу, къэмытх!..
> Мэфишъэ пчъагъэм бгъэм сфыдэлъыгъэр
> Ащ фэдэу псынкӏэу къысфыдэмых.

Еужьырыгъэӏо хэлъмэ, узыфыкӏэгъожьын хэлъмэ, еӏо усакӏом, угу щыщ мыхъугъапэу щытмэ, шӏулъэгъум ыцӏэ къемыӏомэ нахьышӏу – пхъожьыщтэп ныӏа ар пфэмышӏу джанэу. Ежь ыгу щытӏыргъорэ шӏулъэгъум джэнджэш кӏалэм фыриӏэп, ау ащ пае шӏу усэлъэгъу ыӏорэп, «нэпс къыригъэхыными» нэсрэп, дунаим идахэр, ихъярыр шӏу зэрилъэгъоу ащ пшъашъэр елъэгъу, сыда пӏомэ *«Гъогунэпцэ уцым осэпс къабзэр, о сыоупчӏы, имыкӏэсэна? Нэфылъ шэплъым ипчэдыжь пасэ сыфаеп ыӏон чӏым фэлъэкӏына?»*

Джары шӏулъэгъум ишапхъэр, ыкӏуачӏэр. Шъыпкъагъэу пшъашъэм фыриӏэр ӏэуж лъапӏэкӏи, гущыӏэ пытэкӏи къыушыхьатынэу поэтыр фаеп, лӏыгъэкӏэ, бжьышӏуагъэкӏэ ар ыгъэлъагъо шӏоигъу, Чэчанэкъо Чэчан фэдэу, Нарыч фэдэу игугъу шӏугъэкӏэ цӏыфмэ ашӏэу пшъашъэм зэхыригъэхы шӏоигъу. Нахьыпэм мыр сыдэу кӏэлэ шӏагъу, ятэм лӏэу хэкӏыгъ зыфэпӏощт гущыӏэхэр зэрапэсыщтыгъэ ныбжьыкӏэхэм афэд Мэщбашӏэр зытегущыӏэрэ кӏэлакӏэр. Шӏухьафтын, ӏэуж ытыпэн фаеу хъугъэми, илъэпӏэщтыр дышъэр арэп, ыгу ихъыкӏырэр къэзыӏотэн зылъэкӏыщт пкъыгъо гор. Еджапӏэр ныбжьыкӏэхэм къаухыгъ, къуаджэм дэкӏыщтым идэкӏыгъо къэсыгъ, къыдэнэщтыри джащ фэд, къыдэнэ; пшъашъэр зэрэдэкӏыщтыр кӏалэм къырееӏо, платыкур къырэты, кӏалэу ащ емыжагъэм гуӏэм хэтэу къепчъы: *«Сшӏэщтыр сымышӏэу сыӏэпӏэжъажъэу сиджэнэ чыӏуи сӏапэ зынэсырэм, сеӏэшъ, къисэчы... Сапашъхьэ пшъашъэу зынитӏур гохьэу, гушӏоу къысэплъырэм ыӏитӏу шъаби ар фычӏэсэлъхьэ».*

*«Сыдкӏэ былыма мы къысэптырэр, укъыздэхьащха?»*,– ыӏоу пшъашъэр губжыгъэмэ, акъылынчъэу теплъыщтыгъэ. Мыщ дэжьым пшъашъэмкӏэ анахь тын лъапӏэ хъугъэр кӏалэм игуӏакӏ, ишӏулъэгъоу бгъэбылъыжьын умылъэкӏыщтыр ары, цӏыф шъхьэихыгъэу тхьагъэпцӏыри цӏэпӏагъэри зыхэмылъыр ары. Егъэшӏэрэ тынэу пшъашъэм ар ыгу къинэщт. Насыпышхо зыхэлъ шӏулъэгъу тапашъхьэ щытлъэгъурэр. Къызэритыгъэ тамыгъэр сыд? Шӏу зэрэлъэгъухэрэм гъэшӏэгъон ӏаджи къяхъулӏэ, нэмыкӏхэмкӏэ щхэны фэдэу, ежьхэмкӏэ мэхьанэшхо иӏэу. Сэмэркъэу зыкӏэлъ сурэт цӏыкӏум, ӏупэр дезгъэчъэкӏырэ сурэт цӏыкӏум къэбзагъэр зылъэпсэ шӏулъэгъур нафэ къытфешӏы.

Мы усэ циклэр поэм пӏоми хъущт – къэбарыр щыӏэныгъэм зэрэщыхъугъэм шӏомыкӏэу нахь мэхьанэ зиӏэхэм ынаӏэ атыридзэзэ, къеӏуатэ Мэщбашӏэм. Сюжетым хэхъуапӏэу, гъэзапӏэу иӏэхэм афэсакъы, ащ дыкӏыгъоу шӏу зэрэлъэгъухэрэм яшӏулъэгъуи, ящыӏэныгъэ гупшысакӏи зэрахахъорэр егъэунэфы – зэщымыщ фэдэ усэхэу шӏулъэгъум икъэбар къэзыӏуатэхэрэр зы усэ лъагъом арэуштэу рыпщэныр шӏыгъое хьазыр.

Апэрэ усэхэм гушӏогъо шъхьафитыр алъапс, дунаир зэреинэу шӏу зэрэлъэгъухэрэм агухэр иныи, хьалэлых, щынагъо щыӏэми яшӏулъэгъукӏэ егупшысэхэрэп:» *«Лъэгъун джэуапыр къызысатыжьым, дунаир сиеу сигушӏогъуагъ»*, *«Непэ дунаир дахэшъы дахэ, непэ ошъогур лъагэшъы лъагэ»* – ыгу ихъыкӏырэ гушӏуагъор къызэриӏощт гущыӏэр фырикъурэп поэтым.

ГушIор гушIоми, ащ лIыгъэ-кIэлагъэу, рыцарыгъэу хэлъыр чIинэрэп. Пшъашъэр шIу елъэгъу къодыеп, шъхьэкIэфэгъэшхо фырил. Пшъашъэм идэхагъэ, илъэпIагъэ уасэ фишIыныр ежь пшъашъэм изакъоу иIэрылъхьэ зэпытэп. Уасэу бзылъфыгъэм фэпшIырэр ары укIалэмэ ори уасэу уиIэр. О умыухъумагъэмэ къэбзагъэр, ащыгъум лIыгъэм упэчыжь, акъылынчъагъэм гъусэгъу дэпшIыгъ. МэщбашIэр зытегущыIэрэ ныбжьыкIэхэм яшIулъэгъу аухъумэн алъэкIы, агъэлъапIэ. ЩыIагъ джэголъэ-губгъэн орэд цIыкIу горэ, бэми къаIоу, радиомкIи загъорэ зэхэпхэу. «ТыгъугъэкIэ тызэрэзэбэугъэр аущтэу тшIызэ тыгу къэдгъэкIыжьын»,– къыщаIощтыгъэ ащ. Ар зытхыгъэм орэд хъарзынэ ытхыгъагъэп. ШIулъэгъум дыкIыгъу гушIогъо насыпыгъэм сыпэшIуекIоу арэп. КIэухым уфакIомэ, пкъынэ-лынэм шIоигъохэм афэлэжьэрэ хабзэхэри шIулъэгъум къыделъытэх, ахэр усэ-сатырым ищыкIагъэхэп – джары зыфасIорэр. МэщбашIэм иусэхэм ахэт ныбжьыкIэхэр агукIэ зэпэблагъэх, ау яшIулъэгъу урамым телъэп, рысэмэркъэухэрэп, рыджэгухэрэп.

А лъэныкъори МэщбашIэм ишIэ гъэнэфагъэ хэлъэу усэхэм апхырыщыгъ. Джарыба ныбжьыкIэхэм шIулъэгъу аушэтын гурышэм ылъэныкъуи гупшысэхэм къахэзыщэрэр. Циклэу зигугъу тшIырэм икIэухым дэжь гушIо макъэу шIулъэгъу хьалэлым къыкIэрыкIыщтыгъэр нахь къеIыхыгъ. Къиным пхырымыщыгъэ хъярыр хъяр зэпытырэп. Непэ шIу елъэгъу фэдэу къыщыхъугъ. Ау ар мышIулъэгъумэ? – гумэкIэу къеты упчIэр усакIом.

ЩыIэныгъэр бэу зэхэлъы, еIо усакIом, шIулъэгъум ыпсэ макIэу къычIэкIыгъэп, ащ гумэкIышхуи, чэщ мычъыебэ гупшыси къыздихьыгъэх.

Нэужым МэщбашIэм ытхыгъэ шIулъэгъу усэхэм ар нафэу къахэщыгъ.

«Сэлам тхылъ» ятIонэрэ усэ циклэм ыцIэр – шIу зэрэлъэгъухэрэр зэпэчыжьэ хъугъэх, зэфэтхэнхэр ары гъогу закъоу яIэр, МэщбашIэм а шIыкIэм мэхьанэшхо реты. НыбжьыкIэгъу шIулъэгъур кIодыгъэп, зэхъокIыгъэ хъугъэ нахь. Нахьыпэм ащ гушIо нэфынэр игъусагъ, джы «Гум укъызыкIырэм, бгъэм чIэсфызылIэу, уиIуплъэ лъапIэ сыфыкIэхъопсы».



УсакIом ежь къехъулIагъэп ытхырэ пстэури – ищыIэныгъэ гъогу щыщэу ытхыхэрэм ахахьэрэр бэ, ау ытхырэр зэкIэ къехъулIагъэм фэдэу, къинмэ къин къыфахьэу, гушIуагъоми, гушIо къыратэу ыгу пхырэкIых.

МэщбашIэм щыIэныгъэ гъогушхо къыкIугъ. ГушIо насып зыщигъотыгъи, гухэкI-гукъаом игупшысэ зыщыхафи а гъогум щыпэкIэкIыгъ.

ЩыIэныгъэм гум пэблагъэ щыпфэхъугъэр – плъы щэрэщ е щэрэмыщ – IэкIыб шIыгъошIоп. МэщбашIэм иусэхэм а гупшысэр бэрэ къахэфэ. ШIу зэрэлъэгъурэ нэбгыритIур зы гъогу зэдытехьагъэх. Зэдытетышъущтха, зэдытемытышъущтха? ШIу плъэгъурэм уигъогу къыбдикIушъущта? ШIу плъэгъурэм игъогу дэпкIушъущта? ЗэгокIхэмэ лъагъохэр?

Бэрэ мэхъу зэгокIхэу.

*«Хэшъо шъофышхоу сыпфыщытыныр»* – мы сатырымкIэ къыригъажьэу усэ горэ хэт «Сэлам тхылъым». Шъхьэ фишIыгъэп – зы гущыIэкIэ, зы гупшысэкIэ къэIогъуаешъ ары мэхьанэу иIэр. Ар гукъэкIыжь, къин зыхэлъ гукъэкIыжь, шIулъэгъур тхьалагъэ зыщыхъугъэ щыIэныгъэ гъогум фэгъэхьыгъэ орэд хьылъ. Шъэбагъэу, шIулъэгъу дэхагъэу хэлъымкIи гум нэсэу тхыгъэ.

*«Хэшъо шъофышхоу сыпфыщытыныр мурад дэгъоу сэ пфысиIагъ»*,– джы нэс арэу шъхьэихыгъэу блэкIыгъэ уахътэм итэу шIулъэгъум усакIор тегущыIэщтыгъэп – жьыр зыщышъхьафитэу, шIулъэгъур зыщынасыпышIогъэ шъоф ищыгъэр усакIом ыгу къэкIыжьы. Уфаемэ псы сыпфэхъунэу, уфаемэ жьы сыпфэхъунэу сыхьазырыгъ. Псыхъо уIукIагъэу, ащ икIыпIэ имыIэмэ, лъэмыдж зыпфэсшIынэу кIуачIэ сиIагъ. Уикъин сштэнэу, сихъяр къыостынэу сыгукIэ сыпфэхьалэлыгъ – сыд джы къэхъугъэр, сыд ощха угу зыгъэучъыIыгъэр, сыд машIу шIулъэгъур зыщыбгъэстыгъэр, сыд пщагъуа унапэ къизыхъуагъэр?

Шыблэу къэуагъэм фэд, къушъхьэу къеохыгъэм фэд шIулъэгъур зыщытэкъорэ бгъэгум макъэу къиIукIырэр:

Нибжьи, егъашIэм усымышIагъэу
Усщыгъупшэныр джы сфэлъэкIына?
А мэфэ нэфым бгъэгум щышIагъэр
СфэгъэушIункIыни сфызэшIокIына?..

Шlу зылъэгъурэ кlалэр зэгупсэфылlэжьыщтым лъыхъурэп, шlу ылъэгъурэм губж фишlырэп, нахьыпэм фэдэу джыри ар фэшъыпкъ, фэгукlэгъу. Джарыба драмэу усэм кlэлъыр джыри нахь лъэш зышlырэр. Напэ зимыlэ шулъэгъур цlыфым зыщигъэгъупшэн ымылъэкlыми, ыгу щифызынэу кlуачlэ зыфигъотыжьын. Зэфэнчъагъэу къызпэгъокlыгъэхэ цlыфым ащ пэшlуекlорэ гупшыси ышlышъун. Ау ахэр ищыкlагъэха-имыщыкlагъэха? Шlулъэгъу тхьапш екlодылlэрэ акъыл зыхэмылъ губжым, лъапсэ зимыlэ цыхьэ мышlын дыджым. Шlулъэгъум фэбапlэ закъоп ищыкlагъэр, дышъэ чысэп иухъумакlор, шlулъэгъум ипщыпlэр зэгурыlожьыныгъ, зэдэщэlэныгъ. Шъхьакlо пштэуи къыхэкlыщт, акъыл ащ дэпlыгъын фае шlулъэгъур жьыбгъэ пстэуми амыутхыпкlыным фэшl. Шlу зылъэгъурэ кlалэр ишlулъэгъу лъэшэу фэсакъы, ыгу хэкl горэ щыlэми, зыщигъэгъупшэнэу хьазыр. Ау таущтэу гум ипчыщт шlулъэгъур? Пшъашъэм ар lукlэмэ, емыплъыни ылъэкlын, ау чылэ еджапlэу зыщеджагъэхэр, нысэщэ джэгоу къызщешlагъэхэр «гум щыщы хъугъэу къыздырехьакlых».

Мэхэгъэ лъэlу макъа? Кlуачlэ зимыlэжь тхьаусыха? Хьау. Шlулъэгъум ихъяр зыщыщ хъугъэ цlыфэу, ащ фэlэпэlапчъэ хъугъэм игумэкl гущыl. Джары сэ сищыlакlэр, джары сэ сишlулъэгъу рыкlуагъэр еlо гупшысэм хэтэу кlалэм, тыгъэпс пчэдыжьыр сищагу диз сшlошlызэ, къыздизыгъэри сымышlэу псы шlоркъ чъыlэр сиунэ къиуагъ. О сыд уищыlакlэр, о сыд уишlулъэгъур, фэсакъ амал иlэмэ, ипхъыхьэ-итэкъу узышlыщт лъэныкъохэм ащыщын, ащыкlухь. Шlу плъэгъуным лlыгъэ ищыкlагъ, сэнаущыгъэ ищыкlагъ – усэ птхыным, псынэ пшlыным зыкlи ар нахь псынкlэп, еlо Мэщбашlэм. Усэм икlэух сатыриплlым жьыбгъэ чъыlэ пстэуми зыбгъэгу афихыгъэу, шъхьэзэкъо гъогу кlыхьэм тет цlыфыр ащытэлъэгъу. Шъофэу зэгорэм къэгъагъэр зэрызыгъэр, тыгъэпсым къыгъэнэфыщтыгъэр, мэзэу насыпым ишыхьатыгъэр зыр нэкlэу, адырэр пцlанэу олъэгъух.

Къурэныкъогъу хъужьыгъэхэу, тхьэпэ зырыз хъужьыгъэхэу шlулъэгъу нэфынэр зипкlыхьэ чыжьэу тхьапша дунаим къытенагъэу тетыр? – къэупчlэ усакlор. Шlулъэгъу пшlыныр псынкlэп – ар уухъумэныр ащ нахь къиныжь, ау насыпыгъ.

Шlулъэгъур ушэтын къин хафэми, ужынчъэу кlодырэп. Уlагъэр мэкlыжьы. Уlэгъэ ужыр къыхэщы зэпытыщт. Ощх къещхын хъумэ, чъыlэтагъэ ухахьэмэ, уlэгъэжъхэм уагъэгумэкlыщт. Пщыгъупшагъэу пlоми, шlулъэгъур орэд чыжьэкlэ къыоджэжьыщт, насыпышlуагъэр зыкlиз ныбжьыкlэу къыпlуплъэщт, уиджанэ къиптхъи, шlухьафтынэу птыгъэгъэ чыlум угу къыгъэкlыжьыщт. Гукъэкlыжьхэр ренэу мынэфынэхэми, къин ахэлъми, шlулъэгъу лъагъом рычъэжьыщтых.

Сыд шъуlуа непэ укъызфэкlуагъэр?..
Жьы коренышхуи сызыхэпхьагъэр…
Къушъхьэпсым гъэзэжь зэримыlахэу,
Къэбгъэзэжьын lоу нибжьи сшlэгъахэп.

Мэщбашlэм ишlулъэгъу усэхэр дунэе гъэнэфагъ. Гъогу хэхыгъэ ахэмэ къакlугъ. А гъогур ежь усакlом къырыкlогъэ шъоф зэикl хъуаохэми, къушъхьэ тlуакlэхэми, псыхъо чъэрхэми апхырэкlы. Апэрэмкlэ а гъогур кlэлэ ныбжьыкlэ дэдэм ыгу къыщежьагъ – шlулъэгъум мыщ дэжьым насыпыр, гушlуагъор, тыгъэ нэфынэр хизыгъэх, зи гумэкl къыпэмыгъокlыным ар фэдагъ. Щыlэныгъэри лъэныкъуабэу зэхэт. Цlыфыр щэlэфэ ар зэрегъашlэ, ымышlапэзэ, игъашlэ еухышъ, дунаим ехыжьы. Щыlэныгъэ шlэныгъэу Мэщбашlэм иlэр нахь баи хъу къэс, иусэхэри ащ ыгъэбаищтыгъэх – гупшысэкlэ, образхэмкlэ, дунаим иакъыл къызэриубытрэмкlэ. Шlулъэгъум фэгъэхьыгъэ усэхэми а гъогур къарыкlуагъ. Ар нафэ зышlырэ нэшанэхэри усэхэм ахэтых: нахьыпэрэ шlулъэгъу усэхэм шlулъэгъум фэгъэхьыгъэ гупшыс нахьыбэрэу апкъырылъыгъэр. Аужырэ лъэхъаным ытхыгъэ усэхэм шlулъэгъур щыlэныгъэ шlэныгъэм ащыпхырыщыгъ, усакlом, шlулъэгъум фатхэзэ, щыlэныгъэм, лъэхъаным афэгъэхьыгъэ lофыгъохэри егъэуцух. Ар усэн lэпэlэсэныгъэу Мэщбашlэм иlэр пытэу зэрэуцугъэм ишыхьат.

Мэщбашlэм *«Шъхьащэ сэ, бзылъфыгъэр, къыпфэсэшlы»* еlошъ, бзылъфыгъэм зыфегъазэ:

Унэфылъэу, улъэпкъ гъашІоу чІылъэ шъхьагъым
Тыгъэ фабэу ушъхьащытэу укъысфепсы,
ПсынэкІэчъэу, ушъогъуабзэу уишІушІагъэ
Мэфэ жъоркъым игопэгъум сэ къысфэсы.

СанэІу уитми, уІукІотми, усымылъэгъуми,
Хъулъфыгъэгур гугъэ шъэфым хэогъэты.
УишІэ хэлъэу е хэмылъэу сыкъыплъыхъуми,
Сызыфаер о зыр арышъ, къэсэгъоты.

ГъашІэ зэдэулэжьыныр сэмэркъэоп, щыІэныгъэ гъогу зэдэпкІуныр псынкІэ дэдэп. ЦІыфым Іоф мин, Іоф хьылъэхэу чІылъэм щызэрихьэхэрэм шІулъэгъур адэмыкІодыгъэмэ, ащыгъум лъэпсэ пытэ иІагъ. Джащ фэдэ шІулъэгъу мыщ дэжьым МэщбашІэр зытегущыІэрэр. КІэлэцІыкІужьэп игерой, гъэтхэпэ осэпсэп ишІулъэгъу: шІулъэгъум ихъяр зэхэзышІагъэу, бзылъфыгъэм идэхагъэ, ицІыфышІугъэ, игукІэгъу къызгурыІогъэ хъулъфыгъ усакІор зытегущыІэрэр. Къини ащ а бзылъфыгъэм дилъэгъоу къыхэкІыгъ – ау дунэерэ мылъкукІи къыуитыщтэп.

ШІулъэгъум имэхьанэ зыригъэубгъоу къеІо усакІом: бзылъфыгъэр шъхьэгъус (тыбзэ анахь гущыІэ дахэу хэтмэ ар ащыщ), бзылъфыгъэр – шыпхъу, бзылъфыгъэр – ны. Пшыпхъуи уиунэ ис зэпытыщтэп, уяни уигъашІэ къыбдигъэшІэщтэп. Шъхьэгъусэр Іушымэ, цІыфышІумэ, шІу уелъэгъумэ, акъыл хэлъэу пшыпхъуи зыфигъэдэщт, уяни уфигъэнэцІэщтэп. Ахэмэ яшэнкІэ, яакъылкІэ, яшІулъэгъукІэ къыппэгъокІыщт ар – шъхьэгъусэр ныбджэгъу шъыпкъэмэ ары зыфасІорэр. Джащ фэдэу ишъхьэгъусэ ныбджэгъу фэхъун зымылъэкІыгъэ хъулъфыгъэми макІэп щыІэныгъэм щычІинагъэр.

Бзылъфыгъэр щыІэныгъэм икъежьапІ, иухъумакІу. А гупшысэри адырэхэм акІыгъоу пхырищыгъ МэщбашІэм илирикэ.

Джары фэразэу, рыгушІоу, икІочІэгъоу, иакъылэгъоу, тыгъэм ригъапшэу, псынэкІэчъым фигъадэу, лІыгъи хэлъэу МэщбашІэм ащ орэд зыкІыфиІорэр:

ШІу услъэгъоу, сыбгъэгушхоу, узгъэшІагъоу
Шъхьащэ сэ, бзылъфыгъэр, къыпфэсэшІы.



## Лъэмыджхэр

*Сыдэуи дэгъуа, дэгъуа лъэмыджхэр,*
*ЧІылъэм лъэмыджхэр зэрэтфытетхэр.*

Мэщбэшlэ Исхьакъ

«Лъэмыджхэр» ыцІэу Мэщбэшlэ Исхьакъ усэ ытхыгъ, тхылъ псэуи къыдигъэкІыгъ.

НэпкъуитІумэ азыфагу тырадзэрэ гъогум бэкІэ шІокІы усакІом лъэмыджэу зигугъу ышІырэр. Лъэмыдж имыщыкІагъэу зи щыІэп: ащ цІыфхэр, лъэхъанхэр, лъэпкъхэр, гухэр, чІыгумрэ уашъомрэ, къэхъугъэмрэ къэхъущтымрэ зэрепхых. Акъылымрэ гумрэ азыфагу илъыри лъэмыдж. Лъэмыдж зыдэщымыІэм къиныр къыщежьэ.

Сыдэуи бэрэ къины мыгъуаер
Тэ апытлъагъоу ахэр дгъэпсыгъэх.
Сыдэуи бэрэ мэшІо лыгъаер
Къапихэу ахэр тэ дгъэстыжьыгъэх.

Лъэмыджхэр ары зыфиІорэр усакІом. Сыдэу пшын, цІыфым иакъылрэ ыгурэ ренэу джыри зэгурыІохэрэп. Гум шІоигъор шъхьэм ымышІэ зыхъукІэ, цІыфым имыгъоу машІо ышІыщт: шІум изехьакІор цІыфыр ары, къинмыгъуаер зыІэмычІэ чІэлъри цІыфыр ары, еІо МэщбашІэм. Щэу «шъхьарытІупщ Іэлэу» «ежь-ежьырэу» емыжьагъэр *«...зиакъылэу къэзыугупшысыгъэр сшІэмэ сшІоигъошъ, къысаІу, ар хэт? КІуачІэ хэзылъхьи, ар зытІупщыгъэр ощ фэд. Сэщ фэд. Мыдрэм фэд».*

ЦІыфым ицІыфыгъэ хэзгъэхъонэу МэщбашІэр зыщыгугъыгъэр лъэмыджхэр ары: лъэмыджэу зы ныбджэгъум дэжь адрэ ныбджэгъур къыфэзыщэрэр, лъэмыджэу лъэпкъ зэфэшъхьафхэр зы гухэлъым хэзгъэлажьэхэрэр, лъагъоу тыгъэм ибзыйхэр чІыгум къыфэзыщэхэрэр. ШІогъэ пстэуми ясаугъэт, арышъ, усакІомкІэ лъэмыджыр ятамыгъ, яшапхъ.

Лъэмыджым ехьылIэгъэ гупшысэр МэщбашIэр арымырынкIи хъун апэрэу къэзыIуагъэр – лIэшIэгъу тхьапш хъугъэн цIыфыр шIум зыкIэдэурэр. Бэ. Ащ щыублагъэу зэгурыIоныгъэм иIофхэр мымакIэу апэрэ чIыпIэм цIыфлъэпкъым ригъэуцоу хъугъэ, ары пэпчъ лъэмыдж римыIуагъэми цIыфхэр зэгурызгъэIон амалхэм мызэу-мытIоу алъыхъоу къыхэкIыгъ. Амалэу Iэрылъхьэ афэхъурэм лъэмыдж рамыIуагъэми, ар гъогоу лъэпкъхэр, хэгъэгухэр зэзыпхэу, ныбджэгъу зэфэзышIэу хъугъэ. Ащ фэдэ лъэмыдж щымыIагъэмэ, непэ цIыфлъэпкъыр зэрыпэгэрэ духовнэ хъарзынэщэу – ар грекхэм яискусствэу орэхъу, Достоевскэр е Толстоир арэу щэрэт – лъэпкъ пэпчъ къабылэу щымыIэныгъэнкIи мэхъу.

Гур узэу къеIо МэщбашIэм цIыфым, цIыфыгъэм апае ышIыгъэ лъэмыджыр ежь ыIэшъхьитIукIэ ыгъэстыжьын фаеу зэрэхъурэр.

Лъэмыджэу усакIом ыгу къикIхэрэр зынэсырэр бэ. ЩыIэныгъэм иупчIабэ ащ къеубыты. УсакIом ащ джэуап аритыжьын амал зыфегъотыжьы. А лъэмыджхэр апэрэу усакIом ичIыгу къыкIэрэкIых, къакIухьэ дунаир, къагъэзэжьы ыдэжь, къекIолIэжьых ичIыгу. Арышъ, лъэмыджхэм атегущыIэзэ,– МэщбашIэм дунэе Iофыгъошхохэри егъэуцух, ихэку, ичIыгу итарихъ къини, инепэрэ хъяри къыIотэнхэу амал фэхъу.

Непэрэ хъярыр къыбгурыIощтэп, къыбгурыIуагъэкIи, усэ фэшIыщтэп тыгъосэрэ мафэр зыфэдэр умышIэу. «ШIум илъагъу» ыцIэу МэщбашIэм усэ иI. Адыгэ лъэпкъым итарихъ къин, инасып хъяр ар зыфэгъэхьыгъэр. *«Тятэм ятэжъмэ ятхьамыкIагъо ТIопсэпэ шыблэу сыбгъэ щэгъуагъо»*,– етхы поэтым. Къиныр блэкIыгъ бэшIагъэу, ар зыпэкIэкIыгъэхэр «тятэм ятэжъхэр ары».

Ары шъхьам непэрэ цIыфым игупшысэхэм ар къахэмыхьан ылъэкIыщта? Хьау, блэкIыгъэр зымышIэрэм непэрэр гурыIощтэп, неущырэм фыкIэхъопсынымкIэ гъогогъоу ары къыбдежьэщтыр.

ЕгъашIэми темыр хэгъэгум щыпсэурэ урысхэр адыгэхэм ягъунэгъугъэх. Псыхъоу азыфагу дэчъыхэрэм лъэмыдж атемылъэу бэрэ къыхэкIыгъэп, машIо зэIамыхэу, щыгъу чIыфэ зэрамытэу лъэхъаныбэ къякIугъэп. Ау



къыхэкIыгъ уахътэ ячатэ зэфихыгъэуи. Урыс пачъыхьагъумрэ адыгэ пщы-оркъхэмрэ ащкIэ пшъэдэкIыжьэу яIэр къэIогъуай. Зэфэмыдэныгъэм ижъалымыгъэ къызтекIырэ лъапс ар.

Зэфэмыдэныгъэр къиныбэхэм якъежьапI, зэрэмышIэныгъэри джащ фэд. Диным зэпигъэуцурэ лъэпкъхэм азыфагу машIоу къитаджэрэр шIэхэу бгъэкIосэн плъэкIыщтмэ ащыщэп. Тлъэпкъ быслъымэн диным фэлажьэу зыхъугъэм лъэхъаныбэ темышIэгъагъэми, ащ цIыф лъэпкъ зэфэшъхьафхэр зэфигъэблыхэу хъугъэ: *«Джаур зэраIоу къэмапшъэм тетхъоу, нэжъыкIэ зытплъыхьэу гъашIэр къэтэхьы. МэшIуаем къушъхьэм тыщызэрепхъо, тичI ыгъэпхъапхъэу тызэхестыхьэ».*

Къиным лъапсэу иIэр чIиухъумэрэп МэщбашIэм. Сыд ишIуагъ тыгъэр зэрэплъэгъурэм фэшI, пэIухъогъэгъэ ошъуапщэхэр умылъэгъугъэ фэдэу зыпшIыным. Лъэпкъым ианахь лъэхъэнэ къин фэгъэхьыгъэ поэмэшхоу МэщбашIэм ытхыгъэми апэу зэреджэгъагъэр мары: «Пщагъохэр къегъолъэхых» – зэфэнчъагъэм ипщагъохэр. Урыс пачъыхьагъумрэ Тыркуемрэ аIэмычIэ дыдж къычIэкIи, тишъолъыр ышъхьагъ зыщызыубгъугъэ ошъуапщэхэр чIым ощхэу къытефагъэхэп, коцыкIэу къыхэкIыгъэхэп. Ахэр пцэшIуащэу чIым къытефагъэх, чэтэихыгъэу сабыибгъэм щыбзагъэх, бзылъфыгъэ бгъэгум къэмапэу зыхасагъ: *«Илъэс шъэныкъом къэхэлъэ макIа тикъушъхьэ чIэгъы къычIэтэджагъэр! Адыгэ шъузи, урыс нысакIи тхьапша шъузабэу къызэлъынагъэр!»*

Пчъагъэмкlэ къэпIонэу хъугъэми, макIэп. Лэжьыгъэр мыгъэ лыгъэм рихыгъэми, къэкIорэгъэм къэкIожьыщт. Лыгъэм цIыфыгум, цIыф акъылым щидзыгъэ лъагъор арэу шIэхэу хэкIокIэжьрэп, еIо МэщбашIэм, лъэпкъ хьазабым лъапсэу иIэм егупшысэзэ.

А лъэхъан хьылъэм зэфэдэу тыгъэр
Зэхэдз ымышIэу къызэдытфепсы,
А зы чIыналъэм игъыбзэ дзыгъэ.

Тыгъэм аукъодыеу игугъу къышIырэп усакIом – тыгъэм лъэпкъ зэхэдз иIэп, чIыгу Iум-пэм ышIэрэп, шIуагъэм,

цӀыфыгъэм ар ятамыгъ. ЦӀыфыгъэ шапхъэу дунаим хэлъым бэрэ егупшысэ МэщбашӀэр (ащ фэгъэхьыгъэу гущыӀэ шъхьаф мы тхылъым щытшӀын тихьисап). Мыщ дэжьым зыфасӀорэр ары: тыгъэри зэфэдэу цӀыфхэм къафепсымэ, псыхъори зэфэдэу афачъэмэ, жъуагъохэри зэкӀэ цӀыфхэм язэфэдэу, шӀулъэгъу тамыгъэу ошъогум къащыфэлыдымэ, сыда ащыгъум зы цӀыфыр адырэм фэзгъэпыирэр?

Поэтым зэрищыкӀагъэу гупшысэ хэлъэу аретыжьы джэуап. Ау мысэ пстэуми анахь мысэу ылъытэрэр ежь цӀыфыр джыри цӀыфыгъэ иным пэчыжьэу къызэрэхэкӀырэр ары, цӀыфыгъэ шапхъэу дунаим хэлъыр ащ фэпэӀапчъэу мызэу-мытӀоу зэрэхъурэр ары. Шыблэм ымакъэ щэхъу джы нэс дунаим омакъэ щымыӀугъэмэ, цӀыф насыпынчъабэ чӀым ехыжьыныеп. Тыгъэм ищабзэ нэмыкӀ джы къызнэсыгъэм щэбзащэ чӀышъхьашъом щыхамысагъэмэ, къиным ылъапсэ чӀым хэкӀыхьаныеп. Природэр цӀыфым нахь зафэу къызэрэхэкӀырэр макӀэп. Маркс истатьяу «Святое семейство» зыфиӀорэм щыщэу зы гупшысэ бэрэ сыгу къэкӀыжьы. Природэм цӀыфыгъэ шапхъэу хэлъыр цӀыфым щыщ зэрэхъугъэм елъытыгъ цӀыфым цӀыфыгъэ уасэу иӀэри,— къыщеӀо ащ. Сыдмэ къахэкӀми, еӀо МэщбашӀэм, Урысыем екӀоу адыгэхэм хахыгъэ лъагъом къиныбэрэ гумэкӀыбэрэ телъыгъэх. Ащ апхырихи, ныбджэгъуныгъэ лъэмыджыр тлъэпкъ Урысыем ичӀыгу цыпэ тыридзагъ, *«Гури къауӀэу, сыкъаушъхьакӀоу, сылъэпэрапэу, сыпи къыпагоу, губгъэн къысахми, сигугъэ кӀыхьэ джаущтэу, Урысыер, о къыпфэсэхьы».*

ТлъэпкъыкӀэ тинасып инэу епхыгъэ хъугъэ Урысыем — непэрэмкӀи, лъэхъэнэ чыжьэхэр пштагъэхэми. Ащ фэгъэхьыгъэ усэр гущыӀэ къодыекӀэ къэӀогъэныр икъурэп. МакӀэп а Ӏофыгъом фэгъэхьыгъэуи къаӀуагъэр, зэкӀэми гур ащэфырэп, акъылым щыщ хъухэрэп. МэщбашӀэм гущыӀэм жьы ритын ылъэкӀыгъ, псы ригъэгъотыныр иамал къыхьыгъ. Тыпфэшъуыпкъ, тыпфэраз, Урысыер, оӀокӀэ, рэзэныгъэр, шӀулъэгъур гум нэсхэрэп, гущыӀэ къодыекӀэ къэӀуагъэхэ мэхъу. Тлъэпкъ итарихъ къин гупшысэр МэщбашӀэм пхырищыгъ, тарихъ гупшысэр ежь ышъхьэкӀи непэ зэхишӀэрэ гупшысэ ышӀыгъ.

Гъогу хьылъэр бэрэ гъогу убагъэ хъурэп. ШӀулъэгъу псынкӀэри шӀулъэгъу кӀыхьэ мэхъу пӀон плъэкӀыщтэп. Лъэпкъыр зэрыкӀогъэ лъагъор МэщбашӀэм бэрэ ыгу къызкӀэкӀыжьрэм хабзэ хэлъ — непэ гъогу убгъугъэу тызтеуцуагъэр, ащ гъусэгъу тызыщыфэхъугъэхэм шӀулъэгъоу, гукӀэгъоу къытапэсыгъэр, намысэу ахэмэ апэдгъохынэу джы амал тэ тызфэхъугъэхэр блэкӀыгъэм имашӀохэм афытагъ, нэпс гъуаткӀомрэ лъыпс гъуаткӀомрэ зыщызэфэдэ псы чъыӀэкӀэ апсыхьажьыгъ. *«Джы къызнэсыгъэм зэман блэкӀыгъэм игын гъозымэу тэ тызхэтыгъэм ибэлахь гуӀи тынэгуи кӀэкӀырэп, игугъуи тэшӀы. ТымышӀыни тлъэкӀырэп»*,— мыжъо чъыӀэу гум тегъолъхьэгъэ хьылъэу къеӀо МэщбашӀэм. КъыӀорэр пшӀошъ егъэхъу, угукӀэ ар оштэ. Шъыпкъэр ылъапсэшъ ары. Къинэу апэкӀэкӀыгъэр ары джы янасып гунэс шъуашэ фязгъэшӀырэр, осэ ин рязгъэтырэр адыгэ лэжьакӀохэм.

Лъэхъэнэ хьылъэхэр адыгэм шыбгыр итӀысыпӀэу, мыжъор икӀэлъынэу, Ӏашэр ипӀэшъхьагъэу къыхьыгъэх. Нысэщэ джэгуи ащ ышӀыщтыгъ. Ау зибэу иӀагъэр хьадагъ. Адыгэхэм къашъхьэр ары нахь зэӀукӀапӀэу афэхъущтыгъэр. Орэди къаӀощтыгъ, орэди аусыщтыгъ — аусыщтыгъэри нахьыбэу гъыбзэ. Гъыбзэр ягъогу гъомылэу лӀэшӀэгъубэ къахьыгъ, еӀо усакӀом.

ШӀогъэ пстэуми анахь шӀогъэ инэу МэщбашӀэм иусэхэм зы ахэлъ: къиным къытегущыӀэ пэтзэ, ащ щыӀэныгъэр шӀу уегъэлъэгъу, зэфэнчъагъэр ащигъэунэфызэ, зэфагъэу уахътэм къыздихьыгъэр уегъэлъэгъу. ЧӀыпӀэ хьазаб лъэпкъыр зэрытыгъэр, ау узэрыкӀын умылъэкӀыхэнэу ар щытыгъэп. Гугъэр чыжьагъэми, зэфагъэр зыдиӀыгъэу цӀыфым фэкӀорэ гъогум ар къытехьэгъагъ. *«Арэущтэу щытми, тыбгъэ дэмыкӀэу тэ гугъэ пытэр дгъашӀоу тӀыгъыгъ: шъуисыдж нэгуфхэм акъогъукӀэ къикӀэу тыгъэу къепсыщтыр тигурышыгъ».*

Ӏофыгъо шъхьаӀэхэр гум щыщэу зэрэхъугъэм МэщбашӀэм гъэхъэгъэшхохэр ригъэшӀыгъэх. Лъэпкъ поэтическэ гущыӀэр ащ зы лъэоянэкӀэ джыри дыригъэӀэтэгъ, иусэн ӀофкӀи ар Исхьакъ лъэпсэ пытэ фэхъугъ. Гупшысэу къыӀорэр къызэриӀорэ гущыӀэмрэ гум щыхъурэ-щышӀэрэмрэ кӀуачӀэу яӀэр зы амалым къыщылъэгъуагъэх. Ащ дунаимрэ усакӀомрэ зэрэзэпхыгъэ лъэмыджыр ыгъэпытагъ, ыубгъугъ.

Загъорэ усэ сатырыбэхэм уяджэ (ащкӀэ журнали, гъэзети арызэу арыт, тхылъ шъхьафэу къыдэкӀыри макӀэп,—

сшъхьэкІэ усабэ зэрэхаутырэр сигуапэ, бэ хъумэ, макІэми, дэгъухэр къахэкІыных), ыкІи уегупшысэ: мыр зытхыгъэм зи ылъэгъухэрэба – сатырхэри дэхэкІаехэ фэдэх, мэкъэ жъынч хьазыри акІэлъэу гъэпсыгъэх, ау нахь уегупшысэзэ узеджэкІэ, усэр зыми фэмыгъэхьыгъэ фэдэу, етІани бэмэ яхьылІагъэ фэдэу къыпщэхъу. Мэхьанэ теубытагъэ имыІэу, гущыІэ нэкІхэу къэнэжьых сатырхэр. Пхъэ цІынэр машІом пэолъхьэкІэ, уигъэфэбэна, ошъуапщэу огум итым чІыгум сыд ишІуагъэу къекІын. Джащ фэдэу, щыІэныгъэм иІоф темыгущыІэрэ сатырым пкІэ иІэп, щэ зэрымылъ шхончэу къэнэжьы.

ЩыІэныгъэм гъусэныгъэ дэпшІын плъэкІыныр псынкІэп: непэ шъофым уехьэу укъекІыжькІи, псэолъэшІхэм уахахьэ-уакъыхэкІыжькІи, а гъусэныгъэр ІэкІоцІ амал арэу шІэхэу пфэхъущтэп – уахътэм ымакъэрэ усакІом игутеорэ зэщыщ мыхъумэ, сатырмэ шъыпкъэныгъэ агъотыщтэп.

ЩыІэныгъэм гъусэгъу пытэ дыряІэныр аужыпкъэм усэн амалышхо зыІэкІэлъ поэтхэми къадэмыхъоу охътабэхэр къызэпачэу хъугъэ. ЩыІэныгъэм иІофыгъо инхэр ыгъэуцуныр Іэрылъхьэ фэмыхъоу А. Блок гъогу зэфэшъхьафхэр зэпичыгъэх, уахътэм ипчэгу, лъэхъаным ипчэгу зэриуцуагъэр, исатыр щыІэныгъэ кІочІэшхо иІэ зэрэхъугъэр зызэхешІэм, гушІоу ыІогъагъ: «И с миром утвердилась связь». Арышъ, дунаим, щыІэныгъэм япхыгъэнхэр къадэмыхъузэ, усэкІо зырызхэм илъэсыбэхэр аІэкІэкІыхэу къыхэкІы. Игъашlэ зышІублэкІыпэхэри къэхъух. Зигъор, непэ къэмыІуагъэмэ мыхъущтыр МэщбашІэм иусэмэ апэрэ пшъэрылъэуи апэрэ шапхъэуи ащыхъугъ.

ШІошъ инхэм – хэгъэгум, цІыфыгъэм, лэжьакІом, шъыпкъагъэм, лІыгъэм, зэфагъэм – афэлэжьэныр ишэн МэщбашІэм иапэрэ тхылъ щыублагъэу. ЛІыгъэм пэмыемэ, сэшхор къимыхымэ нахьышІу. Акъыл хэмыхымэ, тхылъыбэ уеджэкІи, пкІэ иІэп. Усэлъэгъу шІу оІокІэ, шІулъэгъу уимыІэмэ, пІорэр къедэІурэм зэхихыщтэп. Орэд къэоІокІэ, къедэІун щымыІэмэ, мэхьэнэ шІагъо иІэп. Узыфедэlун гупшысэ зыкІэмылъ сатырыр зэщыгъо. Хыр апэрэу зелъэгъум, ытхыгъагъэу МэщбашІэм иусэ горэм игугъу къэтшІыгъагъ. Хым идэхагъэ къызетх нэуж МэщбашІэр къэупчІэ:



Гу закъоу сиІэр, зыгъэсамбырэлъ!..
Мы хышхоу слъэгъурэм сыдэу уехьыщыра!
Адэ ащыгъум сыдэущтэу, къаІолъ,
Сыбгъэ удэлъэу укъесхьакІышъура?

Хым исурэт дахэу тлъэгъугъэм мэхьанэ имыІэмэ, къэІогъэ къодыеу щытыгъэмэ, тІощтыгъэ: «ЕтІанэ сыд?» КъызэрэчІэкІыгъэр нэмыкІ – хым итеплъэ гум игумэкІ, ихъыякІ, игушІу, ыкІуачІ, илъэш, игупшыс, аужыпкъэм ынэпс. ЩыІэныгъэ Іофыгъо инхэр гущыІэ нэкІыкІэ къэІогъэным МэщбашІэм зыдыригъэхьыхыгъэп, ахэр гум пэблагъэу ышІыгъэх. Гум къыщыущыгъэ гурышэхэм тхылъеджэм лъагъо псынкІэу фагъотыгъ. Хэгъэгум, ичІыгу зафегъазэшъ: *«Сэ сиорэдмэ уахэмылъыщтмэ,– хэта ащыгъум ащ ядэІущтыр? Уищытхъу дахэ сымыІотэщтмэ – хэта сэ сыбгъэ дизэу дэлъыщтыр? Уипый бзаджэ симыпыищтмэ,– сыда стхьабылы жьы къызкІищапхъэр? Гухэлъэу уиІэр сыгу имылъыщтмэ – тян сэ осэІокІэ, сыда сишІуагъэр?»*

Къызщыхъугъэ, зыщапІугъэ чІыгур янэ фагъэдэным, янэ фэдэу агъэлъэпІэным бэшІагъэу поэтхэр пылъых, пэсэрэ грек усакІохэм ащыублагъэу непэрэхэм къанэсыжьэу атхыгъэхэм а образыр ахэбгъотэщт. А лъэныкъомкІэ МэщбашІэм зи кІэ къымыІуагъэ фэд, ау традиционнэ къэІуакІэм ошІэ-дэмышІэу дэхэгъакІэ егъоты, апэрэу зэхэпхырэм фэдэу уегъатхъэ. Граждански Іофыгъохэу зыфэпІощтхэм афэгъэхьыгъэ усэхэр гъэпсыгъэошІухэп, гущыІэ нэкІым мыщ дэжьым уфэкІожьыныр псынкІэ дэд. ШІу сэлъэгъу сихэгъэгу, сичІыгу, ащ сафэшъыпкъ, игъо хъумэ, ахэмэ апае спсэ себлэжьыщтэп зыфэпІощт гупшысэхэр шІошъхъуныгъэ, дэхагъэ, мэхьанэ куу зыкІоцІылъ гущыІэхэмкІэ къэптыныр ІэшІэх дэдэп. «Поэтом можешь ты не быть, но гражданином быть обязан» (Некрасов) зыІуагъэм ар зэрэмыпсынкІэр ышІэщтыгъ. Непэ къыддыщыІэ усакІоми (Евг. Евтушенко) ар кІегъэтхъы, «гражданственность – талант не легкий» еІошъ. Іофыгъо инхэр гум ищыІэныгъэ щыщ шъыпкъэу усэм къыщытыгъэнхэмкІэ МэщбашІэм адыгэ поэзием лъэбэкъукІэ ригъэшІыгъ, хэгъэгум фэгъэхьыгъэми, шІу ылъэгъурэ бзылъфыгъэм

фэгъэхьыгъэми зэфэдэу фэбагъэ, гу къэбзагъэ, хьалэлыгъэ гукІэгъу дахэ ахэлъэу ыщІыгъ. Хьаткъом игугъу мыщ дэжьым къэмыщІыщтмэ, шІулъэгъу шъыпкъэр гражданскэ гурышэм ащ фэдэу ыкупкІэу усэ бэдэдэ типоэзие хэбгъотэщтэп. «Жъогъобын», «ОрэдыкІ» зыцІэ тхылъхэм мы лъэныкъомкІэ зыми ебгъэпшэн умылъэкІын усэхэр адэтых. Мыхэмэ сыд фэдэрэ литературэ ини агъэдэхэн алъэкІыщт. Джащ фэдэу, усэ пчъагъэхэр мы тхылъхэм адэт цІыф лъэпкъхэм язэкъошныгъэ, мамырныгъэм, лІыгъэ шІэным афэгъэхьыгъэу – ямэхьанкІэ куухэу, ягъэпсыкІэкІэ гугъатхъэхэу, зэкІэупкІагъэхэу.

Уахътэхэм нэрымылъэгъу лъэмыджхэр азыфагу илъых. Урыс писателэу Юрий Бондаревым ыІоу зэхэсхыгъагъэ – заом хэтыгъэм заор щыгъупшэн ылъэкІыщтэп, зэкІэми шэпхъэ шъхьаІэу ар апигъохыщт, ащкІэ шъыпкъэми-мышъыпкъэми, тэрэзми-мытэрэзми риуплъэкІущт; етІани заор угу къагъэкІэу тамыгъабэу къыпфыщинэщт, чэщым чыжьэкІэ машинэу кІорэм инэфынэ плъэгъугъэми, заор угу къэкІыжьыщт, псы зэпырыкІыпІэм паром Іуплъэгъуагъэми, заом исурэт горэ уапашъхьэ къиуцожьыщт. Пшъхьэ икІыжьыпэнышъ, пщыгъупшэжьыщтхэм ар ащыщэп.

Заор къызежьэми, заухыми, МэщбашІэр кІэлэ дэдагъ, ау заор зыфэдэр ымышІэнми игулъытэкІи иакъылкІи тетыгъэп. Зэо шъыпкъэр къыщигъэлъагъоу тхыгъэ заул ныІэп иІэр – «ЦІыфыр тІо къэхъурэп», «Илъэс фыртынэхэр». Ахэр романхэм ащыщых. Усэхэм ахэтэп («ЦІыф лъэшхэр» зыфиІорэм нэмыкІ) зэо шъыпкъэр щытлъэгъоу,– ащ исурэт усакІор зыщыІукІэрэр пкІыхь: *«МэшІуащэм шъофхэр зэкІиуфытагъэх, унэхэр щылъых – зэхэкъутагъэх, хьалыгъу такъырыр сабый ІэмычІ, орэд тхьалагъэр жьым щымэкъэнчъ»* – заом итеплъэ шъыпкъи ар хъурэп, кІэлэцІыкІу нэплъэгъум къыкІэныжьыгъэ сурэтых. *«Сыдэгуа сэІо, сыкъызэкІащт, нитІур пкІэнтІэпсэу сэ сыкъэлъатэ».* Заом иныбжьыкъу елъэгъу усакІом. Ау ныбжьыкъуми, щынагъо, нэфапІэм фэд, нэкъое шхъуантІэу напэр кІеуты, джэныкъо машІоу лъэгур кІестыкІы.

ЩымыІэжь лІыхъужъым иныбжьыкъу непэрэ цІыфым дэжь къэкІуагъэр. ЦІыфым елъэгъу: ныбжьыкъум «Жъогъо плъыжьыр жъыутэхэу» ыбгъэ хэлъ, ащ «ныбжьи зэкІэкІоныр амышІагъ», «запхъотэни задзыныр лІыгъэ хабзэу ащ яІагъ». ЛІыгъэ зэрихьагъэ ныбжьыкъур зыем, ичІыгу фэшъыпкъагъ ар, ным «ибыдзыщэ епцІыжьыгъэп» – щытхъу орэд фэд ащ усакІом фиІорэр. Щытхъум нэмыкІи хэлъ усэм: «Джэрпэджэжьым имэкъамэу» зигъонэмыс заом щыхъугъэр тапашъхьэ ит, ынэхэм гумэкІыр, гухэкІыр акІэлъ, акІэлъ ащ щыІэныгъэу пцэшІуащэм ыгъэмэхыгъэр, дыигъэу, къызэтеуцуагъэу, гъунэ зимыІэ упчІэу: сыд пшІэрэр, мардж хъужьын, бэлахьэу тэ тызыхьыгъэр къэмыхъужьыным фэшІ? *«Сиджэмакъэ зэхимыхэу ар ІокІыжьы»*,– еІо усакІом. Джыри псэ зыпыт ныбжьыкъоу – лъэкъончъэ хъулъфыгъэхэу, бзылъфыгъэхэу шъхьэзэкъо амалынчъэу зыхэтым ныо ышІыгъэхэу – тхьапш заом къыщинагъэр?

Заом къыкІэныгъэ хьазабыр ары МэщбашІэр анахьэу зытегущыІэрэр – заор ылъэгъугъэп, пІон хъумэ, ышІэрэп зыфэдэр, къыкІэныгъэр ары ылъэгъугъэр, ышІэрэр. «Мамырныгъэм игугъу зашІырэм» ыцІэу ытхыгъагъ ащ усэ илъэс тІокІ фэдизкІэ узэкІэІэбэжьмэ: гумэкІэу, гупшысэу, гугъэу хэлъымкІэ непэ ытхыгъэм фэд. Жъы хъун зымылъэкІыщт усэхэм ар ащыщ. Дунэе псаур зыгъэгумэкІырэ Іофыр ащ зы цІыфым инасып гухэкІ къыщитыгъ. «Сэ егъашІэм сщымыгъупшэщтыр,– еІо усакІом,– ныбджэгъу кІасэр, уинысэун!..»

ЦІыфым епэсыгъэ хъяр усакІом къыІуатэрэр: нысэщэ джэгушху, Іэгум теорэр тео, къашъорэр къэшъо, орэдым ежъыурэр ежъыу, пчыхьэ рэхьат, уашъор къабзэ, дахэ, цІыфыгухэр хьалэлых, ихыгъэх. Джа гъунэ зимыІэ цІыф гушІуагъор МэщбашІэм ІапэкІэ къэптхыным фэдэу къегъэлъагъо, дунэе хъярым имэкъамэ гум къыредзэ.

ЦІыфым къыдэхъун ылъэкІыщт хъярым ихъярыжь поэтыр зытегущыІэрэр. Хъярым имэшІуачэ къымыгъэбырысырыгъэу, насып къыримытыгъэу зи щытэп. Къинэу апэкІэкІыгъи, джы чІышъхьашъом ичІыпІэ горэм щыхъуи, цІыфхэм ащыгъупшагъ – джарыба цІыфыр къызфэхъугъэр, еІо усакІом, гушІуагъор, рэхьатыр, орэдыр, шІулъэгъур. Ау хъярым имэкъамэу зэлъызыштагъэр ІэкІэзышъ, МэщбашІэр шхонч къэуагъэм фэдэу къэупчІэ:

Слъэгъурэр сыда…
Пхъэлъэкъо псыгъор хъулъфыгъэ лъакъоу
Лъэкъо зэкІужьмэ, къакъопІыикІы…
Фыдемыгъаштэу орэд макъэм
Мэзэхэ къогъум щыхэтыркъыкІы.

Мы сатырхэр, апэу зэрэплъэгъущтхэмкІэ, сурэт къодыем фэдэх. Сурэтым щыІэнигъэ мэхьанэу иІэм тежъугъэплъ. Пхъэлъакъом тетым щыгъупшэжьыгъа къинэу ыхъугъэр? Щыгъупшэжьыгъ пІоныр тэрэз – зэкІэ зэлъызыштэгъэ джэгу мэкъамэм ежьыми насып къыритыгъ. Ары, сыд фэдэ къин елъэгъуми, цІыфым щыІэныгъэм уасэ реты, къиныр зыщигъэгъупшэныр иамал къехьы,– щыІэныгъэр ары цІыфыр къызфэхъугъэр. ЩыІэныгъэ орэдыр ары ылъакъо пхъэлъакъоми цІыфым щызгъэгъупшагъэр – ащкІэ мы усэм гуманизмэкІэ тызаджэрэ гупшысэу зыдиІыгъыр гъунэнчъ.

Джэгум хэт цІыфхэми пхъэлъакъор зикІэгъэІэкъонми къинэу дунаим пэкІэкІыгъэр зэращыгъупшагъэр зы такъикъ ныІэп – *«Пхъэлъэкъо закъом итыркъы макъэ зэпыу имыІэу бгъэгум къеІукІы»*. Гум хапкІэу, шъхьэм имыкІэу заом итамыгъэ къинхэр къегъотых МэщбашІэм. *«Заоу блэкІыгъэм сэ сыщыІагъэп»*, еІо ащ, ау *«чылэ хьамамэу тэ титэмашъхьэ тырашІыхьагъэм непэ сызехьэм… заом ынэгу сычІэфагъ»*. Пэхъэ Іужъум сыпхырыплъымэ, *«тичылэлІымэ акІышъо уІэгъэ тыркъохэр атесэлъагъо»*,– еІо поэтым. УІагъэхэр кІыжьыгъэх, дыжьыгъэх. МыкІыжьырэр цІыф къиныр ары. Гупшысэм ар ылъапс: *«АкІыбхэр ахэм афэсІотыгъ, Іэр зимыІэжьым псыр есхыылІагъ, лъэкъончъэм хьафэу слъакъо естыгъ… Непэ заом сэ сыщыІагъ.»*

«Зао ащ нахьыбэрэ къэдгъэхъунэп, къежьэми, лІыхъужъныгъэ тхэлъэу тызэон» оІокІэ, непэрэ цІыфым ыгу ихъыкІрэр сатырым къыщытыгъэ хъущтэп. Непэрэ кІалэм ышІэн ылъэкІыщтыр ары поэтым игерой ышІэрэр – Іэ зимыІэжьхэм акІыб афиІотыгъ, зылъакъо пымытыжьым лэджэныпс къыфихьыгъ. Зи лІыхъужъныгъэ хэлъэп, ау зыми фэмыдэу зы гумэкІ горэм узэлъештэ, зы гупшысэ ин горэм щыщ охъу – цІыфым имыІэр дышъэп, шы Іэхъогъоп, унищы зэтетэп, чІыгу десятинэ минэп, имыІэр – псыр, тыгъэ фабэр зэрищыкІагъэхэу ищыкІагъэхэр ары: Іэ, лъакъо, нэ зыкІимыІэр дышъэ къухьэ, былым Іэхъогъу пчъагъэ, завод миныр зихъопсапІэу щыІэр макІэпышъ ары.

Заом фэгъэхьыгъэ карикатурэ горэ сыгу къэкІыжьы, зышІыгъагъэри мыры сІонэу къэсыугуфырэп: фашист техакІом ыжэ зэкІэкъыгъэу, ащ коц эшелонхэр, чэм Іэхъогъухэр дэхьэх, ежь чІыгу хъураем зытыриІубагъэу, ыІэжъхэмкІэ чІыгум ылыцІ хэгъэнагъэу ыІыгъ. Нэй-псыягъэм ныбжьи шІу къыкІэрыкІыгъэп. Нэмыц солдат пэпчъ пщы хъунхэу, нэмыкІырэ лъэпкъхэр агъэпщылІынхэу гухэлъ зыфашІыжьыгъагъ. Мынэмыц лъэпкъыр мыцІыфэу ашІошъ хъугъэхэу, гъэкІодыгъэпэн фаеу, е пщылІ шІыгъэнхэ фаеу а шІошІым къикІыщтыгъ. ЗанкІэу ащ фэдэ гупшысэхэм ягугъу МэщбашІэм къышІырэп, къыгъэлъагъорэм (Саласпилс ехьылІагъэр, гущыІэм пае) а гупшысэр пкъырылъ.

ЦІыфыгъэм ебэнырэ тетыгъор щынагъо. Фашизмэм анахь купкІ шъхьаІэу иІэр цІыфыгъэр къызэрэримыдзахэрэр ары, цІыф акъылым дэхагъэу иІэр, духовнэ хъарзынэщэу ащ щыІэ ышІыгъэм уасэ зэрэримытырэр ары. ЦІыфым тхылъэу ытхыгъэр, сурэтэу ышІыгъэр зыгъэстырэм цІыфыри ыгъэстыщт. Джары зэрэхъугъэри: пхъэжъые гъугъэ фэдэу къащымыхъоу цІыфыІэм ышІыгъэ хьакухэм нэбгырэ минхэр фашистхэм арагъэстыхьагъ. ЦІыф щыІэныгъэр чІышъхьашъом щыщымыІэжьыным, сабый къыщымыхъужьыным ищынагъо дунаим ащ къытырахъогъагъ. Заом итхьамыкІэгъуабэхэм анахь тхьамыкІагъоу къыкІэнырэр шъузэбэ миллионхэр ары. ШъхьэзэкъоныгъэмІ ихьазаб зэхэзымышІагъэм ар гурыІощтэп. Къэгъагъэу ощх зытемыщхэжьырэм, уцэу тыгъэ зытемыпсэжьырэм фэд шъхьэгъусэнчъэу дунаим къытенэгъэ бзылъфыгъэхэр, шъузабэхэр. Зэп, тІоп шъузабэу чІышъхьашъом къытенагъэр, къуаджэ пэпчъ адизэу адэсыгъ. Аужырэ заом къыкІэныжьыгъэ шъузабэхэм ащыщэу мылІагъэу щыІэр мэкІэ дэд – къинэу ашъо дэкІыгъэм ащыщэу, япсауныгъэу ІофшІэнымрэ сабый пІунымрэ атекІодагъэхэм зигъонэмыс ехъулІагъэх. МэщбэшІэ Исхьакъ шъузэбэ щыІакІэр зыфэдэр ышІэщтыгъ: янэ шъузэбагъ, шъузэбагъэх ятэмашъхьэ щыпсэурэ бзылъфыгъэм инахьыбэ. Тэ тиурам ыбгъуитІукІэ тетхэр зэкІэ шъузэбэ унэгъуагъэх. Джащ фэд урам пэпчъ,

къуаджэ пэпчъ. Мэщбашlэм усабэ ытхыгъэшъ, ытхыгъэ пстэуми анахь дэгъункlи хъун «Шъузабэхэр» зыцlэ усэр. Критикэу Вл. Туркиным ыlогъагъ а усэм фэгъэхьыгъэу: «Это просто отличное стихотворение, первоклассное». Ащ фэдизэу уасэ фезгъэшlыгъэр гупшысэу усэм кlэлъыр ары, гупшысэр къызэрэтыгъэ шlыкlэр ары. *«Шъхьэзэкъо къурэу ащ язэкъуабз»* – джащ фэдэ гущыlэкlэ къеублэ поэтым шъуззэбэ щыlакlэм къытегущыlэныр. Жьыбгъэ насыпыр насып къиныгъ; сабый зыкlэмыс ащ бэ ахэтыгъэп, ппlун, улэжьын фэягъ. Колхоз шъоф lофри зыпшъэ дэкlыщтыгъэхэр ахэр ары, заом къыкlэныжьыгъэу техникэу щыlагъэ щыlэп, lоф пстэури lэкlэ ашlэщтыгъэ. Щыгъын рыпэгэнхэу, рыдэхэнхэу амали яlагъэп. А зэпстэуми акlыlу шъхьэзэкъонигъэр, хъулъфыгъэ зыкlыб дэмыт бзылъфыгъэм ищыlэныгъэ хэт зэпыт гущыlэ мызафэхэр, гущыlэ къинхэр. Мэщбашlэм щыгъупшэрэп а лъэныкъо пстэури: *«Афэмыlажэу гупшысэ сапэр къажэхэтакъошъ, хегъэщэтыкlых. Чэщ кlыхьэ реными зэзакъуи напlэр рамыгъэфэхэу lэджыри къыхэкlы».*

Къинэу алъэгъурэр ашъуи къыхэщы, агуи щыолъэгъу, ау ар зыфэдэр гъунэм нэсэу «умышъузабэу» къыбгурыlощтэп». Къиныр lэкlыб ышlрэп усакlом, щыlэныгъэу къыкlэрылъым иlофыгъо инхэр щигъэзыехэрэп:

Загъори ахэм орэди къаlо,
Загъори плъызхэу, плъызхэу олъэгъух.
Язакъо зыхъурэм анэпси къакlо,
Гопэтегъэоу джа зыр афэхъу.

Орэдэу къаlорэр зыфэдэр къыlорэп Мэщбашlэм, къыlонэуи ищыкlагъэп: шlулъэгъоу заом ыстыгъэм иорэд, ныбжьыкlэгъоу зигъонэмыс хъугъэм иорэд шъузабэм къыlорэр. Усакlор зытегущыlэрэ бзылъфыгъэм ынапэ зэлъагъэ, ыlэхэр лыргъужъым ыпкlагъэх, ынэхэр кlосагъэх, ыгу имашlо къыщыкlагъ. Ау щыт пэтзэ, ар цlыф шъыпкъэу къэнагъ – дэхагъэри щыгъупшагъэп, цlыфыгъэри чlинагъэп, къинми къызэшlуагъэтlысхьагъэп, бзылъфыгъэ пэгэныгъэу хэлъри lэкlэзыгъэп: *«Яхьэблэ шъузхэу зилl зышъхьащыттхэм яхъуапсэх шъхьакlэ, къызхагъэщыщтэп. Къиныр къябэкlми, бзылъфыгъэ пытэх, зы ощх якlашъуи къыкlагъэщхыщтэп».* Нэкъокъон закъор арэп зэгупшысэхэрэр, кlэнакlэ ашlынри арэп, щыlэныгъэм зэригъэуцогъэ чlыпlэм яцlыфыгъэ-дэхагъэ щащымыгъупшэным фэшl, шlу ылъэгъурэ цlыфэу фэхыгъэм ыцlэ емыкlукlэ зэраримыгъэlощтым фэшl, ащ зэрэфэшъыпкъэм фэшl: *«Пкlэгъосэ стафэу абгъэ дэстыкlрэр зыфэдэр ахэм къыуаlотэщтэп».*

Усакlор рэхьатэу, къыlорэм дегупшысэжьэу, къызтегущыlэрэ цlыфыр ыпашъхьэ исэу еплъызэ къэгущыlэрэм фэдэу мэпсалъэ, гущыlэм жьы кlэтэу, псэ пыты мэхъу. Къыугупшысыгъэп къыlорэр – *«джары тэ тяни тызэрипlугъэр, шъузабэу джары къызэрихьыгъэр».*

Охътэ зэфэшъхьафхэр мы усэми, адрэхэми ащызэрищэлlэнир Мэщбашlэм иамал къеххы: шъузабэр къинэу зэрэщыlэр нафэ; ар кlэогъэтхъкlи кlэу къэlуагъэ хъущтэп – къиным лъапсэ фэхъугъэр, ащ щыlэныгъэм гъогоу щикlугъэр, цlыфым идэхагъэ сыдэу щытми ащ къыгъэцlыкlун зэримылъэкlыгъэр, непэрэ мафэмкlэ ащ мэхьанэу иlэр – джахэр зэкlэ зы усэ сатырым щызэщэлlагъэх, зы гурышэм щыгъэунэфыгъэх, щыlэныгъэм шlошъхъуныгъэ инэу усакlом фырилэм ахэр гъогу зырызхэмкlэ щызэхэхьажьых.

Дунаим инэпкъхэр лъэмыджыбэхэмкlэ зэпхыгъэх. Лъэмыджыбэкlэ усакlом ыгу, иакъыл, ищыlэныгъэ дунаим епхыгъэх. Анахь лъэмыдж шъхьаlэр шlум илъэмыдж:

Гъэмэфэ огъум ощх тызэрежэу
Шlугъэм тылъыхъоу лъагъор хэтэхы.

Шlур гъогунапцэм щылъэп. Цlыфлъэпкъыр зажэрэр заоп, банэп,– мамыр, рэхьат. Ежэ къодыеп, гумэкlызэ, ежэ, рэхьати, мамыри укъуагъэ хъунхэ зэралъэкlыщтыр ашlэзэ ежэх, гъэмэфэ огъум ощхым чlыр зэрежэу. Гугъэр ары езыгъажэхэрэр. Цlыфым иакъыл зыщыгугъыхэрэр. Ары шъхьам цlыфым иакъыл, ишlэныгъэ мамырым фэмыlорышlэхэмэ, хьазабэу къэхъущтыр гъэунэфыгъуай. Занкlэу къеlо усакlом: гугъэр *«джыхьынэмым шъхьац налъэу телъ лъэмыджым сфыращагъ».*

Поэтым дунаир елъэгъу къодыеп, дунэе нэпкъхэм азыфагу зэпырыдзыгъэ лъэмыджхэр ыгъэунэфырэ закъоп,

ешIэ а лъэмыджхэр псынкIэкIэ зэрамыгъэтIылъыгъэхэр, ешIэ а лъэмыджхэм фыкъон зылъэкIыни зэрахэтхэр. Омакъэу къэIурэр гъэтхэ псыхъом къырихьыжьэгъэ мылым ичэ макъэмэ Iофэп, уашъор зэгозмэ, пчыкIэ чэфым ижъыумэ къыдэзырэр Iофэп, пчэдыжь рэхьатыр зыукъорэр къужъ тIыргъуагъэм икъефэхмэ хъяр, еIо МэщбашIэм.

Лъэхъаным джар инэшан. Цlыфыр зыгъэгумэкIынэу иIэр макIэп. Унэ зышIырэм ащ чIэсын, щыпсэун гухэлъыр иI, чъыг зыгъэтIысхьэрэми ар зэрэдэхэ закъом фэшIэп зыкIигъэтIысхьэрэр, бжыхьэм мэщ езыутыри гъэмэфэ лэжьыгъэм щэгугъы – неущырэм цIыфыр емыгупшысэмэ, непэ кIуачIэ ыгъотыщтэп чIыгур ригъэдэхэнэу. Неущ къэмыкIожьыным игумэкI чъыIэ чIыгум ышъхьагъ зэритым икъин МэщбашIэм иусэхэм ахэт: *«Къини гушIуагъэуи о узыхэтыр хэти зэхихэу сымыIотэщтмэ, сыда уичIылъэ сызыфытетыр?»* УпчIэп мыр, шIулъэгъоу чIыгум, щыIэныгъэм афыриIэм иджэуап. УсакIом игущыIэ зыфэгъэзагъэр чIыгур ары, дунаир ары.

Бэу тешIэгъэна цIыфым ыгъэшIагъоу чIыгум ехьылIагъэу зиIощтыгъэр: сыдэу уин, сыдэу удах, угъунэнчъ! Гагариныр чIыгум кIэрыкIи, къызеплъым, ыIогъагъ: «Сыдэу дахэ мы тичIыгу». Ащ кIыгъоу къыIуагъ: «Сыдэу цIыкIуа мы тичIыгу?!» Ащ щыни, гумэкIи къыхэщыгъ. ЦIыфымрэ чIыгумрэ азыфагу илъ зэфыщытыкIэхэр нэмыкI хъугъэх – нахьыпэм цIыфыр цIыкIугъэ, чIылъэр гъунэнчъагъ, чIыгум цIыфыр къыухъумэщтыгъ. Джы цIыфыр чIыгум нахь кIуачIэ хъугъэ, ащ чIыгур къымыухъумэмэ, чIыгур зыщыкIодын лъэхъан зэрыуцуагъэр. Ащ ыгъэгумэкIэу поэтыр къэупчIэ: *«КъысаIу, силъапIэу сидунай дах, нэшIукIэ сызэплъэу, сиошъо лъаг, сшIэмэ сшIоигъу, сыд уищыIакIа? Птамэ телъ Iашэр къыохьылъэкIа?»*

УсакIор зыдэгущыIэрэр ыкъоп, ыпхъоп, янэп,– чIыгур ары. Ауми анахь пэблэгъэ цIыфэу зилыуз ежьыркIи къиным зэрэдэгущыIэщтым фэдэу дэгущыIэ, амалынчъэ сабыир бгъэгум зэрэщагъэбылъырэм фэдэу ащ чIыгур хьазабым шIуигъэбылъы шIоигъу. Ащ дыкIыгъоу усакIор чIыгум елъэIу илъэкI пстэури зэригъэзэIунэу, цIыфым иакъылышIу IэкIимыхынэу, цIыфыр ышъэ икIыным фигъэсакъынэу.

Лирическэ усэ фэд зигугъу тшIырэр, ары шъхьам, усакIор зытегущыIэрэ Iофыгъор лирическэм зыкIи пэблагъэп. ШIулъэгъоп зэхьылIагъэр, мэз дахэп, псыхъо Iушъоп, къушъхьэ лъагэп, ау щытми, дунэе Iофыгъо инэу къыIэтыгъэр хэбгъэхъон щымыIэу цIыфыгум ищыIэныгъэ щыщ, анахь лирикэ лъагэу тштэрэм фэд.

Джары зэоуж адыгэ усэн Iофым щыхъугъэр, зэплъэгъоу плъэгъунэу щымытэу, зэгупшысэгъукIэ къэуубытынэу щымытэу зэхъокIныгъэшхохэр щырекIокIыгъэх – мэкъэ гъэлъэшыгъэ, къэIогъэ къодыем кIэрыкIи, шIошъ инхэм, дунэе Iофхэм афэгъэхьыгъэ усэр гум щыщ шъыпкъэ хъугъэ. Iоф макIэп ащ дэшIэгъэн фаер. Анахь Iофышхо зышIагъэхэм МэщбашIэр ащыщ – гупшысэм псэ пыбгъэкIэныр зэшIохыгъошIухэм ащыщэп.

ЧIылъэр нэмыкIырэ чIыпIэ зэриуцуагъэм фэшI, цIыфым ыкIуачIэ лъэкIышхокIэ уIэшыгъэ зэрэхъугъэм фэшI чIыгум, дунаим егъэшIэрэ пшъэрылъэу яIагъэм къыщыкIагъэп: чIыгум къытемыкIэрэ хьалыгъу джыри цIыфым ышхырэп, чIым щымычъэрэ псы ешъорэп, чIыгум къытемыпсэгъэ тыгъэ джыри цIыфыр ыгъэфэбагъэп, гъогупэ цIыфым фэхъугъэп. МэщбашIэр чIыгум, зэкIэ дунаим бэрэ атегущыIэзэ, ядэхагъэрэ яхьалэлыгъэрэ егъэлъапIэх, гъунэнчъэу насыпыр зыщыхъой щыIэныгъэм имафэ ухещэ. УсакIор мыпшъыхэу, зы усэм адырэр ыужэу, къыкIэсэIотыкIыжьы, усэеджэхэр езгъэзэщыгъэх ымыIоу щыIэныгъэу тыгъэр зыхизым, пчэдыжьыр зитамыгъэм, мафэр зихъяр лъагъом тегущыIэ. Тыгъэр лъэшэу ыгукIэ пэблагъ МэщбашIэм: лъэныкъо горэкIэ игугъу къыщимышIэу зы усэ горэ иIэп – къиным, гушIуагъом ерэхьылIагъ фаеми. НэмыкI къыIонэу ымышIэкIэ, е къэIокIэ амалхэм афэныкъокIэ арэп. Тыгъэр щыIэныгъэм исаугъэт, илъэмыдж, игъогогъу хьалэл, цIыфыгъэм ишапхъ, шIулъэгъум, ныбджэгъуныгъэм ялъэгъуапI, яухъумакIу. РСФСР-м и Къэралыгъо премиеу тефэ шъыпкъэу къыратыгъэр зыцIэкIэ къэкIогъэ тхылъми усакIор зэреджагъэр «Щедрое солнце полдня». («Щэджэгъонэ тыгъэм ихьалэл»). Тыгъэм иобраз мыщ дэжьым мэхьанэ гъэнэфагъэ щегъоты,– щыIэныгъэу зыпкъ иуцуагъэм, цIыф акъылэу зичаныгъэ шъхьафит шъыпкъэ хъугъэм, шIулъэгъоу зыбгъэгу зэIухыгъапэм, хьалэлыгъэу гъунапкъэм емынэгуерэм, цIыф гъашIэу зигъогуныкъо зыкIугъэм – а зэпстэуми къащэлъагъо гупшысэу тыгъэм епхы-

гъэр. Тыгъэр, фабэр иапэрэ гущыӀ усакӀор щыӀэныгъэм тегущыӀэ зыхъукӀэ.

Образ гъэнэфагъэхэр МэщбэшӀэ Исхьакъ иусэхэм (бэрэ ахэмэ къафигъэзэжьызэ) апхырещы – Тыгъэм, Мазэм, сэшӀа, Чъыгым – бэмэ бэрэ ягугъу къышӀыжьмэ, къыкӀеӀотыкӀыжьы пшӀуигъэшӀэу, уригъэзэщын гухэлъ ыштагъэ фэдэу – уригъэгумэкӀыныр арэп, ежь къабылкӀэ ыштагъэр ори пщыщы шӀоигъошъ, тӀэкӀу тешӀэ къэс гупшысэу укъызщигъэуцугъагъэм пыуегъэдзэжьы. ГущыӀэм фэшӀ, гъогур – мыухыжь щыӀэныгъэ гъус, гъогур уухымэ щыӀэныгъэр оухы, ауми гъогухэр щыӀэх, зым узэрэтехьэу утеунахъо, адрэм насып псынкӀэу ущыӀокӀэ, ящэнэрэм насып хъарзынэ тебгъотагъэми, ар къинышхохэм апхырыщыгъэ мэхъу – арышъ, МэщбашӀэм щыӀэныгъэр хъугъэшӀэгъэ цӀыкӀухэм арипхырэп: гущыӀэм фэшӀ, гъогухэм яобраз къэӀогъэ къодыеп, ащ еплъыкӀэ амалэу кӀоцӀылъыр бгъэфедэзэ, усакӀом ытхыгъэмэ зэкӀэмэ уарыгупшысэнэу Ӏашэ къыуеты. Джащ фэдэх, чъыгым иобраз, урамым иобраз. Анахь еплъыкӀэ, осэ шӀыкӀэ гъэнэфагъэу, бгъэфедэмэ узэрыкӀэмыгъожьынэу МэщбашӀэм ыгъэунэфыгъэмэ ащыщ Лъэмыджым иобраз, иметафорэ.

Лъэмыдж зытыралъхьэрэр псыхъор ары, хы кӀоцӀым риубытэу зыми лъэмыдж ышӀырэп, псыхъом инэпкъитӀу лъэмыджкӀэ зэрапхы, къуаджэу нэпкъитӀум ащыпсэухэрэр ащ зэрепхых. ЩыӀэныгъэ къызэрыкӀом лъэмыджым мэхьанэу щыриӀэр ары мыщ дэжьым зигугъу тшӀырэр – мы псы нэпкъым Ӏус унагъом непэ машӀо имыӀэу хъумэ, лъэмыджым икӀынышъ, адрэ нэпкъым тес унагъом къыӀихынышъ, ежь иджэныкъо машӀуи зыщыбгъэфэбэн, ущыпщэрыхьан плъэкӀынэу зэкӀегъанэ. Лъэмыджым, шъуинэрылъэгъу, ар анахь къызэрыкӀо дэдэу гупшысэу кӀэрылъыр ары. Образым философие куу зыдэзыӀыгъ гупшысэ къэлъэгъуабэ иӀэу МэщбашӀэм егъэпсы. Лъэмыдж зимыщыкӀагъэ зи щыӀэп, лъэмыджыр пкъутэнэу щытэп (ары шъхьам, ащ нахьыбэрэ акъутэу, е акъутэнэу фаехэу зыфилъхэрэ зи щыӀэп), ары ар щыӀэныгъэ философие зышӀырэр, псауныгъэ гъуаткӀор зыпкъырылъэу, зыгъэлажьэу щыӀэр: коцыцэм шъхьапэ ыгъотыным фэшӀ къызыщыкӀын, зэрыкӀон лъэмыдж (чӀыгу) ищыкӀагъ (къэкӀырэ пстэуми ар ящыкӀагъ), тыгъэм инэбзыи фабэу хэлъым хьалэлыгъэ-щыӀэныгъэ къыкӀэкӀыным фэшӀ, ар зытепсэн чӀыгу ищыкӀагъ; ошъуапщэм къыӀэпызырэ ощхыцэр чӀэзимыӀэ дунаим хэмыкӀодэным фэшӀ, ар зытещхэнэу Тхьэм иӀэшӀэгъэ чӀыгур щымыӀэмэ мыхъунэу щыт; хъулъфыгъэм бзылъфыгъэр шӀу ымылъэгъумэ, сабыир къэхъунэу амал иӀэп; зы унагъом адрэр езыпхырэ гъогу щымыӀэмэ, ар чэукӀэ зэфэхэгочыкӀыгъэу щытмэ, игъом, псынкӀэу зэхэхьанхэ амал яӀэп; тымрэ нымрэ лъэмыдж адыряӀ къалъфыгъэмэ; цӀыфымрэ уашъомрэ азыфагу илъ лъэмыдж; цӀыфымрэ псэушъхьэхэмрэ, цӀыфымрэ природэмрэ лъэмыдж ямыӀэмэ, унэхъугъэх; лъэпкъхэм язэхэхьапӀэу лъэмыдж яӀэныр япсауныгъэ къэухъумэгъэнымкӀэ апэрэ амал; сыда джыри лъэмыдж имыщыкӀагъэу мы чӀышъхьашъоми, дунаишхоми щыхъурэр? Зыпари щымыхъу фэдэу сенэгуе. Ар зы лъэныкъу – щыӀэныгъэр зыгъэбаирэ лъэныкъу; нэмыкӀи щыӀэба лъэмыджым зэрипхэу – къумалыгъэр, пцӀыусыныр, тыгъон-хъункӀэныр; ау мыщ дэжьым лъэмыдж зэфэшъхьафых ахэр – зым щыӀэныгъэр егъэбаи, адрэм щыӀэныгъэм пэшӀуекӀорэ кӀуачӀэм имэхьанэ къыгурымыӀозэ, екӀодылӀэжьы ижъалымыгъэ. Лъэмыджыр зышӀырэмрэ лъэмыджыр зыкъутэрэмрэ яшӀоигъоныгъэгухэлъхэр ныбжьи зэфэдэнхэр хэгъэкӀи, зэбгъорыхьанхэ амылъэкӀынэу зэпыщыт кӀуачӀэмэ къапкъырэкӀых.

Арышъ, Лъэмыджым фэгъэхьыгъэ гупшысэ хъарзынэр философскэ шӀэныгъэ зэкӀужьэу, щыӀэныгъэм уасэ зэрэфэпшӀын амалэу, шӀыкӀэу усакӀом Тхьэм къыритыгъ, ар зэригъэфедэшъугъэми, зэрэзэрищэгъэ шӀыкӀэми уагъэразэу, псауныгъэрэ (зэгъэфэныгъ зыфаӀорэр) неущ узыщыгугъын гупшысэрэ хэлъ. Философскэ лирикэ зыфаӀорэм ахэр иапэрэ нэшанэх, цӀыф закъом игупшысэу етӀани ахэр къэнэжьых. Джары усакӀор, цӀыф закъом ар илъэгъуапӀэу пштэмэ, гулъытэм ихэхыгъэ лъэгапӀэхэм адэзыщаерэр. *«Сыдэуи дэгъуа, дэгъуа лъэмыджхэр, чӀылъэм лъэмыджхэр зэрэтфытетхэр»* – усэм («Лъэмыджхэр») иапэрэ сатырых; псыхъом лъэмыдж телъмэ, дэгъуба зыфэпӀон гупшысэм мы сатырхэр шъхьарымыкӀырэм фэдэх. Ащ нахь мылъагэу гупшысэр пштэми, хэлъ щымыӀэу, дэгъу. Ау а гупшысэр арэп усакӀом мыр зыкӀитхыгъэр: *«ТӀуакӀэм*

*ашъхьагъхэу, псымэ акIыIухэу»*... щыIэнымгъэм фэдэу лъэмыджхэм къыщытфахьрэм ахэр шIокIыхэрэп, ари къыдилъытэ пэтзэ, нэмыкI гупшысэу (гупшысэ шъхьаIэу) дунаир зэзыпхырэм зыфегъазэ: *«Сыгуи къыхэкIхэу, угуи пхырыкIхэу лъэмыджы нэфхэр тыди щыщыIэх»* – цIыфым анахь ищыкIэгъэ, ылэжьыгъэ философие мыр зэрэхъурэр нафэ – узэгурыIоным фэшI узэфэзыщэн гъогу (лъагъо, лъэмыдж) уазыфагу илъын фае – ар нэрымылъэгъу лъэмыдж, зэрипхын ылъэкIынэу щыIэр бэ. Ахэр

Мэзахэм хэчъхэшъ, пчэдыжь нэфылъым
Лъэмакъэ фэхъурэр чIылъэм щагъаджэ,
ШIулъэгъуныгъэу зэпэзэIулъым
Гугъэр щаIыгъэу гукIэ хэтаджэх.

Тинепэ хэчъхэшъ, хэчъхэшъ мэшIокухэр
Неущым фачъэх, фыхэбыукIых.
Ащ дырагъаштэу шы лъэбжъэ лъэгухэр
Дунай лъэмыджымэ щахэтыркъыкIых.–

усакIор нахьыбэу зытегущыIэрэр насыпым уфэзыщэрэ лъэмыдж: шIоу щыIэр зэкIэри зэзыпхырэ гъогу. Дунаим ишъэф зэбгъэшIэн пIомэ, хэт ащ анахь щыгъуазэр? – къушъхьэхэр, чъыгаехэр, хышхор, псыхъохэр, ахэр зэкIэ усакIомкIэ лъэужых. Лулэр зыIыгъы хабзэр бэу зыгъэшIагъэу, бэу зылъэгъугъэ лIыжъ, а зы лулэр егъашIэм зыIуимыхэу къызыдезыхьакIыгъэ жъыхэр щыIэх («Хэшъэе лул»). УсакIом зыфегъазэ лулэм, шъэфэу убгъэгу дэлъхэр «къысфиIотыкIых», еIо, *«лIэшIэгъу илъэсхэр синэплъэгъу гъашIэ щызэблэгъэкIых»*, дахи, емыни чIышъхьашъом щыхъугъэр къысфэIуат, елъэIу ар лулэм. Хэшъаер анахь бэгъашIэмэ ащыщ, ар зыIыгъ лIыжъми ыгъэшIагъэр макIэн фаеп, лулэр илъэсыбэхэм лIыжъым ащилэжьыгъэ гупшысэмэ ятамыгъ, ялъэмыдж, гупшысэ-гупшысэу, илъэс-илъэсэу лIэшIэгъубэхэр, лъэхъэнэ инхэр хэшъэе лулэм зэрипхыгъэх *(«Щыгъы зэрыблэу къысфызэрышIи», «зэкIэ къысаIу»)* – апэ «джэмышх рышхэныр къезыхьыжьагъи», огум цIыфыр зэрибыбагъэм нэсыжьэу лIэшIэгъумэ арыбдзэгъэ лъэмыджхэр къысфызэIухых, тищыIэныгъэ



зэрэмыпсынкIэр *«зи хэмыгъэзэу къысфызэгъаф»*. Сыд къин къыфыкъокIми, цIыфыр нахьыбэу зажэрэр гукIэгъур, шIур, цIыфыгъэр арых, хэкIыпIэ улъымыхъоу, лъэмыджэу гугъэр анахь зэпхыгъэр умыгъотэу ахэр Iэрылъхьэ къыпфэзышIын кIуачIэм пэблагъэ ухъуныр къин, ауми мэгугъэ цIыфыр – *«Гъэмэфэ огъум ощх тызэрежэу, шIугъэм тылъыхъоу лъагъор хэтэхы... Бэ къытпэгъокIрэр, къахы нэмыплъыр, сыдэуи зашIми, тэлъыхъо, тэкIо»* («Джэуап»). Тыгъэм илъэмыдж нэфынэ къытфихьи, джэныкъо машIор тиIэ хъугъэ, еIо усакIом, *«сыд тиамалыгъ утимыIагъэмэ?»* А гупшысэр кIигъэтхъызэ, машIом хьазабэу къыхьрэм къытегущыIэ, ащ лъэмыджыбэ зэрэтекIуадэрэм къинэу цIыфым къыфихьрэр гупшысэ хэхыгъэу егъэунэфы *(«Сыдэуи бэрэ мэшIо лыгъаер къапихэу ахэр, ахэр дгъэстыгъэх»).*

Мы усэр машIом изакъоу фэгъэхьыгъэми, хьарзынэу гъэпсыгъэ – гупшысэхэмкIи усакIом игутео макъэ гумэкIэу къытлъигъэIэсырэмкIи – Тхьэм ыIомэ, машIор, *«тIэгучIэ чIэгъы учIэкIодэнэп»*, ар кIодымэ, цIыфым лъагъо иIэжьэп, лъэмыджи ищыкIэгъэжьэп. Лъэмыджыр зэ зэпычыгъэ зыхъукIэ, ныбжьи зэпыпшIэжьын зыщымылъэкIын лъэхъанхэри щыIэныгъэм къыхэфэх – *«Хьадэгъум хэтэу сянэ пIэкIорым зэрэтелъыгъэр сщыгъупшэн слъэкIрэп. ЫнитIу кIосэжьэу джаущтэу зэгорэм зэрэслъэгъугъэр нэгум сфыкIэкIрэп»*. («Дунаир мыжъошъхьалэу къекIокIы») – сыд пшIагъэкIи, амал узыфэхъун умылъэкIын Iоф ар. Янэ зэрэшIокIодыгъэм къытегущыIэ пшIошIэ, усакIом зафегъазэ тищыIэныгъэ хьазабэу хэлъыгъэхэм, ахэмэ осэ икъу афешIы, лъэхъаным ишапхъэхэм ахэгъэщагъэу ным лъфыгъэмэ гукIэгъоу афырииIагъэр зэрэгъунэнчъагъэр къеIо; гум къыщыущыжьрэ гукъэкIыжьхэм (нахь тэрэзэу къэпIон хъумэ, гум сыдигъуи щымыгъупшэгъэ гумэкIхэм) яшъолъыр бжьыбжьы джыри укъесты, ямэшIо нэф узнэсын умылъэкIын джэныкъо машIоу чэщ мыухыжьым ичъыIэ дыджы къыхэпсы. Лъэмыджэу амал зимыIэжьыр ары мыщ дэжьым усакIор зытегущыIэрэр; философие ин зыкIоцIылъ образым ащ нэфэшъхьаф мэхьани зыдиIыгъ – янэ ишIулъэгъу кIодын зымылъэкIын тынхэм ащыщ, ау зыхъукIэ, нымрэ лъфыгъэмрэ зэзыпхырэ лъэмыджыр зэпызытхъын

зылъэкIын къэхъугъэп, ар зыхэшIыкIыгъэр зы лъы, зы пчэгъу, шIулъэгъу, гугъэ, ар зыхэшIыкIыгъэр ным илъфыгъэмэ къинэу адилъэгъугъэр ары. Къиныр птекIэу кIодрэп, сэшIэ, зимыхьадагъэм иджэгу аIо, ау джэгу зищагу щашIыгъэу хьадагъэи зыдэмыхьэрэ щыIэп, зянэ зышIокIодрэри гъы зэпытрэп, ау ар гугъэ зыхэлъ трагедиекIэ ухыгъэ зыфаIоу хэбзагъэм зэфагъэу хэлъ щыIэп («оптимистическая трагедия», шъоу Iае зэрэмыхъурэм фэд), уухыгъэ зыхъукIэ ныр ар уеIэфэ узэрэфэсакъын фаем (фэягъэм...) нахь уегупшысэ – ным фэдэу чIышъхьашъом лъэмыдж щишIыгъэу джыри зи къэхъугъэп.

Лъэмыдж ищыкIагъэп гъогу темытым, тыгъосэрэм уфэзыщэрэ лъэмыджыр къин, плъакъо зытебгъэуцогъэ чIыпIэхэр хэкIокIагъэх, къэгъотыжьыгъуаех, удэуцохмэ, хьазабым ипчэгу уифэным ущыухъумагъэп; неущырэ (уапэ щылъ) лъэмыджым утехьанри Iоф псынкIэмэ ащыщэп, жъыгъэм ышхыгъэнкIи хъун, ашIыгъакIэу джыри зыми ымыуплъэкIугъэнкIи хъун. УсакIом дунаим идэхагъэ къыгурэIоми, инэрылъэгъуми, ащ цыхьэ фишIыпэрэп («Орэд тIокI») – *«сыпсэ ижьыбгъэу бгъэр зэIузытхъырэр чэщрэ къепщажьэрэр сыды орэда?»* – мычъыем къыщыущыгъэ гумэкI-гупшысабэмэ ямэкъэмэ чан рэхьат къыратрэп усакIом, усэ-сатырхэу, «ощхыцэ цабэр цэрыцэу» къэзытIупщырэ уашъом инэф цIыкIухэу ахэр елъэгъух; уисабый птIупщмэ, гъогу тэрэз ыпэ къикIын шъуIуа, лъэмыдж пытаIо техьан шъуIуа зэрэпIоу, усакIом исатырхэр джыри шIосабыих, ягъогу-ялъэмыджхэр шъуамбгъоха – бгъузэха, пытэха – махэха, ыIомэ кIэупчIэзэ, гумэкI мыухыжькIэ ахэр еухъумэх: сиорэдхэр *«сэ джыри гъогуонэ чыжьэ сфытетIупщхьащтхэп, шхьонтIэбзэ закIэу жъгъыбэ мыджырыр къыпысцунтхъыкIэу матэм сфилъхьащтэп»*. Цыхьэ дэдэ афимышIми, зэгорэм фабэр апихэу, нэфынэр апихэу ахэр къэлъэгъонхэу щэгугъы – *«Сиорэд мытхмэ анахьы дэгъухэр гъэтхэпэ пасэу ос чIэгъы машIох»*.

Гупшысэр зэрэчаным дыригъаштэу гущыIэм (образым) игъэпсыни хьаламэтэу зэшIохыгъэ: дыджэу щыIэр бэ, уц дыджэу былымхэм загъорэ ашхырэри (мысымэджэнхэм фэшI) дыджы цIыкIоп, ау жъгъыбэ мыджырым (мыIэрысэ мыджыр, къыпцIэ мыджыр ыIорэп) нахь мыджыр къэкIэу щыIэмэ ахэтэу сэ сшIэрэп; джащ фегъадэ усакIом «иорэд цIыкIухэр», ауми ешIэ, непэ ахэр ос чIэгъми, ос чIэгъ пэтзэ машIох, неущ тыгъэ нэфынэу «гум щигъашIорэм» фэдэу амэкъэ чан къырахынэу ицыхьэ ателъ. Жъгъыбэм идыджыгъомрэ ибжыхьэ тIыргъогъумрэ азыфагу охътэ-гъогу кIыхьэ илъ, щыIэныгъэм уфэзыщэрэ лъэмыджым ахэр зэфещэх, джащ фэд ос чIэгъым зылъапсэ щызыдзыгъахэу гъэтхэпэ мэфэ фабэм ежэрэ уцыми ытамэ зэкIещыфэ гъогу гъэнэфагъэ екIу. Ахэр узыщыгугъын лъагъох, лъэмыдж хъарзынэх, еIо усакIом.

БлэкIыгъэр гъотыжьыгъуай, «гъуае» къодыеп, бгъотыжьын плъэкIынэу щытэп – орэдэгъу, орэдэи; уисабыигъом (уищыIэкIагъэр мытхъэгъо шIэгъуагъэми, нахьыбэу гум къинэжьрэр нэфынэ, хъяр горэ зыхэлъыгъэр ары – ар псыхъо цIыкIоу мафэ къэс (гъэмафэм) гъэпскIыпIэу, кIымафэм чынэ гъэбыупIэ мылэу уиIагъэр арэу орэхъу, мэркIо чъыгэу зышъхьапэ бзыу цIыкIум фэдэу тIысыпIэкIэ хэпхыгъагъэр арэу щэрэт, сыд фэдэми, гум икIыжьрэп унэжъэу, щагужъэу, къуаджэу, псыхъоу, мэзэу, шъофэу укъызщыхъугъэр. Ахэр гум илъых нахь, щыIэныгъэм нахьыбэрэм щыуиIэжьхэрэп – унэжъыр акъути, кIэу ашIыгъ, псыхъор рагъэгъукIи, сад къыщагъэкIыгъ, мэзыр тыраупкIи, псы рагъэлъэдагъ – зы гущыIэкIэ къэпIон хъумэ, укъызыщыхъугъэу, узыщапIугъэу, уикIэсэгъэ-уигупсэгъэ дунаир щыIэжьэп (ныр уимыIэжьыным анахь пэблагъэр джары). Ащ уфэзыщэнэу амал зиIэгъэ лъэмыджхэри хэкIокIагъэх, акъутагъэх, о умышIэрэ гъогухэр, лъэмыджхэр (о къыпфэмыкIохэу) щыIэ хъугъэх («Сигугъэ ун»).

Мы усэм гур егъэкIоды пIоми, мытэрэз дэдэнкIи хъун. Ауми джары зытетыр – мыщи дунаир щымыдэи фэд, еIо усакIом, сиунагъо сэщэшъ, «къэгъагъмэ тячъэу, тыIорыжъорэу» тыхэты мэзым. Сабыймэ ащ гухахъо щагъотынкIи хъун (ары ащ ядунаир), усакIом идунай нэмыкIы щыI: *«Бжыхьэ пкIэшъабэу чIым фетэкъохрэм сапхырэплъыкIышъ, тадэжь сыкъэплъэ»* (лъакъо зыкIэмыт лъэмыджым ехьщыр), *«сикъушъхьэ нэфэу гум къыспигъохрэм сизэщ гуIалэ нахьри щэIалэ»*. ХэкIыпIэ щыIэп, укуугъэкIи, узэгочэу угъыгъэкIи, амал зимыIэм иIэп, блэкIыгъэм къы-

гъэзэжьы ихабзэп, епхыпIэ закъор, лъэмыджыби мыр зыфэпIонэу щыIэ закъор гукъэкIыжь-гугъэ хьылъэр ары:

«Сятэжъ иунэу силъэныкъо гупсэм,
ИлъэскIи, чIыкIи непэ спэчыжьэм…» –
СIони, сиусэ фэсыублэщт,
Сигугъэ тыгъи ащ фэзгъэблэщт.
Гум къызэриIоу, сиIуи хэмыкIэу
Сиусэ ублэ джауштэу хъужьына?
Хьауми сыфаешъ, сиIоф къимыкIэу
Сигугъэ унэ къэслъэгъужьына?!
Хьауми мо пщэфэу огур зыкIуахьэу
Нэплъэгъум кIэкIрэм гур сшIуекъудыя?
Хьауми джау сыдми сигумэкI Iахьэу
ТадэжькIэ быбрэр пщэ фыжь къодыя? –

ахэмэ язакъу, ящыIэныгъэ нэфэшъхьаф, цIыф гумэкIым ахэр пылъхэп, ащ джыри нахь егъэиныжьы усакIом игухэкI, гъэшIэрэ кIодэу шIокIодыгъэ гугъэхэр. Усэ-гупшысэм лъэпсэ пытэ зэриубытыгъэм ишыхьатых мы зигугъу къэтшIырэ тхыгъэхэр. Хъяр закъор, еIо усакIом, непэрэ щыIэныгъэми гушIуагъо горэ тфиIыгъ, мафэ къэс тыгъэр къытфепсы, ифабэ лъэмыдж хьалэлэу къытитэу, лъэмыджыкIэу ныбджэгъукIэмэ адэжь тызыщэхэрэр къытфигъэнэфэу, щыIэныгъэм имэз зэхакIэрэ ихъот-борэнрэ ателъхэр къытфыхигъэщэу («Чэщныкъом гъогум сытехьэ») – *«Гъогу чэщым сытешъущагъэшъ, шъурэукIыта, синыбджэгъухэр? Шъукъысфаеу шъукъэджагъэшъ, сырэгушIо, цIыфышIу дэгъухэр»*, гум зеIэты, мэгушIо, еIо усакIом: *«Арэу зыхъурэм, къэзгъэшIагъэр пкIэнчъэ гъашIэу хьаулыеп»*. Ащ ыуж зэфэхьысыжь гъэшIэгъон: *«Сыдэу дэгъуа гъогум, гъогум цIыф къыпфаеу утетыныр, урикIасэу бысым нэгум ипчъэIупэ уIухьаныр!»*

Дунаир зэзыпхырэр гукIэгъу, еIо усакIом, гукIэгъур зыщымакIэм (е зыщымахэм) жъалымыгъэр, зэпэIэпчъэныгъэр щытекIох. Гум къикIэу анахь гурышэ шъэфхэми, шIулъэгъур зибгъодэлъ гурышэми философскэ екIолIакIэ къыфегъоты усакIом: хьау, къыфигъотрэп, лъыхъурэп, щыIэныгъэу лъэныкъуабэу – гупшысабэу, зэкIу-зэмыкIоу зэхэлъым гупшысэ куоу пигъохрэм ыкIуачIэ шIулъэгъум фэгъэхьыгъэ усэхэми къащэлъагъо – *«Ащ нахьрэ титIо тызэкIужьыщтэп»*,– хъулъфыгъабэ щыIэп ар зыфэгъэхьыгъэм занкIэу риIон ылъэкIынэу, ау хъулъфыгъэм ащ фэдэ гущыIэ ыIон фаеу чIыпIэ ифэу къыхэкIы – «шыблэ гъогъошхом фэдэу тынахэ зэхэгъэхьагъэу гъашIэр итэхы», гумэкI шъхьам, шъыпкъэ, еIо усакIом ымакъэ, къошъо гъуанэ уисын нахьи, нахьышIу, псым утетмэ, тэкъэжъ дэгъу горэм утесмэ – *«ЧъыгитIоу шъофым зитыубытагъэу тижьыбгъэ къилъи бгъэкIэ тыхэт, зэцэзэлашхэм зедгъэуIагъэу мыхъужьыщт узым титIо тыфэд»*. Ар еIоу щытми, жьыбгъэр къепщэу зэрэмыкIодыжьрэр, цIыфэу гум пэблэгъагъэр пщагъом хахьэу зызэримыгъэбылърэр усакIом къеIо, сыд фэдэ кIуачIэ ар зыщигъэгъупшэнэу лъымыхъуми («Сэ мы дунаим … сызыIэжэни къытемыкIын»). *«Ар сэIо шъхьакIэ, тыдэ сэрэкIуи, шым иныбжьыкъоу укъызготыщт, къушъхьэ сыхъунэу сэ есэрэкуи, тIокIэшхо куоу санэIу уитыщт… Сыд гущэр адэ гукIэ сфэпытэу сыды амалыр тыдэ къисхын? Сижьыкъэщэгъуи узэрэхэтэу, джар сфэшIэщтмэ, бгъэм удэсчын»*. Нахь гущыIэ пыти щыI, «джа зыр сфэшIэн сэ» ыIорэп, «сфэшIэщтмэ» еIо нахь, ехъырэхъышэ ин гупшысэм зэрэхэлъыр нэрылъэгъу. Лъэмыджэу гум щызэпыкIыгъэр зэпыгъэуцожьыгъуай, зэпысщхэжьыгъэ пIоми, уIэгъэ ужхэр ащ егъашIэрэу къытенэх.

Узыдэмылэжьагъэм лэжьыгъэ хэпхын пIомэ, ухэукъо. Къин зыпымылъым, гушIуагъуи пылъэп. Къини, гушIуагъуи джары зэготы зышIхэрэр – псыхъо зыщымычъэрэм лъэмыдж тыралъхьэрэп – *«Сидунай чIылъэ щыслъэгъугъэр зэкIэ гушIо-гуузэу гу лъынтфэм хечы»* («СичIыгу»), ауми анахь гухэлъ хъарзынэр шIур ары – *«гупшысэ лъапсэу бгъэм дэтIыргъухьэрэм коцыцэ пчъагъэм щахэзгъэхъощт»*, щыIэныгъэр ичIыгу щыбаиным фэшI, кIуачIэ щигъотыным фэшI, къин къыфыкъокIми, ухъумэкIо закъоу къыфэнэжьрэр ичIыгу: *«Щэ мыгъор къэсэу сызыритэкъухьэрэм сэ сщизы бэни ащ хэзгъотэщт»*. ИчIыгу щыщ, ичIыгу нахь лъапIэ иIэп. Гури псэри дунаим езыпхырэр цIыфым ичIыгу щиухэсыгъэ лъэмыджэу дунаим факIорэр, шIум, зэфагъэм фэзыщэрэр – джары усакIом игупшысэхэм алъапсэр. Джары усакIом зыкIиIорэр.

Сэ сIэхъомбипшIы чIыгум хэмылъмэ,
СIэгушъо лыжъмэ къысфамыдэщт.
Силэжьыгъацэ цэрыцэу здзымэ,
Сиорэд гупсэ лъапсэ иIэщт.
СымэкъумэщышI сэ. Бэдэдэ шIагъэ.
ЧIым сырилъапсэу сырибэнакIу.
СIэтыщт быракъэу сихьэсэ шIагъэ,
СыжъонакIу. СылэжьакIу. СыусакIу.–

усэхэр сэнэшъхьэ къутамэх, усэхэр чIым игъом хадзэгъэ коцыцэх, усэхэр зигъо хъугъэ лэжьыгъэр Iузыхыжьырэ цIыфыIэ хьалэлых. А зэпстэумэ сэ сыряусакIу, еIо МэщбэшIэ Исхьакъ. IэнэтIэ шъхьаIэу иIэр гъучI ыгъэтэкIунэу, е коц къыгъэкIынэу арэп, IэнэтIэ пстэуми анахь шъхьаIэр щыIэныгъэр зыгъэщыIэныгъэу, дунаир зыгъэдунаеу, шъыпкъэр зыгъэшъыпкъэу, шIулъэгъур зыгъэшIулъэгъоу, мо тызхэт дунаим кIуачIэу хэлъыр ыIэмычIэ илъэу зыгъэфедэшъурэ усакIор ары. УсакIом истатус МэщбэшIэ Исхьакъ мэхьанышхо реты: о къапIоми, мэхъу; сэ къасIоми, мэхъу; ау усакIом къыIуагъэ зыхъукIэ, къыIуагъэмэ мэхьанэу яIэр нэфэшъхьаф, ар ежь гупшысэу, ыгукIэ хабзэу ыштагъэм теуфагъэу макIо, енэкъокъуми, зыфенэкъокъурэр Iоф мыкуу хьазырэу къычIэкIыжьы.

УсакIор шъыпкъэм иухъумакIу; ыусырэм шъыпкъэ хэмылъмэ, лэу щымыIэм бжьыныфщыгъу теотакъокIэ, зэрэмыхъурэм фэд, узгъэтхъэн хэлъэп. МэщбэшIэ Исхьакъ иусэхэм бэу ахэт сатырхэр усакIом ышIэн фаеу, игупшысэн фаеу Тхьэм ыпшъэ къырилъхьагъэу зэрихьэхэрэр къаIуатэу. Пушкиным фэгъэхьыгъэуи усэ заулэ ытхыгъ; «Хьагъэудж» ыцIэу усэ ытхыгъ, Андырхъое Хъусен («Сшынахьыжъ») фэгъэхьыгъэу поэмэ ытхыгъ, етIанэ поэмэшхо «Орэд» ыцIэу Хьагъэудж Мыхьамэт ищыIэныгъэ-насыпыгъэ фэгъэхьыгъэу ытхыгъ. МэщбашIэм поэмабэ ытхыгъ, усэм илъэс эпическэ зэхэлъхьан Iофым зэрэфэIазэр ащкIэ къыушыхьатыгъ; роман пчъагъэу ытхыгъэмкIэ ар зэкIэми зэдытинэрылъэгъоу къыгъэшъыпкъэжьыгъ.

ЗэкIэмэ усэ амытхыми, зэкIэмэ къызщыхъугъэ щагур (хэгъэгур) якIэсэныр япшъэрылъ («Поэтом можешь ты не быть, но гражданином быть обязан» – Н. Некрасов; «Поэт в России больше, чем поэт» – Евг. Евтушенко). УсакIом ар иапэрэ гупшыс. Тыгу къэкIыжьы – «Сэ сиорэдмэ уахэмылъыщтмэ,..» ащ щыублагъэу бэ псэу Шъхьэгуащэ дэчъыгъэр, МэщбэшIэ Исхьакъ игупшысэрэ игущыIэрэ зы лъэгапIэм тетхэу, зы шIошI иныр къызэдаIо хъугъэ. Хэлъ щыIэп ащ – МэщбашIэр «иIоф» зэрегупшысэрэм ышIагъэм, зэришIагъэм кIэух горэ (шIумэ, хъяр, мышIуми, ащ джэуап горэ иIэнщтын) фишIыгъэмэ, зыщыфишIыгъэр ылъакъо теуцогъахэу, ыкIуачIэ зыфэдэр ышIэу зэхъур ары.

Илъэс пчъагъэм гъогоу усакIом къыкIугъэм лъымыплъэжьэу, ымыукIочIыжьэу къыкIугъэп, ежь усакIомэ, усакIом ыпшъэ илъымрэ цIыф къызэрыкIом ыпшъэ рилъхьанэу зэзэгъынэу хъурэмрэ зэтефэрэп, усакIом ипшъэдэкIыжь нахь игъэкIотыгъ. Усэ зытхырэм ипшъэдэкIыжь МэщбэшIэ Исхьакъ емыгупшысэнэу хъурэп.

КIэух горэ зыфешIыжьым фэдагъ ежь МэщбэшIэ Исхьакъ – ахэр мары зэрэщытыгъэхэр,– Пушкиныр, Къайсын Кулиевыр, Андырхъое Хъусен, Хьагъэудж Мыхьамэт «Сэ сызыфэдэр хэт?» Усэн Iофым пылъ тхакIохэм щыIэныгъэм щалэжьыгъэм къытепсалъэзэ, МэщбашIэм ахэм гупшысэ инхэу дунаим щалэжьыгъэр кIегъэтхъы. Анахьэу ынаIэ зытетыр усакIохэр шъыпкъэныгъэм фэлэжьагъэха, хьауми нэмыкIа? Ежь зэгупшысэрэм псэлъэ пытэрэ лъэпсэ куурэ фишIынэу есагъэми, джэнджэш гурымыр къытемыкIон ылъэкIрэп: *«Псы икIыгъом сызынэсрэм, чъэры сэIошъ, сыхэмыхь...»*. ЦIыфым емыкуныгъэр къытекIоу мэхъуба, МэщбашIэр ащ еуцуалIэ пэпчъ ыкIуачIэрэ ыпсэрэ икIэрыкIэу (миллион пчъагъэу) ыщэчызэ, щыIэныгъэр къызэрыкIоу зэрэмыхъурэр, фаеу, е фэмыеу щытми, къеIо:

Шэн сфэхъугъэу непэ сIонти,
КъысщышIыгъэр цIыф ымышI.
МышIэгъуаем сырыкIонти,
Лъэмыдж бгъузэр Iэрымыш.

Ахэмэ къапкъырыкIызэ, МэщбашIэм усакIом хихырэ гъогум, лъэмыджым ехьылIэгъэ гупшысэхэр зы шъолъыр илъэу еугъоих – мары сэ непэ синасыпыр, мары сэщ

нахьыжъхэу, сэ гъогоу хэсхыгъэм фэдэ хэзыхыгъэхэм къарыкIуагъэр, еIо усакIом. Мэщбашlэм поэмэ жанрэм илъэу ытхыгъэр макIэп, а зэпстэуми зы лъапсэ яI – щыIэныгъэр къызэрыкIоп (пшысэм итэу ар къерэгъэлъагъу, орэсэмэркъэу жанр, гупшысэ шъхьаIэр джащ епхыгъ), о зыдапщэрэм ар кIорэп, ежь хэбзэ шъхьаф-гъэнэфагъэхэр иIэх. Андырхъое Хъусен фэгъэхьыгъэу атхыгъэр макIэп. Мэщбашlэм еплъыкIэу хихыгъэр: «сшынахьыжъ, о пшIэнэу зигъо узыфимыфагъэр сэ сшIэнэу сыхьазыр, сфашIэмэ, хъяр, сфэмышIэми, къэсэгъэшIэфэ уапашъхьэ лъэгонджэмышъхьэкIэ ситынэу сыхьазыр». А гупшысэхэр къызэрыкIохэп, усакIом дэгъу дэдэу зэхешIэ, Хъусен ауклы зэхъум, къыдзыгъэ щэбзащэр, къыдзыгъэ лъэмыджыр тэ тымыгъэфедэмэ, ынапэ изакъоп, тлъэпкъ зэрэпсэоу тыушIоигъэу къычIэкIы.

Хэгъэгум ыгукIи ыпсэкIи фэшъыпкъэгъэ кIэлэ ныбжьыкI Андырхъое Хъусен, пIопэн хъумэ, кIэлэкIэ дэдэу лIыгъэмэ анахь лIыгъэр зэрихьэзэ, дунаим ехыжьыгъ. Ар зышIэн зылъэкIынэу щыIэри, щыIагъэри бэдэд пIомэ, къыбдезгъэштэнэу сыфаеп. УсакIоу лIыхъужъныгъэмрэ адыгэгъэшхомрэ зыхэлъыр адыгэ щыIэныгъэм ихьыкум фэдэу Мэщбэшlэ Исхьакъ иусэ творчествэ къыхэхьэ. «Сэ» ыIозэ, пстэури ащ епхыгъэу къегъэлъагъо, ащ дыкIигъоу «сэ» зыфапIорэм зэрэдунаеу, зэрэщыIэныгъэу зэрепхыгъэр усакIом ымыушъэфэу гъусэ къыфешIы. Джары усакIор, художникыр герой шъхьаIэу иусэ-поэмэхэм ахэзыгъэуцуагъэр. УсакIор ичIыгу, игъусэхэм афэшъыпкъэу щымытышъумэ, иусэхэм мэхьанэ яIэп. Хьагъэудж Мыхьамэт джыри икъу фэдизэу уасэ зыфамышIыгъэ орэдыус, орэдзехь, пщынау. Сыда Мэщбэшlэ Исхьакъ ащ ищыIэныгъэнасып гъогу темыгущыIэмэ мыхъунэу къызкIыхихыгъэр? – ежьыри, адрэ усакIохэми лъэхъанэу зыхэтым пшъэдэкIыжь горэ щыряIэу гъэнэфагъэу щыт. УсакIом зыхэт дунаир зыфэдэр ымышIэмэ мыхъунэу амал зимыI, ышIэ пэтзэ, ежь зэришIэрэм елъытыгъэу, ыгу къызэрэриIорэм егъэпшагъэу зыхэт дунаир елъэгъушъ, хъяр, ар ымылъэгъумэ, къыгъэлъэгъорэ геройхэм алъэгъоу еIоми, алъэгъурэм псауныгъэрэ зэгъэфэныгъэрэ хэлъынэу щытэп.

Мэщбэшlэ Исхьакъ Хьагъэудж Мыхьамэт ищыIэныгъэ гъогу «мары зыфэдагъэр» ыIоу къыгъэлъагъорэп; Мыхьамэт инасып гъогу тегущыIэзэ, адыгэ лъэпкъым къырыкIуагъэр къеIуатэ: ар къин, хьазаб, хьапсэрэ нэпсырэкIэ адыгэм итарихъ тхыгъэ хъугъэ. Хьагъэудж Мыхьамэт инасып нэфэшъхьафэу хъун ылъэкIынэу щытыгъэп. Ау Мыхьамэт художник иныгъ, ипщынэ бзэу Iулъым адыгэм итарихъ къыIотэнэу амал иIагъ: *«УиIэпэпщынэ седэIу зыхъурэм, уиорэд джаущтэу сыбгъэ щэшъхьалъэ. Мэкъамэр бзыоу птIупщэу зыслъэгъурэм, адыгэ лъэпкъым ынэгу сыкIэплъэ»* («Орэд»).

Къинымрэ хьазабымрэ аутIыIугъэ адыгэмэ ящыкIагъэр бэ, анахьэу –

> Гущыlэ фабэм адыгэ лъэпкъыр
> КIэхъопсы, ежэ – псэу ищыкIагъ.
> Чэщы мэзахэшъ зыIуты нэпкъыр
> ДэкIыпIи, плъапIи дэу имыIагъ.

ОрэдыIом, пщынаом «ма, шъосэты щыIэныгъэ дахэр» ыIон ылъэкIынэу амал иIэп, ау иорэдыкIэ, ыIэпэпщынэ макъэу къычIэкIрэмкIэ гухахъуи, гугъэ дахи пщынэ зыфеохэрэм аритын амалыр иIэ зэпыт. Хьагъэудж Мыхьамэт ипщынэон Iофшlагъэ социальнэ ыкIи духовнэ мэхьанэшхо зэрэзыдиIыгъыгъэр Мэщбэшlэ Исхьакъ къегъэлъагъо.

Мэщбашlэм иусэхэмрэ ипоэмэхэмрэ зэкIэрычыгъэхэп, гупшысэу ахэлъымкIи, псалъэу зэрэтхыгъэхэм игъэпсыкIэкIи – зых: цIыфым шIулъэгъоу фыриIэр ары. ЦIыфым къыпкъырымыкIэу емыкIолIэжьрэ зи ахэтэп – «Сшынахьыжъ», «Орэд» зыфиIохэрэм (нэмыкIхэми) цIыфыгъэшхуагъэмрэ акъылэу шIум фэлэжьагъэмрэ ащытегущыIэ. Пшысэ-сэмэркъэум илъэу тхыгъэхэми, джащ фэдэкъабз, гуманизм зыфаIоу щыIэныгъэмкIэ анахь уасэ зыфашIырэр агупчэ шъыпкъэу щыт; псэушъхьэмэ афэгъэхьыгъэмэ, природэм ишъэфхэм афэгъэхьыгъэмэ («Тары анахь иныр», «ШэкIуищ», «Тэтэркон», нэмыкIхэр) сабыим иакъыл аубгъу, агъэпытэ, зыныбжь икъугъэмэ яакъыл щыкIагъэ фэхъугъэмэ, агъэпсэужьы. Ащ дыкIыгъоу яшIэныгъэ – природэм хашIыкIырэр – нахь игъэкIотыгъэу, убгъугъэу къагурегъэIожьы. Ахэр народым ижэрыIо усэ къыхэхыгъэ произведениемэ ягъэпшагъэу, тхэн Iофым ылъэныкъокIэ шIуагъэу ахэлъым лъыкIэхьагъэу тхыгъэх.

Жэрыlо усэным къыхэхыгъэ сюжетхэри Мэщбашlэм хъарзынэу ыгъэфедагъэх – «Адыиф» зыфиlорэр, гущыlэм фэшl. Поэмэм дыкlыгъоу Мэщбашlэм лирическэ циклэ заулэ ытхыгъ – шlулъэгъум фэгъэхьыгъэу, Ливан, Сирием афэгъэхьыгъэу, Тыркуем зэкlом къыщитхыгъэу. Лирическэ циклэм гъэпсыкlэ гъэнэфагъэ иl – мыр къэбар, хъугъэшlагъ пlонэу зы ухыгъэ къэlотэн горэ ымыгъэфедэми, усакlо ыгу щышlэу-щыхъэу зыгъэгумэкlрэр къэбар lэубытыпlэу ештэшъ, ышъхьэкlэ игумэкl непэрэ дунаим пыщылъ lофыгъо инхэм япхыгъэу, ащыщ шъыпкъэу къащызэlуехы. Зэп-тlоп дунаир кlодыпэн лъэхъаным зэрэхэфагъэр (Баальбек ехьылlэгъэ усэр, Сирием щитхыгъэхэр, нэфэшъхьафхэр). Къызытегущыlэрэм бэу тешlэжьыгъэми, ар непэ хъурэм епхыгъ (Ливан, заом ехьылlагъэ усэхэмкlэ а гупшысэр Мэщбашlэм егъэунэфы), тыгъуасэ цlыфлъэпкъым хьазаб иlагъэу щытмэ, уфэмысакъмэ, непэрэ дунаим хьазабэу цlыфым къыщежэрэр къэлъытэгъуай, такъикъ заулэкlэ Чlыгур зэузапсэ зышlын зылъэкlын кlуачlэ цlыфым ыlэмычlэ илъы хъугъэ. Сыд фэдэ lоф фэтхагъэми, Мэщбашlэм игупшысэ ащ пэблагъэу егъэпсы. Ащ епхыгъ адыгэм инасыпи, итарихъ къыини.

Художникыр лъэпкъым фэлэжьэныр иапэрэ пшъэрылъ. Усакlом, художникым ылэжьырэм къыкlакlорэр мылъку къодыеп, апэрэу мылъкоп: сыда пlомэ усакlом илэжьыгъэ къыкlэкlорэ уасэм илъэкl мэкlэ дэд, непэ щыl, неущ щыlэжьэп. Усэ птхымэ, ущэlэфэ санэ узэрешъон мылъку кlэпхын пшlошlмэ, лъэшэу ухэукъо. Тхыгъэ инхэм мылъкушхо акlэзыхыгъи щыl (Хемингуэй, гущыlэм фэшl), ау ар lофыгъо зэфэшъхьафхэм ялъытыгъ. Чапычыкlэ къалъытэрэ сатырхэм мылъкушхо ахэпхынэу унашъо пылъэп. Мэщбэшlэ Исхьакъ усэн lофым мылъкушхо хихыгъэу сэ къысщыхъурэп, lофэу ышlагъэм, къинэу, уахътэу усэным (роман тхыным игугъу къэсшlырэп) тыригъэкlодагъэм хихыгъэр хьалыгъу уасэп, хихыгъэр илъэпкъ фэлэжьагъ, илъэпкъ ыбзэ амалэу иlэр зылъэгъу шlоигъомэ аригъэлъэгъугъ, адыгэ гущыlэм дунэе lоф инхэмрэ цlыфыр изакъоу пштэмэ ащ ыгу щышlэхэрэмрэ зэрэзэпхыгъэр иусэ-сатырхэм зэхэпхэу, зэхапшlэу къащигъэлъэгъуагъ.

*Щэшlэ Казбек*



## Дэтхэр


Цlыфхэм ящыlэкlэ-псэукlэрэ ягумэкlхэмрэ адэдгощын . . . .7
Цlыф къызэрыкlомэ ищыlэныгъэ япхыгъ. . . . . . . . . . . 14
Зыр зыгъэгъэрэр, адрэр зыгъэчэфыщтыгъэр ащ зэхишlыкlыщтыгъэ . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . 17
Мусса Джалиль . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . 21
Зэкlэми зэдытилъапl . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . 25
Ятlокlэнэрэ лlэшlэгъум и Гомер . . . . . . . . . . . . . . 28
Урыс мэзым иорэдыlу . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . 31
Ахъщэ фунтипшlым ишlуагъэ къекlыжьыгъ . . . . . . . . . 32
Сурэтмэ къаlуатэ . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . 36
Ащ дунаир иlэмыр . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . 40
Мэкъакl . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . 44
Тын лъапl . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . 47
Тапэкlэ тэкlо, ткlуачlи зеlэты . . . . . . . . . . . . . . 51
Щамбул . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . 55
Заом иапэрэ мафэхэр . . . . . . . . . . . . . . . . . . . 58
Тимэфэкl тыдэкlэракlэ . . . . . . . . . . . . . . . . . . 61
Игупшысэ лъагэ, ижабзэ дахэ . . . . . . . . . . . . . . . 64
Ащ фэдэр ащыгъупшэрэп . . . . . . . . . . . . . . . . . . 68
Адыгэ литературэм ихэхъоныгъакlэхэр . . . . . . . . . . 73
Тхылъыр кlочlэшху, лъэкlышхо иl. . . . . . . . . . . . . 75
Гъогу шlагъу . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . 82
Адыгэ литературэр лlэшlэгъу чыжьэхэм къащежьагъ . . . 87
Уиорэд тамэ зерэlэт . . . . . . . . . . . . . . . . . . . 95
Цlыфым ишlушlагъэ щыlэщт . . . . . . . . . . . . . . . . 98
Типlугъ, тилэжьыгъ . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . 103
Лэжьакlом ыlэ лыргъужъхэр . . . . . . . . . . . . . . . 104
«Чъыгыр пытэми, гъэсысыгъошlу» . . . . . . . . . . . . 109
Адыгэмэ акъо шlагъу . . . . . . . . . . . . . . . . . . . 116
Уахътэр, щыlакlэр, цlыфыкlэр . . . . . . . . . . . . . . 122
Тхылъыр шlу алъэгъу . . . . . . . . . . . . . . . . . . . 125
Тхылъ нэкlубгъохэм къаlотагъэр . . . . . . . . . . . . . 129
Амыгъэхъокlыгъэ гущыlэм лъэхъу . . . . . . . . . . . . . 131
Тиджэныкъо машlо инэфын . . . . . . . . . . . . . . . . 137

Уиуахътэ зыфэдэр къэгъэлъагъу . . . . . . . . . . . . 142
Сыпфэраз, Хэгъэгур! . . . . . . . . . . . . . . . . . . 145
Гухэлъхэр къызэкIэлъэкIох . . . . . . . . . . . . . . . 149
Зы шы пае шишъэ псы ешъо . . . . . . . . . . . . . . 152
Тибаиныгъ . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . 154
БлэкIыгъэ лъэхъаныр шъыпкъагъэ хэлъэу къагъэлъагъуа? . 158
Тишъхьафитыныгъэ ищыIэныгъ . . . . . . . . . . . . . 163
Осэпсыцэм тыгъэр зэрэпсэоу къещы . . . . . . . . . . 165
Оры зищытхъу сIуатэрэр . . . . . . . . . . . . . . . 168
Ахэр егъэшIэрэ псынэкIэчъых . . . . . . . . . . . . . 173
Зэфэдэ фитныгъэхэр зыщытиIэ хэгъэгум тэ тыщэпсэу . . 175
ШIу афэшъушIэным шъутемыукIытыхь . . . . . . . . . . 178
ТизыкIыныгъэ ткIуачIэ хэлъ . . . . . . . . . . . . . 184
Сихэку, силъэпкъ, сихэгъэгу . . . . . . . . . . . . . 191
Адыгеир зэкIэми зэдытиун . . . . . . . . . . . . . . 203
Шъыпкъэр тIон фае . . . . . . . . . . . . . . . . . . 210
ЦIыфмэ яшIошъхъуныгъэрэ ягугъапIэрэ ягъэгъотыжьыгъэнхэ фае . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . 213
Тиунэ мамыр ерэлъ . . . . . . . . . . . . . . . . . . 216
ТэркIэ мэхьанэшху . . . . . . . . . . . . . . . . . . 221
«…Ау поэтхэр зэщыхьэщтыгъэхэп» . . . . . . . . . . . 226
Адыгэмэ ягугъэ-гупшысэ сырэгъуазэ . . . . . . . . . 229
Зы гухэлъ тэ тиIэр . . . . . . . . . . . . . . . . . . 236
Тарихъым имыжъошъхьал тыдэфэжьы хъущтэп . . . . . 241
Тызыунагъу . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . 247
Пэщэ акъылышIу, зэхэщакIошху . . . . . . . . . . . . 252
Ти Президент . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . 254
Теуцожь Цыгъо фэгъэхьыгъэ гущыI . . . . . . . . . . 256
Гур къэзыгъэбаирэр . . . . . . . . . . . . . . . . . 265
Тхэхэрэ ныбжьыкIэхэм IэпыIэгъу ящыкIагъ . . . . . . 271
Урысыем и Илъэсэу Китаим щыкIуагъэр . . . . . . . . 273
ТищыIэкIэ-псэукIэкIэ тызэпхыгъ . . . . . . . . . . . 278
БлэкIыгъэ уахътэ зимыIэм къэкIощт уахъти иIэп . . . . . . 281
Диныр еджапIэм щызэгъэшIэгъэныр зэгурыIоныгъэм иамал . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . 287
Непэрэ Общественнэ палатэр хэгъэгум ищыIэныгъэ щыщ . 291
Литературэр — сищыIэныгъ . . . . . . . . . . . . . . 299
ЕгъашIэми тыригъусэщт . . . . . . . . . . . . . . . 307
Урысхэм ядунай зэкъогъэзэуцогъэныр . . . . . . . . . 326
ТхакIохэр ащыгъупшагъэха? . . . . . . . . . . . . . 329
Цыф Iуш, шIэныгъэлэжь, усакIу . . . . . . . . . . . . 332
НыбжьыкIэгъум уегъэнасыпышIо . . . . . . . . . . . 338
Адыгэмэ якIэн лъапI . . . . . . . . . . . . . . . . . 342



Тыгъэр зэкIэми зэфэдэу къафепсы . . . . . . . . . . 358
Шlуагъэу схэлъыр къысхэзылъхьагъэр комсомолыр ары. . 362
ГущыIэм идуховнэ кIуачIэ лъэпкъым изыкIыныгъэ ылъапс . . 363
Урысые зыкIыр зэкIэми тищыкIагъ . . . . . . . . . . 369
ГугъапIэ къытеты . . . . . . . . . . . . . . . . . . 377
Хэутыгъэ псалъэр егъэшIэрэ шIуагъ . . . . . . . . . 393
Си Университет . . . . . . . . . . . . . . . . . . . 398
ИусэхэмкIэ ичIыгу фэусагъ . . . . . . . . . . . . . . 403
КIэрэщэ Тембот . . . . . . . . . . . . . . . . . . . 405
ХэгъэгулIыгъ . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . 406
Гъогу шIэгъо-гъогушху . . . . . . . . . . . . . . . . 410
Мамырныгъэр зыдэщыIэм зыкIыныгъэр щыпыт. . . . . . 421
БлэкIыгъэм сыфэтхэ, къэкIощтым сегупшысэ . . . . . . 424
Сирием иуашъо мамыр хъужьынэу сэгугъэ. . . . . . . 430
«Адыгэхэм Урысые къэралыгъом итарихъ чIыпIэшхо щаубыты» . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . 435
УсэкIо Iуш, цIыф дэгъу . . . . . . . . . . . . . . . 438
Скъош ныбджэгъушIу . . . . . . . . . . . . . . . . . 440
Владимир Шугля — усэкIо дэгъу . . . . . . . . . . . 445

## ЛIЫХЪУЖЪЫМ ИЧАТЭ УЦЭКУРЭП

Лъэпкъ тхакIу, иIэшэ шъхьаIэр адыгабзэр ары. . . . . . 449
Тым игъогужъ абгынэрэп. . . . . . . . . . . . . . . . 452
Усэмрэ прозэмрэ зы дунай мэхъух . . . . . . . . . . 454
БлэкIыгъэм идесэ къэкIощтым игъуаз . . . . . . . . . 457
Лъэпкъ тхакIом ыбзэ щэрыу . . . . . . . . . . . . . 459
Гугъэр зымыухырэм икъарыуи ыухырэп . . . . . . . . 461
Насыпыр блэжьыгъэм къыдэкIо . . . . . . . . . . . . 464
МэщбашIэр — IофбашI . . . . . . . . . . . . . . . . 466
Шъэрэ зэхэпх нахьи зэ плъэгъурэр . . . . . . . . . 468
Исхьакъ игъашIэ философие псэу . . . . . . . . . . . 470
«Рафыгъэхэм» Тыркуем лъэтегъэуцо щыфашIыгъ . . . . 474
Тырэгушхо, тэгъэлъапIэ . . . . . . . . . . . . . . . 483
ИгущыIэ зафэкIэ шIур афелэжьы . . . . . . . . . . . 486
«Тыадыгэмэ, титарихъ тшIэн фае» . . . . . . . . . . 494
МэщбэшIэ Исхьакъ Къэбэртэе-Бэлъкъар къэралыгъо университетым ипрофессор гъэшIуагъ . . . . . . . . . . 501
Адыгэ тхэкIошхор къэбэртэе Джылахъстэныем щагъэлъэпIагъ . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . 502
Лъэоянэхэр . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . 503

**Исхак Шумафович Машбаш**

**СОБРАНИЕ СОЧИНЕНИЙ**
в шестнадцати томах

**Том XVI**

**Литература — жизнь моя**
*Статьи, выступления, интервью*

На адыгейском языке

Редакторы: **Ф. А. Сиюхова, А. А. Шагуч**
Художественный редактор **Н. Г. Федотова**
Технический редактор **М. А. Кипова**
Корректоры: **С. Б. Бжемухова, С. А. Шхафижева**
Компьютерная верстка **Т. А. Косяк**

ИБ № 17

Сдано в набор 29.04.2016. Подписано в печать 19.05.2016. Формат 84x108/32. Бумага офсетная. Гарнитура шрифта «JournalSansC». Печать офсетная. Усл. п. л. 28,98. Уч.-изд. л. 26,1. Тираж 500 экз. Заказ 041.

Государственное бюджетное учреждение Республики Адыгея «Адыгейское республиканское книжное издательство». 385000, г. Майкоп, ул. Гоголя, 8.
Тел.: (8772) 52-17-03, 52-12-59.

Отпечатано с готового оригинал-макета в ООО «Полиграф-Юг».
385000, РА, г. Майкоп, ул. Пионерская, 268.
Телефон для справок (88772) 52-23-92.